
BHUKU
RA-
MORMONI

HUMWE UCHAPUPU
HWAJESU CRISTU

BHUKU RA- MORMONI

HUMWE

UCHAPUPU

HWAJESU

KRISTU

BHUKU RAMORMONI

NHOROONDO YAKANYORWA

NORUOKO RWAMORMONI

PAMAHWENDEFA

YAKATORWA KUBVA PAMAHWENDEFA ANIFAI

Saka naizvozvo, kunova kupfupikiswa kwezvinyorwa zvevanhu vaNifai, uye zvakare nevamaRamani — Zvakanyorerwa maRamani, avo vanova vakasara veimba yaIsiraeri; uye zvakare kumuJudha nemuJentairi — Zvakanyorwa pamusana pemurairo, uye zvakare nomweya wechipo-rofita newekuzarurirwa — Zvakanyorwa ndokusunganidzwa, ndokubva zvavigwa kuna Ishe, kuti zvisazoparadzwa — Kuti zvizouya nechipo nesimba raMwari kuti zvidudzirwe — Zvakasimbiswa noruoko rwaMoronai, zvikavigwa kuna Ishe, kuti zvizouya munguva yakafanira kuburikidza namaJentairi — Kududzirwa kwazvo kunoitwa nechipo chaMwari.

Kupfupikiswa kwakatorwawo kubva muBhuku raEta, rinotaura nezvevanhu vaJaredhi, avo vakanga vaparadzaniswa apo Ishe pavakashandura mutauro wevanhu, apo vaivaka shongwe kuti vaende kudenga — Kuitira kuratidza kune vakasara vema yaIsiraeri kuti Ishe vakaita zvinhu zvakakura sei kumadzibaba avo; kuti vave vangazive vimbiso dzaIshe, kuti havana kuraswa nokusingaperi — Uye zvakare nokupwisa vaJudha namaJentairi kuti JESU ndiye KRISTU, MWARI WOKUSINGAPERI, achizviratidza kumarudzi ose — Uye zvino, kana paine zvisiriizvo kukanganisa kwavanhu; naizvozvo, musaramba zvinhu zvaMwari, kuti muzoonekwa musina tsvina pachigaro chokutonga chaKristu.

Kududzira kwekutanga kubva pamahwendefa kuchiiiswa
muChirungu naJoseph Smith, Mwana

Chinyorwa cheKutanga cheChirungu chakashambadzwa
muPalmyra, New York, USA, muna 1830.

 CHISUMO

Bhuku raMormoni ibhuku remagwaro matsvene angafanani-dzwe neari muBhaibheri. Magwaro anotaura nezvemabasa aMwari pakati pevanhu vaigara mumaAmerica makare-kare, uye rine kuzara kwevhangeri risingaperi.

Bhuku iri rakanyorwa namaporofita vakare nomweya wechipo-rofita newekuzarurwa. Mazwi avo, akanyorwa pamahwendefa egoridhe, akatorwa akapfupikiswa pamwechete nomuporofita aive munyori ainzi Mormoni. Zvinyorwa izvi zvinopa nhorooondo dzemarudzi makuru maviri akange akabudirira. Rumwe rwakabva kuJerusarema mugore ra600 Kristu asati azvarwa, mushure rika-zopatsanuka kuita marudzi maviri anozivikanwa semaNifai nema-Ramani. Rimwe racho rakauya pekutangisisa apo Mwari pavakape-sanisa mitauro paShongwe yeBaberi. Chikwata ichi chinozivikanwa semaJaredhi. Kwaperi zviuru zvamakore, vose vakaparadzwa kunze kwemaRamani, uye ava ndivovamwe vemadzitateguru emaIndia echiAmerica.

Chinhu chikuru-kuru chatinowana muBhuku raMormoni hu-shumiri hwaIshe Jesu Kristu pachavo pakati pemaNifai shure kwokumuka kwavo kuvafi. Kunotsanangura mirau yevhangeri, nokutsanangura nzira yoruponeso, nokuudza vanhu zvinhu zva-vangaite kuti vawane runyararo paupenyu huno uye ruponeso rwokusingaperi muupenyu huchauya.

Shure kwokunge Mormoni apedza kunyora kwake, akanopa zvinyorwa izvi kune mwanakomana wake Moronai, uyo akapa-mhidzira mazwi akewo mashoma akanoviga mahwendefa aya mugomo rainzi Kumora. Mumwedzi waGunyana achiti 21, 1823, Moronai mumwecheteyo, semunhu akaremekedzwa, amutswa kuvafi, akazviratidza kune Muporofita Joseph Smith akamudzi-dzisa zvekuita pane zvinyorwa zvakare izvi nekuzodudzirwa kwazvo mururimi rweChirungu.

Nekufamba kwenguva mahwendefa akapiwa kuna Joseph Smith, uyo akaadudzira kuburikidza nechipo nesimba raMwari. Zvinyorwa izvi zvino zvave mumitauro yakawanda souchapupu hutsva hunotsinhira kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari mupenyu uye kuti avo vanouya kwaari nokuteerera mitemo nezvinangwa zveshoko rake vachaponeswa.

Maererano nezvinyorwa izvi Muporofita Joseph Smith akati: “Ndakataurira vatendi vose kuti Bhuku raMormoni ndiro bhuku rakanyorwa nemazvo kudarika mamwe mabhuku ose ari pano panyika, uye ndiwo musimbote wechitendero chedu, uye munhu angave pedyo naMwari nokutevedza zviri mariri, kupfuura zvaangaite nokutevedza rimwe bhuku.”

Pamusoro paJoseph Smith, Mwari akapa vamwe gumi nemumwechete kuti vaonewo mahwendefa egoridhe pachavo uye kuti vazova vanopupura pamusoro pechokwadi neutsvene hweBhuku raMormoni. Uchapupu hwavo hwakanyorwa mubhuku rino, “Uchapupu Hwavapupuri Vatatu” ne “Uchapupu Hwavapupuri Vasere.”

Tinokoka vanhu vose vari kwose-kwose kuti vaverenge Bhuku raMormoni, vafungisise mumwoyo yavo pamusana pemharidzo irimo, vozokumbira kuziva kuna Mwari, Baba Vokusingaperi, muzita raKristu kana bhuku iri riri rechokwadi. Avo vachateedza izvi uye vachikumbira mukutenda vachawana uchapupu hwechokwadi noutsvene hwaro kuburikidza nesimba roMweya Mutsvene. (Ona Moronai 10:3–5.)

Avo vanowana uchapupu hutsvene uhwu kubva kuMweya Mutsvene vachazosvikawo pakuziva nesimba irori kuti Jesu Kristu ndiye Muponesi wenyika, kuti Joseph Smith mududziri nomuporofita wake mumazuva ano ekupedzisira, nokutiwo Chechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira ndihwo umambo hwaMwari hwakadzorerwa zvakare pano panyika, mukugadzirira kuuya kwechipiri kwaMesia.

 UCHAPUPU HWAVAPUPURI VATATU

NGAZVIZIVIKANWE kunyika dzose, marudzi ose, ndimi dzose, navanhu vose, avo vachasvikirwa nebasa iri: Kuti isu, kuburikidza nenyasha dzaMwari Baba, nedzaIshe vedu Jesu Kristu, taona mahwendefa ane zvinyorwa zvino, zvinova zvinyorwa zvenyaya yevanhu vaNifai, uyezve pamwe nemaRamani, hama dzavo, uye zvakare nevanhu vaJaredhi, avo vakabva pashongwe yambotaurwa nezvayo. Uyezve tinoziva kuti zvakadudzirwa nechipo nesimba raMwari, nokuti izwi rake rakataura kwatiri; naizvozvo tinoziva zvedi kuti basa iri nderechokwadi. Uye zvakare tinopupura kuti taona mavara ari pamahwendefa; uye zvakaratidzwa kwatiri nesimba raMwari, kwete romunhu. Uye tinotaura nemazwi akatsiga, kuti ngirozi yaMwari yakauya kubva kudenga, ikauya ikaisa pamberi pemaziso edu, uye tikaona mahwendefa, nemavara awo; zvakare tinoziva kuti inyasha dzaMwari Baba, naIshe vedu Jesu Kristu, kuti takaona uyezve tinopupura kuti zvinyorwa izvi ndezvechokwadi. Uye zvinoshamisa mumaziso edu. Zvisinei, izwi raIshe rakatituma kuti tizvipupure; naizvozvo, kuti tive tinoteerera mirau yaMwari, tinopupura pamusoro pezvinhu izvi. Uye tinoziva kuti kana tinokutenda muna Kristu, tichabvisa ropa revanhu vose riri munguwo dzedu, uye tigowanikwa takachena tisina kavara pamberi pechigaro chokutonga chaKristu, uye tichagara naye nokusingaperi kudenga. Uye kukudzwa kuve kuna Baba, nokuno Mwanakomana, nokunoMweya Mutsvene, anova Mwari mumwechete. Amen.

OLIVER COWDERY
 DAVID WHITMER
 MARTIN HARRIS

 UCHAPUPU HWAVAPUPURI VASERE

NGAZVIZIVIKANWE kunyika dzose, marudzi ose, ndimi dzose, navanhu vose, vachasvikirwa nebasa iri: Kuti Joseph Smith Mwana, mududziri webasa rino, atiratidza mahwendefa akataurwa, anotariska segoridhe; uye mahwendefa akange adudzirwa naSmith ataurwa uyu takaabata namaoko edu; uyezve takaona zvinyorwa zviri paari, ose airatidza umhizha hwechinyakare, neumhizha hunoshamisa. Pane izvi tinopupura nemazwi akatsiga, kuti Smith ataurwa uyu atiratidza, nokuti taona tikasimudza, uye tinoziva zvedi kuti Smith anawo mahwendefa atataura pamusoro pawo. Uye tinopa mazita edu kunyika, kuti tipupure kunyika pane zvaona. Uye hatinyepe kwete, Mwari atipupurire.

CHRISTIAN WHITMER

JACOB WHITMER

PETER WHITMER, MWANA

JOHN WHITMER

HIRAM PAGE

JOSEPH SMITH, BABA

HYRUM SMITH

SAMUEL H. SMITH

UCHAPUPU HWEMUPOROFITA JOSEPH SMITH

Mazwi oMuporofita Joseph Smith pachezvake maererano nekuuya kweBhuku raMormoni anoti:

“Manheru . . . a21 Gunyana mugore ra[1823] . . . Ndakazvitora mukunamata nokukumbira kuna Mwari saMasimba. . . .

“Apo ndakanga ndiri mukushevedza Mwari, ndakaona chiedza chichiuya mumba mangu, icho chakaramba chichikura kusvikira mumba umu machena kupfuura chiedza chamasikati, pakarepo munhu akaoneka parutivi pepandairara, akamira mudenga, nokuti makumbo ake akanga asina kutsika pasi.

“Akange akapfeka nguwo yakaregerera yakanga yakachenesesa zvikuru. Yakanga yakachena kudarika chinhu chepanyika chandakamboona; zve handitende kuti pane chinhu chepanyika chingaitwe kuti chionekwe chakachena nekubwinya zvikuru zvakadaro. Zvanza zvake zvakanga zviri pachena, nemaoko ake zvakare, pamusoro zvishoma pezvizio zvemaoko; kana, tsoka dzakewo dzakanga dziri pachena, uye nemakumbo ake, pamusoro zvishoma pezvizio zvamakumbo. Musoro nomutsipa wake zvaivewo zviri pachena. Ndakakwanisa kuona kuti akanga asina dzimwe mbatya asi nguwo iyi, sezvo yakanga yakashama, zvokuti ndakakwanisa kuona chipfuva chake.

“Hadzizi mbatya dzake chete dzakanga dzakachena zvikuru kwazvo, asi muviri wake wose wakanga uchipenya zvisingataurike, uye chiso chake zvechokwadi chaita kunge mheni. Imba yakanga ine chiedza chakanyanya, asi chakange chisingapenye pane chakange chakakomberedza muviri wake. Ndichitanga kumutarisa, ndakave nokutya; asi kutya uku kwakakurumidza kupera.

Akandishevedza nezita rangu, akati kwandiri akanga ari mutumwa akanga atumwa kwandiri kubva pamberi paMwari, uye kuti zita rake ainzi Moronai; kuti Mwari akanga ane basa rokuti ndiite; zve kuti zita rangu raizonzwickwa pakunaka napakuipa pakati penyika dzose, marudzi ose nemitauro yose, kana kuti pakati pevanhu richa-taurwa zvakana nezvakaipa pamusoro paro.

“Akati pakanga pane bhuku rakanga rakachengetedzwa, rakanyorwa pamahwendefa egoridhe, richipa nhorooondo yezvevanhu vaichimbogara munyika ino, uye nokuti nzvimbo yavakabva ndeipi. Akatiwo kuzara kweVhangeri risingaperi kwakanga kuri mariri, sokupiwa kwarakaitwa noMuponesi kuvagari vakare.

“Zvakare, kuti pakanga pane matombo maviri aiva muchinhu chakaita seuta hwendarama—uye matombo aya, akanamirwa pachidzitiro chepachipfuva, aiita zvaiddidzwa kunzi Urimi neTumimi—zvaiva zvakachengetedzwa pamwechete namahwendefa aya; kuve nawo matombo aya nekuashandisa ndizvo zvaipa *Vaoni* kuona munguva dzemakare-kare kana kuti nguva dzakapfuura; nokutiwo Mwari akanga aagadzirira basa rokududzira bhuku iri.

“Zvakare, akandiudza, kuti kana ndava namahwendefa aya aakanga ataura nezvawo—nokuti nguva yokuti atorwe yakanga isati yazadziki-swa—handifanira kuaratidza kune mumwe munhu; kana chidzitiro chepachipfuva chine Urimi neTumimi; kunze kwaavo chete vandaizoudzwa kuti ndivaratidze; ndikasaita saizvozvo ndaizoparadzwa. Apo aingonotaura neni pamusana pemahwendefa aya, ndakazururirwa chiratidzo mupfungwa mangu zvokuti ndakakwanisa kuona apo pakanga pakachengetedzerwa mahwendefa, uye izvi zvakajeka kwazvo zvekuti ndakazivazve nzvimbo iyi pandakaishanyira.

“Shure kwokutaurirana uku, ndakaona chiedza chakanga chiri mumba chave kutanga pakarepo kuungana pamunhu uya aitura kwandiri, chakaramba chichidaro, kusvikira imba yose yasiwa yave murima zvakare, kusiya chete paakanga ari iye, pakarepo ndakaona, sekunge, nzira yakazururwa ichisvika kudenga, uye akakwira kudzamarira anyangarika chose, imba ikasara yave sezvayakanga yakaita chiedza chokudenga ichi chisati chaoneka.

“Ndakarara ndichifunga pamusoro pezvishamiso zvakange zvaonekwa, uye ndichishamiswa zvikuru pane zvakange zvataurwa kwandiri nomutumwa aishamisa uyu; ndiri, pakati pokufunga kwangu, pakarepo ndakaona zvakare imba yangu yave kutanga kuva nechiedza, uye munguva duku, saizvozvo, mutumwa wokudenga mumwecheteyo akanga ava parutivi pepandairara zvakare.

“Akatanga, uye ndokurondedzerazve zvimwechetezvo chaizvo zvaakange ambotaura pakushanya kwake kwokutanga, pasina chaaisiya kana kusiyana; mushure mokunge adaro, akandiudza nezvekutongwa kukuru kwakange kuchiyaya panyika, nokuparadza kukuru kwenzara, nemunondo, uye nezvirwere; uye kuti kutongwa kunorwadza uku kwaizouya panyika muchizvarwa chino. Shure kwokunge ataura zvinhu izvi, akakwira zvakare sezvaakanga amboita pakutanga.

“Panguva iyi, zvandakanga ndanzwa zvakadzika zvakadzama mupfungwa dzangu, zvekuti hope dzakatiza kubva mumaziso angu, uye ndakarara ndakazadzwa nokukatyamara nezvandakanga ndaona nokunzwa. Asi ndakashamiswa sei pandakaona zvakare mutumwa mumwecheteyo parutivi pepandairara, nokumunzwa achirondedzera kana kuti kudzokororazve kwandiri zvinhu zvimwechetezvo sekare; akawedzera yambiro kwandiri, achinditaurira kuti Satani achaedza kundiedza (pamusana pokuona urombo hwemhuri yababa vangu), kuti nditore mahwendefa aya nechinangwa chokuda kupfuma. Izvi akandirambidza, achiti handifanire kuva nechimwe chinangwa mupfungwa mukutora mahwendefa asi kuti ndikudze Mwari, uye kuti ndisafurirwa neimwe pfungwa kunze kweyokuvaka umambo Hwavo; pasina izvozvo handingakwanise kuatora.

“Shure kwekushanya uku kwechitatu, akakwirazve kudenga sapatanga, uye ndikasiwa zvakare kuti ndifungisise pamusoro pekushamisa kwezvinhu zvandakanga ndaona; ipapo mushure mekukwira

kwemutumwa wekudenga achangobva pandiri kechitatu, jongwe rakakukuridza, ndikaona kuti kwakange kwavakuda kuedza, zvichireva kuti hurukuro dzedu dzakanga dzatora usiku hwose.

“Shure kwechinguvana ndakamuka, uye, samazuva ose, ndakaenda kumabasa andaifanira kuita muzuva iroro; asi, mukuedza kuita basa sezvandaita dzimwe nguva, ndakaona ndakaneta zvekuti ndakatadza chose. Baba vangu, vaishanda pamwechete neni, vakaona kuti pane zvakange zvakanganisika neni, vakanditaurira kuti ndiende kumba. Ndakatangisa ndiine chido chokuenda kumba; asi, mukuedza kuti ndidarike ruzhowa ndichibva mumunda umo matakanga tiri, simba rangu rakandikunda zvachose, ndikawira pasi zvisingabatsire, uye kwechinguva ndakanga ndakati rapata pasina chandaiziva.

“Chinhu chokutanga chandinoyeuka izwi raitaura kwandiri, richindishevedza nezita rangu. Ndakatarisa kumusoro, ndikaona mutumwa mumwecheteyo akamira kumusoro kwangu, akakomberedzwa nechiedza sapakutanga. Akanditaurira zvakare zvaakambenge andiudza usiku hwapfuura, akandiraira kuti ndiende kuna baba vangu ndinovaudza pamusoro pechiratidzo nemirairo yandakanga ndagamuchira.

“Ndakateerera; ndikadzokera kuna baba vangu kumunda, ndikarondedzera zvinhu izvi zvose kwavari. Vakandipindura kuti zvakanga zviriri zvaMwari, vakandiudza kuti ndiende ndinoita zvandakanga ndairirwa nomutumwa. Ndakabva kumunda, ndikaenda kunzvimbo yandakanga ndaudzwa nomutumwa kuti ndipo pakanga pachengetedzera mahwendefa; nenzira yokujeka kwechiratidzo chandakange ndaona pamusoro payo, ndakaziva nzvimbo yacho kusvika kwandakaitapo.

“Pedyo nomusha weManchester, muruwa rweOntario, muNew York, pane chikomo chikuru kwazvo, chirefu kupfuura zvimwe zvose zviriri muchinzvimbo ichocho. Kumadokero kwechikomo ichi, chinhambwe chiduku kubva pamusoro paro, pasi pedombo guru kwazvo, ndipo paiva nemahwendefa, akaiswa mubhokisi redombo. Dombo iri rakanga rakakura rakatenderera nechapakati pamusoro, rakandotetepa richienda kumativi aro, zvichireva kuti pakati paro pakanga pari kunze kwevhu, asi mativi ose akanga akafukidzwa nevhu.

“Shure kwokunge ndabvisa ivhu, ndakatora chipikinyuro, ndikachipfekera mumhendero yedombo, nesimba shoma-shoma ndikaripinyura. Ndakatarisa mukati, zvechokwadi ndikaona mahwendefa, Urimi neTumimi, nechidzitiro chepachipfuva, sokutaurwa kwazvakanza zvaitwa nomutumwa. Bhokisi raakanga ari rakanga rakagadzirwa namatombo akabatanidzwa pamwechete nechainge semende. Pasi pebhokisi pakanga pana matombo maviri akachinjika bhokisi, pamusoro pematombo aya ndipo paive nemahwendefa pamwechete nezvimwe zvinhuwo.

“Ndakaedza kuti ndiaburitse, asi ndakarambidzwa nomutumwa, uye zvakare ndakaudzwa kuti nguva yokuti ashambadzwe yakanga isati yasvika, uye hayaizosvika, kusvikira kwakwana makore mana

kubva panguva iyoyo; asi akandiudza kuti ndiuye panzvimbo iyoyo kwapera gore chairo kubva panguva iyoyo, uye kuti aizosangana neni ipapo, uye ndaifanirwa kuramba ndichiendako kusvikira nguva yokuti ndiature mahwendefa aya yakwana.

“Saizvozvo, sokurairwa kwandakange ndaitwa, ndaienda kupera kwegore roga-roga, uye panguva yega-yega ndaiwana mutumwa mumwecheteyo aripo, nokugamuchira mirairo nenjere kubva kwaari pahurukuro yedu yega-yega, maererano nezvaizoitwa nalshe, nokuti Umambo Hwake huchafambiswa nenzira yakadii, mumazuva ekupedzisira.

* * * * *

“Zvino pekupedzisira nguva yakasvika yokuti ndichitora mahwendefa, Urimi neTumimi, nechidzitiro chepachipfuva. Musi wechimakumi maviri nemaviri waGunyana, gore rechiuru chimwechete mazana masere nemakumi maviri nenomwe, ndichinge ndaenda senguva dzose mukupera kwerimwe gore, kunzvimbo yaiva yakachengetedzerwa mahwendefa, mutumwa wekudenga mumwecheteyo akandipa mahwendefa achinditaurira kuti: Ndaifanirwa kuziva kuti ave mumaoko angu; kuti ndikarega achirasika, kana nekushaya hany’ a kwangu, ndaizoraswa; asi kuti kana ndikashandisa kuedza kwangu kuachengetedza, kusvikira iye, mutumwa uyu, aadzokera, aifanirwa kudzivirirwa.

“Hazvina kunditorera nguva kuti ndione chikonzero chakaita kuti ndikomekedzwe kuti ndiachengetedze, uye kuti sei mutumwa akati kana ndichinge ndaita sokurairwa uku, aizoadzokera. Nokuti pazvakanjo zivikanwa kuti ndaanawo, kwakaedzwa zvakaoma kwazvo kuti ndiatorerwe. Ose mazano avaiifunga akashandiswa pane izvozvo. Kunetswa uku kwakarwada uye kukadzama kupfuura kare, dzaigara mhomho dzakagadzirira kuti dzinditorere, kana zvaikwanisika. Asi nokuda kweungwaru hwaMwari, akaramba akachengeteka ari mumaoko angu, kusvikira ndapedza nawo zvaidiwa kwandiri. Apo, mutumwa akauya kuzoatora, sekurongwa kwazvakanga zvakaitwa, ndakamugamuchidza; uye anawo mumaoko ake kusvika zuva raphasi, riri zuva rechipiri muna Chivabvu gore rechiuru chimwechete mazana masere nemakumi matatu nemasere.”

Kuzvinyorwa zvizere ona, Nhorooondo—yaJoseph Smith, muDombo reMutengo Mukuru, ne*History of The Church of Jesus Christ of Latter-day Saints* (Nhorooondo yeChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira), Bhuku 1, zvitsauko 1 kusvika ku6.

Zvinyorwa zvechinyakare zvakaburitswa sezvizvi muvhu, sezwi ravanhu vari kutaura vari muhuruva, rikadudzirwa mumutauro wamazuva ano nechipo nesimba raMwari sekupupurwa nerusimbiso rwutsvene, zvakatanga kuburitswa kunyika mururimi rweChirungu mugore ra1830 seTHE BOOK OF MORMON.

YEZVEBHUKU RAMORMONI

Bhuku raMormoni chinyorwa chinoyera chavanhu vakare veku-America, uye chakanga chakanyorwa pamahwendefa edare. Mhando ina dzemahwendefa edare dzinotaurwa nezvadzo mu-bhuku iri:

1. *Mahwendefa aNifai*, akanga ari paviri: Mahwendefa Maduku naMahwendefa Makuru. Ekutanga aitsanangura kunyanya pamusoro pezvinhu zvomweya neufundisi nedzidziso dzavaporofita, echipiri aitura kunyanya nezvemagariro evanhu ava (1 Nifai 9:2–4). Asi, kubvira panguva yaMosaya, mahwendefa mahombe akange ave kutaurawo nezvenyaya dzinokosha dzemweya.
2. *Mahwendefa aMormoni*, ayo akanga akapfupikiswa naMormoni paMahwendefa Mahombe aNifai, nokumwe kutaura kwakawanda. Mahwendefa aya aienderera mberi nenyaya yevanhu ava yakanyorwa naMormoni nezvakapamidzirwa nomwanakomana wake Moronai.
3. *Mahwendefa aEta*, anotaura nezverungano rwamaJaredhi. Zvinyorwa izvi zvakapfupikiswa naMoronai, uyo akaisawo kufunga kwake ndokubatanidza nyaya iyi nedzimwe “muBhuku raEta.”
4. *Mahwendefa eNdarira* akaunzwa navanhu vaRihai kubva kuJerusarema muna600 Kristu asati azvarwa. Aya ndiwo aive “nemabhuku mshanu aMosesi, . . . Uyewo nezvaitaurwa nezvenyaya yemaJudha kubvira pakutanga, . . . kusvikira pakutanga kwekutonga kwaZedekia, mambo wamaJuda; Uye pamwechetewo nezviporofita zvavaporofita vatsvene” (1 Nifai 5:11–13). Mazwi mazhinji akatorwa pamahwendefa aya, achitaura mashoko aIsaya neevamwe vaporofita vemuBhaibheri nevasiri vemuBhaibheri ari muBhuku raMormoni.

Bhuku raMormoni rine zvikamu zvikuru gumi nezvishanu, zvinozivikanwa, kunze kwerimwechete, samabhuku, rimwe nerimwe richidaidzwa nezita romunyori waro. Chikamu chokutanga (mabhuku matanhatu okutanga anopera naOmuni) idudziro kubva paMahwendefa Maduku aNifai. Pakati pamabhuku aOmuni naMosaya pane chikamu chinonzi Mazwi aMormoni. Chikamu ichi chinobatanidza zvinyorwa zviriri pamahwendefa maduku nekupfupiswa kweMahwendefa Makuru kwakaitwa naMormoni.

Chikamu chakarebesa, kubva kuna Mosaya kusvika kuna Mormoni, chitsauko 7, pamwechete, kududzirwa kwekupfupiswa kweMahwendefa Makuru aNifai kwakwaitwa naMormoni. Chikamu chokupedzisira, kubva kuna Mormoni, chitsauko 8, kusvika kumagumo ebhuku, chakanyorwa nomwanakomana waMormoni ainzi Moronai, uyo, shure kwokunge apedza kunyora nezveupenyu

hwababa vake, akapfupikisa rungano rwamaJaredhi (seBhuku raEta) akazopamidzirawo chimwe chikamu chinozivikanwa se-Bhuku raMoronai.

Mugore 421 Kristu azvarwa kana kuti pedyo nenguva iyoyo, Moronai, muporofita nemunyori wokupedzisira wamaNifai, akasunganidza zvinyorwa zvinoyera akazviviga kuna Ishe, kuti zvizoburitswa zvakare mumazuva ekupedzisira, sokutaurwa kwazvakaitwa nezwi raMwari richibva kuvaporofita vake vakare. Muna 1823 Kristu azvarwa, Moronai mumwecheteyo, somunhu akange amutswa kuvafi, akashanyira muporofita Joseph Smith akazomupa mahwendefa akanyorwa.

MUBHUKU RAMORMONI

<i>Zita</i>	<i>Peji</i>
Bhuku roKutanga raNifai	1
Bhuku reChipiri raNifai	66
Bhuku raJakobho	146
Bhuku raEnosi	170
Bhuku raJaromu	173
Bhuku raOmuni	175
Mazwi aMormoni	179
Bhuku raMosaya	181
Bhuku raAruma	258
Bhuku raHiramani	463
Nifai weChitatu	512
Nifai weChina	583
Bhuku raMormoni	588
Bhuku raEta	611
Bhuku raMoronai	651

BHUKU ROKUTANGA RANIFAI

KUTONGA NEHUSHUMIRI HWAKE

Nyaya yaRihai nemudzimai wake Saria, navanakomana vake vana, vachidaidzwa, kunzi (tichitangisa nomukuru) Ramani, Remueri, Semu, naNifai. Ishe anoyambira Rihai kuti abve munyika yeJerusarema, nokuti anoporofita kuvanhu ava pamusana pokui-pa kwavo saka vave kutsvaga kuparadza upenyu hwake. Anotora rwendo rwemazuva matatu kupinda murenje nemhuri yake. Nifai anotora vakoma vake vodzokera kunyika yeJerusarema kunotora zvinyorwa zvinotaura nezvamaJuda. Zvinyorwa zvokutambudzika kwavo. Vanowana vanasikana vaIshmaeri. Vanotora mhuri dzavo voenda murenje. Kutambudzika nokurwadziwa kwavo vari murenje. Nzira yavakateedza. Vanosvika pamvura zhinji. Vakoma vaNifai vanomupandukira. Anovanyadzisa, uye anovaka ngarava. Vanodaidza nzvimbo iyi kuti Nyika yeMaguta. Vanoyambuka mvura zhinji vosvika munyika yechipikirwa, nezvimwewo. Izvi zviri maererano nokunyorwa kwazvakaitwa naNifai; kana kuti nemamwe mazwi, ini, Nifai ndini ndakanyora zvinyorwa izvi.

CHITSAUKO 1

Nifai anotangisa nyaya yevanhu vake—Rihai anoona muchiratidzo mutswi wemoto uye anoverenga kubva mubhuku rehuporofita—Anorumbidza Mwari, anofanotaura pamusoro pokuuuya kwaMesia, uye anoporofita pamusana pokuparadzwa kweJerusarema—Anoshungurudzwa nemaJuda. Zvingangove makore 600 Kristu asati azvarwa.

INI ^aNifai, somunhu akazvarwa ^bnavabereki ^cvakanaka, naizvozvo ^dndakafundiswa izvo zvose zvaizivikanwa nababa

vangu; uye nekunge ndaona ^ematambudziko akawanda mukufamba kwamazuva angu, asi zvisinei, sezvo ndakanga ndakaropafadzwa naIshe mumazuva ose angu; hongu, nokuva noruzivo rwokuru rwokunaka ^fnezvakavanzika zvaMwari, nokudaro ^gndinonyora nyaya ye-zvaiitika mumazuva angu.

2 Hongu, ndinonyora nyaya iyi ^amururimi rwababa vangu, rwakavakwa kubva mudzidzo yamaJuda nomutauro wama-Egipita.

3 Uye ndinoziva kuti nyaya yandinonyora ^andeyechokwadi;

[1 NIFAI]

1 1a NKM Nifai,
Mwanakomana
waRihai.
b D&Z 68:25, 28.
NKM Vabereki.
c Zir. 22:1.

d Eno. 1:1;
Mosaya 1:2–3.
NKM Dzidzisa.
e NKM Matambudziko.
f NKM Zvakavandika
zvaMwari.
g NKM Magwaro

matsvene.
2a Mosaya 1:2–4;
Morm. 9:32–33.
3a 1 Ni. 14:30;
Mosaya 1:6;
Eta 5:1–3;
D&Z 17:6.

uye ndinoinyora neruoko rwangu; uye ndinoinyora maerera-noruzivo rwangu.

4 Nekuti zvakaitika kuti mukutanga kwegore ^arokutanga rekutonga ^bkwaZedekia, mambo wamaJuda, (baba vangu Rihai, semunhu akagara ^cmuJerusarema mazuva ake ose); uye mugore rimwechetero kwakauya ^dmaporofita vazhinji, vakaporofita kuvanhu vachiti makafanira kute-ndeuka, kana kuti guta guru ^ereJerusarema rakafanirwa kuparadzwa.

5 Naizvozvo zvakaitika kuti baba vangu, ^aRihai, mukufamba kwavo vakanamata kuna Ishe, hongu, kana ^bnemwoyo wavo wose, vachinamatira vanhu vavo.

6 Uye zvakaitika kuti vachinamata kudaro kuna Ishe, kwakauya ^amutswi womoto ukagara pamusoro pedombo rakanga riri mberi kwavo; vakanzwa vakaona zvakawanda; nokuda kwezvinhu zvavakaona nokunzwa vakabvunda uye vakadedera zvikuru.

7 Uye zvakaitika kuti vaka-dzokera kumba kwavo kuJerusarema; vakazvikanda pauriri hwavo, nokuda ^akwokukurirwa

noMweya nezvinhu zvavakanga vaona.

8 Uye vakabatwa kudaro noMweya, vakatakurwa vari ^amuchiratidzo, naizvozvo vakaona ^bmatenga achizarurwa, vakaye-uka kuti vakanga vaona Mwari vakagara pachigaro chavo chokutonga, vakakomberedzwa navanhu vasingaverengeke vari vatumwa vaiimba nokurumbidza Mwari vavo.

9 Uye zvakaitika kuti vakaona Mumwe achidzika kubva mukati medenga, vakaona kuti ^akupenya kwake kwakanga kwakadarika kupenya kwezvava ramasikati.

10 Uye vakaona vamwezve ^agumi navaviri vachimutevera, kupenya kwavo kwakanga kwakadarika kupenya kwenyenyedzi dzedenga.

11 Uye vakadzika pasi vakafamba pamusoro penyika; uye vokutanga vakauya vakamira pamberi pababa vangu, vakavapa ^bbhuku, vakavakumbira kuti vanofanira kuriverenga.

12 Uye zvakaitika kuti panguva yavaiverenga, vakazadzwa ^anoMweya waIshe.

13 Uye vakaverenga, vachiti: Nhamo, nhamo, kuJerusarema, nokuti ndaona kuita kwenyu

4a NKM Kuronga nenguva—598
Kristu asati azvarwa.
b II Mak. 36:10;
Jer. 52:3-5;
Omu. 1:15.
c I Mak. 9:3.
d II Madz. 17:13-15;
II Mak. 36:15-16;
Jer. 7:25-26.
NKM Muporofita.
e Jer. 26:18; 2 Ni. 1:4;

Hir. 8:20.
5a NKM Rihai, Baba vaNifai.
b Jkb. 5:16.
6a Eks. 13:21;
Hir. 5:24, 43;
D&Z 29:12;
Nh—JS 1:16.
7a Dan. 10:8;
1 Ni. 17:47;
Mos. 1:9-10;
Nh—JS 1:20.

8a 1 Ni. 5:4.
NKM Kuratidzwa (Chiratidzo).
b Ezk. 1:1;
Mabasa 7:55-56;
1 Ni. 11:14;
Hir. 5:45-49;
D&Z 137:1.
9a Nh—JS 1:16-17.
10a NKM Muapostori.
11a Ezk. 2:9.
12a D&Z 6:15.

“kwakaipisisa! Hongu, uye zvakawanda zvinhu zvakavere-ngwa nababa vangu pamusana ^bpeJerusarema—kuti rinofanirwa kuzoparadzwa, pamwe navanhu vacho; vazhinji vachafa nomunondo, uye vazhinji vachatakurwa senhapwa vachiendeswa kuBabironi.

14 Uye zvakaitika kuti apo baba vangu vakanga vaverenga nokuona zvinhu zvikuru zvakawanda zvinoshamisa, vakashamiswa vakadaidzira zvinhu zvakawanda kuna Ishe; zvakadai sokuti: Makuru uye anoshamisa mabasa enyu, Ishe Mwari Vamasimba Ose! Chigaro chenye chiru kumusoro kumatenga, uye simba, nokunaka, netsitsi dzenyu dziri kuvanhu vose vari panyika; saka, nenzira yokuti mune tsitsi, hamuzobvumira kuti avo “vanouya kwamuri vaparare!

15 Uye uyu ndiwo waive mutauriro wababa vangu mukurumbidza Mwari wavo; nokuti mweya wavo wakafara, uye mwoyo wavo wakazadzwa, nokuda kwezvinhu zvavakanga vaona, hongu, izvo vakanga varatidzwa naIshe.

16 Uye zvino ini Nifai, handisi kunyora zvole zvakanyorwa nababa vangu, nokuti vakanyora zvinhu zvizhinji zvavairatidzwa nezvavairotswa; uye

vakanyorawo zvizhinji “zvavakaporofita vakataura kuvana vavo, izvo zvandisinganyore zvole pano.

17 Asi ndichanyora zvandaiita mumazuva angu. Tarisai, ini “ndinopfupikisa ^bzvinyorwa zvababa vangu, pamahwendefa andakaita namaoko angu; nokudaro, shure kwokunge ndapfupikisa zvinyorwa zvababa vangu ndichazogadzira zvinyorwa zvoupenyu hwangu.

18 Naizvozvo, ini ndinoda kuti muzive, kuti shure kwokunge Ishe varatidza baba vangu Rihai zvinhu zvakawanda zvinoshamisa, hongu, pamusana “pokuparadzwa kweJerusarema, tarisai vakaenda kuvanhu, vakatangisa ^bkuporofita noku-pupura kwavari pamusana pezvinhu zvavakanga vaona nezvavakanzwa.

19 Uye zvakaitika kuti maJuda “vakamunyomba nokuda kwezvinhu zvavakanga vapupura pamusoro pavo; nokuti zvechokwadi vakapupura pamusana pokuipa kwavo nezviito zvavo zvinonyadzisa; uyezve vakapupura kuti zvinhu zvavakanga vaona nokunzwa, uye nezvinhu zvavakanga vaverenga mubhuku, zvakaburitsa pachena kuuya ^bkwaMesia, norununurowo rwepasi.

13a II Madz. 24:18–20;
II Mak. 36:14.
b II Madz. 23:27; 24:2;
Jer. 13:13–14;
2 Ni. 1:4.
c II Madz. 20:17–18;
2 Ni. 25:10;
Omu. 1:15.

14a Aruma 5:33–36;
3 Ni. 9:14.
16a 1 Ni. 7:1.
17a 1 Ni. 9:2–5.
b 1 Ni. 6:1–3; 19:1–6;
2 Ni. 5:29–33;
D&Z 10:38–46.
18a 2 Ni. 25:9–10;

D&Z 5:20.
b NKM Huporofita.
19a II Mak. 36:15–16;
Jer. 25:4;
1 Ni. 2:13; 7:14.
b NKM Mesia.

20 Uye maJuda zvaakanzwa izvi vakamushatirirwa; uye kana maporofita vekare, “vavaitandanisa, nokutaka namabwe, nokuuraya; saka vakatsvagawo, kuti vamuuraye. Asi tarisai, ini Nifai, ndinokuratidzai kuti ^btstsi dzaIshe dziri kuna vose avo vavakasarudza, nokuda kwokutenda kwavo, kuti vavape masimba anovasvitsa mukupona.

CHITSAUKO 2

Rihai anoenda nemhuri yake murenje riri pedyo neGungwa Dzvuku — Vanosiya pfuma yavo — Rihai anopira kuna Ishe nokudzidzisa vanakomana vake kuti vachengetedze mirairo — Ramani naRemueri vanotsutsumwa pamusana pababa vavo — Nifai anoteerera nokunamata nokutenda; Ishe vanotaura kwaari, uye anosarudzwa kuti atonge vakoma vake. Zvingangove makore 600 Kristu asati azvarwa.

ZVINO tarisai, zvakaitika kuti Ishe vakataura kuna baba vangu, hongu, kana muhope, vakati kwavari: Wakakomborerwa iwe Rihai, nokuda kwezvinhu zvakaita; uye nokuti wakava wakatendeseka nokutaurira vantu zvinhu izvo ndakakuraira iwe, tarisai, vanotsvaka kuti “vaparadze upenyu hwako.

2 Uye zvakaitika kuti Ishe ^avakairaira baba vangu, ^bmuhope,

kuti anofanirwa ^ckutora mhuri yake aende murenje.

3 Uye zvakaitika kuti ^avakateerera mazwi alshe, naizvozvo vakaita sokurairwa kwavakange waitwa naIshe.

4 Uye zvakaitika kuti vakasi-muka vakaenda murenje. Uye vakasiya imba yavo, nyenika yamadzitateguru avo, negoridhe yavo nesirivha yavo, nezvinhu zvavo zvinokosha, vakaenda vasina chinhu, kunze kwemhuri yavo, nezvekudya, namatende, ^avakaenda murenje.

5 Uye vakasvika munyasi ^ameGungwa Dzvuku; vakafamba murenje pedyo nenzvimbo dziri munyasi meGungwa Dzvuku; vakafamba murenje nemhuri yavo, iyo yaiti amai vangu, Saria, navakoma vangu, vaiva ^bRamani, Remueri naSemu.

6 Uye zvakaitika kuti vafamba mazuva matatu murenje, vakamisa tende yavo ^amunhika yakange iri pedyo norwizi rwemvura.

7 Uye zvakaitika kuti vakavaka ^aarita ^byamatombo, vakapira kuna Ishe, ^cvakatenda Ishe Mwari vedu.

8 Uye zvakaitika kuti vakaidza rwizi urwu kuti, Ramani, uye rwairasira muGungwa Dzvuku; uye nhika iyi yaive pedyo nepaidira rwizi urwu mugungwa.

9 Uye apo baba vangu vakaona

20a Hir. 13:24–26.

b Aruma 34:38;
D&Z 46:15.

NKM Anetsitsi.

2 1a 1 Ni. 7:14.

2a 1 Ni. 5:8; 17:44.

b NKM Kurota.

c Gen. 12:1;

2 Ni. 10:20; Eta 1:42;

Abr. 2:3.

3a NKM Anoteerera.

4a 1 Ni. 10:4; 19:8.

5a 1 Ni. 16:14;

D&Z 17:1.

b NKM Laman.

6a 1 Ni. 9:1.

7a Gen. 12:7–8;

Eks. 24:4; Abr. 2:17.

b Eks. 20:25;

Deut. 27:5–6.

c NKM Kupakutendo.

kuti rwizi urwu rwairasira mu-
chidziva cheGungwa Dzvuku,
vakataura kuna Ramani, vachi-
ti: Dai ukaita serwizi urwu,
uchimhanya nguva dzose kupi-
nda mumavambo outsvene!

10 Uye vakataurawo kuna Re-
mueri: Dai ukaita senhika iyi,
wakatakamara, wakasimba, uye
usingazungunuke pakuchenge-
tedza mirairo yaIshe!

11 Zvino vakataura izvi noku-
da kweukukutu hwemwoyo
waRamani naRemueri; nokuti
tarisai “vakatsutsumwa muzvi-
nhu zvakawanda pamusana
pokuita ^bkwababa vavo, nokuti
vakanga vari munhu “anoro-
tswa, uye vakanga vavatunga-
mirira kubva munyika yeJeru-
sarema, kusiya nyika yavo
yenhaka, negoridhe yavo, nesi-
rivha yavo, nezvimwe zvinhu
zvinokosha kwavari, kuti vafi-
re murenje. Vakati vakaita izvi
pamusana pemwoyo wavo uno-
funga zvinhu zvisina maturo.

12 Saka uku ndiko kutaura ne-
kutsutsumwa kwaRamani na-
Remueri, sevana vakuru vaba-
ba wavo. Vaitsutsumwa nokuti
vakanga “vasingazive kuita
kwaMwari avo vakavasika.

13 Havaitendazve kuti Jerusa-
rema, guta riye guru, “raizopa-
radzwa maererano namazwi
avaporofita. Zve vakanga vave
samaJuda vakanga vari muJeru-

sarema, avo vakatsvaga kupara-
dza upenyu hwababa vangu.

14 Uye zvakaitika kuti baba
vangu vakataura kwavari mu-
nhika raRemueri, “nesimba, va-
kazadzwa noMweya, kusvikira
miviri yavo ^byadedera pamberi
pavo. Vakavakanganisa, zvo-
kuti havana kukwanisa kutaura
chimwe chinhu pamusoro pavo;
saka naizvozvo, vakaita sezva-
vakavaudza.

15 Baba vangu vaigara mutende.

16 Uye zvakaitika kuti ini
Nifai, sezvo ndakanga ndiri mu-
duku chaizvo, asi ndakanga
ndakakura pamumhu, uye zva-
kare ndakanga ndine chido cho-
kuziva “zvakanzika zvaMwari,
naizvozvo, ndakachema kuna
Ishe; naizvozvo ^bvakandisha-
nyira, vakava “vanonyevenutsa
mwoyo wangu nokudaro “ndi-
katenda mazwi ose akataurwa
“nababa vangu; saka, handina
kuvapandukira sezvakaita va-
koma vangu.

17 Uye ndakataura kuna Semu,
ndichimuzivisa zvinhu izvo Ishe
vakange vandiratidza noMweya
Mutsvene wavo. Uye zvakaitika
kuti akatenda mazwi angu.

18 Asi, tarisai, Ramani naRe-
mueri havana kuteerera mazwi
angu; uye “nokusuwiswa noku-
da kwokuoma kwomwoyo yavo
ndakavachemera kuna Ishe.

19 Uye zvakaitika kuti Ishe

11a 1 Ni. 17:17.

NKM Kutsutsumwa.

b Zir. 20:20.

c 1 Ni. 5:2–4.

12a Mos. 4:6.

13a Jer. 13:14; 1 Ni. 1:13.

14a NKM Simba.

b 1 Ni. 17:45.

16a NKM Zvakavandika
zvaMwari.

b Mpi. 8:4; Aruma

17:10; D&Z 5:16.

NKM Zvakazarurwa.

c I Madz. 18:37;

Aruma 5:7.

d 1 Ni. 11:5.

e NKM Baba,
Vepanyama;
Muporofita.

18a Aruma 31:24;

3 Ni. 7:16.

vakataura kwandiri, vachiti: Wakakomborerwa iwe, Nifai, nokuda “kwokutenda kwako, nokuti wakanditsvaga nechido nesimba, nokuzvirerera kwo-mwoyo.

20 Uye mukuteerera nokuche-ngeta mirairo yangu, “uchabu-dirira, uye uchatungamirwa ^bkunyika yechipikirwa; hongu, kunyange nyika iyo yandakaku-gadzirira iwe; hongu, nyika ya-kanaka kupinda dzimwe dzose.

21 Uye vakoma vako vose va-kakupandukira, “vachabviswa pamberi paIshe.

22 Uye mukuchengeta mirairo yangu, uchazoitwa “mutongi nomudzidzisi pamusoro pava-koma vako.

23 Zvino tarisai, nezuva iro ra-vachandipandukira, “ndichava-tuka nekutuka kunorwadza, zve havachazove nesimba pamusoro pembeu yako nokuti vakadaro vanenge vatopandukira iniwo.

24 Uye kana kuri kudaro kuti vapandukira ini, vachazove “tyava kumbeu yako, ^bzvinozo-ita kuti varangarire.

CHITSAUKO 3

Vanakomana vaRihai vanodzokera kuJerusarema kuti vandotora mahwendefa endarira — Rabhani anoramba kuvapa mahwendefa — Nifai

anokurudzira nokusimbisa vakoma vake — Rabhani anoba zvinhu zvavo oedza kuvauraya — Ramani naRemueri vanorova Nifai naSemu zve vanopopoterwa nengirozi. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mushure mokutaura naIshe, ini Nifai, ndakadzokera kutende yababa vangu.

2 Uye zvakaitika kuti vakata-ura neni, vachiti: Tarisai, ndarotswa “hope, ndichinzi naIshe iwe nevakoma vako muchadzo-kera kuJerusarema.

3 Nokuti tarisai, Rabhani ane zvinyorwa zvamaJuda uye “nenhoroondo yekuzvarwa kwamadzitateguru angu, zve zvaka-nyorwa pamahwendefa endarira.

4 Nokudaro, Ishe vandiraira kuti iwe navakoma vako muen-de kuimba yaRabhani, munotsvaga zvinyorwa, muuye nazvo muno murenje.

5 Uye zvino tarisai, vakoma vako vanotsutsumwa, vachiti chinhu chakaoma chandavati vaite; asi tarisai handina kuti va-zviite, asi kuti murairo waIshe.

6 Naizvozvo enda, mwanako-mana wangu, uye uchadiwa naIshe, nokuti “hauna kutsu-tsumwa.

7 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakati kuna baba vangu:

19a 1 Ni. 7:12; 15:11.

20a Josh. 1:7; 1 Ni. 4:14;
Mosaya 1:7

b Deut. 33:13–16;

1 Ni. 5:5; 7:13;

Mos. 7:17–18.

NKM Nyika

yeChipikirwa.

21a 2 Ni. 5:20–24;

Aruma 9:13–15; 38:1.

22a Gen. 37:8–11;

1 Ni. 3:29.

23a Deut. 11:28;

1 Ni. 12:22–23;

D&Z 41:1.

24a Josh. 23:13;

Vat. 2:22–23.

b 2 Ni. 5:25.

3 2a NKM Kurota.

3a 1 Ni. 5:14.

6a NKM Kutsigira

Vatungamiri

veChechi.

“Ndichaenda ndonoita zvinhu izvo Ishe araira, nokuti ndinoziva kuti Ishe havape ^bmirairo kuvana vavanhu, kunze kwokunge ‘vachivagadzirira nzira yokuti vagozobudirira pazvinhu zvavanenge vavaraira.

8 Uye zvakaiteka kuti baba vangu pavakanga vanzwa mazwi aya vakava nokufara kukuru, nokuti vaiziva kuti ndakanga ndakomborerwa naIshe.

9 Uye ini Nifai, navakoma vangu takasimuka kubva murenje, nematende edu, tikaenda parwendo rvedu rwekunyika yeJerusarema.

10 Uye zvakaiteka kuti apo takanga taenda kunzvimbo yeJerusarema, ini pamwe navakoma vangu takabvunzana mazano kubva kune mumwe nomumwe.

11 Uye “takakanda mijenya—kuti ndiani anofanirwa kuenda muimba yaRabhani. Uye zvakaiteka kuti mijenya yakarova ikandowira pana Ramani; zvino Ramani akaenda muimba yaRabhani, saka akataura naye agere mumba make.

12 Uye akakumbira Rabhani zvinyorwa zvakanga zviripamahwendefa endarira, akange aine “nenhorondo yekuzvarwa kwababa vangu.

13 Uye tarisai, zvakaiteka kuti Rabhani akashatirwa, akamutandira kunze kubva paari;

akaramba kuti atore zvinyorwa. Naizvozvo, akati kwaari: Tarisai uri gororo, uye ndichakuuraya.

14 Asi Ramani akatiza, akazotidza zvinhu zvakanga zvaitwa naRabhani, kwatiri. Takavamba kuva nokusuwa kukuru, uye vakoma vangu vakange voda kudzokera murenje umo maiva nababa.

15 Asi tarisai ndakati kwavari: Kana Ishe vachirarama, isu tichirarama, hatisi kuzodzokera kuna baba vedu murenje kana tisina kunge tabudirira pazvinhu izvo Ishe vakatituma.

16 Naizvozvo, ngativei tinotendeke mukuchengeta mirairo yaIshe; saka ngatidzike kunzvimbo “yechizvarwa chamadzibaba edu, nokuti tarisai vakasiya goridhe nesirivha, nehumwewo upfumi hwakasiyana-siyana. Izvi zvose vakazviita nokuda ^bkwemirairo yaIshe.

17 Nokuti aiziva kuti Jerusarema inofanira “kuparadzwa, nenzira yokuipa kwavanhu.

18 Nokuti tarisai, “varamba mazwi amaporofita. Naizvozvo, kana baba vangu vagara munzvimbo iyi shure kwokunge ^bvaudzwa kuti vatize kubva mairi, tarisai, vachaparadzawo. Naizvozvo, zvinofanirwa kuti vatize kubva munzvimbo iyi.

19 Uye tarisai, ungaru munaMwari kuti titore “zvinyorwa

7a I Sam. 17:32;
I Madz. 17:11–15.
NKM Rutendo;
Anoteerera.
b NKM Mirairo
yaMwari.
c Gen. 18:14; VaF. 4:13;

1 Ni. 17:3, 50;
D&Z 5:34.
11a Neh. 10:34;
Mabasa 1:26.
12a 1 Ni. 3:3; 5:14.
16a 1 Ni. 2:4.
b 1 Ni. 2:2; 4:34.

17a II Mak. 36:16–20;
Jer. 39:1–9;
1 Ni. 1:13.
18a NKM Hupanduki.
b 1 Ni. 16:8.
19a Omu. 1:17;
Mosaya 1:2–6.

izvi, kuti tive tinochengetedzera vana vedu rurimi rwemadzibababa edu;

20 Uye kuti zvakare “tivachengetere mazwi ayo akataurwa nemiro mo yaavo vose vaporofita vatsvene, avo vakatumidzirwa kwavari noMweya uye nesimba raMwari, kubvira pakutanga kwenyika, kusvikira nhasi uno.

21 Uye zvakaitika kuti mukutaura nemazwi akadai ndakanyengetedza vakoma vangu, kuti vave nokutendeka mukuchengetedza mirau yaMwari.

22 Uye zvakaitika kuti takaenda kunyika yechizvarwa chedu, tikaunganidza pamwe “goridhe, nesirivha yedu, nezvimwewo zvinhu zvinokosha zvedu.

23 Uye shure kwokunge tauanganidza zvinhu izvi pamwechete, takaenda zvakare kuimba yaRabhani.

24 Uye zvakaitika kuti takaenda kuna Rabhani, tikamukumbira kuti atipe zvinyorwa zvakange zvakanyorwa “pamahwendefa endarira, isu tichimupawo goridhe yedu, nesirivha yedu, nezvose zvinokosha zvedu.

25 Uye zvakaitika kuti Rabhani akati aona zvinhu zvedu, nokuwanda kwazvo “akazvichiva, zvokuti akatitanda mumba make, akatumira varanda vake kuti vatiuraye, kuti agowana matorero ezvinhu zvedu.

26 Uye zvakaitika kuti takatiza varanda vaRabhani, tikamanikidzwa kusiya zvinhu zvedu, zvikawira mumaoko aRabhani.

27 Uye takatizira murenje, saka varanda vaRabhani havana kutibata, tikahwanda mubako.

28 Uye zvakaitika kuti Ramani akanga ashatirirwa ini nababa vangu; kana Remueriwo, nokuti aiteerera mazwi aRamani. Naizvozvo, Ramani naRemueri vakataura mazwi “akaoma zvikuru kunesu, vanun’una vavo, vakatirova nemubhadha.

29 Uye zvakaitika kuti pavakange vachitirova nemubhadha, tarisai, “ngirozi yaIshe yakauya ikamira pamberi pavo, ikati kwavari: Ko sei muchirova munun’una wenyu nemubhadha? Hamuzive here kuti Ishe vakamusarudza kuti ave ^bmutongi pamusoro penyu, nenzira yezvitadzo zvenyu? Tarisai muchienda kuJerusarema zvekare, uye Ishe vachaisa Rabhani mumaoko enyu.

30 Uye shure kwokunge “ngirozi yataura nesu, yakaenda.

31 Uye shure kwokunge ngirozi yaenda, Ramani naRemueri vakatangisa zvakare “kutsutsu-mwa vachiti: Ko zvingabvire sei kuti Ishe vangazviite kuti vaise Rabhani mumaoko edu? Tarisai, munhu ane masimba ose, uye anokwanisa kutuma makumi mashanu, hongu, uye zvakare anokwanisa kuuraya

20a NKM Magwaro matsvene—Magwaro matsvene anofanira kuchengetedzwa.

22a 1 Ni. 2:4.

24a 1 Ni. 3:3.

25a NKM Kuchiva.

28a 1 Ni. 17:17–18.

29a 1 Ni. 4:3; 7:10.
NKM Ngirozi.

b 1 Ni. 2:22.

30a 1 Ni. 16:38.

31a NKM Kutsutsumwa.

makumi mashanu; ko zvino isu angatitadze nei?

CHITSAUKO 4

Nifai anouraya Rabhani atumwa naIshe uye obva atora mahwendefa endarira nenjere—Zoramu anosarudza kubatana nemhuri yaRihai murenje. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti ndakataura navakoma vangu, ndichiti: Ngatiendei zvakare kuJerusarema, uye ngative “nokutendeka mukuchengeta mirairo yaIshe; nokuti tarisai vane ^bsimba kupinda pasi rose, ko zvino angatadze sei kukunda Rabhani namakumi mashanu ake, hongu, kana makumi ezviuru zvake?

2 Naizvozvo ngatiende; ngativei ^anesimba ^bsaMosesi; zvechokwadi akataurira mvura ‘yeGungwa Dzvuku zve ikapatsanuka napakati, naizvozvo madzibaba edu vakapfuura, kubva muusungwa, nepakaoma, mauto aFarao akatevera asi akanyura muGungwa Dzvuku.

3 Zvino tarisai munoziva kuti izvi ndezvechokwadi; uye zvakare munoziva kuti ^angirozi yataura nemi; saka mungave nokukahadzika here? Ngatiendei; Ishe anokwanisa kutiponesa, sekuponesa kwaakaita

madzibaba edu, nokuparadza Rabhani, sezvaakaita maEgipita.

4 Zvino zvandakange ndataura mazwi aya, vakaramba vakashatirwa, uye vakaramba vachitsutumwa; asi zvisinei vakanditevera kusvikira tasvika kunze kwemasvingo eJerusarema.

5 Uye hwakanga hwave usiku; saka ndakavaita kuti vahwande kunze kwemasvingo. Shure kwokunge vahwanda, ini Nifai, ndakaveredza ndikapinda muguta ndikaenda kumba kwa-Rabhani.

6 Uye ^andakatungamirirwa noMweya, ndisati ^bndavakuziva zvinhu zvandaifanira kuita.

7 Zvisinei ndakaramba ndichienda, ndava pedyo nempa yaRabhani ndakaona murume, uye akanga akapuzika pamberi pangu, nokuti akanga akarardza nedoro.

8 Uye zvandakasvika paari ndakaona kuti ndiRabhani.

9 Uye ndakaona ^amunondo wake, ndikawubvisa muhara saizvozvo; mubato wawo wakanga uri wegoridhe chaiyo, uye nomugadzirirwo wawo wairatidza umhizha, ndakaona kuti munondo uyu wakanga uri wesimbi inokosha.

10 Uye zvakaitika kuti ^andakatunhwa noMweya kuti ndinofanira kuti ndiuraye Rabhani; asi ndakati mumwoyo mangu: Handina kumbobvira pane ipi nguva zvayo ndadeura ropa

4 1a NKM Hushinga;

Rutendo.

b 1 Ni. 7:11–12.

2a Deut. 11:8.

b NKM Mosesi.

c Eks. 14:21;

1 Ni. 17:26;

Mosaya 7:19.

3a 1 Ni. 3:29–31; 7:10.

6a NKM Mweya

Mutsvene;

Kutunhwa.

b VaH. 11:8.

9a 2 Ni. 5:14; D&Z 17:1.

10a Aruma 14:11.

romunhu. Ndakadududza ndikati dai ndarega kumuuraya.

11 Uye Mweya wakati kwandiri zvakare: Tarisai “Ishe vamuisa mumaoko ako. Hongu, ini ndikazivawo kuti akambenge atsvaga kundiuraya; haana kuteerera mirairo ya-Ishe; uye kuti akanga ^batora zvinhu zvedu.

12 Uye zvakaitika kuti Mweya wakati kwandiri zvakare: Muuraye, nokuti Ishe vamuisa mumaoko ako;

13 Tarisai Ishe “vanouraya ^bvakaipa kuti vaunze zvinhu zvakarurama. Zviri ‘nani kuti munhu mumwechete afe pane kuti nyika iderere nokufira mukusatenda.

14 Uye zvino, pandakanga ini, Nifai, ndanzwa mazwi aya, ndakarangarira mazwi aIshe avakanga vandiudza murenje, vachiti: “Kana mbeu yako ikachengeta ^bmirairo yangu, ‘ichabudirira “munyika yechipikirwa.

15 Hongu, zvakare ndakafunga kuti havaizokwanisa kuchengeta mirairo yaIshe maererano nemitemo yaMosesi, kunze kwekunge vainawo mutemo.

16 Uye zvakare ndakaziva kuti “mutemo wakanga wakanyorwa pamahwendefa endarira.

17 Uye zvakare, ndakaziva kuti Ishe vakanga vaisa Rabhani mumaoko angu nokuda kwechikonzero ichi — kuti ndikwa-

nise kutora zvinyorwa izvi maererano nokuraira kwavo.

18 Naizvozvo ndakateerera izvi roMweya, ndikabata Rabhani nebvudzi remusoro, ndikadimura musoro wake “nemunondo wake.

19 Uye shure kwokunge ndadimura musoro wake nemunondo wake, ndakatora mbatya dza-Rabhani ndikadzifeka pamuviri pangu; hongu, nezvimwe zvose; ndikatora nguwo dzake dzehondo ndikasungira muchiuno changu.

20 Uye shure kwokunge ndaita izvi, ndakaenda uko kwaichengeterwa upfumi hwaRabhani. Ndichienda kwaichengeterwa upfumi hwaRabhani, tarisai, ndakaona “muranda waRabhani akange ane makii ekwaichengeterwa upfumi. Ndakamuudza nezwi seraRabhani, kuti aendeni kwaichengeterwa upfumi uku.

21 Uye akafunga kuti ndini tenzi wake Rabhani, nokuti akaona mbatya nemunondo wakange uri muchiuno changu.

22 Uye akataura kwandiri pamusana pavatungamiri vama-Juda, nokuti aiziva kuti tenzi wake, Rabhani, akanga ari kunze navo usiku.

23 Uye ndakataura naye sendakanga ndiri Rabhani.

24 Uye ndakataura naye zvakare kuti ndaifanira kutakura zvinyorwa izvi, izvo zvakanga

11a I Sam. 17:41–49.

b 1 Ni. 3:26.

13a 1 Ni. 17:33–38;

D&Z 98:31–32.

b NKM Akaipa.

c Aruma 30:47.

14a Omu. 1:6;

Mosaya 2:22;

Eta 2:7–12.

b NKM Mirairo

yaMwari.

c 1 Ni. 2:20.

d 1 Ni. 17:13–14;

Jak. 2:12.

16a NKM Mutemo waMosesi.

18a I Sam. 17:51.

20a 2 Ni. 1:30.

zviri “pamahwendefa endarira, kune vakoma vangu, vakanga vari kunze kwerusvingo.

25 Uye ndakamuti anditevere.

26 Uye iye, nokufungidzira kuti ndaitaura pamusana penhengo dzechechi, uye kuti zvehokwadi ndakanga ndiri Rabhani uyo wandakanga ndauraya, nokudaro akanditevera.

27 Uye akataura kwandiri kazhinji kwazvo pamusana pavatungamiri vamaJuda, tichienda kuvakoma vangu, avo vakanga vari kunze kwemasvingo.

28 Uye zvakaitika kuti apo Ramani akandiona akava nokutya kukuru, uye pamwe naRemueri naSemu. Saka vakanditiza; nokuti vakafunga kuti ndiRabhani, uye akanga andiuraya zvino akange ave kutsvaga kuvaurayawo.

29 Uye zvakaitika kuti ndakashevedzera vakandinzwa; naizvozvo vakabva varega kunditiza.

30 Uye zvakaitika kuti muranda waRabhani zvaakaona vakoma vangu akatangisa kubvunda, uye akanga ava kuda kutiza kuti adzokere muguta reJerusarema.

31 Uye zvino ini Nifai, somunhu akanga ari mukuru pamunhu, uye somunhu akanga apiwa “simba rakawanda raIshe, ndakakwanisa kubata muranda waRabhani, kuti asatiza.

32 Uye zvakaitika kuti ndakataura naye, kuti akateerera

kumazwi angu, kuti sezvo Ishe vachirarama, uye sezvo ini ndichirarama, naiye akava anoteerera kumazwi edu, hataimuuraya.

33 Uye ndakataura naye, kunyange “nekupika kuti asatyey; nokuti kana ainge abvuma kuenda nesu murenje aizenge akasununguka sesu.

34 Uyezve ndakataura naye, ndichiti: Chokwadi Ishe “vatiudza kuti tiite chinhu ichi; zvino torega here kusimba mukuchengeta mitemo yaIshe? Saka, ukaenda murenje kuna baba vangu uchawana nzvimbo pamwechete nesu.

35 Uye zvakaitika kuti “Zoramu akapiwa kushinga nemazwi andakataura. Zvino Zoramu ndiro rakanga riri zita romuranda uyu; akavimbisa kuti aizounda nesu murenje kuna baba vedu. Hongu, akavimbisawo kuti aizogara nesu kubva panguva iyoyo.

36 Zvino takada kuti agare nesu nechikonzero ichi, kuti maJuda asazokwanisa kuziva nezvekutiza kwedu tichienda murenje, nokuti vaizotitsvaga vakatiparadza.

37 Uye zvakaitika kuti “pakapika Zoramu achitipa ruvimbiso rwake, kutya kwedu pamusoro pake kwakapera.

38 Uye zvakaitika kuti takatora mahwendefa endarira pamwe nomuranda waRabhani, tikanda murenje, tikafamba rwendo kuenda kutende yababa vedu.

24a 1 Ni. 3:12, 19–24;
5:10–22.

31a Mosaya 9:17;
Aruma 56:56.

33a NKM Chitsidzo.

34a 1 Ni. 2:2; 3:16.

35a 1 Ni. 16:7;
2 Ni. 5:5–6.

NKM Zoramu.

37a Josh. 9:1–21;

Mpa. 5:4.

NKM Chitsidzo.

CHITSAUKO 5

Saria anotsutsumwa pamusana paRihai—Vose vanofara shure kwokudzoka kwavanakomana vavo—Vanopa mipiro—Mahwendefa endarira ane zvinyorwa zvaMosesi navaporofita—Mahwendefa anoratidza kuti Rihai ndewechizvarwa chaJosefa—Rihai anoporofita pamusana pembeu yake nokuchengezedzwa kwamahwendefa. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti shure kwokunge tasvika murenje umo makanga muina baba vedu, tarisai, vakazadzwa nomufaro, uye kana amai vangu, “Saria, vakafara zvikuru, nokuti zvechokwadi vakanga vachichema pamusana pedu.

2 Nokuti vaifunga kuti takanga tafa murenje; uye vakanga vatsutsumwa pamusana pababa vangu, vachivaudza kuti aiva munhu anorota zvisipo; vachiti: Tarisai wakatitungamirira kubva kunzvimbo yatakaberekerwa, uye vanakomana vangu hapasisina, uye isu tave kufira murenje.

3 Uye ndiko kutaura kwaiita amai vangu kuna baba vachivapopotera.

4 Uye zvakaitika kuti baba vakataura navo vachiti: Ndinoziva kuti ndiri munhu “anoratidzwa zvinhu; nokuti dai ndisina

kuona zvinhu zvaMwari ^bmu-chiratidzo handaikwanisa kuzoziva kunaka kwaMwari, asi ndingadai ndakagara kuJerusarema, uye ndakafa pamwechete nevamwe vangu.

5 Asi tarisai, ndawana chivimbiso “chenyika yechipikirwa, zviri zvinhu zvinondifadza; hongu, uye ^bndinoziva kuti Ishe achabvisa vanakomana vangu kubva mumaoko aRabhani, ozovadzosa zvakare kwatiri murenje.

6 Uye uku ndiko kwaiva kutaura kwababa vangu Rihai, vachinyaradza amai vangu, Saria, pamusana pedu, isu tiri parwendu murenje rwokuenda kunyika yeJerusarema, kuti tinotora zvinyorwa zvamaJuda.

7 Uye patakadzokera kutende yababa vangu, tarisai vakafara zvikuru, uye amai vakanyaradzwa.

8 Uye vakataura, vachiti: Zvino ndavakuziva zvechokwadi kuti Ishe “vaudza murume wangu kuti atizire murenje; hongu, uye zvakare ndinoziva zvechokwadi kuti Ishe vachengetedza vanakomana vangu, uye vavabvisa mumaoko aRabhani, vakavapa simba rokuti ^bvapedze kuita zvavakanga vatumwa naIshe. Uye ndiko kutaura kwakaitwa naamai.

9 Uye zvakaitika kuti vakafara zvikuru, uye vakapira “mupiro newekupisa kuna Ishe; uye

5 1a NKM Sarai.

4a 1 Ni. 2:11.

b 1 Ni. 1:8–10.

NKM Kuratidzwa
(Chiratidzo).

5a 1 Ni. 2:20; 18:8, 22–23.

NKM Nyika

yeChipikirwa.

b NKM Rutendo.

8a 1 Ni. 2:2.

b 1 Ni. 3:7.

9a Mosaya 2:3;

3 Ni. 9:19–20.

NKM Mutemo
waMosesi.

vakapa ^bkutenda kuna Mwari vamaIsraeri.

10 Uye shure kwokutenda kwavo kuna Mwari vamaIsraeri, baba vangu Rihai, vakatora zvinyorwa zvakanga zviru “pamahwendefa endarira, uye vakazvzvera kubvira pekutanga.

11 Uye vakaona kuti akanga ana “mabhuku mashanu aMosesi, ayo aitsanangura pamusana pokusikwa kwenyika, uye nezvaAdama naEva, avo vakanga vari vabereki vedu vokutanga;

12 Uye “nezvinyorwa zvamaJuda kubva pakutanga, kusvikira pakutanga kwekutonga kwaZedekia, mambo wamaJuda;

13 Uyezve chiporofita chavaporofita vatsvene, kubva kwokutanga, kusvikira pakutanga kwekutonga “kwaZedekia; uye nezvimwe zviporofita zvakatarurwa nomuromo ^bwaJeremia.

14 Uye zvakaitika kuti baba vangu Rihai, vakaonawo “pamahwendefa endarira nhorooondo yekuzvarwa kwemadzibaba avo; naizvozvo vakaziva kuti ndevchizvarwa ^bchaJosefa; hongu, kana Josefa uyo akanga ari mwanakomana ^cwaJakobo, uyo ^dakatengeswa kuEgipita, uyo ^eakararamiswa noruoko rwaIshe, kuti araramise baba vake

Jakobo, neveimba yake yose kuti vasafa nenzara.

15 Uye “vakabviswa muuranda uye vakatungamirwa kubva munyika yeEgipita, naMwari vamwechetevo vakavararamisa.

16 Uye ndiko kuwana kwakaita baba vangu Rihai, nhorooondo yekubereka kwamadzibaba avo. Rabhaniwo akanga ari wechizvarwa “chaJosefa, saka iye namadzibaba ake vakachengeta zvinyorwa izvi.

17 Uye zvinu baba vangu vaona zvinhu zvose izvi, vakazadzwa noMweya, uye vakatangisa kuporofita pamusana pembeu yavo—

18 Kuti mahwendefa aya ose endarira aifanirwa kuenda kunyika dzose, marudzi ose, ndimi dzose, navanhu vakanga vari vembeu yavo.

19 Naizvozvo, akati mahwendefa endarira aya “haaifanira kuparara; uye kuti haafanire kudzima nekufamba kwenguva. Uye vakaporofita zvinhu zvakawanda pamusana pembeu yavo.

20 Zve zvakaitika kuti kusvikira panguva iyi ini nababa wangu takange tachengetedza mirairo yaIshe yavakanga vatipa.

21 Uye takanga tatora zvinyorwa zvatakanga tatumwa

9^b nKM Kupakutendo.

10^a 1 Ni. 4:24, 38; 13:23.

nKM Mahwendefa eNdarira.

11^a 1 Ni. 19:23.

nKM Magwaro Mashanu emutemo.

12^a I Mak. 9:1.

nKM Magwaro matsvene.

13^a II Madz. 24:18;

Jer. 37:1.

^b Ezra 1:1;

Jer. 36:17-32;

1 Ni. 7:14; Hir. 8:20.

14^a 1 Ni. 3:3, 12.

nKM Mahwendefa eNdarira.

^b 2 Ni. 3:4; Aruma 10:3.

nKM Josefa, Mwanakomana waJakobo.

^c nKM Jakobo,

Mwanakomana waIsaka.

^d Gen. 37:29-36.

^e Gen. 45:4-5.

15^a Eks. 13:17-18;

Amosi 3:1-2;

1 Ni. 17:23-31;

D&Z 103:16-18; 136:22.

16^a 1 Ni. 6:2.

19^a Aruma 37:4-5.

naIshe, uye tikazvinzvera ndokuona kuti zvaifanira kuti tive nazvo, hongu, chokwadi “zvai-kosha zvikuru kwatiri, zvekuti taikwanisa^b kuchengetera vana vedu mirairo yalshe.

22 Naizvozvo, hwakanga huri ungaru munaIshe kuti tizvitakure, zvataifamba murenje murwendo rwokuenda kunyika yechipikirwa.

CHITSAUKO 6

Nifai anonyora pamusoro pezvinhu zvaMwari—Chinangwa chaNifai chiri chokunyengetedza vanhu kuti vauye kuna Mwari waAbrahama vaponeswe. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino ini Nifai, handipe nhorondo yekuberekwa kwe-madzibaba angu muchikamu “chino chezvinyorwa zvangu; uye hapana imwe nguva yandichazorwupa^b pamahwendefa andiri kunyora aya; nokuti zviri pazvinyorwa zvakachengetwa^c nababa vangu; naizvozvo, handizvinyore mubasa rino.

2 Nokuti ini ndakagutsikana kutaura kuti tiri chizvarwa “chaJosefa.

3 Zve hazvindinetse kuti handisi kunyora nyaya yose yezvinhu zvababa vangu, nokuti hazvinganyorwe “pamahwe-

ndefa aya, nokuti ndinoda nzvimbo yokunyorera zvinhu zvaMwari.

4 Nokuti chido changu chizere ndechokuti “ndinyengetedze vanhu^b vauye kuna Mwari va-Abrahama, naMwari vaIsaka, naMwari vaJakobo, kuti vago-poneswa.

5 Naizvozvo, zvinhu “zvinofadza nyika handinyore, asi zvinhu zvinofadza Mwari neavo vasiri venyika.

6 Naizvozvo, ndichapa murairo mbeu yangu, kuti vasazozadza mahwendefa aya nezvinhu zvisingakodzeri kuvana vavanhu.

CHITSAUKO 7

Vanakomana vaRihai vanodzokera kuJerusarema uye vanokoka Ishmaeri nemba yake kuti ave navo parwendo rwavo—Ramani nava-mwe vanopanduka—Nifai anokurudzira vakoma vake kuti vave nokutenda munaIshe—Vanomusunga netambo uye vanoronga zvekumuuraya—Anosunungurwa nesimba rokutenda—Vakoma vake vanokumbira ruregerero—Rihai nechikwata chake vanoita mupiro nezvibairo zvekupisa. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino ndinoda kuti imi muzive, kuti baba vangu Rihai,

21a NKM Magwaro matsvene—Kukosha kwemagwaro matsvene.
b 2 Ni. 25:26.
6 1a 2 Ni. 4:14–15.

b 1 Ni. 9:2.
c 1 Ni. 1:16–17; 19:1–6.
2a 1 Ni. 5:14–16.
3a Jak. 7:27; Jar. 1:2, 14; Omu. 1:30.
4a Joh. 20:30–31. Ona

peji yeMusoro wenywa weBhukuraMormoni.
b 2 Ni. 9:41, 45, 51.
5a I VaT. 2:4;
Mazwi 1:4.

pavakanga “vapedza kuporofita kwavo nembeu yavo, zvakaitika kuti Ishe vakataura kwavari zvakare, vachiti zvakange zvisingafanire kuti Rihai aende nemhuri yake murenje iriyega; asi kuti vanakomana vake vatore ^bvanasikana vave ‘vakadzi vavo, kuti vave vanobereka mbeu kuna Ishe munyika yechipikirwa.

2 Uye zvakaitika kuti Ishe “vakavaraira kuti ini Nifai, navakoma vangu, tinofanirwa kudzokera zvakare kunyika yeJerusarema, uye tinounza Ishmaeri nemhuri yake murenje.

3 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, navakoma vangu, takaenda “zvakare murenje kuti tiende kuJerusarema.

4 Zve zvakaitika kuti takaenda kumba kwaIshmaeri, tikawana nyasha pamberi paIshmaeri, zvekuti takamuudza mazwi aIshe.

5 Uye zvakaitika kuti Ishe vakanyevenutsa mwoyo waIshmaeri, uye nemhuri yake, zvekuti yakafamba rwendo nesu kuenda murenje kutende yababa vedu.

6 Uye zvakaitika kuti tiri murwendo murenje, tarisai Ramani naRemueri, navanasikana vaviri vaIshmaeri, “navanakomana vaviri vaIshmaeri nemhuri dzavo, vakatipandukira; hongu, vakapandukira ini Nifai, naSemu,

nababa vavo Ishmaeri, nomudzimai wake, navamwe vatatu vavanoasikana vavo.

7 Uye zvakaitika kuti mukupanduka uku, vaida kudzokera kunyika yeJerusarema.

8 Uye zvino ini, Nifai, “nokusuwiswa nenzira yekuoma kwe-mwoyo yavo, naizvozvo ndakataura kwavari, ndichiti hongu, kana kuna Ramani naRemueri: Tarisai muri vakoma vangu, ko sei muine mwoyo yakaoma kudai, nokupofomara mupfungwa, zvekuti munoda kuti ini munun’ina wenyu, nditokutaurirai, hongu, nokukuratidzai zvekuita?

9 Ko seiko musina kuteerera mazwi aIshe?

10 Ko seiko “makanganwa kuti makaona ngirozi yalshe?

11 Hongu, ko zvino seiko muri kukanganwa zvinhu zvikuru izvo Ishe vakatiitira, “mukutibvisa mumaoko aRabhani, uye zvakare nokuti titore zvinyorwa?

12 Hongu, ko sei muchikanganwa kuti Ishe vanokwanisa kuita “zvinhu zvose mukuda kwake, kuvana vavanhu, kana vachishandisa ^brutendo kwaari? Nokudaro, ngativei tinokutenda kwavari.

13 Uye kana tikava tinokutenda mavari, tichazowana “nyika yechipikirwa; uye muchazoziva munguva ichatevera kuti mazwi

7 1a 1 Ni. 5:17-19.

b 1 Ni. 16:7.

c NKM Kuroora.

2a 1 Ni. 16:7-8.

3a 1 Ni. 3:2-3.

6a 2 Ni. 4:10.

8a Aruma 31:2;

Mos. 7:41.

10a Deut. 4:9;

1 Ni. 3:29; 4:3.

11a 1 Ni. 4.

12a 1 Ni. 17:50;

Aruma 26:12.

b 1 Ni. 3:7; 15:11.

13a 1 Ni. 2:20.

NKM Nyika

yeChipikirwa.

alShe achazadzikiswa pamusoro pokuparadzwa kweJerusarema; nokuti zvinhu zvose zvakataurwa naIshe pamusoro ^bpokuparadzwa kweJerusarema zvinototi zvizadzikiswe.

14 Nokuti tarisai, Mweya waIshe muchinguvana ucharegera kushanda navo; nokuti tarisai, ^avakaramba vaporofita, uye vakaisa ^bJeremia mutorongo. Uye vakaedza kuparadza ^cupenyu hwababa vangu, mukudaro vakatibvisa munyika iyi.

15 Zvino tarisai, ndinoti kwamuri mukadzokera Jerusarema nemiwo muchafa pamwechete navo. Uye zvino, kana zvirizvo zvasasarudza endai kunyikayo, muchirangarira mazwi ayo ndataura kwamuri, kuti mukaenda muchafa; nokuti Mweya waIshe unonditunha kuti nditaure saizvozvo.

16 Uye zvakaitika kuti apo ini Nifai, ndakanga ndataura mazwi aya kuvakoma vangu, vakandishatirirwa. Uye zvakaitika kuti vakandibata nemaoko, nokuti tarisai, vakanga vatsamwa zvikuru, ^avakandisunga netambo, nokuti vaida kutora upenyu hwangu, kuti vandisiye murenje kuti ndiparadzwe nemhuka dzerenje.

17 Asi zvakaitika kuti ndakanamata kuna Ishe ndichiti: Ishe, maererano nokutenda kwangu mamuri, mungandiburitsewo mumaoko avakoma vangu here;

hongu, uye mundipewo simba rokuti ^andidambure tambo dzandakasungwa nadzo.

18 Zvakaitika kuti ndataura mazwi aya, tarisai, tambo dzakasunungurwa kubva mumako nomumakumbo angu, uye ndikamira pamberi pavakoma vangu, ndikataura navo zvakare.

19 Uye zvakaitika kuti vakandishatirirwa zvakare, ndokutsvaga kundibata; asi tarisai, mumwe ^awavanasikana vaIshmaeri, hongu, naamai vake, nomwanakomana mumwe waIshmaeri, vakakumbira vakoma vangu, nokudaro vakanyorovesa mwoyo yavo; saka vakarega kuedza kuda kundiuraya.

20 Uye zvakaitika kuti vakasurwa, pamusoro pekuipa kwavo, zvekuti vakapfugama kwandiri, kuti ndivaregerere pane zvavakange vanditadzira.

21 Uye zvakaitika kuti ^andakavaregerera nemwoyo wangu wose pazvinhu zvose zvavakanga vaita, uye ndikavakurudzira kuti vanamate kuna Ishe Mwari vavo kuti varegererwe. Uye zvakaitika kuti vakaita saizvozvo. Uye shure kwokunge vanamata kuna Ishe takafamba zvakare norwendo rwedu takananga kutende yababa vedu.

22 Zve zvakaitika kuti takasvika paive netende yababa vedu. Uye shure kwokunge ini navakoma vangu nevemba yose yaIshmaeri tasvika kutende

13b II Madz. 25:1–21;
2 Ni. 6:8; 25:10;
Omu. 1:15;
Hir. 8:20–21.
14a Ezk. 5:6;

1 Ni. 1:18–20; 2:13.
NKM Hupanduki.
b Jer. 37:15–21.
c 1 Ni. 2:1.
16a 1 Ni. 18:11–15.

17a Aruma 14:26–28.
19a 1 Ni. 16:7.
21a NKM Regerera.

yababa vangu, vakapa “kutenda kuna Ishe Mwari vavo; vakapira ^bmupiro nezvibayiro zvekupisa kwavari.

CHITSAUKO 8

Rihai anoona chiratidzo chemuti weupenyu—Anodya muchero we-muti uyu obva ada kuti mhuri yake iudyewo—Anoona danda resimbi, kanzira kakamanikana uye kakamanika, nebute rerima rinofukidza vanhu—Saria, Nifai, naSemu vanodya muchero, asi Ramani naRemueri vanoramba. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti takanga tanguanidza mbeu dzakasiyana-siyana dzemarudzi ose, tsanga dzemarudzi ose, nemhodzi dzemichero yemarudzi ose.

2 Uye zvakaitika kuti Baba vangu vachigara murenje vakataura kwatiri vachiti: Tarisai, “ndarota hope; kana kuti nema-mwe mazwi, ndaona ^bchiratidzo.

3 Uye tarisai, nenzira yechinhu chandaona, ndine chikonzero chekufara munaIshe pamusoro “paNifai nepamusoro paSemuwo; nokuti ndine chikonzero chekufungidzira kuti ivo, nevazhinji vembeu yavo, vachaponeswa.

4 Asi tarisai, “Ramani naRemu-eri, ndinotyva zvikuru pamusana

penyu; nokuti tarisai, ndinorangarira kuti ndaona muhope dzangu, renje dema rinotyisa.

5 Uye zvakaitika kuti ndakaona murume, uye akange akapfeka “hanzu chena; akauya akamira mberi kwangu.

6 Uye zvakaitika kuti akataura kwandiri, uye akati ndimutevere.

7 Uye zvakaitika kuti zvanda-imutevera ndakazviona kuti ndakange ndiri munzvimbo ine rima mugwenga risina chinhu.

8 Uye mushure mekunge ndafamba kwenguva huru ndiri murima, ndakatangisa kunamata kuna Ishe kuti ave “netsitsi neni, maererano nekuwanda kwetsitsi dzake dzakapfava.

9 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge ndanamata kuna Ishe ndakaona “zimunda guru raka-pamhama.

10 Uye zvakaitika kuti ndakaona “muti, waive ^bnemichero yaifanira kufadza munhu.

11 Uye zvakaitika kuti ndakaenda ndikanodya “muchero iwoyo; uye ndikaona kuti waitapira chaizvo, kupfuura yose yandakambodya. Hongu, uye ndakaona kuti muchero uyu wakange uri muchena, kupfuura ^bkuchena kwose kwandakamboona.

12 Uye kudya kwandakange ndichiita muchero uyu wakazadza mweya wangu “norufaro rukuru rwusingataurike; nokudar, ndakatanga ^bkuda kuti

22a NKM Kupakutendo.
b 1 Ni. 5:9.

8 2a NKM Kurota;
Zvakazarurwa.
b 1 Ni. 10:17.
NKM Kuratidzwa
(Chiratidzo).

3a 1 Ni. 8:14–18.
4a 1 Ni. 8:35–36.
5a Nh—JS 1:30–32.
8a NKM Anetsitsi.
9a Mat. 13:38.
10a Gen. 2:9;
Zvaka. 2:7; 22:2;

1 Ni. 11:4, 8–25.
NKM Muti weUpenyu.
b Aruma 32:41–43.
11a Aruma 5:34.
b 1 Ni. 11:8.
12a NKM Rufaro.
b Aruma 36:24.

mhuri yangu iudyewo; nokuti ndaiziva kuti “wainaka kupfura mimwe michero yose.

13 Uye zvandakanga ndichitarisa kuti zvimwe ndingaone mhuri yanguwo, ndakaona “rwizi rwemvura; uye rwakange rwuchierera, uye rwaive pedyo nemuti wandaidya michero.

14 Uye ndakatarisa kuti ndione kwarwaibva; ndikaona parwaitangira chinhabwe chidiki-diki; uye parwaitangira ipapo ndakaona amai vako Saria, Semu, uye Nifai; vakanga vamire vachiita sevasingazive kwavari kuenda.

15 Uye zvakaitika kuti ndakavadaidza neruoko; uye ndikatiwo kwavari nezwi guru ngavauye kwandiri, uye vazodya muchero wainaka kupfura mimwe michero yose.

16 Uye zvakaitika kuti vakauya kwandiri uye vakadyawo muchero.

17 Uye zvakaitika kuti ndakada kuti Ramani naRemueri vauye vazodyawo muchero; nokudaro, ndakakanda maziso kumusoro kwerwizi, kuti zvimwe ndingavaone.

18 Uye zvakaitika kuti ndakavaona, asi “havana kuda kuuya kwandiri kuti vazodya muchero.

19 Uye ndakaona “danda resimbi, uye rakange rakareba richitevedza rwizi, uye richisvika pamuti pandakanga ndimire.

20 Uye ndakaonawo kanzira

“kakamanikana uye kakamanika, kaitevedza bango resimbi iri, kusvika pamuti pandakanga ndimire; uye kachibvawo kumusoro kwakatangira rwizi, kachienda “muzimunda guru rakafara, sekunge raive nyika.

21 Uye ndakaona vanhu vasingaverengeke, vazhinji vavo vaisaidzira mberi, kuti vasvike “mukanzira kaienda pamuti pandakanga ndimire.

22 Uye zvakaitika kuti vakauya, vakatangisa kufamba nekanzira kaienda pamuti.

23 Uye zvakaitika kuti kwakasimuka “mhute yerima; hongu, kunyangwe kana mhute yerima risingataurike, zvekuti avo vakange vatangisa kufamba mukanzira vakashaya nzira yavo, vakabuda munzira vakarasika.

24 Uye zvakaitika kuti ndakaona vamwe vachisaidzira kuenda mberi, uye vakauya mberi vakabaturira pakaperera danda resimbi; uye vakasaidzira mberi mukati mebuta rerima, vakabaturira padanda resimbi, kudakara vauya uye vadya “muchero wemuti yu.

25 Uye mushure mekunge vadya muchero wemuti vakatarisatarisa sekunge vave “kunyara.

26 Uye neniwo ndakatarisatarisa, uye ndikaona, mhiri kwerwizi rwemvura, zimba guru uye “rakapamhama; rimire sekunge rakange riri mudenga, pamusoro penyika.

12c 1 Ni. 15:36.

13a 1 Ni. 12:16–18;
15:26–29.

18a 2 Ni. 5:20–25.

19a Mpi. 2:9; Zvaka. 12:5;
Djs, Zvaka. 19:15;

1 Ni. 8:30; 11:25;
15:23–24.

20a Mat. 7:14;

2 Ni. 31:17–20.

b Mat. 13:38.

21a NKM Nzira.

23a 1 Ni. 12:17; 15:24.

24a 1 Ni. 8:10–12.

25a VaR. 1:16; II Tim. 1:8;
Aruma 46:21;

Morm. 8:38.

26a 1 Ni. 11:35–36; 12:18.

27 Uye rakanga rakazadzwa nevanhu, vakuru nevadiki, varume nevakadzi; uye kupfeka kwavo kwakange kwakanaka zvakapfuuridza; uye vakanga vari “mutsika yekushora nekunongedzera kune avo vakanga vauya uye vachidya muchero.

28 Uye mushure mekunge “varaira muchero uyu ^bvakanyara, nekuda kweavo vainge vachivashora; uye ^cvakawira munzira dzinorambidzwa uye vakarasika.

29 Uye zvino ini Nifai, handitaure “ose mazwi ababa vangu.

30 Asi kuti ndisarebese mukunyora, tarisai, akaona dzimwe mhomho dzichisaidzira pamberi; uye dzikauya uye dzikabatirira padanda resimbi; uye dzikasa-idzira pamberi, dzakabatirira nesimba “danda resimbi, kudakara vauya uye ndokuwira pasi ndokurumbidza uye ndokudya muchero wemuti.

31 Uye akaonawo dzimwe “mhomho dzichitsvanzvadzira nzira yekuenda kuzimba guru uye rakapamhama riye.

32 Uye zvakaitika kuti vazhinji vakanyura muhwenje “hwedzi-va; uye vazhinji akasazovaona vave kungofamba-famba munzira dzavasingazive.

33 Uye hakuzi kuwanda kwe-mhomho yakapinda muzimba rinoshamisa riya. Uye mushure mekunge vapinda muzimba

riya vakanongedzera “vachinyomba ini neavo vakanga vachidyawo muchero; asi hatina kuvateerera.

34 Aya mazwi ababa vangu: Nokuti avo vazhinji “vakavateerera, vakapunzika.

35 Uye “Ramani naRemueri havana kudya muchero, vakadarobaba vangu.

36 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge baba vangu vataura ose mazwi ehope dzavo kana chiratidzo, ayo akange akawanda, vakati kwatiri, nenzira yezvinhu izvi zvavakaona muchiratidzo, vaityira zvikurusa Ramani naRemueri; hongu, vaitya kuti vangangoraswa vakabviswa pamberi paIshe.

37 Uye vakavakurudzira nepavaigona napo “semubereki akapfava, kuti vateerere mazwi avo, kuti zvimwe Ishe vanga-vaitire tsitsi, uye vagorega kuvarasa; hongu, baba vangu vakavaparidzira.

38 Uye mushure mekunge vavaparidzira, nekuvaporofita zvinhu zvizhinji, vakavaudza kuti vateerere mirairo yaIshe; uye vakabva vamira kutaura navo.

CHITSAUKO 9

Nifai anogadzira zvinyorwa zviri paviri—Zvose zvinodaidzwa kunzi mahwendefa aNifai—Mahwendefa makuru anotaura nezvenhoroondo

27a NKM Kudada.

28a II Pet. 2:19–22.

b Marko 4:14–20; 8:38;

Ruka 8:11–15;

Joh. 12:42–43.

c NKM Kurasika

Pachitendero.

29a 1 Ni. 1:16–17.

30a 1 Ni. 15:23–24.

31a Mat. 7:13.

32a 1 Ni. 15:26–29.

33a NKM Kupfuisa.

34a Eks. 23:2.

35a 1 Ni. 8:17–18;

2 Ni. 5:19–24.

37a NKM Mhuri; Vabereki.

yevanhu; madiki anotaura nezve-zvinhu zvinoera. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvose zvinhu izvi baba vangu vakazviona, uye vaka-zvinzwa, uye vakazvitaure, zva-vaigara mutende, “munhika ra-Remueri, nezvimwewo zvinhu zvakawanda, zvisingagone kunyorwa pamahwendefa ano.

2 Uye zvino, sekutaura kwandaite pamusoro pemahwendefa aya, tarisai haaziwo mahwendefa andichanyora rungano ruzere rwevanhu vekwangu; nokuti “mahwendefa andinonyora rungano ruzere rwevanhu vekwangu ndaapa zita rekuti Nifai; nokudaro, anodaidzwa kunzi mahwendefa aNifai, sezita rangungu; uye mahwendefa ayawo anodaidzwa kunzi mahwendefa aNifai.

3 Zvisinei, ndakagashira murairo waIshe kuti ndiite mahwendefa aya, “nechikonzero chekuti kwakafanira kuve nezvakanyorwa pamusoro ^bpeufundisi hwevanhu vekwangu.

4 Pane mamwe mahwendefa pakafanira kunyorwa zvekutonga kwemadzimambo, nehondo nenhoro dzevanhu vekwangu; nokudaro mahwendefa aya anotaura zvizhinji nezvehufundisi; uye “mamwe mahwendefa anotaura zvizhinji nezvekutonga

kwemadzimambo nezvehondo nekusawirana kwevanhu vekwangu.

5 Nokudaro, Ishe vanditi ndiite mahwendefa aya nechikonzero “chakangwara chiri mavari, chikonzero chacho chandisingazive ini.

6 Asi Ishe “vanoziva zvinhu zvose kubvira pakutanga; nokudaro, vanogadzira nzira yokupedza nayo mabasa avo ose pakati pevana vevanhu; nokuti tarisai, vane ^bsimba rose mukuzadzikisa mazwi avo ose. Uye ndizvo zvazviri. Amenii.

CHITSAUKO 10

Rihai anofembera kuti maJuda achatorwa muusungwa nemaBabironi—Anotaura nezvekuuya kwaMesia, Muponesi, Mununuri pakati pemaJuda—Rihai anotaurawo nezvekuuya kwemumwe achabhabhatidza Gwayana raMwari—Rihai anotaura nezvekufa nekumuka kwaMesia—Anofanidza kupararira nekuungana kwaIsraeri pamuti wemuoriŵhi—Nifai anotaura nezveMwanakomana waMwari, nezvechipo cheMweya Mutsvene, nezvekudikana kwa kwetsika dzakatwasanuka. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino ini Nifai, ndoenda mberi kukupai nezvemafambi-

9 1a 1 Ni. 2:4–6, 8, 14–15; 16:6.

2a 1 Ni. 19:2, 4; Jak. 3:13–14; Mazwi 1:2–11; D&Z 10:38–40.

NKM Mahwendefa.

3a D&Z 3:19.

b 1 Ni. 6:3.

4a Jak. 1:2–4;

Mazwi 1:10.

5a 1 Ni. 19:3;

Mazwi 1:7;

Aruma 37:2, 12, 14.

6a 2 Ni. 9:20; D&Z 38:2;

Mos. 1:6, 35.

NKM Saruzivo.

b Mat. 28:18.

ro angu pamahwendefa “aya, nekutonga kwangu nehufundisi hwangu; nokudaro; kuti ndifambire mberi nenyaya yangu, ndakafanira kutaura nezvezvinhu zvakababa vangu, nezvevakoma vanguwo.

2 Nokuti tarisai, zvakaitika kuti mushure mekunge baba vangu vapedza kutaura mazwi “ehope dzavo, nokuvakuridzirawo kushanda nesimba rose, vakataura navo pamusoro pemaJuda—

3 Kuti mushure mekunge vaparadzwa, kana guta guru riya “reJerusarema, uye vazhinji ^bvachatakurwa dzave nhapwa ^ckuBabironi, maererano nenguva yasvika yaIshe, ^dvachadzoka zvakare, hongu, kana kutodzozwa vachiburitswa muutapwa; uye mushure mekunge vadzorwa vachiburitswa muutapwa vachatora zvakare nyika yehaka yavo.

4 Hongu, kunyangwe mazana “matanhatu emakore kubvira panguva yakabva baba vangu kuJerusarema, ^bmuporofita achamutswa naIshe Mwari pakati pemaJuda—kana ^cMesia, kana nemamwe mazwi, Muponesi wenyika.

5 Uye akataurawo maererano nevaporofofiti, kuti uzhinji hwa-

vo “hwakapupura sei pazvinhu izvi, maererano naMesia uyu, wavakange vataura nezvake, kana uyu Mununuri wenyika.

6 Nokudaro, marudzi ose evanhu akange ari mukurasika “nekupunzika, uye aizogara akadaro narinhi kunze kwekunge vavimba neMununuri uyu.

7 Uye akataurawo maererano “nemuporofofiti aizouya Mesia asati auya, kuti azogadzira nzira yaIshe—

8 Hongu, kana iye achaenda achinochemba ari murenje: “Gadzirai nzira yaIshe, muite kuti nzira dzake dzitwasanuke; nokuti pakati penyu pamire mumwe wamusingazive; uye mukuru kwandiri, tambo dzeshangu dzake dzandisingakodzere kusunungura. Uye baba vangu vakataura zvizhinji maererano nechinhu ichi.

9 Uye baba vangu vakati achabhabhatidza “muBetebara, mhiri kweJordan; uye vakatiwo achabhabhatidza nemvura; uye nokuti ^bachabhabhatidza Mesia nemvura.

10 Uye mushure mekunge abhabhatidza Mesia nemvura, anofanira kutarisa uye agoona kuti abhabhatidza “Gwayana raMwari, richabvisa zvitadzo zvenyika.

10 1a 1 Ni. 9:1-5; 19:1-6;
Jak. 1:1-4.

2a 1 Ni. 8.

3a Est. 2:6; 2 Ni. 6:8;
Hir. 8:20-21.

b 2 Ni. 25:10.

NKM Kuronga
nenguva—587 B.C.

c Ezk. 24:2; 1 Ni. 1:13;
Omu. 1:15.

d Jer. 29:10;

2 Ni. 6:8-9.

4a 1 Ni. 19:8;

2 Ni. 25:19; 3 Ni. 1:1.

b 1 Ni. 22:20-21.

c NKM Mesia.

5a Jak. 7:11;

Mosaya 13:33;

Hir. 8:19-24;

3 Ni. 20:23-24.

6a NKM Kupunzika
kwaAdama naEva.

7a 1 Ni. 11:27;

2 Ni. 31:4.

8a Isa. 40:3; Mat. 3:1-3.

9a Joh. 1:28.

b NKM Johane
Mubapatidzi.

10a NKM Gwayana
raMwari.

11 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge baba vangu vataura mazwi aya vakataura kuvakoma vangu maererano nevhangeri rakafanira kuparidzwa pakati pemaJuda, nemaereranowo ^aekuderera kwe-maJuda ^bmukusatenda. Uye mushure mekunge ^cvauraya Mesia, uyo achauya, uye mushure mekunge auraiwa ^dachamuka mukufa, uye agozviritidza, ^eneMweya Mutsvene, kumaJentairi.

12 Hongu, kunyangwe baba vangu vakataura zvikuru maererano nemaJentairi, uye maereranowo nezvemba yaIsraeri, kuti vafananidzwe nemuti ^awemuorivi, uyo une mapazi achatyorwa ^bagoparadzirwa nenyika yose.

13 Nokudaro, akati zvakafanira kuti titungamirirwe ^akunyika yechipikirwa tiine chibvumirano chimwechete, mukuzadzikisa shoko raIshe, rokuti tipararire pasi pose.

14 Uye mushure mekunge imba yaIsraeri yapararira ^avachaunganidzwa pamwechete zvakare; kana kuti, muchidimbu, mushure mekunge ^bmaJentairi atambira kuzara kweVhangeri, mapazi emuti ^cwemuorivi, kana

kuti vakasara vemba yaIsraeri, vanobatanidzwa, kana kuti vanozove neruzivo rwaMesia wechokwadi, Ishe vavo neMununuri wavo.

15 Uye netsika yemutauro uyu baba vangu vakaporofita uye vakataura kuhama dzangu, nezvimwewo zvinhu zvakawanda zvandisinganyore mubhuku rino; nokuti ndakanyora zvizhinji zvacho zvandaiona zvakakodzera mune ^arimwe bhuku rangu.

16 Uye zvose zvinhu izvi, izvo zvandataura nezvazvo, zvaka-itwa apo baba vangu vakange vachigara mutende, munhika raRemueri.

17 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge ini Nifai, ndanzwa ose ^amazwi ababa vangu, maererano nezvinhu zvavakawanda ^bmuchiratidzo, nezvinhuwo zvavaitaura nesimba reMweya Mutsvene, riri simba ravakatambira pamusoro perutendo muMwanakomana waMwari— uye Mwanakomana waMwari ndiye aive ^cMesia aizouya— ini Nifai, ndaidawo kuti dai ndaona, uye ndanzwa, nokuziva zvinhu izvi, nesimba reMweya Mutsvene, chinova ^dchipo chaMwari kune avo vose

11a Jak. 4:14-18.

b Morm. 5:14.

c NKM Jesu Kristu; Kuroverwa.

d NKM Kumuka Kuvakafa.

e NKM Mweya Mutsvene.

12a Gen. 49:22-26;

1 Ni. 15:12;

2 Ni. 3:4-5;

Jak. 5; 6:1-7.

NKM Muti weMuorivhi; Munda wemizambiringa waIshe.

b 1 Ni. 22:3-8.

NKM Israeri— Kupararira kwa Israeri.

13a 1 Ni. 2:20.

NKM Nyika yeChipikirwa.

14a NKM Israeri—

Kuunganidzwa kwa Israeri.

b 1 Ni. 13:42;

D&Z 14:10.

c Jak. 5:8, 52, 54, 60, 68.

15a 1 Ni. 1:16-17.

17a Eno. 1:3;

Aruma 36:17.

b 1 Ni. 8:2.

c NKM Mesia.

d NKM Mweya Mutsvene.

vanomutsvaka ‘nesimba, munguva ^fdzekare nemunguva dzaachazviratidza pachake kuvana vevanhu.

18 Nokuti ndiye “mumwecheteyo wanezuro, nhasi, nokusingaperi; uye nzira yakagadzirirwa vose vanhu kubvira pakutanga kwenyika, kana vakave vanotendeuka vakauya kwaari.

19 Nokuti uyo anotsvaka nesimba achawana; uye “zvakanzika zvaMwari vachazvipfudzunurirwa, nesimba ^breMweya Mutsvene, munguva dzino sezvemunguva dzakare, uye semunguva dzakare nemunguva dzichauya; nokudaro, ‘nzira yaIshe inogara yakadaro nokusingaperi.

20 Saka rangarira iwe munhu, pazviito zvako zvose uchauenzwa “mukutongwa.

21 Nokudaro, kana waitsvaka kuita zvakaipa mumazuva ako “ekuedzwa, zvino unowanikwa ^busina kuchena pamberi pechigaro chekutonga chaMwari; uye hakuna chinhu chisina kuchena chingagare naMwari; nokudaro, unofanirwa kuti uraswe zvachose.

22 Uye Mweya Mutsvene uri kundipa simba rekuti nditaure

zvinhu izvi, uye ndisazviregere kwete.

CHITSAUKO 11

Nifai anoona Mweya waIshe uye anoratidzwa muchiratidzo muti weupenyu — Anoona amai veMwanakomana waMwari uye anodzidza nekuzvidzikisira kwaMwari — Anoona rubhabhatidzo, ushumiri, nekuroverwa kweGwayana raMwari — Anoonawo kudaidzwa neushumiri hweVaapositori veGwayana vaneGumi neVaviri. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

NOKUTI zvakaikwa kuti mushure mekunge ndada kuziva zvinhu zvakanga zvaonekwa nababa vangu, nokutenda kuti Ishe vaikwanisa kuita kuti ndizvize, zvandakanga ndigere “ndichifungisisa mumwoyo mangwa ^bndakatorwa neMweya waIshe, hongu, ndikaenda “mugomo rakareba zvakananyanya, randakanga ndisina kumbenge ndakaona, uye randakanga ndisina kumbenge ndakatsika netsoka dzangu.

2 Uye Mweya ukati kwandiri: Tarisai, unodei?

3 Uye ndikati: Ndinoda kuona

17e Moro. 10:4–5, 7, 19.
f D&Z 20:26.

18a VaH. 13:8;
Morm. 9:9;
D&Z 20:12.
NKM Mwari, Musoro hwehuMwari.

19a NKM Zvakavandika zvaMwari.
b NKM Mweya

Mutsvene.
c Aruma 7:20;
D&Z 3:2; 35:1.

20a Mpa. 12:14;
2 Ni. 9:46.
NKM Kutonga,
Kwekupedzisira.

21a Aruma 34:32–35.
b I VaKori. 6:9–10;
3 Ni. 27:19;

D&Z 76:50–62;
Mos. 6:57.

11 1a D&Z 76:19.
NKM Fungisisa.
b II VaKori. 12:1–4;
Zvaka. 21:10;
2 Ni. 4:25;
Mos. 1:1.
c Deut. 10:1;
Eta 3:1.

zvinhu “zvakaonekwa nababa vangu.

4 Uye Mweya ukati kwandiri: Unotenda here kuti baba vako vakaona “muti wavakataura nezvawo?

5 Uye ndikati: Hongu, munozi-va kuti “ndinotenda ose mazwi ababa vangu.

6 Uye ndataura mazwi aya, Mweya wakachema nezwi guru, uchiti: Hosana kuna Ishe, vakuru-kuru Mwari; nokuti ndi-Mwari “vepasi pose, hongu, kana pamusoro pezvose. Uye iwe wakakomborerwa Nifai, nokuti ^bunotenda muMwanakomana waMwari mukuru; nokudaro, uchaona zvinhu zvawada kuona.

7 Uye tarisai chinhu ichi chichapiwa kwauri “sechiratidzo, kuti mumashure mekunge wawona muti wakabereka muchero wakadyiwa nababa vako, uchaonawo murume achiburuka kubva kudenga, uye iyeyo uchamupupurira; uye mushure mekunge wamuona ^buchataura kuti Mwanakomana waMwari.

8 Uye zvakaitika kuti Mweya wakati kwandiri: Tarisa! Uye ndakatarisa ndikaona muti; uye wakange wakaita “semuti wakanga waonekwa nababa vangu; uye kunaka kwawo kwakange kwakapfuuridza, hongu, kudarika runako rwose;

uye ^bkuchena kwawo nokudaro kwakange kwakapfuura kuchenakwechando chamatsutso.

9 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge ndaona muti uya, ndakati kuMweya: Ndinoona kuti waratidza kwandiri muti “unokosha kupfuura mimwe yose.

10 Uye akati kwandiri: Unodei?

11 Uye ndikati kwaari: Kuziva “zvazvinoreva — nokuti ndaitaura naye sekutaura kunoita munhu; nokuti ndakaona kuti akange ane ^bchimiro chemunhu; asi kana zvainge zvakadaro, ndaiziva kuti waive Mweya waIshe; uye akataura neni sezvinoita munhu kana achitaura kune mumwe.

12 Uye zvakaitika kuti akati kwandiri: Tarisa! Uye ndikatarisa sekunge ndiri kutarisa kwaari, uye handina kumuona; nokuti akange abva pandiri.

13 Uye zvakaitika kuti ndakatarisa ndikaona guta guru reJerusarema, nemamwewo maguta. Uye ndakaona guta reNazareta; uye muguta “reNazareta ndakaona ^bmhandara, uye yakanga yakanaka iri chena zvisingataurike.

14 Uye zvakaitika kuti ndakaona “matenga achizuruka; uye ngirozi ikadzika uye ikamira pamberi pangu; ikati kwandiri: Nifai, uri kuonei?

15 Uye ndikati kwairi: Mha-

3a 1 Ni. 8:2–34.

4a 1 Ni. 8:10–12;
15:21–22.

5a 1 Ni. 2:16.

6a Eks. 9:29; 2 Ni. 29:7;

3 Ni. 11:14;

Mos. 6:44.

^b NKM Daira.

7a NKM Chiratidzo.

^b NKM Uchapupu.

8a 1 Ni. 8:10.

^b 1 Ni. 8:11.

9a 1 Ni. 11:22–25.

11a Gen. 40:8.

^b Eta 3:15–16.

13a Mat. 2:23.

^b Ruka 1:26–27;

Aruma 7:10.

NKM Maria, Amai

vaJesu.

14a Ezk. 1:1; 1 Ni. 1:8.

ndara, yakanakiswa kupfuura dzimwe mhandara dzose.

16 Uye ikati kwandiri: Unoziva here kuzvideredza kwaMwari?

17 Uye ndikati kwairi: Ndinoziva kuti vanoda vana vavo; asi zvisinei, handizive zvinoreva zvinhu zvose.

18 Uye ikati kwandiri: Tarisai, ^amhandara yauri kuona ndiyo ^bamai veMwanakomana waMwari, mutsika yezvenyama.

19 Uye zvakaitika kuti ndakaona achitakurwa muMweya; uye mushure mekunge atakurwa ^amuMweya kwechinguva chakati ngirozi yakataura kwandiri, ichiti: Tarisa!

20 Uye ndakatarisa uye ndikaona mhandara iya zvakare, yakatakura ^amwana mumakoko ayo.

21 Uye ngirozi ikati kwandiri: Ona ^aGwayana raMwari, hongu, ^bMwanakomana ^cwaBaba Vokusingaperi! Unoziva here zvinoreva ^dmuti wakaonekwa nababa vako?

22 Uye ndakaipindura ndichiti: Hongu, ^arudo rwaMwari, rwunopararira rwega mumwoyo yevana vevanhu; nokudaro, ndirwo rwunodiwa kupfuura zvinhu zvose.

23 Uye yakataura kwandiri

ichiti: Hongu, uye ndirwo rwunonyanya ^akufadza kumweya.

24 Uye mushure mekunge yataura mazwi aya, yakati kwandiri: Tarisa! Uye ndakatarisa, uye ndikaona Mwanakomana waMwari ^aachienda mukati mevana vevanhu; uye ndikaona vazhinji vachiwira pasi patsoka dzake uye vachimunamata.

25 Uye zvakaitika kuti ndakaona kuti ^adanda resimbi, riya rakaonekwa nababa vangu, raiwe izwi raMwari, raienda kuchisipiti chemvura ^byeupenyu, kana ^ckumuti weupenyu; mvura iyi iri chiratidzo cherudo rwaMwari; uye ndakaonawo kuti muti weupenyu waive chiratidzo cherudo rwaMwari.

26 Uye ngirozi yakati kwandiri zvakare: Tarisai uone ^akuzvideredza kwaMwari!

27 Uye ndakatarisa uye ^andikaona Mununuri wenyika, uyo akanga ataurwa nababa vangu; uye ndikaonawo ^bmuporofita aizogadzira nzira yake asati auya. Uye Gwayana raMwari rakaenda uye ^crikabhabhatidzwa naye; uye mushure mekunge abhabhatidzwa, ndakaona matenga achizaruka, uye Mweya Mutsvene uchiyaya uchibva

18a Isa. 7:14;
Ruka 1:34–35.

^b Mosaya 3:8.

19a Mat. 1:20.

20a Ruka 2:16.

21a NKM Gwayana
raMwari.

^b NKM Jesu Kristu.

^c NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari—

Mwari Baba.

^d 1 Ni. 8:10;

Aruma 5:62.

NKM Muti weUpenyu.

22a NKM Rudo.

23a NKM Rufaro.

24a Ruka 4:14–21.

25a 1 Ni. 8:19.

^b NKM Mvura
yeUpenyu.

^c Gen. 2:9;

Aruma 32:40–41;

Mos. 4:28, 31.

26a 1 Ni. 11:16–33.

27a 2 Ni. 25:13.

^b Mat. 11:10;

1 Ni. 10:7–10;

2 Ni. 31:4.

^c NKM Bhabhatidza.

kudenga uye uchigara paari uine chimiro “chenjiva.

28 Uye ndakaona kuti akaenda akanoparidzira vanhu, “musimba nemukurumbira mukuru; uye mhomho dzevanhu dzakaungana pamwechete kuti vanunzwe; uye ndikaona kuti vakamutanda pakati pavo.

29 Uye ndakaonawo vamwe “gumi nevaviri vachimutevera. Uye zvakaitika kuti vakatakurwa muMweya pameso pangu, uye handina kuzovaona.

30 Uye zvakaitika kuti ngirozi yakataura kwandiri zvakare ichiti: Tarisa! Uye ndakatarisa, uye ndikaona matenga achizuruka zvakare, uye ndikaona “ngirozi dzichidzika pavana vevanhu; uye dzikashumira kwavari.

31 Uye yakataura kwandiri zvakare ichiti: Tarisa! Uye ndakatarisa, uye ndikaona Gwayana raMwari richienda pakati pevana vevanhu. Uye ndikaona mhomho yevanhu vakanga vachirwara, nevakange vaine zvirwere zvakasiyana-siyana, “nemadhimoni nemweya ^bisina kuchena; uye ngirozi yakataura ikaratidza zvose zvinhu izvi kwandiri. Uye ^cvakarapwa nesimba reGwayana raMwari; uye madhimoni nemweya yetsvina yakabviswa.

32 Uye zvakaitika kuti ngirozi

yakataura kwandiri zvakare ichiti: Tarisa! Uye ndakatarisa ndikaona Gwayana raMwari, kuti rakatorwa nevanhu; hongu, Mwanakomana waMwari asingaperi “akatongwa nevenyika; uye ndakazviona uye ndineumboo.

33 Uye ini Nifai, ndakaona kuti akaturikwa “pamuchinjikwa ^bakaurairwa zvitadzo zvenyika.

34 Uye mushure mekunge auraiwa ndakaona mhomho dzepasi, kuti dzakaungana pamwechete kurwisa vaapositori veGwayana; nokuti vanegumi nevaviri ndiko kudaidzwa kwavaitwa nengirozi yalshe.

35 Uye mhomho dzepasi dzakange dzakaungana pamwechete; uye ndikaona kuti dzakange dziri “muzimba guru uye dhandanda, rakafanana nezimba rakaonekwa nababa vangu. Uye ngirozi yalshe yakataura zvakare kwandiri ichiti: Ona nyika neungwaru hurimo; hongu, tarisai imba yalsraeri yaungana pamwechete kuti irwise vaapositori veGwayana vanegumi nevaviri.

36 Uye zvakaitika kuti ndakaona ndikaziva kuti, zimba guru uye dhandanda kwaive ^akuzvikudza kwenyika; uye yakapuznika, uye kupuznika kwacho kwakange kuri kukuru zvisingataurike. Uye ngirozi yalshe

27d NKM Njiva,

Chiratidzo che.

28a D&Z 138:25–26.

29a NKM Muapositori.

30a NKM Ngirozi.

31a Marko 5:15–20;

Mosaya 3:5–7.

NKM Dhiabhorosi.

^b NKM Mweya—

Mweya yakaipa.

^c NKM Kurapa.

32a Marko 15:17–20.

33a Joh. 19:16–19;

Mosaya 3:9–10;

3 Ni. 27:14.

NKM Muchinjikwa.

^b NKM Dzikinura.

35a 1 Ni. 8:26; 12:18.

36a NKM Kudada.

yakataura kwandiri zvakare ichiti: Ndookuparadzwa kucha-itwa nyika dzose, marudzi, ndimi, navanhu, avo vacharwisa vaapositori veGwayana vane-gumi nevaviri.

CHITSAUKO 12

Nifai anoona muchiratidzo nyika yechipikirwa; kururama, huipi, nekupunzika kwevagari vayo; kuya kweGwayana raMwari pakati pavo; kuti Vadzidzi vaneGumi neVaviri neVaapositori vaneGumi neVaviri vachatonga sei Israeri; nekusemesa neutsvina hweavo vanoderera mukusatenda. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti ngirozi yakati kwandiri: Tarisai uye uone mbeu yako, nembeuwo yehama dzako. Uye ndakatarisa ndikaona “nyika yechipikirwa; uye ndikaona mhomho dzevanhu, hongu, kana sekuwanda mukuverenga kwakaita kuwanda kwejecha regungwa.

2 Uye zvakaitika kuti ndakaona mhomho dzakaungana pamwechete mukurwa, dzichirwisana; uye ndikaona “hondo, nerunyerekupe rwehondo, nekuurayana nemunondo pakati pevanhu vekwangu.

3 Uye zvakaitika kuti ndakaona zvizvarwa zvizhinji zvizhifa, mushure metsika yehondo negakava munyika; uye

ndikaona maguta mazhinji, hongu, kana kuverenga handina kuaverenga.

4 Uye zvakaitika kuti ndakaona “mhute ^byerima pauso hwenyika yechipikirwa; uye ndikaona mheni, uye ndikanzwa kutinhira, nekundengendeka kwenyika, nemhere-mhere yose yekunetsekana; uye ndikaona ivhu nemabwe, kuti zvaitsemuka; uye ndikaona makomo achikoromoka; uye ndikaona mapani enyika, kuti akasakadzwa; uye ndikaona maguta mazhinji kuti ^aakanyudzwa; uye ndikaona mazhinji kuti akapiswa nemoto; uye ndikaona mazhinji aikoromokera pasi, nenzira yekundengendeka kwaivepo.

5 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge ndaona zvinhu izvi, ndakaona “kunyanganika kwerima, kuti rakabva pauso hwenyika; uye tarisai, ndakaona mhomo dzisina kunge dzapunzika nenzira yekutonga kunotyisa kwaIshe.

6 Uye ndakaona matenga achizuruka, uye “Gwayana raMwari richiburuka kubva kudenga; uye rikauya pasi rikazviratidza kwavari.

7 Uye ndakaonawo uye ndikaziva kuti Mweya Mutsvene wakawira pane vamwe “gumi nevaviri; uye vakagadzwa naMwari, uye vakasarudzwa.

8 Uye ngirozi yakataura kwandiri ichiti: Ona vanegumi nevaviri vadzidzi veGwayana,

12 1a NKM Nyika
yeChipikirwa.
2a Eno. 1:24;
Morm. 8:7-8.

NKM Hondo.
4a Hir. 14:20-28.
b 1 Ni. 19:10.
c 3 Ni. 8:14.

5a 3 Ni. 8:20; 10:9.
6a 2 Ni. 26:1, 9;
3 Ni. 11:3-17.
7a 3 Ni. 12:1; 19:12-13.

vakasarudzwa kuti vaparidze kumbeu yako.

9 Uye ikati kwandiri: Unorangerira here vaapositori veGwayana “vanegumi nevaviri? Tarisai ndivo vachatonga marudzi gumi nemaviri aIsraeri; nokudaro, vashumiri gumi nevaviri vembeu yako ^bvachatongwa navo; nokuti muri vemba yaIsraeri.

10 Uye ava vashumiri “gumi nevaviri vauri kuona vachatonga mbeu yako. Uye, tarisai, vakatwasanuka narinhi; nokuti nenzira yerutendo rwavo muGwayana raMwari ^bnguo dzavo dzaitwa chena muropa rake.

11 Uye ngirozi yakati kwandiri: Tarisai! Uye ndikatarisa, uye ndikaona zvizvarwa “zvitatuzvichipfuura zviru mukururama; uye nguo dzavo dzakange dzakachena sedzeGwayana raMwari. Uye ngirozi ikati kwandiri: Ava vakaitwa vachena muropa reGwayana, nenzira yerutendo rwavo maari.

12 Uye ini Nifai, ndakaonawo vazhinji vechizvarwa “chechinavakapfuura vari mukururama.

13 Uye zvakaitika kuti ndakaona mhomo dzepasi dzakauungana pamwechete.

14 Uye ngirozi ikati kwandiri: Ona mbeu yako, nembeuwo yehama dzako.

15 Uye zvakaitika kuti ndakatarisa ndikaona vanhu vembeu yangu vakaungana pamwechete vari mhomo “vachirwisana nembeu yehama dzangu; uye vakanga vaungana pamwechete kuti varwe.

16 Uye ngirozi yakataura kwandiri ichiti: Tarisai chisipiti chemvura ine “tsvina chakaonekwa nababa vako; hongu, kana ^brwizi rwavakataura; uye kudzika kwarwo ndiko kudzika “kwegehena.

17 Uye “mhute yerima ndiyomiedzo yadhiabhorosi, ^binopofomadza maziso, ichiomesa mwoyo yevana vevanhu, ichivatungamira munzira “dzakapamhama, zvekuti vanofa vachirasika.

18 Uye “zimba guru uye dhandanda, iro rakaonekwa nababa vako, ^bkufungidzira zvinhu zvisipo “nekuzvikudza kwevana vevanhu. Uye ^dzigomba guru rinotyisa rakavaganhura; hongu, kana izwi rokutonga “kwakarurama kwaMwari Vokusingaperi, naMesia anova ndiye Gwayana raMwari, uyo anopupurirwa neMweya Mutsvene, kubvira pakutanga kwenyika kusvika panguva ino, uye kubvira zvino nekusingaperi.

19 Uye zvakanga ngirozi

9a Ruka 6:13.
b Mat. 19:28; D&Z 29:12.
nkm Kutonga,
Kwekapedzisira.

10a 3 Ni. 27:27;
Morm. 3:18–19.
b Zvaka. 7:14; Aruma
5:21–27; 13:11–13;
3 Ni. 27:19–20.

11a 2 Ni. 26:9–10;

3 Ni. 27:30–32.
12a Aruma 45:10–12;
Hir. 13:5, 9–10;
3 Ni. 27:32;
4 Ni. 1:14–27.

15a Morm. 6.
16a nkm Hutsvina.
b 1 Ni. 8:13; 15:26–29.
c nkm Gehena.

17a 1 Ni. 8:23; 15:24;

D&Z 10:20–32.
b nkm Kurasika
Pachitendero.
c Mat. 7:13–14.
18a 1 Ni. 8:26; 11:35–36.
b Jer. 7:24.
c nkm Kudada.
d Ruka 16:26;
1 Ni. 15:28–30.
e nkm Yenzaniso.

ichitaura mazwi aya, ndakatarisa ndikaona kuti mbeu yehama dzangu yakange ichi-rwisana nembeu yangu, mae-rerano nemazwi engirozi; nenzira yekuzvikudza kwembeu yangu, “nemiyedzo yadhia-bhorosi, ndakaona kuti mbeu yehama dzangu yakange ^bichikurira vanhu vembeu yangu.

20 Uye zvakaitika kuti ndakatarisa, uye ndikaona vanhu vembeu yehama dzangu kuti vakange vakunda mbeu yangu; uye vakaenda vari mhomho mukati menyika.

21 Uye ndakavaona vakaungana pamwechete vari mhomho; uye ndikaona “hondo nerunye-rekupe rwehondo pakati pavo; uye muhondo nerunyerekupe rwehondo ndakaona zvizvarwa zvizhinji zvichipfuura.

22 Uye ngirozi yakati kwandiri: Tarisai ivava “vachaderera mukusatenda.

23 Uye zvakaitika kuti ndakaona, kuti mushure mekunge vaderera mukusatenda ^avakasviba, ^bvanosemesa, vakave vanhu vane tsvina, vazere ^cnenungo netsika dzose dzezvinhu zvakaipa.

CHITSAUKO 13

Nifai anoona muchiratidzo chechi yadhiabhorosi yamiswa pakati

pamaJentairi, kuwanika nekupambwa kweAmerica, kurasika kwemamwe matsamba anokosha emuBhaibheri, nekuzorasika kwe-maJentairi, kudzororwa kwevhangeri, kuuya kwemagwaro matsvene emazuva ekupedzisira, nekuvakwa kweZioni. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti ngirozi yakataura kwandiri ichiti: Tarisa! Uye ndikatarisa ndikaona marudzi mazhinji neumambo huzhinji.

2 Uye ngirozi ikati kwandiri: Urikuonei? Uye ndikati: Ndiri kuona marudzi mazhinji neumambo huzhinji.

3 Ikati kwandiri: Aya ndiwo marudzi neumambo hwemaJentairi.

4 Uye zvakaitika kuti ndakaona pakati pamarudzi ^aemaJentairi kutangiswa kwechechi ^bhuru.

5 Uye ngirozi ikati kwandiri: Tarisai kutangiswa kwechechi inonyangadza kupfuura dzimwe chechi dzose, ^ainouraya vatendi vaMwari, hongu, uye ichivarwadzisa nekuvasunga, nekuvasunga ^bnejoko resimbi, ichivaisa muhutapwa.

6 Uye zvakaitika kuti ndakaona chechi iyi ^ahuru inonyagadza; uye ndikaona ^bdhiabhorosi kuti ndiye akanga aitanga.

19a NKM Chiedzo.

b Jar. 1:10;

Mazwi 1:1–2.

21a Morm. 8:8;

Moro. 1:2.

NKM Hondo.

22a 1 Ni. 15:13;

2 Ni. 26:15.

23a 2 Ni. 26:33.

b 2 Ni. 5:20–25.

c NKM Anenungo.

13 4a NKM Majentairi.

b 1 Ni. 13:26, 34; 14:3,

9–17.

5a Zvaka. 17:3–6;

1 Ni. 14:13.

b Jer. 28:10–14.

6a D&Z 88:94.

NKM Dhiabhorosi—

Chechi radhiabhorosi.

b 1 Ni. 22:22–23.

7 Uye ndikaonawo “goridhe, nesirivha, nesirika, uye micheka mitsvuku, nemachira akarukwa zvinoyevedza, nendudzi dzose dzenhumbi dzakakosha; uye ndikaona pfambi zhinji.

8 Uye ngirozi yakataura kwandiri ichiti: Tarisai goridhe, nesirivha, nesirika, nemicheka mitsvuku, nemachira akarukwa zvinoyevedza, nenhumbi dzinokosha, nepfambi, ndizvo “zvinodiwa nechechi iyi huru inonyagandza.

9 Uye nokuda kukudzwa nenyika “vanoparadza vatendi vaMwari, vachivatora vachivaisa muutapwa.

10 Uye zvakaitika kuti ndakatarisa ndikaona mvura zhinji; uye yaiganhura maJentairi kubva kumbeu yehama dzangu.

11 Uye zvakaitika kuti ngirozi yakati kwandiri: Tarisai hasha dzaMwari dziri pamusoro pembeu yehama dzako.

12 Uye ndakatarisa uye ndikaona murume pakati pemaJentairi, akanga akaparadzaniiswa nembeu yehama dzangu nemvura zhinji; uye ndikaona “Mweya waMwari, kuti wadzika uye ukatunha murume uyu; uye akaenda pamusoro pemvura zhinji, kana kumbeu yehama dzangu, vakanga vari munyika yechipikirwa.

13 Uye zvakaitika kuti ndakaona Mweya waMwari, kuti

wakatunha maJentairi; uye vakaenda vakabuda muutapwa, pamusoro pemvura zhinji.

14 Uye zvakaitika kuti ndakaona “mhomho zhinji dzemaJentairi ^bmunyika yechipikirwa; uye ndikaona hasha dzaMwari, kuti dzakanga dziri pambeu yehama dzangu; uye ^cvakaparadzwa nemaJentairi vakatambudzika.

15 Uye ndakaona Mweya waIshe, kuti waive pamaJentairi, uye vakabudirira uye vakatora “nyika vakaiita nhaka yavo; uye ndikaona kuti vakanga vari vachena, uye vakarurama chizvo ^bnokunaka, sezvakanga zvakaita vanhu vekwangu vatsi ^cvauraiwa.

16 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakaona kuti maJentairi vakanga vaenda kubva muutapwa vakazvirereka pamberi paIshe; uye simba raIshe rakanga ^ariinavo.

17 Uye ndakaona kuti nyika dzemaJentairi dzakanga dzau-ngana pamwechete mumakungwa, nemumatunhuwo, kuti vavarwise.

18 Uye ndakaona kuti simba raMwari rakanga riinavo, neku-tiwo hasha dzaMwari dzakanga dziri pane avo vose vakanga vaungana pamwechete kuti vavarwise.

19 Uye ini Nifai, ndakaona kuti maJentairi vainge vabuda

7a Morm. 8:36-38.

8a Zvaka. 18:10-24;

Morm. 8:35-38.

9a Zvaka. 13:4-7.

12a NKM Kutunhwa.

14a 2 Ni. 1:11;

Morm. 5:19-20.

b NKM Nyika
yeChipikirwa.

c 1 Ni. 22:7-8.

NKM Israeri—

Kupararira kwa

Israeri.

15a 2 Ni. 10:19.

b 2 Ni. 5:21.

c Morm. 6:17-22.

16a D&Z 101:80.

muutapwa “vakabviswa nesimba raMwari kubva mumaoko emawe ose marudzi.

20 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakaona kuti vakabudirira munyika; uye ndakaona “bhuku, uye rakanga rakatakurwa pakati pavo.

21 Uye ngirozi yakati kwandiri: Unoziva here zvinoreva bhuku?

22 Uye ini ndikati kwairi: Handizive.

23 Uye ikati: Tarisai rinobva mumuromo wemuJuda. Uye ini Nifai, ndakariona; uye ikati kwandiri: “Bhuku raurikuona rine ^bzvinyorwa ^czvemaJuda, zvine zvbvumirano zvaIshe, izvo zvavakaita kune vema yaIsraeri; uye rinewo zvizhinji zvezviporofita zvezaporofita vatsvene; uye inhorondo yakaita seyakanyorwa “pamahwendefa endarira, chete haasi akawanda; zvisinei, ane zvbvumirano zvaIshe, izvo zvavakaita kumba yaIsraeri; nokudaro, zvinokosha kwazvo kumaJentairi.

24 Uye ngirozi yaIshe yakati kwandiri: Waona kuti bhuku rinobuda richibva mumuromo memuJuda; uye kana richibuda richibva mumuromo wemuJuda rinenge riine vhangeri rakawana ralshe, rinova rinopupurwa nevaapositori vanegumi nevavi-

ri; uye vanopupura maererano nechokwadi chiri muGwayana raMwari.

25 Nokudaro, zvinhu izvi zvinenda zvichibva “kumaJuda zviri zvirokwasvo zvichienda ^bkumaJentairi, maererano nechokwadi chiri munaMwari.

26 Uye mushure mekunge zvaenda neruoko rwevaapositori veGwayana vanegumi nevaviri, zvichibva kumaJuda “zvichienda kumaJentairi, munoona kutangwa ^bkwechechi iya “huru inonyangadza, inonyangadza kupfuura dzimwe chechi dzose; nokuti tarisai, ^dvabvisa kubva muvhangeri reGwayana zvimwe zvikamu zvizhinji zviri “pachena zvinokosha; nezvbvumirano zvizhinji zvaIshe vakabvisa.

27 Uye zvose izvi vakaita kuti vapindure nzira chaidzo dzaIshe, kuti vapofomadze maziso uye vaomose mwoyo yevana vevanhu.

28 Nokudaro, unoona kuti mushure mekunge bhuku rapfuura nemumaoko echechi huru inonyangadza, kuti kune zvinhu zvizhinji zviri pachena uye zvinokosha zvakabviswa mubhuku, rinove bhuku reGwayana raMwari.

29 Uye mushure mekunge zviri pachena nezvinokosha izvi zvabviswa rinoenda kumarudzi

19a 2 Ni. 10:10–14;
3 Ni. 21:4; Eta 2:12.
20a 1 Ni. 14:23.
23a 1 Ni. 13:38;
2 Ni. 29:4–12.
b NKM Magwaro matsvene.
c 2 Ni. 3:12.
d 1 Ni. 5:10–13.

25a 2 Ni. 29:4–6;
D&Z 3:16.
NKM maJuda.
b NKM Majentairi.
26a Mat. 21:43.
b NKM Kurasika pachitendero—
Kurasika pachitendero

kweChechi rekutanga rechiKristu.
c 1 Ni. 13:4–6; 14:3, 9–17.
d Morm. 8:33;
Mos. 1:41.
e 1 Ni. 14:20–26;
Mis. yeCh. 1:8.

ose emaJentairi; uye mushure mekunge raenda kumarudzi ose emaJentairi, hongu, kana kuyambuka makungwa ayo awaona nemaJentairi vaenda vachibva muutapwa, unoona—kuti nenzira yezvinhu zvizhinji zviri pachena uye zvinokosha zvakabviswa mubhuku, zvakanga zviri pachena kunzwickwa nevana vevanhu, maerano nekuve pachena kuri muGwayana raMwari—nenzira yezvinhu izvi zvakabviswa muvhangeri reGwayana, vakawanda zvisingataurike vari kupunzika, hongu, zvokuti Satani ave nesimba guru pamusoro pavo.

30 Zvisinei, unoona kuti maJentairi vakaenda vachibva muhutapwa, uye vakasimudzirwa nesimba raMwari kuti vave pamusoro pemamwe marudzi ose, munyika yakanaka kupfura dzimwe nyika dzose, inove ndiyo nyika Ishe Mwari yavakabvumirana nababa vako kuti mbeu yavo ichave nenhaka “yenyika iyi; nokudaro, unoona kuti Ishe Mwari havazobvumira kuti maJentairi vaparadze zvachose ^bkusanganiswa kwembeu yako, iyo iri mukati mehama dzako.

31 Kana kubvumira kuti maJentairi ^avaparadze mbeu yehama dzako.

32 Kana Ishe Mwari kubvumi-

ra kuti maJentairi vagare nariinhi vari muupofu hunotyisa, uhwo hwauri kuona kuti vari mahuri, nenzira yezvinhu zviri pachena uye zvinokosha zvikuru zvevhangeri reGwayana zvakavigwa nechechi iya ^ainonyangadza, yawaona kutangwa kwayo.

33 Nokudaro Gwayana raMwari rinoti: Ndichava netsitsi kumaJentairi, mukushanyira vakasara vemba yaIsraeri mukutongwa kukuru.

34 Uye zvakaitika kuti ngirozi yaIshe yakataura kwandiri ichiti: Tarisai, Gwayana raMwari rinoti, mushure mekunge ndashanyira ^avakasara vemandinotaura ava imbeu yababa wako—nokudaro, mushure mekunge ndavashanyira mukutonga, uye ndavatambudzisa neruoko rwemaJentairi, uye mushure mekunge maJentairi ^bvapunzika zvisingataurike, nenzira yezvikamu zviri pachena-chena zvinokosha ^czvevhangeri reGwayana zvavasina kupihwa nechechi iya inonyangadza, inove ndiyo amai vepfambi, Gwayana rinodaro—ndichave netsitsi kumaJentairi musi iwoyo, zvekuti ^dndichauyisa kwavari, musimba rangu, zvizhinji zvevhangeri rangu, richave pachena uye richikosha, rinodaro Gwayana.

30a NKM Nyika
yeChipikirwa.
b Aruma 45:10–14.
31a 2 Ni. 4:7; 10:18–19;
Jak. 3:5–9;
Hir. 15:12;
3 Ni. 16:8–9;

Morm. 5:20–21.
32a NKM Dhiabhorosi—
Chechi
radhiabhorosi.
34a NKM Josefa,
Mwanakomana
waJakobo.

b 1 Ni. 14:1–3;
2 Ni. 26:20.
c NKM Vhangeri.
d D&Z 10:62.
NKM Kudzororwa
pakare kweVhangeri.

35 Nokuti tarisai, rinodaro Gwayana: ndichazviratidza pachangu kumbeu yako, kuti vachanyora zvinhu zvizhinji zvandichavaparidzira, zvichave zviri pachena uye zvichikosha; uye mushure mekunge mbeu yako yaparadzwa, uye yaderera mukusatenda, nembeuwo yehama dzako, tarisai, zvinhu zvose “izvi zvichavanzwa, kuuya kumaJentairi, nechipo nesimba reGwayana.

36 Uye mazviri muchanyorwa “vhangeri rangu, rinodaro Gwayana, uye ^bdombo rangu neruponeso rwangu.

37 Uye “vakakomborerwa avo vachatsvaka kuunza ^bZioni yangu musii iwoyo, nokuti vachawana ‘chipo nesimba reMweya Mutsvene; uye kana ^dvakashingirira kusvika kwepedzisira vachasimudzwa muzuva rekupedzisira, uye vachaponeswa ^emuumambo hweGwayana husingaperi; uye uyo ^fachashambadza runyararo, hongu, matama emufaro mukuru, vachave vakanaka zvakadii mumakomo.

38 Uye zvakaitika kuti ndakaona vakasara vembeu yehama dzangu, ^anebhuku reGwayana

raMwari, rakanga rabva mumuromo wemaJuda, kuti rakauya kubva kumaJentairi ^brichienda kune vakasara vembeu yehama dzangu.

39 Uye mushure mekunge ruya kwavari ndakaona mamwe “mabhuku, akauya pamusoro pesimba reGwayana, kubva kumaJentairi achienda kwavari, ^bmukupwisa maJentairi nevakasara vembeu yehama dzangu, nemaJudawo akange akapararira pasi pose, kuti zvinyorwa zvemaporofita uye nezvevaapositori veGwayana vanegumi nevaviri ^cndezevchokwadi.

40 Uye ngirozi yakataura kwandiri, ichiti: Zvinyorwa “zveku-pedzisira izvi, zvawaona zviri kumaJentairi, ^bzvichamisa chokwadi ^cchevekutanga, avo vanova ndivo vaapositori veGwayana vanegumi nevaviri, uye zvigoita kuti kuzivikanwe zviri pachena uye zvinokosha zvavakatorerwa; uye zvigoita kuti zvizivikanwe kuhama dzose, ndimi, nevanhu, kuti Gwayana raMwari ndiro Mwanakomana waBaba Vokusingaperi, uye ^dMuponesi wenyika; nokuti vanhu vose vakafanira

35a 2 Ni. 27:6; 29:1-2.

NKM Bhuku
raMormoni.

36a 3 Ni. 27:13-21.

^b Hir. 5:12;
3 Ni. 11:38-39.

NKM Ibwe.

37a D&Z 21:9.

^b NKM Zioni.

^c NKM ChipocheweMweya Mutsvene.

^d 3 Ni. 27:16.

NKM Tsungirira.

^e NKM Kubwinya
kweSeresitiyaro.

^f Isa. 52:7;

Mosaya 15:14-18;

3 Ni. 20:40.

38a 1 Ni. 13:23;

2 Ni. 29:4-6.

^b Morm. 5:15.

39a NKM Magwaro
matsvene—Magwaro

matsvene

akaporofitwa kuti
achauya.

^b Ezk. 37:15-20;
2 Ni. 3:11-12.

^c 1 Ni. 14:30.

40a 2 Ni. 26:16-17; 29:12.

NKM Bhuku

raMormoni.

^b Morm. 7:8-9.

^c NKM Bhaibheri.

^d Ona peji yeMusoro
wenya weBhuku

raMormoni.

Mos. 1:6.

kuuya kwaari, kana kuti hava-ngazoponeswa.

41 Uye vakafanira kuuya nez-mazwi achataurwa nemuromo weGwayana; uye mazwi eGwayana achaziviswa muzvinyorwa zvembeu yako, nemuzvinyorwa zvevaapostori veGwayana vanegumi nevaviri; nokudaro zvose zvichaiswa ^apamwechete; nokuti kuna Mwari ^bmumwechete ^cneMufudzi mumwechete pasi pose.

42 Uye nguva iri kusvika yekuti achazviratidza iye pachake kumarudzi ose, zvose ^akumaJuda nekumaJentairiwo; uye mushure mekunge azviratidza pachake kumaJuda uye nekumaJentairiwo, zvino ozozviratidzawo pachake kumaJentairiwo nekumaJudawo, uye ^bvekupedzisira vachave vekutanga, uye ^cvekutanga vachave vekupedzisira.

CHITSAUKO 14

Ngirozi inotaurira Nifai nezve-maropafadzo nekutukwa kuchawira pamusoro pemaJentairi—Kune chechi mbiri chete: Chechi yeGwayana raMwari nechechi yadhiabhorosi—Vatendi vaMwari mukati memarudzi ose vanotambudzwa nechechi huru inonyangadza—Muapostori Johane achanyora

maererano nekuguma kwenyika. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvichaitika kuti, kana ^amaJentairi vakateerera kuGwayana raMwari muzuva iro raachazviratidza iye pachake kwavari muzwi, ^bnemusimbawo, nemuzviito, nemukubvisa ^czvimhingamupinyi zvavo—

2 Uye vagorega kuomesa mwoyo yavo kuGwayana raMwari, vachaverengerwa mukati membeu yababa vako, hongu, ^avachaverengerwa kumba yeIsraeri; uye vachazove vanhu ^bvakaropafadzwa munyika yechipikirwa nariinhi; havachazotorwa muhutapwa zvakare; uye imba yaIsraeri haichazonyadziswa.

3 Uye ^azigomba guru riya, ravakachererwa nechechi huru inonyangadza, rakatangiswa nadhiabhorosi nevana vake, kuti atungamire mweya yevanhu kugehena—hongu, zigomba guru riya rakachererwa kuti riparadze vanhu richazadzwa neavo vakarichera, vachiparadzwa zvachose, rinodaro Gwayana raMwari; kwete kuparadzwa kwemweya, kunze kwekunge kuri kwokuukanda ^bmugehena riya risina magumo.

4 Nokuti tarisai, izvi zviri maererano neutapwa hwadhi-

41a Ezk. 37:17.

b Deut. 6:4;
Joh. 17:21–23;
2 Ni. 31:21.

c NKM Mufudzi
Akanaka.

42a D&Z 90:8–9; 107:33;
112:4.

b Jak. 5:63.

c Ruka 13:30;
1 Ni. 15:13–20.

14 1a 3 Ni. 16:6–13.

NKM Majentairi.

b I VaT. 1:5; 1 Ni. 14:14;
Jak. 6:2–3.

c Isa. 57:14; 1 Ni. 13:29;
34; 2 Ni. 26:20.

2a VaG. 3:7, 29;

2 Ni. 10:18–19;
3 Ni. 16:13; 21:6, 22;
Abr. 2:9–11.

b 2 Ni. 6:12; 10:8–14;
3 Ni. 16:6–7; 20:27.

3a 1 Ni. 22:14;
D&Z 109:25.

b NKM Kuraswa;
Gehena.

abhorosi, uye zviru maererano nokuranga kwaMwari, kune avo vose vanoita zvakaipa pamberi pake.

5 Uye zvakaitika kuti ngirozi yakataura kwandiri, Nifai ichiti: Waona kuti kana maJentairi vakatendeuka zvinove zvakanaka kwavari; uye unozivawo maererano nezvibvumirano zvaIshe kune vema yaIsraeri; wanzwawo kuti uyo “asingatendeuke anofanirwa kuparara.

6 Saka, heyo “nhamo kumaJentairi kana vakave vanoomesa mwoyo yavo kuGwayana raMwari.

7 Nokuti nguva iri kuuya, rinodaro Gwayana raMwari, yokuti ndichashanda basa guru uye “rinoshamisa pakati pevana vevanhu; basa richange risingaperi, uku kana uku—kuti muvavapwise murunyararo ^bneupenyu hwokusingaperi, kana kuti vaendeswe kuhukukutu hwemwoyo yavo nemuhupofu hwepfungwa dzavo mukuuiswa kwavo muhutapwa, uyewo mukuparadzwa, kwose kwenyama nekwenyema, maereraano ^cneutapwa hwadhiabhorosi, uhwo hwandataura nezvahwo.

8 Uye zvakaitika kuti ngirozi payakange yataura mazwi aya, yakati kwandiri: Unorangarira here ^azvibvumirano zvaBaba

kune vema yaIsraeri? Ndikati, Hongu.

9 Uye zvakaitika kuti yakati kwandiri: Tarisai, uone chechi iya huru inonyangadza, inovendiyo zimai rezvinyangadzo. Akaritanga ari “dhiabhorosi.

10 Uye ikati kwandiri: Tarisai kune chechi ^ambiri chete; yekutanga ichechi yeGwayana raMwari, uye ^bimwe ichechi yadhiabhorosi; nokudaro, uyo asiri wechechi yeGwayana raMwari ndewe zichechi riya guru, rinove ndiro zimai rekuipa; uye ndiro ^czipfambi repasi pose.

11 Uye zvakaitika kuti ndakatarisa ndikaona zipfambi repasi pose, uye rigere pamusoro “pemvura dzakawanda; uye ^brakanga richitonga pasi pose, mukati menyika dzose, marudzi, ndimi, navanhu.

12 Uye zvakaitika kuti ndakatarisa chechi yeGwayana raMwari, nehuwandu hwaro hwaive “hushoma, nenzira yekuipa kwezipfambi rakange rigere pamusoro pemakungwa mazhinji; zvakadaro, ndakaona kuti vechechi yeGwayana, vakange vari vatendi vaMwari, vakange vari pasi ^bpose; uye kutonga kwavo pasi kwaive kushoma, nenzira yekuipa kwezipfambi guru randakanga ndaona.

13 Uye zvakaitika kuti ndaka-

5a NKM Rutendeuko.

6a 2 Ni. 28:32.

7a Isa. 29:14; 1 Ni. 22:8; 2 Ni. 27:26; 29:1–2; D&Z 4:1.

NKM Kudzorerwa pakare kweVhangeri.

b NKM Upenyu Hwokusingaperi.

c 2 Ni. 2:26–29;

Aruma 12:9–11.

8a NKM Chibvumirano chaAbrahamu.

9a 1 Ni. 15:35;

D&Z 1:35.

NKM Dhiabhorosi.

10a 1 Ni. 22:23.

b 1 Ni. 13:4–6, 26.

c Zvaka. 17:5, 15;

2 Ni. 10:16.

11a Jer. 51:13;

Zvaka. 17:15.

b D&Z 35:11.

12a Mat. 7:14;

3 Ni. 14:14;

D&Z 138:26.

b D&Z 90:11.

ona kuti zimai guru rekuipa raunganidza pamwechete mhomo pasi pose, mukati memarudzi ose emajentairi, kuti “varwise Gwayana raMwari.

14 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakaona simba reGwayana raMwari, kuti rakadzika pavatendi vechechi yeGwayana, nekune vanhu vechibvumirano chaIshe, vakange vakapararira nepasi pose; uye vakanga vakapakatira ururami “nesimba raMwari mukukudzwa kukuru.

15 Uye zvakaitika kuti ndakaoona kuti hasha dzaMwari “dzakadururirwa muchechi iya huru inonyangadza, zvekuti kwakave nehondo nerunyerেকে rwehondo pakati ^b pamarudzi ose nehama dzepasi pano.

16 Uye kutanga kwakaita “hondo nerunyerেকে rwehondo pakati pamarudzi ose akange ari ezimai rekuipa, ngirozi yakataura kwandiri ichiti: Tarisai, hasha dzaMwari dziri pamusoro pezimai repfambi; uye tarisai, unoono zvose zvinhu izvi—

17 Uye kana “zuva rauya rekuti ^b hasha dzaMwari dzidururirwe pamusoro pezimai repfambi, inova chechi huru inonyangadza, akaritanga ari dhiabhorosi, zvino, muzuva iro-ro, ^c basa raBaba richatanga, mukugadzirira nzira yekuzadzikisa

^dzvibvumirano zvavo, zvavakaita kuvanhu vavo vanove vemba yaIsraeri.

18 Uye zvakaitika kuti ngirozi yakataura kwandiri ichiti: Tarisa!

19 Uye ndakatarisa ndikaona murume, uye akanga akapfeka gemenzi jena.

20 Uye ngirozi ikati kwandiri: Ona “mumwe wevaapostori veGwayana vanegumi nevaviri.

21 Tarisai, achaona uye agonyora zvasara zvezvinhu izvi; hongu, nezvinhuwo zvizhinji zvakaitika.

22 Uye achanyorawo nezvekuguma kwenyika.

23 Nokudaro, zvinhu zvaachanyora zvakarurama uye zviriv zvechokwadi; uye tarisai zvinonyorwa “mubhuku rawaona richibuda mumuromo wemuJuda; uye panguva yazvakabva mumuromo wemuJuda, kana kuti, panguva dzabuda bhuku mumuromo wemuJuda, zvinhu zvange zvakanyorwa zvange zviriv pachena uye zvakachena, ^bzvichikoshesesa uye zviriv nyore mukunzvikwa nevanhu vose.

24 Uye tarisai, zvinhu zvichanyorwa “nemuapostori weGwayana uyu zvinhu zvizhinji zvawakaona; uye tarisai, zvasara uchazviona.

25 Asi zvinhu zvauchaona

13a Zvaka. 17:1–6; 18:24;

1 Ni. 13:5;

D&Z 123:7–8.

14a Jak. 6:2;

D&Z 38:32–38.

15a D&Z 1:13–14.

^b Marko 13:8;

D&Z 87:6.

16a 1 Ni. 22:13–14;

Morm. 8:30.

17a NKM Mazuva

Ekupedzisira.

^b 1 Ni. 22:15–16.

^c 3 Ni. 21:7, 20–29.

NKM Kudzorerwa pakare kweVhangeri.

^d Morm. 8:21, 41.

NKM Chibvumirano

chaAbrahama.

20a Zvaka. 1:1–3;

1 Ni. 14:27.

23a 1 Ni. 13:20–24;

Morm. 8:33.

^b 1 Ni. 13:28–32.

24a Eta 4:16.

mushure hauzovinyora; nokuti Ishe Mwari vazodza muapositori weGwayana raMwari kuti “azvinyore.

26 Uye vamwe vanga varipo, kwavari varatidza zvose zvinhu, uye vakabva vazvinyora; uye “zvakanamwa kuti zvigozouya zvakachena, maererano nechokwadi chiri muGwayana, munguva yavo Ishe, kune vema yaIsraeri.

27 Uye ini Nifai, ndakanzwa uye ndinopupura, kuti zita remuapositori weGwayana rative “Johane, maererano nezwi rengirozi.

28 Uye tarisai, ini Nifai, ndinorambidzwa kuti ndinyore zvinhu zvakasara zvandakaona ndikanzwa; nokudaro zvinhu zvandanyora zvakwanirana neni; uye ndanyora chidimu chidiki chezvinhu zvandakaona.

29 Uye ndinopupura kuti ndakaona zvinhu zvakaonekwa “nababa vangu, uye ngirozi ya Ishe yakaita kuti zvizivikanweni.

30 Uye zvino ndave kupedzisa kutaura nezvezvinhu zvandakaona zvandakanga ndakaturawane Mweya; uye kana zvose zvinhu zvandakaona zvisina kunyorwa, zvinhu zvandanyora “ndezechokwadi. Uye ndizvo zvazviri. Amen.

CHITSAUKO 15

Mbeu yaRihai ichatambira vha-

ngeri kubva kumaJentairi muma-zuva ekupedzisira — Chizvarwa chaisraeri chinofananidzwa nemuti wemuorivi une mapazi achabatandzwa pakare — Nifai anodudzira chiratidzo chemuti weupenyu uye anotaura nezvekuenzanisa kwa-Mwari mukubvisa vatadzi muvakarurama. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti ini Nifai, ndakanga ndaturwa mumweya, uye ndaona zvose zvinhu izvi, ndakadzokera kutende kwababa vangu.

2 Uye zvakaitika kuti ndakaoona hama dzangu, uye dzakanga dzichiitirana nharo maererano nezvinhu zvakanga zvataurwa nababa vangu kwavari.

3 Nokuti chokwadi vakataura zvinhu zvikuru zvakawanda kwavari, zvakange zvakaoma “kunzwiswa, kunze kwekunge munhu abvunza Mwari; uye ivo vari vakukutu mumwoyo, saka havana kutarisa kuna Ishe sezvavaifanira kuita.

4 Uye zvino ini Nifai, ndakasuwa pamusana pekuoma kwemwoyo yavo, uyewo, nenzira yezvinhu zvandakanga ndaona, nekuziva kuti zvaitoaitika chete nenzira yekuipa kukuru kwevana vevanhu.

5 Uye zvakaitika kuti ndakaturirwa nenzira yekutambudzwa kwangu, nokuti ndaiti “kutambudzika kwangu kwaive kukuru kupfuura zvose, nenzira

25a Joh. 20:30–31;
Zvaka. 1:19.

26a 2 Ni. 27:6–23;
Eta 3:21–27; 4:4–7;

D&Z 35:18;
Nh—JS 1:65.

27a Zvaka. 1:1–3.
29a 1 Ni. 8.

30a 2 Ni. 33:10–14.

15 3a I VaKori. 2:10–12;
Aruma 12:9–11.

5a NKM Matambudziko.

^byekuparadzwa kwevanhu vekwangu, nokuti ndakanga ndakona kupunzika kwavo.

6 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge ndatambira “simba ndakataura kuhama dzangu, ndichida kuziva kwavari chikonzero chenharo dzavo.

7 Uye vakati: Tarisai, hatinzwisise mazwi ataurwa nababa vedu nezvemapazi emuti wemuorivi, uye nezvemaJentairi.

8 Uye ndikati kwavari: “Mabvunza Ishe here?

9 Uye vakati kwandiri: Hatina; nokuti Ishe havaite kuti tizive chinhu chakadaro.

10 Tarisai, ndakadaro kwavari: Sei musingachengete mirau yaIshe? Sei muchizofa, nenzira “yeukukutu hwemwoyo yenyu?

11 Hamuyeuke here zvinhu izvo zvakataurwa naIshe? — Kana mukasaomesa mwoyo yenyu, uye “mukandikumbira murutendo, muchitenda kuti muchagashira, nekusimba mukuchengeta mirairo yangu, chokwadi zvinhu izvi zvichaziviswa kwamuri.

12 Tarisai, ndinoti kwamuri, imba yaIsraeri yakaenzaniswa nemuti wemuorivi, neMweya waIshe wakanga uri munababa vedu; uye tarisai hatina

kupazuka here kubva mumba yaIsraeri, uye hatizi “bazi remba yaIsraeri here?

13 Uye zvino, chinhu chinoreva baba vedu maererano nekupinzaniswa kwemapazi epo chaiwo kuburikidza nekuzara kwemaJentairi kuti, mumazuva ekupedzisira, kana mbeu yedu “yaderera mukusatenda, hongu, kwemakore mazhinji, uye zvizvarwa zvizhinji mushure mekunge ^bMesia azviratidza nemuviri wake kuvana vevanhu, ndipo pachauya kuzara “kwevhangeri raMesia kumaJentairi, uye robva “kumaJentairi richienda kune vakasara vembeu yedu —

14 Uye muzuva iroro vakasara “vembeu yedu ndipo pavachaziva kuti ndevemba yaIsraeri, nokuti ndivo vanhu ^bvechibvumirano chaishe; uye ndipo pavachaziva nokuuya “muruzivo rwemadzitateguru avo, nekuzivowo rwevhangeri reMununuri wavo, rakaparadzwa kumadzibaba avo naiye; noku-daro, vachauya mukuziva Mununuri wavo nezvinangwa chaizvo zvedzidziso yake, kuti vagoziva kuti vangauye sei kwaari uye vagoponeswa.

15 Uye muzuva iroro havazo-

5b Eno. 1:13;
Morm. 6:1.

6a Mos. 1:10;
Nh—JS 1:20, 48.

8a Mosaya 26:13;
Aruma 40:3.
NKM Munamato.

10a NKM Kurasika
Pachitendero.

11a Jkb. 1:5–6;
Eno. 1:15;
Moro. 7:26;

D&Z 18:18.

NKM Kumbira.

12a Gen. 49:22–26;
1 Ni. 10:12–14; 19:24.
NKM Rihai, Baba
vaNifai.

13a 1 Ni. 12:22–23;
2 Ni. 26:15.

^b NKM Mesia.

^c NKM Vhangeri.

^d 1 Ni. 13:42; 22:5–10;
D&Z 14:10.

NKM Majentairi.

14a 2 Ni. 10:2;
3 Ni. 5:21–26; 21:4–7.

^b NKM Chibvumirano
chaAbraham.

^c 2 Ni. 3:12; 30:5;
Morm. 7:1, 9–10;
D&Z 3:16–20.

Onawo peji
yeMusoro wenya
yeBhuku
raMormoni.

fara here vachirumbidza Mwari vavo vasingaperi, “dombo ravo neruponeso rwavo? Hongu, muzuva iroro, havazogashira here simba nekudya kunosimbisa kubva ^bkumudzambiringa wechokwadi? Hongu, havazouya here mudanga rechokwadi raMwari?”

16 Tarisai, ndinoti kwamuri, Hongu; vacharangarirwa zvakare kune vemba yaIsraeri; “vachabatanidzwa, vari bazi repo remutiwemuorivi, vachiswa mumuti wemuorivi wechokwadi.

17 Uye izvi ndizvo zviri kureva baba vedu; uye vari kureva kuti izvi hazvizoitika kudzamara vati vaparadzwa nemaJentairi; uye vanoreva kuti zvichaitika nekumaJentairi, kuti Ishe aratidze simba rake kumaJentairi, nechikonzero chichaita kuti “arambwe nemaJuda, kana vemba yaIsraeri.

18 Nokudaro, baba vedu havana kutaura nezvembeu yedu yega, asiwo nezvemba yose yaIsraeri, achinongedza kuchibvumirano chichazadzikiswa mumazuva ekupedzisira; chiri chibvumirano chakaitwa naIshe kuna baba vedu Abrahama vachiti: “Mumbeu yako hama dzose dzepasi dzicharopafadzwa.

19 Uye zvakaitika kuti ini

Nifai, ndakataura kwavari zvinzvinji maererano nezvinhu izvi; hongu, ndakataura kwavari “nezvekudzorerwa kwemaJuda mumazuva ekupedzisira.

20 Uye ndakadzokorora mazwi “alsaya kwavari, akataura nezvekudzorerwa pakare, kwemaJuda, kana kwemba yaIsraeri; uye mushure mekunge vadzorerwa havachazonyadziswa, havazoparadzwa zvakare. Uye zvakaitika kuti ndakataura mazwi akawanda kwazvo kuhama dzangu, zvekuti vakapfava uye ^bvakazvirereka pamberi paIshe.

21 Uye zvakaitika kuti vakataura kwandiri zvakare, vachiti: Chinorevei chinhu ichi chakaoonekwa nababa vedu kuhope? Unorevei “muti wavakaona?”

22 Uye ndakati kwavari: Chaive chiratidzo “chemuti weupenyu.

23 Uye vakati kwandiri: Rinorevei “danda resimbi rakaonekwa nababa vedu, raienda pamuti?”

24 Uye ndakati kwavari raive “izwi raMwari; uye avo vachateerera kuzwi raMwari, uye ^bvachibatirira nesimba kwariri, havazofi; hakuna ^czviedzo uye kana ^dmiseve inotyisa ^eyemuve-ngi ingavakurire ikavapinza muupofu, kuti vatungamirirwe kunoparadzwa.

25 Nokudaro, ini Nifai, ndaka-

15a NKM Ibwe.

b Gen. 49:11;

Joh. 15:1.

16a Jak. 5:60–68.

17a NKM Kuroverwa.

18a Gen. 12:1–3;

Abr. 2:6–11.

19a 1 Ni. 19:15.

NKM Israeri—

Kuunganidzwa kwa Israeri.

20a 1 Ni. 19:23.

b 1 Ni. 16:5, 24, 39.

21a 1 Ni. 8:10–12.

22a 1 Ni. 11:4, 25;

Mos. 3:9.

23a 1 Ni. 8:19–24.

24a NKM Shoko raMwari.

b 1 Ni. 8:30;

2 Ni. 31:20.

c 1 Ni. 8:23.

NKM Chiedzo.

d VaE. 6:16;

D&Z 3:8; 27:17.

e NKM Dhiabhorosi.

vakuridzira kuti “vachenjerere mazwi aIshe; hongu, ndakavakuridzira nesimba remweya wangu rose, nehugwaru hwose hwandinawo, kuti vachenjerere izwi raMwari uye vagorangarira kuchengeta mirairo yavo nguva dzose muzvinhu zvose.

26 Uye vakati kwandiri: Ko! rwunorevei “rwizi rwemvura rwakaonekwa nababa vedu?

27 Uye ndakati kwavari “mvura yakaonekwa nababa vangu yaive ^butsvina; uye mwoyo wavo wakanga wakanyura mune zvimwe zvinhu zvekuti havana kuona utsvina hwemvura.

28 Uye ndakati kwavari yaive “mvura yakaipa, inoganhura vakaipa kubva pamuti weupe-nyu, nekubvawo kuvatendi vaMwari.

29 Uye ndikati kwavari chaive chiratidzo “chegehena riye rinytisa, rakanzi kwandiri nengirozi rakagadzirirwa vakaipa.

30 Uye ndakati kwavari baba vedu vakaonawo kuti “kutonga kwakanaka kwaMwari kunoitawo kuti vatsvene vabve muvatadzi; uye kupenya kwacho kwakange kwakaita sechiedza chemoto uri kubvira, uyo unokwira kuna Mwari narinhi narinhi, uye usina magumo.

31 Uye vakati kwandiri:

Chinhu ichi chinoreva here kunetswa kwemuviri mumazuva “ekuedzwa, kana kuti zvekupedzisira zvinenge zvakaita mweya mushure ^bmekufa kwenyama, kana kuti chiri kutaura here nezvezvinhu zvenyama?

32 Uye zvakaitika kuti ndakati kwavari chiratidzo chezvinhu zvose zvenyama nezvemweya; nokuti zuva rakafanira kusvika rekuti vatongwe “nemabasa avo, hongu, kana mabasa ayo akaitwa nemuviri wenyama muma-zuva avo ekuedzwa.

33 Nokudaro, kana “vakafa vari mukuipa kwavo vakafanira ^bkuraswawo, muzvinhu zvemweya, izvo zviriri zvinhu zviriri muururami; nokudaro, vakafanira kuunzwa kuti vazomira pamberi paMwari, kuti “vatongwe ^d“nemabasa avo; uye kana mabasa avo anga ari etsvina ivo vakafanira kuve “vakasviba; uye kana vakasviba hazvingagone kuti ^fvanga-gare muumambo hwaMwari; kana zvakadaro, umambo hwaMwari hwakafanira kunge hwakavibawo.

34 Asi tarisai, ndinoti kwamuri, umambo hwaMwari hauna “kusviba, uye hakuna chinhu chisina kuchena chingapinde muumambo hwaMwari; noku-

25a D&Z 11:2; 32:4; 84:43–44.

26a 1 Ni. 8:13.

27a 1 Ni. 12:16.

b NKM Hutsvina.

28a Ruka 16:26;

1 Ni. 12:18;

2 Ni. 1:13.

29a NKM Gehena.

30a NKM Yenzaniso.

31a Aruma 12:24; 42:10; Hir. 13:38.

b Aruma 40:6, 11–14.

32a NKM Mabasa.

33a Mosaya 15:26;

Moro. 10:26.

b Aruma 12:12–16;

40:26.

c NKM Kutonga, Kwekupedzisira.

d 3 Ni. 27:23–27.

e 2 Ni. 9:16;

D&Z 88:35.

f Mpi. 15:1–5; 24:3–4;

Aruma 11:37;

D&Z 76:50–70;

Mos. 6:57.

34a NKM Hutsvina.

daropakafanira kuye nenzvimbo yeutsvina yakagadzirirwa izvo zvakasviba.

35 Uye kune nzvimbo yakagadzirwa, hongu, riya “gehena rinotyisa randataura nezvaro, uye ^bdhiaborosi ndiye mugadziri waro; nokudaro nzvimbo yekupedzisira yemweya yevanhu kugara muumambo hwaMwari, kana kurasirwa kunze nenzira ^cyekuenzanisa kuye kwandambotaura.

36 Nokudaro, vakaipa vanorammbwa kubva muvakarurama, nekubvawo ^akumuti uye weupenyu, une muchero unokosha ^bnekudiwa kupfuura mimwe michero yose; hongu, uye ndicho ^cchipo ^dchikuru chaMwari kupfuura zvose. Uye ndiko kutaura kwandakaita kuhama dzangu. Amen.

CHITSAUKO 16

Vakaipa vanotora chokwadi sechakaoma—Vanakomana vaRihai vanoroora vanasikana vaIshmaeri—Riahona inovatungamirira mukufamba kwavo murenje—Mazwi anobva kuna Ishe anonyorwa paRiahona nguva nenguva—Ishmaeri anofa; mhuri yake inotsutsumwa pamusana pekutambudzika. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mushure mekunge ini Nifai, ndapedza kutaura kuvakoma vangu, tarisai vakati kwandiri: Watitaurira zvinhu zvakaoma, zvatisingakwanise kuita.

2 Uye zvakaitika kuti ini ndakati kwavari ndaizviziva kuti ndakanga ndataura zvinhu zvakaoma pamusoro pezvinhu zvakaipa, maererano nechokwadi; vatsvene ndavachenura, ndikagovareverera kuti vave vanosimudzwa nomusi wokupedzisira; nokudaro, vane ^amhosva vanotora ^bchokwadi sechakaoma, nokuti ^cchinovabaya pamwoyo.

3 Uye zvino vakoma vangu, dai manga muri vatsvene uye muchida kuteerera chokwadi, nokuita saizvozvo, kuti ^amuzofamba makatwasanuka pamberi paMwari, hamaizotsutsumwa pamusana pechokwadi, muchiti: Unotaura zvinhu zvakaoma kwatiri.

4 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakakurudzira vakoma vangu, nesimba rangu rose, kuti vachengete mirairo yalshe.

5 Uye zvakaitika kuti ^avakazvininipisa pamberi palshe; zvekuti ndakava norufaro neta-riro huru, kuti vachazofamba munzira dzoutsvene.

6 Zvino, zvinhu zvose izvi zvakataurwa nokuitwa apo

35a 2 Ni. 9:19;
Mosaya 26:27.
NKM Gehena.
b 1 Ni. 14:9; D&Z 1:35.
c NKM Yenzaniso.
36a Gen. 2:9; 2 Ni. 2:15.
b 1 Ni. 8:10–12;
Aruma 32:42.

c D&Z 14:7.
NKM Upenyu
Hwokusingaperi.
d D&Z 6:13.
16 2a Joh. 3:20; 2 Ni. 33:5;
Eno. 1:23; Hir. 14:10.
NKM Mhosva, Kuva ne.
b Zir. 15:10;

2 Ni. 1:26; 9:40;
Hir. 13:24–26.
c Mabasa 5:33;
Mosaya 13:7.
3a D&Z 5:21.
NKM Famba, Famba
naMwari.
5a 1 Ni. 16:24, 39; 18:4.

baba vangu vaigara mutende yakanga iri munhika yavakanga vadaidza kuti Remueri.

7 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakatora mumwe “wavanasikana vaIshmaeri kuti ave ^bmukadzi wangu; zve, vakoma vangu vakatora vanasikana vaIshmaeri kuti vave vakadzi vavo; uyewo “Zoramu akatora mwanasikana mukuru waIshmaeri kuti ave mukadzi wake.

8 Uye nokudaro baba vangu vakanga vazadzikisa mirairo yose yaIshhe yakanga yapiwa kwavari. Uyewo ini Nifai, ndakanga ndakomborerwa naIshhe zvikuru.

9 Uye zvakaitika kuti izwi raIshhe rakataura kuna baba vangu nousiku, rikavaudza kuti zuva raitevera vaifanirwa kufamba rwendo kuenda murenje.

10 Uye zvakaitika kuti baba vangu zvavakamuka mangwanani, ndokuenda kumusuwu wetende, vakashamiswa kwazvo nokuona pasi chinhu chaine “bhora chakaitwa noumhi zha hunoshamisa; chakanga chakaitwa nendarira yakanaka. Muchibhora umu makanga mune simbi mbiri; imwe yakanga yakanongedzera nzira yataifanirwa kutevedza kuenda murenje.

11 Uye zvakaitika kuti takauanganidza zvinhu zvose zvataifanira kuenda nazvo murenje, nezvimwe zvezvinhu zvedu izvo Ishhe vakatipa; takatora

mbeu dzendudzi dzose kuti tive tinotakura kuenda murenje.

12 Uye zvakaitika kuti takatora matende edu tikasimuka kuenda murenje, tikayambuka rwi zwi Ramani.

13 Uye zvakaitika kuti takafamba kwenguva inoita mazuva mana, takananga kuchamhembe takarerekerera kumabvazuva zvishoma, takamisa matende edu zvakare; uye tikadaidza zita renzvimbo iyi kuti Sheza.

14 Uye zvakaitika kuti takatora uta nemiseve yedu, tikaenda murenje kundobaya kudya kwemhuri dzedu; shure kwokunge tabaya kudya kwemhuri dzedu takadzokera zvakare kwakange kune mhuri dzedu murenje, kunzvimbo yeSheza. Uye takaenda zvakare murenje, tichitevedza gwara rimwechetero, tichitevedza nzvimbo dzerenje dzaive dzakapfuma, dzakanga dziri kumuganhu pedyo “neGungwa Dzvuku.

15 Uye zvakaitika kuti takafamba kwemazuva akawanda, tichibaya zvokudya munzira, neuta nemiseve yedu uye nematombo nezvikopo.

16 Uye takatevera “nzira yatairatidzwa nechibhora, chakatitungamirira munzvimbo dzerenje dzakaorera.

17 Uye shure kwokunge tafamba mazuva akawanda, takamisa matende edu kwechinguva, kuti tizorore zvakare nokuti tiwane kudya kwemhuri dzedu.

7a 1 Ni. 7:1.

b NKM Kuroora.

c 1 Ni. 4:35; 2 Ni. 5:5-6.

10a Aruma 37:38-46.

NKM Riahona.

14a D&Z 17:1.

16a 1 Ni. 16:10, 16, 26;

18:12;

Aruma 37:38-46.

18 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndaenda kundovhima, tarisai ndakatyora uta hwangu, hwakanga hwakagadzirwa “nesimbi yakanaka; uye shure kwokunge ndatyora uta hwangu, tarisai, vakoma vangu vakandishatirirwa pamusana pokurasikirwa nouta hwangu, nokuti hatina kuzowana kudya.

19 Uye zvakaitika kuti takadzokera tisina zvekudya kumhuri dzedu, sevanhu vakange vakaneta zvikuru, nenzira yerwendo, vakatambudzika zvikuru, pamusana pokushaya zvokudya.

20 Uye zvakaitika kuti Ramani naRemueri navanakomana vaIshmaeri vakatangisa kutsutsumwa zvikuru, pamusana pokutambudzika kwavo nezvaivane netsa murenje; uye kana baba vangu vakatangisa kutsutsumwa kuna Ishe Mwari vavo; hongu, vose vakava nokusuwa kukuru, vakatsutsumwa kuna Ishe.

21 Zvino zvakaitika kuti ini Nifai, shure kwokunge taomeserwa tose nevakoma vangu pamusana pekurasikirwa kweuta hwangu, uye tambo dzeuta hwavo dzarasika, zvakatanga kutiomera zvikuru, hongu, zvokuti takatadza kuwana zvokudya.

22 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakataura zvikuru kuvakoma vangu, nokuti vakange vaomesa mwoyo yavo zvakare, zvekuti vakanga “vavakutsutsu-

mwa pamusana paIshe Mwari vavo.

23 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakagadzira uta hwechimuti, ndikashandisa chimuti chakatwasuka, kugadzira museve; naizvozvo, ndokubva ndatora uta nomuseve, nechikopo namatombo. Uye ndakati kuna “baba vangu: Ndoenda kupi kunotsvaka zvekudya?

24 Uye zvakaitika kuti “vakakumbira kuna Ishe, nokuti vakanga vazvinipisa nokuda kwamazwi angu; nokuti ndakanga ndataura zvinhu zvakawanda kwavari nesimba romweya wangu.

25 Uye zvakaitika kuti izwi raIshe rakauya kuna baba vangu; “vakarangwa chaizvo nenzira yokutsutsumwa kwavo kuna Ishe, zvekuti vakasuwa zvikuru.

26 Uye zvakaitika kuti izwi raIshe rakati kwavari: Tarisai pabhora, ugoona zvinhu zvakanyorwapo.

27 Uye zvakaitika kuti baba vangu pavakaona zvinhu zvakanga zvakanyorwa pabhora, vakatya nokudedera kukuru, uye kana vakoma vangu navanakomana vaIshmaeri navakadzi vedu.

28 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakaona kwakange kwakatenderwa netsono dzaive pabhora, kuti dzaisevenza mamererano “norutendo nesimba redu nokutevedza kwataidziita.

18a II Sam. 22:35.

22a Eks. 16:8; Num. 11:1.

23a Eks. 20:12;

Mosaya 13:20.

24a NKM Munamato.

25a Eta 2:14.

NKM Kuranga.

28a Aruma 37:40.

NKM Rutendo.

29 Uye pakange pakanyorwa wo zvinhu zvitsva, zvakanga zvakajeka nokuverengeka, zvakatipa “kunzwisisa maererano nenzira dzaIshe; uye zvakanga zvakanyorwa zvichishanduka — shanduka nguva nenguva, maererano nokutenda nesimba redu nekutevedza kana kuteerera kwedu kwariri. Naizvozvo tinoona kuti nezvinhu ^bzviduku Ishe vanogona kuunza zvinhu zvikuru.

30 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakaenda pamusoro pegomo, maererano nenzira dzakanga dzichipiwa nebhora.

31 Uye zvakaitika kuti ndakauraya mhuka dzesango, zvekuti ndakawana kudya kwemhuri dzedu.

32 Uye zvakaitika kuti ndakadzokera kumatende edu, ndiine mhuka dzandakanga ndauraya; uye zvino zvavakaona kuti ndakanga ndawana kudya, mufaro wavo wakava mukuru sei! Uye zvakaitika kuti vakazvininipisa pamberi paIshe, vakatenda kwavari.

33 Uye zvakaitika kuti takasimudzira nerwendo rwedu, tika famba zvakada kuenzana negwara redu rokutanga; shure kwokunge tafamba kwamazuva akawanda takadzika matende edu zvakare, kuti timbogara kwenguva yakati.

34 Uye zvakaitika kuti “Ishmaeri akafa, akavigwa panzvimbo yaidaidzwa kuti Nahomu.

35 Uye zvakaitika kuti vanasikana vaIshmaeri vakachema zvikuru, nokuda kwekurasikirwa nababa wavo, uye nenzira “yokutambudzika kwavo murenje; vakatsutsumwa kuna baba vangu, nokuti vakanga vavabvisa munyika yeJerusarema, vachiti: Baba vedu vafa; hongu, uye tafamba zvikuru murenje, tatambudzika zvikuru, nenzira, nenyota, nekuneta; shure kwokutambudzika uku kwose tichafira murenje nenzira.

36 Uye uku ndiko kutsutsu-mwa kwavaiita kuna baba vangu, nekwandiri; uye vakanga vave nechido chokudzokera zvakare kuJerusarema.

37 Uye zvino Ramani akati kuna Remueri uye nokuvanekomana vaIshmaeri: Tarisai, “ngatiurayei baba vedu, uye zvakare nomunin’ina wedu Nifai, anozvitora ^bsomutongi wedu nomudzidzisi wedu, isu tiri vakoma vake.

38 Zvino, anoti Ishe ataura naye, uye achiti “ngirozi dzinoshumira kwaari. Asi tarisai, tinoziva kuti anotinyepera; achitiudza zvinhu izvi, uye anoita zvinhu zvizhinji nokuda kwoungwaru hwake, kuti atinyengedze mumaziso edu, achifunga, kuti zvimwe, angatitungamirire mune imwe nzvimbo yatisingazive murenje; uye shure kwokunge atitungamirira, anofunga kuzviita iye mambo nomutongi pamusoro pedu,

29a NKM Kunzwisisa.
b II Madz. 5:13;
Jkb. 3:4;
Aruma 37:6–7, 41;

D&Z 123:16.
34a 1 Ni. 7:2–6.
35a NKM Matambudziko.
37a 1 Ni. 17:44.

NKM Kuponda.
b Gen. 37:9–11;
1 Ni. 2:22; 18:10.
38a 1 Ni. 3:30–31; 4:3.

kuti ave anoita nesu kuda kwake nokuzvifadza. Uye ndiko kufurira kwakaita mukoma wangu Ramani vamwe kuti vashatirwe.

39 Uye zvakaitika kuti Ishe vakanga vanesu, hongu, uye kana izwi raIshe rakauya rikatura mazwi akawanda kwavari, “rikavaranga zvikuru; uye shure kwokunge varangwa neshoko raIshe vakabvisa kushatirwa kwavo, uye vakatendeuka pazvivi zvavo, zvekuti Ishe vakatikomborerera zvakare nezvokudya, nokudaro hatina kuzofa.

CHITSAUKO 17

*Nifai anorairwa kuvaka ngarava—
Vakoma vake vanomupikisa—
Anovakurudzira achivayeuchidza
pamusana pengano dzaMwari
nezvaakaita kuvaIsraeri—Nifai
anozadzwa nesimba raMwari—
Vakoma vake vanorambidzwa
kumubata, potse vakamubata va-
ngaome serutsanga. Zvingangove
makore 592 kusvika ku591 Kristu
asati azvarwa.*

UYE zvakaitika kuti takatora zvakare rwendo rwedu murenje; takafamba takananga kumabvazuva kubva ipapo. Takafamba tikaona matambudziko akawanda murenje; madzimai edu akasununguka vana murenje.

2 Uye takapiwa makomborerero

makuru kubva kuna Ishe, zvekuti patairarama nenyama “mbishi murenje, madzimai edu akaita mukaka wevana wakawanda, akava akasimba, hongu, sesu varume; vakatangisa kuennderera mberi nerwendo vasingatsutsumwe.

3 Uye nokudaro tinoona kuti mirairo yaMwari inofanirwa kuzadzikiswa. Uye kana zvakadaro kuti vana vavanhu “vachengete mirairo yaMwari ivo vachavagutsa, nokuvasimbisa, uye vanovapa nzira yokuti vabudirire pazvinhu zvavakarairwa; naizvozvo, ^bvakatipa nzira apo taifamba murwendo tiri murenje.

4 Uye takafamba kwamakore akawanda, hongu, makore masere tiri murenje.

5 Uye takasvika panzvimbo yatakadaidza kuti Nyika yeMaguta, nokuda kwemichero yacho nouchi hwomusango; uye zvinhu zvose izvi zvakagadzirirwa isu naIshe kuti tisafe. Uye takaona gungwa, ratakadaidza kuti Iriandumu, iro rodudzirwa zvichireva kuti mvura yakawanda.

6 Uye zvakaitika kuti takamisa matende edu pedyo negungwa; zve, zvisinei nekuti takange tana “matambudziko akawanda nokuomerwa kukuru, hongu, akawanda zvokuti hatingakwanise kuanyora ose; takafara zvikuru apo patakasvika munyasi megungwa; takadaidza

39a NKM Kuranga.
17:2a 1 Ni. 17:12.
3a Mosaya 2:41;

Aruma 26:12.
NKM Anoteerera.
b 1 Ni. 3:7.

6a 2 Ni. 4:20.

nzvimbo iyi kuti Nyika yeMaguta, nokuda kwokuwanda kwemichero yayo.

7 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakati ndagara munzvimbo yeNyika yeMaguta kwamazuva mazhinji, izwi raIshe rakauya kwandiri richiti: Simuka, uende mugomo. Uye zvakaitika kuti ndakasimuka ndikaenda mugomo, ndikachema kuna Ishe.

8 Uye zvakaitika kuti Ishe vakataura kwandiri, vachiti: Uchavaka ngarava, "nenzira yandichakuratidza, kuti nditakure vanhu vako vayambuke mvura iyi.

9 Uye Ini ndakati: Ishe, ndokupi kwandingaende kwandingawane simbi yokunyunguditsa, kuti ndigadzirise zvinhu zvokugadzirisa ngarava nomuvakiro wamandiratidza?

10 Uye zvakaitika kuti Ishe akanditaurira uko kwandaifanirwa kuenda kuti ndinowana simbi, yokugadzirisa zvinhu zvacho.

11 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakagadzira mvuto yokupfutisa moto, namatehwe emhuka; uye shure kwokunge ndagadzira mvuto, iyo ndaizopfutisa nayo moto, ndakarovanisa matombo maviri kuti ndiite moto.

12 Nokuti Ishe akanga asati amboita kuti tibatidze moto wakawanda, apo taifamba murenje; nokuti akati: Ndichaita

kuti kudya kwenyu kunake, kuti "musakubike;

13 Uye ini ndichazovawo chiedza chenyu murenje; "ndichakugadzirirai nzira mberi kwenyu, kana muchichengeta mirairo yangu; nokudaro, muchachengeta mirairo yangu muchatungamirirwa kunyika^byechipikirwa; uye "muchazoziva kuti ndini ndinokutungamirirai.

14 Hongu, Ishe vakatiwo zvakare: Shure kwokunge masvika munyika yechipikirwa, "muchaziva kuti Ini Ishe, ndiri^bMwari; uye kuti Ini Ishe, ndakakubvisai kubva mukuparadzwa; hongu, kuti ndakakubvisai munyika yeJerusarema.

15 Naizvozvo, ini Nifai, ndakaedza kuchengeta mirairo yaIshe, ndikakurudzira vakoma vangu kuti vave nokutenda nokusimba.

16 Uye zvakaitika kuti ndakagadzira zvinhu zvekuvakisa nesimbi yandakanyunguditsa kubva mumatombo.

17 Uye vakoma vangu zvavakaona kuti ndave kuda "kuvaka ngarava, vakatangisa kutsutsu-mwa pamusoro pangu, vachiti: Munin'ina wedu ibenzi, nokuti anofunga kuti angavake ngarava; hongu, uye zvakare anofunga kuti angayambuke mvura zhinji iyi.

18 Uye uku ndiko kutsutsu-mwa kwavakoma vangu pamusana pangu, uye vakanga

8a 1 Ni. 18:2.

12a 1 Ni. 17:2.

13a Aruma 37:38-39.

b 1 Ni. 2:20; Jak. 2:12.

c Eks. 6:7.

14a 2 Ni. 1:4.

NKM Uchapupu.

b D&Z 5:2.

17a 1 Ni. 18:1-6.

vasingade kusevenza, nokuti vakanga vasingatendi kuti ndingavake ngarava; kana kuvimba kuti ndakange ndairwa naIshe.

19 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakava nokusuwa kukuru pamusana pokuoma kwemwoyo yavo; zvino zvavakaona kuti ndakanga ndasuwa vakava vanofara mumwoyo yavo, zvokuti “vakafara pamusoro pangu vachiti: Taizviziva kuti hawikwanisa kuvaka ngarava, nokuti taiziva kuti wakange usina njere dzacho; naizvozvo, haukwanise kubudirira mubasa guru rakadaro.

20 Uye wakafanana nababa vedu, vakatungamirirwa “nokufunga kwoupenzi hwemwoyo wavo; hongu, vakatitungamirira kubva munyika yeJerusarema, zvino tatetereka nerenje kwamakore aya akawanda; zve madzimai edu vakashanda zvikuru, vaine nhumbu; vakasununguka vana vari murenje vakaona matambudziko ose, kunze kworufu; zvingadai zvakavenani dai vakafa vasati vabva Jerusarema pane kuti vatambudzike zvakadai.

21 Tarisai, makore akawanda ose aya atakatambudzika tiri murenje, iyoyo nguva tingadai takanakirwa nezvinhu zvedu nenyika yenhaka yedu; hongu, tingadai taifara.

22 Uye tinoziva kuti vanhu

vakanga vari muJerusarema vakanga vari vanhu “vatsvene; nokuti vaichengeta mitemo yakanyorwa nokutonga kwaIshe, nemirairo yavo yose, maererano nemutemo waMosesi; naizvozvo, tinoziva kuti vanhu vatsvene; uye baba vedu vavatonga, uye vakatitungamirira kuti tibudemo nokuti takagashira mazwi avo; hongu, uye munin’ina wedu akafanana navo. Nomutauro wakadai vakoma vangu vakatsutsumwa pamusana pedu.

23 Uye zvakaitika kuti ini, Nifai, ndakataura navo, ndichiti: Munotenda here kuti madzibaba edu, vakanga vari vana vaIsraeri, vangadai vakatungamirirwa here kubva mumaoko emaEgipita dai vasina kuteerera mazwi alshe?

24 Hongu, munofunga kuti vangadai vakabviswa muusungwa, dai Ishe asina kuraira Mosesi kuti “avatungamirire kubva muusungwa?

25 Zvino munoziva kuti vana vaIsraeri vakanga vari “muusungwa; uye munoziva kuti vakanga vakaremedzwa^b nema-basa akange akaoma zvikuru kutakurwa; naizvozvo, munoziva kuti zvinhu zvakanaka zvai-fanirwa kuitwa kwavari, kuti vabviswe muusungwa.

26 Zvino munoziva kuti “Mosesi akarairwa naIshe kuti aite basa guru iri; uye munoziva kuti^b nezwi rake mvura

19a NKM Kupfuvisa.

20a 1 Ni. 2:11.

22a 1 Ni. 1:13.

24a Eks. 3:2–10;

1 Ni. 19:10;

2 Ni. 3:9; 25:20.

25a Gen. 15:13–14.

b Eks. 1:11; 2:11.

26a Mabasa 7:22–39.

b Eks. 14:21–31;

1 Ni. 4:2;

Mosaya 7:19;

Hir. 8:11;

D&Z 8:3;

Mos. 1:25.

yeGungwa Dzvuku yakapara-dzana, vakapfuura nepakaoma.

27 Asi munoziva kuti maEgi-pita vakaeredzwa muGungwa Dzvuku, avo vakange vari ma-uto aFarao.

28 Uye munoziva kuti vakapi-wa “mana yekudya murenje.

29 Hongu, uye zvakare muno-ziva kuti Mosesi, nezwi rake maererano nesimba raMwari rakanga riri maari, “akarova dombo, rikabuda mvura, kuti vana veIsraeri vapedze nyota yavo.

30 Uye zvisinei nokutungami-ru kwavo, Ishe Mwari vavo, Mununuri wavo, achienda pamberi pavo, vaivatungami-rira masikati vachivapa chie-dza usiku, vachivaitira zvinhu zvose izvo zvakange “zvaka-fanira kuti zvitambirwe nevanhu, vakaomesa mwoyo yavo vaka-pofomadza pfungwa dzavo, uye ^bvakapandukira Mosesi naMwari vechokwadi mupenyu.

31 Uye zvakaitika kuti maere-rano neshoko ravo “vakavapara-dza; uye maererano neshoko rake ^bakavatungamirira; uye maererano nezwi rake akavaiti-ra zvinhu zvose; hapana chinhu chakaitwa chakanga chisiri ma-ererano neshoko ravo.

32 Uye shure kwokunge

vayambuka rwizi rweJorodhani vakavapa masimba “ekuburitsa vana venyika iyi hongu, ekuva-paradzanisa nekuvaparadza.

33 Uye zvino, munofungidzira here kuti vana venyika ino, va-kanga vari munyika yechipiki-rwa, avo vakatandirwa kunze namadzibaba edu, munofungi-dzira here kuti vakanga vari vatsvene? Tarisai, ndinoti kwa-muri, Kwete.

34 Munofunga here kuti ma-dzibaba edu angadai akange ari nani pane avo dai vakanga vari vatsvene? Ini ndinoti kwa-muri, Kwete.

35 Tarisai, Ishe vanoremeke-dza vanhu vose “zvakaenzana; uyo ^bakarurama anova ‘anodiwa zvikuru naMwari. Asi tarisai, vanhu ava vakange varamba mazwi ose aMwari, vakanga vakakomba mukuipa; uye ha-sha dzose dzaMwari dzakanga dziri pamusoro pavo; Ishe va-katuka nyika iyi pamusoro pavo, vakairopafadzira madzi-baba edu; hongu, vakaituka zvekuti vaparare, uye vakako-mborera madzibaba edu kuti vawane simba pamusoro payo.

36 Tarisai, Ishe “vakasika ^bnyika kuti ‘igarwe; akasika vana vake kuti ive yavo.

37 Uye “vanosimudzira rudzi

28a Eks. 16:4, 14-15, 35;
Num. 11:7-8;

Deut. 8:3; Mosaya 7:19.

29a Eks. 17:6; Num. 20:11;
Deut. 8:15; 1 Ni. 20:21.

30a D&Z 18:18; 88:64-65.

^b Eks. 32:8;

Num. 14:2-3;

Ezk. 20:13-16;

D&Z 84:23-25.

31a Num. 26:65.

^b 1 Ni. 5:15;

D&Z 103:16-18.

32a Num. 33:52-53;

Josh. 24:8.

35a Mabasa 10:15, 34;

VaR. 2:11;

2 Ni. 26:23-33.

^b Mpi. 55:22;

1 Ni. 22:17.

^c I Sam. 2:30;

Mpi. 97:10; 145:20;

Aruma 13:4;

D&Z 82:10.

36a NKM Sika.

^b NKM Pasi.

^c Isa. 45:18;

Abr. 3:24-25.

37a Zir. 14:34; 1 Ni. 4:13;

Eta 2:10; D&Z 117:6.

rwakarurama, vachiparadza marudzi evakaipa.

38 Uye vanotungamirira avo vakarurama ^akunyika dzinokosha, vakaipa ^bvanoparadza, nokutuka nyika pamusana pavo.

39 Vanotonga kumusoro kumatenga, nokuti ndicho chigaro chavo, nyika ino ^achituru che-tsoka dzavo.

40 Uye vanoda avo vanoda kuti vave Mwari vavo. Tarisai, vaida madzibaba edu, vakaitirana ^achibvumirano navo, hongu, kana naAbrahama, ^bIsaka, ^cnaJakobo; uye vakarangarira zvibvumirano zvakavange vaita; naizvozvo, vakavaburitsa munyika ^dyeEgipita.

41 Uye vakavatwasanura murenje nemubhadha wavo; nokuti ^avakaomesa mwoyo yavo, kana sezvamaita imi; uye Ishe vakavatwasanudza pamusana pokuipa kwavo. Vakatumira ^bnyoka dzinobhururuka dzinotyisa kwavari; uye shure kwokunge varumwa vakagadzira nzira dzokuti ^cvaporeswe; basa ravaifanira kuita nderokutarisa; pamusana ^dpekureruka kwenzira iyi, kana kupusa kwayo, pakaita vakawanda vakafa.

42 Uye vakaomesa mwoyo yavo nguva nenguva, ^avakapandukira ^bMosesi, naMwariwo,

zvisinei, munoziva kuti vakatumgamirirwa nesimba ravo risina anorikwanisa kunyika yechipikirwa.

43 Uye zvino, shure kwezvinhu izvi zvose, nguva yasvika yokuti vaipa, hongu, vave pedyo nekukomba; ini handizive asi iye nhasi vave pedyo neku-paradzwa; nokuti ndinoziva kuti zuva racho rinotofanirwa kuuya ravanofanirwa kuparadzwa, kuchisara vashoma chete, vachazotungamirwa kuenda muusungwa.

44 Nokudaro, Ishe ^avakaraira baba vangu kuti vaifanirwa kuenda murenje; uye maJuda aida kuvauraya; hongu, uyewo kana ^bimi makatsvaga kutora upenyu hwavo; saka, muri mhondi mumwoyo yenyu uye makafanana navo.

45 ^aMunomhanyira kuita zvaikaipa asi muchinonoka kuyeuka Ishe Mwari venyu. Maona ^bngirozi, ikataura nemi; hongu, munonzwa izwi ravo nguva nenguva; uye vakataura kwamuri nezwi diki riri pasi-pasi, asi manga ^cmusisanzwe, zvekuti hamuna kunzwa mazwi avo; nokudaro, vakataura kwamuri nezwi guru, rakaita kuti nyika indengendeke sokunge yakanga yava kuda kutsemuka napakati.

38a NKM Nyika
yeChipikirwa.

b Zvaka. 20:22.

39a Isa. 66:1; D&Z 38:17;
Abr. 2:7.

40a NKM Chibvumirano
chaAbrahama.

b Gen. 21:12;
D&Z 27:10.

c Gen. 28:1–5.

d Deut. 4:37.

41a II Madz. 17:7–23.

b Num. 21:4–9;

Deut. 8:15;

Aruma 33:18–22.

c Joh. 3:13–15;

2 Ni. 25:20.

d Aruma 37:44–47;

Hir. 8:15.

42a Num. 14:1–12.

NKM Hupanduki.

b D&Z 84:23–24.

44a 1 Ni. 2:1–2.

b 1 Ni. 16:37.

45a Mosaya 13:29.

b 1 Ni. 4:3.

c VaE. 4:19.

46 Uye munozivawo kuti “ne-simba rezwi ravo vanokwanisa kuti nyika itsakatike; hongu, uye munoziva kuti nezwi ravo vanokwanisa kuti nzvimbo dzine man’an’a dzive dzakakwenenzverwa, uye nzvimbo dzakakwenenzverwa dzipazwe. Zvino, seiko, muchioma kudaro mumwoyo yenyu?

47 Tarisai, mweya wangu watsemuka nekurwadziwa pamusana penyu, uye mwoyo wangu warwadzwa; ndinotyia kuti mucharaswa zvachose. Tarisai, “ndakazara noMweya waMwari, zvokuti muviri wangu ^bhauna simba.

48 Uye zvakaitika kuti ndataura mazwi aya vakandishatirirwa, vakada zvokundikanda mugungwa; uye pavaiuya kuzondibata ndakataura navo, ndichiti: Muzita raMwari “sa-Masimba, ndinokuudzai kuti ^bmusandibata, nokuti ndizere nesimba raMwari, kusvika pakuzara kwenyama yangu; uyo anondibata ‘achasvava kunyange setsanga yakaoma; uye achave semunhu pasina neSimba raMwari, nokuti Mwari achamuranga.

49 Uye zvakaitika kuti ini, Nifai, ndakati kwavari havaifanirwa kutsutsumwa zvakare pamusana papaba vavo; kana kuti varambe kushanda neni, nokuti Mwari akange andiraira kuti ndinofanirwa kuvaka ngarava.

50 Uye ndakati kwavari:

“Kana Mwari andiraira kuti ndiite zvinhu zvose ndinozviita. Akandiraira kuti nditi kumvura iyi, iva ivhu, inofanirwa kuita ivhu; kana ndikazvitaure, zvinoitwa.

51 Uye zvino, kana Ishe vaine simba guru kudaro, uye akaita zvishamiso zvakawanda muvana vavanhu, ko anozotadza seiko “kundiraira ini, kuti ndinofanirwa kuvaka ngarava?

52 Uye zvakaitika kuti ini, Nifai, ndakataura zvinhu zvakawanda kuvakoma vangu, zvokuti vakanyara vakatadza kunditisa nharo; kana kundibata kana kundigumha neminwe yavo, kwamazuva mazhinji. Zvino havana kuzviita izvi nokutya kuti vangasvave, ndiko kusimba kwakange kwakaita “Mweya waMwari; uye ndizvo zvawakavatunha.

53 Uye zvakaitika kuti Ishe vakati kwandiri: Tambanudza zvakare ruoko rwako kuvakoma vako, havazosvava pamberi pako, asi ndichavavhundutsa, vakadaro Ishe, uye izvi ndichazviita, kuti vave vanoziva kuti ndini Ishe Mwari vavo.

54 Uye zvakaitika kuti ndakatanbanudza ruoko rwangu kuvakoma vangu, vakasasvava pamberi pangu; asi Ishe vakavazunza, kana maererano neshoko ravakange vataura.

55 Uye zvino, vakati: Tinoziva zvechokwadi kuti Ishe vanewe, nokuti tinoziva kuti isimba

46a Hir. 12:6–18.

47a Mika 3:8.

^b 1 Ni. 19:20.

48a Mosaya 13:3.

^b 2 Ni. 1:26–27.

NKM Simba.

^c 1 Madz. 13:4–7.

50a VaF. 4:13; 1 Ni. 3:7.

51a Gen. 6:14–16;

1 Ni. 18:1.

52a NKM Mweya

Mutsvene.

raIshe ratizunza. Uye vakawira pasi pamberi pangu, vakanga voda “kundinamata, asi ndakavarambidza, ndichiti: Ndiri munun’una wenyu, hongu, muduku kwamuri; nokudaro, namatai Ishe Mwari venyu, muve munokudza baba naamai venyu, kuti ^bmazuva enyu ave anowanda munyika iyo Ishe Mwari venyu vachakupai.

CHITSAUKO 18

Ngarava inopedzwa — kuzvarwa kwaJakobho naJosefa kunotaurwa — Vanotangisa rwendo rwekuenda kunyika yechipikirwa — Vanakomana vaIsmaeri navakadzi vavo vanobatana mukupanduka — Nifai anosungwa, ngarava inodzoserwa shure nedutu remhepo yakaipa — Nifai anosunungurwa, uye kuburikidza nomunamato wake dutu remhepo rinopera — Vanhu vano-svika munyika yechipikirwa. Zvingangove makore 591 kusvika ku589 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti vakanamata Ishe, vakaenda neni; tikaveza mapango engarava neumhizha hunoshamisa. Uye Ishe aindiraitidza nguva nenguva nzira yandaifanira kuveza nayo mapango engarava aya.

2 Zvino ini Nifai, handina kuveza miti iyi sekuveza kunoita vanhu, uye handina kuvaka ngarava iyi sekuvakwa kwainoitwa nevanhu; asi ndakaivaka netsika yandakanga ndarati-

dzwa nalshe; naizvozvo, isina kufanana nenzira yavanhu.

3 Uye zvino ini Nifai, ndaienda mugomo, “ndichinonamata kuna Ishe; nokudaro Ishe ^bvakandiratidza zvinhu zvikuru.

4 Uye zvakaitika kuti shure kwokunge ndapedza kuvaka ngarava, maererano nezwi raIshe, vakoma vangu vakao-na kuti yakanga yakanaka, nokuti basa rakanga rakanaka zvinoyevedza; naizvozvo, “vakazvininipisa zvakare pamberi paIshe.

5 Uye zvakaitika kuti izwi raIshe rakauya kuna baba vangu, kuti tinofanirwa kusimuka tipinde mungarava.

6 Uye zvakaitika kuti mangwana acho, shure kwokunge tagadzirira zvinhu zvose, michero yakawanda “nenyama kubva murenje, neuchi hwakawandisa, nezvimwe zvataida sekurairwa kwatakange taitwa nalshe, takaenda mungarava, nemikwende yedu yose nembeu, nezvimwe zvinhu zvatakanga tauyawo nazvo, mumwe nomumwe maererano nezera rake; naizvozvo, takaenda mungarava tose, pamwechete nevakadzi, nevana vedu.

7 Uye zvino, baba vangu vakanga vaita vanakomana vaviri murenje; mukuru ainzi “Jakobho muduku achinzi ^bJosefa.

8 Uye zvakaitika kuti shure kwokunge tose tapinda mungarava, tatora mbuva dzedu nezvinhu zvose zvatakanga

55a Mabasa 14:11-15.
b Eks. 20:12;
Mosaya 13:20.

18 3a NKM Munamato.
b NKM Zvakazarurwa.
4a 1 Ni. 16:5.

6a 1 Ni. 17:2.
7a 2 Ni. 2:1.
b 2 Ni. 3:1.

tarairwa, takapinda “mugungwa ikafambiswa nemhepo tichienda kunyika ^byechipikirwa.

9 Uye shure kwokunge tafambiswa nemhepo mazuva akawanda, tarisai, vakoma vangu nevanakomana valshmaeri nevakadzi vavo vakatangisa kuzvifadza, zvekuti vakatanga kutamba, nokuimba, nokutaura nenzira yakaipa, hongu, nokudaro vakakanganwa simba rakanga raita kuti vasvike pavakange vave apa, hongu, kuzvikudza zvakananyanya.

10 Uye ini Nifai, ndakatanga kuva nokutya kukuru kuti Ishe vachatishatirirwa, akatiranga pamusana pokuipa kwedu, tikazomedzwa tikanyura mugungwa; naizvozvo, ini Nifai, ndakatanga kutaura navo zvinnyoro-nyoro; asi “vakandishatirirwa vachiti: Hatibvume kuti munun’una wedu ave ^bmutongi wedu.

11 Uye zvakaitika kuti Ramani naRemueri vakanditora vakandisunga netambo, vakandibata zvakaipa zvikuru; asi zvisinei, Ishe “vakazvibvumira kuti varatidze simba rake, mukuzadzikisa shoko ravo iro vakange vataura pamusoro pevakaipa.

12 Uye zvakaitika kuti shure kwokunge vandisunga zvo-kuti handina kukwanisa kufamba, “chinongedzo, chakange

chagadzirwa nalshe kuti chitungamirire, chakabva charega kushanda.

13 Naizvozvo, havana kuziva kwokunangisa ngarava, mukudaro kwakasimuka dutu guru, hongu, mhepo yakaipisa zvikuru, “tikadzorerwa shure pamusoro pemvura kwemazuva matatu; vakatangisa kuva nokutya kukuru kuti vangangonyudzwa mugungwa; zvakadaro havana kundisunungura.

14 Uye pazuva rechina, apo takanga tadzorerwa shure, mhepo nedutu yakatangisa kurwadza zvikuru.

15 Uye zvakaitika kuti takange tava kuda kumedzwa negungwa. Uye shure kwokunge tadzorerwa shure tiri mumvura kwamazuva mana, vakoma vangu vakatangisa “kuona kuti kutonga kwaMwari kwakanga kwava pavari, kuti vanofa kana vasina kutendeuka kubva pazvivi zvavo, saka vakauya kwandiri, vakasunungura tambo dzakanga dzakandisunga maoko, hongu, akanga azvimba zvikuru, uye nezvizo zvemakumbo angu zvakanga zvazvimbawo, zvichirwadza zvikuru.

16 Zvakadaro ndakatarisa kuna Mwari wangu, “ndakamukudza zuva rose; uye handina kutsutsumwa kuna Ishe pamusana pokutambudzwa kwangu.

17 Zvino baba vangu Rihai,

8a 2 Ni. 10:20.

b 1 Ni. 2:20.

NKM Nyika

yeChipikirwa.

10a 1 Ni. 17:17–55.

b Gen. 37:9–11;

1 Ni. 16:37–38;

2 Ni. 1:25–27.

11a Aruma 14:11.

12a 1 Ni. 16:10, 16, 26;

2 Ni. 5:12;

Aruma 37:38–47;

D&Z 17:1.

13a Mosaya 1:17.

15a Hir. 12:3.

16a Aruma 36:28.

vakanga vataura zvinhu zvakawanda kwavari, uyewo nekuvanakomana “vaIshmaeri; asi tarisai, vakatyisidzira uyo wose aida zvekundireverera; uye vabereki vangu savanhu vakanga vakwegura, uye vari vanhu vairwadziwa nenzira yekuita kwevana vavo, hongu, vakange vave vanhu veparukukwe rwokurwara.

18 Nokuda kwokutambudzika kwavo nokusuwa, nokutadza kwavakoma vangu, vakanga vaunzwa pedyo nokutakurwa kubva panguva ino kuti vasingane naMwari wavo; hongu, uye kana bvudzi ravo jena rakanga rava pedyo kurinzwa muguruva; hongu, uye vakanga vava pedyo kuti vakandwe nokusuwa muguva rizere mvura.

19 Uye Jakobho naJosefa, sezvo vakanga vari vadiki, vaida zvinogutsa zvakawanda, vakasuwa pamusana pekutamudzika kwamai vavo; uye mudzimai “wangu nemisodzi neminamoto yake, uye vana vangu, havana kunyevenutsa mwoyo yavakoma vangu kuti vandisunungure.

20 Uye hapana chimwe chinhu kunze kwesimba raMwari, raivatyisidzira kuti richavaparadza, chaita kuti vapfavise mwoyo yavo; naizvozvo, zvavakaona kuti vakange vavakuda kumedzwa negungwa vakatendeuka pazvinhu zvavakanga vaita, mukudaro vakandisunungura.

21 Uye zvakaitika kuti shure kwokunge vandisunungura, tarisai, ndakatora chinongedzo, chikasevenza nenzira yandaida. Uye zvakaitika kuti ndakana-mata kuna Ishe; shure kwokunge ndananata mhopo yakamira, dutu rikamira kukava nokunya-rara kukuru.

22 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakafambisa ngarava, tikafamba tichienda kunyika yechipikirwa.

23 Uye zvakaitika kuti shure kwokunge tafamba mazuva akawanda takasvika munyika “yechipikirwa; takaburuka tikadzika matende edu; tika-idaidza kuti nyika yechipikirwa.

24 Uye zvakaitika kuti takatangingisa kurima, tikatangisa kudyara mbeu; hongu, tikaisa mbeu dzedu dzose muvhu, idzo dzatakanga tauya nadzo kubva kunyika yeJerusarema. Uye zvakaitika kuti dzakakura zvikuru; naizvozvo, takakomborerwa zvikuru.

25 Uye zvakaitika kuti takaona munyika yechipikirwa, apo taifamba murenje, kuti makanga muine mhuka mumasango dzemhando dzose, nzombe nemhou, mbongoro nemahachi, mbudzi nembudzi dzomusango, nedzimwewo mhuka dzesango, idzo dzakange dzakaisirwa kushandiswa navanhu. Takaona mabwe esimbi dzose, egoridhe, nesirivha, nemhangura.

CHITSAUKO 19

Nifai anoita mahwendefa esimbi uye obva anyora rungano rwevanyu vekwake—Mwari vaIsraeri vachauya kwapfuura mazana matanhatu emakore kubvira panguva yakabva Rihai muJerusarema—Nifai anotaura pamusoro pekutambudzwa nekuroverwa kwavo—MaJuda vachashorwa uye vago-paradzaniswa kudakara mazuva ekupedzisira, pavachazodzokera kuna Ishe. Zvingangove makore 588 kusvika ku570 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti Ishe vakandituma, nokudaro ndikagadzira mahwendefa esimbi kuti ndigonyora paari zvinyorwa zvevanhu vekwedu. Uye “pamahwendefa andakaita ndakaisa zvinyorwa ^bzvababa vangu, nenzendo dzedu tiri murenje, nezvekuporofita kwababa vangu; nezvishinji zvekuporofita kwangu ndakazvinyora paari.

2 Uye handina kuziva panguva yandakanga ndichigadzira kuti ndichazotumwa naIshe kugadzira mahwendefa ^aaya; nokudaro, zvinyorwa zvababa vangu, nezvenhoroondo yekuberekwa kwemadzibaba avo, nechidimbu chezvakananda zvekufamba kwedu murenje zvakanorwa pamahwendefa aye ekutanga andambotaura; nokudaro, zvinhu zvakatora nzvimbo ndisati ndagadzira

mahwendefa ^baya, pachokwadi, zvakataurwa nezvazvo kunyanya mumahwendefa ekutanga.

3 Uye mushure mekuita mahwendefa aya nekutumwa, ini Nifai, ndakagashira shoko rekuti hushumiri nezvekuporofita, zvidimu zvainge zvakananyanya kuve pachena uye zvinokosha zvacho, zvaifanirwa kunyorwa pamahwendefa ^aaya; uye nokuti zvinhu zvinyorwa zvichenge-terwe kudzidziswa vanhu vekwangu, vanenge vari varidzi venyika, uyewo kuitira mamwe mabasa ^beuchenjeri, aya mabasa ari anozivikanwa kuna Ishe.

4 Nokudaro, ini Nifai, ndakaita zvinyorwa pane mamwe mahwendefa, zvinopa nhoroondo, kana zvinopa nhoroondo huru yedzihondo nekupesana neku-paradzwa kwevanhu vekwangu. Uye izvi ndakazviita, uye ndikaudza vanhu vekwangu zvekuita mushure mekunge ndaenda; nekuti mahwendefa aya akafanira kugashidzanwa kubva kune chimwe chizvarwa kuenda kune chimwe, kana kuti kubva kune muporofita zvichienda kune mumwe, kudakara Ishe vataura zvakare.

5 Uye nhoroondo “yekugadzira kwangu mahwendefa aya ichapiwa mushure; uye zvino, tari-sai, ndoenda mberi maererano nezvandataura; uye izvi ndinoita kuti zvinhu zvinonyanya kuyera ^bzvichengeterwe kuziva kwevanhu vekwangu.

19 1a NKM Mahwendefa.

b 1 Ni. 1:16-17; 6:1-3.

2a 2 Ni. 5:30.

b 1 Ni. 9:1-5.

3a Jak. 1:1-4; 3:13-14;

4:1-4.

b 1 Ni. 9:4-5;

Mazwi 1:7;

D&Z 3:19-20; 10:1-51.

5a 2 Ni. 5:28-33.

b NKM Magwaro

matsvene—Magwaro

matsvene anofanira

kuchengetedzwa.

6 Zvakadaro, handinyore chinhu pamahwendefa kunze kwekunge ndichifunga kuti ^achinoyera. Uye zvino, kana ndikakanganisa, kana vakare vaikanganisa; kwete kuti ndinotsvaka kuzvinatsa pamusoro pevamwe, asi nenzira ^byekusasimba kuri mandiri, maererano nenyama, ndingazvinatse.

7 Nokuti zvinhu zvinotariswa nevamwe vanhu sezvinhu zvinokosha zvikuru, zvose kumuviri nekumweya, vamwe ^avanzvizvidza vozvitsika pasi netsoka dzavo. Hongu, kana Mwari chaivo valsraeri vanhu ^bvano vatsikirira pasi petsoka dzavo; ndinoti, kutsikirira pasi petsoka dzavo asi ndikataura nemamwe mazwi—vanovaita chinhu chisina maturo, uye havateerere kuzwi rake rokuraira.

8 Uye tarisai ^avanouya, maererano nemazwi engirozi, mumazana ^bmatanhatu emakore kubva panguva baba vangu yavakasiya Jerusarema.

9 Uye nyika, nenzira yekuipa kwavo, vachavati chinhu chisina maturo; nokudaro vanomuranga, uye vanozvibvumira;

uye vanomurova, uye vanozvibvumira. Hongu, ^avanovasvipira, uye vanozvibvumira, nenzira yerudo rwetsitsi dzavo nemwoyo murefu wavo kuvana vevanhu.

10 Uye ^aMwari vamadzibaba edu, avo ^bvakatungamirwa kubuda munyika yeEgipita, kubva muusungwa, uye vakachengetwa navo murenje, hongu, ^cMwari vaAbrahama, uye valsaka, naMwari vaJakobo, ^dvozvipira, maererano nemazwi engirozi, semunhu, mumako evanhu vakaipa, kuti ^evagosimudzwa, maererano nemazwi ^faZenoki, uye ^gvagoroverwa, maererano nemazwi aNiamu, uye vagovigwa ^hmbuwiro, maererano nemazwi ⁱaZenosi, aakataura pamusoro pemazuva matatu ^jerima, richapiwa sechiratidzo chekufa kwavo kune avo vanenge vari vagari vemuzvitsuwa zvegungwa, kunyanya zvichapiwa kune avo ^kvemba yaIsraeri.

11 Nokuti ndiko kutaura kwakaita muporofita: Ishe Mwari chokwadi ^avachashanyira vose vemba yaIsraeri pazuva iro,ro,

6a Ona peji yeMusoro wenywa weBhukuraMormoni.

NKM Mutsvene.

^b Morm. 8:13–17;

Eta 12:23–28.

7a 2 Ni. 33:2; Jak. 4:14.

^b NKM Hupanduki.

8a NKM Jesu Kristu—

Zviporofita

nezvekuzvarwa

uye nerufu

rwajesu Kristu.

^b 1 Ni. 10:4; 2 Ni. 25:19.

9a Isa. 50:5–6;

Mat. 27:30.

10a 2 Ni. 26:12;

Mosaya 7:27;

27:30–31;

Aruma 11:38–39;

3 Ni. 11:14–15.

^b Eks. 3:2–10; 6:6;

1 Ni. 5:15; D&Z 136:22.

^c Gen. 32:9;

Mosaya 7:19;

D&Z 136:21.

NKM Jehova.

^d NKM Dzikinura.

^e 3 Ni. 27:14.

^f Aruma 33:15; 34:7;

Hir. 8:19–20;

3 Ni. 10:15–16.

NKM Magwaro

Matsvene—Magwaro

Matsvene akarasika;

Zenoki.

^g 2 Ni. 6:9; Mosaya 3:9.

NKM Kuroverwa.

^h Mat. 27:60; Ruka 23:53;

2 Ni. 25:13.

ⁱ Jak. 6:1; Hir. 15:11.

NKM Zenosi.

^j 1 Ni. 12:4–5;

Hir. 14:20, 27;

3 Ni. 8:3, 19–23; 10:9.

^k 3 Ni. 16:1–4.

11a 3 Ni. 9:1–22;

D&Z 5:16.

vamwe nezwi ravo, nokuda kweurarami hwavo, mukufara kwavo kukuru neruponeso, uye vamwe ^bnekutinhira nemabhanan'ana esimba ravo, nedutu remhepo, nemoto, neutsi, nekunyangarika ^ckwerima, nekuzuruka ^dkwevhu, ^enemakomo achatakurwa mudenga.

12 Uye ^azvose zvinhu izvi zvechokwadi zvichauya, anotaura muporofita ^bZenosi. Uye ^cmatombo enyika akafanira kutsemuka; nenzira yekugomera kwepasi, vazhinji vemadzimambo ezvitsuwa zvegungwa vachatunhwa neMweya waMwari, vagodaidzira: Mwari venyika vatambudzika.

13 Uye kune avo vari kuJerusarema, muporofita anoti, ^avacharangwa nevanhu vose, nokuti ^bvanorovera Mwari valsraeri, uye vachiisa mwoyo yavo rutivi, vachiramba zviratidzo neminana, nesimba nembiri yaMwari valsraeri.

14 Uye nenzira yokuti vanote-deutsira mwoyo yavo rutivi, anotaura muporofita, uye ^avakashora Mutsvene walsraeri, vachakwetaira munyama, voparara, uye vove ^bchitukiso ^cno-kurehwa, uye vagovengwa mukati memarudzi ose.

15 Zvakadaro, kana zuva iroro rasvika, anodaro muporofita, zvekuti vanenge ^avasisaite kuti mwoyo yavo ivenge Mutsvene walsraeri, ndipo pavachazoyeuka ^bzvibvumirano zvakaita kumadzibaba avo.

16 Hongu, ndipo paachayeuka ^azvitsuwa zvegungwa; hongu, nevose vanhu avo vemba yaIsraeri, ^bndichavaunganidza, vanodaro Ishe, maererano nemazwi emuporofita Zenosi, kubva mumativi mana epasi.

17 Hongu, uye pasi pose ^apachaona ruponeso rwaIshe, anodaro muporofita; rwose rudzi, hama, ndimi nevanhu vacharopafadzwa.

18 Uye ini Nifai, ndakanyora zvinhu izvi kuvanhu vekwangu, kuti zvimwe ndingavanyengetedze kuti vayeuke Ishe Mununuri vavo.

19 Nokudaro, ndinotaure kune vose vemba yaIsraeri, kuti zvimwe vangawane zvinhu ^aizvi.

20 Nokuti tarisai, ndine mabasa emumweya, anondinetesa zvekuti nhengo dzemuviri wangu dzose hadzina simba, mukunzwira kwangu avo vari Jerusarema; nokuti dai Ishe vakanga asina kuita tsitsi, dzekundiratidza pamusoro pavo,

11b Hir. 14:20–27;
3 Ni. 8:5–23.
c Ruka 23:44–45;
3 Ni. 8:19–20.
d 2 Ni. 26:5.
e 3 Ni. 8:10.
12a Hir. 14:20–28.
b Jak. 5:1.
c Mat. 27:51.
13a Ruka 23:27–30.

b 2 Ni. 10:3.
14a Isa. 53:3–6;
Mosaya 14:3–6.
b NKM majuda.
c Deut. 28:37;
I Madz. 9:7;
3 Ni. 16:9.
15a 1 Ni. 22:11–12.
b NKM Chibvumirano
chaAbrahama.

16a 1 Ni. 22:4;
2 Ni. 10:21.
b Isa. 49:20–22.
NKM Israeri—
Kuunganidzwa
kwa Israeri.
17a Isa. 40:4–5.
19a Eno. 1:16;
Morm. 5:12; 7:9–10.

sezvavaiita kumaporofita vakare, ndingadai ndakafawo.

21 Uye chokwadi vakaratidza “kumaporofita vakare zvinhu zvose ^bpamusoro pavo; uye vakaratidzawo vazhinji pamusoro pedu; nokudaro, takafanira kuziva nezvavo nokuti zvakanyorwa pamahwendefa endarira.

22 Zvino zvakaitika kuti ini Nifai, ndakadzidzisa vakoma vangu zvinhu izvi; uye zvakaitika kuti ndakavaverengera zvinhu zvizhinji, zvakanga zvakanyorwa “pamahwendefa endarira, kuti vazive nezvekuita kwaIshe kune dzimwe nyika, pakati pevanhu vakare.

23 Uye ndakavaverengera zvinhu zvizhinji zvakanyorwa “mumabhuku aMosesi, asi kuti zvimwe ndivanyengetedze zvakakwana kuti vatende munaIshe Mununuri vavo ndakavaverengera izvo zvakanyorwa nemuporofita ^bIsaya; nokuti “ndakafananidza magwaro matsvene ose kwatiri, kuti ^dzvityamure nekuti tidzidze.

24 Nokudaro ndakataura kwavari ndichiti: Inzwai imi mazwi emuporofita, imi muri vakasara vemba yaIsraeri, “bazi rakatyoka rikava paro rega; inzwai imi mazwi emuporofita, ayo akanyorerwa kuna vose vemba yaIsraeri, mugoafananidza

nemi, kuti mugove netariro nehama dzenyuwo dzinove ndipo pamakapazuka muchibva; nokuti ndiyo tsika yazvakanyorwa nayo nemuporofita.

CHITSAUKO 20

Ishe vanoratidza zvavanoda kuita kuna Israeri—Israeri akasarudzwa muchoto chematambudziko uye achaenda achibva muBabironi—Enzanisai naIsaya 48. Zvingangove makore 588 kusvika ku570 Kristu asati azvarwa.

TEERERAI munzwe izvi, imi vemba yaJakobo, munodaidzwa nezita raIsraeri, uye mauya kubva mumakungwa aJuda, kana mabuda mumvura “yerubhabhatidzo, munopika nezita raIshe, uye muchitaura nezvaMwari vaIsraeri, asi vasingapike muchokwadi kana mukururama.

2 Zvakadaro, vanozvidaidza kuti ndeveguta “dzvene, asi havaite kuti ^bvagare vari munaMwari vaIsraeri, avo vanove ndivo Mwari veMauto; hongu, Mwari veMauto ndiro zita ravo.

3 Tarisai, ndakazvita zvinhu “izvi kubvira pakutanga; uye zvakabuda zvichibva mumuro-mo wangu, uye ndikavaratidza. Ndikaerekana ndavaratidza.

21a II Madz. 17:13;
Amosi 3:7.
NKM Muporofita.

^b 3 Ni. 10:16–17.

22a 1 Ni. 22:1.

23a Eks. 17:14; 1 Ni. 5:11;
Mos. 1:40–41.

^b 1 Ni. 15:20;

2 Ni. 25:4–6;

3 Ni. 23:1.

^c NKM Magwaro matsvene—Kukosha kwemagwaro matsvene.

^d 2 Ni. 4:15.

24a Gen. 49:22–26;

1 Ni. 15:12;

2 Ni. 3:4–5.

20 1a NKM Bhabhatidza.

2a Isa. 52:1.

NKM Jerusalem.

^b NEMAMWE MAZWI kuvimba.

3a Isa. 46:9–10.

4 Uye ndakazviita nokuti ndaiziva kuti “iwe une nharo, uye mutsipa wako irunda resimbi, uye mhanza yako indarira;

5 Uye kana kubvira pakutanga ndakataura kwauri; zvisati zvaitika ndakakuratidza kwavari; uye ndakavaratidza pamusana pekutya kuti pamwe waizoti — “Chimufananidzo changu ndicho chazviita, uye mufanidzo wangu wakavezwa, uye mufananidzo wangu wa-kaumbwa ndiwo wataura.

6 Waona ukanzwa zvose izvi; uye hamuzvitaure here? Uye nokuti ndakuratidza zvinhu zvitsva kubvira panguva ino, kana zvinhu zvakavanda, uye iwe wange usingazvize.

7 Zvakasikwa iye zvino, uye kwete kubvira pakutanga, kana muzuva rawakange usati wazvinzwa zvakange zvatotaurwa kwauri kare, pamwe ungazoti—Tarisai ndaizvize.

8 Hongu, uye hauna kunzwa; hongu, hawai ziva; hongu, kubvira panguva iyo nzeve dzako hadzina kuvhurwa; nokuti ndaiziva kuti waizoita nekunyengetedza kukuru, uye wakadaidzwa kunzi “mutadzi kubva uri munhumbu.

9 Zvisinei pamusana “pezita rangu ndinombomisa kushati-rwa kwangu, uye pamusoro pekurumbidzwa kwangu ndo-

mbobva kwauri, kuti ndisazokudimbura.

10 Nokuti tarisai, ndakakunatsa, ndakakusarudza muchoto chemoto “wedambudziko.

11 Kuzviitira ini, hongu, nenzira yangu ini ndichazviita izvi, nokuti handizobvumira “zita rangu kuti risvibiswe, uye ^bhandizopa mbiri yangu kune mumwe.

12 Teerera kwandiri Jakobo, newe Israeri wakadaidzwa wangu, nokuti ndini iye; ndini “wekutanga, uye ndiniwo wekupedzisira.

13 Ruoko rwangu ndirwowo “rwakaisa hwaro hwepasi, uye ruoko rwangu rwerudyi ndirwo rwakasika matenga. Ndinozvaidaidza uye zvichimira pamwechete.

14 Mose imi unganai pachenyu, uye munzwe; ndiani pakati pavo akataura zvinhu izvi kwavari? Ishe akamuda; hongu, “achazadzikisa shoko rake raakataura nekwavari; uye achaita zvinomufadza ^bneBabironi, uye ruoko rwake rwuchauya pamusoro pemaKardea.

15 Zvekare Ishe vanoti; ini Ishe, hongu, ndakataura; hongu, ndikamudaidza kuti ataure, ndakamuunza, uye achaita nzira yake ibudirire.

16 Uyai imi pedyo neni; handina kutaura “muruvande;

4a NEMAMWE MAZWI
Israeri.

5a NKM Kunamata
Zvifananidzo.

8a Mpi. 58:3.

9a I Sam. 12:22;

Mpi. 23:3;

I Joh. 2:12.

10a NKM Matambudziko.

11a Jer. 44:26.

^b Isa. 42:8;

Mos. 4:1–4.

12a Zvaka. 1:17; 22:13.

NKM Arfa naOmega;

Dangwe.

13a Mpi. 102:25.

NKM Sika.

14a I Madz. 8:56;

D&Z 64:31; 76:3.

^b NKM Baberi, Babironi.

16a Isa. 45:19.

kubvira pakutanga, kubvira panguva yazvakataurwa pachena ndakataura; uye Ishe Mwari, neMweya wavo, vakatuma ini.

17 Uye ndiko kutaura kwaIshe, “Mununuri wenyu, Mutsvene waIsraeri; Ndavatuma, Ishe Mwari venyu vanokudzidzisai kuwana, ^bvanokutungamirirai nemunzira yamakafanira kueda nayo, vazviita.

18 Dai makateerera “mirairo yangu—zvino runyararo rwenyu rwungadai rwakaita serwizi, uye kururama kwenyu kwakaita semasaisai egungwa.

19 “Mbeu yenyuwo ingadai yakaita sejecha; zvizvarwa zveura hwenyu setsanza; zita rake haraifanira kunge rakabviswa kana kuparadzwa kubva pamberi pangu.

20 “Endai imi veBabironi, tizai kubva kumaKardea, nezwi rekuimba daidzirai, taurai izvi, taurai kusvika kumuganhu wenyika; itii: Ishe vanunura ^bmuranda wavo Jakobo.

21 Uye havana kunzwa “nyota; vakavatungamirira mugwenga; vakavaitira kuti mvura iyerere ichibva ^bmudombo; vakatsemurawo dombo uye mvura dzikadhuhuka.

22 Uye kana dai zvazvo vakaita zvose izvi, nezvimwe zviku ruwo kupfuura izvi, hakuna “runyararo, vanodaro Ishe, kune vakaipa.

CHITSAUKO 21

Mesia achave mwenje kuvaJentairi uye achasunungura vasungwa—Israeri ichaunganidzwa nesimba mumazuva ekupedzisira—Madzimumbo ndivo vachave madzibaba ekuvarera—Enzanisai naIsaya 49. Zvingangove makore 588 kusvika ku570 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakare: Inzwai imi vemba yaIsraeri, mose imi makabva mukatandirwa kunze nenzira yekuipa kwevafudzi vevanhu vangu; hongu, mose imi makabva, makapararira muri vanhu vekwangu, imba yaIsraeri. Teererai imi “zvitsuwa kwandiri, uye inzwai imi vanhu vanobva ^bkure; Ishe vakandidaidza ndiri munhumbu; ndiri muura hwamai vangu vakataura zita rangu.

2 Uye vakaita muromo wangu kuti uve wakapinza semunondo; vakandiviga mumumvuri weruoko rwavo, uye vakandiita museve wakakwenenzverwa, vakandiviga munhava yavo.

3 Uye vakati kwandiri: Iwe uri “muranda wangu, Israeri, mandichakudzwa zvikuru.

4 Zvino ndakati, ndakashandira pasina, ndakaparadza simba rangu zvisina maturo uye pasina; chokwadi kutongwa kwangu kuna Ishe, uye basa rangu rina Mwari wangu.

17a NKM Mununuri.

^b NKM Kutunhwa;

Zvakazarurwa.

18a Mpa. 8:5.

19a Gen. 22:15–19;

Hos. 1:10.

20a Jer. 51:6;

D&Z 133:5–14.

^b Isa. 44:1–2, 21.

21a Isa. 41:17–20.

^b Eks. 17:6;

Num. 20:11;

1 Ni. 17:29;

2 Ni. 25:20.

22a NKM Runyararo.

21 1a 1 Ni. 22:4;

2 Ni. 10:20–22.

^b D&Z 1:1.

3a Zvaka. 25:55;

Isa. 41:8;

D&Z 93:45–46.

5 Uye zvino, Ishe vanodaro—avo “vakandiumba kubva munhumbu kuti ndive muranda wavo, kuti ndiunze Jakobo zvakare kwavari—kana dai Israeri isina kuungana, kana dai zvakadaro ndichakudzwa mumaziso malshe, uye Mwari vangu vachave simba rangu.

6 Uye vakati: Chinhu chiri nyore kwazvo kuti uve muranda wangu kuti umutse “marudzi aJakobo, nokudzorera pakare avo vakachengetedzwa vaIsraeri. Ndichakupawo ^bsemwenje ‘kumaJentairi, kuti uve ruponeso rwangu kusvika kwakaperera pasi.

7 Ndizvo zvinotaurwa naIshe, Mununuri waIsraeri, Mutsvene, kuna ivo vanoshorwa nevanhu, kuna ivo vasingadiwe nemarudzi, kune muranda vevatongi: Madzimambo achaona agosimuka, machinda naivowo vachanamata, nenzira yaIshe vane rutendo.

8 Ndizvo zvinotaurwa naIshe: Munguva yakafanira ndakakunzwai, zvitsuwa zvegungwa, uye muzuva reruponeso ndakakuyamurai; uye ndichachengetedzai, uye ndigokupai muranda “wangu sechibvumirano chevanhu, kusimbisa pasi, kuita kuti nenhaka dzange dzisina kugarwa dzigarwe;

9 Kuti mungazoti “kuvasungwa: Endai; kune avo vagere ^bmurima: Zviratidzei. Vachadya mudzinzira, uye ‘mafuro avo achave munzvimbo dzose dzakatunhumara.

10 Havachazonzwa nzara kana nyota, kana kupisa kana zuva hazvingavanetse, nokuti ane tsitsi navo achavatungamirira, nekuzvisipiti zvemvura achavaratidza.

11 Uye ndichaita makomangu ose ave nzira, uye “migwagwa yangu ichasimudzirwa.

12 Uye zvino imba yaIsraeri, tarisai, “ava vachabva kure; uye ona, ava vachabva kuchamhembe nekumadokero; ava vachabva munyika yaSinimi.

13 “Imbai Matenga; uye muve nemufaro, iwe nyika; nokuti tsoka dzeavo vari kumabvazuva dzichamiswa; uye mugotanga kuimba, imi makomo; nokuti haachazorohwa; nokuti Ishe vanyaradza vanhu vavo, uye anozove netsitsi kune avo vanotambudzika.

14 Asi tarisai, Zioni yakati: Ishe vandirasa, uye Ishe vangu vandikanganwa—asi vacharatidza kuti havana.

15 Ko “mudzimai angakanganwe here mwana wake ari kuyamwa, kuti atadze kunzwira nyasha mwanakomana weura hwake? Hongu, ^bvangakanga-

5a Isa. 44:24.

6a NKM Israeri—
Marudzi gumi
nemaviri eIsraeri.

b D&Z 103:8–10;
Abr. 2:10–11.

c 3 Ni. 21:11.

8a 2 Ni. 3:6–15;

3 Ni. 21:8–11;

Morm. 8:16, 25.

9a NKM Ruponeso
rweVakafa.

b 2 Ni. 3:5.

c Ezk. 34:14.

11a Isa. 62:10;
D&Z 133:23–32.

12a Isa. 43:5–6.

13a Isa. 44:23.

15a NKM Mukadzi.

b Isa. 41:17;
Aruma 46:8;
D&Z 61:36.

nwe, asi ini handizokukanga-nwa, imba yaIsraeri.

16 Tarisai, ndakakunyora “pazvanza zvemaoko angu; tsvingo dzako dziri mberi kwangu nguva dzose.

17 Vana vako vachakurumidza kurwisa mharadzi dzako; neavo “vakakuparadza vachabva kwauri.

18 Simudza meso ako utarise-tarise uye uone; vose ava “vanoungana pamwechete, uye vachauya kwauri. Uye sezvo ndichirarama, vanodaro Ishe, uchazvifukidza chokwadi navo vose, sechishongo, uye wovasungirira pauri semwenga.

19 Nokuti nzvimbo dzako dzakaipa nedzakanga dzisina aigara, nenyika yawakaparadza, iye zvino dzichave dzakamanika nenzira yevageremo; nevakakumedza vanenge vave kure.

20 Vana vaunenge waita, mushure mekunge warasikirwa nevekutanga, vachati zvakare munzeve dzako: Nzvimbo ino “yakamanikana kwandiri; ndipei nzvimbo ini yekuti ndigare.

21 Zvino “iwe uchatu nemumwoyo mako: Ndiani akandiberekera izvi, munoona kuti ndakarasikirwa nevana vangu, uye ^bhandina chandiinacho, ndiri nhapwa, uye ndinogoti ndaenda ndadzoka? Uye ndiani

akaunza izvi? Tarisai, ndakasi- iwa ndegga, ava, vanga varipi?

22 Ndizvo zvinotaurwa naIshe: Tarisai, ndichasimudzira ruoko rwangu ^akumaJentairi, uye ndigomisa ^brupawo rwangu kuvanhu; uye vachauya nevanakomana vako ‘mumaoko avo, uye vanasikana vako vachatakurwa pamapfudzi avo.

23 Uye “madzimambo achave madzibaba ^bekukurera, uye madzimambokadzi avo ndivo madzimai ekukurera; vachakotama kwamuri nezviso zvavo zvakatarisa pasi, uye vagonanzva guruva retsoka dzenyu; uye iwe uchaziva kuti ndini Ishe; nokuti havazonyara avo ‘vanondimirira.

24 Nokuti zvapambwa zvingabvutirwe vanotyisa here, kana kuti nhapwa “dzepamurau dzingasunungurwa here?

25 Asi ndizvo zvinotaura Ishe, kana nhapwa dzevanotyisa dzichatorwa, uye nyama yevakaipa ichasunungurwa; nokuti ndicharwisana naye anorwisana newe, uye ndichaponesa vana vako.

26 Uye avo vanokudzvinyirira “ndichavadyisa nyama yavo; vachararadza neropa ravo sekunge vanwa waini; uye yose nyama ^bichaziva kuti ini Ishe, ndini Muponesi wako neMununuri wako, ^cAnotyisa waJakobo.

16a Zek. 13:6.

17a 3 Ni. 21:12–20.

18a Mika 4:11–13.

20a KANA chakabata
kana chakamanikira.

21a NEMAMWE MAZWI
Zioni.

^b Isa. 54:1; VaG. 4:27.

22a Isa. 66:18–20.

^b Isa. 11:12; 18:3.

^c 1 Ni. 22:8;

2 Ni. 10:8–9.

23a Isa. 60:16.

^b 1 Ni. 22:6.

^c 2 Ni. 6:13;

D&Z 98:2;

133:10–11, 45.

24a 1 Ni. 21:25.

26a 1 Ni. 22:13–14.

^b Mosaya 11:22.

^c NKM Jehova.

CHITSAUKO 22

Israeri ichapararira nepasi pose—MaJentairi vacharera nokuriritira Israeri nevhangeri mumazuva ekupedzisira—Israeri achaunganidzwa agoponeswa, uye vakaipa vachatsva semashanga—Uma-mbo hwadhiabhorosi huchaparadzwa, uye Satani achasungwa. Zvingangove makore 588 kusvika ku570 Kristu asati azvarwa.

UYE zvinu zvakaitika kuti mushure mekunge ini Nifai, ndaverenga zvinhu izvi zvakan-ga zvakanyorwa “pamahwenda-ndefa endarira, hama dzangu dzakauya kwandiri uye dzikati kwandiri: Zvinhu zvavavere-nga izvi zvinorevei? Tarisai, zvinonzwikwa sezvinhu zviri maererano nemweya here, zvichazoonekwa maererano nemweya uye kwete kunyama?

2 Uye ini Nifai, ndakati kwavari: Tarisai “zvakaishwa pachena kumuporofita nezwi reMweya; nokuti ^bneMweya zvose zvinhu zvinoziviswa ‘kumaporofita, zvichazoitika kuvana vevanhu maererano nezvenyama.

3 Nokudaro, zvinhu zvandave-rena zvinhu zvirimaererano “nezvenyama uye nezvemweya; nokuti zvinoratidzika kuti imba yaIsraeri, mushure mechinguva,

^bichapararira pasi pose, nemu-marudzi ose.

4 Uye tarisai, kune vazhinji vakatorasika vasisazivikanwe neavo vari Jerusarema. Hongu, rwuzhinji “rwemarudzi rwakatorwa ^brwukaendwa narwo; uye vakapararira kwose-kwose ‘muzvitsuwa zvegungwa; uye kuti varipi hakuna mumwe wedu anoziva, kunze kwekuti tinoziva kuti vakatorwa vakaendwa navo.

5 Uye kubvira nguva yavakatorwa, zvinhu izvi zvange zvichingunoporofitwa pamusoro pavo, nemaereranowo neavo vose vachaparadzirwa uye vagovhiringwa, nenzira yeMutsvene waIsraeri; nokuti vachakomesa mwoyo yavo nekusamuda; nokudaro vachaparadzirwa mumarudzi ose uye “vagove-ngwa nevanhu vose.

6 Zvakadaro, mushure mekunge “varerwa ^bnemaJentairi, uye Ishe vasimudzira ruoko rwavo maJentairi avamisa serupawo, uye ‘vana vavo vatakurwa mu-maoko avo, uye vanasikana vavo vatakurwa pamapfudzi avo, tarisai zvinhu zviri kutaurwa izvi ndezvenyama; nokuti ndizvo zvakaaita zvibvumirano zvaIshe nemadzibaba edu; uye zvinoreva isu mumazuva ari kuuya, nehama dzedu dzose dziri dzemba yaIsraeri.

7 Uye zvinoreva kuti nguva

22 1a 1 Ni. 19:22; 2 Ni. 4:2.

2a II Pet. 1:19-21.

^b NKM Mweya Mutsvene.

^c NKM Huporofita.

3a D&Z 29:31-34.

^b 1 Ni. 10:12-14;

2 Ni. 25:14-16.

NKM Israeri—
Kupararira kwa
Israeri.

4a NKM Israeri—

Marudzi gumi
akarasika aIsraeri.

^b 2 Ni. 10:22.

^c 1 Ni. 21:1;
2 Ni. 10:8, 20.

5a 1 Ni. 19:14.

6a 1 Ni. 21:23.

^b NKM MaJentairi.

^c 1 Ni. 15:13.

ichasvika yekuti mushure imba yose yaIsraeri yaparadzirwa uye yavhiringwa, kuti Ishe Mwari vachamisa rudzi rwukuru pakati “pemaJentairi, hongu, kana pamusoro penyika ino; naivo mbeu yedu ^bichaparadzirwa.

8 Uye mushure mekuperadzirwa kwembeu yedu Ishe Mwari vachaita rimwe basa “rinoshamisa kwazvo pakati ^bpemaJentairi, richave ^crinokosha kwazvo kumbeu yedu; nokudaro, zvinofananidzwa nokuriritirwa nemaJentairi nokunge vakatakurwa mumaoko avo nepamapfudzi avo.

9 Uye richave “rinokoshawo kumaJentairi; uye kwete kumaJentairi chete asi ^bnekumba yose yaIsraeri, nemukuziviswa ^ckwezvibvumirano zvakababa vedenga kuna Abrahamama, zvichinzi: “Mumbeu yako ose marudzi epasi ^cacharopafadzwa.

10 Uye ndingade, hama dzangu, kuti muzive kuti ose marudzi epasi haangropafadzwe kunze kwekunge “aratidza simba ravo mumaziso emarudzi.

11 Nokudaro, Ishe Mwari vacharatidza simba ravo mumaziso emarudzi ose, mukuunza

zvibvumirano zvavo nevhangeri ravo kune avo vemba yaIsraeri.

12 Nokudaro, achavaburitsa zvakare muutapwa, uye “vachauanganidzwa pamwechete munyika dzenhaka yavo; uye vachaburitswa mukudzikaitirwa uye ^bmurima; uye vachaziva kuti ^cIshe ndivo “Muponesi wavo neMununuri wavo, ^cAne-simba weIsraeri.

13 Uye ropa rechechi iya huru “inonyangadza, rinove ndiro pfambi repasi pose, richavapindukira pamusoro pavo; nokuti ^bvacharwisana pakati pavo, uye munondo uri ^cmumaoko uchawira pamusoro pavo, uye vacharadzwa neropa ravo.

14 Uye rwose “rudzi rwucharwisana newe, iwe imba yaIsraeri, vachapindukirana pachavo, uye ^bvachawira mugumba ravachera kuteya vanhu vaIshe. Uye vose avo ^cvanorwisana neZioni vachaparadzwa, nepfambi guru riya, rakaipisa nzira dzalshe, hongu, chechi iya huru inonyangadza, richawira pasi ^dmuguruva uye kuwa kwaro kuchave kukuru.

15 Nokuti tarisai, anodaro

7a 3 Ni. 20:27.

b 1 Ni. 13:12–14;
2 Ni. 1:11.

8a Isa. 29:14;

1 Ni. 14:7;
2 Ni. 27:26.

NKM Kudzorera
pakare kweVhangeri.

b 2 Ni. 10:10–11;
3 Ni. 16:4–7;
Morm. 5:19.

c 1 Ni. 15:13–18;

3 Ni. 5:21–26; 21:7.

9a 1 Ni. 14:1–5.

b 2 Ni. 29:13–14;

2 Ni. 30:1–7.

c Deut. 4:31.

d NKM Chibvumirano
chaAbrahamama.

e Gen. 12:2–3;
3 Ni. 20:27;
Abr. 2:9–11.

10a Isa. 52:10.

12a NKM Israeri—
Kuunganidzwa
kwa Israeri.

b NKM Rima,
zveMweya.

c 2 Ni. 6:10–11.

d NKM Muponesi.

e NKM Jehova.

13a NKM Dhiabhorosi—
Chechi
radhiabhorosi.

b 1 Ni. 14:3, 15–17.

c 1 Ni. 21:26.

14a Ruka 21:10.

b Isa. 60:12;

1 Ni. 14:3;

D&Z 109:25.

c 2 Ni. 10:13; 27:3.

d Isa. 25:12.

muporofita, nguva iri kuuya nokukurumidza yokuti Satani haachazove nesimba mumwoyo yevana vevanhu; nokuti zuva riri kusvika iye zvino rekuti vose vanodada neavo vanoita zvakaipa vachave “semashanga; uye zuva riri kusvika rekuti ^bvapiswe.

16 Nokuti nguva iri kusvika zvino zvino yekuti kuzara “kwehasha dzaMwari kuchadiriwa pane vose vana vevanhu; nokuti havazobvumira kuti vakaipa vaparadze vakarurama.

17 Nokudaro, “vachachengezedza ^bvakarurama nesimbavavo, kana dai zvazvo kuzara kwehasha dzavo kukauya, vakarurama vachengetedzwe, kana dai vavengi vavo vachiparadzwa nemoto. Nokudaro, vakarurama havafanire kutya; nokuti ndiko kutaura kwemuporofita, vachaponeswa, kana dai ungave moto.

18 Tarisai hama dzangu, ndinoti kwamuri, zvinhu izvi zvinofanira kuitika muchinguva chiri kuuya zvino zvino, hongu, kana ropa, nemoto, nemweya weutsi zvakafanira kuuya; uye zvakafanira kunge zviripamusoro penyika ino; uye zvinouya kuvanhu maererano nenyama kana zvaitika kuti vaomesa mwoyo yavo kuMutsvene waIsraeri.

19 Nokuti tarisai, vakarurama havazofi; nokuti nguva chokwadi yakafanira kusvika yekuti avo vose vanorwisana neZioni vachadimurwa.

20 Uye Ishe chokwadi vachagadzirira vanhu vavo nzira, mukuzadzikisa kwemazwi aMosesi, aakataura, achiti: Ishe Mwari venyu vachakumutsirai “muporofita, sezvandakaita ini; iyeyo ndiye amuchanzwa muzvinhu zvose zvaachataura kwamuri. Uye zvichaitika kuti vose avo vacharamba kunzwa muporofita iyeyo ^bvachabviswa kubva muvanhu.

21 Uye zvino ini Nifai, ndinotaura kwamuri, kuti “muporofita uyu akataurwa nezvake naMosesi aive Mutsvene waIsraeri; nokudaro, ^bachatonga mukururama.

22 Uye vakarurama havafanire kutya, nokuti ndivo vaye vasingavhiringwe. Asi umambo hwadhiabhorosi, huchavakwa mukati mevana vevanhu, huri umambo hwakaiswa pakati pavo avo venyama—

23 Nokuti nguva ichasvika nokukurumidza yekuti dzose “chechi dzakavakirwa kuwana, uye dzose idzo dzakavakirwa kuwana simba renyama, neidzo dzose dzakavakirwa kuita ^bmbiri mumaziso enyika, neidzo dzinotsvaka kufadza nyama

15a Isa. 5:23–24;
Nah. 1:10;
Mara. 4:1;
2 Ni. 15:24; 26:4–6;
D&Z 64:23–24; 133:64.
^b Mpi. 21:9;
3 Ni. 25:1;
D&Z 29:9.

NKM Pasi—Kusukwa
kweipasi pano.
16a 1 Ni. 14:17.
17a 2 Ni. 30:10; Mos. 7:61.
^b 1 Ni. 17:33–40.
20a Joh. 4:19; 7:40.
^b D&Z 133:63.
21a Deut. 18:15, 18;

Mabasa 3:20–23;
1 Ni. 10:4; 3 Ni. 20:23.
^b Mpi. 98:9; Mos. 6:57.
23a 1 Ni. 14:10;
2 Ni. 26:20.
NKM Unyengeri
hwehupirisita.
^b Ruka 6:26; Aruma 1:3.

nezvinhu zvenyika, nokuita zvakasiyana-siyana zvakaipa; hongu, muchidimbu, avo vose vemuumambo hwadhiabhrosi ndivo vanofanira kutya, uye vadedere, uye ‘vandenge-ndeke; ndivo vaya vachadziki-swa muguruva; ndivo vaya ‘vachatsva semashanga; uye izvi zviriri maererano nemazwi emuporofita.

24 Uye nguva iri kuuya nokukurumidza yekuti vakarurama vatungamirwe “semhuru dziri kuiswa mudanga, uye Mutsvene waIsraeri agotonga nyika, nesimba, nokubwinya kukuru.

25 Uye “anounganidza vana vake kubva kumativi mana ose enyika; uye anoverenga hwai dzake, uye dzinomuziva; uye kuchave nedanga rimwechete ^bnemufudzi mumwechete; uye achafudza hwai dzake, uye maari dzichawana ‘mafuro.

26 Uye nenzira yekururama kwevanhu vake, “Satani haana simba; nokudaro, haangapfutunurwe kwemakore ^bakawanda; nokuti haana simba mumwoyo yevanhu, nokuti vagere

mukururama, uye Mutsvene waIsraeri ‘anotonga.

27 Uye zvino tarisai, ini Nifai, ndinoti kwamuri zvose zvinhu izvi zvakafanira kuuya maererano nezvenyama.

28 Asi tarisai, nyika dzose, marudzi, ndimi, navanhu vachagara zvakanaka muMutsvene waIsraeri kana zvaitika kuti “vatendeuka.

29 Uye zvino ini Nifai, ndinopedza; nokuti handifanire kupfuura zvandataura kwazvino maererano nezvinhu izvi.

30 Nokudaro hama dzangu, ndingade kuti muzive kuti zvinhu zvakanyorwa “pamahwendefa endarira ndezvechokwadi; uye zvinopupura kuti munhu akafanira kuteerera mirau yaMwari.

31 Nokudaro, hamufanire kufunga kuti ini nababa vangu ndisu chete tazvipupura, neku-zvidzidzisa. Nokudaro, kana mukave munoteerera “mirairo, uye mugoshingirira kusvika kumagumo, muchaponeswa muzuva rekupedzisira. Uye ndizvo zvazviriri. Amenii.

23c 2 Ni. 28:19.

d 2 Ni. 26:6.

24a Amosi 6:4;

Mara. 4:2;

3 Ni. 25:2.

25a NKM Israeri—
Kuunganidzwa
kwa Israeri.

b NKM Mufudzi

Akanaka.

c Mpi. 23.

26a Zvaka. 20:2;

Aruma 48:17;

D&Z 43:31; 45:55;

88:110; 101:28.

NKM Dhiabhorosi.

b Jak. 5:76.

c NKM Mereniamu.

28a NKM Rutendeuko;

Regerera.

30a 2 Ni. 4:2.

31a Mat. 19:17.

NKM Mirairo

yaMwari.

BHUKU RECHIPIRI RANIFAI

Nthoroondo yokufa kwaRihai. Vakoma vaNifai vanomupandukira. Ishe vanoyambira Nifai kuti aende murenje. Nzenzeno dzake murenje, nezvimwewo.

CHITSAUKO 1

Rihai anoporofita pamusoro penyika yorusununguko—Mbeu yake ichaparadzwa nokurangwa kana vachinge varamba Mutsvene waIsraeri—Anokurudzira vanakomana vake kuti vapfeke nguwo dzoutsvene. Zvingangove makore 588 kusvika ku570 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti shure kwokunge ini Nifai, ndapedza kudzidzisa vakoma vangu, “baba vedu, Rihai, vakataurawo zvinhu zvakawanda kwavari, vakadzokorora kwavari, kuti Ishe vakanga vaita zvinhu zvikuru sei kwavari mukuvaburitsa munyika yeJerusarema.

2 Uye vakataura kwavari pamusoro “pokupanduka kwavo mumvura, netsitsi dzaMwari mukuvaponesa nekuti vasamedzwe mugungwa.

3 Uye vakataura kwavari zvakare pamusana penyika yechipikirwa, iyo yavakanga vawana—kutI Ishe vakanga vane tsitsi dzakaita sei pakutiya mbira kuti titize kubva kunyika yeJerusarema.

4 Nokuti tarisai, ndaona

“chiratidzo, chandiratidza kuti ^bJerusarema yaparadzwa; uye dai takaramba tiri kuJerusarema tingadai ‘takaparara.

5 Asi vakati, kana dai zvazvo takatambudzika, tawana “nyika yechipikirwa, nyika ^byakanaka kupfuura dzimwe nyika; nyika iyo Ishe Mwari vakabvumirana neni kuti ichazova nyika yembeu yangu. Hongu, Ishe ‘vakavimbisa nyika iyi kwandiri, nokuna vana vangu nokusingaperi, naavo vose vachatungamirirwa kubva kune dzimwe nyika noruoko rwalshe.

6 Saka ini Rihai, ndinoporofita nokushanda kweMweya uri mandiri, kuti “hapana kana mumwe achauya munyika ino kunze kwokunge aunzwa noruoko rwalshe.

7 Naizvozvo, “nyika ino yakagadzirirwa avo chete vavanounza. Uye kana vari vachamushandira nenzira yemitemo yavanovapa, ichazova nyika ^byerusununguko kwavari; naizvozvo, havachazoiswa zvakare muusungwa; nokuti zvikadaro, zvinenge zvakonzerwa nekutadza kwavo; nokuti kana kutadza kukawanda nenyika

[2 NIFAI]

1 1a NKM Patiriyaki.

2a 1 Ni. 18:9–20.

4a NKM Kuratidzwa (Chiratidzo).

b II Madz. 24:14–15;

Jer. 44:2; 1 Ni. 1:4; Hir. 8:20.

c Aruma 9:22.

5a NKM Nyika yeChipikirwa.

b Eta 2:9–10.

c NKM Chibvumirano.

6a 2 Ni. 10:22.

7a Mosaya 29:32;

Aruma 46:10, 20.

b 2 Ni. 10:11.

NKM Rusununguko.

‘ichatukwa pamusana pavo, asi kuvatsvene icharopafadzwa nokusingaperi.

8 Uye tarisai, huchenjeri kuti nyika ino haifanire kuzivikana nedzimwe nyika; nokuti tarisai, vanhu venyika zhinji vachamhanyira kunyika ino, zvekuti hapazosara nzvimbo yenhaka.

9 Saka ini Rihai, ndakavimbiswa, kuti ^akana avo vose Ishe Mwari vavachaunza kubva kunyika yeJerusarema vachachengeta mirairo yake, ^bvachabudirira pauso hwenyika ino; vachazochengetwa kubva kune dzimwe nyika, kuti nyika ino ive yavo vega. Uye kana ‘vachachengeta mirairo yake vachakomborerwa pachiso chenyika ino, hapana achavanetsa, kana kutora nyika yenhaka yavo; vachagara pasina chavanotyana nokusingaperi.

10 Asi tarisai, kana nguva yasvika yokuti vave kuderera mukusatenda, shure kwokunge vagamuchira makomborero makuru akadai kubva kuna Ishe—vane ruzivo rwokusikwa kwenyika, navanhu vose, nokuziva mabasa anoshamisa makuru alshe kubva pakusikwa kwenyika; nokuva nesimba rakapiwa kwavari kuti vaite zvinhu zvose mukutenda; nokuva nemirairo yose kubva pakutanga, nokuuiswa muno nokunaka kwavo kusingaverengeke

munyika ino yechipikirwa—tarisai, ndinoti, kana zuva rikazosvika ravacharamba Uyo Mutsvene weIsraeri, “Mesia wechokwadi, Mununuri wavo naMwari wavo, tarisai, kutonga kwavo avo vasina tsvete kuchagara pavari.

11 Hongu, vachaunza “mamwe marudzi kwavari, uye vachapa simba kwavari, uye vachavatorera nyika nezvinhu zvavo, uye vachavaita kuti ^bvaparadzirwe nokubaiwa.

12 Hongu, kubva kunoita chizvarwa ichi kuchiyaya chimwe kuchave “nekudeuka kweropa, nokurangwa kukuru pakati pavo; naizvozvo, vanakomana vangu ndinoti dai mayeuka; hongu, uye makwanisa kuteerera mazwi angu.

13 Kuti mumuke; mumuke kubva pakurara kwakadzika, hongu, kana kumuka mukurara “kwomugehena, muzunze ^bngetani dzakakusungai, dziri idzo ngetani dzakasungwa vana vavanhu, dzinoita kuti vagozotakurwa muuranda kuendwa navo pasi ‘mugomba rekusingaperi rekusuwa nenhamo.

14 Mukai! musimuke kubva muguruva, munzwe izwi “romubereki ari kubvunda, ane mapfupa amucharadzika pasi ^bmuguva rinotonhora rinyerere, uko kusina anoendako akadzoka; mazuva mashomana uye ndoenda ‘nzira yepasi rose.

7c Aruma 45:10–14, 16;
Morm. 1:17; Eta 2:8–12.
9a 2 Ni. 4:4;
Aruma 9:13.
b Deut. 29:9.
c NKM Anoteerera.

10a NKM Mesia.
11a 1 Ni. 13:12–20;
Morm. 5:19–20.
b 1 Ni. 22:7.
12a Morm. 1:11–19; 4:11.
13a NKM Gehena.

b Aruma 12:9–11.
c 1 Ni. 15:28–30;
Hir. 3:29–30.
14a NKM Vabereki.
b NKM Rufu, rwenyama.
c Josh. 23:14.

15 Asi tarisai, Ishe “vadzikinura mweya wangu kubva mugehena; ndaona kubwinya kwavo, ndikakomberedzwa nokusingaperi ^bmumaoko avo ^corudo.

16 Uye ndinoda kuti muyeuke kuchengetedza “mitemo nekuranga kwaIshe; tarisai, ichi ndichochinhu change chichinetsa mwoyo wangu kubva pakutanga.

17 Mwoyo wangu wakatsitsirwa nokusuwa nguva nenguva, nokuti ndaitya, nenzira yokomesa mwoyo yenyu kuti Ishe Mwari yenyu vangauye “nokutsamwa kuzere kwamuri, ^bmukatsaurwa nokuparadzwa zvachose;

18 Kana, kuti kutukwa kungauye kwamuri kwezvizarwa “zvaka wanda; uye mukashanyirwa nomunondo, nenzara, mukavengwa, mukatungamirirwa nokubatwa sokuda ^bkwa-dhiabhorosi.

19 Vanakomana vangu, dai zvinhu izvi zvarega kuuya kwamuri, asi kuti muve vakasarudzwa “nokudiwa savanhu vaIshe. Asi tarisai, kuda kwavo ngakuitwe; nokuti ^bnzira dzavo dzakarurama zvisingaperi.

20 Uye ivo vakati: “Kana mukachengeta ^bmirairo yangu ^cmuchabudirira panyika; asi kana

mukasachengeta mirairo yangu muchabviswa pamberi pangu.

21 Uye zvino kuti mweya wangu uwane rufaro mamuri, uye nokuti mwoyo wangu usiye nyika ino uchifara pamusoro penyu, kuti ndisaiswe muguva ndakasuwa, simukai kubva muguruva, vanakomana vangu, muve “varume, mushinge nepfungwa ^bimwechete nomwoyo mumwechete, makabatana pazvinhu zvose, kuti musaiswe pausungwa;

22 Kutu musatukwe nokotukwa kunorwadza; uye zvakare, kuti musaite zvinoita kuti Mwari “vakanaka vakushatirirwei, vakuparadzei, hongu, pakuparadzwa kwokusingaperi kwomweya nomuviri.

23 Mukai, vanakomana vangu; mupfeke “nguo dzoutsvene. Zunzai ngetani dzakakusungai, mubve pamusingaonekwe, uye musimuke kubva muguruva.

24 Musamukire zvakare munina wenyu, uyo ane pfungwa dzinobwinya, uye akachengeta mirairo kubvira panguva yatakasiya Jerusarema; anga achishandiswa ari mumaoko aMwari, mukutiunza munyika yechipikirwa; nokuti dai pakanga pasina iye, tingadai tose takafa “nenzara murenje;

15a Aruma 36:28.
NKM Dzikinura.

^b Jak. 6:5;
Aruma 5:33;
3 Ni. 9:14.

^c VaR. 8:39.
NKM Rudo.

16a Deut. 4:5–8;
2 Ni. 5:10–11.
17a 2 Ni. 5:21–24;

Aruma 3:6–19.
^b Mosaya 12:8.

18a 1 Ni. 12:20–23.
^b NKM Dhiabhorosi.
19a NKM Akasarudzwa,
Akasarudzwa,
^b Hos. 14:9.

20a Jar. 1:9;
Mosaya 1:6–7;
Aruma 9:13–14.

^b Zvaka. 26:3–14;
Joere 2:23–26.

^c Mpi. 67:6;
Mosaya 2:21–25.

21a I Sam. 4:9;
I Madz. 2:2.
^b Mos. 7:18.

22a D&Z 3:4.
23a VaE. 6:11–17.
24a 1 Ni. 16:32.

zvisinei, imi maitsvaga ^bkuparadza upenyu hwake, hongu, akatambudzika nokusuwa zvikuru pamusana penyu.

25 Uye ndinotya zvikuru nokubvunda pamusana penyu, kuti achatambudzika zvakare; nokuti tarisai, makamupomera mhaka yokuti anga achitsvaga simba nemvumo yokutonga imi; asi ndinoziva kuti haana kutsvaga simba nemvumo yekuti ^aakutongei, asi akatsvaga kubwinya kwaMwari, nemagariro enyu akanaka okusingaperi.

26 Uye mukatsutsumwa nokuti akakutaurirai pachena. Munoti akange ^aakakuomeserai; munoti anga akashatirirwa imi; asi tarisai, kutaura kwake kwanga kuri kutaura kwesimba reshoko raMwari, iro rakanga riri maari, nezvamunodaidza kuti kushatirwa ichokwadi, maererano nezviri muna Mwari, zvaakanga asingagone kuvanza, asi kuisa pachena pasina kutya kutadza kwenyu.

27 Uye zvinofanira kuti ^asimba raMwari rive naye, uye kunyange pakukurairai kuti makafanira kuteerera. Asi tarisai, akanga asiri iye, asi wakanga uri ^bMweya waIshe wakanga uri maari, ^cwakazarura muromo wake kuti urambe uchitaura.

28 Uye zvino mwanakomana wangu, Ramani, newe Remueri naSemu, uye vanakomana vangu vanove vanakomana vaIsmaeri,

tarisai, mukateerera kuizwira Nifai hamuparari. Uye mukateerera kwaari ndichakupai ^achikomborero, hongu, chikomborero changu chekutanga.

29 Asi mukaregera kuteerera kwaari ndichatora ^achikomborero changu chekutanga, hongu, kana chikomborero changu uye chichazogara pamusoro pake.

30 Uye zvino, Zoramu, ndinotaura kwauri: Tarisai, uri ^amuranda waRabhani; zvisinei, wakaunzwa kubva kunyika yeJerusarema, ndinoziva kuti uri shamwari yechokwadi yemwanakomana wangu Nifai, nokusingaperi.

31 Naizvozvo, nokuti wanga uchivimbika zvikuru mbeu yako ichakomborerwa ^anembeu yake, kuti vagare muupfumi kwenguva yakareba munyika ino; uye hakuna, kunze kweku-nge vave nokuipa pakati pavo, chinovakuvadza kana kuvanganisa mukubudirira kwavo munyika ino nokusingaperi.

32 Naizvozvo, ukachengeta mirairo yaIshe, Ishe vakagadzirira nyika ino kuchengetedzwa kwembeu yako nembeu yomwanakomana wangu.

CHITSAUKO 2

Rununuro rwunouya nomuna Mesia Mutsvene—Kusununguka pakuzvisarudzira (kuzvifungira)

24b 1 Ni. 16:37.

25a Gen. 37:9–11.

26a Zir. 15:10;

1 Ni. 16:2; Moro. 9:4;
D&Z 121:41–43.

27a 1 Ni. 17:48.

b D&Z 121:43.

c D&Z 33:8.

28a NKM Nhaka
yeKuzvarwa nayo.

29a Abr. 1:3.

30a 1 Ni. 4:20, 35.

31a 2 Ni. 5:6.

kunofanirwa kunge kuripo kuti tirarame uye tibudirire—Kutadza kwaAdama kwaive kwekuti vanhu vavepo—Vanhu vanokwanisa kusarudza rusununguko noupenyu hwokusingaperi. Zvingangove makore 588 kusvika ku570 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino Jakobho, ndinotaura kwauri: Iwe uri “dangwe rangu romumazuva okutambudzika kwangu murenje. Zvino tarisai, mukukura kwako wakatambudzika nokusuwa zvikuru, nokuda kwokuipa kwavakoma vako.

2 Zvisinei hazvo Jakobho, chizvarwa changu chokutanga murenje, unoziva ukuru hwaMwari; achakutsaurira matambudziko ako ugowana nokuda kwawo.

3 Naizvozvo, mweya wako uchakomborerwa, uye uchagara zvakanaka nomukoma wako, Nifai; mazuva ako achaperera mukushandira Mwari vako. Nokudaro, ndinoziva kuti wapakoneswa, nokuda kwoutsvene hweMununuri wako; nokuti waona kuti mukukwana kwenguva anouya kuzopa ruponeso kuvanhu.

4 Uye “wakaona kubwinya kwake paujaya hwako; naizvozvo, wakakomborerwa seavo vaachaparidzira vachimuona

panyama; nokuti Mweya mumwechete, nezuro, nhasi nokusingaperi. Uye nzira yakagadzirirwa kubvira pakupunzika kwomunhu, uye ruponeso^bnderwepachena.

5 Uye vanhu vanorairwa zvakanaka kuti “vazive zvakanaka kubva pane zvakaipa. Uye mutemo nopiwa kuvanhu. Uye nomutemo hapana nyama isina^bchitema; kana kuti, nomutemo vanhu “vakaraswa. Hongu, maererano nemutemo wenyika vakaraswa; uyezve, nemutemo wemweya vanofa neizvo zvakanaka, vove vano-suwa nokusingapere.

6 Naizvozvo, “rununuro rwunouya nomuna^bMesia Mutsvene; nokuti azere “nyenya nechokwadi.

7 Tarisai akazvipira “sechibairo chezvivi, kuti azadzikise zvido zvemutemo, kuna avo vose vane mwoyo yakapfava nomweya wokuzvininipisa; haku-na mumwezve angagutse^bmhinduro dzemutemo.

8 Naizvozvo, zvinokosha sei kuita kuti zvinhu izvi zvose zvizivikanwe kuvanhu vose venyika, kuti vazive kuti haku-na nyama ingagare pamberi paMwari, “kunze kwekunge iine kodzero, netsitsi, nyenya dzaMesia Mutsvene, uyo akapa

2 1a 1 Ni. 18:7.

4a 2 Ni. 11:3;

Jak. 7:5.

^b NKM Nyasha.

5a Moro. 7:16.

^b VaR. 3:20;

2 Ni. 25:23;

Aruma 12:22-16.

NKM Natsa.

c 1 Ni. 10:6;

2 Ni. 9:6-38;

Aruma 11:40-45;

12:16, 24; 42:6-11;

Hir. 14:15-18.

6a 1 Ni. 10:6;

2 Ni. 25:20;

Aruma 12:22-25.

NKM Hurongwa

hweRununuro.

^b NKM Mesia.

^c Joh. 1:14, 17;

Mos. 1:6.

7a NKM Dzikinura.

^b VaR. 10:4.

8a 2 Ni. 25:20; 31:21;

Mosaya 4:8; 5:8;

Aruma 38:9.

upenyu hwake hwenyama, achihutora zvakare nesimba ro-Mweya, kuti aunze ^bkumutswa kwevakafa, achiva iye wokutanga kumuka.

9 Naizvozvo, anova michero yokutanga kuna Mwari, “achabatsira vanhu vose; avo vose vanotenda maari vachaponeswa.

10 Uye nokuda kworubatsiro “rwavose, rwevanhu vose rwaakapa, vanhu vose vanouya kuna Mwari; naizvozvo, vanomira pamberi pake, kuti ^bvatongwe naye maererano nechokwadi “noutsvene huri maari. Naizvozvo, zvinodiwa nemutemo wakapiwa noUyo Mutsvene, kuri kuranga kwakatogadzirirwa, iko kurangwa kwakagadzirirwa kwakasiyana norufaro rwunobva mukuteerera, kugutsa zvinodiwa “zverudzikinuro—

11 Nokuti zvinofanira, kuti pave “nokupikisana muzvinhu zvose. Kana zvisina kudaro, dangwe rangu rokutanga murenje, utsvene hawaizokwanisa kuunzwa, kana kuipa, kana utsvene kana kusuwa, kana zvakanaka kana zvakaipa. Naizvozvo, zvinhu zvose zvinofanirwa kusangana kuve chinhu chimwechete; naizvozvo kana uri muviri mumwechete unofanirwa kuramba wakafa, usina upenyu kana rufu, kana

kunyangadzwa kana kusanyangadzwa, rufaro kana kusuwa, kana kunzwa nekusanzwa.

12 Naizvozvo, chingadai chakasikirwa pasina; naizvozvo pangadai pakanga pasina “chinangwa mukusikwa kwacho. Naizvozvo, chinhu ichi chinofanirwa kuparadza uchenjeri hwaMwari nezvinangwa zvavo zvokusingaperi, uye zvakare nesimba, netsitsi, ^bnokutonga kwakanaka kwaMwari.

13 Uye kana uchiti “hakuna mutemo, uchatiwo hakuna zvivi. Kana uchiti hakuna chivi uchatiwo hakuna utsvene. Uye kana kusina utsvene hakuna rufaro. Kana kusina utsvene kana rufaro saka kunenge kusina kurangwa kana kusuwa. Uye kana zvinhu zvose izvi kusina ^bhakuna Mwari. Kana kusina Mwari isu hatipo, kana nyika; nokuti kungadai kusina kusikwa kwezvinhu, zvekuita kana zvekuitirwa; naizvozvo, zvinhu zvose zvingadai zvaka-tsakatika.

14 Uye zvino, vanakomana vangu, ndinotaura zvinhu izvi kuti mudzidze zvizokuyamurai; nokuti Mwari variko, uye “vakasika zvinhu zvose, zvose denga nyenika, nezvinhu zvose zviri mazviri, zvose zvinoita ^bnezvinoitirwa.

8b I VaKori. 15:20;

Aruma 7:12;

12:24–25; 42:23.

NKM Kumuka

Kuvakafa.

9a Isa. 53:1–12;

Mosaya 14:12; 15:8–9.

10a NKM Mununuri.

b NKM Kutonga,

Kwekapedzisira.

c NKM Hutsvene.

d 2 Ni. 9:7, 21–22, 26;

Aruma 22:14;

33:22; 34:9.

11a D&Z 29:39; 122:5–9.

NKM Matambudziko.

12a D&Z 88:25–26.

NKM Pasi—

Rakasikirwa munhu.

b NKM Yenzaniso.

13a 2 Ni. 9:25.

b Aruma 42:13.

14a NKM Sika.

b D&Z 93:30.

15 Uye kuti vaunze “zvina-
ngwa zvavo zvokusingaperi
munguva yekupera kweupenyu
hwevanhu, shure kwokunge
vasika vabereki vedu vokuta-
nga, nemhuka dzesango neshiri
dzedenga, uye mukunaka zvi-
nhu zvose zvakasikwa, paifa-
nirwa kuti kuve nechaipikisa;
kunyangwe ^bmuchero ^cwaira-
mbidzwa uchipikisana ^dnomuti
woupenyu; mumwe wainaka
mumwe uchivava.

16 Naizvozvo, Ishe Mwari
vakapa kumunhu kuti ^aazviitire
zvinhu zvake ega. Naizvozvo,
munhu akanga asingakwanise
kuzviitira zvinhu zvake ega
asina ^bkunyengerwa nechimwe
chezviviri izvi.

17 Uye ini Rihai, maererano
nezvinhu zvandakaverenga,
ndinofanirwa kufunga kuti
^angirozi yaMwari, maererano
neizvo zvakanyorwa, ^byakado-
nha kubva kudenga; naizvozvo,
akava ^cdhiabhorosi, akanga
atsvaga zvakaipa pamberi
paMwari.

18 Uye nokuti akanga adonha
kubva kudenga, akava anosuwa
nokusingaperi, ^aakatsvaga ku-
suwisa marudzi ose. Naizvozvo,
akati kuna ^bEva, hongu, kana

iyo nyoka, inova dhiabhorosi,
anova baba ^cwenhema dzose,
naizvozvo akati: Idya muchero
unorambidzwa; hauzofi, asi
uchava saMwari, ^duchiziva zva-
kanaka nezvakaipa.

19 Uye shure kwokunge
Adama naEva ^avatora mu-
chero wairambidzwa vakata-
ndwa mubindu ^breEdeni, kuti
varime ivhu.

20 Uye vakabereka vana; ho-
ngu, iyo ^amhuri yenyika yose.

21 Uye mazuva evana ^aveva-
nhu akawedzerwa, maererano
nokuda kwaMwari, kuti ^bvate-
ndeuke vachiri munyama; nai-
zvozvo, nguva yavo yakave
nguva ^cyokuedzwa, nguva yavo
ikawedzerwa, maererano nemi-
rairo iyo Ishe Mwari yavakapa
kuvana vevanhu. Nokuti vakapa
mirairo yekuti vanhu vose va-
nofanirwa kutendeuka; nokuti
vakaratidza vanhu vose kuti
^dvakararika, nokuda kwechita-
dzo chavabereki vavo.

22 Uye zvino, tarisai, dai
Adama asina kutadza angadai
asina kupunzika, asi angadai
akaramba ari mubindu reEdeni.
Uye zvinhu zvose zvakasikwa
zvingadai zvakaramba zvakaita
sezvazvakanga zvakaita kubvira

15a Isa. 45:18;
Aruma 42:26;
Mos. 1:31, 39.
b Gen. 3:6;
Aruma 12:21–23.
c Gen. 2:16–17;
Mos. 3:17.
d Gen. 2:9;
1 Ni. 15:22, 36;
Aruma 32:40.
16a 2 Ni. 10:23;
Aruma 12:31.
NKM Kuzvisarudzira.

b D&Z 29:39–40.
17a NKM Dhiabhorosi.
b Isa. 14:12; 2 Ni. 9:8;
Mos. 4:3–4;
Abr. 3:27–28.
c NKM Dhiabhorosi.
18a 2 Ni. 28:19–23;
3 Ni. 18:18;
D&Z 10:22–27.
b NKM Eva.
c 2 Ni. 28:8; Mos. 4:4.
d Gen. 3:5;
Aruma 29:5;

Moro. 7:15–19.
19a Aruma 12:31.
NKM Kupunzika
kwaAdama naEva.
b NKM Edeni.
20a D&Z 138:38–39.
21a Aruma 12:24;
Mos. 4:23–25.
b Aruma 34:32.
NKM Rutendeuko.
c NKM Upenyu
hwenyama.
d Jak. 7:12.

nguva yazvakasikwa; uye zvinofanira kunge zvakaramba zvakadaro nokusingaperi, uye zvisina maguno.

23 Uye vangadai vasina ^avana; naizvozvo vangadai vakaramba vasina mhosva, vasina rufaro, nokuti vakanga vasingazive kusuwa; vasingaite zvakana, nokuti havaiziva chivi.

24 Asi tarisai, zvinhu zvose zvakaitwa muruzivo rweavo ^avanoziva zvinhu zvose.

25 ^aAdama ^bakapuznika kuti vanhu vavepo; uye vanhu ^cvaripo, kuti vave ^dnorufaro.

26 Uye ^aMesia anouya mukukwana kwenguva, kuti ^banunure vana vevanhu pakupuznika. Uye nokuti vaponeswa pachitadzo ichi vava ^cvakasununguka zvingaperi, vachiziva chakanaka kubva pane chakaipa; kuita ivo kwete kuitirwa, kunze kwekurangwa ^anemutemo pazuva guru rokupedzisira, maererano nemirairo yakapiwanaMwari.

27 Naizvozvo, vanhu ^avakasununguka maererano nenyama; zvinhu zvose zvakapiwa kwavari zvakanakira vanhu. Uye vakasununguka ^bkusarudza rusununguko neupenyu ^chwokusingaperi, nenzira yoMuenzansi mukuru wevanhu vose, kana kusarudza usungwa nerufu,

maererano neusungwa nesimba radhiabhorosi; nokuti anotsvaga kuti vanhu vose vasuwe saiye.

28 Uye zvino, vanakomana vangu, ndingade kuti mutarisire ^aMurevereri mukuru, muteerere mirairo yake mikuru; nokuva munovimbisika kumazwi ake, musarudze upenyu hwokusingaperi, maererano nokuda kweMweya wake Mutsvene;

29 Uye musasarudza rufu rwokusingaperi, maererano nokuda kwenyama nokuipa kuri mairi, kunopa mweya wadhiabhorosi simba ^arokubata pfungwa, akudzikisei ^bkugehena, kuti azokutongai muumambo hwake.

30 Ndataura mazwi mashoma aya kwamuri mose, vanakomana vangu, mumazuva ekupedzisira ekuedzwa kwangu; uye ndasarudza zvakana, maererano namazwi omuporofita. Uye handina chimwe chinangwa kunze kwemagariro akanaka emweya yenyu asingaperi. Amenii.

CHITSAUKO 3

Josefa muEgipita anoona maNifai muchiratidzo—Akaporofita pamusoro paJoseph Smith, muoni wamazuva ekupedzisira; nezvaMosesi,

23a Mos. 5:11.

24a NKM Mwari, Musoro hwehuMwari.

25a NKM Adama.

b Mos. 6:48.

NKM Kupuznika kwaAdama naEva.

c NKM Upenyu hwenyama.

d Mos. 5:10.

NKM Rufaro; Munhu.

26a NKM Mesia.

b NKM Hurongwa hweRununuro.

c Aruma 42:27;

Hir. 14:30.

d NKM Mutemo.

27a VaG. 5:1;

Mos. 6:56.

b NKM Kuzvisarudzira.

c NKM Upenyu

Hwokusingaperi.

28a NKM Murevereri.

29a VaR. 6:16–18;

Aruma 12:11.

b NKM Gehena.

anozosunungura Israeri; nokuuya kweBhuku raMormoni. Zvingangove makore 588 kusvika ku570 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino ndinotaura kwauri, Josefa, “gotwe rangu. Waka-zvarirwa murenje mukati mematambudziko angu; hongu, amai vako vakakubereka mazuva ekutambudzika nekusuwa kwangu kukuru.

2 Uye Ishe ngaakupezve “nyika iyi, inova nyika yakanaka zvikuru, senhaka yako neyembeu yako nevakoma vako kuti ive yenyu zvachose, kana muri machengetedza mirairo yeMutsvene weIsraeri.

3 Uye zvino, Josefa, gotwe rangu, uyo wandakaburitsa kubva murenje mokutambudzika kwangu, Ishe akukomborere nokusingaperi, nokuti mbeu yako “haichazoparadzwi zvachose.

4 Nokuti tarisai, uri muchero wechiuno changu; ndiri wedzinja “raJosefa uyo akatakurwa akaendeswa kuEgipita ^bmuunhapwa. Uye zvibvumirano zvikuru zvakaitwa naIshe kuna Josefa.

5 Naizvozvo, Josefa zvechokwadi “akaona zuva redu. Uye akawana vimbiso yaIshe, kuti kubva pamuchero wechiuno chake Ishe Mwari vachakudza

^bbazi “rakarurama kune veimba yaIsraeri; bazi iroro rinenge risiri Mesia, asi bazi rakanga richazotyorwa, nokudaro, kuti rizerangarirwa muzvibvumirano zvalshe kuti “Mesia azozviratidza kwavari mumazuva okupedzisira, musimba romweya, achivaunza kubva “murima kupinda muchiedza—hongu, kubva murima rakavanzika nokubuda kubva muuranda kuenda murusununguko.

6 Nokuti Josefa akapupura zvechokwadi, achiti: “Muoni achamutswa naIshe Mwari vangu, achazova muoni akasarudzwa kumichero ^byechiuno changu.

7 Hongu, Josefa zvechokwadi akati: Izvi ndizvo zvakataura Ishe kwandiri: Ndichamutsa “muoni kubva pamuchero wechiuno chako; achave munhu anokudzwa pakati pemichero yechiuno chako. Uye kwaari ndichapa mirairo yokuti aite basa pakati pemichero yechiuno chako, hama dzake, richava rakakosha kwavari, uye kana kuunza kwavari ruzivo rwezvibvumirano zvandakaita namadzibaba ako.

8 Uye ndichamupa murairo iye wokuti “asaita rimwe basa, kunze kwebasa randichamuraira ini. Uye ndichamuita mukuru

3 1a 1 Ni. 18:7.

2a 1 Ni. 2:20.
 nkm Nyika
 yeChipikirwa.

3a 2 Ni. 9:53.

4a Gen. 39:1–2; 45:4;
 49:22–26;

1 Ni. 5:14–16.

b Gen. 37:29–36.

5a djs Gen. 50:24–38;
 2 Ni. 4:1–2.

b Gen. 49:22–26;
 1 Ni. 15:12; 19:24.

nkm Munda
 wemizambiringa
 waIshe.

c Jak. 2:25.

d 2 Ni. 6:14;

D&Z 3:16–20.

e Isa. 42:16.

6a 3 Ni. 21:8–11;

Morm. 8:16.

nkm Muoni.

b D&Z 132:30.

7a nkm Smith, Joseph,
 Mwana

8a D&Z 24:7, 9.

mumaziso angu; nokuti achaita basa rangu.

9 Uye, achazova mukuru “sa-Mosesi, uyo wandati ndichamutsa kwamuri, kuti ^baponese vanhu vangu, vemba yaIsraeri.

10 Uye ndichamutsa Mosesi, kuti aburitse vanhu vako munyika yeEgipita.

11 Asi muoni ndichamumutsa kubva pamuchero wechiuno chako; uye kwaari ndichapa “simba rokuunza mazwi angu kumbeu yechiuno chako — kwete kungounza mazwi angu chete, Ishe vanodaro, asi mukuvapwisa pamusoro peshoko rangu, iro rinetenge ratovepo kare pakati pavo.

12 Naizvozvo, muchero wechiuno chako “uchanyora; muchero wechiuno ^bchaJuda uchanyora; uye izvo “zvichanyorwa nomuchero wechiuno chako, neizvo zvichanyorwa nomuchero wechiuno chaJuda, zvichakura pamwechete, ^dzvigonyadzisa dzidziso dzenhema nokuisa pasi kusawirirana nokuunza runyararo pakati pomuchero wechiuno chako, ^enokuunza kwavari ^fruzivo rwamadzibaba avo mumazuva okupedzisira, uye noruzivo rwezvibvumirano zvangu, Ishe vanodaro.

13 Uye mukusasimba achaitwa kuti asimbe, muzuva iro basa rangu richatangiswa pakati pavanhu vangu, mukudzoserwa

kwenyu, vemba yaIsraeri, Ishe vanodaro.

14 Uye Josefa akaporofita, achiti: Tarisai, muoni uyo achakomborerwa nalshe; avo vose vachatsvaka kuti vamuparadze vachanyadziswa; nokuti chivimbiso ichi, chandakawana kubva kunaIshe, chomuchero wechiuno changu, chichazadzikiswa. Tarisai, ndine chokwadi pamusoro pokuzadzikiswa kwechivimbiso ichi;

15 Uye achadaidzwa “zita rangu; richava ^bzita rababa vake. Uye achazova seni; nokuti chinhu, chichaunzwa naIshe noruoko rwake, kuburikidza nesimba raIshe chichaunza vanhu vangu kuruponeso.

16 Hongu, uku kuporofita kwaJosefa: Ndine chokwadi nechinhu ichi, sezvo ndine chokwadi nevimbiso yaMosesi; nokuti Ishe vakati kwandiri, “ndichachengetedza mbeu yako nokusingaperi.

17 Uye Ishe vakati: Ndichamutsa mumwe Mosesi; ndichapa simba kwaari riri mumudonzvo; ndichapa utongi kwaari hwakanyorwa. Asi handizosunungura rurimi rwake, kuti ataure zvakawanda, nokuti handimuite mukuru pakutaura. Asi “ndichamunyorera mutemo wangu, nomunwe woruoko rwangu; uye ndichamupa ^banomotaurira.

9a Mos. 1:41.

b Eks. 3:7-10;

1 Ni. 17:24.

11a D&Z 5:3-4.

12a nkm Bhuku

raMormoni.

b 1 Ni. 13:23-29.

c nkm Bhaibheri.

d Ezk. 37:15-20;

1 Ni. 13:38-41;

2 Ni. 29:8; 33:10-11.

e Moro. 1:4.

f 1 Ni. 15:14; 2 Ni. 30:5;

Morm. 7:1, 5, 9-10.

15a D&Z 18:8.

b Nh—JS 1:3.

16a Gen. 45:1-8.

17a Deut. 10:2, 4;

Mos. 2:1.

b Eks. 4:16.

18 Uye Ishe vakatiwo kwandiri: Ndichamumutsa kumuchero wechiuno chako; ndichamuitira mutauri wake. Uye ini tarisai, ndinoita kuti anyore pamusoro pezvomuchero wechiuno chako, kumuchero wechiuno chako; uye mutauri wemuchero wechiuno chako achazvidaidzira.

19 Izvo mazwi aachanyora anenge ari mazwi akanaka andinona kuti akafanira kuenda “kumuchero wechiuno chako. Uye zvichaita sokunge muchero wechiuno chako wachema kwavari ^buri muguruva; nokuti ndinoziva kutenda kwavo.

20 Uye “vachachema vari muvhu; hongu, kunyange kutendeka kwehama dzavo, kunyange kwapfuura zvizvarwa zvakanwanda. Uye zvichaitika kuti kuchema kwavo kuchapera, kunyange nokupfavisisa kwamazwi avo.

21 Pamusana pokutenda kwavo “mazwi avo achaenda mberi kubva mumuromo mangu kuhama dzavo dzinova muchero wechiuno chako; kushaya simba kwamazwi avo ndichaita kusimbe nokutenda kwavo, mukuyeuka zvibvumirano zvandakaita namadzibaba ako.

22 Uye zvino, tarisai, mwana-komana wangu Josefa, ndiko “kuprofita kwaiita baba vangu makare-kare.

23 Saka, nokuda kwechibvumirano ichi makomborerwa; nokuti mbeu yako haichazopa-

radzwa, nokuti vachateerera kumazwi ebhuku.

24 Uye kuchamuka mukuru pakati pavo, achaita zvakanaka kwazvo, mukutaura nemukuita, ari mudziyo mumaoko aMwari, aine kutenda kukuru, kunoita kuti ashande minana, nokuita zvinhu zvikuru mumaziso aMwari, mukudzosera pakare zveimba yaIsraeri, nokumbeu yavakoma vako.

25 Uye zvino, wakakomborerwa iwe, Josefa. Tarisai uri mudiki; naizvozvo teereresha mashoko omukoma wako Nifai, zvichaitwa saizvozvo kwauri maererano namazwi andakataura. Rangarira mazwi ababa vako vave kufa. Ameni.

CHITSAUKO 4

Rihai anoraira nokukomborerwa vezvizvarwa zvake—Anofa noku-vigwa—Nifai anobwinya mukunaka kwaMwari—Nifai anoisa kuvimba kwake kwose muna Ishe nokusingaperi. Zvingangove makore 588 kusvika ku570 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino ini Nifai, ndinotaura nezvekuprofita uko kwakaitwa nababa vangu, pamusoro “paJosefa, akatakurwa kuenda kuEgipita.

2 Nokuti tarisai, zvechokwadi akapropofita pamusoro pembeu yake yose. Uye “upropofita hwaakanyora, hakuna hwakawanda

19a D&Z 28:8.

^b Isa. 29:4;

2 Ni. 27:13; 33:13;

Morm. 9:30;

Moro. 10:27.

20a 2 Ni. 26:16;

Morm. 8:23.

21a 2 Ni. 29:2.

22a 2 Ni. 3:5.

4 1a Gen. 39:1–2.

2a 2 Ni. 3:5.

hunopfuura ihwohwo. Uye akaporofita nezvedu uye nezvevachatitevera; zvakanyorwa pamahwendefa endarira.

3 Naizvozvo, shure kwokunge baba vangu vapedza kutaura nezvekuporofita kwaJosefa, vakadaidza vana vaRamani, vanakomana vake, navanasikana vake, vakati kwavari: Tarisai, vanakomana vangu, navanasikana vangu, munova vanakomana navanasikana “vedangwe rangu, ndinoda kuti muteerere mazwi angu.

4 Nokuti Ishe Mwari vati: “Kana mukachengeta mirairo yangu muchabudirira munyika; kana mukachengeta mirairo muchabviswa pamberi pangu.

5 Asi tarisai, vanakomana vangu navanasikana vangu, handikwanise kuenda muguva mangu ndisina kusiya “ndakukomborerai; nokuti tarisai, ndinoziva kuti mukakudzwa ^bmunzira yamunofanirwa kuteedza hamuzoisya.

6 Naizvozvo, kana makatukwa tarisai, ndinosiya chikomborero changu pamuri, kuti kutukwa uku kubviswe pamuri kupindurwe “pamisoro yevabereki venyu.

7 Naizvozvo, nokuda kwechikomborero changu Ishe Mwari “havazorega muchiparara; naizvozvo, vachazove vane ^btsitsi nemi nokumbeu yenyu nokusi-ngaperi.

8 Uye zvakaitika kuti shure kwokunge baba vangu vapedza kutaura kuvianakomana navanasikana vaRamani, vakaita kuti vanakomana navanasikana vaRemueri vaunzwe kwavari.

9 Uye vakataura kwavari vachiti: Tarisai, vanakomana navanasikana vangu, munova vanakomana nevanasikana vomwanakomana wangu wechchipiri; tarisai ndinokusiiirai chikomborero chandasiira vanakomana navanasikana vaRamani; naizvozvo, hamuchazoparadzwe mose; asi mbeu yenyu ichapedzisira yakomborerwa.

10 Uye zvakaitika kuti apo baba vangu vakapedza kutaura kwavari, tarisai, vakataura kuvianakomana “vaIshmaeri, hongu, neimba yake yose.

11 Uye shure kwokunge vapedza kutaura kwavari, vakataura kuna Semu, vachiti: Wakakomborerwa iwe, nembeu yako; nokuti uchawana nhaka yenyika iyi somukoma wako Nifai. Uye mbeu yako ichaverengwa pamwe nembeu yake; uye uchazove somukoma wako, nembeu yako ichaita sembeu yake; uye uchazokomborerwa mazuva ako ose.

12 Uye zvakaitika shure kwokunge baba vangu Rihai, vataura kune imba yavo yose, maererano nokunzwa kwomwoyo wavo noMweya waIshe wakanga

3a NKM Dangwe.
4a 2 Ni. 1:9.
5a NKM Maropafadzo
ehuPatiriyaki.
b Zir. 22:6.

6a D&Z 68:25-29.
7a 2 Ni. 30:3-6;
D&Z 3:17-18.
b 1 Ni. 13:31;
2 Ni. 10:18-19;

Jak. 3:5-9;
Hir. 15:12-13.
10a 1 Ni. 7:6.

uri mavari, vakachembera. Uye zvakaitika kuti vakafa, vakavigwa.

13 Uye zvakaitika kuti kusati kwaperama mazuva akawanda shure kworufu rwavo, Ramani naRemueri navanakomana va-Ishmaeri vakange vandishatirirwa pamusana pomashoko okuranga alshe.

14 Nokuti ini Nifai, ndakatumhwa kuti nditaure kwavari, maererano nezwi rake; nokuti ndakange ndataura zvinhu zvakawanda kwavari, pamwe nababa vangu, vasati vafa; zvizhinji zvacho zvakataurwa zvakanyorwa pamahwendefa angu “mamwe; nokuti zvenhoroondo zvakanyorwa pamahwendefa angu mamwe.

15 Uye pamahwendefa “ano ndinonyora zvinhu zvomweya wangu, namagwaro ose ari pamahwendefa endarira. Nokuti mweya wangu unofadzwa namagwaro, mwoyo wangu ^bunofungisisa pamusoro pawo, ndichizvinyora kuti vana vangu vave vanozvidzidza zvigovabatsira.

16 Tarisai, “mweya wangu unofara muzvinhu zvaIshe; uye ^bmwoyo wangu unogaro-fungisisa pamusoro pezvinhu zvandakaona nezvandakanzwa.

17 Zvisinei, nokuda “kwokunaka kukuru kwalshe, mukundiratidza mabasa ake makuru

anoshamisa, mwoyo wangu unosheedzera: Ini zvangu munhu ^basina basa! Hongu, mwoyo wangu unosuwa nokuda kwenyama yangu; mweya wangu unotambudzika nokuda kwokuipa kwangu.

18 Ndakatenderedzwa, nokuda kwezviedzo nezvivi “zvinongondikunda nyore.

19 Uye kana ndoda kufara, mwoyo wangu unogomera nokuda kwezvivi zvangu; zvisinei, ndinoziva avo vandakavimba navo.

20 Mwari vangu ndivo vanga vari musimbote wangu; vakanditungamirira mumatambudziko angu ndiri murenje; vakandichengeta apo ndakange ndiri pamusoro pemvura dzakadzika.

21 Vandizadza “norudo rwavo, kusvika pakuzadza nyama dzangu dzose.

22 Vanyadzisa “mhandu dzangu, vakaita kuti vadedere pamberi pangu.

23 Tarisai, vakanzwa kuche-ma kwangu masikati, uye vakandipa ruzivo nenzira “yezviratidzo usiku.

24 Uye kwakachena ndakava ndinoshinga “mukunamata zvakasimba pamberi pavo; hongu, izwi rangu ndairitumira kumusoro kudenga; ngirozi dzikauya pasi dzikandiparidzira.

25 Uye pamapapiro oMweya

14a 1 Ni. 1:16–17; 9:4.

15a 1 Ni. 6:4–6.

b NKM Fungisisa;

Magwaro matsvene.

c 1 Ni. 19:23.

16a NKM Kupakutendo.

b NKM Mwoyo.

17a 2 Ni. 9:10; D&Z 86:11.

b VaR. 7:24.

18a VaR. 7:21–23;

VaH. 12:1;

Aruma 7:15.

21a NKM Rudo.

22a 1 Ni. 17:52.

23a NKM Kuratidzwa
(Chiratidzo).

24a Jkb. 5:16;

1 Ni. 2:16.

muviri wangu “wakatakurwa kuenda kumakomo akareba zvikuru. Uye maziso angu akaona zvinhu zvinoshamisa, hongu, zvisingakodzere kuti zvizivikanwe nevanhu; nokudaro ndakarambidzwa kuti ndizvinyore.

26 Zvino, kana ndakaona zvinhu zvikuru kudai, kana Ishe mukuzvideredza kwavo kuvana vevanhu vashanyira vanhu mutsitsi dzakadai, “ko zvino mwoyo wangu unochemerei mweya wangu uchitambudzika uri munhika yekusuwa, nyama yangu ichitsakatika, simba rangu richipera, nokuda kwokutambudzika kwangu?

27 Uye, ko “ndinobvumirei kuedzwa, nokuda kwenyama yangu? Hongu, ko zvino ndinzviregererei ^bndichiedzwa, kuti uyo akaipa ave nenzvimbo mumwoyo mangu kuti aparadze ‘runyararo rwangu nokutambudza mweya wangu? Ko sei ndakashatirwa nokuda kwe-mhandu yangu?

28 Muka, mweya wangu! Usakotamiswe nezvivi. Fara mwoyo wangu, usape nzvimbo zve “kumhandu yomweya wangu.

29 Usashatirwe zvakare nokuda kwemhandu dzangu, usanete simba nokuda kwamatambudziko angu.

30 Fara, mwoyo wangu, ucheme kuna Ishe, uti. Ishe,

ndichakukudzai nokusingaperi; hongu, mweya wangu uchafara mamuri imi Mwari wangu, “nedombo roruponeso rwangu.

31 Ishe, mungaponesewo here mweya wangu? Mungandibvisewo here mumaoko emhandu dzangu? Mungandiitewo here kuti ndidedere ndaona “chitadzo?

32 Masuwo apagehena ngaa-gare akapfigwa pamberi pangu, nokuti “mwoyo wangu wakapfava uye mweya wangu hauzvikudzi! Ishe, musandizaririrewo masuwo woutsvene hwenyu pamberi pangu, kuti ndive ^bndinofamba munzira yenhika yakadzikira, ndishinge mukufamba munzira yakanaka.

33 Ishe, mungandimoneredzewo here nenguo youtsvene hwenyu! Ishe, mungandigadzirirewo here nzira yokutiza mhandu dzangu! Mungandiitirawo here kuti nzira yangu ive yakatwasanuka pamberi pangu! Musandiisirewo zvimhingamupinyi munzira mangu—asi kuti muzvibvisewo munzira mangu, uye musandizaririrewo nzira yangu, asi muzarire nzira dzemhandu dzangu.

34 Ishe, ndavimba nemi, uye “ndichavimba nemi nokusingaperi. Handiise ^bkuvimba mumaoko enyama; nokuti ndinoziva kuti akatukwa uyo anoisasa ‘ruvimbo rwake muruoko

25a 1 Ni. 11:1;
Mos. 1:1–2.

26a Mpi. 43:5.

27a VaR. 6:13.

^b NKM Chiedzo.

^c NKM Runyararo.

28a NKM Dhiabhorosi.

30a I VaKori. 3:11.
NKM Ibwe.

31a VaR. 12:9;
Aruma 13:12.

32a NKM Mwoyo
Wakatyoka.

^b NKM Famba, Famba

naMwari.
34a NKM Vimba.

^b Mpi. 44:6–8.

^c Jer. 17:5;

Morm. 3:9; 4:8.

rwenyama. Hongu, akatukwa uyo anoisa kuvimba mumunhu kana kuita nyama ruoko rwake.

35 Hongu, ndinoziva kuti Mwari achapa “zvakanwanda kune uyo anokumbira. Hongu, Mwari wangu achandipa, ^bndikasakumbira “zvisiriizvo; naizvozvo ndichakwidza izwi rangu kwamuri; hongu, ndichachema kwamuri, Mwari wangu, ^adombo roururami hwangu. Tarisai, izwi rangu richakwira kwamuri nokusingaperi, dombo rangu naMwari vangu vasingaperi. Amenii.

CHITSAUKO 5

MaNifai anozvitsaura kubva kumaRamani, vochengeta mutemo waMosesi, nokuvaka temberi— Nemhaka yekusatenda kwavo, maRamani anobviswa pamberi paIshe, vanotukwa uye vanova shamhu kumaNifai. Zvingangove makore 588 kusvika ku559 Kristu asati azvarwa.

TARISAI, zvakanwanda kuti ini Nifai, ndakachema zvikuru kuna Ishe Mwari vangu, nenzira “yehasha dzavakoma vangu.

2 Asi tarisai, hashu dzavo dzakakura kwandiri, zvekuti vakatsvaga kutora upenyu hwangu.

3 Hongu, vakatsutsumwa pamusoro pangu vachiti: Munun’una wedu anofunga “kutito-

nga; zve tatambudzika zvikuru nokuda kwake; naizvozvo, ngatimurayi, kuti tisarambe tichinetswa namazwi ake. Nokuti tarisai, hatingade kuti ave mutongi wedu; nokuti ndezvedu, isu vakuru, kuti titonge vanhu ava.

4 Zvino handisi kunyora pamahwendefa aya mazwi ose okutsutsumwa kwavo pamusana pangu. Asi zvinondigutsa ini kuti nditi, vaida kuparadza upenyu hwangu.

5 Uye zvakanwanda kuti Ishe “vakandiyambira, kuti ini ^bNifai, ndinofanirwa kubva kwavari nditizire murenje, naavo vose vangaende neni.

6 Naizvozvo, zvakanwanda kuti ini Nifai, ndakatora mhuri yangu, uye zvakanwanda “Zoramu nemhuri yake, naSemu mukoma wangu nemhuri yake, Jakobho naJosefa, vanun’una vangu, uye nehanzvadzi dzangu, naavo vose vaida kuenda neni. Uye avo vose vaida kuenda neni ndivo vaitenda ^bmuyambiro nezvakazarurwa zvaMwari; naizvozvo, vakateerera mazwi angu.

7 Uye takatora matende edu nezvimwewo zvakanwanda zvakanwanganirawo, tikafamba murenje kwamazuva akawanda. Uye shure kwemazuva mazhinji tichifamba takamisa matende edu.

8 Uye vanhu vangu vakati tidaidze nzvimbo iyi kuti “Nifai;

35a Jkb. 1:5.
b Hir. 10:5.
c NKM Munamoto.
d Deut. 32:4.
5 1a 2 Ni. 4:13–14.

3a 1 Ni. 16:37–38;
Mosaya 10:14–15.
5a NKM Kutunhwa.
b Mosaya 10:13.
6a 1 Ni. 4:35; 16:7;

2 Ni. 1:30–32.
b NKM Yambira,
Yambiro.
8a Omu. 1:12, 27;
Mosaya 9:1–4; 28:1.

naizvozvo, takaidaidza kuti Nifai.

9 Uye avo vose vakanga vaineri vakazvidaidza kuti “vanhu vaNifai.

10 Uye takachengetedza utongi, nemitemo, nemirairo yaIshe muzvinhu zvose, tichitevedza “mutemo waMosesi.

11 Uye Ishe vakanga vanesu; takabudirira zvikuru; nokuti takadyara mbeu, tikakohwa zvakare zvakawandisa. Takatanga kuchengeta matanga ezvipfuyo zvemarudzi ose.

12 Uye ini Nifai, ndakanga ndaunza zvinyorwa zvakanga zvakaiswa “pamahwendefa endarira; ^bnebhora, kana kuti ‘chinongedzo, icho chakagadzirirwa baba vangu noruoko rwaIshe, maererano nezvakanyorwa.

13 Uye zvakaitika kuti takatangiisa kubudirira chaizvo, nokuwanda munyika iyi.

14 Uye ini Nifai, ndakatora “munondo waRabhani, ndikaita mimwe minondo yakafanana nawo, kuti zvimwe vanhu vaiva vonzi ^bmaRamani vangangoda kuzotiparadza; nokuti ndaiziva ruvengo rwakanga rwuri mavari pamusana pangu navana vangu naavo vainzi vanhu vangu.

15 Uye ndakadzidzisa vanhu vangu kuvaka dzimba, nokuse-

venza nenzira dzakasiyana-siyana nemiti, “nesimbi, nemhangura, nendarira, negoridhe, nesirivha, nesimbi dzinokosha, idzo dzakanga dzakawanda zvikuru.

16 Uye ini Nifai, ndakavaka “temberi; ndakaivaka semavakirwo ^btemberi yaSoromoni chete iyi yakanga isina kuvakwa nezvinhu ‘zvinokosha zvakawanda; nokuti zvakanga zvisimo munyika, naizvozvo, hayaivakwa setemberi yaSoromoni. Asi kuvakwa kwacho kwakanga kwakafanana nekwetemberi yaSoromoni; kushandwa kwayo kwanga kwakanaka zvikuru.

17 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakaita kuti vanhu vangu vave vanhu “vanoshanda zvikuru, nokuti vashande nemaoko avo.

18 Uye zvakaitika kuti vakada kundiiita “mambo wavo. Asi ini Nifai, ndakanga ndisingade kuti vave namambo; zvisinei, ndakavaitira maererano nezvakanga zviru musimba rangu.

19 Uye tarisai, mazwi aIshe akanga azadzikiswa kuvakoma vangu, ayo aakanga ataura pamusoro pavo, kuti ndaifanirwa kuva “mutongi ^bnomudzidzisi wavo. Naizvozvo, ndakanga ndava mutongi wavo nomudzidzisi wavo, maererano nemirairo yaIshe, kusvikira panguva

9a Jak. 1:13–14.

10a 2 Ni. 11:4.

NKM Mutemo waMosesi.

12a Mosaya 1:3–4.

NKM Mahwendefa.

^b Mosaya 1:16.

^c 1 Ni. 16:10, 16, 26;

18:12, 21;

Aruma 37:38–47;

D&Z 17:1.

14a 1 Ni. 4:9; Jak. 1:10;

Mazwi 1:13.

^b NKM MaRamani.

15a Eta 10:23.

16a NKM Temberi, Imba

yaIshe.

^b I Madz. 6; II Mak. 3.

^c D&Z 124:26–27.

17a Gen. 3:19;

D&Z 42:42.

18a Jak. 1:9, 11.

19a 1 Ni. 2:23.

^b NKM Dzidzisa.

yavakada kuparadza upenyu hwangu.

20 Naizvozvo, izwi raIshe rakazadzikiswa iro ravakataura kwandiri, vachiti: Kana “vasingateerere kumazwi ako vachabviswa pamberi paIshe. Uye tarisai, ^bvakabviswa pamberi pake.

21 Uye vakanga vaita kuti “kutukwa kuuye pavari, hongu, kana katukwa kunorwadza, pamusana pekuipa kwavo. Nokuti tarisai, vakanga vaomesa mwoyo yavo kwavari, zvekuti vakanga vaita sedombo regwenya; saka, sezvo vakanga vari vachena, uye vakanaka chaizvo uye ^bvachifadza, kuti vasatore mwoyo yevanhu vangu Ishe Mwari vakakonzero ^cganda dema kuti riuye pavari.

22 Uye ndiko kutaura kunoita Ishe Mwari: Ndichaita kuti vave “vasingambodiwa kuvanhu vako, kunze kwekunge vate ndeuka mukuipa kwavo.

23 Uye ichatukwa mbeu yeuyo “anosangana nembeu yavo; nokuti vachatukwa kana nekutukwa kumwecheteko. Uye Ishe vakazvitauro, zvikaitwa.

24 Uye pamusana pekutukwa kwavo uko kwanga kuri pavari vakave vanhu vane “nungo, vazere nokushereketa nokunyengetedza, uye vakave vaitsvaka zvikara murenje.

25 Uye Ishe Mwari vakati kwandiri: Vachave chirango

kumbeu yako, kuvamutsa mukundirangarira; uye kana vasingandiyeuke ini, uye vachiteerera kumashoko angu, vachavaranga kana mukuparadzwa.

26 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, “ndakagadza Jakobho naJosefa, kuti vave vafundisi nevadzidzisi pamusoro penyika yevanhu vangu.

27 Uye zvakaitika kuti takagara netsika yerufaro.

28 Uye makumi matatu emakore akanga apfuura kubvira panguva yatakabva muJerusalem.

29 Uye Ini Nifai, ndakanga ndachengetedza zvinyorwa pamahwendefa angu, ayo andakaita, evanhu vangu kusvika ipapo.

30 Uye zvakaitika kuti Ishe Mwari vakati kwandiri: Gadzira “mamwe mahwendefa; uye iwe uchanyora zvinhu zvizhinji izvo zvakanaka mumaziso mangu, zvinopundutsa vanhu vangu.

31 Naizvozvo, ini Nifai kuti nditeerere mirairo yaIshe, ndakaenda ndikanoita mahwendefa “aya ayo andakanyora zvinhu izvi.

32 Uye ndakanyora icho chinofadza kuna Mwari. Uye kana vanhu vangu vachifadzwa nezvinhu zvaMwari vachafadzwa nezvangu zvinyorwa zviri pamahwendefa aya.

33 Uye kana vanhu vangu vachida kunzwa nezvechidimbu

20a 2 Ni. 2:21.

b Aruma 9:14.

21a NKM Kutukwa.

b 4 Ni. 1:10.

c 2 Ni. 26:33;

3 Ni. 2:14–16.

22a 1 Ni. 12:23.

23a NKM Kuroora—

Kuroora

kwevezvitendero

Zvakasiyana.

24a NKM Anenungo.

26a Jak. 1:18–19;

Mosaya 23:17.

30a 1 Ni. 19:1–6.

31a NKM Mahwendefa.

chakati chenhoroondo yevanhu vangu vakafanira kunzvera mamwe mahwendefa angu.

34 Uye zvinogutsa kwandiri kuti nditi makumi mana emakore akanga apfuura, uye takanga tatoita hondo nokupesana nehama dzedu.

CHITSAUKO 6

Jakobho anoitazve nhorooondo yerungano rwemaJuda: Kutapwa muBabironi nekudzoka kwavo; ufundisi nekuroverwa kweMutsvene waIsraeri; ruyamuro rwakatabirwa kubva kumaJentairi; nekuzodzorera kwemaJuda pakare mumazuva ekupedzisira vazotenda kuna Mesia. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

MAZWI aJakobho, munin'ina waNifai, ayo aakataura kuvanhu vekwaNifai:

2 Tarisai, hama dzangu dzinodiwa, ini Jakobho, ndadaidzwa naMwari, uye ndikagadzwa netsika yavo tsvene, ndakasi mbiswa nemukoma wangu Nifai, uyo amunotarisa “samambo kana kuti mudziviriri, uye uyo amunotarisa kuti akupei rugare, tarisai munoziva kuti ndataura zvinhu kwamuri zvakanyanya kuwanda.

3 Zvakadaro, ndinotaura kwamuri zvakare; nokuti ndinoda magariro akanaka emweya yenyu. Hongu, kukutyirai kwangu kukuru; uye imi

pachenyu munozviziva kuti zvagara zvakadaro. Nokuti ndakakukurudzirai nesimba rangu rose; uye ndikakudzidzisa mazwi ababa vangu; uye ndikataura kwamuri maererano nezvinhu zvose zvakanyorwa, kubvira pakusikwa kwenyika.

4 Uye zvino tarisai, ndingataure kwamuri maererano nezvinhu zviripo, uye zvichauya; nokudaro, ndichakuverengerai mazwi “alsaya. Uye mazwi anodiwa nemukoma wangu kuti ndiataure kwamuri. Uye ndinotaura kwamuri kuitira imi, kuti mudzidze mugorumbidza zita raMwari yenyu.

5 Uye zvino, mazwi andichaverenga ndiwo akataura naIsaya maererano nemba yose yaIsraeri; nokudaro, angafanidzwe nemi, nokuti imi muri vemba yaIsraeri. Uye kune zvinhu zvizhinji zvakataura naIsaya zvingafananidzwe nemi, nokuti muri vemba yaIsraeri.

6 Uye zvino, aya ndiwo mazwi acho: “Ndizvo zvinotaura Ishe Mwari: Tarisai, ndichasimudza ruoko rwangu kumaJentairi, uye ndomisa^b rupawo rwangu kuvanhu; uye vachauza vanakomana venyu mumaoko avo, uye vanasikana venyu vachavataura pamapfudzi avo.

7 Uye madzimambo achave madzibaba ekukurerai, uye madzimambokadzi avo vachave madzimai ekukurerai; vachakotama kwamuri uso hwavo hwakaranga pasi, uye vagonanzva

guruva retsoka dzenyu; uye imi muchaziva kuti ndini Ishe; nokuti havazonyara avo ^avandimirira.

8 Uye zvino ini Jakobho, ndinotaura maererano nemazwi aya. Nokuti tarisai, Ishe vandiratidza kuti avo vakanga vari ^aJerusarema, uko kwatakabva, vakauraiwa uye ^bvakatakurwa senhapwa.

9 Zvakadaro, Ishe vandiratidza kuti ^avachadzoka zvakare. Uye vandiratidzawo kuti Ishe Mwari, Mutsvene waIsraeri, achazviratidza kwavari munyama; mushure mekunge azviratidza vachamurova uye ^bvagomurovera, maererano nemazwi engirozi yakavataura kwandiri.

10 Uye mushure mekuomesa mwoyo yavo uye vaomesa nemitsipa yavo kuMutsvene waIsraeri, tarisai, ^akutonga kweMutsvene waIsraeri kuchauya pavari. Uye zuva riri kuuya ravacharohwa nekutambudzwa.

11 Nokudaro, mushure mekunge vatinhwa uku nekoko, nokuti ndiko kutaura kwengirozi, vazhinji vachatambudzwa munyama, uye havazobvumirwa kutsakatika, nenzira yeminamato yevanotenda; vacha-

paradzirwa, vagorohwa, uye vagovengwa; zvakadaro, Ishe vachavaitira tsitsi, zvekuti ^akana vazove ^bneruzivo rweMununuri wavo, ^cvachaunganidzwa zvakare munyika dzenhaka yavo.

12 Uye vakaropafadzwa ^amajentairi, avo vakanyorwa nezvavo nemuporofita; nokuti tarisai, zvikaitika kuti vachatendeuka uye vagorega kurwisana neZioni, uye vagorega kuzvibatidza nechechi iya huru ^binonyangadza, vachaponeswa; nokuti Ishe Mwari vachazadzikisa ^czvibvumirano zvaro zvavakaita kuvana vavo; nenzira yechikonzero ichi muporofita akanyora zvinhu izvi.

13 Nokudaro, avo vanorwisa Zioni nevanhu vechibvumirano chaIshe vachananzva guruva retsoka dzavo; uye vanhu vaIshe ^ahavazonyara. Nokuti vanhu vaIshe ndivo ^bvanovamirira; nokuti vachiri kumirira kuuya kwaMesia.

14 Uye tarisai, maererano nemazwi emuporofita, Mesia achazvimisa zvakare ^akechipiri kuti avatore; nokudaro, ^bachazviratidza kwavari nesimba nekubwinya kukuru, ^cmukuparadzwa kwevavengi vavo, kana

7a Mos. 1:6;

D&Z 133:45.

8a Est. 2:6; 1 Ni. 7:13;

2 Ni. 25:10;

Omu. 1:15;

Hir. 8:20–21.

b II Madz. 24:10–16;
25:1–12.

nkm Israeri—
Kupararira kwa
Israeri.

9a 1 Ni. 10:3.

b 1 Ni. 19:10, 13;

Mosaya 3:9;

3 Ni. 11:14–15.

nkm Kuroverwa.

10a Mat. 27:24–25.

11a 1 Ni. 22:11–12;

2 Ni. 9:2.

b Hos. 3:5.

c nkm Israeri—

Kuunganidzwa

kwa Israeri.

12a 1 Ni. 14:1–2;

2 Ni. 10:9–10.

b nkm Dhiabhorosi—
Chechi radhiabhorosi.

c nkm Chibvumirano
chaAbrahamama.

13a 3 Ni. 22:4.

b Isa. 40:31; 1 Ni. 21:23;
D&Z 133:45.

14a Isa. 11:11;

2 Ni. 25:17; 29:1.

b 2 Ni. 3:5.

c 1 Ni. 22:13–14.

zuva iro rasvika kana vave kutenda kwaari; uye hapana waanoparadza anotenda kwaari.

15 Uye avo vasingatende kwaari ^avachaparadzwa, zvose ^bnemoto, nedutu, nekundenge-deka kwenyika, nekudeurwa kweropa, ^cnezvirwere, nenzara. Uye vachaziva kuti Ishe ndi-Mwari, Mutsvene walsraeri.

16 ^aKo nyama ingabvutirwe anesimba here, kana nhapwa dziri ^bpamurau dzingasunungurwe here?

17 Asi ndiko kutaura kwaIshe: Kana ^anhapwa dzevanesimba dzichatorwa, uye nyama yevanotyisa ichasunungurwa; nokuti Mwari ^bSamasimba ^cvachasunungura vanhu vavo vechibvumirano. Nokuti ndiko kutaura kwaIshe: Ndicharwisana navo vanorwisana nemi—

18 Uye ndichavapa kudya avo vanokudzvinyirirai, nenyama yemiviri yavo; uye vachadhakwa neropa ravo sekunge vanwa waini inotapira; uye yose nyama ichaziva kuti ini Ishe ndini ^aMuponesi wenyu neMununuri wenyu, ^bSamasimba vaJakobho.

CHITSAUKO 7

Isaya anotaura saMesia—Mesia

achave nerurimi rwevakadzidza— Achapa musana wake kune vanorova—Haazovhiringwa—Enzanisai naIsaya 50. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

HONGU, ndizvo zvinotaura Ishe: Ndakakubvisa kwandiri here, kana kuti ndakakurasa zvachose here? Nokuti ndizvo zvinotaurwa naIshe: Tsamba yokurambwa kwamai vako iripi? Ko ndakakupa kunani, kana ndekune upi pane vandii-ne chikwereti navo kwandakakutengesa? Hongu, ndakakutengesai kuna ani? Tarisai, nezvitadzo zvenyu ^amakazvitengesa mega, uye nenzira yekudarikira kwenyu amai venyu vakarambwa.

2 Nokudaro, pandakauya, pakanga pasina munhu; ^apandakadaidza, hongu, pakanga pasina anodaira. Nhai imi vemba yaIsraeri, ruoko rwangu rwapfupika chaizvo zvekuti harwuchagona kununura, kana kuti handina simba rekusunungura? Tarisai, nekutuka kwangu ndinoomesa ^bgungwa, ndinoita kuti ^cnzizi dzavo dzive renje ^dnehove dzavo kuti dzinhuwe nokuti mvura inenge yaoma, uye dzinofa nenzira yenyota.

15a 2 Ni. 10:16; 28:15;

3 Ni. 16:8.

NKM Mazuva

Ekupedzisira.

^b Jak. 6:3.

^c D&Z 97:22–26.

16a Isa. 49:24–26.

^b NEMAMWE MAZWI

vanhu vechibvu-

mirano vaIshe, sezvakanyorwa muvhesi 17.

17a 1 Ni. 21:25.

^b NKM Jehova.

^c II Madz. 17:39.

18a NKM Mununuri.

^b Gen. 49:24; Isa. 60:16.

7 1a NKM Kurasika

Pachitendero.

2a Zir. 1:24–25;

Isa. 65:12;

Aruma 5:37.

^b Eks. 14:21;

Mpi. 106:9;

D&Z 133:68–69.

^c Josh. 3:15–16.

^d Eks. 7:21.

3 Ndinoshongedza matenga “nekusviba, uye ndinoita kuti ^bmasaga ave chifukidzo chawo.

4 Ishe Mwari vakandipa “rurimi rwevakadzidza, kuti ndigoziva kuti ndinotaura sei mazwi nenguva kwamuri, imi vemba yaIsraeri. Kana makaneta vanokumutsai runghanani rwegarwega. Vanoita kuti nzeve yangu inzwe senzeve yevakadzidza.

5 Ishe Mwari vakadziura “nzeve yangu, uye handina kupanduka, zve handina kudzokera shure.

6 Ndakapira musana wangu “kumurovi, uye matama angu kune avo vaidzura vhudzi. Handina kuviga uso hwangu mukunyadziswa nekusvipirwa.

7 Nokuti Ishe Mwari vachandiyamura, naizvozvo handizovhiringwa. Naizvozvo ndaita uso hwangu kuti huve segwenya, uye ndinoziva kuti handizonyara.

8 Uye Ishe vari pedyo, uye vanondirevera. Ndiani achandirwisa? Ngatimirei tiri pamwechete. Ndiani muvengi wangu? Ngaauye pedyo neni, uye ndichamurova nesimba remuromo wangu.

9 Nokuti Ishe Mwari vachandiyamura. Uye vose avo “vachandishora, tarisai, vose vachasakara senguo, uye vachapfukutwa.

10 Ndiani ari pakati penyuanotyanya Ishe, anoteerera “izwi

remuranda wavo, anofamba murima uye asina mwenje?

11 Tarisai mose imi munobatidza moto, munozvikumberedza nezvibari zvemoto, fambai muchiedza chemoto “wenyu nemuzvibari zvamatumungidza. Izvi ndizvo zvamuchawana neruoko rwangu—mucharara pasi mukusuwa.

CHITSAUKO 8

Mumazuva ekupedzisira, Ishe vachanyaradza Zioni uye vagounganidza Israeri—Vakanunurwa vachauya kuZioni pakati pemufaro mukuru—Enzanisai naIsaya 51 uye 52:1–2. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

TEERERAI kwandiri, imi munotevedza kururama. Tarisai “kudombo ramakabva, nekumwena wegomba ramakacherwa.

2 Tarisai kuna Abrahamama, “baba wenyu, nekuna ^bSara, uyo akakuberekai, nokuti ndakamudaidza ari ega, ndikamuropafadza.

3 Nokuti Ishe achanyaradza “Zioni, achanyaradza nenzvimbo dzake dzose dzakaparadzwa; uye achaita kuti ^brenje rake rive seEdeni, uye gwenga rake riite sebindu raIshe. Mufaro nokuseka kuchawanikwamo, kutenda nezwi rinoimba zvinotapira.

3a Eks. 10:21.
b Zvaka. 6:12.
4a Ruka 2:46–47.
5a D&Z 58:1.
6a Mat. 27:26;

2 Ni. 9:5.
9a VaR. 8:31.
10a D&Z 1:38.
11a Vat. 17:6.
8 1a NKM Ibwe.

2a Gen. 17:1–8;
D&Z 132:49.
b Gen. 24:36.
3a NKM Zioni.
b Isa. 35:1–2, 6–7.

4 Teerera kwandiri vanhu vangu; uye mundipe nzeve, imi verudzi rwangu; nokuti “muto mo uchabva kwandiri, uye ndichaita kuti kutonga kwangu kumbomira kuti kuve ^bnechiedza kuvanhu.

5 Kururama kwangu kwave pedyo; “ruponeso rwangu rwa-kaenda, uye ruoko rwangu rwu-chatonga vanhu. ^bZvitsuwa zvichatarisira kwandiri, uye zvichavimba neruoko rwangu.

6 Simudzirai maziso enyu kumatenga, uye mugotarisa panyika iri pasi; nokuti “matenga ^bachanyangadika seutsi, uye nyika ^cichasakara sejira; uye avo vanogaramo vachafanetsika imwecheteyo. Asi ruponeso rwangu harwuperi narinhi, uye kururama kwangu hakuzoparadzwa.

7 Teerera kwandiri, imi munoziva kururama, vanhu vane mumwoyo mandakanyora murau wangu, “musatye kusvika kwevanhu, zve musatye kukutukai kwavo.

8 Nokuti shaveshave richavadya sejira, uye makonye achavadya sewuru. Asi kururama kwangu ndokwarinhi, uye ruponeso rwangu nderwezvizvarwa nezvizvarwa.

9 Mukai! Mukai! Itai “simba, imi ruoko rwaIshe; mukai sema-

kare-kare. Hamuzimi here makacheka Rakabi, mukaremadza chikara?

10 Hamuzimi here makaomesa gungwa, mvura yemakadzama zvikuru; makaita udzame hwegungwa “nzira yevakatsikinu-ruwa kuti vapfuure?

11 Nokudaro, “vakanunurwa vaIshe vachadzoka, uye vouya ^bnekuimba kuZioni; uye rufaro rwusingaperi neutsvene zvichave pamisoro yavo; uye vachawana rufaro nokufara; kusuwa ^cnekuchema zvichatiza.

12 “Ndini iye; hongu, ndini iye anokunyaradzai. Tarisai, ndimi vana ani, ^bvanotyva vanhu, avo vachafa, uye mwanakomana wemunhu, vachaitwa ^cseuswa?

13 “Uye munokanganwa here Ishe musiki venyu, vakatata-mura matenga, uye vakaita hwaro hwenyika, uye vari vanotyva mazuva ose, nenzira yehasha dzemudzvinyiriri, sekunge ange agadzirira kuparadza? Uye dziripi hasha dzemudzvinyiriri?

14 Nhapwa inokurumidza, kuti isunungurwe, uye nokuti isafire mugomba, uye nokuti isashaye kudya.

15 Asi ndini Ishe Mwari wenyu, vane “masai-sai akatinhira; Ishe veHondo ndiro zita rangu.

4a KANA kudzidzisa, dzidziso. Isa. 2:3.
NKM Vhangeri.
b NKM Chiedza, Chiedza chaKristu.
5a NKM Ruponeso.
b 2 Ni. 10:20.
6a II Pet. 3:10.

b CHIHEB paradzirwa. Mpi. 102:25-27.
c CHIHEB wora.
7a Mpi. 56:4, 11; D&Z 122:9.
9a D&Z 113:7-8.
10a Isa. 35:8.
11a NKM Akanunura.

b Isa. 35:10.
c Zvaka. 21:4.
12a D&Z 133:47; 136:22.
b Jer. 1:8.
c Isa. 40:6-8;
I Pet. 1:24.
13a Jer. 23:27.
15a I Ni. 4:2.

16 Uye ndaisa mazwi angu mumuromo wako, uye ndikakuputira nemumvuri weruoko rwangu, kuti ndidyare denga nokuisa hwaro hwenyika, uye ndoti kuna Zioni: Tarisai, muri “vanhu vangu.

17 Mukai, mukai, simukai, imi Jerusarema, makanwa muruoko rwaIshe ^amukombe ^bwehasha dzake—makanwa masose anodzdzerekesa emukombe waka-svinwa—

18 Uye hapana wekumutun-gamirira pakati pevana vake vose vaakabereka; kana wekumubata ruoko, pavana vose vaakabereka.

19 Ava ^avanakomana vaviri vauya kwauri, ndiani achakunzwira tsitsi—kusuwa kwako nekuparadzwa, uye nzara nemunondo—uye ndinokunyaradza nani?

20 Vanakomana vako vakapfuzika, kunze kweava vaviri; vavete pakatangira migwagwa pose; segono remhuka yesango yabatwa mumambure, vazere nehasha dzaIshe, kutuka kwaMwari vako.

21 Naizvozvo zvino inzwai izvi, imi munotambudzwa, ^amarkaradza, uye kwete newaini:

22 Ndiko kutaura kwaIshe vako, Ishe uye Mwari vako ^avanochemera nyaya dzevanhu vavo; tarisai, ndabvisa muruoko rwako mukombe wekundendera, masose emumukombe

wehasha dzangu; hauchazou-
nwa zvakare.

23 Asi ^andichauisa mumaoko eavo vanokutambudza; vakati kumweya wako: Kotama, kuti tiende nepamusoro pako—uye wakarara pasi ukave nzira yeavo vakaenda nepamusoro pako.

24 ^aMuka, muka, pfeka ^bsimba rako iwe ^cZioni; pfeka nhumbi dzako dzinoyevedza iwe Jerusarema, guta dzvene; nokuti kubvira zvino mauri ^dhamuchazouya vasina kudzingiswa uye kana vasina kuchena.

25 Zvizunze kubva muguruva; ^asimuka, gara pasi iwe Jerusarema; zvisunungure ^bmumajoto ari muhuro mako, iwe nhapwa mwanasikana weZioni.

CHITSAUKO 9

MaJuda achaungana munyika dzavo dzose dzechipikirwa—Rudzikinuro rwunoripira vanhu kubva muKupunzika—Miviri yaavo vakafa ichamuka kubva mumakuva, mweya yavo ichabva kugehena nomuparadiso—Vachatongwa—Rudzikinuro rwunoponesa kubva parufu, gehena, dhiabhorosi, nokurwadziwa kusingaperi—Vatsvene vanozoponeswa muumambo hwaMwari—Kurangwa kwezvivi kunopiwa—Mutsvene waIsraeri ndiye muchengeti wapamusuo. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

16a 2 Ni. 3:9; 29:14.

17a Isa. 29:9; Jer. 25:15.

b Ruka 21:24.

19a Zvaka. 11:3.

21a 2 Ni. 27:4.

22a Jer. 50:34.

23a Zek. 12:9.

24a Isa. 52:1–2.

b D&Z 113:7–8.

c NKM Zioni.

d Joere 3:17.

25a NEMAMWE MAZWI

Muka kubva muhuruva ugare pasi muhunhu, wanunurwa zvino. b D&Z 113:9–10.

UYE zvino, hama dzangu dzinodiwa, ndaverenga zvinhu izvi kuti muzive maererano “nezvibvumirano zvaIshe zvakabvumirana neveimba yose yavaIsraeri—

2 Kutu vakataura kumaJuda, nomuromo wovaporofita vavo vatsvene, kubvira pakutangisa, kubva kuzvizvarwa nezvizvarwa, kusvikira panguva “yazvichadzorerwa kuchechi nedanga rechokwadi raMwari; apo ^bvachaungana kumusha ^cmunyika dzenhaka yavo, vachiiswa vose munyika dzavakavimbiswa.

3 Tarisai, hama dzangu dzinodiwa, ndinotaura kwamuri zvinhu izvi kuti mufare, kuti “musimudze misoro yenyu nokusingaperi, nokuda kwamakomborero ayo Ishe Mwari avachapa kuvana venyu.

4 Nokuti ndinoziva kuti matsvaga zvikuru, vazhinji venyu, kuti muzive zvinhu zvichauya; saka ndinoziva kuti munoziva kuti nyama yedu ichaparadzwa igofa; zvisinei, “nemiviri yedu tichaona Mwari.

5 Hongu, ndinoziva kuti munoziva kuti mumuviri achazviratidza iye kuna avo vari Jerusarema, kwatakabva; nokuti

chinhu chinofanira kuitwa pakati pavo; nokuti zvinofadza “Musiki mukuru kuti ave somunhu munyama, uye agofira vanhu ^bvose, kuti vanhu vose vagava pasi pake.

6 Nokuti sezvo rufu rwuri pamunhu wose, kuti kuzadzikiswe “kuronga kwetsitsi kwoMusiki, panofanirwa kunge paine simba ^brokumutswa kwavakafa, uye kumutswa kwavakafa kunofanirwa kuuya kumunhu nokuda kwechikonzero ^cchokupunzika; kupunzika kwakauya nechikonzero chokutadza; uye nokuti munhu akapunzika ^dakabviswa pamberi paIshe.

7 Naizvozvo, “rudzikinuro rwakafanira kunge rwuri ^brwusingaverengeke—asi kana rudzikinuro rwusiri rwusingaverengeke harwungakwanise kuti kuora kusave kuora. Naizvozvo, kutongwa ^ckwekutanga kwakauya kumunhu kwaifanira ^dkugara nokusingapere. Uye kana zvakadaro, nyama iyi yakafanira kuora ichidzokera kuvhu kwayakabva, isingazomukazve.

8 ^aHuchenjeri hwaMwari, ^btsitsi ^cnenyasha dzavo! Nokuti

9 1a NKM Chibvumirano chaAbrahama.

2a 2 Ni. 6:11.

NKM Kudzorerwa pakare kweVhangeri.

b NKM Israeri—Kuunganidzwa kwaIsraeri.

c 2 Ni. 10:7-8.

NKM Nyika yeChipikirwa.

3a DJS, Mpi. 24:7-10.

4a Jobo 19:26;

Aruma 11:41-45; 42:23;

Hir. 14:15;

Morm. 9:13.

5a NKM Sika.

b Joh. 12:32;

2 Ni. 26:24;

3 Ni. 27:14-15.

6a NKM Kumuka Kuvakafa.

b NKM Hurongwa hweRununuro.

c NKM Kupunzika

kwaAdama naEva.

d 2 Ni. 2:5.

7a Aruma 34:10.

b NKM Dzikinura.

c Mosaya 16:4-5; Aruma 42:6, 9, 14.

d Mosaya 15:19.

8a Jobo 12:13;

Abr. 3:21.

NKM Ungwaru.

b NKM Anetsitsi.

c NKM Nyasha.

tarisai, dai ^anyama ikasamuka zvakare mweya yedu ichava seyengirozi iya ^eyakapunzika kubva kuna Mwari Vokusingaperi, ikazova ^fdhiabhorosi, kuti isazomuka zvakare.

9 Uye mweya yedu inenge yave kuita saiye, tave vana dhiabhorosi, ^angirozi dzadhiabhorosi kunadhiabhorosi, kuti ^btipfigirwe kunze kubva kuna Mwari vedu, tigogara nababa ^cvenhema, mukusuwa saiye, hongu, kuna iye ^dakanyengedza vabereki vedu vokutanga, ^eanozvishandura akange achaita ^fsengirozi yechiedza, anofurira vana vevanhu kupinda muzvikwata ^gzvemuruvande zveumhondi nekuita ose mabasa akaipa erima.

10 Mwari wedu vakanaka sei, vanotigadzirira nzira yokutiza nayo chipuka chinotyisa; hongu, chipuka ichi, ^arufu ^bnegehena, zvandinoti rufu rwomuviri, uye norufu rwo-mweya.

11 Uye nokuda ^akwekusunungurwa kwedu naMwari vedu, Mutsvene waIsraeri, ^brufu urwu, rwandakataura pamusoro parwo, rwuri rwenguva duku,

rwuchaburitsa vakafa varwo; rufu rwacho rwuri guva.

12 Uye ^arufu urwu rwandataura, kunova kufa pamweya, rwuchaburitsa vakafa varwo; kufa pamweya uku ^bigehena; nainzvozo, rufu negehena zvinofanira kuburitsa vakafa varwo, gehena rinofanira kuburitsawo mweya yakabatwa pausungwa, uye guva rinofanira kuburitsawo miviri iri pausungwa, uye miviri ^cnemweya yavanhu ^dichadzorerwa pakare; rinova simba rokumuka kuna vakafa kwakaitwa noMutsvene waIsraeri.

13 ^aKuronga kwaMwari kukuru sei! Nokuti kune rumwe rutivi, ^bparadiso yaMwari inofanira kuburitsa mweya yevatsvene, guva richiburitsa miviri yevatsvene; mweya nemiviri ^cichadzorerwa pakare zvakare, uye vanhu vanenge vasisata-dze kana ^dkufa, vava mweya mipenyu, vaine ^eruzivo ^frwakakwana sezvatiri munyama, mutsauko uri wekuti ruzivo rwedu rwunenge rwurirwuzere.

14 Nokudaro, tichava ^anoruzivo rwakakwana ^brwokutadza kwedu kwose, nokusachena

8d D&Z 93:33-34.

e Isa. 14:12;

2 Ni. 2:17-18;

Mos. 4:3-4;

Abr. 3:27-28.

f NKM Dhiabhorosi.

9a Jak. 3:11;

Aruma 5:25, 39.

b Zvaka. 12:7-9.

c NKM Kunyepa.

d Gen. 3:1-13;

Mosaya 16:3;

Mos. 4:5-19.

e II VaKori. 11:14;

Aruma 30:53.

f D&Z 129:8.

g NKM Huranganwa

hwemuruvande.

10a Mosaya 16:7-8;

Aruma 42:6-15.

b NKM Gehena.

11a NKM Mununuri.

b NKM Rufu,

rwenyama.

12a NKM Rufu,

rweMweya.

b D&Z 76:81-85.

c NKM Mweya.

d NKM Kumuka

Kuvakafa.

13a NKM Hurongwa

hweRununuro.

b D&Z 138:14-19.

NKM Paradiso.

c Aruma 11:43.

d NKM Asingafe.

e D&Z 130:18-19.

f NKM Kukwana.

14a Mosaya 3:25;

Aruma 5:18.

b NKM Mhosva,

Kuva ne.

kwedu, ‘nokusasimira kwedu; uye vakarurama vachave noruzivo rwakakwana mukufara kwavo, ‘nokururama kwavo, ‘vachashongedzwa ^fnoutsvene, hongu, uye kana ^snguwo dzokururama.

15 Uye zvichaitika kuti kana vanhu vose vabva murufu rwokutanga kuenda muupenyu, uye vasisazofa, vanofanirwa kuuya pachigaro ‘chokutongwa choMutsvene waIsraeri; kwozouya ^bkutongwa, maerano nekutonga kutsvene kwaMwari.

16 Zvechokwadi, sokurarama kunoita Ishe, Ishe Mwari vakazvitaure, uye ‘izwi ravo ^brekusingaperi, iro risingafe, kuti avo vatsvene vachava vatsvene, avo vane ‘tsvina vachangova vane ^dtsvina; nokudaro, avo vane tsvina ‘ndidhiabhorosi nengirozi dzake; vachaenda kumoto ^fusingaperi; wakagadzirirwa ivo; kurwadziwa kwavo kunenge ^sdziva romoto nesuriferi, rimi racho rinokwira kudenga risingagumi.

17 Ukuru ‘nokutonga kwakanaka kwaMwari vedu! Nokuti zvavanenge vataura nemuromo wavo vanozviita, uye zvakabva

muromo mavo, uye mutemo wavo unofanira kuzadzikiswa.

18 Asi tarisai, vakarurama, ‘vatendi veMutsvene waIsraeri, avo vanotenda kune Mutsvene waIsraeri, avo vakatsungirira ^bmichinjikwa yenyika, vakashora kunyadzisa kwayo, vachadya ‘nhaka ^dyeumambo hwaMwari, hwavakagadzirirwa ‘kubvira pakutanga kwenyika, nokufara kwavo kuchave kwakazara ^fkusingaperi.

19 Kukura kwetsitsi dzaMwari wedu, Mutsvene waIsraeri! Nokuti ‘anobvisa vatendi vake kubva muchipuka ^bchakaipisa chiya dhiabhorosi, nemurufu, ‘nemugehena, nemudziva romoto nosuriferi kunova kurwadziwa kusingaperi.

20 Kukura ‘kweutsvene hwaMwari vedu! Nokuti ^bvanoziva zvinhu zvose, uye hapana chimwe chinhu chavasingazive.

21 Uye vakauya panyika kuti ‘vaponese vanhu vose kana vachinge vateerera shoko ravo; nokuti tarisai, vanatora kurwadziwa kwevanhu vose, hongu, ^bkurwadziwa kwechisikwa chose chipenyu, varume, vakadzi, nevana, vemhuri ‘yaAdama.

22 Uye vakabvuma kutambu-

14c Morm. 9:5.

d NKM Akarurama.

e Zir. 31:25.

f NKM Chakachena.

g D&Z 109:76.

15a NKM Kutonga,

Kwekupedzisira.

b Mpi. 19:9;

2 Ni. 30:9.

16a I Madz. 8:56;

D&Z 1:38; Mos. 1:4.

b D&Z 56:11.

c NKM Hutsvina.

d 1 Ni. 15:33–35;

Aruma 7:21;

Morm. 9:14;

D&Z 88:35.

e NKM Dhiabhorosi.

f Mosaya 27:28.

g Zvaka. 21:8;

2 Ni. 28:23;

D&Z 63:17.

17a NKM Yenzaniso.

18a NKM Mutendi.

b Ruka 14:27.

c D&Z 45:58; 84:38.

d NKM Rusimudzirwo.

e Aruma 13:3.

f NKM Upenyu

Hwokusingaperi.

19a D&Z 108:8.

b 1 Ni. 15:35.

c NKM Gehena.

20a NKM Hutsvene.

b Aruma 26:35;

D&Z 38:2.

21a NKM Ruponeso.

b D&Z 18:11; 19:18.

c NKM Adama.

dzika uku kuti vanhu vagomuka kuvakafa, kuti vose vagomira pamberi pavo musu wezuva guru rokutongwa.

23 Uye vakaraira vanhu vose kuti ^avatendeuke, ^bvagobhabhatidzwa muzita ravo, vaine kutenda kuzere muMutsvene waIsraeri, nokuti havangaponeswe muumambo hwaMwari.

24 Uye kana vasingatendeuke nokutenda ^amuzita ravo, noku-bhabhatidzwa muzita ravo, ^bnokushingirira kusvikira kumagumo, vanofanirwa ^ckuraswa; nokuti Ishe Mwari, Mutsvene waIsraeri, vakazvitura.

25 Naizvozvo, vakavapa ^amutemo; uye ^bpasina mutemo wapiwa hapana kurangwa; uye pasina kurangwa hapana kuraswa; apo pasina kuraswa tsitsi dzoMutsvene waIsraeri dzichave pavari, nenzira yerudzikinuro; nokuti vakaponeswa nesimba rake.

26 Nokuti ^arudzikinuro rwunogutsa zvinodiwa ^bnekutonga kwake kwakanaka kuna avo vose ^cvasina kupiwa ^dmutemo, kuti vachaponeswa kuchipuka icho chinotyisa, rufu negehena, nadhiabhorosi, nedziva romoto nesuriferi, kunova kurwadziwa

kusingaperi; uye vachidzororwa kuna Mwari vakavapa ^emweya wekufema, vanova Mutsvene waIsraeri.

27 Asi nhamo kune akapiwa ^amutemo, hongu, uyo ane mitemo yose yaMwari, sezvatakaita isu, agosaiteerera, uye agotambisa mazuva ake ekuedzwa, nokuti zvinhu zvake kuipa kwazvo kunotyisa!

28 ^aZano rokunyengedza kwowakaipa! ^bKushaya maturo, neurema hwavanhu! Kana ^cvadzidza vanofunga kuti ^dvachenjera, havachateerera ^ekuraira kwaMwari, nokuti vanobva vazviisa parutivi, vachifunga kuti ivovave kuziva, asika, kuziva kwavo hubenzi hakuna chakunovapa. Vachatsakatika.

29 Asi kudzidza kwakanaka kana ^avachiteerera ^bkuraira kwaMwari.

30 Asi nhamo iri ^akuvapfumi, avo vakapfuma muzvinhu zvenyika. Nokuti vapfumi saka vanoshora ^bvarombo, uye vanotambudza vakapfava, uye mwoyo yavo iri papfuma yavo; nokudaro, upfumi hwavo ndiye mwari wavo. Uye tarisai upfumi hwavo huchaparara pamwe navo.

23a NKM Rutendeuko.

^b NKM Bhabhatidza.

24a NKM Jesu Kristu—
Kutora Zita raJesu
Kristu paTiri.

^b NKM Tsungirira.

^c NKM Kuraswa.

25a Jkb. 4:17.

NKM Mutemo.

^b VaR. 4:15;

2 Ni. 2:13; Aruma

42:12–24.

NKM Kudavira.

26a 2 Ni. 2:10;

Aruma 34:15–16.

NKM Dzikinura.

^b NKM Yenzaniso.

^c Mosaya 3:11.

^d Mosaya 15:24;

D&Z 137:7.

^e Gen. 2:7; D&Z 93:33;

Abr. 5:7.

27a Ruka 12:47–48.

28a Aruma 28:13.

^b NKM Chisina Maturo.

^c Ruka 16:15;

2 Ni. 26:20; 28:4, 15.

^d Zir. 14:6; Jer. 8:8–9;

VaR. 1:22.

NKM Kudada;

Ungwaru.

^e Aruma 37:12.

NKM Rairo.

29a 2 Ni. 28:26.

^b Jak. 4:10.

30a Ruka 12:34;

I Tim. 6:10;

D&Z 56:16.

^b NKM Murombo.

31 Uye nhamo kumatsi dzisingadi “kuzwa; nokuti dzichafa.

32 Nhamo kumapofu asingade kuona; nokuti achafawo.

33 Nhamo kuna avo vasina kudzingiswa pamwoyo, nokuti ruzivo rwokutadza kwavo rwuchavarova pazuva rokupe-dzisira.

34 Nhamo “kumunyepi, nokuti achakandwa ^bmugehena.

35 Nhamo kune uyo “anoponda achida, iyewo ^bachafa.

36 Nhamo kune avo vanoita “upombwe, naivo vachakandwa mugehena.

37 Hongu, nhamo kune avo vanonamata “zvifananidzo, nokuti dhiabhorosi waanadhi-abhorosi vose anofara navo.

38 Uye muchidimbu, nhamo kuna avo vose vanofira muzvivi zvavo; nokuti “vachadzokera kuna Mwari, voona chiso chavo, voramba vari muzvivi zvavo.

39 Hama dzangu dzinodiwa, rangarirai kuipa mukutadzira Mwari Mutsvene, uyewo kuipa kwekubvumira kukwezva kwaiyeyo “munyengedzi. Rangarirai kufunga ^bzvenyama ^crufu, asi zvemweya kufunga ^dupenyu ^ehwokusingaperi.

40 Hama dzangu dzinodiwa, ipai nzeve kumazwi angu. Rangarirai ukuru hweMutsvene waIsraeri. Musati ndakataura zvinhu zvakaoma kwamuri; nokuti mukadaro, munenge matuka “chokwadi, nokuti ndataura mazwi oMusiki venyu. Ndinoziva kuti mazwi echo-kwadi ^bakaoma pane zvinhu zvose zvine tsvina; asi vatsvene havaatyekwete, nokuti vanoda chokwadi uye havazunguzuke.

41 Zvino hama dzinodiwa, “uyai kuna Ishe, Mutsvene. Rangarirai kuti nzira dzavo itsvene. Tarisai, ^bnzira yomunhu ^cyakamanika, asi inofamba yakatwasanuka pamberi pavo, uye muchengeti ^dwapamusuwo ndivo Mutsvene waIsraeri; uye havashandise musevenzi ipapo; uye hakuna imwe nzira kunze kwapamusuwo; nokuti haanganyengedzwi, nokuti Ishe Mwari ndiro zita rake.

42 Uye uyo anogugudza, ndiye anozururirwa; “vachenjeri, nevakadzidza, naavo vapfumi, ^bvanzvikudza nokudzidza kwavo, nouchenjeri, noupfumi hwavo—hongu, ivavo ndivo vavakashora; kunze kwokunge

31a Ezk. 33:30–33;

Mat. 11:15;

Mosaya 26:28;

D&Z 1:2, 11, 14;

Mos. 6:27.

34a Zir. 19:9.

NKM Anovimbika;

Kunyepa.

^b NKM Gehena.

35a Eks. 20:13;

Mosaya 13:21.

^b NKM Kuranga nerufu.

36a 3 Ni. 12:27–29.

NKM Hunhu.

37a NKM Kunamata

Zvifananidzo.

38a Aruma 40:11, 13.

39a 2 Ni. 28:20–22; 32:8;

Mosaya 2:32; 4:14;

Aruma 30:53.

^b VaR. 8:6.

NKM Zvenyama.

^c NKM Rufu, rweMweya.

^d Zir. 11:19.

^e NKM Upenyu

Hwokusingaperi.

40a NKM Chokwadi.

^b 1 Ni. 16:2;

2 Ni. 28:28; 33:5.

41a 1 Ni. 6:4; Jak. 1:7;

Omu. 1:26;

Moro. 10:30–32.

^b 2 Ni. 31:17–21;

Aruma 37:46;

D&Z 132:22, 25.

^c Ruka 13:24; 2 Ni. 33:9;

Hir. 3:29–30.

^d 2 Ni. 31:9, 17–18;

3 Ni. 14:13–14;

D&Z 43:7; 137:2.

42a Mat. 11:25.

^b NKM Kudada.

varasa zvinhu izvi, vozviita ‘marema pamberi paMwari, nokuzviunza pasi-pasi “poku-zvininipisa, havazovazururira.

43 Asi zvinhu zvavachenjeri nevanoziva “zvichazovigwa kubva kwavari nokusingaperi—hongu, uyo mufaro wakagadzirirwa vatendi.

44 Hama dzangu dzinodiwa, rangarirai mazwi angu. Tarisai, ndinobvisa nguwo dzangu, ndodzizunza pamberi penyu; ndinonamata kuna Mwari voruponeso kuti vanditarise neziso “rakapinza; nokudaro, muchaziva nezuva rokupedzisira, apo vanhu vose vachatongwa namabasa avo, kuti Mwari waIsraeri vachapupura kuti ^bndakazunza kuipa kwenyu kubva pamweya wangu, zve kuti ndinomira nechiedza pamberi pake, ‘ndisina ropa renyu.

45 Hama dzangu dzinodiwa, tendeukai kubva muzvivi zvenyu; zunzai “ngetani idzo dzakakusungai; uyai kuna Mwari ^bdombo roruponeso rwenyu.

46 Gadzirirai mweya yenyu zuva rokubwinya iro “kutonga kwakanaka kuchaitwa kuvatsvene, kunyange zuva ^broktongwa, kuti musazvipeta nokutya; kuti musarangerire ‘mhosva dzenyu mune zvakanwana, mozotunhwa kuti mutaure muchiti: Kutsvene,

kutsvene kutonga kwenyu kutsvene, Ishe Mwari “Samasi-mba—asi ndinoziva kutadza kwangu; ndakatadza mirairo yenyu, kutadza kwacho ndokwangu; dhiabhorosi akanditora, saka ndiri nyama yekuipa kwake.

47 Asi tarisai hama dzangu, ko ndinofanira here kukumutsai kuti muone pachena zvinhu izvi? Ndingarwadzise here mwoyo yenyu kana pfungwa dzenyu dziri tsvene? Ndingataure zviri pachena here maererano nokutaura chokwadi dai manga makasununguka kubva muzvivi?

48 Tarisai, dai manga muri vatsvene ndaitaura kwamuri pamusana poutsvene; sezvo musiri vatsvene, muchitarisira kwandiri somudzidzisi, ndinofanira “kukudzidzisi pamusana pedambudziko ^brechivi.

49 Tarisai, mweya wangu unovenga chivi, mwoyo wangu unofadzwa noutsvene, uye “ndicharumbidza zita dzvene raMwari wangu.

50 Uyai hama dzangu, uyo wose ane nyota, uyai kune “mvura; uyo asina mari, uyai mutenge mudye; hongu, uyai mutenge waini nomukaka zvisina ^bmari uye zvisina mutengo.

51 Nokudaro, musaparadze mari pazvinhu zvisingakodzeri, kana ^asimba renyu nezvisinga-

42c I VaKori. 3:18–21.

d NKM Akazvininipisa.

43a I VaKori. 2:9–16.

44a Jak. 2:10.

b Jak. 1:19.

c Jak. 2:2; Mosaya 2:28.

45a 2 Ni. 28:22;

Aruma 36:18.

b NKM Ibwe.

46a NKM Yenzaniso.

b NKM Kutonga, Kwepedzisira.

c Mosaya 3:25.

d 1 Ni. 1:14; Mos. 2:1.

48a Aruma 37:32.

b NKM Chitadzo.

49a 1 Ni. 18:16.

50a NKM Mvura yeUpenyu.

b Aruma 42:27.

51a Isa. 55:1–2.

gutsi. Teereresai nesimba kwandiri, murangarire mazwi andakataura; muuye kune Mutsvene walsraeri, muite ^bmabiko kune icho chisingafi, kana kuipiswa, asi kuti mweya ufare mukukora.

52 Tarisai hama dzangu dzinodiwa, rangarirai mazwi aMwari yenyu; namatai kwaari kusingaperi pazuva, “nokutenda kuzitaravo dzvene usiku. Mwoyo yenyu ngaifare.

53 Uye tarisai kuti “zvibvumirano zvalshe zvikuru sei, uye kukura kwekuzvideredza kwavo kuvana vevanhu; nokuda kwokuru hwavo nyasha ^bnetsitsi dzavo, vakativimbisa kuti mbeu yedu haizoparadzwa zvachose, munyama, asi kuti vachavachengetedza; zvizvarwa zvichauya zvichava ^abazi dzvene reimba yaIsraeri.

54 Uye zvino, hama dzangu, ndingadai ndataura kwamuri zvakawanda, asi mangwana ndichataura mazwi andasiya nhasi. Amenii.

CHITSAUKO 10

MaJuda acharovera pamuchinjikwa Mwari vavo — Vachapararira kudakara vatangisa kutendakwavari — America ichave nyika yerusununguko isina mambo anotonga —

Wadzanai naMwari uye mugowana ruponeso kuburikidza nyenyasha dzake. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino ini Jakobho, ndinataura kwamuri zvakare, hama dzangu dzinodiwa, pamusoro ^apebazi rakarurama iri randa-taura.

2 Nokuti tarisai, “zvivimbiso zvatakawana zvivimbiso zvaka-itwa kwatiri maererano nezvenyama; nokudaro, sezvo zvakaradidzwa kwandiri kuti ruzhinji rwevana vedu rwuchafira mune zvenyama nenzira yekusatenda, zvakadaro, Mwari vachanzwira tsitsi kuvazhinji; uye vana vedu vachaponeswa, kuti vazouya kune icho chichavapa ruzivo rwakakwana rwechokwadi rweMununuri wavo.

3 Nokudaro, sekutaura kwandaita kwamuri, zvinofanira kuti Kristu — nokuti mauro ^angirozi yakandiudza kuti ndiro rakafanira kuve zita rake — ^banouya pakati pemaJuda, pakati peavo vakanyanya kuve vakapamunyika; uye ^cvachamurovera pamuchinjikwa — nokuti ndizvo zvinofadza Mwari vedu, uye hakunazve rumwe rudzi panyika ^drwungarovere pamuchinjikwa ^eMwari vavo.

4 Nokuti kana ^azvishamiso

51b 2 Ni. 31:20; 32:3;
3 Ni. 12:6.

52a NKM Kupakutendo.

53a NKM Chibvumirano.

^b NKM Anetsitsi.

^c NKM Munda

wemizambiringa
walshe.

10 1a 1 Ni. 15:12–16;

2 Ni. 3:5;
Jak. 5:43–45.

2a 1 Ni. 22:8;

3 Ni. 5:21–26; 21:4–7.

3a 2 Ni. 25:19; Jak. 7:5;

Moro. 7:22.

^b NKM Jesu Kristu—
Zviporofita

nezvekuzvarwa uye

nerufu rwaJesu
Kristu.

^c 1 Ni. 11:33;

Mosaya 3:9;

D&Z 45:52–53.

^d Ruka 23:20–24.

^e 1 Ni. 19:10.

4a NKM Chishamiso.

zvikuru zvakaitwa pakati pemawe marudzi, vangatendeuke, uye vagoziva kuti ndiye Mwari wavo.

5 Asi nenzira ^ayehupirisita husakarurama nezvitema, avo vari Jerusarema vachaomesa mitsipa yavo vachimurwisa, kuti aroverwe pamuchinjikwa.

6 Nokudaro, nenzira yezvitema zvavo, kuparadzwa, nzara, zvirwere, uye kudeuka kweropa kuchauya pavari; uye avo vasingazoparadzwa ^avachaparadzirwa pakati pamarudzi ose.

7 Asi tarisai, ndiko kutaure ^akwaishe Mwari: ^bKana zuva rasvika rekuti vatende mandiri, kuti ndini Kristu, saka ndakabvumirana nemadzibaba avo kuti vachadzorerwa munyama, pasi, kunyika yenhaka yavo.

8 Uye zvichaitika kuti ^avachunganidzwa kubva kwavakanga vakapararira kwenguva huru, kubva ^bmuzvitsuwa zvegungwa, nemumativi mana enyika, uye marudzi emaJentairi achave makuru mumaziso angu, vanodaro Mwari, ^cmukuvatakura vachienda navo kunyika dzenhaka.

9 ^aHongu, madzimambo emaJentairi ndivo vachave madzibaba ekubarera, uye madzima-

mbokadzi avo ndivo vachave vareri vavo; nokudaro, ^bzvivimbiso naIshe kumaJentairi zvikuru, nokuti vakazvitaura, uye ndiani angazvipikise?

10 Asi tarisai, nyika ino, vanodaro Mwari, ichave nyika yenhaka yenyu, uye ^amaJentairi vacharopafadzwa pamusoro payo.

11 Uye nyika ino ichave nyika ^ayerusununguko kumaJentairi, uye haichazove ^bnemadzimambo enyika, vachamukirana nemaJentairi.

12 Uye ndichadzivirira nyika ino kune mamwe marudzi ose.

13 Uye uyo ^aanorwisa Zioni ^bachafa, vanodaro Mwari.

14 Nokuti uyo achamutsa mambo kuti andirwise achafa, nokuti ini Ishe ^amambo wedenga, ndichave mambo vavo, uye ndichave ^bchiedza kwavari narinhi, avo vanonzwa mazwi angu.

15 Nokudaro, nenzira yezvivi, kuti ^azvibvumirano zvangu zvizadzikiswe zvandakaita kuvana vevanhu, kuti ndinozozviita kwavari vari munyama, ndakafanira kuparadza mabasa ^aakavanda ^cerima, neekupondana, neekuipa.

16 Nokudaro, uyo acharwisa ^aZioni, kana muJuda uye kana

5a Ruka 22:2.
NKM Unyengeri
hwehupirisita.

6a 1 Ni. 19:13-14.
NKM Israeri—
Kupararira kwa
Israeri.

7a NKM Ishe.
b 2 Ni. 25:16-17.

8a NKM Israeri—
Kuunganidzwa
kwa Israeri.

b 1 Ni. 22:4;
2 Ni. 10:20-22;
D&Z 133:8.

c 1 Ni. 22:8.
9a Isa. 49:22-23.
b 1 Ni. 22:8-9;
D&Z 3:19-20.

10a 2 Ni. 6:12.
11a NKM Kusununguka.
b Mosaya 29:31-32.
13a 1 Ni. 22:14, 19.
b Isa. 60:12.

14a Aruma 5:50;
D&Z 38:21-22;
128:22-23; Mos. 7:53.

b NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.

15a NKM Chibvumirano.
b Hir. 3:23.
NKM Huranganwa
hwemurumuna.

c NKM Rima,
zveMweya.

16a NKM Zioni.

muJentairi, musungwa neaka-sununguka, murume kana mukadzi, vachafa; nokuti ^bivava ndivo pfambi dzepasi pose; nokuti ^cavo ^dvasiri kwandiri vari ^ekurwisana neni, vanodaro Mwari vedu.

17 Nokuti ^andichazadzikisa zvandakavimbisa vana vevanhu, zvandakati ndinovaitira vachiri vapenyu—

18 Nokudaro, hama dzangu dzinodiwa, ndiko kutaura kunoita Mwari vedu: Ndichatambudza mbeu yenyu neruoko rwemaJentairi; zvakadaro, ndichapfaviswa mwoyo ^ayemaJentairi, kuti vaite sababa kwavari; nokudaro, maJentairi ^bvacharopafadzwa uye ^cvagoverengerwa pamwechete nevemba yaIsraeri.

19 Nokudaro, ^andichagadzirira nyika ino mbeu yako, neavo vachaverengerwa kumbeu yako, narinhi, kuti ive nyika yenhaka yavo; nokuti inyika yakanaka, vanodaro Mwari kwandiri, kupfuura dzimwe nyika dzose, nokudaro ndichaita kuti vose vanhu vanogaramo vandinamate, vanodaro Mwari.

20 Uye zvino, hama dzangu dzinodiwa, sekuona kwatiri kuita kuti Mwari vedu vetsitsi vatipa ruzivo rwukuru maere-

rano nezvinhu izvi, ngativarangerirei, tosendeka zvitema zvedu, torega kutsikitsira pasi, nokuti hatina kutandwa; zvakadaro, ^atakatinhwa tichibviswa munyika yenhaka yedu; asi takatungamirirwa kunyika iri ^bnani, nokuti Ishe akaita gungwa rive ^cnzira yedu, uye tiri ^dpakatsuwa kekungwa.

21 Asi zvikuru zvakavimbiswa naIshe kune avo vagere ^apazvitsuwa zvekungwa; nokudaro sezvo zvichinzi zvitsuwa, zvinoreva kuti zvakawanda kupfura apa, uye zvakagarwawo nehama dzedu.

22 Nokuti tarisai, Ishe Mwari nguva nenguva ^avanotungamirira imba yaIsraeri kwavanoda, maererano nezvinovafadza nekuda kwavo. Uye zvino tarisai, Ishe vanoyeuka vose vakatsauka, nokudaro vanotiyekawo nesu.

23 Naizvozvo, farai mumwoyo menyu, uye muyeuke kuti ^amakasununguka ^bkuita zvamunoda—^ckusarudza nzira yerufu rwusingaperi kana nzira yeupepenyu hwokusingaperi.

24 Nokudaro, hama dzangu dzinodiwa, wadzanai nechidochaMwari, uye kwete kuda kwadhiahhorosi nekwenyama; uye muyeuke, mushure mekunge

16b 1 Ni. 13:4-5.

c 1 Ni. 14:10.

d 1 Ni. 22:13-23;

2 Ni. 28:15-32;

3 Ni. 16:8-15; Eta 2:9.

e Mat. 12:30.

17a D&Z 1:38.

18a Ruka 13:28-30;

D&Z 45:7-30.

b VaE. 3:6.

c VaG. 3:7, 29;

1 Ni. 14:1-2;

3 Ni. 16:13; 21:6, 22;

30:2;

Abr. 2:9-11.

19a 2 Ni. 3:2.

20a 1 Ni. 2:1-4.

b 1 Ni. 2:20.

NKM Nyika

yeChipikirwa.

c 1 Ni. 18:5-23.

d Isa. 11:10-12.

21a 1 Ni. 19:15-16; 22:4.

22a 1 Ni. 22:4.

23a NKM Kuzvisarudzira.

b 2 Ni. 2:16.

c Deut. 30:19.

mawadzana naMwari, kuti chete “nyasha dzaMwari ndidzo dzinoita kuti ^bmuponeswe.

25 Nokudaro, Mwari angakumutsei kubva murufu nesimba rekumutswa kwavakafa, nemurufu rwusingaperi nesimba “rerudzikinuro, kuti mugogashirwa muumambo hwokusisingaperi hwaMwari, kuti mugovarumbidza kuburikidza nenyasha tsvene. Amenii.

CHITSAUKO 11

Jakobho akaona Mununuri wake—Murau waMosesi mucherechedzo waKristu uye unoratidza kuti achauya. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino, “Jakobho akataura zvinhu zvizhinji kuvanhu vekwangu panguva iyoyo; zvakadaro zvinhu izvi ndizvo chete zvandaita kuti ^bzvinyorwe, nokuti zvinhu zvandanyora zvinondikwanira.

2 Uye zvino, ini Nifai, ndinonyora mazwi mazhinji “aIsaya, nokuti mweya wangu unofadzwa nemazwi ake. Nokuti ndichafananidza mazwi ake nevanhu vekwangu, uye ndigoatumira kuvana vangu vose, nokuti zvirokwasvo akaona ^bMununuri wangu, sekumuona kwandakamuita.

3 Nemunin’ina wangu Jakobho, “akamuonawo sokumuona kwandakaita; nokudaro, ndichatumira mazwi avo kuvana vangu kuti vaone kuti mazwi angu ndeekwokwadi. Nokudaro, nemazwi ^bevatatu, Mwari vakati, ndichamisa shoko rangu. Zvakadaro, Mwari vanotumira vamwe vapupuri vakawanda, nekuzadzikisa mazwi avo ose.

4 Tarisai, mweya wangu unofara kuti “ndiratidze kuvanhu vekwangu chokwadi ^bchekuuya kwaKristu; nokuti, nenziya yechikonzero ichi kwakapiwa “mutemo waMosesi; uye zvose zvinhu zvakapiwa naMwari kubvira pakutanga kwenyika, kuvanhu, zvinoratidza mucherechedzo wake.

5 Uye mweya wangu unofarawo “nezvibvumirano zvalshe zvakakaita kumadzibaba edu; hongu, mweya wangu unofadzwa nenyasha dzavo, nemukutonga kwavo kwakanaka, nesimba, netsitsi muzano guru nechirongwa chekusingaperi chekubviswa murufu.

6 Uye mweya wangu unofadzwa mukuratidza vanhu vekwangu kuti “kunze kwekunge Kristu auya vanhu vose vanofa.

7 Nokuti kana “kusina Kristu kana Mwari hakuna; uye kana kusina Mwari isu hatipo, nokuti hakwaikwanisa kuve ^bnekusi-

24a NKM Nyasha.
b NKM Ruponeso.
25a NKM Dzikinura.
11 1a 2 Ni. 6:1–10.
b 2 Ni. 31:1.
2a 3 Ni. 23:1.
b NKM Mununuri.

3a 2 Ni. 2:3; Jak. 7:5.
b 2 Ni. 27:12; Eta 5:2–4;
D&Z 5:11.
4a 2 Ni. 31:2.
b Jak. 4:5; Jar. 1:11;
Aruma 25:15–16;
Eta 12:19.

c 2 Ni. 5:10.
5a NKM Chibvumirano
chaAbrahamama.
6a Mosaya 3:15.
7a 2 Ni. 2:13.
b NKM Sika.

kwa. Asi kuna Mwari, uye ndi-Kristu, uye vanouya nekukwana kwenguva yavo.

8 Uye zvino ndave kunyora mamwe emazwi alsaya, kuti ani zvake wevanhu vekwangu vachaona mazwi aya vasimudze mwoyo yavo uye vagofara pamusana pemunhu wose. Zvino aya ndiwo mazwi, uye mungangoafananidza nemi nekune vamwe vanhu vose.

CHITSAUKO 12

Isaya anoona temberi yemazuva ekupedzisira, kuunganidzwa kwa-Israeleri, nekutonga kwechiuru chemakore nerunyararo—Vanodada nevakaipa vachaderedzwa muKuu-ya Kwechipiri—Enzanisai nalsaya 2. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

SHOKO iro “rakaonekwa ^bnalsaya mwanakomana waAmozi, riri maererano naJuda neJerusarema:

2 Uye zvichaitika kuti muma- zuva ekupedzisira, apo “gomo ^breimba yaIshe richamiswa pamusoro ^cpemakomo, uye richa- simudzirwa pamusoro pezvi-

komo zvose, uye ose marudzi achayererera kwairi.

3 Uye vanhu vazhinji vachae- nda uye vagoti, Uyai imi tiende kugomo ralshe, kumba yaMwari wajakobo; uye vachatidzidzisa nzira dzavo, uye “tichafamba munzira dzavo; nokuti muZioni ndimo muchabva ^bmutemo, neshoko ralshe kubva kuJeru- sarema.

4 Uye “vachatonga pakati pe- marudzi, uye vachatsiura va- nhu vazhinji: uye vachapfura minondo yavo kuti ive miromo yemagejo, uye mapfumo avo vachaita ekukwanhurisa miti— rudzi haruzosimudza munondo kubaya rwumwe rudzi, hava- zodzidza zvehondo zvakare.

5 Imi vemba yaJakobo, uyai imi uye tifambe muchiedza chaIshe; hongu, uyai nokuti mose “marasika, mumwe nomu- mwe munzira dzake dzakaipa.

6 Naizvozvo, imi Ishe masiya vanhu venyu, imba yaJakobo, nokuti “yakazadzwa nezveku- mabvazuva, uye vanoteerera zvinotaurwa nen’anga ^bsema- Firistia, uye ‘vanozvifadza nevana vevatorwa.

7 Nyika yavowo izere nesiri-

12 1a CHIHEB *khazah*,
zvichireva
“kuratidzirwa.”
Zvinoreva kuti Isaya
akagamuchira shoko
rake kuburikidza
nechiratidzo
chakabva kunaIshe.
b Zvitsauko zvalsaya
2–14 zvakatorwa
kubva
mumahwendafa
endarira naNifai
muna 2 Ni. 12–24;

pane kusiyana
mukurongwa
kwemazwi
kunofanirwa
kucherechedzwa.
2a Joere 3:17.
NKM Zioni.
b NKM Temberi, Imba
yaIshe.
c D&Z 49:25.
3a NKM Famba, Famba
naMwari.
b CHIHEB kudzidzisa,
kanadzidziso.

NKM Vhangeri.
4a 2 Ni. 21:2–9.
5a 2 Ni. 28:14;
Mosaya 14:6;
Aruma 5:37.
6a NEMAMWE MAZWI
vazadzwa, vapihwa
dzidziso, zvitendero
zvekunze.
Mpi. 106:35.
b NKM VaFiristia.
c CHIHEB kurovana
maoko ne, kana kuita
chibvumirano ne.

vha negoridhe, upfumi hwavo hauna magumo; nyika yavo izerewo nemahachi, kana ngoro dzavo hadziperi.

8 Nyika yavo izerewo “nezvifananidzo; vanonamata zvava-kaumba nemaoko avo, izvo zvakagadzirwa neminwe yavo.

9 Uye uyo munhu akazvidzika “haakotamise musoro, uye munhu mukuru haazvirereke, saka, musa muregerere.

10 Imi makaipa, pindai mudombombo, uye “muzvivige muguruva, nokuti kutya Ishe nokubwinya kweushe hwavo kuchakurovai.

11 Uye zvichaitika kuti kuzvikudza kwemunhu kuchanyadziswa, nekuzvikakanyadza kwevanhu kuchakoromorwa, uye Ishe voga ndivo vachakudzwa muzuva iroro.

12 Nokuti “zuva raIshe weHondo richasvika nokukurumidza kumarudzi ose, hongu, pamunhu wose; hongu, pane ^bvano-dada nevanozvikudza, nepane wose akasimudzirwa, achadzikiswa pasi.

13 Hongu, uye zuva raIshe richasvika pamiti yemisida yose yeRebanoni, nokuti yakareba nokukwirira; nepamusoro pemioku yose yeBashani;

14 Uye pamakomo ose marefu, nepazvikomo zvose, nepama-

rudzi ose akasimudzirwa, nepavanhu vose.

15 Uye nepanharire refu yose, nepashongwe yose yakakomberedzwa.

16 Uye nepangarava dzose “dzegungwa, nekungarava dzose dzeTarshisi, uye nepamifananidzo yose inofadza.

17 Uye kuzvikudza kwemunhu kuchaderedzwa pasi, nekuzvikakanyadza kwevanhu kuchaderedzwa; uye Ishe voga ndivo vachakudzwa muzuva “iroro.

18 Uye zvifananidzo vachazvipfuudza zvachose.

19 Uye vachaenda mumwena yematombo, nemumapako epasi, nokuti kutya Ishe kuchavabata nekubwinya kweushe hwavo kuchavarova, pavachasimuka kuti vazunze pasi!

20 Muzuva iroro munhu “acharasira zvifananidzo zvake zvesirivha, nezvifananidzo zvake zvegoridhe, zvaakazviitira kuti azvinamate, kunhuta neku-miremwa-remwa;

21 Kupinda mumitswi yematombo, nepamusoro pemabwe akatsemuka, nenzira yekutya kuti Ishe vachauya pamusoro pavo uye ushe hwembiri yavo huchavarova, kana vomuka kuzozunza nyika zvinotyisa.

8a NKM Kunamata
Zvifananidzo.

9a NEMAMWE MAZWI
akanamata
zvifananidzo
kunze kwaMwari.

10a Aruma 12:14.

12a NKM Kuuya
Kwechipiri kwaJesu

Kristu.

b Mara. 4:1; 2 Ni. 23:11;
D&Z 64:24.

16a RechiGiriki
(Septuagint) rine
mazwi asimo mune
rechiHeberu, uye
rechiHeberu rine
mazwi asimo mune

rechiGiriki; asi
2 Ni. 12:16 inawo ose.
Mpi. 48:7; Ezk. 27:25.

17a NEMAMWE MAZWI
zuva rekuuya
kwaIshe
mukubwinya.

20a CHIHEB kuraswa.

22 Ibvai “kumunhu, ane kufema kuri mumhuno dzake; nokuti ndepapi paachazivikanwawo?

CHITSAUKO 13

Juda neJerusarema dzicharangwa pamusana pekusateerera kwavo— Ishe vanotetererera uye vagotonganga vanhu vavo— Vanasikana veZioni vanotukwa nekunetswa nenzira yekuda kwavo zvinhu zvenyika— Enzanisai naIsaya 3. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

NOKUTI tarisai Ishe, Ishe veHondo, vanotorera Jerusarema, naJuda, musimboti nemudonzvo, musimboti wose wezvekudya, newose wemvura—

2 Gamba, nemurume wehondo, mutongi, nemuporofita, nevakachenjera, nevakuru;

3 Mutungamiri wemakumi mashanu, nemurume anokudzwa, nemakurukota, newemapiipi, uye anogona kutaura.

4 Uye ndichavapa vana kuti vave machinda avo, uye vacheche vachavatonga.

5 Uye vanhu vachadzvinyirirwa, wose nomumwe, uye wose newaakavakidzana naye; mwana achizvikudza kuna vakuru, uye akazvidzwa achazvikudza pane vanokudzwa.

6 Apo munhu achabata hama yake yemumba mababa vake,

uye agoti: Iwe une zvipfeko, iva mutongi wedu, uye usabvumire “kuparara uku kuti kuuye iwe uripo—

7 Muzuva iroro achapika, achiti: Handiite kuve “murapi; nokuti mumba mangu hamuna chingwa kana zvipfeko; regai kundiita mutongi wavanhu.

8 Nokuti Jerusarema “raparadzwa, uye Juda byapunzika, nokuti miromo yavo nemabasa avo airwisana naIshe, kutsamwisa meso okubwinya kwavo.

9 Kuratidzika kweusu hwavo kunoreva zvavari, uye kuchireva kuti chitema chavo chakafanana “necheSodoma, uye havangachivige. Nhamo kumweya yavo, nokuti vazvipa vega mubairo wechakaipa!

10 Itai kune vakarurama “zvakanaka kwavari; nokuti vachadya muchero wemabasa avo.

11 Nhamo kune vakaipa, nokuti vachafa; nokuti mubairo wemabasa avo uchave pavari!

12 Uye vanhu vangu, vana vadiki ndivo vadvinyiriri vavo, uye vanotongwa nemadzimai. Imi vanhu vangu, avo “vanokutungamirirai vanoita kuti mutadze uye vopaza nzira yamunofamba nayo.

13 Ishe vanosimuka “kuvakumbirira, uye agosimukira kutonga vanhu.

14 Ishe achapinda mukutonga

22a NEMAMWE MAZWI
Regai kuvimba
nemunhu wenyama;
nokuti ndewe simba
shoma pana Mwari.
Mos. 1:10.
13 6a Isa. 3:6.

7a CHIHEB kusungwa
(kwechironda);
nemamwe mazwi,
handigone kupedza
matambudziko ako.
8a Jer. 9:11.
b MJer. 1:3.

9a Gen. 19:1, 4–7, 24–25.
NKM Hungochani.
10a Deut. 12:28.
12a Isa. 9:16.
13a CHIHEB
kukavadzana.
Mika 6:2; D&Z 45:3–5.

nevekare vevanhu vake “nema-chinda acho; nokuti ^bmakadya michero ‘yemunda wemizambiringa uye “mukadya “zvevarombo mudzimba dzenyu zvamakavatorera.

15 Munorevei imi? Makarova vanhu vangu mukavaita marengeny, uye mukakuya uso hwevarombo, vanodaro Ishe Mwari weHondo.

16 Zvakare, Ishe vanoti: Nenzira yekuti vanasikana veZioni vanozvikakanyadza, uye vachifamba vakazvuvu mitsipa nemaziso eruchiva, vachifamba “vachikunyungudza, uye vachirovanisa zvitsitsinho zvavo—

17 Saka Ishe vacharova nechirwere chegwembe panhongonya yemisoro yevanasikana veZioni, uye Ishe “vachafugura nzvimbo dzemiviri yavo dzekutsi.

18 Muzuva iroso Ishe vachabvisa kusatya kwezvishongo zvavo zvavaifamba zvichirira, “nenguwani, nemakoza ^bakatenderera semwedzi.

19 Tungetani nemangweringwa, “nezvinomonerwa mumutsipa;

20 Tunguwani, nezvishongo

zvemumakumbo, nezvinosungiswa mumisoro, nezvinonhuwira, nemhete dzemunzeve;

21 Mhete dzeminwe, nezvekuisa pamhuno;

22 Nguwo “dzakawanda, nemandhuku, nezvipeneti zvevhudzi;

23 “Zvioni-oni, nemachira anoyevedza, neemumusoro, nemambure.

24 Uye zvichaitika kuti, kunze kwekunhuwirira kwakanaka pachanhuwa kuora; uye kunze kwebhanire, kuchava “nemundy; uye kunze kwevhudzi rakakamwa zvakakanaka, kuchave ^bnemhanza, uye kunze “kwemudimura, kuchave nemundy wesaga; kutsva kunze kwerunako.

25 Varume venyu vachafa nokubaiwa uye ugamba hwavo huchapedzwa muhondo.

26 Uye masuwo ake achache ma nokuhungudzika; uye achaita segwenga, uye agogara pasi muvhu.

CHITSAUKO 14

Zioni nevanasikana vake achanuturwa nekucheneswa mumazuva

14a CHIHEB vatongi kana vatungamiri.

b CHIHEB kuparadzwa kana kupiswa.

c Isa. 5:7.

d NEMAMWE MAZWI kuwana nezvekuba.

e 2 Ni. 28:12–13.

16a NEMAMWE MAZWI kufamba tunhanho tudiki vachikurumidza nemutowo wakadaro (kufamba vachizvida).

17a CHIHEB fumura; izwi rinoreva kuti “vanyadzise.”

18a Zvingangove zvishongo zvemumusoro. Vatungamiri havawanzo wirirana nemamiriro ezvishongedzo zvevanhukadzi zvakadomwa mundima 18–23.

b NEMAMWE MAZWI zvishongo

zvakaumbwa semwedzi wagara.

19a CHIHEB zvidzitiro (machira ekufuga kumeso).

22a CHIHEB zvipfeko zvinoyevedza.

23a KANA zvipfeko zvinowonesa zvirimukati.

24a CHIHEB mamvemve.

b KANA nguwo.

c KANA mucherechedzo (chivanga chehunhapwa).

ezviuru zvamakore—Enzanisai nalsaya 4. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE muzuva iroro, vakadzi vanomwe vachabata murume mumwechete, vachiti: Tichazvitsvagira zvekudya, uye tigozvifkedza; tinongoda kudaidzwa nezita rako chete kuti “tisanhare.

2 Muzuva iroro “vebazi raIshe vachave vakanaka zvikuru nokubwinya; muchero wenyika uchave wakanakisisa nekusevenza kune avo vakapunyuka vaIsraeri.

3 Uye zvichaitika kuti, avo vachasiwa muZioni uye vachisara vari muJerusarema vachadaidzwa kunzi vatsvene, wose akanyorwa pavapenyu vari muJerusarema—

4 “Apo Ishe vachinge ^bvashambidza tsvina yevanasikana veZioni, uye vachinge vasuka ropa reJerusarema pakati pavo nemweya wekutonga nemweya “wekupisa.

5 Uye Ishe vachaita kuti pamba pega-pega mugomo reZioni, nepaunganwa paro, paite “gore reutsi masakati nekupenya kwe-marimi emoto usiku; nokuti pose panokubwinya kwaZioni pachadzivirirwa.

6 Uye pachave netabernakeri yemumvuri masakati kuchipisa, uye yovewo nzvimbo “yokuvanda, uye mhepo nemvura.

CHITSAUKO 15

Munda wemizambiringa waIshe (Israeri) uchave gwenga, uye vanhu vake vachapararira kwose-kwose—Matambudziko achauya pavari mukurasika nekupararira kwavo—Ishe vachasimudza mureza uye vounganidza Israeri—Enzanisai nalsaya 5. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino ndichaimbira mudiwa wangu “rwumbo rwemudiwa wangu, rwezvemunda wake wemizambiringa. Mudiwa wangu ane munda wemizambiringa muchikomo chine kudya kwakawanda.

2 Uye akarikomberedza, akauanganidza matombo aivemo, akasima “mizambiringa inonakisisa, uye ndokuvaka shongwe pakati paro, uye ndokuitawo pokusvinira waini makaremo, uye akatarisira kuwana mazambiringa, uye ikabereka mizambiringa emusango.

3 Uye zvino, imi vagari veJerusarema, nemi varume veJuda,

14 1a NEMAMWE MAZWI
kushorwa kweasina
kuroora kana
kuroorwa uye asina
mwana.

2a Isa. 60:21; 2 Ni. 3:5;
Jak. 2:25.

4a NEMAMWE MAZWI
Apo Ishe anenge
achenura nyika.

b NKM Akagezwa.

c Mara. 3:2–3; 4:1.

5a Eks. 13:21.

6a Isa. 25:4; D&Z 115:6.

15 1a NEMAMWE MAZWI

Muporofita

anonyora rwiyo

kana detembo

rinezvekuita nepasi

pano asi rine dudziro

yezvekudenga

remumda

wemizambiringa,

richiratidza nyasha

dzaMwari

nekusateerera

kwelIsraeri.

2a Jer. 2:21.

sarudzai, ndinokukumbirai, pakati pangu nemunda wangu wemizambiringa.

4 Chii chingadai chakaitwa kumunda wangu wemizambiringa chandisina kuita mauri? Nokudaro, pandakautarisira kuita mazambiringa wakabereka mazambiringa yemusango.

5 Uye zvino endai; ndichakudzai zvandichaita nebindu rangu remizambiringa—“ndichabvisa ruzhowa, uye robva radiyiwa; uye ndichapaza tsvingo, uye robva ratsikwa-tsikwa;

6 Uye ndichariita kuti rirarire; miti yaro haichekererwe kana kusakurirwa; asi muchamera “rukato neminzwa; ndichaudzawo makore kuti ^basanaise mvura pariri.

7 Nokuti ^amunda wemizambiringa waIshe weHondo imba yaIsraeri, uye varume vaJuda ndivo zvidyarwa zvake zvino-fadza; uye akatsvaga ^bkutongwa, uye tarisai, kudzvinyirirwa; kururama, asi tarisai, kuchema.

8 Nhamo kune avo vanorumanidza ^adzimba kune dzimwe dzimba, kudakara pasisina mukana, wekuti dzimiswe padzo ^bdzega pakati penyika!

9 Munzeve dzangu, Ishe weHondo vakati, zvechokwadi dzimba zhinji dzichave matongo, uye maguta makuru

anoyevedza achasara asina vanhu.

10 Hongu, gumi remaeka emunda wemizambiringa uchaburitsa ^abati rimwe chete, uye homeri imwechete (kana kuti masaga matatu) embeu achaburitsa efa imwechete.

11 Nhamo kune avo vanomuka rungwanani, kuti ^avatevedze doro, vagorinwa kudakara usiku, uye ^bvagodhakwa naro!

12 Uye rudimbwa, nezvipendani, nezvikwepa, uye waini ndizvo zviru mumabiko avo; asi havana ^ahany’a nebasa raIshe, kana kufunga nezvakaitwa nemaoko avo.

13 Naizvozvo, vanhu vekwangu vakaenda muutapwa, nokuti havana ^aruzivo; uye varume vavo vanokudzwa vanoziya, uye vazhinji vavo vaoma huro nenyota.

14 Naizvozvo, gehena razvikudzisa, uye rikazarura muswo waro kuti haradada; uye mbiri yavo, nekuwanda kwavo, nekushamisira kwavo, neuyo anofara, vachadzika mariri.

15 Uye asina maturo achadzikisirwa, uye gamba richaturunurwa, uye ane maziso ari pade-nga achaturunurwa.

16 Asi Ishe veHondo vachakudzwa ^apakutonga, uye Mwari avo vatsvene vachaitwa kuti vave vatsvene mukururama.

5a Mpi. 80:12.

6a Isa. 7:23; 32:13.

b Jer. 3:3.

7a NKM Munda wemizambiringa waIshe.

b KANA runatso.

8a Mika 2:1–2.

b NEMAMWE MAZWI kusiiwa kuti ugare wega. Vapfumi vanenzvimbo kare vanotorera varombo vane mapurazi madiki.

10a Ezk. 45:10–11.

11a Zir. 23:30–32.

b NKM Shoko reUngwaru.

12a Mpi. 28:5.

13a Hos. 4:6.

NKM Ruzivo.

16a NKM Jesu Kristu—Mutongi.

17 Zvino hwayana dzichafura setsika yadzo, uye matongo evakakora achafurwa nevatorwa.

18 Nhamo kune vanokakata kuipa netambo ^adzekuzvida, uye vagoita zvitema ^bsekunge vakabata tambo yengoro.

19 Vanoti: Muregei ^aakurumidze, basa rake richimbizike, kuti ^btirione; uye regai kuraira kwoMutsvene waIsraeri kusebere pedyo uye kuuye, kuti tigozviziva.

20 Nhamo kune avo ^avanoti zvakaipa zvakanaka, uye vachitiwo zvakanaka zvakaipa, asi vachiisa ^brima muchiedza, uye vachiisa chiedza murima, vanoisa kuvava panotapira, nokuisa kutapira panovava!

21 Nhamo kune avo vanozviona ^asevakachenjera neavo vanozviona sevakangwara mumaziso avo!

22 Nhamo kumagamba ekunwa doro, nevarume vane simba mukusanganisa doro rinodhaka;

23 Vanoreverera wakaipa nemubairo, uye ^avachitorera wakarurama kururama kwake!

24 Naizvozvo, sekupiswa kunoitwa ^amashanga ^bnemoto, uye rimi rinopisa ^cmarara, midzi

yavo ichave yakaora, neruva ravo richapupurutswa seguruva; nokuti vakarasa murau waIshe veHondo, uye ^avakashora shoko reMutsvene waIsraeri.

25 Naizvozvo, ^ahasha dzaIshe dzabatira kuvanhu vavo, uye vatambanudza ruoko rwavo kwavari, uye vakavarova; uye makamo akandengendeka, uye zvitunha zvavo zvaiputikira pakati pemigwagwa. Kana dai zvakadaro kushatirwa kwavo hakuna kubviswa, asi ruoko rwavo rwuchiri rwakatambanudza.

26 Uye vachisimudzira ^amureza kumarudzi anobva kure, uye ^bvacharidzira vari kumagumo kwenyika; uye tarisai, ^cvachauya nokukurumidza vachimhanya; hapana achaneta kana anopunzika pakati pavo.

27 Hapana achabatwa nehope kana anokotsira; kana mabhahhire emuchiuno haasunungurwe, kana tambo dzeshangu dzavo hadzidamburwe;

28 Vane miseve inopinza, uye hwose uta hwavo hwakakombama, uye matsimba emabhiza avo achaonekwa segwenya, uye mavhiri avo achaita sechi-

18a NKM Chisina Maturo.

^b NEMAMWE MAZWI
Vakasungirirwa
kuzvitadzo zvavo
semhuka kumutoro
wadzo.

19a Jer. 17:15.

^b NEMAMWE MAZWI
Havambofa
vakatenda
munaMesia kusvika
vatomuwona.

20a Moro. 7:14, 18;

D&Z 64:16; 121:16.

^b I Joh. 1:6.

21a Zir. 3:5-7;
2 Ni. 28:15.

23a NEMAMWE MAZWI
kumudzivisa kodzero
yake yakakwana.

24a Obad. 1:18;

Mara. 4:1-2;
2 Ni. 20:17.

^b Joere 2:5;

1 Ni. 22:15, 23;
2 Ni. 26:4, 6;

D&Z 64:23-24;
133:64.

^c Ruka 3:17;

Mosaya 7:29-31.

^d II Sam. 12:7-9.

25a D&Z 63:32;
Mos. 6:27.

26a NKM Mureza.

^b KANA muridzo;
nemamwe mazwi,
chiratidzo
chekuunganidza.
Isa. 7:18; 2 Ni. 29:2.

^c NKM Israeri—
Kuunganidzwa
kwa Israeri.

nyamupupuri, uye kutinhira kwavo kuchaita sekweshumba.

29 Vachadzvova “seshumba dzichiri diki; hongu, vachadzvova, uye vagobata nyama yavo, uye vagoitakura vachienda nayo zvitsvene, uye hapana anoinunura.

30 Uye muzuva iroro vachadvovera sekutinhira kwegungwa; uye kana vakatarisa munyika, tarisai, rima nekusuwa, uye chiedza chichadzimwa kumatenga.

CHITSAUKO 16

Isaya anoona Ishe — Zvitadzo zvaisaya zvinoregererwa — Anodaidzwa kuti aporofite — Anoporofita kurambwa kwedzidziso yaKristu nemaJuda — Vakasara vachadzoka — Enzanisa nalsaya 6. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

“MUGORE iro rakafa mambo Uziya, ndakaonao Ishe vagere pachigaro cheushe, pamusoro uye pakasimudzirwa mudenga, uye ^bmagemenzi ake akazadza temberi.

2 Pamusoro payo pakanga pamire “serafimi; imwe neimwe yadzo yaiva nemapapiro mata-nhatu; maviri akanga ari okufugidza kumeso kwayo, uye maviri achifugidza tsoka dzayo,

uye maviri ndiwo ayaibururuka nawo.

3 Uye imwe yakachema kune imwe, uye ikati: Mutsvene, mutsvene, mutsvene, Ishe veHondo; pasi pose pazere neku-bwinya kwavo.

4 “Mapango emusuo akazunguzaka pakunzwa izwi reuyo akachema, uye imba ikazara neutsi.

5 Zvino ini ndikati: Nhamo yave kwandiri! nokuti “ndaiswa pachena; nokuti ndiri munhu ane mukanwa makaipa; uye ndinogara pakati pevanhu vane mukanwa makaipa; nokuti maziso angu aona Mambo, Ishe veHondo.

6 Zvino ndokubva imwe yese-rafimi dziya yabhururuka ichi-uya kwandiri, iine “bvunze remoto muruoko rwayo, rayakanga yatora nezvisimbi zvaiva paaritari;

7 Uye yakariisa pamuromo pangu, uye ikati: Tarisa, bvunze iri raguma muromo wako; uye “kuipa kwako kwabviswa, uye zvitadzo zvako zvasukwa.

8 Ndakanzwawo izwi raIshe richiti: Ndiani andichatuma, uye ndiani angatiendere? Ndokubva ndati: Ndiri pano ini; nditumei.

9 Uye vakati: Enda unotaurira vanhu ava — Nzwisaisai chaizvo, asi havana kunzwa; onai chizvo, asi havana kuona.

29a 3 Ni. 21:12–13.

16 1a NEMAMWE MAZWI zvingangove 750 Kristu asati azvarwa

b NEMAMWE MAZWI mupendero wechipfeko chake, kana mamino acho.

2a NKM Makerubi.

4a CHIHEB hwaro hwemusuwu hwakazunguzika.

5a CHIHEB kudimburwa; nemamwe mazwi, zvinoreva kuti akakatyamadzwa

neruzivo rwezvitadzo zvake nezvevanhu vake.

6a NEMAMWE MAZWI chiratidzo chekucheneswa.

7a NKM Kuregererwa kweZvitadzo.

10 Ita kuti mwoyo yevanhu ava ikore, uye ugoita kuti nzeve dzavo dzireme, utsinzinyise maziso avo—nokuti vangazoona nemaziso avo, uye “vakanzwa nenzeve dzavo, uye vakanzwisisa nemwoyo yavo, uye vago-tendeuka nokuponeswa.

11 Zvino ini ndokuti: Ishe, kwenguva yakadii? Uye ivo vakati: Kudakara maguta asara asisina vanhu, uye dzimba dzisisina vanhu, uye nyika yasara yave gwenga chairo;

12 Uye Ishe “vabvisa vanhu vavaisa kure-kure, nokuti kuchave nokuraswa kukuru pakati penyika.

13 Asi kuchazove nechikamu chimwechete chegumi, chichadzoka, chichadyiwa, semuti wemuteiri semuoku uyo unenge uine kudya kwakakwana panguva yaunodonha mashizha; saka mbeu tsvene ndiyo ichave “kudya kwayo.

CHITSAUKO 17

Efraimi naSiria vanoita hondo naJuda—Kristu achazvarwa nemhandara—Enzanisai naIsaya 7. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mumazuva

aAhazi mwanakomana waJotami, mwanakomana waUziya, mambo weJuda, kuti Rezini, mambo weSiria, naPeka mwanakomana waRemaria, mambo weIsraeri, vakaenda kuJerusarema vachida kunoirwisa, asi vakatadza kuikunda.

2 Uye zvakataurirwa vemba yaDavidi zvichinzi: Siria yafurirana “naEfraimi. Uye mwoyo wake wakazunguzwa, nemwoyo yevanhu vakewo, sekuzunguzwa kunoitwa miti nemhepo musango.

3 Zvino Ishe vakati kuna Isaya: Enda iye zvino unosangana naAhazi, iwe “naSheari-jashubi mwanakomana wako, pakapera mugero unobva muchidziva chekumusoro mumugwagwa wekumunda kwemusuki wenhumbi;

4 Uye woti kwaari: Chenjera, uye unyarare; “usatye, zve sarohwe nehana pamusoro pezvitsiga zvemoto zviri kupfungaira, nekushatirwa kunotyisa kwaRezini achishatirirwa Siria, nemwanakomana waRemaria.

5 Nokuti Siria, Efraimi, nemwanakomana waRemaria, vakarangana zvakaipa nezvako, vachiti:

6 Hendei kumaJuda tinovane-tsa, “tigozviiira mughanhu wedu

10a Mat. 13:14–15.

12a II Madz. 17:18, 20.

13a NEMAMWE MAZWI

Semuti, nyangwe
zvazvo mashizha
awo achiparadzirwa,
upenyu nekwaniso
yekubereka mbeu
asi zvinoramba

zviri mauri.

17 2a NEMAMWE MAZWI

Kwose kuchamhembe
kweIsraeri
kwaidaidzwa nezita
raEfraimi, dzinza
raitungamirira
kuchamhembe.

3a CHIHEB vakasara

vachadzoka.

4a NEMAMWE MAZWI

Musatyiswa nekurwa
uku; madzimbao
maviri aya haachisina
simba rakawanda
mavari.

6a CHIHEB ipatsanurei.

imomo, uye tigoisa mambo pakati pavo, hongu, mwanakomana waTabeeru.

7 Ndizvo zvinotaura Ishe Mwari: Hazvimire, zve hazvizo-itika.

8 Nokuti musoro weSiria iDamasiko, uye musoro weDamasiko, ndiRezini; uye mukati memakore makumi matanhatu ane makore mashanu vaEfraimi vachatorwa zvekuti vanenge vasisiri vanhu.

9 Uye musoro wevaEfraimi vaSamaria, uye musoro wemaSamaria mwanakomana waRemaria. Kana “mukasatenda chokwadi hamungasimbiswe.

10 Zvakare, Ishe vakataura zve kuna Ahazi, achiti:

11 Kumbira iwe “chiratidzo kuna Ishe Mwari vako; chikumbire chero kune zvakadzama pasi, kana kune zviru muchadenga.

12 Asi Ahazi akati: Handikumbire kwete, zve “handiedze Ishe.

13 Uye akati: Inzwai zvino imi vemba yaDavidi; chinhu chiduku here kuti munetse vanhu, asi mungade kunetsa Mwari wanguwo here?

14 Nokudaro, Ishe pachake achakupai chiratidzo—Tarisai, “mhandara ichabata pamuviri, uye igobereka mwanakomana,

achadaidzwa zita rake kunzi ^bImanueri.

15 Ruomba neuchi ndizvo zvaachadya, kuti agoziva kuramba zvakaipa uye achisarudza zvakana.

16 Nokuti “mwana asati asvika pakuramba chakaipa nokusarudza chakanaka, nyika yamakavenga inenge yatosiwa nemadzimambo ayo ^bmaviri.

17 Ishe “vachaunza pauri, nekuvanhu vekwako, nemumba mababa vako, mazuva asati ambovako kubvira musu waka-bva ^bvaEfraimi muna Juda, mambo weAsiria.

18 Uye zvichaitika kuti muzuva iroro Ishe “vacharidzira muridzo nhunzi iri kumusoro-soro kweEgipita, nenyuchi iri munyika yeAsiria.

19 Uye dzichauya, uye dzichazorora dzose mumanhika asina chinhu, nemumwena yematombo, nepaminzwa yose, nepamakwenzi ose.

20 Muzuva rakarero Ishe “vachaveura nechisvo chakumbirwa, navari mhiri kwerwizi, ^bnamambo weAsiria, musoro, nemvere dzemumakumbo; uye chichabvisawo ndebvu.

21 Uye zvichaitika kuti muzuva iroro, murume “achapfuya mhau ichiri diki nehwei mbiri;

22 Uye zvichaitika kuti, nenzira

9a II Mak. 20:20.

11a NKM Chiratidzo.

12a NEMAMWE MAZWI edza, zviyedze, kana kuzvizivira pachako.

14a NKM Mhandara.

^b CHIHEB Mwari anesu. NKM Imanueri.

16a 2 Ni. 18:4.

^b II Madz. 15:30; 16:9.

17a II Mak. 28:19–21.

^b I Madz. 12:16–19.

18a KANA muridzo, nemamwe mazwi, chiratidzo, kudaidza. Isa. 5:26.

20a NEMAMWE MAZWI

Nyika ichisiwa yava nevanhu vashoma nemupambi wekure. ^b II Madz. 16:5–9.

21a NEMAMWE MAZWI Kuchangosara vanhu vashoma vanokwanisa kuzvirirtira.

yekuwanda kwemukaka wazvichamupa achadya ruomba; nokuti ruomba neuchi ndizvo zvichadyiwa nemunhu wose anosara ari munyika.

23 Uye zvichaitika kuti muzuva iroro, nzvimbo yose ichavepakange paine mizambiringa yange ichikwana chiuru ichikoshachiuru “chesirivha, pachasara pave nerukato neminzwa.

24 Varume vachauyako nemiseve neuta, nokuti yose nyika inenge yangove rukato neminzwa.

25 Uye zvose zvikomo zvicharimwa nemapadza, hapazove nekutya rukato neminzwa; asi muchave mokusairira madhonzana, nokutsikwa-tsikwa nedzimwe mombe “diki.

CHITSAUKO 18

Kristu achava sedombo rinogumbura uye sebwe rekutsamwisa — Tsvagai Ishe, kwete kuve varoyi vanoita zvekudongorera — Dzokerai kumurau nekuuchapupu kuti mutungamirwe — Enzanisai naIsaya 8. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

ZVAKARE, izwi raIshe rakati kwandiri: Mugotora hwati huru, uye mugonyora mairi nechinyoreso chemunhu, pamusoro “paMaheri-sharari-hashibhazi.

2 Uye ndakatora “vapupuri

vakatendeka kuti vanyore, Uria mufundisi, naZekaria mwana-komana waJeberekia.

3 Uye ndakaenda “kumuporofitakadzi; uye akabata pamuviri akabereka mwana mukomana. Zvino Ishe vakati kwandiri: Mudaidzei zita rake kuti Maheri-sharari-hashibhazi.

4 Nokuti tarisai, “mwana uyu ^bhaasvike pakuziva kuchema achiti, Baba vangu, kana amai vangu, upfumi hweDamasiko nezvakapambwa ‘zveSamaria zvisati zvatorwa zvichiiswa pamberi pamambo weAsiria.

5 Ishe vakataurazve kwandiri zvakare achiti:

6 Sezvo vanhu ava vachiramba mvura yemuna “Shiroa inorerera zvakapfava, uye vachifarira ^bRezini nemwanakomana waRemaria;

7 Zvino naizvozvo tarisai, Ishe vanounza mvura yerwizi pamusoro “pavo, yakasimba uye yakawanda, kana mambo weAsiria nokubwinya kwake; uye rwuchazadza netwukova twarwo twose, uye rwugofashukira nekunze.

8 Uye “rwuchapfuura nemunyika yaJuda; rwugozara uye rwuchifashukira, mvura ichazara kusvika muhuro; uye kutambanuka kwemapapiro arwo kuchazadza upamhi hwenyika yako, iwe ^bImanueri.

23a KANA zvimhedu zvesirivheri.

25a CHIHEB makwayi, kana mbudzi.

18 1a NEMAMWE MAZWI kuparadzwa kwave pedyo.

2a NKM Mupupuri.

3a NEMAMWE MAZWI mukadzi wake.

4a 2 Ni. 17:16.

b Isa. 8:4.

c II Madz. 15:29.

6a Gen. 49:10; DJS, Gen. 50:24.

b Isa. 7:1.

7a NEMAMWE MAZWI kutanga

nekuchamhembe kwelSraeri.

8a NEMAMWE MAZWI Asiria ichapinda muJidawo.

b NKM Imanueri.

9 “Wadzanai pachenyu imi vanhu, uye muchadimirwa-muzvidimu; uye teerera imi venyika dziri kure; zvisungei zviuno, uye muchadimirwa-muzvidimu; zvisungei zviuno, uye muchadimirwa-muzvidimu.

10 Ranganai pamwechete, uye hapana chinobuda; taurai shoko, uye harizomira; “nokuti Mwari vanesu.

11 Nokuti Ishe vakataura neni zvine simba, vakandidzidzisa kuti ndisafambe munzira dzevanhu ava, vachiti:

12 Imi musati, “chirangano, kune avo vose vachanzi nevvanhu ava, chirangano; kana kutya imi kutya kwavo, musatye.

13 Itai kuti Ishe veHondo vave vatsvene pachavo, uye ngavave ivo “vamunoty, uye vave ivo vamunozeza.

14 Uye vagove “nzvimbo yenyu tsvene; asi vagove ^bibwe rinogumbura, uye vagove dombo rekutsamwisa dzose imba mbiri dzaIsraeri, vachave riva nemusungo kuvagari veJerusarema.

15 Uye vazhinji mukati mavo

“vachapingishwa uye vachipunzika, uye vachityoka, uye vachiteyewa, uye vachibatwa.

16 Sungai uchapupu, momisa “mutemo pakati pevadzidzi vangu.

17 Uye ndichamirira Ishe, avo vari “kuvanza chiso chavo kune vemba yaJakobo, uye ndichavatsvaka.

18 Tarisai, ini nevana vanda-kapiwa nalshe tiri “vezviratidzo neminana muIsraeri zvinobva kuna Ishe veHondo, avo vagere muGomo reZioni.

19 Uye kana voti kwamuri: Tsvagai kune “vanosvikirwa, ^bnekuvauki vanodongorera nokugunun’una—vanhu ‘havafanire kubvunza kuna Mwari vavo here kuti vapenyu vanzwe “kubva kuvakafa?

20 Kumutemo neuchapupu; uye kana “ivo vakasataura maererano neshoko iri, imhaka yekuti hamuna chiedza mavari.

21 Uye “vachafamba nenyika vakasuwa vane nzara, zvichaitika kuti kana vava nenzara vachaita hash, uye vachatuka

9a NEMAMWE MAZWI
Kuita mibatandzwa.

10a NEMAMWE MAZWI
Juda (nyika yaImanueri) icharegererwa. Mpi. 46:7.

12a NEMAMWE MAZWI
Juda haifanirwe kuvimba nekuronga kwainoita nevamwe muchiwande.

13a NEMAMWE MAZWI
Ivayi nerukudzo uye zvininipisei pamberi paMwari.

14a Ezk. 11:15–21.

b I Pet. 2:4–8;
Jak. 4:14–15.

15a Mat. 21:42–44.

16a CHIHEB kudzidzisa, kana dzidziso. NKM Vhangeri.

17a Isa. 54:8.

18a NEMAMWE MAZWI
Mazita aIsaya neevanakomana vake anoreva, zvichtevedzana. “Jehova anonunura,” “Anomhanyisa muvengi”; uye “vakasara vachadzoka.”

2 Ni. 17:3; 18:3.

19a Zvaka. 20:6.

b NEMAMWE MAZWI
n’anga, masvikiro.

c I Sam. 28:6–20.

d KANA kumiririra mumwe.

20a NEMAMWE MAZWI
svikiro (nemundimawo 21–22).

21a NEMAMWE MAZWI
Israeri ichatorwa muhunhapwa pamusana pekusateerera.

mambo vavo naMwari vavo, uye vakatarisa kudenga.

22 Uye vachatarisa panyika uye vagoona dambudziko, nerima, kudzimaidzwa nekurwadziwa kukuru, uye vachasaidzirwa kurima.

CHITSAUKO 19

Isaya anotaura nezvaMesia—Vanhu vari murima vachaona chiedza chikuru—Tinozvarirwa mwana—Achave Jinda reRunyararo uye agotonga agere pachigaro cheushe chaDavidi—Enzanisa naIsaya 9. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

ZVISINEI, kudzimaidzwa haku-zoita sekwakange kuri mukutambudzika kwake, apo pakutanga zvaakangonyaikira chete kunetsa “nyika yaZeburuni, nenyika yeNaftari, uye mushure mezvo akazotambudza zvinorwadza nekuGungwa Dzvuku mhiri kwaJorodani muGarirea yemarudzi.

2 Vanhu vaifamba “murima vaona chiedza chikuru; avo vanogara munyika yemumvuri werufu, pavari chiedza chapenya.

3 Imi mawanza rudzi, uye

“mukapamhidzira mufaro—vanofara pamberi penyu maererano nemufaro wepanguva dzekukohwa, uye sekufara kunoitwa varume kana vachigovana zvinhu zvavapamba.

4 Nokuti matyora joki reku-dzvinzirwa kwake, netsvimbo yairova mapfudzi ake, mubhadha wemudzvinziriri wake.

5 Nokuti kwose kurwa kwemurwi kune ruzha rwunokanganisa, nezvipfeko zvau-mburudzwa muropa; asi izvi zvichave nekubvira nekuve huni dzinobvirisa moto.

6 Nokuti kwatiri “mwana azvarwa, kwatiri tapiwa mwanakomana, uye ^b kutonga kuchave pamapfudzi ake; uye zita rake richadaidzwa kuti Anoshamisa, Mupiwezano, Mwari “Samasimba, Baba ^d Vasingaperi, “Jinda reRunyararo.

7 Uye kupamhidzirwa “kwekutonga nerunyararo ^b hazvina magumo, pachigaro cheumambo hwaDavidi, nemuumambo hwake, nekuhumisa nekutonga nekukurama kubvira iye zvino, kusvika nokusingaperi. Kuda kwaIshe veHondo kuchaita kuti zviitike.

8 Ishe vakatumira shoko ravo kuna Jakobo uye rajekesa kuna “Israeri.

19 1a Mat. 4:12–16.

2a “Kusanyatsowoneka”
“nerima”
ndikokwaive
kurasika
pachitendero uye
nekupinzwa
muhunhapwa,
“chiedza chikuru”

ndiKristu.

3a Isa. 9:3.

6a Isa. 7:14;

Ruka 2:11.

b Mat. 28:18.

c Tito 2:13–14.

d Aruma 11:38–39, 44.

e Joh. 14:27.

7a NKM Hurumende.

b Dan. 2:44.

8a NEMAMWE MAZWI
Mashoko echiporofita
anotevera (ndima
8–21) iyambiro
kumadzinza gumi
ekuchamhembe,
anonzi Israeri.

9 Uye vose vanhu vachaziva, kana Efraimi nevanhu veSamarira, vanotaura nekudada neku-zvikudza kwemwoyo:

10 Zvidhinha zvakoromoka, asi tichavaka nematombo akavezwa; mionde yatemwa, asi tichaipindura kuti ive misidha.

11 Nokudaro Ishe vachamutsira “Rezini vavengi, vagobatani-dza vavengi vake pamwechete;

12 VaSiria pamberi uye nevaFiristia shure; uye “vachamedza Israeri nemuromo wakashama. Nokuti ^bhasha dzavo hadzina kudzoswa, asi ruoko rwavo rwuchakangosimudzwa.

13 Nokuti vanhu ^ahavatende-ukire kune uyo anovarova, kana Ishe veHondo havamutsvake.

14 Saka Ishe vachadimura vaIsraeri musoro nemuswe, bazi nenhokwe muzuva rimwechete.

15 Harahwa, ndiyo musoro; uye muporofita anodzidzisa nhema, ndiye muswe.

16 Nokuti vatungamiri vevanhu ava ndivo vanoita kuti vatadze; uye avo vanotungamirwa navo vanoparadzwa.

17 Nokudaro Ishe havachazove nerufaro nemajaya avo, havazove ^anetsitsi kune vasina baba vavo neshirikadzi; nokuti mumwe nomumwe wavo munyengedzi nemuiti wezvakaipa, uye wose muromo unotaura ^bnhema. Nezvose izvi hasha dzavo hadzina kudzoswa, asi

“ruoko rwavo ruchakatambanudzwa.

18 Nokuti huipi hunobvira semoto; uchapisa rukato neminzwa, uye uchabatira mumasango akapfita, ugokwira semhute yeutsi.

19 Nehasha dzaIshe veHondo nyika inoita rima, uye vanhu vachaita sehuni dzaiswa muchoto; “hakuna munhu acharegerera hama yake.

20 Achabvuta nekurudyi agoshoshera uye agonzwa nzara; uye ^aachadya neruboshwe uye vagosaguta; wose munhu achadya nyama yeruoko rwake—

21 ^aManase, ^bEfraimi; uye Efraimi, Manase, ivava pamwechete vacharwisa ^cJuda. Nokudaro hasha dzavo hadzina kudzoswa, asi ruoko rwavo rwuchakatambanudzwa.

CHITSAUKO 20

Kuparadzwa kweAsiria mufanidzo wekuparadzwa kwevakaipa Pakuuya Kwechipiri— Vanhu vashoma vachasara mushure mekudzoka kwaIshe zvakare— Vakasara vema yaJakobo vachadzoka musi iwoyo— Enzanisa naIsaya 10. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

NHAMO kune avo vanomisa mitemo isina kururama, nekunyora zvakaipa zvekudzvinyirira.

2 Kurambidza varombo kuti

11a II Madz. 16:5–9.
12a II Madz. 17:6, 18.
b Isa. 5:25; 10:4.
13a Amosi 4:6–12.

17a NKM Anetsitsi.
b 2 Ni. 9:28–29.
c Jak. 5:47; 6:4.
19a Mika 7:2–6.

20a Deut. 28:53–57.
21a NKM Manase.
b NKM Efraimi.
c NKM Juda.

vasasvike “pakutongwa, nokutorera kodzero kubva kuvarombo vevanhu vangu zvakafanira kuve zvavo, kuti ^bchirikadzi dzigova nhapwa dzavo, uye vagorozva nherera dzisina mazdibaba!

3 Uye muchaiti muzuva “roku-shanyirwa, nemudambudziko richabva kure? muchatizira kuna ani kuti muyamurwe? Uye muchasiya kupi pfuma yenyu?

4 Ndisisipo ini vachazvipeta pakati pevasungwa, uye vachapuzikira muzvitunha. Zvakadarorwa hashu dzavo hadzina kudzorwa, asi ruoko rwavo rwuchakangotambanudza.

5 Iwe muAsiria, mubhadha wehashu dzangu, uye mudonzvo uri muruoko rwavo kushatirwa “kwavo.

6 Ndichamutumira “kundorwisa vanhu vanonyengedza, nokuvanhu vanorwisana nehashu dzangu ndichamupa simba rokutora zvinhu zvavo, ovatora, nokuvatsika-tsika sematope mumigwagwa.

7 Asi izvi hazvizizvo zvaanoda kuita, kana mwoyo wake hazvizizvo zvaunofunga; asi zvaanoda nemwoyo wake kuparadza nokuuraya marudzi akawanda.

8 Nokuti anoti: Ko machinda angu ose haazi madzimambo here?

9 Ko Karno haina kuita seKarkemishi here? Ko Hamati haina kuita seArpadi here? Ko Samaria haina kuita seDamasiko here?

10 Sezvo ruoko “rwangu rwakasika umambo hwezvifanidzo, uye zvifananidzo izvo zvakange zvichipfuura zvemuJerusarema nezveSamaria;

11 Ndicharega here, sezvanda-kaita kuSamaria nezvifananidzo zvaro, kuita sezvandakaita kuJerusarema nezvifananidzo zvaro?

12 Nokudaro zvichaitika kuti kana Ishe vachinge vapedza basa ravo rose pagomo reZioni nemuJerusarema, ndicharanga “muchero wemwoyo mukukutu wamambo ^bweAsiria, nekuzvikudza kuri mumaziso ake.

13 Nokuti “iye anoti: Nesimba reruoko rwangu neungwaru hwangu ndakaita zvinhu izvi; nokuti ndinoziva; uye ndakabvisa migandu yevanhu, ndikapamba upfumi hwavo, uye ndikaparadza vanhu vemo segamba;

14 Uye ruoko rwangu rwakawana sedendere upfumi hwevanhu; uye sekunongwa kunoitwa mazai asaririra ndiko kuunganidza kwandakaita pasi pose; uye hakuna mumwechete akazunguzuka bapiro, kana kuzurura muromo, kana kudongorera.

20 2a KANA runatso.
b NKM Shirikadzi.
3a NEMAMWE MAZWI mutongo.
5a Isa. 10:5.
6a NEMAMWE MAZWI

kurwisa Israeri.
10a NEMAMWE MAZWI ruoko rwamambo weAsiria (ndima 10–11).
12a NEMAMWE MAZWI

vanozvinda vanozvitutumadza.
b Zef. 2:13.
13a NEMAMWE MAZWI mambo weAsiria (ndima 13–14).

15 “Ko ^bdemo ringavirimire anorishandisa here? Ko sowo ringazviite guru here kune uyo anoriita kuti richeke? Sekunge mubhadha ungazvizunze uchirwisana neavo vanoudonzvesa, kana sekunge wakafanira kuzvisimudza wega kunge usiri chimuti!

16 Naizvozvo Ishe, Ishe veHondo, vachapinza pakati pevanhu vavo vakakora; kuonda; uye mukubwinya “kwavo vachaisa kupisa kunoita sekupisa kwemoto.

17 Uye chiedza chaIsraeri chichave moto, uye Mutsvene Wake achave rimi, uye uchabvira uye ugopisa minzwa yake nerukato nezuva rimwechete;

18 Uye uchadzima kubwinya kwesango rake, nokweminda yakaorera, zvose “mweya nemuviri uye achifizuka nekupera simba kunoita munhu arwara.

19 Uye “imwe yose miti ichasara musango rake ichave mishoma, zvekuti kana mwana anogona kuiverenga.

20 Uye zvichaitika muzuva “iroro, kuti vakasara vaIsraeri, neavo vakapunyuka ^bvemba

yaJakobo, “havazotarisisira kune uyo akambovarova, asi vachatarisa kuna Ishe, Mutsvene vaIsraeri, muchokwadi.

21 “Vakasara vachadzokera, hongu, kana vakasara vemba yaJakobo, kuna Mwari vane simba.

22 Nokuti kana dai zvazvo vanhu vako Israeri vakawanda sejecha regungwa, asi vakasara vavo vachadzoka; “kuparadzwa kwakagadzirwa kwakafanira ^bkuchafashukira nokururama.

23 Nokuti Ishe Mwari veHondo “vachaunza kuparadzwa, munyika dzose sekutaurwa kwazvakaitwa.

24 Naizvozvo, ndiko kutura kwaIshe Mwari veHondo: Imi vanhu vangu mugere muZioni, musatye muAsiria; achakurovai nemubhadha, uye agosimudza tsvimbo yokukurwisai, “sezvamakaitwa nevaEgipita.

25 Zvichangove zvechinguva chidiki-diki, uye kushatirwa kwangu kwopera, uye hashadzangu dzichave mukuvaparadza.

26 Uye Ishe veHondo vachakonzera dambudziko sekuurawa kwakaitwa “vaMidiani

15a Zvirevo zvose zviri mundima iyi zvinobvunza mubvunzo mumwechetewo. Munhu (semuzwaniso, mambo weAsiria) angabudirire kupfuura Mwarihere?
b NEMAMWE MAZWI muporofita anoenzanisa mambo nemudziyo unoshandiswa kugadzira zvinhu.

16a NEMAMWE MAZWI mambo weAsiria (mundimawo 17–19).
18a NEMAMWE MAZWI Asiria ichaparadzwa zvachose.
19a NEMAMWE MAZWI vakasara vemaute eAsiria.
20a NEMAMWE MAZWI mazuva ekupedzisira.
b Amosi 9:8–9.
c NEMAMWE MAZWI vimba ne.
21a Isa. 11:11–12.
22a D&Z 63:34.

NKM Nyika—
Kuguma kwenyika.
b NEMAMWE MAZWI Kunyange mutongo ukauya, nyasha dziripo.
23a NEMAMWE MAZWI achakonzera kuparadzwa kwakataurwa.
24a NEMAMWE MAZWI sezvakaita maEgipita munguva dzekutanga.
26a Gen. 25:1–2; Vat. 7:25.

pachikomo cheOrebi; uye sezvo mubhadha wake wakanga uri pamusoro pemvura uchasimudzwa sekusimudzwa kwawakaitwa muEgipita.

27 Uye zvichaitika kuti musiiwoyo “mutoro wake uchabviswa pamapfudzi ako, uye jokwi rake richabviswa muhuro mako, uye jokwi richaparadzwa pamusana ^bpekuzodzwa.

28 “Iye auya kuAiati, apfuurira kuMigrioni; kuMikmashi ndiko kwaachengetera nhumbi dzake.

29 Vakwira nepamupata; vatoro pekugara muGeba; Rama ave kutya; Gibea wekuSauro anotiza.

30 Daidzira, iwe mwanasikana waGarimi; ita kuti unzwikwe Raisha, iwe Anatoti.

31 VeMadmena vabviswa; vanhu vemuGebimi vaungana kuti vatize.

32 Kwanhasi vachamira muNobi muzuva iroro; vachanogedza zvibhakera zvavo kugomo remwanasikana weZioni, chikomo cheJerusarema.

33 Tarisai Ishe, Ishe veHondo vachatema mapazi zvinotyisa; uye ayo “akareba kupfuura mamwe achatemwa opunzwa; uye vanozvida vachanyadziswa.

34 Uye achatema miti yemasango akapfita nesimbi, uye Rebanoni ichapunzwa neunesimba.

CHITSAUKO 21

Bazi raJesi (Kristu) richatonga mukururama—Ruzivo rwaMwari rwuchafukidza pasi pose munguva inonzi Mereniamu—Ishe vachasimudza mureza vounganidza Israeri—Enzanisa naIsaya 11. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE kuchaita “nhungirwa kubva ^bpabazi ‘raJesi, uye kuchakura bazi kubva mumidzi yaro.

2 Uye “Mweya waIshe uchave paari, mweya weungwaru nekunzwisisa, mweya wekuraira nesimba, mweya weruzivo nevekutya Ishe;

3 Uye achamuita anokurumidza kunzwisisa mukutya Ishe; uye “haatonge zvaonekwa nemaziso ake chete, kana kutonga nezvasvika munzeve dzake.

4 Asi “nokururama achatonga varombo, uye ^bagotsiura zvakanzana vanhu ‘vakapfava venyika; uye acharova nyika neshamhu yemuromo wake, nemweya unobva pamiromo yake achauraya vakaipa.

27a Isa. 14:25.

b NKM Akazodzwa.

28a NEMAMWE MAZWI
Kufamba kwemauto
eAsiria akananga
kuJerusarema
kunobuditswa; apo
(mavhesi 33–34)
maitiro aIshe
kwaari anonyatso
tsanangura

zvakadzama.

33a Hir. 4:12–13.

21 1a D&Z 113:3–4.

b D&Z 113:1–2.

c Jese akanga ari baba
waDavidi kutaurwa
kunobuditswa
kwemutsetse
wedzinza reumambo
raDavidi iro
rakazozvarwawo

Jesu. Mika 5:2;

VaH. 7:14.

NKM Jesi.

2a Isa. 61:1–3.

3a Joh. 7:24.

4a Mpi. 72:2–4;

Mosaya 29:12.

b CHIHEB kusarudza.

c NKM Akapfava.

5 Uye bhandi rechiuno chake richave kururama, uye kuvi-mbika kuchave “matomhu ake.

6 Chikara chichagara ne-hwayana, uye mbada icharara nembudzana, uye mhuru ne-mwana weshumba nemhuru yekukodza zvichave pamwechete; uye kamwana kadiki kagozvitungamira.

7 Uye mhuru nechikara zvichafura pamwechete; vana vazvo vagorara pamwechete; uye shumba ichadya uswa semombe.

8 Uye mwana ari pazamu achatamba ari pamwena “wenyoka, uye mwana akarumurwa achaisa ruoko rwake muguru ^brenyoka.

9 “Hazvizokuvadza kana kuparadza mugomo rangu rose dzvene, nokuti pasi rinenge razara ^bneruzivo rwaIshe, sekuzadzwa kwakaitwa gungwa nemvura.

10 Uye muzuva “iroro kuchave ^bnemudzi waJesi, uchamira semureza wevanhu; ^ckwauroi ^dmaJentairi vachatsvaka kuuya; uye kuzorora kwake kuchaita mukurumbira.

11 Uye zvichaitika kuti muzuva iroro Ishe vachatambanudza ruoko rwavo “kechipiri kuti vadzikinure vakasara vevanhu vavo vachasiiwa, muAsiria, nemuEgipita, nemuPatrosi, nemuKushi, nemuErami, nemuShinari, nemuHamati, nemuzvitsuwa zvegungwa.

12 Uye vachamisira “mureza marudzi, uye vagounganidza ^bvakaraswa veIsraeri, uye “vagounganidza pamwechete vakaparadzwa vaJuda kubva kumativi mana enyika.

13 “Shanje yaEfraimi ichape-rawo, uye vavengi vaJuda vachaparadzwa; Efraimi haazoitira ^bshanje ^cJuda, uye Juda haazone-tsa Efraimi.

14 Asi “vachabhururuka vago-tasva pamapfudzi amaFirisitia kumadokero; vachapamba zve-vekumabvazuva vari pamwechete; vachaisa maoko avo pana Edomi naMoabi; uye vanhu vemuAmoni vachavateerera.

15 Uye Ishe “vachaparadza chose chisipiti chegungwa re-Egipita; nemhepo yavo huru vachavhuvhuta nepamusoro

5a KANA muchiuno.

8a kanyoka kadiki kane uturu hunouraya kekuEgipita.

^b imwewo nyoka ineuturu.

9a Isa. 2:4.

NKM Mereniamu.

^b D&Z 101:32–33; 130:9.

10a NEMAMWE MAZWI

mazuva ekupedzisira.

Nh—JS 1:40.

^b VaR. 15:12;

D&Z 113:5–6.

^c kana kwaari.

^d D&Z 45:9–10.

11a 2 Ni. 6:14; 25:17; 29:1.

12a NKM Mureza.

^b 3 Ni. 15:15; 16:1–4.

^c Neh. 1:9;

1 Ni. 22:10–12;

D&Z 45:24–25.

NKM Israeri—

Kuunganidzwa

kwa Israeri.

13a Jer. 3:18.

^b Madzinza

akatungamirwa

naJuda naEfraimi

aiva nhoroono

yekurwisana

(mushure mezviitiko

zviri mu I Madz. 12:16–20).

Mumazuva

ekupedzisira

ruvengo urwu

rwucharapwa.

Ezk. 37:16–22.

NKM Chiva.

^c NKM Juda.

14a NEMAMWE MAZWI

rwisa nzvimbo

dzakarereka

dzekumadokero

dzaive nyika

yavaFirisitia.

15a Zek. 10:11.

perwizi, vagoomesa twukova twunodira marwuri twunomwe, vagoita kuti vanhu vayambuke maoma.

16 Uye kuchave nemugwagwa “mukuru uchasiirwa vakasara vevanhu vake vachasara, unobva Asiria, senzira yakaitika mugungwa, pazuva rakabuda Israeri kubva munyika yeEgipita.

CHITSAUKO 22

Munguva yeMireniamu vose vanhu vacharumbidza Ishe—Vachange achigara pakati pavo—Enzanisa naIsaya 12. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE muzuva iroro muchati: Imi Ishe ndichakurumbidzai; kana dai manga makandishatirirwa kushatirwa kwenyu kwafuraidzwa, uye mave kundinyaradza.

2 Tarisai, Mwari ndivo ruponeso rwangu; “vandichavimba navo, uye ndigosatya; nokuti Ishe ^bJEHOVA ndivo musimboti wangu nerwiyo rwangu; uye vavewo ruponeso rwangu.

3 Naizvozvo, norufaro muchachera “mvura inobva mumatsime oruponeso.

4 Uye muzuva iroro muchati:

16a Isa. 35:8; D&Z 133:27.

22 2a Mosaya 4:6;

Hir. 12:1.

b Eks. 15:2; Mpi. 83:18.

NKM Jehova.

3a NKM Mvura

yeUpenyu.

4a NKM Kupakutendo.

5a D&Z 136:28.

6a Isa. 54:1; Zef. 3:14.

23 1a NEMAMWE MAZWI shoko rekuparadzwa.

b Nhorooondo

yekuparadzwa kweBabironi yakaipa, kwakaporofitwa muna Isa. 13 na 14, kunoitwa sechiratidzo chekuperara kukuru kwenyika yose

“Rumbidzai Ishe, daidzai zita ravo, taurai kuita kwavo kuvanhu, muudze vanhu kuti zita ravo rinokudzwa.

5 “Imbirai Ishe; nokuti vakaita zvinhu zvakana zvikuru; izvi zvinozivikanwa pasi pose.

6 “Chemai mudaidzire, imi vagari veZioni; nokuti mukuru Mutsvene waIsraeri ari pakati penyu.

CHITSAUKO 23

Kuparadzwa kweBabironi kunofanana nekuparadzwa kuchavepo muKuuya Kwechipiri—Richave zuva rehasha nekudzorera—Babironi (nyika) ichapuzika zvochose—Enzanisa naIsaya 13. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

“MUTORO ^bweBabironi wakonekwa naIsaya mwanakomana waAmozi.

2 Sumudzai “mureza pamusoro pegomo refu, movadaidzira, ^bzunzai ruoko, kuti vapinde mumasuo evakuru-vakuru.

3 Ndaraira avo “vakaitwa vatsvene vangu, ndadaidzawo magamba angu, nokuti hashadzangu hadzisi kune avo vanofadzwa neukuru hwangu.

4 Ruzha rwevanhu vazhinji

inehuipi.

D&Z 133:5, 7, 14.

NKM Baberi, Babironi.

2a KANA Mureza.

NKM Mureza.

b NEMAMWE MAZWI

zunguza ruoko, ipa chiratidzo.

3a NEMAMWE MAZWI

Vatendi.

mumakomo rwunenge rwe-mhomho yevanhu, zhowe-zhowe “reumambo hwemarudzi^b aungana pamwechete, Ishe veHondo vanogadzirira varwi vavo kunorwa.

5 Vanobva kunyika iri kure, kwakaperera denga, hongu, Ishe, nezvombo zvekushatirwa kwavo, kuti vaparadze nyika yose.

6 Chemai imi, nokuti zuva raIshe rave pedyo; richauya semharadzi inobva kuna Samasimba.

7 Naizvozvo ose maoko achaneta, mwoyo wemunhu wose uchanyangadika;

8 Uye vachatya; vacharwadziwa nekusuwa kugovabata; vachashamiswa nevamwe vavo pachavo, uso hwavo huchaita semarimi emoto.

9 Tarisai, zuva raIshe riri kuuya, rakaipa rine hutsinye nekutsamwa kunotyisa, kunoparadza nyika; uye “vachaparadza vatadzi varimo.

10 Nokuti nyenyedzi dzedenga nezvose zvirimo hadzizopa chiedza chadzo; “zuva richasvibiswa mukufamba kwaro, nemwedzi uchaita kuti chiedza chawo chisavheneke.

11 Uye “ndicharanga nyika nenzira yekutadza, nevatadzi vacharangwa nokutadza kwavo; ndichaita kuti kuzvida^b kweunodada kupere, uye

ndichabvisa kuzvikudza kwe-anotyisa.

12 Ndichaita kuti “munhu akoshe kupfuura goridhe; akoshe kunyange kupfuura goridhe reOfiri.

13 Naizvozvo, ndichaita kuti denga rizunguzike, uye nyika “ichabva munzvimbo mayo, mukushatirwa kwalshe veHondo, uye muzuva rehasha dzavo dzinotyisa.

14 Uye vachaita semhara iri “kutandaniwa, uye sehwei dzisina muridzi; uye vachati munhu ega-ega adzokere kuvanhu vekwake, uye vagotizira mumwe nomumwe kunyika kwake.

15 Mumwe nomumwe anodada achabaiwa; hongu, uye wose uyo akabatana nevakaipa achapuzika nemunondo.

16 Vana vavo vachapazurwa-pazurwa pamberi pavo vakatarisa; dzimba dzavo dzicharozvwa uye vakadzi vavo vagobatwa chibharo.

17 Tarisai, ndichaita kuti vaMedia vavamukire, vasina hanyn’ a nesirivha kana goridhe, zve havafadzwe nazvo.

18 Miseve yavo ichadambura-dambura majaya; zve havazove netsitsi kumichero yenhumbu maziso avo haazonzwira vana vadiki tsitsi.

19 Uye Babironi, gamba reushe, “runako nerudado rweKardia, richaita sezvakaita

4a Zek. 14:2-3.

b Zek. 12:3.

9a NKM Pasi—Kusukwa kwepasi pano.

10a NKM Nyika—Kuguma kwenyika.

11a Mara. 4:1.

b D&Z 64:24.

12a Isa. 4:1-4.

13a NKM Pasi—Mamiriro ekupedzisira epasi pano.

14a KANA mhuka inovhimwa.

19a NEMAMWE MAZWI kuzvida.

^bSodoma neGomora pazvakaparradzwa naMwari.

20 Hapana ^aanzogaramo, zve hapana anozovakamo zvizvarwa nezvizvarwa: Kana va-Arabia havachazodzika tende dzavo imomo; kana vafudzi vehwai havachazovaka matanga avo imomo.

21 Asi mhuka ^adzesango dzichagaramo; dzimba dzavo dzichazara nemakava; nemazizi achagaramo, uye ^bzvikatora zvichatambamo.

22 Uye mhuka dzesango dzemuzvitsuwa dzichachema mumatongo ^aedzimba dzavo, ^bzvipukanana mumatongo mudzimba dzavo dzemadzimambo; nguva yake yave pedo nekusvika, uye zuva rake harichanonotswa. Nokuti ndichamuparadza nokukurumidza; hongu, nokuti ndichaitira vanhu vangu tsitsi, asi vakaipa vachafa.

CHITSAUKO 24

Israeri ichaunganidzwa uye igogara muzororo remirenyamu — Rusifa akatandwa kudenga nenzira yekupanduka — Israeri achakunda Babironi (nyika) — Enzanisa naIsaya 14. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

NOKUTI Ishe vachanzwira Jakobo

tsitsi, uye ^avagosarudzazve Israeri, vagovaisa munyika mavo; uye ^bvatorwa vachasanganiswa navo, uye vagonamaitira kuimba yaJakobo.

2 Uye ^avanhu vachavatora vovaisa kunzvimbo dzavo; hongu, kubva kure kumagumo enyika; vagodzokera ^bkunyika dzavo dzechipikirwa. Uye imba ya-Israeleri ndiyo ichave varidzi vadzo, uye nyika yaIshe ichave ^cyevaranda nevarandakadzi; uye vachatapa avo vakange vavatapa; vagotonga vaivadzi-vinyirira.

3 Uye zvichaitika kuti muzuva iroso Ishe vachakupai ^azororo, mukusuwa kwenyu, nemukutya menyu, nemumajoto amakange makasungwa nawo.

4 Uye zvichaitika muzuva iroso, kuti muchatora tsumo iyi muchirwisa mambo ^aweBabironi, muchiti: Ko mudzvinyiriri apera sei, neguta regoridhe rapera sei!

5 Ishe vatyora mubhadha wovakaipa, netsvimbo dzeushe dzevatongi.

6 Iye akarova vanhu nehasha neshamhu isingaperi, uyo akatonga marudzi nehasha, anotambudzwa, uye hapana anomudzivirira.

7 Pasi pose pakazorora, uye panyerere; vanovamba ^akuimba.

19^b Gen. 19:24–25;
Deut. 29:23;
2 Ni. 13:9.

20^a Jer. 50:3, 39–40.

21^a Isa. 34:14–15.

^b CHIHEB mbudzi hono, kana madhimoni.

22^a CHIHEB dzimba

dzemadzimambo.
^b CHIHEB (zvingangove) makava, kana imbwa dzemusango.

24 ^{1a} Zek. 1:17.

^b Isa. 60:3–5, 10.

2^a NEMAMWE MAZWI

Mamwe marudzi achabatsira Israeri.

^b NKM Nyika yeChipikirwa.

^c Isa. 60:14.

3^a Josh. 1:13;
D&Z 84:24.

4^a NKM Baberi, Babironi.

7^a Isa. 55:12.

8 Hongu, “miti-yemisaipurasi inokufarira iwe, nemisidhari yeRebanoni, ichiti: Kubvira ^bkuradzikwa pasi kwawakaitwa hakuna ‘munhu ati auya kuzo-
tirwisa.

9 “Gehena rinobvisirwa imi kubva pasi kuti rigosangana nemi pakuuya kwenyu; rino-
kudenherai ^bvakafa, kana vose vakuru-vakuru vepasi; rakabvi-
sa ose madzimambo epasi pose pazvigaro zvavo.

10 Zvose zvavachakwanisa kutaura kwamuri: Asi imi ma-
rukutika sesu here? Asi mato-
fanana nesu?

11 Kushamisira kwako kwadzi-
kiswa muguva; ruzha rwemi-
mhanzi yako harwuchanzwikwa;
muviri wako wava nehonye,
uye watongova makonye ega.

12 Kupunzika “sei kwawaita
kubva kudenga, iwe ^bRusifa,
mwanakomana werungwanani!
Hausi wapunzirwa pasi here,
iwe waishaisa simba marudzi!

13 Nokuti watoti mumwoyo
mako: “Ini ndichakwira kude-
nga, ndosimudza ngundu
yangu iende pamusoro penye-
nyedzi dzaMwari; ndichagara
pamusoro pegomo ndakatarisa

gungano, kurutivi ^brwekucha-
mhembe.

14 Ndichakwira kusvika nda-
pfuurira makore; ndichaita
saiye Wokudenga-denga.

15 Kunyange zvakadaro ucha-
deredzwa kusvika kugehena,
kumativi “egomba.

16 Avo vachakuona “vachaku-
shora, vachakutarisa, vachiti:
Ndiye here murume uye aiita
kuti nyika izunguzike, aityiwa
nekudederwa nemadzimambo?

17 Uye akaita nyika inge renje,
akaparadza maguta aivemo,
uye akasazurura dzimba dzeva-
sungwa vake?

18 Ose madzimambo emaru-
dzi, hongu, vose zvavo, iye
zvino varere nembiri, munhu
ega-ega mumba “make.

19 Asi wabviswa muguva
mako sebazi “rinonyangadza,
uye avo vakasara pane vakau-
raiwa, avo vakabaiwa nemu-
nondo, vanoenda ^bkumabwe
emugomba; semhuka yakafa
yatsikwa-tsikwa netsoka.

20 Hauzovigwa pamwechete
navo, nokuti wakaparadza nyi-
ka yako uye ukauraya vanhu
vekwako; “mbeu ^byevanoita-
zvakaipa haife yakaita mbiri.

8a CHIHEB cypresi.
b NEMAMWE MAZWI
murufu.
c CHIHEB anotema
(miti) haasati
atinga.
9a NKM Gehena.
b NEMAMWE MAZWI
mweya isina muviri.
12a D&Z 76:26.
b CHIHEB nyenyedzi
yerungwanani,
mwanakomana
wemhambakwedza.

Mutongi wenyika
yohuipi (Babironi)
anotaurwa nezvake
saRusifa, mutongi
wehuipi hwose.
NKM Dhiabhorosi;
Rusifa.
13a Mos. 4:1–4.
b NEMAMWE MAZWI
munogara vanamwari
maererano
nechitendero
chemaBabironi.
Mpi. 48:2.

15a 1 Ni. 14:3.
16a CHIHEB kukutarisa
neparutivi vagofunga
nezvako.
18a NEMAMWE MAZWI
guva remhuri yake.
19a NEMAMWE MAZWI
bazi rakaipa,
rakakwanhura uye
rikaraswa.
b NEMAMWE MAZWI
pasi pekupedzisirisa.
20a Mpi. 21:10–11; 37:28.
b NKM Akaipa.

21 Gadzirira kuuraya vana vake nenzira “yekutadza kwe-madzibaba avo, kuti vasazomaka, kana kuzotonga nyika, kana kuzadza uso hwenyika nemaguta.

22 Nokuti ndichavamukira, vanodaro Ishe veHondo, ndovabvisa muBabironi “nezita, nevanenge vasara, nemwanakomana, ^bnemuzukuru, ndozvintaura Ishe.

23 Ndichaitawo “nzvimbo inogarwa nemazizi, nemadziva emvura; ndichaitsvaira ^bnemutsvairo wekuperadza, vanodaro Ishe veHondo.

24 Ishe veHondo vakapika vachiti: Chokwadi sezvanda-funga, ndizvo zvichaitika; uye sezvandaita, ndizvo zvichamira—

25 Kuti ndichaunza “muAsiria munyika mangu, uye mumakomo ^bangu ndigomutsika-tsika pasi petsoka; ipapo ‘jokwi rake richabva pavari, nemutoro wake uchabva pamapfudzi avo.

26 Ndiro zano rafungirwa pasi pose; uye urwu ndirwo ruoko rwatambanudzwa pamusoro pemarudzi ^aose.

27 Nokuti Ishe veHondo vakazvidzika, uye ndiani anga-

zvirambe? Uye ruoko rwavo rwatambanudzwa, ndiani angarwudzore?

28 Mutoro uyu wakauya “gore rakafa mambo ^bAhazi.

29 Musafare zvenyu, imi mose maFiristia, nokuti mubhadha weuyo akambokurovai watyoka; nokuti kubva mumudzi wenyoka muchabuda rovambira, uye vana vayo vachave nyoka dzinotyisa dzinobhururuka.

30 Uye dangwe revarombo richadya, uye vanoshaya vacharara vasina chavanotyia; uye ndichauraya midzi yako nenzara, uye achauraya vanenge vasara.

31 Chema, iwe suwo; chema, iwe guta; imi, mose maFiristia, maparadzwa; nokuti kuchamhembe kuchabva utsi, uye hapana achange ari ega panguva dzake dzaakatarirwa.

32 Ko nhumwa dzemarudzi dzichapindura dzichiti chii? Vachati Ishe akamisa “Zioni, uye ^bvarombo vevanhu vake vachawana ‘ruvimbo mairi.

CHITSAUKO 25

Nifai anofadzwa nekuisa zvinhu

21a Eks. 20:5.

22a Zir. 10:7.

^b Jobo 18:19.

23a Isa. 34:11–15.

^b KANA mutsvairo.

25a Musoro wenyaya unoshanduka kuenda kune kurwisa kweAsiria nekuwa kwayo muJuda, 701 Kristu asati azvarwa (ndima 24–27).
II Madz. 19:32–37;

Isa. 37:33–38.

^b NEMAMWE MAZWI makomo eJuda nelsraeri.

^c Isa. 10:27.

26a NEMAMWE MAZWI

Pakupedzisira kwazvo marudzi ose enyika achaparadzwa saizvozwi.

28a NEMAMWE MAZWI

Zvingangove 720 Kristu asati azvarwa,

mutoro uyu kana shoko rekuperadza iri rakaporofitwa pamusoro pemaFiristia, apo Juda ichachengetedzwa.

^b II Madz. 16:20.

32a NKM Zioni.

^b Zef. 3:12.

^c KANA kutsvaga kuvanda mairi.

pachena—*Chiporofita chalsaya chichanzwikwa mumazuva ekupe-dzisira*—*MaJuda vachadzoka kubva kuBabironi, vorovera Mesia, uye voparadzwa vorangwa zvaka-omarara*—*Vanozoponeswa kana vave kutenda munaMesia*—*Achanta ng kuuya mushure memazana matanhatu emakore Rihai abva muJerusarema*—*MaNifai vanotevedza murau waMosesi uye vachitenda munaKristu, uyo Mutsvene waIsraeri. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.*

ZVINO ini Nifai, ndinotaura zvishoma-shoma pamusoro pemazwi andakanyora, akataurwa nemuromo walsaya. Nokuti tarisai, Isaya akataura zvinhu zvizhinji izvo zvakange “zvakaomera vanhu vazhinji vekwedu kuti vanzwisise; nokuti havana zvavanzoziva maererano netsika yekuporofita kwamaJuda.

2 Nokuti ini Nifai, handina kuvadzidzisa zvinhu zvizhinji pamusoro petsika dzamaJuda, nokuti “mabasa avo aiva mabasa erima, uye kuita kwavo kwaiva kuita kweruvengo.

3 Nokudaro, ndinonyorera kuvanhu vekwangu, kune vose avo vachagashira zvinhu izvi zvandanyora, kuti vagoziva kutonga kwaMwari, kuti kunouya kumarudzi ose, maererano nemazwi avakataura.

4 Nokudaro, teererai imi vanhu vekwangu, imi vemba

yaIsraeri, uye muteerere kumazwi angu; kana dai zvazvo mazwi alsaya musinganyatso-anzwisisa, zvakadaro mazwi ari pachena kwazvo kune avo vose vakazadzwa “nemweya^b wechiporofita. Asi ndinokupai chiporofita, maererano nemweya uri mandiri; nokudaro ndichaporofita “ndichiisa pachena sekuita kwandange ndichingaita kubvira nguva yandabva Jerusarema ndiina baba vangu; nokuti tarisai, mweya wangu unofarira kuisa zvinhu pachena kuvanhu vekwangu, kuti vagodzidza.

5 Hongu, nemweya wangu unofadzwa nemazwi “alsaya, nokuti ndakabva Jerusarema, uye maziso angu akaona tsika^b dzamaJuda, uye ndinoziva kuti maJuda anonzwisisa zvinhu zvemaporofita, uye hakuna vamwe vanhu vanonzwisisa zvinhu zvakataurwa kumaJuda, saivo, kunze kwekunge vatodzidziswa tsika nekugara kwemaJuda.

6 Asi tarisai, ini Nifai, handina kudzidzisa vana vangu netsika inodzidzisa maJuda, asi tarisai, ini pachangu, ndakagara muJerusarema, nokudaro ndinoziva nezvematunhu eruwa urwu; uye ndakataurira vana vangu maererano nekutonga kwaMwari, uko “kwakaitwa mukati mavaJuda, kuvana vangu, maererano nezvose zvakataurwa naIsaya, uye handizvinyore.

25 1a 2 Ni. 25:5–6.
2a II Madz. 17:13–20.
4a NKM Mweya
Mutsvene.

^b NKM Huporofita.
c 2 Ni. 31:3; 33:5–6;
Jak. 4:13.
5a 1 Ni. 19:23;

3 Ni. 23:1.
^b NKM maJuda.
6a 2 Ni. 6:8;
Hir. 8:20–21.

7 Asi tarisai, ini ndinoenderera nechiporofita changu, chiri maererano “nekuisa pachena kwangu; uko kwandinoziva kuti kunoita kuti vanhu vasakanganise; zvakadaro, mumazuva achazadzikiswa chiporofita cha-Isaya vanhu vachaziva nechokwadi, kuti zvinhu izvi zvichaitika rinhi.

8 Nokudaro, “zvinokosha kuvana vevanhu, uye uyo anofunga kuti hazvina basa, kwavari ndiko kwandichanyanya kutaura, uye ndigoisa mazwi angu kuvanhu ^bvekwangu chete; nokuti ndinoziva kuti achave anokosha kwazvo kwavari mumazuva ‘ekupedzisira; nokuti muzuva iroro ndimo mavachanzwisisa; nokudaro, ndaanyora kuti agovayamura.

9 Uye sezvo chimwe chizvarwa mumaJuda “chakaparadzwa nenzira yezvitadzo, naizvo vachaparadzwa chizvarwa nechizvarwa maererano nezvitema zvavo; uye hakuna mumwe wavo akamboparadzwa asati ^bafanoyambirwa nevaporofita valshe.

10 Nokudaro, vakataurirwa nezvekuparadzwa kwakange kuchizoitika mushure mekubva kwababa vangu muJerusarema; zvakadaro, vakaomesa mwoyo

yavo; uye maererano nechiporofita changu “vakaparadzwa, kunze kweavo ^bvakatakurwa kuenda Babironi senhapwa.

11 Uye zvino ndinotaura izvi nenzira yemweya uri mandiri. Uye hazvinei kuti vakatapwa vachadzoka zvakare, uye vagotoro nyika yeJerusarema; nokudaro, “vachadzorerwa zvakare munyika yenhaka yavo.

12 Asi tarisai, vachave nehondo, nerunyerekupe rwehondo; uye kana zuva rasvika rekuti “Mumwechete Akaberekwa wa-Baba, hongu, kana ivo Baba vekudenga nenyika, vachazviratidza ivo vomene munyama, tarisai, vachamuramba, nenzira yekuipa kwavo, nehukukutu hwemwoyo yavo, nekuomarara kwemitsipa kwavo.

13 Tarisai, “vachamurovera; uye mushure mekuradzikwa ^bmuguva kwemazuva ‘matatu ^dachamuka kubva kuvakafa, ane kurapa mumapapiro ake; uye avo vose vachatenda muzita rake vachaponeswa muumambo hwaMwari. Nokudaro, mweya wangu unofara kuti ndiporofite pamusoro pake; nokuti ‘ndakariona zuva rake, uye mwoyo wangu unokudza zita rake dzvene.

14 Uye tarisai zvichaitika kuti

7a 2 Ni. 32:7;

Aruma 13:23.

8a NKM Magwaro matsvene—Kukosha kwemagwaro matsvene.

b Eno. 1:13-16; Morm. 5:12-15;

D&Z 3:16-20.

c NKM Mazuva

Ekupedzisira.

9a Jer. 39:4-10;

Mat. 23:37-38.

b Amosi 3:7; 1 Ni. 1:13.

10a 1 Ni. 7:13; 2 Ni. 6:8;

Omu. 1:15;

Hir. 8:20-21.

b II Madz. 24:14;

Jer. 52:3-16.

11a Ezra 1:1-4; Jer. 24:5-7.

12a NKM Mumwechete

Akaberekwa.

13a Ruka 23:33.

b Joh. 19:41-42;

1 Ni. 19:10.

c Ruka 24:6-7;

Mosaya 3:10.

d NKM Kumuka

Kuvakafa.

e 1 Ni. 11:13-34.

mushure mekumuka “kwaMesia kuvakafa, uye azviratidza kuvanhu vake, kune vose vari vazhinji vachatenda muzita rake, tarisai, Jerusarema ^bichaparadzwa zvakare; nokuti nhamo kune avo vanorwisana na Mwari nevanhu vechechi yake.

15 Nokudaro, “maJuda ^bachaparadzirwa mukati memamwe marudzi ose; hongu, ‘neBabironiwo ichaparadzwa; nokudaro, maJuda achaparadzwa nema-mwe marudzi.

16 Uye mushure mekunge vaparadzirwa, uye Ishe Mwari vavarovesa nemamwe marudzi kwezvizvarwa zvizhinji, hongu, kana kuchizvarwa zvichienda kune chimwe chizvarwa kudakara vanyengetedzwa “mukute-nda munaKristu, Mwanakoma waMwari, nemurudzikinuro, urwo rwusingaverengeke kurudzi rwose rwemunhu—uye kana zuva rekuti vanenge vave kutenda munaKristu, nekunamata Baba muzita rake, nemwoyo isina tsvina nemaoko akachena, uye vosiya zvekutarisira mumwe Mesia, zvino, panguva iyoyo, zuva richasvika rekuti zvinotofanira kuti vate-nde muzvinhu izvi.

17 Uye Ishe vachasimudza ruoko rwavo zvakare kechipiri

kuti “vadzore vanhu vavo kubva mukurasika mukupunzika kwavo. Nokudaro, vachaita basa ^brinoshamisira neminana mukati mevana vevanhu.

18 Nokudaro, vachauza “mazwi avo kwavari, ari mazwi ^bachavatonga muzuva rekupedzisira, nokuti achapiwa kwavari kuitira ‘kuvapwisa nezvaMesia wechokwadi, uyo avakaramba; nekuvapwisa kuti havafanire kutarisira zvakare kuuya kwaMesia, nokuti hakuna mumwe achauya, kunze kwekunge ari Mesia ^awekunyepera anonyengedza vanhu, nokuti kuna Mesia mumwechete anotaura namaporofita, uye iye Mesia iyeyo ndiye acharambwa namaJuda.

19 Nokuti maererano nemazwi emaporofita, “Mesia anouya kwapera mazana ^bmatanhatu emakore kubvira panguva yakabva baba vangu kuJerusarema; uye maererano nemazwi emaporofita, nemazwiwo ‘engirozi yaMwari, zita rake richanzi Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari.

20 Uye zvino, hama dzangu, ndataura ndichiisa zvinhu pachena kuti musazokanganisa. Uye kana Mwari vari mupenyu avo ^avakaburitsa vana valsraeri

14a NKM Mesia.

b Ruka 21:24;

JS—Mat. 1:1–18.

15a NKM maJuda.

b Neh. 1:8–9;

2 Ni. 10:6.

c NKM Baberi, Babironi.

16a 2 Ni. 10:6–9; 30:7;

Morm. 5:14.

17a 2 Ni. 21:11–12; 29:1.

NKM Kudzorera

pakare kweVhangeri.

b Isa. 29:14; 2 Ni. 27:26;

3 Ni. 28:31–33.

18a 2 Ni. 29:11–12; 33:11, 14–15.

b NKM Kutonga, Kwekupedzisira.

c 2 Ni. 26:12–13.

d NKM Asingade Kristu.

19a NKM Jesu Kristu—

Zviporofita

nezvekuzvarwa uye

nerufu rwajesu

Kristu.

b 1 Ni. 10:4;

3 Ni. 1:1, 13.

c 2 Ni. 10:3.

20a Eks. 3:7–10;

1 Ni. 17:24, 31; 19:10.

munyika yeEgipita, uye vaka-pa Mosesi simba ^brekurapa marudzi mushure mekunge varumwa nenyoka dzine uturu, kana vachinge vatarisa ‘nyoka iyo yaakange asimudza pamberi pavo, uye vakamupawo simba rekuti arove ^ddombo ribude mvura; hongu, tarisai ndinoti kwamuri, sezvo zvinhu izvi zviru zvechokwadi, uye sezvo Ishe Mwari vari mupenyu, hapana rimwe ^ezita rinopiwa pasi pedenga kunze kwera Jesu Kristu, iro randaturu, rinove ndiro rinoponesa vanhu.

21 Nokudaro, pamusoro pechikonzero ichi Ishe Mwari vakandivimbisa kuti zvinhu zvandiri ^akunyora izvi zvichachengetedzwa, uye zvigopiwa kumbeu yangu, kubva kuchizvarwa ichi zvichisiirwa chizvarwa icho, kuti chivimbiso chizadzikiswe kuna Josefa, zvekuti mbeu yake ^bhaichazoparara kana nyika ichiripo.

22 Nokudaro, zvinhu izvi zvichaenda kuzvizukuru nezvizukuru kana nyika ichiripo; uye zvichaita sekuda kwaMwari nekumufadza kwazvinenge zvichiita; uye marudzi anenge

ainazvo “achatongwa nazvo maererano nezvakanyorwa.

23 Nokuti tinoshanda nesimba kuti tinyore, kuti ^atinyengetedze vana vedu, nehama dzeduwo, nekuti vatende munaKristu, nokuti vayanane naMwari; nokuti tinoziva kuti tinoponeswa ^bnenyasha, mushure mezvese zvatinokwanisa ^ckuita.

24 Uye, zvakadaro tinotenda munaKristu, ^atinochengeta murau waMosesi, totarisira nokushinga kuna Kristu, kudakara murau wadzikiswa.

25 Nokuti, nechikonzero ichi ^amutemo wakapiwa; nokudaro mutemo wave chinhu ^bchakafa kwatiri, uye isu tinoitwa vapenyu munaKristu pamusoro perutendo rwedu; asika tinochengeta murairo pamusoro pezvatinonzi tiite.

26 Uye ^atinotaura nezvaKristu, tinofara muna Kristu, tinoparidza nezvaKristu, ^btinoporofita nezvaKristu, uye tinonyora maererano nechiporofita chedu, kuti ^cvana vedu vagoziva kwekuenda kana votsvaka ^dkuregererwa zvitema zvavo.

27 Nokudaro, tinotaura nezve murau kuti vana vedu vagoziva nezvekufa kwemurau; uye

20b Joh. 3:14;
1 Ni. 17:41.
c Num. 21:8-9;
Aruma 33:19;
Hir. 8:14-15.
d Eks. 17:6;
Num. 20:11;
1 Ni. 17:29; 20:21.
e Hos. 13:4;
Mabasa 4:10-12;
Mosaya 5:8;
Mos. 6:52.
NKM Muponesi.

21a 2 Ni. 27:6-14.
b Amosi 5:15;
2 Ni. 3:16;
Aruma 46:24-27.
22a 2 Ni. 29:11; 33:10-15;
3 Ni. 27:23-27.
23a NKM Vana.
b VaR. 3:23-24;
2 Ni. 2:4-10;
Mosaya 13:32;
Aruma 42:12-16;
D&Z 138:4.
NKM Nyasha.

c Jkb. 2:14-26.
NKM Mabasa.
24a Jak. 4:4-5.
25a NKM Mutemo
waMosesi.
b VaR. 7:4-6.
26a Jak. 4:12;
Jar. 1:11;
Mosaya 3:13.
b Ruka 10:23-24.
c NKM Vana.
d NKM Kuregererwa
kweZvitadzo.

ivo, nokuziva kufa kwemurau, vangatarisire kuupenyu huri muna Kristu, vagoziva chikonzero chakaisirwa murau. Uye mushure mekunge murau wazadzikiswa munaKristu, vazive kuti havana chikonzero chavangaomesere mwoyo yavo kwaari iwo murau uchifanira kubviswa.

28 Uye zvino tarisai, vanhu vangu, mune “mitsipa-yakaoma; nokudaro, ndataura nemi ndichiisa zvinhu pachena, kuti musashaya kunzwisisa. Uye mazwi andataura ^bachakuroverai; nokuti akakwana ‘mukudzidzisa ani nani zvake nzira yakanaka; nokuti nzira yakanaka kutenda muna Kristu nokusamuramba; nokuti nekumuramba muri kumambawo maporofita nemurau.

29 Uye zvino tarisai, ndinoti kwamuri nzira yakanaka kutenda kuna Kristu, uye musamurambe; uye Kristu ndiye Mutsvene waIsraeri; nokudaro makafanira kupfugama pamberi pake, uye momunamata “nekugwinya kwenyu kwose, nepfungwa dzenyu dzose, nesimba renyu rose; uye mukaita izvi hamuzoraswa.

30 Uye, sekufanira kwazvine nge zvakaita, makafanira kuchengetedza zviito “nezvisungo zvaMwari kusvikira murau wazadzikiswa uyo wakapiwa kuna Mosesi.

CHITSAUKO 26

Kristu achadzidzisa kuvaNifai—Nifai anofanoona kuparadzwa kwevanhu vekwake—Vachataura vari muguruva—MaJentairi vachavaka machechi dzemanyepo nezvikwata zvemuruvande—Ishevanorambidza vanhu kuita hupirisita husakarurama. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE mushure “mekumuka kwaKristu kuvakafa ^bachazviratidza kwamuri, vana vangu, nemi hama dzangu dzinodiwa; uye mazwi aachataura kwamuri ndiwo ‘mutemo wamuchatevedza.

2 Nokuti tarisai, ndinoti kwamuri ndaona kuti kuchaita zvizvarwa zvizhinji zvichapfura, uye kuchave nehondo noku-popotedzana pakati pevanhu vekwangu.

3 Uye mushure mekunge Mesia auya vanhu vekwangu vachapiwa ^azviratidzo ^bzveku-zvarwa kwake, nezvekufa neku-muka kwake; uye zuva iroro richave zuva guru rakaipa rinytisa kune vakaipa, nokuti vachafa; uye vanofa nokuti vakadzanga maporofita, nevate-ndi, uye vakavatemala nematombo, vakavauraya; nokudaro kuchema ‘kweropa ravatendi kuchakwira kudenga kuchibva pasi kuchivaroverera.

28a Mosaya 3:14.
b NKM Uchapupu.
c 2 Ni. 33:10.

29a Deut. 6:5;
Marko 12:29–31.

30a NKM Zvisungo.

26 1a 3 Ni. 11:1–12.

b 1 Ni. 11:7; 12:6.

c 3 Ni. 15:2–10.

3a 1 Ni. 12:4–6.

NKM Chiratidzo.

b NKM Jesu Kristu—

Zviporofita nezvekuzvarwa uye nerufu rwaJesu Kristu.
c Gen. 4:10; 2 Ni. 28:10; Morm. 8:27.

4 Nokudaro, vose avo vano-zvida, neavo vane mabasa akai-pa, zuva riri kuuya iri ^arichava-pisa, ndizvo zvinotaura Ishe weHondo, nokuti vachaita semashanga.

5 Uye vachauraya maporofita, nevatendi, ^avachamedzwa neudzamu hwenyika, ndizvo zvinotaurwa naIshe veHondo; uye vachafukidzwa ^bnemakomo, zvinyamupupuri zvichavata-kura, uye dzimba dzichava-punzikira dzigovadzvinzirira nokuvaita kanyama-kanyama nekuvakuya kusara vaita seupfu.

6 Uye vachavingwa nemabhana'ana, nemheni, nekundengendeka kwenyika, nezvinhu zvose zvinoparadza, nokuti moto wekushatirwa kwaIshe unenge wabatidzwa wovarwisa, uye vachaita semashanga, uye zuva rinouya richavadya, ndiko kutaura kwaIshe veHondo.

7 Iko kurwadza kwacho, nokutambudzika kwemweya wangu pamusoro pekurasikirwa neavo vakauraiwa vevanhu vekwangu! Nokuti ini Nifai, ndakazviona, uye zvikange zvichandidya ndiri pamberi paIshe; asi ndakafanira kuche-ma kuna Mwari vangu: Nzira dzenyu ^adzakarurama.

8 Asi tarisai, avo vatsvene vanoteerera mazwi emaporofita, vasingaaparadze, asi vachitarisa

kuna Kristu nekushinga kuti vaone zviratidzo zvinopiwa, vasinei ^anekunetswa kwose—tarisai, ivavo ndivo ^bvasingafe.

9 Asi Mwanakomana weKururama ^aachazviratidza kwavari; uye ^bachavarapa, uye vachawana ^crunyararo naye, kudakara kupfuura kwezvizvarwa ^dzvitatatu, uye kana vazhinji vechizvarwa ^echekina vanenge vapfuura vari mukururama.

10 Uye kana zvinhu izvi zvaitika ^akuparadzwa nokukurumidza kuchauya kuvanhu vekwangu; nokuti, kana dai mweya wangu uchirwadziwa, ndakazviona; nokudaro, ndinoziva kuti zvichaitika; uye vanozvitengesa pasina mubairo; nokuti, semubairo wekudada kwavo nekupusa kwavo vachakohwa kuparadzwa; nokuti vanokundwa nadhiabhoro-si uye vosarudza mabasa erima vachisiya echiedza, saka vakafanira kuenda ^bkugehena.

11 Nokuti Mweya waIshe ^ahauzogare nguva dzose uchishanda nevanhu. Uye kana Mweya warega kushanda nevanhu panobva pauya kuparadzwa kukuru nokukurumidza, uye izvi zvinosuwisa mwoyo wangu.

12 Uye sekutaura kwandakaita maererano ^anezvekupwiswa ^bkwemaJuda, kuti Jesu uyu

4a 3 Ni. 8:14–24; 9:3, 9.
5a 1 Ni. 19:11; 3 Ni. 10:14.
b 3 Ni. 8:10; 9:5–8.
7a NKM Yenzaniso.
8a NKM Kupfuvisa.
b 3 Ni. 10:12–13.
9a 3 Ni. 11:8–15.

b 3 Ni. 17:7–9.
c 4 Ni. 1:1–4.
d 1 Ni. 12:11–12;
3 Ni. 27:30–32.
e Aruma 45:10–12;
Hir. 13:9–10.
10a Aruma 45:9–14;

Morm. 8:1–9.
b NKM Gehena.
11a Eta 2:15.
12a 2 Ni. 25:18.
b 2 Ni. 30:7;
Morm. 5:14.
NKM maJuda.

ndiye Kristu ‘chaiye, zvinofanira kuti maJentairi apwiswewo kuti Jesu ndiye Kristu, Mwari Vokusingaperi.

13 Uye nokuti anozviratidza pachake kune avo vose vanotenda maari, nesimba “reMweya Mutsvene; hongu, kumarudzi ose, ndimi, nevanhu, achiita zvishamiso zvikuru, zviratidzo, neminana, mukati mevana vevanhu maererano nerutendo rwavo.

14 Asi tarisai, ndinoporofita kwamuri maererano nemazuva “ekupedzisira; maererano nemazuva Ishe Mwari ^bavachaunza zvinhu izvi kuvana vevanhu.

15 Mushure mekunge mbeu yangu nembeu yehama dzangu yaderera mukusatenda, uye varohwa nemaJentairi; hongu, mushure mekunge Ishe Mwari vavakomberedza, uye vavamanikidzira pakati pemakomo, uye vamisa misasa yekuvarwisa; uye mushure mekunge vatururwa vave muguruva, kana dai vasina, asika mazwi evakarurama achanyorwa, uye miteuro yevanotenda ichanzwikwa, uye avo vose vaderera mukusatenda havazokanganwikwa.

16 Nokuti avo vachaparadzwa “vachataura kwavari vave muvhu, uye kutaura kwavo kuchave pasi-pasi kuchibva

muguruva, uye mazwi avo achaita seevanosvikirwa; nokuti Ishe Mwari achamupa simba, kuti agoita kazeve-zeve pamusoro pavo, kunge zviri kubva pasi; uye kutaura kwavo kuchaita sezeve-zeve riri kubva muguruva.

17 Nokuti Ishe Mwari vanotaura vachiti: “Vachanyora zvinhu zvichaitwa pakati pavo, uye zvichanyorwa zvigonamirwa mubhuku, uye avo vaderera mukusatenda havazviwane, nokuti ^bvanotsvaka kuparadza zvinhu zvaMwari.

18 Nokudaro, sezvo avo vakaparadzwa vakaparadzwa noku-kurumidza; uye mhomho dzevanhu vavo vakaipa dzichave “semarara anokukurwa — hongu, ndiko kutaura kunoita Ishe: Zvichaitika nechinguvana, chinongoerekana —

19 Uye zvichaitika, kuti avo vakaderera mukusatenda “vacharohwa neruoko rwemaJentairi.

20 Uye maJentairi vanozvida “nokudada kana vakazvitarisa, uye ^bvanopingaidzwa, nenzira “yezimhinga-mupinyi guru, nokuvaka “machechi akawanda; zvisinei, vanokanda pasi simba nezvishamiso zvaMwari, uye vagozviparidzira zvavo zveungwaru hwavo “nedzidziso

12c Morm. 3:21.

13a NKM Mweya Mutsvene.

14a NKM Mazuva Ekupedzisira.

b NKM Kudzorera pakare kweVhangeri.

16a Isa. 29:4; Moro. 10:27;

Mos. 7:62.

NKM Bhuku raMormoni.

17a 2 Ni. 29:12.

b Eno. 1:14.

18a Morm. 5:16–18.

19a 3 Ni. 16:8–9; 20:27–28.

20a NKM Kudada.

b 1 Ni. 13:29, 34.

NKM Kurasika Pachitendero.

c Ezk. 14:4.

d 1 Ni. 14:10; 22:23;

Morm. 8:28.

e Morm. 9:7–8;

2 Ni. 9:28.

yavo, kuti vagowana upfumi fhwavanotora kuvarombo.

21 Uye kune machechi mazhinja akavakwa anokonzera "ruchiva, nekunetsana, nepfini.

22 Uye kune zvikwata "zve-muruvande, sezvaitwa kare, maererano nezvikwata zva-dhiabhorosi, nokuti ndiye akatanga zvose zvinhu izvi; hongu, ndiye akatanga neumhondi, nemabasa erima; hongu, anovatungamira akavaisa chishwe muhuro, kusvika avaita mbira dzakondo zva-chose.

23 Nokuti tarisai hama dzinodiwa, ndinoti kwamuri Ishe Mwari havashande murima.

24 Hapana chavanoita kunze kwekunge chiri chinozoyamura pasi rose; nokuti "vanoda nyika, zvekuti vanopa upenyu hwavo kuti vakwezve vanhu ^bvose vauye kwavari. Nokudaro, hapana vavanoti havafanire kudya nhaka yeruponeso rwavo.

25 Tarisai, vanodaodzira here, vachiti: Ibvai kwandiri? Tarisai, ndinoti kwamuri, Kwete; asi vanotaura vachiti: "Uyai kwandiri mose muri kumativi ose enyika, ^btengai mukaka neuchi, pasina mari uye pasina mutengo.

26 Tarisai, pane vavakambo-udza here kuti abve mumasinagogo, kana mudzimba

dzekunamatira? Tarisai, ndinoti kwamuri, Kwete.

27 Pane vaakarambidza here kudya nhaka yake "yeruponeso? Tarisai ndinoti kwamuri, Kwete; asi ^bvakaipa kuvanhu vose pachena; uye vakataurira vanhu vake kuti vanyengetedze vanhu kuti ^avatendeuke.

28 Tarisai, ko Ishe vakamborambidza vanhu here kuti vasa-dye nhaka yekunaka kwavo? Tarisai, ndinoti kwamuri, Kwete; asi ^avose vanepundutso umwe neumwe, uye hakuna kana mumwechete anosarudzwa kana kurambidzwa.

29 Anoti iye hakufanire kuve "nehufundisi-husakarurama; nokuti tarisai, hufundisi husakarurama kuti vanhu vanoparidza vachizvimisa sechiedza chenyika, vachiitira izvi kuti vawane upfumi ^bnerukudzo rwenyika; asi havatsvake magariro akanaka eZioni.

30 Tarisai, Ishe vakarambidza zvinhu izvi; nokudaro, Ishe Mwari vakapa murairo wekuti vose vanhu vakafanira kuve "nerudo rwakadzama, irwo rudo rwakadzama urwu ndirwo rwunova ^brudo rwechokwadi. Uye kunze kwekunge vaine rudo rwakadzama havana chavari. Nokudaro, kana vaine rudo rwakadzama havanga-bvumire kuti mushandi mu-Zioni afe.

20f Isa. 3:15; 2 Ni. 13:15.
21a NKM Chiva.

22a NKM Huranganwa
hwemuruvande.

24a Joh. 3:16.

^b 3 Ni. 27:14–15.

25a Aruma 5:33–35;

3 Ni. 9:13–14.

^b Isa. 55:1–2.

27a NKM Ruponeso.

^b VaE. 2:8; 2 Ni. 25:23.

^c NKM Rutendeuko.

28a VaR. 2:11;

1 Ni. 17:33–35.

29a NKM Unyengeri
hwehupirisita.

^b D&Z 121:34–37.

30a Moro. 7:47–48.

NKM Rudo

Rwakadzama.

^b NKM Rudo.

31 Asi mushandi ^amuZioni achashandira Zioni; nokuti kana vakashandira ^bmari vachafa.

32 Uye zvakare, Ishe Mwari ^avakaraira vanhu havafanire kuponda; kuti havafanire kunyepa; kuti havafanire kuba; vakati havafanire kupika nezita raIshe Mwari vavo ^bvachinyepa; vakati havafanire kuchiva; vakati havafanire kuve nepfini; vakati havafanire kuvengana; vakati havafanire kuita upombwe; uye vakati havafanire kuita kana chimwechete chezvinhu izvi; nokuti uyo achazviita achafa.

33 Nokuti zvitadzo zvose hapana zvinobva kuna Ishe; nokuti vanoita izvo zvakanaka mukati mevana vevanhu; uye hapana chavanoita kunze kwekunge chiri pachena kuvana vevanhu; uye vanovakoka vose kuti vazodya nhaka yekunaka kwavo; hapana ^avavanoramba anouya kwavari, mutema nemuchena, musungwa neasiri musungwa, murume nemukadzi; uye vanorangarira ^bmuhedeni; uye ^cvose vakafanana kuna Mwari, vose muJuda nemuJentairi.

CHITSAUKO 27

Rima nekurasika kuchazadza nyika yose mumazuva ekupedzisira — Bhuku raMormoni richauya — Vapupuri vatatu vachapupura

nezvebhuku iri — Vanhu vakadzidza zvokuru vachati havakwanisi kuverenga bhuku rakanamwa — Ishe vachaita basa rakanakisisa nechishamiso — Enzanisa naIsaya 29. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

Asi tarisai, mumazuva ^aekupedzisira, kana kuti mumazuva amaJentairi — hongu, tarisai marudzi ose emaJentairi nemaJudawo, vose avo vachauya munyika ino neavo vanenge vari kune dzimwe nyika, hongu, kana vari munyika dzose dzepasi, tarisai, vachadhakwa nezvitema netsika dzose dzaikaipa —

2 Uye zuva iro musi warinosvika vachashanyirwa naIshe veHondo, nemabhanan'ana nekundengendeka kwenyika, neruzha rwukuru, nedutu remhepo, nechamupupuri, ^anerimi romoto unopisa.

3 Uye ^amarudzi ose ^banorwisa Zioni, nokuishungurudza, vachaita sezvinoita anorota usiku; hongu, zvichaita kwavari, sezvinoita munhu ane nzara anorota, tarisai achidya asi paano pepuka anonzwa aine nzara; kana kuti munhu ane nyota anorota, tarisai achinwa uye tarisai paanomuka anonzwa aine nyota inomupedza simba, uye mweya wake unenge uine havi; hongu, ndizvo zvichaita mhomo dzose dzemarudzi dzinorwisana negomo reZioni.

31a NKM Zioni.
b Jak. 2:17–19;
D&Z 11:7; 38:39.
32a NKM Mirairo
yaMwari.

b NKM Kusvibisa.
33a Mabasa 10:9–35, 44–45.
b Aruma 26:37.
c VaR. 2:11; 1 Ni. 17:35.
27 1a NKM Mazuva

Ekupedzisira.
2a Isa. 24:6; 66:15–16;
Jak. 6:3; 3 Ni. 25:1.
3a Isa. 29:7–8.
b 1 Ni. 22:14.

4 Nokuti tarisai, imi mose mu-noita zvakaipa, imbomirai muone, nokuti muchachema, mugochema; hongu, mucharadza pasina kunwa waini, muchadzedzereka asi musina kunwa zvinodhaka.

5 Nokuti tarisai, Ishe vakudururirai mweya wehope dzakadzama. Nokuti tarisai, makatsinzinya maziso enyu, uye mukaramba vaporofita; uye vatongi venyu, nevaoni makavafukidza nenzira yezvitema zvenyu.

6 Uye zvichaitika kuti Ishe Mwari achaunza ^akwamuri mazwi ^bebhuku, uye achave mazwi evavo vakotsira zvekufa.

7 Uye tarisai bhuku richange ^arakanamwa; uye mubhuku umu munenge muine ^bzvakarurwa kubva kunaMwari, kubvira mukutanga kwepasi kusvika ^cmukuguma.

8 Nokudaro, nekuda kwezvinhu ^azvakanamwa, zvinhu zvakanamwa izvi ^bhazvizoburitswa vanhu vachiri muzvitema neruvengo rwavo. Nokudaro bhuku iri havazoriona.

9 Asi bhuku iri richapiwa ^akumurume, uye achataura mazwi ebhuku iri, ari mazwi evavo vakarara muguruva, uye achataura mazvi aya kune ^bmumwe;

10 Asi mazwi akanamwa

haataure, kana bhuku racho haariburitse. Nokuti bhuku iri rinenge rakanamwa nesimba raMwari, nechakazarurwa chakanamwa chichachengetwa chiri mubhuku kudakara nguva yasvika yaIshe, kuti zvigouya, nokuti tarisai, zvinoisa pachena zvole zvinhu kubvira kutanga kwenyika kudakara kupera kwayo.

11 Uye zuva richasvika rekuti mazwi ebhuku akanamwa achaverengwa vanhu vari pamusoro pedzimba; uye achaverengwa nesimba raKristu; uye zvole zvinhu ^azvichazururirwa vana vevanhu zvinhu zvagara zviripo pakati pevana vevanhu, uye zvinoramba zviripo kudakara kuguma kwenyika.

12 Nokudaro, musi iwoyo bhuku rave kupiwa kumurume uye andambotaura, bhuku richavigwa kuti maziso enyika asarione, kuti pashaye ane ziso ringarione asi kuti richaonekwa nemaziso ^aevapupuri ^bvatatu, nesimba raMwari, kunze kwe-mumwechete iyeyo achapiwa bhuku; uye vachapupura chokwadi chebhuku iri nezviri mariri.

13 Uye hakuna vamwe vanozoriona, kunze kwevashoma maererano nokuda kwaMwari, kuti vagopupura shoko rake kuvana vevanhu; nokuti Ishe

6a Jar. 1:2;

Morm. 5:12–13.

b 2 Ni. 26:16–17; 29:12.

НКМ Bhuku
raMormoni.

7a Isa. 29:11–12;

Eta 3:25–27; 4:4–7.

b Mosaya 8:19.

c Eta 13:1–12.

8a Eta 5:1.

b 3 Ni. 26:9–12;

Eta 4:5–6.

9a D&Z 17:5–6.

b Nh—JS 1:64–65.

11a Ruka 12:3;

Morm. 5:8;

D&Z 121:26–31.

12a Deut. 19:15.

b 2 Ni. 11:3;

Eta 5:2–4;

D&Z 5:11, 15; 17:1.

Mwari vakati mazwi evanotenda achataura “seanobva kune vakafa.

14 Nokudaro, Ishe Mwari vacharamba vachiunza mazwi ebhuku; uye vachaisa shoko iri kvanhu vakawanda vapupuri sekuona kwavanoita kuti zvakafanira; uye nhamo kune uyo “acharamba shoko raMwari!

15 Asi tarisai, zvichaitika kuti Ishe Mwari vachati kune uyo wavachapa bhuku: Tora mazwi aya asina kunamwa woapawo kune mumwe, kuti agoaratidza kune vakadzidza, achiti; “Verengai izvi, ndapota. Vakadzidza vachati: Uya naro bhuku, uye ndiri verenge.

16 Uye zvino, nenzira yekuda mbiri munyika nekuwana “pfuma vanodaro, kwete kuti vanenge vachiitira Mwari.

17 Uye munhu ahati: Handikwanise kuuya nebhuku, nokuti rakanamwa.

18 Zvino vakadzidza vachati: Handikwanise kuriverenga.

19 Nokudaro, zvichaitika, kuti Ishe Mwari vachapa zvakare bhuku nemashoko kune uyo asina kudzidza; uye murume asina kudzidza ahati: Ini handina kudzidza.

20 Zvino Ishe Mwari vachati kwaari: Akadzidza haadi kua-verenga, nokuti akaaramba, uye ndinokwanisa kuita basa rangu

ndega; nokudaro uchaverenga mashoko andichakupa.

21 “Usabate zvinhu zvakana-mwa, nokuti ndichazviunza nguva yangu yakwana; nokuti ndicharatidza vana vevanhu kuti ndinogona kuzviitira basa rangu.

22 Nokudaro, kana maverenga mazwi andinenge ndakuraira, uye mawana “vapupuri vanda-kakuvimbisai, ndipo pamuchanama bhuku zvakare, moriviga kwandiri, kuti ndigochengetedza mazwi amusati maverenga, kudakara ndati ndaona ini mukuziva kwangu kuti zvafanira kuti zvose zvichienda pachena kuti vana vevanhu vachizviziva.

23 Nokuti tarisai, ndini Mwari; uye ndiri Mwari “wezvishamiso; uye ndicharatidza nyika kuti ndini ^bmumwechete yowanezuro, nhasi, nokusingaperi; uye handishande pakati pevana vevanhu kunze ‘kwekunge vaine rutendo.

24 Uye zvakare zvichaitika kuti Ishe vachati kwaari uyo vachaverenga mashoko ayo achapiwa kwaari:

25 “Kana ivo vanhu vachitaura chete nemiromo yavo kuti vari pedyo neni, uye ^bvachindikudza nemiromo yavo chete, asi mwoyo yavo iri kure neni, uye kunditya kwavo vakakudzidziswa ‘nepfungwa dzevanhu—

26 Naizvozo, ndichaita basa

13a 2 Ni. 3:19–20; 33:13–15; Moro. 10:27.

14a 2 Ni. 28:29–30; Eta 4:8.

15a Isa. 29:11–12; Nh—JS 1:65.

16a NKM Unyengeri hwehupirisita.

21a Eta 5:1.

22a NKM Vapupuri veBhuku raMormoni.

23a NKM Chishamiso.

b VaH. 13:8.

c VaH. 11; Eta 12:7–22.

25a Isa. 29:13.

b Mat. 15:8.

c 2 Ni. 28:31.

“rakanakisisa muvanhu ava, hongu, basa ^brakanakisisa nemunana, nokuti uchenjeri hwevakachenjera vavo nevakadzidza zvichafa, nekunzwisisa kwevangwari vavo kuchashaika.

27 Uye “nhamo kune avo vanotsvaka zvakadzama kuviga mazano avo kuna Ishe! Uye mabasa avo ndeerima; uye vanoti: Ko anotiona ndiani, uye anotiziva ndiani? Uye vagotiwo: Zvirokwazvo, kupindura kwenyu zvinhu muchisunamisa nokupidigura kuchatorwa sekukosha kwerondo ^bremuumbi wehari. Asi tarisai, ndichavaratidza, Ishe veHondo vanotaura, kuti ndinoziva mabasa avo ose. Nokuti basa richati kumushandi, haana kundiita here? Uye kana zvivezwa zvingati here kune uyo azviveza, haana chaanoziva?

28 Asi tarisai, vanotaura Ishe veHondo: Ndicharatidza vana vevanhu chinguva chidiki-diki chete Rebanoni ichaitwa munda une kudya kuzhinji; uye iwo munda une kudya kuzhinji uchatorwa sesango.

29 “Uye musi iwoyo matsi dzichanzwa mashoko emubhuku, uye maziso emapofu achaona pasingaonekwe nemurima.

30 Uye avo “vakapfava naivo-wo vachawanda, uye ^brufaro rwavo rwuchava munalshe, uye varombo pakati pevanhu vachafara mune Mutsvene waIsraeri.

31 Nokuti sezvo Ishe vari mupenyu vachaona kuti “akai-pa anyadziswa, uye uyo anotuka amedzwa, uye avo vose vanogarira zvisinakururama vauraiwa;

32 Uye avo vanoita munhu “mutadzi nekuda kwezwi, nevanoteya munhu ^bmusuo rake, uye ^cvachisiya zvakana vachitora zvakaipa.

33 Naizvozvo, ndiko kutaura kwalshe, vakanunura Abrahamama, maererano namba yaJakobo: Jakobo haachanyara zvino, nekumeso kwake hakuratidze kunyadziswa.

34 Asi “paanoona vana vake, basa remaoko angu, vari pakati pake, vachaita kuti zita rangurive dzvene, uye vagoita kuti Mutsvene waJakobo ave mutsvene, uye vachatya Mwari waIsraeri.

35 Avowo “vakakanganisa mumweya vachanzwisisa, uye avo vaitsutsumwa ^bvachadzidza shoko.

CHITSAUKO 28

Chechi zhinji dzemanyepo dzichavakwa mumazuwa ekupedzisira —Dzichadzidzisa, manyepo, nezvisina maturo, nezvakapusa mukudzidzisa kwadzo —Kurasika pachitendero kuchawanda nenzi-ra yevadzidzisi vemanyepo—

26a 1 Ni. 22:8;
2 Ni. 29:1–2.
NKM Kudzorera
pakare kweVhangeri.
b Isa. 29:14;
2 Ni. 25:17.

27a Isa. 29:15.
b Jer. 18:6.
29a Isa. 29:18.
30a NKM Akapfava.
b D&Z 101:36.
31a Isa. 29:20.

32a Ruka 11:54.
b Amosi 5:10.
c 2 Ni. 28:16.
34a Isa. 29:23–24.
35a 2 Ni. 28:14; D&Z 33:4.
b Dan. 12:4.

Dhiabhorosi achagara mumwoyo yevanhu—Achadzidzisa nhema dzakasiyana-siyana. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino tarisai, hama dzangu, ndataura kwamuri, maererano nokutunhwa kwandange ndichiitwa neMweya; nokudaro, ndinoziva kuti chokwadi zvose izvi zvakafanira kuitika.

2 Uye zvinhu zvichanyorwa kubva ^amubhuku zvichave ^bzvakanakosha kwazvo kuvana vevanhu, uye kunyanya kumbeu yedu, inove ndiyo yakasara kumba yaIsraeri.

3 Nokuti zvichaitika kuti nomusi iwoyo ^achechi dzichavakwa, dzisina kuvakirwa Ishe, apo imwe ichataura kune imwe ichiti: Tarisai, ini, ndini yaIshe; uye imwe yoti: Ini, ndini yaIshe; ndizvo zvichaita vose vakazvivakira chechi ivo pachavo, vasingavakire Ishe—

4 Uye vachanetsana pachavo; uye kana vafundisi vavo vachanetsana, uye vachadzidzisa neruzivo ^arwedzidzo dzavo, uye vagoramba Mweya Mutsvene, uyo unoita kuti vanhu vagone kutaure.

5 Uye ^avanoramba ^bsimba raMwari, Mutsvene waIsraeri; uye voti kuvanhu: Teererai kwatiri, uye munzwe kuraira

kwedu; nokuti tarisai ^ahakuna Mwari nhasi; nokuti Ishe ne-Mununuri vaita basa ravo, uye vakapa simba rake kuvanhu.

6 Tarisai, teererai imi kuraira kwangu; kana vakati pane chishamiso chaitwa neruoko rwa-Ishe, musazvitende; nokuti zuva ranhasi havasi Mwari ^avezvishamiso; vakaita basa rake.

7 Hongu, uye kuchaita vazhinji vachati: ^aIdyai, munwe, uye mufare, nokuti mangwana tinofa; uye zvinozotinakira.

8 Uye kuchave nevazhinjiwo vachati: Idyai, munwe, uye mufare; zvisinei, ityai Mwari—anozoti ^ahamuna-mhosva mukuita kachitema kadiki; hongu, ^bnyepai zvisihoma, ngwarira mumwe nenzira yemazwi ake, teyai muvakidzani wenyu nekumucherera ^agomba; hakuna chakaipa mazviri; uye muite zvose izvi, nokuti mangwana tinofa; uye kana zviri zvekuti tine mhosva, Mwari achatiranga neshamhu shoma, uye pekupe-dzisira tichaponeswa muumambo hwaMwari.

9 Hongu, uye kuchange kune vazhinji vachadzidzisa netsika iyi, ^adzidziso dzenhema dzisipo ^bnedzeurema, uye vachazvikudza mumwoyo yavo, uye vachatsvaka kuvanza mazano avo zvakadzama kuna Ishe; uye mabasa avo achave murima.

28 2a NKM Bhuku raMormoni.

b 1 Ni. 13:34–42; 22:9;
3 Ni. 21:6.

3a I VaKori. 1:10–13;
1 Ni. 22:23;
4 Ni. 1:25–29;

Morm. 8:28, 32–38.

4a 2 Ni. 9:28.
5a 2 Ni. 26:20.
b II Tim. 3:5.

c Aruma 30:28.
6a Morm. 8:26; 9:15–26.
7a I VaKori. 15:32;

Aruma 30:17–18.

8a Morm. 8:31.
b D&Z 10:25; Mos. 4:4.
NKM Kunyepa.

c Zir. 26:27; 1 Ni. 14:3.
9a Mat. 15:9.
b Ezk. 13:3; Hir. 13:29.

10 Uye “ropa ravatendi richa-
vachemera richibva pasi.

11 Hongu, vose vabuda
“munzira, vave vanhu ^bvakaipa.

12 Nenzira “yekuzvida, nenzira
yevadzidzisi venhema, nedzi-
dziso dzenhema, chechi dzavo
dzaipa, uye chechi dzavo dzi-
nozvikudza; nenzira yerudado
vanozvitutumadza.

13 “Vanobira ^bvarombo noku-
da kwenzvimbo dzavo dzaka-
naka; vanobira varombo nenzira
yekunaka kwezvipfeko zvavo;
uye vanotambudza vakapfava
nevarombo mumwoyo, nokuti
“mukudada kwavo vanozvitu-
tumadza.

14 “Vanoomesa mitsipa ne-
misoro ine kuzvida; hongu,
nenzira yekudada, nekuipa,
neruvengo, neupfambi, vose
^bvatsauka kunze kwevashoma-
shoma, avo vakazvirereka va-
teveri vaKristu; zvisinei, vano-
tungamirwa, zvekuti nguva
zhinji vanokanganisa nenzira
yekuti vanodzidziswa maere-
rano nepfungwa dzevanhu.

15 Imi “vachenjeri, nevakadzi-
dza, nevapfumi, vanozvitutu-
madza ^bmukudada kwemwoyo
yavo, neavo vose vanoparidza
manyepo, neavo vose vanoita
ufeve, uye vachikanganisa nzira
yakanaka yalshe, “nhamo, nha-
mo nedambudziko kwavari,
ndiko kutaura kwaIshe Mwari

Samasimba, nokuti vachaka-
ndwa mugehena!

16 Nhamo kune avo “vanosiya
zvakanaka vachida zvakaipa
uye vachituka izvo zvakanaka,
vachiti chinhu chisina maturo!
Nokuti zuva richasvika rokuti
Ishe Mwari vachashanyira va-
nhu venyika nokukurumidza;
uye muzuva iroro vakomba
^bzvizere muzvitema vachafa.

17 Asi tarisai, kana vanhu
vemunyika vakatendeuka mu-
zvitema zvavo neruvengo rwa-
vo havazoparadzwa, ndiko
kutura kunoita Ishe veHondo.

18 Asi tarisai, chechi iya huru
inonyangadza, “pfambi yepasi
pose rakafanirwa, ^bkuwira pasi,
uye kuwa kwaro kuchave kuku-
ru chaizvo.

19 Nokuti umambo hwadhia-
bhorosi hwakafanira “kuzunzwa,
uye avo vari mahuri vakafanira
kumutswa kuti vatendeuke,
nokuti vakasamuka ^bdhiabhoro-
rosi achavasunga “nengetani
dzisingaperi, uye zvoita kuti
vamuke nehasha, vobva vafa.

20 Nokuti tarisai, nezuva iroro
achange “ari mumwoyo yevana
vevanhu, uye agovaita kuti va-
shatirirwe chakanaka.

21 Vamwe “achavanyaradza,
uye ovanyengedza kuti vafunge
kuti vakasimba mune zvenyama,
zvekuti vobva vati: zvose zva-
kanaka muZioni; hongu, Zioni

10a Zvaka. 6:9–11;
2 Ni. 26:3; Morm. 8:27;
Eta 8:22–24; D&Z 87:7.

11a Hir. 6:31.
b Morm. 8:28–41;
D&Z 33:4.

12a Zir. 28:25.

13a Ezk. 34:8.

b Hir. 4:12.

c Aruma 5:53.

14a Zir. 21:4.

b Isa. 53:6.

15a Zir. 3:5–7.

b NKM Kudada.

c 3 Ni. 29:5.

16a Isa. 29:21.

b Eta 2:9–10.

18a Zvaka. 19:2.

b 1 Ni. 14:3, 17.

19a 1 Ni. 22:23.

b Aruma 34:35.

c Aruma 12:11.

20a D&Z 10:20–27.

21a Morm. 8:31.

irikubudirira, zvose zvakanaka—uye ndiko kunyenge-dzwa kwavanoitwa mumweya ^bnadhiaborosi, ovatungamira zvakanakawo kugehena.

22 Uye tarisai, vamwe anovabata kumeso, ovaudza kuti hakuna “gehena; uye oti kwavari: Handisi dhiaborosi, nokuti hakuna chinhu chakadaro—uye anoita kazeve-zeve munzeve dzavo, kudakara avasunga ^bnengetani dzake dzinotyisa, avasunga kudaro hakuna ruponeso.

23 Hongu, vanosungwa nerufu, negehena; uye rufu, negehena, uye dhiaborosi, nevose vakasungwa navo vakafanira kumira pamberi pechigaro chekutonga chaMwari, uye “vagotongwa maererano nemabasa avo, vobva ipapo vanofanira kuenda kunzvimbo yavakagadzirirwa, kana suriferi yemoto ^bnedziva rinova kurwodziwa kusina magumo.

24 Naizvozvo, nhamo kune uyo ari muZioni asina hanyin’ a!

25 Nhamo kune anotaura kuti: zvose zvakanaka!

26 Hongu, nhamo kune uyo “anoteerera kuraira kwevanhu, zve achiramba simba raMwari, nechipo cheMweya Mutsvene.

27 Hongu, nhamo kune uyo anoti: Takagashira, uye hakuna chimwe “chatichada zvakare!

28 Uye muchidimbu, nhamo kwavari vose vanodedera, uye “vakashatirwa pamusana pechokwadi chaMwari! Nokuti tarisai, uyo akavakira ^bpado-mbo anozvitambira nokufara; uye uyo akavakira mujecha anotyoka nokuti zvingangokoromoka.

29 Nhamo kune uyo anoti: Takagashira shoko raMwari, uye “hatichada zve shoko raMwari, nokuti ratinaro rakakwana!

30 Nokuti tarisai, ndiko kutaura kunoita Ishe Mwari: Ndi-chapa kuvana vevanhu mutsara pamusoro pemutsara, murairo pamusoro “pemurairo, pano zvishoma, apo zvishoma; uye vakakomborerwa ivavo vanoteerera kumirairo yangu, uye vachipa nzeve mukuraira kwangu, nokuti vachadzidza ^buchenjeri; nokuti kune uyo “anogashira ndichapa ^azvakanakawanda; kune avo vanoti, Isu tine zvakanakawanda, ivavo vachatorerwa kana zvavange vainazvo.

31 Akatukwa uyu anoisa “ruvimbo rwake kumunhu, kana kuita kuti munhu wenyama ave simba rake, kana kuteerera kumirairo yemunhu, kunze kwekunge mirairo yavo yapiwa nesimba reMweya Mutsvene.

32 “Nhamo kumaJentairi, vanodaro Ishe Mwari weHondo! Nokuti hazvinei kuti ndichatambanudzira ruoko rwangu

21b 2 Ni. 9:39.

22a NKM Gehena.

b Aruma 36:18.

23a NKM Jesu Kristu—
Mutongi; Kutonga,
Kwekupedzisira.

b 2 Ni. 9:16, 19, 26.

26a 2 Ni. 9:29.

27a Aruma 12:10–11.

28a 2 Ni. 9:40; 33:5.

NKM Hupanduki.

b Mat. 7:24–27.

NKM Ibwe.

29a 2 Ni. 27:14; 29:3–10;

Eta 4:8.

30a Isa. 28:9–13;

D&Z 98:12.

b NKM Ungwaru.

c Ruka 8:18.

d Aruma 12:10;

D&Z 50:24.

31a D&Z 1:19–20.

32a 1 Ni. 14:6.

kwavari zuva nezuva, vachandiramba; zvakadaro, ndichavanzwira tsitsi, vanodaro Ishe Mwari, kana vakatendeuka vakauya kwandiri; nokuti ^bruoko rwangu rwakatambanudza muswere wose, Ishe vanodaro Mwari veHondo.

CHITSAUKO 29

MaJentairi vazhinji vacharamba Bhuku raMormoni—Vachati, Hatidi rimwe Bhaibheri—Ishe vanotaura kumarudzi akawanda—Vachatonga nyika kubva mune mabhuku. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

Asi tarisai, vachange vakawanda—pazuva iroto randichaita basa ^arakanakisa pakati pavo, kuti ndirangarire ^bzvibvumirano zvandakaita kuvana vavahu; kuti ndiise ruoko rwangu zvakare ^ckechipiri kuti ndidzore vanhu vangu, vanove veimba yaIsraeri.

2 Uye zvakare, kuti ndirangarire zvimvimbiso zvandakaita kwauri Nifai, uye zvakare kuna baba vako, kuti ndichangarira mbeu yako; kuti ^amazwi embeu yako aende achibva mumuromo mangu achienda kumbeu yako; uye mazwi angu achasvika

^bachishita kumagumo enyika, kuti ave ^crupawo kuvanhu vangu, vanova vema yaIsraeri;

3 Uye nokuti mazwi angu achashita—MaJentairi akawanda achati: “Bhaibheri! Bhaibheri! Tine Bhaibheri, hakungave nerimwe Bhaibheri.

4 Asi Ishe Mwari vanoti: Mapenzi, vachava neBhaibheri; richabva ^akumaJuda, vanhu vangu vechibvumirano vakare. Ko vanotendei ^bmaJuda ^cneBhaibheri ravakagamuchira kubva kwavari? Hongu, anorevei maJentairi? Vanoyeuka here matambudziko, namabasa, nokurwadziwa kwamaJuda, nokusimba kwavo mukumirani, mukuunza ruponeso kumaJentairi?

5 Imi maJentairi, munorangarira here maJuda, vanhu vangu vechibvumirano vakare? Kwete; asi makavatuka, ^amukavavenga, uye mukasatsvaga kuvabatsira. Asi tarisai, ndichakudzorerai zvinhu zvose izvi pamisoro yenyu; nokuti Ini Ishe handina kukanganwa vanhu vangu.

6 Iwe benzi, uchatu: ^aBhaibheri! Tine Bhaibheri, zve hatide rimwe Bhaibheri. Mungadai makawana here Bhaibheri dai pasina maJuda?

7 Hamuzive here kuti marudzi akawanda ari munyika?

32b Jak. 5:47; 6:4.

29 1a 2 Ni. 27:26.

nkm Kudzorera pakare kweVhangeri.

b nkm Chibvumirano chaAbrahama.

c 2 Ni. 6:14; 21:11-12; 25:17.

nkm Israeri—

Kuunganidzwa kwa Israeri.

2a 2 Ni. 3:18-21.

b Isa. 5:26;

2 Ni. 15:26;

Moro. 10:28.

c 1 Ni. 21:22.

nkm Mureza.

3a 1 Ni. 13:23-25.

nkm Bhaibheri;

Bhuku raMormoni.

4a D&Z 3:16.

b nkm maJuda.

c nkm Juda—Rukuni rwaJuda.

5a 3 Ni. 29:8.

6a 1 Ni. 13:38.

Hamuzive here kuti Ini Ishe Mwari wenyu, “ndakasika vanhu vose, uye kuti ndinoyeuka avo vari ^bpazvitsuwa zvegungwa; nekuti ndinotonga kumusoro kudenga napasi panyika; uye ndinounza shoko rangu kuvana vavanhu, hongu, kana kunyika dzose dzapasi?”

8 Nokudaro munotsutsu-mwei, nokuti muchagamuchira mamwezve emashoko angu akawanda? Hamuzive here kuti “uchapupu hwemarudzi ^bmaviri hunopupura kwamuri kuti ndini Mwari, kuti ndinoyeuka rudzi rumwe nerumwe? Naisvovvo, ndinotaura mazwi mamwechete kurudzi rumwe nerumwe. Zvino kana ^cmarudzi maviri ofambidzana uchapupu hwemarudzi maviri aya huchapindirana.

9 Zve ndinoita izvi kuti ndiraidze vanhu kuti ndini “mumwecheteyo wazuro, nhasi, nokusingaperi; uye ndinotaura mazwi angu maererano nokuda kwomwoyo wangu. Uye nokuti ndataura ^bizwi rimwe musafunge kuti handikwanise kutaura rimwe; nokuti basa rangu harisati rapera; uye harizopera kudzamara kupera kwevanhu, kana kubvira nguva iyoyo kusvikira nokusingaperi.

10 Nokudaro, nokuti mune Bhaibheri hamufanirwe kufungidzira kuti rine “mazwi angu ose; kana kufunga kuti handingaite kuti zvimwe zvinyorwe.

11 Nokuti ndinoraira vanhu “vose, kumabvazuva nekumadokero, kumaodzanyemba, nekuchamhembe, nemuzvitsuwa zvegungwa, kuti ^bvachanyora mazwi andichataura kwavari; nokuti kubva ^ckumabhuku achanyorwa ^dndichatonga pasi rose, vanhu vose maererano namabasa avo, maererano nezvinenge zvakanyorwa.

12 Nokuti tarisai, ndichataura “kumaJuda vogozyinyora; uye ndichataurawo kumaNifai ^bvogozyinyora; ndichataurawo kuna mamwe marudzi eimba yaIsraeri, avo ndakatungamirira kubvamo, ivowo vogozyinyora; uye ndichataura kumarudzi ^cose dzapasi idzowo dzogozvinyora.

13 Uye zvichaitika kuti “maJuda achava namazwi amaNifai, uye maNifai achava namazwi amaJuda; maNifai namaJuda vachava namazwi amarudzi ^bakarasika aIsraeri; marudzi akarasika eIsraeri achava namazwi amaNifai namaJuda.

14 Uye zvichaitika kuti vanhu vangu, vanova ^aveimba ya-

7a NKM Sika.

^b 1 Ni. 22:4.

8a Mat. 18:16.

NKM Mupupuri.

^b Ezk. 37:15–20;

1 Ni. 13:38–41;

2 Ni. 3:12.

^c Hos. 1:11.

9a VaH. 13:8.

^b NKM Zvakazarurwa.

10a NKM Magwaro

matsvene—Magwaro

matsvene

akaporofitwa kuti achauya.

11a Aruma 29:8.

^b II Tim. 3:16.

^c NKM Bhuku

reUpenyu.

^d 2 Ni. 25:22; 33:11,

14–15.

NKM Kutonga,

Kwekapedzisira.

12a 1 Ni. 13:23–29.

^b 1 Ni. 13:38–42;

2 Ni. 26:17.

^c 2 Ni. 26:33.

13a Morm. 5:12–14.

^b NKM Israeri—

Marudzi gumi

akarasika aIsraeri.

14a Jer. 3:17–18.

Israeri, vachaungana kumusha munyika dzavo; neizwi rangu richabatanidzwa ^bpamwechete. Zve ndicharatidza avo vanorwa nezwi rangu nevanhu vangu, vanova ^cvemba yaIsraeri, kuti ndini Mwari, kuti ^dndakabvumirana naAbrahama kuti ndicharangarira ^embeu yake ^fnarinhi narinhi.

CHITSAUKO 30

MaJentairi vakapinduka vachavere-ngerwa kuvanhu vechibvumirano —MaRamani mazhinji nemaJuda vachatenda shoko uye vobva vave vanofadza kwazvo —Israeri ichadzorerwa pakare uye vakaipa vachiparadzwa. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino tarisai, hama dzangu dzinodiwa, ndinoda kutaura kwamuri; nokuti ini Nifai, handikubvumirei kuti mufunge kuti makarurama kupfuura zvichava maJentairi. Nokuti tarisai, kunze kwekunge muchichengeta mirairo yaMwari mose muchafawo; nenzira yemazwi akataurwa musafunge kuti maJentairi vanobva vaparadzwa zvachose.

2 Nokuti tarisai, ndinoti kwamuri maJentairi vose vachatendeuka vachanzi vanhu ^avchibvumirano chaIshe; uye

avo vose ^bmaJuda vasingatendeuke vacharaswa, nokuti Ishe havabvumirane nevvanhu ^cvasingatendeuke uye vagotenda muMwanakomana wavo, uyo anove Mutsvene weIsraeri.

3 Uye zvino, ndichaporofita zvimwe maererano nemaJuda maJentairi. Nokuti mushure mekuuya kwebhuku randambotaura, rigonyorwa kumaJentairi, uye rigonamwazve kuna Ishe, kuchave nevazhinji ^avachatenda kumazwi akanyorwa; uye ^bivo vachaatakura vachienda nawo kuvanhu vakasara vembeu yedu.

4 Uye ndizvo zvichaita kuti vakasara vembeu yedu vazive nezvedu, kuti takabva sei kuJerusarema, nokutiwo ivo chizvarwa chemaJuda.

5 Uye vhangeri raJesu Kristu richaparidzwa ^akwavari; noku-daro, ^bivo vachadzorerwa ruzivo rwemadzibaba avo, ^cnekuru-zivo rwajaJesu Kristu, rwakange rwuri kumadzibaba avo.

6 Uye zvino ndipo pavachazofara; nokuti vanenge voziva kuti maropafadzo kwavari abva muruoko rwaMwari; uye maranga erima ndipo paachatanga kubva mumaziso avo; zvizvarwa zvakawanda hazvipfuure mukati mavo, kunze kwokunge vari vakachena uye vari vanhu ^avanofadza.

14b Ezk. 37:16-17.

c 1 Ni. 22:8-9.

d Gen. 12:1-3;

1 Ni. 17:40;

3 Ni. 20:27; Abr. 2:9.

NKM Chibvumirano

chaAbrahama.

e D&Z 132:30.

f Gen. 17:7.

30 2a VaG. 3:26-29.

b Mat. 8:10-13.

NKM maJuda.

c NKM Rutendeuko.

3a 3 Ni. 16:6-7.

b 1 Ni. 22:8-9.

5a 3 Ni. 21:3-7, 24-26.

b D&Z 3:20.

c 1 Ni. 15:14;

2 Ni. 3:12;

Morm. 7:1, 9-10.

6a D&Z 49:24; 109:65.

7 Uye zvichaitika kuti “maJuda ayo akapararira nyenika yose naivowo ^bvachatanga kutenda munaKristu; uye vachatanga kuungana pasi pose; uye avo vachatenda munaKristu naivowo vachave vanhu vanofadza.

8 Uye zvichaitika kuti Ishe Mwari vachatanga basa ravo mukati menyika dzose, marudzi, ndimi, navanhu, kuti vaunze kudzororwa pakare kwevanhu vavo pamusoro penyika.

9 Uye Ishe Mwari “vachatonga varombo ^bnokururuma, neku-tsiura zvakafanira ‘vakapfava venyika. Uye vacharanga nyika nedanda remuromo wavo; nekufema kwemirono yavo vachauraya vakaipa.

10 Nokuti “nguva iri kusvika nokukurumidza iyo Ishe yavachakonzero ^bkupesana pakati pevanhu, uye vakaipa vovaparadza, uye ‘vachaponesa vanhu vavo, hongu, kunyange dai kuri kuti vakafanira ^akuparadza vakaipa nemoto.

11 Uye ^akururama ndiko kunaita bhanhire remuchiuno mavo, uye kuzara nerutendo kuve matomhu avo.

12 Uye ndipo ^apachagara chikara nehwayana; uye mbada icharara pamwechete nembudzana, nemhuru, nemwana weshumba, nemhuru yekukodza,

pamwechete; uye zvichatungamiriwa nekamwana kadiki.

13 Uye mhau yemombe nebere zvichadya; uye vana vazvo vacharara pamwechete; uye shumba ichadya uswa semombe.

14 Uye mwana ari pazamu achatambira pamwena wenyoka, uye mwana arumurwa achapinza ruoko rwake pamusuo weguru renyoka.

15 Hazvizokuvadza kana kuparadza mumakomo angu ose matsvene; nokuti pasi pose pachazara neruzivo rwaIshe sekuzara kwakaita mvura mugungwa.

16 Nokudaro, zvose zvinhu ^azveose marudzi zvichaitwa kuti zvizivikanwe, hongu, zvose zvinhu zvichaitwa kuti ^bzvizivikanwe nevana vevanhu.

17 Hakuna chakavandika ^achisingazoburitswa pachena; hakuna mabasa anoitwa murima asingazoburitswa muchiedza; uye hakuna chakanamwa pano pasi chisingazonamurwa.

18 Nokudaro, zvose zvinhu zvakaraidzwa vana vevanhu zvichaburitswa pachena musi iwoyo; uye Satani ^ahaazove nesimba mumwoyo yevana vevanhu, kwenguva huru. Uye zvino, hama dzangu dzinodiwa, ndinogumira pano mukutaura kwangu.

7a 2 Ni. 29:13-14.

b 2 Ni. 25:16-17.

9a 2 Ni. 9:15.

b Isa. 11:4-9.

c NKM Akapfava.

10a NKM Mazuva

Ekupedzisira.

b D&Z 63:53-54.

c Mos. 7:61.

d 1 Ni. 22:15-17, 23.

NKM Pasi—Kusukwa
kwapasi pano.

11a Isa. 11:5-9.

12a Isa. 65:25.

NKM Mereniamu.

16a D&Z 101:32-35;

121:28-29.

b Eta 4:6-7.

17a D&Z 1:2-3.

18a Zvaka. 20:1-3;

Eta 8:26.

CHITSAUKO 31

Nifai anotaura chikonzero chokubhabhatidzwa kwaKristu—Vanhu vanofanira kutevera Kristu, vobhabhatidzwa, vogamuchira Mweya Mutsvene; voshingirira kusvika kumagumo kuti vagoponeswa—Kutendeuka nokubhabhatidzwa ndiwo musuwo wenzira yakamanikana uye yakamanika—Upenyu hwokusingaperi hunouya kuna avo vanochengeta mirairo shure kwokubhabhatidzwa. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino ini Nifai, ndinogumisa “kuporofita kwangu kwamuri, hama dzangu dzinodiwa. Ndinonyora zvinhu zvisihoma, izvo ndine chokwadi kuti zvichaitika; handinganyori mazwi mashoma omunin’ina wangu Jakobho.

2 Nokudaro, zvinhu zvandakanyora zvinondigutsa; kunze kwemazwi mashomanana andinofanira kutaura pamusoro “pedzidziso dzaKristu; nokudaro ndichataura kwamuri zviri pachena maererano nokujeka kwokuporofita kwangu.

3 Nokuti mweya wangu unofarira kuisa zvinhu pachena; nokuti ndiko kushanda kunoita Ishe Mwari pakati pavana vavanhu. Nokuti Ishe Mwari vanopa “chiedza kune avo vanonzwisisa;

nokuti vanotaura kuvanhu ^bnorurimi rwavo, nomukunzwisisa kwavo.

4 Nokudaro, ndinoda kuti murangarire kuti ndakataura kwamuri maererano “nomuporofita uyo Ishe wavakandiraratidza, uyo aizobhabhatidza ^bGwayana raMwari, rinozobvvisa zvitadzo zvenyika.

5 Uye zvino, kana Gwayana raMwari, iye ari mutsvene, akafanirwa “kubhabhatidzwa nemvura, kuti utsvene hwose huzadzikiswe, ko zvino isu, tisiri vatsvене, tinofanirwa zvakadii kuti tibhabhatidzwe, hongu, kana nemvura!

6 Uye zvino, ndinokukumbirai, hama dzangu dzinodiwa, Gwayana raMwari rakazadzikisa sei utsvene hwose mukubhabhatidzwa nemvura?

7 Hamuzive here kuti akanga ari mutsvene? Asi kunyange zvakadaro iye ari mutsvene, akaratidza kuvana vavanhu kuti, panyama akazvininipisa pamberi paBaba, akapupura kuna Baba kuti “achazovateerera nokuchengeta mirairo yavo.

8 Naizvozvo, shure kwokunge abhabhatidzwa nemvura Mweya Mutsvene wakaburuka pamusoro pake “uchinge ^bnjiva.

9 Uye zvakare, zvinoratidza kuvana vavanhu kutwasanuka kwenzira, nokumanikidzika “kwesuo, ravanofanira kupinda

31 1a 2 Ni. 25:1-4.

2a 2 Ni. 11:6-7.

3a NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.

b D&Z 1:24.

4a 1 Ni. 10:7; 11:27.

NKM Johane

Mubapatidzi.

b NKM Gwayana
raMwari.

5a Mat. 3:11-17.

NKM Bhabhatidza.

7a Joh. 5:30.

NKM Anoteerera.

8a 1 Ni. 11:27.

b NKM Njiva,
Chiratidzo che.

9a 2 Ni. 9:41;

3 Ni. 14:13-14;

D&Z 22:4.

naro, iye akaratiidza muenzani-so kwavari.

10 Uye akati kuvana vavanhu: “Nditeverei. Naizvozvo, hama dzinodiwa, ^btingatevere here Jesu kana tisina chido chokuchengeta mirairo yaBaba?

11 Uye Baba vakati: Tendeukai, tendeukai, mugobhabhatidzwa muzita roMwanakomana wangu Wandinodisisa.

12 Uye zvakare, izwi roMwanakomana rakauya kwandiri, richiti: Uyo anobhabhatidzwa muzita rangu, kwaari Baba ^avachapa Mweya Mutsvene, sezvavakaita kwandiri; nokudaro, ^bnditeverei, mugoita mabasa amakandiona ndichiita.

13 Nokudaro, hama dzangu dzinodiwa, ndinoziva kuti mukatevera Mwanakomana, nomwoyo wose uzere, muchiita musinganyengedzi musingafambe munzira isina kururama pamberi paMwari, asi muine chinangwa chizere, muchitendeuka pazvivi zvenyu, muchipupura kuna Baba kuti mune chido chokutora zita raKristu, ^anokubhabhatidzwa—hongu, nokutevera Ishe venyu noMuponesi venyu mumvura, maererano neshoko ravo, tarisai, ndipo pamuchagamuchira Mweya Mutsvene; hongu, kwozouya ^brubhabhatidzo rwomoto nokwoMweya Mutsvene; mozotaura ^cnorurimi rwengi-

rozi, muchishevedzera kurumbidza kuMutsvene waIsraeri.

14 Asi, tarisai, hama dzangu dzinodiwa, kwakauya izwi roMwanakomana kwandiri, richiti: Shure kwokunge matendeuka pazvivi zvenyu, muchipupura kuna Baba kuti munoda kuchengeta mitemo yangu, nokubhabhatidzwa nemvura, nokugamuchira kubhabhatidzwa kwomoto noMweya Mutsvene, uye kuti mava kutaura norurimi rwutsva, hongu, rurimi rwengirozi, shure kwezvo ^amozondiramba, zvingadai ^bzviri-nani kuti dai musina kunge makandiziva.

15 Uye ndakanzwa izwi kubva kuna Baba richiti: Mazwi anobva kune Andinodisisa mashoko echokwadi anotendeka. Uyo achashingirira kusvika kumagumo achaponeswa.

16 Uye zvino, hama dzangu dzinodiwa, ndinoziva kuti munhu ^aakasashingirira kusvika kumagumo, mukatevera ^bmu-yenzaniso woMwanakomana waMwari mupenyu, haangaponeswe.

17 Nokudaro, itai zvinhu zvandakakutaurirai, ndazviona kuti Ishe Venyu Mununuri vanofanira kuita; nokuti, nokuda kweizvi zvakaratidzwa kwandiri, kuti muzoziva musuwo wamunofanira kupinda nawo. Nokuti musuo wamunopinda

10a Mat. 4:19; 8:22; 9:9.

^b Moro. 7:11; D&Z 56:2.

12a NKM ChipochiMweya Mutsvene.

^b Ruka 9:57–62;

Joh. 12:26.

13a VaG. 3:26–27.

^b NKM ChipochiMweya Mutsvene; Moto.

^c 2 Ni. 32:2–3.

14a Mat. 10:32–33;

Aruma 24:30;

D&Z 101:1–5.

NKM Chitadzo

Chisingaregererwe.

^b II Pet. 2:21.

16a Aruma 5:13; 38:2;

D&Z 20:29.

^b NKM Jesu Kristu—Muyenzaniso waJesu Kristu.

nawo kutendeuka “nokubhabhatidzwa nemvura; kwozouya ^bkuregererwa kwezvivi zvenyu nomoto noMweya Mutsvene.

18 Uye ipapo munenge mave “munzira iyoyi ^byakamanikana uye yakamanika iyo inotungamirira kuopenyu hwokusingaperi; hongu, mapinda napamusuo; maita maererano nemirairo yaBaba noMwanakomana; magamuchira Mweya Mutsvene, uyo ^cunopupura pamusoro paBaba neMwanakomana, mukuzadzikisa chivimbiso icho akaita, kuti mukapinda nenzira iyoyo munowana.

19 Uye zvino, hama dzangu dzinodiwa, shure kwokunge mapinda munzira iyi yakamanikana uye yakamanika, ndinobvunza kuti zvose “zvaitwa here? Tarisai, ndinoti kwamuri, Kwete; hamusati masvika kunze kwokunge muri mushoko raKristu ^bnokutenda kwaari kusingazunguzike, ^cmuchirarama zvizere maari anesimba rekuponesa.

20 Nokudaro, munofanira “kuenda mberi makabatisisa panaKristu, mune ^btariro yakakwana yakachena, ^cnorudo rwaMwari navanhu vose. Nokudaro, mukaramba muchienda mberi, muchidya mushoko

raKristu, ^dmakashingirira kusvika kumagumo, tarisai, naizvovzo ndizvo zvinotaura Baba: Muchava noupenyu hwokusingaperi.

21 Uye zvino, tarisai, hama dzangu dzinodiwa, iyi ndiyo “nzira; zve ^bhapana imwe nzira kana ^czita rakapiwa pasi pedenga iro munhu angaponeswana ro muumambo hwaMwari. Uye zvino, tarisai, iyi ndiyo ^ddzidziso yaKristu, dzidziso imwechete yechokwadi ^eyaBaba, neyoMwanakomana, neyoMweya Mutsvene, anova Mwari ^fmumwechete vasingagume. Amen.

CHITSAUKO 32

Ngirozi dzinotaura nesimba roMweya Mutsvene— Vanhu vano fanirwa kunamata vawane ruzivo pachavo kubva kuMweya Mutsvene. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino tarisai, hama dzangu dzinodiwa, ndinofunga kuti mu noedza kufungisisa mumwoyo yenyu maererano nezvamunofanira kuita kana muchinge mapinda munzira iyi. Asi tarisai, munofungisisirei zvinhu izvi mumwoyo yenyu?

17a Mosaya 18:10.
NKM Bhabhatidza.
^b NKM Kuregererwa kweZvitadzo.

18a Zir. 4:18.
NKM Nzira.
^b 1 Ni. 8:20.
^c Mabasa 5:29–32.

19a Mosaya 4:10.
^b NKM Rutendo.

^c D&Z 3:20.
20a NKM Famba, FambanaMwari.

^b NKM Tariro.
^c NKM Rudo.
^d NKM Tsungirira.
21a Mabasa 4:10–12;
2 Ni. 9:41;
Aruma 37:46;
D&Z 132:22, 25.

^b Mosaya 3:17.
^c NKM Jesu Kristu—Kutora Zita raJesu Kristu paTiri.
^d Mat. 7:28;
Joh. 7:16–17.
^e NKM Mwari, Musoro hwehuMwari.
^f 3 Ni. 11:27, 35–36.
NKM Kubatana.

2 Ko hamucharangarira here kuti ndakati shure kwokunge "magamuchira Mweya Mutsvene munozotaura ^bnorurimi rwengirozi? Ko zvino mungataure sei nomutauro wengirozi kunze kwokunge Mweya Mutsvene uri mamuri?

3 "Ngirozi dzinotaura nesimba roMweya Mutsvene; nokudaro, dzinotaura mazwi aKristu. Nokudaro, ndakati kwamuri, ^bidyai pamazwi aKristu; nokuti tarisai, mazwi aKristu anokuudzai zvinhu zvose zvamunofanira kuita.

4 Nokudaro, shure kwokunge ndataura mazwi aya, kana musingaanzwisise zvinenga zvichikonzerwa nekuti mune nge "musingabvunzi, kana kugogodza; nokudaro, hamuna kuunzwa muchiedza, asi munofanira kufira murima.

5 Nokuti tarisai, zvakare ndinoti kwaure kana muchinge mapinda nenzira, mukagamuchira Mweya Mutsvene, uchakurati dzai zvinhu zvose zvamunofanira kuita.

6 Tarisai, iyi idzidziso yaKristu, hakuna imwe dzidziso ichapiwa kusvikira shure kwokunge "azviratidza kwamuri iye pachake panyama. Kana achinge azviratidza kwamuri panyama, zvinhu zvose zvaachakuudzai munofanira kuzviita.

7 Uye zvino ini Nifai, handingataure zvakanwanda; Mweya

unomisa kutaura kwangu, ndasiiwa ndichichema nokuda "kwokusatenda, nekuipa, nekusaziva, nokuomesa mutsipa kwavanhu; nokuti havatsvaki ruzivo, kana kunzwisisa ruzivo rwukuru, kana rwuchipiwa kwavari ^bzviri-pachena soku vapachena kungaite izwi.

8 Uye zvino vadikani, ndiri kuona kuti muchiri kufungisisa mukati memwoyo yenyu; zvinondirwadza kutaura pamusana pechinhu ichi. Nokuti mukaterera kuMweya uyo unodzidzisa munhu kunamata, munoziva kuti munofanira "kunamata; nokuti mweya ^bwakaipa haudzidzise munhu kunamata, asi unomudzidzisa kuti asanamate.

9 Asi tarisai, ndinoti kwamuri munofanira "kunamata nguva dzose, musinganete; kuti musaite kana chimwe chinhu kuna Ishe kunze kwokutanga manamata kuna Baba ^bmuzita raKristu, kuti akuropafadze nekuita kwako, kuti kuita kwako kugova "kwemagariro akanaka emweya wako.

CHITSAUKO 33

Mazwi aNifai ndeechokwadi— Anopupura pamusana paKristu— Avo vanotenda munaKristu vanotenda mazwi aNifai, ayo achamira seuchapupu pamberi penzvimbo yekutongerwa. Zvingangove makore

32 *a* 3 Ni. 9:20.
b 2 Ni. 31:13.
 3a NKM Ngirozi.
b Jer. 15:16.
 4a NKM Kumbira.

6a 3 Ni. 11:8.
 7a NKM Kusadaira.
b 2 Ni. 31:2-3;
 Jak. 4:13.
 8a NKM Munamato.

b Mosaya 4:14.
 NKM Dhiabhorosi.
 9a 3 Ni. 20:1; D&Z 75:11.
b Mos. 5:8.
c Aruma 34:27.

559 *kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.*

UYE zvinu ini Nifai, handinga-kwanisi kunyora zvinhu zvose zvakadzidziswa vanhu vangu; zve handizi ^amukuru pakunyora, sepakutaura; nokuti kana munhu ^bachitaura nesimba roMweya Mutsvene simba roMweya Mutsvene rinotakura mazwi iwayo kumwoyo yavana vavanhu.

2 Asi tarisai, kune vakawanda ^avakaomesa mwoyo yavo kuMweya Mutsvene, zvekuti hauna nzvimbo mavari; naizvozvo, vanorasira kunze zvinhu zvizhinji zvakanyorwa vachizviita sezvinhu zvisina maturo.

3 Asi ini Nifai, ndakanyora zvandakanyora, ndinozviti zvinhu ^azvinokosha, kunyanya kuvanhu vangu. Nokuti ^bndinovanamatira nguva dzose, maziso angu anototesa mutsago wangu usiku, nokuda kwavo; ndinochema kuna Mwari vangu mukutenda, uye ndinoziva kuti vachanzwa kuchema kwangu.

4 Uye ndinoziva kuti Ishe Mwari vanoropafadza minamoto yangu inoponesa vanhu vangu. Namazwi andakanyora ndisina kusimba ^aachasimbiswa kwavari; nokuti ^banovatunhidza kuti vaite zvakanaka; anoita

kuti vazive zvemadzibaba avo; anotaura pamusana paJesu, achivatunhidza kuti vate-nde maari, nokuti vashingi-rire kusvikira kumagumo, unova ndiwo upenyu ^ahwokusingaperi.

5 Uye unotaura ^anehasha kuchivi, maererano nechokwadi chiri ^bpachena; nokudaro, hapana munhu achashatirwa nemazwi andakanyora, kunze kwokunge ari wemweya wadhi-abhorosi.

6 Ndinofara kuisa zvinhu pachena, ndinofara nechokwadi; ndinofara munaJesu wangu, nokuti ^aakadzikinura mweya wangu kubva mugehena.

7 Ndine ^arudo rwakadzama kuvanhu vangu, nokutenda kukuru munaKristu kuti ndichasangana nemweya yakawanda isina tsvina pachigaro chake chokutonga.

8 Ndine rudo rwakadzama ^akumaJuda—ndinoti maJuda, nokuti ndinoreva vekwanda-kabva.

9 Uye ndine rudo rwakadzama ^anamaJentairi. Asi tarisai, hapana wandinotarisa kunze kwokuti ^bvatendeukire kuna Kristu, nokupinda napasuo ^cra-kamanika, ^dnokufamba panzira ^eyakamanikana nhete inotungamirira kuupenyu, voramba vari

33 1a Eta 12:23-24.

b D&Z 100:7-8.

2a Hir. 6:35-36.

3a NKM Magwaro matsvene—Kukosha kwemagwaro matsvene.

b Eno. 1:9-12;

Mazwi 1:8.

4a Eta 12:26-27.

b Moro. 7:13.

c NKM Upenyu Hwokusingaperi.

5a 1 Ni. 16:1-3;

2 Ni. 9:40.

b 2 Ni. 31:3; Jak. 4:13.

6a NKM Akanunura.

7a NKM Rudo

Rwakadzama.

8a NKM maJuda.

9a NKM Majentairi.

b NKM Dzikinura.

c 2 Ni. 9:41.

d NKM Famba, Famba naMwari.

e Hir. 3:29-30;

D&Z 132:22.

munzira kusvikira kumagumo ezuva rokuedzwa.

10 Uye zvino, hama dzangu dzinodiwa, uye namaJuda, namativi ose enyika, teererai mazwi aya “mugotenda munaKristu; kana musingatendi mazwi aya tendai munaKristu. Mukatenda munaKristu muchatenda ^bkumazwi aya, nokuti “mazwi aKristu, uye akaapa kwandiri; uye ^aanodzidzisa munhu wose kuti aitezvakanaka.

11 Uye kana asiri mazwi aKristu, tongai—nokuti Kristu achakuratidzai, “nesimba noku-bwinya kukuru, kuti mazwi ake, pazuva rokupedzisira; iwe neni tichamira chiso nechiso pamberi ^bpake; muchazoziva kuti ndakarairwa naye kuti ndinyore zvinhu izvi, zvisingatadziswe nekuneta kwangu.

12 Uye ndinonamata Baba muzita raKristu kuti vazhinji vedu,

kana kuti vose, vaponeswe “muumambo hwake pazuva iro guru rokupedzisira.

13 Uye zvino, hama dzangu dzinodiwa, avo vose veimba yaIsraeri, namativi ose enyika, ndinotaura kwamuri seizwi reuyo ari kuchema ari “muvhu: Sarai zvakanaka kusvikira zuva guru rasvika.

14 Uye newe usingapinde mukunaka kwaMwari, nokukudza “mazwi amaJuda, uye ^bnamazwi angu, namazwi achabuda mumuromo weGwayana raMwari, tarisai, ndinokuti usare zvakanaka zvisingaperi, nokuti mazwi iwaya “achakurasa pazuva rokupedzisira.

15 Nokuti zvandinobatanidza panyika, zvichaunzwa kwamuri “pakutongwa; nokuti ndizvo zvandarairwa naIshe, zve ndinofanira kuteerera. Amenii.

BHUKU RAJAKOBHO

MUNIN'INA WANIFAI

Mazwi ekuparidza kwake kuhama dzake. Anonyadzisa munhu Manotsvaka kupunza dzidziso yaKristu. Mazwi mashomashoma maererano nerungano rwevanhu vaNifai.

CHITSAUKO 1

Jakobho naJosefa vanoedza kunye-

ngetedza vanhu kuti vatende munaKristu, nekuti vachengetedze mirau yake—Nifai anofa—Huipi

10a NKM Daira.

^b NKM Bhuku raMormoni.

^c Moro. 10:27–29.

^d 2 Ni. 25:28.

11a Eta 5:4; Moro. 7:35.

^b Zvaka. 20:12;

Moro. 10:34.

12a NKM Kubwinya kweSeresitiyaro.

13a Isa. 29:4;

2 Ni. 26:16.

14a NKM Bhaibheri.

^b NKM Bhuku raMormoni.

^c 2 Ni. 29:11;

Eta 4:8–10.

15a Mazwi 1:11.

hunotonga mumaNifai. Zvingangove makore 544 kusvika ku421 Kristu asati azvarwa.

NOKUTI tarisai, zvakaikwa kuti kwakange kwapera makumi mashanu emakore ane makore mashanu kubvira panguva yakabva Rihai kuJerusarema; nokudaro, Nifai akapa ini “Jakobho, ^bmurairo maererano nemahwendefa ‘madiki, anove ndiwo akanyorwa zvinhu izvi.

2 Uye akandipa ini Jakobho, murau wekuti ndinyore pamahwendefa aya zvimwe zvinhu zvishoma zvandinofunga kuti zvakakoshosa; kuti handifanire kumbobata-bata, kunze kwezvishoma maererano nenhorondo yevanhu ava vanonzi vanhu vaNifai.

3 Nokuti akati nhorondo yevanhu vekwake yakafanira kunyorwa pane mamwe mahwendefa ake, nokuti ndakafanira kuchengetedza mahwendefa aya uye ndigoasiira kuvana vembeu yangu, chizvarwa nechizvarwa.

4 Uye kana painge paine mharidzo dzinoera, kana painge paine zvakarurwa zvikuru, kana kuporofita, kuti ndinyore “misoro yazvo pamahwendefa aya, nekutaura nezvavo zvaka-

fanira, kuitira zita raKristu, nekuitirawo vanhu vekwedu.

5 Nenzira yerutendo nokuraidza kuda kukuru, zvakaraidzwa chokwadi pachena kwatiri maererano nevanhu vekwedu, kuti zvinhui zvakanira “kuitika kwavari.

6 Uye takazarurirwa zvakananda, uye tikapiwa nemweya wekuporofita; nokudaro, takaziva “nezvaKristu neumambo hwake, uhwo hwaifanira kuuya.

7 Nokudaro takashanda nesimba pakati pevanhu vekwedu, tichiedza kuvanyengetedza kuti “vauye kuna Kristu, kuti vagoodya nhaka yekunaka kwaMwari, kuti vapinde ^bmuzororo ravo, nokuti dzimwe nguva mukutsamwa kwavo vangarambidze ‘kupinda, sezvakaitika “mukudenwa mumazuva ekuedzwa apo vana vaIsraeri vaive ‘murenje.

8 Nokudaro, tinoda Mwari kuti atipe masimba ekuti tikwanise kunyengetedza vanhu vose kuti “vasamukire Mwari, kuti ^bvasaite kuti vaite hashu, asi kuti dai vanhu vose vatenda muna Kristu, uye vagotarisa rufu rwake, vagobvuma ‘muchinjikwa wake nekutakura kunyara kwenyika; nokudaro,

[JAKOBHO]

1 1a NKM Jakobho,
Mwanakomana
waRihai.

b Jak. 7:27.

c 2 Ni. 5:28-33;

Jak. 3:13-14.

NKM Mahwendefa.

4a NEMAMWE MAZWI
zvikuru, zvinhu

zvinokosha.

5a 1 Ni. 12.

6a 1 Ni. 10:4-11; 19:8-14.

7a 2 Ni. 9:41;

Omu. 1:26;

Moro. 10:32.

b NKM Zororo.

c Num. 14:23;

Deut. 1:35-37;

D&Z 84:23-25.

d VaH. 3:8.

e Num. 26:65;

1 Ni. 17:23-31.

8a NKM Hupanduki.

b 1 Ni. 17:30;

Aruma 12:36-37;

Hir. 7:18.

c djs, Mat. 16:25-26;

Ruka 14:27.

ini Jakobho, ndinoita chivimbiso chekuzadzikisa mirairo yemukoma wangu Nifai.

9 Zvino Nifai akatangisa kukwegura, uye akaona kuti ave pedyo ^anekufa; nokudaro, ^bakazodza mumwe murume kuti ave mambo nemutongi wevanhu vekwake zvino, maererano nekutonga kwaiita ^cmadzimambo.

10 Nenzira yekudiwa kukuru kwaNifai nevanhu, iye akange ari mudziviriri wavo mukuru, uye akange akashandisa ^amuno ndo waRabhani achivarwira, uye ari akashanda mumazuva ake ose kuitira magariro avo akanaka—

11 Nokudaro, vanhu vaida kuti vagare vachirangarira zita rake. Uye wose akazotora nzvimbo yake mukutonga vanhu nenzira yekuda mambo wavo, ainzi Nifai wechipiri, kana Nifai wechitatu, zvichifamba zvakadaro, maererano nokutonga kwemadzishe; uye ndiko kudaidzwa kwavaiitwa nevanhu, regai vadaidzwe zita rose ravanoda.

12 Uye zvakaitika kuti Nifai akafa.

13 Zvino avo vanhu vakange vasiri ^amaRamani vaive ^bmaNifai; zvisinei, vaidaidzwa kuti maNifai, maJakobho, maJosefa,

^cmaZoramu, maRamani, maRemueri, nemaIshmaeri.

14 Asi ini Jakobho, handizovadaidza nemazita aya, asi ^andichavati maRamani avo vanotswaka kuparadza vanhu vekwaNifai, uye vanoda Nifai ^bndichavati maNifai, kana kuti ^cvanhu vaNifai, maererano nokutonga kwemadzimambo.

15 Uye zvino zvakaitika kuti vanhu vekwaNifai, vave pasi pamambo wechipiri, vakatanga kuomesa mwoyo yavo, uye ndokutanga kuzvida nokuita mabasa akaipa, uye sezvakaita Davidi wekare aida ^avakadzi vazhinji nevakadzi vemapoto, naSoromoni, mwana wake.

16 Hongu, uye vakatangisa kutsvaga goridhe rakawanda nesirivha, uye vakatanga kuzvitsa pamusoro nokuzvikudza.

17 Nokudaro, ini Jakobho, ndakavapa mazwi aya ndichivadzidzisa ^amutemberi, pandakatanga kutambira ^bbasa rangu kubva kuna naIshhe.

18 Nokuti, ini Jakobho, nemunin'ina wangu Josefa, takange tiri ^atakagadzwa hufundisi nehudzidzisi neruoko rwaNifai, kuti tidzidzise vanhu vake.

19 Uye takakudza ^amabasa edu kuna Ishhe, uye tichitakura ^bmutoro, tichitora mhosva dzevanhu pamisoro yedu kana

9a 2 Ni. 1:14.
 b NKM Zodza.
 c 2 Ni. 6:2; Jar. 1:7.
 10a 1 Ni. 4:9; 2 Ni. 5:14;
 Mazwi 1:13;
 Mosaya 1:16;
 D&Z 17:1.
 13a Eno. 1:13;
 D&Z 3:18.

b NKM MaNifai.
 c 1 Ni. 4:35;
 4 Ni. 1:36–37.
 14a Mosaya 25:12;
 Aruma 2:11.
 b 2 Ni. 4:11.
 c 2 Ni. 5:9.
 15a D&Z 132:38–39.
 17a 2 Ni. 5:16.

NKM Temberi, Imba yaIshhe.
 b NKM Akadaidzwa naMwari.
 18a 2 Ni. 5:26.
 19a NKM Chigaro, Munhu anechigaro.
 b D&Z 107:99–100.
 NKM Mutariri.

tisina kunge tavadzidzisa shoko raMwari nesimba redu rose; nokudaro, kana tikashanda zvine simba zvimwe ‘ropa ravo haringauye panhumbi dzedu; nokuti ropa ravo ringauye panhumbi dzedu, uye zvinoita kuti tisawanikwe tisina kana katsvina musi wekupedzisira.

CHITSAUKO 2

Jakobho anorambidza rudo rweupfumi, kuzvida, nekuszvibata— Vanhu vanokwanisa kutsvaka upfumi hunoyamura vamwe vavo— Jakobho anoshora tsika yebarika isina mvumo— Ishe anofarira kuzvibata kwevanhukadzi. Zvingangove makore 544 kusvika ku421 Kristu asati azvarwa.

MAZWI ayo Jakobho, munin’ina waNifai, aakataura kuvanhu vaNifai, mushure mekufa kwaNifai:

2 Zvino, hama dzangu dzinodiwa, ini Jakobho, maererano nebasa randiinaro kuna Mwari, kuti ndikudze basa rangu nekudzikama, nokutiwo ndibvise zvitadzo zvenyu munguwo dzangu, ndinouya mutemberi nhasi uno kuti ndikutaurirei shoko raMwari.

3 Uye imi pachenyu munoziva kuti kusvika iye zvino ndiri munhu anobata basa nesimba; asi ini muzuva ranhasi ndiri kuremerwa nekuda kwechido chikurusa uye neshungu pamusoro pemagariro akanaka

emweya yenyu, pane zvandatinambonzwa.

4 Nokuti tarisai, parizvino, muri vanhu vanga vachiri kuterera kushoko raIshe, riri iro shoko randakakupaiwo.

5 Asi tarisai, teereraikwandiri ini, uye mugoziwa kuti nekuyamurwa nesimba raiye Samasimba Musiki wedenga nepasinidinogona kukutaurirai zvamuri “kufunga, nekutanga kushanda kwamave kuita muchitadzo, chitadzo ichi chichiratidzika kuti chitadzo chinonyangadza samare kwandiri, hongu, nekunaMwari chinonyangadza.

6 Hongu, zvinondisuwisa mumweya uye zvichiita kuti ndizvipete nenyadzi kumira pamberi peMusiki Wangu, zvinoita kuti ndipupure kwamuri maererano nekuipa kwemwoyo yenyu.

7 Uye zvinondisuwisawo kuti ndishandise mazwi “akaoma kudai ndichitaura kwamuri, pamberi pemadzimai enyu nevana venyu, vazhinji vavo vasina chavanoziva uye ^bvakachena uye vatete panyama pamberi paMwari, chiri chinhu chinofadza Mwari;

8 Uye zvinoita kuti ndifunge kuti vauya kuno kuzonzwa “izwi rinofadza raMwari, hongu, shoko rinorapa mweya une ronda.

9 Nokudaro, zvinoremedza mweya wangu kuti ndakatumhwa, nenzira yemurairo waka-

19c 2 Ni. 9:44.
2 5a Aruma 12:3;
D&Z 6:16.

NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari.
7a D&Z 121:43.

^b NKM Hunhu
Wakanaka.
8a Aruma 31:5.

oma wandakatambira kubva kuna Mwari, kuti ndikutsiurei maererano nemhosva dzenyu, uye kupamhidzira maronda evavo vakakuvara kare, kunze kwekupepa nekuvarapa maronda avo; uye avo vasina kukuva-dzwa, kunze kwekuti vanakirwe nemazwi anofadza aMwari vane mapakatwa akagadzirirwa kubaya mweya yavo nokukuvadza pfungwa dzavo dzisina kusimba.

10 Asi, kana dai basa iri rakakura sei, ndakafanira kuriita maererano “nekuraira kwakao-ma kwaMwari, uye ndokutaurirai kuipa kwenyu nekutadza kwenyu, pamberi peavo vakachena mumwoyo, nevane mwoyo yakatyoka, uye pasi peziso ^brinobaya raSamasimba Mwari.

11 Nokudaro, ndakafanira kukutaurirai chokwadi maererano nekuve “pachena kweizwi raMwari. Nokuti tarisai, sezvandaibvunza Ishe, kwakauya shoko kwandiri, richiti: Jakobho, simuka uende kutemberi mangwana chaiwo, uye unotaura shoko randichakupa kuvanhu ava.

12 Uye zvino tarisai, hama dzangu, iri ndiro shoko randinokuudzai, kuti vazhinji venyu vakatotangisa kuita zveku-tsvaka goridhe, nesirivha, nemamwe “matombo akakosha, zvinove zvinhu zvinowanikwa zvakanwanda chaizvo ^bmuniyika,

inova yechipikirwa kwamuri nekumbeu yenyu.

13 Uye ruoko rwunopa rwauya pamuri zvinofadza zvikuru, zvekuti mave neupfumi hwakawanda; nenzira yekuti vamwe venyu vakawana zvakakunda zvedzimwe hama dzenyu mave “kuzvikudza mumwoyo menyu, moomesa mitsipa nekuzviriranga-ringa pamusana penhumbi dzenyu dzakanaka dzinokosha, uye muchinetsa hama dzenyu nokuti munofunga kuti muri nani kwavari.

14 Uye zvino, hama dzangu, munofunga here kuti Mwari vachati makanatsa? Tarisai, ndinoti kwamuri, Kwete. Asi vanokupai mhosva, uye mukaramba muchiita zvinhu zvakaipa izvi muchatongwa nokukurumidza.

15 Dai vangokuratidzai kuti vanogona kukubayai, uye ziso ravo chete rinogona kukupunzira pasi muguruva!

16 Dai vangokubvisai mumatope ezvitema mamuri nokuraswa. Uye dai mateerera kumazwi kuraira kwavo, uye musaite kuti “kudada kwenyu kuparadze mweya yenyu.

17 Fungai hama dzenyu sekuzvifunga kwamunoita, farai musununguke kune vose uye musununguke muzvinhu “zvamuinazvo, kuti ^bnaivowo vago-pfuma semi.

18 Asi musati matsvaka “upfu-

10a NKM Mirairo yaMwari.

b 2 Ni. 9:44.

11a 2 Ni. 25:4; 31:2–3.

12a 1 Ni. 18:25;

Hir. 6:9–11; Eta 10:23.

b 1 Ni. 2:20.

NKM Nyika yeChipikirwa.

13a Morm. 8:35–39.

16a NKM Kudada.

17a NKM Kupa zvipo;

Ruyamuro.

b 4 Ni. 1:3.

18a I Madz. 3:11–13;

Marko 10:17–27;

2 Ni. 26:31; D&Z 6:7.

NKM Upfumi.

mi, tsvakai ^bumambo hwa-Mwari.

19 Uye mushure mekunge mave netariro munaKristu muchawana upfumi, kana matsvaka; uye muchautsvaga nechinangwa chekuda “kuita zvakanaka—kupfekedza vasina kupfeka, nokupa kudya vane nzara, nokusunungura nhapwa, nokupa vanhu zororo mukurwara nevanotambudzwa.

20 Uye zvino, hama dzangu, ndataura kwamuri pamusoro pekudada; uye avo venyu vakatambudza vavakidzani vavo, nekuvanetsa nenzira yekudada kwenyu, uye muchidada nezvinhu zvamakapiwa naMwari, munotii nazvo?

21 Hamufunge here kuti zvinhu izvozvi zvakaipa chaizvo kune ivo vakasika nyama yose? Uye wose munhu anokosha pameso pavo semumwe. Uye yose nyama ndeye guruva; uye vakavasikira chikonzero ichocho, kuti vachengetedze “mirairo yavo nekuvarumbidza nokusingaperi.

22 Uye zvino ndave kuguma kutaura kwamuri maererano nekudada uku. Uye dai kuri kuti handisi kufanira kutaura nemi pamusoro pemhosva yakakura kupinda iyoyi, mwoyo wangu ungadai uchifara zvikuru pamusana penyu.

23 Asi shoko raMwari rino-

ndiremera nenzira yemhosva dzenyu hombe. Nokuti tarisai, ndiko kutaura kunoita Ishe: Vanhu ava vanotangisa kunyura muzvitema; havanzwisisa magwaro matsvene, nokuti vanoda kutsvaka chikonzero chekuita upombwe, nenzira yezvinhu zvakanorwa maererano naDavidi, naSoromoni mwanakomana wake.

24 Tarisai, Davidi “naSoromoni zvechokwadi vaive ^bnevakadzi vazhinji nevamwe vavakanga asina kuroora, chiri chinhu chakange chakaipa pamberi pangu, vanodaro Ishe.

25 Nokudaro, Ishe vanotaura achiti, Ndakatungamira vanhu ava ndichivabvisa munyika ye-Jerusalem, nesimba reruoko rwangu, kuti ndigokudza bazi “rakarurama kubva kumuchero wechiuno chaJosefa.

26 Nokudaro, ini Mwari Ishe handibvumire kuti vanhu ava vaite sezvakaita vanhu vavo vakare.

27 Nokudaro, hama dzinodiwa ndinzwei, uye muteerere shoko raIshe: Nokuti hakuna munhu pakati penyu achave nevakadzi vanopfuura “mumwechete, uye varandakadzi vekumuvaraidza hazvibvumirwe kana mumwechete zvake;

28 Nokuti ini Ishe Mwari, ndinofadzwa nemadzimai “anozvibata. Uye upfambi chinhu

18b Ruka 12:22–31.

19a Mosaya 4:26.

21a D&Z 11:20;

Abr. 3:25–26.

24a I Madz. 11:1;

Neh. 13:25–27.

^b I Madz. 11:1–3;

Ezra 9:1–2;

D&Z 132:38–39.

25a Gen. 49:22–26;

Amosi 5:15;

2 Ni. 3:5;

Aruma 26:36.

NKM Rihai, Baba vaNifai.

27a D&Z 42:22; 49:16.

NKM Kuroora.

28a NKM Hunhu.

chakaipa kwazvo pamberi pangu; vanodaro Ishe veHondo.

29 Nokudaro, vanhu ava vachachengetedza mirau yangu, vanodaro Ishe weHondo, kana vasina kudaro nyika yavo “ichatukwa pamusoro pavo.

30 Nokuti kana ndada, vanodaro Ishe weHondo, kumutsa “mbeu yangu, ndichaudza vanhu vangu, nokuti dzimwe nguva vangateerere kuzvinhu izvi.

31 Nokuti tarisai, ini Ishe, ndaona kusuwa, ndikanzwa kuchema kwevanasikana vevanhu vangu vari munyika yeJerusarema, hongu, nemunyika dzose dzevanhu vangu, nenzira yekuipa neruvengo rwevarume vavo.

32 Uye handizobvumira, vanotaura Ishe veHondo, kuti kuchema kwevanasikana vevanhu ava, vandakatungamira ndichivaburitsa muJerusarema, kuuye kwandiri kuchirwisana nevarume vevanhu vangu, vanodaro Ishe veHondo.

33 Nokuti havazotapa vanasikana vevanhu vangu nenzira yekupfava kwavo, nokuti ndichavashanyira nedambudziko guru, kana kuvaparadza; nokuti havazoita “zveupfambi, sezvaiita vekare, vanodaro Ishe veHondo.

34 Uye zvino tarisai, hama dzangu, munoziva kuti mirairo iyi yakapiwa kuna baba vedu, Rihai; nokudaro, makazviziva kare; imi mave mukuraswa kukuru; nokuti makaita zvinhu

izvi zvamanga musingafanire kuita.

35 Tarisai, imi makaita zvaikaipa “zvikuru kupfuura maRamani, hama dzedu. Makarwadzisa vakadzi venyu, vana venyu vakatadza kuvimba nemi, nenzira yemienzaniso yenyu yakaipa pamberi pavo; uye kuchema kwemwoyo yavo kunosvika kuna Mwari kuchikurwisai. Uye nenzira yekukosha kweshoko raMwari, rinouya richikurwisai, mwoyo mizhinji yakafa, yakabaiwa nemaronda akadzika.

CHITSAUKO 3

Vakachena mumwoyo vanogashira shoko rinofadza raMwari—Kururama kwemaRamani kunopfuura kwemaNifai—Jakobho anoyambira kune vanoda hupombwe, meso-meso, nechitema chose. Zvingangove makore 544 kusvika ku421 Kristu asati azvarwa.

Asi tarisai, ini Jakobho, ndingataure neavo venyu vakachena mumwoyo. Tarisai kuna Mwari nepfungwa dzakasimba, uye munamate kwavari nerutendo rwakapfuuridza, uye vachakunyaradzai mukutambudzika kwenyu, vanozokurevereri, uye vachatumira kurangwa kune avo vanotsvaka kuparara kwenyu.

2 Mose mune mwoyo yachachena, simudzai misoro yenyu mugashire shoko raMwari

29a Eta 2:8–12.

30a Mara. 2:15;
D&Z 132:61–66.

33a NKM Kufadza
Nyama; Kusazvibata
nehupombwe.

35a Jak. 3:5–7.

rinofadza, mugotapirirwa nerudo rwake; nokuti mungangodaro, kana pfungwa dzenyu “dzakasimba, narinhi narinhi.

3 Asi, nhamo nedambudziko, kune avo vasina kuchena mumwoyo, avo “vakasviba zuva iri pamberi paMwari; nokuti kunze kwekunge matendeuka nyika inotukwa pamusana peny; uye maRamani, vasina kusviba semi, zvakadaro naivo ^bvakatukwa nekutukwa kunorwadza, vachakurovai kudakara maparara.

4 Uye nguva iri kusvika nokukurumidza, yokuti kana musina kutendeuka vachakutorerai nyika yenhaka yenyu, uye Ishe Mwari “vachabvisa vatsvene vachivaburitsa mamuri.

5 Tarisai, maRamani hama dzenyu, vamunovenga nenzira yekusviba kwavo nekutukwa kwakauya paganda ravo, vakarurama kupfuura imi; nokuti havana “kukanganwa murairo waIshe, uyo wakapiwa baba vedu—kuti vakafanira kuve nemukadzi mumwechete uye shamwari dzechikadzi kana imwechete zvayo hazvibvumirwe, uye hapafanire kuve neupfambi pakati pavo.

6 Uye zvino, murairo uyu vanoucherechedza vachiuchengetedza; nokudaro, nenzira yekucherechedza uku, mukuchengetedza murairo uyu, Ishe Mwari havazovaparadza, asi vanozovanzwira “tsitsi; uye

rimwe zuva vachave vanhu vakaropafadzwa.

7 Tarisai, varume vavo “vanoda vakadzi vavo, uye vakadzi vavo vanoda varume vavo; uye varume vavo nevakadzi vavo vanoda vana vavo; uye kusatenda kwavo nekukuvengai kwavo kunokonzerwa nekuipa kwemadzibaba avo; nokudaro, murinani zvakadzi kwavari, pamberi peMusiki wenyu mukuru?

8 Hama dzangu, ndinoona kuti mukasatendeuka pazvivi zvenyu, ganda ravo richave jena pane renyu, panguva yamuchanzwa pamwechete navo pamberi pechigaro chekutonga chaMwari.

9 Nokudaro, ndinokupai murairo imi, riri shoko raMwari, kuti chiregai kuvatuka pamusana peganda ravo dema; kana kuvatuka pamusana petsvina yavo; asi mucharangerira kui-pa kwenyu, uye rangerirai kuti kusviba kwavo kwakakonzerwa nemadzibaba avo.

10 Nokudaro, mucharangerira “vana venyu, kuvasuwisa kwamakavaita mumwoyo nenzira yemuenzaniso wamakaisa pamberi pavo; uye zvakare, rangerirai kuti mungango ita nenzira yehutsvina hwenyu, kuti vana venyu vaparadzwe, uye zvitadzo zvavo zvigorongerwa pamusoro peny nemusi wekupedzisira.

11 Hama dzangu, teererai mazwi angu; mutsai pfungwa nemweya yenyu; zvizunzei kuti

3 2a Aruma 57:26–27.
3a NKM Hutsvina.
b 1 Ni. 12:23.

4a Omu. 1:5–7, 12–13.
5a Jak. 2:35.
6a 2 Ni. 4:3, 6–7;

Hir. 15:10–13.
7a NKM Mhuri; Rudo.
10a NKM Vana.

^amumuke muhope dzerufu; uye muzvisunungure mukurwadza ^bkwegehena kuti musave ^cngirozi dzadhiabhorosi, kuti mugoganda mudziva riya remoto nesuriferi—kunove ndiko ^dkufa kwechipiri.

12 Uye zvino ini Jakobho, ndakataura zvimwe zvakawanda kuvanhu vaNifai, ndichivayambira pamusoro ^apeufeve ^bnekupomba, nezvitadzo zvakasiyana-siyana, ndichivaudza mibairo inotyisa yezvitema.

13 Uye zvimwe zvevanhu ava, iye zvino vatanga kuwanda, hazvikwanisike kunyorwa pamahwendefa ^aano, asi zvizhinji zvavo zvakanorwa pamahwendefa makuru, nezvehondo dzavo, nezvekunetsana kwavo, nekutonga kwemadzimambo avo.

14 Mahwendefa aya anonzi mahwendefa aJakobho, uye akagadzirwa neruoko rwaNifai. Uye ndinogumira pano kutaura mazwi aya.

CHITSAUKO 4

Vose maporofita vainamata Baba muzita raKristu—Kupira kwaAbrahama mwana wake Isaka kwakafanana nekwaMwari neWavo Mumwechete Akaberekwa—Vanhvu vakafanira kuyanana naMwari neRudzikinuro—VaJuda vacharamba dombo rehwaro. Zvingangove

makore 544 kusvika ku421 Kristu asati azvarwa.

ZVINO tarisai, zvakaitika kuti ini Jakobho, ndaparidzira zvakawanda kuvanhu vekwangu neshoko, (uye ndinokwanisa kungonyora zvishoma chete, nenzira yekuoma kwakaita kunyora mazwi edu pamahwendefa) uye tinoziva kuti zvinhu zvatinyora pamahwendefa zvinogara zviripo;

2 Asi chose chinhu chatinyora tikasachinyora pamahwendefa chinoshaike nekupfudzika; asi tinokwanisa kunyora mazwi mashomanani pamahwendefa, anozopa vana vedu, nehama wo dzedu dzinodiwa, karuzivo maererano nesu, kana maererano nezvemadzibaba avo—

3 Zvino tinofara muchinhu ichi; uye tinoshanda nesimba kuti tinyore mazwi aya pamahwendefa, tichivimba kuti hama dzedu dzinodiwa nevana vedu vachazoatambira nemwoyo inotenda, uye voaverenga nokudzidza norufaro kwete nekusuwa, kana nekushora, maererano nevabereki vavo vekutanga.

4 Nokuti, nechikonzero ichi tanyora zvinhu izvi, kuti vagoziva kuti ^ataiziva nezvaKristu, uye taive netariro yekubwinya kwake mazana mazhinji emakore asati auya; uye hatizi isu chete taive netariro yekubwinya kwake, asiwo ^bnemaporofita

11a Aruma 5:6–9.

^b NKM Gehena.

^c 2 Ni. 9:8–9.

^d NKM Rufu, rweMweya.
12a NKM Kusanganana

kusina kururama.

^b NKM Ruchiva;

Akaipa.

13a 1 Ni. 19:1–4;

Jak. 1:1–4.

4 4a NKM Jesu Kristu.

^b Ruka 24:25–27;

Jak. 7:11;

Mosaya 13:33–35;

D&Z 20:26.

vatsvene vose vakange varipo tisati tavepo.

5 Tarisai, waitenda muna Kristu uye “vachinamata Baba nemuzita rake, nesuwo tinonamata Baba nemuzita rake. Uye pamusana paizvozvo tinochengetedza ^bmurau waMosesi, ‘unonongedzera mweya yedu kwaari; nechikonzero ichi chakaitwa kuti chive chitsvene kwatiri nokururama, sezvo zvakanga zvakaiswa kuna Abrahamama murenje mukuteerera kwake mirau yaMwari mukubvuma kwake kupira mwana wake Isaka, zviri zvakafanana nerungano rwaMwari neMwanakomana Wake ^dMumwechete Akaberekwa.

6 Nokudaro, tinotsvaka muma-gwaro emaporofita, uye towana zvakazarurwa zvizhinji nemweya ^awechiporofita; nenzira ^byevapupuri vose ava tinowana tariro, uye rutendo rvedu rwunobva rwasimbiswa, zvekuti tinogona ^ckutaura ^dmuzita ra-Jesu nemiti chaiyo ichititeerera, kana makomo, kana masai-sai egungwa.

7 Zvakadaro, Ishe Mwari vakatiratidza ^akusasimba kwedu kuti tive tinoziva kuti inzira yenyasha dzavo, nekuzvidere-

dza kwavo kukuru kuvana vevanhu, kunoita kuti tive nesimba rekuita zvinhu izvi.

8 Tarisai, mabasa alshe maku-ru uye anoshamisira. Kudzama ^akwezvakavandika zvavo ^bhakutsvakwe tikakuwana; uye hazviitike kuti vanhu vazive dzose nzira dzake. Hakuna munhu ^canoziva ^dnezvenzira dzake kunze kwekunge atozvizururirwa; nokudaro, hama, musashore zvamunozururirwa naMwari.

9 Nokuti tarisai, nesimba ^areizwi rake ^bmunhu akauya panyika, nyika iri yakasikwa nesimba reshoko rake. Nokudaro, kana Mwari vakangotaura chete nyika ikabva yavepo, uye vakataura munhu akabva asikwa, Ko zvino, vangatadze here kutuma ^cnyika, kana mabasa emaoko avo pamusoro penyika, maererano nezvavanenge vachida zvinovafadza?

10 Nokudaro, hama, musatsvake ^akuraira Ishe, asi kuti imi murairwe navo. Nokuti tarisai, imi pachenyu munoziva kuti vanoraira zviri ^bmuuchenjeri, uye mukururama, nemutsitsi huru, mumabasa avo ose.

11 Nokudaro, hama dzinodiwa, dzokerai kwavari ^anerudzikinuro rwaKristu, Mwanakomana

5a Mos. 5:8.

b 2 Ni. 25:24;

Jar. 1:11;

Mosaya 13:27, 30;

Aruma 25:15–16.

nkm Mutemo

waMosesi.

c VaG. 3:24.

d Gen. 22:1–14;

Joh. 3:16–18.

nkm Mumwechete

Akaberekwa.

6a nkm Huporofita.

b nkm Mupupuri.

c nkm Simba.

d Mabasa 3:6–16;

3 Ni. 8:1.

7a Eta 12:27.

8a D&Z 19:10; 76:114.

nkm Zvakavandika zvaMwari.

b VaR. 11:33–36.

c I VaKori. 2:9–16;

Aruma 26:21–22.

nkm Ruzivo.

d Isa. 55:8–9.

9a Morm. 9:17;

Mos. 1:32.

b nkm Sika; Munhu.

c Hir. 12:8–17.

10a 2 Ni. 9:28–29;

Aruma 37:12, 37;

D&Z 3:4, 13.

b nkm Saruzivo;

Ungwaru.

11a nkm Dzikinura.

^bMumwechete Akaberekwa, uye zvimwe mungawane ^ckumuka kuvakafa, maererano nesimba rekumuka kuvakafa riri mu-naKristu, uye mugopiwa na-Kristu kuna Mwari ^dsemichero yekutanga, muine rutendo, uye muine tariro yakanaka yekubwinya kwake asati azviratidza pachake munyama.

12 Uye zvino, vadiwa, musashamiswe kuti ndiri kukutaurirai zvinhu izvi; ko tingaregerei ^akutaura nezverudzikinuro rwaKristu, nokuti tiwane ruzivo rwezvake rwuzere, zvimwechete nekuti tiwane ruzivo rwekumuka kuvakafa nerwenyika ichauya?

13 Tarisai, hama dzangu, uyo anoporofita, ngaaporofite zvinonzwisiswa nevanhu; nokuti ^aMweya unotaura chokwadi uye haunyepi. Nokudaro, unotaura zvinhu ^bsezvazviri chazvo, nezvazvichazove chazvo; nokudaro, zvinhu izvi tinozviratidzwa ^cpachena, kuti mweya yedu iwane ruponeso. Asi tarisai, hatizisu tega vapupuri vezvinhu izvi; nokuti Mwari vakazvitaurawo kuvaporofita vakare.

14 Asi tarisai, maJuda vaive vanhu ^avakaoma mitsipa; uye ^bvaishora mazwi akareruka, uye vakauraya vaporofita, uye

vakatsvaka zvinhu zvakavakanga vasinganzwisise. Nokudaro, nenzira ^cyeupofu hwavo, upofu hwakakonzerwa nekutarisa zvakapfuuridza chinangwa, vanofanira kupunzika; nokuti Mwari vakabvisa kuisa kwavo zvinhu pachena, uye vakavapa zvinhu zvizhinji ^dzvavasinganzwisise, nokuti ndizvo zvavaida. Uye nokuti vaizvida Mwari vakazvita, kuti vapunzike.

15 Uye zvino ini Jakobho, ndiri kutungamirwa neMweya kuti ndiporofite; nokuti ndiri kuona nokushanda kweMweya uri mandiri, kuti ^anekupunzika kwemaJuda ^bvacharamba ^cdombo pavange vachazovakira uye vova nehwaro hwakasimba.

16 Asi tarisai, maererano nemagwaro matsvene, ^adombo iri richave iro guru, uye rokupedzisira, uye rigove iro chete rinoita ^bhwaro, pangavakirwe nemaJuda.

17 Uye zvino, hama dzangu dzinodiwa, zvingaitike sei kuti ivava, mushure mekunge varamba hwaro hwechokwadi, vangazovaka ^azvakare pahuri, dombo iroro rikazove musimboti wehwaro hwavo?

18 Tarisai, hama dzangu dzinodiwa, tichakududzirai chishamiso ichi; kana ndikasadaro, nechimwewo chikonzero,

11b VaH. 5:9.

^c НКМ Kumuka Kuvakafa.

^d Mosaya 15:21-23; 18:9; Aruma 40:16-21.

12a 2 Ni. 25:26.

13a НКМ Mweya

Mutsvene; Chokwadi.

^b D&Z 93:24.

^c Aruma 13:23.

14a Mat. 23:37-38;

2 Ni. 25:2.

^b II VaKori. 11:3;

1 Ni. 19:7; 2 Ni. 33:2.

^c Isa. 44:18; VaR. 11:25.

^d 2 Ni. 25:1-2.

15a Isa. 8:13-15;

I VaKori. 1:23;

2 Ni. 18:13-15.

^b 1 Ni. 10:11.

^c НКМ Dombo renheyo; Ibwe.

16a Mpi. 118:22-23.

^b Isa. 28:16;

Hir. 5:12.

17a Mat. 19:30;

D&Z 29:30.

ndazunzwa pakusimba kwangu muMweya, uye ndikapunzika nenzira yekunetseka kwangu kukuru pamusoro penyu.

CHITSAUKO 5

Jakobho anotaura mazwi aZenosi akafanana nerungano rwemuti wemuorivi wekudyarwa nemuorivi wemusango—Vakafanana nema-Israeli nemaJentairi—Kupararira kwaIsraeli nokuzounganidzwa kwake kunotariswa—MaNifai nemaRamani namba yose yaIsraeli zvinotaurwa—MaJentairi vachabatanidzwa naIsraeli—Gare-gare munda wemizambiringa uchapiswa. Zvingangove makore 544 kusvika ku421 Kristu asati azvarwa.

TARISAI, hama dzangu, hamuchayeuka here kuti makambo-verenga mazwi emuporofita “Zenosi, aakataura kuvanhu vema yaIsraeli, achiti:

2 Tererai, vema yaIsraeli, uye munzwe mazwi angu, ini muporofita waIshe.

3 Nokuti tarisai, Ishe vanoti, Ndichakufananidzai, vema “yaIsraeli, nemuti ^bwemuorivhi wekudyarwa nemunhu, wakasimwa ukadiridzwa nemunhu ‘mumunda wake wemizambiringa; wakakura, ukave hunde, uye ukatangisa ^dkuora.

4 Uye zvakaitika kuti tenzi wemunda wemizambiringa akaenda akaona kuti muti wake

wemaorivhi wakatanga kuora, uye akati: Ndichaudimburira, uye ndoutimbira, ndoisa mupfudze, kuti zvimwe utungire mapazi matsva matete, kuti usafe.

5 Uye zvakaitika kuti akaudimurira, akautimbira, akauisa mupfudze sekutaura kwake.

6 Uye zvakaitika kuti mushure memazuva akati muti uye wakatanga kutungira zvishomashoma, mapazi matsva; asi tarisai, pamusoro pakatangisa kuora.

7 Uye zvakaitika kuti muridzi wemunda wemizambiringa akazviona, akati kumuranda wake: Zvinondisuwisa kuti ndirasikirwe nemuti uyu; nokudaro, enda unotora mapazi emuorivi “wemusango, uye nawo pano pandiri; uye tobvisa mapazi ayo ari kutanga kuoma, toakanda mumoto kuti atsve.

8 Uye tarisai, vanodaro Ishe wemunda wemizambiringa, ndinotora mapazi madiki aya, uye ndoasunganidza zvandinenge ndafunga; hazvinei kana dai zvikaitika kuti mudzi wemuti uyu ufe, ndingakwanise kuzvichengetera muchero wacho pachangu; nokudaro ndichatora mapazi matsva aya, ndoasunganidza zvandinoda.

9 Tora mapazi emuorivi wemusango, moapinzanisa, “pabviswa mapazi paye; uye aya andabvisa ndichaakanda muchoto

5 1a NKM Zenosi.

3a Ezk. 36:8.

NKM Israeli.

b VaR. 11:17-24.

NKM Muti

wemuorivhi.

c D&Z 101:44.

NKM Munda

wemizambiringa

waIshe.

d NKM Kurasika

Pachitendero.

7a VaR. 11:17, 24.

9a VaR. 1:13.

ndoapisa, kuti asakanganise munda wangu wemizambiringa.

10 Uye zvakaitika kuti muranda walshe vemunda wemizambiringa akaita sekutaurirwa kwaakange aitwa nalshe vemunda wemizambiringa, ndokubva apinzanisa nemapazi emuorivi “wemusango.

11 Uye Ishe vemunda wemizambiringa vakaita kuti munda utimbirwe, nekudimburirwa, nokuiswa mupfudze, vachiti kumuranda wavo: Zvinondisuwisa kuti ndirasikirwe nemuti uyu; nokudaro, ndati zvimwe ndingouponesa muti uyu midzi ikaramba iri minyoro kuti isafe, kuti ndizvichengetere, saka ndaita zvandaita izvi.

12 Nokudaro, endai kwamuri kuenda; tarisisai muti, mouisa mupfudze, muchitevedza mazwi angu.

13 Uye iyi “ndichaiisa mukati-kati memunda wangu wemizambiringa, pose pandinokwanisa, hazvinei kwamuri; uye ndinozviita izvi kuti tigochengetedza mapazi chaiwo emuti uyu; uye nokutiwo, ndichengetedze michero kuitira ramangwana; kwandiri, nokuti zvinondisuwisa kuti ndirasikirwe nemuti uyu nemichero yacho.

14 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa akaita, ndokuviga ose mapazi chaiwo emuti wemuorivhi mukati-kati memunda wemizambiringa, aya mune ino nzvimbo ayo mune iyo, sezvaainge ada sekumufadza kwazvaiita.

15 Uye zvakaitika kuti mushure menguva refu, Ishe vemunda wemizambiringa akati kumuranda wake: Uya, tiende kumunda wemizambiringa, tinoshandamo.

16 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa, nemuranda wake, vakadzika mumunda wemizambiringa kundoshanda. Uye zvakaitika kuti muranda akati kuna tenzi wake: Tarisai, onai kuno; tarisai muti.

17 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa akaitarisa akaona muti uye wakange wapinzaniswa nemapazi emuorivhi wemusango; mapazi aya akanga abata akatungira akatanga kubereka “michero. Uye akaona kuti wakanaka; uye akaona kuti muchero wacho wakafanana nemuchero wepo chaiwo.

18 Uye akati kumuranda wake: Tarisai, mapazi emuti uyu atora unyoro hwemidzi yacho, uye midzi yacho ikaita kuti muti usimbe; nenzira yesimba remidzi mapazi agashira simba rekubereka michero. Zvino, dai takange tisina kupinzanisa mapazi aya, muti uyu ungadai wakafa. Uye zvino, tarisai, ndichachengetedza michero yakawanda kwazvo, iyo yaberekwa nemuti uyu; uye michero iyi ndichaichengetedza kuitira ramangwana, kuti ndigoidya ini.

19 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa akati kumuranda: Uya tiende kuzasi-zasi kwemunda wemizambiringa, uye tarisai kana mapazi

chaiwo emuti epo asina kuberekawo michero yakawanda, yekuti ndichengetedze kuitira mune ramangwana, ini pachangu.

20 Uye zvakaitika kuti vakanda kwakange kwavigwa mapazi chaiwo emuti natenzi, uye akati kumuranda: Tarisai izvi; akatarisa “wekutanga akaona kuti wakange wabereka zvikuru; uye akaonawo kuti wakanaka. Uye akati kumuranda: Tanha muchero, ugouchengetedza kuitira ramanangwana, kuti ndizvichengetedzere ini, nokuti tarisai, akadaro, ndakausakurira nguva huru yose iyi, nokudaro wabereka michero yakawanda.

21 Uye zvakaitika kuti muranda akati kuna tenzi vake: Ko makauya sei kuno kuzodyara muti uyu, kana kuti bazi remuti uyu? Nokuti tarisai, pauri muti uyu ndipo pakange painevhu rakaipisisa mumunda wenyu wose wemizambiringa.

22 Uye Ishe vemunda wemizambiringa vakati kwaari: Usandiraire; ndaizviziva kuti ndipo panevhu rakaipa; nokudaro, ndakati kwaari, ndakaurera kwenguva yose iyi, uye iwe ukaona kuti wabereka michero yakawanda kwazvo.

23 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa vakati kumuranda wavo: Tarisai kuno; tarisa ndadyara rimwe bazi remuti zvakare; uye iwe unozviziva kuti pano pakanga pasina ivhu rakanaka serepakutanga. Asi, tarisai muti wacho.

Ndakaaurera kwenguva, uye zvino wakabereka michero yakawanda; saka, iunganidzei, moichengetedzera kuitira ramangwana, kuti ndigozvichengetedzera wo ini.

24 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa vakati zvakare kumuranda wavo: Tarisai kuno, uye uone rimwe “baziwo, randakasima; tarisai kuti ndakarichengetedza ndikaripa zvose zvinodiwa, uye rikabereka michero.

25 Uye vakati kumuranda: Tarisai kuno uone rekupedzisi-ra. Tarisai, iri ndakaridyara panevhu “rakanaka; uye ndikarichengetedza kwenguva refu, asi mapazi mashoma-shoma ndiwo akabereka, uye ^bmamwe mapazi akabereka michero seye musango; tarisai, muti uyu ndakauchengetedza sezvanda-kaita mimwe yose.

26 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa vakati kumuranda: Tema mapazi ose asina kubereka “michero yakanaka, woakanda mumoto.

27 Asi tarisai, muranda vakati kwavari: Ngatiudimurire, tigoutimbira, uye tigouisa mupfudze kwenguva yakati, kuti zvimwe ungakuberekerei michero yakana, kuti mugoichengetedza mune ramangwana.

28 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa nemuranda waIshe vemunda wemizambiringa vakaisa mupfudze

20a Jak. 5:39.

24a Ezk. 17:22–24;
Aruma 16:17;

3 Ni. 15:21–24.

25a 1 Ni. 2:20.

b 3 Ni. 10:12–13.

26a Mat. 7:15–20;

Aruma 5:36;
D&Z 97:7.

pamiti yose yemumunda wemizambiringa.

29 Uye zvakaikita kuti mushure menguva huru, Ishe vemunda wemizambiringa vakati “kumuranda wavo: Uya, tidzike mumunda wemizambiringa, kuti tinoshanda zvakare mumunda wemizambiringa. Nokuti tarisai, ^bnguva iri kusvika, ‘namagumo kwasvika; nokudaro, ndakafanira kuchengetedzera muchero kuitira ramangwana, ini pachangu.

30 Uye zvakaikita kuti Ishe vemunda wemizambiringa nemuranda vakaenda kumunda wemizambiringa; ndokusvika pamuti uya une mapazi awo chaiwo akapazurwa, uye ukagopinzaniswa nemapazi emuti wemusango; uye tarisai pasi pemuti pakange pazere michero “yakasiyana-siyana.

31 Uye zvakaikita kuti Ishe vemunda wemizambiringa vakaraira muchero, yose nemarudzi ayo. Uye Ishe vemunda wemizambiringa vakati: Tarisai, kwenguva huru tange tichengetedza muti uyu, uye ndakapfimbika michero mizhinji kwazvo.

32 Asi tarisai, nguva ino wakabereka michero yakawanda, uye yose “hapana yakanaka. Uye tarisai, kune marudzi akawanda emichero yakaipa; uye hapana zvazvinondipa, kana dai takashanda zvikuru; uye zvino zvinondisuwisa kwazvo kuti ndirasikirwe nemuti uyu.

33 Uye Ishe vemunda wemizambiringa vakati kumuranda: Muti uyu touita sei, kuti undipe zvakare michero yekupfimbika?

34 Uye muranda akati kuna tenzi vake: Tarisai, nenzira yekuchekera mapazi emizambiringa wemusango apa kudya kumidzi, saka mipenyu uye haina kufa; nokudaro munoono kuti yakanaka.

35 Uye zvakaikita kuti Ishe vemunda wemizambiringa vakati kumuranda wavo: Muti uyu hauna chaunondipa, uye kana midzi yacho haina chainondiyamura kana ichiita kuti muti uite michero yakaipa.

36 Zvisinei, ndinoziva kuti midzi yakanaka, uye nokudaro ndaichengetedza kuti ndigozishandisa ini; uye nenzira yesimba riri mairi yakabereka michero yakanaka, kubva kumapazi emiti yemusango.

37 Asi tarisai, mapazi emusango aya akura “akakunda midzi; uye nenzira yekuti mapazi emusango akunda midzi abereka michero yakaipa yakawanda; uye nenzira yekuti yabereka michero yakawanda yakaipa saka uchiona wave kutangisa kufa; uye uchatanga kuibva, kuti ukandwe mumoto, kunze kwekunge tatowana zvinoita kuti uchengeteke.

38 Uye zvakaikita kuti Ishe vemunda wemizambiringa vakati kumuranda wavo: Handei kuzasi-zasi kwemunda wemizambiringa, uye tinotarisa kuti

29a D&Z 101:55; 103:21.
b NKM Mazuva
Ekupedzisira.

c 2 Ni. 30:10; Jak. 6:2.
30a NKM Kurasika
Pachitendero.

32a Nh—JS 1:19.
37a D&Z 45:28–30.

mapazi awochaiwo aita michero yakaipawo here.

39 Uye zvakaitika kuti vaka-enda mukati-kati memunda wemizambiringa. Uye zvakaitika kuti vakaona kuti michero yemiti yepo chaiyo yakanga yaora naiyowo; hongu, “wekutanga, wechipiri, newekugumisira; yose yakange yakaora.

40 Uye muchero “wemusango wewekupedzisira wakange wakurira rutivi rwuya rwemuti rwaiunza michero yakanaka, zvekuti bazi rakanga raoma rikafa.

41 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa akachema, vakati kumuranda. “Chii zvakare chandingadai ndakaita mumunda wangu wemizambiringa?

42 Tarisai, ndakaziva kuti yose michero yemumunda wemizambiringa, kunze kweuno chete, yakange yaora. Uye zvino, kana iyiwo yaichimbobereka michero yakanaka zvino naiyowo yave kuora; uye zvino yose miti iri mumunda wangu wemizambiringa haina basa kunze kwekuti itemwe ikandwe mumoto.

43 Uye tarisai uyu wekupe-
dzisira, une bazi rakasvava, ndakausima panevhu “rakanaka; hongu, pane nzvimbo yandaيدا kwazvo yakanaka kupfuura dzose dzimwe nzvimbo dzemunda wangu wemizambiringa.

44 Uye unoonawo kuti kana zvimwe zvaida “kukanganisa

nzvimbo ino ndakazvitema, kuti ndidyare muti uyu munzvimbo iyoyo.

45 Uye ukaonawo kuti rumwe rutivi rwakaburitsa michero yakanaka, uye rimwe divi rikanunza michero yemusango, uye nokuti handina kubvisa mapazi nokuakanda muchoto, tarisai, akurira mapazi akanaka zvekuti atooma.

46 Uye zvino tarisai, kana zvakadaro kuchengetedza kwose kwatakaita munda wangu wemizambiringa, miti yacho yaora, zvinoita kuti isabereke michero yakanaka; uye iyoyi ndakange ndavimba kuichengetedza, kuti ichabereka ikaita michero, yandaizochengetedza. Asi, tarisa, yaita semiti yemurivi yemusango, uye haina zvainoyamura kunze “kwekute-mwa uye yokandwa mumoto; uye zvinondisuwisa kuti ndirasikirwe nayo.

47 Asi chii chandinga dai ndakaitazve mumunda wangu wemizambiringa? Ndakaregerera here ruoko rwangu, ndisingawuise mupfudze here? Kwete, ndakanga ndichiisa mupfudze, uye ndikawutimbira, uye ndikaikwanhurira, uye ndikaisa mupfudze; uye “ndikatanbanudza ruoko rwangu muswere wose, uye ^bmagumo ari kuswera pedyo. Uye zvino ndisuwisa kuti nditeme miti yose yemumunda wangu wemizambiringa, uye ndigoikanda

39a Jak. 5:20, 23, 25.

40a Morm. 6:6–18.

41a 2 Ni. 26:24.

43a 2 Ni. 1:5.

44a Eta 13:20–21.

46a 3 Ni. 27:11.

47a 2 Ni. 28:32; Jak. 6:4.

^b NKM Nyika—

Kuguma kwenyika.

mumoto kuti itsve. Ko ndianiko apinza honye mumunda wangu wemizambiringa?

48 Uye zvakaitika kuti muranda akati kuna tenzi vake: Hakuzi kukura kwemunda wenyu wemizambiringa here—haazi mapazi akakurira midzi yakanaka? Uye nenzira yokuti mapazi akakurira midzi, tarisai akakura kupfuura simba remidzi, ndokutora simba rose iwo. Tarisai, ndinoti, hachizicho chikonzero here chaita kuti miti yose yemunda wenyu wemizambiringa iore?

49 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa vakati kumuranda: Handei tinotema miti iri mumunda wemizambiringa tigoikanda mumoto, kuti isaipise munda wangu wemizambiringa, nokuti handina chandisina kuita. Chimwe chii chandaifanira kuitira munda wangu wemizambiringa?

50 Asi tarisai, muranda akadararona kuna Ishe vemunda wemizambiringa: Dai mamboirega kwechinguva “chakati.

51 Uye Ishe akati: Hongu, ndichairega kwechinguva, nokuti zvinondisuwisa kuti ndirasikirwe nemiti yemumunda wangu wemizambiringa.

52 Nokudaro, ngatitorei “mapazi emiti iyo yandakasima kuzasi-zasi kwemunda wemizambiringa, uye toipinzanisa nemapazi emuti watakaatora; uye pamuti uyu totanha michero inonyanya kuvava, topinza-

nisa pamuti nemapazi emuti wepo chaiwo.

53 Uye izvi ndinozviita kuti muti usafe, kuti, zvimwe, ndingaponese midzi yacho kuti ndigoishandisa zvandinoda.

54 Uye tarisai, midzi yemapazi epo chaiwo andakasima posepose pandaikwanisa ichiri mipenyu; nokudaro, kuti ndichengedze kuti igozondishandira, ndichatora mapazi emuti uno, uye “ndoapinzanisa nawo. Hongu, ndichaapinzanisa nemapazi ezimai rawo, kuti ndichengedze midzi igondiitira basa, kuti zvimwe kana yanyatsobata ingazondiberekera michero yakanaka, uye zvimwe ndingazofadzwa nemichero yemunda wangu wemizambiringa.

55 Uye zvakaitika kuti vakatora kubva pamuti chaiwo, ndokupinzanisa nemiti yepo chaiyo, yakange naiyowo yapanduka.

56 Uye vakatorawo miti yepo chaiyo yakange yapanduka, vakaipinzanisa nezimai racho.

57 Uye Ishe vemunda wemizambiringa vakati kumuranda: Usabvise mapazi emusango pamiti, kunze kwekunge ari anoita michero inovava zvakananyanya; uye mairi muchaipinzanisa marerano nezvandarokataura.

58 Uye tichapa kudya zvakare miti yemumunda wemizambiringa, uye tichakwanhurira mapazi acho; uye tichakwanhura kubva pamiti ayo mapazi aibva, akafanira kufa, uye toakanda mumoto.

59 Uye izvi ndinozviita kuti, zvimwe, midzi yacho ingawane simba nenzira yekunaka kwayo; nenzira yekupindurwa kwemapazi, kuti zvakana zvikunde zvakaipa.

60 Uye nekuda kwekuti ndachengetedza mapazi epo chaiwo nemidzi yacho, uye ndikaapinzanisa mapazi epo chaiwo zvakare kuzimai racho, uye ndikachengetedza midzi yezimai rawo, kuti, zvimwe, miti yemumunda wangu wemizambiringa ingabereke zvakare “michero yakanaka; nokuti ndifare zvakare nemichero yemumunda wangu wemizambiringa uye, zvimwe, ndingazofara chaizvo kuti ndakachengetedza midzi nemapazi emichero yekutanga—

61 Nokudaro, enda, udaidze “varanda, kuti ^btishande nesimba mumunda wemizambiringa, kuti tigadzire nzira, yekuti tiunze zvekare muchero wepo chaiwo, muchero wepo chaiwo wakanaka uye uri unokosha kupfura mimwe michero yose.

62 Nokudaro, handei tinoshanda nesimba redu rose kekupezdisira, nokuti tarisai nguva yave kusvika, uye ino inguva yekupedzisira yekuti ndikwanhurire munda wangu wemizambiringa.

63 Pinzanisai mapazi; tangai kune “ekupedzisira kuti agove ekutanga, nokutiwo ekutanga agove ekupedzisira, uye mugotimbira miti, mikuru nemidiki, yekutanga neye kupedzisira; yekupedzisira neyekutanga,

kuti yose igopiwa kudya zvakare kwenguva yekupedzisira.

64 Nokudaro, itimbirei, uye moikwanhurira, uye moiisa mupfudze zvakare, kekupezdisira, nokuti magumo ave kusebera pedyo. Uye zvikaitika kuti iyi miti yapinzaniswa kekupezdisira ikure, uye igobereka michero chaiyo yepo, zvino muchagadzira nzira yayo, yekuti ikure.

65 Uye kana otanga kukura munenge muchibvisa nhungirwa dzose dzinoita kuti muchero uvave, maererano nesimba reakanaka nekukura kwawo; uye iwo akaipa acho “hamuabvise ose nguva imwechete, nokuti mumwe musiki midzi ingakurire mapazi apinzaniswa, uye mapazi acho angafe, uye ndikarasikirwa nemiti yemumunda wangu wemizambiringa.

66 Nokuti zvinondisuwisa kuti ndirasikirwe nemiti yemumunda wangu wemizambiringa; nokudaro muchabvisa yakaipa maererano nokukura kunenge kuchiita yakanaka, kuti midzi nemuti zvive nesimba rakafanana, kudakara yakanaka yakunda yakaipa, uye yakaipa yatemwa yakandwa mumoto, kuti isaipise ivhu remunda wangu wemizambiringa; uye ndobva ndatsvaira miti yakaipa mubindu rangu reminzabviringa.

67 Uye mapazi emuti chaiwo wepo ndichaapinzanisa zvakare nemuti wepo chaiwo;

68 Uye mapazi emuti chaiwo wepo ndichaapinzanisa nema-

60a Isa. 27:6.

61a Jak. 6:2; D&Z 24:19.

b D&Z 39:11, 13, 17.

63a 1 Ni. 13:42;

Eta 13:10–12.

65a D&Z 86:6–7.

pazi epo; uye ndokuapinzanisa pamwechete kwandichaita zvakare, kuti igobereka michero chaiyo yepo, uye ichave chinhu chimwechete.

69 Uye yakaipa “icharaswa, hongu, kana kutoibvisa mumunda wangu wemizambiringa chose; nokuti tarisai, ndichadimurira munda wangu wemizambiringa kamwechete kano chete.

70 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa vakatuma “muranda wavo; uye muranda akaenda akaita zvaakanga audzwa naIshe vake, uye ndokuunza vamwe varanda; vakange vari ^bvashoma.

71 Uye Ishe vemunda wemizambiringa vakati kwavari: Endai, “munoshanda mumunda wemizambiringa, nesimba renyu. Nokuti tarisai, ndiyo nguva ^byekupedzisira yandichapa kudya munda wangu wemizambiringa; nokuti magumo ave pedyo, uye mwaka uri kusvika; uye mukashanda nesimba renyu neni “muchafadzwa nemuchero yandichazvichengetedzera munguva iri pedyo kuuya.

72 Uye zvakaitika kuti varanda vakaenda vakanoshanda nesimba ravo; uye Ishe vemunda wemizambiringa naivowo vakashanda navo; uye vakaterera mirairo yaIshe vemunda wemizambiringa mune zvinhu zvose.

73 Uye mumunda wemiza-

mbiringa makatanga kuita michero yemo chaiyo zvakare; uye mapazi epo chaiwo akatanga kukura zvakanaka chaizvo; uye nhungirwa dzakatanga kubviswa uye dzikaraswa; uye vakachengetedza midzi nemuti zvakanana, mukusimba kwazvo.

74 Uye ndiko kushanda kwavakaita, nesimba ravo rose, sekutaura kwakange kwaita Ishe vemunda wemizambiringa, kusvika yose yakaipa yaraswa kunze kwemunda wemizambiringa, uye Ishe vazvichengetera muchero wepo, zvekuti miti iyi yakange yave michero yacho chaiwo zvekare; uye zvikave sechinhu “chimwechete; uye michero yakanga yakaenzana; uye Ishe vemunda wemizambiringa, vakanga vazvichengetera muchero chaiwo, uyo wakange wakakosha chaizvo kwavari kubvira pakutanga.

75 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa pavakaona kuti michero yavo yakange yakanaka, nokutiwo munda wavo wemizambiringa wakanga usisina miti yakaora, vakadaidza varanda vavo, vakati kwavari: Tarisai, kwenguva yekupedzisira tadiridza munda wangu wemizambiringa uno; uye maona kuti ndaita sekuda kwangu; uye ndikachengetedza muchero wepo chaiwo, uri wakanaka, sezvawakanga wakaita pakutanga. Uye imi “makaropafadzwa; nokuti mange

69a 1 Ni. 22:15–17, 23;
2 Ni. 30:9–10.

70a D&Z 101:55; 103:21.
b 1 Ni. 14:12.

71a Mat. 21:28;
Jak. 6:2–3;

D&Z 33:3–4.
b D&Z 39:17; 43:28–30.

c D&Z 18:10–16.

74a D&Z 38:27.
75a 1 Ni. 13:37.

muchishanda neni zvine simba mumunda wangu wemizambiringa, uye muchichengeta mirairo yangu, uye makauya kwandiri nemuchero ^bwepo chaiwo zvakare, munda wangu wemizambiringa hausisina miti yakaora, uye yakaipa yakakandwa kunze, tarisai muchawana mufaro neni nenzira yemuchero wemunda wangu wemizambiringa.

76 Nokuti tarisai, kwenguva “refu ndichachengetedza muchero wemumunda wangu wemizambiringa kuitira ramangwana, uyo iri kusvika nokukurumidza; uye ndakadiridza munda wangu wemizambiringa kwenguva yekupedzisira, nekuidimbura, nokuiisa mupfudze, nokuitimbira-timbira; nokudaro ndichazvichengetedzera muchero wangu, kwenguva refu, maererano nezvandakataura.

77 Uye kana nguva yasvika yekuti michero yakaipa yave zvakare mumunda wangu wemizambiringa, ipapo ndinobva ndati michero yakanaka nemichero yakaipa itanhwe; uye yakanaka ndinoichengetedza, uye yakaipa ndinoirasawo payo yega. Ipapo pobva pasvika “mwaka namagumo; uye ndinobva ndaita kuti munda wangu wemizambiringa ^bupiswe nemoto.

CHITSAUKO 6

Ishe achadzora Israeri mumazuva ekupedzisira—Nyika inobva yapiswa nemoto—Vanhu vakafanira kutevera Kristu kuti vanzvenge dziva remoto nesuriferi. Zvingangove makore 544 kusvika ku421 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino, tarisai hama dzangu, sekutaura kwandakaita kwamuri kuti ndichaporofita, tarisai, ichi ndicho chiporofita changu—kuti zvinhu zvakaturwa nemuporofita uyu “Zenos, maererano nembamba yaIsraeri, achivafananidza nemuti wakasimwa wemuorivhi, zvichaitika zvechokwadi.

2 Uye zuva raachatambanudzwa ruoko rwake zvakare nguva yechipiri ^akudzora vanhu vake, ndiro zuva, hongu, ingagove nguva yekupedzisira, yekuti ^bvaranda valshe vafambe vari ^cmusimba ravo, ^dkudiridza nekudimbura ^emunda wavo wemizambiringa; uye mushure mezvo ^fkuguma kunobva kwa-svika.

3 Uye vakaropafadzwa sei vakashanda nesimba mumunda wavo wemizambiringa; uye vakatukwa sei avo vacharasirwa munzvimbo dzavo! Uye nyika “ichapiswa nemoto.

4 Uye Mwari vedu vane tsitsi

75b NKM Israeri.

76a 1 Ni. 22:24–26.

NKM Mereniamu.

77a Zvaka. 20:2–10;

D&Z 29:22–24;

43:29–33; 88:110–116.

^b NKM Nyika—

Kuguma kwenyika.

6 1a Jak. 5:1.

2a 1 Ni. 22:10–12;

D&Z 110:11.

NKM Kudzorera

pakare

kweVhangeri.

^b Jak. 5:61.

^c 1 Ni. 14:14.

^d Jak. 5:71.

^e NKM Munda

wemizambiringa

valshe.

^f 2 Ni. 30:10.

3a 2 Ni. 27:2;

Jak. 5:77;

3 Ni. 25:1.

nesu, nokuti vanoyeuka imba “yaIsraeri, zvose midzi nema-pazi acho; uye vanovatamba-nudzira ^bmaoko avo muswere wose; uye vanhu “vakaoma mi-tsipu uye vanhu vane maku-hwa; asi avo vose vasingaomese mwoyo yavo vachaponeswa mumambo hwaMwari.

5 Nokudaro, hama dzangu dzinodiwa, ndinokunyengete-dzai nemazwi akapfava kuti dai matendeuka, uye mouya muchiziva mumwoyo menyu, “monamatira kuna Mwari seku-batirira kwavakaita kwamuri. Uye nguva inenge yakatamba-nudzirwa imi ^bruoko rwavo rwetsitsi mukati mezuva, musa-omese mwoyo menyu.

6 Hongu, nhasi, kana muka-nzwa izwi ravo, musaomese mwoyo menyu; ko munoda “kufirei?

7 Nokuti tarisai, mushure mekunge mariritirwa neshoko raMwari muswere wose, muno-unza michero yakaipa here, zvinoita kuti “mutemwe uye mukandwe mumoto?

8 Tarisai, mazwi aya mungaa-rambe here? Mungarambe here mazwi evaporofita; uye munga-rambewo here ose mazwi aka-taurwa maererano naKristu, mushure mekunge vazhinji vataura pamusoro pake; uye

mugoramba shoko rakanaka raKristu, nesimba raMwari, “nechipo cheMweya Mutsvene, nokudzima Mweya Mutsvene, nokuita dambe kuronga kwe-rununuro, zvamakagadzirirwa?

9 Hamuzive here imi kuti mu-kaita zvinhu izvi, kuti simba iroro rerununuro nereku-muka kuvakafa, riri munaKristu, zvi-chakuitai kuti mumire noku-nyara nokunzwa muine “mho-sva zvikuru pamberi pechigaro ^bchekutonga chaMwari?

10 Uye maererano nesimba “rekukutonga kwakanaka, no-kuti kukutonga kwakanaka hakungarambwe, munofanira kuenda ^bkudziva remoto suri-feri, une rimi risingadzime, uye une utsi husingagume kukwira, dziva remoto iri nesuriferi “ida-mbudziko “risingapere.

11 Imi zvino, hama dzangu dzinodiwa, tendeukai, uye mopinda nepakasuwo “kaka-manikana, uye moramba mu-chifamba nenzira yakamanika, dakara muwane upenyu hwo-kusingaperi.

12 Imi “chenjerai; chii chimwe chandingataure?

13 Kekupedzisira, ndinokuo-nekai, kudakara tasangana zva-kare pamberi pechigaro cheku-tonga kwaMwari, icho chigaro chekutonga chinounza kutya

4a II Sam. 7:24.

b Jak. 5:47.

c Mosaya 13:29.

5a NKM Kubatana.

b Aruma 5:33-34;

3 Ni. 9:14.

6a Ezk. 18:21-23.

7a Aruma 5:51-52;

3 Ni. 27:11-12.

8a NKM Chipu

cheMweya Mutsvene.

9a Mosaya 15:26.

NKM Mhosva,

Kuva ne.

b NKM Kutonga,

Kwekupedzisira.

10a NKM Yenzaniso.

b 2 Ni. 28:23.

NKM Gehena.

c NKM Kuraswa.

d D&Z 19:10-12.

11a 2 Ni. 9:41.

12a Morm. 9:28.

nekuzeza “kukuru kune vakai-pa. Ameni.

CHITSAUKO 7

Sheremu anoramba Kristu, anokakavadzana naJakobho, anoda kuona chiratidzo, uye anobva arohwa naMwari — Vose vaporofita vakataura nezvaKristu nerudzikinuro rwake — VaNifai vaigara vachingopembereka, vakaberekerwa mukunetseka vachivengwa nemaRamani. Zvingangove makore 544 kusvika ku421 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika mushure kwemakore akati, mukati mevanhu vekwaNifai makauya murume, ainzi Sheremu.

2 Uye zvakaitika kuti akatanga kuparidzira vanhu, uye achivataurira kuti hakufanirwe kunge kuina Kristu. Uye akaparidza zvinhu zvizhinji zvekunyengedza vanhu; uye izvi aizviita kuti auraye dzidziso yaKristu.

3 Uye akashanda nesimba kuti arasise mwoyo yevanhu, zvekuti akarasisa vanhu vazhinji; uye iye nokuziva kuti ini, Jakobho, ndaive nerutendo munaKristu uyo akange achizouya, akatsvaga mukana wekuti auye kwandiri.

4 Uye akange ari munhu akadzidza, zvekuti akange aine ruzivo rwakakwana rwemutauro wevanhu; nokudaro, aikwanisa kushandisa mazwi akawanda ekunyengedza, uye

aive mutauri chaiye, maererano nesimba radhiabhorosi.

5 Uye akange aine chifungidziro chekuti angandibvise parutendo, asinei “nezvakazarurwa zvizhinji nezvinhu zvizhinji zvandakanga ndaona maererano nezvinhu izvi; nokuti chokwadi ndakange ndaona ngirozi, uye dzikandidzidzisa. Uyezve, ndakanga ndanzwa izwi raIshe richitaura kwandiri iro pacharo, nguva nenguva; nokudaro, handaikwaniswa kuzungunutsa.

6 Uye zvakaitika kuti akauya kwandiri, uye nenzira iyi akataura neni, achiti: Hama Jakobho, ndatsvanga kwenguva kuti nditaure newe; nokuti ndakanzwa uye ndinozivawo kuti unofamba zvikuru, uchiparidza izvo zvaunoti iwe vhangeri, kana dzidziso yaKristu.

7 Uye wakwezva vazvinji vevanhu ava zvekuti vanyangadza nzira dzaMwari dzakanaka, uye “havachatevedza mutemo waMosesi inove nzira kwayo; uye nokuita mutemo waMosesi uve unoshandiswa kunamata munhu aunoti achauya mazana emakore achauya. Uye zvino tarisai, ini, Sheremu, ndinoti kwauri uku kunyomba; nokuti hakuna munhu anoziva zvakadaro; nokuti ^bhaakwanise kutaura zvezvinhu zvichauya. Uye uku ndiko kukakavadzana kwaiita Sheremu neni.

8 Asi tarisai, Ishe Mwari vakafemera “Mweya wake mu-

mweya wangu, zvekuti ndakamunyadzisa mumazwi ake ose.

9 Uye ndakati kwaari: Unoramba here kuti kuna Kristu achauya? Uye akati: Dai kwaive naKristu, handaimuramba; asi ndinoziva kuti hakuna Kristu, haana kumbenge ariko, haafe akavepo.

10 Uye ndikati kwaari: Unotenda magwaro here? Uye akati, Hongu.

11 Uye ndikati kwaari: Saka hauanzwisise; nokuti chokwadi anopupura nezvaKristu. Tarisai, ndinoti kwauri hakuna vaprofita vakambonyora, kana “vakaporofita, vasina kutaura maererano nezvaKristu.

12 Uye izvi hazvizizvo chete—ndakazviisirwa pachena, nokuti ndakanzwa ndikaona; uye zvikaiswa pachena “nesimba reMweya Mutsvene; nokudaro, ndinoziva kuti pakashaya rudzikinuro marudzi ose ^bacharasika.

13 Uye zvakaitika kuti akati kwandiri: Ndiratidze “chiratidzo kuburikidza nesimba reMweya Mutsvene uyu, unoita kuti uzive zvinhu zvakawanda zvose izvi.

14 Uye ndakati kwaari: Ndiri ani ini kuti ndiedze Mwari kuti vakupe chiratidzo muzvinhu zvaunoziva iwe kuti “ndevezvechokwadi? Asi unozviramba,

nokuti uri ^bwadhiabhorosi. Zvisinei, kwete kuti kuitwe kuda kwangu; asi kana Mwari vachifanira kukuranga, ngachive chiratidzo kwauri chekuti vane simba, zvose kudenga nepasi; zvakare, kuti Kristu achauya. Uye kuda kwenyu, Ishe, ngakuitwe, kwete kwangu.

15 Uye zvakaitika kuti ini, Jakobho, ndataura mazwi aya, simba raIshe rakamubata, zvekuti akawira pasi. Uye zvakaitika kuti akachengetwa kwemazuva akati.

16 Uye zvakaitika kuti akati kuvanhu: Unganai pamwechete mangwana, nokuti ndichafa, nokudaro, ndinoda kuti nditature kuvanhu ndisati ndafa.

17 Uye zvakaitika kuti ave mangwana vanhu vakaungana pamwechete; uye akataura zviri pachena kwavari akaramba zvinhu zvaakanga avadzidzisa, uye akapupura Kristu, nesimba reMweya Mutsvene, nekuparidza kwengirozi.

18 Uye akataura pachena kwavari, kuti akange “anyengedzwa nesimba ^bradhiabhorosi. Uye akataura nezvegehena, nezvekusingaperi, nezvekurangwa kwekusingaperi.

19 Uye akati: Ndinotyta kuti zvimwe ndaita chitema “chisingaregererwe, nokuti ndakanypa kuna Mwari; nokuti

11a Zvaka. 19:10;
1 Ni. 10:5; Jak. 4:4;
Mosaya 13:33–35;
D&Z 20:26.
NKM Jesu Kristu.
12a NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari—

Mwari Mweya
Mutsvene; Mweya
Mutsvene.
b 2 Ni. 2:21.
13a Mat. 16:1–4;
Aruma 30:43–60.
NKM Chiratidzo.

14a Aruma 30:41–42.
b Aruma 30:53.
18a Aruma 30:53.
NKM Hunyengedzi.
b NKM Dhiabhorosi.
19a NKM Chitadzo
Chisingaregererwe.

ndakaramba Kristu, uye ndikati ndinotenda magwaro; uye chokwadi anotaura nezvake. Uye nokuti ndanyepa kuna Mwari ndiri kutya zvikuru kwazvo ndi zvimwe mhosva yangu ^byaikaipa chaizvo; asi ndinoreurura kuna Mwari.

20 Uye zvakaaitika kuti paakanga ataura mazwi aya haana kuzogona kutaura zvimwe uye ^aakaburitsa mweya wake.

21 Uye gungano zvarakaona kuti akataura zvinhu izvi iye ave pedyo nekufa, vakashamiswa zvikuru; zvekuti simba raMwari rakauya mavari, uye ^avakakurirwa vakawira pasi.

22 Zvino, chinhu ichi chakanidifadza ini, Jakobho, nokuti ndakange ndachikumbira kuna Baba vari kudenga; nokuti vakange vanzwa kuchema kwangu vakapindura munamato wangu.

23 Uye zvakaaitika kuti runyararo nerudo rwaMwari zvakadzorerwa zvakare mukati mevanhu; uye ^avakanzvera magwaro matsvene, uye vakasateerera zvakare mazwi emurume akaipa uyu.

24 Uye zvakaaitika kuti kune zvinhu zvizhinji zvakaaitwa kuti maRamani ^aadzorerwe mukuti vazive chokwadi; asi zvose ^bzvakaramba, nokuti vaifadzwa ^cnehondo ^dnekudeura ropa, uye vakange vaine ^eruvengo rwokusingaperi, nesu hama

dzavo. Uye vakatsvaka kutiparadza nguva dzose nezvombo zvavo.

25 Nokudaro, vanhu vekwa-Nifai vakazvidzimirira nezvombo zvavo, nesimba ravo rose, vachivimba naMwari ^adombo reruponeso rwavo; nokudaro, vakave vakundi, vakakunda vavengi vavo.

26 Uye zvakaaitika kuti ini Jakobho, ndakatanga kukwegura; uye zvinyorwa zvevanhu ava sezvo zvichichengeterwa pamahwendefa ^amamwe aNifai, nokudaro, ndinopedzisa chinyorwa ichi, ndichitaura kuti ndanyora zvandakwanisa maererano nokuziva kwangu, ndichiti nguva yedu yakapfuura, ^bneupenyu hweduwo hwakapfuura sekunge kwaive kurota, sezvo tiri vanhu vari vega uye sevanhu vekunamata, vapembiri, takabviswa muJerusarema, tikaberekerwamumatambudzi-ko, murenje, uye tichivengwa nehama dzedu, zvakakonzera hondo negakava; nokudaro, takachema mazuva edu.

27 Uye, ini Jakobho, ndakaona kuti ndave pedyo kuti ndiende kuguva rangu; nokudaro, ndakati kumwana wangu ^aEnosi: Tora mahwendefa aya. Uye ndokumuraira zvinhu zvandakanganga ^bndaudzwa nemukoma wangu Nifai, uye akavimbisa kuti achateerera mirau yacho.

19b Mosaya 15:26.

20a Jer. 28:15–17.

21a Aruma 19:6.

23a Aruma 17:2.

24a Eno. 1:20.

b Eno. 1:14.

c Mosaya 10:11–18.

d Jar. 1:6;

Aruma 26:23–25.

e 2 Ni. 5:1–3;

Mosaya 28:2.

25a NKM Ibwe.

26a 1 Ni. 19:1–6;

Jar. 1:14–15.

NKM Mahwendefa.

b Jkb. 4:14.

27a Eno. 1:1.

b Jak. 1:1–4.

Uye ndinopedzisa kunyora kwangu pamahwendefa aya, kunyora kwacho kuri kwange kuri kudiki; uye kumuverengi

ndinooneka, ndichivimba kuti hama dzangu zhinji dzichaverenga mazwi angu. Hama dzangu, chisarai.

BHUKU RAENOSI

Enosi anonamata nesimba zvekuti anobva aregererwa zvivi zvake— Izwi raIshe rinouya mupfungwa dzake, richimuvimbisa ruponeso rwemaRamani muzuva richauya— MaNifai anoedza kudzosa maRamani— Enosi anofara noMununuri wake. Zvingangove makore 420 Kristu asati azvarwa.

TARISAI zvakaitika kuti ini ^aEnosi, ndichiziva baba vangu kuti ^bvakanga ari munhu akarurama—nokuti ^cvakandidzidzisa nerurimi rwavo, ^dnomukufundisa nekuraira kwaIshe—zita raMwari vangu ngariropafadzwe pamusoro pazvo—

2 Uye ndichakutaurirai ^ddambudziko randakava naro pamberi paMwari, ndisati ndagamuchira ^bkuregererwa kwezvivi zvangu.

3 Tarisai, ndakaenda kunohima mhuka mumasango; uye mazwi andaichinzwa baba vangu vachitaura nguva dzose pamusana poupenyu hwokusingaperi, ^anorufaro rwavatendi,

^bzvakadzika zvikuru mumwoyo mangu.

4 Uye mweya wangu wakaita ^anzara; ^bndakapfugama pamberi poMusiki vangu, ndikachema kwavari ^cmumunamato mukuru ndichikumbirira mweya wangu; zuva rose ndakachema kwavari; hongu, apo usiku hwakauya ndakasimudza izwi rangu pamusoro zvokuti rakasvika kumatenga.

5 Uye kwakauya ^aizwi kwandiri richiti: Enosi, zvivi zvako zvaregererwa, uye ucharopafadzwa.

6 Uye ini Enosi, ndakaziva kuti Mwari havanganyepi, nokudaro, mhosva yangu yakabviswa.

7 Uye ndakati: Ishe, zvinoitwa sei?

8 Uye vakati kwandiri: Nokuda ^akwokutenda kwako mu-naKristu, uyo wausati wanzwa kana kuona. Zve, makore akawanda achapfuura asati azviratidza pachake panyama;

[ENOSI]

1 1a NKM Enosi,
Mwanakomana
waJakobho.
b 2 Ni. 2:2-4.
c 1 Ni. 1:1-2.
d VaE. 6:4.
2a Gen. 32:24-32;

Aruma 8:10.
NKM Rutendeuko.
b NKM Kuregererwa
kweZvitadzo.
3a NKM Rufaro.
b 1 Ni. 10:17-19;
Aruma 36:17-21.
4a 2 Ni. 9:51;

3 Ni. 12:6.
b NKM Ruremekedzo.
c NKM Munamato.
5a NKM Zvakazarurwa.
8a Eta 3:12-13.
NKM Rutendo.

naizvozvo, enda, kutenda kwako ^bkwakuchenesa.

9 Uye zvakaitika kuti panda-kanga ndanzwa mazwi aya ndakatangisa kunzwa “shungu pamusoro pemagariro ehama dzangu, maNifai; naizvozvo, ^bndakadurura mweya wangu wose kuna Mwari pamusana pavo.

10 Uye ndichitambudzika kudai mumweya, tarisai, izwi raIshe rakauya “mupfungwa mangu zvakare, richiti: Ndichashanyira hama dzako maererano nokuchengeta kwavo kwakasimba mirairo yangu. ^bNdakavapa nyika ino, uye inyika tsvene; ^chandizoituka kunze kwokunge vave kutadza; nokudaro, ndichashanyira hama dzako maererano sokutaura kwandaita; kutadza kwavo ndichakuunza nokusuwa pami-soro yavo.

11 Uye shure kwokunge ini Enosi, ndanzwa mazwi aya, kutenda kwangu kwakatanga kusazungunutswa munaIshe; uye ndikanamata kwavari kwen-guva ndefu ndichitambudzi-kira hama dzangu, maRamani.

12 Uye zvakaitika kuti shure kwokunge “ndanamata uye ndashanda nesimba rose, Ishe akati kwandiri: Ndichakupa

zvose ^bzvauunoda, maererano nokutenda kwako.

13 Uye zvino tarisai, izvi ndi-zvo zvandaida kwavari—kana zvikaitika, kuti vanhu vangu, maNifai, vawira mukutadza, zvichiita kuti “vaparadzwe, uye maRamani asina kuparadzwa, kuti Ishe Mwari ^bvachengetedze zvinyorwa zvavanhu vangu, maNifai; kana zvikava kuti nesimba roruoko rwavo rwutsvene, kuti ^czvizounzwa zvakare mumazuva achatevera kumaRamani, kuti, zvimwe, ^dvangaunzwe paruponeso—

14 Nokuti kwazvino kurwisa kwe-du “kwatadzika kuti tivadzorerere mukutenda kwecho-kwadi. Uye vakapika muku-shatirwa kwavo vachiti, kana zvaikwanisika, ^bvaizoparadza zvinyorwa zvedu nesu, uye netsika dzose dzamadzibaba edu.

15 Saka, ini nokuziva kuti Ishe Mwari vaikwanisa “kuchengetedza zvinyorwa zvedu, ndakaramba ndichichema kwavari, nokuti vakanga vati kwandiri: Chinhu chose chaunokumbira mukutenda, uchidaira kuti uchachigamuchira muzita ra-Kristu, uchachigamuchira.

16 Uye ndaive nokutenda, ndakachema kuna Mwari kuti “vachengetedze ^bzvinyorwa;

8b Mat. 9:22.

9a 1 Ni. 8:12;
Aruma 36:24.

b 2 Ni. 33:3;
Mazwi 1:8;
Aruma 34:26–27.

10a NKM Kutunhwa;
Pfungwa.

b 1 Ni. 2:20.
c Eta 2:7–12.

12a Morm. 5:21; 9:36.

b Mpi. 37:4; 1 Ni. 7:12;
Hir. 10:5.

13a Morm. 6:1, 6.
b Mazwi 1:6–11;
Aruma 37:2.

c Aruma 37:19;
Eta 12:22;

D&Z 3:18.
d Aruma 9:17.

14a Jak. 7:24.

b Morm. 6:6.

15a NKM Magwaro
matsvene—Magwaro
matsvene anofanira
kuchengetedzwa.

16a 3 Ni. 5:13–15;
D&Z 3:19–20; 10:46–50.

b NKM Bhuku
raMormoni.

vakaita chibvumirano neni kuti ‘aizozviunza kumaRamani munguva yake.

17 Uye ini Enosi, ndakaziva kuti zvaizova sechibvumirano chavakanga vaita; naizvozvo mweya wangu wakazorora.

18 Uye Ishe vakati kwandiri: Madzibaba ako akati anodawo chinhu ichi; zvichaitika kwavari maererano nekutenda kwavo, nokuti kutenda kwavo kwakaita sokwako.

19 Uye zvakaitika kuti ini Enosi, ndakafamba muvanhu vaNifai, ndichiporofita pazvinhu zvichauya, ndichipupura pamusana pezvinhu zvandakanzwa nezvandakanga ndaona.

20 Uye ndinopupura kuti vanhu vaNifai vakatsvaga nesimba kudzosera maRamani pakutenda zvechokwadi kuna Mwari. Asi “kushanda kwedu kwakaramba; ruvengo rwavo rwakanga rwakakura, uye vakatungamirirwa nemweya yakai-pa zvekuti vakaita semhuka dzesango, nokutyisa, vakave vanhu vane ^bnyota-yeropa, vazere ‘nokukudza zvifananidzo nokuipa; vachidya mhuka dzinodya nyama; vachigara mumatende, vachifamba-famba murenje nekanhembe kaduku kakasungirwa muchiuno nemisoro yakaveurwa; kuziva kwavo kwakanga kuri ^dmuuta, nemumunondo, nedemo. Uye vazhinji vavo hapana chavaidya

kunze kwenyama mbishi; uye vaigara vachitsvaka kutiparadza.

21 Uye zvakaitika kuti vanhu vaNifai vakarima, “vakakudza zvirimwa zvose zvakasiyana, nemichero, nematanga ezvipfuyo, nematanga emarudzi ose emombe, nembudzi, nembudzi dzomusango, uye namahachi akawanda.

22 Uye pakanga pane “vaporofita vakawanda pakati pedu. Uye vanhu ava vakanga ^bvakao-ma mitsipa vasinganzwisisi.

23 Uye hapana chakanga chiripo kunze “kwehasha dzakapfupidza, ^bkuparidza nokuporofita zvehondo, nokupesana, nokuparadza, nekugara ‘vachiyechidzwa nezverufu, nekugara kwekusingaperi, nekutonga nesimba raMwari, nezvinhu zvose izvi—zvaiita kuti ^dvagare vachitya Ishe. Ndinoti hapana changa chisina kukwana pazvinhu izvi, kutaura kukuru kuri pachena, kunova chengetedza kuti vasakurumidzire kunoparadzwa. Ndiko kunyora kwandinoita pamusoro pavo.

24 Uye ndakaona hondo dzakanga dziri pakati pamaNifai namaRamani mumazuva angu.

25 Uye zvakaitika kuti ndakatanganga kukwegura, makore zana namakumi manomwe ana makore mapfumbamwe akanga apfuura kubva baba vedu Rihai ^avabva Jerusarema.

16c 2 Ni. 27:6.

20a Moro. 9:6.

^b Jar. 1:6.

^c Mosaya 9:12.

NKM Kunamata

Zvifananidzo.

^d Mosaya 10:8.

21a Mosaya 9:9.

22a Mazwi 1:16–18.

^b Jar. 1:3.

23a 1 Ni. 16:2; 2 Ni. 33:5.

^b NKM Paridza.

^c Hir. 12:3.

^d Jar. 1:12; Aruma 31:5.

25a 1 Ni. 2:2–4.

26 Uye ndakazviona kuti munguva shoma ndaifanira kuenenda muguva, shure kwokunge ndatunhwa nesimba raMwari kuti ndiparidze nokuporofita kuvanhu ava, nokutaura chokwadi chiri munaKristu. Ndava ndinozvitaura izvozvo muma-zuva angu ose, uye ndinofara nazvo kupfuura zvenyika.

27 Uye zvino muchinguvana ndichaenda kunzvimbo “yezo-

roro rangu, kuMununuri wangu, nokuti ndinoziva kuti maari ndichazorora. Uye ndichafara musu uyo ^b“muviri unofa wapfeka ‘muviri usingafe, uye ndichamira pamberi pake; zvino ndipo pandichaona chiso chake nokufara, achati kwandiri: Uya kwandiri, iwe wakaropafadzwa, une nzvimbo yawakagadzirirwa ‘mumazimba aBaba vangu. Amenii.

BHUKU RAJAROMU

MaNifai anochengetedza mutemo waMosesi, vanotarisisira kuuya kwaKristu, uye vanobudirira munyika—Maporofita vazhinji vanoshanda zvakasimba kuchengetedza vanhu vari munzira yechokwadi. Zvingangove makore 399 kusvika ku361 Kristu asati azvarwa.

ZVINO tarisai, ini Jaromu, ndinonyora mazwi mashoma maererano nokurairwa kwandakaitwa nababa vangu, Enosi, kuti nhorohondo “yekuzvarwa kwedu ichengetedzwe.

2 Uye sezvo mahwendefa “aya ari ^bmadiki, uye sezvo zvinhu izvi zvirii ‘kunyorwa kuti zvakanangana nokuti hama dzedu ^dmaRamani dzibatsirike, nokudaro, zvakafanira kuti ndinyore zvishoma; asi handi-

zonyora zvinhu zvekuporofita kwangu, kana zvekuzururirwa kwangu. Nokuti chandichanyora chii chingapfuure zvakanyorwa nemadzibaba angu? Nokuti havana kuburitsa pachena here hurongwa hweruponeso? Ndinoti kwamuri, Hongu; izvozvo zvakandikwanira.

3 Tarisai, zvakafanira kuti kushandwe zvikuru mukati mevanhu ava, nenzira yeukukutu hwemwoyo yavo, nekusanzwa kwenzeve dzavo, neupofu hwepfungwa dzavo, “nekuoma kwemitsipa yavo; zvisinei, Mwari vanovanzwira tsitsi zvikuru kwazvo uye havasati ^bvavatsvaira kubva pamusoro penyika.

4 Uye kune vazhinji mukati

27a NKM Zororo.
b NKM Upenyu hwenyama.
c NKM Asingafe.
d Joh. 14:2–3;
Eta 12:32–34;
D&Z 72:4; 98:18.

[JAROMU]
1 1a 1 Ni. 3:12; 5:14.
2a Jak. 3:14;
Omu. 1:1.
b 1 Ni. 6:1–6.
c NKM Magwaro matsvene—Kukosha

kwemagwaro matsvene.
d 2 Ni. 27:6;
Morm. 5:12.
3a Eno. 1:22–23.
b Eta 2:8–10.

medu “vakazururirwa zvizhinji, nokuti havasi vose vane mitsipa yakaoma. Uye vose avo vasina kuomesa mitsipa vaine rutendo, vane ^bkuwadzana neMweya Mutsvene, unozviratidza kuvana vevanhu, maererano nerutendo rwavo.

5 Uye zvino, tarisai, kwakange kwapfuura mazana maviri emakore, uye vanhu vekwaNifai vakange vawanda vakasimba munyika umu. Vakanga vachicherechedza “nekuchengetedza mutemo waMosesi nezuva ^bresabata vairiita dzvene kuna Ishe. Uye vakange ^cvasingashore; kana kutaura zvakaipa ^dzvekunyomba. Uye mirau yenyika yakange yakaoma zvikuru.

6 Uye vakange vakati tekeshe nenyika yose, nemaRamaniwo zvakare. Uye vakanga vakawandisa kupfuura maNifai; uye vaifarira “kuponda uye vachinwa ropa remhuka.

7 Uye zvakaitika kuti vakauya kazhinji kuzotirwisa, isu maNifai. Asi “madzimambo edu nevatungamiri vedu vaive varume vaive nerutendo rwakuru munaIshe; uye vakadzidzisa vanhu nzira dzaIshe; nokudaro, takamisidzana namaRamani uye tikavatsvaira tikavatandanisa munyika ^bmedu, tikatanga kuvakirira nekukomberedza maguta edu, kana nenzvimbo dzose dzenhaka yedu.

8 Uye takaberekana zvikuru, tikapararira pauso hwenyika yose, uye tikapfuma zvikuru neghoride, nesirivha, nemuzvinhu zvinokosha, nemukuveza zvinhu zvemiti zvinoyevedza, mukuvaka, nemukugadzira michini, nemusimbi nemhangura, ndarira nesimbi tichiita zvinhu zvakasiyana-siyana zvekurimisa, “nezvombo zvehondo—hongu, miseve ine misoro inopinza, nenhava, nemutsunda, nepfumo, nezvose zvekugadzirira hondo.

9 Sokugadzirira kwakange takaita maRamani, havana kukwanisa kutukurira. Asi shoko raIshe rakatsinhirwa, iro ravakataura kumadzibaba edu, vachiti: Kana muchichengetedza mirairo yangu muchave nokubudirira munyika.

10 Uye zvakaitika kuti vaporofita valshe vakavhundutsira vanhu vekwaNifai, maererano neshoko raMwari, kuti kana vakasachengeta mirairo, asi vagowira mukutadza, “vachaparadzwa vagoshaikwa pamusoro penyika.

11 Nokudaro, vaporofita, nevafundisi, nevadzidzisi, vakashanda nesimba, vachikurudzira nomwoyo murefu wose kuti vanhu vabate nesimba; vachidzidzisa “mutemo waMosesi, nezvawakaisirwa; nokuvanyengetedza kuti ^bvatarisire Mesia,

4a Aruma 26:22;
Hir. 11:23;
D&Z 107:18-19.
NKM Zvakazarurwa.
b NKM Mweya Mutsvene.
5a 2 Ni. 25:24;
Aruma 34:13-14.

b Eks. 35:2.
NKM Zuva reSabata.
c NKM Kusvibisa.
d NKM Kutaura zvisina.
6a Jak. 7:24; Eno. 1:20.
7a Jak. 1:9, 11, 15.
b Mazwi 1:14.

8a Mosaya 10:8.
10a 1 Ni. 12:19-20;
Omu. 1:5.
11a Jak. 4:5;
Aruma 25:15-16.
b 2 Ni. 11:4;
Eta 12:18-19.

nokutenda maari kuti achauya ‘sokunge akatouya kare. Uye ndiyo tsika yavakavadzidzisa nayo.

12 Uye zvakaitika kuti nokuvadzidzisa kudai vakaita kuti “vasaparadzwe nokubviswa pamusoro penyika; nokuti ^bvakavabaya pamwoyo neshoko, ndokuramba vachimutsa kuti vasvike mukutendeuka.

13 Uye zvakaitika kuti kwakange kwapera mazana maviri emakore ane makumi matatu ane makore masere—mushure metsika yehondo, nokukaka-

vadzana, nokupararana, kwe-nguva huru chaizvo.

14 Uye ini, Jaromu, handinyore zvakanyanya, nokuti mahwendefa madiki. Asi tarisai, hama dzangu, munogona kuenda kumahwendefa “mamwe aNifai; nokuti tarisai, paari ndipo pakanyorwa zvehondo dzedu, maererano nokunyora kwemadzima-mbo, kana avo vainzi vanyore.

15 Uye ndinoisa mahwendefa aya mumaoko emwanakomana wangu Omuni, kuti achengetedzwe maererano “nemirairo yemadzibaba angu.

BHUKU RAOMUNI

Omuni, Amaroni, Kemishi, Abhinadhomu, naAmarekai, vose vano-ravana kuchengeta zvinyorwa—Mosaya anowana vanhu veZarahemura, vakabva Jerusarema muma-zuva aZedekia—Mosaya anoitwa mambo wavo—Zvizvarwa zva-Mureki kuZarahemura zvakange zvawana Korianduma, wekupedzisa wemaJaredhi—Mambo Benjamin anogadzwa ushe mushure maMosaya—Vanhu vakafanira kupa mweya yavo somupiro kuna Kristu. Zvingangove makore 323 kusvika ku130 Kristu asati azvarwa.

Zvino tarisai, zvakaitika kuti ini Omuni, sokutumwa kwandakaitwa nababa vangu Jaromu, kuti ndinyore pama-

hwendefa aya, kuti tichengetedze nhorohondo yechizvarwa chedu—

2 Nokudaro, mumazuvo angu, ndinoda kuti muzive kuti ndakarwa zvikuru nemunondo kudzivirira vanhu vekwangu, maNifai, kuti vasawire mumaoko evavengi vavo, maRamani. Asi tarisai, ini pachangu ndiri munhu akaipa, uye handina kuteerera nzira kana mirau yalshe sezvandaifanira kuti ndiite.

3 Uye zvakaitika kuti mazana maviri emakore ane makumi manomwe ane makore mata-nhatu apfuura, uye takaita nguva huru yerunyararo; uye tikaitawo nguva huru yehondo dzakaipa nekudeuka kweropa. Hongu, muchidimbu, mukupfu-

11c 2 Ni. 25:24–27;
Mosaya 3:13; 16:6.

12a Eta 2:10.
b Aruma 31:5.

14a 1 Ni. 9:2–4.
15a Jak. 1:1–4.

ura kwemazana maviri emakore ane makumi masere emakore ane makore maviri, uye ini ndakanga ndachengeta mahwendefa aya maererano “nemirairo yemadzibaba angu; uye ndakaapa kumwanakomana wangu Amaroni. Uye ndinomirira pano.

4 Uye zvino ini Amaroni, ndinonyora zvinhu zvose zvandichanyora, zviri zvisroma, mubhuku rababa vangu.

5 Tarisai, zvakaitika kuti kwakapfuura mazana matatu emakore anemakumi maviri emakore, uye avo vakange vakanyanya kuipa vemaNifai “vakaparadzwa.

6 Nokuti Ishe havaizobvumira, mushure mekuvatungamira kubva munyika yeJerusarema uye vakavachengetedza kuti vasawire mumaoko evavengi vavo, hongu, havaizobvumira kuti mazwi asatsinhirwe, ayo avakataura kumadzibaba edu, vachiti: Kana musingazochengetedza mirairo yangu hamuzombobudirira munyika.

7 Nokudaro, Ishe vakavashanyira nokutonga kukuru; zvakadaro, vakange vakarurama vakaita kuti vasafe, asi vakavabvisa mumaoko evavengi vavo.

8 Uye zvakaitika kuti ndakapa mahwendefa kumunin’ina wangu Kemishi.

9 Zvino ini Kemishi, ndinonyora zvisroma zvandiri kunyora, mubhuku rimwechetero nemukoma wangu; nokuti

tarisai, ndakaona zvekupedzisira zvaakanyora, kuti akazvinyora neruoko rwake pachake; uye akazvinyora musu waakazvipa kwandiri. Uye ndiyo tsika yatinochengetedza nayo zvinyorwa, nokuti zviri maererano nemirairo yemadzibaba edu. Uye ndinobva ndamira.

10 Tarisai, ini Abhinadhomu, ndiri mwanakomana waKemishi. Tarisai, zvakaitika kuti ndakaona hondo dzakawanda nokukakavadzana pakati pevvanhu vekwangu, maNifai, nemaRamani; uye ini, nemunondo wangu, ndakauraya vazhinji vemaRamani ndichidzivirira hama dzangu.

11 Uye tarisai, zvinyorwa zvevanhu ava zvakanorwa pamahwendefa ane madzimambo, maererano nezvizvarwa; uye handina kuzarurirwa kwandinoziva kunze kweuko kwakanorwa, kana chimwe chiporofita; nokudaro, izvo zvakanorwa zvakanwana. Uye ndinomira pano.

12 Tarisai, ndini Amarekai, mwanakomana waAbhinadhomu. Tarisai, ndichataura nemi pamusoro paMosaya, uyo akaitwa mambo munyika yeZarahemura; nokuti tarisai, iye akanga akayambirwa naIshe kuti atize kubva munyika “yemaNifai, nevose vainge vateerera shoko raIshe vaifanira ^bkubva wo naye, vachienda murenje—

13 Uye zvakaitika kuti akaita maererano nokutaurirwa kwa-

akaitwa naIshe. Uye vakatizira murenje, vose avo vakateerera shoko raIshe; uye vakatungamirwa nokuparidzirwa kuzhinji nokuporofitwa. Uye vaitsiurwa nguva dzose nezwi raMwari; uye vakatungamirwa nesimba reruoko rwavo, nemurenje kudakara vasvike munyika yaidaidzwa kunzi nyika yaZarahemura.

14 Uye vakawana muine vanhu vainzi vanhu ^avaZarahemura. Zvino, pakave nokufara kukuru pakati pevanhu vaZarahemura; uye naiye Zarahemura akave nomufaro mukuru, nokuti Ishe vakange vatumira vanhu vekwaMosaya ^bnemahwendefa endarira aive nezvinyorwa zvemaJuda.

15 Tarisai, zvakaitika kuti Mosaya akaona kuti ^avanhu veZarahemura vakabva Jerusarema munguva yakatakurwa ^bZedekia, mambo waJuda, achiendwa naye Babironi senhapwa.

16 Uye vakafamba rwendo rwavo murenje, uye vakaunzwa neruoko rwaIshe vakakwanisa kuyambuka, mvura huru, vakasvika nyika yavakawanikwa vari naMosaya; uye vakange vagaramo kubvira munguva iyoyo.

17 Uye panguva yavakawanikwa naMosaya, vakange vawanda kwazvo. Zvakadaro, vakange vasangana nehondo dzakawanda nokukakavadzana kwakaipa, uye vakange varigwa

neminondo nguva nenguva; uye mutauro wavo wakange wakanganiswa; uye havana ^azvinyorwa zvakakange vauya nazvo; uye vairamba kuvapo kweMusiki wavo; uye Mosaya, kana vanhu vekwaMosaya, vakange vasinganzwisise.

18 Asi zvakaitika kuti Mosaya akaita kuti vadzidzise nemutauro wake. Uye zvakaitika kuti mushure mekunge vadzidziswa nemutauro waMosaya, Zarahemura akataura nhoroondo yekuzvarwa kwemadzibaba ake, maererano nezvaaikwanisa kuyeuka; uye zvakanyorwa, asi kwete mumahwendefa ano.

19 Uye zvakaitika kuti vanhu vaZarahemura nevaMosaya, ^avakabatana pamwechete; uye ^bMosaya akabva anzi ave mambo wavo.

20 Uye zvakaitika kuti muma-zuva aMosaya, kune dombo guru rakauiswa kwaari rakange rakanyorwa mavara pariri; uye ^aakaturikira zvairehwa mavara acho nechipo nesimba raMwari.

21 Uye aitura pamusoro pemumwe ^aKorianduma, nevakauriwa vevanhu vake. Uye Korianduma akawanikwa nevvanhu vaZarahemura; uye akagara navo kwemwedzi mipfumbamwe.

22 Zvaitaurawo mazwi mashoma-shoma maererano nemadzibaba ake. Uye vabereki vake

14a NKM Zarahemura.
b 1 Ni. 3:3, 19-20;
5:10-22.
15a Mosaya 25:2.

b Jer. 39:1-10; Hir. 8:21.
17a Mosaya 1:2-6.
19a Mosaya 25:13.
b Omu. 1:12.

20a Mosaya 8:13-19.
NKM Muoni.
21a Eta 12:1.
NKM Korianduma.

vekutanga vakabva “pasho-
ngwe, panguva Ishe ^byavakapi-
ndura mutauro wevanhu; uye
kurwadzisa kwaIshe kwakawira
pavari maererano nokutonga
kwavo, uko kwaenzaanirana;
uye ‘mapfupa avo akapararira
nenyika iri nechekuchamhembe.

23 Tarisai, ini Amarekai, nda-
kaberekwa mumazuva aMosa-
ya; uye ndikaramama ndikaona
kufa kwake; uye “Benjamini
mwanakomana wake, akatonga
munzvimbo yake.

24 Uye tarisai, ndakaona
mumazuva amambo Benjamini,
hondo yakaipa kwazvo nekude-
uka kweropa zhinji pakati pema-
Nifai nemaRamani. Asi tarisai,
maNifai akavakurira chaizvo;
hongu, zvekuti mambo Benja-
mini vakavatandanisa vakava-
buritsa munyika yeZarahemura.

25 Uye zvakaitika kuti ndaka-
tanga kukwegura; uye, sezvo
ndakange ndisina mwana, no-
kuziva kuti mambo “Benjamini
vaive munhu anoenzanisa aka-
rurama pamberi paIshe, noku-
daro, ^bndichasvitsa mahwende-
fa aya kwaari, nokukurudzira
vanhu vose kuti vauye kuna
Mwari, Mutsvene waIsraeri,
vatende muchiporofita, nemune
zvinozarurwa, nemukushumira
kwengirozi, nemuchipo cheku-
taura nendimi, nemuchipo che-
kuturikira mitauro, nemuzvi-
nhu zvose ‘zvakanaka; nokuti

hakuna chinhu chakanaka
kunze kwechabva kuna Ishe:
uye icho chakaipa chinobva
kuna dhiabhorosi.

26 Uye zvino, hama dzangu
dzinodiwa, ndinodisa kuti dai
“mauya kuna Kristu, uyo anova
Mutsvene waIsraeri, uye muzo-
dya ruponeso rwake, nesimba
rerununuro rwake. Hongu,
uyai kwaari, uye ^bmupe mweya
yenyu yose ‘semupiro kwaari,
uye moramba “muchitsanya no-
kunamata, uye moshingirira
kusvika kumagumo; uye sezvo
Ishe vari mupenyu muchapo-
neswa.

27 Uye zvino ndombotaura
zvishoma maererano nevamwe
vakaenda murenje kuti vadzo-
kere kunyika yaNifai; nokuti
kwaive nevakawanda vaida kuti
vatore nyika yenhaka yavo.

28 Nokudaro, vakaenda mu-
renje. Uye mutungamiri wavo
semunhu akange akasimba uye
ari anotyisa, uye akaomesa
mutsipa, nokudaro akakonzera
kukakavadzana pakati pavo;
uye vose “vauraiwa, kunze
kwemakumi mashanu, murenje,
uye vakadzokera zvakare ku-
nyika yaZarahemura.

29 Uye zvakaitika kuti vakato-
ra vamwe vakawanda chaizvo,
vakaenda parwendo rwavo zva-
kare vakananga murenje.

30 Uye ini Amarekai, ndaive
nemunin’ina, akaendawo navo;

22a Eta 1:1–5.
b Gen. 11:6–9;
Mosaya 28:17;
Eta 1:33.
c Mosaya 8:8.
23a Mazwi 1:3.

25a Mazwi 1:17–18;
Mosaya 29:13.
b Mazwi 1:10.
c Aruma 5:40;
Eta 4:12;
Moro. 7:15–17.

26a Jak. 1:7; Aruma 29:2;
Moro. 10:32.
b NKM Kupira.
c 3 Ni. 9:20.
d NKM Kutsanya.
28a Mosaya 9:1–4.

uye kubvira nguva iyoyo hapa na chandinoziva nezvavo. Uye ndave pedyo kuradzwa mu-

guva mangu; uye mahwendefa “aya azara. Uye ndinopedza kutaura kwangu.

MAZWI AMORMONI

Mormoni anopfupikisa mahwendefa makuru aNifai—Anoisa mahwendefa madiki nemamwe mahwendefa—Mambo Benjamini vanoita kuti munyika muve nerunyararo. Zvingangove makore 385 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino ini “Mormoni, ndave pedyo nekuda kuti ndichipa zvinyorwa zvandange ndichigadzira mumaoko emwanakomana wangu Moronai, tari-sai ndaona kunenge kuparadzwa kwose kwevanhu vangu, maNifai.

2 Uye ave mazana “mazhinji emakore shure kwekunge Kristu auya pandinopa zvinyorwa izvi kumwanakomana wangu mumaoko ake; uye zvinoita kuti ndifunge kuti achaona kuparadzwa zvachose kwevanhu vangu. Asi dai Mwari vaita kuti apunyuke pazviri, kuti agonyora zvakati maererano navo, nezvakati maererano naKristu, kuti rimwe zuva ^bzv-ingazovayamura.

3 Uye zvino, ndombotaura maererano nezvandanyora; no-

kuti mushure mekunge “nda-pfupikisa zvinobva ^bpamahwendefa aNifai, kusvika pakutonga kwamambo Benjamini ava, vanova vakataurwa nezvavo naAmarekai, ndakatsvaga mukati ‘mezvinyorwa zvakanga zvaiswa mumaoko angu, uye ndikawana mahwendefa aya, akange aine rungano rwupfupi urwu rwevaporofita, kubvira kuna Jakobho kusvika mukutonga kwamambo “Benjamini ava, nemazwiwo mazhinji aNifai.

4 Uye zvinhu zviripamahwendefa aya “zvichindifadza, nenzira yezviporofita zvekuuya kwaKristu; uye madzibaba angu achiziva kuti zvizhinji zvacho zvakazadzikiswa; hongu, neniwo ndinoziva kuti zvinhu zvizhinji zvakaporofitwa maererano nesu kusvika nhasi zvakazadzikiswa, uye izvo zvinopfuurira zuva rino zvakafanira kuzadzikiswa nechokwadi—

5 Nokudaro, ndakasarudza zvinhu “izvi, kuti ndipedzise zvinyorwa zvangu pazviri, zvasara pazvinyorwa zvangu ndichazvitora ^bpamahwendefa

30a 1 Ni. 6:1-6.

[MAZWI AMORMONI]

1 1a 3 Ni. 5:9-12;

Morm. 1:1-4; 8:1, 4-5.

NKM Mormoni,

Muporofita

wechiNifai.

2a Morm. 6:5-6.

b D&Z 3:16-20.

3a D&Z 10:44.

b D&Z 10:38-40.

c Mosaya 1:6;

Hir. 3:13-15;

Morm. 4:23.

d Omu. 1:23.

4a 1 Ni. 6:5.

5a NEMAMWE MAZWI zvinhu zvinofadza iye, vakataurwa mundima 4.

b 1 Ni. 9:2.

aNifai; uye handikwanise kunyora chikamu ^cchezana chezvinhu zvevanhu vangu.

6 Asi tarisai, ndichatora mahwendefa aya, ane zviporofita izvi nezvakazarurwa, ndozviisa pamwechete nezvasara muzvinyorwa zvangu, nokuti zvinotapira kwandiri; uye ndinoziva kuti zvichatapira kuhama dzangu.

7 Uye ndinoita izvi nechikonzero ^achakanaka; nokuti ndinoudzwa nekazeve-zeve, maererano nekushanda kunoita Mweya waIshe uri mandiri. Uye zvino, handizive zvose zvinhu; asi Ishe ^bvanoziva zvinhu zvose zvichauya; nokudaro, vanoshanda mandiri kuti ndiite zviriri maererano nekuda kwavo.

8 Uye ^amunamoto wangu kuna Mwari uri maererano nehama dzangu, kuti dai vadzokera pakuziva Mwari zvakare, hongu, rununuro rwaKristu; kuti vave vanhu ^bvanoyevedza zvakare.

9 Uye zvino, ini Mormoni, ndinopedzisa zvinyorwa zvangu, zvandiri kutora pamahwendefa aNifai; uye ndinozviiita maererano neruzivo nekunzwisisa kwandakapiwa naMwari.

10 Nokudaro, zvakaitika kuti mushure mekunge Amarekai ^aasvitsa mahwendefa aya mumoako amambo Benjamini, vakaatora vakaaisa pamwachete

^bnemamwe mahwendefa, akange aine zvinyorwa zvakange zvatambidzanwa ^cnemadzimambo, kubva kuzvizvarwa nezvizvarwa kudakara kusvika mumazuva amambo Benjamini.

11 Uye akatambidzanwa kubva pana mambo Benjamini, kuzvizvarwa nezvizvarwa kudakara asvika mumaoko ^aangu. Uye ini Mormoni, ndinonamata kuna Mwari kuti vachengetedzwe kubvira iye zvino. Uye ndinoziva kuti achachengetedzwa; nokuti paari pakanyorwa zvinhu zvikuru, mazviri ndimo muchabuda ^bkutongwa kwevanhu vangu nehama dzavo musi wezuva guru rekupedzisira, maererano neshoko raMwari rakanyorwa.

12 Uye zvino, maererano namambo Benjamini ava—vakange vaine kusawirirana kwakati mukati mevanhu vavo.

13 Uye zvakaitikawo kuti mauto emaRamani akauya achibva ^amunyika yemaNifai, achizorwisa vanhu vavo. Asi tarisai, mambo Benjamini vakaunganidza mauto avo, akamisikidzana navo; uye akarwa nesimba reruoko rwavo, ^bnemunondo waRabhani.

14 Uye nesimba raIshe vakarwisana nevavengi vavo, kudakara vauraya zviuru nezviuru zvemaRamani. Uye zvakaitika

5c 3 Ni. 5:8–11; 26:6–12.

7a 1 Ni. 9:5; 19:3;

D&Z 3:12–20;

10:1–19, 30–47.

^b NKM Saruzivo.

8a 2 Ni. 33:3–4;

Eno. 1:11–12.

^b 2 Ni. 30:6.

10a Omu. 1:25, 30.

^b 1 Ni. 9:4.

^c Jar. 1:14.

11a 3 Ni. 5:8–12;

Morm. 1:1–5.

^b 2 Ni. 25:18; 29:11;

33:11–15;

3 Ni. 27:23–27.

13a Omu. 1:12.

^b 1 Ni. 4:9; 2 Ni. 5:14;

Jak. 1:10;

Mosaya 1:16;

D&Z 17:1.

kuti vakarwisana nemaRamani kudakara vavabvisa munyika yose yenhaka yavo.

15 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge mave “nevaKristu vemanyepo, uye miromo yavo yanyaradzwa, uye varangwa maererano nemhosva dzavo;

16 Uye mushure mekunge mave nevaporofita venhema, nevaparidzi venhema nevadzidzisi vemanyepo mukati mevahhu, uye vose ava varangwa maererano nemhosva dzavo; uye mushure mekunge mava nekusanzwana nevashinji vachipoya kuenda kumaRamani, tarisai, zvakaitika kuti mambo Benjamini, vachiyamurwa “ne-

vaporofita vatsvene vaive muvanhu vake—

17 Nokuti tarisai, mambo Benjamini vakange vari munhu “mutsvene, uye vaitonga vanhu vavo nokururama; uye makange muine vanhu vatsvene vakawanda munyika, uye vaparidza shoko raMwari ^bnesimba nemvumo; uye vaishandisa mazwi ‘akaoma nenzira yekumesa mitsipa kwevanhu—

18 Nokudaro, achiyamurwa naivava mambo Benjamini, achishanda nesimba rose remuviri wake nesimba rwemweya wake rose, nevaporofitawo, vakadzika runyararo munyika zvakare.

BHUKU RAMOSAYA

CHITSAUKO 1

Mambo Benjamini vanodzidzisa vanakomana vavo mutauro nezviporofita zvmadzibaba avo—Kunamata nemagariro avo zvakachengetedzwa pamusana pezvinyorwa zvakachengetwa pamahwendefa akasiyana-siyana—Mosaya anosarudzwa kuti ave mambo uye obva apiwa kuti achengete zvinyorwa nezvimwe zvinhuwo. Zvingangove makore 130 kusvika ku124 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino kwakange kusisina kunetsana “munyika

yose yeZarahemura, mukati mevahhu vose vamambo Benjamini, zvekuti mambo Benjamini vakange vave nerunyararo mazuva avo ose anga asara.

2 Uye zvakaitika kuti vakave nevanakomana vatatu; vakavadaidza mazita avo kuti Mosaya, Hirorumu, naHiramani. Uye vakaita kuti “vadzidziswe ^bnerurimi rwose rwemadzibaba avo, kuti pamberi apo vagove varume vanonzwisisa; nokuti vazive nezvezviporofita zvaka-taurwa nemiromo yemadzibaba avo, izvo zvavakapiwa neruoko rwaIshe.

15a NKM Asingade Kristu.

16a Eno. 1:22.

17a Aruma 13:26.

b Aruma 17:2–3.

c Moro. 9:4;

D&Z 121:41–43.

[MOSAYA]

1 1a Omu. 1:13.

2a Mosaya 4:14–15;

D&Z 68:25, 28.

b Morm. 9:32.

3 Uye akavadzidzisawo maererano nezvinyorwa zvakanyorwa pamahwendefa endarira, achiti: Vanakomana vangu, ndinoda kuti murangarire kuti dai pasina “mahwendefa aya, ane zvinyorwa izvi nemirairo iyi, tingadai tichitambudzika ^bmukusaziva, kana panguva ino, tisingazive zvakavanzika zvaMwari.

4 Nokuti hazvaiita kuti baba vedu, Rihai, vangadai vakarangarira zvinhu zvose izvi, kuti vagozvidzidzisa kuvana vavo, asi kutoti vakayamurwa nemahwendefa aya; nokuti ivo vakange vakadzidziswa “nerurimi rwemaEgipita saka vaikwanisa kuverenga mavara aya, noku-dzidzisa vana vavo, kuti ivo vagozvidzidzisa kuvana vavo, uye nokudaro vachizadzikisa mirairo yaMwari, kana kusvika panguva ino.

5 Ndinoti kwamuri, vana vangu, dai pasina zvinhu izvi, zvakachengetwa uye “zvikengetedzwa neruoko rwaMwari, kuti ^btigoverenga uye tigonzwisisa ‘nezvakavandika zvavo, nokuti tiwane mirairo yavo pamberi pemaziso edu nguva dzose, kana madzibaba edu vangadai vakaderera mukusatenda, uye tingadai takafanana nehama dzedu, maRamani, avo vasina chavanoziva pamusoro pezvinhu izvi, kana kuzvitenda

havazvitende kana vakazvidzidziswa, nenzira “yetsika dze-madzibaba avo, dzisiridzo.

6 Imi vanakomana vangu, ndinoda kuti murangarire kuti mashoko aya ndeecho-kwadi, nokutiwo zvinyorwa izvi “ndezechokwadi. Uye tarisai, nemahwendefa aNifaiwo, ane zvinyorwa nemashoko emadzibaba edu kubvira panguva yavakabva kuJerusarema kusvika zvino, uye zviriro zvecho-kwadi; uye tinogona kuziva chokwadi chazvo nokuti tinazvo pamberi pemaziso edu.

7 Uye zvino, vanakomana vangu, ndinoda kuti murangarire “kuzvitsvaga nesimba, kuti zvigokuyamurai; uye ndinodawo kuti ^bmuchengete mirairo yaMwari, kuti ‘mugobudirira munyika maererano “nezvivimbiso zvakaitwa nalshe kumadzibaba edu.

8 Uye zvinhu zvizhinji zvakadzidzisa mambo Benjamini vanakomana vavo, zvisina kunyorwa mubhuku rino.

9 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge mambo Benjamini vapedza kudzidzisa vanakomana vavo, vakanzwa kukwegura, vakaona kuti vave pedyo pekuenda kwakaenda vamwe vose munyika; nokudaro, vakafunga kuti zvakafanira kuti vape umambo mumwe wevanakomana vavo.

3a NKM Mahwendefa.

b Aruma 37:8-9.

4a Nh—JS 1:64.

5a NKM Magwaro matsvene—Magwaro matsvene anofanira kuchengetedzwa.

b Deut. 6:6-8.

c NKM Zvakavandika zvaMwari.

d Mosaya 10:11-17.

6a 1 Ni. 1:3;

2 Ni. 33:10-11;

Moro. 10:27.

7a NKM Magwaro matsvene.

b Mosaya 2:22;

Aruma 50:20-22.

c Mpi. 122:6;

1 Ni. 2:20.

d Aruma 9:12-14.

10 Naizvozvo, vakaita kuti Mosaya aunzwe kwavari; uye aya ndiwo mazwi avakataura kwaari, vachiti: Mwanakomana wangu, ndinoda kuti udaidzire kunyika yose kuvanhu vose ava, kana "vanhu veZarahemura nekuvanhu vaMosaya vanogara munyika umu, kuti vaungane pamwechete; nokuti mangwana ndichaidzira kuvanhu ava nemuromo wangu kuti iwe wave ^bmambo nemutongi wevanhu ava, avo vatakapihwa naIshe Mwari vedu.

11 Uye zvakare, ndichapa vanhu ava ^azita, kuti vagosiyana pane avo vose vanhu vakabviswa naIshe Mwari munyika yeJerusarema; uye izvi ndinozviita nokuti vanga vakasimba mukuchengetedza mirairo yaIshe.

12 Uye ndinovapa zita risingazombodzimwa, rinotodzimwa ^anekutadza.

13 Hongu, uye zvakare ndinoti kwamuri, kana vanhu ava vanodiwa kwazvo naIshe vakawira ^amukutadza, uye vakave vanhu vakaipa uye mhombwe zevanhu, zvekuti Ishe vachavaramwa, zvekuti ^bvachashaya simba sehama dzavo; uye ^chavazovachengetedza nesimba ravo risina anaro rinoshamisa, sekuchengetedza kwavakaita madzibaba edu kusvika zvino.

14 Nokuti ndinoti kwamuri, dai vakanga vasina kutambanudza ruoko rwavo muku-

chengetedza madzibaba edu vangadai vakawira mumaoko emaRamani, uye vakanetswa neruvengo rwavo.

15 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge mambo Benjamini vapedza kutaura uku kumwanakomana wavo, vakamupa simba pamusoro pezvinhu zvose zvenyaya dzeumambo.

16 Uye zvakare, vakamupawo simba pamusoro pezvinyorwa zvakanga zvakanyorwa ^apamahwendefa endarira; neayowo mahwendefa aNifai; uye zvakare, ^bmunondo waRabhani, ^cnebhora kana kuti chinongedzo, chakatungamira madzibaba edu vachipinda nemurenje, chakagadzirwa neruoko rwaIshe kuti vagotungamirwa, wose munhu maererano noku-
teerera nokusimba kwavainge vamupa.

17 Naizvozvo, zvavakange vasingatendeseke havana kubudirira munyika zve havana kufambira mberi murwendo rwavo, asi ^avakatinhirwa shure, uye vakaunza hashha dzaMwari pavari; uye saka vakarohwa neshamhu yenzara nokutambudzika kunorwadza, kuti vamuke vagorangarira basa ravo.

18 Uye zvino, zvakaitika kuti Mosaya akaenda akanoina zvakanga zvataurwa nababa vake, uye akadaidzira kuvanhu vose vakange vari munyika yeZarahemura kuti vaungane pamwechete, vaende kutemberi kuti

10a Omu. 1:14.

^b Mosaya 2:30.

11a Mosaya 5:8-12.

12a NKM Chitadzo.

13a VaH. 6:4-6.

^b Hir. 4:24-26.

^c D&Z 103:8-10.

16a Mosaya 1:3.

^b 1 Ni. 4:8-19;

Mazwi 1:13; D&Z 17:1.

^c 1 Ni. 16:10.

17a 1 Ni. 18:12-13.

vanonzwa mazwi achataurwa nababa vake kwavari.

CHITSAUKO 2

Mambo Benjamini vanotaura kuvanhu vavo—Vanotaura nezvekuenzana, nekunaka neumwari mukutonga kwavo—Vanovaraira kuti vashandire Mambo vavo Vokudenga—Avo vanopandukira Mwari vachatambudzika nokurwadziwa semoto usingadzime. Zvingangove makore 124 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mushure mekunge Mosaya aita sokurairwa kwaakanga aitwa nababa vake, adaidzira munyika yose, kuti vanhu vaungane nyika yose, kuti vaende kutemberi kunonzwa mazwi amambo Benjamini avaizotaura kwavari.

2 Uye pakava nevakawanda zvikuru, vakawandisa zvokuti havana kukwanisa kuvavereanga; nokuti vakanga vaberekana uye vasimba munyika umu.

3 Uye vakatora zvizereko ^azvokutanga zvematanga avo, kuti vagopira ^bchibairo ^cnomupiro wokupisa ^dmaererano nemutemo waMosesi.

4 Uye zvakare kuti vagopa kutenda kuna Ishe Mwari vavo, avo vakavaunza kubva munyika yeJerusarema, avo vakavaburitsa mumaoko emhandu

dzavo, ^avakasarudza varume vakarurama kuva ^bvadzidzisi vavo, nomunhu akarurama kuva mambo vavo, uyo ainge adzika runyararo ^cmunyika yeZarahemura, akadzidzisa kuti ^dvachengete mirairo yaMwari, kuti vave vanofara nokuzadzwa ^enorudo kuna Mwari nokuvanhu vose.

5 Uye zvakaitika kuti apo pavakauya kutemberi, vakamisa matende avo akatenderedza, murume wose ^anemhuri yake, zvichiti mudzimai wake, navanakomana vake, navanasikana vake, navanakomana vavo, navanasikana vavo, kubva kumukuru kusvika kumudiki, mhuri dzose dzimire dzakaparadzana.

6 Uye vakamisa matende avo vakatenderedza temberi, murume wose akamisa musuo ^awetende wakatarisa kutemberi, kuti varambe vari mumatende vachinzwa mazwi amambo Benjamini kana vachinge votaura kwavari;

7 Nokuda kwokuti gungano rakanga rakakura zvokuti mambo Benjamini havaikwanisa kuvadzidzisa vose vari mukati metemberi, naizvozvo vakaita kuti pavakwe shongwe refu, kuti vanhu vavo vanzwe mazwi avaizotaura kwavari.

8 Uye zvakaitika kuti vakatungisa kutaura kuvanhu vavo vari pashongwe; havana kukwanisa kunzwa mazwi avo ose

2 3a Gen. 4:4.
b NKM Kupira.
c 1 Ni. 5:9.
d 2 Ni. 25:24;
Aruma 30:3; 34:13-14.

4a NKM Akadaidzwa naMwari.
b Mosaya 18:18-22.
NKM Dzidzisa.
c Omu. 1:12-15.

d Joh. 15:10.
e NKM Rudo.
5a NKM Mhuri.
6a Eks. 33:8-10.

nokuda kwokuwanda kwavanhu; nokudaro vakaita kuti mazwi avo avaitaura anyorwe achitumirwa kune avo vakange vasingavanzwe, kuti vaagamuchirewo.

9 Uye aya ndiwo mazwi “avakataura vakaita kuti anyorwe, vachiti: Hama dzangu, imi mose maungana pamwechete, imi mose munokwanisa kunzwa mazwi andichataura kwamuri nhasi; nokuti handina kukurairai kuti muuye pano ^bkuzotamba nemazwi andichataura kwamuri, asi kuti munofanira ^ckuteerereswa kwandiri, uye muzarure nzeve dzenyu kuti munzwe, ^dnemwoyo yenyu kuti munzwise, ^enepfungwa dzenyu kuti ^fzvakananzika zvaMwari zvipfudzunurwe mumaziso enyu.

10 Handina kukurairai kuti muuye kuno kuti “munditye, kana kuti mufunge kuti ini ndakasiyana navanhu vanofa.

11 Asi ndakafanana nemi, nokuva ndinobatwa nezvirwere zvakasiyana mumuviri nomupfungwa; asi ndakasarudzwa navanhu vano, ndikaropafadzwa nababa vangu, uye ndikabvumirwa noruoko rwaIshe kuti ndive mutongi namambo pamusoro pavanhu ava; ndikachengetedzwa nesimba ravo risina anaro, kuti ndikushandirei, nekugwinya, nepfungwa nesimba zvose izvo Ishe zvavakapa kwandiri.

12 Ndinoti kwamuri sezvo

ndakabvumirwa kuti ndipedze mazuva angu panyika ndichishandira imi, kana kusvika panguva ino, uye handina kutsvaga “goridhe kana sirivha kana umwewo upfumi zvahwo kubva kwamuri;

13 Handina kuda kana kuti mugare mumakomba, kana kuti muitane varanda, kana kuti muponde, kana kuparadza, kana mube, kana kuita upombwe; kana kuda kuti mutadze neimwewo nzira, uye ndikakudzidzisa kuti muchengete mirairo yaIshe, muzvinhu zvose zvavakakurairai—

14 Uye kunyange neni, pachangu, “ndakashanda namaoko angu kuti ndikushandirei, kuti musava munoremedzwa nemitero, uye kuti kusauye chimwe chinhu chinorwadza kutakura kwamuri—pazvinhu zvose izvi zvandataura, imimi pachenyu muri vapupuri pazuva ranhasi.

15 Asi hama dzangu, handina kuita zvinhu izvi kuti ndizvikudze, kana kuti ndataura zvinhu izvi kuti ndikupei mhosva; asi ndinokutaurirai zvinhu izvi kuti muone kuti ndinokwanisa kupindura “ndisingatye pamberi paMwari pazuva ranhasi.

16 Tarisai, ndinoti kwamuri nokuti ndamboti kwamuri ndakapedza mazuva angu ndichikushandirai, handizi kuzvikudza, nokuti ndanga ndingori mukushandira Mwari.

9a Mosaya 8:3.

b D&Z 6:12.

c NKM Teerera.

d Mosaya 12:27;

3 Ni. 19:33.

e NKM Pfungwa.

f NKM Zvakavandika

zvaMwari.

10a NKM Kutya.

12a Mabasa 20:33–34.

14a I VaKori. 9:18.

15a NKM Hana.

17 Uye tarisai, ndinokuudzai zvinhu izvi kuti mudzidze ^aungwaru; kuti mudzidze kuti kana muri ^bmukushandira ^cvamwe venyu munenge muri mukushandira Mwari wenyu.

18 Tarisai, munondidaidza kuti mambo venyu; zvino kana ini, amunodaidza kuti mambo venyu, ^andichikushandirai, hamufanire here imi kushandirana mumwe nemumwe?

19 Uye tarisai zvakare, kana ini, wamunodaidza kuti mambo venyu, avo vapedza mazuva avo vari mukushandira imi, asi kwanga kuri kushandira Mwari, ndichifanira kutendwa nemi, ko Mambo venyu wokudenga munofanira ^akumutenda zvakadii!

20 Ndinoti kwamuri, hama dzangu, kuti mukapa kutenda kose ^anokurumbidza nesimba rinogona kuye mumweya wenyu, kuna ^bMwari avo vakakusikai, vakakuchengetai noku-kuchengetedzai, vakaita kuti mufare, vakakubvimirai kuti mugare nerunyararo pakati penyu —

21 Ndinoti kwamuri kuti kana mukashandira ivo vakakusikai kubva pakutanga, nokukuchengetedzai zuva nezuva, noku-kuposhai kufema, kuti murarame nokufamba nokuita ^akuda kwenyu, kana nokukusimbisai kubva pane ino nguva kuenda pane imwe — ndinoti, kana mu-

kavashandira nemweya yenyu yose asi muchingove varanda ^bvasina rupundutso.

22 Uye tarisai, zvavanoda che-te kwamuri ^akuchengeta ^bmirairo yavo; vakakuvimbisai kuti mukachengeta mirairo yavo muchabudirira munyika; uye ^chavapinduke pane zvavanenge vataura; naizvozvo, ^dmukachengeta mirairo yavo muchakomborerwa uye muchabudirira.

23 Uye zvino, chinhu chokutanga, vakakusikai, vakakupai upenyu hwenyu, uhwo hunova chikwereti chamuinacho kwavari.

24 Uye chechipiri, vanoda kuti imi multe sokuraira kwavakakuitai; nokuti mukaita, ^avano-kukomborerai ipapo; naizvozvo vanenge vakuripai. Asi imi muchine chikwereti kwavari, uye muchiri, uye muchave, nacho narinhi narinhi; naizvozvo, muneiko chamungazvikudzire?

25 Uye zvino ndinobvunza, pane kana chamungazvireverere nacho here? Ndinokupindurai, Kwete. Hamungati makaenzana kana neguruva renyika; asi ^amakasikwa ^bneguruva renyika, asi tarisai, nderevaridzi vakakusikai.

26 Uye ini, kunyange ini, wamunodaidza kuti mambo venyu, handisi nani kupfuura imimi; nokuti ndiri weguruvawo. Uye munoono kuti ndakura, ndava

17a NKM Ungwaru.
b Mat. 25:40; Jkb. 1:27;
 D&Z 42:29–31.
 NKM Rubatsiro.
c NKM Hama;
 Hanzvadzi.
 18a Mat. 20:26–27.

19a NKM Kupakutendo.
 20a 1 Ni. 18:16.
b NKM Mwari, Musoro
 hwehuMwari.
 21a NKM Kuzvisarudzira.
b Ruka 17:7–10.
 22a Zvaka. 25:18–19;

2 Ni. 1:9.
b NKM Mirairo yaMwari.
c D&Z 3:1–2.
d D&Z 14:7; 58:2–3.
 24a NKM Kuropafadzwa.
 25a NKM Sika.
b Gen. 3:19; Jak. 2:21.

pedyo nokusiira muviri kuna mai vawo ivhu.

27 Naizvozvo, sekutaura kwandamboita kwamuri, kuti ndakakushandirai, “ndichifamba ndisina chandinotyia pamberi paMwari, kunyange ini panguva ino ndaita kuti muungane pamwechete mose, kuti ndionekwe ndisina mhaka, uye kuti ^bropa renyu risauya pamusoro pangu, apo ndichamira kuti nditongwe naMwari pazvinhu izvo zvandakarairwa pamusana penyu.

28 Ndinoti kwamuri ndaita kuti muungane pamwechete kuti “ndibvise ropa renyu panguwu dzangu, panguva ino ndava pedyo nokuenda muguva, kuti ndiende norunyararo, ^bmweya wangu usingafi ugobatana ‘nevaimbi kumusoro mu kuimba kupembedza Mwari vakarurama.

29 Uye zvakare, ndinoti kwamuri ndaita kuti muungane pamwechete, kuti ndikutaurirei kuti handichakwanisa kuramba ndiri mudzidzisi venyu, kana mambo venyu;

30 Nokuti kunyange izvozvi, muviri wangu uri kubvunda zvikuru apo ndiri kuedza kutaura kwamuri; asi Ishe Mwari vanondisimbisa, uye vanditendera kuti nditaure kwamuri, vandiraira kuti nditaure kwamuri pazuva ranhasi, kuti mwanakomana wangu Mosaya ndimambo nomutongi pamusoro penyu.

31 Uye zvino, hama dzangu, ndinoti multe sezvamanga muchiita. Sezvo makachengeta mirairo yangu, uye zvakare nemirairo yababa vangu, mukabudirira, mukachengetwa kuti musawire mumaoko emhandu dzenyu, naizvozvo mukachengeta mirairo yomwanakomana wangu, kana kuti mirairo yaMwari iyo ichapiwa kwamuri naye, muchabudirira munyika, uye mhandu dzenyu dzichashaya simba pamusoro penyu.

32 Asi, hama dzangu, chenjerai kuti pangangova “nokupesana pakati penyu, motsvaka kuteerera mweya wakaipa, uyo waka-taurwa nababa vangu Mosaya.

33 Nokuti tarisai, kune nhamo yakataurwa kune uyo anosarudza kuteerera kumweya uyu; nokuti kana akasarudza kuteerera, akagara nokufira muzvivi zvake, munhu iyeye anozvinwira “kuraswa kumweya wake; nokuti achagamuchira somubairo wokutadza kwake kurangwa ^bkusingaperi, nenzira yokutyora mutemo waMwari zvisingapiderane noruzivo rwake pachake.

34 Ndinoti kwamuri, hakuna vamwe pakati penyu, kunze kwokunge vari vana vaduku venyu vasina kumbodzidziswa pamusoro pezvinhu izvi, asi vanoziwa kuti mune mungava kunaBaba vekudenga nekusingaperi, mumupe zvose zvamuinazvo nezvamuri; uye makadzidziswa pamusoro pezvinyorwa izvo zvine zvipo-

27a NKM Famba, Famba naMwari.
b Jak. 1:19.

28a Jak. 2:2.
b NKM Mweya.
c Morm. 7:7.

32a 3 Ni. 11:29-30.
33a NKM Kuraswa.
b D&Z 19:6, 10-12.

rofita zvakataurwa namaporo-
fita vatsvene, kana kusvika
panguva iyo baba vedu, Rihai,
vakasiya Jerusarema;

35 Uye zvakare, nezvose zva-
kataurwa namadzibaba edu
kusvikira iye zvino. Uye tarisai,
zvakare, vaitaura izvo zvavaira-
irwa naIshe; naizvozvo, vakaru-
rama uye vari pachokwadi.

36 Uye zvino, ndinoti kwamu-
ri, hama dzangu, kuti shure
kwokunge maziva nokudzidzi-
swa zvinhu zvose izvi, mukata-
dza nokuita zvinhu zvinopikisa
izvi zvakataurwa, kuti munenge
muchizvibvisa kuMweya wa-
Ishe, kuti usave nenzvimbo
mamuri kuti ukutungamirirei
munzira youngwaru kuti mu-
komborerwe, mubudirire noku-
chengetedzwa—

37 Uye ndinoti kwamuri, kuti
munhu anoita izvi, mumwe-
chete iyeye achabuda pachena
“mukupandukira Mwari; nai-
zvozvo anosarudza kuteerera
kumweya wakaipa, obva ava
mhandu kuzvitsvene zvose; nai-
zvozvo, Ishe haana nzvimbo
maari, nokuti haagare mute-
mberi ^bdzisiri tsvene.

38 Naizvozvo kana munhu
uyu ^aakasatendeuka, agogara
nokufa ari mhandu yaMwari,
zvinodiwa ^bnokutonga kwaka-
rurama zvinomutsa mweya
wake usingafe mukuziva ‘mho-
sva yake, izvo zvinomuita kuti
anyare kuva pamberi paIshe,

nokuzadza chipfuva chake
nemhosva, nekurwadziwa, no-
kusuwa kukuru, kunofanana
nemoto usingadzime, une rimi
rinoramba richikwira narinhi
narinhi.

39 Uye zvino ndinoti kwamuri,
munhu iyeye haawane “tsitsi;
naizvozvo kutongwa kwake
kwokupedzisira ndokwokurwa-
dziwa kusingaperi.

40 Imi, mose harahwa, nemi
mose varume vaduku, nemi
vana vaduku munonzwisisa
mazwi angu, nokuti ndataura
pachena kwamuri kuti imi
munzwisise, ndinonamata kuti
mumuke “mukurangarira zvi-
nhu zvakaipa zvakawira vose
vakamutadzira.

41 Uye zvakare, ndinoda kuti
mufunge makomborero “noru-
faro rwe avo vanochengeta
mirairo yaMwari. Nokuti tari-
sai, ^bvakakomborerwa muzvi-
nhu zvose, zvose munyama
napamweya; vakabatirira ‘pa-
kutenda kwavo kusvikira kwo-
kupedzisira vachagamuchirwa
^dkudenga, kuti vazova vanogara
naMwari mumugariro wemu-
faro usingaperi. Rangarirai,
rangarirai kuti zvinhu izvi
ndezevchokwadi; nokuti Ishe
Mwari vakazvitaure.

CHITSAUKO 3

Mambo Benjamini vanoenderera

37a Mosaya 3:12;
Hir. 8:24–25.
NKM Hupanduki.
b Aruma 7:21.
38a NKM Rutendeuko.

b NKM Yenzaniso.
c NKM Mhosva, Kuva ne.
39a Aruma 34:8–9, 15–16.
NKM Anetsitsi.
40a Aruma 5:18.

41a 4 Ni. 1:15–18.
NKM Rufaro.
b NKM Kuropafadzwa.
c D&Z 6:13.
d NKM Denga.

mberi nokutaura kwavo—Ishe Vanamasimba ose vachaparidza kuvanhu vose mutabernakeri yevhu—Ropa richabuda nemumaburi ose eganda ravo vachiripira zvitadzo zvenyika—Ravo ndiro chete zita rinounza ruponeso—Vanhu vanokwanisa kubisa munhu wenyama nokuva Vatendi kuburikidza noRudzikinuro—Kurwadziwa kwovakaipa kuchaita somoto nesuriferi. Zvingangove makore 124 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakare hama dzangu, ndinoda kuti munditeerere, nokuti ndine zvakawanda zvanidinoda kutaura; nokuti tarisai, ndine zvinhu zvandiri kuda kutaura kwamuri pamusana pezvinhu zvichauya.

2 Uye zvinhu zvandichataura kwamuri zvakaziviswa kwandiri “nengirozi yaMwari. Akati kwandiri: Muka; ndikamuka, uye tarisai akamira pamberi pangu.

3 Uye ikati kwandiri: Muka, unzwe mazwi andichakutaurira; nokuti tarisai, ndauya kuzokudza mashoko “anofadza zvikuru.

4 Nokuti Ishe vanzwa minamoto yako, vakatonga nezveutsvene hwako, vakandituma kuti ndikutaurire kuti chifara; kuti ungataurirewo vanhu vako, kuti vazadzwevo nomufaro.

5 Nokuti tarisai, nguva yasvika, uye haisi kure, kuti nesimba “Ishe Vanamasimba ose vanotonga, avo vakanga vari, uye vari kubva kose kusingaperi kusvika kose kusingaperi, vachadzika kubva kudenga mukati mevana vavanhu, vachizogara ^bmutabernakeri yevhu, uye vachafamba pakati pavanhu, vachiita ^czvishamiso zvikuru, zvakaita sokuporesa vanorwara, kumutsa vakafa, vachiita kuti vakaremara vafambe, mapofu aone, matsi dzinzwe, nokuporesa zvirwere zvakasiyana-siyana.

6 Uye vachaburitsa kunze “dhiabhorosi, kana kuti mweya yakaipa iyo inogara mumwoyo yavana vavanhu.

7 Uye ivo, “vachaedzwa, nokurwadziwa pamuviri, ^bnzara, nyota, nekuneta, kana kupfuura ^ckutambudzika kwemunhu, kunze kwokunge kuri kworufu; nokuti tarisai, ^dropa richabuda neburi rose riri paganda, ^ekurwadziwa kwavo kuchave kukuru pamusana pokuipa kwavanhu vavo.

8 Uye vachadaidzwa kunzi “Jesu Kristu, ^bMwanakomana waMwari, ^cBaba vekudenga nenyika, Musiki vezvinhu zvose kubvira pakutanga; uye ^damai vake vachadaidzwa kunzi ^eMaria.

3 2a NKM Ngirozi.

3a Ruka 2:10–11.

5a NKM Jehova.

b Mosaya 7:27;

Aruma 7:9–13.

c Mat. 4:23–24;

Mabasa 2:22;

1 Ni. 11:31.

NKM Chishamiso.

6a Marko 1:32–34.

7a NKM Chiedzo.

b Mat. 4:1–2.

c D&Z 19:15–18.

d Ruka 22:44.

e Isa. 53:4–5.

8a NKM Mwari, Musoro

hwehuMwari—

Mwari Mwanakomana.

b Aruma 7:10.

c Hir. 14:12; 3 Ni. 9:15.

d Mat. 1:16;

1 Ni. 11:14–21.

e NKM Maria, Amai

vaJesu.

9 Uye tarisai, achauya kune vekwake, kuti “ruponeso rwu- uye kuvana vavanhu uye kana ^bnomukutenda muzita rake, uye kana shure kwezvinhu zvose izvi vachamuona somunhu, voti ana ^cdhiabhorosi, ^dvachamurova, ^evogomurovera pamuchinjikwa.

10 Uye ^aachamuka nezuva ^brechitatu kubva mukufa; uye tarisai, achamira kuti ^catonge nyika; uye tarisai, zvinhu zvose izvi zvichaitika kuti kutongwa kutsvene kugovapo kuvana vavanhu.

11 Nokuti tarisai, ^aropa rake ^brichabvisa zvivi zveavo ^cvakapunzika nokutadza kwaAdama, avo vakafa vasingazivi chido chaMwari pamusoro pavo, kana kuti avo vakatadza ^dnokusaziva.

12 Asi, nhamo, nedambudziko, kune uyo anoziva kuti ari ^akupandukira Mwari! Nokuti ruponeso haruuye kumunhu akadaro kunze kwokunge atendeuka nokutenda ^bmunaishe Jesu Kristu.

13 Uye Ishe Mwari vakatuma vaporofita vake vatsvene pakati pavana vavanhu, kuti vataure zvinhu izvi kumarudzi ose,

nyika, norurimi rwose, kuti kuna avo vanotenda kuti Kristu achauya, ivavo ^avacharegererwa zvivi zvavo, vagofara zvikuru, ^bsekunge atouya pakati pavo nechakare.

14 Asi Ishe Mwari vakaona kuti vanhu vavo vakanga vari vanhu vakaoma mitsipa, vakavapa mutemo, ^amutemo waMosesi.

15 Uye vakaratidza kwavari zviratidzo zvakawanda, neminana, ^anezvakasiyana, nemifanidzo, maererano nokuuya kwake; kana vaporofita vatsvene vakataura kwavari pamusana pokuuya kwake; asi zvakadaro vakaomesa mwoyo yavo, vasinganzwisise kuti ^bmutemo waMosesi haureve chinhu kana pasina kudzikinurwa neropa rake.

16 Uye kana dai zvaibvira kuti ^avana vaduku vatadze havai- kwanisa kuponeswa; asi ndinoti kwamuri ^bvakakomborerwa; nokuti tarisai, semunaAdama, kana kuti namasikirwo, vanoputsika, zvakadaro ropa ra- Kristu rinoripira zvivi zvavo.

17 Uye zvakare, ndinoti kwamuri, ^ahapana rimwe zita richapiwa kana imwe nzira kana zano ringaunza ^bruponeso ku-

9a NKM Ruponeso.

b NKM Rutendo.

c Joh. 8:48.

d Marko 15:15.

e Ruka 18:33;

1 Ni. 19:10;

2 Ni. 10:3.

NKM Kuroverwa.

10a NKM Kumuka

Kuvakafa.

b Mat. 16:21;

2 Ni. 25:13;

Hir. 14:20-27.

c NKM Kutonga.

11a NKM Ropa.

b NKM Dzikinura.

c NKM Kupunzika
kwaAdama naEva.

d 2 Ni. 9:25-26.

12a Mosaya 2:36-38;

Hir. 8:25.

NKM Hupanduki.

b NKM Ishe.

13a NKM Kuregererwa

kweZvitadzo.

b 2 Ni. 25:24-27;

Jar. 1:11.

14a NKM Mutemo

waMosesi.

15a NKM Jesu Kristu—

Marudzi kana

mucherechedzo

waKristu.

b Mosaya 13:27-32.

16a NKM Vana.

b Moro. 8:8-9.

17a Mabasa 4:10-12;

2 Ni. 31:21.

b NKM Ruponeso.

vana vavanhu, asi nezita chete
‘raKristu, Ishe Samasimba.

18 Nokuti tarisai vanotonga,
uye kutonga kwake kwakarurama,
uye; mucheche haaparadzwe
anofa ari mucheche; asi vanhu
vanozvinwira kutongwa kumweya
yavo kunze kwokunge vazvinipisa
pachavo “vakava savana vaduku,
nokutenda kuti ruponeso rwakanga
rwuri, uye rwuri, uye kuti rwuchauya,
kuburikidza neropa^b rerudzikinuro
rwaKristu, Ishe Samasimba.

19 Nokuti munhu “wenyama
imhandu yaMwari, uye abvira
akadaro kubva^b pakupunzika
kwaAdama, uye achazova
akadaro, nokusingaperi, kunze
kwokuti ‘azviisa mukunyengedza
“kweMweya Mutsvene, obvisa
munhu wenyama achizova
“mutsvene kuburikidza norudzikinuro
rwaKristu Ishe, wozova^f somwana,
anozviisa, anozvinipisa, munyoro,
ane mwoyo murefu akazara norudo,
anozviisa pasi pezvinhu zvose
izvo Ishe anoona kuti zvakafanira
kumutakurisa, kana somwana
anozviisa pasi pababa vake.

20 Uye zvakare, ndinoti kwamuri,
nguva ichasvika apo “ruzivo
rwoMuponesi rwuchapararira
kunyika^b dzose, nenduzi dzose,
nendimi navanhu.

21 Uye tarisai, kana nguva iyi

yasvika, hapana achaonekwa
“asina mhaka pamberi paMwari,
kunze kwavana vaduku chete,
kunze kwokutendeuka nokutenda
muzita raIshe Mwari Samasimba.

22 Uye kana panguva iyoyo,
kana uchinge wadzidzisa vanhu
vako zvinhu izvo Ishe Mwari
zvavakakuraira, kana zvakadaro
havangazoonekwi vane mhaka
kana chimwe zvacho pamberi
paMwari, chete kuburikidza
namazwi andakataura kwauri.

23 Uye zvino ndataura mazwi
ayo Ishe Mwari avakandiraira.

24 Uye izvi ndizvo zvinotaurwa
naIshe: Vachamira seuchapupu
hunopenya pamusana pevanhu
ava, pazuva rokutongwa;
naizvozvo vachatongwa,
munhu wose namabasa ake,
chero dai anga akanaka, kana
dai anga akaipa.

25 Uye kana vakaipa “vacharatidzwa
mhosva dzavo nekuipa kwavo,
zvinoita kuti vazvipete nenyadzi
kumira pamberi paIshe kupinda
munguva^b yokutambudzika
nokurwadziswa uku kusingaperi,
kusingadzokwe; naizvozvo
vazvinwira kuraswa pamweya
yavo.

26 Naizvozvo, vanwa kubva
mumukombe wokutsamwa
kwaMwari, kutonga kwakanaka
hakuna kugona kuvanunura
sekutadza kununura kwakwa-

17c NKM Jesu Kristu—
Kutora Zita raJesu
Kristu paTiri.

18a Mat. 18:3.

^b Mosaya 4:2; Hir. 5:9.

19a I VaKori. 2:11–14;

Mosaya 16:2–3.

NKM Munhu

weNyama.

^b NKM Kupunzika
kwaAdama naEva.

^c II Mak. 30:8.

^d Moro. 10:4–5.

NKM Mweya
Mutsvene.

^e NKM Mutendi.

^f 3 Ni. 9:22.

20a D&Z 3:16.

^b NKM Basa
reKushumira.

21a NKM Kudavira.

25a Aruma 5:18; 12:14–15.

^b Morm. 8:38.

kaita “Adama adya ^bmuchero wairambidzwa; naizvozvo, “tsitsi hadzaizove pavari nokusingaperi.

27 Uye “kutambudzika kwavo kwakada kuita ^bsedziva remoto nesuriferi une rimi guru, une rimi racho risingadzime, utsi hwacho hwunokwira kudenga nokusingaperi. Izvi ndizvo zvandakarairwa naIshe. Amen.

CHITSAUKO 4

Mambo Benjamini vanoenderera mberi nokutaura kwavo—Ruponeso rwunouya noRudzikinuro—Tendai munaMwari kuti mugopeneswa—Chengetedzai ruregerero rwezvivi zvenyu nokutendeseka—Ipa zvimwe zvezvaunazvo kuvarombo—Ita zvinhu zvose noruzivo nokururama. Zvingangove makore 124 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti apo Mambo Benjamini vakanga vapedza kutaura mazwi ayo avakanga vapiwa nengirozi yaIshe, vakatarisa kugungano revanhu, vakaona vawira pasi, nokuti vakanga vabatwa “nokutya Ishe.

2 Uye vakanga vazvitarisa “munyama nehunhu vakaona kusviba kwavo, ^bkuchidarika kwevhu repasi. Uye vakachema vose nezwi rimwechete, vachiti:

Tinzwirei tsitsi, mutiise ropa “rerudzikinuro raKristu kuti tigashire ruregerero rwezvivi zvedu, uye kuti mwoyo yedu igocheneswa; nokuti tinotenda munaJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, “akasika denga nenyika, nezvinhu zvose; uyo achauya pasi pakati pavana vavanhu.

3 Uye zvakaitika kuti shure kwokunge vataura mazwi aya Mweya waIshe wakauya pavari, vakazadzwa nomufaro, “varegererwa pazvivi zvavo, vava ^bnemwoyo ine runyararo, nokuda “kwokutenda kwavo kuzere munaJesu Kristu akafanirwa kuuya, maererano namashoko akataurwa namambo Benjamini kwavari.

4 Mambo Benjamini vakazarura muromo wavo zvakare vakatangisa kutaura kwavari, vachiti: Shamwari dzangu nehama dzangu, marudzi angu navanhu vangu, ndinoda kuti munditeerere zvakare, kuti munzwe nokunzwisisa chikamu chamazwi angu asara ayo ndichataura kwamuri.

5 Nokuti tarisai, kana ruzivo rwokunaka “kwaMwari nguva ino rwakumutsai kuti muzive kuti hamusi chinhu, hamuna chamuri, muhugaro hwenyu hwekupunzika—

6 Ndinoti kwamuri, kana mauya “muruzivo rwekunaka

26a Morm. 9:12.

b Gen. 3:1-12;

2 Ni. 2:15-19;

Aruma 12:21-23.

c NKM Anetsitsi.

27a NKM Mhosva, Kuva ne.

b 2 Ni. 9:16; Jak. 6:10;

D&Z 76:36.

4 1a NKM Kutya.

2a NKM Zvenyama.

b Hir. 12:7-8.

c Mosaya 3:18;

Hir. 5:9.

d NKM Sika.

3a NKM Kuregererwa kweZvitadzo.

b NKM Hana.

c NKM Rutendo.

5a Mos. 1:10.

6a NKM Mwari, Musoro hwehuMwari.

kwaMwari, nesimba ravo risingafananidzwe, nounngwaru hwavo, nomwoyo wavo murefu, nokutambudzika kwavo kwenguva huru vachitambudzikira vana vevanhu; uyezve, ^bnorudzikinuro rwakagadzirirwa kubvira ‘pahwaro hwenyika, kuti ruponeso nenzira iyoyo rwugouya kune uyo anenge aisa ^d‘ruvimbo rwake munaIshe, akasimba mukuchengeta mirairo yavo, achiramba ari mukute-nda kusvikira kana pakuguma kwoupenyu hwake, ndinoreva upenyu hwomuviri uofa —

7 Ndinoti, kuti uyu ndiye munhu anogamuchira ruponeso, kuburikidza norudzikinuro urwo rwakagadzirirwa vanhu vose kubvira pahwaro hwenyika, avo vose vakavepo kubvira ^a‘kuputsika kwaAdama, kana vari, kana avo vachazova saizvozvo, kana kusvika mukupera kwenyika.

8 Uye iyi ndiyo nzira inouya noruponeso. Uye ^a‘hakuna ru-mwe ruponeso kunze kwourwu rwakataurwa; uye hakuna imwe nzira iyo vanhu vangaponeswa nayo kunze kwenzira yandakakudzai.

9 Tendai munaMwari; tendai kuti ndivo, uye kuti ndivo vakasika zvinhu zvose, uye zvirimudenga nepasi; tendai kuti

vane ^a‘ruzivo rwose, nesimba rose, kwose kudenga nepasi, tendai kuti munhu haakwanisi ^b‘kunzwisisa zvinhu zvose izvo zvinonzwisiswa naIshe.

10 Uyezve, zvino tendai, kuti munofanira ^a‘kutendeuka kubva pazvivi zvenyu mugobvama-zvirasa chose, mugozvininipisa pamberi paMwari; muchikumbira nomwoyo wose kuti ^b‘akuregererei; zvino, kana muchinge ^c‘matenda pazvinhu zvose izvi moona kuti ^d‘mazviita.

11 Uyezve ndinoti kwamuri sokutaura kwandamboita, sezvo mava kuziva kubwinya kwaMwari, kana kuti mava kuziva kunaka kwavo ^a‘maraira rudo rwavo, nokugamuchira ^b‘kuregererwa kwezvivi zvenyu, izvo zvinokonzera rufaro rwukuru mumwoyo yenyu, kunyange zvakadaro ndinoda kuti muyeuke, mugare muchiziva, hukuru hwaMwari, ^c‘nokusava chinhu kwenyu, ^d‘nokunaka kwake nokugara achitambudzikira imi, musingakodzeri, ^e‘muchizvininipisa zvakadzama, ^f‘muchidaidza zita ralshe zuva nezuva, muchimira murutendo rwezvichauya, urwo rwakataurwa nomuromo womutumwa.

12 Uye tarisai, ndinoti kwamuri kana muchinge maita izvi muchafara nguva dzose, mugo-

6b NKM Dzikinura.

c Mosaya 15:19.

d Mpi. 36:7; 2 Ni. 22:2;

Hir. 12:1.

NKM Vimba.

7a NKM Kupunzika

kwaAdama naEva.

8a Mabasa 4:12;

2 Ni. 31:21;

Mosaya 3:17.

9a VaR. 11:33–34;

Jak. 4:8–13.

b Isa. 55:9.

10a NKM Rutendeuko.

b D&Z 61:2.

c Mat. 7:24–27.

d 2 Ni. 31:19–21.

11a Aruma 36:24–26.

b NKM Kuregererwa

kweZvitadzo.

c Mos. 1:10.

d Eks. 34:6; Moro. 8:3.

e NKM Akazvininipisa.

f NKM Munamoto.

zadzwa “norudo rwaMwari, mugogara ^bmuchiwana kuregererwa kwezvivi zvenyu; uye muchakura muruzivo rwoutsvene rwaivo vakakusikai, kana kuti muruzivo rwaivo vakarurama vane chokwadi.

13 Uye hamuzova nepfungwa dzokukuvadzana, asi kugara “murunyararo, nokupa kumunhu wose izvo zvose zvinenge zvirivake.

14 Uye hamuzoita kuti “vana venyu vagare nenzara, kana kusasimira; kana kuvabvumira kuti vatadze kuchengeta mitemo yaMwari, ^bkurwa nokupopotedzana nevamwe, vachishandira dhiabhorosi, baba vezvivi, kana kuti mweya wakaipa uyo waitaurwa namadzibaba edu, ari iye mhandu yezvose zvakarurama.

15 Asi “muchavadzidzisa ^bkufamba munzira yechokwadi isina udhakwa, munovadzidzisa kuti “vadanane, nokushandirana.

16 Uye zvakare, “muchayamura avo vanoda ruyamuro rwenyu; muchapa zvamuinazvo kune avo vanoda rubatsiro; hamuzobvumira kuti kana ^banopemha atambanudza ruoko rwake imi momunyima, momuti aende anofa.

17 Zvimwe “muchati: Munhu azviunzira ega kutambudzika kwake; saka handitambanudze ruoko rwangu, uye handimupe

zvokudya zvangu, kana kumupa zvangu zvandiinazvo kuti asatambudzike, nokuti kurangwa kwake kwakarurama—

18 Asi ndinoti kwamuri, iwe munhu, wose anoita izvi ane chikonzero chikuru chekuti atendeuke; uye kunze kwekunge atendeuka pane zvaanenge aita iye achazofa zvachose, haazove nechokuita nezveumambo hwaMwari.

19 Nokuti tarisai tose hatisi vapemhi here? Ko tose hatiraramo noMunhu mumwechete iyeye, kana Mwari, pane zvinhu zvose zvatiinazvo, zvose zvokudya nezvokupfeka, negoridhe, nesirivha nazvose zvoupfumi hwose hwose hwatiinahwo?

20 Uye tarisai; kunyange panguva ino, manga muchidaidza zita ravo, muchikumbira kuti muregererwe zvivi zvenyu. Ko vakabvumira here kuti mukumbire pasina? Kwete; vadurura Mweya wavo pamuri, vakaita kuti mwoyo yenyu izadzwe “norufaro, vakaita kuti miromo yenyu itadze kutaura, kufara kwenyu kukava kukurusa.

21 Uye zvino, kana Mwari, avo vakasika imi, vanokupai upenyu nezvose zvamunazvo nezvamuri, vanokupai zvose zvamunokumbira kana zvirivakarurama, mukutenda, muchitenda kuti muchagamuchira,

12a NKM Rudo.

b Mosaya 4:26;
Aruma 4:13–14;
5:26–35;
D&Z 20:31–34.

13a NKM Muyananisi.

14a I Tim. 5:8; D&Z 83:4.

b NKM Gakava.

15a D&Z 68:25–28;
Mos. 6:58.
NKM Dzidzisa.

b NKM Famba, Famba
naMwari.

c Mosaya 18:21.

16a NKM Rudo

Rwakadzama;
Rubatsiro.

b Deut. 15:7–11;

Zir. 21:13; Isa. 10:1–2.

17a Zir. 17:5.

20a NKM Rufaro.

ko zvino, munotadza “kupanana sei zvamunazvo.

22 Uye kana “muchitonga munhu anenge aisa chichemo chake kwamuri kuti asafe, momurasa, ko kuraswa kwako kunozova sei kana iwe ^buchirambira zvinhu zvako, zvisiri zvako asi zvaMwari, vanove ndivo muridzi weupenyu hwako; asika hamukumbire, kana kute ndeuka pakutadza kwamaita.

23 Ndinoti kwamuri, nhamo kumunhu uyu, nokuti zvinhu zvake zvinoparara naye; uye zvino, ndinotaura izvi kune avo “vakapfuma muzvinhu zvenyika ino.

24 Uyezve, ndinoti kuvarombo, imi musina asi muine zvakakwana, zvinokuraramisai zuva nezuva; ndinoreva mose munonyima mupemhi, muchiti hamuna; ndingade kuti muti mumwoyo yenyu: handikwanise kupa nokuti handina, dai ndiinazvo “ndaipa.

25 Uye zvino, kana mukataura izvi mumwoyo yenyu hamupiwe mhosva, pasina izvozvo “mucharaswa; kurambwa kwenyu kunofanira nokuti munochiva zvamusina kutambira.

26 Uye zvino, pamusana pezvinhu izvi zvandataura kwamuri—zviri, zvepamusoro pezvokuti murambe makaregererwa zvivi zvenyu zuva nezuva,

kuti “mufambe musina mhosva pamberi paMwari—ndingade kuti ^bmupe “kuvarombo zvimwe zvezvamuinazvo, munhu wose maererano nezvaanenge anazvo, “sekupa vane nzara, kupfekedza vasina kusimira, kushanyira vanorwara noku vanamatira kuti vabatsirwe, pamweya napanyama, maererano nezvavanenge vachida.

27 Uye muone kuti zvinhu zvose izvi zvaitwa munzira kwayo noruzivo; nokuti hazvibvumirwe kuti munhu amhanye “kudarika simba raanaro. Uyezve, zvinoda kuti ave nesimba, kuti ave anowana mbairo; naizvozvo, zvinhu zvose zvinofanirwa kuitwa nomazvo.

28 Uye ndinoda kuti murangarire, kuti uyo wose anenge akumbira chinhu kune muvakidzani wake anofanirwa kudzora chinhu ichocho, mukuwirirana; kana kuti uchazoita chivi; kana kuti uchaita kuti muvakidzani wako aitewo chivi.

29 Uye mukupedzisa, handingakwanisi kukutaurirai zvinhu zvose zvinoita kuti mutadze; nokuti kune nzira dzakawanda dzakasiyana-siyana, dzakawanda zvokuti handikwanise kudziverenga.

30 Asi izvi ndinokutaurirai, kuti kana “mukasazvichenjerera, ^bnepfungwa dzenyu, “nemazwi

21a NKM Rubatsiro; Ruyamuro.

22a Mat. 7:1–2; Joh. 7:24.
b I Joh. 3:17.

23a D&Z 56:16.

24a Marko 12:44.

25a D&Z 56:17.

26a NKM Famba, Famba naMwari.

b Jak. 2:17–19.

c Zek. 7:10; Aruma 1:27.

NKM Kupa zvipo.

d Isa. 58:10–11;

D&Z 104:17–18.

27a D&Z 10:4.

30a Aruma 12:14.

NKM Murindiri.

b Marko 7:18–23.

NKM Kufunga.

c Mat. 15:18–20.

NKM Kusvibisa.

enyu, nekuita kwenyu, noku-
chengetedza mirairo yaMwari,
muchiramba muri mukutenda
pamusana pezvinhu zvamaka-
nzwa pamusoro pokuuya kwa-
Ishe wedu, kusvikira kumagumo
eupenyu hwenyu, munofanirwa
kufa. Uye zvino, vanhu, yeukai,
musazofa.

CHITSAUKO 5

*Vatendi vanova vanakomana na-
vanasikana vaKristu kuburikidza
nokutenda—Zvino vanoshevedzwa
nezita raKristu—Mambo Benja-
mini anovakurudzira kuti vave
vakasimba uye vasingazungunuke
mumabasa akanaka. Zvingangove
makore 124 Kristu asati azvarwa.*

UYE zvino, apo mambo Benja-
mini pavakanga vataura kuva-
nhu vavo, vakatumira mavari,
vachida kuziva vanhu vavo
kuti vakanga vachitenda here
mashoko avakange vataura
kwavari.

2 Uye vose vakadaira nezwi
rimwechete, vachiti: Hongu,
tinotenda mashoko ose amata-
ura kwatiri; uye zvakare, tinozi-
va nechokwadi nokuvimbisika
kwawo, nokuda kwoMweya
waIshe Unemasimba, uyo wa-
kaunza ^arushanduko rwukuru
matiri, kana kuti mumwoyo
yedu, zvekuti hatichada kuita
mabasa ^bakaipa, asi kuramba
tichiita mabasa akanaka.

3 Uye isu, pachedu, zvakare,
nokunaka kusingaverengeke
kwaMwari, nezvinoiswa pache-
na noMweya wake, tave kura-
tidzwa zvichauya; uye dai
zvaikodzera, taiporofita muzvi-
nhu zvose.

4 Uye kutendeseka kwatina-
ko pamusana pezvinhu zvose
izvo mambo vedu zvavaka-
taura kwatiri uko kwaunza
kwatiri ruzivo rwukuru urwu,
zvinove zvinhu zviri kutifadza
zvikuru.

5 Uye tine chido chokupinda
^amuchibvumirano naMwari
vedu kuti tiite kuda kwavo,
nokuteerera mirairo yavo mu-
zvinhu zvose zvavachatiraira,
kwamazuva edu asara tiri vape-
nyu, kuti tisazviunzire kurwa-
dziwa ^bkusingaperi, sokutaurwa
kwaitwa ^cnengirozi, kuti tisa-
nwire mumukombe wokusha-
tirwa kwaMwari.

6 Uye zvino, aya ndiwo ma-
zwi aidiwa kwavari naMambo
Benjamini; naizvozvo vakati
kwavari: Mataura mazwi anda-
nga ndichida kunzwa; nechi-
bvumirano chamaita chibvumi-
rano chitsvene.

7 Uye zvino, nenzira yechi-
bvumirano chamaita muchazo-
daidzwa kuti ^avana vaKristu,
vanakomana vake, navanasika-
na vake; nokuti tarisai, nezuva
ranhasi ^bakuberekai pamweya;
nokuti munoti ^cmwoyo yenyu
yashanduka kuburikidza noku-

5 2a Aruma 5:14.
nkm Kuberekwa
naMwari, Kuberekwa
Patsva.
b Aruma 19:33.

5a Mosaya 18:10.
b Mosaya 3:25-27.
c Mosaya 3:2.
7a Mosaya 27:24-26;
Mos. 6:64-68.

nkm Vanakomana
neVanasikana
vaMwari.
b nkm Akaberekwa.
c nkm Mwoyo.

tenda muzita rake; naizvozvo, ^amaberekwa naye mukava ^avanakomana navanasikana vake.

8 Uye pasi pomusoro wake ^amasunungurwa, ^bhapana mumwe musoro ungakusunungurei. Hapana rimwe ^czita rakapiwa ringaunze ruponeso; naizvozvo, ndingade kuti ^dmutakure zita raKristu pamuri, imi mose mapinda muchibvumirano naMwari kuti muchateerera kusvika kumagumo kwoupenyu hwenyu.

9 Uye zvichaitika kuti wose anoita izvi achaonekwa ari kuruoko rworudyi rwaMwari, nokuti achaziva zita iro ari kudaidzwa naro; nokuti achadaidzwa nezita raKristu.

10 Uye zvichaitika, kuti uyo asingatore zita raKristu anozofanirwa kudaidzwa ^anerimwe zita; nokudaro, anozoviona ari kuruoko ^brworuboshwe rwaMwari.

11 Uye ndinoda kuti murangarire zvakare, kuti iri ndiro ^azita randakati ndichakupai risingazodzimwa, kunze kwokunge matadza; saka, inzwai musatadze, kuti zita risabviswe mumwoyo yenyu.

12 Ndinoti kwamuri, ndinoda kuti murangarire kuti iro zita rakafanira ^akugara rakanyorwa

nguva dzose mumwoyo yenyu, kuti musaonekwe muri kuruoko rworuboshwe rwaMwari, asi kuti munzwe nokuziva izwi ramuchazodaidzwa naro, uyezve, zita iro ravachakudaidzai naro.

13 Nokuti ko munhu ^aangazive sei tenzi waasina kushandira, mweni kwaari, ari kure kwepfungwa dzake nokuita kwemwoyo wake?

14 Uye zvakare, munhu anatora mbongoro yomuvakidzani wake, oichengeta here? Ndinoti kwamuri, Kwete; haaibvumire kuti ifure nezvipfuyo zvake, asi anoitinhira kunze, nokuirasira kunze. Ndinoti kwamuri, saizvozvo zvichaitika kwamuri kana musingazive zita ramunoshvedzwa naro.

15 Naizvozvo, ndinoda muve makasimba uye musingazungunuke, mugare makaputirwa namabasa akanaka, kuti Kristu, Ishe Mwari Samasimba, ^avazokusunganidzai kwavari, kuti muzounzwa kudenga, kuti muzove neruponeso rwusingaperi neupenyu hwokusingaperi, kuburikidza noruzivo, nesimba, nokururama, netsitsi dzaivo ^bvakasika zvinhu zvose, mudeंगा nepanyika, vanova Mwari pamusoro pezvose. Amen.

7d Mosaya 15:10–11.
 НКМ Kuberekwa
 naMwari,
 Kuberekwa Patsva.
 e D&Z 11:30.
 8a VaR. 6:18; VaG. 5:1;
 Hir. 14:30.
 b Mabasa 4:10, 12;
 Aruma 21:9.

c Mosaya 26:18.
 d Mabasa 11:26;
 Aruma 46:15.
 10a Aruma 5:38–39.
 b Mat. 25:33.
 11a Mosaya 1:11–12.
 НКМ Jesu Kristu—
 Kutora Zita rajesu
 Kristu paTiri.

12a D&Z 18:23–25.
 13a Mosaya 26:24–27.
 15a НКМ Kudaidzwa
 nekuSarudzwa;
 Kutsveneswa.
 b VaKoro. 1:16;
 Mosaya 4:2;
 Aruma 11:39.

CHITSAUKO 6

Mambo Benjamini vanonyora mazita evanhu vachibva vasarudza vapirisita vekuvadzidzisa—Mosaya anotonga samambo vakarurama. Zvingangove makore 124 kusvika ku121 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino, mambo Benjamini vakafunga kuti zvakafanira, mushure mekunge vapedza kutaura kuvanhu, kuti ^avatore mazita evavo vose vakanga vapinda muchibvumirano naMwari chekuchengetedza mirairo yavo.

2 Uye zvakaiteka kuti kwakange kusina kana munhu mumechete, kunze kwevana vaduku, akange asina kuita chibvumirano uye vatora pavari zita raKristu.

3 Uye pakare, zvakaiteka kuti pakange mambo Benjamini vapedza zvinhu zvose izvi, vakazodza mwanakomana wavo ^aMosaya kuti ave mutongi namambo wevanhu vavo, uye vamupa masimba ose maererano neumambo, uye ^bvaisa vapirisita ^cvekudzidzisa vanhu, kuti vagonzwa nekuziva mirairo yaMwari, nekuvamutsa kuti varangarire ^dmhiko yavakaita, vakavaregera kuti vaende, vakadzokera, wose munhu, mhuri nemhuri, kudzimba dzavo.

4 Uye ^aMosaya akavamba kutonga ari munzvimbo yababa vake. Uye akatanga kutonga

mugore rake rechimakumi matatu ekuberekwa, zvinoita pamwechete, zvingangosvika mazana mana emakore ane makore makumi manomwe nematanhatu kubvira ^bpanguva yakabva Rihai kuJerusarema.

5 Uye mambo Benjamini vakagara makore matatu ndokubva vafa.

6 Uye zvakaiteka kuti mambo Mosaya vakafamba nemunzira dzaIshe, vachitevedza kutonga kwavo nemitemo yavo, uye vachichengetedza mirairo yavo muzvinhu zvose zvavaiudzwa.

7 Uye mambo Mosaya vakaita kuti vanhu vavo varime minda. Uye naivowo, pachavo, vakarima, kuti ^avasave mutoro kuvanhu vavo, kuti vaite sezvaiita baba vavo muzvinhu zvose. Uye hakuna kumbove nekunetsana mukati mevanhu vavo kwenguva yemakore matatu.

CHITSAUKO 7

Amoni anowana nyika yaRihai-Nifai, umo Rimuhai aive mambo—Vanhu vaRimuhai inhapwa dzema-Ramani—Rimuhai anotaura rungano rwavo—Muporofita (Abhinadhai) akanga apupura kuti Kristu ndiMwari naBaba wezvinhu zvose—Avo vanodyara tsvina vanokohwa chinyamupupuri, uye avo vanoisa ruvimbo rwavo munaIshe vachaponeswa. Zvingangove makore 121 Kristu asati azvarwa.

6 1a D&Z 128:8.

3a Mosaya 1:10; 2:30.

b NKM Gadza.

c Aruma 4:7.

d Mosaya 5:5-7.

4a NKM Mosaya,
Mwanakomana
waBenjamini.

b 1 Ni. 1:4.

7a II VaKori. 11:9.

UYE zvino, zvakaitika kuti mu-
shure mekunge mambo Mosaya
vatonga murunyararo kwema-
kore matatu, vakada kuziva
maererano nevanhu “vakaenda
kunogara munyika yaRihai-Ni-
fai; kana muguta raRihai-Nifai
nokuti vanhu vavo havana
chavakanga vanzwa kubva ku-
vanhu ava kubvira panguva
yavakabva munyika ^byeZara-
hemura; nokudaro, vaivanetsa
nekubvunza kwavo.

2 Uye zvakaitika kuti mambo
Mosaya vakabvuma kuti gumi
nevanhanzira revarume vavo
vakasimba vangaende kunyika
yaRihai-Nifai, kuti vanonzwa
nezvehama dzavo.

3 Uye zvakaitika kuti mangwa-
na acho vakatanga kuenda, vai-
ne mumwe ainzi Amoni, iye ari
murume akasimba anotyiswa,
uye ari wechizvarwa chaZara-
hemura; uye akange ari mutu-
ngamiri wavowo.

4 Uye zvino, vakange vasinga-
zive gwara ravaifanira kufamba
naro murenje kuti vakwire
kunyika yaRihai-Nifai; saka va-
katumhudzika kwemazuva ma-
zhinji murenje, kana makumi
mana emazuva vachingotu-
mhudzika.

5 Uye zvavakanga vatumhu-
dzika kwemakumi mana ema-
zuva vakasvika pachikomo,
chiri kuchamhembe kwenyika
“yeShiromu, ndokubva vadzika
matende avo ipapo.

6 Uye Amoni akatora vatatu
vehama dzake, uye mazita
avo aiva Amarekai, Heremi,

naHemu, ndokubva vadzika
munyika “yaNifai.

7 Uye tarisai, vakasangana na-
mambo vevanhu vaive munyika
yaNifai, nemunyika yeShiromu;
uye vakabva vakombwa nema-
purisa amambo, vakatorwa,
vakasungwa, uye vakaiswa mu-
tirono.

8 Uye zvakaitika kuti vagara
mutirono kwemazuva maviri
vakaunzwa zvakare pamberi
pamambo, uye majoto avo aka-
sunungurwa; uye vakamira pa-
mberi pamambo, vakabvumi-
rwa, kana kuti vakaudzwa,
kuti vakafanira kupindura mi-
bvunzo yavaizovabvunza.

9 Uye akati kwavari: Tarisai,
ndini “Rimuhai, mwanakomana
waNoa, akange ari mwana
waZenifi, akabva munyika
yeZarahemura kuzogara nhaka
yenyika ino, yakange iri nyika
yemadzibaba avo, ndikaitwa
mambo nezwi revanhu.

10 Uye zvino, ndinoda kuziva
chikonzero chaita kuti musatye
kusvika pedyo nerusvingo rwe-
guta, zvandange ini pachangu,
ndiine mapurisa angu tiri kunze
kwesuo?

11 Uye zvino, nechikonzero
ichocho ndabvumidza kuti mu-
chengetwe, kuti ndigokubvu-
nzai, nokuti ndingadai ndangoti
mapurisa angu akuurayei. Mu-
nobvumirwa kutaura.

12 Uye zvino, Amoni paakaona
kuti ari kubvumirwa kutaura,
akaenda pamberi pamambo aka-
kotamisa musoro wake kuku-
dza mambo; uye achisimudza

musoro akati kuna mambo: Imi mambo, ndinotenda kwa-zvo pamberi paMwari nhasi uno kuti ndichiri mupenyu, uye ndichibvumirwa kutaura; uye ndichaedza kutaura ndisingatye;

13 Nokuti ndine chokwadi chekuti dai mange mandiziva mungadai musina kubvumira kuti ndipfekedzwe majoto andiinawo aya. Nokuti ndini Amoni, uye ndiri chizvarwa “cheZarahemura, uye tabva kunyika yeZarahemura kuti tizonzwa nezvehama dzedu, avo vakatorwa naZenifi achiuya navo kuno.

14 Uye zvino, zvakaitika kuti mushure mekunge Rimuhai anzwa mazwi aya aAmoni, akafara zvikuru, akabva ati: Zvino, ndinoziva zvechokwadi kuti hama dzangu dziri munyika yeZarahemura dzichiri mhenyu. Uye zvino, ndichafara; uye mangwana ndichaita kuti nevanhu vangu vafarewo.

15 Nokuti tarisai, takasungwa namaRamani, uye tiri “kutere-swa mutero unorema kuutakura. Uye zvino tarisai, hama dzedu dzichatibvisa muusungwa hwe-du, kana kutibvisa mumaoko emaRamani, uye tonove nhapwa dzavo; nokuti zviru nani kuti tive nhapwa kumaNifai pane kuti titere kuna mambo vemaRamani.

16 Uye zvino, Rimuhai akati kumapurisa vake vasunungure Amoni nehama dzake, asi akaita kuti vaende kugomo raive

kuchamhembe kweShiromu, vanouya nehama dzavo kuguta, kuti vazodya, nekunwa, nokuti vazorore mukuneta nenzira yerwendo rwavo; nokuti vakange vanetswa nezvinhu zvizhinji; nokuti vakanga vanetswa nenzara, nyota, nekuneta.

17 Uye zvino, zvakaitika kuti ave mangwana mambo Rimuhai vakatumira shoko kuvanhu vavo vose, vachiti vaungane pamwechete “kutemberi, kuti vanzwe mazwi avaida kutaura kwavari.

18 Uye zvakaitika kuti pava-kanga vaunganidzana pamwechete vakataura kwavari netsika iyi, vachiti: Imi vanhu vangu, simudzai misoro yenyu munyaradzwe; nokuti tarisai, nguva yave pedyo, kana kuti haisisiri kure, yekuti tichirega kuve pasi pevavengi vedu, kana dai zva-zvo tiri kutambudzika zvizhinji, kutambudzikira pasina; asi ndinovimba kuti pachine kutambudzika kune mano kwatakafanira kuita.

19 Naizvozvo, simudzai misoro yenyu, uye mufare, uye muisse ruvimbo rwenyu “muna-Mwari, munaMwari ivavo vaive Mwari vaAbrahama, naIsaka, naJakobo; uyezve, ivo Mwari vaya ^bvakaburitsa vana vaIsraeri munyika yeEgipita, uye vakaita kuti vayambuke Gungwa Dzvuku nepakaoma pakukutu, uye vakavapa ^cmana kuti vasafe murenje; nezvimwe zvinhu zvizhinji zvavakavaitira.

13a Omu. 1:12–15.

15a Mosaya 19:15.

17a 2 Ni. 5:16.

19a Eks. 3:6; 1 Ni. 19:10.

^b Eks. 12:40–41;

Aruma 36:28.

^c Eks. 16:15, 35;

Num. 11:7–8;

Josh. 5:12.

20 Uye zvakare, ivo Mwari va-mwechetevo “vakabvisa madzibaba edu munyika yeJerusarema, uye vakachengeta nokuchengetedza vanhu kana kusvika zvino; uye tarisai, pamusana pekutadza kwedu nokuipa kwedu kwaita kuti vatiise muusungwa.

21 Uye mose imi muri vapupuri nhasi uno, kuti Zenifi, akaitwa mambo wevanhu vano, iye akanga “achishingairira kugara nhaka yenyika yemadzibaba ake, saka nokunyengedzwa neungwaru hwamambo Ramani, avo vakaita chibvumirano namambo Zenifi, uye vachinge vaisa mumaoko avo zvinhu zvaive muchidimbu chenyika, kana neguta raRihai-Nifai, uye guta reShiromu; nematunhu akakomberedza —

22 Uye vakaita zvose izvi, kuti “vaunze vanhu ava pasi kana kuti muusungwa. Uye tarisai, iye zvino tinotera kuna mambo wemaRamani, zvinoita chikamu chepakati chechibage chedu, nebari yedu, uye kana zvose zvatinokohwa zveamarudzi ose, uye chikamu chepakati cheuwandu hwematanga edu; uye kana chikamu chepakati chezvinhu zvatiinazvo zvedu mambo wemaRamani vanozvida kwatiri, kana upenyu hwedu.

23 Uye zvino, izvi hazvisuwise here kuzvitakura? Uye uku, kutambudzwa kwedu, hakusi kukuru here? Zvino tarisai, kukura kwakaita chikonzero chedu chekuchema.

24 Hongu, ndinoti zvikuru zvikonzero zvinoita kuti tiche-me; nokuti tarisai vangani vehama dzedu vakauraiwa, uye ropa ravo rikadeurwa pasina, uye zvose izvi zvichikonzerwa nekutadza.

25 Nokuti dai vanhu ava pasina kuwira mukutadza Ishe vangadai vasina kubvumira kuti kuipa kukuru uku kuuye pavari. Asi tarisai, havana kuda kuteerera kumazwi avo; asi pakamuka kusawirirana pakati pavo, zvekuti vakaurayana vakadeura ropa pakati pavo pachavo.

26 Uye vakauraya “muporofita walshe; hongu, munhu akasarudzwa naMwari, akavaudza kutadza kwavo nokuipa kwavo, uye akaporofita zvinhu zvizhinji zvakange zvichiuya, hongu, kana nekuuya kwaKristu.

27 Uye nokuti akati kwavari Kristu ndiye “Mwari, Baba vezvinhu zvose, uye akati achatora mufananidzo wemunhu, uye uri ^bmufananidzo uyo wakasikwa nawo munhu pakutanga kana kuti nemamwe mazwi, akati munhu akasikwa nemufananidzo “waMwari, nokuti Mwari vachauya pano pasi pakati pevana vevanhu, uye vagove nemuviri wenyama neropa, uye vagofamba pamusoro penyika —

28 Uye zvino, nenzira yokuti akataura izvi, vakamuuraya; uye vakaita zvimwe zvizhinji zvakaita kuti Mwari vavaratidze

20a 1 Ni. 2:1–4.

21a Mosaya 9:1–3.

22a Mosaya 10:18.

26a Mosaya 17:12–20.

27a NKM Mwari, Musoro hwehuMwari.

b Gen. 1:26–28;

Eta 3:14–17;

D&Z 20:17–18.

c Mosaya 13:33–34;

15:1–4.

hasha dzavo. Naizvozvo, ndiani anoshamiswa kuti vanhu ava vari muusungwa, nokuti vakarohwa neshamhu yekutamudzika kukuru?

29 Nokuti tarisai, Ishe vakati: “Handizoyamura vanhu vangu muzuva rekutadza kwavo; asi ndinodziva nzira dzavo kuti vatadze kubudirira; uye kuita kwavo kuchave zvimhingamupinyi pamberi pavo.

30 Uye, vakati zvakare: Kana vanhu vangu vakadyara “tsvina vachakohwa hundi muchamupupuri; uye ipapo pachabuda chepfu.

31 Uye, vakati zvakare: Kana vanhu vangu vakadyara tsvina vachakohwa mhopo “yekumbvazuva, inouya nokuparadza pakarepo.

32 Uye zvino, tarisai, zvakavimbiswa naIshe zvazadzikiswa, uye marohwa uye matambudzwa.

33 Asi “mukatendeukira kuna Ishe nemwoyo izere, uye mukaisa ruvimbo rwenyu mavari, uye mugomushandira nesimba repfungwa dzenyu dzose, mukaita izvi, maererano nekuda kwavo nokufadzwa kwavo, vanokubvisai muusungwa.

CHITSAUKO 8

Amoni anodzidzisa vanhu vaRimuhai—Anonzwa nezvemahwendefa makumi maviri ane mahwendefa mana emaJaredhi—Zvinyorwa

zvakare zvinogona kududzirwa nevaoni—Hakuna chipo chinokunda cheuoni. Zvingangove makore 121 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mushure mekunge mambo Rimuhai vapedza kutaura kuvanhu vavo, nokuti vakataura zvinhu zvizhinji kwavari, uye zvishoma ndizvo zvandanyora mubhukurino, vakataurira vanhu vavo zvinhu zvose maererano nehama dzavo dzakange dziri munyika yeZarahemura.

2 Uye vakaita kuti Amoni asimuke pamberi pemhomho yevanhu, uye agotaura zvose zvakange zvaitika kuhama dzavo kubvira panguva yekubuda kwaZenifi munyika kusvika panguva yaakabvawo iye munyika.

3 Uye vakavataurirawo mazwi ekupedzisira akataurwa namaambo Benjamini vachivadzidzisa, akaatsanangurira vanhu vamaambo Rimuhai, kuti vakwanise kunzwisisa ose mazwi aaitaura.

4 Uye zvakaitika kuti apedza kuita zvose izvi, mambo Rimuhai vakaparadza mhomho yevanhu, uye vakati wose munhu adzokere kumba kwake.

5 Uye zvakaitika kuti vakaita kuti mahwendefa aive “nezvinyorwa zvevanhu vavo kubvira panguva yavakabva muZarahemura, aunzwe kuna Amoni, kuti aaverenge.

6 Zvino, Amoni achangopedza kuverenga zvinyorwa, mambo

29a I Sam. 12:15;

II Mak. 24:20.

30a NKM Hutsvina.

b VaG. 6:7–8; D&Z 6:33.

NKM Mukoho.

31a Jer. 18:17;

Mosaya 12:6.

33a Morm. 9:6.

8 5a Mosaya 9–22.

vakamubvunza kuti vanzwe kuti anogona kududzira ndimi here, uye Amoni akamutaurira kuti haakwanise.

7 Uye mambo vakati kwaari: Ndasuwiswa pamusana pedambudziko revanhu vangu, ndakaita kuti makumi mana ane vanhu vatatu vevanhu vangu vaende parwendo murenje, kuti vangawane nyika yeZarahemura, kuti tigokumbira kuhama dzedu kuti dzitibvise muusunywa.

8 Uye vakarasika murenje kwemazuva mazhinji, asi vakasimba, uye vakaishaya nyika yeZarahemura asi vakadzoka kuno, mushure mekusvika kune imwe nyika yaive nehova dzemvura dzakawanda, vawana nyika yakange izere mapfupa evanhu, neemhuka, uye yakange izerewo matongo edzimba dzemarudzi ose, vawana nyika yairatidza kuti yakambogarwa nevanhu vakange vakawanda sevanhu velsraeri.

9 Uye seuchapupu hwekuti zvinhu zvavakataura ndezvechokwadi vakauya nemahwendefa “makumi maviri nemana azere nekunyorwa, uye ari egoridhe chairo.

10 Uye tarisai, zvakare, vauya “nezvidzitiro, zvikuru zvepazvipfuva uye zviri ^bzvendorira nezvemhangura, uye zvakasiimba chaizvo.

11 Uye zvakare, vauya neminondo, nhava dzacho dzaora, uye mipeni yacho yakadyiwa nengura; uye hamuna ari mu-

nyika muno anogona kududzira mutauro kana zvakanyorwa pamahwendefa. Naizvozvo ndakati kwaari: Unogona kududzira here?

12 Uye ndinoti kwaari zvakare: Pane aunoziva here angadudzire? Nokuti ndinoda kuti zvinyorwa izvi zvidudzirwe muchirudzi chedu; nokuti, zvimwe, zvingatipe ruzivo rwevanhu vakasara pavanhu vakaparadzwa, kuti zvinyorwa izvi zvakabva kupi; kana, zvimwe, zvingatipe ruzivo rwevanhu ivava vakaparadzwa; uye ndinoda kuziva chikonzero chekuperadzwa kwavo.

13 Zvino Amoni akati kwaari: Ndinogona kukutaurirai nechokwadi, imi mambo, nezvemurume anokwanisa “kududzira zvinyorwa; nokuti ane pamwe paanotarisa, odudzira zvole zvinyorwa zvemazuva akare; uye chipo chinobva kuna Mwari. Uye zvinhu zvacho zvinonzi ^bzvidudziriso, uye hakuna munhu angazvitarise kunze kwekunge atumwa kuzvitarisa, nokuti angangotarisa zvaasina kufanira kutarisa akafa. Uye anenge anzi atarise mazviri kana ndiani zvake, iyeyo anonzi ‘muoni.

14 Uye tarisai, mambo wevanhu vari munyika yaZarahemura ndiye munhu akatumwa kuita zvinhu izvi, uye ndiye ane chipo chikuru ichi kubva kuna Mwari.

15 Uye mambo vakati muoni mukuru kupfuura muporofita.

9a Eta 1:1–2.
10a Eta 15:15.

b Eta 10:23.
13a Mosaya 28:10–17.

b NKM Urimi neTumimi.
c NKM Muoni.

16 Uye Amoni akati muoni mududziri uye muporofita zvakare; hakuna chipo chingapfuura ichi chingapiwe munhu, kunze kwekunge aine simba raMwari, zvisingagonekwe nemunhu; asi munhu angagona kuwana simba guru raanopiwa kubva kuna Mwari.

17 Asi muoni anogona kuziva zvinhu zvakaitika kare, uye kana zvinhu zvichauya, uye naizvozvo zvinhu zvose zvichaiswa pachena, kana, kuti, zvinhu zveruvande zvichaiswa pachena, uye zvakavanda zvichabuda pachena, uye zvinhu zvisingazivikanwe zvichaitwa kuti zvizivikanwe navo, uyezve zvinhu zvichaitwa kuti zvizivikanwe nenzira yazo zvinhu zvange zvisingazombozivikanwa.

18 Saizvozvo Mwari vakaisa nzira dzekuti munhu, pamusana perutendo, angakwanise kushanda zvishamiso zvikuru; naizvozvo anobva ave ane ruyamuro rwukuru kuvanhu vamwe vake.

19 Uye zvino, mushure mekunge Amoni apedza kutaura mazwi aya mambo akafara zvikuru, akatenda kuna Mwari, achiti: Hapana kukahadzika kuti mumahwendefa aya mune zvakavandika “zvikuru, uye zvidudziriso izvi zvakagadzirwa pasina kukahadzika kuti zvigoburitsa zvakavandika zvose kuvana vevanhu.

20 Iwo mabasa aIshe anoshamisira, uye zvichatora nguva yakadii achitambudzika nevanhu

vake; hongu, uye hwakadii upofu nokusapindika kwokunzwisisa kwevana vevanhu; nokuti havatsvake ungaru, naivowo havadi kuti vatongwe neungwaru!

21 Hongu, vakafanana nedanga rakapanduka rinotiza mufudzi, ropararira, rotinhwa, uye rodyiwa nezvikara zvemusango.

ZVINYORWA ZVAZENIFI—Nho-roondo yevanhu vekwake, kubvira panguva yavakasiya nyika yaZarahemura kusvika panguva yavakabviswa mumaoko emaRamani.

*Zvichisanganisa zvitsauko
9 kusvika ku22.*

CHITSAUKO 9

Zenifi anotungamira chikwata kubva muZarahemura kuti anotora nyika yaRihai-Nifai—Mambo wemaRamani anovabvumira kuitora—Panoita hondo pakati pemaRamani nevanhu vaZenifi. Zvingangove makore 200 kusvika ku187 Kristu asati azvarwa.

INI Zenifi, semunhu akadzidziswa mumutauro wose wemaNifai, uye ndiine ruzivo “rwenyika yaNifai, kana kuti nyika yemadzibaba edu yenhaka yavo yekutanga, uye sezvo ndakanga ndakatumwa kunosora mukati memaRamani kuti ndisore mauto avo, kuti hondo yedu ivarwise ivaparadze—asi zvandakaona

zvinhu zvakanaka mavari nemukati mavo ndakada kuti vasaparadzwe.

2 Naizvozvo, ndakaitirana nharo nehama dzangu tiri murenje, nokuti ndaiti mutongi wedu aite chibvumirano navo; asi iye semunhu akange akaoma uye aine nyota yeropa akati ndiuraiwe; asi ndakaponeswa nekudeurwa kwerope rakawanda; nokuti baba akarwa nababa, uye mukoma akarwisa munin'ina, kudakara vanhu vazhinji vehondo yedu vauraiwa vaparadzwa murenje; uye tika-dzokera, isu takange tapunyuka, kunyika yeZarahemura, kunotaura rungano urwu kuvakadzi vavo nevana vavo.

3 Uye inika, nokunzwa ndichida zvikuru kutora nyika yenhaka yemadzibaba edu, ndakatora vanhu vakawanda vaida kuti titore nyika, uye ndokutanga zvakare rwendo rwekuenda murenje kuti tiende kunyika iya; asi takarohwa nenzara nematambudziko anorwadza; nokuti takanonoka kuyeuka Ishe Mwari vedu.

4 Zvisinei, mushure memazuva mazhinji tichingodzengerera tiri musango takadzika tende dzedu panzvimbo yakaurairwa hama dzedu, yakange iri pedyo nekunyika kwemadzibaba edu.

5 Uye zvakaitika kuti ndakaenda zvakare muguta nevanhu vangu vana, kuna mambo, kuti ndizive nezvemagariro amambo, nokuti ndizive kuti ndingaende

here nevanhu vangu ndikatora nyika murunyararo.

6 Uye ndakaenda kuna mambo, uye akabvumirana neni kuti ndinotora nyika yaRihai-Nifai, nenyika yaShiromu.

7 Uye akatiwo kuvanhu vake ngavabve munyika iyi, uye ini nevanhu vangu tikaenda munyika iyi kuti tiitore.

8 Uye takatanga kuvaka dzimba, nekugadzirisa svingo reguta; hongu, kana nesvingo reguta raRihai-Nifai, neguta raShiromu.

9 Uye takatanga kurima minda, hongu, kana nembeu dzemarudzi akasiyana-siyana, nembeu yechibage, uye yegorosi, neyezviyo, neyeniya, neyeshumu, nembeu dzakasiyana-siyana dzemichero; uye tikatanga kuwanda tikabudirira munyika.

10 Zvino dzakange dziri njere nokunyengedza kwamambo Ramani, kuti "agopinza vanhu vangu muusungwa, zvakaaita kuti abvume kutipa nyika kuti ive yedu.

11 Naizvozvo zvakaitika kuti, mushure mekunge tagara munyika umu kwegumi remakore rine makore maviri mambo Ramani akatanga kusagadzikana, ave kuti zvimwe vanhu vangu vangave nesimba munyika, uye akatya kuti havaizogona kuvakunda nokuvaisa muusungwa.

12 Zvino vakange vari vanhu vane nungo uye vanhu vanoda "zvekunamata zvifananidzo;

naizvozvo vakanga voda kutiisa muusungwa, kuti vagogarika nekushandirwa nesu nemaoko edu; hongu, kuti vaite mabiko nezvipfuwo zvemakura edu.

13 Naizvozvo zvakaitika kuti mambo Ramani akatanga kumutsa vanhu vake kuti vakakavadzane nevanhu vangu; saka kwakatanga kuve nehondo nokukakavadzana munyika.

14 Nokuti, mugore rekutonga kwangu rechigumi nemakore matatu munyika yaNifai, kure nechekumaodzanyemba kwenyika yaShiromu, vanhu vangu pavakange vachinwisa noku-fudza zvipfuyo zvavo, vachirima minda yavo, mhomho yevanhu vemaRamani yakasvika ikatanga kuvauraya, nokutora zvipfuyo zvavo, nechibage cheminda yavo.

15 Hongu, zvakaitika kuti vakatiza, vose avo vasina kusvikirwa, vakatizira kuguta raNifai, uye vakauya kwandiri kuti ndivadzivirire.

16 Uye zvakaitika kuti ndakavapa uta, nemiseve, neminondo, nemapanga, nenduni, nerekeni, nezvombo zveamarudzi ose ataikwanisa kuita, uye ini nevanhu vangu takaenda kuhondo kunorwisa maRamani.

17 Hongu, nesimba raIshe takaenda kuhondo kunorwisa maRamani, nokuti ini nevanhu vangu takachema zvikuru kuna Ishe kuti vatibvise mumaoko evavengi vedu, nokuti takamutswa tikabva tayeuka kuponeswa kwakaitwa madzibaba edu.

18 Uye Mwari “vakanzwa kuchema kwedu vakapindura miteuro yedu; uye tikaenda nesimba rake; hongu, takaenda kunorwisana namaRamani, uye muzuva rimwechete neusiku humwechete takauraya zviuru zvitatu zvine makumi mana ane vanhu vatatu; takavauraya kudakara tavabvisa munyika medu.

19 Uye ini, pachangu, nemaoko angu, ndakabatsira kuviga vakafa vavo. Uye tarisai, takasuwa tikachema zvikuru, nokuti pakauraiwa mazana maviri ane makumi manomwe ane vanhu vapfumbamwe vehama dzedu.

CHITSAUKO 10

Mambo Ramani anofa—Vanhu vake vanopennga uye magandanga uye vanotevedza tsika dzemanyepo—Zenifi nevanhu vake vanovakurira. Zvingangove makore 187 kusvika ku160 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti takatanga zvakare kumisa umambo uye titatanga kutora nyika murunyararo. Uye ndakaita kuti kugadzirwe zvombo zvehondo zveamarudzi ose, kuti ndive nezvombo zvevanhu kuitira nguva ichauya maRamani ave kurwisa vanhu vangu muhondo zvakare.

2 Uye ndakaisa vachengeti kukomberedza nyika yose, kuti maRamani arege kutinyangira tisingazive agotiparadza; uye

ndiko kuchengeta kwandakaita vanhu vangu nezvipfuyo zvangu, uye ndikaita kuti vasawire mumaoko evavengi vedu.

3 Uye zvakaitika kuti takagara nyika yamadzibaba edu kwe-makore mazhinji, hongu, kwe-nguva inosvika makumi maviri emakore ane makore maviri.

4 Uye ndakaita kuti varume varime minda, uye vagodyara ose marudzi “embeu nemarudzi ose emichero.

5 Uye ndakaita kuti vakadzi varuke, vashande nesimba, uye vashande, uye vaite marudzi nemarudzi “emachira, hongu, nemarudzi ose emicheka, kuti tigopfekedza kusapfeka kwedu; uye ndiko kubudirira kwatakaita munyika—ndiko kuve nerunyararo rwakaramba rwuripo kwemakumi maviri emakore ane makore maviri.

6 Uye zvakaitika kuti mambo “Ramani akafa, uye mwanakomana wake akatanga kutonga munzvimbo make. Uye akatanga kumutsa vanhu vake kuti vamukire vanhu vangu; naizvozvo vakatanga kugadzirira hondo, nokuuya kuzorwisana nevanhu vangu.

7 Asi ndakange ndiine vasori vangu vandakange ndatuma mumatunhu “eShemuroni, kuti ndione kugadzirira kwavo, kuti ndigovagadzirira, kuti vasasvike pavanhu vangu vakavaparadza.

8 Uye zvakaitika kuti vakauya

nekumusoro kuchamhembe kwenyika yeShiromu, nevarwi vakawanda, varume “vaive^b ne-uta, nemiseve, neminondo, nemipeni, nematombo, nerekeni; uye vakange vakasvuurwa misoro iri pachena; uye vakanga vakasunga bhanhire reganda muchiuno.

9 Uye zvakaitika kuti ndakaita kuti madzimai nevana vevanhu vangu vanohwandiswa murenje; uye ndikaita kuti dzose harahwa dzangu dzakange dzichikwanisa kutakura zvombo, nemajaya ose akange achikwanisa kutakura zvombo, vakafanira kuungana pamwechete kuti vagonorwisana namaRamani; uye ndakavaisa muzvikwata zvavo, wose murume maererano nezera rake.

10 Uye zvakaitika kuti takienda kuhondo kunorwisana namaRamani; uye ini, kunyange ini, nekukwegura kwangu, ndakaenda kuhondo kunorwisana namaRamani. Uye zvakaitika kuti takaenda “nesimba ralshe kuhondo.

11 Zvino, maRamani hapana chavaiziva nezvaIshe, kana simba ralshe, naizvozvo vaivimba nesimba ravo pachavo. Asi vakange vari vanhu vane simba, sesimba remunhu wenyama.

12 Vakange vari vanhu “vanopenga, vaityisa uye vanhu vane nyota yeropa, vachitenda^b tsika dzakare dzemadzibaba avo, zviri izvi—Vachitenda kuti

10 4a Mosaya 9:9.

5a Aruma 1:29.

6a Mosaya 9:10–11; 24:3.

7a Mosaya 11:12.

8a Jar. 1:8.

b Aruma 3:4–5.

10a NKM Vimba.

12a Aruma 17:14.

b 2 Ni. 5:1–3.

vakatandaniswa munyika ye-Jerusarema pamusana pekuipa kwemadzibaba avo, nokutiwo vakatadzirwa nehama dzavo vari murenje, uye vakatadzirwa-wo vari mukuyambuka gungwa.

13 Uye zvakare kuti vakata-dzirwa zvakavange vari munyika yenhaka yavo “yekutanga, mushure mekunge vayambuka gungwa, uye zvose zvichikonzerwa nokuti Nifai akange akavimbika kupinda ivo mukuchengetedza mirairo yaIshe—naizvozvo akange ^bachidiwa naIshe, nokuti Ishe vainzwa minamoto yake vachiipindura, uye vakatungamira rwendo rwavo vari murenje.

14 Uye hama dzake dzakashatiriswa naye nokuti vakanga “vasinganzwisise kushanda kwaIshe; ^bvakamushatirirwawo vari mumvura nokuti vakaomesa mwoyo yavo kuna Ishe.

15 Uye zvakare; vakamushatirirwa pavakange vasvika munyika yechipikirwa, nokuti vakati akatora “kutonga kwevanhu kubva mumaoko avo; uye vakatsvaka kumuuraya.

16 Uye zvakare, vakamushatirirwa nokuti akaenda murenje sekutumwa kwaakanga aitwa naIshe, uye akatora “zvinyorwa zvakanga zvakanyorwa pamahwendefa endarira nokuti vaiti akaita ^bzvekuzvipamba.

17 Uye ndiko kudzidzisa kwavakaita vana vavo kuti vakafanira kuvavenga, nokuti

vakafanira kuvaponda, nokuti vakafanira kuvapamba zvinhu nekuvaparadza, nokuita zvose zvavanogona kuti vavaparadze; naizvozvo vane ruvengo rwokusingaperi kuvana vaNifai.

18 Nechikonzero ichochi mambo Ramani, nekunyengedza kwake, nekunyepa kwenjere, nokuvimbisa zvinenge zvakanaka, akandinyengedza, akaita kuti ndiuye nevanhu vangu munyika muno, kuti vazovaparadza; hongu, uye tatambudzika kwemakore ose aya munyika ino.

19 Uye zvino ini Zenifi, mushure mekunge ndataurira zvose zvinhu izvi kuvanhu vangu nezvemaRamani, ndakavamutsa kuti vaende kuhondo nesimba ravo rose, vachiisa ruvimbo rwavo munaIshe; naizvozvo, takavarwisa takatarisana navo.

20 Uye zvakaitika kuti takavabvisa zvakare munyika medu; uye tikavauraya zvikuru, zvekuti vakafa vakawanda zvekuti hatina kukwanisa kuvaverenga.

21 Uye zvakaitika kuti takadzokera zvekare kunyika yedu, uye vanhu vangu vakatangisa kuchengeta zvipfuyo zvakare, nokurima minda.

22 Uye zvino ini ndakwegura, ndakagadza umambo pane mume wevanakomana vangu; naizvozvo, hapana chandichatura. Uye Ishe vangaropafadze vanhu vangu. Amen.

13a 1 Ni. 18:23.

b 1 Ni. 17:35.

14a 1 Ni. 15:7–11.

b 1 Ni. 18:10–11.

15a 2 Ni. 5:3.

16a 2 Ni. 5:12.

b Aruma 20:10, 13.

CHITSAUKO 11

Mambo Noa anotonga nokuipa—Anofadzwa neupenyu hwemhere-mhere nevakadzi vake nepfambi dzake—Abhinadhai anoporofita kuti vanhu vachatorwa muusun-gwa—Upenyu hwake hunotsva-kwa namambo Noa. Zvingangove makore 160 kusvika ku150 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti Zenifi akagadza umambo panaNoa, mumwe wevanakomana vake; naizvozvo Noa akatanga kutonga munzvimbo yake; uye akange asingafambe ari munzira yababa vake.

2 Nokuti tarisai, akange asinga-chengetedze mirairo yaMwari, asi akanga achitevedza zvino-da mwoyo wake. Uye akange aine vakadzi vakawanda “nepfambi zhinji. Uye ^bakakonzero kuti vanhu vake vaite zvitadzo, uye vachiita izvo zvakanga zvakaipa mumaziso maIshe. Hongu, uye vakaita ^cupombwe nezvinhu zvose zvakaipa.

3 Uye akaisa mutero wekuti chose chinhu chine munhu, chikamu chimwechete muzvishanu chiende kumutero, chikamu chimwechete muzvishanu zvegoridhe ravo nesirivha yavo, uye chidimu chimwechete pazvishanu ^azvezifi yavo, nemhangura yavo, nendarira nesimbi dzavo; nemhuru

dzekukodza chimwechete pazvishanu zvavo, nechidimbu chimwechete pazvishanu zvezvirimwa zvavo.

4 Uye zvose izvi akazvitora kuti azviriritire, nevakadzi vake nepfambi dzake; nevafundisi vake, nevakadzi vavo nepfambi dzavo; ndiko kupindura kwaakange aita zvinhu zveumambo.

5 Nokuti akabvisa vose vafundisi vakange vakagadzwa nababa vake, achigadza vatsva munzvimbo dzavo, vari vanhu vakanga vachizvikudza vaive nerudado mumwoyo yavo.

6 Hongu, uye ndiko kuriritirwa nekutsigirwa kwavaitwa munungo dzavo, nemukunamata kwavo mifananidzo, nemuupombwe hwavo, nemitero yakange yaiswa namambo Noa kuvanhu vake; ndiko kushanda kwaiita vanhu zvakanyanya kutsigira zvitadzo.

7 Hongu, uye vakave vanhu vanonamata zvipananidzo, nokuti vainyengedzwa nekutaura mazwi ekubata kumeso kwaiitwa namambo nevapirisita; nokuti vaitaura mazwi ekuvabata kumeso.

8 Uye zvakaitika kuti mambo Noa akavaka dzimba dzakana-ka dzakakura, uye akadzishongedza nezvivezwa zvakaitwa nemhizha, nezvinhu zvinoyevedza zvemarudzi akasiyana-siyana, zvegoridhe, nezvesirivha,

11 2a Jak. 3:5.
b I Madz. 14:15-16;
Mosaya 29:31.
c 2 Ni. 28:15.

3a CHIEB mazwi
anotaura
zvimwechetezvo:
chipauro,

“kupenyerera”; chiito,
“kupertira kana
kupertira nesimbi.”

nezvesimbi, nezvendarira, nezvezifi, nezvemhangura;

9 Uye akazvivakirawo zimba ramambo rakakura, uye ndokuisa chigaro chokutonga mariri, uye zvose zvakashongedzwa negoridhe nesirivha nezvimwevo zvakakosha.

10 Uye akaitawo kuti vanhu vake vashandise miti yakanaka mukati metemberi kumadziro, uye kuiswe mhangura, nendarira.

11 Uye zvigaro zvakanga zvakaisirwa vapirisita vepamusoro, izvo zvaive pamusoro pezvimwe zvigaro zvose, akazvishongedza negoridhe chaiyo; uye akaita kuti pavakwe chokuzorodzera maoko, kuti vaise maoko nemiviri yavo ivo vachirevera vanhu nhema nekutaura zvisipo kuvanhu vake.

12 Uye zvakaitika kuti akavaka “shongwe pedyo netemberi; hongu, shongwe refu kwazvo, yakareba zvekuti aiti kana amire pamusoro payo aiona nyika yeShiromu, nenyikawo yaShemuroni, yakange iri yamaRamani; uye aikwanisa kuona nematunhu ose akakomberedza.

13 Uye zvakaitika kuti akaita kuti kuvakwe dzimba dzakawanda kwazvo munyika yeShiromu; uye akaita kuti kuvakwe shongwe huru kwazvo pachikomo chiri kuchamhembe kwenyika yaShiromu, yakange iri nzvimbo yakambohwanda vana vaNifai panguva yavakatiza munyika umu; ndizvo zvaakaita

neupfumi hwaakawana nemu-tero waaiteresa vanhu vake.

14 Uye zvakaitika kuti akaisa mwoyo wake paupfumi hwake, uye akapedza nguva yake achita mhere nevakadzi vake nepfambi dzake; nemapirisita vake vaipedzawo nguva yavo yose nenzenza dzevakadzi.

15 Uye zvakaitika kuti akarima minda yemizambiringa mumatunhu ose enyika; uye akavaka nzvimbo dzekusvina waini, akaita waini yakawanda; uye naizvozvo akave “chidhakwa chewaini, nevanhu vakewo.

16 Uye zvakaitika kuti maRamani vakatanga kuuya kuvanhu vake, kuvanhu vashoma, uye vachivauraya vari muminda yavo, nekunge vachifudza zvipfuyo zvavo.

17 Uye mambo Noa akatumira mapurisa ake kuti anovatananisa, asi haana kutumira vakakwana, uye maRamani akavavinga akavauraya, uye vakatinha zvipfuyo zvavo vachizvibvisa munyika mavo vachienda nazvo; ndiko kutanga kwakaita maRamani kuva-paradza, nokuratidza ruvengo rwavo kwavari.

18 Uye zvakaitika kuti mambo Noa akatumira mauto ake kunovarwisa, uye vakakurirwa, kana kuti pamwe vaivasaidzira shure kwechinguva; naizvozvo, vaidzoka vachifara kwazvo nekukunda kwavo.

19 Uye zvino, nenzira yekukurira kwavo uku vakanzwa manyemwe nokudada mukati

memwoyo yavo; “vakazviru-
mbidza nesimba ravo, vachiti
vavo makumi mashanu anogona
kurwa nezviuru nezviuru zve-
maRamani; uye ndiko kuzviru-
mbidza kwavaiita, uye vakafa-
dzwa neropa, nokudeura ropa
rehama dzavo, uye vaiita izvi
nenzira yekuipa kwamambo
wavo nevafundisi.

20 Uye zvakaitika kuti kwaive
nemurume mukati mavo ainzi
“Abhinadhai; uye akafamba mu-
kati mavo, akatanga kuporofita
achiti: Tarisai, zviru kutaurwa
naIshe, uye ndizvo zvaanditu-
ma achiti, Enda unoti kuvanhu
ava, Ishe vari kutaura vachiti—
Nhamo kuvanhu ava, nokuti
ndaona ruvengo rwavo, neku-
ipa kwavo, neupombwe hwavo;
uye kunze kwekunge vatende-
uka ndichavashanyira ndiine
hasha.

21 Uye kunze kwekunge vate-
ndeuka vakatarisa kuna Ishe
Mwari vavo, tarisai, ndichavaisa
mumaoko evavengi vavo; hon-
gu, uye “vachaiswa muusu-
ngwa; uye vachatambudzwa
neruoko rwevavengi vavo.

22 Uye zvichaitika kuti vacha-
ziva kuti ndini Ishe Mwari vavo,
uye ndiri Mwari ane “shanje,
ndiri kuranga vanhu vangu pa-
musana pezvitadzo zvavo.

23 Uye zvichaitika kuti kunze
kwekunge vanhu ava vatendeu-
ka uye vakadzokera kuna Ishe
Mwari vavo, vachaiswa muu-

sungwa; hakuna anozovabvisa,
kunze kwaishe Samasimba
Mwari.

24 Hongu, uye zvichaitika
kuti kana vave kuchema kwan-
diri “ndichanonoka kunzwa
kuchema kwavo; hongu, uye
ndichabvumira kuti varohwe
nevavengi vavo.

25 Uye kunze kwekunge vate-
ndeuka vakapfeka masaka ne-
kuzviisa dota, uye vachichema
kuna Ishe Mwari vavo zvikuru,
“handizonzwa minamoto yavo,
kana kuvabvisa mumatambu-
dziko avo; uye ndiko kutaura
kwaishe, uye ndizvo zvavandi-
tuma.

26 Zvino zvakaitika kuti
Abhinadhai zvaakataura mazwi
aya kwavari vakamushatirirwa,
vakatsvaka kumuuraya; asi Ishe
vakamubvisa mumaoko avo.

27 Zvino mambo Noa paaka-
nzwa mazwi akange ataurwa
kuvanhu naAbhinadhai, naiye
akamushatirirwa; uye akati:
Ndiani Abhinadhai, anotonga
ini nevanhu vangu, kana ivo Ishe
“ndiani, vachaunza vanhu va-
ngu kumatambudziko makuru?

28 Ndinokutumai kuti muunze
Abhinadhai pano, kuti ndimu-
uraye, nokuti ataura zvinhu izvi
kuti vanhu vangu vashatirisane,
nokuti pave nekukakavadzana
pakati pavanhu vangu; naizvo-
zvo ndichamuuraya.

29 Zvino maziso evanhu
“akapofomadzwa; naizvozvo

19a D&Z 3:4.
NKM Kudada.

20a NKM Abhinadhai.

21a Mosaya 12:2; 20:21;
21:13-15; 23:21-23.

22a Eks. 20:5;
Deut. 6:15;

Mosaya 13:13.

24a Mika 3:4;
Mosaya 21:15.

25a Isa. 1:15; 59:2.

27a Eks. 5:2;

Mosaya 12:13.

29a Mos. 4:4.

^bvakaomesa mwoyo yavo vakasada mazwi aAbhinadhahi, uye kubvira panguva iyoyo vakatsvaka kumutora. Uye mambo Noa akaomesa mwoyo wake kumazwi aIshe, uye haana kutendeuka mukuita kwake kwakaipa.

CHITSAUKO 12

Abhinadhahi anoiswa mutirongo pamusoro pekuporofita kwake kuparadzwa kwevanhu nerufu rwamambo Noa—Vapirisita vemanypopo vanotaura magwaro matsvene uye vachinyepera kutevedza mutemo waMosesi—Abhinadhahi anotangisa kuvadzidzisa Mirairo Ine Gumi. Zvingangove makore 148 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaaitika kuti mushure memakore maviri Abhinadhahi akauya mukati mavo akazvishandura, zvekuti Havana kumuziva, uye ndokubva atangisa kuporofita ari mavari, achiti: Ndiko kutumwa kwandaitwa naIshe, vachiti—Abhinadhahi, enda unoporofita kuvanhu vangu ava, nokuti vaomesa mwoyo yavo kumazwi angu; Havana kutendeuka kubva mumabasa avo akaipa; naizvozvo, ^andichavashanyira muhasha dzangu, hongu, muhasha dzangu dzinotyisa ndinovashanyira mukuipa nezvitadzo zvavo.

2 Hongu, nhamo ngaive

kuchizvarwa chino! Uye Ishe vakati kwandiri: Tambanudza ruoko rwako uporofite, uchiti: Ishe vanotaura vachiti; zvichaitika kuti chizvarwa chino, pamusana pezvitadzo zvavo, vachaiswa ^amuusungwa, uye vacharohwa ^bpadama; hongu, uye vachatinhwa nevanhu, vagouraiwa; magora emumhepo, nembwa, hongu, nezvikara, zvichadya nyama yavo.

3 Uye zvichaitika kuti ^aupenyu hwamambo Noa huchatorwa kunyangwe sejira riri ^bmuchoto munopisa; nokuti achaziva kuti ndini Ishe.

4 Uye zvichaitika kuti ndicharova vanhu vangu ava nedambudziko rinorwadza, hongu, nenzara ^anezvirwere; uye ndichaita kuti ^bvawuwure muswere wose wezuva.

5 Hongu, uye ndichaita kuti vatakudzwe ^amitoro pamisana yavo; uye vagotyairwa sedhongwi risingataure.

6 Uye zvichaitika kuti ndichatumira chivhuramahwe pakati pavo, uye chichavarova; uye vacharohwawo nemhepo ^ayekumabvazuva; uye ^btwumbuyu twuchanetsa munyika mavo zvakare, twuchidya nokuparadza mbeu dzavo.

7 Uye vacharohwa nechirwere chikuru—izvi zvose ndichazvita pamusana ^apekuipa kwavo neruvengo rwavo.

8 Uye zvichaitika kuti kunze

29b Aruma 33:20; Eta 11:13.

12 1a Isa. 65:6.

2a Mosaya 11:21; 20:21; 21:13-15; 23:21-23.

b Mosaya 21:3-4.

3a Mosaya 12:10.

b Mosaya 19:20.

4a D&Z 97:26.

b Mosaya 21:9-10.

5a Mosaya 21:3.

6a Jer. 18:17;

Mosaya 7:31.

b Eks. 10:1-12.

7a D&Z 3:18.

kwekunge vatendeuka “ndicha-
vaparadza zvachose kuti vabva
vabva pachiso chenyika; asi
vachasiya ^bzvinyorwa zvavo
shure, uye ndichazvichengetera
mamwe marudzi achatora nyika
ino; hongu, ndichaita izvi kuti
ndizivise ruvengo rwevanhu
ava kune mamwe marudzi.
Uye Abhinadhai akaporofita
zvinhu zvakawanda kwazvo
kuvanhu ava.

9 Uye zvakaitika kuti vaka-
mushatirirwa; uye ndokubva
vamutora ndokumutakura va-
kamusunga ndokuenda naye
kuna mambo, ndokuti kuna
mambo: Tarisai, tauya nemu-
rume uyu kwamuri akaporofita
zvinhu zvakaiipa maererano
nevanhu venyu, uye achiti
Mwari vachavaparadza.

10 Uye anoporofitawo zvakai-
pa neupenyu hwenyu, uye anoti
upenyu hwenyu huchaita sejira
riri muchoto chemoto.

11 Uye zvakare, anoti imi
muchaita seshanga, kana seshan-
ga rakaoma riri mumunda, uye
rinotyorwa nemhuka uye richi-
tsikirirwa netsoka.

12 Uye zvakare; anoti imi
muchaita seruva remuti wemu-
nzwa, rinoti, kana ranyatsosvi-
ka, kana mhupo ikavhuvhuta,
rinobva ratorwa richibva rabva
pamusoro penyika. Uye anoita
sezviri kutaurwa nalshe. Uye
anoti zvose izvi zvichaitika
kwamuri kunze kwekunge ma-
totendeuka, uye zvose zvichiko-
nzerwa nezvitadzo zvenyu.

13 Uye zvino nhai mambo,

chitadzo chikuru chamakaita
ndechei, kana zvitema zvei zvi-
kuru zvakaitwa nevanhu venyu,
zvekuti Mwari vangatirase kana
zvingaite kuti titongwe nemu-
rume uyu?

14 Uye zvino nhai mambo,
tarisai, hatina mhosva, uye
imi nhai mambo, hamuna chi-
tadzo chamakaita; saka, mu-
rume uyu anyepa maererano
nemi, uye aporofita zvisina
maturo.

15 Uye tarisai, tine simba,
hatiswe muusungwa, kana ku-
torwa senhapwa nevavengi
vedu; hongu, uye imi makabu-
dirira munyika, uye muchabu-
dirira.

16 Tarisai, houno murume
wacho, tinomuisa mumaoko
enyu: munogona kuita zvamu-
noonona zvakana kwamuri.

17 Uye zvakaitika kuti mambo
Noa akaita kuti Abhinadhai
aiswe mutirongo; uye akataura
kuti “mapirisita vaungane pa-
mwechete kuti agoita musanga-
no navo kuti aone kuti angaitei
naye.

18 Uye zvakaitika kuti vakati
kuna mambo: Muunzei kuno
kuti tigomubvunza; uye mambo
akataura kuti ngaanzwe pa-
mberi pavo.

19 Uye vakatanga kumubvu-
nza, kuti vamukanganise, kuti
zvimwe vangawane chekumu-
pomera mhosva nacho; asi
akavapindura asingatye, uye
akapindura yose mibvunzo yavo
zvakaavakona, hongu, zvaka-
vashamisa; nokuti “akavakona

pakupindura mibvunzo yavo yose, uye akavanyadzisa mumazwi avo ose.

20 Uye zvakaitika kuti mumwe wavo akati kwaari: Ko anorevei mazwi akanyorwa, uye ari akadzidziswa nemadzibaba edu, vachiti:

21 Dzakanaka “sei pagomo tsoka dzeuyo anouya nemashoko akanaka; uyo anoshevedzera runyararo; uyu anouya nemashoko akanaka ekunaka; anoshambadzira ruponeso; uyo anoti kuZioni, Mwari Vako vanotonga;

22 Vagariri vachasimudza mazwi; nezwi pamwechete vachaimba; nokuti vachawirirana kana Ishe vave kuunza zvakare Zioni;

23 Pinda mukufara iye zvino; imbai pamwechete imi nzvimbo dzisina chinhu dzeJerusarema; nokuti Ishe vanyaradza vanhu vavo, vanunura Jerusarema;

24 Ishe vaisa “ruoko rwavo rwutsvene pachena pamberi pemaziso emarudzi ose, uye ose mativi enyika achaona ruponeso rwaMwari vedu?

25 Uye zvino Abhinadhai akati kwavari: Muri “vapirisita here, uye muchinyepera kudzidzisa vanhu ava, nokunzwisisa mweya wekuporofita, uye mugoda kuziva kwandiri kuti zvinhu izvi zvinorevei?

26 Ndinoti kwamuri, nhamo kwamuri nokuti makasandurudza nzira dzaIshe! Nokuti

dai mainzwisisa zvinhu izvi hamuna kuzvidzidzisa; naizvozvo, makasandurudza nzira dzaIshe.

27 Hamuna kuisa mwoyo yenyu “mukunzwisisa; naizvozvo, hamuna kunge makaita zvakanngwara. Naizvozvo, muri kudzidzisa chii vanhu ava?

28 Uye vakati: Tinodzidzisa mutemo waMosesi

29 Uye akati kwavari zvakare: Kana muchidzidzisa “mutemo waMosesi sei musingauchengete? Sei muchiisa mwoyo yenyu kuupfumi? Sei muchiita ^bupombwe uye muchipedza simba renyu nepfambi, hongu, uye muchiita kuti vanhu ava vaite zvitadzo, zvaita kuti Ishe vawane chikonzero chekunditumira kuti ndizoporofita pamusoro pevanhu ava, hongu, kana zvaikaipa zvikuru kuvanhu ava?

30 Hamuzive here kuti ndiri kutaura chokwadi? Hongu, munoziva kuti ndiri kutaura chokwadi; uye makafanira kudedera pamberi paMwari.

31 Uye zvichaitika kuti mucharohwa pamusana pezvitema zvenyu, nokuti makati munodzidzisa mutemo waMosesi. Uye chii chamunoziva maererano nemutemo waMosesi? “Ko ruponeso rwunouya nemutemo waMosesi here? Munotii?

32 Uye vakapindura vakati ruponeso rwunouya nemutemo waMosesi.

33 Asi zvino Abhinadhai akati

21a Isa. 52:7–10; Nah. 1:15.

24a 1 Ni. 22:11.

25a Mosaya 11:5.

27a NKM Kunzwisisa.

29a NKM Mutemo waMosesi.

^b NKM Hupombwe.

31a Mosaya 3:15; 13:27–32; Aruma 25:16.

kwavari: Ndinoziva kuti kana mukachengeta mirairo yaMwari muchaponeswa; hongu, kana mukachengeta mirairo yakapiwa kuna Mosesi naIshe mugomo “reSinai, vachiti:

34 “Ndini Ishe Mwari wenyu, uyo bakakubvisai munyika yeEgipita, kubva mumba yeusungwa.

35 Hamuzove “nemumwe Mwari kunze kwangu.

36 Hamuzozviitira mifanandizo yezvivezwa, kana chimwe chinhu chakafanana nechiri kudenga kumusoro, kana zvinhu zviri pasi pevhu.

37 Zvino Abhinadhai akati kwavari, Makaita zvose izvi here? Ndinoti kwamuri, Kwete, hamuna kuzviita. Uye “maka-dzidzisa vanhu ava here kuti vanofanira kuita zvose zvinhu izvi? Ndinoti kwamuri, Kwete, hamuna kuzviita.

CHITSAUKO 13

Abhinadhai anodzivirirwa nesimba dzvene — Anodzidzisa Mirairo Ine Gumi — Ruponeso harwuuye nemutemo waMosesi wega — Mwari pachavo vachaita rudzikinuro uye vonunura vanhu vavo. Zvingangove makore 148 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino mambo paakange anzwa mazwi aya, akati kuvafundisi vake: Mutorei munhu uyu,

uye mumuuraye, nokuti ndingaitai naye, nokuti anopenga.

2 Uye vakamira vakaedza kuisa maoko avo paari; asi akavatakanura, akati kwavari:

3 Musandibate, nokuti Mwari vachakurovai kana mukaisa maoko enyu pandiri, nokuti handisati ndasvitsa shoko randakatumwa nro naIshe; zve handisati ndakutaurirai “zvamakandikumbira kuti ndikutaurirei; naizvozvo, Mwari havabvumire kuti ndiparadzwe pane nguva ino.

4 Asi ndakafanira kuzadzikisa mirairo iyo yandakatumwa naMwari, uye nepamusana pekuti ndakutaurirai chokwadi mandishatirirwa. Uye zvakare, nenzira yekuti ndataura shoko raMwari matonditonga kuti ndinopenga.

5 Zvino zvakaitika kuti mushure mekunge Abhinadhai ataura mazwi aya vanhu vamambo Noa vakatya kumubata, nokuti Mweya walshe wakange wave paari; uye kumeso kwake “kukapenya nokupenya kukuru, kunyangwe sekupenya kwakaita Mosesi paakange ari mugomo reSinai, achitaura naIshe.

6 Uye akataura “nesimba nemvumo kubva kuna Mwari; uye akaenda mberi mukutaura kwake, achiti:

7 Muri kuona kuti hamuna simba rekundiuraya, saka ndinopedza shoko rangu. Hongu,

33a Eks. 19:9, 16–20;

Mosaya 13:5.

34a Eks. 20:2–4.

b Eks. 12:51;

1 Ni. 17:40;

Mosaya 7:19.

35a Hos. 13:4.

NKM Kunamata

Zvifananidzo.

37a Mosaya 13:25–26.

13 3a Mosaya 12:20–24.

5a Eks. 34:29–35.

6a NKM Simba.

uye ndinoona kuti zviri “kukubayai pamwoyo nokuti ndino kuudzai chokwadi maererano nezvitadzo zvenyu.

8 Hongu, uye mazwi angu anokuzadzai nokukushamisai nokukatyamara, nokushatirwa.

9 Asi ndinopedzisa shoko rangu; uye mushure hazvizove nemhosva kwandinoenda, kana zvikaita kuti ndiponeswe.

10 Asi izvi ndizvo zvandino kutaaurirai, zvamuchaita neni, mushure mezvizvi, zvichave “chiratidzo nemufananidzo we-zvinhu zvichauya.

11 Uye zvino ndinokuverengerai zvakasara “pamirairo yaMwari, nokuti ndiri kuona kuti hazvina kunyorwa mumwoyo yenyu; ndiri kuona kuti makadzidza uye mukadzidzisa zvitema nguva huru muupenyu hwenyu.

12 Uye zvino, munorangarira kuti ndakati kwamuri: Hamuzviitire zvimufanidzo zvekuveza, kana zvimwe zvinhu zvakafanana nezvinhu zviri kumusoro kudenga, kana zviri pano pasi, kana zviri mumvura pasi pevhu.

13 Uye zvakare: Hamuzvina namata, kana kuzvishandira; nokuti ini Ishe Mwari venyu ndiri Mwari vane shanje, ndinoisa mhosva dzemadzibaba kuvana, kusvika kuchizvarwa chechitatu nechechina cheavo vanondivenga;

14 Uye ndichiratidza tsitsi kune zviuru nezviuru zvevanondida uye vanochengeta mirairo yangu.

15 Musashandise zita raIshe Mwari venyu pasina zviripo; nokuti Ishe havazoti haana mhosva uyo waanowana achitamba nezita rake.

16 Rangarirai zuva “resabata, kuti murichengete riri dzvene.

17 Muchaita mabasa enyu kwemazuva matanhatu, uye muchiita basa renyu rose;

18 Asi muzuva rechinomwe, zuva resabata raIshe Mwari venyu, hamuna basa ramunoita imi, kana mwanakomana wenyu, kana mwanasikana wenyu, kana murandarume wenyu, kana murandakadzi wenyu, kana mombe dzenyu, kana mweni ari mukati memasuo enyu;

19 Nokuti nemazuva “matanhatu Ishe vakaita denga nenyika, negungwa, nezvose zviri mazviri; nokudaro Ishe vakaropafadza zuva resabata, vakarikudza.

20 “Kudza baba namai vako, kuti mazuva ako arebe panyika awakapiwa naIshe Mwari vako.

21 “Musauraye.

22 “Musapombe. ^bMusabe.

23 Musapupure “nhema pamusoro pemuvakidzani wenyu.

24 Musaita “ruchiva nempa yemuvakidzani wenyu, musaita ruchiva nemukadzi wemuvakidzani wenyu, kana murandaru-

7a 1 Ni. 16:2.
10a Mosaya 17:13-19;
Aruma 25:10.
11a Eks. 20:1-17.
16a NKM Zuva reSabata.

19a Gen. 1:31.
20a Marko 7:10.
21a Mat. 5:21-22;
D&Z 42:18.
NKM Kuponda.

22a NKM Hupombwe.
^b NKM Kuba.
23a Zir. 24:28.
NKM Kunyepa.
24a NKM Kuchiva.

me wake, kana murandakadzi wake, kana gwaimani rake, kana mbongoro yake, kana chii zvacho chemuvakidzani wenyu.

25 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge Abhinadhai apedza kutaura uku akati kwavari: Makadzidzisa here vanhu ava kuti vacherechedze zvose zvinhu izvi kuti vachengetedze mirairo iyi?

26 Ndinoti kwamuri, Kwete; nokuti dai makazviita, Ishe angadai asina kuita kuti ndiuye ndichiporofita maererano no-kuipa kwevanhu ava.

27 Uye zvino mati ruponeso rwunonzwa nemutemo wa-Mosesi. Ndinoti kwamuri zvakana kuti mumbochengetedza “mutemo waMosesi; asi ndinoti kwamuri, kuti nguva ichauya yokuti ^bhamuzofanira kuchengetedza mutemo wa-Mosesi.

28 Uye zvakare, ndinoti kwamuri, “ruponeso harwuuye ^bnemutemo chete; uye dai pakanga pasina ‘rudzikinuro, rwuchaitwa naMwari pamusana pezvitadzo nezvinyangadzo zvevanhu vavo, vaitofanira kufa pasina chingavadzivirire, kana dai uri mutemo waMosesi.

29 Uye zvino ndinoti kwamuri zvaifanira kuti kuve nemutemo unopiwa kuvana vaIsraeri, ho-

ngu, kana mutemo “wakaoma chaizvo; nokuti vakange vari vanhu vakaoma mitsipa, ^bvano-kurumidza kuita zvakaipa, uye vachinonoka kurangarira Ishe Mwari vavo.

30 Naizvozvo kwaive “nemutemo wakapiwa kwavari, hongu, mutemo wekuita ^bnezvisungo, mutemo wawaifanira “kutevedza chaizvo zuva nezuya, kuti vagare vachirangarira Mwari nebasa ravo kwavari.

31 Asi tarisai, ndinoti kwamuri, zvose zvinhu izvi zvaive “zviratidzo zvezvinhu zvichauya.

32 Uye zvino, vakanzwisisa mutemo here? Ndinoti kwamuri, Kwete, havana vose kunzwisisa mutemo; uye zvichikonzerwa neukukutu hwemwoyo yavo; nokuti havana kunzwisisa kuti hakuna munhu anoponeswa “kunze kwekunge awana rununuro rwaMwari.

33 Nokuti tarisai, ko Mosesi haana kuporofita kwavari here pamusoro pekuuya kwaMesia, nokutiwo Mwari vachanunura vanhu vavo? Hongu, uye kana “vose vaporofita vakaporofita kubvira pakutanga kwenyika — havana kunge vachitaura zvinhu zvakangofanana nezvizvi here?

34 Havana kuti here “Mwari pachavo vachadzika mukati

27a NKM Mutemo waMosesi.

b 3 Ni. 9:19–20; 15:4–5.

28a VaG. 2:16.

NKM Akanunura; Ruponeso.

b VaG. 2:21;

Mosaya 3:14–15;

Aruma 25:15–16.

c NKM Dzikinura.

29a Josh. 1:7–8.

b Aruma 46:8.

30a Eks. 20.

b NKM Zvisungo.

c Jak. 4:5.

31a Mosaya 16:14;

Aruma 25:15.

NKM Zvemuchere-

chedzo.

32a 2 Ni. 25:23–25.

33a 1 Ni. 10:5;

Jak. 4:4; 7:11.

34a Mosaya 7:27; 15:1–3.

NKM Mwari, Musoro hwhehuMwari.

mevana vevanhu, uye vagove vanotora chimiro chemunhu, uye vagoenda nesimba guru pamusoro penyika?

35 Hongu, uye havana kutiwo here achaita kuti kuve “neku-muka kwevakafa, uye nokuti iye, pachake, achadzvinyirirwa agotambudzwa?

CHITSAUKO 14

Isaya anotaura saMesia—Kunyadziswa nokutambudzwa kwaMesia zvinoratidzwa—Anoita mweya wake mupiro wechitema nokureverera vatadzi—Enzanisai naIsaya 53. Zvingangove makore 148 Kristu asati azvarwa.

HONGU, kana Isaya haati here: Ndiani akabvuma zvatakataura, uye ndiani akaratidzwa ruoko rwalshe?

2 Nokuti achakura ari pamberi pake sebukwa, uye semudzi wabuda muvhu rakaoma; uye haana chimiro kana kutsiga; uye patichamuona panenge pasina runako rungaite kuti timude.

3 Anoshorwa uye agorambwa nevanhu; murume wekusuwu, ajairana nekuchema; uye takavanza zviso zvedu kwaari; akashorwa, uye isu hatina kumukudza.

4 Chokwadi “akatakura ^bkuchema kwedu, nekusuwa kwedu;

asi takati akanetswa, akarohwa naMwari, nokutambudzwa.

5 Asi akakuvadzirwa “kutadza kwedu, akakusvuukira kuipa kwedu; akarangwa achirangwa kuti tive nerunyararo; nemavanga ekurohwa kwake ^btakarapwa.

6 Tose isu, “sehwai, takarasika; tose tatendeukira umwe neumwe kwake; uye Ishe akatakura pamusoro pake kutadza kwedu tose.

7 Akadzvinyirirwa, uye akatambudzwa, asi “iye haana kumbozarura muromo wake; anouyiswa kundobaiwa ^bsehwayana, uye sehwai pamberi pevageri vayo yakanyarara saka haana kuzarura muromo wake.

8 Akabviswa mutirongo nepakutongwa; uye ndiani achaita chizvarwa chake? Nokuti akabviswa munyika yevapenyu; nenzira yekutadza kwevanhu vangu akarohwa?

9 Uye akavigwa pamwechete nevatadzi, “nevapfumi pakufa kwake; nokuti hakuna ^bchakaipa chaakange aita, zve muromo make makange musina unyengedzi.

10 Asi zvaifadza Ishe kuti akuzvurwe; akamuchemedza; kana mukaita mweya wake mupiro wechitema achaona “mbeu yake, achapamhidzira mazuva ake, uye kuda kwaIshe kuchabudirira muruoko rwake.

35a Isa. 26:19; 2 Ni. 2:8.

14 4a Aruma 7:11–12.

b Mat. 8:17.

5a Mosaya 15:9;

Aruma 11:40.

b I Pet. 2:24–25.

6a Mat. 9:36; 2 Ni. 28:14;

Aruma 5:37.

7a Marko 15:3.

NKM Jesu Kristu.

b NKM Gwayana

raMwari; Paseka.

9a Mat. 27:57–60;

Marko 15:27, 43–46.

NKM Josefa

weArimatea.

b Joh. 19:4.

10a Mosaya 15:10–13.

11 Achaona zvakatambudzi-rwa mweya wake, uye zvichamugutsa; neruzivo rwake muranda wangu wakarurama achanatsa vazhinji; nokuti ^aachatakura kuipa kwavo.

12 Saka tichamugovera chikamu nevane mbiri, uye achagovana nevane masimba; nokuti akadururira mweya wake mukufa; uye akaverengerwa kuvatadzi; uye akatakura zvitema zvezvazhinji, uye ^aakareverera vatadzi.

CHITSAUKO 15

Kuti Kristu ndiBaba neMwanakomana sei—Achapindira uye agotakura kutadza kwevanhu vake—Ivo nevaporofita vatsvene vose imbeu yake—Anoita kuti kuve neKumuka kwevakafa—Vana vaduku vane upenyu hwokusingaperi. Zvingangove makore 148 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino Abhinadhari akati kwavari: Ndinoda kuti muzive kuti ^aMwari pachavo vachadzika mukati mevana vevanhu, uye ^bvachanunura vanhu vavo.

2 Uye nokuti ^aanogara ari munyama achadaidzwa kuti

Mwanakomana waMwari, aisa nyama yake pasi pekuda ^bkwaBaba, ari iye Baba neMwanakomana—

3 Baba, ^anokuti ^bakaberekwa nesimba raMwari; uye Mwanakomana, nenzira yenyama; ndokuve Baba neMwanakomana—

4 Uye vari Mwari ^amumwechete, hongu, chaivo ^bBaba ^cWokusingaperi wedenga nenyika.

5 Uye ndipo nyama painozviisa pasi peMweya, kana Mwanakomana azviisa pasi paBaba, vari Mwari mumwechete, ^avanopinda pakuedzwa, uye havaiswe pasi nokuedzwa ikoko, asi vanobvumira kuti vasekwe, ^bnokurohwa, nokurasirwa kunze, ^cnokurambwa nevanhu vavo.

6 Uye mushure mazvo zvose izvi, mushure mekuita zvi-shamiso zvakawanda mukati mevana vevanhu, achatorwa, hongu, kunyangwe ^asezvaka-taurwa naIsaya, sehwei iri kuenda pamberi pevanoigera yakanyarara, naiye ^bhaazarure muromo wake.

7 Hongu, saizvozvo achatorwa, ^aoroverwa, ouraiwa, nyama ichive inozviisa pasi kana

11a Zvaka. 16:21–22;
I Pet. 3:18;

D&Z 19:16–19.

12a 2 Ni. 2:9; Mosaya 15:8;
Moro. 7:27–28.

15 1a I Tim. 3:16;
Mosaya 13:33–34.

NKM Jesu Kristu.

b NKM Akanunura.

2a Mosaya 3:5; 7:27;
Aruma 7:9–13.

b Isa. 64:8;

Joh. 10:30; 14:8–10;

Mosaya 5:7;

Aruma 11:38–39;

Eta 3:14.

3a D&Z 93:4.

b Ruka 1:31–33;

Mosaya 3:8–9;

Aruma 7:10;

3 Ni. 1:14.

4a Deut. 6:4;

Joh. 17:20–23.

NKM Mwari, Musoro

hwehuMwari.

b Mosaya 3:8;

Hir. 14:12; 3 Ni. 9:15;
Eta 4:7.

c Aruma 11:39.

5a Ruka 4:2;

VaH. 4:14–15.

b Joh. 19:1.

c Marko 8:31;

Ruka 17:25.

6a Isa. 53:7.

b Ruka 23:9; Joh. 19:9;

Mosaya 14:7.

7a NKM Kuroverwa.

perufu, ^bkuda kweMwanakomana kwamedzwa nekuda kwaBaba.

8 Uye ndiko kudimbura kunaita Mwari ^amajoto erufu, vawana ^bkukunda rufu; vachipa Mwanakomana masimba ^cekureverera vana vevanhu—

9 Akwira kudenga, ane hura huzere tsitsi; uye azere netsitsi kuvana vevanhu; amire pakati pavo nekutonga; akadimbura majoto erufu, akatakura ^apaari kuipa kwavo nokutadza kwavo, avanunura, uye akaita ^bzvaidiwa nokutonga kune ruenzaniso.

10 Uye zvino ndinoti kwamuri, ndiani achataura chizvarwa chake? Tarisai, ndinoti kwamuri, kana mweya wake waitwa mupiro wechitema achaona ^ambeu yake. Uye zvino imi munotii? Uye mbeu yake anenge ari ani?

11 Tarisai ndinoti kwamuri, ani nani zvake akanzwa mazwi ^aevaporofita, hongu, vose vaporofita vatsvene vakaporofita nezvekuuya kwalshe—ndinoti kwamuri, avo vose vakateerera kumazwi avo, vakatenda kuti Ishe achanunura vanhu vake, uye vakatarisira kuzuva iroro kuti vagoregererwa zvitema zvavo, ndinoti kwamuri, ivava ndivo mbeu yake, kana kuti

ndivo vagari ^bveumambo hwaMwari.

12 Nokuti ivava ndivo vane zvitema ^a“iye zvaakatakura; ivava ndivo vaakafira, kuti avanunure mukutadza kwavo. Uye zvino, havasi mbeu yake here?

13 Hongu, uye ko vaporofita, mumwe nomumwe akazurura muromo wake kuporofita, asina kuwira mukutadza, ndinoreva vose vaporofita vatsvene kubvira pakutanga kwenyika? Ndinoti kwamuri ivavo imbeu yake.

14 Uye ivava ndivo ^a“vakashambadza runyararo, vakauya nenhau dzakanaka dzekunaka, vakashambadza ruponeso; uye vakati kuna Zioni: Mwari vako ari kutonga!

15 Uye tsoka dzavo dzakange dzakanaka sei pamusoro pemakomo!

16 Uye zvakare, dzakanaka sei pamusoro pemakomo tsoka dzeavo vachiri kushambadza runyararo.

17 Uye zvakare, dzakanaka sei pamusoro pemakomo tsoka dzeavo mushure mezvizvi vacharamba vachishambadza runyararo, hongu, kubvira nguva ino kudakara kwokusingaperi.

18 Uye tarisai, ndinoti kwamuri, hazvizizvo zvose. Nokuti dzakanaka sei pamusoro pema-

7b Ruka 22:42;
 Joh. 6:38;
 3 Ni. 11:11.
 8a Mosaya 16:7;
 Aruma 22:14.
 b Hos. 13:14;
 I VaKori. 15:55-57.
 c 2 Ni. 2:9.
 9a Isa. 53;

Mosaya 14:5-12.
 b NKM Dzikinura.
 10a Isa. 53:10;
 Mosaya 5:7; 27:25;
 Moro. 7:19.
 11a D&Z 84:36-38.
 b NKM Umambo
 hwaMwari kana
 Umambo

hweKudenga;
 Ruponeso.
 12a Mosaya 14:12;
 Aruma 7:13; 11:40-41.
 14a Isa. 52:7; VaR. 10:15;
 1 Ni. 13:37;
 Mosaya 12:21-24.
 NKM Basa
 reKushumira.

komo “tsoka dzeuyo anouya nenhau dzakanaka, anova akatanga ^brunyararo, hongu, kana Ishe, akanunura vanhu vake; hongu, iye akapa ruponeso kuvanhu vake;

19 Nokuti dai pasina rununuro rwaakaitira vanhu vake, rwakagadzirirwa kubvira “kutanga kwenyika, ndinoti kwamuri, dai pasina izvi, rwose rudzi rwevanhu rwungadai ^brwakaparara.

20 Asi tarisai, majoto erufu achadimurwa, uye Mwanakomana otonga, uye ane simba kune vakafa, naizvozvo, anoita kuti kuve nekumuka kune vakafa.

21 Uye kunouya kumuka kwevakafa, kana kumuka kwevakafa “kwekutanga; hongu, kana kumuka kwevakafa kweavo vakanga varipo, neavo varipo, neavo vachazovepo, kana kudakara kusvika mukumuka kuvakafa kwaKristu — nokuti ndizvo zvaachadaidzwa achiita.

22 Uye zvino, kumuka kune vakafa kwevaporofita vose, neavo vose waitenda mazwi avo, kana avo vose vaiteerera murairo waMwari, vachauya mukumuka kwevakafa kwekutanga; naizvozvo, ndivo veku-muka kuvakafa kwekutanga.

23 Vanomutswa kuti “vagare naMwari avo vakavanunura; naizvozvo vane upenyu hwo-

kusingaperi munaKristu, uyo ^bakadimbura majoto erufu.

24 Uye ava ndivo vachange vari mukumuka kwevakafa kwekutanga; uye ava ndivo vakafa Kristu asati auya, mukusaziva kwavo, vasina kumbotaurirwa “nezveruponeso. Uye Ishe anokonzera kudzororwa pakare kwaivava; uye vanove mukumuka kwevakafa kwekutanga, kana kuwana upenyu hwokusingaperi, vari vakanuturwa nalshe.

25 Uye “vana vaduku naivowo vane upenyu hwokusingaperi.

26 Asi tarisai, “mutye, mubvunde pamberi paMwari, nokuti makafanira kubvunda; nokuti Ishe havanunure avo ^bvanomupandukira uye ^cvachifira muzvitema zvavo; hongu, kana avo vose vakafira muzvitema zvavo kubvira kutanga kwakaita nyika, vakapandukira Mwari vachida, vaiziva mirairo yaMwari, vasingaichengete; ^divava ndivo “vasingazove mukumuka kuvakafa kwekutanga.

27 Naizvozvo hamufanire kubvunda here? Nokuti ruponeso haruuye kune vakadaro; nokuti Ishe havana kununura vakadaro; hongu, zve Ishe havanunure vakadaro; nokuti havangazvipikise pachavo; nokuti havangarambe “ruenzaniso parunenge ruchifanirwa.

18a 3 Ni. 20:40;
D&Z 128:19.

^b Joh. 16:33.
NKM Runyararo.

19a Mosaya 4:6.
^b 2 Ni. 9:6–13.

21a Aruma 40:16–21.

23a Mpi. 24:3–4;

1 Ni. 15:33–36;
D&Z 76:50–70.

^b NKM Rufu, rwenyama.

24a 2 Ni. 9:25–26;
D&Z 137:7.

25a D&Z 29:46; 137:10.

NKM Ruponeso—
Ruponeso rwevana.

26a Deut. 5:29; Jak. 6:9.

^b 1 Ni. 2:21–24.

^c Ezk. 18:26;
1 Ni. 15:32–33;
Moro. 10:26.

^d Aruma 40:19.

^e D&Z 76:81–86.

27a Aruma 34:15–16; 42:1.

28 Uye zvino ndinoti kwamuri nguva ichasvika iyo “ichadaidziswa ruponeso rwaIshe kumarudzi ose, hama, ndimi, nevanhu.

29 Hongu, Ishe, “varindi venyu vachasimudza mazwi avo; nezwi pamwechete vachaimba; nokuti vachawirirana, kana Ishe vaunza zvakare Ziona.

30 Pindai mukufara, imbai pamwechete, imi matongo eJerusarema; nokuti Ishe vanyaradza vanhu vavo, vanunura Jerusarema.

31 Ishe vaisa pachena ruoko rwavo rwutsvene mumaziso emarudzi ose; uye ose mativi enyika achaona ruponeso rwaMwari vedu.

CHITSAUKO 16

Mwari vanoponesa vanhu kubva mukurasika nokupunzika kwavo—Avo vanoita zvenyika vanogara sekunge pasina rununuro—Kristu anoita kuti kuve nokumuka kuvakafa neupenyu husingaperi kana kuti kuraswa kusingaperi. Zvingangove makore 148 Kristu asati azvarwa.

UYE ZVINO, zvakaitika kuti mushure mekunge Abhinadhai ataura mazwi aya akatambandza ruoko rwake akati: Nguva ichasvika yekuti vose vachaona “ruponeso rwaIshe; apo rwose rwudzi, hama, ndimi, uye

nevanhu vachawirirana ^bvagoreurura pamberi paMwari kuti kutonga kwavo kwakanaka.

2 Uye ndipo “pacharaswa vakaipa, uye vachave nechikonzero chekuwuwura, ^bnokuchema, nokurungaira, nokugegeda mazino avo, zvose izvi zvichikonzerwa nokuti havana kuda kuteerera izwi raIshe; naizvozvo Ishe havana kuvanunura.

3 Nokuti vanoita “zvenyama ndivana dhiabhorosi, uye ^bdhiabhorosi ane simba pavari; hongu, kana nyoka iya ‘yakanyangedza vabereki vedu vekutanga, chakave ndicho chikonzero ^dchokupunzika kwavo; chakave ndicho chikonzero chakaita kuti vanhu vaite zvenyama, unhubu, udhiabhorosi, ^evachiziva zvakaipa nezvakakanaka, vachiteerera kune zvinodiwa nadhiabhorosi.

4 Ndiko “kurasika kwakaita vanhu vose; uye tarisai, vanga dai vakarasika zvachose dai pasina kuti Mwari vakanunura vanhu vavo mukupunzika nekurasika kwavo.

5 Asi rangarirai kuti uyo anoramba ari muzvinhu “zvenyama, achitevedza nzira dzezvitadzo nekupandukira Mwari, anogara akapunzika uye dhiabhorosi ane simba rose pamusoro pake. Saka achaita sekusina kumbove

28a NKM Basa reKushumira.
29a NKM Murindiri.
16 1a NKM Ruponeso.
b Mosaya 27:31.
2a D&Z 63:53–54.
b Mat. 13:41–42; Ruka 13:28;

Aruma 40:13.
3a VaG. 5:16–25; Mosaya 3:19.
NKM Munhu weNyama.
b 2 Ni. 9:8–9.
NKM Dhiabhorosi.
c Gen. 3:1–13;

Mos. 4:5–19.
d NKM Kupunzika kwaAdama naEva.
e 2 Ni. 2:17–18, 22–26.
4a Aruma 42:6–14.
5a Aruma 41:11.
NKM Zvenyama.

^bnerununuro rwakaitwa, ari muvengi waMwari; uye ariwo dhiabhorosi muvengi waMwari.

6 Uye zvino dai Kristu akanga asina kuuya munyika, achitaura nezvinhu zvichauya “sekunge zvakatouya kare, kungadai kusina rununuro.

7 Uye dai Kristu akanga asina kumuka kuvakafa, kana dai asina kudimbura majoto erufu kuti guva rishaye kukunda, kuti rufu rwusave “chironda, kungadai kusina kumuka kwevakafa.

8 Asi kune “kumuka kwevakafa, naizvozvo guva harina kukunda, uye chironda ^bcherufu chikamedzwa munaKristu.

9 Ndiye “chiedza neupenyu hwenyika; hongu, chiedza chisingapere, chisingavibiswe; hongu, neupenyuwo husingapere, kuti hakuchazova nerufu.

10 Kana muviri unofa uyu uchafekedzwa “kusafa, uye kuora uku kuchafekedzwa kusaora, uye vachaitwa kuti ^bvamire pamberi pechigarro chekutonga chaMwari, kuti “vago-tongwa maererano nemabasa avo kuti akanaka here kana kuti akaipa —

11 Kana vakanaka, kusvika pakumutswa kuvakafa muupenyu “husingaperi nerufaro; uye kana akaipa, kusvika mukumutswa kuvakafa muku-

raswa ^bkusingaperi, vachitumirwa kuna dhiabhorosi, akavaita varanda, kuri kuraswa —

12 Vafamba maererano noku-da kwenyama dzavo nezvido zvavo; vasina kumbodaidza Ishe apo maoko etsitsi akange akatambanudzirwa kwavari; nokuti maoko “etsitsi akanga akatambanudzirwa kwavari, asi vakaaramba; vakayambirwa no-kuipa kwavo asi havana kubva kwazviri; vakaudzwa kuti vate-ndeuke asi havana kuda kute-ndeuka.

13 Uye zvino, hamufanire kubvunda here nokutendeuka kubva muzvitema zvenyu, uye murangarire kuti munopone-swa chete kana muri muna-Kristu?

14 Naizvozvo, kana muchidzidzisa “mutemo waMosesi, makafanira kudzidzisawo kuti mufananidzo wezvinhu zvi-chauya —

15 Vadzidzisei kuti rununuro rwunouya nekuna Kristu Ishe, vanove ndivo Baba “Vokusinga-peri. Amen.

CHITSAUKO 17

Aruma anotenda onyora mazwi aAbhinadhai—Abhinadhai anota-mbudzika murufu rwomoto—

5b NKM Akanunura.

6a Mosaya 3:13.

7a Hos. 13:14;

Mosaya 15:8, 20.

8a Aruma 42:15.

NKM Kumuka

Kuvakafa.

^b Isa. 25:8;

I VaKori. 15:54–55;

Morm. 7:5.

9a D&Z 88:5–13.

NKM Chiedza,

Chiedza chaKristu.

10a Aruma 40:2.

NKM Asingafe.

^b NKM Kutonga,

Kwekapedzisira.

^c Aruma 41:3–6.

11a NKM Upenyu

Hwokusingaperi.

^b NKM Kuraswa.

12a NKM Anetsitsi.

14a NKM Mutemo
waMosesi.

15a Mosaya 3:8; 5:7;
Eta 3:14.

Anoporofita pamusana pezvairwere norufu rwomoto kune vakamuuraya. Zvingangove makore 148 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti apo Abhinadhai akanga apedza kutaura uku, mambo akaraira “vapirisita kuti vamutore vaite kuti auraiwe.

2 Asi pakati pavo pakange pane mumwe ainzi ^aAruma, akange ari wechizvarwa cha-Nifai. Uye akanga ari murume achiri muduku, uye ^bakatenda mazwi ayo Abhinadhai akanga ataura, nokuti aiziva kuipa uko kwakanga Abhinadhai ataura pamusana pavo; naizvozvo akatanga kukumbira kuna mambo kuti asashatirirwe Abhinadhai, asi kuti amubvumire kuenda murunyararo.

3 Asi mambo akashatirwa zvikuru, akaita kuti Aruma abviswe pakati pavo, akatumira varanda vake kuti vanomuuraya.

4 Asi akatiza kubva kwavari akanohwanda zvokuti havana kumuona. Ari pakuhwanda kudaro kwamazuva akawanda “akanyora mazwi ose akataurwa naAbhinadhai.

5 Uye zvakaitika kuti mambo akaita kuti vachengeti vake vakomberedze Abhinadhai vambate; vakamusunga vakamuisa mutorongo.

6 Uye kwaperama mazuva mata-tu, shure kwokunge varangana navapirisita vake, akaita kuti aunzwe zvakare kwaari.

7 Uye akati kwaari: Abhinadhai, taona mhosva pauri, saka wakafanira kufa.

8 Nokuti wakati izvo “Mwari pachavo vachauya pano pasi pakati pavana vavanhu; uye zvino, pamusana pemhosva iyoyi uchauraiwa kunze kwokunge wati mazwi akaipa ose awakataura pamusoro pangu navanhu vangu inhema.

9 Zvino Abhinadhai akati kwaari: Ndinoti kwaari, handidzore mazwi andakataura kwaari maererano navanhu ava, nokuti ndeekokwadi; kuti muzive kuti ndeekokwadi ndabvuma kuwira mumaoko enyu.

10 Hongu, uye ndichatambudzika kusvikira kufa, uye handizodzora mazwi angu, achazova uchapupu achikupa mhosva. Uye mukandiuraya muri kudeura ropa “risina mhosva, uye izvi zvichapupura pazuva rokupedzisira.

11 Uye zvino mambo Noa akanga ava kuda kumusunungura, nokuti akanga otya shoko rake; nokuti akatya kuti kutonga kwaMwari kwaizova paari.

12 Asi vafundisi vakasimudza mazwi avo kwaari, vakatangisa kumupomera mhosva, vachiti: Atuka mambo. Naizvozvo mambo akasimuka nokushatirwa kwaari, akamuisa mumaoko avo kuti vamuuraye.

13 Uye zvakaitika kuti vakamutora vakamusunga, vakarova

17 1a Mosaya 11:1, 5–6.

2a Mosaya 23:6, 9–10.
NKM Aruma Mukuru.

b Mosaya 26:15.

4a NKM Magwano
matsvene.

8a Mosaya 13:25, 33–34.

10a Aruma 60:13.

ganda rake nehuni dziri kubvira, hongu, kana kusvikira afa.

14 Uye zvino marimi emoto paakatanga kumupisa, akache-ma kwavari, achiti:

15 Tarisai, kana sezvamaita kwandiri, zvichaitika kuti mbeu yenyu ichakonzera kuti vazhinji vatambudzike kurwadza kwandatatambudzika, kana kurwadza “korufu rwomoto; uye izvi nenzira yokuti vanotenda muruponeso rwashe Mwari vavo.

16 Uye zvichaitika kuti muchatambudzwa nemhando dzose dzezvirwere nokuda kwokutadza kwenyu.

17 Hongu, uye “mucharohwa kubva kumativi ose, uye muchatinhwa mugopararira uko nekoko, kana sekuparadzwa kunoitwa danga resango nezvikara zvinotyisa.

18 Uye pazuva iroro muchavhimwa, uye muchatorwa noruoko rwemhandu dzenyu, muchazotambudzika, sekutambudzika kwandaita, marwado “erufu rwomoto.

19 Mwari “vanodzorerera saizvo-zvo avo vanoparadza vanhu vavo. Mwari, gamuchirai mweya wangu.

20 Uye zvino, apo Abhinadhai akataura mazwi aya, akapunzika, atambudzika nerufu rwomoto; hongu, akauraiwa nokuti akaramba kuramba mirairo ya-Mwari, somunhu akanamata chokwadi chamazwi ake norufu rwake.

CHITSAUKO 18

Aruma anoparidza muchivande—Anoratidza zvibvumirano zvokubhabhatidza achibhabhatidza pamvura dzaMormoni—Anotangisa Chechi yaKristu nokugadza vapirisita—Vanozviritira pachavo nokudzidzisa vanhu—Aruma navanhu vake vanotiza Mambo Noa kuenda murenje. Zvingangove makore 147 kusvika ku145 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti Aruma, uyo akange atiza kubva kuvaranda vamambo Noa, “akatendeuka kubva pazvivi zvake nokuipa kwake, akaenda muchivande pakati pavanhu, akatangisa kudzidzisa mazwi aAbhinadhai—

2 Hongu, maererano neizvo zvaizouya, uye nemaererano nokuzomutswa kwavakafa, “norununuro rwavanhu, izvo zvaizounzwa kuti zviitike nenzira ^byesimba, nokutambudzika, norufu rwaKristu, nokumutswa kuvafi nokukwira kwake kudenga.

3 Uye kune vazhinji avo vakanzwa mazwi ake vakadzidzisa. Uye akavadzidzisa muchivande, kuti zvisazivikanwe nama-mbo. Uye vazhinji vakatenda mazwi ake.

4 Uye zvakaitika kuti vakawanda vakamutenda vakaenda “kunzvimbo inonzi Mormoni, yakanga yapiwa zita iri

15a Mosaya 13:9–10;
Aruma 25:4–12.

17a Mosaya 21:1–5, 13.

18a Mosaya 19:18–20.
19a NKM Kutsividza.

18 1a Mosaya 23:9–10.

2a NKM Akanunura.
b NKM Dzikinura.

4a Aruma 5:3.

namambo, iri kumuganhu ne-nyika yairura, nenguva kana mwaka, nemhuka dzesango.

5 Zvino, muMormoni makanga muine chidziva chemvura yakachena, zvino Aruma akaenda ikoko, pedyo nemvura iyi paive nekarugwezhwa kaive nemiti miduku, maaivanda panguva dzamasikati achihwanda kutsvagwa namambo.

6 Uye zvakaitika kuti vazhinji vakanga vatenda vaienda kunzvimbo iyi kuti vanonzwa mazwi ake.

7 Uye zvakaitika kuti kwapera mazuva akawanda pakava nechitsama chakanga chaungana panzvimbo yeMormoni, kuti vanzwe mazwi aAruma. Hongu, vose vakaungana pamwechete avo vakatenda mazwi ake, kuti vamunzwe. Uye akavadzidzisa, akaparidzira kutendeuka, noronunuro, nokutenda kuna Ishe.

8 Uye zvakaitika kuti akati kwavari; Tarisai, hedzino mvura dzaMormoni (nokuti ndiko kudaidzwa kwadzaiitwa) zvino, zvamunoda kuuya mudanga raMwari, nokudaidzwa savanhu vavo, uye muine chido chokutakurirana mitoro, kuti ive inoreruka;

9 Hongu, uye kuti munoda kuchema neavo vanochemba; hongu, nokunyaradza avo vanenge

vachida kunyaradzwa, nokumira “sevapupuri vaMwari panguva dzose muzvinhu zvose, nomunzvimbo dzose dzamunenge muri, kana kusvikira pakufa, kuti muzonunurwa naMwari, nokuzoverengerwa neavo vachamutswa pakumuka kwokutanga, kuti muve noupenyu hwokusingaperi—

10 Zvino ndinoti kwamuri, kana izvi zviri zvido zvemwoyo yenyu, chii chamusingade kuti “mubhabhatidzwe muzita raIshe, seuchapupu pamberi pavo kuti mapinda muchibvumirano navo, kuti muchamushandira nokuchengeta mirairo yavo, kuti vazova vanodurura Mweya wavo pamuri zvakanyanya?

11 Zvino apo vanhu vakanga vanzwa mazwi aya, vakarova maoko avo nomufaro vakati: Izvi ndizvo zvido zvemwoyo yedu.

12 Uye zvino zvakaitika kuti Aruma akatora Herami, somumwe wevokutanga, akaenda akandomira mumvura, akachema achiti: Ishe dururirai Mweya wenyu pamuranda wenyu, kuti aite basa renyu nomwoyo mutsvene.

13 Uye apo akanga ataura mazwi aya, “Mweya waIshe wakanga wava paari, akati: Herami, ndinokubhabhatidza, nemvumo kubva kuna Mwari

7a Aruma 5:11–13.

8a D&Z 20:37.

b NKM Chechi yaJesu Kristu.

c NKM Kunzwa Tsitsi.

9a NKM Basa reKushumira;

Pupura; Mupupuri.

b Mosaya 15:21–26.

c NKM Upenyu Hwokusingaperi.

10a 2 Ni. 31:17.

NKM Bhabhatidza.

b NKM Chibvumirano.

13a NKM Mweya

Mutsvene.

b 3 Ni. 11:23–26; D&Z 20:72–74.

c Mis. yeCh. 1:5.

NKM Hupirisita.

Unamasimba ose, seuchapupu hwokuti wapinda muchibvumirano chokuti uchamushandira kusvikira wafa kufa kwomuviri; uye Mweya waIshe udururwe pauri; vave vanokupa upenyu hwokusingaperi, kuburikidza ^anorununuro rwaKristu, uyo waakagadzirira kubva ^apakutanga kwenyika.

14 Uye shure kwokunge Aruma ataura mazwi aya, vose Aruma naHerami ^avakanyudzwa mumvura; vakasimuka vakabuda mumvura vachifara, vazadzwa noMweya.

15 Uyezve, Aruma akatora mumwe, akaenda rwepiri mumvura, akamubhabhatidza sowokutanga, asi iye haana kuzonyurawo mumvura.

16 Uye netsika iyoyi akabhabhatidza mumwe nomumwe aienda kunzvimbo yaMormoni; mukuverengwa vakakwana mazana maviri navana; hongu, ivava ^avakabhabhatidzwa mumvura dzaMormoni, uye vakazadzwa ^bnenyasha dzaMwari.

17 Uye vakadaidzwa kuti ^achechi yaMwari, kana kuti chechi yaKristu, kubvira panguva iyoyo zvichienda mberi. Uye zvakaitika kuti avo vose vakange vabhabhatidzwa nesimba nemvumo yaMwari vakapamhidzirwa kuchechi yavo.

18 Uye zvakaitika kuti Aruma aine ^amvumo kubva kuna Mwari, akagadza vafundisi; kana mufundisi mumwechete pavanhu makumi mashanu kuti avaparidzire, ^bnokuvadzidzisa maererano nezvinhu zveumambo hwaMwari.

19 Uye akavaraira kuti vasadzidzise zvimwe kunze kwezvaakanga avadzidzisa, uye zvakataurwa nemiromo yavaporofita vatsvene.

20 Hongu, akavarairawo zvakare kuti ^avasaparidze zvimwe kunze kwokutendeuka nokutenda munaIshe, uyo akanunura vanhu vake.

21 Uye akavaraira kuti pasave ^anokukakavadzana pakati pavo, asi kuti vanofanira kuva ^bnetariro imwechete, vane kutenda kumwechete nebhabhatidzo imwechete, nokuva nemwoyo yakarukwa pamwechete ^amukubatana nokudanana.

22 Uye izvi ndizvo zvaakavaraira kuti vaparidze. Uye vakazova ^avana vaMwari.

23 Uye akavaraira kuti vachengetedze zuva ^areSabata, nokurichengeta riri dzvene, uye mazuva ose vanofanirwa kupa kutenda kuna Ishe Mwari vavo.

24 Uyezve akaraira kuti vapirisita avo vaakanga agadza

13d NKM Akanunura.
e Mos. 4:2; 5:9.

14a NKM Bhabhatidza—
Rubhabhatidzo
nokunyudzwa.

16a Mosaya 25:18.
b NKM Nyasha.

17a 3 Ni. 26:21; 27:3–8.

NKM Chechi yaJesu
Kristu.

18a NKM Hupirisita.
b NKM Dzidzisa.

20a D&Z 15:6; 18:14–16.

21a 3 Ni. 11:28–30.
NKM Gakava.

b Mat. 6:22;

D&Z 88:67–68.

c NKM Kubatana.

22a Mosaya 5:5–7;
Mos. 6:64–68.

23a Mosaya 13:16–19;
D&Z 59:9–12.

“vashande namaoko avo kuti vazviriritire.

25 Uye pakanga pane zuva rimwechete pasvondo rakanga ramiswa kuti vaungane pamwechete kuti vadzidzise vanhu, “nokunamata Ishe Mwari vavo, uyezve, nguva zhinji nesimba ravaive naro, kuti vaungane pamwechete pachavo.

26 Uye vafundisi havaifanira kutarisira ruyamuro kubva kuvanhu; asi nokushanda kwavo vaizogamuchira “nyasha dzaMwari, kuti vafambe vakasimba muMweya, nokuva ^bnoruzivo rwaMwari, kuti vadzidzise nesimba nemvumo kubva kuna Mwari.

27 Uye zvakare Aruma akaraira vanhu vechechi kuti vape zvinhu zvavo, mumwe “nomumwe maererano nezvaanazvo; kana aine zvakawanda anofanirwawo kupa zvakawanda; uyo ane zvishoma, zvishoma zvinodiwawo; kune uyo asina anofanirwa kupihwa.

28 Uye saizvozvo vanofanirwa kupa zvinhu zvavo vakasununguka nechido kuna Mwari, nekuvafundisi avo vaishaya, hongu, uye nokumweya yose yaida rubatsiro.

29 Uye izvi akataura kwavari, sokurairwa kwaakaitwa naMwari; “vakafamba zvakarurama pamberi paMwari, ^bvachipana munyama nomumweya

maererano nekuwana kwavo nezvido zvavo.

30 Uye zvakaitika kuti izvi zvose zvakaitwa muMormoni, hongu, pedyo “nemvura dzaMormoni, musango rakanga riri pedyo nemvura dzaMormoni; hongu, panzvimbo yaMormoni, mvura dzaMormoni, sango raMormoni, zvakanga zvakanaka zvakadii kumaziso avo ikoko vakauya muruzivo rwoMununuri wavo; hongu, vakakomborerwa zvakadii, nokuti vachaimba mukumurumbidza nokusingaperi.

31 Uye izvi zvakaitwa “kumuganhu wenyika, kuti zvisasvike pakuzivikanwa namambo.

32 Asi tarisai, zvakaitika kuti mambo, nokuona kufamba-famba pakati pavanhu, akatuma varanda vake kuti vavatarise. Naizvozvo nemumwe musiwavakaungana pamwechete kuti vanzwe shoko raIshe vakaonekwa namambo.

33 Uye zvino mambo akati Aruma akanga achikuchidzira vanhu kuti vamupandukire; naizvozvo akatuma mauto ake kuti avaparadze.

34 Uye zvakaitika kuti Aruma nevanhu vaIshe “vakayambirwa nokuuya kwaiita mauto amambo; naizvozvo vakatora matende avo nemhuri dzavo vakaenda murenje.

35 Uye mukuverengwa vai-

24a Mabasa 20:33–35;
Mosaya 27:3–5;
Aruma 1:26.
25a NKM Kunamata.
26a NKM Nyasha.

^b NKM Ruzivo.
27a Mabasa 2:44–45;
4 Ni. 1:3.
29a NKM Famba, Famba
naMwari.

^b NKM Ruyamuro.
30a Mosaya 26:15.
31a Mosaya 18:4.
34a Mosaya 23:1.

kwana mweya mazana mana namakumi mashanu.

CHITSAUKO 19

Gideoni anotsvaka kuuraya Mambo Noa—MaRamani vanopinda kurwisa nyika—Mambo Noa anouraiwa nokupiswa—Rimuhai anotonga ari pasi pemumwe mambo. Zvingangove makore 145 kusvika ku121 Kristu asati azwarwa.

UYE zvakaitika kuti hondo yamambo yakadzoka, vakatsvaka vakashaya vanhu vaMwari.

2 Uye zvino tarisai, mauto amambo akanga ari mashoma, akange atapudzwa, uye pakatanga kuve nekutsaurana pakati peavo vakange vasara.

3 Uye avo vakange vari vashoma vakatanga kutyisidzira mambo, uye kukatanga kuve nekukakavadzana pakati pavo.

4 Uye zvino pakati pavo paive nemurume ainzi Gideoni, uye aive munhu ane simba ari muvengi wamambo, naizvozvo akatora munondo wake, akapika mukushatirwa kwake kuti achauraya mambo.

5 Uye zvakaitika kuti akarwa namambo; uye mambo paakawana kuti ave kuda kukurirwa, akatiza akakwira “pashongwe yaive pedyo netemberi.

6 Uye Gideoni akamutevera uye akange ave pekuti achikwira pashongwe kuti auraye mambo, uye mambo akatarisatarisa kunyika yeShemuroni,

uye tarisai, hondo yemaRamani yakange yatopinda munyika.

7 Uye zvino mambo akadaidzira nokusuwa kukuru kwe-mweya wake, achiti: Gideoni, usandiuraye, nokuti maRamani atove pamusoro pedu, uye vachatiparadza; hongu, vachaparadza vanhu vangu.

8 Uye zvino mambo akange asina hany’a nevanhu vake asi kuti upenyu hwake; zvisinei, Gideoni haana kumuuraya.

9 Uye mambo akati kuvanhu vake vatize maRamani, iye pachake akatungamira, uye vakatizira murenje, nemadzimai avo nevana vavo.

10 Uye zvakaitika kuti maRamani akavatandanisa, akavabata, vakatanga kuvauraya.

11 Zvino zvakaitika kuti mambo akavaudza kuti vose varume vasiye vakadzi vavo nevana vavo, uye vatize maRamani.

12 Zvino kwaive nevazhinji vakaramba kuvasiya, asi vaidakugara vagofa pamwechete navo. Uye vamwe vose vakasiyavakadzi vavo nevana vavo vakatiza.

13 Uye zvakaitika kuti avo vakasara nevakadzi vavo nevana vavo vakaita kuti vanasikana vavo vakanaka vamire vachichema kumaRamani kuti vasavauraye.

14 Uye zvakaitika kuti maRamani akavanzwira tsitsi, nokuti vakange vatorwa nerunako rwevakadzi vavo.

15 Saka maRamani haana kuzovauraya, uye ndokuvatora

sevasungwa ndokuvatakura vachienda navo kunyika yaNifai, ndokuvabvumira kuti vawane nyika yokugara, kana vachinge vabvuma kunoisa mambo Noa mumaoko emaRamani, nokuvapa pfuma yavo, kana chikamu chepakati nepakati chezvole zvavainazvo, chikamu chepakati chegoridhe ravo, nesirivha yavo, nezvole zvinokosha zvavo, uye ndiko kuterera kwavaizoita kuna mambo wamaRamani gore negore.

16 Uye zvino pavanhu vakange vatorwa muusungwa, paive nemumwe wevanakomana vamambo ainzi “Rimuhai.

17 Uye zvino Rimuhai akange asingade kuti baba vake vaparadzwe; zvakadaro, Rimuhai aiziva kutadza kwababa vake, iye pachake akange ari munhu akarurama.

18 Uye zvakaitika kuti Gideoni akatuma vanhu kuti vaende murenje pasina anoziva, kuti vanotsvaka mambo neavo vakange vainaye. Uye zvakaitika kuti vakasangana nevanhu ava murenje, vose kunze kwamambo nevakundisi vake.

19 Zvino vakanga vapika mumwoyo yavo kuti vanodzokera kunyika yaNifai, uye kana vakadzi vavo nevana vavo vakauriwa, neavo vakange vasara navo, kuti vachazotsvaka kutsividza, nekufa navo.

20 Uye mambo akavarambidza kudzokera; uye vakashatirirwa mambo, uye vakaita kuti

atambudzike, kana kusvika “pakufa nemoto.

21 Uye vakange vave kuda kutorawo vapirisita kuti vavauraye, ndokubva vatiza.

22 Uye zvakaitika kuti vakange vave kuda kudzokera kunyika yaNifai, uye ndokubva vasangana nevarume vaGideoni. Uye varume vaGideoni vakavataurira zvole zvakaitika kuvakadzi vavo nevana vavo; nokuti maRamani akavapa nyika yekugara nokutera kumaRamani chikamu chepakati nepakati chezvinhu zvole zvavainazvo.

23 Uye vanhu vakataurira varume vaGideoni kuti vakanga vauraya mambo, uye vapirisita vake vakanga vatizira murenje mukati-kati maro.

24 Uye zvakaitika kuti mushure mekupedza musangano; vakadzokera kunyika yaNifai, vachifara, nokuti vakadzi vavo nevana vavo havana kunge vauriwa; uye vakataurira Gideoni zvavakange vaita mambo.

25 Uye zvakaitika kuti mambo wamaRamani akaita “mhiko kwavari, kuti vanhu vake havazovauraya.

26 Uye naiyewo Rimuhai, semwanakomana wamambo, akapiwa umambo “nevanhu, akapikawo kuna mambo wamaRamani kuti vanhu vake vachatera kwaari, kana chikamu chepakati chezvinhu zvole zvavainazvo.

27 Uye zvakaitika kuti Rimuhai akatangisa kumisa umambo

nokudzika runyararo pakati pevanhu vake.

28 Uye mambo wamaRamani akaisa varindi kumatunhu ose enyika, kuti vachengetedze vanhu vaRimuhai vari munyika, kuti vasatizire murenje; uye airiritira varindi vake nemutero waaiwana kuvanhu vemaNifai.

29 Uye zvino mambo Rimuhai akave nerunyararo muumambo hwake kwenguva yemakore maviri, maRamani havana kuvanetsa kana kutsvaka kuvaparadza.

CHITSAUKO 20

Vamwe vevanasikana vemaRamani vanopambwa nevapirisita vaNoa — MaRamani vanorwisa Rimuhai nevanhu vake — Vehondo dzemaRamani vanodzorwa nekudzikamiswa mumashure nokukatyandzwa. Zvingangove makore 145 kusvika ku123 Kristu asati azvarwa.

ZVINO muShemuroni maive nezvimbo yaiungana vanasikana vemaRamani kuti vaimbe, nekutamba, nekuzvifadza.

2 Uye zvakaitika kuti nerimwe zuva pakaungana vashoma vavo kuti vaimbe nekutamba.

3 Uye zvino vapirisita vamaambo Noa, nokunyara kudzokera kuguta raNifai, hongu, uye vachityawo kuti vanhu vangavauraye, naizvozvo havana kutomboedza kudzokera kuvakadzi vavo nevana vavo.

4 Uye vagara murenje, uye nokunge wawana vanasikana vemaRamani, vakahwanda vachivatarisa;

5 Uye apo vashoma vavo vakaungana pamwechete kuti vatambe, vakabva vabuda munzvimbo dzavo mavainge vakavanda uye ndokuvatora uye vakavatakura vakaenda navo murenje; hongu, vakatakura makumi maviri ane vana evanasikana vemaRamani vakaenda navo murenje.

6 Uye zvakaitika kuti maRamani pavakaona kuti vanasikana vavo vari kushaikwa, vakashatirirwa vanhu vaRimuhai, nokuti vakafunga kuti vanhu vaRimuhai.

7 Naizvozvo vakatumira hondo dzavo; hongu, kana mambo pachake akatungamira vanhu vake; uye vakaenda kunyika yaNifai kunoparadza vanhu vaRimuhai.

8 Uye zvino Rimuhai akange azviona kare ari panharire, kana kwose kugadzirira kwavo hondo akakuona; saka akaungandza vanhu vake pamwechete, ndokuvandira mumakura nemumasango.

9 Uye zvakaitika kuti apo maRamani akauya, vanhu vaRimuhai vakatanga kuvawira, vachibva munzvimbo dzavakange vakavavandira vakatanga kuvauraya.

10 Uye zvakaitika kuti hondo iyi yakapisa zvikuru ikarwadza, nokuti vakarwa seshumba dziri kurwira nyama yadzo.

11 Uye zvakaitika kuti vanhu vaRimuhai vakakurira maRamani vakavatinha; nyangwe vakange vasina kunge vakawanda kana chikamu chepakati nepakati semaRamani. Asi, “vakarwira

upenyu hwavo nevakadzi vavo, nevana vavo; naizvozvo vaka-zviwisira vakarwa sezvikara.

12 Uye zvakaitika kuti vakawana mambo wemaRamani ari mukati meavo vakange vafa, asi akange asina kufa, akange akuvadzwa akasiwa pasi, nokuti vanhu vake vakamhanya zvisingaitike mukutiza kwavo.

13 Uye vakamutora vakasunga maronda ake, vakaenda naye kuna Rimuhai, uye vakati: Tarisai, houno mambo wemaRamani; iye nokunge akuvara awira muvanhu vavo vafa, uye vamusiya; uye tarisai, tauya naye kwamuri; uye zvino ngatimuurayei.

14 Asi Rimuhai akati kwavari: Hamumuuraye, asi muuisei pano kuti ndimuone. Uye vakamuusa. Uye Rimuhai akati kwaari: Chikonzero chako chekuita hondo nevanhu vangu chii? Tarisai, vanhu vangu havana kutyora “chitsidzo chandakaita kwaari; naizvozvo, sei iwe watyora chitsidzo chawakaita kuvanhu vangu?

15 Uye zvino mambo akati: Ndakatyora chitsidzo chacho nokuti vanhu vako vakatiza nevanasikana vevanhu vangu; naizvozvo, mukushatirwa kwangu ndakaita kuti vanhu vangu vaite hondo nevanhu vako.

16 Uye zvino Rimuhai hapana chaakanga anzwa maererano nenyaya iyi; naizvozvo akati: Ndichatsvaga mukati mevavhu vangu akaita izvi uye kana

ndiani zvake akaita chinhu ichi achafa. Naizvozvo akaita kuti kutsvagwe pakati pevanhu vake.

17 Zvino “Gideoni paakanzwa zvinhu izvi, iye ari mutungamiri wemauto amambo, akaenda akanoti kuna mambo: Ndinokumbira kuti mumbomira, uye musanotsvaka munhu akaita izvi, uye musavape mhosva iyi.

18 Nokuti hamuchayeuka here vapirisita vababa venyu, avo vaida kuparadzwa nevanhu ava? Uye handiti vari murenje? Uye ko havazivo here vakapamba vanasikana vamaRamani?

19 Uye zvino, tarisai, taurirai mambo zvinhu izvi, kuti agotaurira vanhu vake kuti varege kutirwisa; nokuti tarisai vari kutogadzirira kuzotirwisa zvakare; uye tarisai kuti isu tangosara vashoma.

20 Uye tarisai, vanouya nevanhu vavo vakawanda; uye kunze kwekunge mambo avanyaradza kuti vasatirwise tichapera.

21 Nokuti mazwi aAbhinda-dhai haana “kuzadzikiswa here, aakaporofita pamusoro pedu— uye zvose izvi zvichiitika nenzi- ra yekuti takaramba kuteerera mazwi aIshe, uye kuti tibve muzvitadzo zvedu?

22 Uye zvino ngatichinyaradzai mambo, uye tizadzikise chitsidzo chatakaita kwaari; nokuti zviri nani kuti tive muusungwa pane kuti tirasikirwe neupenyu hwedu; naizvozvo, ngatichimisai zvekudeura ropa rakawanda kudai.

23 Uye zvino Rimuhai akataurira mambo zvose zvakaitwa nababa vake, “nezvevapirisita vakanga vatizira murenje, uye akati ivava ndivo vakange vapamba vanasikana vavo.

24 Uye zvakaitika kuti mambo akanyaradzwa akavaitira tsitsi; uye akati kwavari: Handei tinosangana nevanhu vangu, musina zvombo; uye ndinokupikirai nechitsidzo kuti vanhu vangu havazouraya vanhu venyu.

25 Uye zvakaitika kuti vakatevera mambo, vakaenda naye kunosangana namaRamani. Uye zvakaitika kuti vakasangana nemaRamani; uye mambo wamaRamani akazvirereka pamberi pevanhu vake, uye akareverera nokukumbirira vanhu vaRimuhai.

26 Uye maRamani zvavakaona vanhu vaRimuhai, kuti vakanga vasina zvombo, vakavanzwira “tsitsi vakanyaradzwa, uye vakadzokera nerunyararo kunyika kwavo namambo wavo.

CHITSAUKO 21

Vanhu vaRimuhai vanorangwa nokukurirwa namaRamani—Vanhu vaRimuhi vanosangana naAmoni vachibva vatendeutswa—Vanotaurira Amoni nezvemakumi maviri anemana emahwendefa emaJaredhi. Zvingangove makore 122 kusvika ku121 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti Rimuhai nevanhu vake vakadzokera kuguta reNifai, uye vakatanga

kugara munyika umu zvakare murunyararo.

2 Uye zvakaitika kuti mushure memazuva akati kuti maRamani akatanga zvakare kutsvaga kudenha maNifai, vakatanga kuuya kumuganhu wenyika nematunhu akakomberedza.

3 Zvino havaikwanisa kuvauraya, nenzira yechitsidzo chakange chaitwa kuna Rimuhai namambo wavo; asi vaivarova “pamatama, nekuratidza simba rekuvatonga; uye vakatanga kuvatakudza ^bmitoro inorema pamisana yavo, nokuvatinha sevari kutinha mbongoro isingataure—

4 Hongu, zvose izvi zvakaitwa kuti mashoko aIshe azadzikiswe.

5 Uye zvino kutambudzika kwemaNifai kwakakura, uye pakanga pasina nzira yekuti vangazvibvise mumaoko avo, nokuti maRamani akange avakomberedza kumativi ose.

6 Uye zvakaitika kuti vanhu vakatanga kunyunyuta namambo nenzira yekutambudzika kwavo; uye vakatanga kuda kuti vaende kuhondo vanovarwisa. Uye vakanetsa mambo zvinorwadza nekutaura kwavo; naizvozvo akavabvumira kuti vaite maererano nekuda kwavo.

7 Uye vakaunganidzana pamwechete zvakare, vakashonga nhumbi dzavo dzehondo, uye vakanorwisa maRamani kuti vavabvise munyika mavo.

8 Uye zvakaitika kuti maRamani akavakunda, vakavatinhira shure, vakauraya vazhinji vavo.

23a Mosaya 19:21, 23.

26a NKM Kunzwa Tsitsi.

21 3a Mosaya 12:2.

b Mosaya 12:5.

9 Uye zvino kwakave “neku-chemema kukuru nokuzvichema pakati pevanhu vaRimuhai, shirikadzi ichichemera murume wayo, mwanakomana nemwanasikana vachichema baba vavo, vanin’ina vachichema vakoma vavo.

10 Zvino kwakave neshirikadzi dzakawanda munyika umu, uye vaichema zvikuru zuva nezuva; nokuti vakange vabatwa nokutya maRamani zvikuru.

11 Uye zvakaitika kuti kuramba kwavo vachichema kwakamutsa vanhu vaRimuhai vakange vasara kuti vashatirwe vade kurwisa maRamani; uye vakaenda kunorwa zvakare, asi vakatinhirwa shure zvakare, vakarasikirwa zvikuru.

12 Hongu, vakaenda zvakare kana kechitatu, vakakundwa sezvavakamboitwa; uye avo vakanga vasina kuurwaiwa vadzokera zvakare kuguta reNifai.

13 Uye vakazvirereka kusvika muvhu, vakazviisa pasi pejoki reusungwa, vachibvuma kurohwa, nokutinhirwa uko kana apo, nokuremedzwa, maerera no nokuda kwevavengi vavo.

14 Uye “vakazvirereka kana kusvika pakadzama pekupfava; uye vakachema zvikuru kuna Mwari; hongu, kana muswere wose vaichema kuna Mwari vavo kuti vavabvise mumatambudziko avo.

15 Uye zvino Ishe “vakanonoka kunzwa kuchema kwavo pamusoro pezvitema zvavo; zvaka-

darwo Ishe vakanzwa kuchema kwavo, uye vakatanga kupfaviswa mwoyo yemaRamani zvekuti vakatangisa kurerutsa mitoro yavo; asi Ishe havana kuona zvakafanira kuti vavabvise muusungwa.

16 Uye zvakaitika kuti vakatanga kubudirira zvishoma nezvishoma munyika umu, vakatanga kukudza mbeu dzakawanda, nematanga, zvekuti havana kutambudzwa nenzara.

17 Zvino vakadzi vakange vakawanda kupfuura varume; naizvozvo mambo Rimuhai akataura kuti wose murume akafanira “kupa kuti kuriritirwe ^bshirikadzi nevana vadzo, kuti vasafe nenzara; uye vakaita izvi pamusana pekukura kwehuwandu hwevanhu vavo vakanga vauraiwa.

18 Zvino vanhu vaRimuhai vaigara vari pamwechete vakabatana nepose pavaikwanisa, uye vakachengetedza mbeu dzavo nezvipfuyo zvavo.

19 Uye mambo pachake haaziinzva pasina rusvingo rweguta, kunze kwekunge atoenda nevarindi vake, achitya kuti angangoerekana awira mumako emaRamani.

20 Uye akaita kuti vanhu vake vagare vakatarisa munzvimbo dzose dzakakomberedza, kuti nedzimwe nzira vangabate vapirisita vaye vakatizira murenje, vakange vapamba “vanasikana vemaRamani, uye vari vakaita kuti vaparadzwe zvakaipa kudai.

9a Mosaya 12:4.
14a Mosaya 29:20.
NKM Akazvininipisa.

15a Zir. 15:29;
Mosaya 11:23–25;
D&Z 101:7–9.

17a Mosaya 4:16, 26.
^b NKM Shirikadzi.
20a Mosaya 20:5.

21 Nokuti vaida kuti vavabate vagovaranga; nokuti vakange vapinda munyika yemaNifai neusiku, uye vakaba mbeu dzavo nezvizhinji zvezvinhu zvakavavandira.

22 Uye zvakaitika kuti pakange pasisina kukanganisana pakati pemaRamani nevanhu vaRimuhai, kana kudakara kusvika nguva yakauya “Amoni nehama dzake munyika umu.

23 Uye mambo zvaakanga ari kunze kweguta nemurindi wake, akaona Amoni nehama dzake; uye akavafungira kuti vapirisita vaNoa saka akaita kuti vabatwe uye vatorwe, vasungwe, uye vakandwe “mutirongo. Uye dai vakange vari vapirisita vaNoa angadai akaita kuti vauraiwe.

24 Asi paakaona kuti havazivo, asi kuti ihama dzake, uye vakanga vabva kunyika yeZarahemura, akazadzwa nerufaro rwukuru kwazvo.

25 Zvino mambo Rimuhai akange ambotumira Amoni asati auya, vanhu “vashoma kuti^bvanotsvaka nyika yeZarahemura; asi havana kuiwana, uye vakarasika murenje.

26 Zvisinei, vakawana nyika yakambenge iine vanhu; hongu, nyika yakange izere “nemapfupa akaoma; hongu, nyika yakambenge iine vanhu uye ikaparadzwa; uye ivo, vachifunga kuti inyika yeZarahemura, vakadzokera kunyika yaNifai,

vakasvika mazuva mashoma Amoni asati auya.

27 Uye vakauya nezvinyorwa, kana zvinyorwa zvevanhu vane mapfupa avakawana; uye zvakanyorwa pamahwendefa esimbi.

28 Uye zvino mambo Rimuhai akazadzwa zvakare nemufaro paakanzwa Amoni achitaura nemuromo wake kuti mambo Mosaya aiva “nechipo chakabva kuna Mwari, icho chaita kuti akwanise kududzira zvinyorwa zvakadai; hongu, naAmoni akafarawo.

29 Asi Amoni nehama dzake vakazadzwa nokusuwa nokuti hama dzavo dzakawanda dzakange dzauriwa.

30 Uye nokutiwo mambo Noa nevapirisita vake vakange vaita kuti vanhu vaite zvitema nezvakaipa zvakawanda kudaro pamberi paMwari; uye vakachemawo “kufa kwaAbhinadhai; ^bnekuendawo kwaAruma nevanhu vakaenda naye, vakanga vavamba chechi yaMwari nesimba raMwari, norutendo mumazwi akataurwa naAbhinadhai.

31 Hongu, vakachema kuenda kwavo, nokuti havana kuziva kwavakanga vatizira. Zvino vakange vofara kuti vabatane navo, nokuti ivo pachavo vakanga vapinda muchibvumirano naMwari chokumushandira noku-chengetedza mirairo yavo.

32 Uye zvino kubvira kuya kwakaita Amoni, mambo

22a Mosaya 7:6–13.

23a Hir. 5:21.

25a Mosaya 8:7.

^b Mosaya 7:14.

26a Mosaya 8:8.

28a Omu. 1:20–22;

Mosaya 28:11–16.

30a Mosaya 17:12–20.

^b Mosaya 18:34–35.

Rimuhai akapindawo muchibvumirano naMwari, nevazhinjiwo vevanhu vake, kumushandira nekuchengetedza mirairo yavo.

33 Uye zvakaitika kuti mambo Rimuhai nevazhinji vevanhu vake vakadisa kuti vabhabhatidzwe; asi hamuna munhu munyika umu aive “nemvumo kubva kuna Mwari yokuzviita. Uye Amoni akaramba kuzviita, achizviona semuranda asina kukodzera.

34 Naizvozvo panguva iyoyo havana kuzviita kuti vave chechi, vachimirira Mweya waIshe. Zvino vakada kuita kana saAruna nehama dzake, avo vakatizira murenje.

35 Vakange vachida kubhabhatidzwa sokupupura kuti vanoda kushandira Mwari nemwoyo yavo yose; zvisinei vakatora nguva refu; uye kubhabhatidzwa kwavo “kuchaturwa mushure mezvizvi.

36 Uye zvino zvose zvekudzidza kwaAmoni nevanhu vake, uye mambo Rimuhai nevanhu vake, kwaive kuti vazvibvise ivo pachavo mumaoko emaRamani nemuusungwa.

CHITSAUKO 22

Kunorongwa kuti vanhu vatize muusungwa hwemaRamani—MaRamani vanoitwa kuti vararadze—Vanhu vanotiza, vodzokera kuZarahemura, uye vobva vave pasi pamambo Mosaya. Zvingangove makore 121 kusvika ku120 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti Amoni namambo Rimuhai vakatangisa kubvunza vanhu kuti vangaitei kuti vazvibvise muusungwa; uye vakaita kuti vanhu vaungane pamwechete; uye vakaita izvi kuti vanzwe kuti vanhu vanotii nezvenyaya iyi.

2 Uye zvakaitika kuti vakashaya nzira yekuti vangazvisunungure nayo kubva muusungwa, kunze kwekuti vakatora vakadzi vavo nevana, nematanga avo, nematende avo, uye voenda murenje; nokuti nekuwanda kwakaita maRamani, hazvaiita kuti vanhu vaRimuhai vavarwise, vachifunga zvekuzvinunura muusungwa neminondo.

3 Zvino zvakaitika kuti Gideoni akaenda akanomira pamberi pamambo, akati kwari: Zvino imi mambo, kusvika zvino mange muchiteerera kumazwi angu kazhinji patange tichinetsana nehama dzedu, maRamani.

4 Uye zvino imi mambo, kana makandiwana ndiri muranda asingayamure, kana kuti kusvika zvino makanditeerera pane zvandaitaura zvishomazvo, uye zviri zvinhu zvakakuyamurai, kana zvakadaro ndinoda kuti dai mateerera mazwi angu nguva ino, uye ndichave muranda wenyu uye ndigobvisa vanhu ava muusungwa.

5 Uye mambo akamubvumira kuti ataure. Uye Gideoni akati kwari:

6 Tarisai kumupata weseri, unopinda nemusvingo yeseri,

seri kweguta. MaRamani, kana virindi vemaRamani, usiku vanenge vakararadza; naizvozvo ngatitumirei shoko kuvanhu ava vose kuti vaunganidze matanga avo, kuti vagoatinhira murenje usiku.

7 Uye ini ndichaenda sekundituma kwenyu ndonopa maRamani waini yekupedzisira, uye vararadza; isu tobva tapfuura nepamupata wakavanzika nechekuruboshwe kwemusasa vavo varere vakararadza.

8 Ndiko kubva kwatinoita nevakadzi vedu nevana vedu, matanga edu toenda murenje; totora nzira inotenderera nekunyika yeShiromu.

9 Uye zvakaitika kuti mambo akateerera kumazwi aGideoni.

10 Uye mambo Rimuhai akaita kuti vanhu vake vaunganidze zvipfuyo zvavo pamwechete; ndokutumira mutero wewaini kumaRamani; uye akatumirazve imwe waini, sechipo kwavari; uye vakanwa vakasununguka waini yavakanga vatumirwa namambo Rimuhai.

11 Uye zvakaitika kuti vanhu vamambo Rimuhai vakabva usiku vakaenda murenje nematanga avo, uye vakaenda nenzira yaitenderera nekuShiromu nemurenje, uye vakananga nzira yavo vachienda kunyika yeZarahemura, vachitungamirwa naAmoni nehama dzake.

12 Uye vakange vatora rose ghoridhe ravo, nesirivha, nezvinhu zvavo zvinokosha, zvavaiwanisa kutakura, nezvembuva

yavowo, vachienda murenje; uye vakateedza rwendo rwavo.

13 Uye mushure memazuva mazhinji vari murenje vakasvika munyika yaZarahemura, vakabva vabatana nevanhu vaMosaya, vakave pasi pake.

14 Uye zvakaitika kuti Mosaya akavagashira nekufara; uye akatambirawo “zvinyorwa zvavo, ^bnezvinyorwawo zvakanikwa nevanhu vaRimuhai.

15 Uye zvino zvakaitika kuti maRamani pavakaona kuti vanhu vaRimuhai vatiza usiku kubva munyika iyi, vakatumira hondo murenje kuti ivatevere;

16 Uye mushure mekuvatevera kwemazuva maviri, vakashaya tsoka dzavo; naizvozvo vakarasika murenje.

Nyaya yaAruma nevanhu vaIshe, vakatandanisirwa murenje nevanhu vamambo Noa.

Zvichisanganisa zvitsauko 23 ne24.

CHITSAUKO 23

Aruma anoramba kuve mambo—Anoshanda semupirisita wepamusoro—Ishe anoranga vanhu vake, uye maRamani anokunda nyika yeHerami—Amuroni, mutungamiri wevapirisita vakaipa vaNoa, anotonga ari pasi pamambo wamaRamani. Zvingangove makore 145 kusvika ku121 Kristu asati azvarwa.

ZVINO Aruma, ayambirwa

naIshe kuti hondo dzamambo Noa dzichauya kuzovarwisa, uye audza vanhu vake, naizvozvo vakaunganidzana pamwechete nezvipfuyo zvavo, ndokutora kudya kwavo, ndokubva vatizira murenje vachitiza hondo dzamambo Noa.

2 Uye Ishe akavasimbisa, zvekuti vanhu vamambo Noa vakatadza kuvabata kuti vava-paradze.

3 Uye vakatiza vakafamba rwendo rwemazuva masere vari murenje.

4 Uye vakasvika mune nyika, hongu, nyika inofadza yakana-ka zvikuru, uye nyika yemvura yakachena.

5 Uye vakadzika matende avo, ndokubva vatanga kurima, uye vakatanga kuvaka dzimba; hongu, vaive vabati, uye vaishanda zvikuru.

6 Uye vanhu vakada kuti Aruma ave mambo wavo, nokuti aive munhu aidiwa nevanhu vake.

7 Asi akati kwavari: Tarisai, hazvina kufanira kuti tive namambo; nokuti ndiko kutura kwaIshe: "Musazove nemumwe munhu anonzi mukuru pane mumwe, kana hapana achafunga kuti ari pamusoro panhingi; naizvozvo ndinoti kwamuri hazvifanire kuti muve namambo.

8 Zvisinei, dai zvaitika kuti muwane vanhu vakarurama nguva dzose kuti vave madzi-

mambo enyu zvainge zvakanaka kuti muite mambo.

9 Asi rangarirai "kuipa kwamambo Noa nevapirisita vake; uye ini pachangu ndakabatwa ^bmumusungu wacho, ndikaita zvinhu zvakange zvakaipa pamberi paIshe, zvinhu izvozvo zvikandirwadzisa mukutendeka kwangu.

10 Zvisinei, mushure "meku-netseka kukuru, Ishe vakanzwa kuchema kwangu, uye akapindura minamoto yangu, uye vakandiita mudziyo uri mumaoko avo wekuunza ^bvakawanda venyu muruzivo rwechokwadi chake.

11 Zvisinei, mune izvi handina kubwinya, nokuti handina kukodzera kuti ndizvirumbidze ini pachangu.

12 Uye zvino ndinoti kwamuri, mange makadzvinzirwa namambo Noa, uye mange muri muusungwa kwaari nokuvapirisita vake, uye mukapinzwa mukuipa navo; naizvozvo manga makasungwa "nemajoto echitadzo.

13 Uye zvino zvamakaburitswa mumajoto aya nesimba raMwari; hongu, kana nemumaoko amambo Noa nevanhu vake, nemajoto ekuipa, kana izvozvi ndinodisa kuti "mumire makagwinya ^bmukusunungurwa uku, nokutiwo 'musambovimba nemunhu kuti ave mambo wenyu.

14 Uye musavimbe nemunhu

23 7a Mosaya 27:3-5.
9a Zir. 16:12;
Mosaya 11:1-15.
b Mosaya 17:1-4.

10a D&Z 58:4.
b Mosaya 18:35.
12a 2 Ni. 28:19-22.
13a VaG. 5:1.

b NKM Rusununguko.
c Mosaya 29:13.

kuti ave “mudzidzisi wenyu kana muparidzi, kunze kwekunge ari munhu waMwari, anofamba munzira dzavo achiche-ngetedza mirairo yake.

15 Zvino ndiko kudzidzisa kwakaita Aruma vanhu vake, kuti wose munhu akafanira “kuda muvakidzani wake sekuda kwaanozviita iye pachake, kuti pakati pavo hapafanire kuve ^bnekupesana.

16 Uye zvino Aruma akange ari mupirisita wavo “wepamusoro, iye ariye akatanga chechi yavo.

17 Uye zvakaitika kuti hapana akatambira “mvumo yekuparidza kana kudzidzisa kunze kwekunge atozvipiwa naiye zvichibva kuna Mwari. Naizvozvo akagadza vose vapirisita vavo nevole vadzidzisi vavo; uye hakuna vaigadzwa kunze kwekunge vari vanhu vakarurama.

18 Naizvozvo vakatarisa vanhu vavo, uye “vakavariritira mukururama kwavo.

19 Uye zvakaitika kuti vakatanga kubudirira zvikuru mukati menyika; uye vakadaidza nyika iyi kuti Herami.

20 Uye zvakaitika kuti vakatanga kuwanda nokubudirira zvikuru munyika yeHerami; uye vakavaka guta, ravakadaidza kuti guta reHerami.

21 Zvisinei Ishe vakaona zvakafanira kuti “varange vanhu

vavo; hongu, vanoedza ^bmwoyo murefu wavo norutendo rwavo.

22 Zvisinei—ani nani zvake achaisa “ruvimbo rwake mavari iyeyo ^bachasimudzwa muzuva rekupedzisira. Hongu, ndizvo zvazvakange zvakaita nevanhu ava.

23 Nokuti tarisai, ndichakuratidzai kuti vakauiswa muusun-gwa, uye hakuna aikwanisa kuvanunura asi Ishe Mwari vavo, hongu, kana ivo Mwari vaAbrahama naIsaka naJakobo.

24 Uye zvakaitika kuti vakavapunyutsa, uye vakaratidza simba ravo guru kwavari, uye vakafara zvikuru.

25 Nokuti tarisai, zvakaitika kuti zvavakange vari munyika yeHerami, hongu, muguta reHerami, vachirima minda mumatunhu, tarisai hondo yemaRamani yakange ichimira-mira kumiganhu yenyika.

26 Zvino zvakaitika kuti hama dzaAruma dzakatiza kubva kuminda yavo, uye vakaungana pamwechete muguta reHerami; uye vakange vachitya zvikuru nenzira yekuona maRamani.

27 Asi Aruma akaenda akano-mira pakati pavo, akavakurudzira kuti vasatye, asi kuti vakafanira kurangarira Ishe Mwari vavo uye vanovasunungura.

28 Naizvozvo vakatsigisa hana dzavo vakasatya, vakatanga kuchema kuna Ishe kuti aite kuti mwoyo yemaRamani ipfave,

14a Mosaya 18:18–22.

15a NKM Rudo.

^b 3 Ni. 11:28–29.

16a Mosaya 26:7.

17a NKM Mvumo;

Hupirisita.

18a I Tim. 4:6.

21a Hir. 12:3; D&Z 98:21.

NKM Kuranga.

^b NKM Mwoyo Murefu.

22a NKM Vimba.

^b 1 Ni. 13:37.

kuti vasavauraye, nevakadzi vavo, nevana vavo.

29 Uye zvakaitika kuti Ishe vakaita kuti mwoyo yemaRamani ipfave. Uye Aruma nehama dzake vakaenda vakagonozviisa pachavo mumaoko avo; uye maRamani akabva atora nyika yeHerami.

30 Zvino hondo dzemaRamani, dzakange dzatevera vanhu vamambo Rimuhai, vakange varasika murenje kwemazuva mazhinji.

31 Uye tarisai, vakange vawana vapirisita vava vamambo Noa, vari munzvimbo yavaidaidza kuti Amuroni; vakanga vatanga kutora nyika yeAmuroni uye vatangisawo kurima minda.

32 Zvino zita remutungamiri wevapirisita ava rainzi Amuroni.

33 Uye zvakaitika kuti Amuroni akanyengetedza maRamani; uye akatumira vakadzi vavo, avo vakanga vari “vanasikana vemaRamani, kuti vanyengetedze hanzvadzi dzavo kuti dzisaparadze varume vavo.

34 Uye maRamani akanzwira “tsitsi Amuroni nehama dzake, vakasavaparadza, pamusana pevakadzi vavo.

35 Uye Amuroni nehama dzake vakabatana nemaRamani, uye vaifamba murenje vachitsvaka nyika yaNifai pavakawana nyika yeHerami, yakange iri yaAruma nehama dzake.

36 Uye zvakaitika kuti maRamani akavimbisa Aruma nehama dzake, kuti kana vavaratidza nzira inoenda kunyika

yaNifai vanobva vavapa upenyu hwavo nerusununguko rwavo.

37 Asi mushure mekunge Aruma avaratidza nzira yaienda kunyika yaNifai maRamani haana kuchengeta chivimbiso chavo; asi vakaisa “varindi avo kuti vatarise nyika yeHerami, zvose naAruma nehama dzake.

38 Uye vamwe vavo vakange vasara vakaenda kunyika yaNifai; uye chimwe chikamu chikadzokera kunyika yeHerami, vakaunzawo vakadzi nevana vevarindi vakange vasiwa.

39 Uye mambo wemaRamani akange abvumira kuti Amuroni ave mambo nemutongi wevanhu vekwake, vakange vari munyika yeHerami; zvakadaro akange asina simba rekuita zvisingadiwe namambo wemaRamani.

CHITSAUKO 24

Amuroni anotambudza Aruma nevanhu vake—Vanozouraiwa kana vakanamata—Ishe anoita kuti mitoro yavo inge yakareruka—Anovabvisa muusungwa, uye ndokubva vadzokera kuZarahemura. Zvingangove makore 145 kusvika ku120 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti Amuroni akawana mufaro pamberi pamambo wemaRamani; naizvozvo, akati iye nevanhu vake vave vadzidzisi vemaRamani, hongu, kana vevanhu vaiva munyika yeShemuroni, nemunyika yeShiromu, nemunyika yaAmuroni.

2 Nokuti maRamani akanga atora nyika dzose idzi; naizvo-zvo, mambo wemaRamani akange agadza madzimambo munyika dzose idzi.

3 Uye zvino zita ramambo wemaRamani ainzi Ramani, achidaidzwa nezita rababa wake; naizvozvo aidaidzwa kuti mambo Ramani. Uye akange ari mambo wevanhu vakawanda.

4 Uye akagadza hama dza-Amuroni kuti vave vadzidzisi munyika dzose dzine vanhu vake; uye ndiko kudzidziswa kwakaitwa mutauro waNifai mukati mevanhu vose vema-Ramani.

5 Uye vaive vanhu vakanga vachinzwana; zvisinei vakanga vasingazive Mwari; kana hama dza-Amuroni hadzina chadzakavadzidzisa maererano nezva-Ishe Mwari vavo, kana mutemo waMosesi, kana kuvadzidzisa mazwi aAbhinadhai;

6 Asi vakavadzidzisa kuti vachengete zvinyorwa zvavo, nokuti vapote vachinyorerana.

7 Uye ndiko kutanga kuwanda kweupfumi hwemaRamani, uye vakatanga kutengeserana nokutengerana uye vakasimba, uye vakatanga kuve vanhu vakachenjera nokunyengedza, muungwaru hwenyika, hongu, vanhu vainyengedza zvikuru, netsika dzose dzetsvina noku-pamba, kunze kwekunge zviri pakati pavo nehama dzavo.

8 Uye zvino zvakaitika kuti Amuroni akatanga kuratidza

“simba rake kuna Aruma nehamadzake, akatanga kuvatambudza, uye akaita kuti vana vake vanetse vana vavo.

9 Nokuti Amuroni aiziva Aruma, kuti aimbenge ari “mumwe wevapirisita vama-mbo, nokutiwo ndiye akanga ari uye akatandaniswa namambo nepamusana pekutenda mazwi akataurwa naAbhinadhai, nokudaro akanga akamushatirirwa; nokuti akanga ari pasi pamambo Ramani, asi aive nesimba kwavari, uye achivapa^b mabasa ekuita, nekuvaisira vanovatarisa kana vachiita basa.

10 Uye zvakaitika kuti dambudziko ravo rakakura zvekuti vakatanga kuchema zvikuru kuna Mwari.

11 Uye Amuroni akavati vakafanira kuti varege kuchema kwavo; uye ndokuisa varindi vake kuti vavatarise, kuti ani zvake anenge awanikwa achidaidza Mwari anouraiwa.

12 Uye Aruma nevanhu vake havana kusimudzira mazwi avo kuna Ishe Mwari vavo, asi “vakadira mwoyo yavo kwavari; uye iye vakaziva pfungwa dzemwoyo yavo.

13 Uye zvakaitika kuti izwi raIshe rakauya kwavari mumatambudziko avo, richiti: Simudzai misoro yenyu uye munzwe kunyaradzwa, nokuti ndinoziva chibvumirano chamakaita kwandiri; uye ndichabvumirana nevanhu vangu ndigovabvisa muusungwa.

24 8a D&Z 121:39.

b Mosaya 21:3-6.

9a Mosaya 17:1-4; 23:9.

12a NKM Munamoto.

14 Uye ndicharerutsa mitoro inoiswa pamapfudzi enyu, zve-kuti imi hamuzoinzwa kurema kana dai iri kumisana yenyu, kana dai muri muusungwa; uye izvi ndinozviiita kuti mugove “vapupuriri vangu ndabva pano, uye kuti mugoziva nechokwadi kuti ini Ishe Mwari, ndinoshanyira vanhu vangu ^bmumatambudziko avo.

15 Uye zvino zvakaitika kuti mitoro yakaiswa pana Aruma nehama dzake yakarerutswa, hongu, Ishe ^avakavasimbisa kuti vatakure ^bmitoro yavo nyorenyore, uye vagozviiisa pasi pavo norufaro ‘nemwoyo murefu kune zvose zvaida Ishe.

16 Uye zvakaitika kuti rute-ndo rwavo nokugadzikana kwavo zvakakura zvekuti izwi raIshe rakauya kwavari zvakare, richiti: Ivai norufaro rwakanaka, nokuti mangwana ndichakubvisai muusungwa.

17 Uye vakati kuna Aruma: Uchaenda mberi kwevanhu ava, uye ndichaenda newe uye ndigonunura vanhu ava ^amuusungwa.

18 Zvino zvakaitika kuti Aruma nevanhu vake neusiku vakaunganidza zvipfuyo zvavo zvose, nezvirimwa zvavo; hongu, kana neusiku hwose vakanga vachiunganidza zvipfuyo zvavo.

19 Uye rungwanani Ishe vakaita kuti maRamani akotsire hope ^adzekufa chaidzo, hongu, uye vose vaivatarisa pakuita

mabasa avo vakakotsira kukotsira kwakadzama chaizvo.

20 Uye Aruma nevanhu vake vakaenda murenje; uye mushure mekufamba muswere wose vakadzika matende avo munhika, uye vakaidza nhika iyi kuti Aruma, nokuti ndiye akavatumirira nzira yavo murenje.

21 Hongu, uye munhika ya-Aruma “vakatenda Mwari nokutenda kukuru nenzira yekuti vakanga vavanzwira tsitsi, vakarerutsa mitoro yavo, uye vakange vavabvisa muusungwa; nokuti vakange vari muusungwa, uye hapana aigona kuvabvisa kunze kwekunge vari Ishe Mwari vavo.

22 Uye vakapa kutenda kuna Mwari, hongu, vose varume, nevakadzi vose nevana vose vaikwanisa kutaura vakasimudza mazwi avo mukukudza Mwari vavo.

23 Uye zvino Ishe vakati kuna Aruma: Kurumidza iwe utore iwe nevanhu ava mubve munyika muno, nokuti maRamani amuka uye ave kukuteverai; saka ibvai munyika muno, uye ndichamisa maRamani munhika muno kuti vasapfuure pano mukutevera kwavo vanhu ava.

24 Uye zvakaitika kuti vakabva munhika umu, vakatora rwendu rwavo vakananga murenje.

25 Uye mushure memazuva gumi nemaviri vave murenje vakasvika munyika yaZarahe-mura; uye mambo Mosaya akavagashira nomufaro.

14a NKM Mupupuri.

^b NKM Matambudziko.

15a Mat. 11:28–30.

^b Aruma 31:38; 33:23.

^c D&Z 54:10.

NKM Mwoyo Murefu.

17a NKM Hunhapwa.

19a I Sam. 26:12.

21a NKM Kupakutendo.

CHITSAUKO 25

Zvizvarwa zvaMureki kuZarahemura vanove maNifai—Vanonzwa nezvevanhu vekwaAruma neve-Zenifi—Aruma anobhabhatidza Rimuhai nevanhu vake vose—Mosaya anopa simba Aruma kuti aro-nge Chechi yaMwari. Zvingangove makore 120 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino mambo Mosaya akaita kuti vanhu vose vaungane pamwechete.

2 Zvino vana vaNifai vakange vasiri vazhinji, kana avo vakange vari zvizukuru zvaNifai, vakanga vasina kuwanda zvaka-kaita “vanhu vaZarahemura, akange ari wechizukuru ^bchamureki, neavo vakange vaenda naye murenje.

3 Uye vanhu vaNifai vakasangana nevanhu vaZarahemura vakanga vasina kuwanda zvakanga zvakaikaita maRamani; hongu, havaisvika kana chikamu chepakati chavo mukuwanda.

4 Uye zvino vose vanhu vaNifai vakaungana pamwechete, nevosewo vanhu vaZarahemura, uye vakange vakaungana vari muzvikwata zviviri.

5 Uye zvakaikaita kuti Mosaya akaverenga, uye akaita kuti kuverenga, zvinyorwa zvaZenifi kuvanhu vake; hongu, akaverenga zvinyorwa zvevanhu vaZenifi, kubvira panguva yavakabva munyika yeZarahemura kusvika panguva yavakadzoka zvakare.

6 Uye akaverengawo rungano rwaAruma nehama dzake, nematambudziko avo ose, kubvira panguva yavakabva munyika yeZarahemura kusvika panguva yavakadzoka zvakare.

7 Uye zvino, apo Mosaya akapedza kuverenga zvinyorwa, vanhu vake vaigara munyika iyi vakashamiswa zvikuru nokukatyamara.

8 Nokuti havana kuziva kuti vofungei; nokuti pavakaona avo vakange “vabviswa muusungwa vakazadzwa nomufaro mukuru.

9 Uye zvakare, pavakafunga nezvehama dzavo dzakauraiwa nemaRamani vakazadzwa nokusuwa, uye vakachema misodzi yekusuwa.

10 Uye zvakare, pavakafunga nekunaka kwaMwari kwavakanga vachiona, nesimba ravo mukubvisa Aruma nehama dzake mumaoko emaRamani nemuusungwa, vakasimudza mazwi avo vakatenda kuna Mwari.

11 Uye zvakare, pavakafunga nezvemaRamani, vakange vari hama dzavo, kuipa kwavo neupenyu hwakasviba, vakazadzwa “nekurwadzwa uye neku-shushikana pamusoro pezvemagariro akanaka ^bemweya yavo.

12 Uye zvakaikaita kuti avo vakange vari vana vaAmuroni nehama dzake, vakange varora vanasikana vemaRamani, havana kufadzwa nekuita kwemadzibaba avo, uye vakati havachadaidzwa nemazita ema-

25 *2a* Omu. 1:13–19.

b Hir. 6:10.

NKM Mulek.

8*a* Mosaya 22:11–13.

11*a* Mosaya 28:3–4;

Aruma 13:27.

b NKM Mweya (Mweya neMuviri)—Kukosha kwemweya.

dzibaba avo, naizvozvo vakatora zita raNifai, kuti vagodaidzwa kuti vana vaNifai uye vagoverengerwa kune avo vanonzi maNifai.

13 Uye zvino vanhu vose veZarahemura “vakaverengerwa kumaNifai, uye izvi zvakonzerrwa nokuti umambo hwakange hwakapiwa kune avo chete vaive zvizukuru zvaNifai.

14 Uye zvino zvakaitika kuti Mosaya apedza kutaura nekuverengera vanhu, akada kuti Aruma ataurewo kuvanhu.

15 Uye Aruma akataura kwavari, vakaungana pamwechete mumapoka makuru, uye akaenda paboka neboka, achiparidzira vanhu kutendeuka norutendo munaIshe.

16 Uye akakuridzira vanhu vaRimuhai nehama dzake, vose avo vakanga vabviswa muusungwa, kuti vakafanira kuyeuka kuti ndiIshe akavanunura.

17 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge Aruma adzidzisa vanhu zvinhu zvakawanda, uye apedza kutaura kwavari, mambo Rimuhai akada kuti abhabhatidzwe; uye vose vanhu vake vakadawo kuti vabhabhatidzwewo.

18 Naizvozvo, Aruma akaenda akapinda mumvura “akavabhabhatidza; hongu, akavabhabhatidza netsika yaakabhabhatidza nayo hama dzake ^bmumvura dzaMormoni; hongu, uye vose vaakabhabhatidza vakave nhengo dzechechi yaMwari; uye

zvose vachizviita pamusana pekutenda kwavo kumazwi aAruma.

19 Uye zvakaitika kuti mambo Mosaya akabvumira Aruma kuti aite chechi munyika yose yeZarahemura; uye akamupa “simba rekugadza vapirisita nevadzidzisi muchechi yega-yega.

20 Izvi zvakakonzerwa nokuti vanhu vakange vakawanda zvekuti hazvaiita kuti vadzidziswe nemudzidzisi mumwechete; uye havaikwanisa kunzwa shoko raMwari mugungano rimwechete.

21 Naizvozvo vakaunganidzana pamwechete munzvimbo nemapoka akasiyana-siyana, aidaidzwa kunzi machechi; chechi yega-yega iine vapirisita vayo nevadzidzisi vayo, uye wose mupirisita achiparidza shoko maererano nokuripiwa kwakange aitwa naAruma.

22 Uye zvisinei kana dai chechi dzakange dzakawanda dzaive “chechi imwechete, hongu, chechi yaMwari; nokuti hapana chimwe chaiparidzwa muchechi umu kunze kwekutendeuka nerutendo munaMwari.

23 Uye zvino makanga muine chechi nomwe munyika yeZarahemura. Uye zvikaitika kuti ani nani zvake aida kutora “zita raKristu, kana raMwari, akapinda chechi dzaMwari.

24 Uye vaidaidzwa kunzi “vanhu vaMwari. Uye Mwari vakadira Mweya wavo mavari, uye vakaropafadzwa, uye vakave nokubudirira munyika.

13a Omu. 1:19.

18a Mosaya 21:35.

^b Mosaya 18:8–17.

19a NKM Hupirisita.

22a Mosaya 18:17.

23a NKM Jesu Kristu—

Kutora Zita raJesu

Kristu paTiri.

24a NKM Chibvumirano.

CHITSAUKO 26

Nhengo zhinji dzeChechi dzinotungamirwa muchitema nevasingatende—Aruma anovimbiswa upenyu hwokusingaperi—Avo vanotendeuka vagobhabhatidzwa vanowana ruregerero—Nhengo dzeChechi dziri muzvitema dzinotendeuka nokureurura kunaAruma nekunaIshe dzicharegererwa; tadzezvo, havazoverengerwa kunhengo dzeChechi. Zvingangove makore 120 kusvika ku100 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakaitika kuti kwakange kuine vazhinji vechizvarwa vaikura vakange vasinganzwisisemazwi amambo Benjamini, nguva dzakataurwa mazwi aya vakanga vari vana vaduku; uye vakange vasingatende tsika dze-madzibaba avo.

2 Havana kutenda zvaitaurwa maererano nekumuka kuvakafa, havanawo kubvuma kuti kuna Kristu achauya.

3 Uye zvino nenzira yekusatenda kwavo havana kukwanisa “kunzwisisa shoko raMwari; uye mwoyo yavo yakange ya-tooama.

4 Uye havana kuda kubhabhatidzwa; kana kupinda chechi. Uye vakange vari vanhu vakasiyana nevamwe murutendo rwavo, uye vakaramba vakadaro, kana muupenyu hwavo “hwenyama nemuzvitema zva-vo; nokuti vakanga vasingade

kudaidzira kuna Ishe Mwari vavo.

5 Uye zvino munguva yekutonga kwaMosaya vakange vasina kuwanda zvingasvika chikamu chepakati chevanhu vaMwari; asi nenzira “yekuhedhuka kwevanhu vakazowandawo.

6 Nokuti zvakaitika kuti vakanyengedza vazhinji nemazwi avo ekunyengedza, vakanga vari muchechi, vakaita kuti vaite zvitema zvizhinji; naizvozvo zvakaita kuti avo vaiita zvitema, vari muchechi, vaifanira “kutsiurwa nechечи.

7 Uye zvakaitika kuti vakauanzwa kune vapirisita, uye vakauanzwa kuvapirisita nevadzidzisi; uye vapirisita vakaenda navo kuna Aruma, akange ari mupirisita “wepamusoro.

8 Zvino mambo Mosaya akange apa Aruma mvumo pamusoro pechечи.

9 Uye zvakaitika kuti Aruma haana chaiziva maererano nezvavo; asi kwaive nevazhinji vaipupura kuipa kwavo; hongu, vanhu vakasimuka vakataura nezvekuipa kwavo vakawanda.

10 Zvino hapana kunge kwakamboitika chinhu chakadaro muchechi; naizvozvo Aruma akanetseka mumweya, akaita kuti vaunzwe pamberi pamambo.

11 Uye akati kuna mambo: Tarisai, havano vazhinji vatauisa mberi kwenyu, vari kupomerwa mhosva nehama dzavo; hongu, uye vakatorwa muzvi-

26 3a NKM Kunzwisisa.
4a NKM Munhu weNyama.
5a NKM Kurasika

Pachitendero;
Gakava.
6a Aruma 5:57-58; 6:3.
NKM Yambira,

Yambiro.
7a Mosaya 29:42.

tema zvakasiyana-siyana. Uye havatendeuke muzvitema zva-vo; naizvozvo ndauya navo kwamuri, kuti imi muvatonge maererano nemhosva dzavo.

12 Asi mambo Mosaya akati kuna Aruma: Tarisai, ini handivatonge; naizvozvo ndava “kuvaisa mumaoko ako kuti vatongwe.

13 Uye zvino mweya wa-Aruma wakange wotambudzika zvakare; uye akaenda akanobvunza Ishe kuti angaitai nenyaya iyi, nokuti aitya kuti angazokanganisa pamberi pa-Mwari.

14 Uye zvino zvakaitika kuti mushure mekunamata nemwoyo wake wose kuna Mwari, izwi raIshe rakauya kwaari, richiti.

15 Wakaropafadzwa iwe, Aruma, uye vakaropafadzwa avo vakabhabhatidzwa “mumvura dzaMormoni. Unoropafadzwa nokuti une ^brutendo rwukuru mumazwi ega emuranda wangu Abhinadhai.

16 Uye vakaropafadzwa nenzi-
ra yerutendo rwavo rwukuru mumazwi ega awakavataurira.

17 Uye iwe wakaropafadzwa nokuti wakaisa “chechi pakati pevanhu ava; uye vachamiswa, uye vachave vanhu vangu.

18 Hongu, vakaropafadzwa ava vanhu “vanoda kutakura zita

rangu; nokuti vachadaidzwa nezita rangu; uye ndevangu.

19 Uye nokuti wandibvunza maererano nemutadzi, waropafadzwa.

20 Uri muranda wangu; uye ndinoita chibvumirano newe kuti uchave neupenyu “hwokusingaperi; uye iwe uchandishandira ugofamba muzita rangu, uye ugounganidza hwai dzangu pamwechete.

21 Uye uyo achanzwa shoko rangu ndiye achave “hwai yangu, iyeyo muchamugamuchira muchechi, uye iyeyo neniwo ndichamugamuchira.

22 Nokuti tarisai, iyi ichechi yangu; wose “anobhabhatidzwa achabhabhatidzwa nokutende-uka. Uye wose amuchatambira achatenda muzita rangu; iyeyo ^bndichamuregerera ndakasununguka.

23 Nokuti ndini ini “ndinotakura zvitadzo zvenyika; nokuti ndini ini ^bndakavasika; uye ndini ini ndinopa kune uyo anotenda kusvika kumagumo nzvimbo kurudyi rwangu.

24 Nokuti tarisai, vanodaidzwa muzita rangu; uye kana “vachindiziva vachauya, uye vachawana nzvimbo yokusingaperi kurudyi kwangu.

25 Uye zvichaitika kuti kana hwamanda “yepiri yarira zvino avo vasina ^bkumbondiziva

12a D&Z 42:78-93.

15a Mosaya 18:30.

b Mosaya 17:2.

NKM Rutendo.

17a Mosaya 25:19-24.

18a Mosaya 1:11; 5:8.

NKM Jesu Kristu—

Kutora Zita raJesu

Kristu paTiri.

20a NKM Vakasarudzwa;

Sarudzo; Upenyu

Hwokusingaperi.

21a NKM Mufudzi

Akanaka.

22a 2 Ni. 9:23.

NKM Bhabhatidza.

b NKM Regerera;

Kuregererwa

kweZvitadzo.

23a NKM Mununuri.

b NKM Sika.

24a Joh. 17:3.

25a D&Z 88:99, 109.

b D&Z 76:81-86.

vachauya uye vozomira pambe-ri pangu.

26 Uye ipapo vachaziva kuti ndini Ishe Mwari vavo, kuti ndini Mununuri wavo; asi havazonunurwa.

27 Uye ndichareurura kwavari kuti handina ^akumbovaziva; uye ^bvachaenda mumoto ^cusingaperi wakagadzirirwa dhia-bhorosi nengirozi dzake.

28 Naizvozvo ndinoti kwamuri, kuti uyo asingade ^akunzwa shoko rangu, iyeyo musa-mugamuchire muchechi yangu, nokuti iyeyo handimugamuchi-re muzuva rekupedzisira.

29 Naizvozvo ndinoti kwamuri, Endai; uye uyo wose achanditadzira, iyeyo ^amuchamutonga ^bmaererano nezvitadzo zvaanenge aita; uye ^cakareurura zvitema zvake kwamuri nekwardiri, uye ^dakatendeuka nemwoyo wake wose, iyeyo ^emuchamuregerera, neni ndichamuregererawo.

30 Hongu, uye ^amunguva dzose vanhu vangu ^bvachatendeuka ini ndichavaregerera zvavanonditadzira.

31 Uye imi ^amucharegererana zvamunotadzirana; nokuti zvirokwazvo ndinoti kwamuri, uyo asingaregerere muvakidzani wake iye achiti akatendeuka, iyeyo anozvikonzera kuraswa.

32 Zvino ndinoti kwamuri,

Endai; uye uyo wose asingatendeuke muzvivi zvake iyeyo haazoverengerwa muvanhu vangu; uye izvi zvichagara zvakadaro kubvira zvino zvichienda mberi.

33 Uye zvakaitika kuti Aruma paakanzwa mazwi aya akaanyora kuti agogara nawo, nekuti agotongwa vanhu vechechi iyoyo maererano nemirau yaMwari.

34 Uye zvakaitika kuti Aruma akaenda akanotongwa avo vakanga vari muzvitadzo, maererano neshoko raIshe.

35 Uye vose vakatendeuka muzvitema zvavo ^avakazvireurura, ivavo akavaverengera mukati mevanhu vechechi;

36 Uye avo vakanga vasingade kureurura zvitema zvavo nekutendeuka kubva mukutadza kwavo, ivavo havana kuverengerwa kuvanhu vechechi, uye mazita avo ^aakadzimwa.

37 Uye zvakaitika kuti Aruma ndiye akabata dzose nyaya dzechechi; uye vakatanga zvakare kuve nerunyararo nokubudirira zvikuru munyaya dzechechi, vachifamba vakachenjera pamberi paMwari, vakagashira vazhinji, nokubhabhatidza vazhinji.

38 Uye zvino zvose zvinhu izvi zvakaitwa naAruma nevamwe vaishanda navo mubasa

27a Mat. 7:21-23.

b Ruka 13:27.

c D&Z 76:43-44.

28a 2 Ni. 9:31; D&Z 1:14.

29a NKM Kutonga.

b NKM Kudavira.

c 3 Ni. 1:25.

NKM Reurura,

Reururo.

d NKM Rutendeuko.

e NKM Regerera.

30a Moro. 6:8.

b Ezk. 33:11, 15-16;

Mabasa 3:19-20;

Mosaya 29:19-20.

31a 3 Ni. 13:14-15;

D&Z 64:9-10.

35a NKM Reurura,

Reururo.

36a Eks. 32:33;

Aruma 1:24.

NKM Bhuku

reUpenyu; Kubviswa

Hunhengo.

rechechi, vachifamba nesimba rose, vachidzidzisa shoko raMwari muzvinhu zvose, vachitambura muzvinhu zvakasiyana-siyana, vachinetswa neavo vose vakanga vasiri vechechi yaMwari.

39 Uye vakatsiura hama dzavo; ivowo ^avakatsiurwa, wose wose neshoko raMwari, maererano nezvitema zvavo, kana kuzvitadzo zvaainge aita, vachitumwa naMwari kuti vasamire ^bkunamata, nekupa ^ckutenda muzvinhu zvose.

CHITSAUKO 27

Mosaya anorambidza kutambudzana uye anokurudzira kuti vanhu vabatwe zvakafanana — Aruma mudiki nevana vana vaMosaya vanotsvaka kuparadza Chechi — Ngirozi inouya uye yovataurira kuti vasiye nzira yavo yakaiipa — Aruma anoitwa chimumumu — Rudzi rwose rwevanhu rwakafanira kuzvarwa zvakare kuti rwiwane ruponeso — Aruma nevana vaMosaya vanodaidzira mazwi anofadza. Zvingangove makore 100 kusvika ku92 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti kutambudzwa kwakange kuchitwa chechi neavo vakange vasingatende kwakakura zvekuti chechi yakatanga kutsutsumwa, uye vakanyunyuta kuvatungamiri vavo pamusoro penhau iyi; uye vakanyunyuta kuna Aruma.

Uye Aruma akaisa nyaya iyi kuna mambo wavo, Mosaya. Uye Mosaya akabvunza vapirisita vake.

2 Uye zvakaitika kuti mambo Mosaya akatumira chiziviso munyika yose achiti hakuna munhu asingapinde sangano akafanira ^akutambudza avo vanhu vechechi yaMwari.

3 Uye pakaiswa murau wakoma kuchechi dzose kuti hakuna kufanira kuti kuve nekutambudzana pakati pavo, kuti pakafanira kuve ^anekuenzana kuvanhu vose;

4 Kutu havafanire kuregera kuzvida nekuzvikudza kuchikanganisa ^arunyararo rwavo; kuti wose munhu akafanira ^bkukudza muvakidzani wake sekuzvikudza kwaanozviiita iye, vachizvishandira nemaoko avo pachavo kuti vazviriritire.

5 Hongu, uye vose vapirisita vavo nevadzidzisi vavo vakafanira ^akushanda nemaoko avo kuti vazviriritire, muzvinhu zvose kunze kwemuurwere, kana mukushaya kwakanyanya; uye mukuita zvinhu izvi, vakakura ^bmunyasha dzaMwari.

6 Uye munyika makatanga kuve nerunyararo zvakare; uye vanhu vakatanga kuwanda chizvo, uye vakatanga kupararira nenyika yose, hongu, kuchamhembe nekumaodzanyemba, kumabvazuva nekumadokero, vachivaka maguta makuru nemisha mumativi ose enyika.

39a NKM Yambira, Yambiro.
b 2 Ni. 32:8–9.
c NKM Kupakutendo.

27 2a NKM Kupfuvisa.
3a Mosaya 23:7; 29:32.
4a NKM Runyararo.
b NKM Kuremekedza.

5a Mosaya 18:24, 26.
b NKM Nyasha.

7 Uye Ishe akavashanyira akavapa kubudirira, uye vakave vanhu vazhinji vakapfuma.

8 Zvino vanakomana vana vaMosaya vaiverengerwa kuvanhu vasingatende; nemumwe ^awevanakomana vaAruma akange achiverengerwa kwavari, iye achidaidzwa kuti Aruma, zita rababa vake; zvisinei, akave munhu ane uipi ^banonamata zvifananidzo. Uye akange ari munhu anotaurisa, uye achitaurira manyepo mazhinji kuvanhu; naizvozvo akaita kuti vanhu vazhinji vaite sekuita kwake mukutadza.

9 Uye akadzorera chechi yaMwari shure zvakanyanya; ^aachiba mwoyo yevanhu; achikonzera kukakavadzana mukati mevanhu; achipa mukana kumuvengi waMwari kuti aratidze simba rake muvanhu.

10 Uye zvino zvakaitika kuti paakanga achifamba achiparadza chechi yaMwari, nokuti aifamba nevana vaMosaya muruvande achitsvaka kuparadza chechi, nokurasa vanhu vaIshe, zvisirizvo zviru mumirairo yaMwari, kana kunyange yamambo—

11 Uye sekutaura kwandaita kwamuri, kufamba kwavaiita ^avachipandukira Mwari, tarisai, ^bngirozi yaIshe ^cyakazviratidza kwavari; uye yakaburuka seiri mugore; uye yakataura nezwi rainge mabhanan'ana, rakako-

nzera kuti pasi pazunguzike apo pavakange vamire;

12 Uye kushamiswa kwavo kwakave kukuru, zvekuti vakapuzikira pasi, uye vakatadza kunzwisisa mazwi aakange achitaura kwavari.

13 Zvisinei akachema zvakare, achiti: Aruma muka umire pano, ko unotambudzirei chechi yaMwari? Nokuti Ishe akati: ^aIyi ichечи yangu, uye ndichaimisa; hakuna chichaibvisa panzvimbo, kunze kwekutadza kwevanhu vangu.

14 Uye zvakare, ngirozi yakati: Tarisai, Ishe vakanzwa ^aminamoto yevanhu vavo, neminamoto yemuranda wavo, Aruma, anova baba vako; nokuti akanamata nerutendo rukuru maererano nemi kuti dai masvitswa pakuziva chokwadi; naizvozvo, nechikonzero ichochi ndauya kuti ndizokupwisai nezvesimba nemvumo yaMwari, kuti ^bminamoto yevaranda vavo ingapindurwe maererano nerutendo rwavo.

15 Uye zvino tarisai, mungapikisana here nesimba raMwari? Nokuti tarisai, izwi rangu harizunguze nyika here? Uye hamugone kundionawo here pamberi penyu? Uye ndakatumwa kubva kuna Mwari.

16 Zvino ndinoti kwamuri: Endai, uye mugorangarira uranda hwemadzibaba enyu munyika yeHerami, nemunyika

8a NKM Aruma, Mwanakomana waAruma.

b NKM Kunamata Zvifananidzo.

9a II Sam. 15:1–6.

11a NKM Hupanduki.

b NKM Ngirozi.

c Mabasa 9:1–9; Aruma 8:15.

13a NKM Jesu Kristu—Mukuru weChechi.

14a Aruma 10:22.

b Morm. 9:36–37.

yaNifai; nekurangirirawo kukura kwezvinhu zvaakavaitira; nokuti vakanga vari muusunngwa uye “akavasunngura. Uye zvino ndinoti kwamuri, Aruma, enda munzira yako, uye urege kutsvaka kuparadza chechi zvakare, kuti minamoto yavo igopindurwa, uye izvi zviri zvinoitika kana dai iwe pachako uchida kuraswa.

17 Uye zvino zvakaitika kuti aya ndiwo mazwi akave ekupezdisira kutaurwa kuna Aruma nengirozi, ndokubva yaenda.

18 Uye zvino Aruma neavo vakanga vainaye vakawira pasi zvakare, nokuti vakange vashamiswa zvikuru; nokuti nemaziso avo vakanga vaona ngirozi yaIshe; uye izwi rake rainge mabanan’ana, rakazunguza nyika; uye vaiziva kuti hakuna chimwe kunze kwesimba raMwari chaigona kuzunguza nyika nekuita kuti idedere sekunge ichatsemuka nepakati.

19 Uye zvino kushamiswa kwaAruma kwakave kukuru zvekuti akabva ave chimumu, zvekuti akatadza kuzurura muromo wake; hongu, uye akapera simba, zvekuti akatadza kusimudza kana maoko ake; naizvozvo akatorwa neavo vakanga vainaye, uye akatakurwa asisakwanise, kudakara asvikoiswa pameso pababa wake.

20 Uye vakataurira baba vake zvose zvakanga zvaitika kwavari; uye baba vake vakafara,

nokuti vakaziva kuti rakange riri simba raMwari.

21 Uye akaita kuti vanhu vazhinji vaungane pamwechete kuti vagoona zvakanga zvaitwa kumwanakomana wake naIshe, nekune avo vakanga vainaye.

22 Uye akaita kuti vapirisita vaungane pamwechete; uye vakatanga kutsanya, nekunamata kuna Ishe Mwari vavo kuti azarure muromo waAruma, kuti agotaura, nokutiwo nhengo dzemuviri wake nemaoko ake zviwane simba radzo—kuti maziso evanhu azururwe kuti aone nokuziva kunaka nokubwinya kwaMwari.

23 Uye zvakaitika kuti mushure mekutsanya nokunamata kwemazuva maviri neusiku huviri, maoko nemakumbo aAruma akawana kusimba kwawo, uye akabva asimuka akatanga kutaura kwavari, achivati ngavave nekunyaradzwa kwakanaka:

24 Nokuti, akati iye, ndatendeka muzvitema zvangu, uye “ndikanunurwa naIshe; tarisai ndaberekwa neMweya.

25 Uye Ishe vakati kwandiri: Usashamiswe kuti vose vanhu, hongu, varume nevakadzi, nyika dzose, marudzi, ndimi navanhu, vakafanira “kuberekwa zvakare; hongu, kuberekwa naMwari, ^bvapindurwa kubva muzvinhu zvavo ^czvenyama nemukupunzika kwavo, vachienda mukururama, vanunurwa

16a Mosaya 23:1–4.
24a 2 Ni. 2:6–7.
NKM Akanunura.
25a VaR. 6:3–11;

Mosaya 5:7;
Aruma 5:14;
Mos. 6:59.
NKM Kuberekwa

naMwari, Kuberekwa Patsva.
^b Mosaya 3:19; 16:3.
^c NKM Zvenyama.

naMwari, vachive vanakomana vake nevanasikana vake;

26 Uye ndiko kuve zvisikwa zvitsva kwavanobva vaita; uye kuze kwekunge vaita izvi, “havana nzira yavangagare nhabva yeumambo hwaMwari nayo.

27 Ndinoti kwamuri, kana zvikasaita sezvizvi, vanoraswa; uye izvi ndinozviziva, nokuti ini ndakange ndoda kuraswa.

28 Zvisinei, mushure mekupinda mumatambudziko akanyanya, kutendeuka wave pedyo nerufu, Ishe netsitsi vakaona zvakafanira kuti vandibvute mukati mekutsva “kusingaperi, uye ndazvarwa naMwari.

29 Mweya wangu wakanunurwa kubva munduru yekuvava nemumajoto ezvitadzo. Ndakange ndiri mugomba mune rima rakati ndo; asi zvino ndave kuona chiedza chinoshamisa chaMwari. Mweya wangu “wakashungurudzwa nekutambudzwa kwokusingaperi; asi ndakabvutwa, mweya wangu haucharwadza nariini.

30 Ndakaramba Mununuri wangu, uye ndikaramba zvakanga zvataurwa nemadzibaba edu; asi zvino kuti vaone kuti achauya, nokuti anoyeuka chose chisikwa chaakasika, achazviisa pachena kune vose.

31 Hongu, “rose ibvi richapfugama, uye dzose ndimi dzichareurura pamberi pavo. Hongu, kana muzuva rekupedzisira, apo

vose vanhu vachamirira^b kutongwa navo, ndipo pavachabvuma kuti ndiMwari; vachabvuma, avo vanogara “vasina Mwari munyika, kuti kutongwa kwavo kuve kurangwa kusingaperi kwakakodzera pavari; uye vachadedera, nokubvunda, uye vagosvava kana vatariswa neziso ravo “rinotsvaka.

32 Uye zvino zvakaitika kuti Aruma kubvira panguva iyoyi akatangisa kudzidzisa vanhu, neavo vakanga vaina Aruma panguva yakazviratidza ngirozi kwavari, vachifamba nenyika yose, vachishambadza kuvanhu vose zvinhu zvavakanga vanzwa vakaona, vachiparidza shoko raMwari mukutambudzwa kwakanyanya, vachinetswa zvikuru neavo vakange vasiri vatendi; vachirohwa nevakawanda vavo.

33 Asi zvakadaro zvose izvi, vakapa kunyaradza kwakawanda kuchechi, vachisimbisa rutendo rwavo, nekukurudzira nokushivirira nokushingirira kuchengetedza mirairo yaMwari.

34 Uye vana vavo vaive “vanakomana vaMosaya; uye mazita avo aive Amoni, naAroni, naOmuna, naHimunai; aya ndiwo aive mazita evanakomana vaMosaya.

35 Uye vakafamba nenyika yose yeZarahemura, nemuvanhu vose vaitongwa vari pasi pamambo Mosaya, vachishingaira

26a Joh. 3:5.
28a 2 Ni. 9:16.
29a Mosaya 2:38.
31a VaF. 2:9–11;
Mosaya 16:1–2;

D&Z 88:104.
b NKM Jesu Kristu—
Mutongi.
c Aruma 41:11.
d NKM Mwari, Musoro

hwehuMwari
34a NKM Amoni,
Mwanakomana
waMosaya.

kuedza kugadziridza zvose zvavakange vakuvadza muchechi, vachireurura zvitadzo zvavo zvose, nokutaura zvose zvinhu zvavakanga vaona, uye vachitsanangura zviporofita nemagwaro matsvene kune avo vose vaida kuzvinzwa.

36 Uye ndiko kuve midziyo kwavakaita mumaoko aMwari mukuunza vazhinji muruzivo rwechokwadi, hongu, kuruzivo rweMununuri wavo.

37 Uye vakaropafadzwa sei! Nokuti ^avakashambadza runyararo; vakashambadza nhau dzezvinhu ^bzvakanaka; uye vakaudza vanhu kuti Ishe vanotonga.

CHITSAUKO 28

Vanakomana vaMosaya vanoenda kunoparidza kumaRamani—Vachishandisa matombo maviri ekuonesa, Mosaya anodudzira mahwendefa emaJaredhi. Zvingangove makore 92 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakaitika kuti mushure mekunge ^avanakomana vaMosaya vaita zvose zvinhu izvi, vakatora vanhu vashomanani navo vakadzokera kuna baba wavo, mambo, uye vakamukumbira kuti avabvumire, pamwechete neavo vavakangavasarudza, kuti vaende kunyika ^byaNifai kuti vanoparidza zvinhu zvavakange vanzwa, nokuti

vape shoko raMwari kuhama dzavo, maRamani—

2 Kutizvimwe vangavaunze mukuziva Ishe Mwari vavo, nekuvapwisa pamusoro pekuipa kwemadzibaba avo; nokuedza kuti vanga varape ^aruvengo rwavo nemaNifai, kutizvimwe vangavaunze mukufarawo muNaIshe Mwari vavo, kuti vanzwanane pachavo, uye kuti kusazove nokupesana munyika yose yavakapiwa naIshe Mwari vavo.

3 Zvino vakadisa kuti ruponeso rwutaurwe kuchisikwa chose, nokuti havana kuda ^akuona ^bmweya wemunhu uchiparara; hongu, kana pfungwa yekuti pawane mweya unotambudzika ^czvisingaperi yayita kuti vabvunde nekudedera.

4 Uye ndiko kushandwa kwavakaitwa neMweya walshe, nokuti vakange vari vatadzi vane ^atsvina isingataurike. Uye Ishe vakaona ^bnetsitsi dzavo dzisingaverengeke kuti vavaponese; zvakadaro vakatambudzwa nokurwadziwa kwemweya nenzi-
ra yekuipa kwavo, vachitambudzika zvikuru nekutya kuti vacharaswa zvachose.

5 Uye zvakaitika kuti vakakumbira baba wavo kwemazuva mazhinji kuti vaende kunyika yaNifai.

6 Uye mambo Mosaya akaenda akanobvunza kuna Ishe kuti angaregere here vana vake

37a Isa. 52:7;
Mosaya 15:14–17.
NKM Paridza.
b NKM Vhangeri.
28 1a Mosaya 27:34.
b Omu. 1:12–13;

Mosaya 9:1.
2a Jak. 7:24.
3a Aruma 13:27;
3 Ni. 17:14;
Mos. 7:41.
b NKM Mweya (Mweya

neMuviri)—Kukosha kwemweya.
c Jak. 6:10;
D&Z 19:10–12.
4a Mosaya 27:10.
b NKM Anetsitsi.

vachienda kunoparidza shoko kumaRamani.

7 Uye Ishe vakati kuna Mosaya: Rega vaende, nokuti vazhinji vachatenda mazwi avo, uye vachawana upenyu hwokusisingaperi; uye “ndichaburitsa vanakonana vako mumaoko emaRamani.

8 Uye zvakaitika kuti Mosaya akabvuma kuti vaende vanoita maererano nezvavakanga vakumbira.

9 Uye “vakatora rwendo rwavo nemurenje kuti vaende kunoparidza shoko kumaRamani; uye ndichataura ^brungano rwekuita kwavo pashure.

10 Zvino mambo Mosaya akange asisina wekugadza umambo, nokuti hapana mumwechete wevanakomana vake aibvuma umambo.

11 Naizvozvo akatora zvinyorwa zvakange zvakanyorwa “pamahwendefa endarira, nemahwendefawo aNifai, nezvinhu zvose zvaakanga achengeta maererano nemirairo yaMwari, mushure mekududzira nokuita kuti zvinyorwe izvo zvaive ^bpamahwendefa egoridhe akawanikwa nevanhu vaRimuhai, akange apiwa kwaari neruoko rwaRimuhai;

12 Uye izvi akazviita nenzira yechido chevanhu vake; nokuti vakada kuziva zvikuru maererano nevanhu avo vakanga vaparadzwa.

13 Uye zvino akazvidudzira achishandisa “matombo maviri aye aiva akasungirirwa mumativi echaiita seuta.

14 Zvino zvinhu izvi zvakagadzirwa kubvira pakutanga, uye zvikatambidzanwa chizvarwa nechizvarwa, kuti mitauro idudzirwe;

15 Uye zvakachengetwa uye zvikachengetedzwa neruoko rwalshu, kuti varatidze kuchisikwa chose kuti akafanira kuva nenyika nezvitadzo noruvengo rwevanhu vavo ndiani.

16 Uye ani nani anazvo zvinhu izvi anodaidzwa kunzi “muoni, sezvaitwa makare-kare.

17 Zvino mushure mekunge Mosaya apedza kududzira zvinyorwa izvi, tarisai, zvakataura rungano rwevanhu “vakaparadzwa, kubvira panguva yavakaparadzwa zvichidzokera panguva yekuvakwa kweshongwe ^bhuru, Ishe “pavakavhiringidza mutauro wevanhu vakabva vapararira nenyika yose, hongu, kana kubvirawo panguva iyo zvichidzokera shure kunguva yekusikwa kwaAdama.

18 Zvino rungano urwu rwakakonzera vanhu vaMosaya kuti vacheme zvikuru, hongu, vakazadzwa nekusuwa; zvisinei zvakavapa ruzivo rwakawanda, marwuri vakafara.

19 Uye rungano urwu rwuchanyorwa mushure; nokuti tarisai, zvinofanira kuti vose

7a Aruma 19:22-23.

9a Aruma 17:6-9.

b Aruma 17-26.

11a NKM Mahwendefa eNdarira.

b NKM Mahwendefa

eGoridhe.

13a NKM Urimi

neTumimi.

16a Mosaya 8:13-18.

NKM Muoni.

17a Mosaya 8:7-12.

b Eta 1:1-5.

c Gen. 11:6-9.

vanhu vazive zvakanyorwa munhoroondo ino.

20 Uye zvino, sekutaura kwandaita kwamuri, kuti mushure mekunge mambo Mosaya aita zvinhu izvi, akatora mahwendefa “endarira nezvinhu zvose zvaakanga achengeta, ndokubva azvipa pana Aruma, aive mwanakomana waAruma; hongu, zvose zvinyorwa, ^bnezvidudziriso zvacho, ndokuzvipa paari, ndokumuudza kuti akafanira kuzvichengeta ‘nokuzvichengetedza, nekuchengetawo zvinyorwa zvevanhu, vachizvipa kuchizvarwa nechizvarwa, kana sekugamuchidzanwa kwazvaitwa kubvira panguva yakabva Rihai kuJerusarema.

CHITSAUKO 29

*Mosaya anoti kunze kwekuti kuve namambo ngakusarudzwe vato-
ngi—Madzimambo asina kuru-
rama anotungamira vanhu vavo mukutadza—Aruma mudiki ano-
sarudzwa kuve mukuru wevatongi
nekuda kwevanhu—Ndiyewo mu-
fundisi wepamusoro weChechi—
Aruma Mukuru naMosaya vanofa.
Zvingangove makore 92 kusvika
ku91 Kristu asati azvarwa.*

ZVINO Mosaya aita izvi akatumira shoko kunyika yose, kuvanhu vose, achida kuziva chido chavo maererano nemunhu akafanira kuve mambo wavo.

2 Uye zvakaitika kuti izwi rakabva kuvanhu, richiti: Tino-

da kuti Aroni mwanakomana wako ave mambo wedu nemutongi wedu.

3 Zvino Aroni akange akwira kunyika yaNifai, naizvozvo mambo akange asingakwanise kugadza umambo paari; kana Aroni haaikwanisa kutora umambo; hakuna kana “mwanakomana mumwechete waMosaya aida kutora umambo.

4 Naizvozvo mambo Mosaya akatumira zvakare kuvanhu; hongu, akatumira mazwi akanyorwa kuvanhu. Uye aya ndiwo mazwi aakanyorwa, achiti:

5 Tarisai, imi vanhu vangu, kana kuti hama dzangu, nokuti ndinokukudzai saizvozvo, ndinoda kuti mufunge pamusoro penyaya yamadaidzirwa kuti mufunge—nokuti muri kuda kuti dai maita “mambo.

6 Zvino ndinoti kwamuri uyo akafanirwa kuve ari iye aneumambo aramba, uye haasikuda kutora umambo.

7 Uye zvino kukawanikwa umwe kuti agadzwe munzvimbo yake, tarisai ndinotyia kuti pachave nokukakavadzana mukati menyu. Uye ndiani anoziva kuti mwanakomana wangu, anove ndiye muridzi weumambo, angangoshatirwa akatora chimwe chikamu chevanhu vakaenda naye, izvo zvinozokonzera hondo nokukakavadzana mukati menyu, chinozove chikonzero chekudeura ropa zhinji nokusiya nzira dzaIshe,

20a Aruma 37:3–10.
b NKM Urimi
neTumimi.

c NKM Magwaro
matsvene—Magwaro
matsvene anofanira

kuchengetedzwa.
29 3a Mosaya 27:34.
5a I Sam. 8:9–19.

hongu, nokuparadza mweya yevanhu vazhinji.

8 Zvino ndinoti kwamuri ngatingwarei uye tifunge zvinhu izvi, nokuti hatina kodzero yekuti tiparadze mwanakomana wangu, hatinazve simba reku-paradza kana uyo anenge aiswa munzvimbo yake.

9 Uye kana mwanakomana wangu akadzokera kuzvinhu zvake zvekudada nezvinhu zvisipo achayeuka zvinhu zvaakambotaura, uye oti anoda umambo hwake, zvinozoita kuti iye nevanhu vano vaite zvitadzo zvakananyana.

10 Uye zvino ngatingwarei titarisire mberi kuzvinhu izvi, uye tichiita zvinhu zvinoita kuti vanhu vave nerunyararo.

11 Naizvozvo ndichave mambo wenyu kwemazuva angu ose asara; zvakadaro, ^angatigadze ^bvatongi, kuti vatonge vanhu ava maererano nemutemo wedu; uye tichatanga patsva kugadzirisa nyaya dzevanhu ava nokuti tichasarudza varume vane njere kuve vatongi, vachatonga vanhu ava maererano nemirairo yaMwari.

12 Zvino zviru nani kuti munhu atongwe naMwari pane kutongwa nemunhu, nokuti kutonga kwaMwari kwakanaka nguva dzose, asi kutonga kwevanhu hakuzi kwakanaka nguva dzose.

13 Naizvozvo, dai zvaiitika kuti muwane vanhu ^avakarura-

ma kuti vave madzimambo enyu, vaizoisa mitemo yaMwari, uye vachitonga vanhu ava maererano nemirairo yavo, hongu, dai maiwana madzimambo evarume vanoita sekuita kwababa vangu ^bBenjamini achiitira vanhu vake—ndinoti kwamuri, dai izvi zviru izvo zvinoitika nguva dzose zvingadai zvakanfanira kuti nguva dzose muve namadzimambo vekukutongai.

14 Uye kana ini pachangu ndakashanda nesimba rangu nepfungwa dzose dzandiinadzo, kukudzidzisa mirairo yaMwari, nokudzika runyararo munyika yose, kuti kusave nehondo kana kupesana, pasina kuba, kana kukuvadza, kana kuponda, kana kuipa zvakwo kwose;

15 Uye ani nani zvake akatadza, iyeyo ^andakamuranga maererano nemhosva yaakaita, maererano nemutemo watakapiwa nemadzibaba edu.

16 Zvino ndinoti kwamuri, nenzira yechikonzero chekuti vanhu vose havana kururama hazvifanire kuti muve namaambo kana madzimambo eku-kutongai.

17 Nokuti tarisai, mambo ^aakaipa mumwechete anokonzera ^bkuipa kwakadii kuti kuitwe, hongu, uye kuparadzwa kwakakura zvakadii!

18 Hongu, muchayeuka mambo Noa, ^akuipa kwake neruvengo rwake, kuipa neruvengo rwevanhu vake. Tarisai kupara-

11a Mosaya 29:25–27.

^b Eks. 18:13–24.

13a Mosaya 23:8, 13–14.

^b Mazwi 1:17–18.

15a Aruma 1:32–33.

17a Mosaya 23:7–9.

^b Aruma 46:9–10.

18a Mosaya 11:1–15.

dzwa kukuru kwakave pavari; ezvowo nechikonzero chekuipa kwavo vakaiswa ^bmuusungwa.

19 Uye dai pakanga pasina kupindira kweMusiki wavo akangwara, uye izvi zvichikonzerwa nekutendeuka kwavo kwechokwadi, vangadai vakagara muhusungwa kusvika zvino.

20 Asi tarisai, vakavasunungura nokuti “vakazvirereka pamberi pavo; nokuti ^bvakachema kwaari zvikuru akavabvisa muusungwa; uye ndiko kushanda kunoita Ishe nesimba ravo mune zvose mukati mevana vevanhu, vachitambanudzira ruoko rwavo ^crwetsitsi kune avo vanoisa ^druvimbo rwavo maari.

21 Uye tarisai, zvino ndinoti kwamuri, hamukwanise kubvisa mambo akaipa pachigaro cheumambo kunze kwekunge zvaitwa nekupesana kukuru, neku-deuka kweropa rakawanda.

22 Nokuti tarisai, ane “shamwari dzake mukutadza, uye anogara varindi vake vari pedyo; uye anobvarura mitemo yeavo vakatonga nekukurama mberi kwake; uye anotsika-tsika netsoka dzake mirairo yaMwari.

23 Uye anoita mitemo, uye oitumira kuvanhu vake, hongu, mitemo inopindirana “neupi hwake; uye ani nani zvake asingateerere mitemo yake anoita kuti aparadzwe; uye ani nani anomumukira anotumira hondo yake kunovarwisa, uye kana

akakwanisa anovaparadza; uye mambo asina kururama ndiko kukanganisa nzira dzose dzekukurama.

24 Uye zvino tarisai ndinoti kwamuri, hazvifanire kuti ruve-ngo rwakadaro rwuuye kwamuri.

25 Naizvozvo, sarudzai nezwi revanhu, vatongi, kuti mugotongwa maererano nemitemo yamakapiwa nemadzibaba edu, iri iyo mitemo chaiyo, uye iri yavakapiwa neruoko rwaIshe.

26 Zvino hakazi kazhinji vanhu vachiti vanoda zvinopesana nezvinhu kwazvo; asi zvinoitika kuti vashoma vanoda zvinhu zvisiri izvo; naizvozvo izvi ndizvo zvamakafanira kucherechedza uye mugozviita mutemo wenyu—kuti multe zvamunoi-ta muchiteerera mazwi evanhu.

27 Uye “kana kukasvika nguva yekuti izwi revanhu rasarudza zvakaipa, ndiyo nguva ichauya kutonga kwaMwari pamuri; hongu, ndiyo nguva yavachakushanyirai nekuparadza kukuru kana sekushanyira kwavakaita nyika ino.

28 Uye zvino kana muine vatongi, uye vakasakutongai zviru maererano nemutemo wakaitwa, munogona kuti vatongi ivavo vatongwe nemutongi mukuru kupfuura ivo.

29 Kana vatongi venyu vepamusoro vasina kutonga zvakarurama, muchaita kuti vashoma vevatongi venyu vadiki vaunga-

18b I Sam. 8:10–18;
Mosaya 12:1–8;
Eta 6:22–23.

20a Mosaya 21:13–15.

b Eks. 2:23–25;
Aruma 43:49–50.
c Ezk. 33:11, 15–16;
Mosaya 26:30.

d NKM Vimba.
22a I Madz. 12:8–14.
23a NKM Akaipa.
27a Aruma 10:19.

nidzane pamwechete, uye vago-tonga vatongi venyu vakuru, maererano nezvido zvevanhu.

30 Uye ndinoti makafanira kuita zvinhu izvi muchitya Ishe; uye ndinoti itai zvinhu izvi, uye musave namambo; kuti kana vanhu ava vakaita zvivi nezvitadzo zvichapindurwa pamisoro yavo.

31 Nokuti tarisai ndinoti kwamuri, zvitadzo zvevanhu vazhinji zvakakonzerwa nekuipa kwe-madzimambo avo; naizvozvo kutadza kwavo kunopindurwa pamisoro yemadzimambo avo.

32 Uye zvino ndinoda kuti “kusaenzana kwezvinhu uku kuchipera munyika muno, kunyanya kuvanhu vangu ava; asi ndinoda kuti nyika ino ive nyika^b yerusununguko, uye “wose munhu anakirwe nekodzero nepundutso dzake zvakafanana, sezvo Ishe vachiona kuti zvakafanira kuti tigare uye tidye nhaka yenyika ino, hongu, kana pachiiine vamwe vevana vedu vachiri pamusoro penyika.

33 Uye mambo Mosaya akanyora zvimwe zvinhu zvizhinji kwavari, achivaratidza kuedzwa kwose nenhamo dzose dzamambo akarurama, hongu, kwose kunetsekana kwemweya yavo pamusana pevanhu vavo, nekutsutsumwawo kwose kwevanhu kuna mambo wavo; uye akatsanangura zvose kwavari.

34 Uye akavaudza kuti zvinhu izvi hazvifanire kuitika; asi kuti mutoro wacho wakafanira kuve

wevanhu vose, kuti wose munhu aite pake.

35 Uye akavaudzawo zvipinga-mupinyi zvavanogomera nazvo, nenzira yekuve namambo asina kururama anovatonga;

36 Hongu, kwose kutadza kwake neruvengo rwake, nehondo dzose, uye kwose kukakavadzana, nekudeuka kweropa, neumbavha, nokuparadza, nokuita mabasa eupombwe, uye kwose kutadza kusingaverengeke—achivaudza kuti zvinhu izvi hazvifanire kuve zviriiizvo, zvekuti vakange vasingade zvachose mirairo yaMwari.

37 Uye zvino zvakaitika kuti, mushure mekunge mambo Mosaya atumira zvinhu izvi kuvanhu vakapwiswa nechokwadi chemazwi ake.

38 Naizvozvo vakarega chido chavo chekuti vave namambo, uye vakada zvikuru kuti wose munhu ave nezvakaenzana munyika yose; hongu, uye wose munhu akataura kuda kwake kuzvipindurira pane zvitema zvake.

39 Naizvozvo, zvakaitika kuti vakaungana pamwechete muzvikwata munyika yose, kuti vaise mazwi avo maererano nokuti ndivanaani vangave vatongi vavo, avo vanozovatonga maererano “nemutemo wavakapihwa; uye vakanga vachifara zvikuru nenzira^b yerusununguko rwavakange vapihwa.

40 Uye rudo rwavo kuna Mosaya rwakasimba; hongu,

32a Aruma 30:11.
b 2 Ni. 1:7; 10:11.

NKM Rusununguko.
c Aruma 27:9.

39a Aruma 1:14.
b NKM Rusununguko.

vaimukudza kukunda vose vawu vanhu; nokuti vakange vasingamuone semudzvinyiriri wamambo anotsvaka dzvene, hongu, anotsvaka upfumi uhwo hwunoorea mweya; nokuti haana kumbovatorera upfumi, zve haana kumbofadzwa noku-deura ropa; asi akange adzika “runyararo munyika, uye akanga abvumira vanhu vake kuti vasaiswe muhusungwa hupi zvawo; saka vaimukudza, hongu, zvikuru, zvisingataurike.

41 Uye zvakaitika kuti vakasarudza “vatongi kuti vavatonge, kana kuvatonga zvirima maererano nemutemo; uye vakaita izvi munyika yose.

42 Uye zvakaitika kuti Aruma akaiswa kuti ave mutongi mukuru wekutanga, ari iyewo mupirisita wepamusoro, baba vake vari ivo vakamugadza, uye vakamupawo kuve mutarisi wenyaya dzose dzechechi.

43 Uye zvino zvakaitika kuti Aruma “aifamba munzira dzaishe, uye aichengeta mirairo yavo, uye aitonga nemutongo

wakarurama; uye munyika magari muine runyararo.

44 Uye ndiko kutanga kwakaita kutonga kwevatongi munyika yose yeZarahemura, kuvanhu vose vainzi maNifai; uye Aruma ndiye aive wekutanga uye mukuru wevatongi.

45 Uye zvino zvakaitika kuti baba vake vakafa, vave makumi masere nemaviri emakore ekuberekwa, ari munhu akanga agara achizadzikisa mirairo yaMwari.

46 Uye zvakaitika kuti Mosaya akafawo, mugore rechimakumi matatu nematatu ekutonga kwake, aine “makumi matanhatu ane makore matatu ekuberekwa; zvichiita pamwechete, mazana mashanu emakore ane makore mapfumbamwe kubva panguva yakabva Rihai kuJerusalem.

47 Uye ndiko kupera kwakaita kutonga kwemadzimambo kuvanhu vaNifai; uye ndiko kupera kwakaita mazuva aAruma, akange ari iye akatanga chechi yavo.

BHUKU RAARUMA

MWANAKOMANA WAARUMA

Rungano rwaAruma, akange ari mwanakomana waAruma, mutongi mukuru wekutanga wevanhu vaNifai, uye ari iyewo mupirisita wepamusoro weChechi. Rungano rwekutonga kwevatongi, nehondo nekupesana kwevanhu. Uye rungano rwehondo pakati pemaNifai nemaRamani, maererano nezvinyorwa zvaAruma, wekutanga uye ari iye mukuru wevatongi.

40a NKM Muyanani.
41a Mosaya 29:11.

43a NKM Famba, Famba
naMwari.

46a Mosaya 6:4.

CHITSAUKO 1

Neho anodzidzisa dzidziso dzema-nyepo, anovamba chechi, anounza hupirisita husakarurama asina kufanira, uye ouraya Gideoni—Neho anourairwa mhosva dzake—Hupirisita husakarurama nekunetsana zvinopararira muvanhu—Vapirisita vanozviriritira, vanhu vanochengeta varombo, Chechi inobudirira. Zvingangove makore 91 kusvika ku88 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakaitika kuti mugore rekutanga rekutonga kwevatongi pavanhu vaNifai, kubvira panguva iyoyi zvichien-nda mberi, mambo Mosaya ari akange “aenda nenzira yepasi rose, ari akange arwa hondo yakanaka, achifamba akatwasanuka pamberi paMwari, asina waakasiya panzvimbo yake yekutonga; zvisinei akanga aisa ^bmitemo, uye yakange yatabbirwa nevanhu; saka vakanga vachisungirwa kuteerera mitemo yaakanga avaitira.

2 Uye zvakaitika kuti mugore rekutanga rekutonga kwaAruma ari pachigaro chekutonga, kune “murume akaunzwa kwaari kuzotongwa, murume akange ari hamburamakaka, aizivikanwa pamusana pesimba zhinji raaive naro.

3 Uye akanga afamba muvanhu, achiparidza kwavari “zvaaiti ishoko raMwari, ^bachipandukira chechi; achitaurira

vanhu kuti wose mupirisita nemudzidzisi akafanira “kukudzwa; uye ^ahavafanire kuita basa nemaoko avo, asi kuti vakafanira kuriritirwa nevanhu.

4 Uye aipupura kuvanhu kuti rudzi rwose rwevanhu rwuchaponeswa muzuva rekupedzisi-ra, uye achiti havafanire kutya kana kubvunda, asi kuti vasi-mudze misoro yavo vafare; nokuti Ishe ndivo vakasika vanhu vose, uye vakanunura vose vanhu; uye, mukupedzisi-ra, vose vanhu vachawana upenyu hwokusingaperi.

5 Uye zvakaitika kuti akadzidzisa zvinhu izvi zvekuti vazhinji vakatenda mazwi ake, kana vazhinji vakatenda zvekuti vakatanga kumuriritira neku-mupa mari.

6 Uye akatanga kusimudzwa mukuzvikudza kwemwoyo wake, nokupfeka nhumbi dzinodhura, hongu, akatangisa kumisa “chechi inotevedza tsika yekuparidza kwake.

7 Uye zvakaitika kuti zvaakanga achienda, kunoparidza kune avo vakange vachitenda kushoko rake, akasangana nemurume aive wechechi yaMwari, hongu, mumwe wevadzidzisi vavo; uye akatanga kuita nharo naye dzakaipa, kuti akwezve vanhu vechechi; asi murume uyu akamisidzana naye, achimukonesa “nemazwi aMwari.

8 Zvino zita remurume uyu rainzi “Gideoni; uye ndiye

[ARUMA]

1 1a Mosaya 29:46.

b Jar. 1:5; Aruma 4:16; Hir. 4:22.

2a Aruma 1:15.

3a Ezk. 13:3.

b NKM Asingade Kristu.

c Ruka 6:26; 1 Ni. 22:23.

d Mosaya 18:24, 26; 27:5.

6a 1 Ni. 14:10.

7a NKM Shoko raMwari.

8a Mosaya 20:17; 22:3.

akange ari mudziyo waive mu-
maoko aMwari mukubvisa va-
nhu vaRimuhai muhusungwa.

9 Zvino, nenzira yekuti
Gideoni akamukonesa nemazwi
aMwari akashatirirwa Gideoni,
akaburitsa munondo wake aka-
tanga kumubaya nawo. Zvino
Gideoni semunhu akange akwe-
gura, haana kukwanisa kuzvi-
dzivirira kubaiwa kwaaitwa,
saka ^aakauraiwa nemunondo.

10 Uye murume akamuuraya
akatorwa nevanhu vechechi,
uye vakaenda naye kuna Aru-
ma, kuti ^aatongwe maererano
nemhosva dzaakanga aita.

11 Uye zvakaitika kuti akamira
pamberi paAruma uye akazvi-
reverera nekushinga kukuru.

12 Asi Aruma akati kwaari:
Tarisai, kano ndiko kekutanga
kuti ^ahupirisita husakarurama
huunzwe kuvanhu. Uye tari-
sai, mhosva yako haisi yehupi-
risita husakarurama chete, asi
waedza kumanikidza mabasa
aya nemunondo; uye dai hupi-
risita husakarurama uhwu
hukamanikidzwa kuitwa mu-
vanhu ava zvinoita kuti vapa-
radzwe zvachose.

13 Uye iwe wadeura ropa re-
munhu akarurama, hongu, mu-
rume akaita zvinhu zvakanaka
zvakanwanda muvanhu ava; uye
tikati tikuregere ropa rake richa-
uya patiri rotsvaka ^akudzorera.

14 Saka watongerwa kufa,
maererano nemutemo wataka-

piwa naMosaya, mambo wedu
wekapedzisira; uye wakabvu-
mwa nevanhu vano; nokudaro
vanhu ava vakafanira ^akuita
zvinotaurwa nemutemo.

15 Uye zvakaitika kuti vaka-
mutora; uye zita rake ainzi
^aNeho; uye vakamutakura vaka-
enda naye pachikomo chinonzi
Mandi, uye ipapo akaitwa kuti,
kana kuti akatenda, pakati pe-
matenga nenyika, kuti zvaaka-
nge adzidzisa vanhu zvakanga
zvisingapindirane neshoko ra-
Mwari; uye ipapa akafa ^brufu
rwunonyadzisa.

16 Zvisinei, izvi hazvina kuita
kuti hupirisita husakarurama
husapararire nenyika; nokuti
kwaive nevazhinji vaidakuita
zvinhu zvisingabatsire zvemu-
nyika, uye vakaenda vachipari-
dza dzidziso yemanyepo; uye
izvi vaiita kuti vawane ^aupfumi
nekukudzwa.

17 Zvisinei, havaikwanisa ^aku-
nyepa, nokuti vaitya mutemo
kuti zvizivikanwe, nokuti vare-
vi venhema vairangwa; saka
vaiparidza vachinyepera kuti
ndizvo zvavaitenda; uye zvino
mutemo wakanga usina si-
mba pamunhu nekuda ^bkwe-
zvaaitenda.

18 Uye ^ahavaiba, nokuti vaitya
mutemo, nokuti vaidaro vairan-
gwa; kana kupamba, kana
kuponda, nokuti uyo ainge
^baponda airangwa ^cnerufu.

19 Asi zvakaitika kuti wose

9a Aruma 6:7.

10a Mosaya 29:42.

12a 2 Ni. 26:29.

NKM Unyengeri
hwehupirisita.

13a NKM Kutsividza.

14a NKM Kuranga nerufu.

15a Aruma 1:2.

^b Deut. 13:1-9.

16a NKM Upfumi; Chisina
Maturu.

17a NKM Anovimbika;

Kunyepa.

^b Aruma 30:7-12;

Mis. yeCh. 1:11.

18a NKM Kuba.

^b NKM Kuponda.

^c NKM Kuranga nerufu.

akange asiri wechechi yaMwari akatanga kunetsa avo vakanga vari vechechi yaMwari, uye vakange vazvipa zita raKristu.

20 Hongu, vakavanetsa, uye vakavarwadzisa nemazwi akasiyana-siyana, uye zvose izvi nenzira yokupfava kwavo; nokuti vakange vasingadade mumaziso avo, nenzira yekuti vaitaurirana shoko raMwari, pasina "mari kana mutengo.

21 Zvino kwakange kuine mutemo wakaoma muvanhu vechechi, kuti hakufanire kuve nemunhu, wechechi, anosimuka "achinetsa vanhu vasiri vechechi, nekuti hakufanire kuve nekunetsana pachavo.

22 Zvisinei, kwakave nevazhinji vavo vakatanga kudada, uye vakatanga kukakavadzana zvakaoma nevavengi vavo, kana zvekutorovana; hongu, vairovana netsiva.

23 Zvino izvi zvaive mugore rechipiri rekutonga kwaAruma, uye chakanga chiri chinhu chainetsa kwazvo muchechi; hongu, chaive chikonzero chechiedzo chaicho muchechi.

24 Nokuti mwoyo yevazhinji yakanga yaoma, uye mazita avo akanga "adzimwa, zvekuti vakanga vasisarangarirwe mukati mevanhu vaMwari. Uyewo vazhinji ^bvakabva mukati mavo.

25 Zvino izvi zvakange zvirichiedzo chikuru kune avo

vakange vamire vakasimba murutendo: zvisinei, vakanga vakasimba uye vasingazungunuke mukuchengetedza mirairo yaMwari, uye vakatakura "nemwoyo murefu kunetswa kwavaitwa.

26 Uye paisiya vapirisita "mabasa avo kuti vanopa vanhu shoko raMwari, naivowo vanhu vaisiya mabasa avo kuti vano-nzwa shoko raMwari. Uye kana vapirisita vavapa shoko raMwari vose vaidzokera kumabasa avo zvakare vachishanda nesimba; uye mupirisita asingazvise pamusoro peavo vauya kuzoteerera, nokuti muparidzi akanga asiri nani kune muteereri, kana mudzidzisi akanga asiri nani kune mudzidzi; uye ndiko kusaka vose vakange vakaenzana, uye vose vaishanda, wose munhu ^bmaererano nesimba rake.

27 Uye "vaipa zvinhu zvavo, wose munhu nekuwana kwake, ^bkuvarombo, nekune avo vanoshaya, nevanorwara, nevarikurwadziwa; uye vakanga vasingapfeke nhumbi dzinodhura, asi vakange vakatsvinda vachiratidzika.

28 Uye ndiko kumisa kwavakaita nyaya dzechechi; uye ndiko kuita kwavakaita kuti kurambe kuine runyararo zvakare, zvisinei nekunetswa kwose kwavakanga vachiitwa.

20a Isa. 55:1-2.

21a NKM Kupfuvisa.

24a Eks. 32:33;

Mosaya 26:36;

Aruma 6:3.

NKM Kubviswa

Hunhengo.

^b Aruma 46:7.

NKM Kurasika

Pachitendero.

25a NKM Mwoyo Murefu.

26a Mosaya 18:24, 26;

27:3-5.

^b Mosaya 4:27;

D&Z 10:4.

27a NKM Kupa zvipo.

^b Ruka 18:22;

Mosaya 4:26;

D&Z 42:29-31.

29 Uye zvino, nekutsiga kwakange kwaita chechi vakatanga “kupfuma zvikuru, vaine zvinhu zvakawanda pazvinhu zvipi nezvipi zvavaida—matanga akawanda, nemhuru dze-kukodza dzemarudzi akasiyana, nekuwanda kwembeu, negoridhe, nesirivha, nezvinhu zvinokosha, ^bnesirika yakawanda nemachira akarukwa zvinoyevedza, nemhuru dzose dzemachira akanaka.

30 Uye saka, “mukubudirira kwavo, hapana avaitandanisa akange ari ^bmusvo, kana vainge vaine nzara, kana vaive nyota, kana vaive vachirwara, kana vainge vasina kudya; uye havana kuisa mwoyo yavo kupfumi; saka vakanga vachipa zvakawanda wose munhu, harahwa nevadiki, vakasangwa nevakasununguka, varume nevakadzi, vari muhechi kana vasiri muhechi, vasina ^crusaruro kune avo vanoshaya.

31 Uye ndiko kubudirira kwavakaita uye vakapfuma kupfura avo vakanga vasiri vechechi yavo.

32 Nokuti avo vakange vasiri vechechi yavo vakapinda muzvinhu zveuroyi, ^anekunamata zvfananidzo kana ^bnungo, ^cnekutaura zvisina maturo, ^dnomukuchiva nekushushana; vachipfeka nhumbi dzinodhura; ^evachisimudzwa noku-dada kwemaziso avo; kunetsa,

kunyepa, kuba, kupamba, kuita zveupombwe, nokuponda, nekuipa kwakasiyana-siyana; zvisinei, mutemo wakashandiswa kune avo vose vakautyora, se-sekugonekwa kwazvaitwa.

33 Uye zvakaitika kuti mukushandiswa kwemutemo uku kwavari, wose munhu achirangwa maererano nemhosva yaanenge aita, vakatsiga, vakatya kuita zvinhu zvakaipa kuti zvingazivikanwe; saka, kwakave nerunyararo rukuru mukati mevanhu vaNifai kudakara mugore rechishanu rekutonga kwevatongi.

CHITSAUKO 2

Amurisasi anotsvaka kuve mambo uye anorambwa nezwi revanhu—Vateveri vake vanomuita mambo—MaAmurisasi vanoita hondo nema-Nifai uye vobva vakundwa—Ma-Ramani nemaAmurisasi vanobatana uye vanokundwa—Aruma anouraya Amurisasi. Zvingangove makore 87 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechishanu rekutonga kwavo kwakatanga kuve nekupesana pakati pevanhu; nokuti mumwe murume, ainzi Amurisasi, akange ari munhu akachenjera kwazvo, hongu, munhu ane unguwaru huri unguwaru hwenyika, iye akafanana nemunhu akange auraya

29a NKM Upfumi.

b Aruma 4:6.

30a Jak. 2:17–19.

b NKM Murombo.

c Aruma 16:14;

D&Z 1:35.

32a NKM Kunamata

Zvfananidzo.

b NKM Anenungo.

c NKM Kutaura

Zvakaipa.

d NKM Chiva.

e Jak. 2:13; Aruma 31:25; Morm. 8:28.

NKM Kudada.

“Gideoni nemunondo, uyo akauraiwa maererano nemutemo—

2 Zvino Amurisasi uyu mukunyengedza kwake, akanga atora vanhu vazhinji vave kumutevera; vakawanda zvekuti vakatanga kuve vakasimba; uye vakatanga kuedza kuti vaite kuti Amurisasi ave mambo wevanhu.

3 Zvino izvi zvakavhundutsa vanhu vechechi, nekune avo vose vakanga vasina kukwezva mushure mekunyengedzwa naAmurisasi; nokuti vaiziva kuti maererano nemutemo wavo zvinhu zvakadaro zvinoitwa “neizwi revanhu.

4 Naizvozvo, dai zvaitika kuti Amurisasi abvumwe nezwi revanhu, iye semunhu ane uipi, “aizovashaisa zvavakakodzera nepundutso dzechechi; nokuti chaive chinangwa chake kuti aparadze chechi yaMwari.

5 Uye zvakaitika kuti vanhu vakaungana pamwechete munyika yose, wose maererano nepfungwa dzake, kuti ari kurutivi rwaAmurisasi here kana kwete, vakaita zvikwata-zvikwata, vachiitisana nharo “nokupesana kunoshamisa.

6 Uye ndiko kuunganidzana kwavakaita kuti vagotaura zvaivaida pamusoro penyaya iyi; uye ndokubva zvaiswa kuvatongi.

7 Uye zvakaitika kuti izwi revanhu rakarasa Amurisasi,

zvekuti haana kuzoitwa mambo wevanhu.

8 Zvino izvi zvakakonjera kufara kukuru mumwoyo yeavo vakanga vasingamude; asi Amurisasi akafurira avo vakanga vachimuda kuti vavenge avo vakanga vasingamude.

9 Uye zvakaitika kuti vakauanganidzana pamwechete, uye vakagadza Amurisasi kuti ave mambo wavo.

10 Zvino Amurisasi zvaakanga aitwa mambo wavo akatuma vanhu vake kuti vatore zvombo varwisane nehama dzavo; uye izvi akazviita kuti avaise pasi pake.

11 Zvino vanhu vaAmurisasi vaizivikanwa nezita raAmurisasi, vachinzi ^amaAmurisasi; vamwe vakasara vainzi ^bmaNifai, kana kuti vanhu vaMwari.

12 Naizvozvo vanhu vemaNifai vaiziva zvaida kuitwa nevaAmurisasi, uye naizvozvo vakagadzirira kusangana navo; hongu, vakagadzirira neminondo, nezvipanga, neuta, nemi-seve, nematombo, nezvinziriri, “nezvombo zvehondo, zverwudzi rwose.

13 Uye naizvozvo vakanga vakagadzirira kusangana nevaAmurisasi panguva yavakauya. Uye pakaiswa vakuru vehondo, pamusoro pavo pakaiswa vakuru kwavari, nepamusoro paivavo pakaiswa vakuru kwavari, maererano nehuwandu hwavo.

14 Uye zvakaitika kuti Amuri-

2 1a Aruma 1:8.

3a Mosaya 29:25-27;

Aruma 4:16.

4a Aruma 10:19; Hir. 5:2.

5a 3 Ni. 11:29.

11a Aruma 3:4.

b Jak. 1:13-14;

Mosaya 25:12;

Aruma 3:11.

12a Mosaya 10:8;

Hir. 1:14.

sai akapa vanhu vake zvombo zvehondo zverudzi rwose; naiyewo akaisa vatarisi nevatumgamiri vevanhu vake, kuti vavatumgamirire mukurwisana nehama dzavo.

15 Uye zvakaitika kuti maAmurisai akauya nepagomo reAmunihu, rakanga riri kumabvazuva ^a“kwerwizi rwainzi Sidhoni, urwo rwaierera ^bnemunyika yeZarahemura, uye ipapo ndipo pavakatangisa kurwisana nemaNifai.

16 Zvino Aruma, ^asemukuru wevatongi nagavhuna wevanhu vaNifai, akaenda nevanhu vake, hongu, nevakuru vake vehondo, nevakuru vevakuru vavo, hongu, achitungamira mauto ake, mukurwisana nemaAmurisai.

17 Uye vakatanga kuuraya vaAmurisai pachikomo chiri kumabvazuva kweSidhoni. Uye vaAmurisai akarwisana nemaNifai nesimba guru, zvekuti maNifai mazhinji akauraiwa nemaAmurisai.

18 Zvisinei Ishe vakasimbisa ruoko rwemaNifai, zvekuti vakauraya maAmurisai nokuuraya kukuru, zvekuti vakatanga kutiza.

19 Uye zvakaitika kuti maNifai akatandanisa maAmurisai zuva rose iroro, uye vakauraya nokuuraya kukuru, zvekuti ^a“kwakauraiwa maAmurisai ane gumi rezviuru nezviviri zvine mazana mashanu nemakumi matatu nemweya miviri; uye kwakauraiwa maNifai zviuru

zvitanhatu zvine mazana mashanu ane makumi matanhatu ane mweya miviri.

20 Uye zvakaitika kuti Aruma paakaona kuti haachakwanisa kuramba achitandanisa maAmurisai akaita kuti vanhu vake vadzike tende dzavo ^a“munhika yaGideoni, nhika ichidaidzwa zita raGideoni uya wekuuraiwa neruoko ^brwaNeho nemunondo; uye munhika iyi ndimo makadzika maNifai tende dzavo kweusiku ihwohwo.

21 Uye Aruma akatumira vasori vake kuti vatevere maAmurisai akanga asara, kuti azive zvavakaronga, kuti agozvidzivirira, kuti achengetedze vanhu vake kuti vasaparadzwe.

22 Zvino avo vaakatuma kunosora nzvimbo yemaAmurisai vainzi mazita avo Zeramu, Amunori, Mandi, uye Rimuheri; ava ndivo vakaenda nevanhu vavo kunosora nzvimbo yemaAmurisai.

23 Uye zvakaitika kuti mangwana acho vakadzoka kunzvimbo yemaNifai nokukurumidza kukuru, vachishamiswa zvikuru, uye vakabatwa nekutya kukuru, vachiti:

24 Tarisai, takatevera ^a“maAmurisai kunzvimbo yavo, asi takashamiswa zvikuru, munyika yeMinoni, kumusoro kwenyika yeZarahemura, tiri mukati menyika ^byaNifai, takaona mhomo dzemaRamani; uye tarisai, maAmurisai abatana navo;

25 Uye vari kurwisa hama

15a Aruma 3:3.
b Omu. 1:13–15.
16a Mosaya 29:42.

19a Aruma 3:1–2, 26; 4:2.
20a Aruma 6:7.
b Aruma 1:7–15; 14:16.

24a Aruma 3:4, 13–18.
b 2 Ni. 5:8.

dzedu munyika umu; uye vari kuvatiza nezvipfuyo zvavo, nevakadzi vavo, nevana vavo, vachitiza vakananga kuguta redu; uye kunze kwekunge takurumidza vachatora guta redu, nemadzibaba edu, nevakadzi vedu, nevana vedu vachauraiwa.

26 Uye zvakaitika kuti vanhu vaNifai vakatora matende avo, uye vakabva munhika yaGideon vakananga kuguta, rakange riri guta ^araZarahemura.

27 Uye tarisai, zvavakanga vave kuyambuka rwizi rweSidhoni, maRamani nemaAmurisasi, vakange ^avakawanda, sekutaurwa kwazvo, sejecha regungwa, vakavarwisa kuti vavaparadze.

28 Zvisinei, maNifai ^avasimbiswa neruoko rwaIshe, vari vakange vanamata zvikuru kwavari kuti vavabvise mumuoko evavengi vavo, naizvozvo Ishe vakanzwa kuchema kwavo, vakavasimbisa, uye maRamani nemaAmurisasi vakawa pamberi pavo.

29 Uye zvakaitika kuti Aruma akarwa naAmurisasi neminondo, vakatarisana; uye vakarwisana zvikuru.

30 Uye zvakaitika kuti Aruma, semunhu waMwari, akatunhwa kwazvo ^anerutendo, akachema, achiti: Imi Ishe, ivai netsitsi uye muchengetedze upenyu hwangu, kuti ndive mudziyo uri muruoko rwenyu kuti ndiponise nokuchengetedza vanhu ava.

31 Zvino Aruma ataura mazwi aya akarwa zvakare naAmurisasi;

uye akasimbiswa, zvekuti akauraya Amurisasi nemunondo.

32 Uye akarwawo namambo wemaRamani; asi mambo wemaRamani akatiza Aruma uye akatumira vachengeti vake kuti varwe naAruma.

33 Asi Aruma nevachengeti vake, vakarwisana nevachengeti vamambo wemaRamani kudakara vavauraya nokuvatandania.

34 Uye ndokubva achenesa pasi, kwaiva kumavirira kwerwizi Sidhoni, achikanda zvitunha zvemaRamani akanga afa mumvura dzeSidhoni, achiitira kuti vanhu vake vakwanise kuyambukira maRamani nemaAmurisasi akange ari kumadokero kwerwizi rweSidhoni.

35 Uye zvakaitika kuti vose zvavakanga vayambuka Sidhoni maRamani nemaAmurisasi vakatanga kutiza, kana dai vakanga vakawanda zvekuti vakanga vasingaverengeke.

36 Uye vakatiza maNifai vachitizira murenje raive kumadokero nekuchamhembe, kure kupfuura miganhu yenyika; uye maNifai akavatandanisa nesimbavavo rose, uye vakavauraya.

37 Hongu, vakatambirwa nemaoko ose, uye vakauraiwa uye vakatinhwa, kudakara vapararira kumadokero, nekuchamhembe, kudakara vasvika murenje, rainzi Herimanzi; uye rakanga ririro divi rerenje iro rakange rizere zvikara.

38 Uye zvakaitika kuti vazhinji vakafa vave murenje umu

26a Omu. 1:14, 18.

27a Jar. 1:6.

28a Deut. 31:6.

30a NKM Rutendo.

pamusana pamaronda avo, uye vakadyiwa nezvikara zviya uye vakadyiwawo nemagora emumhepo; uye mapfupa avo akawanikwa, uye akaunganidzwa pasi.

CHITSAUKO 3

MaAmurisasi vakange vazviisa rupawo maererano nezwi rechipo-rofita—MaRamani akashurikidzirwa pamusana pehupanduki hwa-vo—Vanhu vano-zvishurikidzira vega—MaNifai vanokunda inwe-zve hondo yemaRamani. Zvingangove makore 87 kusvika ku86 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti maNifai akanga asina ^akuuraiwa nezvombo zvehondo, vapedza kuviga avo vakanga vauraiwa—zvino vakanga vauraiwa havana kunge vaverengwa, nenzira yekuwanda kwavo—mushure mekuviga vakafa vavo vose vakadzokera kunyika dzavo, uye kudzimba dzavo, nekuvakadzi vavo, nekuvana vavo.

2 Zvino vakadzi vazhinji nevana vakanga vauraiwa nemunondo, nematanga avo mazhinji; neminda yavo yezvirimwa zvakange zvaparadzwa, nokuti zvakatsikirirwa nemhomo dzevanhu.

3 Uye zvino sezvo maRamani mazhinji nemaAmurisasi akawanda vakange vauraiwa munyasi merwizi rweSidhoni vakaka-

ndwa ^amumvura dzeSidhoni; uye tarisai mapfupa avo ari muudzamu ^bhwegungwa, uye akawanda.

4 Uye ^amaAmurisasi akange akasiyana nemaNifai, nokuti vakange vazviisa ^brupawo vazvinyora neruvara rwutsvuku pamhanza setsika yemaRamani; zvisinei vakanga vasina kugusa misoro yavo semaRamani.

5 Zvino maRamani akanga akaguswa misoro; uye vakanga vasina ^akusimira, kunze kwekatehwe kaive muchiuno chavo, uye vakamoneredzwa, nezvondzivirira muviri, neuta hwavo, nemiseve yavo, nematombo avo, nezvinziriri zvavo, nezvimwe zvakadaro.

6 Uye rukanda rwemaRamani rwaive rwutema, maererano nerupawo rwakange rwaiswa pamadzibaba avo, kwakange kuri ^akutukwa kwavakange waitwa pamusana pekutadza kwavo nekupandukira kwavo vanun'una vavo, vakanga vari Nifai, Jakobho, naJosefa, naSemu, vakanga vari vanhu vakanaka uye vatsvene.

7 Uye vakoma vavo vakatsvaka kuvaparadza, nokudaro vakatukwa, uye Ishe Mwari vakavaisa ^arupawo, hongu, pana Ramani naRemueri, nevanakomana vaIshmaeri, nemadzimai ekwaIshmaeri.

8 Uye izvi zvakaitwa kuti mbeu yavo isiyane nembeu yevanun'una vavo, kuti naizvozvo

3 1a Aruma 2:19; 4:2.

3a Aruma 2:15.

b Aruma 44:22.

4a Aruma 2:11.

b Aruma 3:13-19.

5a Eno. 1:20;

Mosaya 10:8;

Aruma 42:18-21.

6a 2 Ni. 5:21; 26:33.

NKM Kutukwa.

7a 1 Ni. 12:23.

Ishe Mwari vagone kuchenge-
tedza vanhu vavo, kuti varege
“kusanganisa nekutevedza ^btsi-
ka dzisiri idzo dzinoita kuti
vaparadzwe.

9 Uye zvakaitika kuti ani zvake
akasanganisa mbeu yake neye-
maRamani akazvipawo kutu-
kwa kumbeu yake.

10 Naizvozvo, ani zvake aka-
zvibvumira kuti atorwe nema-
Ramani aidaidzwa nezita iroto,
uye pachibva paiswa rupawo
paari.

11 Uye zvakaitika kuti ani
nani zvake akange asingatende
“mutsika dzemaRamani, asi
achitenda izvo zvinyorwa zva-
kanga zvabviwa nazvo Jerusa-
rema, netsika dzemadzibaba
avo, dzaive dziri chaidzo, aite-
nda mumirairo yaMwari uye
achiichengeta, vainzi maNifai,
kana kuti vanhu vaNifai, kubvi-
ra panguva iyoyo—

12 Uye ndivo vakachengeta
zvinyorwa zvine “chokwadi
zvevanhu vavo, nezvevanhu
vemaRamani.

13 Zvino tombodzokera kuma-
Amurisasi zvakare, nokuti naivo-
wo vaive “nerupawo rwakanga
rwaiswa pavari; hongu, vaka-
zviisa rupawo ivo pachavo,
hongu, rupawo rwutsvuku pa-
mhanza dzavo.

14 Ndiko kuzadzikiswa kuno-
itwa shoko raMwari, nokuti aya
ndiwo mazwi avakataura kuna
Nifai: Tarisai, maRamani ndaka-

vatuka, uye ndichaisa rupawo
pavari kuti ivo nembeu yavo
vasiyaniswe newe nembeu yako,
kubvira zvino nariini, kunze
kwekunge vatendeuka kubva
muupi hwavo uye “vopindu-
kira kwandiri kuti ndigovaitira
tsitsi.

15 Uye zvakare: Ndichaisa
rupawo pane uyo anosanganisa
mbeu yake neye vakoma vako,
kuti naivowo vagove vaka-
tukwa.

16 Uye zvakare: Ndichaisa
rupawo pane uyo anorwisana
newe nembeu yako.

17 Uye zvakare, ndinoti uyo
anobva kwauri haazodaidzwa
kunzi mbeu yako; uye ndicha-
kuropafadza, uye ani zvake
achanzi ndewembeu yako, zvi-
no uye narinhi; uye izvi ndizvo
zvimbiso zvaIshe kuna Nifai
nekumbeu yake.

18 Zvino maAmurisasi havana
kuziva kuti vaive varikuzadzi-
kisa mazwi aMwari pavakata-
nga kuzviisa rupawo pamhanza;
zvisinei vakanga “vapandukira
Mwari zviripachena; naizvo-
zvo zvakanga zvakafanira kuti
kutukwa kuwire pavari.

19 Zvino ndinoda kuti muzive
kuti vakazviparira “kutukwa ivo
pachavo; uye kana naizvozvo
wose munhu anotukwa ano-
zviparira ega kuraswa kwake.

20 Zvino zvakaitika kuti kusati
kwaperama mazuva mazhinji mu-
shure mehondo yakarwirwa

8a NKM Kuroora—
Kuroora
kwevezvitendero
Zvakasiyana.
b Mosaya 10:11-18;

Aruma 9:16.
11a Aruma 17:9-11.
12a Mosaya 1:6;
Eta 4:6-11.
13a Aruma 3:4.

14a 2 Ni. 30:4-6.
18a 4 Ni. 1:38.
NKM Hupanduki.
19a 2 Ni. 5:21-25;
Aruma 17:15.

munyika yeZarahemura, nema-Ramani nemaAmurisai, kuti kwakave neimwe hondo yema-Ramani yakauya kuvanhu va-Nifai, munzvimbo “imwecheteyo pakasangana mauto ekutanga nemaAmurisai.

21 Uye zvakaitika kuti kwakatumirwa hondo kunovatandana kuti vabve munyika mavo.

22 Zvino Aruma pachake akange achitambudzwa “neronda haana kuenda kunorwa panguva iyi nemaRamani;

23 Asi akatumira mauto akawanda kunovarwisa; uye vakaenda vakauraya maRamani mazhinji, uye vakabvisa vakanga vasara vachivatinha kubva munyika mavo.

24 Uye vakadzoka zvakare uye vakatanga kuisa runyararo munyika, vasisatambudzwe kwechinguva nevavengi vavo.

25 Zvino zvose zvinhu izvi zvakaitwa, hongu, dzose hondo idzi nekupesana zvakatanga zvikapera mugore rechishanu rekutonga kwevatongi.

26 Uye mugore rimwechete makaita zviuru nemakumi ezviuru zvemweya yakaenda kunyika yokusingaperi, kuti vanokohwa “mibairo yavo maererano nemabasa avo, kuti ange akanaka here kana kuti akaipa, kuti vakohwe kufara kwokusingaperi kana kusuwa kwokusingaperi, maererano nemweya wavakasarudza kuteerera, kuti

mweya wakanaka here kana wakaipa.

27 Nokuti wose munhu anotambira “mubairo kubva kune uyo waakasarudza ^bkuteerera, uye izvi zviri maererano nema-zwi emweya wechiporofita; saka ngazvive zviri maererano nechokwadi. Uye ndiko kupera kwakaita gore rechishanu rekutonga kwevatongi.

CHITSAUKO 4

Aruma anobhabhatidza zviuru zvevatendeuki — Kutadza kunopinda muChechi, uye kuenderera mberi kweSangano kunokanganiswa — Nifaiha anoitwa mutongi mukuru — Aruma, semupirisa wepamusoro, anopa nguva yake yose kuhushumiri. Zvingangove makore 86 kusvika ku83 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakaitika mugore rechitanhatu rekutonga kwevatongi vachitonga vanhu va-Nifai, makange musina kupesana kana hondo “munyika yeZarahemura.

2 Asi vanhu vakanga vachirwadziwa, hongu, vairwadziwa zvikuru nenzira “yekurasikirwa nehama dzavo, nekurasikirwawo nematanga avo, nekurasikirwawo neminda yavo yezvirimwa, yakanga yatsikirirwa nekutsokoderwa netsoka nokuparadzwa nemaRamani.

3 Uye kurwadziwa kwavo kwakange kuri kukuru zvekuti

20a Aruma 2:24.

22a Aruma 2:29–33.

26a NKM Mabasa.

27a Mosaya 2:31–33;

Aruma 5:41–42.

^b VaR. 6:16;

Hir. 14:29–31.

NKM Anoteerera.

4 1a Omu. 1:12–19.

2a Aruma 2:19; 3:1–2, 26.

wose mweya waive nechikonzero chekuchema; uye vaite nda kuti kwaive kutongerwa kwavo naMwari nenzira yeuipi hwavo neruvengo rwavo; nai-zvozvo vakamutswa vakarangarira basa ravo.

4 Uye vakatanga kusimbisa chechi zvakananyokwana; hongu, uye vazhinji “vakabhabhatidzwa mumvura yeSidhoni uye vakabatanidzwa muchechi yaMwari; hongu, vakabhabhatidzwa neruoko rwaAruma, akanga agadzwa hupirisita ^bhwepamusoro pevanhu vechechi, neruoko rwababa vake Aruma.

5 Uye zvakaite kuti mugore rechinomwe rekutonga kwevatongi kwaive nevanhu vaisvika zviuru zvitatu zvine mazana mashanu emweya yakange yazvibanidza “kuchechi yaMwari uye ikabhabhatidzwa. Uye ndiko kupera kwakaita gore rechinomwe rekutonga kwevatongi kuvanhu vaNifai; uye mukagara muine runyaro munguva yose iyoyo.

6 Uye zvakaite mugore rechisere rekutonga kwevatongi, kuti vanhu vechechi vakatanga kudada, nechikonzero “cheupfumi hwavo hwakanyanya, nenhumbi dzavo dzesirika ^bdzakanaka, nemachira avo akarukwa zvakakanaka, uye nenzira yematanga akanga awanda, negoridhe ravo nesirivha, nezvakasiyana-siyana zvinokosha, zvakavanga vawana nekusha-

nda kwavo; uye vachitarisa zvinhu zvose izvi vakasimudzwa nerudado, nokuti vakatangisa kupfeka nhumbi dzinodhura.

7 Zvino izvi zvaikonzera kurwadza kwakanyanya kuna Aruma, hongu, uye kuvanhu vazhinji vakanga “vaitwa vadzidzisi naAruma, nevapirisita, nemagosa muchechi; hongu, vazhinji vavo vakasuwa zvikuru nenzira yeuipi hwavaiona kuti hwakanga hwatanga mukati mevanhu vavo.

8 Nokuti vakaona vakatarisa nokusuwa kukuru kuti vanhu vechechi vakanga vatanga kusimudzwa “murudado rwemaziso avo, nokuisa mwoyo yavo kuupfumi nekuzvinhu zvisina maturo zvenyika, zvekuti vakatanga kushoropodzana, uye vakatanga kunetsa avo vakanga ^bvasingatende maererano nezvavaida ivo zvaivafadza.

9 Uye naizvozvo, mugore iri rechisere rekutonga kwevatongi, kwakatanga kuve “nekupešana kukuru mukati mevanhu vechechi; hongu, makave ^bnekuchiva, nokurwisana, nepfini, nekutambudzana, nerudado, kana rwaitokunda rweavo vakanga vasiri vechechi yaMwari.

10 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechisere rekutonga kwevatongi; uye uipi hwechechi hwakave chipingamupinyi chikuru kune avo vakanga vasiri vechechi; uye ndiko kutanga

4a Mosaya 18:10-17.

b Mosaya 29:42.

5a Mosaya 25:18-23;

3 Ni. 26:21.

6a NKM Upfumi.

b Aruma 1:29.

7a NKM Mvumo.

8a NKM Kudada;

Chisina Maturo.

b Aruma 1:21.

9a NKM Gakava.

b NKM Chiva.

kwekutadza kufambira mberi kwechechi.

11 Uye zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechipfumbamwe, Aruma akaona uipi hwakange hwave muchechi, uye akaonawo kuti “zvaitwa nechechi zvakatanga kutungamira avo vakanga vasingatende mukubva pane ichi chitadzo vachienda mune chimwe, zvichiunza kuparadzwa kvevanhu.

12 Hongu, akaona kusaenzana kukuru kwezvinhu mukati mevanhu, vamwe vachizvisimudzira nekudada kwavo, vachishoropodza vamwe, “vachifukatira vanoshaya nevasina kusimira uye vakange vaine ^bnzara, neavo vakanga vaine nyota, neavo vakange vachirwara vachirwadziwa.

13 Zvino ichi chakave chikonzero chikuru kwazvo chekuchema mukati mevanhu, vamwe vachizvirereka, vachiyamura avo vaida ruyamuro rwavo, zvakaita “sekupa zvinhu zvavo kuvorombo neavo vanoshaya, kupa zvekudya kune vane nzara, nokutambudzika ^bnokurwadziwa kwakasiyana-siyana, ‘mukuitira Kristu, uyo akafanira kuuya maererano nemweya wechiprofita;

14 Vachitarisira kuzuva iroro, naizvozvo vachibva “vawana kuregererwa kwezvitadzo zvavo; vachizadzwa ^bnokufara

kukuru pamusana pekumuka kwevakafa, maererano nokuda nesimba nokubviswa naJesu Kristu mumajoto erufu.

15 Zvino zvakaitika kuti Aruma, aona kurwadziwa kwevateveri vaMwari vakazvirereka, nokutambudzwa kwavakanga varedzwa nako nevakasara vevanhu vake, nekuona “kusaenzana kwavo, akatanga kunzwa kusuwa chaizvo; zvisinei Mweya waIshe hauna kumusiya.

16 Uye akasarudza mumwe murume aive neungwaru aive mumwe wemagosa echechi, uye akamupa simba “sekutaurwa kwazvakaitwa nevanhu, kuti ave nesimba rekuita mitemo maererano ^bnemitemo yakanga yapiwa, nokuishandisa zvirima maererano neupi nemhosva dzevanhu.

17 Zvino zita remurume uyu rainzi Nifaiha, uye akaitwa mutongi “mukuru; uye akagara pachigaro chekutonga achitonga vanhu.

18 Zvino Aruma haana kumupa nzvimbo yehupirisita hwepamusoro hwechechi, asi iye akazvichengetera chinzvimbo chemufundisi wepamusoro; asi akaisa chigaro chekutonga kuna Nifaiha.

19 Uye izvi akazviita kuti iye “pachake agone kuenda muvanhu, kana muvanhu vaNifai, kuti agoparidza ^bshoko raMwari

11a II Sam. 12:14;

Aruma 39:11.

12a Isa. 3:14; Jak. 2:17.

^b Mosaya 4:26.

13a NKM Kupa zvipo.

^b NKM Matambudziko.

^c II VaKori. 12:10.

14a Mosaya 4:12;

Aruma 5:26-35.

NKM Natsa.

^b NKM Rufaro.

15a D&Z 38:27; 49:20.

16a Aruma 2:3-7.

^b Aruma 1:1, 14, 18.

17a Aruma 50:37.

19a Aruma 7:1.

^b Aruma 31:5;

D&Z 11:21-22.

kwavari, “kuvamutsa kuti ^avarangarire basa ravo, nekuti akweverere pasi, neshoko raMwari, kwose kudada nekunyengedza nekwose kupesana kwaive muvanhu vake, achiona kuti haana imwe nzira yekuvadzora nayo kunze kwekuvakona ^amuuchapupu huzere nezvavo.

20 Uye mukutanga kwegore rechipfumbamwe rekutonga kwevatongi vanhu vaNifai, Aruma akapa chigaro chekutonga kuna ^aNifaiha, uye ndokubva aramba ari muhupirisita ^bhwepamusoro chete hweboka raMwari dzvene, mukupupura shoko, maererano nemweya wezvakarurwa nechiporofita.

Mazwi ayo Aruma, Mupirisita Wepamusoro maererano negwaro dzvene raMwari, aakatumira kuvanhu vari mumaguta nemumisha munyika yose.

Zvichisanganisa chitsauko 5.

CHITSAUKO 5

Kuti tiwane ruponeso, vanhu vanofanira kutendeuka nokuchengetedza mirairo, vozvarwa patsva, vashambidze nguwo dzavo muropa raKristu, vazvininipise vazvibvise kuzvikudza noruchiva, nokuita mabasa outsvene—Mufudzi Akanaka anodaidza vanhu vake—Avo vanoita mabasa akaipa vana vadhiabhoh-

rosi—Aruma anopupura chokwadi chedzidziso yake nokuraira vanhu kuti vatendeuke—Mazita aVatsvene achanyorwa mubhuku roupenyu. Zvingangove makore 83 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakaitika kuti Aruma akatangisa ^akuendesha shoko ^braMwari kuvanhu, kutanga munyika yeZarahemura, uye kubva imomo kuenda kunyika yose zvayo.

2 Uye aya ndiwo mazwi aakataura kuvanhu muchechi rakavambwa muZarahemura, maererano nezvinyorwa zvake, achiti:

3 Ini Aruma, ^asezvandakagadzwa nababa vangu Aruma, kuti ndive mupirisita ^bwepamusoro pachechi yaMwari, iye ane simba ^cnemvumo kubva kunaMwari kuti aite zvinhu izvi, tarisai, ndinoti kwamuri akatangisa kumisa chechi ^dmunyika yakanga iri kumuganhu neNifai; hongu, iyo nyika yainzi nyika yaMormoni; hongu, akabhabhatidza hama dzake mumvura dzaMormoni.

4 Uye tarisai zvino ndinoti kwamuri, ^avakabviswa kubva mumaoko avanhu vamambo Noa, netsitsi nesimba raMwari.

5 Uye tarisai, shure kweizvi, vakaiswa ^amuusungwa namaRamani murenje; hongu, ndinoti kwamuri vakanga vari muusungwa, uye Ishe vakavabvisa

19c Eno. 1:23.
d Mosaya 1:17;
Hir. 12:3.
e NKM Uchapupu.
20a Aruma 8:12.
b Mosaya 29:42;

Aruma 5:3, 44, 49.
5 1a Aruma 4:19.
b Aruma 5:61.
3a NKM Gadza.
b Aruma 4:4, 18, 20.
c Mosaya 18:13;

3 Ni. 11:25.
d Mosaya 18:4;
3 Ni. 5:12.
4a Mosaya 23:1–3.
5a Mosaya 23:37–39;
24:8–15.

^bmuusungwa uhwu nesimba reshoko ravo; uye tikaunzwa munyika ino, muno tikatangi-sawo kuvaka chechi yaMwari munyika ino zvakare.

6 Uye zvino tarisai, ndinoti kwamuri hama dzangu, imi mose muri vechechi yino, munonyatsoyeuka here usungwa hwamadzibaba enyu? Hongu, uye munonyatsoyeuka here tsitsi nemwoyo murefu wake kwavari? Uye zvakare, munonyatsoyeuka zvizere here kuti akabvisa mweya yavo mugehena?

7 Tarisai, akashandura mwoyo yavo; hongu, akavamutsa pakurara kwakadzika, vakamuka kunaMwari. Tarisai, vakanga vari pakati perima; zvisinei, mweya yavo yakanga yakajekeswa nechiedza cheshoko risingaperi; hongu, vakanga vakakomberedzwa “nemajoto orufu, ^bnengetani dzegehena, nokuparadzwa kusingaperi kwakanga kwakavamirira.

8 Uye zvino ndinokubvunzai, hama dzangu, vakazoparadzwa here? Tarisai, ndinoti kwamuri, Kwete, havana.

9 Uye ndinokubvunzai zvakare, mbambo dzorufu dzakadamburwa here, nengetani dzegehena dzakanga dzakavatenderedza, dzakasunungurwa here? Ndinoti kwamuri, Hongu, dzakasunungurwa, uye mweya

yavo ikafuta, vakaimba rudo rwokununurwa. Ndinoti kwamuri vakaponeswa.

10 Uye zvino ndinobvunza kwamuri kuti “vakasunungurwa sei? Hongu, vanga vane chikonzero chei kuti vatarisire ruponeso? Chikonzero chei chakaita kuti vasunungurwe kubva mumajoto erufu, nengetani dzegehena?

11 Tarisai, ndinokudzai— baba vangu Aruma havana kutenda mazwi ayo akataurwa kubva mumuromo “waAbhinadhai here? Ko akanga asiri muporofita mutsvene here? Ko akanga asingatauri mazwi aMwari here, baba vangu Aruma vakaatenda?

12 Uye maererano nokutenda kwavo kwakave “nokushanduka kukuru mumwoyo wavo. Tarisai ndinoti kwamuri izvi zvose ndezvechokwadi.

13 Uye tarisai, “akaparidza shoko kuna madzibaba enyu, uye rushanduko rwokuru rwa-kaoneka mumwoyo yavo, vakazvinipisa nokuisa ^bruvimbo rwavo munaMwari wechokwadi ‘anorarama. Uye tarisai, vakave nokutenda kusvika “kumagumo; saka naizvozvo vakasunungurwa.

14 Uye zvino tarisai, ndinokubvunzai, hama dzangu dzomucheche, ko “makaberekwa

5b Mosaya 24:17.

7a Mosaya 15:8.

b Aruma 12:11;

D&Z 138:23.

10a NKM Ruponeso;

Hurungwa

hweRununuro.

11a Mosaya 17:1-4.

12a NKM Kupinduka.

13a Mosaya 18:7.

b NKM Vimba.

c Morm. 9:28;

D&Z 20:19.

d NKM Tsungirira.

14a Mosaya 27:24-27;

Aruma 22:15.

NKM Kuberekwa

naMwari,

Kuberekwa Patsva.

pamweya munaMwari here? Mufananidzo wavo wave kuonekwa mamuri here? Makanzwa ^bkupinduka kukuru uku here mumwoyo yenyu?

15 Ko munoshandisa rutendo here murununuro rwake iye “akakusikai? Munotaraisira mberi here neziso rorutendo, muchiona muviri unofa uchimutswa mukusafa, nokuipa uku ^bkuchimutswa mukusaipa, muchimira pamberi paMwari kuti ‘mutongwe maererano nama-basa akaitwa mumuviri unofa?

16 Ndinoti kwamuri, mungazvifunge here pachenyu kuti muri kunzwa izwi ralshe, richiti kwamuri muzuva iroro: Uyai kwandiri imi “makaropafadzwa, nokuti tarisai, mabasa enyu anga ari mabasa eutsvene pamusoro penyika?

17 Kana kuti mungafunge pachenyu kuti munganyepe kunalshe pazuva iroro, “muchiti—Ishe, mabasa edu anga ari mabasa matsvene pamusoro penyika—uye kuti iye agokuponesai?

18 Kana kuti nedzimwe nguva, mungafunge here maunzwa pamberi pedare raMwari mweya yenyu yakazadzwa nemhosva nokusuwa, muchiyeyuka mhosva dzenyu dzose, hongu, “kurangarira chaiko kuipa kwenyu, hongu, rangariro yekuti

makakanganisa mitemo yaMwari?

19 Ndinoti kwamuri, mungatarise kunaMwari here pazuva iroro nomwoyo mutsvene namaoko akachena? Ndinoti kwamuri mungatarisa here, muine “mufananidzo waMwari wakanyorwa pazviso zvenyu?

20 Ndinoti kwamuri, mungafunge here kuti mungaponeswa kana imi makazvipira kuve “vanhu vadhiabhorosi?

21 Ndinoti kwamuri, munozoziva nezuva iroro kuti “hamuzoponeswa; nokuti hapana munhu angaponeswe kunze kwokunge ^bnguo dzake dzagezwa dzikachena; nguwo dzake dzinofanirwa ‘kudzumburudzwa kusvikira dzacheneswa kubva kavara ketsvina kose, kuburikidza neropa reuyo akataurwa namadzi-baba edu, anofanira kuuya kuti adzikinure vanhu vake muzvivi zvavo.

22 Uye zvino ndinokukumbirai, hama dzangu, kuti mumwe wenyu anganzwe sei, kana muchinge mamira pamberi pechigarero chekutonga chaMwari, mune nguwo dzina mavara “eropa nedzimwe dzose ^btsvina? Tarisai, zvinhu izvi zvichapupura chii pamusoro penyu?

23 Tarisai “hazvizopupura here kuti muri mhondi, hongu,

14b VaR. 8:11-17;
Mosaya 5:2; Mos. 6:65.
NKM Kupinduka.

15a NKM Sika.
b NKM Kumuka
Kuvakafa.
c NKM Kutonga,
Kwekupedzisira.

16a Mat. 25:31-46.
17a 3 Ni. 14:21-23.
18a Ezk. 20:43;
2 Ni. 9:14;
Mosaya 3:25;
Aruma 11:43.
19a I Joh. 3:1-3.
20a Mosaya 2:32.

21a NKM Ruponeso.
b 1 Ni. 12:10;
Aruma 13:11-13;
3 Ni. 27:19-20.
c NKM Chakachena.
22a Isa. 59:3.
b NKM Hutsvina.
23a Isa. 59:12.

uye kuti mune mhosva yekuipa kwose?

24 Tarisai hama dzangu, munofunga here kuti munhu akadararo angawana nzvimbo yokugara muumambo hwaMwari, ^anaAbrahama, naIsaka, uye naJakobo, uye zvakare navose vaporofita vatsvene, vane nguodzakacheneswa dzisina kava-ra, dzakachena noutsvene?

25 Ndinoti kwamuri, Kwete; kunze kwokunge mati Musiki wedu munyepi kubvira pakutanga, kana kufungira kuti munyepi kubva pakutanga, hamungafunge kuti akadararo angawana nzvimbo muumambo hwokudenga; asi vacharaswa kunze nokuti ^avana veumambo hwadhiabhorosi.

26 Uye zvino tarisai ndinoti kwamuri, hama dzangu, kana muchinge manzwa ^akushanduka kwemwoyo, uye kana muchinzwa kuda kuimba ^brumbo rwerudo rwunonunura, ndinobvunza, murikunzwa kudaro iye zvino ^chere?

27 Makafamba here, musina ^amhaka pamberi paMwari? Mungati here, dai makadaidzwa kuti mufe nguva ino, mukati menyu, tanga ^btakazvinipisa zvakakwana? Kuti nguodzanyu dzashambidzwa dzikaitwa chena neropa raKristu, uyo achauya ^ckuzonunura vanhu kubva pazvivi zvavo here?

28 Tarisai makabviswa ^akuzvikudza here? Ndinoti kwamuri, kana musina hamuna kuzviga-dzirira kuti musangane naMwari. Tarisai munofanira kugadzirira nokukurumidza; nokuti umambo hwokudenga zvino hwava pedyo, nokuti asina kudaro haawane upenyu hwokusingaperi.

29 Tarisai, ndinoti pane mumwe wenyu here asina kubvisa ^aruchiva? Ndinoti kwamuri munhu iyeye haana kugadzirira; ndinoti agadzirire nokukurumidza, nokuti nguva yave pedyo, zve iye haazive kuti nguva ichasvika rinhi; nokuti wakadararo iyeyo haazoonekwa asina mhosva.

30 Uye zvakare ndinoti kwamuri, pane mumwe pakati penyu here ^aanotuka hama yake, kana kuti anounganidza kunyomba kwose paari?

31 Nhamo kune akadararo, nokuti haana kugadzirira, uye nguva yava pedyo kuti atende-uke kana kuti haazoponeswa!

32 Hongu, kunyange nhamo kune avo vose ^avashandi vemabasa etsvina; tendeukai, tendeukai nokuti Ishe Mwari vazvitauro!

33 Tarisai, anokoka munhu ^awose, nokuti ^bmaoko ane tsitsi anotambanudzirwa kwavari, achiti: Tendeukai, uye ndinokugamuchirai.

24a Ruka 13:28.

25a 2 Ni. 9:9.

26a NKM Kupinduka.

b Aruma 26:13.

c Mosaya 4:12;

D&Z 20:31–34.

27a NKM Natsa.

b NKM Akazvinipisa.

c NKM Akanunura.

28a NKM Kudada.

29a NKM Chiva.

30a NKM Kutaura

Zvakaipa.

32a Mpi. 5:5.

33a Aruma 19:36;

3 Ni. 18:25.

b Jak. 6:5;

3 Ni. 9:14.

34 Hongu, akati: “Uyai kwandiri muchadya ^bmuchero womuti woupenyu; hongu, muchadya nokunwa ^cchingwa nemvura youpenyu ^amakasununguka;

35 Hongu, uyai kwandiri uye muunze mabasa eutsvene, hamuzotemwa muchikandwa mumoto—

36 Nokuti tarisai, nguva yava pedyo yokuti uyo ^aanounza michero isina kunaka, kana uyo asingaite mabasa akarurama, iyeye ane chikonzero chokurwadziwa nokuchema.

37 Imi mose munoita mabasa akaipa; imi mose makadzwa zvinhu ^azvisina basa zvenyika ino, imi maiti munoziva nzira dzeutsvene asi imi maenda ^brutivi ^csamakwai asina mufudzi, zvisinei nekuti mufudzi ^aakakudanai uye nazvino ari kukudanai, asi ^chamungateereri kuzwi rake!

38 Tarisai, ndinoti kwamuri, ^amufudzi akanaka anokudanai; hongu, uye muzita rake iye anokudanai, rinova zita raKristu; uye kana ^bmusingateereri kuzwi romufudzi ^cakanaka, ^dkuzita ramunenge muchidaidzwa naro,

tarisai, munenge musiri hwai dzomufudzi akanaka.

39 Uye zvino kana musiri hwai dzomufudzi akanaka, ko zvino muri ^avedanga ripi? Tarisai, ndinoti kwamuri, ^bdhiabhorosi ndiye mufudzi wenyu, muri vedanga rake; zvino ndiani angaramba izvi? Tarisai, ndinoti kwamuri, uyo anoramba izvi ^cmurevi wenhema zvakare ^dmwana wadhiabhorosi.

40 Nokuti ndinoti kwamuri zvose ^azvakanaka zvinobva kuna Mwari, zvose zvakaipa zvinobva kuna dhiabhorosi.

41 Naizvozvo, kana munhu akaunza mabasa ^aakanaka anoteerera mazwi omufudzi wakanaka, uye anomutevera; asi uyo anounza mabasa akaipa, iyeye achava ^bmwana wadhiabhorosi, nokuti anoteerera izwi rake, nokumutevera.

42 Uye uyo wose anoita izvi anofanirwa kugamuchira ^amubairo wake; naizvozvo, ^bsemubairo wake anogamuchira ^crufu, kuzvinhu zviri maerera no noutsvene, akafa kumabasa ose akanaka.

43 Uye zvino hama dzangu, ndinoda kuti mundinzwe, nokuti

34a 2 Ni. 26:24-28;
3 Ni. 9:13-14.
b 1 Ni. 8:11; 15:36.

c NKM Chingwa
cheUpenyu.
d 2 Ni. 9:50-51;
Aruma 42:27.

36a Mat. 3:10; 7:15-20;
3 Ni. 14:19;
D&Z 97:7.

37a NKM Chisina Maturo.
b 2 Ni. 12:5; 28:14;
Mosaya 14:6.
c Mat. 9:36.

d Zir. 1:24-27;
Isa. 65:12.

e Jer. 26:4-5;
Aruma 10:6.

38a NKM Mufudzi
Akanaka.

b Zvaka. 26:14-20;
D&Z 101:7.
c 3 Ni. 15:24; 18:31.

d Mosaya 5:8;
Aruma 34:38.

39a Mat. 6:24;
Ruka 16:13.
b Mosaya 5:10.

NKM Dhiabhorosi.

c I Joh. 2:22.

d 2 Ni. 9:9.

40a Omu. 1:25; Eta 4:12;
Moro. 7:12, 15-17.

41a 3 Ni. 14:16-20.
NKM Mabasa.

b Mosaya 16:3-5;
Aruma 11:23.

42a Aruma 3:26-27;
D&Z 29:45.

b VaR. 6:23.

c Hir. 14:16-18.

NKM Rufu, rweMweya.

ndinotaura nesimba romweya wangu; nokuti tarisai, ndataura kwamuri zviri pachena kuti musakanganise, kana kuti ndataura maererano nemirairo yaMwari.

44 Nokuti ndanzi nditaure nenzira yakadai, maererano nehurongwa “hutsvene hwaMwari, uhwo huri munaKristu Jesu; hongu, ndinorairwa kuti ndimire nokupupura kuvanhu ava zvinhu zvakataurwa nama-dzibaba edu maererano nezvinhu zvichauya.

45 Uye izvi hazvisi izvo zvose. Hamufunge here kuti ini “ndinoziva zvinhu izvi? Tarisai, ndinopupura kwamuri kuti ndinoziva kuti zvinhu izvi zva-ndataura ndezve chokwadi. Ko munofunga kuti ndinoziva sei kuti ndezve chokwadi?

46 Tarisai, ndinoti kwamuri, “zvaka-ziviswa kwandiri noMweya Mutsvene waMwari. Tarisai, ^bndakatsanya nokunamata kwamazuva akawanda kuti ndizvize zvinhu izvi. Uye zvino ndava kuziva pachangu kuti ndezve chokwadi; nokuti Ishe Mwari vazviratidza kwandiri noMweya Mutsvene; uyu ndiwo mweya ‘wezviratidzo uri mandiri.

47 Uyezve, ndinoti kwamuri izvi zvakaraidzwa kwandiri, kuti mazwi akataurwa nama-dzibaba edu ndechokwadi, uye maererano nomweya wokupo-

rofitu uri mandiri, uyo unova unoratidza Mweya waMwari.

48 Ndinoti kwamuri, ndinoziva pachangu kuti zvose zvandi-chataura kwamuri, pamusana peizvo zvichauya, ndezve chokwadi; zve ndinoti kwamuri, ndinoziva kuti Jesu Kristu achauya, hongu, Mwanakomana, Uyo Mumwechete Akaberekwa waBaba, azere nenyasha, netsitsi, nechokwadi; Uye tarisai, ndiye achauya kuzobvisa zvitadzo zvenyika, hongu, zvivi zvomunhu wose achatenda nomwoyo wose muzita rake.

49 Uye zvino ndinoti kwamuri iyi ndiyo “nzira yandakaidzwa nayo, hongu, kuti ndiparidze kuhama dzangu dzandinodisa, hongu, nekuna vose vagere munyika; hongu, kuti ndiparidze kune vose, vakuru navaduku, vakasungwa navakasununguka; hongu, ndinoti kwamuri imi makwegura, navachiri pakati napakati, nezera riri kukura; hongu, kuti ndivachemere kuti vatendeuke ^bvazvarwe patsva.

50 Hongu, uku ndiko kutura kwoMweya: Tendeukai, imi mativi ose enyika, nokuti umambo hwokudenga hwava pedyo; hongu, Mwanakomana waMwari anouya “mukubwinya kwake, musimba rake, umambo, simba, nokutonga kwose. Hongu, hama dzangu dzinodiwa, ndinoti kwamuri, Mweya unoti:

44a Aruma 13:6.

45a NKM Uchapupu.

46a I VaKori. 2:9-16.

^b NKM Kutsanya.

^c NKM Zvakazarurwa.

49a NKM Akadaidzwa naMwari; Hupirisita.

^b NKM Kuberekwa naMwari, Kuberekwa Patsva.

50a NKM Kubwinya; Kuuya Kwechipiri kwaJesu Kristu.

Tarisai kubwinya ^bkwamambo wepasi rose; uye naMambo wokudenga achapenya munguva iri kuuya pakati pavana vose vavanhu.

51 Uye mweya wati kwandiri, hongu, wachema kwandiri nezwi rine simba uchiti: Enda unoti kuvanhu ava—Tendeukai, nokuti kunze kwekunge matendeuka hamungazombogashiri umambo ^ahwokudenga.

52 Uye zvakare ndinoti kwamuri, Mweya unoti: Tarisai, ^ademo rinoradzikwa pamudzi womuti; naizvozvo muti wose usingaunze muchero wakanaka ^buchatemwa ugokandwa mumoto, hongu, moto usingadzimuki, kana moto usingadzimuriki nariini. Tarisai, muyeuke, Mutsvene azvitauro izvi.

53 Uye zvino hama vadikani, ndinoti kwamuri, munganzwisisa here zvinhu izvi; hongu, mungaisa parutivi here zvinhu izvi zvose, ^anokutsikirira uyo Mutsvene pasi petsoka dzenyu; hongu, mungave munozadzwa here mumwoyo menyu ^bnokuzvikudza; hongu, mungarambe muchida here kuti muzvishongedze nezvinhu ^czvinodhura muchiisa mwoyo yenyu muzvinhu zvenyika, zvisina maturo, ^dmuupfumi hwenyu?

54 Hongu, mungarambe muchizviita here vanhu vari nani kuna vamwe venyu; hongu, mungarambe here muchishora hama dzenyu, idzo dzinozviniipisa nokufamba munzira yakarurama yaMwari, yava-kaunzwa nayo kucheche ino, savanhu vakaitwa kuti vave ^avatsvene noMweya Mutsvene, uye vanounza mabasa anoratidza kutendeuka —

55 Hongu, mungaramba muchifuratira ^avarombo, navanoshaya, muchivanyima zvamuinazvo here?

56 Uye mukupedzisa, imi mose mucharamba muchiita zvakai-pa, ndinoti kwamuri ava ndivo vachatemwa nokukandwa mumoto kunze kwokunge vatendeuka nokukurumidza.

57 Uye zvino ndinoti kwamuri, avo vose vanoda kutevera izwi ^aromufudzi akanaka, ibvai mune vakaipa, ^bmupararane navo, nokusabata zvinhu zvavo zvine tsvina; uye tarisai, mazita avo ^cachadzimwa, nokuti mazita avanhu vakaipa haazoverengwa pamwe navatsvene; kuti shoko raMwari rizadzikiswe, iro rinoti: Mazita avanhu vakaipa hazosanganiswa namazita avanhu vangu;

58 Nokuti mazita avatsvene

50b Mpi. 24; Mat. 2:2; Ruka 23:2; 2 Ni. 10:14; D&Z 38:21–22; 128:22–23; Mos. 7:53. NKM Jesu Kristu; Umambo hwaMwari kana Umambo hweKudenga.

51a NKM Denga.
52a Ruka 3:9; D&Z 97:7.
b Jak. 5:46; 6:7;
3 Ni. 27:11–12.
53a 1 Ni. 19:7.
b NKM Kudada.
c 2 Ni. 28:11–14; Morm. 8:36–39.
d Mpi. 62:10; D&Z 56:16–18.

54a NKM Kutsveneswa.
55a Mpi. 109:15–16; Jak. 2:17; Hir. 6:39–40.
57a NKM Mufudzi Akanaka.
b Ezra 6:21; 9:1; Neh. 9:2; II VaT. 3:6; D&Z 133:5, 14.
c Deut. 29:20; Moro. 6:7; D&Z 20:8.

achanyorwa “mubhuku roupenyu, zve kwavari ndichapa nhaka yokuti vagare kurudyi rwangu. Uye zvino hama dzangu, ndezvipi zvamuinazvo zvamungataure muchipikisa izvi? Ndinoti kwamuri, mukataura muchipikisa izvi, hapana zavzinoita, nokuti shoko raMwari rinofanira kuzadzikiswa.

59 Nokuti mufudzi akaita sei pakati penyu anoti aine makwai akawanda haatarise, kuti mapere asapinda nokuparadza danga rake? Uye tarisai, kana bere rapinda mudanga rake haaritandire kunze here? Hongu, pakupedzisira, akakwanisa, anoriparadza.

60 Uye zvino ndinoti kwamuri mufudzi akanaka ari kukudaidzai; uye mukateerera izwi rake anokuisai mudanga rake, muri makwai ake; anokurairai kuti musabvumire zvikara kupinda pakati penyu, kuti musaparadzwe.

61 Uye zvino ini Aruma, ndinokurairai mururimi “rwouya akandiraira, kuti muve munochengetedza mazwi andakakutaurirai.

62 Ndinotaura nezwi rokuraira kwamuri muri muchechi; kune avo vasiri vechechi ndinotaura nezwi rokukoka, ndichiti: Uyai mubhabhatidzwe nokutendeuka, kuti nemiwo muve vadyi vomuchero “womuti woupenyu.

CHITSAUKO 6

Chechi yemuZarahemura rinocheneswa uye ndokubva ragadziridzwa—Aruma anoenda kuGideoni kunoparidza. Zvingangove makore 83 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mushure mekunge Aruma apedza kutaura kuvanhu vechechi, rakange ramiswa muguta reZarahemura, akagadza “vapirisita ^bnemagosa, kugadza ^cmaoko pamusoro maererano nekutaura kwaMwari, kutungamira ^dnokutarisa chechi.

2 Uye zvakaitika kuti wose akanga asiri wechechi akatendeuka kubva muzvitema zvake “akabhabhatidzwa muku-tendeuka, uye vakagashirwa muchechi.

3 Uye zvakaitikawo kuti wose akanga ari muchechi asi asina “kutendeuka muhuipi hwake nokuzvirereka pamberi paMwari—ndinoreva avo vakanga vakasimudzwa ^bnerudado mumwoyo mavo—ivavo vakarambwa, uye mazita avo ^cakadzimwa, zvekuti mazita avo haana kuverengerwa kune evakarurama.

4 Uye vakatanga kugadzira chechi nekuyimisa muguta reZarahemura.

5 Zvino ndinoda kuti muzive kuti shoko raMwari rakange riri

58a NKM Bhuku reUpenyu.

61a Aruma 5:44.

62a 1 Ni. 8:10; 11:21–23.

6 1a NKM Gadza.

b NKM Gosa.

c NKM Maoko,

Kugadzwa kwe.

d D&Z 52:39.

2a NKM Bhabhatidza.

3a Mosaya 26:6.

b NKM Kudada.

c Eks. 32:33;

Mosaya 26:36;

Aruma 1:24; 5:57–58.

NKM Kubviswa

Hunhengo.

remunhu wose, zvekuti hakuna vainyimwa pundutso yekuti vanunganidzane pamwechete kuti vanzwe shoko raMwari.

6 Zvisinei vana vaMwari vakanga vakataurirwa kuti vauunganidzane kazhinji, vobatana “mukutsanya nemumunamoto mukuru vachiitira magariro akanaka emweya yeavo vakanga vasingazive Mwari.

7 Uye zvino zvakaitika kuti Aruma paakanga amisa mitemo iyi akabva pavari, hongu, kubva muchechi yakange iri muguta reZarahemura, uye ndokuyambuka rwizi rweSidhoni nehekumabvazuva kwarwo, ndokupinda “munhika yaGideoni, umo makanga mavakwa guta, rakanga richidaidzwa kunzi guta raGideoni, raive munhika yainzi Gideoni, richidaidzwa zita remurume akanga ^bauraiwa neruoko rwaNeho nemunondo.

8 Uye Aruma akaenda uye akatanga kutaura shoko raMwari kuchechi rakanga raiswa munhika yaGideoni, maererano nekuiswa pachena kwechokwadi cheshoko rakanga rataurwa nemadzibaba ake, nemaererano nemweya wechiporofita wakanga uri maari, maererano “neuchapupu hwajesu Kristu, Mwanakomana waMwari, achauya kuzonunura vanhu vake muzvitema zvavo, nehurongwa utsvene hwakamudaidza. Uye ndiko kunyorwa kwazvakaitwa. Amen.

Mazwi aAruma aakataura kuvanhu muGideoni, maererano nezvinyorwa zvake.

Zvichisanganisa chitsauko 7.

CHITSAUKO 7

Kristu achazvarwa naMaria — Achasunungura majoto erufu uye agotakura zvitadzo zvevanhu vake — Avo vanotendeuka, vanobhabhatidzwa, uye vanochengetedza mirau vachawana upenyu hwokusingaperi — Utsvina haungawane nhaka yeumambo hwaMwari — Kuzvirereka, rutendo, tarisiro, nerudo rwakadzama zvinodiwa. Zvingangove makore 83 Kristu asati azvarwa.

TARISAI hama dzangu dzinodikanwa, ndichiona kuti ndabvumirwa kuuya kwamuri, naizvozvo ndinoedza “kutaura kwamuri nematauriro angu; hongu, nemuromo wangu, sezvo ndichiona iri nguva yekutanga yekuti nditaure kwamuri nemazwi emuromo wangu, sezvo ndiri munhu akange agere nzvimbo imwechete pachigaro ^bchekutonga, ndiine basa rakawanda zvekuti ndakange ndisingakwanise kuuya kwamuri.

2 Uye kana izvozvi ndingadai ndisina kuuya zvino panguva ino dai pasina kuti chigaro chekutonga “chakapihwa mumwe, kuti atonge munzvimbo yangu; uye Ishe netsitsi dzakawanda vabvumira kuti ndiuye kwamuri.

6a NKM Kutsanya.
7a Aruma 2:20.
b Aruma 1:9.

8a Zvaka. 19:10.
7 1a Aruma 4:19.
b Mosaya 29:42.

2a Aruma 4:16–18.

3 Uye tarisai, ndauya ndiine tariro huru nekuda kukuwanai muri vanhu vakazvirereka pamberi paMwari, nokuti maramba muchinamatira nyasha dzavo, kuti ndiwane musina chamunoshorwa pamberi pavo, kuti ndikuwanei musiri mudambudziko rinotyisa rakaita seraive nehama dzedu kuZarahemura.

4 Asi ngariropafadzwe zita raMwari, kuti vandipa kuti ndizive, hongu, vapa kwandiri ini kufara kukuru kwekuziva kuti vamiswa zvakare munzira yake yekururama.

5 Uye ndinovimba, maererano neMweya waMwari uri mandiri, kuti ndichawanawo rufaro nemi; zvakadaro handidi kuti rufaro rwangu nemi rwuuye nenzira yekunge ndarwadziwa zvakananyana nokusuwa zvandakaita nehama dzeZarahemura, nokuti tarisai, rufaro rwangu rwakauya mushure mekunge ndambonyura mukati mekurwadziwa nekusuwa kwakawanda.

6 Asi tarisai, ndinovimba kuti imi hamusi vanhu vasingatende sezvakange zvakaita hama dzenyu; ndinovimba kuti hamuna kusimudzwa nekudada mumwoyo yenyu; hongu, ndinovimba kuti hamuna kuisa mwoyo yenyu paupfumi nezvinhu zvisina maturo zvenyika; hongu, ndinovimba kuti hamunamate “mifananidzo, asi kuti

munonamata Mwari vechokwadi ^banorarama, nokuti munotarisira kuregererwa zvitema zvenyu, nerutendo rwusingaperi, urwo rwuchauya.

7 Nokuti tarisai, ndinoti kwamuri kune zvinhu zvizhinji zvichauya; uye tarisai, kune chinhu chimwechete chinokosha kupfuura zvole —nokuti tarisai, “nguva haisisiri kure yekuti Mununuri mupenyu uye auye mukati mevanhu vake.

8 Tarisai, handisi kuti achauya mukati medu panguva yaanenge achigara mutabernakeri yake yevhu; nokuti tarisai, Mweya hauna kundiudza ini kuti izvi ndizvo zvichaitika. Zvino nezvechinhu ichi handizive; asi izvi ndizvo zvandinoziva, kuti Ishe Mwari vane simba rekuita zvole zviru maererano neshoko ravo.

9 Asi tarisai, Mweya wataura izvi kwandiri, uchiti: Chema kuvanhu ava, uchiti—“Tendukai imi, uye mugadzire nzira yalshe, uye mufambe nemutwunzira twavo, utwo twakaswanuka; nokuti tarisai, umambo hwekudenga hwave pedyo, uye Mwanakomana waMwari ave ^bkuuya pamusoro penyika.

10 Uye tarisai, “achazvarwa ^bnaMaria, kuJerusarema inovendiyo “nyika yemadzitateguru edu, iye ari ^amhandara, mudziyo unokosha uye wakasarudzwa, achafukidzwa “agobata

6a 2 Ni. 9:37;
Hir. 6:31.

b Dan. 6:26.

7a Aruma 9:26.

9a Mat. 3:2–4;
Aruma 9:25.

b Mosaya 3:5; 7:27;
15:1–2.

10a Isa. 7:14; Ruka 1:27.

b Mosaya 3:8.

NKM Maria, Amai
vaJesu.

c I Mak. 9:3;

II Mak. 15:9;

1 Ni. 1:4; 3 Ni. 20:29.

d 1 Ni. 11:13–21.

e Mat. 1:20;

Mosaya 15:3.

pamuviri nesimba reMweya Mutsvene, uye agobereka mwanakomana, hongu, Mwanakomana waMwari.

11 Uye achaenda, agotambudzwa nemarwadzo “nekurwadzwa nezviedzo zveмарудзи nemarudzi; uye izvi zviri zvekuti shoko rizadzikiswe rinoti achatora pamusoro pake kurwadziwa nezvirwere zvevanhu vake.

12 Uye achatora pamusoro pake “rufu, kuti asunungure majoto erufu akasunga vanhu vake; uye achitora urema hwavo, kuti hura hwake huzadzwe netsitsi, maererano nezvenyama, kuti agoziva maererano nezvenyama kuti ^bangayamure sei vanhu vake maererano neurema hwavo.

13 Zvino Mweya “unoziva zvose zvinhu; zvisinei Mwanakomana waMwari anotambudzika maererano nezvenyama kuti ^bagotora pamusoro pake zvitadzo zvevanhu vake, kuti adzime kukanganisa kwavo maererano nesimba rake rekuvaponesa; uye zvino tarisai, uhwu ndihwo uchapupu huri mandiri.

14 Zvino ndinoti kwamuri makafanira kutendeuka, uye “muzvarwe patsva; nokuti Mweya unoti kana musina kuzvarwa patsva hamugone kugara nhaka yeumambo hwekudenga; naitzvovvo uyayi mubhabhatidzwe

mukutendeuka, kuti mugogezwa zvitadzo zvenyu, kuti muve nerutendo muGwayana raMwari, rinotora zvitadzo zvenyika, iro rinotyisa mukuponesa nokugeza kusarurama kwose.

15 Hongu, ndinoti kwamuri uyayi musatyeyi, uye musiye chitadzo chose, icho “chinokurwisai, chinokusungirirai mukuparadzwa, hongu, uyayi muende, uye munoratidza kuna Mwari venyu kuti munoda kutendeuka muzvitadzo zvenyu uye mugopinda muchibvumirano naye chokuchengetedza mirairo yake, uye muzvipupure kwaari nhasi nekupinda mumvura dzerubhabhatidzo.

16 Uye ani zvake anoita izvi, uye achichengetedza mirairo yaMwari kubvira iye zvino, iyeyo acharangarira kuti ndakati kwaari, hongu, acharangarira kuti ndinogoti kwaari, achave neupenyu hwokusingaperi, maererano neuchapupu hweMweya Mutsvene, unopupura uri mandiri.

17 Uye zvino hama dzangu dzinodiwa, munotenda zvinhu izvi here? Tarisai, ndinoti kwamuri, hongu, ndinoziva kuti munozvitenda; uye nzira yandinoziva nayo kuti munozvitenda kuisirwa pachena kwandinoitirwa neMweya uri mandiri. Uye zvino nenzira yekuti rutendo rwenyu rwakasimba maererano naizvovvo, hongu, maererano

11a Isa. 53:3-5;
Mosaya 14:3-5.

12a 2 Ni. 2:8;
Aruma 12:24-25.
NKM Kuroverwa.

b VaH. 2:18; 4:15;
D&Z 62:1.

13a NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari.
b Mosaya 15:12.

NKM Dzikinura.
14a NKM Kuberekwa
naMwari,
Kuberekwa Patsva.
15a 2 Ni. 4:18.

nezvinhu zvandataura, rufaro rwangu rwukuru.

18 Naizvozvo sekutaura kwandamboita kwamuri kubva pakutanga, kuti ndinodisa kuti munge musiri mudambudziko serehama dzenyu, kana zvakadaro ndaona kuti chido changu chazadzikiswa.

19 Nokuti ndiri kuona kuti muri mutwunzira tweekururama; ndiri kuona kuti muri mukanzira kanoenda kuumambo hwaMwari; hongu, ndiri kuona kuti muri kuita kuti ^anzira dzavo dzitwasanuke.

20 Ndiri kuona kuti zvakaziviswa kwamuri, neuchapupu hweshoko ravo, kuti havagone ^akufamba nenzira dzakakombama; kana kusiyanisa zvavataura havaite; kana kubva kurudyi vachienda kuruboshwe kwete, kana kubva kune chakanaka vachienda kune chakaipa havaitete; naizvozvo, nzira yavo yokusingaperi inogara yakadaro.

21 Uye havagari mumatemberi ^aasiri matsvene; hakuna zveutsvina kana chii zvacho chisina kuchena chingagashirwe muumambo hwaMwari; naizvozvo ndinoti kwamuri nguva icha svika, hongu, uye zvichave pazuva rekupedzisira, zvekuti uyo anenge aine ^btsvina achasara muutsvina hwake.

22 Uye zvino hama dzangu dzinodiwa, ndataura izvi zvinhu kwamuri kuti ndikumutsei

muzive basa renyu kuna Mwari, kuti mufambe musingashorwe pamberi pavo, kuti mufambe muri muchikwata chitsvene chaMwari, umo mamakatambirwa.

23 Uye zvino ndinoda kuti dai ^amazvirereka, uye muve vakapfava muri vanyoro; muri nyore kunyengetedzwa; muine mwoyo murefu nyore mukutirira nokutsungirira; muchizvibata muzvinhu zvose; mune simba mukuchengetedza mirairo yaMwari nguva dzose; muchikumbira zvose zvinhu zvamunoda, zvemweya nezvenyama; nguva dzose muchite nda Mwari pane zvinhu zvose zvazvo zvamunogamuchira.

24 Uye muone kuti mune ^arute ndo, tariro, nerudo rwakadzama, uye ndipo nguva dzose pamuchakura mumabasa akanaka.

25 Uye Ishe ngavakuropafadzei, uye nhumbi dzenyu mugare dzisina kavara, kuti pakupedzisira muzosvika kunogara pasi naAbrahama, Isaka, naJakobo, nevaporofita vatsvene vakagara varipo kubvira kutanga kwenyika, muine nhumbi dzenyu ^adzisina kavara sezvakaita nhumbi dzavo dzisina kavara, muumambo hwekudenga musingazobvamo zvakare.

26 Uye zvino hama dzangu dzinodiwa, ndataura kwamuri mazwi aya zviri maererano neMweya unopupura uri mandiri; uye mweya wangu unofara

19a Mat. 3:3.

20a 1 Ni. 10:19; Aruma 37:12; D&Z 3:2.

21a I VaKori. 3:16–17; 6:19; Mosaya 2:37;

Aruma 34:36.

b 1 Ni. 15:33–35;

2 Ni. 9:16;

Morm. 9:14;

D&Z 88:35.

23a NKM Akazvinipisa.

24a I VaKori. 13:1–13;

Eta 12:30–35;

Moro. 7:33–48.

25a II Pet. 3:14.

chaizvo, nenzira yekusimba kukuru nokuteerera kwamakapa kushoko rangu.

27 Uye zvino, “runyararo rwaMwari ngarwuve pamuri, nemudzimba menyu nemunyika yenyu, nekumatanga enyu, nekuzvinhu zvose zvamuina-zvo, vakadzi venyu nevana venyu, maererano nerutendo rwenyu nemabasa enyu akanaka, kubvira panguva ino kudakara kuve kusingaperi. Uye ndizvo zvandataura. Amenii.

CHITSAUKO 8

Aruma anoparidza uye achibhabhatidza muMereki — Anorambwa muAmonaiha ndokubva abvamo — Ngirozi inomuti adzokere anodaidzira kutendeuka kuvanhu — Anotambirwa naAmureki, uye vari vaviri vanoparidza muAmonaiha. Zvingangove makore 82 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti Aruma akadzoka kubva “kunyika yeGideoni, mushure mekunge adzidzisa vanhu veGideoni zvinhu zvizhinji zvisingagone kunyorwa, amisa tsika yechechi, maererano nezvaakanga aita munyika yeZarahemura, hongu, akadzokera kumba kwake kuZarahemura kunozorora kubva mubasa raakanga aiita.

2 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechipfumbamwe rekutonga kwevatongi vanhu vaNifai.

3 Uye zvakaitika mukutanga

kwegore rechigumi rekutonga kwevatongi vanhu vaNifai, kuti Aruma akabvamo ndokutora rwendo rwake akananga kunyika yaMereki, iri kumadokero “kwerwizi rweSidhoni, kumadokero kwakaganhurana nerenje.

4 Uye akatanga kudzidzisa vanhu vemunyika yeMereki zvirii maererano nehurongwa “hutsvene hwaMwari, huri ihwo hwaakanga adaidzwa nahwo; uye akatanga kudzidzisa vanhu munyika yose yeMereki.

5 Uye zvakaitika kuti vanhu vakauya kwaari kubva kumiganhu yose yenyika yakange yakatsamirana nekurutivi rwerenje. Uye vakabhabhatidzwa munyika yose;

6 Naizvozvo paakange apedza basa rake muMereki akabvamo, akafamba rwendo rwemazuva matatu nechekuchamhembe kwenyika yaMereki; uye akasvika paguta rainzi Amonaiha.

7 Zvino yakange iri tsika yevanhu vaNifai kudaidza nyika dzavo, uye maguta avo, nemisha yavo, hongu, kana netwumisha twavo, nezita remunhu akatanga kuve muridzi wacho; uye ndizvo zvazvakange zvakaita nemunyika yaAmonaiha.

8 Uye zvakaitika kuti Aruma paakasvika muguta raAmonaiha, akatanga kuvaparidzira shoko raMwari.

9 Zvino Satani akanga “akabata zvikuru mwoyo yevanhu veguta raAmonaiha; naizvozvo havana kuteerera mazwi aAruma.

27a NKM Runyararo.
8 1a Aruma 2:20; 6:7.
3a Aruma 16:6-7.

4a D&Z 107:2-4.
NKM Hupirisita
hwaMerkizedeki.

9a 2 Ni. 28:19-22;
D&Z 10:20.

10 Zvisinei Aruma “akashanda zvikuru mumweya, ^bachiumburuka kuna Mwari mumunamoto une ‘simba, kuti adire Mweya wake pamusoro pevanhu vari muguta iri; kuti amubvumirewo kuti agovabhabhatidza mukutendeuka.

11 Zvakadaro, vakaomesa mwoyo yavo, vachiti kwaari: Tarisa, tinoziva kuti ndiwe Aruma; uye tinoziva kuti ndiwe mupirisita wepamusoro pamusoro pechechi rawakamisa iwe munzvimbo zhinji dzenyika, zvirira maererano netsika yenyu; uye hatizi vechechi yako, uye hatitende mutsika dzakapusa kudaro.

12 Uye zvino tinoziva kuti sezvo tisiri vechechi yako tinoziva kuti hauna simba pamusoro pedu; uye wakapa chigaro chekutonga kuna “Nifaiha; naitzvovvo hausi mutongi mukuru wedu.

13 Zvino vanhu pavakanga vataura izvi, uye vachiramba mazwi ake ose, uye vamutuka, vamusvipira, uye vakaita kuti akandwe kunze kweguta ravo, akabvamo uye akatora rwendo rwake akananga kuguta rainzi Aroni.

14 Uye zvakaikaitika kuti paakange achifamba, akaremerwa nokusuwa, pfungwa yake iine “kutambudzika nekurwadziwa kwemweya, nenzira yeutsinye hwevanhu vaive muguta reAmonaiha, zvakaikaitika kuti

Aruma zvaakanga akadaro kuremerwa nekusuwa, tarisai ^bngirozi yaIshe yakasvika paari, ichiti:

15 Wakaropafadzwa iwe, Aruma; naitzvovvo, simudza musoro wako uye ufare, nokuti une chikonzero chikuru chekuti ufare; nokuti wange wakavimbika mukuchengetedza mirau yaMwari kubvira panguva yawakatambira nhume yako yekutanga kubva kwaari. Tarisai, ndini “ndakauya nayo kwauri.

16 Uye tarisai, ndatumwa kuti ndikuudze kuti udzokere kuguta reAmonaiha, uye unoparidza zvakare kuvanhu veguta iri; hongu, vaparidzire. Hongu, uti kwavari, kunze kwekunge vatendeuka Ishe Mwari “vachavaparadza.

17 Nokuti tarisai, iye zvino vari kufunga kuti vaparadze rusununguko rwevanhu vako (nokuti ndiko kutaura kwaIshe) zvisiri izvo zvirira mumutemo, nemukutonga, nemumirau yakakapa kuvanhu vake.

18 Zvino zvakaikaitika kuti mushure mekunge Aruma agashira nhume yake kubva kungirozi yaIshe akadzokera nokukurumidza kunyika yaAmonaiha. Uye akapinda muguta neimwe nzira, hongu, nenzira iri kumaodzanyemba eguta reAmonaiha.

19 Uye zvaapinda muguta akanzwa nzara, uye akati kune mumwe murume: Mungapewo here muranda akazvirereka

10a Aruma 17:5.

b Eno. 1:1-12.

c 3 Ni. 27:1.

NKM Munamoto.

12a Aruma 4:20.

14a NKM Matambudziko.

b Aruma 10:7-10, 20.

NKM Ngirozi.

15a Mosaya 27:11-16.

16a Aruma 9:12, 18, 24.

waMwari chimwe chinhu chekudya?

20 Uye murume uyu akati kwaari: Ndiri muNifai, uye ndinoziva kuti uri muporofita mutsvene waMwari, nokuti ndiwe murume akanzi “nengirozi muchiratidzo: Muchatambira. Naizvozvo, enda neni mumba mangu, uye ndinokupa kudya kwangu; uye ndinoziva kuti uchave chiropafadzo kwandiri nembera yangu.

21 Uye zvakaitika kuti murume uyu akamugashira mumba make; uye murume uyu ainzi “Amureki; uye akauya nechingwa nenyama akaiisa pameso paAruma.

22 Uye zvakaitika kuti Aruma akadya chingwa akaguta; uye “akaropafadza Amureki nembera yake, uye akatenda kuna Mwari.

23 Uye mushure mekunge adya aguta akati kuna Amureki: Ndini Aruma, uye ndini mupirisita “wepamusoro pechechi yaMwari munyika yose.

24 Uye tarisai, ndakadaidzwa kuti ndizoparidza shoko raMwari mukati mevanhu ava, maererano nemweya wekuzururirwa nechiporofita; uye ndakanga ndiri munyika muno uye havana kuda kundigashira, asi “vakandikanda panze uye ini ndange ndoda kufukatira nyika ino zvachose.

25 Asi tarisai, ndataurirwa kuti ndidzoke zvakare uye ndizoporofitira vanhu ava, hongu,

nokupupura kwavari nezvezvitadzo zvavo.

26 Uye zvino Amureki, nenzira yokuti wandipa kudya ukandipinza mumba, waropafadzwa: nokuti ndange ndaziya, nokuti ndange ndatsanya kwemazuva mazhinji.

27 Uye Aruma akagara kwemazuva mazhinji naAmureki asati atanga kuparidza kuvanhu.

28 Uye zvakaitika kuti vanhu vakatonyanya kuve vakaipa.

29 Uye shoko rakauya kuna Aruma, richiti: Enda; uye utiwo kumuranda wangu Amureki, enda unoporofita kuvanhu ava, uchiti—“Tendeukai imi, nokuti ndizvo zvinotaurwa naIshe, kunze kwekunge mapinduka ndichashanyira vanhu ava nehasha dzangu; hongu, uye handizodzosa hashu dzangu dzinotyisa.

30 Uye Aruma akaenda, naAmurekiwo, mukati mevanhu, kundotaura mazwi aMwari kwavari; uye vakazadzwa nemweya Mutsvene.

31 Uye vakange vane “simba ravakanga vapiwa, zvekuti vakange vasisagonekwe kuzarirwa muzvitokisi zvepasi; uye hakuna munhu aikwanisa kuvauraya; zvakadaro havana kushandisa ^bmasimba avo kudakara vasungwa nemajoto vakandwa mutirongo. Zvino, izvi zvakaitwa kuti Ishe varatidze simba ravo riri mavari.

32 Uye zvakaitika kuti vakaenda

20a Aruma 10:7-9.

21a NKM Amureki.

22a Aruma 10:11.

23a Aruma 5:3, 44, 49;

13:1-20.

24a Aruma 8:13.

29a Aruma 9:12, 18.

NKM Rutendeuko.

31a 1 Ni. 1:20.

^b Aruma 14:17-29.

uye vakatanga kuparidza neku-porofita kuvanhu, maererano nemweya nesimba ravakanga wapiwa naIshe.

Mazwi aAruma, nemazwiwo aAmureki, akataurwa kuvanhu vakange vari munyika ya-Amonaiha. Uyezve vanokandwa mutirongo, uye vanoburitswa nesimba rinoshamisa raMwari raive mavari, zvirira maererano nezvinyorwa zvaAruma.

*Zvichisanganisa zvitsauko
9 kusvika ku14.*

CHITSAUKO 9

Aruma anoudza vanhu veAmonaiha kuti vatendeuke—Ishe vachanzwira tsitsi kumaRamani muma-zuva ekupedzisira—Kana maNifai akasiya chiedza, vachaparadzwa nemaRamani — Mwanakomana waMwari achauya nokukurumidza—Achanunura avo vanotendeuka, vagobhabhatidzwa, uye vaine rutendo muzita rake. Zvingangove makore 82 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakare, ini Aruma, ndaturirwa naMwari kuti nditore Amureki uye tigoenda kunoparidza zvakare kuvanhu ava, kana kuti vanhu vaive muguta reAmonaiha, zvakaikwa kuti zvandakatanga kuparidza kwavari, vakatanga kunetsana neni, vachiti:

2 Ndiwe ani? Unofunga kuti tichatenda kupupura kwemu-

nhu “mumwechete, kana dai akaparidza kwatiri kuti nyika yave kupera?”

3 Zvino havana kunge vachinzwisisa mazwi avaitaura; nokuti havana kunge vachiziva kuti nyika ichapfuura.

4 Uye vakatiwo zvakare: Hatimbotenda mazwi ako kana dai ukaporofita kuti guta guru rino richaparadzwa nezuva “rimwechete.

5 Zvino havana kumboziva kuti Mwari vanoita mabasa anoshamisa kudaro, nokuti vakange vari vanhu vane mwoyo yakaoma uye vakaomesa mitsipa.

6 Uye vakati: Mwari “ndiani, vanotumira simba ^brisingapfure remunhu mumwechete mukati mevanhu ava, kuti ataure kwavari chokwadi chezvinhu zvikuru zvakadai uye zvinoshamisa?”

7 Uye vakamira vakada kuti vandibate; asi tarisai, havana. Uye ndakamira nokusatya ndichivataurira, hongu, ndakapupura kwavari ndisingatye, ndichiti:

8 Tarisai, imi chizvarwa chakaipa uye “chakarasiswa, kukanganwa kwamaita tsika dzamadzibaba enyu, hongu, kukurumidza kwamaita kukanganwa mirairo yaMwari.

9 Hamuyeuke here kuti baba vedu Rihai, akaburitswa muJerusarema “neruoko rwaMwari? Hamuyeuke here kuti vose vakatungamirwa navo nemurenje?

9 2a Deut. 17:6.
4a Aruma 16:9-10.
6a Eks. 5:2;

Mosaya 11:27;
Mos. 5:16.
b Aruma 10:12.

8a Aruma 10:17-25.
9a 1 Ni. 2:1-7.

10 Uye matokanganwa kare kuti kangani vachibvisa madzibaba edu mumaoko emhandu dzavo, nekuvachengetedza kuti vasaparadzwe, kana nemaoko ehama dzavo chaidzo?

11 Hongu, dai risiri simba ravo risingaenzaniswe, netsitsi dzavo, nokutishingirira kwavo, tingadai takabva kare pamusoro penyika nguva ino isati yasvika, uye zvimwe takatoiswa munzvimbo yekutambudzika “kusingagume nokusuwa.

12 Tarisai, zvino ndinoti kwamuri anokutumai kuti mutendeuke; uye kunze kwekunge matendeuka, hapana magariro amungaite nhaka yeumambo hwaMwari. Asi tarisai, izvi hazvisizvo zvose—vakutumai kuti mutendeuke, kana kuti “vanokuparadzai chose kubva pamusoro penyika; hongu, vachakushanyirai nehasha dzavo, nehasha dzavo ^bdzinotyisa havazopinduka.

13 Tarisai, hamuchayeuka here mazwi avakataura kuna Rihai, vachiti izvo: “Kana uchichenge-mirairo yangu, uchabudirira munyika? Uye zvakare zvinonzi: Kana musingachengete mirairo yangu muchabviswa pamberi palshe.

14 Zvino ndinoda kuti dai mayeuka, kuti sezvo maRamani asina kuchengeta mirairo yaMwari, “vakabviswa pamberi

palshe. Zvino tinoona kuti shoko ralshe rakasimbiswa muchinhu ichi, uye maRamani akabviswa pamberi pavo, kubvira pakutanga kwekutadza kwavo munyika.

15 Zvisinei ndinoti kwamuri, zvingatova “nani kwavari pamusi wekutongwa panemi, kana mukaramba muri muzvitema zvenyu, hongu, uye vanototariswa panemi kana muupenyu huno, kunze kwekunge matotendeuka.

16 Nokuti kune vimbiso zhinji “dzakaitwa kumaRamani; nokuti kuda ^bkwetsika dzemadzibaba avo dzakaita kuti vagare ‘mukusaziva; naizvozvo Ishe vachavaitira tsitsi ^d“nokurebesa kugara kwavo munyika.

17 Uye mune chimwe chihano chenguva “vachaunzwa mukutenda shoko ravo, noku-ziva kukanganisika kwakaita tsika dzemadzibaba avo; uye vazhinji vavo vachaponeswa, nokuti Ishe vachave netsitsi kune avo vose ^bvanodaidza zita ravo.

18 Asi tarisai, ndinoti kwamuri kana mukaramba muri muupi hwenyu mazuva enyu haazopamhidzirwa munyika ino, nokuti “maRamani achanzi akurwisei; uye kana mukasatendeuka vachauya nenguva yamusingazive, uye muchashanyirwa nekuparadzwa ^bzvachose; uye

11a Mosaya 16:11.

12a Aruma 8:16; 10:19, 23, 27.

^b Aruma 8:29.

13a 2 Ni. 1:20;

Mosaya 1:7;

Aruma 37:13.

14a 2 Ni. 5:20–24;

Aruma 38:1.

15a Mat. 11:22, 24.

16a Aruma 17:15.

^b Mosaya 18:11–17.

^c Mosaya 3:11.

^d Hir. 15:10–12.

17a Eno. 1:13.

^b Aruma 38:5; D&Z 3:8.

18a Aruma 16:2–3.

^b Aruma 16:9.

zvinenge zviri maererano ‘nehasha dzinotyisa dzalshe.

19 Nokuti havazokubvumirai kuti mugare muzvitadzo zvenyu, kuti muparadze vanhu vavo. Ndinoti kwamuri, Kwete; angatobvumira kuti maRamani ^aaparadze vose vanhu vake vakanzi vanonzi vanhu vaNifai, dai zvaiita kuti ^bvawire muzvitadzo nekusateerera, mushure mekuwana chiedza chakadai neruzivo rwakadai zvavakapirwa naIshe Mwari vavo;

20 Hongu, mushure mekunge vange vari vanhu vanodiwa kwazvo naIshe; hongu, mushure mekunge vange vachidiwa kupfuura mamwe marudzi, hama, ndimi, kana vanhu; mushure mekunge ^avaitwa kuti vazive zvose zvinhu, maererano nezvavaida, nerutendo rwavo, neminamoto, yezvinhu zvakanga zviri, nezviri, uye nezvichauya;

21 Vashanyirwa neMweya waMwari; vakurukura nengirozi, uye vataurwa navo nezwi raIshe; uye vaine mweya wechiporofita, nemweya wekurururwa, nezvipo zvizhinji, chipo chekutura nendimi, nechipo chekuperidza, nechipo cheMweya Mutsvene, nechipo ^achekududzira;

22 Hongu, uye mushure mekunge ^avabviswa naMwari munyika yeJerusarema, neruoko rwaIshe; vaponeswa munzara, nemukurwara, nemumarudzi

ose ezvirwere; uye vachisimba mukurwa, kuti varege kuparadzwa; vabviswa ^bmuusungwa nguva nenguva, uye vachenge-tedzwa kusvika zvino; uye vakabudirira kudakara vapfuma muzvinhu zvose zvose—

23 Uye zvino tarisai ndinoti kwamuri, kuti kana vanhu ava, vakatambira maropafadzo akawanda kudai kubva muruoko rwaIshe, kana vakakanganisa zvechiedza noruzivo rwose rwavainarwo, ndinoti kwamuri kana izvi zviri izvo, kuti kana vakapinda mukutadza, zvingatove ^anani kumaRamani pane kwavari.

24 Nokuti tarisai, ^azvimbiso zvaIshe zvakapirhwawo maRamani, asi hazvizi kwamuri kana mukakanganisa; nokuti Ishe havana kunyatsovimbisa here nokutura semurau, kuti kana mukamupandukira muchaparadzwa chose kuti mubva mabva munyika zvachose?

25 Uye zvino nechikonzero ichi, kuti musaparadzwe, Ishe vatumira ngirozi yavo kuti ishanyire vanhu vavo vazhinji, ichivaudza kuti vakafanira kuenta vanochema kuvanhu ava nesimba, vachiti: ^aTendeukai imi, nokuti umambo hwekude-nga hwave pedyo;

26 Uye ^apasina mazuva mazhinji Mwanakomana waMwari achauya mukubwinya kwake; uye kubwinya kwake kuchave

18c Aruma 8:29.

19a 1 Ni. 12:15, 19–20;
Aruma 45:10–14.

b Aruma 24:30.

20a NKM Zvakazarurwa.

21a Omu. 1:20;
Mosaya 8:13–19;
28:11–17.

22a 2 Ni. 1:4.

b Mosaya 27:16.

23a Mat. 11:22–24.

24a 2 Ni. 30:4–6;
D&Z 3:20.

25a Aruma 7:9; Hir. 5:32.

26a Aruma 7:7.

kubwinya ^bkweMumwechete Akaberekwa waBaba, azere ‘nyenya, kuenzana, necho-kwadi, azere nekutira, ^a‘tsitsi, uye anoshivirira, anokurumidza ‘kunzwa kuchema kwevanhu vake nokupindura minamoto yavo.

27 Uye tarisai, anouya ^a‘kuzonunura avo ^bvachabhabhatidzwa mukutendeuka, norutendo muzita rake.

28 Naizvozvo, gadzirai nzira yaIshe, nokuti nguva yave pedyo yokuti vose vanhu vachakohwa mubairo ^a‘wemabasa avo, maererano nezvavanga vari—kana vanga vari vakarurama ^bvachakohwa ruponeso rwemweya yavo, maererano nesimba nokuponeswa kwavo naJesu Kristu; uye kana vanga vari vakaipa vachakohwa ^c‘kuraswa kwemweya yavo, maererano nesimba nokusunga kwadhia-bhorosi.

29 Zvino tarisai, iri ndiro izwi rengirozi, ichichemera kuvanhu.

30 Uye zvino hama dzangu ^a‘dzinodiwa, nokuti muri hama dzangu, uye munofanira kudi-kanwa, uye munofanira kuita mabasa anofanirana nekutende-uka, ndichiona kuti mwoyo ye-nyu yaitwa mikukutu zvikuru kushoko raMwari, uye ndichiona kuti muri vanhu ^bvakararika vakapuzika.

31 Zvino zvakaitika kuti apo ini, Aruma, pandakange ndataura

mazwi aya, tarisai, vanhu vakan-dishatirirwa nokuti ndakanga ndati kwavari vane mwoyo mikukutu uye vanhu ^a‘vakaoma mitsipa.

32 Uye nokutiwo ndakanga ndati kwavari vanhu vakarasika vakapuzika vakandishatiri-rwa, vakatsvaka kuisa maoko avo pandiri, kuti vandikande mutirongo.

33 Asi zvakaitika kuti Ishe ha-vana kuvabvumira kuti vandit-tore panguva iyoyo vandikande mutirongo.

34 Uye zvakaitika kuti Amureki akaenda akanomira mberi kwa-vo, akatanga kuparidza kwavari naiyewo. Uye zvino ^a‘mazwi aAmureki haana kunyorwa ose, zvisinei mamwe emazwi ake akanyorwa mubhuku rino.

CHITSAUKO 10

Rihai akabva kuna Manase— Amureki anotaura rungano rwe-kuudzwa kwaakaitwa nengirozi kuti achengete Aruma—Minama-to yevakarurama inoita kuti vanhu vasaparadzwe—Magweta nevato-angi vasina kururama vanoisa hwa-ro hwekuti vanhu vaparadzwe. Zvingangove makore 82 Kristu asati azvarwa.

ZVINO aya ndiwo ^a‘mazwi aka-paridzwa ^bnaAmureki kuvanhu vakanga vari munyika ya-Amonaiha, achiti:

26b NKM Mumwechete Akaberekwa.
c NKM Nyasha.
d NKM Anetsitsi.
e Deut. 26:7.
27a NKM Akanunura.

b NKM Bhabhatidza.
28a D&Z 1:10; 6:33.
b Mpi. 7:16.
c NKM Kuraswa.
30a I Joh. 4:11.
b Aruma 12:22.

31a 2 Ni. 25:28;
Mosaya 3:14.
34a Aruma 10.
10 1a Aruma 9:34.
b Aruma 8:21–29.

2 Nдини Amureki; ndiri mwanakomana waGidhona, akanga ari mwana waIshmaeri, akanga ari wechizvarwa chaAminadhi; uye ndiye Aminadhi mumwecheteyo akadudzira zvinyorwa zvaive pamadziro etemberi, zvakanga zvakanyorwa nemunwe waMwari.

3 Uye Aminadhi akange ari chizvarwa chaNifai, akange ari mwana waRihai, akabva munyika yeJerusarema, akange ari wechizvarwa ^achaManase, akanga ari mwana ^bwaJosefa ^cakatengeswa kuEgipita nemaoko evakoma vake.

4 Uye tarisai, ndiri murumewo ane mbiri mukati meavo vose vanondiziva; hongu, uye tarisai, ndine hama zhinji ^aneshamwari, uye ndakawanawo upfumi hwakawanda nokushanda nemaoko angu.

5 Zvakadarwo, mushure mazvo zvose izvi, handina kumboziva zvizhinji nezvenzira dzalshu, ^anezvakavandika zvake nesimba rake rinoshamisa. Ndati handina kumbenge ndakaziva zvizhinji nezvezvinhu izvi; asi tarisai, ndiri kukanganisa, nokuti ndakaona zvizhinji zvezvakavandika zvake nesimba rake rinoshamisa; hongu, kana mukuchengetedza upenyu hwevanhu ava.

6 Zvakadarwo, ndakaomesa mwoyo wangu, nokuti ^andaka-

daidzwa kazhinji uye ndairamba ^bkunzwa; naizvozvo ndaiziva nezve zvinhu izvi, asi handaida kuziva; naizvozvo ndakaenda ndichipandukira Mwari, muhutsinye hwemwoyo wangu, kana kudakara kusvika muzuva rechina remwedzi uno wechinomwe, uri mugore rechigumi rekutonga kwevatongi.

7 Zvandakanga ndichifamba ndichienda kunoona hama yepedyo-pedyo, tarisai ^angirozi yaIshu yakasvika pandiri ikati: Amureki, dzokera kumba kwako, nokuti uchapa kudya kumuporofita walshu; hongu, murume mutsvene, murume akasarudzwa naMwari; nokuti ^batsanya kwemazuva mazhinji pamusana pezvitadzo zvevanhu ava, uye aziya nenzara, uye ^cuchamugashira mumba mako ugomupa chekudya, uye achakuropafadza iwe nemba yako; uye maropafadzo alshu achave pauri nemba yako.

8 Uye zvakaitika kuti ndakateerera izwi rengirozi, uye ndikadzokera kumba kwangu. Uye ndiri kuenda kudaro ndakaona ^amurume akanzi nengirozi kwandiri: Uchamugashira mumba mako— uye tarisai ndiye murume iyeyo ange achitaura kwamuri maererano nezvinhu zvaMwari.

9 Uye ngirozi yakati kwandiri murume yu ^amutsvene; ndizvo

3a Gen. 41:51;
I Mak. 9:3.
b NKM Josefa,
Mwanakomana
waJakobo.
c Gen. 37:29-36.

4a Aruma 15:16.
5a NKM Zvakavandika
zvaMwari.
6a Aruma 5:37.
b D&Z 39:9.
7a Aruma 8:20.

b Aruma 5:46; 6:6.
NKM Kutsanya.
c Mabasa 10:30-35.
8a Aruma 8:19-21.
9a NKM Mutsvene.

zvinoita kuti ndizive kuti mutsvene nokuti zvakataurwa nengirozi yaMwari.

10 Uye zvakare, ndinoziva kuti zvinhu zvaapupura ndezvechokwadi; nokuti tarisai ndinoti kwamuri, kuti sezvo Ishe vari mupenyu, kana naizvozvo vatumira “ngirozi yavo kuti zvinhu izvi zvbude pachena kwandiri; uye izvi azviita uyu ^bAruma agere mumba mangu.

11 Nokuti tarisai, “aropafadza imba yangu, andiropafadza, nemadzimai angu, nevana vangu, nababa vangu nehama dzangu; hongu, kana nevekwangu vose avaropafadza, uye maropafadzo ashe ave patiri maererano nemazwi aakataura.

12 Uye zvino, Amureki ataura mazwi aya vanhu vakatanga kushamiswa, vachiona kuti pakange paine vano ^apfuura mumwechete vaipupura nezvezvinhu zvavaipiwa mhosva nazvo, nezvezvinhuwo zvichauya, maererano nemweya wechiporofita waive mavari.

13 Zvakadaro, kwaive nevamwe mukati mavo vaitsvaka kuvabvunza, kuti ^anenzira dzekungwara kwavo vagovanikidza nemazwi avo, kuti vagowana umbowo, kuti vavandese kuvatongi vavo kuti vatongwe maererano nemutemo, kuti vauraiwe kana kukandwa mutirongo, maererano nemhosva yavanenge vavapomera.

14 Zvino ndivo vanhu ivavo

vakanga vachitsvaka kuvaparadza, vaive ^amagweta, vakange vafanoiswa kana kugadzwa nevanhu kuti vashandise mutemo panguva yekutongwa kwavo, kana panguva yokutongwa kwedzimwe mhosva dzainge dzauya pamberi pevatongi.

15 Zvino magweta aya akanga akadzidza chaizvo munjere dzose dzevanhu; uye izvi zvaivayamura kuti vagone basa ravo.

16 Uye zvakaitika kuti vakatanga kubvunza Amureki, kuti vamuite kuti adyidzanise mazwi ake, kana kupesanisa mazwi aachataura.

17 Zvino havana kuziva kuti Amureki aikwanisa kuziva zvaru kuda kuita. Asi zvakaitika kuti pavakatanga kumubvunza, ^aakaona pfungwa dzavo, uye akati kwavari: Imi makaipa uye ^bchizvarwa chakarasika, imi magweta nevanyengedzi, nokuti muri kuisa hwaro hwadhia-bhorosi; nokuti muri kuisa ^czvichikiro nemisungo yekuti mubate vatsvene vaMwari.

18 Muri kuita zvirongwa zvekuti ^amukanganise nzira dzevakarurama, uye kuti muunze hashu dzaMwari pamisoro yenyu, kana mukuparadzwa zvachose kwevanhu vavo.

19 Hongu, Mosaya akataura chaizvo, uyo aive mambo wedu wekupedzisira, paakange ave kuda kupa umambo kune mumwe, asina wekuhugadza, akaita kuti vanhu ava vatongwe

10a Aruma 11:30-31.

b Aruma 8:27.

11a Aruma 8:22.

12a Aruma 9:6.

13a Aruma 11:21.

14a Aruma 10:24;

11:20-21; 14:18.

17a Aruma 12:3; 20:18, 32;

D&Z 6:16.

b Mat. 3:7; Aruma 9:8.

c D&Z 10:21-27.

18a Mabasa 13:10.

nemazwi avo—hongu, akataura zvakanaka kuti kana nguva ikasvika yekuti izwi revanhu ava “risarudze kutadza, ndiko kuti, kana nguva iyoyo ikauya yekuti vanhu ava vawire mumisikanzwa, vanenge vaibvira kuparadzwa.

20 Uye zvino ndinoti kwamuri kuti Ishe vanoita zvakanaka kutonga kutadza kwenyu; anoita zvakanaka kuchemera vanhu ava, nezwi “rengirozi dzavo: Tendeukai imi, tendeukai, nokuti umambo hwekudenga hwave pedyo.

21 Hongu, anoita zvakanaka kuchema nezwi rengirozi dzake kuti: “Ini ndichadzika pasi mukati mevanhu vangu, nekuenzanisa nokutonga kwakanaka mumaoko angu.

22 Hongu, uye ndinoti kwamuri dai yange isiri “minamoto yevakarurama, avo vari munyika ino, mungadai kana iye zvino makatoshanyirwa kare nokuparadzwa zvachose; chete hakwazove ^bkwemafashanu mazhinji, sezvakaitwa vanhu mumazuva aNoa, asi kwaizove kwenzara, nezvirwere, nemunondo.

23 Asi maponeswa “neminato yevakarurama; zvino naizvozvo, kana mukabvisa vakarurama mukati menyu Ishe havazokuregerai; asi nehasha dzavo dzinotyisa anokuingai; ndipo pamucharohwa nenzara,

nezvirwere, nemunondo; uye ^bnguva yave pedyo kunze kwekunge matotendeuka.

24 Uye zvino zvakaitika kuti vanhu vakanyanya kushatiriswa naAmureki, uye vakachema, vachiti: Murume uyu anotuka mitemo yedu yakanaka, nemagweta edu atakarudza.

25 Asi Amureki akatambanudzwa ruoko rwake, akachema zvikuru kwavari, achiti: Imi vakaipa chizvarwa chakarasika, sei Satani abata mwoyo yenyu nesimba rakadaro? Sei muri kuzvipa kwaari kuti ave nesimba pamusoro penyu, “kukupofomadzai maziso, kuti musanzwisise mazwi anotaurwa, maerero nechokwadi chawo?

26 Nokuti tarisai, ndataura zvinopikisa mutemo wenyu here? Hamunzwisise; munoti ndataura zvisiri mumutemo wenyu; asi handina, asi ndataura ndichipembedza mutemo wenyu, nokuraswa kwenyu.

27 Uye zvino tarisai, ndinoti kwamuri, hwaro hwakuparadzwa kwevanhu vano hwatotanga kuiswa nekusarurama “kwemagweta enyu nevatongi venyu.

28 Uye zvino zvakaitika kuti pakanga Amureki ataura mazwi aya vanhu vakachema kwaari, vachiti: Zvino tave kuziva kuti murume uyu mwana wadhia-bhorosi, nokuti atirevera “nhema;

19a Mosaya 29:27;
Aruma 2:3–7;
Hir. 5:2.

20a Aruma 8:14–16; 13:22.

21a Mosaya 13:34.

22a Jkb. 5:16;

Mosaya 27:14–16.

^b Gen. 8:21;

3 Ni. 22:8–10.

NKM Mafashamu

muNguva dzaNoa.

23a NKM Munamoto.

^b Aruma 34:32–35.

25a II VaKori. 4:4;

Aruma 14:6.

27a Ruka 11:45–52.

28a Aruma 14:2.

nokuti ataura achimhura mutemo wedu. Uye ave kuti haana kutura achiumhura.

29 Uye zvakare, atuka magweta edu, nevatongi vedu.

30 Uye zvakaitika kuti magweta akazviisa mumwoyo yavo kuti vagoyeuka zvinhu pane zvake.

31 Uye kwaive nemumwe mukati mavo zita rake rainzi Ziziromu. Zvino ndiye akanga ari pamberi “mukupomera mhosva kuna Amureki na-Aruma, iye ari iye akange ari imwe yenyanzvi kupfuura vamwe, aine basa zhinji rekuita muvanhu.

32 Zvino chinangwa chemagweta chaive kuda kuita mari; uye vakawana mari maererano nebasa ravo.

CHITSAUKO 11

Tsika yemari yamaNifai inopihwa — Amureki anonetsana naZiziromu — Kristu haazoponesa vanhu muzvitadzo zvavo — Avo chete vanowana umambo hwokudenga vachaponeswa — Vanhu vose vachamutswa vasisazofa — Hakuna rufu shure Kwokumutswa kwevakafa. Zvingangove makore 82 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakanga zviru mumutemo waMosaya kuti munhu wose aive mutongi wemutemo, kana kuti avo vakasarudzwa kuva vatongi, vanofanira kutambira mibairo maererano nenguva yavashanda vachitonga

avo vainge vaunzwa kwavari kuti vazotongwa.

2 Zvino kana munhu aive nechikwereti chemumwe, uye aregera kudzorera chikwereti chacho, ainoman'arirwa kune mutongi; mutongi aishandisa masimba ake, otumira machinda kuti munhu wacho aunzwe pamberi pake; aitonga munhu maererano nomutemo neumboo hunenge huri pamberi pake, nokudaro munhu uyu aisungirwa kudzosera chikwereti chake, kana kutorerwa zvaanazvo, kana kubviswa muvanhu sembavha negororo.

3 Uye mutongi aitambira mbairo wake maererano nenguva yake—senine regoridhe pazuva kana senumu resirivha rakanzana nesenine yegoridhe; uye izvi zviru maererano nemutemo wakapiwa.

4 Zvino aya ndiwo mazita ezvimeu zvakasiyana-siyana zvegoridhe ravo, nesirivha yavo, maererano nekukosha kwacho. Uye mazita aya akapiwa namaNifai, nokuti havana kuteedza pfungwa dzamaJuda ayo akanga ari muJerusarema; uye havana kunge vachiera nenzira yamaJuda; asi vakashandura mufungiro wavo nemuerero wavo, maererano nepfungwa nemagariro muchizvarwa chose chavanhu, kusvika panguva yavatongi, vaive “vakatangwa namambo Mosaya.

5 Zvino huremu hwegoridhe hwakanzi hunoerwa seizvi—

senine yegoridhe, seoni, shumu yegoridhe, nerimuna regoridhe.

6 Senumu resirivha, neamunori resirivha, neezeromu resirivha, neondi resirivha.

7 Senumu resirivha rakange rakaenzana nesenine regoridhe, zvose zvichikwanisa kutenga uremu hwebhari, uye hwetsanga dzendudzi dzose.

8 Zvino museoni regoridhe maipinda masenine mairi.

9 Zve mushumu yegoridhe maipinda maseoni mairi.

10 Uye murimuna regoridhe raipinda zvose.

11 Uye muamunori resirivha maipinda masenumu mairi.

12 Uye muezeromu resirivha muchipinda masenumu mana.

13 Uye muondi muchipinda zvose.

14 Zvino idzi ndidzo nhamba diki dzekuverenga kwavo—

15 Shibhuroni rinopinda kaviri musenumu, shibhuroni yaite nga chikamu chepakati chemuero webhari.

16 Shibhurumu inopinda kaviri mushibhuroni.

17 Uye rea ichipinda kaviri mushibhurumu.

18 Zvino aya ndiwo manhamba avakasarudza maererano nekufunga kwavo.

19 Zvino andioni yegoridhe yange yakafanana nemashiburoni matatu.

20 Zvino, zvaive zvechinangwa chekuwana zvirimwa, nokuti vaigashira mihoro yavo maererano nebasa ravo, naizvozvo,

vakamutsa vanhu kuti vaite bongozozo, nekunetsana kwakasiyana—siyana nouipi, kuti vave vanowana mabasa akawanda, kuti “vawane mari maererano nenyaya dzaiunzwa pamberi pavo; naizvozvo vakaita kuti vanhu vapandukire Aruma na-Amureki.

21 Uye uyu Ziziromu akavamba kubvunza Amureki, achiti: Ungandipindurewo here mibvunzo mishoma yandichakubvunza? Zvino Ziziromu akanga ari nyanzvi “panzira dzezvadhlabhorosi, kuti ave anoparadza izvo zvakanga zvakanaka; naizvozvo, akati kuna Amureki: Uchapindura here mibvunzo yandichasvitsa kwauri?

22 Uye Amureki akati kwaari: Hongu, kana zviri maererano “noMweya waIshe, uri mandiri; nokuti handizotauri chisingabvumirane neMweya waIshe. Uye Ziziromu akati kwaari: Tarisai, haano maondi matanhatu esirivha aya, ose aya ndinokupa ukaramba kuti kune Munhu anonzi Mwari.

23 Zvino Amureki akati: Iwe “mwana wegehena, ^bunondiedzerei? Hauzive here kuti vakarurama havakurirwe nezviedzo zvakadaro?

24 Iwe unotenda kuti hakuna Mwari? Ndinoti kwauri, Kwete, unoziva kuti kuna Mwari, asi unoda “mari iyoyo kupfuura iye.

25 Uye zvino wanyepa pamberi paMwari kwandiri. Iwe wati kwandiri—Tarisai maondi

20a Aruma 10:32.

21a Aruma 10:13.

22a NKM Mweya

Mutsvene.

23a Aruma 5:41.

^b NKM Chiedzo.

24a I Tim. 6:10;

Tito 1:11.

matanhatu aya, anokosha zvikuru, ndichapa kwauri—Iwe mumwoyo mako wanga usingade kundipa; chawanga uchida chete changa chiri chekuti ndirambe Mwari vechokwadi mupenyu, kuti zvimwe ungava nechikonzero chokundiparadza. Uye zvino chitarira, nokuda kwechitadzo chikuru ichi uchawana mubairo wako.

26 Uye Ziziromu akati kwaari: Unoti kuna Mwari vechokwadi mupenyu?

27 Uye Amureki akati: Hongu, kuna Mwari vechokwadi mupenyu.

28 Zvino Ziziromu akati: Kuna vaMwari vakawanda here?

29 Uye akapindura achiti: Kwete.

30 Zvino Ziziromu akati kwaari zvakare: Unoziva seiko zvinhu izvi?

31 Uye akati kwaari: “Ngirozi yakandizivisa zvinhu izvi.

32 Uye Ziziromu akati zvakare: Ndianiko achauya? Mwanakomana waMwari here?

33 Akati kwaari: Hongu.

34 Uye Ziziromu akati zvakare: Ko vachaponesa vanhu vavo vari “muzvivi zvavo here? Zvino Amureki akapindura akati kwaari: Ndinoti kwauri havasi kuzodaro, nokuti hazvibviri kuti varambe shoko ravo.

35 Zvino Ziziromu akati kuvanhu: Onai kuti marangarira

zvinhu izvi; nokuti anoti kuna Mwari mumwechete chete; asi iye achiti Mwanakomana waMwari achauya, asi haasi kuzoponesa vanhu vake—kunge ane simba rokutuma Mwari.

36 Zvino Amureki akati zvakare kwaari: Tarisai wanyepa, nokuti wati ndataura sendine simba rekutuma Mwari nokuti ndati havasi kuzoponesa vanhu vavo vari muzvivi zvavo.

37 Uye ndinoti kwauri zvakare havakwanise kuvaponesa vari “muzvivi zvavo; nokuti handingarambe shoko ravo, uye akati ^bhakuna chinhu chine tsvina chingagare nhaka ‘youmambo hwekudenga; naizvozvo, ungaponeswe sei kunze kwokunge wawana nhaka youmambo hwokudenga? Naizvozvo, hangazoponeswe uri muzvivi zvako.

38 Zvino Ziziromu akati zvakare kwaari: Ko iye Mwanakomana waMwari ndiye here ivo Baba Vokusingaperi?

39 Amureki akati kwaari: Hongu, ndiye mumwechete Baba “Vokusingaperi vokudenga nepasi, nezvinhu ^bzvose zviri mazviri; mavambo namagumo, ndiye wokutangisa nowokupezdisira;

40 Uye achauya ^amunyika ^bkuzonunura vanhu vake; uye ^cachatora paari zvitadzo zveavo

31a Aruma 10:7–10.

34a Hir. 5:10–11.

37a I VaKori. 6:9–10.

b 1 Ni. 15:33;

Aruma 40:26;

3 Ni. 27:19.

NKM Kushaya

Humwari.

^c NKM Umambo

hwaMwari kana

Umambo

hweKudenga.

39a Isa. 9:6.

b VaKoro. 1:16;

Mosaya 4:2.

40a NKM Nyika.

b VaR. 11:26–27.

^c Eks. 34:6–7; Isa. 53:5;

I Joh. 2:2;

Mosaya 14:5; 15:12;

D&Z 19:16–19.

vose vachatenda muzita rake; zve ava ndivo vachava noupenyu hwokusingaperi, uye ruponeso harwuuye kune vasiri ava.

41 Naizvozvo vakaipa vanoramba vakadaro sokunonzi “hakuna kuve norununuro, kunze kwokunge kuri kusunungurwa kwengetani dzorufu; nokuti tarisai, zuva riri kuuya apo ^bvose vakafa vachamuka vogomira pamberi paMwari, ^cvogotongwa maererano namabasa avo.

42 Zvino, kune rufu runodaidzwa kuti rufu rwenyama; zve rufu rwaKristu rwuchasunungura “majoto orufu irworwu rwenyama, zvokuti vose vachamutswa kubva parufu irworwu rwenyama.

43 Mweya nomuviri “zvichabatanidzwa zvakare sezvazvinofanirwa kuve zvakaita; zvose makumbo maoko nenhengo dzose zvichaiswa panzvimbo yazvo, kana sezvatakaita panguva ino; zve tichaunzwa kuti timire pamberi paMwari, tichiziva sokuziva kwatiri kuita iye zvino, tigova ^bnendangariro yakajeka ^cyemhosva dzedu dzose.

44 Zvino, kuumbwa pakare uku kuchauya kuna vose, vose vakuru navaduku vose vakasungwa novakasununguka, vose varume navakadzi vose vakai-

pa novakarurama; uye zvakare kunezenge kusina kana kavhudzi kamwechete kemisoro yavo kanenge kakarasika; asi chinhu chose “chichadzorerwa pachinzvimbo chacho, sezvazviri iye zvino, kana mumuviri, vachaunzwa vagomiswa pamberi pechigaro cheutongi chaKristu Mwanakomana, naMwari ^bBaba, noMweya Mutsvene, vanova Mwari ^cmumwechete Vokusingaperi, kuti ^dvatongwe maererano namabasa avo, kuti vakanaka here kana kuti vakaipa.

45 Zvino tarisai, ndataura kwamuri pamusana porufu rwomuviri, uye zvakare “nezvekumutswa kwamuviri unofa. Ndinoti kwamuri muviri unofa ^bunozomutswa kuva muviri ^cusingafe, kubva mukufa, kubva murufu rwekutanga kudzokera muupenyu, kuti ^dvasazofa zvakare; mweya yavo ichibatana nemiviri yavo, zvisingazoparadzaniswa zvakare; munhu wacho achibva ava ^ewomweya asingafe, kuti vasa-zoona kuora zvakare.

46 Zvino, Amureki apedza mazwi aya vanhu vakatanga zvakare kushamiswa, uye Ziziromu akatanga kubvunda. Uye uku ndiko kupera kwakaita mazwi

41a Aruma 12:18;
D&Z 88:33.

b Zvaka. 20:12–13;
Aruma 42:23.

c NKM Kutonga,
Kwekupedzisira.

42a Aruma 12:16.

43a 2 Ni. 9:13;

Aruma 40:23.

b 2 Ni. 9:14;

Mosaya 3:25;

Aruma 5:18.

c NKM Mhosva, Kuva ne.

44a Aruma 41:12–15.

b NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari—
Mwari Baba.

c 3 Ni. 11:27, 36.

NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari.

d Zvaka. 20:12–13.

45a Aruma 40:23;
D&Z 88:16.

b NKM Kumuka
Kuvakafa.

c NKM Asingafe.

d Zvaka. 21:4;

D&Z 63:49; 88:116.

e I VaKori. 15:44.

aAmureki, kana kuti izvi ndizvo zvose zvandanyora.

CHITSAUKO 12

Aruma anoitirana nharo naZiziromu—Zvakavanzika zvaMwari zvinopiwa kune vakatendeseka chete—Vanhu vanotongwa nezva-vanofunga, zvavanotenda, mazwi avo, namabasa—Vakaipa vachafa rufu rwomweya—Upenyu huno ndohwekuyedzwa—Zano rerununu rinounza Kumutswa kuva-kafa, nokutenda, kukanganwirwa pazvivi—Vanotendeuka vanopihwa tsitsi kuburikidza noMwanakomana Mumwechete Akaberekwa. Zvingangove makore 82 Kristu asati azvarwa.

ZVINO Aruma, achiona kuti mazwi aAmureki akanga anyaradza Ziziromu, nokuti akanga aona kuti Amureki akanga abata ^akunyepa kwake nokunyengedza kuti amuparadze, nokuona kuti akanga ava kubvunda ^bnokuziva kuti ane mhosva, akazarura muromo wake akatangisa kutaura kwaari, achitsinhira mazwi aAmureki, nokutsanangura zvinhu zvirimberu, nokuzarura magwaro nezvose kupfuura zvakanga zvaitwa naAmureki.

2 Zvino mazwi ayo akataurwa naAruma kuna Ziziromu akanzwikwa navanhu vose vakanga vakakomberedza; nokuti gungano rakanga rakakura, akataura saizvozvo:

3 Zvino Ziziromu, sezvo wao-

nekwa nhema dzako nokunyengedza kwako, nokuti hauna kureva nhema kuna vanhu chete asi wareva nhema kuna Mwari; nokuti tarisai, anoziva ^apfungwa dzako dzose, uye uchionawo kuti pfungwa dzako dzakaziviswa kwatiri noMweya wake;

4 Uye unoona kuti taziva kuti zano rako ranga rakaipa, kufanana nokuipa kweradhiabhrosi, nokuti kureva nhema kwako nokunyengedza vanhu ava, kuti vatipandukire nokutishoropodza nokutirasira kunze—

5 Zvino iri ranga riri zano ^aromuvengi wako, akava anoratidza masimba ake mauri. Zvino ndinoti urangarire kuti zvandinoreva kwauri ndinoreva kune vamwe vose.

6 Uye tarisai ndinoti kwamuri mose uku kwange kuri kuteya kwemuvengi, uko akaita kuti abate vanhu ava, kuti agokuisai pasi pake, kuti agokutendredzai ^anengetani dzake, kuti, agokumoneredzai nengetani dzake kuti akusungirirei mukuparadzwa kusingaperi, maerera no nesimba rousungwa hwake.

7 Zvino apo Aruma akanga ataura mazwi aya, Ziziromu akatanga kubvunda zvikuru, nokuti akava anoramba achipwiswa nezvesimba raMwari; uye akapwiswawo kuti Aruma naAmureki vakanga vane ruzivo naye, nokuti akave anopwiswa kuti vaiziva pfungwa nezvinangwa zvemwoyo wake; nokuti simba rakapihwa kwava-

12 1a Aruma 11:20-38.
b NKM Hana.

3a Jak. 2:5; Aruma 10:17;
D&Z 6:16.

5a NKM Dhiabhrosi.
6a Aruma 5:7-10.

ri kuti vazive zvinhu izvi maererano nomweya wechiporofita.

8 Uye Ziziromu akatangisa kuvabvunza nesimba, kuti azive zvakawanda maererano noumambobo hwaMwari. Uye akati kuna Aruma: Ko izvi zvinorevei zvataurwa naAmureki maererano nokumutswa kwovakafa, kuti vose vachamutswa muvakafa, vose vakarurama navasakarurama, vagounzwa pamberi paMwari kuti vagotongwa maererano namabasa avo?

9 Uye zvino Aruma akatangisa kutsanangura zvinhu izvi kwari, achiti: Zvakapihwa kune vakawanda kuti vazive ^azvakananzika zvaMwari; zvisinei hazvo zvakaiswa pasi pomurairo wakaoma zvikuru kuti zvisazopiwa ^bchete maererano nemazwi ake aakapa kuvana vavanhu, asi kuti zvive maererano nokuteerera nokusimba kwavanopa kwaari.

10 Uye naizvozvo, uyo ^aanomesa mwoyo wake, iyeye anogamuchira ^bzvishoma zveshoko rake; uyo ^casingaomese mwoyo wake, kwaari ^dkuchapiwa zvizhinji zveshoko rake, kusvikira azopiwa kuti azive zvakavanzika zvaMwari kusvikira azviziva zvose zvizere.

11 Uye avo vachaomesa mwoyo yavo, vanopiwa ^achidimbu

chishoma cheshoko kudakara vashaya ^bchavanoziva pamusoro pezvishamiso zvake; zvino vobva vasungwa nadhiabhorozi, nokutungamirirwa nokuda kwake kunoparadzwa. Zvino izvi ndizvo zvinorehwa ^cnenge-tani ^ddzegehena.

12 Uye Amureki akanga ataura zviri pachena maererano ^anorufu, nokubviswa mukufa uku tichienda mukusafa, nokumiswa pamberi pechigaro chekutonga chaMwari, kuti ^btitongwe maererano namabasa edu.

13 Zvino kana mwoyo yedu yakaomeswa, hongu, kana takaomesa mwoyo yedu kushoko, zvekuti harisakawanikwa matiri, upenyu hwedu huchave mudambudziko guru, zvokuti ipapo tinozorangwa.

14 Nokuti ^amazwi edu achatirasa, hongu, mabasa edu ose achatiramba; hatizoonekwa tisinga mavara; uyewo pfungwa dzedu dzichatiramba; uye takadaro hatizodi kutarisa kuna Mwari vedu; uye tingatoda nokufara kukwanisa kuraira matombo ^bnemakomo kuti awire pamusoro pedu kuti ^cativige tisamuone.

15 Asi izvi hazvingadaro; tinofanira kuuya kuti timire pamberi pavo mukubwinya kwavo, nomusimba ravo, nomukuru-

9a Aruma 26:22.
NKM Zvakavandika zvaMwari.
b Joh. 16:12;
Aruma 29:8;
3 Ni. 26:8–11; Eta 4:7.
10a 2 Ni. 28:27; Eta 4:8.
b D&Z 93:39.
c NKM Akazvininipisa.

d 2 Ni. 28:30;
D&Z 50:24.
11a Mat. 25:29.
b NKM Kurasika Pachitendero.
c Joh. 8:34;
2 Ni. 28:19.
d Zir. 9:18;
2 Ni. 2:29.

NKM Gehena.
12a Aruma 11:41–45.
b NKM Kutonga, Kwekupedzisira.
14a Mat. 12:36; Jkb. 3:6;
Mosaya 4:29–30.
b Hos. 10:8; 2 Ni. 26:5.
c Jobo 34:22;
2 Ni. 12:10.

rama kwavo, nomuumambo hwavo, uye tigobvuma ^amukunyarara kwedu kusingaperi kuti ^bkutonga kwavo kwakanaka; kuti wakarurama mumabasa avo ose, uye kuti vane tsitsi kuvana vavanhu, uye kuti vane simba rose rokuponesa munhu wose uyo anotenda muzita ravo nokuunza michero inobvuma kutendeuka.

16 Uye zvino tarisai, ndinoti kwamuri kwozouya rufu, kana ^arufu rwechipiri, rwuri rufu rwomweya, inguva yokuti uyo anofira muzvivi zvake, ^bsorufu rwenyama ^cachazofawo rufu rwemweya; hongu, achafa kuzvinhu zviri maererano nokururama.

17 Zvino ndiyo nguva inenge kurwadziwa kwavo kwave ^asedziva romoto nesuriferi, rimi racho rinoramba richikwira nariini; uye ndiyo nguva iyo vachazosungwa mukuparadzwa kusingaperi, maererano nesimba nokubatwa naSatani, iye avaita kuti vaite kuda kwake.

18 Zvino, ndinoti kwamuri, kuchazova sokwakanga ^akusina rununuro rwakaitwa; nokuti havangaponeswe nekutonga kwaMwari; uye ^bhavangafi, nokuti panenge pasisina kuora.

19 Zvino zvakaitika kuti apo Aruma akanga apedza kutaure

mazwi aya, vanhu vakatanga kushamiswazve.

20 Asi pakanga pane mumwe Andiona, uyo akanga ari mutongi mukuru pakati pavo, akauya akati kwaari: Izvi zviiko zvawataura, kuti munhu achamutswa muvakafa achigoshandurwa kubva pamuviri uno unofa kuenda pamuviri ^ausingafe, kuti mweya hauzofi?

21 Magwaro anorevei, kana achiti Mwari vakaisa ^amakerubi nomunondo unobvira kumbavazuva kwebindu ^breEdeni, kuti vabereki vedu vokutanga vasapinde nokunotora muchero womuti weupenyu, kuti vagogara nokusingaperi? Uye nainzvozo tinoona kuti vakanga vasingazogara nokusingaperi.

22 Zvino Aruma akati kwaari: Ichi ndichochinhu chandanga ndava kuda kutsanangura. Zvino tinoona kuti Adama ^aakaputsika nenzira yokudya ^bmuchero wakarambidzwa, maererano neshoko raMwari; saka tinoona, kuti nokuputsika kwake, vanhu vose ^cvakarasika vakaputsika.

23 Uye zvino tarisai, ndinoti kwamuri dai zvakanga zviri nyore kuti Adama ^aadye muchero womuti woupenyu panguva iyoyo, kungadai kusina rufu; shoko ringadai risipo, zvichiita

15a Mosaya 3:25.

^b II Pet. 2:9.

NKM Yenzaniso.

16a NKM Rufu, rweMweya.

^b Aruma 11:40-45.

^c 1 Ni. 15:33;

Aruma 40:26.

17a Zvaka. 19:20; 21:8;

Mosaya 3:27.

18a Aruma 11:41.

^b Zvaka. 21:4;

Aruma 11:45;

D&Z 63:49.

20a NKM Asingafe.

21a Gen. 3:24;

Aruma 42:2;

Mos. 4:31.

NKM Makerubi.

^b NKM Edeni.

22a NKM Kupunzika kwaAdama naEva.

^b Gen. 3:6;

2 Ni. 2:15-19;

Mosaya 3:26.

^c Mosaya 16:4-5.

23a Aruma 42:2-9.

Mwari murevi wenhema, no-kuti vakati: ^bKana uchinge wangoudya chete zvechokwadi uchafa.

24 Uye tinoona kuti ^arufu rwunouya kumarudzi ose, hongu, rufu urwo rwataurwa na-Amureki, rwunova rufu rwenyama; zvisinei kune nguva yakapiwa ^bmunhu kuti atendeuke; naizvozvo upenyu huno hwakava hwokuedzwa; nguva ^cyokugadzirira kusangana na-Mwari; nguva yokugadzirira izvo zvisingaperi yatakutaurirai, iyo iri shure kwekumutswa kuvakafa.

25 Zvino, dai pakanga pasina ^azano rorununuro, urwo rwakavapo kubva pakuvambwa kwenyika, kungadai kusina ^bkumutswa kuvakafa; asi pakanga paine zano rorununuro, richaunza kumutswa kuvakafa, zvinova izvo zvataurwa.

26 Uye zvino tarisai, dai vabe-reki vedu vokutanga vakange vaenda vakanodya ^amuti weupenyu vangadai vakasuwa nokusingaperi, vasina nguva yokugadzirira; uye ^bzano rorununuro ringadai rakakanganiswa, uye shoko raMwari ringadai risipo, risingataure chinhu.

27 Asi tarisai, zvakanga zvisina kudaro; asi zvakanga ^azvaka-

sarudzirwa kuvanhu vose kuti vachafa; uye shure kworufu, vanofanira kuuya ^bkuzotongwa, kutongwa ikwo kuya kwatataura, kuri ikwo kwekupedzisira.

28 Uye shure kwokunge Mwari vataura kuti zvinhu izvi zviuye kuvanhu, tarisai, vakao-na kuti zvakafanira kuti vanhu vazive nezvezvinhu zvavakanga vavasarudzira.

29 Naizvozvo akatumira ^angirozi kuti dzikurukure navo, dzikaita kuti vanhu vaone kubwinya kwake.

30 Uye vakatangisa kubvira panguva iyoyo kudaidza zita rake; naizvozvo Mwari ^aakakurukura navanhu, akavazivisa ^bzano rorununuro, urwo rwakanga rwakagadzirwa kubva ^ckutonga kwenyika; izvi akavazivisa maererano nokutenda kwavo nokutendeuka kwavo namabasa avo matsvene.

31 Naizvozvo, vakapa ^amirairo kuvanhu, sezvo vakanga vatanga kusateerera mirairo ^byo-kutanga pamusana pezvinhu zvenyama; uye vachiva savamwari, ^cvachiziva zvakanaka kubva kune zvakaipa, vachizviisa pachinzvimbo ^dchokuita kana kuiswa pachinzvimbo chokuita kuda kwavo, kuti voita zvakaipa kana kuti zvakanaka —

23b Gen. 2:17.

24a NKM Rufu, rwenyama.

b 2 Ni. 2:21;
Mos. 5:8–12.

c Aruma 34:32–35.

25a NKM Hurongwa hweRununuro.

b 2 Ni. 2:8;
Aruma 7:12; 42:23.

26a Gen. 2:9; 1 Ni. 15:36;
Aruma 32:40.

b Aruma 34:8–16;
42:6–28;
Mos. 6:59–62.

27a Jobo 7:1;
VaH. 9:27;
D&Z 42:48.

b NKM Kutonga,
Kwekupedzisira.

29a Moro. 7:25, 31;
D&Z 29:42.

30a Mos. 5:4–5; 6:51.

b NKM Hurongwa hweRununuro.

c Mosaya 18:13;
Aruma 13:3, 5, 7–8.

31a NKM Mirairo yaMwari.

b Gen. 2:16–17;
2 Ni. 2:18–19.

c Gen. 3:22–23;
Mos. 4:11.

d 2 Ni. 2:16.
NKM Kuzvisarudzira.

32 Naizvozvo Mwari vakavapa mirairo, shure kwokunge “vavazivisa zano rorununuro, kuti vasaite zvakaipa, kurangwa kwacho pamusana pekuita zvakaipa kuri ^bkufa kwechipiri, kwaizova rufu rwusingaperi maererano nezvinhu zvitvene; nokuti pavanhu ivavo nzira yorununuro hayaizowana simba, nokuti mabasa ‘okuenzanisa haaizoparadzwa, maererano nokunaka kukuru kwaMwari.

33 Asi Mwari vakadana vanhu, muzita roMwanakomana wavo, (iyi yaiva nzira yorununuro yakamiswa) vachiti: Kana muchinge matendeuka, musingaomese mwoyo yenyu, ndichazova netsitsi pamusoro penyu, kuburikidza noMwanakomana Mumwechete Akaberekwa;

34 Naizvozvo, uyo wose anotendeuka asingaomese mwoyo wake, anekodzero yekuwana “tsitsi nenzira yeMwanakomana Mumwechete Akaberekwa, ^bachiregererwa zvitema zvake, uye vose ivava vachava ‘nezororo kwandiri.

35 Uye uyo wose anoomesa mwoyo wake, achiita zvakaipa, tarisai, ndinopika nokutsamwa kwangu kuti haapinde muzororo rangu.

36 Uye zvino hama dzangu, tarisai ndinoti kwamuri, kana muchinge maomesa mwoyo yenyu hamuzopinda muzororo raIshe; naizvozvo kuipa kwenyu kunomutsa ivo kuti vatumire

kutsamwa kwavo pamusoro penyu sapakutsamwiswa “kwokutanga, hongu, maererano nezwi ravo, pakushatiriswa kwavo kwokupedzisira zvimwechetezvo sokwokutanga, kusvika ^bpakuparadzwa kwe-mweya yenyu kusingaperi; naizvozvo maererano nezwi ravo kusvikira rufu rwokupedzisira, kunyange norufu rwo-kutanga.

37 Uye zvino, hama dzangu, tichiona kuti tinoziva zvinhu izvi, uye ndezvechokwadi, ngatitendeukei, tisingaomese mwoyo yedu, kuti “tisatsamwise Ishe Mwari vedu kuti varegedze kutumira kutsamwa kwavo kwatiri mumirairo yavo yechipiri yaakatipa; asi ngatipindei ^bmukuzorora kwaMwari, uko kwakagadzirwa maererano neshoko ravo.

CHITSAUKO 13

Varume vanodaidzwa kuti vave vapirisita vepamusoro nenzira yerutendo rwavo rwakawanda nemabasa akanaka — Vanonzi vadzidzise mirairo — Kuburikidza nekururama vanoitwa kuti vave vatsvene uye vopinda muzororo raIshe — Merkizedeki aive mumwe weava — Ngirozi dziri kutaura mashoko akanaka munyika yose — Dzichaburitsa pachena kuuya chaiko kwaKristu. Zvingangove makore 82 Kristu asati azvarwa.

32a Mos. 5:4–9.

^b NKM Rufu, rweMweya.

^c Mosaya 15:27;

Aruma 34:15–16; 42:15.

34a NKM Anetsitsi.

^b NKM Kuregererwa kweZvitadzo.

^c NKM Zororo.

36a Jak. 1:7–8;

Aruma 42:6, 9, 14.

^b NKM Kuraswa.

37a 1 Ni. 17:30;

Jak. 1:8;

Hir. 7:18.

^b Aruma 13:6–9.

UYE zvakare hama dzangu, ndinoisa pfungwa dzenyu kunguva Ishe Mwari yavakapa mirairo iyi kuvana vake; uye ndinoti dai marangarira kuti Ishe Mwari “vakagadza vapirisita, muhurongwa hwavo hutsvene, hwakange huri hurongwa hweMwanakomana wake, kuti vadzidzise zvinhu izvi kuvanhu.

2 Uye vapirisita ava vakagadzwa maererano nemitemo “yehurongwa hweMwanakomana wake, ^bnenzira inoita kuti vanhu vazive kuti vangatarisire netsika ipi kuMwanakomana kuti vanunurwe.

3 Uye iyi ndiyo nzira yavaigadzwa nayo—“vachidaidzwa uye ^bvachigadzirirwa kubvira ^cmukutanga kwenyika maererano ^dnokufanoziva kwaMwari, pamusoro perutendo rwavo rwakawanda nemabasa avo akanaka; pakutanga vachisiiwa kuti ^evasarudze zvakanaka kana zvaikaipa; naizvozvo ivo vasarudza zvakanaka, uye vachiratidza ^frutendo rwakawanda zvikuru, ^gvanodaidzwa nokudaidzwa kutsvene, hongu, nekudaidzwa kutsvene kuya kwakagadzirwa, nezviri maererano nehurongwa hwerununuro rwevakadaro.

4 Uye ndiko “kudaidzwa kwavakaitwa mukudaidzwa uku kutsvene pamusana perutendo

rwavo, vamwe vachiramba Mweya waMwari pamusana pekuoma kwemwoyo yavo nepofu hwepfungwa dzavo, zvekuti, dai pakanga pasina izvi vangadaro vakave ^bnepundutso yakaenzana nehama dzavo.

5 Kana muchidimbu, munzvimbo yekutanga vakanga “vakaenzana nehama dzavo; naizvozvo basa dzvene iri ririkugadzirirwa kubvira pakutanga kwenyika kuitira avo vasingamose mwoyo yavo, vari mukati mekudzikinurwa naiye ega Mwanakomana Mumwechete Akaberekwa, akagadzirirwa—

6 Uye naizvozvo arikudaidzwa kubasa dzvene iri, nokugadzwa hupirisita hwepamusoro hwehurongwa hutsvene hwaMwari, kuti adzidzise mirairo yake kuvana vevanhu, kuti naivowo vagopinda “muzororo ravo—

7 Hupirisita hwepamusoro uhwu huri maererano nehwechikwata cheMwanakomana wavo, chiri chikwata chakange chiripo kubvira pahwaro hwenyika; kana kuti nemamwe mazwi, chiri “chisina pakatanga mazuva kana pakaperera makore, chiri chakagadzirirwa kubva nokusingaperi kusvika nokusingaperi kwose, maererano nokufanoziva ^bkwake zviri mberi muzvinhu zvose—

13 1a Abr. 2:9, 11.

2a D&Z 107:2-4.

b Aruma 13:16.

3a D&Z 127:2.

NKM Sarudzo;

Kufano gadzwa.

b D&Z 138:55-56.

c Aruma 12:25, 30.

NKM Upenyu

hwenyama husati

hwavepo.

d D&Z 38:2.

e NKM Kuzvisarudzira.

f NKM Rutendo.

g NKM Akadaidzwa

naMwari; Hupirisita.

4a Eta 12:10.

b 1 Ni. 17:32-35.

5a 2 Ni. 26:28.

6a Aruma 12:37; 16:17.

NKM Zororo.

7a VaH. 7:3.

b NKM Mwari, Musoro

hwehuMwari.

8 Zvino ndiyo tsika “yavaigadzwa nayo—vachidaidzwa nokudaidzwa kutsvene, uye vachigadzwa mubasa dzvene, uye vachitora hupirisita hwepamusoro hwechikwata chitsvene, kuri kudaidzwa, nebasa, nehu-pirisita hwepamusoro, zvisina kwekutanga kana magumo—

9 Ndiko kuita kwavanobva vave “vapirisita vepamusoro zvachose, mugungano reMwanakomana, Mumwechete Akaberekwa waBaba, asina pakatangingira mazuva kana panoperera makore, azere ^bnenyasha, nekuenzanisa, nechokwadi. Uye ndizvo zvazviri. Amen.

10 Zvino, sekutaura kwandaita maererano negungano dzvene, kana hupirisita uhwu “hwepamusoro, kune vazhinji vakagadzwa uye vakave vapirisita vepamusoro vaMwari; uye zvakange zviri zvaikonzera nerute-ndo rwavo rwakawanda ^bnokutendeuka kwavo, nokururuma kwavo pamberi paMwari, ivo vari vakasarudza kutendeuka nokushandira kururama pane kuti vafe;

11 Naizvozvo vakanga vakadaidzwa mugungano dzvene iri, uye “vakatsveneswa, uye ^bnhumbi dzavo dzikasukwa

dzikachena kuburikidza nero-pa reGwayana.

12 Zvino ivo, mushure “mekutsveneswa ^bneMweya Mutsvene, nhumbi dzavo dzaitwa chena, uye vari “vakachena vasina kavara pamberi paMwari, ha-vaikwanisa kutarisa “chitadzo “vasingashore; uye kwakange kuine vazhinji, vakawanda chaizvo, vakaitwa vachena uye vakapinda muzororo raIshe Mwari vavo.

13 Uye zvino hama dzangu, ndinoti dai mazvirereka pamberi paMwari, uye muunze “michero yakafanira kutende-uka, kuti nemiwo mupinde muzororo iroro.

14 Hongu, zvirerekei kana kufanana nevanhu vemumazuva “aMerkizedeki, akange ariwo mupirisita wepamusoro mugungano iri randambotaura, akatora hupirisita hwepamusoro uhwu zvachose.

15 Uye ndiyeyu Merkizedeki mumwecheteyo, kwaibvisirwa chegumi “naAbrahama; hongu, kana baba vedu Abrahama vaibvisa ^bchegumi chavo che-zvinhu zvose zvavaive nazvo.

16 Zvino uku ndiko kupiwa kwaitwa “zvisungo izvo, kuti vanhu naizvozvo vatarisire ku-

8a D&Z 84:33–42.
nkm Hupirisita
hwaMerkizedeki.

9a nkm Mupirisita
wePamusoro.
b 2 Ni. 2:6.
nkm Nyasha.

10a D&Z 84:18–22.
b nkm Rutendeuko.

11a Mos. 6:59–60.
b 1 Ni. 12:10;

Aruma 5:21–27;
3 Ni. 27:19–20.

12a VaR. 8:1–9.
nkm Kutsveneswa.

b nkm Mweya
Mutsvene.

c nkm Chakachena.

d Mosaya 5:2;
Aruma 19:33.

e Zir. 8:13;
Aruma 37:29.

13a Ruka 3:8.

14a D&Z 84:14. djs,
Gen. 14:25–40.

nkm Merkizedeki.

15a nkm Abrahama.
b Gen. 14:18–20;
Mara. 3:8–10.

nkm Chegumi.

16a nkm Zvisungo.

Mwanakomana waMwari, zviri zviratidzo zvehurongwa hwake, hukuru ^bchimiro chehurongwa hwake izvi zviri zvekuti vatari-sire kwaari kuti varegererwe zvitadzo zvavo, kuti zvimwe vangapinde muzororo raIshe.

17 Zvino Merkizedeki uyu aive mambo wenyika yeSaremi; uye vanhu vake vakange vasimba zvikuru muzvitadzo nemuku-kanganisa; hongu, vose vakanga varasika; vakange vazere ne-huipi hwose-hwose;

18 Asi Merkizedeki ari munhu airatidza rutendo rukuru, uye akatambira hupirisita hwepa-musoro maererano nehurongwa ^ahutsvene hwaMwari, aiparidza rutendeuko kuvanhu vake. Uye tarisai, vakatendeuka; uye Merkizedeki akadzika runya-raro munyika mumazuva ake; saka akadaidzwa kuti jinda rerunyararo, nokuti akange ari mambo weSaremi; uye aitonga ari pasi papaba vake.

19 Zvino kwaive ^anevakawanda iye asati avepo, uye kwaive nevakawanda mushure make, asi ^bhapana aive mukuru kupfura iye; naizvozvo, iye akanyanya kutaura nezvake.

20 Zvino handifanire kudzo-kerera nyaya iyi; zvandataura zvakakwana. Tarisai, ^amagwaro matsvene ari pamberi penyuu; ^bmukarwisana nawo munenge mave kutozviparadza pachenyu.

21 Uye zvino zvakaitika kuti Aruma paakanga ataura mazwi aya kwavari, akatambanudzira ruoko rwake kwavari akachema nezwi guru, achiti: Ino ndiyo nguva ^ayekutendeuka, nokuti zuva reruponeso rave kuswe-dera pedyo.

22 Hongu izwi raIshe, ^anemi-romo yengirozi; rinodaidzira kumarudzi ose, hongu, rinoda-idzira, kuti vawane mashoko akanaka nerufaro rukuru; hongu, uye vanodaidzira mashoko akanaka aya mukati mevanhu vavo vose, hongu, kana kune avo vakapararira nenyika; no-kudaro vauya kwatiri.

23 Uye zvakaziviswa kwatiri zviri ^apachena, kuti tinzwisise, kuti tisakanganise; izvi nenzira yokuti tiri ^bvafambi munyika yevatorwa; naizvozvo, takadi-wa zvikuru, nokuti mashoko anofadza aya akataurwa kwatiri mumativi ose emunda wedu wemizambiringa.

24 Nokuti tarisai, ^angirozi dziri kutaurira vazhinji munguva ino munyika medu; uye izvi zviri zvekugadziridza mwoyo yevana vevanhu kuti vatambire shoko ravo panguva yaachauya muku-bwinya kwake.

25 Uye zvino tangomirira chete kunzwa nhau dzinorufaro dzi-chiudzwa kwatiri nemiromo yengirozi, dzekuuya kwavo; no-kuti nguva iri kuuya, ^ahatizive

16b NKM Zvemucherechedzo.

18a NKM Hupirisita hwaMerkizedeki.

19a Hir. 8:18;
D&Z 84:6-16;
107:40-55.

^b D&Z 107:1-4.

20a NKM Magwaro matsvene.

^b II Pet. 3:16;
Aruma 41:1.

21a NKM Rutendeuko.

22a Aruma 10:20.

23a 2 Ni. 25:7-8; 31:3; 32:7;

Jak. 4:13;

Eta 12:39.

^b Jak. 7:26.

24a Aruma 10:10; 39:19.

25a 1 Ni. 10:4;

3 Ni. 1:13.

kuti ndiriini. Dai Mwari vaita kuti zvive ndichiri mupenyu; asi zvive zvino kana imwe nguva, mazviri ndichapembera.

26 Uye zvichaziviswa kune “vakarurama uye vatsvene, nemiro mo yengirozi, panguva yekuuya kwake, kuti mazwi emadzibaba edu azadzikiswe, maererano nezvavakataura pamusoro pake, zvakange zviri maererano nechiporofita chaive mavari.

27 Uye zvino, hama dzangu, “ndinodisa nemwoyo wangu wose, hongu, neshungu huru dzinotorwadza, kuti dai mateerera kumazwi angu, uye murase zvitema zvenyu, uye musaveregere zuva rekutendeuka kwenyu;

28 Asi kuti muzvirereke pamberi paIshe, uye mudaidze zita ravo dzvene, uye “mutarisire uye murambe muchinamata, kuti ^bmusaedzwe kudarika zvamunogona kukunda, uye kuti mutungamirwe neMweya Mutsvene, muchizvirereka, ‘makapfava, muchibvuma, makatsiga, muzere nerudo nokushivirira.

29 “Muine rutendo munaIshe; muine tariro yokuti muchagashira upenyu hwokusingaperi; muine ^brudo rwaMwari mwoyo yenyu nguva dzose, kuti mugozosimudzwa musi wekupedzisira uye mugopinda ‘muzororo ravo.

30 Uye Ishe vakupei rutendeuko, kuti musaunze kushatirwa kwavo pamusoro penyu, kuti musasungwe nengetani “dzegehena, kuti musazofa ^brufu rweperi.

31 Uye Aruma akataura mamwe mazwi akawanda kuvanhu, asina kunyorwa mubhuku rino.

CHITSAUKO 14

Aruma naAmureki vanoiswa mutirongo uye vogorohwa — Vanotenda nemagwaro avo matsvene vanopiswa nemoto — Vanofira Ishe vanotambirwa navo mukubwinya — Madziro etirongo anotsemuka uye achibva angondomoka — Aruma naAmureki vanoponeswa, uye vanovanetsa vanouraiwa. Zvingangove makore 82 kusvika ku81 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti apedza kutaura kuvanhu ava vazhinji vavo vakatenda kumazwi ake, vakatanga kutendeuka, nokunzvera “magwaro matsvene.

2 Asi vazhinji vaida kuti dai vaparadza Aruma naAmureki; nokuti vakanga vashatirirwa Aruma, pamusana pekutaura zviri “pachena kuna Ziziromu; uye vakatiwo Amureki ainge ^bavanyepera, uye akatuka mutemo wavo nemagweta avo nevatongi vavo.

26a Amosi 3:7;
Ruka 2:8–11.
27a Mosaya 28:3.
28a NKM Munamoto;
Murindiri.
b I VaKori. 10:13.
c NKM Akapfava;

Mwoyo Murefu.
29a Aruma 7:24.
b D&Z 20:31; 76:116.
NKM Rudo
Rwakadzama.
c D&Z 84:24.
30a NKM Kuraswa;

Gehena.
b NKM Rufu, rweMweya.
14 1a II Madz. 22:8–13.
NKM Magwaro
matsvene.
2a Aruma 12:3–7.
b Aruma 10:27.

3 Uye vakashatiriswawo na-Aruma naAmureki; nenzira ye-kuti hapana chavakanga vavanza pakuvataurira nezvehuipi hwavo, vakatsvaka kuvauraya muruvande.

4 Asi zvakaitika kuti havana kuzviita; asi vakavatora vakavasunga netambo dzakasimba, uye vakaenda navo kumutongi mukuru wenyika.

5 Uye vanhu vakaenda vakano-vapomera — vachipupura kuti vakanga vatuka mutemo, nemagweta nevatongi venyika, uyezve nevanhu vose vemunyika; uye vachipupura kuti kuna Mwari mumwechete, uye vachatumira Mwanakomana wavo mukati mevanhu, asi haavaponise; nezvimwe zvizhinji zvakadaro zvakapomerwa Aruma naAmureki nevanhu. Zvino izvi zvakaitwa pamberi pemutongi mukuru wenyika.

6 Zvino zvakaitika kuti Zizirumu akashamiswa nemazwi akanga ataurwa; uye aizivawo nokupofomadzwa kwepfungwa, kwaakanga akonzera mukati mevanhu pamusana pemazwi ake ekunyepa; uye mweya wake ukatanga ^akunetswa nekuziva ^bnokunyumwa kwake kuti ane mhosva; hongu, akatanga kunzwa kukomberedzwa nokurwadziwa kwegehena.

7 Uye zvakaitika kuti akatanga kuchema kvanhu, achiti: Tarisai, ini ndine ^amhosva, ava varume havana kana kavara pamberi paMwari. Akatanga

kuvareverera kubvira panguva iyoyo; asi vakamutuka, vachiti: Asi iwe wabatwawo nadhiahborosi? Uye vakamusvipira, uyezve ^bvakamubvisa mukati mavo, neavo vose vakanga vate-nda kumazwi akanga ataurwa naAruma naAmureki; uye vakavatandira kunze, uye vakatuma vanhu kuti vanovatema nemabwe.

8 Uye vakauya nevakadzi vavo nevana vavo pamwechete, uye ani zvake aitenda kana akanga adzidziswa kutenda mushoko raMwari vakaita kuti vakandwe mumoto; uye vakauyawo nezvinyorwa zvavo zvakange zviine magwaro matsvene, vakazvikandawo mumoto, kuti zvitsve zviparadzwe nemoto.

9 Uye zvakaitika kuti vakatora Aruma naAmureki, ndokuvatakura vachienda navo kunzvimbo yaiurairwa vatendi, kuti vaone kuparadzwa kwaiitwa avo vaipiswa nemoto.

10 Uye Amureki paakaona kurwadziwa kwaiita vakadzi nevana vakanga vachitsva mumoto, akanzwawo kurwadzwa; uye akati kuna Aruma: Tinotarisai sei zvinhu zvakaipa kudai? Naizvozvo ngatitambanudzei maoko edu, tishandise ^asimba raMwari riri matiri, tivaponise kubva murimi iri.

11 Asi Aruma akati kwaari: Mweya uri kundirambidza kuti ndisatambanudze ruoko rwangu; nokuti tarisai Ishe vari kuvatambira ivo pachavo,

6a Aruma 15:5.
b NKM Hana.

7a Aruma 11:21–37.
b Aruma 15:1.

10a Aruma 8:30–31.

“mukubwinya; uye vanobvumira kuti vaite chinhu ichi, kana kuti vanhu vaite izvi kwavari, maererano nokuoma kwemwoyo yavo, kuti ^bkutonga kwavachavaita mukushatirwa kwavo kugove kwakakodzera; uye ‘ropa ^drevasina mhosva richavaro-vera, hongu, uye richichema nesimba muzuva rekupedzisira.

12 Zvino Amureki akati kuna Aruma: Tarisai, zvimwe nesuwo vachatipisa.

13 Uye Aruma akati: Ngazvive sekuda kwaIshe. Asi, tarisai, basa redu harisati rapera; naitzvovvo havatipise.

14 Zvino zvakaitika kuti miviri yeavo vakanga vakandwa mumoto yatsva, uye nezvinyorwa zvakanga zvakandwawo nayo, mutongi mukuru wenyika akauya akamira pana Aruma naAmureki, vakasungwa; uye akavarova neruoko rwake pamatama, akati kwavari: Mushure mezvamaona, muchaparidzira vanhu ava zvakare here, kuti vachakandwa “mudziva remoto nesuriferi?

15 Tarisai, muri kuona kuti hamuna simba rekuponesa avo vakandwa mumoto; kana Mwari havana kuvayamura nokuti vange vari verutendo rwenyu. Uye mutongi akavarova zvakare pamatama, uye akavabunza: Mungazvitaure muchititii?

16 Zvino mutongi uyu waive wegungano nerutendo “rwaNehoh, akauraya Gideoni.

17 Uye zvakaitika kuti Aruma naAmureki havana chavakamupindura; uye akavarova zvakare, uye ndokuvapa kumapurisa kuti avaise mutirongo.

18 Uye vagara mutirongo kwemazuva matatu, kwakauya “magweta akawanda, nevatongi, nevapirisita, nevadzidzisi, vakanga vaine basa seraNehoh; uye vakapinda mutirongo kunovaona, uye vakavabunza pamusoro pemazwi mazhinji, asi hapana chavakavapindura.

19 Uye zvakaitika kuti mutongi akamira pamberi pavo, uye akati: Sei musiri kupindura mazwi evanhu ava? Hamuzive kuti ndine simba rekukutumirai kumoto? Uye akavati vataure; asi havana chavakapindura.

20 Uye zvakaitika kuti vakabva vakaenda, asi vakadzoka zvakare ramangwana; uye mutongi akavarova zvakare nembama pamatama avo. Uye vazhinji vakauyawo, vakavarova, vachiti: Muchamira zvakare here muchitunga vanhu ava, muchishora mutemo wedu? Kana muine simba rakadaro muri kudii “kuzviyamura?

21 Uye zvinhu zvizhinji zvakadaro zvavakataura kwavari, vachitsenga mazino avo kwavari, uye vachivasvipira, uye vachiti: Tichatarisika sei kana taraswa?

22 Uye zvinhu zvizhinji zvakadaro, hongu, zvoise zvakadaro zvakasiyana siyana zvavakataura kwavari; uye vakavaseka

11a NKM Kubwinya.
b Mpi. 37:8-13;
Aruma 60:13;
D&Z 103:3.

NKM Yenzaniso.
c NKM Kuponderwa
Chitendero.
d Mosaya 17:10.

14a Aruma 12:17.
16a Aruma 1:7-15.
18a Aruma 10:14; 11:20.
20a Mat. 27:39-43.

kwemazuva mazhinji. Uye vakavanyima zvekudya kuti vanzwe nzara, nemvura kuti vanzwe nyota; uye vakavatorera nhu-mbi dzavo vakasara vasina cha-vakapfeka; uye vakasungwa netambo dzakasimba, vakaiswa mutirongo.

23 Uye zvakaitika kuti mu-shure mekunge vatambudzika kwemazuva mazhinji, (uye rai-ve zuva rechigumi nemaviri, mumwedzi wechigumi, mugore rechigumi rekutonga kwevato-ngi vanhu vaNifai) kuti mutongi mukuru munyika ya-Amonaiha nevadzidzisi vavo vazhinji nemagweta avo vaka-enda vakapinda mutirongo maive naAruma naAmureki va-kasungwa netambo.

24 Uye mutongi mukuru aka-mira pamberi pavo, uye ndo-kuvarova zvakare, uye ndokuti kwavari: Kana muine simba ra-Mwari zvibvisei mumajoto aya, uye zvino ndikwo kuti titende kuti Ishe vachaparadza vanhu ava maererano nemazwi enyu.

25 Uye zvakaitika kuti vose vakaenda vakavarova, vachita-ura mazwi mamwecheteo, ku-svika pane wekupedzisira; uye wekupedzisira ataura kwavari “simba raMwari rakanga rava pana Aruma naAmureki, uye vakasimuka vakamira netsoka dzavo.

26 Uye Aruma akachema, achi-ti: Ko “tichatambudzika kusvika riini nhai Ishe? Imi Ishe, tipei simba maererano nerutendo

rwe-du muna Kristu, kana mu-kuponeswa. Uye vakadambura tambo dzakanga dzakavasunga; uye vanhu zvavakaona izvi, vakatanga kutiza, nokuti kutya kuparadzwa kwakange kwave pavari.

27 Uye zvakaitika kuti kutya kwavo kwaive kukuru zvekuti vakawira pasi, vakatadza kusvi-ka pamusiwo wekunze “weti-rongo; uye nyika yakandendemera zvikuru, uye madziro etirongo akatsemuka paviri, zvekuti aka-wira pasi; uye mutongi mukuru, nemagweta, uye vapisita, ne-vadzidzisi, vakarova Aruma na-Amureki, vakauraiwa nekuwi-ruwa nemadziro.

28 Uye Aruma naAmureki va-kabuda mutirongo, uye havana kukuvara; nokuti Ishe vakanga vavapa simba, maererano noku-tenda kwavo kuri muna Kristu. Uye vakabva vabuda mutirongo; uye vakasunungurwa “majoto avo; uye tirongo rakanga rawira pasi, nemweya wose wakanga urimo, kunze kwaAruma na-Amureki, yakauraiwa; ndoku-bva pakarepo vapinda muguta.

29 Zvino vanhu pavakanzwa zhowe-zhowe vakauya vachi-mhanya pamwechete vari mho-mho kuti vazoona kuti vazive chikonzero chacho; uye pava-kaona Aruma naAmureki va-chibuda kubva mutirongo, uye icho chidziro chacho chawira pasi, uye vakatiza Aruma na-Amureki kunge mbudzi ine vana yaona shumba mbiri; uye

25a Aruma 8:31.

26a Jkb. 5:10–11;
Mosaya 17:10–20;

D&Z 121:7–8.

27a Mabasa 16:26;
Eta 12:13.

28a Jak. 4:6;

3 Ni. 28:19–22.

ndiko kutizwa kwakaita Aruma naAmureki.

CHITSAUKO 15

Aruma naAmureki vanoenda kuSidhomu uye vanomisa chechi—Aruma anorapa Ziziromu, anobva auya muChechi—Vazhinji vanobhabhatidzwa, uye Chechi ichibva yabudirira—Aruma naAmureki vanoenda kuZarahemura. Zvingangove makore 81 Kristu asati azvarwa.

Uye zvakaitika kuti Aruma naAmureki vakaudzwa kuti vabve muguta iri; uye vakabva, vakabuda vakapinda munyika yeSidhomu; uye tarisai, imomo vakasvikowana vanhu vose vakanga vabva munyika ^ayaAmonaiha, vakanga ^bvatandaniswa vakatemwa nematombo, pamusana pekuti vakanga vata tinda kumazwi aAruma.

2 Uye vakavaudza zvose zvakanga zvaitika ^akuvakadzi vavo nekuvana vavo, nezvavowo, ^bnesimba ravo rekuponesa.

3 Uye Ziziromuwo akanga arere achirwara ari Sidhomu, akabatwa nedziwa, rainge rakonzerwa nekunetseka kwepfungwa yake pamusoro ^apekuipa kwake, nokuti aifunga kuti Aruma naAmureki hakusisina; uye aifunga kuti vakauraiwa pamusana pekutadza kwake. Uye chitema chikuru ichi, nezvimwe zvitema zvake zvizhinji, zvakanetsa pfungwa dzake

zvekuti akadakara kurwadziwa, pasina chiyamuro; nokudaro akatanga kupiswa nokupiswa kukuru.

4 Zvino zvaakanzwa kuti Aruma naAmureki vave munyika yeSidhomu, mwoyo wake wakatanga kunzwa kushinga; akabva atumira nhume kwavari nokukurumidza, achida kuti vauye kwaari.

5 Uye zvakaitika kuti vakabva vangoenda pakarepo, vachiteerera kunhume yaakanga avatumira; uye vakaenda vakapinda mumba maive naZiziromu; uye vakamuwana arere, achirwara, akaderera chaizvo nokurwara; uye pfungwa yakewo yakange ichirwadziwa kwazvo nekutadza kwake; uye zvaakavaona akatambanudza ruoko rwake, akavakumbira kuti vamurape.

6 Uye zvakaitika kuti Aruma akati kwaari, achimutora neruoko: ^aUnotenda here simba raKristu kuti rinoponesa?

7 Uye akapindura akati: Hongu, ndinotenda ose mazwi amakadzidzisa.

8 Uye Aruma akati: Kana uchitenda murununuro rwaKristu unogona ^akuporeswa.

9 Uye iye akati: Hongu, ndinotenda maererano nemazwi enyu.

10 Uye zvino Aruma akachema kuna Ishe achiti: Imi Ishe Mwari vedu, ivai netsitsi pane murume uyu, uye ^amumurape maererano nerutendo rwake rwuri munaKristu.

11 Uye Aruma zvaakange

15 1a Aruma 16:2–3, 9, 11.

b Aruma 14:7.

2a Aruma 14:8–14.

b Aruma 14:28.

3a Aruma 14:6–7.

6a Marko 9:23.

8a NKM Kurapa.

10a Marko 2:1–12.

ataura mazwi aya, Ziziromu “akasvetuka akamira netsoka dzake, akatanga kufamba; izvi zvakaitwa zvikashamisa vanhu vose; uye nyaya iyi yakafamba nenyika yose yeSidhomu.

12 Uye Aruma akabhabhatidza Ziziromu munalshe; uye akatanga kubvira panguva iyoyo kuparidzira vanhu.

13 Uye Aruma akamisa chechi munyika yeSidhomu, uye akagadza vapirisita nevadzidzisi munyika umu, kuti vabhabhatidze muna Ishe ani zvake anenge ada kubhabhatidzwa.

14 Uye zvakaitika kuti vakange vakawanda; nokuti vakauya kubva kumatunhu ose akatenderedza Sidhomu, uye vakabhabhatidzwa.

15 Asi vanhu vakanga vari munyika yeAmonaiha, vakaramba vakaomesa mwoyo vari vanhu vane mitsipa yakaoma; uye havana kutendeuka pazvitema zvavo, vachiti rose simba raAruma naAmureki nderadhi-abhorosi; nokuti vakanga vari vebasa “raNeha, nokudaro vakange vasingatende nezvekutendeuka muzvitema zvavo.

16 Uye zvakaitika kuti Aruma naAmureki, Amureki ari akange “asiya rose goridhe rake, nesirivha, nezvinokosha zvake, zvaive munyika yeAmonaiha, pamusana peshoko raMwari, ^bachirambwa neavo vaive shamwari dzake nababa vake nehama dzake;

17 Naizvozvo, mushure mekunge Aruma aita chechi kuSidhomu, achiona “kupinduka kukuru, hongu, achiona kuti vanhu vakange vapinduka mukudada kwemwoyo yavo, uye vakatanga ^bkuzvirereka pamberi paMwari, uye vakatanga kuunganidzana pamwechete munzvimbo dzavo dzekusanganana kuti “vanamate Mwari vari paaritari, “vachitarisa nokunamata nguva dzose, kuti vaponeswe panaSatani, “nemurufu, nemukuparadzwa —

18 Zvino sekutaura kwanda-ita, Aruma aona zvinhu zvose izvi, naizvozvo akatora Amureki vakaenda kunyika yeZarahemura, uye akaenda naye kumba kwake, uye akamunamatira mumatambudzi-ko ake, uye akamusimbisa muna Ishe.

19 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechigumi rekutonga kwevatongi vanhu vaNifai.

CHITSAUKO 16

MaRamani vanoparadza vanhu veAmonaiha—Zoramu anotungamira maNifai mukukunda maRamani—Aruma naAmureki nevamwe vazhinji vanoparidza shoko—Vandzidzisa kuti mushure mekumuka kwake kuvakafa Kristu achaonekwa kumaNifai. Zvingangove makore 81 kusvika ku77 Kristu asati azvarwa.

11a Mabasa 3:1-11.
15a Aruma 1:2-15.
16a Ruka 14:33;
Aruma 10:4.

^b NKM Kupfuvisa.
17a Aruma 16:21.
^b NKM Akazvinipisa.
^c NKM Kunamata.

^d NKM Munamoto;
Murindiri.
^e NKM Rufu, rweMweya.

UYE zvakaitika kuti mugore regumi nerimwechete rekutonga kwevatongi vanhu vaNifai, muzuva rechishanu remwedzi wechipiri, mainge muine runyararo kwazvo munyika ye-Zarahemura, mainge musina hondo kana kupesana kwamakore akati, kana kudakara kusvika muzuva reshanu remwedzi wechipiri mugore rechigumi nerimwechete, kwakave nekuchema kwehondo kwakanzwickwa munyika yose.

2 Nokuti tarisai, mauto emaRamani akange auya nerutivi rwunerenje, kumiganhu kwenyika, kana muguta *reAmonaiha*, uye vakatanga kuuraya vanhu nokuparadza guta.

3 Uye zvino zvakaitika kuti, maNifai vasati vaunganidza mauto akawanda zvekuti aigona kuvadzinga munyika, vakange *vaparadza vanhu vaive muguta reAmonaiha*, nevamwewo vaive kumiganhu nenyika yaNoa, uye ndokutora vamwe vavakaenda navo murenje senhapwa.

4 Zvino zvakaitika kuti maNifai vakada kuti vawane avo vakanga vatakurwa vaendwa navo murenje senhapwa.

5 Naizvozvo, akanga aitwa mukuru wemauto emaNifai, (uye zita rake rainzi Zoramu, uye aive nevanakomana vaviri, Rihai naAha)—zvino Zoramu nevanakomana vake vaviri, vachiziva kuti Aruma akanga ari mupirisita wepamusoro pechechi, uye vari vakanga

vanzwa kuti ane mweya wechiporofita, naizvozvo vakaenda kwaari uye vachida kunonzwa kuti Ishe vangade here kuti vaende mukunotsvaka hama dzavo, vakanga vatorwa nemaRamani senhapwa.

6 Uye zvakaitika kuti Aruma *akabvunza kuna Ishe pamusoro penyaya iyi*. Uye Aruma akadzoka akati kwavari: Tarisai, maRamani vachayambuka rwizi rweSidhoni nemurenje rechekuchamhembe, kure kupfuura muganhu wenyika yeMandi. Uye tarisai ikoko ndiko kwamuchasangana navo, kumabvazvuva kwerwizi rweSidhoni, uye ipapo Ishe ndipo pavachakupai hama dzenyu vakatorwa senhapwa nemaRamani.

7 Uye zvakaitika kuti Zoramu nevanakomana vake vakayambuka rwizi rweSidhoni, nemauto avo, uye vakaenda kure kupfuura muganhu weMandi kusvika kurenje rechekuchamhembe, rakange riri kurutivi rwekumabvazvuva kwerwizi rweSidhoni.

8 Uye vakasvika paive nemauto emaRamani, uye maRamani akaparadzwa uye akatandanisirwa murenje; uye vakatora hama dzavo dzakanga dzatorwa nema Ramani senhapwa, uye kwakange kusina kana mweya mumwechete wakarasika pavanhu vakanga vatorwa senhapwa. Uye vakauya nehama dzavo vakave nenyika yavo.

9 Uye ndiko kupera kwakaita

gore regumi nerimwechete re-
vatongi, maRamani atandani-
swa munyika, uye vanhu ve-
Amonaiha ^avaparadzwa; hongu,
wose mweya waive mupenyu
wemaAmonaiha ^bwakapara-
dzwa, negutawo ravo guru,
ravakati Mwari havakwanise
kuriparadza, nenzira yembiri
yaro.

10 Asi tarisai, nezuva ^arimwe-
chete chete rakasara rave dongo;
uye zvitunha zvakadyiwa ne-
mbwa nezvikara zverenje.

11 Zvakadaro, mushure mema-
zuva mazhinji zvitunha zvavo
zvakaunganidzwa pamusoro
penyika, zvikafukidzwa zvi-
shoma-shoma. Uye kwakave
nokunhuwa kukuru zvekuti
vanhu havana kuenda kunogara
nyika yeAmonaiha kwemakore
mazhinji. Uye ikadaidzwa kuti
Nyika yeKuparadzwa kwema-
Neho; nokuti vakanga vari ve-
basa ^araNeho, avo vakauraiwa;
uye nyika dzavo dzikasara dziri
magwenga.

12 Uye maRamani haana kuu-
ya zvakare kuzoita hondo ne-
maNifai kudakara gore regumi
nemakore mana ekutonga kwe-
vatongi vanhu vaNifai. Uye
naizvozvo kwemakore matatu
vanhu vaNifai vakanga vaine
runyararo munyika yose.

13 Uye Aruma naAmureki
vakaenda vachiparidza rute-
ndeuko kuvanhu ^amutemberi

dzavo, nemunzvimbo dzavai-
sangana, ^bnemumasinagogowo
avo, akanga akavakwa netsika
yemaJuda.

14 Uye vose vakanzwa mazwi
avo, kwavari vakapa shoko
raMwari, pasina ^aavaisiya, ngu-
va dzose.

15 Uye ndiko kuenda kwakaita
Aruma naAmureki, nevamwe
vazhinji vakanga vasarudzwa
kuti vaite basa iri, kuparidza
shoko kunyika yose. Uye kui-
twa kwechечи chakave chinhu
chakati tekeshe munyika yose,
mumatunhu ose akatenderedza,
mukati mevanhu vose vema-
Nifai.

16 Uye mukati mavo makange
^amusina kusaenzana; Ishe va-
kadira Mweya wavo pamusoro
pose penyika kugadzirira pfu-
ngwa dzevana vevanhu, kana
kugadzirira ^bmwoyo yavo ku-
gashira shoko richadzidziswa
pakati pavo panguva yekuuya
kwavo—

17 Kuti vasaomeswe pashoko,
kuti vasave vasingatende, zvo-
vaendesa kunoparadzwa, asi
kuti vagashire shoko norufaro,
uye ^asebazi rapinzaniswa ^bne-
munzabviringa wechokwadi,
kuti vapinde ^cmuzororo raIshe
Mwari vavo.

18 Zvino vose ^avapisita vaien-
da muvanhu vaiparidza va-
chiramba nhema dzose, uye
^bkunyengedza, ^cnekuchiva, no-

9a Aruma 8:16; 9:18–24;
Morm. 6:15–22.

b Aruma 25:1–2.

10a Aruma 9:4.

11a Aruma 1:15; 24:28–30.

13a 2 Ni. 5:16.

b Aruma 21:4–6, 20.

14a Aruma 1:30.

16a Mosaya 18:19–29;

4 Ni. 1:3.

b NKM Mwoyo

Wakatyoka.

17a Jak. 5:24.

b NKM Munda

wemizambiringa
waIshe.

c Aruma 12:37; 13:10–13.

18a Aruma 15:13.

b NKM Hunyengedzi.

c NKM Chiva.

kunetsana, nepfina, nokutukana, nokuba, kupamba, kupaza, kuponda, kupomba, nemabasa ose eupombwe hwakasiyana-siyana, vachichema kuti zvinhu izvi hazvifaniri kuvepo—

19 Vachiratidza zvinhu zvakange zvave kuda kuuya; hongu, vachiratidza “kuuya kweMwanakomana waMwari, kutambudzika kwake nekufa, nokumuka kuvakafa.

20 Uye vanhu vazhinji vakabvunza vachida kuziva nzvimbo yaizouya Mwanakomana waMwari; uye vakaudzwa kuti “aizouya kwavari ^bmushure mekumuka kwake kuvakafa; uye izvi vanhu vakazvinzwa norufaro rwukuru.

21 Uye zvino chechi yamiswa kwose-kwose munyika—ichinge “yakunda dhiabhorosi, uye shoko raMwari richiparidzwa nekuchena kwaro munyika yose, uye Ishe vachidira maropafadzo avo muvanhu ndikwo kupera kwakaita gore rechigumi nemakore mana ekutonga kwevatongi vanhu vaNifai.

Nyaya yevanakomana vaMosaya, vakaramba nhaka yavo yekugara umambo nenzira yeshoko raMwari, uye vakaenda kunyika yaNifai kunoparidzira maRamani; kutambudzika kwavo nokuponeswa kwavo—maererano nezvinyorwa zvaAruma.

*Zvichisanganisa zvitsauko
17 kusvika ku27.*

CHITSAUKO 17

Vanakomana vaMosaya vane mweya wechiporofita newekuzarurirwa—Vanoenda uyu nenzira yake uyu neyake kunotaura shoko kumaRamani—Amoni anoenda kunyika yaIshmaeri uye obva ave muranda waMambo Ramonai—Amoni anonunura zvipfuyo zvamambo uye achibva auraya vavengi vake pamvura dzeSebhusi. Ndima 1 kusvika ku3, zvingangove mugore 77 Kristu asati azvarwa; ndima 4, zvingangove mugore 91 kusvika kuna77 Kristu asati azvarwa; uye ndima 5 kusvika ku39, zvingangove mugore ra91 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti Aruma zvaakanga ari parwendo kubva munyika yaGideoni akananga kuchamhembe, kure kunyika yaMandi, tarisai, akashamiswa, “akasangana ^bnevanakomana vaMosaya vari parwendo rwekuenda kunyika yeZarahemura.

2 Zvino vanakomana vaMosaya ava vaive naAruma ngirozi “payakatanga kuuya kwaari; naizvozvo Aruma akafara kwazvo kuona hama dzake; uye chakapamidzira rufaro rwake, kuti vakanga vachiri hama dzake munaIshe; hongu, uye vakanga vasimba mukuziva kwavo chokwadi; nokuti vakanga vari varume vane ruzivo chairwo

19a NKM Jesu Kristu—
Zviporofita
nezvekuzvarwa uye
nerufu rwaJesu

Kristu.
20a 2 Ni. 26:9;
3 Ni. 11:7–14.
b 1 Ni. 12:4–6.

21a Aruma 15:17.
17 1a Aruma 27:16.
b Mosaya 27:34.
2a Mosaya 27:11–17.

uye vakanga ^bvanzvera magwaro matsvene nesimba, kuti vazive shoko raMwari.

3 Asi izvi hazvizizvo zvose; vakazvipira mukunamata zvakanyanya, “nokutsanya; naizvo-zvo vaive nemweya wechiporofita, nemweya wekuzarurirwa, uye ^bpavaidzidzisa, vaidzidzisa nesimba nemvumo yaMwari.

4 Uye vakanga vadzidzisa shoko raMwari kumaRamani kwegumi remakore rine makore mana, “vakabudirira zvikuru ^bmukuunza vazhinji kuti vazive chokwadi; hongu, nesimba remazwi avo vazhinji vakaunzwa pamberi pearitari yaMwari, kuti vashevedze zita ravo ‘nokureurura zvitema zvavo pamberi pavo.

5 Zvino izvi ndizvo zvinhu zvavakasangana nazvo munzendo dzavo, nokuti vakasangana nematambudziko mazhinji; vakatambudzika zvikuru, zvose munyama nemupfungwa, zvinenge nzara, nyota nekuneta, “nokushushikana kwemweya.

6 Zvino idzi ndidzo dzaive nzendo dzavo: “Vaoneka baba wavo, Mosaya, mugore rekutanga rekutonga kwevatongi; ^bvaramba umambo hwavaida kupiwa nababa wavo, uye zvirizvowo zvakanga zvirimupfungwa dzevanhu;

7 Zvakadaro vakabva munyika

yeZarahemura, vakatora minondo yavo, nemapfumo avo, neuta hwavo, nemiseve yavo, nezvinziriri zvavo; uye izvi vakazviita kuti vagowana zvekudya nazvo vari murenje.

8 Uye ndiko kuenda kwakaita murenje neavo vavakanga vasarudza, kuti vakwidze kuenda kunyika yaNifai, kuti vanoparidza shoko raMwari kumaRamani.

9 Uye zvakaikita kuti vakafamba mazuva mazhinji vari murenje, uye vakatsanya zvakananyanya “nokunamata chaizvo kuti Ishe vavapewo chimedu cheMweya wavo kuti chiende navo, uye chigare navo, kuti vave ^bmudziyo unounza mumaoko aMwari, kana zvirinyore, hama dzavo, maRamani, kuti vazive chokwadi, kuti vazive kushoreka ‘kwetsika dzemadzibaba avo dzakanga dzisiri idzo.

10 Uye zvakaikita kuti Ishe “vakavashanyira ^bneMweya wavo, uye vakati kwavari: ‘Nyaradzwai. Uye vakanyaradzwa.

11 Uye Ishe vakatiwo kwavari: Endai mukati memaRamani, hama dzenyu, munotaura shokorangu; asi muve “makatirira mukutambudzika nemukurwadziwa, kuti muratidze zvakanaka mandiri kwavari, uye ndichaita kuti muve mudziyo

2b NKM Magwaro matsvene.

3a NKM Kutsanya; Munamato.

b NKM Dzidzisa—Kudzidzisa neMweya.

4a Aruma 29:14.

b NKM Basa

reKushumira.

c NKM Reurura, Reururo.

5a Aruma 8:10.

6a Mosaya 28:1, 5-9.

b Mosaya 29:3.

9a Aruma 25:17.

NKM Munamato.

b Mosaya 23:10;

Aruma 26:3.

c Aruma 3:10-12.

10a D&Z 5:16.

b NKM Mweya

Mutsvene.

c Aruma 26:27.

11a Aruma 20:29.

NKM Mwoyo Murefu.

uri mumaoko angu unoponesa mweya yakawanda.

12 Uye zvakaitika kuti mwoyo yevanakomana vaMosaya, neyeavo vavakanga vainavo, yakatora kushinga kuti vaende kumaRamani kuti vanovataurira shoko raMwari.

13 Uye zvakaitika kuti pava-kasvika mumiganhu yenyika yemaRamani, “vakaparadzana vakati ava vachienda nekuku, ava nekuku, vachivimba kuti Ishe vachaita kuti vaungane zvakare mushure mekupedza ^bkukohwa kwavo; nokuti vaiti basa ravakanga vaita raive guru chaizvo.

14 Uye nechokwadi raive guru, nokuti vakange vazvipira kuparidza shoko raMwari kuvanhu “vaipenga uye vakaoma uye magandanga evanhu; vanhu vaifadzwa nekuponda maNifai, nekupamba nokupaza; uye mwoyo yavo yaive paupfumi, kana pagoridhe nesirivha, nematombo akakosha; asi vaida kuwana zvinhu izvi nekuparadza, kuti vasazvishandire nemaoko avo.

15 Naizvozvo vaive vanhu vane nungo, vazhinji vavo vainamata zvifananidzo, uye “kutuka kwaMwari kwakange kwave pavari nenzira ^byetsika dzemadzibaba avo; zvakadaro ruvimbiso rwalshe rwakapiwa kwavari kana vari vatendeuka.

16 Naizvozvo, izvi ndizvo “zvakanzera kuti vanakomana vaMosaya vazvipire muba-

sa iri, kuti zvimwe vangavaite kuti vatendeuke; kuti zvimwe vangaite kuti vasvike pakuziva hurongwa hwerununuro.

17 Naizvozvo vakaparadzana vakati uyu kwake, uyu kwake, uye vakaenda mukati mavo, munhu ari ega, maererano neshoko nesimba raMwari raakapiwa.

18 Zvino Amoni semukuru mukati mavo, kana kuti sezvo ari iye aivatonga, uye akabva kwavari, mushure “mekuvaro-pafadza maererano nezvavai-kodzera, avapa shoko raMwari, kana kuti avaropafadza asati abva kwavari; uye ndokuenda kwavakaita panzendo dzavo uyu nekwake uyu nekwake nenyika yose.

19 Uye Amoni akapinda munyika yaIshmaeri, nyika yacho ichidaidzwa nezita revanakomana “vaIshmaeri, avo vakazovewo maRamani.

20 Uye Amoni zvaaipinda munyika yaIshmaeri, maRamani akamutora akamusunga, setsika yavo yekusunga ose maNifai ainge awira mumaoko avo, uye vovatakura voenda navo pamberi pamambo; saka zvainge zvave zvinofadza mambo kuvauraya, kana kuvaisa muutapwa, kana kuvaisa mutirongo, kana kuvatandanisa munyika make, maererano nezvaanenge ada nezvamufadza.

21 Uye saka Amoni akatakurwa akaendwa naye pamberi pamambo akanga ari munyika

13a Aruma 21:1.

b Mat. 9:37.

14a Mosaya 10:12.

15a Aruma 3:6-19;

3 Ni. 2:15-16.

b Aruma 9:16-24; 18:5.

16a Mosaya 28:1-3.

18a NKM Kuropafadzwa.

19a 1 Ni. 7:4-6.

yaIshmaeri; uye zita rake rainzi Ramonai; uye akange ari wechizvarwa chaIshmaeri.

22 Uye mambo akabvunza Amoni kuti chido chake ndechekuda kugara munyika mukati memaRamani here, kana kuti mukati mevanhu vekwake.

23 Uye Amoni akati kwaari: Hongu, ndinoda kugara mukati mevanhu ava kwechinguva; hongu, zvimwe kusvika musi wandinofa.

24 Uye zvakaitika kuti mambo Ramonai akafadzwa kwazvo naAmoni, uye akaita kuti majoto ake asunungurwe; uye akada kuti Amoni atore mumwe wevanasikana vake ave mukadzi wake.

25 Asi Amoni akati kwaari: Kwete, asi ndingave muranda wenyu. Saka Amoni akave muranda wamambo Ramonai. Uye zvakaitika kuti akaiswa mukati mevamwe varanda kuchengeta zvipfuyo zvaRamonai, maererano netsika yemaRamani.

26 Uye mushure mekunge ave nemazuva matatu achishandira mambo, sezvo akange ari nevaranda vechiRamani vachienda nezvipfuyo zvavo kunzvimbo yaive nemvura, yainzi mvura yeSebhusi, uye vose vaRamani vaienda nezvipfuyo zvavo iko, kuti zviwane mvura —

27 Naizvozvo, Amoni nevaranda vamambo vachitinha zvipfuyo zvavo vachienda kunzvimbo yemvura iyi, tarisai, vamwe vemaRamani, vakange vaenda kunonwisa zvipfuyo zvavo, vakamira vakatandanisa zvipfuyo zvaAmoni nezvevaranda

vamambo, uye vakazvitandanisa zvekuti zvakatiza nekwa-kasiyana-siyana.

28 Zvino varanda vamambo vakatanga kutsutsumwa, vachiti: Zvino mambo achatiuraya, sezvaakaita hama dzedu nokuti zvipfuyo zvake zvakanga zva-paradzwa nekuipa kwevarume ava. Uye vakatanga kuchema zvikuru, vachiti: Tarisai, zvipfuyo zvedu zvatopararira kare.

29 Zvino vakachema pamusana pekutya kuuruiwa. Zvino Amoni paakaona izvi mwoyo wake wakafuta maari nokufara; ndokuti, ndicharatidza simba rangu kuvaranda vamwe vangu, kana kuti simba riri mandiri, mukudzorera zvipfuyo izvi kuna mambo, kuti nditore mwoyo yeava varanda vamwe vangu kuti ndivatungamirire mukutenda mazwi angu.

30 Uye zvino, idzi ndidzo dzaive pfungwa dzaAmoni, paakaona kurwadziwa kweavo vaaiti ihama dzake.

31 Uye zvakaitika kuti akavafadzwa nemazwi ake, achiti: Hama dzangu, farai uye ngatitende tinotsvaka zvipfuyo, uye tichazviunganidza pamwechete uye tigozvionza panzvimbo yemvura, nokudaro tichachengetedza zvipfuyo zvamambo uye haazotiuraya.

32 Uye zvakaitika kuti vakae-nda kunotsvaka zvipfuyo, uye vakatevera Amoni, uye vakamhanya zvikuru uye vakadimbudzira zvipfuyo zvamambo, uye vakazviunganidza pamwechete zvakare vakaenda nazvo panzvimbo yemvura.

33 Uye varume vaye vakamirira kuti vaparadze zvakare zvipfuyo zvavo; asi Amoni akati kuhama dzake: Komberedzai zvipfuyo kuti zvisatize, uye ini ndiende ndinotaura nevanhu ava vari kuparadza zvipfuyo zvedu.

34 Naizvozvo, vakaita sezvakanga vanzi vaite naAmoni, uye iye akaenda kunotaura ne-avo vakanga vamire kumvura yeSebhushi; uye vakanga vasiri vashoma kwete.

35 Naizvozvo havana kutya Amoni, nokuti vaifunga kuti mumwechete wevanhu vavo aigona kumuuraya zvichivafadza, nokuti havana kunge vachiziva kuti Ishe vakanga vavimbisa Mosaya kuti “vachabvisa vana-komana vake mumaoko avo; hapana kana chavaiziva nezva-Ishe; naizvozvo vaifara nokuparadza hama dzavo, uye ndizvo zvaiita kuti vimirire kuparadza zvipfuyo zvamambo.

36 Asi “Amoni akamira akatanga kuvatema nematombo nechinziriri chake; hongu, nesimba rinotyisa akakanda matombo mukati mavo nechinziriri; uye naizvozvo akauraya ^bvakati kuti zvekuti vakatanga kushamiswa nesimba rake; zvakadaro vakamushatirirwa nokuti akanga auraya hama dzavo, uye vakashingirira kuti atopunzikawo; saka, vaona kuti havana “kukwanisa kumutema nematombo avo, vakauya netsvimbo kuzomuuraya.

37 Asi tarisai, wose munhu

aisimudza tsvimbo kuti arove Amoni, aibva adimbura maoko avo nemunondo; nokuti akamira achidziva tsvimbo dzavo nekudimbura maoko avo neku-muromo kwemunondo wake, zvekuti vakatanga kushamiswa, vakatanga kutiza; hongu, uye vakanga vasiri vashoma; uye akaita kuti vatize nesimba ruoko rwake.

38 Zvino vatanhatu vavo vakanga vauraiwa nechinziriri, asi nemunondo hakuna waakauraya kunze kwemutungamiri wavo; uye akadimbura maoko evose vakaasimudza vachida kumurova, uye vakanga vasiri vashoma.

39 Uye avatinhira kure, akadzoka uye vakanwisa zvipfuyo zvavo uye vakadzokera kumafuro amambo, uye ndokubva vaenda kuna mambo, vakatakurra maoko akanga adimburwa nemunondo waAmoni, evavo vakanga vachida kumuuraya; uye akaendwa nawo kuna mambo seuchapupu hwezvinhu zvavakanga vaita.

CHITSAUKO 18

Mambo Ramonai anofunga kuti Amoni ndiye Mweya Mukuru—Amoni anodzidzisa mambo nezve-Kusikwa, zvekuita kwaMwari nevanhu, norununuro rwunouya nemunaKristu—Ramonai anote-nda achibva awira pasi seafa. Zvingangove makore 90 Kristu asati azvarwa.

35a Mosaya 28:7;
Aruma 19:22–23.

36a Eta 12:15.
b Aruma 18:16.

c Aruma 18:3.

UYE zvakaitika kuti mambo Ramonai akaita kuti varanda vake vasimuke uye vapupure zvose zvavakanga vaona maererano nenyaya yacho.

2 Uye vose vapedza kupupura pamusoro pezvinhu zvavakanga vaona, uye mambo akanga anzwa nekuvimbika kwaAmoni mukuchengetedza zvipfuyo zvake, nezvesimbawo rake guru mukurwisana neavo vaida kumuuraya, akashamiswa zvikuru, uye akati: Chokwadi, izvi hazviitwe nemunhu ega. Tarisai, uyu haaziye Mweya Mukuru here anotumira kuranga kukuru kuvanhu vano, pamusoro pekuponda kwavo?

3 Uye vakapindura mambo, uye vakati: Kana ari Mweya Mukuru kana munhu, hatizviziye; asi zvatinoziva ndezvizvi, kuti “haakwanise kuuraiwa nevavengi vamambo: Kana kuparadza zvipfuyo zvamambo kana ainesu, nenzira yeunyanzvi nesimba rake guru; naizvozvo, tinoziva kuti ishamwari yamambo. Uye zvino, imi mambo, hatibvume kuti munhu angaite simba guru kudaro, nokuti tinoziva kuti haagone kuuraiwa.

4 Uye zvino, mambo anzwa mazwi aya, akati kwavari: Zvino ndinoziva kuti uyu Mweya Mukuru; uye auya panguva ino kuti azoponesa upenyu hwenyu, kuti “ndisakuurayei sezvanda-kaita hama dzenyu. Zvino uyu ndiwo Mweya Mukuru wakataurwa nemadzibaba edu.

5 Zvino izvi ndiyo yaive tsika yaRamonai, yaakanga atambira kubva kuna baba vake, kuti kune Mweya “Mukuru. Zvisinei kuti vaitenda muMweya Mukuru kana kuti kwete, vaifunga kuti zvose zvavaiita zvakanga zvakana; zvakadaro, Ramonai akatanga kutya zvikuru, akave nekutya achiti zvimwe akanga atadza mukuuraya varanda vake.

6 Nokuti akanga auraya vazhinji vavo nokuti hama dzavo dzainge dzatandanisa zvipfuyo zvavo panzvimbo yemvura; uye saka, nokuti zvipfuyo zvavo zvaparadzirwa vaiuraiwa.

7 Zvino kwaive kuita kwema-Ramani aya kumira pamvura dzeSebhusi vachitandanisa zvipfuyo zvevanhu, kuti vagotinha zvizhinji zvainge zvapararira voenda nazvo kunyika kwavo, iri yakange iri tsika yekuparadza mukati mavo.

8 Uye zvakaitika kuti mambo Ramonai akabvunza varanda vake, achiti: Ari kupi murume uyu ane simba guru kudai?

9 Uye vakati kwaari: Tarisai, ari kupa mabhiza enyu zvekudya. Zvino mambo akanga ataurira varanda vake, vasati vaenda kunonwisa zvipfuyo zvavo, kuti vagadzirire mabhiza ake nengorovhani, uye vagomuenesa kunyika yaNifai; nokuti kwakange kuine mabiko makuru aiiwa munyika yaNifai, nababa vaRamonai, akange ari mambo wenyika yose.

10 Zvino mambo Ramonai zvaakanzwa kuti Amoni ari kugadzira mabhiza nengorovhani dzake akashamiswa zvakare, pamusoro pekuvimbika kwaAmoni, achiti: Chokwadi hakuna kumboita muranda pakati pevaranda vangu vose akavimbika semurume uyu; nokuti kana iye anoyeuka mirairo yangu yose achiita.

11 Zvino chokwadi ndave kuziva kuti uyu ndiwo Mweya Mukuru, uye ndingade kuti auye kwandiri, asi ndinotyia.

12 Uye zvakaitika kuti Amoni apedza kugadzira mabhiza nengorovhani kuitira mambo nevaranda vake, akaenda kuna mambo, uye akaona kuti uso hwamambo hwakanga hwapinduka; saka akanga oda kudzokera kunze.

13 Uye mumwe wevaranda vamambo akati kwaari, Rabhana, zvinoreva kuti, zvichitirikirwa ane simba kana kuti mambo mukuru, vari vanotora madzimambo avo kuti ane simba; uye saka akati kwaari: Rabhana, mambo anoda kuti mugare.

14 Naizvozvo Amoni akatendeukira kuna mambo, akati kwaari: Munoda kuti ndikuitirei, imi mambo? Uye mambo haana kumupindura kwenguva inokwana awa, maerano nenguva yavo, nokuti haana kuziva kuti omutaurira kutii.

15 Uye zvakaitika kuti Amoni akati kwaari zvakare: Munodei

kwandiri? Asi mambo haana kumupindura.

16 Uye zvakaitika kuti Amoni, azadzwa neMweya waMwari, naizvozvo akaona “pfungwa dzamambo. Uye akati kwaari: Kunzwa kwamaita here kuti ndadzivirira varanda venyu nezvipfuyo zvenyu, uye ndikauraya vanomwe vehama dzavo nechinziriri nemunondo, uye ndikadimura maoko evamwe, kuti ndidzivirire varanda venyu nezvipfuyo zvenyu; tarisai, ndizvo izvi here zviri kukonzera kushamiswa kwenyu?

17 Ndinoti kwamuri, chii, chaita kuti kushamiswa kwenyu kuve kukuru zvakadaro? Tarisai, ndiri munhu, uye ndiri muranda wenyu; saka, chose chamunoda chiri chakanaka, ndinochiita.

18 Zvino mambo anzwa mazwi aya, akashamiswa zvakare, nokuti akaona kuti Amoni “aiziva pfungwa dzake; asi zvakadaro, mambo Ramonai akazurura muromo wake, uye akati kwaari: Ndiwe ani? Ndiwe Mweya Mukuru uya here, ^bunoziva zvose zvinhu?

19 Amoni akapindura akati kwaari: Handisi.

20 Uye mambo akati: Ko unoziva sei pfungwa dzemwoyo wangu? Nditaurire usingatye, unditaurire nezvezvinhu izvi; uye unditaurirewo kuti isimba raani raita kuti uuraye nokudimbura maoko ehama dzangu dzange dzichiparadza zvipfuyo zvangu—

21 Uye zvino, kana ukandiudza

nezvezvinhu izvi, chose chاونoda ndichakupa; uye kana zvichida, ndinokurinda nemau-to angu; asi ndinoziva kuti uye simba kupfuura vose, zvakadaro, chose chaunoda ndinokupa.

22 Zvino Amoni semunhu ane ungaru, asi asingakuvadze, akati kuna Ramonai: Munganzwe here mazwi angu, kana ndikakutaurirai kuti ndinoita nesimba raani zvinhu izvi? Uye ichi ndichochinhu chandinoda kwamuri.

23 Uye mambo akamupindura, uye akati: Hongu, ndichatenda ose mazwi ako. Uye nokudaro akabatwa nokunyengedzwa.

24 Uye Amoni akatanga kutaura kwaari “nokushinga, uye akati kwaari: Unotenda here kuti kuna Mwari?

25 Uye akapindura, akati kwaari: Handizive kuti zvinorevei.

26 Uye zvino Amoni akati: Unotenda here kuti kune Mweya Mukuru?

27 Uye akati, Hongu.

28 Uye Amoni akati: Ndivo Mwari. Uye Amoni akati kwaari zvakare: Unotenda here kuti iwo Mweya Mukuru uyu, unove Mwari, ndiwo wakasika zvose zvinhu zviru kudenga nezviru munyika?

29 Uye akati: Hongu, ndinotenda kuti akasika zvose zvinhu zviru pasi; asi handizive mateंगा.

30 Uye Amoni akati kwaari:

Matenga ndiyo nzvimbo inogara Mwari nengirozi dzavo dzose tsvene.

31 Uye mambo Ramonai akati: Kuri pamusoro penyika here?

32 Uye Amoni akati: Hongu, uye anotarisa pasi pavana vevanhu vose; uye anoziva “pfungwa dzose nezvinoda kuitwa nemwoyo; nokuti neruoko rwa-ke zvose zvakasikwa kubvira pakutanga.

33 Uye mambo Ramonai akati: Ndinotenda zvose zvinhu izvi zvawataura. Wakatumirwa na-Mwari here?

34 Amoni akati kwaari: Ndiri munhu; uye “munhu pakutanga akasikwa nemufananidzo wa-Mwari, uye ndakadaidzwa ne-Mweya Mutsvene wavo kuti ^bndizodzidzisa zvinhu izvi kuvanhu ava, kuti vapiwe ruzivo rwekuziva chinhu chakanaka nechechokwadi;

35 Uye chidimbu “cheMweya iwoyo chiri mandiri, chinondipa ^bruzivo, nesimbawo maererano nerutendo rwangu nezvido zvangu zviru muna Mwari.

36 Zvino Amoni ataura mazwi aya, akatanga nekusikwa kwenyika, nokusikwawo kwaAdama, uye ndokumutaurirawo nezvezvinhu zvose zvekupunzika kwemunhu, uye “akanyatso tsanangura uye ndokududzira zvinyorwa ^bnemagwaro matsvene evanhu, akanga akataurwa “nemaporofita, kana kusvika

24a Aruma 38:12.

32a Amosi 4:13; 3 Ni. 28:6; D&Z 6:16.

34a Mosaya 7:27; Eta 3:13–16.

^b NKM Dzidzisa—Kudzidzisa neMweya.

35a NKM Kutunhwa. ^b NKM Ruzivo.

36a Mosaya 1:4; Aruma 22:12; 37:9.

^b NKM Magwaro matsvene.

^c Mabasa 3:18–21.

panguva yakabva baba vavo, Rihai, kuJerusarema.

37 Uye akadzokororawo kwavari (nokuti zvakange zvave kuti iye mambo nevaranda vake) nzendo dzose dzemadzi-baba avo murenje, uye nokutambudzika kwavo kwose nezvara nenyota, nokurwadziwa, nezvimwe zvakadaro.

38 Uye akavataurirawo nezvekupanduka kwaRamani naRemueri, nevanakomana vaIshmaeri, hongu, kwose kupanduka kwavo akavataurira; uye akadudzira kuna vose zvinyorwa nemagwaro ose kubvira panguva yakabva Rihai kuJerusarema kusvika panguva ino.

39 Asi izvi hazvizizvo zvose; nokuti akatsanangura kwavari “urongwa hwerununuro, hwa-kagadzirwa kubvira pakutanga kwenyika; uye akavazivisawo maererano nekuuya kwaKristu, nemabasa ose alshe vakaazivisa kwavari.

40 Uye zvakaitika kuti ataura zvose zvinhu izvi, nokuzvitsanangura kuna mambo, mambo akatenda mazwi ake ose.

41 Uye akatanga kuchema kuna Ishe, achiti: Imi Ishe, ivai netsitsi; maererano “netsitsi dzenyu dzakawanda dzamakaitira vanhu vaNifai, itai kwandiri, nevanhu vangu.

42 Uye zvino, zvaakanga ataura izvi, akawira pasi, sekunge afa.

43 Uye zvakaitika kuti varanda vake vakamutakura vakaenda naye kumukadzi wake, uye vakamurinza pamubhedha; uye

akarara sekunge akafa kwemazuva maviri neusiku huviri; uye mudzimai wake, nevanakomana vake, nevanasikana vake vakamuchema, setsika yema-Ramani, vachichema zvikuru kurasikirwa kwavo.

CHITSAUKO 19

Ramonai anotambira chiedza che-upenyu husingaperi uye achiona Mununuri—Imba yake inoita seyasvikirwa, vazhinji vanoona ngirozi—Amoni anopunyutswa zvinoshamisa—Anobhabhatidza vazhinji achibva aita chechi mukati mavo. Zvingangove makore 90 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mushure memazuva maviri neusiku uviri vakanga vave kuda kutora chitunha chake kuti vanochiisa muguva, ravakanga waitira kuviga vakafa vavo.

2 Zvino mambokadzi anzwa mbiri yaAmoni, naizvozvo akamutumira kuti anoda kuti apinde maakanga ari.

3 Uye zvakaitika kuti Amoni akaita zvaakanga anzi aite, akapinda maive namambokadzi, akada kuziva kuti angade kuti amuitirei.

4 Uye akati kwaari: Varanda vemurume wangu vanditaurira kuti iwe uri “muporofita wa-Mwari mutsvene, uye vakati une simba rekuita zvinhu zvizhinji zvikuru muzita ravo;

5 Naizvozvo, kana izvi zviri izvo, ndinoda kuti upinde

unoona murume wangu, noku-
ti arara pamubheda kwemazu-
va maviri neusiku huviri; uye
vamwe varikuti haana kufa, asi
vamwe vari kuti akafa uye ave
kunhuwa, nekuti akafanira ku-
iswa muguva; asi ini, kwandiri
haazikunhuwa.

6 Zvino, izvi ndizvo zvaidiwa
naAmoni, nokuti aiziva kuti
mambo Ramonai akange ari
pasi pesimba raMwari; aiziva
kuti ^achidzikatidzo chitema che-
kusatenda chakange chawe ku-
bviswa mupfungwa make, uye
^bchiedza chaivhenekera mu-
pfungwa make, chaive chiedza
chembiri yaMwari, chaive chi-
edza chinoshamisa chekunaka
kwavo—hongu, chiedza ichi
chakanga chaisa mufaro muku-
ru mumweya wake, gore rerima
rabviswa, uye chiedza cheupe-
nyu husingaperi chabatidzwa
mumweya wake, hongu, akazi-
va kuti nyama yake yakange ya-
kundwa, uye akanga atakurwa
aendeswa muna Mwari—

7 Naizvozvo, zvaidiwa nama-
mbokadzi ndicho chaive chido
chake choga. Naizvozvo, aka-
pinda kunoona mambo maere-
rano nechido chamambokadzi;
uye akaona mambo, uye akaziva
kuti haana kufa.

8 Uye akati kuna mamboka-
dzi: Haana kufa, asi akarara
muna Mwari, uye mangwana
achamuka zvakare; naizvozvo
musamuvige.

9 Uye Amoni akati kwaari:
Unotenda here izvi? Uye akati
kwaari: Handina humwe ucha-
pupu kunze kwezwi rako, nezwi
revaranda vedu; zvakadaro
ndinotenda kuti zvichaita ma-
erano nezvawataura.

10 Uye Amoni akati kwaari:
Wakaropafadzwa pamusana pe-
rutendo rwako rwukuru; ndinoti
kwaari, mai, hakuna kumbove
“nerutendo rwukuru rwakadai
muvanhu vose vaNifai.

11 Uye zvakaitika kuti akaga-
ririra pamubhedha wemurume
wake, kubvira panguva iyoyo
kana kudakara kusvika nguva
yamangwana acho yakanga ya-
taurwa naAmoni kuti achamu-
ka nayo.

12 Uye zvakaitika kuti akamu-
ka, maererano nemazwi aAmoni;
uye zvaaimuka, akatambanu-
dzira ruoko rwake kumudzi-
mai, uye akati: Rakaropafadzwa
zita raMwari, uye iwe wakaropafadzwa.

13 Sekuve mupenyu kwaari,
tarisai, ndaona Mununuri; uye
achauya, “ozvarwa ^bnemukadzi,
uye achanunura rwose rwudzi
rwevanhu rwunotenda muzita
rake. Zvino, ataura mazwi aya,
mwoyo wake wakafuta maari,
uye akaserera pakare norufaro;
uye namambokadzi akaserera-
wo, akundwa neMweya.

14 Zvino Amoni achiona
Mweya walshe uchidirwa ku-
daro maererano “neminamoto

6a II VaKori. 4:3–4.
NKM Chidzitiro.
b NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.
10a Ruka 7:9.

NKM Rutendo.
13a NKM Jesu Kristu—
Zviporofita
nezvekuzvarwa uye
nerufu rwaJesu

Kristu.
b 1 Ni. 11:13–21.
14a D&Z 42:14.

yake pamaRamani, hama dzake, vakanga vachikonzera kuchema kwakawanda muvanhu vaNifai, kana muvanhu vose vaMwari nenzira yekuipa kwavo ^bnetsika dzavo, akawira pamabvi ake, uye akatanga kudira mweya wake mumunamato nokutenda kuna Mwari nezvavakanga vaitira hama dzake; naiyewo akanga akundwa ^cnerufaro; saka vose vari vatatu vakanga ^dvarara pasi.

15 Zvino, varanda vamambo pavakaona kuti vawira pasi, naivowo vakatanga kuchema kuna Mwari, nokuti kutya Ishe kwakange kwavabatawo, nokuti ^andivo vakanga vamira pamberi pamambo vachipupura kwaari nezvesimba guru raAmoni.

16 Uye zvakaitika kuti vakadaidza zita ralshe, nesimba ravo, kusvika vose vawira pasi, kunze kwemukadzi mumwechete wechiRamani, zita rake ainzi Abhishi, iye ari munhu akange atendeukira kuna Ishe kwemakore mazhinji, pamusana penyaya inoshamisa yechiratidzo chababa vake—

17 Saka, sezvo akanga atendeuka kuna Ishe, asi asina kunge akazvizivisa, naizvozvo, paakawana kuti vose varanda vaRamonai vakanga vawira pasi, uye namambokadzi wake, namambo, naAmoni vakanga vazvambaradzwa pasi, akaziva kuti isimba raMwari; uye akafunga kuti mukana uyu, ndewekuti vanhu

vaziviswe zvakanga zvaitika mukati mavo, kuti mukuona izvi ^azvingavakonzere kuti vate nde musimba raMwari, naizvozvo akamhanya achiti apinda umu, apinda umu, achizvizivisa kvanhu.

18 Uye vakatanga kuungana pamwechete pamba pamambo. Uye pakauya mhomho, uye vakashamiswa zvikuru, kuona mambo, namambokadzi, nevaranda vavo vakazvambarara pasi, uye vose varere sevakafa; uye vakaonawo Amoni, uye vakaona kuti muNifai.

19 Uye zvino vanhu vakatanga kuzevezana; vamwe vachiti vavingwa nechinhu chakaipa zvikuru, kana kuti chauya pana mambo nembra yake, pamusana pekuti akabvumira maNifai kuti ^avarambe vari munyika.

20 Asi vamwe vakavatsiura, vachiti: Mambo akaunza ngozi iyi mumba make, nenzira yokuti akauraya varanda vake vakange vaparadzirwa zvipfuyo zvavo ^apamvura dzeSebhusi.

21 Uye vakatsiurwawo nevarume vaye vakanga vamire pamvura dzeSebhusi uye ^avachitandanisa zvipfuyo zvaive zviri zvamambo, nokuti vakanga vakashatirirwa Amoni nenzira yehama dzavo dzaakanga auraya pamvura dzeSebhusi, achidzvirira zvipfuyo zvamambo.

22 Zvino, mumwe wavo, akange aine mukoma wake akanga ^aauraiwa nemunondo waAmoni,

14b Mosaya 1:5.
c NKM Rufaro.
d Aruma 27:17.

15a Aruma 18:1–2.
17a Mosaya 27:14.
19a Aruma 17:22–23.

20a Aruma 17:26; 18:7.
21a Aruma 17:27; 18:3.
22a Aruma 17:38.

ashatiriswa zvikuru naAmoni, akatora munondo wake uye ndokuenda kuti anoita kuti munondo wake udonhere pana Amoni, amuuraye; uye kusimudza kwaakaita munondo wake kuti amubaye, tarisai, akapuzika akabva afa.

23 Zvino tinoona kuti Amoni akanga asingauraike, nokuti “Ishe vakanga vati kuna Mosaya, baba vake: Ndichamuponesa, uye zvichave kwaari maererano norutendo rwako — naizvozvo Mosaya akamuisa ^bmuruvimbo rwaIshe.

24 Uye zvakaitika kuti mhomo yevanhu payakaona kuti murume uyu apuzika akafa, uyo akange asimudza munondo kuti auraye Amoni, vakabatwa nekutya vose, vakasada kuisa maoko avo kuti vamubate kana avo vakanga vapuzika; uye vakatanga kushamisika zvakare kuti simba guru rose iri riri kukonzerwa nei, kana kuti zvose izvi zvinorevei.

25 Uye zvakaitika kuti kwakanga kuine vazhinji mukati mavo vaiti Amoni ndiye Mweya Mukuru, vamwe vachiti akatumwa neMweya “Mukuru;

26 Asi vamwe vakavatsiura vose, vachiti raive zimhuka, rakatumirwa nemaNifai kuzovonesa nhamo.

27 Uye kwaive nevamwe vaiti Amoni akanga atumirwa neMweya Mukuru kuti azovatambudza pamusoro pezvitadzo zvavo, uye vakati Mweya

Mukuru uyu ndiwo wange uchibatsira maNifai nguva dzose, waigara uchivabvisa mumaoko avo; uye vakati ndiwo Mweya Mukuru uyu wakaparadza vazhinji vehama dzavo, maRamani.

28 Uye saka kupesana kwakatanga kukura pakati pavo. Uye vachinetsana kudarwo, “murandakadzi akanga aita kuti mhomo iungane akauya, uye paakaona mhomo yave kunetsana, akasurwa zvikuru, akachema misodzi.

29 Uye zvakaitika kuti akaenda akanobata ruoko rwamambokadzi, kuti zvimwe amusimudze kubva pasi; uye paakangobata ruoko rwake akasimuka akabva amira nemakumbo ake, uye akachema nezwi guru, achiti: Iwe wakaropafadzwa Jesu, wandiponesa kubva mugehena “rakai-pisisa! Imi Mwari makaropafadzwa, itirai vanhu ava ^btsitsi!

30 Uye ataura zvinhu izvi, akabatanidza maoko ake, azadzwa norufaro, achitaura mazwi mazhinji akanga asinganzwisisike; uye aita izvi, akatora mambo, Ramonai, neruoko, uye tarisai akasimuka uye akamira netsoka dzake.

31 Uye iye, pakarepo, achiona kunetsana mukati mevanhu vake, akaenda kwavari akatanga kuvatsiura, nokuvadzidzisa “mazwi aakanga anzwa nemuroro waAmoni; uye vose vakanzwa mazwi ake vakatenda, uye vakapindikira kuna Ishe.

32 Asi kwaive nevazhinji mukati mavo vakange vasingade

23a Mosaya 28:7;
Aruma 17:35.
^b NKM Vimba.

25a Aruma 18:2–5.
28a Aruma 19:16.
29a 1 Ni. 14:3.

^b NKM Anetsitsi.
31a Aruma 18:36–39.

kunzwa mazwi ake; naizvozvo vakabva vabvapo.

33 Uye zvakaitika kuti Amoni paakasimuka naiyewo akataura kwavari, uye kana varanda vose vaRamonai vakadaro; uye vakataura vose kuvanhu chinhu chimwechetecho—kuti mwoyo yavo yakanga “yapindurwa; kuti havasisina chido chekuita ^bzvakaipa.

34 Uye tarisai, vazhinji vakaturira vanhu kuti vaona “ngirozi uye vakataura nadzo; uye saka dzakavataurira zvinhu zvekwaMwari, uye nokururama kwake.

35 Uye zvakaitika kuti vazhinji vakatenda mazwi avo; uye vose vakatenda “vakabhabhatidzwa; uye vakave vanhu vakarurama, uye vakamisa chechi pakati pavo.

36 Uye saka basa ralshe rakatanga mukati memaRamani; Ishe vakatanga kudira Mweya wavo kwavari; uye tinoona kuti ruoko rwavo rwunotambandzirwa kuvanhu “vose vanote ndeuka uye vachitenda muzita ravo.

CHITSAUKO 20

Ishe vanotumira Amoni kuMidhoni kunoburitsa hama dzake mutirongo—Amoni naRamonai vanoona baba vaRamonai, anove ndiye mambo wenyika yose—Amoni anomanikidza mambo akwegura kuti abvumire kuti hama dzake dzisunungurwe. Zvingangove makore 90 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti zvavakanga vavaka chechi munyika iyoyo, mambo Ramonai akada kuti Amoni aende naye kunyika yaNifai, kuti anomuratidza kuna baba vake.

2 Uye izwi raIshe rakauya kuna Amoni, richiti: Usaende kunyika yaNifai, nokuti tarisai, mambo achatsvaka upenyu hwako; asi uchaenda kunyika yaMidhoni; nokuti tarisai, mukoma wako Aroni, naMurokai naAma vari mutirongo.

3 Zvino zvakaitika kuti Amoni zvaakanzwa izvi, akati kuna Ramonai: Tarisai, mukoma wangu nehama dzangu vari mutirongo kuMidhoni, uye ndinoenda kuti ndinovaburitsa.

4 Zvino Ramonai akati kuna Amoni: Ndinoziva, “musimba raIshe unogona kuita zvose zvinhu. Asi tarisai, ndichaenda newe kunyika yeMidhoni; nokuti mambo wenyika yeMidhoni, zita rake anonzi Andiomuno, ishamburi kwandiri; naizvozvo ndinoenda kunyika yeMidhoni, kuti ndinyengetedze mambo wenyika, uye agoburitsa hama dzako ^bmutirongo. Zvino Ramonai akati kwaari: Ndiani akutaurira kuti hama dzako dziri mutirongo?

5 Uye Amoni akati kwaari: Hakuna anditaurira, kunze kwaMwari; uye ati kwandiri—Enda unoyamura hama dzako, nokuti vari mutirongo munyika yeMidhoni.

33a NKM Kuberekwa naMwari,
Kuberekwa Patsva.
^b Mosaya 5:2;

Aruma 13:12.
34a NKM Ngirozi.
35a NKM Bhabhatidza.
36a 2 Ni. 26:33;

Aruma 5:33.
20 4a Aruma 26:12.
^b Aruma 20:28–30.

6 Zvino Ramonai zvaakanzwa izvi akaita kuti varanda vake vagadzire “mabhiza ake nengo-rovhani dzake.

7 Uye akati kuna Amoni: Uya, ndichaenda newe kunyika ya-Midhoni, uye ikoko ndichache-mera mambo kuti aburitse hama dzako mutirongo.

8 Uye zvakaitika kuti Amoni naRamonai vari parwendo kudaro, vakasangana nababa va-Ramonai, vaive mambo “pamu-soro penyika yose.

9 Uye tarisai, baba vaRamonai vakati kwaari: Sei usina kuuya “kumabiko musu wezuva guru randakaitira mabiko vanakomana vangu, nevanhu vangu?

10 Uye akatiwo: Ko uri kuenda kupi nemuNifai uyu, ari mumwe wevana “vemurevi wenhema?

11 Uye zvakaitika kuti Ramonai akamutaurira kwaakanga achien-nda, nokuti aitya kumugumbura.

12 Uye akamutaurirawo zvose zvakaita kuti agare munyika ye-umambo hwake, asina kuenda kuna baba vake kumabiko avakanga vagadzira.

13 Uye zvino Ramonai zvaakanga apedza kumutaurira zvose zvinhu izvi, tarisai, akashamiswa; baba vake vakamushatirirwa, vakati: Ramonai, uri kuenda kunosunungura maNifai aya, vana vemurevi wenhema. Tarisai, akapamba madzibaba edu; uye zvino vana vake vauyawo matiri kuti, nokuchenjera kwavo noku-nyepa kwavo, votinyengedza,

kuti vagotipamba zvakare zvinhu zvedu.

14 Zvino baba vaRamonai vakamutaurira kuti abaye Amoni nemunondo. Uye akamutaurirawo kuti asaende kunyika ye-Midhoni, asi kuti adzokere naye kunyika “yaIshmaeri.

15 Asi Ramonai akati kwaari: Handizobaya Amoni, kana kudzokera kunyika yaIshmaeri, asi ndinoenda kunyika yaMidhoni kuti ndinosunungura hama dzaAmoni, nokuti ndinoziva kuti vanhu vakana-ka uye vaporofita vatsvene vaMwari wechokwadi.

16 Zvino baba vake pavakanzwa mazwi aya, vakamushatirirwa, vakaburitsa munondo wavo kuti vamubaye nawo awire pasi.

17 Asi Amoni akamira akati kwaari: Tarisai, hauzouraya mwanakomana wako; zvisinei, zviru “nani kuti iye apunzike panewe, nokuti tarisai, ^bakate-ndeuka kubva muzvitema zva-ke; asi iwe ukafa panguva ino, mukushatirwa kwako, hauzoponeswa.

18 Uye zvakare, zvakafanira kuti usadaro; nokuti “ukabaya mwanakomana wako, iye ari munhu asina mhosva, ropa rake rinochemera kubva pasi kuna Ishe Mwari vake, kuti utsiviwe; uye zvimwe ungarasikirwe ^bnemweya wako.

19 Zvino Amoni ataura mazwi aya kwaari, akamupindura, achiti: Ndinoziva kuti

6a Aruma 18:9-10.

8a Aruma 22:1.

9a Aruma 18:9.

10a Mosaya 10:12-17.

14a Aruma 17:19.

17a Aruma 48:23.

^b Aruma 19:12-13.

18a NKM Kuponda.

^b D&Z 42:18.

ndikauraya mwanakomana wangu, ndadeura ropa risina mhosva, nokuti ndiwe watsvaka kumuparadza.

20 Uye akatambanudza ruoko rwake kuti abaye Amoni. Asi Amoni akadziva, uye akamurova ruoko rwake kuti atadze kurwushandisa.

21 Zvino mambo zvaakaona kuti Amoni angangomuuraya, akatanga kukumbira Amoni kuti asamubaye.

22 Asi Amoni akasimudza munondo wake akati kwaari: Tarisai, ndinokubaya kunze kwekunge wabvuma kuti hama dzangu dziburitswe mutirongo.

23 Zvino mambo, achitya kuti angangorasikirwa neupenyu hwake, akati: Kana ukasanduiraya ndichabvuma chose chauri, kana kukupa chikamu chepakati cheumambo hwangu.

24 Zvino Amoni zvaakaona kuti atunha mambo akwegura kuita maererano nezvaaida, akati kwaari: Kana ukabvuma kuti hama dzangu dziburitswe mutirongo, nokutiwo Ramonai arambe aine umambo hwake, nokuti iwe usamushatirirwe, asi ubvume kuti aite zviri maererano nezvaanenge achida mune "chero-chose chinhu chaanofunga, kana wadaro ndinokuregerera; kana zvisirizvo ndinokuwisira pasi.

25 Zvino Amoni zvaakanga ataura mazwi aya, mambo akatanga kufara pamusana peupenyu hwake.

26 Uye zvaakaona kuti Amoni

akanga asingade kumuparadza, nezvaakaonawo kuti anoda mwanakomana wake Ramonai zvikuru, akamushamisa zvikuru, uye akati: Pamusana pekuti izvi ndizvo chete zvawada, kuti ndisunungure hama dzako, nokubvumira mwanakomana wangu Ramonai kuti arambe ari muumambo hwake, tarisai, ndinobvuma kwaari kuti mwanakomana wangu arambe ari muumambo hwake kubvira zvino kudakara nariini, uye ini handichazomutongazve—

27 Uye ndichabvumawo kwauri kuti hama dzako dziburitswe mutirongo, uye iwe nehama dzako munokwanisa kuuya kwandiri, muumambo hwangu, nokuti ndichadisa chaizvo kukuonai. Nokuti mambo akashamiswa zvikuru nemazwi aakanga ataura, nemazwiwo akanga ataurwa nemwanakomana wake Ramonai, saka "akada kuadzidza.

28 Uye zvakaitika kuti Amoni naRamonai vakasimudzira nerwendo rwavo vachienda ku-Midhoni. Uye Ramonai akadiwa namambo wenyika; naizvozvo hama dzaAmoni dzakaburitswa mutirongo.

29 Uye Amoni paakanosangana navo akasuwa zvikuru, nokuti vakanga vari musvo, uye makanda avo akanga akasvuuka-svuuka pamusana pekusungwa kwavo netambo dzakasimba. Uye vakanga vanzwa nenzara, nyota, nekurwadziwa kwaka-

siyana-siyana; asi zvakadaro vakanga “vakatirira mukuta-mbudzika kwavo kwose.

30 Uye sekuitika kwazvo, vakanga vaine rombo rakaipa rekuwira mumaoko evanhu vakaoma uye vakaoma mutsipa; naizvozvo havana kuteerera mazwi avo, uye vakavatandira kunze, uye vakavarova, uye vakavatandanisa mumba nemumba, nzvimbo nenzvimbo, kudakara vasvika munyika ya-Midhoni; ikoko ndokubva vatorwa ndokukandwa mutirongo, uye vakasungwa netambo “dzakasimba, vakachengetwa mutirongo kwemazuva akawanda, uye vakaponeswa naAmoni naRamonai.

Nhoroondo yekuparidza kwa-Aroni, naMurokai, nehama dzavo, kumaRamani.

*Zvichisanganisa zvitsauko
21 kusvika ku26.*

CHITSAUKO 21

Aroni anodzidzisa maAmarekai nezvaKristu nezverudzikinuro rwake —Aroni nehama dzake vanoiswa mutirongo kuMidhoni—Mushure mekusunungurwa kwavo, vanodzidzisa mumasinagogo uye vachidzora vazhinji—Ramonai anopa vanhu vemunyika yaIshmaeri rusununguko rwekunamata. Zvingangove makore 90 kusvika ku77 Kristu asati azvarwa.

ZVINO Amoni nehama dzake pavakanga “vaparadzana kumiganhu kwenyika yemaRamani, tarisai Aroni akatora rwendo rwake akananga kunyika yaidaidzwa nemaRamani, kuti Jerusarema, vachiidaidza sekurangerira nyika yechizvarwa chemadzibaba avo; uye yakanga iri uko kwakabatana nenyika yaMormoni.

2 Zvino maRamani nema-Amarekai nevanhu “vaAmuroni vakanga vavaka guta guru raidaidzwa kunzi Jerusarema.

3 Zvino maRamani pachavo vakanga vakaoma zvakakwana, asi maAmarekai nemaAmuroni vakanga vakaoma kupfuura ipapo; naizvozvo vakakonzera maRamani kuti vaomose mwoyo yavo, kuti vakure mukusimba muhuipi noruvengo rwavo.

4 Uye zvakaitika kuti Aroni akauya kuguta reJerusarema, uye akatanga nekuparidza kumaAmarekai. Uye akatanga kuvaparidzira mumasinagogo avo, nokuti vakanga vavaka masinagogo “senehungwa remaNehoi; nokuti vazhinji vemaAmarekai nemaAmuroni vakanga vari ve-gungano remaNehoi.

5 Naizvozvo, Aroni achipinda mune imwe yemasinagogo avo kuti aparidzire vanhu, uye ari mukutaura kudaro, tarisai kwakasimuka muAmarekai uye ndokutanga kunetsana naye, achiti: Chii chauri kupupura? Wakaona “ngirozi here? Ko idzo

29a Aruma 17:11.

30a Aruma 26:29.

21 1a Aruma 17:13, 17.

2a Mosaya 24:1;

Aruma 25:4–9.

4a Aruma 1:2–15.

5a Mosaya 27:11–15.

ngirozi dzinodii kuzviratidza kwatiri? Tarisai vanhu ava havana kuita zvakaitha vanhu vekwenyu here?

6 Wataurawo kuti, kana tikasatendeuka tichafa. Unoziva sei pfungwa dzedu nezvinofunga mwoyo yedu? Unoziva sei kuti takafanira kutendeuka? Unoziva sei kuti hatizi vanhu vakarurama? Tarisai, takavaka nzvimbo dzekusanganirana, uye tinoungana pamwechete kuti tinamate Mwari. Tinodaira kuti Mwari vachaponesa vose vanhu.

7 Zvino Aroni akati kwaari: Unotenda here kuti Mwanakomana waMwari achauya kuzonunura vanhu muzvitema zvavo?

8 Uye murume uyu akati kwaari: Hatidaira kuti iwe une chaunoziva nezvezvinhu izvi. Hatitende mutwutsika utwu tweurema. Hatitende kuti iwe unoziva "nezvezvinhu zvichauya, hatitendewo kuti madzibaba ako nemadzibaba eduwo aiziva zvaaitaura, maererano nenyaya yezvinhu zvichauya.

9 Zvino Aroni akatanga kuvahurira magwaro matsvene ari maererano nokuuya kwaKristu, neemaererano nokumuka kuvakafa, nekuti "hakuna rununuro rwevanhu kunze kwekuti kuuye nerufu nekutambudzika kwaKristu, ^bnorudzikinuro rweropa rake.

10 Uye zvakaitha kuti paakatanga kutsanangura mazwi aya kwavari vakamushatirirwa, vakatanga kumuseka; uye vaka-

ramba kunzwa mazwi aakanga achitaura.

11 Naizvozvo, paakaona kuti havasi kuda kunzwa mazwi ake, akabva pasinagogo yavo, akauya kune mumwe musha wainzi Ani-Andi, kwaakasvikowana Murokai achivaparidzira shoko; ezvowo naAma nehama dzake. Uye vakanetsana nevazhinji pamusoro peshoko.

12 Uye zvakaitha kuti vakaoona kuti vanhu vakanga vave kuomesa mwoyo yavo, naizvozvo vakabva vabva vakauya munyika yeMidhoni. Uye vakaparidza shoko kuvazhinji, uye vashoma vakatenda zvakaidzidzisa.

13 Zvakadaro, Aroni nevamwe vehama dzake vakatorwa uye vakakandwa mutirongo, uye vakapunyuka vakatiza kubva munyika yeMidhoni vachienda mumatunhu akatenderedza.

14 Uye avo vakakandwa mutirongo "vakatambudzwa nezvinhu zvizhinji, uye vakasunungurwa neruoko rwaRamonai naAmoni, uye vakapiwa zvekudya nezvipfeko.

15 Uye vakaenda zvakare vakanotaura shoko, uye ndokuburitswa kekutanga kubva mutirongo; uye ndikwo kutambudzika kwavakaita.

16 Uye vakaenda kwose kwavaitungamirwa "neMweya waIshe, vachiparidza shoko raMwari mumasinagogo ose emaAmarekai, kana munzvimbo dzemaRamani dzavainge vabvumirwa kupinda.

17 Uye zvakaitika kuti Ishe vakatanga kuvaropafadza, zve-kuti vakaunza vazhinji kuruzivo rwechokwadi; hongu, “vaka-pwisa vazhinji pamusoro pe-zvitema zvavo, nepamusoro petsika dzemadzibaba avo, dza-kange dzisiri idzo.

18 Uye zvakaitika kuti Amoni naRamonai vakadzoka kubva munyika yaMidhoni vachidzokera kunyika yaIshmaeri, yakange iri nyika yenhaka yavo.

19 Uye mambo Ramonai haana kubvuma kuti Amoni amushandire, kana kuti ave muranda wake.

20 Asi akaita kuti kuvakwe masinagogo munyika yaIshmaeri; uye akaita kuti vanhu vake, kana kuti vaive pasi pake, vakafanira kuungana pamwechete.

21 Uye akafadzwa navo, uye akavadzidzisa zvinhu zvizhinji. Uye akavaudzawo kuti ivo vanhu vari pasi pake, akavati vanhu vakasununguka, nekuti vakanga vakasununguka vasisadzvinyirirwe namambo, baba vake; nokuti baba vake vakanga vamupa mvumo yekutonga vanhu vakanga vari munyika yaIshmaeri, nemunyika yose yakatenderedza.

22 Uye akavaudzawo kuti “vakasununguka kunamata Ishe Mwari vavo maererano nezvido zvavo, munzvimbo ipi zvayo yavanenge vari, kana muri munyika iri pasi pamambo Ramonai.

23 Uye Amoni akaparidzira

vanhu vamambo Ramonai; uye zvakaitika kuti akavadzidzisa zvinhu zvose zviri maererano nokururama. Uye aivakurudzira zuva nezuva, nesimba rose; uye vakateerera shoko rake, uye vakada zvikuru kuchengetedza mirairo yaMwari.

CHITSAUKO 22

Aroni anodzidzisa baba vaRamonai nezveKusikwa, kupunzika kwa-Adama, neurongwa hwerununuro muna Kristu—Mambo nemba yake yose vanopinduka—Kugovaniswa kwakaitwa nyika pakati pe-maNifai nemaRamani kunotsanangurwa. Zvingangove makore 90 kusvika ku77 Kristu asati azvarwa.

ZVINO, sekudzidzisa kwakanga kuchiita Amoni vanhu vaRamonai nguva dzose, tichadzokera kunyaya yaAroni nehama dzake; nokuti mushure mekubva kwake munyika yeMidhoni “akatungamirirwa neMweya kunyika yaNifai, kana nekumba kwamambo akanga ari munyika yose ^bkunze kwemunyika yaIshmaeri; uye aiva ndiye baba vaRamonai.

2 Uye zvakaitika kuti akaenda kwaari akapinda mumba mamambo, nehama dzake, akakotama kukudza mambo, akati kwaari: Tarisai, imi mambo, ndisu hama dzaAmoni, “vama-buritsa mutirongo.

3 Uye zvino imi mambo, kana mukasatiuraya, tichave varanda

17a D&Z 18:44.

22a D&Z 134:1–4;

Mis. yeCh. 1:11.

NKM Rusununguko.

22 1a Aruma 21:16–17.

b Aruma 21:21–22.

2a Aruma 20:26.

venyu. Uye mambo akati kwavari: Simukai, nokuti ndichakupai upenyu hwenyu, uye handizobvuma kuti muve varanda vangu; asi ndinoti makafanira kundiparidzira; nokuti ndiri kunetseka mupfungwa pamusoro pemwoyochena nekukosha neukuru hwemazwi ehama yenyu Amoni; uye ndinoda kuziva kuti chikonzero chii asina kubuda nemi munyika yeMidhoni.

4 Uye Aroni akati kuna mambo: Tarisai, Mweya waIshe wamushvedzera kune imwe nzira; aenda kunyika yaIsmaeri, kuti adzidzise vanhu vaRamonai.

5 Zvino mambo akati kwavari: Chii ichi chamataura nezve Mweya waIshe? Tarisai, ndichochinhu chiri kundinetsa ichocho.

6 Uyewo, chii ichi chakaturwa naAmoni—“Kana mukatendeuka muchaponeswa, kana mukasatendeuka, mucharaswa nezuva rokupedzisira?”

7 Uye Aroni akamupindura akati kwaari: Unotenda here iwe kuti kuna Mwari? Uye mambo akati: Ndinoziva kuti maAmarekai anoti kuna Mwari, uye ini ndakavabvumira kuti vavake nzvimbo, kuti vaungane pamwechete kuti vamunamate. Uye zvino kana iwe uchiti kuna Mwari, tarisai “ndichazvitenda.

8 Uye zvino Aroni paakanzwa izvi, mwoyo wake wakatanga kufara; uye akati: Tarisai,

nechokwadi sezvo muri mupeyny, imi mambo, Mwari variko.

9 Uye mambo akati: Mwari ndiye here Mweya “Mukuru uya wakabvisa madzibaba edu munyika yeJerusarema?”

10 Aroni akati kwaari: Hongu, ndiye Mweya Mukuru uya, uye “akasika zvinhu zvose zviri mudenga nezviri pasi. Munozvite nda here izvi?”

11 Uye iye akati: Hongu, ndinotenda kuti Mweya Mukuru ndiwo wakasika zvinhu zvose, uye ndinoda kuti undiudze pamusoro pezvinhu zvose izvi, uye ndinobva “ndatenda mazwi ako.

12 Uye zvakaitika kuti Aroni paakaona kuti mambo aчатenda mazwi ake, akatangisa nekusikwa kwaAdama, “achiverenge ra mambo magwaro matsvene kuti Mwari vakasika sei munhu nemufananidzo wavo, nokuti Mwari vakamupa mirairo, nokutiwo pamusana pekutadza, munhu akapuzika.

13 Uye Aroni akamutsanangurira magwaro kubvira “pakusikwa kwaAdama, achimuratidza kupuzika kwemunhu, nokuita kwavo kwenyama ^bneurongwa hwerununuro, hwakagadzirwa ^ckubvira mukutanga kwenyika, nemuna Kristu, kumunhu wose uyo anotenda muzita rake.

14 Uye sezvo munhu ^aakapuzika hakuna chaanogona ^bkunatsa iye ega; asi kutambudzwa nekufa kwaKristu ^ckuno-

6a Aruma 20:17–18.

7a D&Z 46:13–14.

9a Aruma 18:18–28.

10a NKM Sika.

11a NKM Daira.

12a 1 Ni. 5:10–18;

Aruma 37:9.

13a Gen. 1:26–28.

b NKM Hurongwa
hweRununuro.

c 2 Ni. 9:18.

14a NKM Kupuzika

kwaAdama naEva.

b 2 Ni. 25:23;

Aruma 42:10–25.

c Aruma 34:8–16.

NKM Dzikinura.

vadzikinura muzvitema zvavo, kuburikidza nerutendo nekute-ndeuka, nezvimwe zvakadaro; nokuti anodimbura majoto erufu, kuti ^aguva ritadze kuku-nda, nokutiwo kuruma kwe-ru-fu kuchamedzwa netarisiro yekubwinya; uye Aroni akatsa-nangura zvose zvinhu izvi kuna mambo.

15 Uye zvakaitika kuti mushu-re mekunge Aroni atsanangura zvinhu zvose izvi kwaari, ma-mbo akati: “Chii chandingaite kuti ndiwane upenyu uhwu hwokusingaperi hwawataura? Hongu, ndingaiti kuti ^bndizva-rwe naMwari, kuti mweya uyu wakaipa udzurwe muchipfuva changu, uye ndigotambira Mwe-ya wake, kuti ndigozadzwa ne-rufaro, kuti ndisaraswe pazuva rokupedzisira? Tarisai, akadaro iye, ndichasiya ^czvose zvandina-zvo, hongu, ndichasiya uma-mbo hwangu, kuti ndigashire kufara kukuru uku.

16 Asi Aroni akati kwaari: Kana ^auchida chinhu ichi, kana ukapfugama pamberi paMwa-ri, hongu, ukatendeuka kubva kuzvitadzo zvako zvose, uye ukapfugama pamberi paMwari, uchidaidza zita ravo nerutendo, uchitenda kuti uchagashira, ndipo pauchagashira ^btariro yauri kuda.

17 Uye zvakaitika kuti Aroni zvaakanga ataura mazwi aya, mambo ^aakapfugama pamberi paIshe, nemabvi ake; hongu,

kana iye akazvambarara pasi, ^bakachema zvikuru, achiti:

18 Imi Mwari, Aroni andiudza kuti kuna Mwari; uye kana kui-na Mwari, uye kana imi murimi Mwari, mungaite here kuti ndikuzivei, uye ndicharegera zvitema zvangu zvose kuti ndikuzivei, nekuti ndimutswe kubva kuvakafa, uye ndigopo-neswa muzuva rekupedzisira. Uye zvino mambo ataura ma-zwi aya, akarohwa akaita sefa.

19 Uye zvakaitika kuti varanda vake vakamhanya vakanotauri-ra mambokadzi zvakanga zva-itika kuna mambo. Uye ma-mbokadzi akabva auya kuna mambo; uye zvaakamuona aka-rara seakafa, uye achionawo Aroni nehama dzake sekunge ndivo vakanga vakonzera ku-punzika kwamambo, akava-shatirirwa, ndokubva atuma varanda vake, kana kuti vara-nda vamambo, kuti vavatore vavauraye.

20 Zvino varanda vakanga vaona chakanga chaita kuti mambo apunzike, naizvozvo vakatya kuisa maoko avo pana Aroni nehama dzake; uye vakanyengetedza mambokadzi vachiti: Sei muchititaurira kuti tiuraye varume ava, uye tarisai mumwechete wavo ane ^asimba kupfuura tose? Naizvozvo ti-chapunzika pameso pavo.

21 Zvino mambokadzi paaka-ona kutya kwakanga kwabata varanda naiyewo akavamba

14d Isa. 25:8;
I VaKori. 15:55.
15a Mabasa 2:37.
b Aruma 5:14, 49.

c Mat. 13:44–46;
19:16–22.
16a NKM Kupinduka.
b Eta 12:4.

17a D&Z 5:24.
b NKM Munamoto.
20a Aruma 18:1–3.

kutya zvikuru, achitya kuti angangovingwa nechinhu cha-kaipa. Uye ndokubva ataurira varanda vake kuti vanodaidza vanhu, kuti vazouraya Aroni nehama dzake.

22 Zvino Aroni paakaona kushinga kwamambokadzi, iye, nekuzivawo ukukutu hwemwoyo yevanhu, akatya kuti pangangoungana mhomho yevanhu pamwechete, uye kwove nekupesana kukuru nokukanganisana mukati mavo; naizvozvo akatambanudza ruoko rwake akasimudza mambo kubva pasi, uye akati kwavari: Simukai. Akamira netsoka dzake, achwana simba rake.

23 Zvino izvi zvakaitwa mumaziso amambokadzi nevazhinji vevaranda. Uye zvavakazviona zvakavashamisa zvikuru, uye vakatanga kutya. Uye mambo akamira, uye akatanga “kupa-ridza kwavari. Uye akavaparidzira, zvekuti imba yake yose^b yakatendeukira kuna Ishe.

24 Zvino pakanga pane mhomho yakange yaungana pamwechete nenzira yekudaidzwa namambokadzi, kukatanga kuve nekutsutsumwa pakati pavo pamusoro paAroni nehama dzake.

25 Asi mambo akamira mukati mavo akavafundisa. Uye vakanyevenuka kuna Aroni nekune avo vaakanga ainavo.

26 Uye zvakaitika kuti mambo zvaakaona kuti vanhu vanyevenuka, akaita kuti Aroni nevamwe vake vamire pakati

pemhomho yevanhu iyi, uye kuti vagovaparidzira shoko.

27 Uye zvakaitika kuti mambo akatumira “chiziviso munyika yose, kuvanhu vake vose vaive munyika yake yose, vaive mumatunhu ose akatenderedza, aiganhurana negungwa, kumabvazuva nekumadokero, uye yakange yakaganurana nenyika^b yaZarahemura nekamutsetse kerenje kakamanika, kaibva kugungwa nechekumabvazuva kachidimbura kunosvika kugungwa nechekumadokero, nepedyo pegungwa, nekumiganhu yerenje raive kuchamhembe kwenyika yeZarahemura, nekumiganhu yeMandi, nekumusoro kwerwizi rweSidhoni, rwuchi-bva kumabvazuva rwuchienda kumadokero—ndiko kuganurwa kwakanga kwakaitwa maRamani nemaNifai.

28 Zvino, vazhinji vevakanga vaine “nungo vemaRamani vaigara murenje, uye vachigaramumatende; uye vakanga vakapararira nerenje nechekumadokero, munyika yaNifai; hongu, nekumadokerowo enyika yaZarahemura, kumuganhu negungwa, nekumadokero munyika yaNifai, munzvimbo yenhaka yekutanga yemadzibaba avo, uye iri yakaganhurana negungwa.

29 Uye kwakanga kuinewo maRamani akawanda nechekumabvazuva nechekugungwa, kuri kwavakanga vatinhirwa nemaNifai. Naizvozvo maNifai

23a NKM Mushumiri;
Paridza; Dzidzisa.

b NKM Kupinduka.
27a Aruma 23:1–4.

b Omu. 1:13–17.
28a 2 Ni. 5:22–25.

akanga akakomberedzwa ne maRamani; zvisinei maNifai akanga akatora rutivi rwose rwekuchamhembe kwenyika rwakaganhurana nerenje, pakatangira rwizi rweSidhoni, kubvira kumabvazuva kusvika kumadokero, munzvimbo dziri pedyo nerenje; kuchamhembe, kana kusvika kunzvimbo yavaiti “yeMaguta.

30 Uye yakanga yakaganhurana nenyika yavaidaidza kuti Nyika “yeKuparadzwa, yakanga iri kure kuchamhembe zvekuti yaipinda munyika yakambenge iine vanhu uye ikaparadzwa, ine vanhu vane ^bmapfupa atataura nezvawo, akawanikwa nevanhu vaZarahemura, iri iyo nzvimbo ‘yavakatanga kusvika.

31 Uye vakabva ikoko vachikwira kuenda murenje rehekumaodzanyemba. Saka nyika yaive nehekuchamhembe yainzi Nyika “yeKuparadzwa, uye nyika yaive nehekumaodzanyemba yainzi Maguta, riri renje rakanga rizere nemhuka dzemarudzi ose, dzimwe dzacho dziri dzakanga dzabva nehekuchamhembe dzichitsvaga zvekudya.

32 Uye zvino, waingova “mufambo wezuva rimwe nechikamu kumuNifai, mumutsetse weMaguta nenyika yeKuparadzwa, kubva kumabvazuva kuenda kugungwa rekumadokero; uye saka nyika yaNifai nenyika yeZarahemura

dzakanga dzakada kutenderezwa nemvura, paine ^bkamutsetse kenyika pakati penyika iri kuchamhembe nenyika iri kumaodzanyemba.

33 Uye zvakaikita kuti maNifai akanga agara munyika yeMaguta, kana kubvira kumabvazuva kusvika kugungwa rekumadokero, uye saka maNifai mukuchenjera kwavo, nevatariri vavo nemo auto avo, vakanga vamanikidzira maRamani nehekumaodzanyemba, kuti vashaye chavainacho kuchamhembe kwenyika, kuti vatadze kurwisa nyika nehekumusoro kwayo.

34 Naizvozvo maRamani havana kunge vaine chinhu munyika yaNifai, nemurenje rakatenderedza. Zvino uku kwaive kuchenjera kwemaNifai—sezvo maRamani vaive mhandu dzavo, havaibvuma kuti vatambudzwe kwose-kwose, uye nokuti vagowana nyika yekutizira, maererano nezvido zvavo.

35 Uye zvino ini, shure kweku-nge ndataura izvi, ndinodzokera zvakare kunyaya yaAmoni naAroni, Omuna naHimunai, nehama dzavo.

CHITSAUKO 23

Rusununguko rwekunamata rwunodaidzirwa — MaRamani munyika nomwe nemaguta vanopindutswa — Vanozvidaidza kuti vaAndi-Nifai-Rihai uye vanosu-

29a Aruma 52:9; 63:5.

30a Aruma 50:34;

Morm. 4:1–3.

b Mosaya 8:7–12;

28:11–19.

c Hir. 6:10.

31a Hir. 3:5–6.

32a Hir. 4:7.

b Aruma 50:34.

nungurwa kubva mukutukwa—MaAmarekai nemaAmurooni vanoramba chokwadi. Zvingangove makore 90 kusvika ku77 Kristu asati azvarwa.

TARISAI, zvino zvakaitika kuti mambo wemaRamani akatumira “chiziviso kuvanhu vake vose, kuti vasabate-bate Amoni, kana Aroni, kana Omuna, kana Himunai, kana ani zvake wehama dzavo avo vachaenda vachiparidza shoko raMwari, kwose kwavanenge vari, murutivi rwupi rwenyika yavo.

2 Hongu, akatumira shoko kwavari, kuti vasavabate kuti vavasunge, kana kuti kuvaisa mutirongo; zve havafanire kuvasvipira, kana kuvarova, kana kuvabvisa mumasinagogo avo, kana kuvarova; havafanire kuvatema nematombo, asi kuti ivo vagone kupinda mudzimba dzavo vakasununguka, nemumatemberi avowo, nemunzvimbo dzavo dzavanosangana.

3 Uye ndiko kuti vaende vachiparidza shoko maererano nechido chavo, nokuti mambo akanga apindukira kuna Ishe, nemba yake yose; saka akatumira chiziviso chake munyika yose kuvanhu vake, shoko raMwari risawane chinoridzivisa, asi kuti shoko rake riende munyika yose, kuti vanhu vake vapwiswe pamusoro pekuipa “kwetsika dzamadzibaba avo, nokutiwo vapwiswe kuti vose vaive hama, nokuti vasaponde,

kana kupaza, kana kuba, kana kuita upombwe, kana kuita chimwe chinhu cheupi.

4 Uye zvino zvakaitika kuti mambo atumira shoko rake, Aroni nevamwe vake vakaenda guta neguta, uye kubva muimba yekunamatira kuenda mune imwe imba yekunamatira, vachimisa machechi, uye vachigadza vafundisi nevadzidzisi munyika yose mukati memaRamani, kuti vaparidze nokudzidzisa shoko raMwari mukati mavo; uye vakatanga kuva nekubudirira kukuru.

5 Uye zviuru zvakasvika mukuziva Ishe, hongu, zviuru zvakasvika mukutenda “tsika dzemaNifai; uye vakadzidziswa^bzvinyorwa nezviporofita zvakatambidzanwa kudakara kusvika nhasi.

6 Uye sezvo chiri chokwadi kuti Ishe mupenyu, nechokwadi vazhinji vakatenda, kana sezvo vazhinji vakasvitswa mukuziva chokwadi, kuburikidza neku-paridza kwaAmoni nehama dzake, maererano nemweya wekuzururirwa newechiporofita, nesimba raMwari richishanda zvishamiso mavari—hongu, ndinoti kwamuri, sezvo Ishe vari vapenyu, vazhinji vemaRamani vakatenda kuparidza kwavo, uye “vakatendeukira kuna Ishe,^bhavana kupunzika.

7 Nokuti vakave vanhu vakarurama; vakakanda pasi zvombo zvavo zveupanduki, zvokuti havana kuzorwisa Mwari

23 1a Aruma 22:27.
3a Aruma 26:24.
5a Aruma 37:19.

b Aruma 63:12.
NKM Magwaro
matsvene.

6a NKM Kupinduka.
b Aruma 27:27.

zvakare, kana mumwe wehama dzavo.

8 Zvino, ava “ndivo vakapindukira kuna Ishe:

9 Vanhu vemaRamani vakanga vari munyika yaIsmaeri;

10 Uye vanhu vemaRamaniwo vakanga vari munyika yeMidhoni;

11 Uye vanhu vemaRamaniwo vaive muguta raNifai;

12 Uyewo vanhu “vemaRamani vaive munyika yeShiromu, nevaive munyika yeShemuroni, nemuguta raRemueri, nemuguta raShimuniromu.

13 Uye aya ndiwo mazita emaguta emaramani “akatendeukira kuna Ishe; uye ndiwo iwaya akakanda zvombo zvawo pasi zveupanduki, hongu, zvombo zvawo zvose zvehondo; uye vose vaive maRamani.

14 Uye maAmarekai vakanga vasina “kutendeuka, kunze kwe-mumwechete oga; kana ^bma-Amuroni; asi vakaomesa mwoyo yavo, nemwoyo yemaRamani aivewo murutivi irworwo rwenyika mavaigara, hongu, uye mishya yavo yose nemaguta avo ose.

15 Naizvozvo, tataura ose maguta emaramani ane vakatendeuka nevakaziva chokwadi, uye vakapinduka.

16 Uye zvino zvakaitika kuti mambo neavo vakapindutswa vakada kuve nezita, kuti vago-ve vakatsaukana nehama dzavo; naizvozvo mambo akataura na-Aroni nevazhinji vevapirisita

vavo, maererano nezita rava-ngatore, kuti vagozivikanwanaro.

17 Uye zvakaitika kuti vakati zita ravo rinonzi “maAndi-Nifai-Rihai; uye vakadaidzwa nezita iri uye vakasazodaidzwa kunzi maRamani.

18 Uye vakatanga kuve vanhu vanoshanda zvikuru; hongu, uye vaishamwaridzana nema-Nifai; naizvozvo, vakazurura kuwirirana navo, uye “kutuka kwaMwari hakuna kuzovatevera zvakare.

CHITSAUKO 24

MaRamani anorwisa vanhu va-Mwari — MaAndi-Nifai-Rihai vanofara muna Kristu uye vanoshanyirwa nengirozi — Vanosarudza kufa pane kuti vazvirwire — Mamwezve maRamani vanotendeutswa. Zvingangove makore 90 kusvika ku77 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti maAmarekai nemaAmuroni nemaRamani vakanga vari munyika yaAmuroni, nemunyikawo yaHerami, nevaive munyika “yeJerusarema, nemuchidimbu, munyika yose yakakomberedza, vasina kunge vapindutswa nevasina kunge vatora zita rekunzi ^bmaAndi-Nifai-Rihai, vakafurirwa nema-Amarekai nemaAmuroni kuti vashatirirwe hama dzavo.

2 Uye ruvengo rwavo rwukakura zvikuru, zvekuti vakatanga

8a Aruma 26:3, 31.

12a Mosaya 22:8, 11.

13a Aruma 53:10.

14a Aruma 24:29.

^b Mosaya 23:31–39.

17a NKM VaAndi-Nifai-Rihai.

18a 1 Ni. 2:23;

2 Ni. 30:5–6;

3 Ni. 2:14–16.

24 1a Aruma 21:1.

^b Aruma 25:1, 13.

kupandukira mambo wavo, zvekuti vakanga vasisade kuti ave mambo wavo; naizvozvo, vakatora zvombo zvavo kurwisa maAndi-Nifai-Rihai.

3 Zvino mambo vakagadza mwanakomana wavo umambo, vakamudaidza zita rake kuti Andi-Nifai-Rihai.

4 Uye mambo vakafa mugore rimwechetero rakanga maRamani vachigadzirira kuita hondo nevanhu vaMwari.

5 Zvino Amoni nehama dzake pavakaona kugadzirira kwaiitwa kwose uku nemaRamani kuti vaparadze hama dzavo, vakauya munyika yeMidhiani, uye ikoko Amoni akasangana nehama dzake dzose; uye vabva ikoko vakauya munyika yaIshmaeri kuti vaite “dare naRamonai nehama yakewo Andi-Nifai-Rihai, kuti vaone kuti vangaite sei kuti vazvidzvirire kubva kumaRamani.

6 Zvino hakuna munhu kana mumwechete zvake mukati mevanhu vose vakanga vate ndeukira kuna Ishe vaikwanisa kutora zvombo kurwisa hama dzavo; kwete, kana kugadzirira hondo havaigadzirira; hongu, uye kana mambo wavo akavarambidza kugadzirira.

7 Zvino aya ndiwo mazwi aakataura kuvanhu maererano nenyaya iyi: Ndinotenda Mwari vangu, vanhu vangu vanodikana, kuti Mwari vedu mukunaka kwavo vakatumira idzi hama dzedu, maNifai, kwatiri kuzotiparidzira, uye kuitira kutipwisa

“nezvetsika dzamadzibaba edu dzakaipa.

8 Uye tarisai, ndinotenda Mwari vangu mukuru kuti vakatipa kadimbu keMweya wavo kupfavisira mwoyo yedu, kuti tiite chibvumirano nehama idzi, maNifai.

9 Uye tarisai, ndinotendawo Mwari vangu, nokuti mukuza-rura hurukuro iyi tave tinopwiswa pamusoro “pezvitadzo zvedu, nezvekuponda kuzhinji kwatakaita.

10 Uye ndinotendawo Mwari vangu, hongu, Mwari vangu vakuru, kuti vakatibvumira kuti titendeuke kubva muzvinhu izvi, nokutiwo “vakatiregerera zvitema zvedu zvakananda neumhondi hwedu hwatakaita, uye akabvisa mumwoyo yedu pfungwa yekunzwa tiine ^bmhosva, kuburikidza nekukurama kweMwanakomana wavo.

11 Uye zvino tarisai, hama dzangu, sezvo zviri izvo zvose zvataikwanisa kuita (sezvo takanga tiri vakanga vakanyanya kurasika kurudzi rwevanhu) kutendeuka muzvitema zvedu zvose nekuponda kwose kwatakaita, nokuita kuti Mwari “vazvibvise mumwoyo yedu, nokuti ndizvo zvose zvataikwanisa kuita kuti titendeuke zvakanwana pamberi paMwari kuti vabvise vara retsvina yedu—

12 Zvino hama dzangu dzakanaka dzinodiwa, sezvo Mwari vabvisa kuremerwa kwedu, uye minondo yedu yave kupe-nya, ngatichiregai kusvibisa

5a Aruma 27:4–13.
7a Mosaya 1:5.

9a D&Z 18:44.
10a Dan. 9:9.

^b NKM Mhosva, Kuva ne.
11a Isa. 53:4–6.

minondo yedu zvakare neropa rehama dzedu.

13 Tarisai, ndinoti kwamuri Kwete, ngatichengetei minondo yedu kuti isasvibiswe neropa rehama dzedu; nokuti zvimwe, kana tikasvibisa minondo yedu zvakare haizogona “kugezwa ichipenya neropa reMwanakomana waMwari vedu mukuru, richadeurwa kuti ridzikinure zvitema zvedu.

14 Uye ivo Mwari mukuru vatinzwira tsitsi, vakaita kuti zvinhu izvi zvizivikanwe nesu kuti tisafe; hongu, uye vakaita kuti zvinhu izvi tifanozviziva, nokuti vanoda “mweya yedu sekuda kwavanoita vana vedu; naizvozvo, netsitsi dzavo vanotishanyira nengirozi dzavo, kuti ^burongwa hweruponeso huitwe kuti tihuzive nekuzvizarwa zvedu zvamangwana.

15 Imi, tsitsi dzina Mwari vedu! Uye zvino tarisai, sezvo zviri izvo zvataikwanisa kuita kuti kusviba kwedu kubviswe kwatiri, uye minondo yedu yichipenyiswa, ngatiyivigei kuti yirambe yichipenya, seuchapupu kuna Mwari vedu muzuva rekupedzisira, kana kuti musi watachunzwa kuti timire pamberi pavo kuti titongwe, kuti hatina kusvibisa minondo yedu neropa rehama dzedu kubvira musi wavatipa shokoravo uye vakabva vatichenesa pakare.

16 Uye zvino, hama dzangu,

kana hama dzedu dzichitsvaka kutiparadza, tarisai, tichaviga minondo yedu, hongu, kana kuicherera pasi muvhu, kuti irambe ichipenya, seuchapupu hwekuti hatina kumboishandisa, muzuva rekupedzisira; uye kana hama dzedu dzikatiparadza, tarisai, “tichaenda kuna Mwari vedu uye kwatinoponeswa.

17 Uye zvino zvakaitika kuti mambo paakapedza kutaura uku, uye vanhu vose vaunganidzwa pamwechete, vakatora minondo yavo, nezvose zvombo zvaishandiswa mukuparadza ropa remunhu, uye “vakazviviga pasi-pasi muvhu.

18 Uye vakaita izvi, kwavari huri uchapupu kuna Mwari, nekuvanhuwo, kuti “havachazofa vakashandisa zvombo zvakare kuparadza ropa remunhu; uye vakazviita izvi, vachipupura ^bnekubvumirana naMwari, kuti vanosarudza “kurasikirwa neupenyu hwavo pane kuti vaparadze ropa rehama dzavo; uye pane kuti vatorere hama yavo vangatomupa zvavo; uye pane kuti vaparadze mazuva avo vasina chavari kuita vanozoshanda zvikuru nemaoko avo.

19 Naizvozvo ndiko kuona kwatinoita, kuti maRamani ava pavakaitwa kuti vatende nekuziva chokwadi, “vakasimba, vakabvuma kana kufa pane kuti vaite chitema; uye ndizvo zvatinooona kuti vakaviga zvombo

13a Zvaka. 1:5.

14a NKM Mweya (Mweya neMuviri)—Kukosha kwemweya.

^b NKM Hurongwa hweRununuro.

16a Aruma 40:11-15.

17a Hir. 15:9.

18a Aruma 53:11.

^b NKM Chibvumirano.

^c NKM Kupira.

19a NKM Rutendo.

zvavo zverunyararo, kana kuti vakaviga zvombo zvehondo, kuti vawane runyararo.

20 Uye zvakaitika kuti hama dzavo, maRamani, vakagadzirira hondo, uye vakaenda kunyika yaNifai vakanangana nekunoparadza mambo, uye nokugadza mumwe munzvimbo yake, nokuparadza vanhu maAndi-Nifai-Rihai kuabvisa munyika.

21 Zvino vanhu zvavakaona kuti vari kuingwa vakabuda vakanovachingura, uye “vakazvambarara pasi pamberi pavo, uye vakatanga kudaidza zita raIshe; uye ndizvo zvavakanga vakaita maRamani zvaakavamba kuvawira, uye vachitanga kuvauraya neminondo.

22 Uye vasina kurwiswa, vakauraya chiuru chimwechete chine vanhu vashanu; uye tinoziva kuti vakaropafadzwa, nokuti vakaenda kunagara naMwari wavo.

23 Zvino maRamani pavakaoona kuti hama dzavo hadzisi kutiza kubaiwa, kana kupindukira kurudyi kana kuruboshwe, asi kuti vairara pasi uye “vachiparara, uye vachikudza Mwari ivo vari mukuparara pasi peminondo kudaro—

24 Zvino maRamani pavakaoona izvi, vakabva “varega kuvabaya; uye kwaive nevazhinji vakanga vanzwa ^bkurwadza kwemwoyo yavo pamusana pehama dzavo dzakanga dzafa nekubaiwa, nokuti vakatendeuka

kubva muzvinhu zvavakanga vaita.

25 Uye zvakaitika kuti vakakanda pasi zvombo zvavo zvehondo, uye vakasazozvitora zvakare, nokuti vakange vabatawa nokutya kuponda kwose kwavakanga vaita; uye vakanda sehama dzavo, vachivimba netsitsi dzeavo vakanga vasimudza maoko avo kuti vavabaye.

26 Uye zvakaitika kuti vanhu vaMwari vakabatanidzwa musi iwoyo nevanhu vakawanda kupfuura vakanga vauraiwa; uye avo vakanga vauraiwa vaive vanhu vakarurama, naizvozvo hatina chikonzero chekukahadzika asi kuti “vakaponeswa.

27 Uye hakuna kana mumwechete akauraiwa akanga ari pakati pavo akanga aine huipi; asi pakange paine vaipfuura chiuru vakaunzwa muruzivo rwechokwadi; saka tinoona kuti Ishe vanoshanda “nenzira dzakawanda muruponeso rwevanhu vavo.

28 Zvino, vazhinji vemaRamani vakauraya hama dzavo zhinji kudaro vaive maAmarekai nemaAmuroni, uye vazhinji vavo vaive “vehurongwa ^bhwemaNeha.

29 Zvino, pane vakasangana nevanhu vaIshe, “hamuna kunge muine maAmarekai, kana maAmuroni, kana vakanga vari vaNeha, asi vakanga vari zvizvarwa zvaRamani naRemueri.

30 Uye tinoona zviripachena, kuti kana vanhu vakadzimara “vajekeserwa neMweya

21a Aruma 27:3.

23a Aruma 26:32.

24a Aruma 25:1.

^b NKM Kunzwa Tsitsi.

26a Zvaka. 14:13.

27a Isa. 55:8-9;

Aruma 37:6-7.

28a Aruma 21:4.

^b Aruma 1:15; 2:1, 20.

29a Aruma 23:14.

30a Mat. 12:45.

waMwari, uye vawana ^bruzivo rukuru rwezvinhu zviri maererano nekukurama, uye ^cvagowira muchitema nekutadza, vanobva vaoma, saka zvinhu zvavo zvinobva ^dzvanyanya kuipa kuita sevasina kumboziva zvinhu izvi.

CHITSAUKO 25

Kunetsa kwemaRamani kunopararira—Mbeu yemapirisita vaNoa inofa sekuporofitwa kwazvakaitwa naAbhinadhai—MaRamani mazhinji vanopinduka uye vobva vasangana nevanhu vaAndi-Nifai-Rihai—Vanotenda muna Kristu vachichengetedza mutemo wa-Mosesi. Zvingangove makore 90 kusvika ku77 Kristu asati azvarwa.

UYE tarisai, zvino zvakaitika kuti maRamani ava vakashatirwa zvakanyanya nokuti vakanga vauraya hama dzavo; naizvozvo vakapika kuti vachatsivida pamaNifai; uye panguva iyoyo havana kuzoedza kuuraya vanhu ^avaAndi-Nifai-Rihai.

2 Asi vakatora mauto avo uye vakaenda mumiganhu yeZarahemura, vakarwisa vanhu vakanga vari munyika yaAmonaiha uye ^avakavaparadza.

3 Uye mumashure maizvozvo, vakarwisana nemaNifai muhondo zhinji, mavakakurirwa vakauraiwa.

4 Uye pakati pemaRamani vakauraiwa pakange paine vai-karove vose mapirisita aNoa vakange vari ^ambeu yaAmuroni nehama dzake, uye vakabaiwa nemaoko emaNifai;

5 Uye vakasara, vatizira kurenje rekumabvazuva, uye vatora simba nemvumo yekutonga kwemaRamani, vakaita kuti maRamani mazhinji ^avaparare nemoto pamusoro pekutenda kwavo—

6 Nokuti vazhinji ^avavo, mu-shure mekurasikirwa kwakanyanya nematambudziko akawanda, vakatanga kumutswa mukurangarira ^bmazwi aAroni nehama dzake avakavaparidzira munyika mavo; naizvozvo vakatanga kusatenda ^ctsika dzemadzibaba avo, nokutenda munaIshe, nekuti vakapa simba guru kumaNifai; uye ndiko kudzorwa kwakaitwa vazhinji vavo murenje.

7 Uye zvakaitika kuti avo vatongi vakange vari vakasara pavana ^avaAmuroni vakaita kuti ^bvauraiwe, hongu, vose avo waitenda mune zvinhu izvi.

8 Zvino uku kufira zvaunotenda uku kwakaita kuti hama dzavo zhinji vamuke mukushatirwa; uye kukatanga kuve nekupesana murenje; uye maRamani akatanga ^akuvhima mbeu yaAmuroni nehama

30b VaH. 10:26;
Aruma 47:36.
c 2 Ni. 31:14;
Aruma 9:19.
NKM Kurasika
Pachitendero.
d II Pet. 2:20-21.

25 1a NKM
VaAndi-Nifai-Rihai.
2a Aruma 8:16; 16:9.
4a Mosaya 23:35.
5a Mosaya 17:15.
6a NEMAMWE MAZWI
maRamani.

b Aruma 21:9.
c Aruma 26:24.
7a Aruma 21:3; 24:1,
28-30.
b NKM Kuponderwa
Chitendero.
8a Mosaya 17:18.

dzake uye vakatanga kuvau-
raya; uye vakatizira murenje
rekumabvazuva.

9 Uye tarisai vari kuvhimwa ne-
maRamani muzuva rino. Ndizvo
zvakaita kuti mazwi aAbhina-
dhai, ayo aakataura maererano
nembeu yevapirisita avo vakaita
kuti afe nemoto aitike.

10 Nokuti akati kwavari: “Zva-
muchaita kwandiri zvichave chi-
ratidzo chezvinhu zvichauya.

11 Uye zvino Abhinadhai
ndiye aive wekutanga kutambu-
dzika “murufu rwemoto pamu-
sana pekutenda kwake kuna
Mwari; zvino izvi ndizvo zvaa-
ireva, kuti vazhinji vachafa
nemoto, maererano nokuta-
mbudzika kwaakanga aita iye.

12 Uye akati kumapirisita
aNoa mbeu yavo ichakonzera
kuti vazhinji vauraiwe, sezvaa-
kanga aitwa iye, nokuti vacha-
pararira uye vagouraiwa, kana
sezvinoita hwai isina mufudzi
inotinhwa ichinouraiwa nezvi-
kara; uye zvino tarisai, mazwi
aya akatsinhirwa, nokuti vaka-
tinhwa nemaRamani, uye va-
kavhimwa, uye vakarohwa.

13 Uye zvakaitika kuti maRa-
mani pavakaona kuti havanga-
kurire maNifai vakadzokera
zvakare kunyika kwavo; uye
vazhinji vavo vakauya kuzogara
munyika yaIshmaeri nemunyika
yaNifai, uye vakazviisa muva-
nhu vaMwari, vaive vanhu
“vaAndi-Nifai-Rihai.

14 Uye naivowo “vakacherera
pasi zvombo zvavo zvehondo,
maererano nezvakanga zvaita
hama dzavo, uye vakatanga
kuve vanhu vakururama; uye
vakafamba munzira dzalshe,
uye vakacherechedza kuchenget-
edza mirau nemitemo yake.

15 Hongu, uye vaichengetedza
mutemo waMosesi; nokuti zvai-
fanira kuti vambochengetedza
mutemo waMosesi, nokuti
wakanga usati wazadzikiswa
wose. Asi kana dai zvazvo paive
“nemutemo waMosesi, vakanga
vachitarisira kuuya kwaKristu,
vachiti ivo mutemo waMosesi
^bchiratidzo chekuuya kwake, uye
vachitenda kuti vakafanira ku-
ramba vachiita zvisungo ‘zve-
kunze kudakara kusvika pa-
nguva yaacharatidzwa kwavari.

16 Zvino havana kunge vachiti
“ruponeso rwunounzwa ^bnemu-
temo waMosesi; asi mutemo wa-
Mosesi waivayamura kusimbi-
sa rutendo rwavo muna Kristu;
nokudaro vakaramba vaine
‘tariro kuburikidza nerutendo,
ruponeso rwokusingaperi, va-
chivimba neMweya wechipo-
rofita, uyo wakataura nezve-
zvinhu zvichauya.

17 Uye zvino tarisai, Amoni,
naAroni, naOmuna, naHimunai,
nehama dzavo vakafara zviku-
ru, nokubudirira kwavakanga
vaita mukati mamaRamani,
vachiona kuti Mwari vakanga
vavapa maererano “neminamato

10a Mosaya 13:10.

11a Mosaya 17:13.

13a Aruma 23:16–17.

14a Aruma 24:15; 26:32.

15a Jak. 4:5; Jar. 1:11.

NKM Mutemo
waMosesi.

^b Mosaya 3:14–15; 16:14.

^c Mosaya 13:29–32.

16a Mosaya 12:31–37;

13:27–33.

^b 2 Ni. 11:4.

^c I VaT. 5:8–9.

17a Aruma 17:9.

yavo, nokutiwo vakanga vatsinhira rose shoko kwavari pasina zvavakasiya.

CHITSAUKO 26

Amoni anofara muna Ishe — Vane rutendo vanosimbiswa naIshe uye vachipiwa ruzivo — Nerutendo vanhu vanokwanisa kuunza zviuru zvemweya mukutendeuka — Mwari vane simba rose uye vanonzwisisa zvinhu zvoise. Zvingangove makore 90 kusvika ku77 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino, aya ndiwo mazwi aAmoni kuhama dzake, anoti: Vakoma nevanin'ina vangu nehama dzangu, tarisai ndinoti kwamuri, tine chikonzero chikuru chekufara; nokuti pane akambozvifunga here “zvatakabva kunyika yaZarahemura kuti Mwari vaizotipa maropafadzo makuru akadai?

2 Uye zvino, ndinobvunza, maropafadzo makuru aakatipa ndeapi? Mungaataura here?

3 Tarisai, ndinokupindirirai; nokuti hama dzedu maRamani, vakanga vari murima, hongu, murima remugomba rakati ndoo, asi tarisai, kuti “vangani vavo vaunzwa kuti vaone chiedza chinoshamisa chaMwari! Uye aya ndiwo maropafadzo akaiswa patiri, kuti takaitwa ^bmidziyo mumaoko aMwari kuti tiite basa guru iri.

4 Tarisai, “zviuru zvavo zvino-fara, uye zvakaunzwa mudanga raMwari.

5 Tarisai, “munda wakange waibva, uye makaropafadzwa imi, nokuti makapinza ^bjeko, uye mukakohwa nesimba renyu, hongu, muswere wose makashanda; uye tarisai uwandu “hwezvimwanda zvenyu! Uye zvichaunganidzwa mutsapi, kuti zvisaparadzwe.

6 Hongu, havazotorwa nedutu pamusi wekupedzisira; hongu, havazotakurwa nechamupupuri; asi panouya “dutu vachange vakaungana pamwechete munzvimbo mavo, zvekuti dutu harikwanise kuvapinda; hongu, havazotorwa nemhepo inotyisa vachiendeswa kwavanenge vachidiwa kuti vaende nemuvengi.

7 Asi tarisai, vari mumaoko maIshe “vekukohwa, uye ndevavo; uye ^bvachavamutsa musi wekupedzisira.

8 Ngaripafadzwe zita raMwari vedu; “ngatiimbe kurukudzo rwavo, hongu, ngatipei ^bkutenda kuzita ravo dzvene, nokuti vanoshanda kururama narinhi.

9 Nokuti dai takanga tisina kubva munyika yeZarahemura, idzi hama dzedu dzinodiwa zvikuru, vakatida zvikuru, vangadai vachiri kutongwa “nokutivenga, hongu, uye vangadai vari vatorwa kuna Mwari.

10 Uye zvakaikita kuti Amoni

26 1a Mosaya 28:9;
Aruma 17:6-11.
3a Aruma 23:8-13.
b II VaKori. 4:5;
Mosaya 23:10.
4a Aruma 23:5.

5a Joh. 4:35-37;
D&Z 4:4.
b Joere 3:13.
c D&Z 33:7-11; 75:2, 5.
6a Hir. 5:12;
3 Ni. 14:24-27.

7a NKM Mukoho.
b Mosaya 23:22;
Aruma 36:28.
8a D&Z 25:12.
b NKM Kupakutendo.
9a Mosaya 28:1-2.

paakapedza kutaura mazwi aya, munin'ina wake Aroni akamutsiura, achiti: Amoni, tinotyta kuti rufaro rwako rwakutakura kunge wave kuzvirumbidza.

11 Asi Amoni akati kwaari: "Handizvikudze nesimba rangu, kana neungwaru hwangu, asi tarisa, ^brufaro rwangu rwuzere, hongu, mwoyo wangu uzere nerufaro, uye ndichafara muna Mwari vangu.

12 Hongu, ndinozviziva kuti handisi chinhu; kana zviru zvesimba rangu ndakarenda; naizvozvo "handizozvikudza pachangu, asi ndichazvikudza naMwari vangu, nokuti ^bmusimba ravo ndinogona kuita zvinhu zvose; hongu, tarisai, takaunza zvishamiso zvikuru zvinoshamisa munyika ino, zvichaita kuti tikudze zita rake nariini.

13 Tarisai, zviuru zvingani zvehama dzedu dzavakasunungura kubva mukurwadza "kwegehena; uye vanounzwa ^bkuzoimba rudo rwunonunura, zvose izvi zvichikonzerwa nesimba reshoko rake riri matiri, saka hatina here chikonzero chikuru chekuti tifare?

14 Hongu, tine chikonzero chekumukudza nariini wose, nokuti Ndiye Mwari Vekumusoro-soro, uye akasunungura hama dzedu kubva "mungetani dzegehena.

15 Hongu, vakanga vakakomberedzwa nerima risingaperi

nokuparadzwa; asi tarisai, akaunzwa "muchiedza chake chisingaperi, hongu, muruponeso rwusingaperi, uye vakomberedzwa nerudo rwavo rwakawanda rwusingaenzaniswe; hongu, uye isu tange tiri midziyo mumaoko avo yekuita basa guru rinoshamisa iri.

16 Naizvozvo, "ngatirumbidzei, hongu, ^bticharumbidza muna Ishe; hongu, tichafara, nokuti rufaro rwedu rwuzere; hongu, ticharumbidza Mwari vedu nariini wose. Tarisai, ndiani angarumbidze zvapakufuuridza muna Ishe? Hongu, ndiani angataure zvapakufuuridza pamusoro pesimba ravo, 'netsitsi dzavo, nokunetswa kwavo kutambudzikira vana vevanhu? Tarisai ndinoti kwamuri, handigone kutaura kana kanhu kadiki-diki kandinonzwa.

17 Ndiani akambozvifunga kuti Mwari vedu vangatiitire tsitsi dzakadai kuti vatibvise mune zvedu zvakaipa, zvizere nezvitema, uye zvakasvibisa unhu hwedu?

18 Tarisai, takaenda kana nemukushatirwa, tichimuudza kuti "tinoparadza chechi yavo.

19 Ko zvino, vakarega nei kutitumira kunoparadzwa zvinotyisa, hongu, vakarega sei kuti munondo wekuranga kwavo uwire patiri, kuti utishuridzire kukundikana kwokusingaperi?

11a II VaKori. 7:14.

b D&Z 18:14-16.
NKM Rufaro.

12a Jer. 9:24; Aruma 29:9.

b Mpi. 18:32-40;
VaF. 4:13;

1 Ni. 17:3.

13a NKM Gehena.
b Aruma 5:26.

14a Aruma 12:11.

15a NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.

16a VaR. 15:17;

I VaKori. 1:31.

b II VaKori. 10:15-18;
D&Z 76:61.

c Mpi. 36:5-6.

18a Mosaya 27:8-10.

20 Iwe mweya wangu, sezva-zvaive, unotiza pfungwa iyi. Tarisai, havana kuita kururamisa kwavo kwatiri, asi mutsitsi dzavo huru vakatiyambutsa “hanwa yerufu nekusuwa iye isingaperi nariini wose, kana kutisvitsa muruponeso rwe-mweya yedu.

21 Uye zvino tarisai, hama dzangu, ndoupi munhu “wenyama anoziva zvinhu izvi? Ndinoti kwamuri hakuna kana mumwechete ^banoziva zvinhu izvi, kunze kweavo vanobvuma kutadza kwavo.

22 Hongu, uyo “anotendeuka uye achishandisa ^brutendo, uye achionza mabasa akanaka, uye achinamata nguva dzose asingamire—kuna iyeyo ndiko kunopiwa kuziva ^czvakananzika zvaMwari; hongu, kune vakadaro ndiko kuchapiwa kuburitsa pachena zvinhu zvisina kumbenge zvakaiswa pachena; hongu, uye kuchapiwa kuna ivavo kuti vaunze zviuru zvemweya mukutendeuka, kana sekupiwa kwatakaitwa isu kuti tiunze idzi hama dzedu mukutendeuka.

23 Zvino mucharangerira here, hama dzangu, kuti takati kuhamadzedu dziri munyika yeZarahemura, tinoenda kunyika yaNifai, kuti tinoparidza kuhamadzedu, maRamani, uye vakatiseka zvinonyadzisa?

24 Nokuti vakati kwatiri: Munofunga kuti mungaite kuti

maRamani ave neruzivo rwechokwadi? Munofunga kuti mungapwise maRamani nezvekutsautsira “kwetsika dzamadzibaba avo, ivo vari vanhu ^bvakaoma mitsipa kudaro; vane mwoyo inofadzwa nekudeura ropa; vanoswera vari mukati mechakaipisisa; nzira dzavo dziri nzira dzemutadzi kubvira pakutanga? Zvino hama dzangu, munoyeuka kuti uyu ndiwo waive mutauro wavo.

25 Uye handiti ivo vakati: Ngatitorei zvombo tivarwise, kuti tivaparadze nezvitadzo zvavo tivabvise munyika, nokuti vanganangotirwisa vakatiparadza.

26 Asi tarisai, hama dzangu dzinodiwa, takauya murenje tisina pfungwa yekuparadza hama dzedu, asi pfungwa yedu yaive yekuti dai taponesa imwe mweya yavo.

27 Zvino mwoyo yedu payakanga yaderera, uye tave kuda kudzokera, tarisai, Ishe “vakatinyaradza, uye vakati: Endai mukati mehama dzenyu, maRamani, uye mutakure ^bnekutirira ^cmatambudziko enyu, uye ini ndichakupai kuti mubudirire.

28 Uye zvino tarisai, tauya, tikaenda pakati pavo; uye tange takagadzikana mukutambudzika kwedu, uye tikatambudzika zvakasiyana-siyana pamusana pekushaya; hongu, tafamba imba nembera, tichivimba netsitsi dzenyika—kwete

20a 2 Ni. 1:13;
Hir. 3:29–30.

21a NKM Munhu
weNyama.
b I VaKori. 2:9–16;
Jak. 4:8.

22a Aruma 36:4–5.
NKM Rutendeuko.
b NKM Rutendo.
c NKM Zvakavandika
zvaMwari.
24a Mosaya 10:11–17.

b Mosaya 13:29.
27a Aruma 17:9–11.
b NKM Mwoyo Murefu.
c Aruma 20:29–30.
NKM Matambudziko.

tsitsi dzenyika chete asi netsitsi dzaMwari.

29 Uye takapinda mudzimba dzavo uye tikavadzidzisa, uye takavadzidzisa mumigwagwa yavo; hongu, uye takavadzidzisa mumakomo avo; uye takapindawo nemumatemberi avo nemumasinagogo avo uye tichivadzidzisa; uye tikatandanisirwa kunze, tikasveeredzwa, uye tikasvipirwa, tikarohwa matama nembama; uye tikatemwa nematombo, uye tikatorwa tika-sungwa netambo dzakasimba, uye tikakandwa mutirongo; uye kuburikidza nesimba neungwaru hwaMwari, takasunungurwa zvakare.

30 Uye tatambudzika kwose kurwadziswa kwakasiyana-siyana, uye zvose izvi, zviri zvataiita tichiti zvimwe tingave nzira yekuponesa mweya mumwechete zvawo; uye taifunga kuti “rufaro rwedu rwaizove rwuzere kana tainge tawana vataponesa.

31 Zvino tarisai, tave kugona kutarisa uye tichiona michero yekushanda kwedu; ko mishoma here? Ndinoti kwamuri, Kwete, “yakawanda; hongu, uye tinogona kuvapupurira kuti vamire pachokwadi, pamusana perudo rwavo kuhama dzavo, nekwatiriwo.

32 Nokuti tarisai, “vangatopira upenyu hwavo pane kuti vauraye kana vavengi vavo chaivo; uye ^bvakacherera zvombo zvavo zvehondo pasi muvhu chaimo,

pamusana perudo rwavainarwo nehama dzavo.

33 Zvino tarisai, ndinoti kwamuri, munyika yose ino mati mambove nerudo rwakakura kudai here? Tarisai, ndinoti kwamuri, Kwete, hakuna, kana pakati pemaNifai chaipo.

34 Nokuti tarisai, vaigona kutora zvombo zvavo vakarwisa hama dzavo; havaibvumira kuti vauraiwe. Asi tarisai kuti vangani vakazvipira neupenyu hwavo; uye tinoziva kuti vakaenda kuna Mwari vavo, nenzira yerudo rwavo nekuvenga kwavakanga vakaita chitadzo.

35 Ko zvino hatina chikonzero chekufara here? Hongu, ndinoti kwamuri, hakuna kumbove nevanhu vakanga vaine chikonzero chikuru chekufara kupfuura isu, kubvira kutanga kwakaita nyika; hongu, uye kufara kwangu kukuru zvekuti ndinozvikuudza naMwari vangu; nokuti ane “simba rose, ungaru hwose, nokunzwisisa kwose; ^banoziva zvose zvinhu, uye iye Munhu ane “tsitsi dzinosvika muruponeso, kune avo vanote-ndeuka uye vachitenda muzita ravo.

36 Zvino kana uku kuri kuvzikudza, saka ndichazvikudza; nokuti uhwu ndihwo upenyu hwangu nechiedza changu, rufaro rwangu neruponeso rwangu, nerununuro rwangu kubva munhamo isingaperi nariini. Hongu, rakaropafadzwa zita raMwari vangu, vanochengetedza

30a D&Z 18:15–16.

31a Aruma 23:8–13.

32a Aruma 24:20–24.

^b Aruma 24:15.

35a NKM Simba.

^b D&Z 88:41.

^c NKM Anetsitsi.

vanhu ava, vari “bazi remuti walsraeri, uye vakarasika kubva kune vamwe vavo munyika yevatorwa; hongu, ndinoti, ngariropafadzwe zita raMwari vangu, vakatichengeta, isu ^bvafambi venyika yatisingazive.

37 Zvino hama dzangu, tinoo-na kuti Mwari vanochengetedza “vanhu vose, munyika ipi zva-yo yavari; hongu, vanoverenga vanhu vavo, uye ura hwavo hwetsitsi huri pasi pose. Zvino uyu ndiwo mufaro wangu, nokutenda kwangu kukuru; hongu, ndichatenda Mwari vangu nariini. Amenii.

CHITSAUKO 27

Ishe vanotaurira Amoni kuti atungamirire vanhu vaAndi-Nifai-Rihai kusina njodzi—Asangana naAruma, Amoni anofara zvekuti anobva aneta zvekushaya simba—MaNifai vanopa maAndi-Nifai-Rihai nyika yaJeshoni—Vano-daidzwa kuti vanhu vaAmoni. Zvingangove makore 90 kusvika ku77 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakaitika kuti maRamanii ayo akanga aita hondo nemaNifai akaona kuti, mushure mekunetsana navo vachida kuvaparadza, vakaona kuti zvakaoma kuvaparadza, vakadzokera zvakare kunyika yaNifai.

2 Uye zvakaitika kuti maAmarekai, pamusana pekurasikirwa kwavo, vakashatirwa

zvikuru. Uye zvavakaona kuti havakwanise kutsividza maNifai, vakatanga kumutsa vanhu kuti vashatirirwe “hama dzavo, vanhu ^bvaAndi-Nifai-Rihai; naizvozvo vakatanga zvakare kuvaparadza.

3 Zvino vanhu ava vakaramba “zvakare kutora zvombo zvavo, uye vakabvuma kuti vauraiwe maererano nezvaida vavengi vavo.

4 Zvino Amoni nehama dzake pavakaona basa rekuparadzwa pakati pevanhu avo vavaida zvikuru, nepakati peavo vakange vachivada zvikuru—nokuti vaibatwa nevanhu sekunge ngirozi dzakatumirwa kubva kuna Mwari kuti vazovaponesa kubva mukuparadzwa kusingaperi—naizvozvo, Amoni nehama dzake pavakaona basa rekuparadzwa iri, vakanzwa tsitsi, uye “vakati kuna mambo:

5 Ngatiunganidze vanhu vaIshe ava pamwechete, uye tiende kunyika yeZarahemura kuhama dzedu maNifai, titize tibve mumaoko emhandu dzedu, kuti tisaparadzwe.

6 Asi mambo akati kwavari: Tarisai, maNifai achatiparadza, pamusana pekuponda nezvitema zvakawanda zvatakaita kwavari.

7 Uye Amoni akati: Ndichienda ndinobvunza kuna Ishe, uye kana vakati kwatiri, tiende kuhama dzedu, munobvuma kuenda here?

36a Gen. 49:22–26;
Jak. 2:25; 5:25.
b Jak. 7:26.

37a Mabasa 10:34–35;

2 Ni. 26:33.
27 2a Aruma 43:11.
b Aruma 25:1.

NKM VaAndi-Nifai-

Rihai.
3a Aruma 24:21–26.
4a Aruma 24:5.

8 Uye mambo akati kwaari: Hongu, kana Ishe vakati kwatiri endai, tichaenda kuhama dzedu, uye tonove nhapwa dzavo kudakara taripa kwose kuponda nezvitema zvose zvatakaita kwavari.

9 Asi Amoni akati kwaari: Hazvisi mumutemo wehama dzedu, wakaiswa nababa vangu, kuti mukati mavo muve "nenhapwa; naizvozvo handei uye tivimbe netsitsi dzehama dzedu.

10 Asi mambo akati kwaari: Bvunza Ishe, uye kana vakati kwatiri endai, tinoenda; nokuti tingapararire munyika muno.

11 Uye zvakaitika kuti Amoni akaenda akanobvunza Ishe, uye Ishe vakati kwaari:

12 Bvisa vanhu ava munyika muno, kuti vasaparare; nokuti Satani abata zvikuru mwoyo yemaAmarekai, avo vari kumutsa maRamani kuti vashatirirwe hama dzavo vavauraye; naizvozvo budai munyika ino; uye vakaropafadzwa vanhu vechizvarwa chino, nokuti ndichavadzivirira.

13 Uye zvino zvakaitika kuti Amoni akaenda uye akanotaurira mambo mazwi ose akanga ataurwa naIshe kwaari.

14 Uye vakaunganidza vanhu vavo vose, hongu, vanhu vose vaIshe, uye vakaunganidza matanga avo ose, uye vakabva vabva munyika iyi, uye vaka-svika murenje raiganhura nyika yaNifai nenyika yaZarahemura,

uye vakauya pedyo nekumuganhu wenyika.

15 Uye zvakaitika kuti Amoni akati kwavari: Tarisai, ini nevamwe vangu tichaenda munyika yaZarahemura, uye imi muchasara pano kudakara tadzoka; uye tichanoedza mwoyo yehama dzedu, kuti vanobvuma here kuti muende munyika yavo.

16 Uye zvakaitika kuti Amoni zvaakanga achienda munyika umu, iye nehama dzake vaka-sangana naAruma, "panzvimbo yakambotaurwa; uye tarisai, uku kwakave kusangana kwakafadza.

17 Zvino "rufaro rwaAmoni rwakave rwukuru zvekuti akanzwa kuzadzwa; hongu, akanga amedzwa norufaro rwaMwari vake, zvekuti akabva ^bapera simba; uye akawira pasi ^czvakare.

18 Zvino rwakanga rwusiri rufaro rwukuru here urwu? Tarisai, urwu rufaro rwusina anorwutambira kunze kweavo vanotendeuka uye vachitsvaka kufara nokupfava.

19 Zvino rufaro rwaAruma pakusangana nehama dzake rwakanga rwuri rukuru zvecho-kwadi, nerwaAroniwo, rwaOmuna, uye Himunai; asi tarisai rufaro rwavo harwuna kuvapedza simba.

20 Uye zvakaitika kuti Aruma akatungamirira hama dzake vakadzokera kunyika yeZarahemura; nekumba kwake. Uye vakaenda vakanotaurira mutongi "mukuru zvose zvinhu

9a Mosaya 2:13; 29:32,
38, 40.

16a Aruma 17:1-4.

17a NKM Rufaro.
b 1 Ni. 1:7.

c Aruma 19:14.

20a Aruma 4:16-18.

zvakanga zvaitika kwavari munyika yaNifai, pakati pehama dzavo, maRamani.

21 Uye zvakaitika kuti mutongi mukuru akatumira shoko munyika yose, achida kunzwa izwi revanhu maererano nokubvuma hama dzavo, idzo dzakanga dziri vanhu vaAndi-Nifai-Rihai.

22 Uye zvakaitika kuti izwi revanhu rakauya, richiti: Tarisai, tichavapa nyika yeJeshoni, iri kumabvazuva nechekugungwa, rinobatana nenyika yeMaguta, iri kumaodzanyemba kwenyika yeMaguta; uye nyika iyi yeJeshoni ndiyo nyika yatichapa hama dzedu senhaka yavo.

23 Uye tarisai, tichaisa mauto edu pakati penyika yaJeshoni nenyika yaNifai, kuti tidzivirire hama dzedu dziri munyika yeJeshoni; izvi tinozviiitira hama dzedu, pamusoro pekutya kwavo kutora zvombo kuti varwisane nehama dzavo vachitya chitema; uye kutya kwavo kukuru uku kwavaiva nakwo kwakauya pamusana pekutendeuka nokusuwa kwavo kwavakaita, pamusoro pekuponda kwavo kwakawanda nokuipa kwavo kwanyanya.

24 Uye zvino tarisai, izvi tichazviitira hama dzedu, kuti vagare nhaka yenyika yaJeshoni; uye tichaisa mauto edu kuti avachengete kubva kuvavengi vavo, kana ivo vakatipawo chikamu chezvinhu zvavo kuti tiyamurike mukuriritira mauto edu.

25 Zvino, zvakaitika kuti Amoni anzwa izvi, akadzokera

kuvanhu vaAndi-Nifai-Rihai, uye aina Arumawo, murenje, kwavakange vadzika tende dzavo, uye akavazivisa zvose zvinhu izvi. NaArumawo akavataurirawo “kutendeutswa kwake, naAmoni naAroni, nehama dzake.

26 Uye zvakaitika kuti izvi zvakakonzera kufara kukuru pakati pavo. Uye vakadzika kunyika yeJeshoni, uye vakatora nyika yeJeshoni; uye vaka daidzwa nemaNifai kunzi vanhu vaAmoni; saka kubvira panguva iyoyo vakange vave kuzivikanwa nezita iroro.

27 Uye vakanga vari pakati pevanhu vaNifai, uye vakanga vachiverengerwawo kuvanhu vakanga vari vechechi yaMwari. Uye vakanga vachizivikanwawo nepamusana pekushinga kwavo muna Mwari, nekuvanhuwo; nokuti vakanga vari vanhu “vanovimbika zvechokwadi uye vakati twasu muzvinhu zvose; uye vakanga ^bvakasimba murutendo muna Kristu, kana kusvika kumagumo.

28 Uye vakanga vasingamboda zvavo kunzwa nezvekudeura ropa rehama dzavo; uye zvakanga zvisingamboita kuti vaudzwe kuti vatore zvombo zvekurwisa hama dzavo; uye vakanga vasingatarise rufu nekutya, pamusoro petariro nekuziva kwavo Kristu nekumuka kuvakafa; naizvozvo, rufu rwakanga rwakakurirwa kwavari mukukundwa kwarwakaitwa naKristu.

29 Naizvozvo, vaibvuma “kufa nenzira inorwadza kwazvo vachirwadziswa nehama dzavo, vasati vatora munondo kana chipanga kuvabaya.

30 Uye saka vakanga vari vanhu vakashinga uye vanodiwa, vanhu vaidiwa zvikuru naIshe.

CHITSAUKO 28

MaRamani anokundwa muhondo yakaoma — Makumi ezviuru vanouraiwa — Vakaipa vachaiswa mudambudziko risingaperi; vakarurama vanowana kufara kusingagume. Zvingangove makore 77 kusvika ku76 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mu-shure mekunge vanhu vaAmoni vagadzwa munyika “yeJeshoni, uye maiswawo chechi munyika yeJeshoni, uye mauto emaNifai adyarwa-dyarwa munyika yeJeshoni, hongu, kumuganhu yose yenyika yeZarahemura; tarisai mauto emaRamani akanga atevera hama dzavo murenje.

2 Uye nokudaro pakave nehondo yakaoma kwazvo; hongu, hakuna kumbenge kwakaita hondo yakadaro yakambozivikanwa kana kuonekwa nevanhu venyika iyi kubvira panguva yakabva Rihai kuJerusarema; hongu, uye makumi ezviuru zvamaRamani akauraiwa uye vakapararira kune dzimwe nzvimbo.

3 Hongu, uye kwakabaiwawo vazhinji mukati memaNifai; zvakadaro, maRamani “akati-

nhwa akaita barara-mwanda, uye vanhu vaNifai vakadzokera zvakare kunyika yavo.

4 Uye zvino iyi yaive nguva yakanga iine kuchema nekuwuwura kukuru kwakanzwikwa munyika yose, mukati mevanhu vose vaNifai —

5 Hongu, kuchema kweshirika-dzi dzaichemera varume vadzo, nekwemadzibaba aichemera vanakomana vavo, uye mwanasikana achichemera hanzvadzi, hongu, hanzvadzikomana ichichemera baba; saka kuchema kwakanzwikwa mukati mavo vose, vachichemera hama dzavo dzakanga dzabaiwa.

6 Uye zvino chokwadi iri raive zuva rizere nokusuwa; hongu, nguva yekudumbirwa, uye nguva “yekutsanya kwakanyanya nekunamata.

7 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechigumi nemashanu rekutonga kwevatongi muvanhu vaNifai;

8 Uye ndirwo rungano rwaAmoni nehama dzake, nzendo dzavo munyika yaNifai, kutambudzika kwavo munyika umu, kusuwa kwavo, nokurwadziswa kwavo, norufaro rwavo “rwusinganzwisike, nokutambirwa nokuchengetedzwa kwehama munyika yaJeshoni. Uye zvino Ishe, Mununuri wevanhu vose, vangaropafadze mweya yavo nokusingaperi.

9 Uye urwu rwungano rwehondo nokupesana mukati memaNifai, nehondo pakati memaNifai nemaRamani; negore

rechigumi nemashanu rekutonga kwevatongi kupera kwaro.

10 Uye kubvira gore rekutanga kusvika kugore rechigumi nemashanu kwakauya kuparadzwa kweupenyu hwezviuru nezviuru; hongu, kwakaunza kuitika kwekuona kudeuka kweropa.

11 Uye mitumbi yezviuru zvakawanda yakarinzwa muvhu, mimwe mitumbi yezviuru zvizhinji iri ^akuora yakaturikidzanniswa pamusoro penyika; hongu, uye zviuru zvizhinji zvirib^bkuchema nokurasikirwa kwavakaitwa nehama dzavo, nokuti vane chikonzero chekuti vave vanoty, maererano nezvakavimbiswa naIshe, kuti vakaiswa munhamo isina magumo.

12 Zviuru nezviuru zvevamwe zvichichema zvehokwadi kurasikirwa nehama dzavo, asi vanofara uye vachisimudzirwa mukutarisira, uye vanotoziva, maererano ^anevimbiso dzaIshe, kuti vanosimudzwa kuti vagare kuruoko rwerudyi rwaMwari, vari murufaro rwusingaperi.

13 Uye ndiko kuona kwatinoita ^akusaenzana kwemunhu kukuru kunokonzerwa nechitema nokutadza, nesimba radhiabhrosi, rinouya ^bnemazano eku nyengedza raakaita kuteya mwoyo yevanhu.

14 Uye saka tinoona kudaidzwa kukuru kwekuti tibate zvine simba ^amubindu reminzabviringa

raIshe; uye saka tinoona chikonzero chikuru chekusuwa, nechokufarawo—kusuwa nenzira yekufa nekuparadzwa kuri muvanhu, nerufaro nenzira ^byechiedza chaKristu muupenyu.

CHITSAUKO 29

Aruma anoda kudaidzira kutendeuka nesimba rengirozi—Ishe vanopa vadzidzisi kumarudzi ose—Aruma anobwinya mubasa raIshe nemukubudirira kwaAmoni nehama dzake. Zvingangove makore 76 Kristu asati azvarwa.

DAI ndaiva ngirozi, uye ndichiwana zvinodiwa nemwoyo wangu, kuti ndiende ndichitaura sehvamanda yaMwari, nezwi rinozunguza nyika, uye ndichidaidzira kutendeuka kuvanhu vose!

2 Hongu, ndaizotaura kumweya yose nezwi rinenge mheni, kutendeuka nehurongwa kwerununuro, kuti vatendeuke uye ^avauye kuna Mwari vedu, kuti kusazove nekusuwa zvakare pamusoro penyika.

3 Asi tarisai, ndiri munhu, uye ndinoita zvitema mukuda kwangu; nokuti ndakafanira kugutswa nezvinhu zvandakagoverwa naIshe.

4 Handifanire kukanganisa chirevo chakasungwa chakasiimba chaMwari vanoenzanisa pamusoro pezvandinoda,

11a Aruma 16:11.
b Aruma 48:23;
D&Z 42:45–46.
12a Aruma 11:41.
13a 1 Ni. 17:35.

b 2 Ni. 9:28.
14a NKM Munda
wemizambiringa
waIshe.
b NKM Chiedza,

Chiedza chaKristu.
29 2a Omu. 1:26;
3 Ni. 21:20.

nokuti ndinoziva kuti vanopa vanhu “sezvido zvavo, kana dai rwuri rufu kana upenyu; hongu, ndinoziva kuti vanogovera vanhu, hongu, vanovapa mirau isingapindurwe, maererano ^bnokuda kwavo, kana zviri zveruponeso kana zvekuparadzwa.

5 Hongu, uye ndinoziva kuti zvakanaka nezvakaipa zvinouya kuvanhu vose; uyo asingazive chakaipa nechakanaka haashorwe; asi uyo “anoziva zvakaipa nezvakanaka, kuna iyeyo kunopiwa maererano nezvaanenge achida, kana achida zvakanaka kana zvakaipa, upenyu kana rufu, kufara kana kusuwa ^bmupfungwa.

6 Zvino, sezvo ndichiona kuti ndinoziva zvinhu izvi, ndinodirei zvimwe pane kuti ndiite basa randakadaidzirwa kuti ndiite?

7 Ko ndinodirei kuti dai ndiri ngirozi, kuti ndikwanise kutaura kumativi ose enyika?

8 Nokuti tarisai, Ishe vanopa kumarudzi “ose, werudzi rwavo ^bnerurimi rwavo, kuti adzidzise shoko ravo, hongu, muungwaru zvose ^czvavanoona kuti vakafanira kuve nazvo; naizvozvo tinoona kuti Ishe vanoraira neruzivo, maererano nezvakarurama uye zviri muchokwadi.

9 Ninoziva icho chandakarirwa naIshe, uye ndinochifarira. Handizvirumbidze ini pachangu, asi “ndinorumbidza icho

chandakaturirwa naIshe; hongu, uye ndiko kufara kwangu, kuti zvimwe ndingave mudziyo mumaoko aMwari wekuunza mumwe mweya mukutendeuka; uye urwu ndirwo rufaro rwangu.

10 Uye tarisai, kana ndichiona hama dzangu dzakatyoka zvechokwadi, uye vachiuya kuna Ishe Mwari vavo, ipapo mwoyo wangu unobva wadzwa nerufaro; ipapo ndinobva ndayeuka “izvo zvandakaitirwa naIshe, hongu, kana kuti vakanzwa mutero wangu; hongu, ndinobva ndayeuka ruoko rwavo rwetsitsi rwavakanditambudzira.

11 Hongu, uye ndinobva ndayeukawo usungwa hwemadzibaba angu; nokuti ndinoziva nechokwadi kuti “Ishe vakavaburitsa muusungwa, uye naizvozvo akamisa chechi yavo; hongu, Ishe Mwari, Mwari vaAbrahama, Mwari vaIsaka, naMwari vaJakobo, vakavaburitsa muusungwa.

12 Hongu, ndinogarorangarira usungwa hwemadzibaba angu; uye ivavo Mwari vamwechetevo “vakavabvisa mumaoko emaEgipita, vakavabvisa muusungwa.

13 Hongu, uye ivavo Mwari vamwechetevo vakamisa chechi yavo mukati mavo; hongu, uye Mwari vamwechetevo vakandidaidza kubasa dzvene, kuti ndiparidze shoko kuvanhu ava,

4a Mpi. 37:4.

^b NKM Kuzvisarudzira.

5a 2 Ni. 2:18, 26;

Moro. 7:15–19.

NKM Kuziva

kuburikiodza

neMweya, Chipu che.

^b NKM Hana.

8a 2 Ni. 29:12.

^b D&Z 90:11.

^c Aruma 12:9–11.

9a Aruma 26:12.

10a Mosaya 27:11–31.

11a Mosaya 24:16–21;

Aruma 5:3–5.

12a Eks. 14:30–31.

uye vakandipa kubudirira kukuru, uko kunoita kuti “rufaro rwangu rwuve rwakazara.

14 Asi handingofara nekubudirira kwangu ini ndega, asi rufaro rwangu rwunonyanya kuzara pamusana “pekubudirira kwehama dzangu, avo vanga vari munyika yaNifai.

15 Tarisai, vakashanda zvaka-pfuuridza, uye vakaunza michero mizhinji; uye mubairo wavo uchakura sei!

16 Zvino, kana ndikafunga nokubudirira kwehama dzangu idzi mweya wangu unotakurwa, kana kunge uchasiyana nemuviri, sezvazvakange zvirindiko kukura kwakaita rufaro rwangu.

17 Uye zvino dai Mwari vava, hama dzangu idzi, kuti vagare muumambo hwaMwari; hongu, neavo vose vanove ndiyo michero yekushanda kwavo kuti vasazobuda zvakare, asi kuti vavakudze nariini. Uye Mwari vangaite here kuti zviitwe maererano nemazwi angu, kana sekutaura kwandaita. Amenii.

CHITSAUKO 30

Koriho asingadi Kristu, anoseka Kristu, Rudzikinuro, nemweya wechiporofita—Anodzidzisa kuti hakuna Mwari, hakuna kupunzika kwemunhu, hakuna kurangwa pamusoro pechitema, uye hakuna Kristu—Aruma anopupura kuti

Kristu achauya nokutiwo zvoze zvinhu zvinoratidza kuti kuna Mwari—Koriho anoda kutoona chiratidzo uye ndokubva aitwa chimumumu—Dhiabhorosi akazviratidza kuna Koriho sengirozi uye akamudzidzisa zvekutaura—Koriho akatsikwa-tsikwa achibva afa. Zvingangove makore 76 kusvika ku74 Kristu asati azvarwa.

TARISAI, zvino zvakaitika kuti mushure mekunge “vanhu vaAmoni vagodza munyika yeJeshoni, hongu, mushurewo mekunge maRamani ^batandaniswa munyika, uye vakafa vavo vavigwa nevanhu venyika iyi—

2 Zvino vakafa vavo havana kugona kuverengwa nenzira yekuwanda kwavo; kana vakafa vemaNifai havana kuverengwa—asi zvakaitika kuti mushure mekuviga vakafa vavo, uyewo mushure memazuva ekutsanya, nokuchema, nemunamato, (uye zvakanga zvirimugore rechigumi nematanhatu rekutonga kwevatongi vanhu vaNifai) kwakatanga kuve nerunyarar munyika yose.

3 Hongu, uye vanhu vakache-rechedza kuchengetedza mirairo yaIshu; uye vakanga vasingaseke mukutevedza “zvisungo zvaMwari, maererano nemutemo waMosesi; nokuti vaidzidziswa ^bkuchengeta mutemo waMosesi kudakara wazadzikiswa.

4 Uye saka vanhu havana kuwana chakavapingaidza mugore rose rechigumi nematanhatu

13a D&Z 18:14–16.

14a Aruma 17:1–4.

30 1a Aruma 27:25–26.
NKM VaAndi-Nifai-

Rihai.

b Aruma 28:1–3.

3a NKM Mutemo
waMosesi.

b 2 Ni. 25:24–27;
Aruma 25:15.

rekutonga kwevatongi vanhu vaNifai.

5 Uye zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechigumi nemanomwe rekutonga kwevatongi, kwakaramba kuine runyararo.

6 Asi zvakaitika kuti mukupera kwegore rechigumi nemanomwe rekutonga kwevatongi, makauya mumwe murume munyika ye-Zarahemura, uye akange ari "Asingade-Kristu, nokuti akatanga kuparidza achishora huporofita hwakataurwa nevaporofita, maererano nekuuya kwaKristu.

7 Zvino kwakanga kusina mutemo unorambidza munhu "zvaanotenda; nokuti zvakanga zvisingapindirane nekuraira kwaMwari kuti kuve nemutemo unoita kuti vanhu vasaenzane.

8 Nokuti magwaro matsvene anoti: "Sarudzai zuva ranhasi, kuti munoda kushandira ani.

9 Zvino kana munhu akanga achida kushandira Mwari, yaive pundutso yake; kana kuti, kana ainge achitenda muna Mwari yaive pundutso yake kuti avashandire; asi kana ari asingatende kwaari kwakange kusina mutemo wekumuranga.

10 Asi akaponda airangwa "nerufu; uye kana akapamba airangwawo; uye kana akaba airangwawo; uye akapomba airangwawo; hongu, vairangwa kana vaita zvakaipa zvose izvi.

11 Nokuti kwaive nemutemo waiti munhu anofanira kutongwa nemhosva dzake. Zvakadaro, kwakanga kusina mutemo

wairambidza munhu zvaanotenda; naizvozvo, munhu airangwa nemhosva dzaainge aita chete; naizvozvo vose vanhu vaibatwa "zvakaenzana.

12 Uye munhu uyu Asingade-Kristu, ainzi zita rake Koriho, (uye mutemo hawaigona kumbata) akatanga kuparidza kuvanhu kuti hakwaizoita Kristu. Uye ndiyo tsika yaaiparidza nayo, achiti:

13 Imi makasungirirwa pasi peurema noruvimbo rwusipo, ko munozvisungirei nezvinhu zvakapusa kudaro? Ko munotsvagirei Kristu? Nokuti hakuna munhu angazive nezvezvinhu zvichauya.

14 Tarisai, izvi zvinhu zvamunoti huporofita, hwamunoti hwakagashidzwa nevaporofita vatsvene, tarisai, itsika dzeurema hwemadzibaba enyu.

15 Munoziva sei chokwadi chazvo? Tarisai, hamungazive zvinhu "zvamusingaone; naizvozvo hamungazive kuti kuchave naKristu.

16 Munotarisa mberi muchiti kuchave nekuregererwa kwzvitema zvenyu. Asi tarisai, zvinokonzerwa nepfungwa dzakapesana; uye kusatora zvakanaka kwepfungwa dzenyu kunounzwa netsika dzamadzibaba enyu, dzinoita kuti mutende zvinhu zvisiri izvo.

17 Uye nezvimwe zvizhinji zvaakataura kwavari, achivaudza kuti hakungambove nerudzi-kinuro rwungaitwe muzvitema

6a NKM Asingade Kristu.
7a Aruma 1:17.
8a Josh. 24:15.

NKM Kuzvisarudzira.
10a NKM Kuranga nerufu.
11a Mosaya 29:32.

15a Eta 12:5-6.

zvevanhu, asi wose munhu anorarama maererano nokuzvichengetedza kunoita chisikwa; naizvozo wose munhu anobudirira maererano nenjere dzake, nokuti wose munhu anokurira maererano nesimba rake; uye chiri chipi zvacho chingaitwe nemunhu haisi mhosva.

18 Uye ndiko kuparidza kwaakaita kwavari, achitsautsa mwoyo yevazhinji, achivaita kuti vazvikudze nekuipa kwavo, hongu, achitora vakadzi vakawanda, nevarumewo, kuti vanoita upombwe — achivaudza kuti kufa kwemunhu, ndiwo magumo emunhu.

19 Zvino murume uyu akaendawo kunyika yeJeshoni, kunoparidza zvinhu izvi mukati mevanhu vaAmoni, vakambenge vari maRamani.

20 Asi tarisai vakanga vakachenjera kupfuura vazhinji vemaNifai; nokuti vakamutora, vakamusunga, uye vakamutakura vakaenda naye kuna Amoni, akanga ari mupirisita wepamusoro wevanhu ava.

21 Uye zvakaitika kuti akaita kuti atakurwe aburitswe munyika. Uye akauya munyika yaGideoni, uye akatanga kuparidza kwavariwo; uye umu haana kubudirira zvakanyanya, nokuti akatorwa akasungwa uye akatakurwa akaendwa naye kumupirisita wepamusoro, uye nekune mutongi mukuru wenyika.

22 Uye zvakaitika kuti mufundisi wepamusoro akati kwaari: Ko uri kufambirei uchikanganisa

nzira dzaIshe? Ko unodzidzisi-rei vanhu ava kuti hakuchazove naKristu, uchikanganisa kufara kwavo? Ko unorwisiranei nehuropofita hwevaporofita vatsvene?

23 Zvino zita remupirisita wepamusoro rainzi Gidhona. Uye Koriho akati kwaari: Nokuti handidzidzise tsika dzakapusa dzamadzibaba enyu, nokutiwo handidzidzise vanhu ava kuti vazvidzvinyirire nemabasa eureka nokuita zvinhu zvakaiswa nemapirisita vechinyakare, kuti vavatorere simba nemvumo yavo, kuti vavagarise mukusaziva, kuti vasasimudze misoro yavo, asi kuti vaisve pasi maererano nemazwi enyu.

24 Munoti vanhu ava vanhu vakasununguka. Tarisai, ndinoti vari muusungwa. Munoti zviporofita zvechinyakare izvi ndezvechokwadi. Tarisai, ini ndinoti hamuzive kuti ndezvechokwadi here.

25 Munoti vanhu ava vane mhosva uye vakapunzika, nenzira yekutadza kwemubereki. Tarisai, ini ndinoti mwana haangave nemhosva nenzira yevabereki vake.

26 Uye munotiwo Kristu achauya. Asi tarisai, ini ndinoti hamuzive kuti kuchave naKristu here. Uye munotiwo achaurairwa “zvitadzo zvenyika —

27 Uye nokudaro munoisa vanhu ava mukutevedza zveurema hwetsika dzamadzibaba enyu, uye maererano nezvamunoda imi; uye munogara makavadzvinyirira, kana kunge vari

muusungwa, kuti mupfume pamusana pebasa remaoko avo, kuti vasatarise nekushinga, kuti vasanakirwe nezvavainazvo nezvavanoda.

28 Hongu, havakwanise kushandisa zvinhu zvavo nokuti vanotyana kugumbura vapirisita, vanovaisa pajoki kana vachida, uye vakaita kuti vatende, netsika dzavo nekurota kwavo nepfungwa dzavo nezviratidzo zvavo nezvakavanzika zvavo zvekunyepera, kuti vazviite, kana vasina kuita maererano nemazwi avo, vanogumbura mumwe munhu asingazivikanwe, avanoti ndiMwari—munhu asina kumboonekwa kana kuzivikanwa, asina kumbovepo asingazombovepo.

29 Zvino mupirisita wepamusoro nemutongi mukuru pavakaona kuoma kwemwoyo wake, hongu, pavakaona kuti anogona kutuka kana Mwari, havana kupindura mazwi ake; asi vakaita kuti asungwe; uye ndokubva vamuisa mumaoko emapurisa, uye ndokumutumira kunyika yeZarahemura, kuti aendeswe kuna Aruma, nagavhuna akange ari kutonga nyika yose iyoyo.

30 Uye zvakaitika kuti paakendeswa kuna Aruma nemutongi mukuru, akataura chaizvo sekutaura kwaakanga amboita munyika yaGideoni; hongu, akataura “zvekutuka Mwari.

31 Uye akasimuka akataura nemazwi “ekushatirwa kuna Aruma, uye akatuka vapirisita nevadzidzisi, achivapa mhosva

yekunyengera vanhu vachitevedza tsika dzisina maturo dzamadzibaba avo, kuti vagopfuma nebasa revanhu.

32 Zvino Aruma akati kwaari: Unozviziva kuti hatizvipfumise nebasa rinoitwa nevanhu ava; nokuti tarisai ndakashanda kana kubvira kutanga kwekutonga kwevatongi kusvika zvino, ndichishanda nemaoko angu aya kuzviriritira, ndisingaverenge nzendo dzangu zhinji ndichitenderera nenyika ndichiparidza shoko raMwari kuvanhu vangu.

33 Uye ndisingaverenge mabasa andaita mazhinji muchechi, handina kana “senine imwe zvayo yandakambotambira semubairo webasa rangu; kana neumwe-wehama dzangu, kunze kwekunge ndichitonga ndiri muchigaro chekutonga; uye zvino tinotambiriswa zviri maererano nenguva yedu zviri zviri mumutemo wenguva yedu.

34 Uye zvino, kana pasina chatinotambira mubasa redu rechechi, ko zvinotibatsirei kuti tishande muchechi kunze kwekutaura chokwadi, kuti tigofara “mukufara kwehama dzedu?

35 Zvino ko notaurirei kuti tinoparidzira vanhu ava kuti tiwane mubairo, asi iwe pachako, uchiziva kuti hatigashire mubairo? Uye zvino, unoti here tiri kunyengedza vanhu ava, zvinokonzerera kufara kwakadai mumwoyo yavo?

36 Uye Koriho akamupindura akati, Hongu.

37 Uye zvino Aruma akati

kwaari: Unotenda here kuti kuna Mwari?

38 Uye akapindura kuti, Kwete.

39 Zvino Aruma akati kwaari: Unoramba zvakare here kuti kuna Mwari, uye unorambawo Kristu? Nokuti tarisai, ndinoti kwaari, ndinoziva kuti kuna Mwari, nokutiwo Kristu achauya.

40 Uye zvino iwe une uchapupu hwei hwekuti hakuna “Mwari, kana hwekuti Kristu haauye? Ndinoti kwaari hauna, kunze kwekutaura kwako chete.

41 Asi tarisai, ndine zvinhu zvose “seuchapupu hwekuti zvinhu zvose izvi ndezvechokwadi; kana iwe une zvinhu zvose seuchapupu kwaari hwekuti ndezvechokwadi; uye ungazvirambe here? Unotenda here kuti zvinhu izvi ndezvechokwadi?

42 Tarisai, ndinoziva kuti unozvitenda, asi wakabatwa nemweya wekunyepa, uye wakabvisa Mweya waMwari kuti ushaye nzvimbo mauri; asi dhiabhorosi ane simba pauri, uye anokutakura kwose-kwose, achishanda nzira dzekuti aparadze vana vaMwari.

43 Zvino Koriho akati kuna Aruma: Kana ukandiratidza “chiratidzo, kuti ndipwiswe kuti kuna Mwari, hongu, ndiratidze kuti vane simba, ndipo pandinozopwiswa nezvechokwadi chemazwi ako.

44 Asi Aruma akati kwaari: Wakaona zviratidzo zvakakwana; ungaedze Mwari vako here?

Ungati here, Ndiratidze chiratidzo, uine uchapupu hwehama dzako “dzose idzi, ne vaporofita vatsvene vose? Magwaro matsvene akaiswa pamberi pako, hongu, uye ^bzvose zvinhu zvinoratidza kuti kuna Mwari; hongu, kana “nyika, nezvinhu zvose zviri pamusoro payo, hongu, “nokufamba kwayo, hongu, “nezvinhuwo zvose zvinofamba nemurongerwo wazvo zvinopupura kuti kune Musiki Mukuru.

45 Uye iwe unoenda, uchirasisa mwoyo yevanhu ava, uchipupura kwavari kuti hakuna Mwari? Uye ungazvirambe here uchipokana pamberi pevapupuri vose ava? Uye akati: Hongu, ndichazviramba, kunze kwekunge wandiratidza chiratidzo.

46 Uye zvino zvakaitika kuti Aruma akati kwaari: Tarisai, ndasuwa pamusana pekuoma kwemwoyo wako, hongu, kuti uchiri kuramba mweya wechokwadi, kuti mweya wako uparadzwe.

47 Asi tarisai, zviri “nani kuti mweya wako uraswe pane kuti uve honzeri yekuti mweya mizhinji iende mukuparadzwa, nokunyepa kwako nemazwi ako ekunyengedza; saka kana ukaramba zvakare, tarisai Mwari achakurova, kuti uve chimumumu, kuti usazozurura muro-mo wako zvakare, kuti usazonyengedza vanhu ava zvakare.

48 Zvino Koriho akati kwaari: Handirambe kuvepo kwaMwari,

40a Mpi. 14:1.
41a NKM Mupupuri.
43a Jak. 7:13–21;
D&Z 46:8–9.

NKM Chiratidzo.
44a Mosaya 13:33–34.
b Mpi. 19:1;
D&Z 88:47.

c Jobo 12:7–10.
d Hir. 12:11–15.
e Mos. 6:63.
47a 1 Ni. 4:13.

asi handitende kuti kuna Mwari; uye ndinotiwo, iwe hauzive kuti kuna Mwari; uye kunze kwekunge wandiratidza chiratidzo, handizobvuma.

49 Zvino Aruma akati kwaari: Ichi ndicho chandichakupa sechiratidzo, kuti "uchaitwa chimumumu, maererano nemazwi angu; uye ndinoti, muzita raMwari, uchaitwa chimumumu, kuti hauchazove anotaura.

50 Zvino Aruma ataura mazwi aya, Koriho akave chimumumu, zvekuti haana kuzogona kutaura, maererano nemazwi aAruma.

51 Uye zvino mutongi mukuru paakaona izvi, akatambanudza ruoko rwake akanyorera Koriho, achiti: Wapwiswa here pamusoro pesimba raMwari? Wati Aruma akuratidze chiratidzo chaani? Unoda kuti arove vamwe here, kuti akuratidze chiratidzo? Tarisai, akuratidza iwe chiratidzo; uye zvino uchine nharo here?

52 Uye Koriho akatambanudza ruoko rwake akanyora, achiti: Ndinoziva kuti ndave chimumumu, nokuti handichagona kutaura; uye ndinoziva kuti hakuna chimwe chingandidaro kunze kwesimba raMwari; hongu, ndagara "ndichiziva kuti kuna Mwari.

53 Asi tarisai, dhiabhorosi "akandinyengedza; nokuti ^bakauya kwandiri sengirozi, uye akati kwandiri: Enda unodzora vanhu ava, nokuti varasika vachitevera Mwari vasingazivi-

kanwe. Uye akati kwandiri: "Hakuna Mwari; hongu, uye akandidzidzisa zvinhu zvekutaura. Uye ndakadzidzisa mazwi ake; uye ndakaadzidzisa nokuti aifadza kupfungwa "yenyama; uye ndakaadzidzisa, zvekuti ndakabudirira kwazvo, zvekuti zvirokwazvo ndakatenda kuti ndeekhwadi; uye nenzira iyi ndakaramba chokwadi, kana kusvika pari zvino ndazviunzira kutukwa uku.

54 Zvino ataura izvi, akakumbira kuti Aruma anamate kuna Mwari, kuti abviswe kutukwa kwaakanga aitwa.

55 Asi Aruma akati kwaari: Kana kutukwa uku kukabviswa pauri uchanonyengedza mwoyo yevanhu ava zvakare; naizvozvo, zvicharamba zvakadaro sekuda kwaIshe.

56 Uye zvakaitika kuti kutukwa uku hakuna kubviswa pana Koriho; asi akatandirwa kunze, uye akafamba imba nemba achipemha zvekudya.

57 Zvino zvakanga zvaitika kuna Koriho zvakashambadzwa nokukurumidza zvikati tekeshe nenyika yose; hongu, gwaro rakatumirwa nemutongi mukuru kuvanhu vose vemunyika iyi, richitaura kuvanhu vose vakanga vatenda mazwi aKoriho kuti vakafanira kutendeuka nokukurumidza, nokuti kutingwa kwaakaitwa kungangoi-twawo kwavari.

58 Uye zvakaitika kuti vose vakave vanopwiswa pamusoro

49a II Mak. 13:20.

52a Aruma 30:42.

53a Jak. 7:14.

b II VaKori. 11:14;

2 Ni. 9:9.

c Mpi. 10:4.

d NKM Zvenyama.

pehuipi hwaKoriho; naizvozvo vose vakadzokera kunalshe zvakare; uye izvi zvikamisa kutadza maererano netsika dzaKoriho. Uye Koriho aifamba imba namba, achikumbira kudya kuti ararame.

59 Uye zvakaitika kuti zvaai-famba mukati mevanhu, hongu, mukati mevanhu vakanga vazvitsaura kubva kumaNifai uye vakazvidaidza kuti maZoramumu, uye vaitungamirwa nemurume ainzi Zoramumu—uye nekufamba kwaaiita mukati mavo, tarisai, akapunzirwa pasi uye akatsikwa-tsikwa, kudakara atofa.

60 Uye saka tinoona gumisiro yeuyo akakanganisa nzira dzaIshe; uye saka tinoona kuti ^adhiabhorosi ^bhaazotsigira vana vake muzuva rekupedzisira, asi kuti anokurumidza kuvazvuzvurudzira ^ckugehena.

CHITSAUKO 31

Aruma anotungamira basa rekudzosa avo vakanga varasika vemaZoramumu—MaZoramumu vanoramba Kristu, vanotenda tsika yenhema yekusarudzwa, uye vachinamata neminamato yakanyorwa—Vadzidzisi vanozadzwa neMweya Mutsvone—Matambudziko avo anomedzwa nerufaro rwaKristu. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakaitika kuti mushure memagumo aKoriho, Aruma atambira nyaya dzekuti maZoramumu akanga achisvibisa nzira dzaIshe, nokuti Zoramumu, uyu akanga ari mutungamiri wavo, akange achitungamira mwoyo yevanhu kuti ^avapfugamire ^bzvifananidzo zvisingataure, mwoyo wake wakatanga ^ckurwara zvakare nenzira yezvitadzo zvevanhu.

2 Nokuti zvaikonzera ^akusuwa kukuru kuna Aruma kuziva kuti mune kutadza mukati mevanhu vake; naizvozvo mwoyo wake wakasuwa zvikuru pamusana pekutsaurana kwakaita maZoramumu nemaNifai.

3 Zvino maZoramumu akanga aungana pamwechete munyika yavaidaidza kuti Andionumu, yakange iri kumabvazuva kwenyika yeZarahemura, yaive yakaganhurana negungwa, rakanga riri kumaodzanyemba kwenyika yajeshoni, inoganhurana nerenje rekumaodzanyemba, renje iri riri rakanga rizere nemaRamani.

4 Zvino maNifai aitya zvikuru kwazvo kuti maZoramumu angapinde mukufambidzana nemaRamani, uye vachiti chizove chikonzero chekurasikirwa kukuru kwazvo kwavari maNifai.

5 Uye zvino, sezvo ^akuparidzwa ^bkweshoko ^ckwaiita kuti

60a NKM Dhiabhorosi.

^b Aruma 3:26–27;

5:41–42;

D&Z 29:45.

^c NKM Gehena.

31 1a Eks. 20:5;

Mosaya 13:13.

^b 2 Ni. 9:37.

NKM Kunamata

Zvifananidzo.

^c Aruma 35:15.

2a Mosaya 28:3;

3 Ni. 17:14;

Mos. 7:41.

5a Eno. 1:23;

Aruma 4:19.

NKM Paridza.

^b VaH. 4:12; Jak. 2:8;

Aruma 36:26.

^c Jar. 1:11–12;

D&Z 11:2.

vanhu vaite zvakarurama—hongu, rakanga rapinda mupfungwa dzevanhu kupfuura zvaiitwa nemunondo, kana chimwe chinhu zvacho, chakanga chaitika kwavari—naizvozvo Aruma akafunga kuti zvaifanira kuti vamboedza kunaka kweshoko raMwari.

6 Saka akatora Amoni, naAroni, naOmuna; uye Himunai akamusiya muchechi kuZarahe-mura; asi vatatu vekutanga akaenda navo, naAmureki naZiziromu, vakanga vari kuMereki; uye akatorawo vaviri vevanakomana vake.

7 Zvino mwanakomana wake mukuru haana kuenda naye, uye zita rake rainzi ^aHiramani; asi mazita eavo vaakaenda navo vainzi Shibhuroni naKoriandoni; uye aya ndiwo mazita evaakaenda navo pakati ^bpemaZoramamu, kuti vavaparidzire shoko.

8 Zvino maZoramamu vakanga ^avakatiza kubva kumaNifai; naizvozvo vakanga vakanzwa shoko raMwari richiparidzwa kwavari.

9 Asi vakanga ^avawira mukukanganisa kukuru, nokuti vakanga vasisacherechedze kuchengetedza mirairo yaMwari, nemirau yake, maererano nemutemo waMosesi.

10 Vakanga vasisacherechedze zvemabasa echechi, kuramba vachinamata nokuchemera Mwari zuva rega-rega, kuti vasapinde mukuedzwa.

11 Hongu, muchidimbu, vaka-

svibisa nzira dzalshe muzvinhu zvizhinji; naizvozvo, nenzira yechikonzero ichi, Aruma nevamwe vake vakaenda munyika iyi kunovaparidzira shoko.

12 Zvino, zvavakanga vasvika munyika umu, tarisai, vakashamiswa kwazvo kuona kuti maZoramamu vakanga vavaka masinagogo, nokuti vaiungana pamwechete muzuva rimwechete resvondo, zuva iroro vairidaidza kuti zuva raIshe; uye vainamata netsika yakanga isina kumbenge yakaonekwa naAruma nevamwe vake;

13 Nokuti vaive nenzvimbo yakanga yakavakwa pakati pesinagogo yavo, nzvimbo yekumira, yakanga yakareba kupfuura musoro; uye kumusoro kwacho kwaikwana munhu mumwechete.

14 Naizvozvo, ani zvake ainge achida ^akunonamata aienda onomira pamusoro pachu, uye otambanudza maoko ake akatarisa kudenga, uye ochema nezwi guru, achiti:

15 Vatsvene, vatsvene Mwari; tinotenda kuti ndimi Mwari, uye tinotenda kuti muri vatsvene, uye nokuti maive mweya, nokuti muri mweya, nokuti muchagara muri mweya nariini.

16 Mwari vatsvene, tinotenda kuti makatitsautsanisa nehama dzedu; uye hatitenderane netsika dzehama dzedu, dzavakatambidzwa nehwana hudiki hwamadzibaba avo; asi tinotenda kuti ^amakatisarudza kuti

7a NKM Hiramani,
Mwanakomana
waAruma.

b Aruma 30:59.
8a Aruma 24:30.
9a NKM Kurasika

Pachitendero.
14a Mat. 6:1–7.
16a Aruma 38:13–14.

tive vana venyu ^bvatsvene; uye makatiitawo kuti tizive kuti hakuchazove naKristu.

17 Asi muri zvamakanga makaita nezuro, nhasi, nariini; uye “makatisarudza kuti tizoponeswa, ava vose vakatikomberedza vakasarudzwa kuti vakandwe nehasha dzenyu pasi mugehena; nokutipa utsvene uhwu, imi Mwari, tinokutendai; uye tinokutendaiwo kuti makatisarudza, kuti tisatorwe netsika dzeurema hwehama dzedu, dzinovasunga kuti vatende kuti kuna Kristu, zvinaita kuti mwoyo yavo iende kure nemi, Mwari vedu.

18 Uye zvakare tinokutendai imi, Mwari, kuti tiri vakasarudzwa uye vanhu vatsvene. Amen.

19 Zvino zvakaitika kuti mushure mekunge Aruma nevamwe vake nevanakomana vake vanzwa minamoto iyi, vakashamiswa zvakanyanya.

20 Nokuti tarisai, wose munhu aienda mberi kunoita minamoto mimwecheteyo.

21 Zvino nzvimbo iyi vaiidaidza kuti Rameumbutomu, iyo, kana zvadudzirwa, zvinoreva kuti nzvimbo tsvene.

22 Zvino, vari panzvimbo iyi vaiisa wose munhu, munamoto mumwechetewo kuna Mwari, vachitenda Mwari vavo kuti vakasarudzwa naiye, nokuti haana kuvati vatevedze tsika dzehama dzavo, nokuti mwoyo

yavo haina kubiwa kuti vatende kuti kune zvinhu zvichauya, zvakavakanga vasingazive.

23 Zvino, mushure mekunge vanhu vose vava kutenda kwavo netsika iyi, vaidzokera kumisha yavo, “vasingazotaura nezvaMwari vavo zvakare dakara vaungana zvakare panzvimbo tsvene, kuti vapire kutenda kwavo netsika yavo.

24 Zvino Aruma paakaona izvi mwoyo wake “wakarwadza; nokuti akaona kuti vakanga vari vanhu vakaipa vakarasika vakasviba; hongu, akaona kuti mwoyo yavo yakanga iri pagoridhe, nepasirivha, nepazvinhu zvakasiyana-siyana zvakanaka.

25 Hongu, akaonawo kuti mwoyo yavo yakanga “yakasimudzirwa mukuzvikudza, mukudada kwavo.

26 Uye akasimudza izwi rake kudenga, uye “akachema, achiti: Imi Ishe, kusvika riini muchibvumira varanda venyu kuti vagare pano pasi munyama, vachiona kuipa kwakadai mukati mevana vevanhu?

27 Tarisai, Mwari, “vanochema kwamuri, asi mwoyo yavo yakamedzwa nekuzvida kwavo. Tarisai, Mwari, vanochema kwamuri nemiromo yavo, asi ivo ^bvakatutuma, nekuzvikudza, nezvinhu zvisina basa zvenyika.

28 Tarisai, Mwari vangu, nhumbi dzavo dzinokosha, nemhete dzavo, “nemakoza avo, nezvishongo zvavo zvegoridhe, nezvose

16b Isa. 65:3, 5.

17a NKM Chisina Maturo.

23a Jkb. 1:21-25.

24a Gen. 6:5-6.

25a Jak. 2:13;

Aruma 1:32.

26a Mos. 7:41-58.

27a Isa. 29:13.

^b NKM Kudada.

28a Isa. 3:16-24.

zvagakosha zvakashonga; uye tarisai, mwoyo yavo igere pazviri, uye asi ivo vanochemba kwamuri vachiti—Tinokute ndai imi Mwari, nokuti tiri vanhu vakasarudzwa nemi, vamwe vachifa.

29 Hongu, uye vanoti makaita kuti zvizivikanwe kwavari kuti hakuchazove naKristu.

30 Ishe Mwari, kusvika riini muchibvumira kuti kuipa kwakadai nokusatenda uku kuve mukati mevanhu ava? Nhai Ishe, mungandipe simba here, kuti ndikurire kusasimba kwangu. Nokuti handina simba, uye kuipa kwakadai mukati mevanhu ava kunorwadzisa mweya wangu.

31 Ishe, mwoyo wangu wasuwa zvikuru kwazvo; mungazorodze mweya wangu “muna Kristu. Nhai Ishe, mungandipe here kuti ndive nesimba, kuti nditambudzike nokupfava matambudziko achauya pandiri, nenzira yokutadza kwevanhu ava.

32 Ishe, mungazorodze mweya wangu here, uye mugondipa kubudirira, uyewo vashandi vamwe vaneni—hongu, Amoni naAroni, naOmuna, naAmurekiwo naZiziromu, nevanakomana vangu “vaviri—hongu, kana vose ava muvape zororo, Ishe. Hongu, mungazorodze here mweya yavo muna Kristu.

33 Mungavape here kuti vawane simba, kuti vatakure ma-

tambudziko avo ayo achauya kwavari pamusoro pekutadza kwevanhu ava.

34 Ishe, mungape “kwatiri kuti tiwane kubudirira mukuvaunza zvakare kwamuri muna Kristu.

35 Tarisai Ishe, “mweya yavo inokosha, uye vazhinji vavo ihama dzedu; naizvozvo, tipei isu Ishe, simba nenjere kuti tiunze ava, hama dzedu, kwamuri zvakare.

36 Zvino zvakaitika kuti Aruma zvaakanga ataura mazwi aya, “akaisa ^bmaoko ake pane vose avo vakanga vainaye. Uye tarisai, zvaavaro va nemaoko ake, vakazadzwa neMweya Mutsvene.

37 Uye mushure mezvo vakatsaukana, “vasina kumbofunga nezvavo kuti vanodyei, kana kuti vachanwei, kana kuti vachapfekei.

38 Uye Ishe vakavapa zvekuti vasafe nenzara, kana kunzwa nyota; hongu, uye akavapawo simba, kuti vasazowana “chinovatambudza, kunze kwekumedzwa murufaro rwaKristu. Zvino izvi zvaive maererano nemuteuro waAruma; uye izvi zvakaitika nokuti ainamata ^bnerutendo.

CHITSAUKO 32

Aruma anodzidzisa varombo avo vakanga vakapfava nenzira ye-

31a Joh. 16:33.

32a Aruma 31:7.

34a 2 Ni. 26:33.

35a NKM Mweya (Mweya neMuviri)—Kukosha

kwemweya.

36a 3 Ni. 18:36–37.

^b NKM Maoko,

Kugadzwa kwe.

37a Mat. 6:25–34;

3 Ni. 13:25–34.

38a Mat. 5:10–12;

Mosaya 24:13–15;

Aruma 33:23.

^b NKM Rutendo.

nhamo dzavo—Rutendo itarisiro yeicho chatisingakwanise kuona asi chiri chokwadi—Aruma anopupura kuti ngirozi dzinoparidza kuvavume, vakadzi, navana—Aruma anofananidza shoko nembeu—Inofanira kudyarwa nokuiswa mupfudze—Yozokura kuva muti umo munozotanhwa muchero woupenyu hwokusingaperi. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaikita kuti vakaenda, vakatangisa kuparidza shoko raMwari kuvanhu, vachipinda mumasinagogo avo, nomudzimba dzavo; hongu, uye vaiparidza shoko kunyange mumi-gwagwa yavo.

2 Uye zvakaikita kuti shure kwokuita basa rakati kuti pakati pavo, vakatangisa kubudirira pakati pavanhu ^avarombo; nokuti tarisai, vaitandirwa kunze kwemasinagogo nokuda kwekusatsvinda kwezvipfeko zvavo—

3 Naizvozvo vakanga vasingabvumidzwe kupinda mumasinagogo avo kuti vanamate Mwari, vachionekwa savanhu vane tsvina; naizvozvo vaiva varombo; hongu, vaionekwa nehama dzavo semarara; naizvozvo vakanga vari ^avarombo kuzvinhu zvose zvenyika; uyewo vakanga vari varombo mumwoyo.

4 Zvino, apo Aruma aidzidzisa nokutaura kuvanhu pagomo rainzi Onaidha, kwakauya mhomo huru kwaari, vaiva avo vavavata tichitaura nezvavo,

avo vakanga vari ^avarombo mumwoyo, pamusana pokushaya kwavo zvinhu zvenyika.

5 Uye vakauya kuna Aruma; uyo akanga ari pamberi pavo vose akati kwaari: Tarisai, idzi hama dzangu ^ddzichaitei, nokuti dziri kushorwa navanhu vose pamusana pokushaya kwavo, hongu, kunyanya navapirisita vedu; nokuti ^bvakatitandanisa mumasinagogo atakavaka nemaoko edu; uye vakatikanda kunze pamusana pokushaya kwedu kukuru; saka hatina nzvimbo yokunamatira Mwari vedu; uye tarisai, tichaita ^csei?

6 Uye zvino apo Aruma akanzwa izvi, akatendeuka kwaari, chiso chake chakamutarisa, akaona nokufara kukuru; nokuti akaona kuti zvechokwadi ^amatambudziko avo akanga ^bavaninipisa, uye kuti vakanga ^cvagadzirira kunzwa shoko.

7 Naizvozvo haana kuzotaura zvakaawanda kune rumwe ruzhinji, asi akatambanudza ruoko rwake, akachema kune avo vavakanga akatarisa, vakanga vavasuwa zvechokwadi, akati izvo kwavari.

8 Ndaona kuti ^amakazvininipisa pamwoyo; kana zvakaadaro, makakomborerwa imi.

9 Tarisai mumwe wenyu ati, Ko zvino tichaita sei?—nokuti takatandaniswa kumasinagogo edu, kuti tisanamata Mwari vedu.

10 Tarisai ndinoti kwamuri,

32 2a NKM Murombo.

3a Aruma 34:40.

4a NKM Murombo—
Murombo mumweya.

5a Zir. 18:23.

b Aruma 33:10.

c Mabasa 2:37–38.

6a NKM Matambudziko.

b NKM Akazvininipisa.

c Aruma 16:16–17;

D&Z 101:8.

8a Mat. 5:3–5.

munofunga here kuti “munonamata Mwari kana muri munasinagogo enyu chete?

11 Zve zvakare, ndingakubvunzei, kuti munofunga here kuti hamunganamate Mwari kunze kwekamwechete pasvondo?

12 Ndinoti kwamuri, zvakanaka kuti makatandaniswa kumasinagogo enyu, kuti muzvininipise, uye kuti mudzidze ungaru; nokuti zvakananira kuti mudzidze “ungaru; nokuti ndicho chikonzero muri kukandwa kunze, nokuti muri kushorwa nehama dzenyu nokuda ^bkwehurombo hwenyu hukuru, kuti maunzwa pakuzvininipisa kwemwoyo; nokuti zvakananira kuti muunzwe pakuzvininipisa.

13 Uye zvino, nokuti manikidzwa kuti muzvininipise makomborerwa; nokuti munhu pane dzimwe nguva, kana amanikidzwa kuzvininipisa, anotsvaka kutendeuka; uye zvino zvechokwadi, uyo wose anotendeuka achawana tsitsi; uye uyo anowana tsitsi “achishinga kusvika kumagumo iyeye achaponeswa.

14 Uye zvino, sezvandataura kwamuri, nokuti makamanikidzwa kuti muve munozvininipisa makakomborerwa, ko hamufunge here kuti vanofanirwa kunge vakakomborerwa zvikuru avo vanozvininipisa zvechokwadi nenzira yeshoko?

15 Hongu, uyo anozvininipisa zvechokwadi, achitendeuka ku-

bva pazvivi zvake, achishingirira kusvika kumagumo, iyeye achakomborerwa — hongu, achakomborerwa kupfuura avo vanozvininipisa nenzira yeurombo hwavo.

16 Naizvozvo, vakakomborerwa avo “vanozvininipisa vasi na kumanikidzwa kuti vazvininipise; kana kuti, namamwe mazwi, akakomborerwa uyo anotenda kushoko raMwari, uye achibhabhatidzwa asina musikanzwa pamwoyo, hongu, uye asati aunzwa pakuziva shoko, kana kumanikidzwa kuti azive, asati atenda.

17 Hongu, vakawanda avo vanoti: Kana mukatiratidza “chiratidzo kubva kudenga, ndipo patichaziva zvechokwadi; uye tozotenda.

18 Zvino ndinobvunza, uku ndiko kutenda here? Tarisai, ndinoti kwamuri, Kwete; nokuti kana munhu achiziva chinhu haana chikonzero “chokutenda, nokuti anochiziva.

19 Uye zvino, anotukwa zvakadii uyo “anoziva zvinoda Mwari asi asingazviite, pane uyo anotenda, kana kuti uyo anechikonzero chete chekutenda, uye owira mukutadza?

20 Zvino pachinhu ichi munofanira kutonga. Tarisai, ndinoti kwamuri, zviru kuruoko rwumwechete sezvazviru kune rumwe; uye zvichazove kumunhu wose maererano namabasa ake.

21 Uye zvino sekutaura kwandaita maererano nokutenda—

10a NKM Kunamata.

12a Mpa. 4:13.

^b Zir. 16:8.

13a Aruma 38:2.

16a NKM Akazvininipisa.

17a NKM Chiratidzo.

18a Eta 12:12, 18.

19a Joh. 15:22–24.

“kutenda hakuzi kuva noruzivo chairwo rwezvinhu; naizvozvo kana mune kutenda ^bmunotarira zvinhu ‘zvamusingaone, asi zviri zvechokwadi.

22 Uye zvino, tarisai, ndinoti kwamuri, ndinoda murangarire, kuti Mwari vane tsitsi kune vose vanotenda muzita ravo; naizvozvo vanoda, chokutanga, kuti mutende, hongu, kutenda shoko ravo.

23 Uye zvino, vanotumira shoko ravo kuvanhu nengirozi, hongu, “kwete kuvarume chete asi kuti nokuvakadziwo. Zvino izvi hazvisizvo chete; ^bvana vaduku vanopiwa mazwi panguva dzakawanda, ayo anonyadzisa vakachenjera nevakadzidza.

24 Uye zvino, hama dzangu dzinodiwa, sezvo mada kundiziva muchaita sei sezvo muri kurwadziwa nokurasirwa kuzve — zvino handidi kuti muve munofunga kuti ndave kukutongai maererano neizvo chete zvinova zviri zvechokwadi —

25 Nokuti handirevi kuti imi mose makamanikidzwa kuti muzvininipise; nokuti zvirokwazvo ndinotenda kuti pane vamwe pakati penyuru vanozvininipisa, nyangwe pari papi pavangave.

26 Zvino, sezvandakataura maererano nokutenda — kuti rwakanga rwusiri ruzivo chairwo — nemazwi angu akadarowo. Hamungazive chokwadi

chawo pakutanga, kupfuura kuziva kuti kutenda ruzivo chairwo.

27 Asi tarisai, kana mukange mamuka nokusimudzira pfungwa dzenyu, kunyange nokuedza mazwi angu, nokuita chimedu chokutenda, hongu, kunyange “mukada zvenyu kusada kutenda, itai kuti chido ichi chishande mamuri, kunyange kusvikira matenda kuti mupe nzvimbo kune mamwe emazwi angu.

28 Zvino, tichaenzanisa shoko “nembeu. Zvino, kana muchinge mapa nzvimbo, kuti ^bmbeu idyarwe ‘mumwoyo yenyu, tarisai, kana iri mbeu yechokwadi, kana kuti mbeu yakanaka, kana musingairasire kunze “nokusatenda kwenyu, kuti muchiramba Mweya waIshe, tarisai, inotangisa kuzvimba muzvipfava zvenyu; uye kana monzwa kuzvimba uku, muchatanga kuti pachenyu — Iyi inofanirwa kunge iri mbeu yakanaka, kana kuti shoko racho rakanaka, nokuti inotanga kukudza mweya wangu; hongu, inotangisa kujekesa “kunzwisisa kwangu, hongu, inotangisa kutapira zvikuru kwandiri.

29 Zvino tarisai, izvi hazvingapamhidzire kutenda kwenyu here? Ndinoti kwamuri, Hongu; zvisinei hazvo haruna kusvika pakuve ruzivo chairwo.

30 Asi tarisai, mbeu zvainofuta,

21a Joh. 20:29;
VaH. 11.
b NKM Tariro.
c Eta 12:6.
23a Joere 2:28–29.

b Mat. 11:25;
Ruka 10:21;
3 Ni. 26:14–16;
D&Z 128:18.
27a Marko 11:24.

28a Aruma 33:1.
b Ruka 8:11.
c NKM Mwoyo.
d Mat. 17:20.
e NKM Kunzwisisa.

uye, nokutungira, yotangisa kukura, zvino makafanira kuti iyi imbeu yakanaka; nokuti tarisai inofuta, nokutungira, nokutangisa kukura. Uye zvino, tarisai, hazvivosimbise rutendo rwenyu here? Hongu, zvichasimbisa kutenda kwenyu: nokuti muchati ndinoziva kuti iyi imbeu yakanaka; nokuti tarisai yatungira ikatanga kukura.

31 Uye zvino, tarisai, mune chokwadi here kuti iyi imbeu yakanaka? Ndinoti kwamuri, Hongu; nokuti mbeu imwe neimwe inounza “zvaka fanana nayo.

32 Naizvozvo, kana mbeu ikakura yakanaka, asi ikarega kukura, tarisai, haina kunaka, naizvozvo inorasirwa kunze.

33 Uye zvino tarisai, nokuti makaedza zvinhu izvi, mukadyara mbeu, uye ikafuta nokutungira, ikatangisa kukura, munofanira kuziva kuti imbeu yakanaka.

34 Uye zvino, tarisai, “ruzivo rwenyu ndirwo chairwo here? Hongu, ruzivo rwenyu ndirwo chairwo muchinhu ichocho, ^bkutenda kwenyu kwakakotsira; uye izvi nokuti munoziva, nokuti munoziva kuti shoko rakafuta mumweya yenyu, uye munozivawo kuti rakatungira, uye kuti kunzwisisa kwenyu kunotangisa kujekeswa, uye ^cpfungwa dzenyu dzinotanga kukura.

35 Ko zvino, ichi hachisi chokwadi here? Ndinoti kwamuri, Hongu, nokuti ichi “chiedza;

uye chose chiri chiedza chakanaka, nokuti chinoonekwa; naizvozvo munofanira kuziva kuti chakanaka; zvino tarisai, kana muchinge maedza chiedza ichi ruzivo rwenyu rwave chairwo here?

36 Tarisai ndinoti kwamuri, Kwete; zve hamufanire kuisa parutivi kutenda kwenyu, nokuti maratidza kutenda kwenyu nokudyara mbeu sokuedza kuti muzive kuti mbeu yakanaka here.

37 Uye tarisai, muti zvauchatangira kukura muchati: Ngatiuchengetedze zvakanaka, kuti uite midzi, uye kuti ukure, uye utiunzire michero. Uye zvino tarisai, kana mukauchengetedza zvakanakwana unoita midzi, nokukura, nokubereka michero.

38 Asi “mukarega kuuchengetedza, musina hanya nezvaunoda, tarisai hauzoita midzi; uye kana kupisa kwezva kwauya kunoupisa, zve nokushaya midzi unosvava, imi moudzura mourasira kunze.

39 Zvino, hazvirevi kuti mbeu iyi yange isina kunaka, kana kuti muchero wacho hawaidiwa; asi pamusana pekuti “ivhu renyu harina chinhu, uye hamuzopi zvokudya kumuti, naizvozvo hamuzowana michero yawo.

40 Uye ndizvo, kana mukachengetedza shoko, muchitarisira neziso rokutenda kumuchero

31a Gen. 1:11-12.

34a NKM Ruzivo.

b Eta 3:19.

c NKM Pfungwa.

35a Joh. 3:18-21.

NKM Chiedza,

Chiedza chaKristu.

38a NKM Kurasika

Pachitendero.

39a Mat. 13:5.

wacho, hamuchazokwanisi kutanha muchero “womuti woupenyu.

41 Asi kana mukachengetedza shoko, hongu, nokupa muti kudya apo unenge wave kutangisa kukura, nokutenda kwenyu nesimba rose, “nokutirira, muchitarisira kumuchero, uchava nomudzi; tarisai uchazova muti ^buchakura nokuva muti woupenyu husingaperi.

42 Uye nokuda “kwokusimba kwenyu nokutenda kwenyu mukupfavirira nokuchengetedza shoko, kuti ritore midzi mamuri, tarisai mukufamba kwenguva muchatemha ^bmichero, inova yakakoshesesa, iyo inotapira kupfuura zvinhu zvose zvinotapira, yakachena kupfuura zvinhu zvose zvakachena, hongu, nokururama kupfuura zvinhu zvose zvakarurama; uye muchadya muchero uyu kusvikira mazadzwa, kuti musazova nzara, kana kuva nenyota.

43 Zvino, hama dzangu, muchakohwa mibairo yokutenda kwenyu, nokusimba kwenyu, nokupfavirira kwenyu, nemwoyo murefu, muchimirira muti kuti ukupei zvibereko.

CHITSAUKO 33

Zenosi akadzidzisa kuti vanhu vanofanira kunamata nekurumbidza munzvimbo dzose uye nokutiwo

kutongwa kunobviswa pamusana peMwanakomana—Zenoki aidzidzisa kuti tsitsi dzinoitwa nenzira yeMwanakomana—Mosesi akanga asimudza murenje chainge Mwanakomana waMwari. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

ZVINO mushure mekunge Aruma ataura mazwi aya, vakatumira kwaari vachida kuudzwa kuti vangadaire muna Mwari “vamwechete, kuti vawane muchero uyu waakanga ataura, kana kuti vangadyare sei ^bmbeu iyi, kana shoko raakanga ataura, raakati rakafanira kudyarwa mumwoyo yavo; kana tsika yavangatange nayo kushandisa rutendo rwavo.

2 Uye Aruma akati kwavari: Tarisai, makati “hamaikwanisa kunamata Mwari wenyu nokuti makabviswa mumasinagogo enyu. Asi tarisai, ndinoti kwamuri, kana muchifunga kuti hamunganamate Mwari, muri kukanganisa zvikuru, uye makafanira kunzvera ^bmagwaro matsvene; kana muchifunga kuti izvi ndizvo zvaakakudzidzisa, hamuanzwisise.

3 Munorangarira here muchiverenga zvakataurwa “naZenosi, muporofita wepasicigare, mae-rerano nokunamata kana ^bkurumbidza?

4 Nokuti akati: Imi mune tsitsi, Mwari, nokuti makanzwa munamato wangu, kana zvanda-

40a Gen. 2:9;

1 Ni. 15:36.

41a NKM Mwoyo Murefu.

^b Aruma 33:23;

D&Z 63:23.

42a NKM Hushingi.

^b 1 Ni. 8:10–12.

33 1a 2 Ni. 31:21;

Mosaya 15:2–4.

^b Aruma 32:28–43.

2a Aruma 32:5.

^b Aruma 37:3–10.

3a NKM Magwaro

Matsvene—Magwaro

Matsvene akarasika;

Zenosi.

^b NKM Kunamata.

kange ndiri murenje; hongu, makanga muzere netsitsi panda-kanamata pamusoro pevakanga vari “vavengi vangu, uye imi mukavateudzira kwandiri.

5 Hongu Mwari, uye makanga muzere netsitsi kwandiri zvandaichema kwamuri ndiri “mumunda mangu; zvakachema kwamuri mumunamato wangu, uye makandinzwa.

6 Uye zvakare Mwari, zvanda-kaenda kumba kwangu maka-ndinzwa mumunamato wangu.

7 Uye pandakapinda “mukamba kangu kemukati, Ishe, uye ndikanamata kwamuri, maka-ndinzwa.

8 Hongu, imi muzere netsitsi kuvana venyu kana vachinge vachema kwamuri, kuti vanzwikwe nemi kwete nevanhu, uye imi munozovanzwa.

9 Hongu Mwari, makazadzwa netsitsi pamusoro pangu, uye mukanzwa kuchema kwangu pakati pemakungano enyu.

10 Hongu, uye makandinzwawo “ndaraswa nokushorwa nevavengi vangu; hongu, makanzwa kuchema kwangu, uye mukashatirirwa vavengi vangu, uye mukavaranga mukushatirwa kwenyu nekuvaparadza nokukurumidza.

11 Uye makandinzwa pamusana pematambudziko angu nekumira pachokwadi kwangu; uye zviri zvakonzerwa neMwanakomana wenyu kuti muve netsitsi dzakadaro kwandiri,

naizvozvo ndichachema kwamuri mumatambudziko angu ose, nokuti mamuri ndimo mune rufaro rwangu; nokuti makabvisa kwandiri kunditonga kwenyu, nenzira yeMwanakomana wenyu.

12 Uye zvino Aruma akati kwavari: Munoatenda here iwayo “magwaro matsvene akanyorwa nevechinyakare?

13 Tarisai, kana muchiatenda, makafanira kutenda zvakataurwa “naZenosi; nokuti, tarisai akati: Mabvisa kunditonga kwenyu nenzira yeMwanakomana wenyu.

14 Zvino tarisai, hama dzangu, ndinobvunza kuti makaverenga magwaro here? Kana makaverenga, munotadza sei kutenda muMwanakomana waMwari?

15 Nokuti “hazvina kunyorwa kuti Zenosi ega ndiye akataura nezvezvinhu izvi, asi kana ^bZenoki akataurawo pamusoro pezvinhu izvi—

16 Nokuti tarisai, akati: Mashatirwa Ishe, nevanhu ava, nokuti havanzwisise tsitsi dzenyu dzamakavaitira nenzira yeMwanakomana wenyu.

17 Uye zvino, hama dzangu, munoona kuti muporofita wepasichigare wechipiri apupura nezveMwanakomana waMwari, uye nenzira yekuti vanhu havana kunzwisisa mazwi ake “vakamutema nematombo akafa.

18 Asi tarisai, izvi hazvizi-zvo zvose; ava havazivo vega

4a Mat. 5:44.

5a Aruma 34:20–25.

7a Mat. 6:5–6;

Aruma 34:26.

10a Aruma 32:5.

12a NKM Magwaro matsvene.

13a Aruma 34:7.

15a Jak. 4:4.

^b 1 Ni. 19:10; Aruma 34:7.

17a NKM Kuponderwa Chitendero.

vakataura zvirira maererano ne-Mwanakomana waMwari.

19 Tarisai, akataurwa nezvake “naMosesi; hongu, uye ^bchirati-dzo chacho ^cchakasimudzwa murenje, kuti ani zvake aichitarisa aipona. Uye vazhinji vakatarisa vakapona.

20 Asi vashoma vakazvinzwisisa zvazvaira zvinhu, uye izvi zvichikonzerwa neukukutu hwemwoyo yavo. Asi kwaive nevazhinji vakanga vakaoma zvekuti havana kumbotarisa, naizvozvo vakafa. Zvino chikonzero chakaita kuti vasatarise ndechekuti vakanga vasingatende kuti ^achaizovarapa.

21 Hama dzangu, dai maiponeswa nekungokanda maziso enyu chete kuti muponeswe, hamaizviita nokukurumidza here, kana kuti maiomesa mwoyo yenyu nokusatenda, uye moita nungo, zvekuti hamaizokanda kanda maziso enyu, zvekuti maifa?

22 Kana zvakadaro, nhamo ichauya kwamuri: asi kana zvisiri izvo, saka kandai-kandai maziso enyu ^amutange kutenda muMwanakomana waMwari, kuti achauya kuzonunura vanhu vake, uye nekuti achatambudzika agofa kuti ^badzikinure zvitema zvavo; uye nokuti ^cachamuka zvakare kuvakafa, zvichaita kuti kuite ^dkumuka kwevakafa, kuti vanhu vose vachamira pamberi pake, kuti vatongwe

muzuva rekupedzisira rekutongwa, maererano ^enemabasa avo.

23 Uye zvino, hama dzangu, ndinodisa kuti dai ^amadyara shoko iri mumwoyo yenyu, uye kana richitanga kufuta ridiridzirei nerutendo rwenyu. Uye tarisai, uchaita muti, ^buchimera kubva mamuri kusvika muupenyu husingaperi. Uye zvino Mwari vachakuita kuti ^cmitoro yenyu ireruke, kuburikidza nerufaro rweMwanakomana wavo. Uye zvose izvi munogona kuvziita kana muchida. Amen.

CHITSAUKO 34

Amureki anopupura kuti shoko riri muna Kristu mukuponeswa — Kunze kwokunge rudzikinuro rwa-itwa vanhu vose vanofa — Mitemo yose yaMosesi inonongedzera kukuzvipira kwoMwanakomana waMwari — Hurongwa hwerununuro rwokusingaperi huri mukutenda nokutendeuka — Namatirai maropafadzo enyama nomweya kuti muwane makomborero — Upenyu huno inguva yokuti munhu agadzirire kusangana naMwari — Shandirai ruponeso rwenyu nokutya pamberi paMwari. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti shure kwokunge Aruma ataura mazwi aya kwavari akagara pasi, uye ^aAmureki akasimuka akatangisa kuvadzidzisa, achiti:

19a Deut. 18:15, 18;

Aruma 34:7.

^b Num. 21:9;

2 Ni. 25:20;

Mosaya 3:15.

^c Joh. 3:14; Hir. 8:14–15.

20a 1 Ni. 17:40–41.

22a Aruma 32:27–28.

^b Aruma 22:14; 34:8–9.

^c NKM Kumuka

Kuvakafa.

^d Aruma 11:44.

^e NKM Mabasa.

23a Aruma 33:1; 34:4.

^b Aruma 32:41;

D&Z 63:23.

^c Aruma 31:38.

34 1a Aruma 8:21.

2 Hama dzangu, ndinofunga kuti hazvizi nyore kuti muve vanhu vasingazive zvinhu zvakataurwa pamusana pokuuya kwaKristu, anodzidziswa nesu kuti Mwanakomana waMwari; hongu, ndinoziva kuti zvinhu “izvi zvakadzidziswa kwamuri kazhinji musati mabva matiri.

3 Uye sezvo makumbira hama yangu inodiwa kuti akuzivisei kuti mungaite sei, pamusoro pematambudziko enyu; uye ataura kwamuri kuti mugadzirire pfungwa dzenyu; hongu, uye akukurudzirai kuti mutende nokupfava—

4 Hongu, kana kuti muve nokutenda kukuru kuti “mudyare shoko mumwoyo yenyu, kuti muedze kunaka kwaro.

5 Uye tiri kuona kuti mubvunzo mukuru uri mupfungwa dzenyu ndewekuti shoko ringave muMwanakomana waMwari here, kana kuti hapachazove naKristu.

6 Uye zvakare maona kuti mumwe wangu akuratidzai, panguva dzakawanda, kuti “shoko riri muna Kristu pakuponeswa.

7 Mukoma wangu akataura mazwi aZenosi, kuti rununuro rwunouya kuburikidza noMwanakomana waMwari, uyezve napamazwi aZenoki, uyezve akataura kuna Mosesi kuti aratidze kuti zvinhu izvi ndezvechokwadi.

8 Uye zvino, tarisai, “ndinopupura kwamuri pachangu kuti zvinhu izvi ndezvechokwadi. Tarisai, ndinoti kwamuri, ndinoziva kuti Kristu achauya pakati pavana vavanhu, kuti atakure zvitadzo zvavanhu vake, uye nokuti ave ^banoripira zvivi zvenyika, nokuti Mwari Ishe vakazvitaura.

9 Nokuti zvinofanira kuti “rudzikinuro rwunofanira kuitwa; nokuti nenzira ^byehurongwa hukuru hwaMwari Wokusingaperi kunotofanirwa kuva nokudzikinurwa, kana kuti marudzi ose haaizodzivirirwa mukufa; hongu, vose vakaoma; hongu, vose vakapunzika nokurasika, uye munofanira kufa kunze kwokunge kudzikinurwa kwavapo uko kunofanira kuitwa.

10 Nokuti zvinofanira kuti kupirwe “mupiro mukuru wekupedzisira, hongu, kwete mupiro wemunhu, kana wemhuka, kana weshiri ipi zvayo, nokuti hauzova mupiro wemunhu, asi kuti uve mupiro ^busingavereungeke uye ^cwokusingaperi.

11 Zvino hakuna munhu angapire ropa rake kuti riripire zvivi zvomumwe. Zvino, kana munhu achinge aponda, tarisai mutemo wedu, “wakarurama, unoti mukoma wake ngaauraiwe here? Ndinoti kwamuri, Kwete.

12 Asi mutemo unoda upe nyu hwaiye anenge “auraya;

2a Aruma 16:13-21.

4a Aruma 33:23.

6a Joh. 1:1, 14.

8a NKM Pupura.

^b NKM Dzikinura.

9a Aruma 33:22.

^b Aruma 12:22-33;

Mos. 6:62.

^c NKM Kupunzika kwaAdama naEva.

10a Mos. 5:6-7.

^b 2 Ni. 9:7.

^c NKM Kupira.

11a Deut. 24:16;

Mosaya 29:25.

12a NKM Kuranga nerufu; Kuponda.

naizvozvo hakuna chimwe chinhu chisiri rudzikinuro rwusingaverengeke chinokwanisa kuripira zvivi zvenyika.

13 Naizvozvo, kunofanirwa kunge kune kupira kukuru kwepedzisira, zvino kwozove, kana kuti kunofanirwa kunge kune, ^akumiswa kwekudeuka kweropa; zvino ^bmutemo waMosesi unozozadzikiswa, hongu, uchazadzikiswa wose, kose kamhunzi nekose katsanga uye hapana chinenge chapfuura.

14 Uye tarisai, izvi ndizvo ^azvinoreva ^bmutemo, chinhu chose chinongedzera ^ckumupiro mukuru wekupedzisira, uye mupiro mukuru uyu wekupedzisira anenge ari Mwanakomana waMwari, hongu, anogara nokusingaperi.

15 Uye nokudaro achazounza ^aruponeso kune avo vose vachatenda muzita rake; ichi chiri chinangwa chemupiro wekupedzisira uyu, kuti aunze tsitsi dziri muura, idzo dzinokunda kuenzanisa, uye nokuunza nzira kuvanhu kuti vave nokutenda mukutendeuka.

16 Uye zvararo ^atsitsi dzingagutse kuda kwose ^bkwokuenzanisa, nokuvafungata nemaoko anochengetedza, kune uyo asingaratidze kutenda mukutendeuka anoiswa kumutemo wose wezvinodikanwa ^cnekuenzanisa; naizvozvo iyeyo chete

anotenda mukutendeuka ndiye anopiwa ^ahurongwa hukuru hwerununuro rwokusingaperi.

17 Naizvozvo Mwari ngavakubvumirei, hama dzangu, kuti mutange kuratidza ^akutenda kwenyu mukutendeuka, kuti mutangise ^bkudaidza zita ravo dzvene, kuti vakunzwirei tsitsi;

18 Hongu, chemerai tsitsi kwavari; nokuti mukuru pakuponesa.

19 Hongu, zvininipisei, murambe muchinyengetera kwaari.

20 Chemai kwavari kana muri muminda yenyu, hongu, nepamusoro pezvipfuyo zvenyu.

21 ^aChemai kwavari mudzimba dzenyu, hongu, pamusoro pezvemudzimba dzenyu zvose, mangwanani, masikati, namauro.

22 Hongu, chemai kwavari kuti mukunde masimba emhandu dzenyu.

23 Hongu, ^achemai kwavari pamusana ^bpadhiaborosi, anova mhandu ^cyokururama kwose.

24 Chemai kwavari pamusana pezvirimwa zveminda yenyu, kuti mugobudirira mazviri.

25 Chemerai zvipfuyo zvemumakura enyu, kuti zviwande.

26 Asi izvi hazvizi zvose; munofanira kudurura mweya yenyu ^atwumba twenyu twomukati, nenzvimbo dzenyu dzakavanzika, nomumarenje enyu.

27 Hongu, kana musingacheme kuna Ishe, itai kuti ^amwoyo

13a 3 Ni. 9:17, 19-20.
b 3 Ni. 15:5.

14a Aruma 30:3.
b NKM Mutemo waMosesi.

c D&Z 138:35.

15a NKM Ruponeso.

16a NKM Anetsitsi.
b NKM Yenzaniso.
c Aruma 12:32.

d NKM Hurongwa hweRununuro.

17a NKM Rutendo.

b NKM Munamato.

21a Mpi. 5:1-3;
3 Ni. 18:21.

23a 3 Ni. 18:15, 18.

b NKM Dhiaborosi.
c NKM Akarurama.

26a Mat. 6:5-6.

27a NKM Mwoyo.

yenyu ^bizare, muri mumunamato kwavari nguva dzose pamusoro pemagariro akanaka enyu, namagariro akanaka avavo vakakutenderedzai.

28 Uye zvino tarisai hama dzangu dzinodiwa, ndinoti kwamuri, musafunge kuti izvi ndizvo zvose; nokuti shure kwokunge maita zvinhu izvi zvose, kana mukatandanisa ^avanoshaya, nevasina zvokupfeka, musingashanyire vanorwara navanotambudzika, ^bmusingapewo kana munazvo, kune avo vasina—ndinoti kwamuri, kana musingaita chimwe chezvinhu izvi, tarisai, ^cminamoto yenyu ^dhairavi chinhu, haikupii chinhu, uye muri vanyengedzi avo vanoramba kutenda.

29 Naizvozvo, kana musingarangarire ^akuvanetsitsi, makaita semarara anorasirwa kunze, (chinova chinhu chisingakoshi) uye anotsikwa pasi petsoka dzavanhu.

30 Uye zvino hama dzangu, ndingade kuti, shure kwokunge mawana vapupuri vakawanda kudai, muchiona kuti magwaro matsvene anopupura pamusana pezvinhu izvi, uyai muunze ^amuchero wokutendeuka.

31 Hongu, ndingade kuti muye musaomesa mwoyo yenyu zvakare; nokuti tarisai, iye zvino inguva ^anezuva rokuponeswa kwenyu; naizvozvo mukatende-

uka nokusaomesa mwoyo yenyu, izvozvi zano guru rorununuro rinobva ratoiswa pamuri.

32 Nokuti tarisai, upenyu huno ndiyo nguva yokuti vanhu ^avagadzirire kusangana naMwari, hongu, tarisai zuva reupenyu huno izuva rokuti munhu ave anoita mabasa ake.

33 Uye zvino sezvo ndambotaura kwamuri kare, sezvo makaanzwa uchapupu hwakawanda, naizvozvo, ndinokukumbirai kuti ^amusaverengere zuva renyu ^brokutendeuka kusvikira kumagumo; nokuti shure kwezuva rino roupenyu, iro rakapiwa kwatiri kuti tigadzirire upenyu husingaperi, tarisai, kana tisingashandise nguva yedu zvakanaka tichiri paupenyu huno, kunozouya ^cusiku ^dhutema apo kunenge kuisina basa rinoitwa.

34 Hamuzokwanisa kuti, apo muchaunzwa ^apanguva inotyisa iyoyo, kuti ndichatendeuka, kuti ndichadzokera kuna Mwari vangu. Kwete, hamuzogona kudaro; nokuti mweya mumwechete iwoyo uri mumiviri yenyu panguva yamuchabva muupenyu huno, mweya iwoyo unenge uine simba rokugara mumiviri yenyu munyika yokusingaperi.

35 Nokuti tarisai, kana mukaverengera zuva renyu rokutendeuka kusvikira mafa, tarisai,

27^b NKM Fungisisa.
28^a NKM Murombo.
^b NKM Kupa zvipo.
^c Mat. 15:7–8.
^d Moro. 7:6–8.
29^a NKM Rudo
Rwakadzama.

30^a Mat. 3:8;
Aruma 13:13.
31^a VaR. 13:11–12.
32^a 2 Ni. 2:21;
Aruma 12:24; 42:4–6.
33^a Hir. 13:38;
D&Z 45:2.

^b NKM Rutendeuko.
^c Joh. 9:4;
D&Z 45:17.
^d NKM Rima,
zweMweya; Rufu,
rweMweya.
34^a Aruma 40:13–14.

mava “pasi pemweya wadhia-bhorosi, ^banokubatanidzai kuva vake; naizvozvo, Mweya wa-Ishe unobva mamuri, uye hauna nzvimbo mamuri, dhiabhorosi ane simba rose pamuri; uye izvi ndizvo zvinenge zvaita vakaipa mukupedzisira.

36 Uye izvi ndinozviziva, nokuti Ishe vakati havagare “mutemberi dzisiri tsvene, asi mumwoyo yavakarurama ndimo mavanogara; hongu, uyewo zvakare vakati ^bvakarurama vachagara navo muumambo hwa-vo, havazoenda kunze zvakare; asi nguwo dzavo dzinofanirwa kuitwa chena kuburikidza ne-ropa reGwayana.

37 Uye zvino hama dzangu dzinodiwa, ndinoda kuti murangarire zvinhu izvi, nokutiwo muve “munoshandira ruponeso rwenyu muchitya Mwari; uye nokuti muchirega kuramba zvekuuya kwaKristu;

38 Kuti “musanyunyute pamusoro peMweya Mutsvene, asi kuti muugamuchire, mutakure ^bzita raKristu; kuti muzvininipise kusvikira muguruva, uye “muchinamata Mwari, panzvimbo iri yose yamunenge muri, mumweya nomuchokwadi; muchigara ^dmukutenda mazuva ose, pamusoro petsitsi zhinji nemakomborero avanokupai.

39 Hongu, uyezve ndinokukuridzirai, hama dzangu, kuti mugare “makarindira mukuna-

mata nguva dzose, kuti murege kutungamirirwa ^bnemiedzo yadhia-bhorosi, kuti asakukurirei, kuti musava vanhu vake nezuva rokupedzisira; nokuti tarisai, “hapana chinhu chakanaka cha-anokupai.

40 Uye zvino hama dzangu dzinodiwa, ndinokurudzirai kuti muve “makatirira, kuti mutakure kurwadza kwose zvako; kuti ^bmusamukire avo vanokutandirai kunze pamusana pokushaya kwenyu kukuru; nokuti mungazova vatadzi saivo.

41 Asi kuti muve makapfava, nokushivirira nhamo dzenyu, mune tariro yakasimba yokuti nerimwe zuva muchazorora kubva mumatambudziko enyu.

CHITSAUKO 35

Kuparidzwa kweshoko kunoparadza unyengedzi hwemaZoramu—Vanotandanisa vatendeuki, avo vakabva vanobatana nevanhu va-Amoni kuJeshoni—Aruma anusuwa pamusana pekuipa kwevanhu ava. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakaitika kuti Amureki apedza kutaura mazwi aya, vakabva mukati memhomho yevanhu uye vakabva vaenda kunyika yeJeshoni.

2 Hongu, nevamwe vose vehama, mushure mekunge vaparidza

35a 2 Ni. 28:19–23.

b 2 Ni. 9:9.

36a Mosaya 2:37;

Aruma 7:21;

Hir. 4:24.

b NKM Akarurama.

37a VaF. 2:12.

38a NKM Gakava.

b Mosaya 5:8;

Aruma 5:38.

c NKM Kunamata.

d Mpi. 69:30; D&Z 59:7.

NKM Kupakutendo.

39a NKM Murindiri.

b NKM Chiedzo.

c Aruma 30:60.

40a NKM Mwoyo Murefu.

b D&Z 31:9.

shoko kumaZoramu, naivowo vakaenda kunyika yaJeshoni.

3 Uye zvakaitika kuti avo vakanga vachizivikanwa zvakanjanya pakati pemaZoramu pavakabvunzana maererano nemazwi akanga aparidzwa kwavari, vakashatiriswa neshoko iri, nokuti raiparadza “unyengedzi hwavo; saka havana kuda kuteerera kumazwi aya.

4 Uye vakatumira kuti vanhu vose munyika yose vaungane pamwechete, vakavabvunza pamusana pemazwi akanga ataurwa.

5 Zvino vatongi vavo nevapirisita vavo nevadzidzisi vavo havana kuzivisa vanhu maererano nezvido zvavo; naizvozvo vakatsvaka muruvande zvai fungwa nevanhu.

6 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge vaona zvaifungwa nevanhu, avo vakanga vachida mazwi akanga ataurwa naAruma nehama dzake vakatandanisirwa kunze kwenyika; uye vakanga vakawanda; uye vakauyawo kunyika yeJeshoni.

7 Uye zvakaitika kuti Aruma nehama dzake vakavaparidzira.

8 Zvino vanhu vemaZoramu vakashatirirwa vanhu vaAmoni vakanga vari muJeshoni, uye mutongi mukuru wemaZoramu, semunhu aive neupi, akaraira kuvanhu vaAmoni kuti vatanandise vanhu vakanga vapinda munyika yavo.

9 Uye akataura zvizhinji zvekuvatyisidzira. Uye zvino vanhu vaAmoni havana kutya mazwi aya; naizvozvo havana

kuvatandanisa, asi vakagashira vose varombo vemaZoramu avo vakauya kwavari; uye vakavapa “zvokudya, uye vakavapfekezwa, uye vakavapa nyika kuti ive nhaka yavo; uye vakavaitira sezvavaida.

10 Zvino izvi zvakamutsa kushatirwa kwemaZoramu kuti varwisane nevanhu vaAmoni, uye vakatanga kusangana nemaRamani nekuvamutsawo kuti vavashatirirwewo.

11 Uye ndokutanga kwakaita maZoramu nemaRamani kugadzirira hondo yekurwisa vanhu vaAmoni, nemaNifai.

12 Uye ndokupera kwakaita gore rechigumi nemanomwe rekutonga kwevatongi vanhu vaNifai.

13 Uye vanhu vaAmoni vakabva munyika yaJeshoni, uye vakaenda munyika yaMereki, uye vakapa nzvimbo munyika yaJeshoni kumauto emaNifai, kuti varwisane nemauto emaRamani nemauto emaZoramu; uye ndokutanga kwakaita hondo pakati pemaRamani nemaNifai, mugore rechigumi nemasere ekutonga kwevatongi; uye “rungano rwavo rwuchataurwa zvarwo maererano nehondo dzavo mushure.

14 Uye Aruma, naAmoni, nehama dzavo, nevanakomana vaviri vaAruma vakadzokera kunyika yeZarahemura, mushure mekunge vanga vari midziyo mumaoko aMwari yekuunza maZoramu “mazhinji mukute-

ndeuka; uye vose vakatendeuka vakabviswa munyika yavo; asi vane nyika dzavo dzenhaka munyika yaJeshoni, uye vakatora zvombo zvekuzvidzimirira, uye nevakadzi vavo, nevana, nenzvimbo dzavo.

15 Zvino Aruma, asuwiswa nokutadza kwevanhu vake, hongu nehondo, nekudeura ropa, nekunetsana kwaive pakati pavo; uye ari akanga achitaura shoko, kana kuti ari ange atumwa kundotaura shoko, kuvanhu vose muguta rega-rega; nokuona kuti mwoyo yevanhu yakanga yototanga kuoma, nokuti vakanga votanga ^akugumburwa nokuoma kweshoko, mwoyo wake wakasuwa zvikuru.

16 Naizvozvo, akaita kuti vanakomana vake vaungane pamwechete, kuti avagovanise ^amabasa, mumwe nomumwe, zvinhu zvirima maererano nokururama. Uye tine rungano rwe-mirairo yake, yaakapa kwavari maererano nezvinyorwa zvake.

Mirairo yaAruma kumwanakomana wake Hiramani.

Zvichisanganisa zvitsauko 36 ne37.

CHITSAUKO 36

Aruma anopupura kuna Hiramani kutendeutswa kwake mushure mekuona ngirozi—Akatambudzika nekurwadziwa kwemweya wakarasa; akadaidza zita raJesu, uye

ndokubva azvarwa naMwari—Rufaro rwunotapira rwakazadza mweya wake—Akaona mhomho dzengirozi dzichirumbidza Mwari—Vazhinji vakatendeutswa vakaraira uye vakaona sezvaakanga araira akaona. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

^aMWANAKOMANA wangu, isa nzeve kumazwi angu; nokuti ndinopika kwauri, kuti kana uchiteerera chete mirairo yaMwari uchabudirira munyika.

2 Ndinoti dai waita sezvanda-kaita ini, mukuyeuka usungwa hwemadzibaba edu; nokuti vakanga vari ^amuusungwa, uye hakuna akagona kuvasunungura kunze ^bkwaMwari vaAbrahamu, naMwari vaIsaka, naMwari vaJakobo; uye akavabvisa chokwadi mumatambudziko avo.

3 Uye zvino iwe mwana'ngu Hiramani, tarisai, uchiri muujaya hwako, naizvozvo, ndinokunyengedza kuti dai wanzwa mazwi angu ugodzidza kwandiri; nokuti ndinoziva kuti ani zvake achaisa ruvimbo rwavo muna Mwari vachatsigirwa ^amukuedzwa kwavo, nemumatambudziko avo, nemukurwadziwa kwavo, uye ^bvachasimudzwa muzuva rekupedzisira.

4 Uye handidi kuti mufunge kuti ^andinoziva ndega—kwete zvenyika asi zvemweya, kwete zvepfungwa ^byenyama asi zvaMwari.

5 Zvino tarisai, ndinoti kwamuri, dai ndakanga ndisina

15a NKM Kurasika Pachitendero.
16a NKM Mutariri.
36 1a Hir. 5:9–14.

2a Mosaya 23:23; 24:17–21.
b Eks. 3:6; Aruma 29:11.
3a VaR. 8:28.
b Mosaya 23:21–22.

4a I VaKori. 2:11;
Aruma 5:45–46.
NKM Ruzivo.
b NKM Zvenyama.

“kuzvarwa naMwari ndingadai
^bndisina kuziva zvinhu izvi; asi
 Mwari, nemuromo wengirozi
 yavo tsvene, vakaita kuti ndizive
 yavo zvinhu izvi, kwete kuti
 ndakanga ^cndakakodzera;

6 Nokuti ndaifamba nevanakomana vaMosaya, tichitsvaka
 “kuparadza chechi yaMwari; asi
 tarisai, Mwari vakatumira ngirozi
 yavo kuti itimise munzira.

7 Uye tarisai, yakataura nesu,
 nezwi raiita sekutinhira kwe-
 mabhanan’ana, uye nyika yose
 “yakazunguzika pasi petsoka
 dzedu; tose tikawira pasi, no-
 kuti takanga tabatwa ^bnokutya
 Ishe.

8 Asi tarisai, izwi rakati kwandiri: Simuka. Uye ndikasimuka ndikamira, ndikaona ngirozi.

9 Uye ikati kwandiri: Kana iwe pachako ungaparadzwe, rega kuramba uchitsvaka kuparadza chechi yaMwari.

10 Uye zvakaikita kuti ndakawira pasi; uye kukapera mazuva “matatu neusiku hutatu ndisingagone kuzurura muromo wangu, kana kushandisa maoko kana makumbo angu.

11 Uye ngirozi ikataura mamwe mazwi kwandiri, akanzwickwa nevamwe vangu, asi ini handina kuanzwa; nokuti pandakanzwa mazwi aya—Kana iwe uchida pachako kuparadzwa, rega kutsvaka kuparadza chechi yaMwari—ndakabatwanekutya kukuru nokushamiswa

kukuru zvekuti ndakati ndingan-
 ngoparadzwa, zvekuti ndakabva
 ndawira pasi uye ndikasazonzwa chinhu.

12 Asi ndakaparadzwa noku-
 tambudzika “kwokusingaperi,
 nokuti mweya wangu wakanga
 wanetswa zvakakura nokuparadzwa nezvitema zvangu zvose.

13 Hongu, ndakayeuka zvitadzo zvangu zvose nehuipei hwangu, “zvandanetswa nazvo nekurwadza kwegehena; hongu, ndakaona kuti ndakanga ndapandukira Mwari vangu, nokutiwo ndakanga ndisina kuchengetedza mirairo yavo mitsvene.

14 Hongu, uye ndakanga ndaponda vazhinji vevana vavo, kana kuti ndakanga ndavatumgamirira kunoparadzwa; hongu, uye muchidimbu zvitadzo zvangu zvakanga zvakura, zvekuti pfungwa yekuti ndiuye pamberi paMwari yainetsa mweya wangu nokutya kusingataurike.

15 Ndaifunga, kuti “ndingan-
 ngotandaniswa ndikasazovepo
 mumweya zvose nemunyama,
 kuti handichazounzwa kuti
 ndimire pamberi paMwari vangu,
 kuti nditungwe ^bnezviito
 zvangu.

16 Uye zvino, kwemazuva matatu neusiku hutatu ndakanga ndichinetswa, kana nokurwadziwa kwemweya “wakaraswa.

17 Uye zvakaikita kuti zvandakanga ndichinetswa nokushushikana, “ndichidyiwa

5a NKM Kuberekwa
 naMwari,
 Kuberekwa Patsva.
 b Aruma 26:21-22.
 c NKM Anechiremera.
 6a Mosaya 27:10.

7a Mosaya 27:18.
 b NKM Kutya—Kutya
 Mwari.
 10a Mosaya 27:19-23.
 12a D&Z 19:11-15.
 13a NKM Mhosva, Kuva ne.

15a Zvaka. 6:15-17;
 Aruma 12:14.
 b Aruma 41:3;
 D&Z 1:9-10.
 16a NKM Kuraswa.
 17a II VaKori. 7:10.

nendangariro dzezvitema zvangu zvakawanda, tarisai, ndakarangarirawo kuti ndakambonzwa baba vangu vachiporofita kuvanhu maererano nezvekuuya kwemumwe anonzi Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, kuzozikinura zvitema zvenyika.

18 Zvino, ndangariro yangu payakabata papfungwa iyi, ndakachema nechemumwoyo: Jesu Mwanakomana waMwari, ndinzwirei tsitsi, ini ndiri "mukati mekuipirwa, uye ndakakomberedzwa ^bnengetani dzekufa dzisingaperi.

19 Uye zvino tarisai, pandakafunga izvi, handina kuzoyeuka kurwadziwa kwangu kwete; hongu, handina "kuzodyiwa nendangariro dzezvitema zvangu.

20 Uye ndakanzwa "kufara, uye ndikaona chiedza chinoshamisa; hongu, mweya wangu wakazadzwa nerufaro rwaipfura kurwadzwa kwangu!

21 Hongu, ndinoti kwauri mwana'ngu, hakuna chingarwadze kupfuura kurwadziwa kwandaitwa. Hongu, uye ndinoti zvakare kwauri, mwangu, nerumwe rutivi, ndinoti hakuna kumwe kutapira kunopfuura rufaro rwangu.

22 Hongu, ini ndinofunga kuti ndakaona, sekuona kwakaita baba vedu "Rihai, Mwari vagere pachigaro chavo chekutonga,

vakakombwa nemhomho dzengirozi dzisingaverengeke, uye dzichiimba nokurumbidza Mwari vavo; hongu, uye mweya wangu wakashuwa kuveko.

23 Asi tarisai, maoko nemakumbo angu zvakawana "simba razvo zvakare, uye ndikamira nemakumbo angu, uye ndikaratidza kuvanhu kuti ndakanga ^bndazvarwa munaMwari.

24 Hongu, uye kubvira panguva iyoyo kana kusvika zvino, ndinoshanda ndisingamire, kuti ndiunze mweya mukutendeuka; kuti zvimwe "vangarairewo rufaro rwukuru rwandakanzwa ini; kuti naivowo vazvarwe munaMwari, uye ^bvagozadzwa neMweya Mutsvene.

25 Hongu, uye zvino tarisai, mwana wangu, Ishe vanondipa mufaro mukuru mumichero yekushanda kwangu;

26 Nokuti pamusoro "peshoko ravakandipa, tarisai, vazhinji vakazvarwa muna Mwari, uye vakaraira zvandakaraira, uye vakaona vakatarisana nezvandakaona; naizvozvo vanoziva nezvezvinhu zvandataura, sekuziva kwandinoita; uye ruzivo rwandiinarwo nderwaMwari.

27 Uye ndakatsigirwa mukuedzwa nematambudziko erudzi rwose, hongu, uye nemukurwadziwa kwose, hongu, Mwari vakandibvisa mutirongo, ne-

18a NEMAMWE MAZWI mukusuwa kwakanyanyisa.
b 2 Ni. 9:45; 28:22;
Aruma 12:11;
Mos. 7:26.

19a NKM Mhosva, Kuva ne.

20a NKM Rufaro.
22a 1 Ni. 1:8.
23a Mos. 1:10.

b Aruma 5:14.
NKM Kuberekwa naMwari,

Kuberekwa Patsva.

24a 1 Ni. 8:12;
Mosaya 4:11.

b 2 Ni. 32:5;
3 Ni. 9:20.

NKM Mweya Mutsvene.

26a Aruma 31:5.

mumajoto, nemurufu; hongu, uye ndinoisa ruvimbo rwangu mavari, uye vanondibvisa “nokundiburitsa.

28 Uye ndinoziva kuti “vachandisimudza musi wekupezdisira, kuti ndigare navo ^bmukubwinya; hongu, uye ndichavarumbidza nariini, nokuti ^cvakaburitsa madzibaba edu munyika yeEgipita, uye vakamedzesa ^dmaEgipita neGungwa Dzvuku; uye vakavatungamirira nesimba ravo kuenda kunyika yavakavimbiswa; hongu, uye vaivabvisa muusungwa nehutapwa nguva nenguva.

29 Hongu, uye akabvisawo madzibaba edu munyika yeJerusarema; uye vakavabvisa, pamusana pesimba ravo “risingaperi, muusungwa nemuhutapwa, nguva nenguva kana kusvika nhasi uno; uye ndinogara ndakayeuka kuiswa kwavo muhusungwa; hongu, uye kana nemiwo makafanira kuyeuka, sezvandaita, utapwa hwavo.

30 Asi tarisai, mwana’ngu, izvi hazvizizvo zvose; nokuti wakafanira kuziva sezvandinoziva, kuti “kana uchichengetedza mirairo yaMwari uchabudirira munyika; uye wakafanira kuzivawo, kuti kana usingateerere mirairo yaMwari uchabviswa pamberi pavo. Zvino izvi zviri maererano neshoko ravo.

CHITSAUKO 37

Mahwendefa endarira nemamwe magwaro matsvene anochengetedzwa kuti aunze mweya kuruponeso—MaJaredhi akaparadzwa pamusoro pekuiipa kwavo—Mhiko dzavo dzakavandika nezvibvumirano hazvifanire kuzivikanwa nevamhu—Ranganai naIshe mukuita kwenyu kwose—Sekutungamirwa kwakaitwa maNifai neRiahona, saka neshoko raKristu rinotungamira vanhu kuupenyu hwokusisingaperi. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino mwanakomana wangu Hiramani, ndinokuti utore “zvinyorwa ^bzvandakapiwa kuti ndichengete;

2 Uye ndinokutiwo uchengete zvinyorwa zvevanhu ava, sekuita kwandakaita ini, pamahwendefa aNifai, uye wochengetedza zvose zvinhu izvi wakazviesera zvandakachengeta, kana sekuchengeta kwandakazviita; nokuti pane chikonzero “chakanaka chekuti zvichengetedzwe.

3 Uye aya “mahwendefa endarira, ane zvinyorwa izvi, ane zvinyorwa zve magwaro matsvene paari, ane nhorondo yekuberekwa kwemadzibaba edu, kana kubvira pakutanga—

4 Tarisai, zvakaporofitwa namadzibaba edu, kuti zvichengetwe uye zvikotswe zvichipiwa

27a Mpi. 34:17.

28a 3 Ni. 15:1.

b NKM Kubwinya.

c Eks. 12:51.

d Eks. 14:26–27.

29a Mosaya 24:17; 27:16;

Aruma 5:5–6.

30a 2 Ni. 1:9–11;

Aruma 50:19–22.

37 1a Aruma 45:2–8.

b Mosaya 28:20.

2a Eno. 1:13–18;

Mazwi 1:6–11;

Aruma 37:9–12.

3a 1 Ni. 5:10–19.

NKM Mahwendefa
eNdarira.

kuchizvarwa nechizvarwa, uye zvigochengetedzwa nokukotswa neruoko rwaIshe kusvika panguva yazvichaenda kumarudzi ose, hama, ndimi, nevahu, kuti vagoziva “zvakavanzika zvirimo.

5 Uye zvino tarisai, kana zvichachengetedzwa zvakafanira kuramba zviine kupenya kwazvo; hongu, uye zvicharamba zviine kupenya kwazvo; hongu, uye kana ose mahwendefa ane zvinyorwa zvitsvene.

6 Zvino ungapunge kuti “kushaya maturo kwangu; asi tarisai ndinoti kwauri, muzvinhu ^bzvidiki nezvakareruka ndimo munobva zvinhu zvikuru; uye zvinhu zvidiki kazhinji ndizvo zvinovhiringidza zvikuru zvachajera.

7 Uye Ishe Mwari vanoshandisa “zvinhu kuti vaite mabasa avo makuru okusingaperi; uye nezvinhu ^bzvidiki Ishe vanonyadzisa vachenjeri uye vachiunza mweya mizhinji muruponeso.

8 Uye zvino, kubvira riini kwange kuri kungwara kwaMwari kuti zvinhu izvi zvichengetedzwe; nokuti tarisai, “zvakuudza ndangariro dzevanhu, hongu, vakapwisa vazhinji pamusoro pekukanganisika kwenzira dzavo, uye vakaunzwa mukuziva Mwari vavo nokuponeswa kwemweya yavo.

9 Hongu, ndinoti kwamuri, “dai pasina zvinhu izvi zvirimo

muzvinyorwa izvi, zvirimo pama-hwendefa aya, Amoni nehama dzake havangadai vakakwanisa ^bkupwisa zviuru zvakanwanda kudayi zvemaRamani pamusoro pekukanganisika kwetsika dzemadzibaba avo; hongu, zvinyorwa izvi ‘nemazwi azvo zvakanwanda kuti vatendeuke, zvinoreva kuti, zvakanwanda kuti vave neruzivo rwaIshe Mwari vavo, uye nokuti vafare muna-Jesu Kristu Mununuri wavo.

10 Ko ndiani angazvize zvimwe zvingangoita kuti zviuru zvakanwanda zvavo zviuye, hongu, uye nezviuru zvakanwanda zvehama dzedu dzakaoma mitsipa, maNifai, avo vari kuomesa mwoyo yavo muzvitema uye nemuzvitadzo, kuti vasvike mukuziva Mununuri wavo?

11 Zvino zvakanwanda izvi hazvisati zvaziviswa kwandiri zvakanwanda; nokudaro ndombomira ndakadaro.

12 Uye zvingakwane kana ndikangoti zvachachengeterwa basa rakanaka, basa iri richizivikanwa kuna Mwari; nokuti “vanoraira neungwaru mumbasa avo ose, uye nzira dzavo dzakatwasanuka, uye nzira yavo yokusingaperi ^binogara yakadaro.

13 Rangarira, rangarira, mwana komana wangu Hiramani, kuti mirairo yaMwari “yakoma zvakanwanda sei. Uye vakati: ^bKana mukachengeta mirairo

4a NKM Zvakavandika zvaMwari.

6a I VaKori. 2:14.

b 1 Ni. 16:28-29;

D&Z 64:33; 123:15-17.

7a Isa. 55:8-9.

b II Madz. 5:1-14.

8a II Tim. 3:15-17;

Mosaya 1:3-5.

9a Mosaya 1:5.

b Aruma 18:36; 22:12.

c NKM Vhangeri.

12a 2 Ni. 9:28; Jak. 4:10.

b 1 Ni. 10:19;

Aruma 7:20.

13a 2 Ni. 9:41.

b Aruma 9:13;

3 Ni. 5:22.

yangu ‘muchabudirira munyika—asi kana musingachengete mirau yake muchabviswa pamberi pake.

14 Uye zvino rangarira, mwanakomana wangu, kuti Mwari “vavimba newe muzvinhu izvi, zviru zvinhu zvinoera, zvavakachengetedza ^bzvichiera, uye wo zviru zvavachachengetedza nokuzvikotsa kuitira basa ravo ‘rakachenjera, kuti vagoratidza simba ravo kuzvizvarwa zvamangwana.

15 Uye zvino tarisai, ndinokutaurira nemweya wechiprofita, kuti kana ukatyora mirairo yaMwari, tarisai, zvinhu izvi zvinoera zvichabviswa kwauri nesimba raMwari, uye iwe uchaendeswa kuna Satani, kuti agokuurutsa sekunge ari kuurutsa makoto nemhepo.

16 Asi ukachengetedza mirairo yaMwari, ukaita nezvinhu zvinoera izvi maererano nezvaturwa naIshe kuti uite, (nokuti wakafanira kukumbira kuna Ishe pane zvose zvaunoda kuita nazvo) tarisai, hakuna simba renyika kana regehena “ringazvibvute kwauri, nokuti Mwari vane simba rekuzadzikisa mazwi avo ose.

17 Nokuti vachazadzikisa zvimbiso zvavo zvose zvavachaita kwauri, nokuti vakazadzikisa zvavakavimbisa madzibaba edu.

18 Nokuti vakavavimbisa kuti “vachachengetedza zvinhu izvi

nokuti zvine basa kwavari, kuti vagoratidza simba ravo kumarudzi amangwana.

19 Uye zvino tarisai, basa rimwechete varizadzikisa, kana nokudzorera zviuru “zvizhinji zvemaRamani mukuziva chokwadi; uye vakaratidza simba ravo mavari, uye vacharatidza zve simba ravo mavari nemuzvizvarwa ^bzvamangwana; naizvozvo vachachengetedzwa.

20 Naizvozvo ndinokuudza, mwanakomana wangu Hiramani, kuti simba mukuzadzikisa mazwi angu ose, uye usimbewo mukuchengeta mirairo yaMwari sekunyorwa kwayakaitwa.

21 Uye zvino, ndichataura newe pamusoro pemahwendefa “makumi maviri nemana aya, kuti uachengete, kuti zvakavandika nemabasa erima, nemabasa emuruvande, kana mabasa ^bemuruvande evanhu avo vakaparadzwa, aiswe pachena kuvanhu ava; hongu, kwose kuponda kwavo, nokupamba, nokuparadza kwavo, nokuipa noruvengo rwavo, kuti kuiswe pachena kuvanhu ava; hongu, uye nokuti iwe uchengetedze “zvidudziriso izvi.

22 Nokuti tarisai, Ishe vakaona kuti vanhu vavo vave kutanga kushanda murima, hongu, kushanda mukuponda muruvande noruvengo rwakavanzwa; naizvozvo Ishe vakati, kana vasina kutendeuka vachapara-

13c Mosaya 1:7;
Aruma 50:20.

14a D&Z 3:5.
^b NKM Mutsvene.
^c 1 Ni. 9:3–6.

16a Nh—JS 1:59.

18a D&Z 5:9.

19a Aruma 23:5.

^b Eno. 1:13;
Morm. 7:8–10.

21a Eta 1:1–5.

^b NKM Huranganwa
hwemuruvande.

^c NKM Urimi neTumimi.

dzwa vakabviswa pamusoro penyika.

23 Uye Ishe vakati: Ndichagadzirira muranda wangu Gaziremu, “dombo, richapenya murima kunge mwenje, kuti ndiratidze vanhu wangu vanondishandira, kuti ndivaratidze mabasa ehama dzavo, hongu, mabasa avo emuruvande, mabasa avo erima, nokuipa noruvengo rwavo.

24 Uye zvino mwanakomana wangu, zvidudziriso izvi zvakagadzirwa kuti shoko raMwari rizadzikiswe, ravakatura, vachiti:

25 “Ndichaburitsa murima ndichiisa muchiedza mabasa avo ose emuruvande noruvengo rwavo; uye kunze kwokunge vatendeuka ^bndichavaparadza nokuvabvisa pamusoro penyika; uye ndichaisa pachena zvose zvakavandika zvavo noruvengo rwavo, kurudzi rwose rwuchagara munyika ino.

26 Uye zvino, mwanakomana wangu, tinoona kuti havana kutendeuka; naizvozvo vakaparadzwa, uye nokudaro shoko raMwari rakazadzikiswa; hongu, ruvengo rwavo rwakavanda rwakabviswa murima kukaitwa kuti isu tirwuzive.

27 Uye zvino, mwanakomana wangu, ndinokutaurira kuti utore mhiko dzavo dzose, nezvitenderano zvavo, nezvibvumirano zvavo mukuipa kwavo kwakavandika; hongu, “nezviratidzo zvavo neminana yavo

uchazvivanza kuvanhu ava, kuti vasazvizive, nokuti mumwe musu vangawirewo murima vakaparadzwa.

28 Nokuti tarisai, nyika ino yose “yakatukwa, kuti kuparadzwa kuchauya kune avo vose vashandi verima, maererano nesimba raMwari, kana vanyatsobva; naizvozvo handidi kuti vanhu ava vaparadzwe.

29 Naizvozvo uchachengeta zvirongwa zvemuruvande “zvemhiko dzavo nezvibvumirano zvavo usingazvitaurire vanhu ava, uye zveruvengo rwavo nekuponda kwavo nezvekuipa kwavo ndizvo chete zvauchavaita kuti vazive; uye uchavadzidzisa ^bkusema uipi hwakadaro neruvengo rwakadaro nokuponda kwakadaro; uye uchavadzidzisawo kuti vanhu ava vakaparadzwa nepamusana pekuipa noruvengo rwavo nekuponda kwavo.

30 Nokuti tarisai, vakaponda vose vaporofita vaIshe vaiuya mavari kuzovataurira pamusoro pezvitadzo zvavo; uye ropa reavo vavakaponda rakachema kuna Ishe Mwari vavo kuti vadzorere avo vakanga vavauraya; uye saka kutonga kwaMwari kwakauya pamusoro peava vashandi verima nezvikwata zvemuruvande.

31 Hongu, uye yakatukwa iyo nyika nariini nariini ine vashandi verima nezvikwata zvemuruvande, kana kusvika mukuparadzwa, kunze kwe-

23a Mosaya 8:13.

25a D&Z 88:108–110.

^b Mosaya 21:26.

27a Hir. 6:22.

28a Aruma 45:16;

Eta 2:7–12.

29a Hir. 6:25.

^b Aruma 13:12.

kunge vatotendeuka vasati vandingindira.

32 Uye zvino, mwanakomana wangu, rangarira mazwi andataura kwauri; usataurire zviye zvirongwa zvemuruvande kuvanhu ava, asi vadzidzise “ruvengo rwusingaperi rwechitema nekutadza.

33 “Vaparidzire rutendeuko, nerutendo munaIshe Jesu Kristu; vadzidzise kuzvirereka nekuve ^bvakapfava nokuzviredza mu-mwoyo; vadzidzise kukunda chose ‘chiedzo chadhiabhorosi, nerutendo rwavo munaIshe Jesu Kristu.

34 Vadzidzise kuti vasamboneta kuita basa rakanaka, asi kuti vapfave nekuzviredza mu-mwoyo; nokuti ivavo vachawana ^azororo remweya yavo.

35 Rangarira, mwanakomana wangu, uye udzidze “ungwaru muujaya hwako; hongu, dzidza muujaya hwako kuchengeta mirairo yaMwari.

36 Hongu, uye ^achemera kuna Mwari kutsigirwa kwako kwose; hongu, ita kuita kwako kwose kuve muna Ishe, uye kana kwose kwaunoenda ita kuti kuve muna Ishe; hongu, ita kuti pfungwa dzako dzose dziende kuna Ishe; hongu, ita kuti rudo rwemwoyo wako rwuiswe muna Ishe nariini.

37 ^aRangana naIshe mune zvose zvaunoita, uye anokutungamirira kune zvakanaka;

hongu, kana wave kurara mauro rara uri munalshe, kuti akuchengete mukurara kwako; uye paunomuka mangwanani mwoyo wako ngaue wakazadzwa ^bnekutenda kuna Mwari; uye kana ukaita zvinhu izvi, uchasimudzwa musi wekupedzisira.

38 Uye zvino, mwanakomana wangu, ndine zvimwe zvandinoda kutaura pamusoro pechimwe chinhu chinodaidzwa navanababa vedu kuti bhora, kana kuti munongedzo—kana kuti madzibaba edu aichiti, “Riahona, kana zvadudzirwa zvinoreva kuti, chinongedzo; uye Ishe ndivo vakachigadzira.

39 Uye tarisai, hakuna munhu angakwanisa kuita basa rine umhizha hunoshamisa kudaro. Uye tarisa, chakagadzirirwa kuti chigoratidza madzibaba edu gwara rokutevedza mukufamba kwavo murenje.

40 Uye chakavashandira mae-rerano ^anerutendo rwavo muna Mwari; naizvozvo, kana vaka-nga vaine rutendo rwekudaira kuti Mwari vaikwanisa kuita kuti maoko acho anongedzere nzira yavaifanira kuenda nayo, tarisai, ndizvo zvaitika; naizvozvo vakanga vaine chishamiso ichi, nezvimwewo zvishamiso zvizhinji zvaitwa nesimba ra Mwari, zuva nezuva.

41 Zvisinei, nenzira yekuti zvishamiso izvi zvaitwa nezvinhu ^azvidiki zvakavaratidza mabasa

32a 2 Ni. 4:31.

33a NKM Paridza.

b NKM Akapfava.

c NKM Chiedzo.

34a Mpi. 37:4-7;

Mat. 11:28-30.

35a NKM Ungwaru.

36a NKM Munamato.

37a Jak. 4:10;

D&Z 3:4.

b D&Z 46:32.

38a 1 Ni. 16:10; 18:12;

D&Z 17:1.

40a 1 Ni. 16:28.

41a Aruma 37:6-7.

anoshamisa. Vakaita nungo, uye vakakanganwa kuita mabasa erutendo nesimba ravo uye saka mabasa anoshamisa aya haana kuzoitika, uye ivo vakatadza kufambira mberi nerwendo rwavo.

42 Naizvozvo, vakagara murenje, kana kuti havana kufamba negwara rakati swatu, uye vakanetswa nenzara nenyota, pamusana pezvitadzo zvavo.

43 Uye zvino, mwanakomana wangu, ndinoda kuti unzwisisse kuti zvinhu hazvizi zvinhu zvisina mifananidzo; sezvo madzibaba edu akaita nungo dzekuteerera chinongedzo ichi (zvino zvinhu izvi zvaingove zvechinguvana) havana kukwanisa kubudirira; kana saizvozvo ndizvo zvakaita zvinhu zvemweya.

44 Nokuti tarisai, zviri nyore kuteerera “shoko raKristu, iro rinokunongedzera gwara rakatwasanuka rinoenda kurufaro rwokusingaperi, sezvazvakanga zvakaita kumadzibaba edu kuti vateerere chinongedzo ichi, icho chaivanongedzera gwara rakatwasuka rekuenda kunyika yechipikirwa.

45 Uye zvino ndinoti, ko hamauna chiratidzo here muchinhu ichi? Nokuti chokwadi sezvo munongedzo uyu waiunza vababa vedu kunyika yechitsidzo, nekutevedza gwara racho, nemazwi aKristu, kana tikaatevedza negwara rawo, achatitakura kuti tibve muopenyu huno

hwekusuwa tichipinda munyika yechipikirwa yakanaka.

46 Iwe mwanakomana wangu, usatirege tichiita “nungo pamusoro pekureruka ^bkwenzira yacho; nokuti ndizvo zvazvakange zvakaita nemadzibaba edu; ndiko kusaka chakanga chakagadzirirwa ivo, kuti kana vakachitarisa ‘vanopona; kana zvino ndizvo zvazviri kwatiri. Nzira yakagadzirwa, uye kana tikatarisa tichagara nekusingaperi.

47 Uye zvino, mwanakomana wangu, ona kuti wachengetedza zvinhu zvinoera izvi, hongu, ona kuti unotarisa kuna Mwari kuti upone. Enda kuvanhu ava uye unotaura shoko, uye iva wakatsiga Mwanakomana wangu, chisara.

Mirairo yaAruma kumwanakomana wake Shibhuroni.

Zvichisanganisa chitsauko 38.

CHITSAUKO 38

Shibhuroni akanetswa pamusana pekururama — Ruponeso rwurimuna Kristu, anove ndiye upenyu nechiedza cheniyika — Tsigisa pfungwa dzako. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

MWANAKOMANA wangu, teeresa mazwi angu, nokuti ndinoti kwauri, kana sezvandakataura kunaHiramani, kuti kana muri

44a Mpi. 119:105;
1 Ni. 11:25;
Hir. 3:29–30.

46a 1 Ni. 17:40–41.
b Joh. 14:5–6;
2 Ni. 9:41; 31:17–21;

D&Z 132:22, 25.
c Joh. 11:25; Hir. 8:15;
3 Ni. 15:9.

munochengeta mirairo yaMwari muchabudirira munyika; uye kana muri musingachengete mirau yaMwari muchabviswa pamberi pake.

2 Uye zvino mwanakomana wangu, ndinovimba kuti ndichawana mufaro mukuru mauri iwe, nenzira yekutsiga kwako nokutendeka kwako kunaMwari; sezvo watangisa uri jaya kutarisa kuna Ishe Mwari vako, naizvozvo ndinovimba kuti “ucharamba uchichengeta mirairo yavo; nokuti akakomborewa uyo ^banoshingirira kusvika kumagamo.

3 Ndinoti kwauri mwanakomana wangu, ndakatofadzwa newe zvikuru kare, nenzira yekuvimbika kwako nekusimba kwako, uye kutsiga kwako nekushivirira kwako mukati mevahu “vaZoramu.

4 Nokuti ndinoziva kuti wakanga uri muusungwa; hongu, uye ndinozivawo kuti wakatemwa nemabwe uchitemerwa shoko; uye “ukatirira zvole zvinhu izvi nokupfava nokuti Ishe vakanga ^bvainewe; uye zvino wave kuziva kuti wakaponeswa naIshe.

5 Uye zvino mwanakomana wangu, Shibhuroni, ndinoda kuti urangarire, kuti kana uchii-sa “ruvimbo rwako munaMwari

kana naizvozvo ^buchabviswa mukuedzwa kwako, nenhamo dzako, ‘nematambudziko ako, uye ugosimudzwa nomusi wezuva rekupedzisira.

6 Zvino mwanakomana wangu, handidi kuti ufunge kuti zvinhu izvi ndinozviziva nenjere dzangu, asi Mweya waMwari uri mandiri unoita kuti ndizive zvinhu izvi; nokuti dai ndisina “kuzvarwa munaMwari handaiziva zvinhu izvi.

7 Asi tarisai, Ishe netsitsi dzavo huru vakatumira “ngirozi yavo kuti izotaura kwandiri kuti ndiregere basa ^brekuparadza pakati pevanhu vavo; hongu, uye ndakaona ngirozi tikatarisana, uye ikataura neni, uye izwi rake raiita semabhanan’ana, uye rikazunza nyika yose.

8 Uye zvakaikita kuti kwemazuva matatu neusiku hutatu ndakanga ndiri mukurwadziwa mumweya zvisingataurike; uye handina chandakawana, kudakara ndachema kuna Ishe Jesu Kristu kuti ndiitirwe tsitsi, ndokubva “ndaregererwa zvitadzo zvangu. Asi tarisai, ndakachema kwavari uye ndikawana runyararo mumweya wangu.

9 Uye zvino, mwanakomana wangu, ndakutaurira izvi kuti udzidze ungaru, kuti udzidze kwandiri kuti “hakuna zvimwe

38 2a Aruma 63:1-2.

b 2 Ni. 31:15-20;

3 Ni. 15:9; 27:6,
16-17.

3a Aruma 31:7.

4a NKM Mwoyo
Murefu.

b VaR. 8:35-39.

5a Aruma 36:27.

NKM Vimba.

b Mat. 11:28-30.

c D&Z 3:8; 121:7-8.

6a Aruma 36:26;

D&Z 5:16.

NKM Kuberekwa
naMwari,

Kuberekwa Patsva.

7a Mosaya 27:11-17.

b Aruma 26:17-18;
36:6-11.

8a NKM Kuregererwa
kweZvitadzo.

9a Hir. 5:9.

kana nzira inoita kuti munhu apone, chete nemuna Kristu. Tarisai, ndiye upenyu ^bnechiedza chenyika. Tarisai, ndiye shoko rechokwadi nekururama.

10 Uye zvino, zvawatangisa kudzidzisa shoko ndinoti chiramba uchidzidzisa; uye ini ndinoti dai wave nesimba nekuzvibata muzvinhu zvose.

11 Ona kuti hausimudzwe ukave une rudado; hongu, ona kuti ^ahauzvikuze nokuchenjera kwako, kana nesimba rako rakawanda.

12 Shandisa kusatya, asi usadzvinyirire; uye ona kuti wakovibata muzvinhu zvose, kuti uzadzwe nerudo; ona kuti hauite zvenungo.

13 Usanamate sezvinoita maZoramu, nokuti wakatowona kuti vanonamata kuti vaonekwe nokunzwikwa nevanhu, nekuti vagorumbidzwa neungwaru hwavo.

14 Usazoti: Mwari, ndinokutendai nokuti tiri ^anani pane hama dzedu; asi kuti uti: Ishe, ndiregererei ^bmukusakodzera kwangu, uye murangarire hama dzangu netsitsi—hongu, bvuma kuti hauna kukodzera pamberi paMwari nguva dzose.

15 Uye Ishe ngavaropafadze mweya wako, vagokugashira nezuva rekupedzisira muumambo hwavo, kuti ugare murunyararo. Zvino enda, mwanakomana wangu, unodzidzisa shoko kuvanhu ava. Zvibate. Mwanakomana wangu, chisara.

Mirairo yaAruma kumwako-mana wake Koriandoni.

*Zvichisanganisa zvitsauko
39 kusvika ku42.*

CHITSAUKO 39

Chivi cheupombwe chinhu cha-kaipisisa—Zvivi zvaKoriandoni zvakaita kuti vanhu vamaZoramu vasagamuchire shoko—Rununuro rwaKristu rwunoshandanda kune avo vanokutenda vakarwutangira. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino, mwanakomana wangu, ndine zvimwe zvakawanda zvandinoda kutaura kwauri zvandisina kutaura kuvakoma vako; nokuti tarisai, hauna kucherechedza here kuzvibata kwomukoma wako, kutendeseka kwake, nekusimba kwake mukuchengeta mirairo yaMwari? Tarisai, haana kuratidza muenzaniso wakanaka here kwauri?

2 Nokuti hauna kunyatsoteerereso kumazwi angu sokuteerera kwakaita mukoma wako, pakati pavanhu ^avamaZoramu. Zvino izvi ndizvo zvandinopokana nazvo newe; iwe wakaenda uchizvikudza nesimba nounwaru hwako.

3 Uye hazvisizvo zvose izvi, mwanakomana wangu. Wakaita zvinhu zvinonditsamwisa; nokuti wakasiya hushumiri, ukaenda kunyika yeSironi mukati mavanhu vamaRamani, uchitevera ^apfambi iya Izabheri.

9b Mosaya 16:9.
11a NKM Kudada.

14a Aruma 31:16.
b Ruka 18:10–14.

39 2a Aruma 38:3.
3a NKM Kufadza Nyama.

4 Hongu, “akatora mwoyo yevazhinji; asi hazvizizvo zvingaite kuti ushaye mhosva, mwanakomana wangu. Ungadai wakaramba uchiita hushumiri hwawakanga wapiwa.

5 Hauzive here, mwanakomana wangu, kuti zvinhu “izvi zvaikaipa pamberi paIshe, hongu, chinhu chakaipisisa kudarika zvose zvazvo kunze kwokudeura ropa rousina mhosva kana kuramba Mweya Mutsvene?

6 Nokuti tarisai, kana “ukaramba Mweya Mutsvene wakambenge une nzvimbo mauri, iwe uchiziva kuti uri kuuramba, tarisai, ichi chivi ^bchisingaregererwi, hongu, uyo anouraya pamberi pechiedza noruzivo rwaMwari, hazvizove nyore kuti agamuchire ^cruregerero; hongu, ndinoti kwauri, mwanakomana wangu, hazvizinyore kuti agamuchire ruregerero.

7 Uye zvino, mwanakomana wangu, ndinoti kuna Mwari dai wakanga usina kuita “mhosva yakaipa kudai. Handaitaura nezvemhosva dzako, kuti ndiparadze mweya wako, dai zvisiri zvinoyamura iwe.

8 Asi tarisai, haungavige mhosva dzako kuna Mwari, zve kunze kwokunge watenduka dzinozomira dzichipupura pamberi pako pazuva rokupezdisira.

9 Zvino mwanakomana wangu, ndingade kuti utendeuke urege

zvivi zvako, usingadzokere “mukuchiva kwemaziso ako, asi ^bzvibvise iwe muzvinhu zvose izvi; nokuti kunze kwokudaro haungazopindi muumambo hwaMwari. Rangarira, uzvitore pauri, uzvibvise pachako muzvinhu izvi.

10 Uye ndinokuraira kuti urangane nevakoma vako pazvinhu zvaunoita; nokuti tarisai, uchiri mudiki, unofanira kuti umbodzidziswa nevakoma vako. Uye uteerere kune zvavanokuraira.

11 Usabvume iwe kuti unyengedzwe nechinhu chisina maturo; usabvume kuti dhiabhorosi atungamirire mwoyo wako kune pfambi dziya dzakaipa. Tarisai, mwanakomana wangu, waunza kuipa kwakakura sei “kumaZoram; nokuti zvavakona ^bkuita kwako havana kutotenda kumazwi angu.

12 Uye zvino Mweya waIshe uri kuti kwandiri: “Raira vana vako kuti vaite zvakanaka, nokuti vangazotungamirira mwoyo yavanhu vakawanda mukuparadzwa; zvino ndinokuraira, mwanakomana wangu, mukutya Mwari, kuti ubve mune zvakaipa zvako.

13 Kuti utendeukire kuna Ishe nepfungwa dzako dzose, chido, nesimba rako rose; kuti usazotungamirira mwoyo yevamwe zve mukuita zvakaipa; asi kuti udzokere kwavari, “ugobvuma

4a Zir. 7:6–27.

5a NKM Kusazvibata nehupombwe.

6a D&Z 76:35–36.

b NKM Chitadzo

Chisingaregererwe.

c D&Z 64:10.

NKM Regerera.

7a NKM Mhosva, Kuva ne.

9a NKM Zvenyama.

b 3 Ni. 12:30.

11a Aruma 35:2–14.

b VaR. 2:21–23; 14:13; Aruma 4:11.

12a NKM Mirairo yaMwari; Dzidzisa.

13a Mosaya 27:34–35.

kutadza kwako nokukanganisa kwawakaita.

14 Usave “unotsvaga upfumi kana zvinhu zvisina maturo zvenyika ino nokuti tarisai, hau-zvitakure.

15 Uye zvino, mwanakomana wangu, ndinotaura zvimwewo maererano nokuuya kwa-Kristu. Tarisai, ndinoti kwauri, zvechokwadi ndiye achauya kuzobvisa zvitadzo zvenyika; hongu, anouya kuzotaura mashoko anofadza noruponeso kuvanhu vake.

16 Uye zvino, mwanakomana wangu, uwu ndiwo hupirisita hwawakanga wakadaidzirwa, kuti utaure mashoko anofadza aya kuvanhu ava, kuti vagadzirire pfungwa dzavo; kana kuti ruponeso rwuuye kwavari, kuti vagogadzira pfungwa “dzevana vavo kuti vagonzwa shoko iri panguva yokuuya kwake.

17 Uye zvino ndichanyevenutsa pfungwa dzako kuzvinhu izvi. Tarisai, unoshamiswa kuti sei zvinhu izvi zvichifanira kuzivikanwa nguva yacho isati yasvika. Tarisai, ndinoti kwauri, ko mweya panguva ino haukoshe here kuna Mwari somweya unenge uri panguva yokuuya kwake?

18 Hazvifanire here kuti hurongwa hwenunuro huve hunozivi kanwa kuvanhu ava uye nokune vana vavo?

19 Ko haisi nyore here pane nguva ino kuti Ishe vatumire

ngirozi yavo kuti itaure mashoko anofadza kwatiri nokune vana vedu, kana sekuve shure kwenguva yokuuya kwavo?

CHITSAUKO 40

Kristu anoita kuti kuve nekumuka kwevakafa kuvanhu vose—Vakafa vatsvene vanoenda kuparadiso, vakaipa vanoenda kurima riri kunze kuti vamirire zuva ravo rokumutswa—Zvinhu zvose zvichadzorerwa pazvakanga zviripanguva yoKumutswa kuvakafa. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

ZVINO mwanakomana wangu, izvi zvimwe zvakawanda zvanandinokutaurira; nokuti ndaona kuti pfungwa dzako dziri kune tseka pamusana pokumutswa kwavakafa.

2 Tarisai, ndinoti kwauri, hakuna kumutswa—kana kuti, ndingati, namamwe mazwi, muviri uno unofa haungafuke “kusafa, kuipa uku^bhakungafuke kusaipa—^ckusvikira kuuya kwaKristu.

3 Tarisai, anounza “kumutswa kwavakafa. Asi tarisai, mwanakomana wangu, kumutswa hakusati kwavapo. Zvino, ndichaburitsa kwauri zvishamiso; zvisinei, kune^bzvishamiso zvakawanda^czvinovanzwa, zvokuti hakuna munhu anozviziva kunze kwaMwari vega. Asi ndinokuratidza chinhu chimwe-

14a Mat. 6:25–34;
Jak. 2:18–19;
D&Z 6:6–7; 68:31–32.
16a NKM Mhuri—
Mabasa evabereki.

40 2a Mosaya 16:10–13.
NKM Asingafe.
b I VaKori. 15:53–54.
c I VaKori. 15:20.
3a NKM Kumuka

Kuvakafa.
b NKM Zvakavandika
zvaMwari.
c D&Z 25:4; 124:41.

chete chandakakumbira kuna Mwari nesimba kuti ndizive— chinove pamusoro pokumutswa kuvakafa.

4 Tarisai, pane nguva yakatarwa kunzi munhu wose “achamuka kuvakafa. Zvino nguva iyi ichauya riini hakuna anoziwa; asi Mwari vanoziwa nguva yakatarwa.

5 Zvino, kuti kuchava nenguva yokutanga, kana “yechipiri, kana yechitatu, apo vanhu vachamuka kuvafi, hazvinei; nokuti Mwari ^bvanozviziva zvole; uye zvakakwana kuti ndizive kuti aya ndiwo mamiriro acho— kuti pane nguva yakatarwa apo vole vachamutswa kuvakafa.

6 Zvino panofanira kunge pane nguva pakati pokufa nokumutswa.

7 Uye zvino ndinoda kuziva zvinoitika “kumweya yevanhu vole kubva panguva yorufu kusvikira nguva yakatarwa yokumutswa?

8 Zvino kuti kune nguva dzinopfura imwechete dzokumutswa kwavanhu hazvina mhosva; nokuti vole havafi pamwechete, uye izvi hazvina mhosva; zvole zvakangoita sezuva rimwechete kuna Mwari, nguva inoerwa chete kuvanhu.

9 Naizvozvo, pane nguva yakatarwa kuvanhu apo vachamutswa muvafi; uye pane

nguva pakati porufu nokumutswa. Uye zvino maererano nenguva iyi, chinoitika kumweya yavanhu vakamirira kumuka ndicho chandaka kumbira Ishe nesimba kuti ndizive; uye ichi ndichochinhu chandinoziva.

10 Uye kana nguva yavvika apo vole vachamutswa, zvino vachazovisa kuti Mwari vanoziwa “nguva dzose dzakatarirwa munhu.

11 Zvino, maererano nekuti mweya unenge wakaita sei pakati penguva “yaunofa nenguva yaunozomutswa—Tarisai, zvakaizivisa kwandiri nomutumwa, kuti mweya yavanhu vole, shure kwokunge yasiya muviri uno, hongu, mweya yavanhu vole, yakanaka kana yakaipa, inotorwa yoenda ^bkumusha kuna Mwari ivavo vakavapa upenyu.

12 Uye ipapo zvichaitika kuti nguva ichasvika, yekuti mweya yaavo vakarurama igamuchirwe “mukufara, munzvimbo inodaidzwa kuti ^bparadiso, ^cmukuzorora, ^dmurunyararo, apo vachazorora kubva kumatambudziko avo ose, nomukusuwa.

13 Uye zvichaitika, kuti mweya yevakaipa, hongu, avo vakaipisisa—nokuti tarisai, havana chidiki zvacho cheMweya waIshe; nokuti tarisai, vakasarudza mabasa akaipa pane akanaka;

4a Joh. 5:28–29.

5a Mosaya 26:24–25;

D&Z 43:18; 76:85.

^b NKM Mwari, Musoro hwehuMwari.

7a Aruma 40:21;

D&Z 138.

NKM Mweya (Mweya neMuviri).

10a Mabasa 17:26.

11a Ruka 16:22–26;

I Pet. 3:18–19; 4:6;

D&Z 76:71–74; 138.

^b Mpa. 12:7;

2 Ni. 9:38.

12a NKM Rufaro.

^b NKM Paradiso.

^c NKM Zororo.

^d D&Z 45:46.

NKM Runyararo.

naizvozvo mweya wadhiabhorosi wakapinda mavari, ukatora imba yavo— uye ava vachakan-dwa “kurima rokunze; kucha-va ^bnokuchema, nokuyaura, nokugeda-geda kwameno, uku kuri kuda kwokuipa kwavo, no-kuva vanotungamirirwa muu-randa nokuda kwadhiabhorosi.

14 Zvino izvi ndizvo zvinenge zvakaita mweya “yakaipa, hon-gu, murima, munguva yakai-pisisa, ^bnokutya hashu huru dzaMwari pavari; saka vachan-ge vari ‘munzvimbo iyi, va-tsvene vanenge vari mupara-diso, kusvikira nguva yavo yokumutswa kuvakafa.

15 Zvino, kuna vamwe vakanzwa kuti nguva iyoyi yorufaro nenguva iyoyo yokusuwa kwe-mweya, tisati tasvika kumu-mutswa, ndiko kumutswa kwo-kutanga. Hongu, ndinobvuma kungangodaidzwa kuti kumu-tswa, kumutswa kwemweya nokuzoiswa kwaunoiwa mu-rufaro kana mukusuwa maere-rano namazwi akataurwa.

16 Uye zvino tarisai, zvakataur-rua zvakare, kuti kune “kumu-tswa ^bkwokutanga, kumutswa kweavo vose vakanga vari, kana vari, kana vachazova, kusvika pakumuka kwaKristu kubva muvafi.

17 Zvino, hatifunge kuti ku-mutswa uku kwokutanga, ku-notaurwa munzira iyi, kungave kumutswa kwomweya “nokue-

ndeswa murufaro kana muku-suwa. Haungafungi kuti izvi ndizvo zvazvinoreva.

18 Tarisai, ndinoti kwauri, Kwete; asi zvinoreva kubatana zvakare kwomweya nomuvi-ri, kweavo kubva mumazuva aAdama kusvika “pakumuka kwaKristu.

19 Zvino, kuti mweya nemiviri yaavo vambotaurwa ichabata-nidzwawo pakarepo, vasaka-rurama nevakarurama, handizi kutaura; ngazvive zvakakwa-na, kuti nditi vose vachamuka; kana kuti namamwe mazwi, kumutswa kwavo kunouya ku-mutswa kweavo vakafa shure kwokumuka kwaKristu “vasati vamutswa.

20 Zvino, mwanakomana wan-gu, handina kuti kumutswa kwavo kunouya pakumuka kwa-Kristu; asi tarisai, ndinongopa sokufungawo kwangu, kuti mweya nomuviri zvichabatana, pautsvene, pakumutswa kwa-Kristu, “nokukwira kwake ku-denga.

21 Asi nyangwe zvikave paku-mutswa kwake kana kuti shure, handitauru; asi izvi ndinotaura, kuti pane “nguva pakati porufu nokumutswa kwomuviri, kuti mweya uri ^bmukufara kana ‘nokusuwa kusvikira nguva ya-katarwa naMwari kuti vakafa vachabuda, vogobatanidzwa, zvakare mweya nomuviri, ^dvo-gounzwa kuti vamire pamberi

13a NKM Gehena.

b Mat. 8:12;

Mosaya 16:2.

14a D&Z 138:20.

b Jak. 6:13; Mos. 7:1.

c Aruma 34:34.

16a NKM Kumuka

Kuvakafa.

b Jak. 4:11;

Mosaya 15:21–23.

17a D&Z 76:17, 32, 50–51.

18a Mat. 27:52–53.

19a Mosaya 15:26.

20a NKM Kukwira.

21a Ruka 23:39–43.

b NKM Paradiso.

c NKM Gehena.

d Aruma 42:23.

paMwari, vogotongwa maererano namabasa avo.

22 Hongu, izvi zvinounza kudzororwa pakare kwezvinhu zvose zvakambotaurwa nemirromo yavaporofita.

23 “Mweya ^buchadzorerwa ‘kumuviri, uye muviri kumweya; hongu, yose nhengo nebvupa rimwe nerimwe richadzorerwa kumuviri waro; hongu, hakuna kana kavhudzi kemusoro kanorasika; asi zvinhu zvose zvizhadzorerwa panzvimbo yazvo chaiyo zvakakwana.

24 Uye zvino mwanakomana wangu, uku ndiko kudzororwa kwezvinhu “kwaitaurwa nemirromo yamaporofita—

25 Uye zvino avo vatsvene vachazopenya muumambo hwaMwari.

26 Asi tarisai, “kufa kunorwadza kunouya pane vakaipa; nokuti vanofa pazvinhu zvirimaererano neutsvene; nokuti havana kuchena, uye hakuna ^bchinhu chine tsvina chingagare nhaka yomambo hwaMwari; asi vanorasirwa kunze, uye vanotumirwa kunodya michero yamabasa avo, anga akaipa; vanonwa mabvondwe emukombe unovava.

CHITSAUKO 41

Pakumutswa vanhu vachapinda

murufaro rusingaperi kana kuti mukusuwa kusingaperi— Kuipa hakuna kumbova kufara— Vanhu venyama havana Mwari panyika— Munhu wose anogamuchira zvakare pakudzorerwa twutsika nezvimwe zvose zvaakanga awana asati afa. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino, mwanakomana wangu, ndine zvimwe zvokutaura maererano nezvokudzorerwa pakare izvo zvakataurwa; nokuti tarisai, vamwe ^ahavana kunzwisisa magwaro, ^bvakararika zvikuru nokuda kwechinhu ichi. Uye ndinoona kuti pfungwa dzako dziri kutambudzika pamusoro pechinhu ichi. Asi tarisai, ndichakutsanangurira.

2 Ndinoti kwauri, mwanakomana wangu, zano rokudzorera rinopindirana nokutonga kwakarurama kwaMwari, nokuti zvakafanira kuti zvinhu zvose zvidzororwe zvazvakange zvakaite. Tarisai, zvakafanira zve zvakarurama, maererano nesimba nokumuka kwaKristu, kuti mweya womunhu unofanira kudzororwa mumuviri, uye kuti “nhengo iri yose yomuviri inofanira kudzororwa pakare.

3 Uyezve zvinopindirana “nokuzanisa kwaMwari kwakanaka kuti munhu anofanira ^bkutongwa maererano ‘namabasa ake; uye kana mabasa avo

23a NEMAMWE MAZWI
Mweya.
D&Z 88:15–17.
NKM Mweya (Mweya neMuviri).
b 2 Ni. 9:12–13;
Aruma 11:40–45.

c NKM Muviri.
24a Isa. 26:19.
26a 1 Ni. 15:33;
Aruma 12:16.
b Aruma 11:37.
41 1a II Pet. 1:20; 3:16;
Aruma 13:20.

b NKM Kurasika
Pachitendero.
2a Aruma 40:23.
3a NKM Yenzaniso.
b NKM Kudavira;
Kutonga.
c NKM Mabasa.

anga akanaka muupenyu huno, nezvido zvemwoyo yavo zvanga zvakanaka, kuti ivowo zvakare, pazuva rokupedzisira, ^avadzorerwe kune izvo zvakanaka.

4 Uye kana mabasa avo anga akaipa ^avachadzorerwawo kune zvakaipa. Naizvozvo, zvinhu zvose zvichadzorerwa panzvimbo yazvo chaiyo, chinhu chose pachakabva—^bkufa kuitwe kusafa, ^cchinoora chisazoora—kumutswa muchipinda murufaro ^drwusingaperi kuti mugare nhaka youmambo hwaMwari, kana kuti musuwe kusingaperi nokugara nhaka youmambo hwadhiabhorosi, chimwe kune rumwe ruoko, nechimwewo kune rumwe—

5 Mumwe anenge amutswa mukufara maererano nezvido zvake zvorufaro, kana muzvakanaka maererano nezvido zvake zvezvakanaka; mumwe mune zvakaipa maererano nezvido zvake zvakaipa; sezvo akasarudza kuita zvakaipa muswere wose wezuva zvadarowo achawana mubairo wake wezvakaipa kana usiku hwauya.

6 Uye zvakangodarowo kune rumwe rutivi. Kana achinge atendeuka pazvivi zvake, akada utsvene kusvikira kumagumo emazuva ake, kana naizvozvo achawana mubairo woutsvene.

7 ^aAva ndivo vakanunurwana naIshe; hongu, ava ndivo vakatorwa, vakabviswa muusiku nerima risingaperi; saka vachamira kana kuputsika; nokuti tarisai, vanozvitongera ^bpachavo, kuita zvakanaka kana zvakaipa.

8 Zvino, kutonga kwaMwari ^ahakushandurwi; naizvozvo, nzira yakagadzirwa kuti uyo wose anoda akafamba mairi achaponeswa.

9 Uye zvino tarisai, mwana-komana wangu, usava ^anokumwe kutadzira Mwari wako pamusoro pemirau yedzidziso yake, iyo yakataura kuti usaita chivi.

10 Usafunge kuti, zvakaturwa maererano nokudzorerwa, kuti iwe uchazodzorerwa kubva muchivi uchienda murufaro. Tarisai, ndinoti kwauri, ^akuipa hakuna kumbove kufara.

11 Uye zvino, mwanakomana wangu, vanhu vose vari muugaro ^ahwenyika, kana kuti ndingati muugaro ^bhwenyama, kana kuti ndingati, vari munduru inovava nemumangetani ekui-pa; ^chavana Mwari munyika, vanopikisana nezvaMwari, naizvozvo, vari muugaro hunoita kuti varwisane nezvinoita kuti vafare.

12 Uye zvino tarisai, kudzorera kunoreva here kutora chinhu pachiri uchichiisa pasiri

3d Hir. 14:31.

4a Aruma 42:28.

b 2 Ni. 9:12–13;

D&Z 138:17.

NKM Kumuka

Kuvakafa.

c I VaKori. 15:51–55.

d NKM Upenyu

Hwokusingaperi.

7a D&Z 76:50–70.

b 2 Ni. 2:26;

Aruma 42:27;

Hir. 14:30.

NKM Kuzvisarudzira.

8a D&Z 1:38.

9a D&Z 42:23–28.

10a Mpi. 32:10;

Isa. 57:20–21;

Hir. 13:38.

11a Mosaya 3:19.

NKM Munhu

weNyama.

b NKM Zvenyama.

c VaE. 2:12.

pacho, kana kuchiisa pane chinhu chakasiyana nacho?

13 Mwanakomana wangu, izwi hazvisizvo kwete; asi zvinoreva izwi rinoti kudzorera zvinoreva kudzorera zvakare chakaipa nechakaipa, chenyama nechenyama, cheutsinye necheutsinye—chakanaka nechakanaka; chitsvene nechitsvene; chakarurama nechakarurama; chine tsitsi nechine tsitsi.

14 Naizvozvo, mwanakomana wangu, ona kuti une tsitsi kune hama dzako; ita ^azvakarurama, ^btonga zvakarurama, nokuita ^czvakanaka nguva dzose; kana uchinge waita zvinhu zvose izvi uchagamuchira mubairo wako; hongu, uchazova ^dnetsitsi dzichapiwa kwauri zvakare; uchave nokururama kuchadzorerwa kwauri zvakare; uchave unodzorerwa kutonga kwakarurama zvakare; uchazowana mibairo yakanaka zvakare.

15 Nokuti icho chose chaunotumira kunze chichadzoka zvakare kwauri, chodzorerwa; naizvozvo, izwi rokuti kudzorera zvechokwadi rinorasa mutadzi, harimbomururamisa kana.

CHITSAUKO 42

Nguva ino yatigere panyika inguva yokugadzirira kuti munhu akwanise kutendeuka kuti ahandire Mwari—Kuputsika kwakaunza rufu rwenyama nerwomweya kumarudzi ose—Rununuro rwuno-

uya kuburikidza nokutendeuka—Mwari pachake anoripira zvitadzo zvenyika yose—Tsitsi ndedze avo vanotendeuka—Vamwe vose vainomirira kutonga kwakanaka kwaMwari—Tsitsi dzinouya kuburikidza noRudzikinuro—Vakatendeuka zvechokwadi chete vachaponeswa. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino, mwanakomana wangu, ndinoona kuti une zvimwe zvinhu zviri kunetsa pfungwa dzako, zvausiri kunzwisisa—zviri pamusoro ^apokutonga kwakanaka kwaMwari mukuranga vatadzi; nokuti uri kufunga kuti hazvina kururama kuti mutadzi aiswe mukusuwa.

2 Zvino tarisai, mwanakomana wangu, ndichatsanangura zvinhu izvi kwauri. Nokuti tarisai, shure kwokunge Ishe Mwari ^avatumira vabereki vedu vokutanga kubva mubindu ^breEdeni, kuti vanorima ivhu, kwavakanga vambotorwa—hongu, vakaburitsa munhu, vakaisa kumabvazuva ebindu reEdeni, ^cmakerubi, nemunondo waibvira ichtendeuka kutarisa mativi ose, kuti ichengete ^dmuti woupenyu—

3 Zvino, tinoona kuti munhu akanga aita saMwari, ava kuziva chakanaka nechakaipa; tarisai kuti akatambanudza ruoko rwake, akatora muti woupenyu, akaudya akazogara nokusingaperi, Ishe Mwari vakaisa makerubi nomunondo unobvira, kuti munhu asazodya muchero uyu—

14a NKM Anovimbika.
b Joh. 7:24; D&Z 11:12.
c D&Z 6:13; 58:27–28.
d NKM Anetsitsi.

42 1a 2 Ni. 26:7;
Mosaya 15:26–27.
NKM Yenzaniso.
2a Gen. 3:23–24;

Mos. 4:28–31.
b NKM Edeni.
c NKM Makerubi.
d Gen. 2:9.

4 Uye saka tinoona, kuti kwakapiwa munhu nguva “yokute-ndeuka, hongu, nguva yokugadzirira, nguva yokutendeuka nokushandira Mwari.

5 Nokuti tarisai, dai Adama akaisa ruoko rwake nguva iyoyo, akadya muti woupenyu, angadai akagara nokusingaperi, maererano neshoko raMwari, asina mukana wokutendeuka; hongu, uyewo shoko raMwari pangadai pasina, uye zano guru roruponeso ringadai rakakanganiswa.

6 Asi tarisai, zvakanga zvakatarwa kumunhu kuti “achafa — naizvozvo, sezvo vakabviswa pamuti woupenyu vanofanirwa kubviswa pamusoro penyika — uye munhu akazorasika zvachose, hongu, vakave munhu^b akapuzika.

7 Uye zvino, tinoona kuti vabereki vedu vokutanga “vakabviswa vose panyama nepamweya kubva pamberi paIshe; saka tinoona kuti vakazova vanhu vaiita^b kuda kwavo.

8 Zvino tarisai, zvakanga zvisakafanira kuti munhu ave anozomutswa zvakare murufu rwenyama urwu, nokuti zvai-zoparadza “hurongwa hukuru hwerufaro.

9 Naizvozvo, sezvo mweya wakanga usingafi, uye “kuputsika

kuri kwakanga kwaunza kumarudzi ose kufa pamweya nokufa kwomuviri, kuri kuti, vakabviswa pamberi paIshe, zvakanga zvakakodzera kuti marudzi ose amutswe zvakare parufu rwomweya urwu.

10 Naizvozvo, sezvo vakanga vave kuita “zvenyama, nokutevedzera zvaida miviri yavo, nezvakaipa,^b nguva ino yokuedzwa yakave nguva yavo “yokugadzirira, yakave nguva yekugadzirira.

11 Uye zvino rangarira, mwana komana wangu, dai hwakange husiri hurongwa hwenunuro (tichihuisa parutivi) vaingoti mweya yavo yaibva “yasuwa zvikuru, nokuti vainge vachibviswa pamberi paIshe.

12 Uye zvino, pakanga pasina nzira yokubvisa vanhu ava mukuputsika uku, kwakaunzwa nomunhu pachake nokuda kwokusateerera kwake.

13 Naizvozvo, maererano nokururama, “hurongwa hwerununuro hawaizokwanisa kuunzwa, kunze kwokunge kuine^b kutendeuka kwomunhu panguva ino yokuedzwa, hongu, nguva ino yokuedzwa; nokuti dai pakanga pasina zvinangwa izvi, tsitsi dzaishaikwa dzoparadza mabasa akarurama. Zvino mabasa akarurama haangapa-

4a Aruma 34:32–33.

6a NKM Rufu, rwenyama.

b Mosaya 16:3–5.

NKM Kupuzika kwaAdama naEva.

7a 2 Ni. 2:5; 9:6;

Hir. 14:16.

NKM Rufu, rweMweya.

b NKM Kuzvisarudzira.

8a Aruma 34:9;

Mos. 6:62.

9a NKM Kupuzika

kwaAdama naEva.

10a NKM Zvenyama.

b NKM Munhu weNyama.

c NKM Upenyu hwenyama.

11a 2 Ni. 9:7–9.

13a NKM Hurongwa

hweRununuro.

b NKM Rutendeuko.

radzike, dai zvakadaro, Mwari ‘haangave Mwari.

14 Uye saka tinoona kuti vanhu vose uye vanga ^avakaputsika, vanga vari ^bmukutongwa; hongu, mukutonga kwaMwari, uko kwaivabvisa nokusingaperi pamberi pake.

15 Uye zvino, zano retsitsi haraizoitwa kunze kwokunge rudzikinuro rwaitwa, naizvozvo, Mwari pachavo ^avakaripira zvivi zvenyika, kuti vaunze zano ^bretsitsi, kuti kugutse zvinodiwa ^cmukutonga kwakanaka, kuti Mwari vave ^dvakakwana, Mwari vakarurama, uyewo naMwari vane tsitsi.

16 Zvino, kutendeuka hakwaiuya kuvanhu kunze kwokunge pane kurangwa, uko kwakanga ^akusingaperi soupenyu hwemweya uhwo husingaperi, hwakabatanidzwa nenzira yorufaro, iyo yokusingaperiwo soupenyu hwemweya.

17 Zvino, ko munhu angatendeuka sei kunze kwokunge ^aatadza? Angatadza sei kana pasina ^bmutemo? Pangave nomutemo sei kunze kwokunge pane kurangwa?

18 Zvino, pakaiswa kurangwa, nomutemo wakarurama, wakanza kusuwa ^akupfungwa yomunhu.

19 Zvino, dai pakanga pasina

kupiwa mutemo—kana munhu ^aakaponda anofanira kufa—aitoty here kuti achafa kana akaponda?

20 Uye zvakare, dai mutemo usina kupiwa kumunhu anotadza munhu haaizoty kutadza.

21 Uye dai ^apasina mutemo wakapiwa, kana munhu achinge atadza ko zvino kutonga kwaizova kwei, kana tsitsi, nokuti hapana chavaizotaura pamusoro pechisikwa?

22 Asi pane mutemo wakapiwa, nokurangwa kwakaiswa, ^anokutendeuka kwakapiwa kutendeuka uku, kunodiwa netsitsi; kana, kutonga kunoda chisikwa uye, mutemo wobva waranga; kana zvisina kudaro, mabasa ekutonga anopadzwa, uye Mwari vanobva varega kuve Mwari.

23 Asi Mwari havashaye kuva Mwari, uye ^atsitsi dzinoda vanozvityora, uye tsitsi dzinouya nokuda ^bkwokudzikinurwa; uye kudzikinurwa kunounza ^ckumutswa kwevakafa; kumutswa kwevakafa ^dkunounza vanhu zvakare kuna Mwari; nokudaro vanodzorerwa pamberi pavo zvakare, kuti ^evazotongwa mamerano namabasa avo, maererano nomutemo wokutonga.

24 Nokuti tarisai, kutonga kunoenzanisa kunonzi ngakuitwe,

13c 2 Ni. 2:13–14.

14a Aruma 22:13–14.

b 2 Ni. 2:5.

15a 2 Ni. 9:7–10;

Mosaya 16:7–8.

NKM Dzikinura.

b NKM Anetsitsi.

c NKM Zenzaniso.

d 3 Ni. 12:48.

16a D&Z 19:10–12.

17a NKM Chitadzo.

b VaR. 4:15.

18a NKM Hana.

19a NKM Kuponda.

21a 2 Ni. 9:25–26;

Mosaya 3:11.

22a NKM Rutendeuko.

23a NKM Anetsitsi.

b NKM Dzikinura.

c 2 Ni. 2:8; 9:4;

Aruma 7:12; 11:41–45;

12:24–25;

Hir. 14:15–18;

Morm. 9:13.

d Aruma 40:21–24.

e NKM Kutonga,

Kwekupedzisira.

tsitsi ngadzivepowo kune vose vadzo, saka, ivavo chete vakazvininipisa pachokwadi ndivo vachaponeswa.

25 Chii, unofunga here kuti tsitsi dzingapambe “kururama? Ndinoti kwauri, Kwete; hazvitiike. Dai zvakadaro, Mwari vaimira kuva Mwari.

26 Uye saka Mwari anounza “nzira yake huru yezvinangwa zvokusingaperi, iyo yakagadzirwa ^bkubvira kumavambo enyika. Apo kunouya ruponeso norununuro rwomunhu, nokuparadzwa nokusuwa.

27 Naizvozvo, iwe mwanakomana wangu, “uyo-wose anouya anogona kuuya achinwa mvura youpenyu akasununguka; uyo asingauye haazomani-kidzwa kuti auye; asi pazuva rokupedzisira ^bzvichazodzose rwa kwaari maererano “nezviito zvake.

28 Kana ari anoda kuita “zva-kaipa, uye asina kutendeuka pamazuva ake, tarisai, kuipa kuchaitwa kwaari, maererano nokudzorerera pakare kwaMwari.

29 Uye zvino, mwanakomana wangu, ndinoda kuti zvinhu izvi zvisakutambudze zvakare, utambudzwe nezvivi zvako chete, nedambudziko iro richakuunza pakutendeuka.

30 Mwanakomana wangu, ndinoda kuti usave unoramba kutonga kwaMwari zvakare. Usave unozviisa pachinzvimbo

chokunzvenga zvivi zvako, nokuramba kutonga kwaMwari; asi iva unoregera kutonga kwaMwari, netsitsi dzavo, nomwoyo wavo murefu uye unopa mhiko izere mumwoyo mako; uye ita kuti zvikuunze pasi muguruva “nokuzvininipisa.

31 Uye zvino iwe mwanakomana wangu, wakadaidzwa naMwari kuti uparidze shoko kuvanhu ava. Uye zvino, mwanakomana wangu, enda nzira yako, taura shoko nechokwadi chose chizere, kuti uunze vanhu mukutendeuka, kuti hurongwa hukuru hwetsitsi huve nechahunowana pamusoro pavo. Uye Mwari vave vanokupa maererano nemazwi angu. Amenii.

CHITSAUKO 43

Aruma nevanakomana vake vanoparidza shoko—MaZoramunema mwe maNifai vakapanduka vanove maRamani—MaRamani anorwisa maNifai muhondo—Moronai anopa maNifai nhumbi dzekuzvidzivirira—Ishe vanoratidza kuna Aruma zano ramaRamani—MaNifai vanodzivirira misha yavo, rusununguko, mhuri, nechitendero chavo—Mauto aMoronai neaRihai anokomberedza maRamani. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti vanakomana vaAruma vakaenda mukati mevanhu, vakaparidza

25a NKM Yenzaniso.

26a 2 Ni. 2:14–30;

Mos. 1:39.

^b Aruma 13:3;

3 Ni. 1:14.

27a Aruma 5:34;

Hir. 14:30.

NKM Kuzvisarudzira.

^b Aruma 41:15.

^c Isa. 59:18;

Zvaka. 20:12.

28a Aruma 41:2–5.

30a NKM Akazvininipisa.

shoko kwavari. Uye Arumawo, iye pachake, haana kuti ndozorora, uye akaendawo.

2 Zvino hapana chaticharamba tichitaura nezvekuparidza kwavo, kunze kwekuti vakaparidza shoko, nechokwadi, maererano nemweya wechiporofita nezvakazarurwa; uye vaiparidza nehurongwa “hutsvene hwaMwari hwavakaidzwa nahwo.

3 Uye zvino ndinodzokera kurungano rwehondo pakati pemaNifai nemaRamani, mugore rechigumi nemasere rekutonga kwevatongi.

4 Nokuti tarisai, zvakaitika kuti “maZoramamu akave maRamani; naizvozvo mukutanga kwegore rechigumi nemasere vanhu vaNifai vakaona kuti maRamani akanga achiuya kuzovarwisa; naizvozvo vakagadzirira hondo; hongu, vakanganidza pamwechete mauto avo munyika yeJeshoni.

5 Uye zvakaitika kuti maRamani vakauya nezviuru zvavo; uye vakauya munyika yaAndionumu, iri iyo nyika yemaZoramamu; uye murume ainzi Zerahemuna ndiye aive mutungamiri wavo.

6 Uye zvino, sezvo maAmarekai vakanga vaine huipi neumhondi kupfuura maRamani, ivo pachavo, naizvozvo, Zerahemuna akaisa vakuru pamusoro pemaRamani, vose vakanga vari maAmarekai nemaZoramamu.

7 Zvino izvi akazviita kuti

arambe akachengetedza ruvengo rwavo kumaNifai, kuti avaise pasi pake kuti zvaakanga aronga zvizadzikiswe.

8 Nokuti tarisai, akanga akaronga kuti apesvere maRamani kuti ashatirirwe maNifai; izvi akazviita kuti avatorere simba avatonge, nokutiwo awane simba pamusoro pemaNifai nokuvaisa muusungwa.

9 Uye zvino urongwa hwemaNifai hwaive hwekuda kutsigira nyika yavo, nedzimba dzavo, “nevakadzi vavo, nevana vavo, kuti vavadzvirire kumaoko evavengi vavo; nokutiwo vadzvirire rusununguko rwekuita zvavanoda, hongu, ^bnokusununguka kwavo, kuti vanamate Mwari maererano nezvido zvavo.

10 Nokuti vaiziva kuti kana vakawira mumaoko emaRamani, kuti ani nani zvake “achanamata Mwari ^bmumweya nemuchokwadi, Mwari vechokwadi vopenyu, maRamani vachaparadza.

11 Hongu, uye vaizivawo ruvengo rwakaipa rwemaRamani “kuhama dzavo, vakanga vari maAndi-Nifai-Rihai, vainzi vanhu vaAmoni—uye vakanga vasingade kutora zvombo, hongu, vakanga vaita chibvumirano uye vakanga vasingade kuchityora—naizvozvo, kana vaiwira mumaoko emaRamani vaizoparadzwa.

12 Uye maNifai havaibvumira kuti vaparadzwe; naizvozvo vakavapa nyika senhaka yavo.

43 2a NKM Hupirisita
hwaMerkizedeki.
4a Aruma 35:2–14; 52:33.

9a Aruma 44:5; 46:12.
b NKM Rusununguko.
10a NKM Kunamata.

b Joh. 4:23–24.
11a Aruma 24:1–3, 5, 20;
25:1, 13; 27:2, 21–26.

13 Uye vanhu vaAmoni vakapa kumaNifai chidimbu chikuru chepfuma yavo kuti vatsigire mauto avo; uye saka maNifai vakamanikidzwa kuti vamisikidzane nemaRamani, vega, uye vakanga vakasangana naRamani naRemueri, nevanakomana vaShmaeri, neavo vose vakanga vapanduka kumaNifai, vave maAmarekai nemaZoramu, “nezvizvarwa zvevapirisita vaNoa.

14 Zvino zvizvarwa izvi zvakanga zvakawanda, uye kunge sekuwanda kwemaNifai; nokudaro maNifai vakamanikidzwa kuti vanetsane nehama dzavo, zvekuti zvakasvika mukudeuka kweropa.

15 Uye zvakaitika kuti mawuto emaRamani aungana pamwechete munyika yaAndionumu, tarisai, mawuto emaNifai akanga akagadzirira kusangana nawo munyika yeJeshoni.

16 Zvino, mutungamiri wemaNifai, kana kuti murume akanga anzi ndiye mukuru wemauto emaNifai—zvino mukuru wemauto ndiye akatungamirira mauto ose emaNifai—uye zita rake ainzi Moronai;

17 Uye Moronai ndiye akatora ukuru hwose, nokutonga hondo dzavo. Uye akange aine makumi maviri emakore nemashanu chete ekuberekwa paakaitwa mukuru wemauto emaNifai.

18 Uye zvakaitika kuti akasangana nemaRamani munyika yeJeshoni, uye vanhu vake vakanga vaine minondo, nezvi-

panga, nezvimwe zvakasiyana siyana zvezvombo zvehondo.

19 Uye mauto emaRamani paakaona kuti vanhu vaNifai, kana kuti Moronai, akanga agadzirira vanhu vake nokuvapa zvidzitiro zvepazvipfuva nenhowo, hongu, nenhowo dzokudzivirira misoro yavo, uyewo vakapfeka nhumbi hobvu—

20 Zvino mauto aZerahemuna akanga asina kunge agadzirira zvinhu zvakadaro; vakanga vaine minondo yavo chete nezvipanga zvavo, uta hwavo, nemiseve, matombo avo nezvinziriri zvavo; uye vakanga “vasina kusimira, kunze kwekatehwe kakanga kakasunga zvino zvavo; hongu, vose vakanga vasina chavakapfeka, kunze kwemaZoramu nemaAmarekai;

21 Asi vakanga vasina zvidzitiro zvepazvipfuva, kana nhowo—naizvozvo, vakatya zvikuru mauto emaNifai nenzira yenhumbi dzavo, kana dai zvazvo vakanga vakawanda kupfuura maNifai.

22 Tarisai, zvino zvakaitika kuti vakatya kurwisa maNifai munyika yeJeshoni; naizvozvo vakabva munyika yeAndionumu vakapinda murenje, vakatora rwendo rwavo vachipota nerenje, kure nechekumusoro kwerwizi rweSidhoni, kuti vauye munyika yeMandi uye kuti vaitore; nokuti havana kufunga kuti mauto aMoronai angazive kuti vaenda kupi.

23 Asi zvakaitika kuti, pavakangopinda murenje chete

Moronai akatuma vasori murenje kunotarisa misasa yavo; uye Moronaiwo, achiziva zviporofita zvaAruma, akatumira vanhu kwaari, achimukumbira kuti abvunze kuna Ishe “kuti mauto emaNifai angaende here kunorwisana nemaRamani kuti azvidzivirire.

24 Uye zvakaitika kuti shokoraIshe rakauya kuna Aruma, uye Aruma akataurira nhumwa dzaMoronai, kuti mauto emaramani ari kufamba nenzira inotenderera murenje, kuti agobuda ave munyika yaMandi, kuti agotanga kurwisa kune vanhu vasina kusimba. Uye nhumwa idzi dzakaenda dzikapa mashoko aya kuna Moronai.

25 Zvino Moronai, akasiya mamwe emauto ake munyika yeJeshoni, achiitira kuti zvimwe vamwe vemaRamani vangango-ya munyika umu uye vakavatorera guta ravo, ndokubva atora vamwe vemauto ake ndokubva avatora akaenda kunyika yeMandi.

26 Uye akaita kuti vanhu vose vemuchikamu chenyerika ichocho vaungane pamwechete kuti varwisane nemaRamani, kuti “vadzivirire nyika yavo neminda yavo, zvinhu zvavo nerusununguko rwavo; naizvozvo vakagadzirira nguva yaizouya maRamani.

27 Uye zvakaitika kuti Moronai akaita mauto ake kuti ahwandire munhika yaive pedyo nerwizi rweSidhoni, rwakanga rwuri

nekumadokero erwizi rweSidhoni murenje.

28 Uye Moronai akaisa vasori kwose-kwose, kuti azive kana maRamani ouya.

29 Uye zvino, sezvo Moronai akange achiziva zvaida kuitwa nemaRamani, kuti vakanga vachida kuparadza hama dzavo, kana kuti kuvabata kuti vavaise muusungwa kuti vagozviitira umambo hwenyika yose;

30 Uye iyewo aiziva kuti chido chemaNifai chaive chekuti vachengetedze nyika yavo, “nerusununguko rwavo, nechechi yavo, naizvozvo akafunga kuti hachingave chitema kuti azvidzivirire neunyengetedzi; naizvozvo, akaziva, nenzira yevasori vake, gwara rakanga richizotorwa nemaRamani.

31 Naizvozvo, akapatsanura mauto ake ndokuisa mamwe mauto munhika, uye ndokuvahwandisa vari nechekumabvazuva, nechekumaodzanyemba echikomo chinonzi Ripura;

32 Uye vakasara akavahwandisa munhika yekumadokero, kumadokero kwerwizi rweSidhoni, uye zvichidzika kumiganhu yenyika yeMandi.

33 Uye apedza kuisa mauto ake maakanga achida, akanga agadzirira kusangana navo.

34 Uye zvakaitika kuti maRamani akauya nechekuchamhembe kwechikomo, uko kwakanga kwakahwanda chimwe chidimbu chemauto aMoronai.

35 Uye sezvo maRamani akanga apfuura chikomo cheRipura,

uye vakauya munhika, ndokutanga kuyambuka rwizi rweSidhoni, mauto akanga akahwandira ari kumaodzanyemba kwechikomo, akanga achitungamirwa nemurume ainzi "Rihai, uye akabva atungamirira mauto ake uye akakomberedza maRamani nechekumabvazuva vari shure kwavo.

36 Uye zvakaitika kuti maRamani paakaona maNifai vachiuya neshure kwavo, vakatendeuka vakatanga kurwa nemo auto aRihai.

37 Uye basa rekuurayana rakatanga kumativi ose, asi zvakanga zvakanyanya kuipa kumaRamani, nokuti "kusasimira kwavo kwakavafumura kukaita kuti kubaiwa kwavo kuve nyore kumaNifai vaive neminondo yavo nezvipanga zvavo, zvaikurumidza kuvauraya.

38 Kune rumwe rutivi kune muNifai aipunzika nenguva iri kure, vabaiwa neminondo yavo nokurasikirwa neropa, ivo vakadzivirirwa nenhowo kuti vasabaiwe munzvimbo dzakaipa dzemuviri, kana kuti nzvimbo dzakaipa dzemuviri dzainge dzakadzivirirwa kuti vasabaiwe nemaRamani "nezvidzitiro zvavo zvepazvipfuva, nenhowo dzavo dzemumaoko, nezvidzitiro zvemisoro yavo; uye saka maNifai akaita basa rerufu mukati memaRamani.

39 Uye zvakaitika kuti maRamani akapindwa nekutya, pamusoro pekuona kuparadzwa

kukuru kwavakanga vachiitwa, zvekuti vakatanga kutiza vakanga kurwizi rweSidhoni.

40 Uye vakatandani swa naRihai nevanhu vake; uye Rihai akavatinhira kumvura dzeSidhoni, uye vakayambuka mvura dzeSidhoni. Uye Rihai akamisa mauto ake pamahombekombe erwizi rweSidhoni kuti vasayambuke.

41 Uye zvakaitika kuti Moronai nemo auto ake vakasangana nemaRamani munhika, kumhiri imwe yerwizi rweSidhoni, uye vakatanga kuwira pavari vachivauraya.

42 Uye maRamani akatiza zvakare, vakananga kunyika yeMandi; uye vakasanganikwa navo zvakare nemo auto aMoronai.

43 Zvino panguva iyoyi maRamani akarwisa zvinotyisa; hongu, maRamani haana kumbozivikanwa kuti angarwe zvikuru kudaro nesimba guru nekusatya, kwete, kana kubvira pakutanga.

44 Uye vakakuridzirwa "nemaZoramu nemaAmarekai, avo vakanga vakavatungamirira sevaku ru vemo auto, naZerahemuna, akanga ari mukuru wemo auto, kana kuti mutungamiri wavo mukuru uye ari mukuru wemo auto; hongu, vakarwa sezvikara, uye vazhinji vemaNifai vakauraiwa nemaoko avo, hongu, nokuti vakave vanotsemura nepakati zvizhinji zvevidzitiro zvemisoro yavo, uye vakaboora zvidzitiro zvavo

zvepazvipfuva, uye vakavadi-
mbura maoko mazhinji, saka
ndiko kurwisa kwakaita maRa-
mani vadya marasha nehasha.

45 Zvakadaro maNifai akaku-
ridzirwa nechimwe chikonzero
chiri nani, nokuti vakange
“vasingarwire umambo kana
simba asi vakanga vachirwira
misha yavo, ^bnorusununguko
rwavo, vakadzi vavo nevana
vavo, nezvinhu zvavo zvose,
hongu, mvumo yavo yekuna-
mata nechechi yavo.

46 Uye vakanga vachiita zva-
vaifunga kuti “ibasa ravaifanira
kuitira Mwari vavo; nokuti Ishe
vakanga vati kwavari, nekuma-
dzibaba avo, kuti: ^bKana musina
chete kubatwa nemhosva ‘yeku-
tanga, kana yechipiri, hamuzo-
bvumira kuti mubaiwe neruoko
rwevavengi venyu.

47 Uye zvakare, Ishe vakati:
“Muchadzivirira mhuri dzenyu
kana dai zvichireva kuti mude-
ure ropa. Naizvozvo ndicho
chikonzero chakaita kuti ma-
Nifai arwisane nemaRamani,
kuti vazvidzivirire, nemhuri
dzavo, neminda yavo, nezvavo,
nekunamata kwavo.

48 Uye zvakaitika kuti vanhu
vaMoronai pavakaona hashu
dzinotyisa dzemaRamani, vaka-
nga vave kuda kuti vadududze
vatize. Uye Moronai, aona zva-
vakanga vachida kuita, akatu-
mira akakurudzira mwoyo
yavo nepfungwa idzi—hongu,
pfungwa dzeminda yavo,

rusununguko rwavo, hongu,
rusununguko rwavo kubva
muusungwa.

49 Uye zvakaitika kuti vaka-
pindukira maRamani, “vaka-
chema nezwi rimwechete kuna
Mwari vavo, kuti vawane ru-
sununguko rwavo nekusunu-
ngurwa kubva muusungwa.

50 Uye vakatanga kumisiki-
dzana nemaRamani nesimba;
uye munguva iyoyo yavaka-
chema kuna Ishe kuchemera ru-
sununguko rwavo, maRamani
akatanga kutiza; uye vakatiza
vakasvika kumvura dzeSidhoni.

51 Zvino, maRamani akanga
akawanda kuvapfuura, hongu,
vakanga vakawanda zvakape-
twa kaviri kupfuura maNifai;
zvakadaro, vakaunganidzana
pamwechete munhika pamaho-
mbekombe perwizi rweSidhoni
vave chinhu chimwechete.

52 Naizvozvo mauto aMoronai
akavatenderedza, hongu, kana
nekumhiri dzose dzerwizi, no-
kuti tarisai, kumadokero kwa-
kanga kuine vanhu vaRihai.

53 Naizvozvo Zerahemuna
paakaona vanhu vaRihai vari
nechekumabvazuva erwizi rwe-
Sidhoni, uye mauto aMoronai
ari kumadokero kwerwizi rwe-
Sidhoni, kuti vakanga vakako-
mbwa nemaNifai, vakapindwa
nokutya.

54 Zvino Moronai, paakaona
kutya kwavo, akatuma vanhu
vake kuti vachirega kudeura
ropa.

45a Aruma 44:5.

b NKM Rusununguko.

46a NKM Basa.

b Aruma 48:14;

D&Z 98:33–36.

c 3 Ni. 3:21;

D&Z 98:23–24.

47a D&Z 134:11.

49a Eks. 2:23–25;

Mosaya 29:20.

CHITSAUKO 44

Moronai akaudza maRamani kuti vaite chibvumirano cherunyararo kana vasingade kuparadzwa — Zerahemuna anozviramba izvi, uye kurwa ndokubva kwatanga patsva—Mauto aMoronai anokurira maRamani. Zvingangove makore 74 kusvika ku73 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti vakamira kurwa vakadududza. Uye Moronai akati kuna Zerahemuna: Tarisai, Zerahemuna, “hatidi kuve vanhu veropa. Unoziva kuti muri mumaoko edu, asi hatidi kukuurayai.

2 Tarisai, hatina kuuya kuzorwa nemi kuti tiparadze ropa renyu nenzira yekuda simba; zve hatidi kuti tiwane watinoisa muusungwa. Asi ichochi ndicho chikonzero chaite kuti imi muzotirwisa; hongu, uye makatishatirirwa pamusana pekunamata kwedu.

3 Asi zvino, muri kuona kuti Ishe vanesu; uye muri kuzviona kuti akusai mumaoko edu. Uye zvino ndinoda kuti muzive kuti izvi zvinoitirwa isu pamusana pekunamata kwedu norutendo rwedu muna Kristu. Uye zvino maona kuti hamungaparadze rutendo rwedu urwu.

4 Zvino maona kuti urwu ndirwo rutendo rwechokwadi rwaMwari; hongu, munoona kuti Mwari vanotitsigira, uye vachitichengeta, uye vachitichengetedza, kana tiri tine rutendo

mavari; nemurutendo rwedu, nemukunamata kwedu; uye Ishe havafe vakabvumira kuti tiparadzwe kunze kwekunge tatowira mukutadza uye taramba rutendo rwedu.

5 Uye zvino, Zerahemuna, ndinokuraira kuti, muzita raivo Mwari Samasimba, avo vakasimbisa maoko edu kuti tiwane simba pamusoro penyau, nerutendo rwedu, nekunamata kwedu, “netsika yedu yekunamata, nechechi yedu, nerutsigiro runoyera rwatinopa kuvakadzi vedu nevana vedu, ^bnerusununguko urwo rwunotisunganidza nenzvimbo yedu nenyika yedu; uye hongu, nokuchengetedzawo shoko rinoyera raMwari, uko kwatipa rufaro rwedu rwose; nezvose zvinokosha zvikuru kwatiri—

6 Hongu, uye izvi hazvizivzo zvose; ndinokutaurira noku-shuwa kwako kwose upenyu, kuti zvombo zvenyu zvose zvehondo muzviye kwatiri, uye hatizotsvaka ropa renyu, tinokusiyayi muri vapenyu, kana mukaenda mukasadzoka zve kuzotirwisa zvakare.

7 Uye zvino, kana mukasaita izvi, tarisa, muri mumaoko edu, uye ndinoudza vanhu vangu kuti vakusvetukirei, uye vago-kupai maronda orufu mumiviri yenyu, kuti musazomboonekwa zve; uye tigozoona kuti anesimba pamusoro pevanhu ava ndiani; hongu, tichaona kuti ndiani achaiswa muusungwa.

8 Uye zvino zvakaitika kuti

Zerahemuna paakanzwa kutaura uku akauya akapa munondo wake nechipanga chake, neuta hwake mumaoko aMoronai, uye akati kwaari: Tarisai, hezvi-no zvombo zvedu zvehondo; tinozvipa kwaari, asi hatibvume kuti tiite “chitsidzo kwaari, chatinoziva kuti tinozochityora, uye kana nevana vedu; asi tora zvombo zvedu zvehondo, uye utibvumire kuti tibve tiende murenje; kana usingade tinoramba tiine minondo yedu, uye zvinoita kuti tife kana kukunda.

9 Tarisai, hatizi verutendo rwenyu; hatitende kuti ndiMwari atiisa mumaoko enyu; asi tintenda kuti kuchenjera kwenyu kwakunzvengesai kubaiwa neminondo yedu. Tarisai, “zvidzitiro zvepazvipfuva nenhowo dzenyu dzakudzivirirai.

10 Uye zvino Zerahemuna zvaakanga agumisa kutaura mazwi aya, Moronai akadzora munondo nezvombo zvehondo, zvaakanga agashidzwa, kuna Zerahemuna, achiti: Tarisai, tichapedza hondo yacho.

11 Zvino handigone kudzora mazwi andataura, naizvozvo sekuve mupenyu kwaIshe, hamubve pano kunze kwekunge maita chitsidzo chekuti hamuchazodzoka zvakare kuzorwisana nesu. Zvino sezvo muri mumaoko edu ticha deurira ropa renyu pasi, kana kuti muchatevedza zvandakupai.

12 Uye zvino Moronai apedza kutaura mazwi aya, Zerahemuna akaramba aine munondo

wake, uye akashatirirwa Moronai, uye akamhanya kuti zvimwe amubaye Moronai; asi paaisimudza munondo wake, tarisai, mumwe wemauto aMoronai akaurova zvekuti wadonhera pasi, uye ukatyoka nechekumupakato; uye akabva abayawo Zerahemuna zvekuti akamukwadabura mhanza uye ikawira pasi. Uye Zerahemuna akabva mavari akapinda pakati pemauto ake.

13 Uye zvakaiteka kuti muuto akanga amire zvake, akatema Zerahemuna nepachipande chichibva chadonha, akachinonga kubva pasi akabata vhudzi, uye ndokubva achibairira pamunondo wake, uye ndokuchisimudzira kwavari, achiti kwavari nezwi guru:

14 Sekuwira pasi kwaita chipande ichi, chiri chipande chemukuru wenyu, ndokuwira kwamuchaita pasi imi kunze kwekunge matipa zvombo zvenyu zvehondo uye moenda muine chibvumirano cherunyararo.

15 Zvino vakanga vakawanda, pavakanzwa mazwi aya nokuona chipande chakanga chiri pamunondo, vakabatwa nokutya; uye vazhinji vakauya uye vakakanda zvombo zvavo zvehondo pamakumbo aMoronai, vakapinda “muchibvumirano cherunyararo. Uye vose vakaita chibvumirano vakabvumirwa kubva vachienda murenje.

16 Zvino zvakaiteka kuti Zerahemuna akashatirwa zvikuru, uye akaita kuti avo vevarwi

vake vakanga vasara vashati-rwewo, kuti varwe nesimba nemaNifai.

17 Uye zvino Moronai akashatirwa, pamusoro pehushwindi hwemaRamani; naizvozvo akadudza vanhu vake kuti vawire pamusoro pavo vavauraye. Uye zvakaitika kuti vakatanga kuvauraya; hongu, uye maRamani akarwisa neminondo yavo nesimba ravo.

18 Asi tarisai, miviri yavo isina kusimira nemisoro yakanga isina chakadzivirira yakapindwa neminondo yaipinza yemaNifai; hongu, tarisai vakabaiwa vakatemwa, hongu, uye vakapunzwa zvakaipa nokukurumidza neminondo yemaNifai; uye vakatanga kurakashwa, sekuporofita kwakanga kwaita muuto waMoronai.

19 Zvino Zerahemuna, paakawona kuti vose vakanga voda kuparadzwa, akachema zvikuru kuna Moronai, achivimbisa kuti anoita chibvumirano navo iye nevanhu vake, kana vakabvuma kusauraya vakanga vasara, kuti “havachazofa vakauya kuzoita hondo navo zvakare.

20 Uye zvakaitika kuti Moronai akaita kuti basa rekuuraya rimiswe zvakare. Uye akatora zvombo zvehondo kubva kumaRamani; uye mushure mekunge vaita “chibvumirano naye cherunyararo vakabvumirwa kuti vabve vaende murenje.

21 Zvino uwandu hwevanhu vavo vakanga vafa hauna kuverengwa nokuti vakanga vaka-

wandisa; hongu, uwandu hwevakanga vafa vavo hwakanga huri hukuru zvikuru, mativi ose kumaNifai nekumaRamani.

22 Uye zvakaitika kuti vakakanda zvitunha zvevakafa vavo mumvura dzeSidhoni, uye zvakatoenda uye zvakafusirwa muudzamu hwegungwa.

23 Uye mauto emaNifai kana kuti aMoronai, akadzokera kudzimba neminda yavo.

24 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechigumi nesere rekutongwa kwemaNifai nevatongi. Uye ndiko kupera kwakaita zvinyorwa zvaAruma, zvakanyorwa pamahwendefa aNifai.

Rungano rwevanhu vaNifai, nehondo dzavo nokupesana kwavo, mumazuva aHiramani, maererano nezvinyorwa zvaHiramani, zvaakachengeta mumazuva ake.

*Zvichisanganisa zvitsauko
45 kusvika ku62.*

CHITSAUKO 45

Hiramani anotenda mazwi aAruma — Aruma anoporofita kuparadzwa kwemaNifai — Anoropafadza nokutuka nyika — Aruma angangodaro akatorwa neMweya, kana sezvakaitwa Mosesi — Kupesana kunokura muChechi. Zvingangove makore 73 Kristu asati azoarwa.

TARISAI, zvino zvakaitika kuti vanhu vaNifai vakafara zvikuru, nokuti Ishe vakanga vavabvisa

zvakare mumaoko evavengi vavo; naizvozvo vakatenda Ishe Mwari vavo; hongu, uye “vakatsanya zvikuru nokunamata zvikuru, uye vakarumbidza Mwari nemufaro mukuru kwazvo.

2 Uye zvakaiteka kuti mugore rechigumi nepfumbamwe rekutongwa kwevanhu vaNifai nevatongi, Aruma akauya kumwanakomana wake Hiramani uye akati kwaari: Unotenda here mazwi andakataura kwa- uri maererano “nezvinyorwa zviya zvakachengetwa?

3 Uye Hiramani akati kwaari: Hongu, ndinotenda.

4 Uye Aruma akati zvakare: Unotenda here muna Jesu Kristu, uyo achauya?

5 Uye iye akati: Hongu, ndinotenda ose mazwi amakataura.

6 Uye Aruma akati kwaari zvakare: “Uchachengeta mirairo yangu here?

7 Uye akati: Hongu, ndichachengeta mirau yenyu nemwoyo wangu wose.

8 Zvino Aruma akati kwaari: Wakaropafadzwa iwe; uye Ishe vachakuita kuti “ubudirire munyika.

9 Asi tarisai, ndine chimwe chandinoda “kuporofita kwauri; asi zvandichakuporofita hauna waunofanira kutaurira; hongu, zvandichakuporofita hazvifanire kuzivikanwa, kana kusvika pakuzadzikiswa kwazvo; saka nyora mazwi andichataura.

10 Uye aya ndiwo mazwi acho: Tarisai, ndiri kuona kuti ivava vanhu ava, maNifai, maererano nemweya wekuzarurirwa uri mandiri, mushure memazana “mana emakore kubvira panguva Jesu Kristu yaanenge azviratidza kwavari, vachaderera ^bmukusatenda.

11 Hongu, uye vachaona hono nezvirwere, hongu, nzara nekudeuka kweropa, kana kusvika “mukupera kwevanhu vaNifai—

12 Hongu, nepamusana pekuti vachaderera mukusatenda uye vowira mumabasa erima, “neupombwe, nezvitadzo zvakasiyana-siyana; hongu, ndinoti kwamuri, nenzira yekuti vanotadza ivo vari muchiedza uye vaine ruzivo, hongu, ndinoti kwauri, kubvira zuva iroro, kana chizvarwa chechina hachichapfuura kutadza kukuru uku kusati kwauya.

13 Uye kana zuva iroro richiuya, tarisai, nguva irikuuya zvinouno yekuti avo vari, kana kuti mbeu yaavo pari zvino vari kuverengerwa mukati mevanhu vaNifai, “havazoverengwa mukati mevanhu vaNifai.

14 Asi avo vanenge vasara, uye vakasaparadzwa muzuva rinotyisa iro, “vachaverengerwa kumaRamani, uye vachafanana navo, kune zvose, kunze kwevashoma vachadaidzwa kuti vadzidzi vaIshe; uye ivavo

45 1a NKM Kutsanya.

2a Aruma 37:1-5; 50:38.

6a NKM Mirairo

yaMwari; Anoteerera.

8a 1 Ni. 4:14;

Aruma 48:15-16, 25.

9a NKM Huporofita.

10a 1 Ni. 12:10-15;

Hir. 13:9;

Morm. 8:6-7.

b NKM Kurasika

Pachitendero;

Kusadaira.

11a Jar. 1:10;

Morm. 8:2-3, 6-7.

12a NKM Ruchiva.

13a Hir. 3:16.

14a Moro. 9:24.

vachavhimwa nemaRamani kana ^bkusvikira vatopera. Uye zvino, nenzira yezvitadzo, huporofita huno huchazadzikiswa.

15 Uye zvino zvakaitika kuti mushure mekunge Aruma ataura zvinhu izvi kuna Hiramani, akamuropafadza, nevamwe vana vakewo; uye akaropafadzawo nyika nokuda “kwevakarurama.

16 Uye akati: Ishe Mwari vanoti—Nyika ino “ichatukwa, hongu, nyika ino, kumarudzi ose, hama, rurimi, nevanhu, kusvika mukuparadzwa, avo vanoita zvakaipa, ivo vari vabva zvakakwana; uye sekutaura kwandaita ndozvazvichaita; nokuti uku kutuka ^bnekuropafadza kwaMwari munyika, nokuti Ishe havagone kutarisa pachitadzo vaine ^cchimwe chavanganatse pachiri.

17 Uye zvino, Aruma ataura mazwi aya akaropafadza “chечи, hongu, vose avo vachasimba murutendo kubvira panguva iyo.

18 Uye Aruma aita izvi akabva munyika yeZarahemura, sekunge ari kuenda munyika yeMereki. Uye zvakaitika kuti haana kuzonzwikwa kubva kwaari zvakare; kufa nekuvi-gwa kwake hatikuzive.

19 Tarisai, izvi ndizvo zvatinoziva, kuti akanga ari murume akarurama; uye kutaura kwakafamba nechechi rose

kuti akatorwa neMweya, kana kuti “akavigwa neruoko rwaIshe, sezvakaitwa Mosesi. Asi tarisai, magwaro anoti Ishe vakatora Mosesi; uye tinofungawo kuti akagashirawo Aruma mumweya; naizvozvo, nechikonzero ichi hapana chatinoziva maererano nokufa kana kuvigwa kwake.

20 Uye zvino zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechigumi nepfumbamwe rekutongwa kwemaNifai nevatongi, Hiramani akaenda mukati mevanhu akanotaura shoko kwavari.

21 Nokuti tarisai, pamusana pehondo dzavo nemaRamani netwuzhinji tweekupesana kwavo twusina maturo nokukanganisana kwaive pakati pevanhu, zvakaonekwa zvakafanira kuti “shoko raMwari ritaurwe kwavari, hongu, nokutiwo kuitwe chisungo muchechi kwosekwose.

22 Naizvozvo, Hiramani nevamwe vake vakaenda kunovandudzira nokumutsidzira chechi munyika, hongu, muguta rega-rega munyika yose yakanga iri yevanhu vaNifai. Uye zvakaitika kuti vakaisa vapirisita nevadzidzisi munyika yose, mumachechi ose.

23 Uye zvino zvakaitika kuti mushure mekunge Hiramani nevamwe vake vaisa vapirisita nevadzidzisi mumachechi pakave “nekunetsana pakati pavo,

14b Moro. 1:1–3.

15a Aruma 46:10; 62:40.

16a 2 Ni. 1:7;

Aruma 37:31;

Eta 2:8–12.

b D&Z 130:21.

c D&Z 1:31.

17a NKM Chechi yaJesu

Kristu.

19a NKM Vanhu

Vakapindurwa.

21a Aruma 31:5.

23a 3 Ni. 11:28–29.

uye havana kuteerera kuma-
zwi aHiramani nehama dzake.

24 Asi vakavamba kudada,
vakazvikudza mumwoyo mavo,
pamusoro ^apeupfumi hwavo
hwakawanda; naizvozvo va-
kakura muupfumi hwavo
mumaziso ^bavo, uye vakasate-
erera mazwi avo, kuti vafa-
mbe vakatwasanuka pamberi
paMwari.

CHITSAUKO 46

*Amarikaya anofunga zvekutora
umambo—Moronai anosimudza
mureza werusununguko—Anoti
vanhu ngavadzivirire kunamata
kwavo—Vatendi vechokwadi va-
nodaidzwa kuti muKristu—Vaka-
sara vemba yaJosefa vachachenge-
tedzwa—Amarikaya nevapanduki
vanotizira kunyika yaNifai—Avo
vasingatsigire rusununguko va-
nouraiwa. Zvingangove makore
73 kusvika ku72 Kristu asati
azvarwa.*

UYE zvakaitika kuti uzhinji
hweavo vakanga vasingade
kuteerera kumazwi aHiramani
nevamwe vake vakaungan-
dzana pamwechete kuti varwise
hama dzavo.

2 Uye zvino tarisai, vakashati-
rwa zvikuru, zvokuti vakashinga
kuti vavauraye.

3 Zvino mutungamiri weavo
vakanga vashatirirwa hama
dzavo akanga ari rimwe rume
hombe rakasimba; uye zita rake
ainzi Amarikaya.

4 Uye Amarikaya aida kuti ave

mambo; uye avo vanhu vaka-
nga vashatirwa vaidawo kuti
ave mambo wavo; uye vakanga
vari ivo vakawanda pavatongi
^avadiki venyika, uye vakanga
vachitsvaka simba.

5 Uye vakanga vatorwa neku-
nyengedzwa naAmarikaya, kuti
vakamutsigira uye vakamuita
kuti ave mambo aizovaita kuti
vave vatongi vevanhu.

6 Ndokunyengedzwa kwava-
kaitwa naAmarikaya vakapinda
mukupesana, kana dai zvazvo
Hiramani nevamwe vavo vai-
vaparidzira, hongu, kana dai
zvazvo vakanga vachichenge-
tedza chechi zvikuru, nokuti
ndivo vakanga vari vapirisita
vepamusoro pechechi.

7 Uye kwakanga kuine vazhi-
nji muchechi vaitenda mazwi
ekunyengedza aAmarikaya, na-
izvozvo naivo vakabva muche-
chi; uye ndokusaka nyaya dze-
vanhu vaNifai dzakanga dzisina
kunyatsoti twasa uye dziine
ngozi, kana dai zvazvo vakanga
^avakurira maRamani, nokufara
kwavo kukuru kwavakanga
vaita pamusana pokuti Ishe
vakanga vavaponesa.

8 Naizvozvo tinoona kuti vana
vevanhu ^avanokurumidza sei
kukanganwa Ishe Mwari vavo,
hongu, vanokurumidza sei
kuita zvitadzo, nokutakurwa
nadhiahborosi.

9 Hongu, uye tinoonawo kuti
^ahuipi hukuru hunogona kuko-
nzerwa nemunhu mumwechete
akaipa kwazvo pakati pevana
vevanhu.

24a NKM Upfumi.
b NKM Kudada.

46 4a Mosaya 29:11, 28–29.
7a Aruma 44:19–20.

8a Hir. 12:2, 4–5.
9a Mosaya 29:17–18.

10 Hongu, uye tinoona kuti Amarikaya, pamusana pekuti aive murume ane hudzvotsvo, uye ari murume ane mazwi mazhinji ekunyengedza, zvekuti akanyengedza mwoyo yevanhu vazhinji vakapinda mukuita zveupi; hongu, nokutsvaka kuparadza chechi yaMwari, nokuparadza hwaro “hwerusununguko rwavakanga vapihwa naMwari, kana kuti maropafadzo akanga atumirwa pamusoro penyika kuitira ^bvakarurama.

11 Uye zvino zvakaitika kuti Moronai, uyo akanga ari iye “mukuru wemauto amaNifai, pakanzwa nezvekupesana kwose uku, akashatirirwa Amarikaya.

12 Uye zvakaitika kuti akatsemura bhatye rake; uye akatora chipenga charo, akanyora pachiri kuti—“Mukurangarira Mwari vedu, kunamata kwedu, nerusununguko, nerunyararo rwedu, vakadzi vedu, nevana vedu—ndokubva achisungirira kumuro kwebango.

13 Uye ndokubva asunga chidzitiro chake chemumusoro, nechidzitiro chake chepachipfuva, nenhowo dzake, ndokusunga chiuno chake nenguwo yehondo; uye ndokutora bango, raakanga akasungirira chipenga chebhatye rake, (uye ndokuchidaidza kuti mureza werusununguko) uye akapfugama pasi, akanamata zvikuru kuna Mwari vake pamusoro pemapafadzo erusununguko kuti rwuve pa-

hama dzake, kana paine chikwata chemaKristu chiripo chasara kuti chitore nyika—

14 Nokuti vose vakanga vari vatendi vechokwadi muna Kristu, vaive vechechi yaMwari, ndiko kudaidzwa kwavaitwa neavo vakanga vasiri vechechi.

15 Uye vose avo vakanga vari vechechi vakanga vaine rutendo; hongu, vose avo vaive vatendi vechokwadi muna Kristu vaka-tora, nokufara, “zita raKristu, kana rekunzi ^bmaKristu sekuda-idzwa kwavaitwa, pamusana perudairo rwavo muna Kristu uyo akanga achizouya.

16 Uye naizvozvo, panguva iyi, Moronai akanamata kuti basa remaKristu, nerusununguko rwenyika zvikomborerwe.

17 Uye zvakaitika kuti paakanga adira mweya wake kuna Mwari, akadaidza dunhu rose rakanga riri kumaodzanyemba enyika “yeKuparadzwa, hongu, uye muchidimbu, yose nyika, kwose kuchamhembe nekumaodzanyemba—kuti nyika yakasarudzwa, nenyika yerusununguko.

18 Uye akati: Chokwadi Mwari havazobvumira kuti isu, tinoshorwa pamusana pekuti tinotakura zita raKristu, titsikirirwe nokuparadzwa, kudakara tato-zvidenhera nokutadza kwedu.

19 Uye Moronai zvaakanga ataura mazwi aya, akaenda mukati mevanhu, achisimudzira chipenga “chenhumbi yake mudenga,

10a 2 Ni. 1:7;
Mosaya 29:32.

b 2 Ni. 1:7.
11a Aruma 43:16-17.

12a Neh. 4:14;
Aruma 44:5.

15a Mosaya 5:7-9.
b Mabasa 11:26;

I Pet. 4:16.
17a Aruma 22:30-31.
19a NKM Mureza.

kuti vose vaone zvaakanga anyora pachipenga, uye achidaidzira nezwi guru, achiti:

20 Tarisai, ani zvake achadzivirira mureza uyu munyika, ngavauye vari musimba raIshe, uye vaite chibvumirano chekuti vachachengetedza zvinofanira kuve zvavo, uye nekunamata kwavo, kuti Ishe Mwari vavapafadze.

21 Uye zvakaitika kuti Moronai paakanga ataura mazwi aya, tarisai, vanhu vakauya vachimhanya pamwechete nezvombo zvavo zvakasangirirwa muzviuno zvavo, vachitsemura nhumbi dzavo sechiratidzo, kana sechibvumirano, chokuti havafe vakasiya Ishe Mwari vavo; kana kuti, nemamwe mazwi, kana vakatyora mirairo yaMwari, kana kuwira muzvitadzo, uye “vagonyara kutora zita raKristu, Ishe vachavatsemura kana sekutsemura kwavaita nhumbi dzavo.

22 Zvino ichi ndicho chaive chibvumirano chavakaita, uye vakakanda nhumbi dzavo pamakumbo aMoronai, vachiti: Tinoita chibvumirano naMwari vedu, kuti tichaparadzwa, kana sezvakaitwa hama dzedu munyika iri nechekuchamhembe, kana tikapinda mukutadza; hongu, ngaatika-nde pasi petsoka dzevavengi vedu, kana sekukanda kwaitaita nhumbi dzedu patso-ka dzako kuti dzitsikirirwe

netsoka, kana tikawira mukutadza.

23 Moronai akati kwavari: Tarisai, tiri vakasara vembeu yaJakobo; hongu, tiri vakasara “vembeu ^byaJosefa, uyo ‘anebhatye rakabvarurwa nevakoma vake rikaitwa zvipenga-zvipenga zvakawanda; hongu, uye zvino tarisai, ngatirangarirei kuchengeta mirairo yaMwari, kana kuti nhumbi dzedu dzichatsemurwa nehama dzedu, uye isu tigokandwa mutirongo, kana kutengeswa, kana kuuraiwa.

24 Hongu, ngatichengetedzei rusununguko rwedu “sevasara vaJosefa; hongu, ngatirangarirei mazwi aJakobo, asati afa, nokuti tarisai, akaona kuti chipenga chebhatye raJosefa chakachengetedzwa uye hachina kuora. Uye akati—Kana sekuchengetedzwa kwakaitwa ichi chipenga chebhatyi remwanakomana wangu, saka avo ^bvakasara vembeu yemwanakomana wangu vachachengetedzwa neruoko rwaMwari, uye vagotorwa naivo, apo vakasara vembeu yaJosefa vachafa, kana sechipe-nga chakasara chebhatye rake.

25 Zvino tarisai, izvi zvinopa mweya wangu kusuwa; zvakadaro, mweya wangu unerufaro mumwanakomana wangu, pamusoro pechidimu chembeu yake chichatorwa naMwari.

26 Zvino tarisai, uyu ndiwo waiva mutauro waJakobo.

21a 1 Ni. 8:25–28;
Morm. 8:38.

23a Gen. 49:22–26;
1 Ni. 5:14–15.

b NKM Josefa,
Mwanakomana
waJakobo.
c Gen. 37:3, 31–36.

24a Amosi 5:15;
3 Ni. 5:21–24; 10:17.
b 2 Ni. 3:5–24;
Eta 13:6–7.

27 Uye zvino ndiani anoziva kuti avo vembeu yaJosefa vakasara, vachafa sekufa kwakaita nhumbi dzake, ndivo vakapanduka kubva kwatiri? Hongu, uye tichadarowo nesu kana tisingamire takasimba murutendo muna Kristu.

28 Uye zvino zvakaitika kuti Moronai zvaakanga ataura mazwi aya akabva aenda, uye akatumirawo vamwe kumativi ose enyika kwakanga kuine kupesana, uye akaunganidza pamwechete vanhu vose vaida kuchengetedza rusununguko rwawo, kuti varwisane naAmarikaya neavo vakanga vabva mune vamwe, vakanga vave vanhu vaAmarikaya.

29 Uye zvakaitika kuti Amari-kaya paakaona kuti vanhu va-Moronai vakanga vakawanda kupfuura vaAmarikaya—uye akaonawo kuti vanhu vake vakanga vasina chokwadi nekururama kwebasa ravakange vatora—naizvozvo nekutya kuti angazotadza kuita zvaaida kuita, akatora avo vevanhu vake vaida uye ndokubva aenda kunyika yaNifai.

30 Zvino Moronai akafunga kuti hazvina kufanira kuti ma-Ramani vave nesimba zvakare; naizvozvo akafunga kuti vanhu vaAmarikaya avabvise kune vamwe, kana kuvatora nekuvadzosa, nokuuraya Amari-kaya; hongu, nokuti aiziva kuti anogona kuita kuti maRamani vavamukire nehasha, uye achiita kuti vaite hondo navo; uye izvi

aizviziva kuti Amari-kaya anoita kuti azadzikise chido chake.

31 Naizvozvo Moronai akafunga kuti zvakafanira kuti atore mauto ake, ayo akanga aungana pamwechete, uye vazvipa zvombo, uye ndokuita chibvumirano cherunyararo—uye zvakaitika kuti akatora mauto ake akaenda nematende ake murenje, kuti adimbudzire gwara remaAmarikaya murenje.

32 Uye zvakaitika kuti akaita maererano nezvaaida, akafamba achienda murenje, uye akadimbudzira mauto aAmarikaya.

33 Uye zvakaitika kuti Amari-kaya akatiza nevanhu vashomashoma, uye vakasara vakaiswa mumaoko aMoronai uye vakatorwa vakadzorerwa kunyika yeZarahemura.

34 Zvino, Moronai semunhu akanga akaiswa nevatongi nezvi revanhu, naizvozvo akanga aine simba rekuita zvaanoda nemauto emaNifai, kuamisa nekuatonga.

35 Uye zvakaitika kuti ani nani zvake wevaAmarikaya akanga asingade kupinda muchibvumirano chekutsigira rusununguko, kuti vachengetedze hurumende yakasununguka, aiita kuti aura-iwe; uye vakanga varipo vakati kuti vairamba kuita chibvumirano cherusununguko.

36 Uye zvakaitikawo zvakare kuti, akaita kuti mureza werusununguko uturikwe pane nharire yega-yega yaive munyika, yakanga iri yemaNifai; saka Moronai ndiko kudyara

kwaakaita mureza werusunu-
nguko pakati pemaNifai.

37 Uye vakatanga kuve neru-
nyararo zvakare munyika; uye
ndiko kuchengetedza kwavaka-
ita runyararo munyika kudaka-
ra kusvika pedyo nepekupera
kwegore rechigumi nepfumba-
mwe rekutonga kwevatongi.

38 Uye Hiramani nevapirisita
“vepamusoro vaichengetedza
urongwa hwakanaka muchechi;
hongu, kana kwemakore mana
chaiwo vakanga vaine runyara-
ro nokufara kukuru muchechi.

39 Uye zvakaitika kuti kune
vazhinji vakafa, “vachitenda
zvakasimba kuti mweya yavo
yakanga yanunurwa naIshe Jesu
Kristu; naizvozvo vakabva mu-
nyika vachifara.

40 Uye kwaive nevamwe va-
kafa pamusana pezvirwere, izvo
zvaiti pane imwe nguva yegore
zvowanda munyika—asi vaka-
nga vasiri vakawanda vaifa ne-
zvirwere, nokuti kwakange
kuine “miti yakanaka kwazvo
nemidzi zvakanga zvakagadzi-
rwa naMwari zvaibvisa zviko-
nzero zvezvirwere, zvaikonze-
rwa nekupinduka kwekunze—

41 Asi kwaive nevazhinji vaifa
nekukura; uye avo vakafa vari
murutendo rwaKristu “vanofara
maari, sezvatafanirwa kufunga.

CHITSAUKO 47

*Amarikaya anoshandisa kufurira,
kuponda, nokunyengedza kuti ave*

*mambo wemaRamani—Avo vaka-
bva kumaNifai ndivo vakanyanya
uipi nehugandanga kupfuura ma-
Ramani. Zvingangove makore 72
Kristu asati azvarwa.*

ZVINO tichadzokera muzvi-
nyorwa zvedu kunaAmarikaya
neavo vakange “vatiza naye va-
chienda murenje; nokuti tarisai,
akange atora avo vakaenda
naye, uye akaenda ^bkunyika
yaNifai pakati pemaRamani,
ndokupesvera maRamani kuti
vashatirirwe maNifai, zvekuti
mambo wamaRamani akatumi-
ra shoko munyika yose yake,
kuvanhu vake vose, kuti vau-
ngane pamwechete zvakare kuti
vanorwisana nemaNifai.

2 Uye zvakaitika kuti shoko
ratumirwa kwavari vakabatwa
nokutya kukuru; hongu, vaitya
kugumbura mambo, uye vachi-
tyawo kuenda kunorwisana
nemaNifai nokuti vaitya kura-
sikirwa neupenyu hwavo. Uye
zvakaitika kuti havana kuda,
kana kuti uzhinji hwavo hauna
kuda kuteerera shoko ramambo.

3 Zvino zvakaitika kuti mambo
akashatirwa pamusana peku-
sateerera kwavo; naizvozvo
akati kuna Amarikaya atunga-
mire chidimbu chemauto ake
chaiteerera mirairo yake, uye
ndokumuudza kuti aende ano-
vamanikidza kutora zvombo.

4 Zvino tarisai, izvi ndizvo
zvaidiwa naAmarikaya; se-
munhu akanga akangwarira
kuita zvakaipa saka akaronga

38a Aruma 46:6.

39a Moro. 7:3, 41.

40a D&Z 89:10.

41a Zvaka. 14:13.

47 1a Aruma 46:33.

b 2 Ni. 5:5–8;

Omu. 1:12–13.

mumwoyo make kuti abwise mambo wemaRamani pachigaro cheushe.

5 Uye zvino akanga ava kutinga chidimbu chemaRamani avo vakanga vachida mambo; uye akatsvaka kuti adiwe neavo vakanga vasingateerere mambo; saka akaenda kunzvimbo yainzi "Onaidha, nokuti ndiko kwakanga kwatizira maRamani ose; nokuti vakaona mauto achiuya, uye, vachifunga kuti aiuya kuvovaparadza, naizvozvo vakatizira kuOnaidha, kunzvimbo yezvombo.

6 Uye vakanga vaisa munhu yekuti ave mambo uye nemutungamiri wavo, vari vashinga mupfungwa dzavo nepfungwa yekuti havaizofa vakamanikidzwa kuti vaende kunorwisana nemaNifai.

7 Uye zvakaitika kuti vakanga vaungana pamwechete pamusoro pegomo rainzi Andipasi, vachigadzirira kurwa.

8 Zvino chakanga chisiri chido chaAmarikaya kurwa navo sekutumwa kwaakanga aitwa namambo; asi tarisai, pfungwa yake yaive yekuti adiwe nemauto emaRamani, kuti agove mukuru wavo agobvisa mambo paumambo uye agotora nyika.

9 Uye tarisai, zvakaitika kuti akaita kuti mauto ake adzike tende dzawo munhika yaive pedyo negomo reAndipasi.

10 Uye zvakaitika kuti hwava usiku akatuma munhu muruvande kugomo reAndipasi, achikumbira kuti mutungamiri

weavo vakanga vari mugomo, zita rake ainzi Rehondi, adzike mujinga pasi pegomo, nokuti aida kutaura naye.

11 Uye zvakaitika kuti Rehondi zvaakatambira shoko iri akatya kudzika pasi pegomo. Uye zvakaitika kuti Amarikaya akatumira zvakare kechipiri, achiti adzike. Uye zvakaitika kuti Rehondi akaramba; uye akatumira zvakare rwechitatu.

12 Uye zvakaitika kuti Amarikaya zvaakaona kuti haagone kuita kuti Rehondi adzike pasi kubva mugomo, akakwira iye mugomo, pedyo nepakange paine musasa waRehondi; uye akatumira shoko rake zvakare kechina kuna Rehondi, achiti ngaadzike pasi, nokuti auye nevachengeti vake.

13 Uye zvakaitika kuti Rehondi zvaakanga adzika pasi nevachengeti vake kuna Amarikaya, Amarikaya akamuti adzike nemauto ake panguva dzeusiku, uye osvikokomberedza vanhu ava vari mumisasa yavo, avo vaakapiwa namambo kuti vave pasi pake, uye akati aizovaisa mumaoko aRehondi, kana akamuita iye (Amarikaya) muteveri wake kumauto ose.

14 Uye zvakaitika kuti Rehondi akadzika pasi nehondo yake vakakomberedza vanhu vaAmarikaya, zvekuti vasati vamuka mambakwedza vakanga vatokombwa nemauto aRehondi.

15 Uye zvakaitika kuti zvavakaona kuti vakakombwa, vakakumbira kuna Amarikaya kuti

avabvumire kuti vasangane nehama dzavo, kuti vasaparadzwe. Zvino izvi ndizvo zvaida Amarikaya.

16 Uye zvakaitika kuti akaendesha vanhu vake, zvakanga “zvisiri izvo zvakanga zvataurwa namambo. Zvino izvi zvaidiwa naAmarikaya, kuti aite njere dzake dzekuti abvise mambo pachigaro cheumambo.

17 Zvino yakanga iri tsika yemaRamani kuti mutungamiri wavo mukuru akauraiwa, vaisarudza muteveri wake kuti ave mutungamiri wavo mukuru.

18 Uye zvakaitika kuti Amarikaya akaita kuti mumwe wevaranda vake vape chepfu kuna Rehondi zvishoma nezvishoma, kudakara afa.

19 Zvino, Rehondi afa, maRamani akaisa Amarikaya kuti ave mutungamiri wavo uye nemukuru wemauto.

20 Uye zvakaitika kuti Amarikaya akaenda nemauto ake (nokuti akanga awana zvaaida) kunyika yaNifai, kuguta raNifai, rakanga riri iro guta guru.

21 Uye mambo akauya kuzovachingura nevachengeti vake, nokuti akafunga kuti Amarikaya akange aita zvaakange amuudza kuti aite, nokutiwo Amarikaya aunganidza mauto akawanda zvikuru kuti vanorwisa maNifai.

22 Asi tarisai, mambo zvaaiuya kuzosangana naye Amarikaya akaita kuti varanda vake vanosangana namambo. Uye vakaenda vakakotama pamberi pamambo,

sekunge vari kumukudza pamusana pekutyisa kwake.

23 Uye zvakaitika kuti mambo akatambanudza ruoko rwake kuti avasimudze, setsika yemaRamani, sechiratidzo cherunyarraro, iri tsika yavakanga vatora kumaNifai.

24 Uye zvakaitika kuti paakanga asimudza wekutanga kubva pasi, tarisai akabaya mambo nepamwoyo chaipo, uye akabva awira pasi.

25 Zvino varanda vamambo vakatiza; uye varanda vaAmarikaya vakadaidzira, vachiti:

26 Tarisai, varanda vamambo vamubaya pamwoyo, uye apunzika uye ivo vatiza; tarisai, uyayi muone.

27 Uye zvakaitika kuti Amarikaya akaunza mauto ake kuti afore achinoona kuti chii chaitika kuna mambo; uye pavakanga vauya panzvimbo pacho, uye vachiona mambo arere muropa rake, Amarikaya akanyepera kushatirwa, uye akati: Ani zvake aida mambo, ngaauye, atevere varanda vake kuti vauraiwe.

28 Uye zvakaitika kuti vose avo vaidza mambo, pavakanzwa mazwi aya, vakaenda vakatandanisa varanda vamambo.

29 Zvino varanda vamambo pavakaona kuti vari kuteverwa nemauto, zvakavatyisa zvakare, uye vakatizira murenje, uye vakaenda kunyika yeZarahemura uye vakasangana “nevanhu vaAmoni.

30 Uye mauto akanga achivatandanisa akadzoka, vavata-

ndanisa vakatadza kuvabata; uye saka Amarikaya, nekunyengedza kwake, akatora mwoyo yevanhu.

31 Uye zvakaitika kuti ramangwana akapinda muguta raNifai nemauto ake, akatora gutaro.

32 Uye zvino zvakaitika kuti mambokadzi, paakanzwa kuti mambo auraiwa—nokuti Amarikaya akanga atumira nhume kuna mambokadzi achimuudza kuti mambo akanga auraiwa nevaranda vake, kuti iye akanga avatandanisa nemauto ake, asi vakatadza kuvabata, nokuti vakanga vapunyuka—

33 Naizvozvo, mambokadzi zvaakagashira shoko iri akatumira kuna Amarikaya, achimukumbira kuti asauraye vanhu vemuguta; uye akakumbirawo kuti auye kwaari; uye mambokadzi akatiwo auye nevanopupura maererano nekufa kwamambo.

34 Uye zvakaitika kuti Amarikaya akatora uye muranda iyeyo akanga auraya mambo, nevose vaakanga ainavo, uye ndokubva vaenda kuna mambokadzi, kunzvimbo yaakanga agere; uye vose vakapupura kuti mambo akanga auraiwa nevaranda vake; uye vakatiwo: Vatiza; izvi hazvivaroverere here? Uye naizvozvo vakagutsa mambokadzi maererano nerufu rwamambo.

35 Uye zvakaitika kuti Amarikaya akatsvaka kuti afarirwe namambokadzi, uye akamutora kuti ave mukadzi wake; uye saka

nokunyengedza kwake, nokuyamurwa neudzvotsvo hwevaranda vake, akawana umambo; hongu, akazivikanwa samambo munyika yose, muvanhu vose vemaRamani, vakange “vari maRamani nemaRemueri nemaIshmaeri, nevose vakanga vabva kumaNifai, kubvira panguva yekutonga kwaNifai kusvika nguva ino.

36 Zvino ava “vapanduki, vadzidziswa zvimwechetezvo nezvavaiziva maererano maNifai, hongu, vakanga vadzidziswa^b nezveruzivo rwumwecheterwo nezvaIshe, zvisinei, zvinoshamisa kutaura kuti, kanguva kadiki diki vapanduka vakave vanhu vakaoma zvikuru “nekusada kutendeuka, uye vakanyanya kupenga, uipi nehugandanga kupfuura maRamani—kunwa netsika yemaRamani; kuzviisa munungo, netsika dzose dzeufefe; hongu, kukanganwa Ishe Mwari vavo zvachose.

CHITSAUKO 48

Amarikaya anopesvera maRamani kuti varwe nemaNifai—Moronai anogadzirira vanhu vake kuti varwire Kristu vazvidzivire—Anofara mukuzvitonga nerusununguko uye ari munhu akagwinya waMwari. Zvingangove makore 72 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti, Amarikaya paakangowana umambo akatanga kutunha mwoyo

35a Jak. 1:13–14.
36a NKM Kurasika

Pachitendero.
b VaH. 10:26–27;

Aruma 24:30.
c Jer. 8:12.

yemaRamani kuti vavenge vanhu vaNifai; hongu, akaisa vanhu vekuti vanotaura nemaRamani vari munharire dzavo kuti vamukire maNifai.

2 Uye saka akatunha mwoyo yavo kuti vavenge maNifai, zvekuti mukupera kwegore rechigumi nemapfumbamwe rekutonga kwevatongi, iye akwanisa kuita zvaakanga akaronga kusvika panguva iyoyo, hongu, aitwa mambo wemaRamani, akatsvakawo kuti atonge yose nyika, hongu, nevanhu vose vaive munyika, maNifai zvose nemaRamani.

3 Naizvozvo akanga akwanisa zvaakanga achida, nokuti akanga aita kuti mwoyo yemaRamani iome uye ndokupofomadza pfungwa dzavo, uye ndokuvafurira kuti vashatirwe, zvekuti akaunganidza vakawanda kuti vaende kunorwisana nemaNifai.

4 Nokuti akanga akashingirira kuti, pamusana pekuwanda kwevanhu vake, akurire maNifai uye agovaisa muusungwa.

5 Uye saka akasarudza maZoramu kuti vave "vakuru vemauto, sezvo vari ivo vaiziva kuti maNifai ane simba rakadii, nokuziva nzvimbo dzavo dzavaitambira, nenzvimbo dzisina kusimba dzemaguta avo; naizvozvo akavaisa kuti vave vatungamiri vakuru vemauto ake.

6 Uye zvakaitika kuti vakatakura zvinhu zvavo, vakaenda

vakananga kunyika yeZarahe-mura vari murenje.

7 Zvino zvakaitika kuti Amari-kaya paakanga achitora simba nekunyepa nekunyengedza, Moronai, kune rumwe rutivi, akanga "achigadzira pfungwa dzevanhu kuti vave nerutendo ruzere muna Ishe Mwari vavo.

8 Hongu, akanga achisimbisa mauto emaNifai, uye akavaka tsvingo diki, kana kuti nzvimbo dzekuzororera; vachiita zvidziro zvevhu zvekudzivirira mauto ake, uye ndokuvaka zvidziro zvemambwe zvekuatenderedza, vakakomberedza maguta avo nemiganhu yeminda yavo; hongu, kutenderedza yose nyika.

9 Uye makanga musina kudzivirirwa zvakasimba aiisa vanhu vakawanda; uye ndokudzivirira nokusimbisa nyika yakanga iri yemaNifai.

10 Uye nokudaro akanga akagadzirira "kutsigira kuzvitonga, minda yavo, vakadzi vavo, nevana vavo, nerunyararo rwavo, nekuti vagare vari muna Ishe Mwari vavo, nekuti vachengetedze icho chainzi nevavengi vavo chinangwa chema chemaKristu.

11 Uye Moronai aive murume akasimba uye ari gamba; aive murume aive "nokunzwisisa kuzere; hongu, murume akanga asingafadzwe nokudeura ropa; murume aive nemweya waifadzwa nekuzvitonga nerusununguko rwenyika yake, nekuti hama dzake dzisunungurwe muusungwa nemuhutapwa;

12 Hongu, murume aive nemwoyo waizara nekutenda kuna Mwari vake, nokubatwa zvakanaka nemaropafadzo akawanda aakaisa pavanhu vake; murume aishanda zvine simba kushandira “magariro akanaka nekuchengetedzeka kwevanhu vake.

13 Hongu, uye akanga ari murume akasimba murutendo muna Kristu, uye akanga “akatsidza nechitsidzo kuti achadzivirira vanhu vake, zvake, nenyika yake, nokunamata kwake, kana kusvika mukurasikirwa neropa rake.

14 Zvino maNifai akanga akadzidziswa kuzvidzivirira kuvavengi vavo, kana pakusvika mukudeura ropa kana zvichifanira; hongu, uye vakanga vakadzidziswa kuti “vasambofa vakashatirisa, hongu, kuti vasasimudze munondo kunze kwekunge vachirwisana nemuvengi, nekunge vari kuchengetedza upenyu hwavo.

15 Uye urwu ndirwo rwaive rutendo rwavo, kuti nokudaro Mwari vaiita kuti vabudirire munyika, kana kuti nemamwe mazwi, kana vaine rutendo rwekuchengeta mirairo yaMwari vaizovaita kuti vabudirire munyika; hongu, kuvayambira kuti vatize, kana kugadzirira hondo, maererano nenjodzi yavanevari.

16 Uye nokutiwo, Mwari vaivazivisa kuti vangaende here

kunorwisa vavengi vavo kana kuti kwete, nokudaro Ishe vaivakundisa; uye urwu ndirwo rwaive ruvimbo rwaMoronai, uye mwoyo wake waifara nazvo; “kwete mukudeura ropa asi mukuita zvakanaka, mukuchengetedza vanhu vake, hongu, mukuchengeta mirairo yaMwari, hongu, nokuramba kupinda mukutadza.

17 Hongu, zviro kwazvo, zviro kwazvo ndinoti kwamuri, dai vose vanhu vaive, uye vakange, uye vave nariini, vakaita saMoronai, tarisai, masimba chaiwo egehena angadai akazunguzwa nokusingaperi; hongu, “dhiabhorosi angadai asina kumbove nesimba mumwoyo yevana vevanhu.

18 Tarisai, akanga ari murume akanga akaita saAmoni, mwanakomana waMosaya, hongu, uye kana nevamwe vanakomana vaMosaya, hongu, naArumawo nevanakomana vake, nokuti vose vakanga vari vanhu vaMwari.

19 Zvino tarisai, hazvireve kuti Hiramani aaitira vanhu zvishoma pane zvaiitwa naMoronai; nokuti vaiparidza shoko raMwari, uye vaibhabhatidza vaininge vatendeuka vose vari vana ani zvavo vainge vateerera kumazwi avo.

20 Uye ndiko kufamba kwavakaita, uye vanhu “vakazvirereka pamusana pemazwi avo, zvekuti ^bvakadiwa zvikuru naIshe,

12a NKM Ruyamuro.
13a Aruma 46:20-22.
14a Aruma 43:46-47;
3 Ni. 3:20-21;

Morm. 3:10-11;
D&Z 98:16.
16a Aruma 55:19.
17a 1 Ni. 22:26;

3 Ni. 6:15.
20a NKM Akazvininipisa.
b 1 Ni. 17:35.

naizvozvo vakasunungurwa mudzihondo nokupesana pakati pavo, hongu, kana kwemakore mana.

21 Asi, sekutaura kwandaita, mukupera kwegore rechigumi nepfumbamwe, hongu, kana dai zvazvo ivo vakanga vaine runyararo pachavo, vakamanikidzwa ivo vasingade kuti varwisane nehama dzavo, maRamani.

22 Hongu, uye muchidimbu, hondo dzavo hadzina kupera kwemakore mazhinji nemaRamani, kana dai zvazvo ivo vakanga vasingade.

23 Zvino, ^azvakavasuwisa kuti vatore zvombo zvavo kuti varwisane nemaRamani, nokuti vakanga vasingafarire zvekudeura ropa; hongu, uye izvi hazvizizvo zvose—vakanga vachisuwa kuti vabvise vazhinji vehama dzavo munyika ino vachivaisa munyika yokusingapere, vasati vagadzirira kusangana naMwari vavo.

24 Zvakadaro, havaibvumira kuti vaise upenyu hwavo pasi, kuti ^avakadzi vavo nevana vavo vapondwe neugandanga hwevanhu vaive hama dzavo, hongu, uye vakanga ^bvabva muchechi yavo, uye vakavasiya uye vakaenda kunovaparadza nekusangana nemaRamani.

25 Hongu, havaikwanisa kutarisa hama dzavo dzichifarira ropa remaNifai, kana paine avo vanochengeta mirairo yaMwari, nokuti Ishe vakavimbisa kuti, kana vakachengeta mirairo yavo vachabudirira munyika.

CHITSAUKO 49

Mauto emaRamani anotadza kutora maguta akavakirirwa eAmonaiha nereNoa—Amarikaya anotuka Mwari uye achibva ati achanwa ropa raMoronai—Hiramani nehama dzake vanoramba vachisimbisa Chechi. Zvingangove makore 72 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mumwedzi wechigumi nemumwetchete wegore rechigumi nepfumbamwe, muzuva rechigumi remwedzi, mauto emaRamani akaonekwa ave kusvika akanga munyika yaAmonaiha.

2 Uye tarisai, guta rakanga ravakwa patsva, uye Moronai akanga aisa mawuto kumuganhu weguta, uye vakanga vauanganidza marara vakatendredza kuti vasasvikwe nemiseve nematombo emaRamani; nokuti tarisai, vairwa nematombo nemiseve.

3 Tarisai, ndati guta ^areAmonaiha rakanga ravakwa patsva. Ndinoti kwamuri, hongu, rakavakwa patsva dzimwe nzvimbo; nenzira yekuti maRamani akambenge amboriparadza pamusana pezvitadzo zvevanhu, vakafunga kuti zvichave nyore kuriparadza zvakare.

4 Asi tarisai, vakagumbuka zvikuru; nokuti tarisai, maNifai akanga achera ivhu ndokuringanidza rakavakomberedza, rakareba zvekuti maRamani akatadza kukanda matombo nemiseve yavo kuti ivasvike,

havaikwanisa kusvika pavari kunze kwekunge vatopinda nepaipindwa napo.

5 Zvino panguva iyi vatumgamiri vakuru vemaRamani vakashamiswa zvikuru, neungwaru hwemaNifai mukugadzirira nzvimbo dzavo dzekuzvidzimirira.

6 Zvino vatungamiri vemaRamani vaifunga kuti, pamusana peuhwandu hwavo, hongu, vaifunga kuti vaizove nepundutso yekuvasvikira sezvavakambenge vaita; hongu, uye vakanga vazvigadzirirawo nenhowo, nezvidzitiro zvepazvipfuva; uye vakanga vazvigadzirirawo nhumbi dzematehwe, hongu, nhumbi hobvu chaidzo kuti vazvipfekedze.

7 Uye vakagadzirira kudai vakafunga kuti zvichave nyore kuti vakunde nekuisa hama dzavo mujoki reusungwa, kana kuvauraya nokuvaponda maererano nokuzvifadza zvavo.

8 Asi tarisai, vakashamiswa kwazvo, vakaona "vakagadzirirwa, netsika isina kumbenge yakaonekwa kana kuzivikanwa pakati pevana vaRihai. Zvino vakanga vakagadzirira maRamani, kuti varwe netsika yokudzidziswa kwavo naMoronai.

9 Uye zvakaitika kuti maRamani, kana kuti vaAmarikaya, vakashamiswa zvikuru nokugadzirira kwavo hondo.

10 Zvino, dai mambo Amarikaya akanga adzika kubva "munyika yaNifai, ari pamberi pemauto ake, zvimwe angadai

akaita kuti maRamani atange maNifai paguta reAmonaiha; nokuti tarisai, akanga asina haryn'a neropa revanhu.

11 Asi tarisai, Amarikaya haana kuuya iye pachake kuzorwa. Uye tarisai, vatungamiri vakuru vemauto ake vakazeza kudenha maNifai paguta reAmonaiha, nokuti Moronai akanga apindura maitirwo ezvinhu mukati memaNifai, zvekuti maRamani akagumbuka kwazvo kuona nzvimbo dzavo dzekuhwanda dzaiita kuti vatadze kuvarwisa.

12 Naizvozvo vakatizira murenje, uye ndokubva vapazamisasa yavo uye ndokubva vafora vakananga kunyika yaNoa, vachifunga kuti iyoyo ndiyo yaive nzvimbo yakanaka kuti vasangane nemaNifai.

13 Nokuti havana kuziva kuti Moronai akanga adzimirira, kana kuti akanga avaka "tsvingo munyika yose yaka tenderedza; naizvozvo, vakafora vachienda kunyika yaNoa nekushinga kukuru; hongu, vatungamiri vavo vakuru vakauya vakaita chitsidzo kuti vanoparadza vanhu veguta iroro.

14 Asi tarisai, vakashamiswa kwazvo, guta raNoa, iro rakanga risina kusimba kusvika zvino, rakanga rasimba, pamusana paMoronai, hongu, kana kusimba kupfuura guta reAmonaiha.

15 Uye zvino tarisai, uku kwaive kuchenjera kwaMoronai; nokuti akanga aona kuti vangatye kutanga guta raAmonaiha; uye

sezvo guta raNoa riri iro raka-
nga risina kusimba kusvika
zvino, akaziva kuti ndiko kwa-
vangade kupinda nako kuti
vaite hondo; naizvozvo zvaka-
itika sekuda kwake.

16 Uye tarisai, Moronai akanga
aisa Rihai kuti ave mutungamiri
mukuru wevanhu veguta iri;
uye ndiye Rihai “mumwechete-
yo akarwa nemaRamani munhi-
ka iri kumabvazuva kwerwizi
rweSidhoni.

17 Uye zvino tarisai zvakaitika
kuti, maRamani pavakaona kuti
guta iri raive pasi paRihai,
vakagumbuka, nokuti Rihai vai-
mutya zvikuru; zvakadaro vatu-
ngamiri vavo vakuru vakanga
vaita chitsidzo kuti vacharwisa
guta iri; saka vakauya nemauto
avo.

18 Zvino tarisai, maRamani
haaikwanisa kupinda mutsvingo
dzavo dzekuzvidzimirira neimwe
nzira kunze kwekunge vatopi-
nda nepasuwo guru, nenzira
yekureba kwechidziro chevhu
rakanga raunganidzwa, uye ne-
kudzika kwakanga kwakaita
mugero wakanga wakacherwa
wakakomberedza, kunze kwe-
kutopinda nepanopindwa napo.

19 Uye ndiko kugadzirira kwa-
kanga kwakaita maNifai kupa-
radza avo vose vainge vachida
kuedza kukwira kuti vapinde
mutsvingo neimwe nzira, vachi-
vatemala nematombo nokuvabaya
nemiseve.

20 Ndiko kugadzirira kwava-
kanga vakaita, hongu, chikwata
chevarume vakasimba, vaine

minondo nezvinziriri zvavo,
votema nekubaya vanenge voda
kuedza kupinda munzvimbo
yavo yekuzvidzimirira nepa-
nzvimbo yekupinda nayo; uye
ndiko kugadzirira kwavakanga
vakaita kuzvidzimirira kurwi-
swa nemaRamani.

21 Uye zvakaitika kuti vatu-
ngamiri vemaRamani vakauya
nemauto avo pasuo guru pai-
pindwa napo, uye ndokutanga
kurwisana nemaNifai, kuti
vapinde musvingo ravo; asi
tarisai, vaisaidzirwa kunze ngu-
va dzose, zvekuti vakauraiwa
nekuuruiwa kukuru.

22 Zvino zvavakaona kuti
vatadza kukurira maNifai, ne-
kupinda munzvimbo mavo,
vakatanga kukoromora zvidziro
zvevhu rakanga raunganidzwa
kuti vakwanise kuti mauto avo
apinde kuti vakwanise kurwisa-
na nayo; asi tarisai, mukuedza
uku, vaibva vatsvairwa nema-
tombo nemiseve zvaikandwa
kwavari; uye kunze kwekuti
vafushire migero nevhu rakau-
nganidzwa, migero yakafushi-
rwa nezvitunha zvavo neavo
vakanga vakuvara.

23 Naizvozvo maNifai vaka-
nga vaine simba rose kuvavengi
vavo; uye ndiko kuedza kwa-
kaita maRamani kuti vaparadze
maNifai kudakara vatungamiri
vavo vakuru vauraiwa vose; ho-
ngu, uye maRamani anopfuura
chiuru akauraiwa; asi kune ru-
mwe rutivi kumaNifai hakuna
kana mumwechete zvake akafa.

24 Paive nemakumi mashanu

evanhu vakakuvadzwa, vakabaiwa nemiseve yemaRamani yaipinda nepasuo guru, asi vakanga vakadzivirirwa nenhowo dzavo, nezvidzitiro zvavo zvezpazvipfuva, nezvidzitiro zvemisoro yavo, zvekuti maronda avo aive mumakumbo, mazhinji acho akanga akaipa chaizvo.

25 Uye zvakaitika kuti, maRamani paakaona kuti vatungamiri vavo vakuru vose vauriwa vakatizira murenje. Uye zvakaitika kuti vakadzokera kunyika yaNifai kunoudza mambo wavo Amarikaya, akazvarwa ari muNifai, nezvekurasikirwa kwavakanga vaita.

26 Uye zvakaitika kuti akashatirirwa vanhu vake zvikuru, nokuti akanga atadza kuita maNifai zvaakanga achida kuvaita; akanga atadza kuvaisa mujoki reusungwa.

27 Hongu, akashatirwa zvikuru, uye “akatuka Mwari, uyewo naMoronai, akapika ^bnechitsidzo kuti achanwa ropa rake; uye izvi pamusana pekuti Moronai akanga achengeta mirairo yaMwari mukugadzirira vanhu vake kuti vasapinde mungozi.

28 Uye zvakaitika kuti, kune rumwe rutivi, vanhu vaNifai “vakatenda Ishe Mwari vavo, pamusoro pesimba ravo risingaenzaniswe, mukuvabvisa mumaoko evavengi vavo.

29 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechigumi nepfumbamwe rekutongwa kwemaNifai nevatongi.

30 Hongu, uye makave neru-

nyararo pakati pavo, uye chechi ikabudirira zvinoshamisa pamusana pekteerera kwavo nokusimba kwavo mushoko raMwari, iro rakataurwa kwavari naHiramani, naShibhuroni, naKoriandoni, naAmoni nehama dzavo, hongu, uye neavo vose vakanga vaiswa “nehurongwa hutsvene hwaMwari, vachibhabhatidzwa vatendeuka, uye vachitumirwa kunoparidzira vanhu.

CHITSAUKO 50

Moronai anodzivirira minda yemaNifai — Vanovaka maguta mazhinji matsva — MaNifai akawirwa nehondo nekuparadzwa mumazuva ehuiipi nekutadza kwavo — Moria-ndoni nevapanduki vake vanokurirwa naTeangumu — Nifaiha anofa, uye mwanakomana wake Pahorani anotora chigaro chekutonga. Zvingangove makore 72 kusvika ku67 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti Moronai haana kuregera kugadzirira hondo, kana kudzivirira vanhu vake kumaRamani; nokuti akaita kuti mauto ake atangise mukutanga kwegore rechimakumi maviri rekutonga kwevatongi, kuti vatange kuchera mirwi yevhu vachitenderedza ose maguta, munyika yose yakanga iri yemaNifai.

2 Uye pamusoro pevhu rakananganidzwa iri akati paiswe mapango, hongu, matanda anorongwa kudakara areba

27a NKM Kutaura zvisina.
b Mabasa 23:12.

28a NKM Kupakutendo.
30a Aruma 43:2.

kuenzana nemunhu, akakombedza maguta.

3 Uye akaita kuti pamusoro pe-mapango iwayo padzikwe hoko dzakatendererawo; uye dzakanga dzakasimba uye dzakareba.

4 Uye akaita kuti kumiswe nharire dzakatarisa pahoko dziye, uye akaita kuti pamusoro penharire pava kwe twumba, kuti matombo nemiseve yemaRamani isavasvike ichivakuvadza.

5 Uye vakanga vakagadzirirwa zvekuti vaikwanisa kukanda matombo vari pamusoro ipapo, maererano nokuda kwavo nesimba ravo, uye vachigona kuuraya uyo anenge aedza kusvika pedyo nechidziro cheguta.

6 Ndiko kugadzira kwakaita Moronai nzvimbo dzakasimba achitenderedza guta rega-rega munyika, kugadzirira panenge pazouya vavengi.

7 Uye zvakaikita kuti Moronai akati mauto ake aende kurenje rekumabvazuva; hongu, uye vakaenda vakanotandanisa vose maRamani vaive murenje rekumabvazuva vachivatandanisira kunyika yavo, yakanga iri kumaodzanyemba enyika yaZarahemura.

8 Uye nyika yaNifai yakanga iine muganhu wakati twasa kubvira kugungwa rekumabvazuva kusvika kumadokero.

9 Uye zvakaikita kuti Moronai zvaakanga atandanisa vose maRamani murenje rekumabvazuva, rakanga riri kuchamhembe kwenyika yavo ivo, akaita kuti vanhu vakanga vagere munyika

yaZarahemura nemumatunhu akatenderedza vaende murenje rekumabvazuva, kana kunosvika kumuganhu negungwa, uye vatore nyikayo.

10 Uye akaisawo mauto kumadzanyemba, kumuganhu nezvinhu zvavo, uye ndokuvati vavake “tsvingo kuti vadzivirire mauto avo nevanhu vavo mu-maoko evavengi vavo.

11 Uye naizvozvo akabvisa dzose nzvimbo dzaisimbwa nadzo nemaRamani murenje rekumabvazuva, hongu, nekumadokero, nekudzivirira muganhu waive pakati pemaNifai nemaRamani pakati penyika yeZarahemura nyenika yaNifai, kubvira kugungwa rekumadokero, zvichienda kwakatangira rwizi rweSidhoni — nyika yose iri kuchamhembe iri yemaNifai, hongu, kana nyika yose yaive kuchamhembe kwenyika yainzi Maguta, sezvainge zvavafadza kuita.

12 Naizvozvo Moronai, nemauto ake ayo aiwanda zva nezva pamusana pekuziva kuti vakadzivirirwa nemabasa ake, akatsvika kubvisa simba remaRamani munyika dzaive dzavo, kuti vashaye simba pamusoro penyika dzavo.

13 Uye zvakaikita kuti maNifai vakatangisa hwaro hweguta idzva, uye vakadaidza guta idzva iri kuti Moronai; uye rakanga riri pedyo negungwa rekumabvazuva; uye raive kumaodzanyemba mumutsetse wezvinhu zvaive zvemaRamani.

14 Uye vakatangisawo humwe hwaro hwerimwe guta pakati peguta raMoronai neguta raAroni, richisangana nemiganhu yeMoronai neAroni; uye vakadaidza guta iri, kana nzvimbo yacho, kuti Nifaiha.

15 Uye vakatangawo gore iroro kuvaka maguta akawanda nechekuchamhembe, rimwe nei-mwe tsika yavakadaidza kuti Rihai, rakanga riri kuchamhembe pedyo negungwa.

16 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi maviri.

17 Vanhu vaNifai vakanga vari mukati mekubudirira mukutanga kwegore rechimakumi maviri nerimwechete ekutongwa kwemaNifai nevatongi.

18 Uye vakabudirira zvikuru, uye vakapfuma zvikuru; hongu, uye vakawanda uye vakasimba munyika.

19 Uye naizvozvo tinoona kuti Ishe vane tsitsi nekukurama muzviito zvavo, mukuzadzikisa mazwi avo ose kuvana vevanhu; hongu, tinoona kuti mazwi avo akasimbiswa, kana panguva ino, zvavakataura kuna Rihai, vachiti:

20 Wakaropafadzwa iwe nevana vako, uye vacharopafadzwa, kana vari vanochengeta mirairo yangu vachabudirira munyika. Asi yeukai, kuti kana vasingachengete mirairo yangu “vachabviswa pamberi paIshe.

21 Uye tinoona kuti zvivimbiso izvi vakasimbiswa kuvanhu vaNifai; nokuti kwange kuri kukakavadzana kwavo noku-

rwisana kwavo, hongu, kupondana kwavo, nokuparadza kwavo, kunamata mifananidzo kwavo, upombwe hwavo, nekuipa kwavo, kwaive mukati mavo, zvakavakonzera hondo nokuparadzwa kwavo.

22 Uye avo vakanga vaine rutendo vakachengeta mirairo yaIshe vaiponeswa nguva dzose, zviuru nezviuru zvehama dzavo zvichiiswa muusungwa, kana kurufu rwekubaiwa nemunondo, kana kuderera mukusatenda, nokusangana nema-Ramani.

23 Asi tarisai hakuna kumbove “nekufara pakati pemaNifai, kubvira kunguva dzaNifai, kupfura nguva yaMoronai, hongu, kana panguva ino, mugore rechimakumi maviri ane rimwechete ekutonga kwevatongi.

24 Uye zvakaitika kuti kana gore rechimakumi maviri nemaviri rekutonga kwevatongi narowo rakapera murunyararo; hongu, uye narowo gore rechimakumi maviri nematatu rakaperao murunyararo.

25 Uye zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechimakumi maviri nemana rekutonga kwevatongi, mungadai makanga muine runyararo mukati mevavahu vaNifai dai pasina kuti “vakanetsana pamusana penyika yaRihai, nyenika yaMoriandoni, yaiganhurana nyenika yaRihai; dzose dzakange dzichiganhurana negungwa.

26 Nokuti tarisai, vanhu vaive varidzi venyika yaMoriandoni

vaiti chimwe chidimu chenyika yaRihai ndechavo; naizvozvo pakatanga kuita nharo dzinopisa pakati pavo, zvekuti vanhu veMoriandoni vakatora zvombo zvekurwisa hama dzavo, uye vakashinga kuti vavabaye vafe nemunondo.

27 Asi tarisai, vanhu vakanga vari varidzi venyika yaRihai vakatizira kunzvimbo yeMoronai, vakanomukumbira ruyamuro; nokuti tarisai havana chavakanga vakanganisa.

28 Uye zvakaitika kuti vanhu veMoriandoni, vaitungamirwa nemurume ainzi Moriandoni zita rake, zvavakaona kuti vanhu veRihai vatizira kuna Moronai, vakatya zvikuru kuti zvimwe mauto aMoronai anga uye akavaparadza.

29 Naizvozvo, Moriandoni akazviisa mumwoyo yavo kuti vatizire kunyika yaive nechekuchamhembe, yakanga izere nemadziva emvura, uye vatore nyika yaive nechekuchamhembe.

30 Uye tarisai, zano iri vanga dai vakariita, (chingadai chakave chinhu chavaizochema) asi tarisai, Moriandoni semunhu akanga aine hasha dzakanyanya, naizvozvo akashatirirwa mumwe wevarandakadzi vake, akamutsika-tsika akamurova kwazvo.

31 Uye zvakaitika kuti akatiza, uye akauya kunzvimbo yaMoronai, uye akataurira Moronai zvose maererano nenyaya iyi, nezvemaererano nokuda kwavo kuti vatizire kunyika iri kuchamhembe.

32 Zvino tarisai, vanhu vaive munyika yeMaguta kana kuti yaMoronai, vakatya kuti vachateerera kumazwi aMoriandoni uye vobatana nevanhu vake, uye obva atora matunhu enyika, izvo zvaibva zvadzika hwaro hwematambudziko akanyanya pakati pevanhu vaNifai, hongu, uye matambudziko acho anoita kuti varasikirwe “nerusununguko rwavo.

33 Naizvozvo Moronai akatumira mauto, nezvinhu zvavo, kuti vadimbudzire vanhu vaMoriandoni, kuti vavamise mukutizira kwavo kunyika yeche kuchamhembe.

34 Uye zvakaitika kuti havana kuvadimbudzira kudakara vasvika kumuganhu wenyika ya-inzi “yeKuparadzwa; uye ikoko ndiko kwavakavadimbudzira, mukamupata kakamanika kaienda kudunhu raive kuchamhembe, hongu, nechekugungwa, kumadokero nokumabvazuva.

35 Uye zvakaitika kuti mauto akatumirwa naMoronai, akanga achitungamirwa nemurume ainzi Teangumu, akasangana nevanhu vaMoriandoni; uye vanhu vaMoriandoni vakaita umwe hushwindi hunoshamisa (vachitunhwa neupi uye nema-zwi ake ekunyengedza) zvekuti pakatanga hondo pakati pavo, muhondo umu Teangumu akabaya Moriandoni uye akakurira mauto ake, uye akavatora sevasungwa, uye akadzokera kunzvimbo yaMoronai. Uye ndiko kupera kwakaita gore

rechimakumi maviri nemana ekutongwa kwevanhu vaNifai nevatongi.

36 Uye ndiko kudzorwa kwakaitwa vanhu vaMoriandoni. Uye vaita chibvumirano chavo chekuti havachazokonzera hono zvakare vachigara murunyararo vakadzorerwa kunyika yaMoriandoni, uye pakaita kubatana pakati pavo nevanhu vaRihai; uye vakadzorerwawo kunyika kwavo.

37 Uye zvakaitika kuti mugore rimwechetero vanhu vaNifai ravakawana runyararo rwuchidzorerwa kwavari, kuti Nifaiha, mutevedzi wemutongi mukuru, akafa, atora chigaro chokutonga nekutwasuka kwuzere pamberi paMwari.

38 Zvakadaro, akanga arambidza Aruma kuti atore izvo zvinyorwa neizvo zvinhu zvaikoshwa kuna Aruma nemadzibaba ake sezvinhu zvinoera; naizvozvo Aruma akanga azvipa kumwanakomana wake Hiramani.

39 Tarisai, zvakaitika kuti mwanakomana waNifaiha akasarudzwa kuti atore nzvimbo yekutonga yababa vake, semutongi; hongu, akaitwa mutongi mukuru nagavhuna wevanhu, nechitsidzo nechisungo chekutonga zvakarurama, nekuchengetedza runyararo nerusununguko rwevanhu, nekuvapa zvakakodzera zvavo zvinoera kunamata Ishe Mwari vavo, hongu, kutsigira nokuchengeta zvinodiwa naMwari mazuva ake ose, uye kuranga vakaipa maererano nemhosva dzavo.

40 Zvino tarisai, zita rake ainzi

Pahorani. Uye Pahorani akagara chigaro chababa vake, uye akatanga kutonga kwake mukupera kwegore rechimakumi maviri nemana, ekutongwa kwevanhu vaNifai.

CHITSAUKO 51

Vanhu vamambo vanotsvaka kupindura mutemo nokuisa mambo—Pahorani nevakasununguka vanotsigirwa nezwi revanhu—Moronai anomanikidza vanhu vamambo kuti varwire nyika yavo kana kuti vauraiwe—Amarikaya nemaRamani vanotora maguta mazhinji akadziwirirwa—Teangumu anorwisa maRamani uye ndokuuraya Amarikaya mutende make. Zvingangove makore 67 kusvika ku66 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechimakumi maviri nemashanu ekutongwa kwemaNifai nevatongi, ivo vange vadzika runyararo pakati pevanhu vaRihai nevanhu vaMoriandoni maererano nenyika dzavo, uye vari vakanga vatanngisa gore rechimakumi maviri nemashanu murunyararo.

2 Zvakadaro, havana kukwanisa kuti nyika irambe iri murunyararo kwenguva huru, nokuti pakatanga kuve nokupešana pakati pevanhu pamusoro penyaya yemutongi mukuru Pahorani; nokuti tarisai, kwaive nechimwe chidimu chevanhu chaida kuti zvimwe zvinhu zvemutemo dai zvapindurwa.

3 Asi tarisai, Pahorani haana kubvuma kupinduka kana

kubvumira kuti mutemo upindurwe; naizvozvo, haana kuteerera avo vakanga vatumira zvichemo zvavo maererano nokuti mutemo upindurwe.

4 Naizvozvo, avo vakanga vachida kuti mutemo upindurwe vakamushatirirwa, uye vakati ngaachirega kuve mutongi mukuru wenyika; naizvozvo pakave nenharo dzinopisa maererano nenyaya iyi, asi pasina kudeura ropa.

5 Uye zvakaitika kuti avo vakanga vachida kuti Pahorani abviswe pachigaro chekutonga vakadaidzwa kuti vanhu vama-mbo, nokuti vaida kuti mutemo upindurwe netsika inobvisa hurumende yakasununguka uye kuiswe mambo anotonga nyika.

6 Uye avo vaida kuti Pahorani arambe ari mukuru wevatongi wenyika vakazvidaidza kuti vasununguki; saka pakave nekupesana pakati pavo, nokuti vasununguki vakanga vatsidza kana kuti vakanga vabvumirana kuti vanochengetedza zvose zvavo nezvekunamata kwavo muhurumende yakasununguka.

7 Uye zvakaitika kuti nyaya yekupesana kwavo uku yakapedzwa nezwi revanhu. Uye zvakaitika kuti izwi revanhu rakareverera vasununguki, uye Pahorani akaramba ari pachigaro chekutonga, zvakakonzera kufara kukuru pakati pehama dzaPahorani nevazhinji vevanhu vekuzvitonga, vakaitawo kuti vanhu vamambo vanyara-

re, kuti vasashore asi kuti vachengetedze rusununguko.

8 Zvino avo vakanga vachida madzimambo ndeavo vakanga vakazvarwa kudzimba “huru, uye vaitsvaka kuti vave madzishu; uye vaitsigirwa neavo vaidaida simba nemvumo muvanhu.

9 Asi tarisai, iyi yakanga iri nguva yakaipa yekuti kuve nekupesana kwakadaro mukati mevanhu vaNifai; nokuti tarisai, Amarikaya akanga aita zvakare kuti mwoyo yevanhu vaRamani imukire vanhu vaNifai, uye akanga achiunganidza varwi kubva kumativi ose enyika, nokuvapa zvombo, nokugadzirira hondo nesimba rose; nokuti akanga “apika kuti achanwa ropa raMoronai.

10 Asi tarisai, tichaona kuti akavimbisa izvi asina kufunga; zvakadaro, akazvigadzirira nemauto ake kuti azorwisa maNifai.

11 Zvino mauto ake akanga asisina kuwanda sezvaakambenge akaita, pamusana pezviuru zvakanga zvauraiwa neruoko rwemaNifai; asi kana dai zvazvo vakarasikirwa zvikuru kudai, Amarikaya akanga aunganidza mauto akawanda zvinoshamisa, zvekuti haana kutya kudzika kunyika yeZarahemura.

12 Hongu, kana Amarikaya pachake akauya, akatungamira maRamani. Uye maive mugore rechimakumi maviri nemashanu ekutonga kwevatongi; uye yaive nguva imwecheteyo yavakanga vatanga kugadzirisa

nyaya yavo yekupesana kwavo pamusana pezvemukuru wevatongi, Pahorani.

13 Uye zvakaitika kuti varume vaidaidzwa kuti vanhu vama-mbo pavakanzwa kuti maRamani vari kuuya kuzovarwisa, vakafara mumwoyo yavo; uye vakaramba kutora zvombo, nokuti vakanga vakashatirirwa mukuru wevatongi, “nevanhu vekuzvitonga, zvekuti vakati havatore zvombo zvekudzivirira nyika yavo.

14 Uye zvakaitika kuti Moronai paakaona izvi, uye akaonawo kuti maRamani vakanga vave kupinda munyika, akashatirwa zvikuru pamusana pehushwindi hwevanhu vaakanga atambudzikira nesimba kudaro; hongu, akashatirwa zvikuru, mweya wake wakazara nekuvashatirirwa.

15 Uye zvakaitika kuti akatumira chichemo, chinezwi revanhu, kugavhuna wenyika, achimuti achiverenge, agopa iye (Moronai) simba rekumankidza avo vakanga vasingade kurwira nyika yavo kana kuti avauraye.

16 Nokuti ndichochinhu chaida kutanga kuita kuti apedze kupesana nokupanduka pakati pevanhu; nokuti tarisai, ichi ndichochinhu kusvika zvino chaita kuti vaparadzwe. Uye zvakaitika kuti zvakabvumwa sekukumbirwa kwazvakaitwa nezwi revanhu.

17 Uye zvakaitika kuti Moronai akaudza mauto ake kuti

anorwisa vaye vanhu vama-mbo, kuti avaturure mukuzvida kwavo noushe hwavo avapfukudzire kuenzana nevhu, kana kuti vatore zvombo vatsigire kuzvitonga.

18 Uye zvakaitika kuti mauto akafora kunovarwisa; uye vakaturura mukuzvida kwavo noushe hwavo, zvekuti pose pavaiedza kurwisa vanhu vaMoronai vaibva varakashwa vopfukudzirwa kuita sevhu.

19 Uye zvakaitika kuti kwakave nezviuru zvina “zvevapanduki ava zvakarakashwa nemunondo; uye avo vevatungamiri vavo vasina kuuraiwa muhondo vakatorwa vakanokandwa mutirongo, nokuti pakange pasina nguva yekuvatonga panguva iyoyo.

20 Uye avo vevapanduki vakanga vasara, pane kuuraiwa nemunondo, vakatya mureza wekuzvitonga, uye vakamani-kidzwa kuturika “mureza wekuzvitonga panharire dzavo, uye mumaguta avo, nokutora zvombo kuti varwire nyika yavo.

21 Uye Moronai akapedza zve-avo vanhu vamambo, zvekuti hakuna akazozivikanwa nokunzi vanhu vamambo; uye ndiko kupedza kwaakaita hushwindi nekuzvida kweavo vaiti vane ropa reushe; asi vakatururwa kuti vazvirereke sehama dzavo, nokurwa semagamba kurwira rusununguko rwavo kubva muusungwa.

22 Tarisai, zvakaitika kuti “Moronai zvaakanga achirwisa-

na nehondo nekupesana mukati mevanhu vake, uye achivaita kuti vave nerunyararo nokupunduka, uye achiita zvimiswa zvekugadzirira hondo nemaRamani, tarisai, maRamani akanga atopinda munyika yeMoronai, divi rakange rakaganhurana negungwa.

23 Uye zvakaitika kuti maNifai vakanga vasina kunyatsosimba muguta raMoronai; naizvozvo Amarikaya akavatandanisa, achiuraya vakawanda. Uye zvakaitika kuti Amarikaya akatora guta iri, hongu, akatora dzose tsvingo dzavo.

24 Uye avo vakatiza kuguta reMoronai vakauya kuguta raNifaiha; uye vanhuwo veguta raRihai vakaungana pamwechete, uye vakagadzirira vakamirira maRamani kuti vauye kuzorwa.

25 Asi zvakaitika kuti Amarikaya haana kubvumira maRamani kuti vanorwisa guta raNifaiha, asi akaita kuti vagare pedyo negungwa, achisiya varume muguta rega-rega vekuridzivirira.

26 Uye ndiko kufamba kwaaita, achitora maguta akawanda, guta reNifaiha, neguta raRihai, neguta raMoriandoni, neguta reOmuna, neguta raGidhi, neguta raMureki, ose aive nehekumuganhu pedyo negungwa.

27 Uye ndiko kuwana kwakaita maRamani, nekuchenjera kwaAmarikaya, maguta akawanda kudai, nevanhu vacho vasingaverengeke, ose ari aka-

nga akavakirirwa zvakasimba netsika “yetsvingo dzaMoronai; ose aipa nzvimbo dzakasimba kumaRamani.

28 Uye zvakaitika kuti vakafora vakananga kumiganhu yenyika yeMaguta, vachitandanisa maNifai uye vachivauraya.

29 Asi zvakaitika kuti vakaasangana naTeangumu, uyo akanga “auraya Moriandoni nokudimbudzira vanhu vake mukutiza kwavo.

30 Uye zvakaitika kuti akadimbudzira Amarikayawo, zvaa-kanga achifora nemauto ake akawanda achida kunotoro nyika yeMaguta, nenyikawo yaive kuchamhembe.

31 Asi tarisai akagumburwa nekurwiswa naTeangumu nevanhu vake, nokuti vaive magamba; nokuti wose munhu waTeangumu aikunda maRamani musimba uye mukuziva kurwa, zvekuti vakanga vari pamusoro pemaRamani.

32 Uye zvakaitika kuti vakanetsa, zvekuti vakavauraya kudakara kunze kwasviba. Uye zvakaitika kuti Teangumu nevanhu vake vakadzika matende avo mukati menyika yeMaguta; uye Amarikaya akadzika dzake mumuganhu nehekugungwa, netsika iyoyi vakabviswa.

33 Uye zvakaitika kuti hwave usiku, Teangumu nemuranda wake vakaverera vakabuda usiku, uye vakaenda mumusasa waAmarikaya; uye tarisai, vakannga vakundwa nehope pamusana pekuneta kwavo, kwakanga

kwakonzwa nemabasa avaiita nekupisa kwekunze.

34 Uye zvakaitika kuti Teangumu akanopinda mutende yamambo asingaonekwe, akamubaya pamwoyo nechipfumo; uye zvakaita kuti mambo afe pakarepo asina kumutsa varanda vake.

35 Uye akadzokera zvakare asingaonekwe kumusasa wake, uye tarisai, vanhu vake vakanga vakakotsira, uye akavamutsa akavaudza zvose zvaakanga aita.

36 Uye akaita kuti mauto ake agare akagadzirira, achityira kuti maRamani zvimwe angamuke akauya kuzovarwisa.

37 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi maviri nemashanu ekutongwa kwemaNifai nevatongi; uye ndiko kupera kwakaita mazuva aAmarikaya.

CHITSAUKO 52

Amoroni anoitwa mambo wemaRamani munzvimbo yaAmarikaya — Moronai, Teangumu, naRihai vanotungamirira maNifai mukukunda maRamani muhondo — Guta raMureki rinotorwa zvakare, uye Jakobho muZoramumu anouraiwa. Zvingangove makore 66 kusvika ku64 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mugore rechimakumi maviri nemakore matanhatu ekutongwa kwemaNifai nevatongi, tarisai, maRamani pavakamuka murungwanani rwekutanga rwe-mwedzi, tarisai, vakaona Ama-

rikaya akafa mutende make; uye vakaonawo kuti Teangumu akanga agadzirira kuvarwisa musii iwoyo.

2 Uye zvino, maRamani pava-kaona izvi vakatya; uye vakabva varega pfungwa yavo yekuti vafore vachipinda munyika yaive nechekuchamhembe, vakabva vadududza nematico avo ose vakapinda muguta reMureki, uye vakatsvika kuzvidzivirira mutsvingo dzavo.

3 Uye zvakaitika kuti munin'ina waAmarikaya akaitwa mambo wevanhu; uye zita rake ainzi Amoroni; naizvozvo mambo Amoroni, munin'ina wamambo Amarikaya, akaitwa kuti atonge munzvimbo yake.

4 Uye zvakaitika kuti akaudza vanhu vake kuti vachengete ayo maguta, avakanga vatora nekudeura ropa; nokuti hapana guta ravakatora vasina kuraskirwa neropa rakawanda.

5 Uye zvino, Teangumu akaona kuti maRamani vakanga vakashinga kuchengetedza ayo maguta avakanga vatora, nematunhu avakanga vatorawo; uye achiona nekuwanda kwavakanga vakaita, Teangumu akaona kuti hazvifanire kuti aedze kuvatanga vari mutsvingo dzavo.

6 Asi akaita kuti vanhu vake vangotenderera-tenderera vachita sevari kugadzirira hondo; hongu, ichokwadi akanga achigadzirira kuzvidzivirira, "nokumisa zvidziro zvakatenderedza nokugadzira nzvimbo dzekuhwanda.

7 Uye zvakaitika kuti akaramba achigadzirira hondo kudaro kudakara Moronai atumira varume vazhinji vekuzosimbisa mauto ake.

8 Uye Moronai akatumirawo shoko kwaari kuti achengete vose vasungwa vanenge vawira mumaoko ake; nokuti sezvo maRamani akanga atora vasungwa vakawanda, iye achengete vose vasungwa vemaRamani kuti vagotsikinura avo vakatorwa nemaRamani.

9 Uye akatumirawo shoko kwaari kuti adzivirire nyika ye-Maguta, uye atore “kamupata kakamanika kanopinda munyika yekuchamhembe, nokuti maRamani vangangokatora vakawana simba rekuvanetsa kumativi ose.

10 Uye Moronai akamutumirawo shoko, achimuda kuti ave anovimbika mukuchengetedza divi renyika iroro, nokuti pose paanenge awana mukana arove maRamani ari divi iroro, sezvanenge akwanisa, kuti zvimwe angatore zvakare nemazano ose aanokwanisa kana nedzimwe nzira ayo maguta akanga abvutwa mumaoko avo; uye kuti avakirire ruzhowa nekusimbisa maguta akatenderedza, akanga asina kuwira mumaoko ema-Ramani.

11 Uye akatiwo kwaari, ndingadai ndauya kwaari, asi tarisai, maRamani anesu munganhu yenyika iri kugungwa rechekumadokero; uye tarisai, ndiri kuenda kunovarwisa,

saka handikwanise kuuya kwaari.

12 Zvino, mambo (Amoroni) akanga abva munyika yeZarahe-mura, uye akanga azivisa mam-bokadzi nezvekufa kwemukoma wake, uye akaunganidza pamwechete varume vakawanda, uye akafora akaenda kunorwisa maNifai kumuganhu wechekugungwa rekumadokero.

13 Uye ndiko kuedza kwaakanga achiita kupfuvisa maNifai, nekuti akwezvere chidimbu chemauto avo kudivi renyika iroro, avo vaakasiya shure ndokuvaudza kuti vagare mumaguta aakanga atora, kuti naivowo vapfuvise maNifai kumiganhu yegungwa rekumabvazuva, uye vatore matunhu avo sekukwanisa nesimba ravo, uye maererano nesimba remauto avo.

14 Uye ndiyo ngozi yakanga iine maNifai mukupera kwegore rechimakumi maviri nematanhatu ekutongwa kwevanhu vaNifai nevatongi.

15 Asi tarisai, zvakaitika kuti mugore rechimakumi maviri nemanomwe ekutonga kwevatongi, Teangumu, audzwa na-Moronai— uyo akanga aisa mauto kuti adzivirire miganhu yekumaodzanyemba nekumadokero kwenyika, uye atangisa kufora achienda kunyika ye-Maguta, kuti anoyamura Teangumu nevanhu kuti vatore zvakare maguta avakanga vatorerwa—

16 Uye zvakaitika kuti Teangumu akanga audzwa kuti arwise

guta raMureki, kuti aritore zvakare kana zvaibvira.

17 Uye zvakaitika kuti Teangumu akagadzirira kurwisa guta raMureki, uye kuti afore nemauto ake kunoita hondo nemaRamani; asi akaona kuti zvakaoma kuti angavakurire ivo vari mutsvingo dzavo; naizvozvo akasiya pfungwa idzi akabva adzokera kuguta reMaguta zvakare, kuti anomirira kuuya kwaMoronai, kuti awane kupamhizirwa masimba emauto ake.

18 Uye zvakaitika kuti Moronai akasvika nemauto ake munyika yeMaguta, mukupera kwegore rechimakumi maviri nemanomwe ekutongwa kwemaNifai nevatongi.

19 Uye mukutanga kwegore rechimakumi maviri nemasere, Moronai naTeangumu nevazhinji vevatungamiri vakuru vakaita dare rehondo—kuti vangaiti kuti maRamani abude auye kuzovarwisa; kana kuti imwe nzira ingaiti kuti vanyengedze kuti vabude mutsvingo dzavo, kuti vagovawanikidza uye vagotora zvakare guta raMureki.

20 Uye zvakaitika kuti vakatumira nhumwa kumauto emaRamani, akanga achidzvirira guta reMureki, kumutungamiri wavo, ainzi Jakobho, vachimukumbira kuti auye nemauto ake vasangane murenje raive pakati pemaguta maviri aya. Asi tarisai, Jakobho, akanga ari muZoramumu, akaramba kuuya nemauto ake kuzosangana navo mumarenje.

21 Uye zvakaitika kuti Moronai

aona kuti hazvizikuzoita kuti asangane navo panzvimbo pakanaka, naizvozvo akafunga rimwe zano rekuti anyengedze maRamani kuti vabude mutsvingo dzavo.

22 Naizvozvo akaita kuti Teangumu atore vanhu vashoma uye vofora vakadzika pedyo negungwa; uye Moronai nemauto ake, usiku, vakafora vakaenda murenje, kumadokero kweguta reMureki; uye saka, rave ramangwana, varindi vemaRamani pavakaona Teangumu, vakamhanya vakanotaurira Jakobho, mutungamiri wavo.

23 Uye zvakaitika kuti mauto emaRamani akauya kuzorwisa Teangumu, vachifunga kuti nekuwanda kwavo vanokurira Teangumu nenzira yekuti aive nevanhu vashoma. Uye Teangumu zvaakaona mauto emaRamani achiuya kuzomurwisa akatanga kudududza achitevedza gungwa, akananga kuchamhembe.

24 Uye zvakaitika kuti maRamani paakaona kuti atanga kutiza, vakanzwa kusatya vakavatandanisa nesimba. Uye Teangumu achingunokwezva maRamani kudaro avo vakanga vachimutandanisira pasina, tarisai, Moronai akaudza chikamu chemauto aakanga ainawo kuti vafore vachipinda muguta, uye aritore.

25 Uye ndizvo zvavakaita, uye vakauraya vose avo vakanga vasiwa vachidzvirira guta, hongu, vose vakaramba kukanda pasi zvombo zvavo zvehondo.

26 Uye naizvozvo Moronai

ndiko kutora kwaakaita guta reMureki nechidimbu chemauto ake, iye achifora nevakanga vasara kuti agosangana nemaRamani kana vodzoka kwavakange vachitandanisa Teangumu.

27 Uye zvakaitika kuti maRamani akatevera Teangumu kudakara vasvika pedyo neguta reMaguta, uye ndokubva vasanganikwa navo pedyo neguta reMaguta, uye ndokubva vasanganikwa navo naRihai nemauto mashomanani, vakanga vasiwa vachidzivirira guta reMaguta.

28 Uye zvino tarisai, vatungamiri vakuru vemaRamani pavakana Rihai achiuya nemauto ake kuzovarwisa, vakatiza mukati mekudzungaira kukuru, vave kutya kuti vachatadza kusvika kuguta reMureki Rihai asati avabata; nokuti vakanga vaneta nekufora kwavakanga vaita, uye vanhu vaRihai vakanga vari vatsva zvavo.

29 Zvino maRamani haana kuziva kuti Moronai akanga ari shure kwavo nemauto ake; ivo vaingotya Rihai nevanhu vake.

30 Zvino Rihai haana kuda kuti asvike pakuvabata kudakara vasangana naMoronai nemauto ake.

31 Uye zvakaitika kuti maRamani vasati vasvika kure vakakombwa nemaNifai, nevanhu vaMoronai kune rumwe ruoko, uye vaRihai kune rumwe ruoko, uye vose vakanga vari vachiri vatsva vazere nesimba; asi maRamani vakanga vaneta pamusana perwendo rwavo rwurefu.

32 Uye Moronai akaudza va-

nhu vake kuti vavarwise kudakara varasa zvombo zvavo zvehondo.

33 Uye zvakaitika kuti Jakobho, semutungamiri wavo, ari “muZoramu, uye aine mweya wekusada kukundwa, akatungamira maRamani kuti varwe zvikuru nehasha vachirwisa Moronai.

34 Moronai sezvo akanga ari mugwara ravo ravaifora naro, saka Jakobho akazvipira kuvauraya kuti uye apenzure nzira yake yekuenda kuguta reMureki. Asi tarisai, Moronai nevanhu vake vakanga vaine simba kupfuura ravo; naizvozvo havana kupenzurira maRamani.

35 Uye zvakaitika kuti vakarwa nhivi dzose nehasha dzinotyisa; uye vazhinji vakauraiwa mativi ose; hongu, Moronai akakuvadzwa uye Jakobho akauraiwa.

36 Uye Rihai akarwisa kwazvo nehasha mumashure umu nevanhu vake vakasimba, zvekuti maRamani vaive shure vakakanda pasi zvombo zvavo zvehondo; uye avo vavo vakasara, vadzungaidzwa zvikuru, havana kuziva kuti vorwa here kana kuti vatize.

37 Zvino Moronai aona kudzungaira kwavo, akati kwavari: Kana mukauya nezvombo zvenyu zvehondo uye mukandipa, tarisai tinorega kudeura ropa renyu.

38 Uye zvakaitika kuti maRamani pavakanzwa mazwi aya, vatungamiri vavo vakuru, vose avo vakanga vasina kuuraira, vakauya vakakanda zvombo

zvavo pasi patsoka dzaMoronai, uye vakaudza vanhu vavo kuti vadarowo.

39 Asi tarisai, kwaive nevazhinji vakaramba; uye vakaramba kupa minondo yavo vakatorwa vakasungwa, uye vakatorerwa zvombo zvavo zvehondo, uye vakamanikidzwa kufora vachienda nehama dzavo kunyika yeMaguta.

40 Uye zvino uwandu hwevasungwa hwaipfuura hweavo vakanga vauraiwa, hongu, hwaipfuura hwevakange vauraiwa mativi ose.

CHITSAUKO 53

Vasungwa vemaRamani vanoshandiswa kudzivirira guta reMaguta — Vapanduki mukati memaNifai vanoita kuti maRamani akunde — Hiramani anoitwa mutungamiri wezviiuru zviiviri zve majaya evanhu vaAmoni. Zvingangove makore 64 kusvika ku63 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti vakaisa varindi vekutarisa vasungwa vemaRamani, uye vachivamanikidza kuti vanoviga vakafa vavo, hongu, nevakafawo vemaNifai vakanga vauraiwa; uye Moronai akaisa varume vekuvachengeta vachiita basa ravo.

2 Uye Moronai akaenda kuguta raMureki aina Rihai, uye ndokuritora ndokuripa kuna Rihai. Zvino tarisai, Rihai uyu aive murume akanga arwa hondo zhinji aina Moronai; uye aive

murume akanga “akafanana naMoronai, uye vaifara kana vari pamwechete vachiziva kuti hapana chinoitika; hongu, vaidanana, uye vaidiwawo nevanhu vose vaNifai.

3 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge maRamani apedza kuviga vakafa vavo neavowo vemaNifai, vakaforeswa vachidzokera kunyika yeMaguta; uye Teangumu, sekutaurirwa kwakanga aitwa naMoronai, akaita kuti vachitanga kushanda vachichera mugero wakatenderedza nyika, kana kuti guta reMaguta.

4 Uye akaita kuti kuvakwe “chidzitiro nemapango nechemukati memugero, achiturikanidzwa, uye onamwa nevhu rinobva mumugero pachidzitiro chemapango, uye saka vakaita kuti maRamani vafondoke kudakara vakomberedza guta reMaguta nechidziro chakasimba chemapango nevhu, chakareba zvikuru.

5 Uye guta iri rakave nzvimbo yakasimba kwazvo nariini; uye muguta iri ndimo mavaichengertera vasungwa vemaRamani; hongu, kana vari mukati mechidziro chavakanga vavaita kuti vavake nemaoko avo. Zvino Moronai akamanikidzwa kuti aite kuti maRamani vashande, nokuti zvakanga zviri nyore kuvatarisa kana vari pabasa; uye akada kuziva kumauto ake ose kuti angatange maRamani riini.

6 Uye zvakaitika kuti Moronai akanga akurira imwe yehondo

huru yemaRamani, uye akatora guta reMureki, rakanga riri rimwe remaguta akasimba zvikuru remaRamani munyika ya-Nifai; uye naizvozvo iye akanga azvivakirawo nzvimbo yakasimba yekuchengetera vasungwa.

7 Uye zvakaiteka kuti haana kuzoedza kurwisana nema-Ramani zvakare gore iroro, asi akapa vanhu vake basa rekugadzirira hondo, hongu, uye nokuita svingo dzekuzvidzimirira kumaRamani, hongu, nokubvisa vakadzi vavo nevana vavo munzara nematambudziko, nokupa zvekudya kumauto avo.

8 Uye zvino zvakaiteka kuti mauto emaRamani, akanga ari kugungwa rekumadokero, kuchamhembe, Moronai asiko pamusana pedzimwe nharo pakati pemaNifai dzakakonzerwa kuti vamwe vapanduke, mukati mavo, akanga atotora dzimwe nzvimbo dzemaNifai, hongu, zvekuti vakanga vatotora mamwe maguta avo akati kuti kudivi iroro renyika.

9 Uye naizvozvo nenzira yekutadza pakati pavo, hongu, pamusana pekupanduka nekunetsana pakati pavo vakaiswa mukati mezhvinhu zvine ngozi huru.

10 Uye zvino tarisai, ndine zvimwe zvandinoda kutaura maererano "nevanhu vaAmoni, avo, kubvira pakutanga, vakanga vari maRamani; asi pamusana paAmoni nehama dzake, kana kuti nesimba neshoko raMwari, uye vakanga ^bvate-

ndeutsirwa kuna Ishe; uye vaka-uiswa munyika yaZarahemura, uye kubvira nguva iyoyo vange vachidzimirira nemaNifai.

11 Uye nenzira yechitsidzo chavo vakanga vasingagone kutora zvombo vachirwisa hama dzavo; nokuti vakanga vakaita chitsidzo chekuti "havazofa vakadeura ropa nariini; uye maererano nechitsidzo chavo vaifa; hongu, vangadai vakazvibvumira kuwira mumaoko ehama dzavo, dai pasina tsitsi nerudo rwunoshamisa rwaive naAmoni nehama dzake kwavari.

12 Uye nechikonzero ichi vaka-uiswa munyika yaZarahemura; uye vakangogara "vachidzimirira nemaNifai.

13 Asi zvakaiteka kuti pavakawona ngozi iyi, nematambudziko mazhinji nokushushikana kwavakanga vakatakurirwa nemaNifai, vakabatwa netsitsi uye "vakada kuti vatore zvombo kuti vadzimirire nyika yavo.

14 Asi tarisai, pavakanga vave kuda kutora zvombo zvavo zvehondo, vakakundwa nekunyengetedzwa naHiramani nevamwe vake, nokuti vakange vave kuda "kutyora ^bchitsidzo chavakanga vaita.

15 Uye Hiramani akatya kuti zvimwe vakadaro vangarasikirwe nemweya yavo; naizvozvo vose avo vakanga vapinda muchibvumirano ichi vakamanikidzwa kuti vatarise hama dzavo dzichifamba nemumadhaka

10a Aruma 27:24-26.

b Aruma 23:8-13.

11a Aruma 24:17-19.

12a Aruma 27:23.

13a Aruma 56:7.

14a Num. 30:2.

b NKM Chitsidzo.

ematambudziko, mune zvaine-
tsa munguva iyoyo.

16 Asi tarisai, zvakaitika kuti
vaive nevanakomana vaka-
wanda vakanga vasina kupi-
nda muchibvumirano ichi che-
kuti havazatora zvombo zvavo
zvehondo kuti vazvidzvirire
kuvavengi vavo; naizvozvo
vakaungana pamwechete pa-
nguva iyi, vose vaikwanisa
kutora zvombo, uye vakazviti
maNifai.

17 Uye vakapinda muchibvu-
mirano chekurwira kuzvitonga
kwemaNifai, hongu, kudzvirira
nyika nekupira upenyu hwavo;
hongu, kana ivo vakatsidza kuti
havaizofa vakaregera “rusu-
nunguko rwavo, asi vaizorwa
nguva dzose kudzvirira ma-
Nifai naivo kuti vasaiswe muu-
sungwa.

18 Zvino tarisai, paive nezviu-
ru zviviri zvevakomana ava,
vakapinda muchibvumirano ichi
uye vakatora zvombo zvavo zve-
hondo kudzvirira nyika yavo.

19 Uye zvino tarisai, sezvo
vakanga vasina kumbove chi-
pingaidzo kumaNifai kusvika
zvino, munguva ino vakavewo
vatsigiri vakuru; nokuti vaka-
tora zvombo zvavo zvehondo,
uye vakada kuti Hiramani ave
mutungamiri wavo.

20 Uye vose vakanga vari ma-
jaya, uye vakanga vasingatye
“vakashinga, uye vakasimba uye
vakachangamuka; asi tarisai,
izvi zvakanga zvisiri izvo
zvose— varume vaive ^bpacho-

kwadi nguva dzose muchinhu
chose chavainzi vaite.

21 Hongu, vaive varume ve-
chokwadi vakatsiga, nokuti
vakanga vakadzidziswa kuche-
ngeta mirau yaMwari “nokufa-
mba vakatwasanuka pamberi
pake.

22 Uye zvino zvakaitika kuti
Hiramani akafora akatungamira
majaya aye masoja zviuru “zvi-
viri, kunotsigira vanhu vaive
munyika yaive kumaodzanye-
mba egungwa rekumadokero.

23 Uye ndiko kupera kwakaita
gore rechimakumi maviri nema-
sere ekutongwa kwemaNifai
nevatongi.

CHITSAUKO 54

*Amoroni naMoronai vanotaurirana
zvekuti vadzorerane vasungwa—
Moronai anoti maRamani ngava-
dzokere varegere zvekuponda kwa-
vo— Amoroni anoti maNifai nga-
vaise zvombo zvavo pasi uye vagove
pasi pemaRamani. Zvingangove
makore 63 Kristu asati azvarwa.*

UYE zvino zvakaitika kuti mu-
kutanga kwegore rechimakumi
maviri nemakore mapfumba-
mwe revatongi, “Amoroni aka-
tumira shoko kuna Moronai
achida kuti vadzorerane vasu-
ngwa.

2 Uye zvakaitika kuti Moronai
akanzwa nokufara kwazvo ne-
chikumbiro ichi, nokuti akada
zvirongwa zvakanga zvakaisi-
rwa kutsigira vasungwa vema-

17a Aruma 56:47.

NKM Rusununguko.

20a NKM Hushinga.

b NKM Kutendeka.

21a NKM Famba, Famba
naMwari.

22a Aruma 56:3–5.

54 1a Aruma 52:3.

Ramani nokuti zvaitsigirawo vanhu vake; uye aidawo vanhu kuti vazosimbisa mauto ake.

3 Zvino maRamani akanga atora vakadzi nevana vazhinji, uye pakati pevasungwa vose vaMoronai, pakanga pasina mukadzi kana mwana mumwechete zvake kana kuti kuvasungwa vakanga vatorwa naMoronai; naizvozvo Moronai akafunga njere dzekuti atore vasungwa vechiNifai kubva kumaRamani vakawanda sekukwanisa kwake.

4 Naizvozvo akanyora tsamba, uye ndokuitumira nemuranda waAmoroni, uye mumwecheteyo akanga auya netsamba kuna Moronai. Zvino aya ndiwo mazwi aakanyorerwa Amoroni, achiti:

5 Tarisai, Amoroni, ndakunyorera pamusoro pehondo iyi yauri kuita nevanhu vangu, kana kuti iri kuitwa “nemukoma wako kwavari, uye yauri kuda iwe kuti urambe uchiita mushure mekufa kwake.

6 Tarisai, ndinoti ndikutaurire chimwe chinhu pamusoro “pekuenzanisa zvinhu kwaMwari, nemunondo wekushatirwa kwake kukuru, uri pamusoro pako kunze kwekunge watotendeuka uye ukadzorerwa mauto ako munyika mako, kana kuti nyika yawakatora, iri nyika yaNifai.

7 Hongu, ndaikuudza zvinhu izvi dai wange uchikwanisa kuzviteerera; hongu, ndaikutaurira nezvekutyisa “kwegehena riya rakamirira kugashira^b mho-

ndi dzakaita sewe nemukoma wako, kunze kwekunge matotendeuka uye mugobvisa mabasa enyu eumhondi, uye mugodzokera kunyika kwenyu nemauto enyu.

8 Asi sezvo wakamboramba zvinhu izvi, uye ukarwisa vanhu vaIshe, kana izvozvi ndinofunga kuti uchazviita zvakare.

9 Uye zvino tarisai, takagadzirira kukutambira; hongu, uye kunze kwekunge wabvisa mabasa ako, tarisai, uchaunza kushatirwa kwaMwari wawakaramba pauri, kana mukuparadzwa kwako zvachose.

10 Asi, sezvo Mwari vari mupenyu, mauto edu achauya pamusoro pako kunze kwekunge wabva, uye iye zvino uchashanyirwa nerufu, nokuti tichachengeta maguta edu neminda yedu; hongu, uye tichachengetedza kunamata kwedu nezva-Mwari vedu.

11 Asi tarisai, ini ndinofunga kuti ndiri kutaura zvinhu izvi kwauri pasina; kana kuti ndinofunga kuti iwe uri “mwana wegehena; naizvozvo ndichapedzisa tsamba yangu ndichiti handidi zvekudzorerana vasungwa, kunze kwekunge wabvuma kuti unondipa murume nemukadzi wake nevana vake, pamusungwa mumwechete; kana izvi wati ndizvo zvauchaita, ndinobvuma kudzorera.

12 Uye tarisai, kana usingaite izvi, ndinouya kuzokurwisa nemauto angu; hongu, kana ini

5a Aruma 48:1.
6a NKM Yenzaniso.

7a NKM Gehena.
b Aruma 47:18, 22-24.

NKM Kuponda.
11a Joh. 8:42-44.

ndichapa zvombo madzimai angu nevana vangu, uye ndigokutevera kana nemunyika mako, inove ndiyo nyika yenhaka “yedu yekutanga; hongu, uye richave ropa neropa, hongu, upenyu neupenyu; uye ndichakurwisa kudakara waparara wabva pamusoro penyika.

13 Tarisai, ndiri mukati mekushatirwa, nevanhu vanguwo; wakatsvaka kutiponda, uye isu takatsvaka kuzvidzivirira chete. Asi tarisai, kana ukaramba uchitsvaka kutiparadza tichatsvaka kukuparadzai; hongu, tichatsvaka nyika yedu, nyika yenhaka yedu yekutanga.

14 Zvino ndave kuvhara tsamba yangu. Ndini Moronai; Ndiri mutungamiri wevanhu vaNifai.

15 Zvino zvakaitika kuti Amaroni, paakatambira tsamba iyi, akashatirwa; uye akanyora imwe tsamba kuna Moronai, uye aya ndiwo mazwi aakanyora, achiti:

16 Ndini Amaroni, mambo wemaRamani; Ndini munin’ina waAmarikaya “wawakaponda. Tarisai, ndichatsvidza ropa rake pauri, hongu, uye ndichauya kwauri nemo auto angu nokuti handitye kutyisidzira kwako.

17 Nokuti tarisai, madzibaba ako akatadzira hama dzavo, zvekuti vakavapamba “mvumo yavo yekuti vatonge ivo vari ivo vaive varidzi.

18 Uye zvino tarisai, kana mukaisa zvombo zvenyu pasi, uye mukazviita kuti mutongwe

neavo vane mvumo yekutonga, zvino ndinobva ndaita kuti vanhu vangu vaise zvombo zvavo pasi uye vasingazoita hondo zvakare.

19 Tarisai, wandityisidzira kakawanda kwazvo ini nevanhu vangu; asi tarisai, hatitye kutyisidzira kwako.

20 Zvisinei, ndinobvuma kudzororana vasungwa maererano nezvawakumbira, nokufara, kuti ndichengetedze kudya kwangu kuitira vanhu vangu vehondo; uye tichaita hondo isingaperi, yekuti tiise maNifai pasi pesimba redu kana kuti tivaparadze zvachose.

21 Uye maererano neavo Mwari vawati takaramba, tarisai, hatizive munhu akadaro; kana imi; asi kana kuine munhu akadaro, hatizive asi kuti vakatiita sezvamakaita imi.

22 Uye kana kuine chinhu chinonzi dhiabhorosi negehena, tarisai haangakutumire ikoko here kuti unogara nemukoma wangu wawakaponda, uyo wawakati akaenda kunzvimbo yakadaro? Asi tarisai zvinhu izvi hazvina mhosva.

23 Ndini Amaroni, uye ndiri chizvarwa “chaZoram, uyo akamanikidzwa nemadzibaba ako kuti abve Jerusarema.

24 Uye tarisai zvino, ndiri muRamani asingatye; tarisai, hondo iyi yakaitwa kutsvidza kutadzirwa kwavo, nokuchengetedza nokuwana mvumo yavo yemuhurumende; uye ndinovhara tsamba yangu kuna Moronai.

CHITSAUKO 55

Moronai anoramba kudzorera vasungwa — MaRamani vanoche-ngeta vasungwa vanoitwa kuti vadhakwe, uye vasungwa vema-Nifai vanobva vasunungurwa — Guta reGidhi rinotorwa pasina kudeuka kweropa. Zvingangove makore 63 kusvika ku62 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakaitika kuti Moronai paakatambira tsamba iyi akabva atonyanya kushatirwa, nokuti aiziva kuti Amoroni ane ruzivo rwuzere “rwekuba kwake neku-nyengedza; hongu, aiziva kuti Amoroni aiziva kuti chikonzero chake chekuita hondo nema-Nifai hachizi chakarurama.

2 Uye akati: Tarisai, handizodzorerana vasungwa naAmoroni kunze kwekunge arega zvaari kuda, sekutaura kwandaita mutsamba mangu; nokuti handichaita kuti awane rimwe simba rinopfuura raainaro.

3 Tarisai, ndinoziva nzvimbo iyo maRamani ari kuchengetera vanhu vangu vavakatora seva-sungwa; uye sezvo Amoroni asingade kuita zvataurwa netsamba yangu, tarisai, ndichamupa zvirira maererano nemazwi angu; hongu, ndichavatsvaka nerufu kudakara vakumbira runyararo.

4 Uye zvino zvakaitika kuti Moronai zvaakanga ataura mazwi aya, akaita kuti mukati mevahu vake mutarisise kuti zvimwe mune mumwe

wechizvarwa chemaRamani, mukati mavo.

5 Uye zvakaitika kuti vakawana mumwechete, zita rake ainzi Ramani; uye akanga ari “mumwe wevaranda vamambo akapondwa naAmarikaya.

6 Zvino Moronai akaita kuti Ramani nevanhu vake vashoma-shoma vaende kuvatariri vakanga vakachengeta maNifai.

7 Zvino maNifai aichengeterwa muguta reGidhi; naizvozvo Moronai akasarudza Ramani akaita kuti vanhu vashoma vaende naye.

8 Uye ave mauro Ramani akaita kuvatariri vakanga vakachengeta maNifai, uye tarisai, vakamuona achiuya uye vakamumhorea; asi akati kwavari: Musatyey; tarisai, ndiri muRamani. Tarisai, tatiza kubva kumaNifai, uye vakakotsira; uye tarisai tatora waini yavo uye ndokubva tauya nayo.

9 Zvino maRamani zvaakanzwa mazwi aya vakamugashira nokufara; uye vakati kwaari: Tipe waini yako, kuti tinwe; tinofara kuti watora waini uka-uya nayo nokuti taneta.

10 Asi Ramani akati kwavari: Ngatichengete waini yedu kudakara taenda kunorwa nema-Nifai. Asi kutaura uku kwakaita kuti vatonyanya kuda kuinwa waini iyi;

11 Nokuti, vakati ivo: Taneta, naizvozvo rega tinwe waini, uye mushure tichatambirisa waini, zvinotipa simba rekuti tinorwisa maNifai.

12 Uye Ramani akati kwavari: Itai sekuda kwenyu.

13 Uye zvakaitika kuti vakawana waini iya vakasununguka; uye yainaka chaizvo kwavari, saka vakainwa zvakasununguka; uye yakanga iine simba, nokuti yakanga yakagadzirwa iine simba rayo.

14 Uye zvakaitika kuti vakawana vakafara, nekufamba kwenyu vose vakanga vararadza.

15 Uye zvino Ramani nevamwe vake zvavakaona kuti vose vakanga vararadza, uye vakanga vakotsira zvekukotsira zviya, vakadzokera kuna Moronai ndokumutaurira zvinhu zvose zvakanga zvaitika.

16 Uye zvino izvi ndizvo zvaive maererano nezano raMoronai. Uye Moronai akanga agadzirira vanhu vake zvombo zvehondo; uye akaenda kuguta reGidhi, maRamani ari mukukotsira kwokunge vakafa uye vakararadza, uye ndokukandira vasungwa zvombo zvehondo, zvekuti vose vakanga vave nezvombo;

17 Hongu, kana madzimai avo, nevana vavo vose, vose vaigona kushandisa zvombo zvehondo, Moronai akange apa vose vasungwa zvombo; uye zvose zvinhu izvi zvaitwa pasina anokosora vakanyarara kuti zii.

18 Asi dai vakanga vamutsa maRamani, tarisai, vakanga vakararadza uye maNifai angadai akavauraya.

19 Asi tarisai, hazvizizvo zvaida Moronai; akanga asingafadzwe nekuponda kana “kudeura ropa,

asi aifadzwa mukuponesa vanhu vake kuti vasaparadzwe; uye nechikonzero ichi haana kuda kukanganisa kutonga kwakarurama, haana kuda kuwira pamusoro pemaRamani uye kuti avaparadze vakararadza.

20 Asi akanga awana zvaaida; nokuti akanga apa zvombo kune avo vasungwa vemaNifai vakanga vari mukati muguta, uye akanga avapa simba rekuti vatore idzo nzvimbo dzaive mukati mechidziro.

21 Uye ndokubva aita kuti vanhu vakanga vainaye vadzokere mushure kachinhambwe kubva pavari, uye vagokomba mauto emaRamani.

22 Zvino tarisai izvi zvakaitwa nguva yeusiku, zvekuti maRamani pavakamuka rungwanani vakaona vakakombwa nemaNifai kunze, nevasungwa vavo vaive mukati vakanga vaine zvombo.

23 Uye ndokubva vaona kuti maNifai ane simba pamusoro pavo; uye mukuita uku vakaona kuti hazvaigona kuti varwe nemaNifai; naizvozvo vatungamiri vavo vakuru vakati vapiwe zvombo zvavo zvehondo, uye vakauya nazvo vakazvikanda pamakumbo emaNifai, vachikumbira kuitirwa tsitsi.

24 Zvino tarisai, izvi ndiko kwaive kuda kwaMoronai. Akavatora akavaita vasungwa vehondo, uye akabva atora guta iroro, uye akaita kuti vose vasungwa vapiwe rusununguko, avo vakanga vari maNifai; uye

vakapinda mumauto aMoronai, uye vakasimbisa mauto ake zvikuru.

25 Uye zvakaitika kuti akaita kuti maRamani, avo vaakanga atora sevasungwa, vatange kuita “basa rekusimbisa nzvimbo dzekuzvidzivirira dzakatenderedza guta reGidhi.

26 Uye zvakaitika kuti avakirira guta reGidhi, maererano nezvaida, akaita kuti vasungwa vake vaendeswe kuguta reMaguta; uye akachengetawo guta iri nemauto akasimba zvikuru.

27 Uye zvakaitika kuti vakazviita, kana dai maRamani akaedza zvose zvavaikwanisa, vakachengeta uye vakadzivirira vose vasungwa vavo vakanga vatora, uye vakachengetawo ose matunhu nezvose zvavakanga vatora zvakare.

28 Uye zvakaitika kuti maNifai vakatanga zvakare kukurira, nokutora zvakare zvaive zvavo nezvavakakodzera.

29 Nguva zhinji maRamani aiedza kuti vavakomboredze usiku, asi mukuedza uku vairasikirwa nevasungwa vakawanda.

30 Uye nguva zhinji vaiedza kunwisa maNifai waini yavo, kuti zvimwe vavaparadze nechepfu kana nekuvati vararadze.

31 Asi tarisai, maNifai akanga asinganonoke “kurangarira Ishe Mwari vavo munguva dzavo dzematambudziko. Vakanga vasingabatike nezvavaivateya nazvo; hongu, vakanga vasinganwe waini yavo, kunze kwekunge vatanga vaipa kune

mumwe wevasungwa vechi-Ramani.

32 Uye naizvozvo vakanga vakachenjerera kuti kusave nechepfu yavanopiwa; nokuti kana waini yavo yaigona kukuvadza muRamani yaigonawo kukuvadza muNifai; naizvozvo vakaedza doro ravo rose.

33 Uye zvino zvakaitika kuti zvakanga zvafanira kuti Moronai achigadzirira kurwisa guta reMoriandoni; nokuti tarisai, maRamani, nokushanda kwavo, vakanga vavakirira guta reMoriandoni kudakara rave rakasimba zvikuru.

34 Uye vakanga vachiramba vachiyuisa mauto matsva muguta iroro, nezvokudyawo.

35 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi maviri nemakore mapfumbamwe ekutongwa kwemaNifai nevatongi.

CHITSAUKO 56

Hiramani anotumira tsamba kuna Moronai, achitaura nezvekufamba kuri kuita hondo namaRamani— Andipusi naHiramani vanokunda maRamani— Majaya aHiramani aye zviuru zviwiri vanorwa nesimba, rinoshamisa zvekuti hakuna kana mumwechete anouraiwa. Vhesi 1, zvingangove mugore 62 Kristu asati azvarwa; mavhesi 2 kusvika ku19, zvingangove mugore 66 Kristu asati azvarwa; uye mavhesi 20 kusvika ku57, zvingangove mugore ra65 kusvika ku64 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechimakumi matatu rekutonga kwevatongi, muzuva rechipiri mumwedzi wekutanga, Moronai akatambira tsamba kubva kuna Hiramani, ichitaura nezvekuragara kwevanhu mudivi renyika iroro.

2 Uye aya ndiwo mazwi aakanzora, achiti: Hama yangu inodikanwa zvikuru, Moronai, muna Ishe nemumatambudziko edu muhondo; tarisai, hama yangu inodiwa, ndinoda kuti ndikutaurire nekufamba kuri kuita hondo kudivi rino renyika.

3 Tarisai, zviuru “zviviri zvevanakomana vevarume avo vakaunzwa naAmoni kubva munyika yaNifai—zvino wave kuziva kuti ava vaive vechizvarwa chaRamani, akanga ari mwanakomana mukuru wababa wedu Rihai;

4 Zvino handina chandingakutaurire nezvetsika dzavo kana kusatenda kwavo, nokuti unoziva nezvazvo zvose zvinhu izvi—

5 Naizvozvo ndinoti zvakanwana kwandiri kuti ndikutaurire kuti zviuru zviviri zvevakomana ava vakatora zvombo zvavo zvehondo, uye vachida kuti ini ndive mutungamiri wavo; uye tauya kuzodzivirira nyika yedu.

6 Uye zvino iwe unozivawo “nezvechibvumirano chakaitwa nemadzibaba avo, kuti havazotora zvombo zvavo zvehondo

kuti varwise hama dzavo kuti vadeure ropa.

7 Asi mugore rechimakumi maviri nematanhatu, pavakao-na dambudziko redu tichitambudzikira ivo, vakanga voda “kutyora chibvumirano chavakanga vaita uye kuti vatore zvombo zvavo zvehondo kuti vatidzivirire.

8 Asi handina kuvabvumira kuti vatyore chibvumirano ichi chavakanga vaita, ndichifunga kuti Mwari vachatisimbisa, zvekuti hataizotambudzika zvizhinji nekuda kwekuzadzikisa chitsidzo chavakanga vaita.

9 Asi tarisai, hechino chinhu chimwechete chingaita kuti tive nerufaro rwukuru. Nokuti tarisai, mugore rechimakumi maviri ane makore matanhatu, ini, Hiramani, ndakafora ndiri pamberi peava zviuru zviviri zvevakomana tichienda kuguta reJuda, kunoyamura Andipusi, uyo wawakanga wamisa semutungamiri wevanhu vedivi renyika iroro.

10 Uye ndakabatana nevanakomana vangu zviuru zviviri (nokuti vanokodzera kunzi vanakomana) kumauto aAndipusi, uye Andipusi akafara zvikuru; nokuti tarisai, mauto ake akanga akamurwa nemaRamani nokuti mauto avo akanga aurya vanhu vedu vakawanda zvikuru, zvinotipa chikonzero chekuchema.

11 Zvakadaro, tinogona kuzvinyaradza nezvizvi, kuti vakafa

vachiitira nyika yavo naMwari vavo, hongu, uye vari “kufara.

12 Uye maRamani vakanga vasara nevasungwa vakawanda, vose vari vatungamiri vakuru, nokuti hapana vamwe vavakasiya vari vapenyu. Uye tinofunga kuti iye zvino panguva ino vave munyika yaNifai; ndizvo zvazviri kana vasina kuuraira.

13 Uye zvino aya ndiwo maguta ayo akatorwa nemaRamani vakaaita avo mushure mekudera ropa remagamba asingatye akawanda:

14 Nyika yeMandi, kana kuti guta reMandi, uye guta reZizirumu, neguta reKumeni, neguta reAndipara.

15 Uye aya ndiwo maguta avave nawo pandakasvika muguta reJuda; uye ndakaona Andipusi nevanhu vake vachifondoka nesimba ravo kuti vavakirire guta.

16 Hongu, uye vakangonetaneta pamuviri nemumweya, nokuti vairwa zvakaipa masikati uye usiku vofondoka kuti vachengetedze maguta avo; uye saka vakanetswa nematambudziko akasiyana-siyana.

17 Uye zvino vazvipira kuti vakunde munzvimbo ino kana kufa; naizvozvo ungangunge kuti mauto mashoma-shoma andakauya nawo, hongu, vaye vanakomana vangu, vakavapa tariro nokufara kwakawanda.

18 Uye zvino zvakaitika kuti maRamani pavakaona kuti Andipusi agashira mamwe mauto asimbisa mauto ake kwazvo, vakamanikidzwa nemirairo ya-

Amoroni kuti vasarwise guta reJuda, kana isu.

19 Uye ndiko kudiwa kwatakaitwa naIshe; nokuti dai vakanga vauya kuzotirwisa isu tisina kusimba kudaro vangadai zvimwe vakaparadza mauto edu mashoma; asi ndiko kuchengegetedzwa kwatakaitwa.

20 Vakaudzwa naAmoroni kuti vachengetedze ayo maguta avakanga vatora. Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi maviri ane makore matanhatu. Uye mukutanga kwegore rechimakumi maviri ane makore manomwe takagadzirira guta redu nesuwo kuzvidzivirira.

21 Zvino takange tave kuda kuti dai maRamani vauya kuzotirwisa; nokuti takanga tisingade kuti tivatange isu vari munzvimbo dzavo dzakasimba.

22 Uye zvakaitika kuti takaisa vasori vakatenderedza kwose, kuti vatarise kufamba kwemaRamani, kuti vasatipfuure usiku kana vachienda kunorwisa mamwe maguta edu akanga ari nechekuchamhembe.

23 Nokuti mumaguta iwayo taiziva kuti havana kusimba zvekuti vangarwisane navo; naizvozvo takanga tichida, kuti kana vainge vatipfuura, tovainga neshure, uye tovarwisa shure nguva imwecheteyo yavanenge vachirwiswa mberi. Taifunga kuti tinobva tavakurira; asi tarisai, zvataida hazvina kuitika.

24 Vaitya kuti vapfuure nepatiri nemauto avo ose, kana

nechidimu, vachitya kuti vanga-
ngosave vakasimba uye zve-
kuti vaibva vapunzika.

25 Kana kuti vafore vakadzika
kuguta raZarahemura vaizvi-
tya; kana kuyambuka rwizi rwe-
Sidhoni nekumusoro kwarwo,
kuti vasvike kuguta reNifaiha.

26 Uye naizvozvo, nemauto
avo, vakazvipira kuti vachenge-
tedze ayo maguta avakanga
vatora.

27 Uye zvino zvakaitika kuti
mumwedzi wechipiri wegore
iri, kwakauiswa zvekudya ne-
zvimwe zvakadaro zvakabva
kune madzibaba evana vangu
vaye zviuru zviviri.

28 Uye kwakatumirwawo va-
rume vanoita zviuru zviviri
kubva kunyika yeZarahemura.
Uye saka takanga takagadzirira
tave nezviuru gumi zvevanhu,
uye nezvekudya zvavo, nekwe-
vakadzi vavo nekwevana vavo.

29 Uye maRamani, vachiona
mauto edu achiwanda zuva ne-
zuva, nezvekudya zvichisvika
kuzotitsigira, vakatanga kutya,
uye vakatanga kutirwisa, kuti
kana zvichibvira vatadzise kuu-
ya kwezvekudya kwatiri noku-
pamhidzirwa simba kwataitwa.

30 Zvino zvatakaona kuti ma-
Ramani akanga atanga kushu-
shikana nezvizvi, takada kuti
titsvake zano rekuvanyengedza;
naizvozvo Andipusi akanditi
ndifore nevanakomana vangu
tiende kuguta raive mudunhu
imomo, sekunge tiri kutakura
zvekudya tichienda nazvo kune
rimwe guta.

31 Uye taizofora nepedyo pe-
guta reAndipara, sekunge tiri

kuenda kuguta riri mberi, ku-
miganhu iri kugungwa.

32 Uye zvakaitika kuti takafora,
sekunge tine zvekudya zvedu,
zvekuendesha kuguta iroro.

33 Uye zvakaitika kuti Andi-
pusi akafora nechimwe chidimu
chemauto ake, akasiya vamwe
kuti vachenge guta. Asi haana
kufora akamirira kuti ini ndita-
nge ndaenda nemauto angu
evadiki, uye tauya pedyo ne-
guta reAndipara.

34 Uye zvino, muguta reAndi-
para ndimo makanga makaiswa
mauto emaRamani akasimba
kupfuura mamwe ose; hongu,
ndiwo akanga akawanda ku-
pfuura mamwe ose.

35 Uye zvakaitika kuti zvava-
kanga vaudzwa nevasori vavo,
vakauya nemauto avo uye vaka-
fora kuzotirwisa.

36 Uye zvakaitika kuti takava-
tiza, takananga kuchamhembe.
Uye nokudaro takakwezva ma-
uto akasimba kupfuura mamwe
ose emaRamani;

37 Hongu, takavakwezvera
kure, zvekuti pavakaona mauto
aAndipusi achivatevera, nesimba
ravo rose, havana kupindukira
kuruboshwe kana kurudyi, asi
vakaramba vachifora vakatwa-
sanuka mugwara ravo vachiti-
tevera; uye, sekufunga kwedu,
yaive pfungwa yavo yekuti
vatiuraye Andipusi asati ava-
bata, uye izvi vachiitira kuti
vasakombwe nevanhu vedu.

38 Uye zvino Andipusi, achio-
na ngozi yedu, akaita kuti
mauto ake afambise. Asi tarisai,
hwaive usiku; naizvozvo hava-
na kutibata, kana Andipusi

haana kuvabata; saka takaita musasa kuti tirare.

39 Uye zvakaitsa kuti kusati kwaedza, tarisai, maRamani akanga atove kutotitandanisa. Zvino takange tisina kunyatso-simba zvekuti taikwanisa kuvarwisa; hongu, handaibvumira vanakomana vangu kuti vawire mumaoko avo; saka takaramba tichifamba, uye tikafamba tichienda murenje.

40 Zvino vaitya kuti vapindukire kurudyi kana kuruboshwe kuti vangazokombwa; kana iniwo handaikwanisa kupindukira kurudyi kana kurwisana navo, asi taitouraiwa, uye vobva vapunyuka; uye naizvozvo takatiza muswere wose wezuva tichienda murenje, kudakara kwasviba.

41 Uye zvakaitsa kuti zvakare, kunze kuchichena takaona maRamani ave pamusoro pedu, uye tikavatiza.

42 Asi zvakaitsa kuti havana kutitandanisa kwechinambwe chirefu vasati vamira; uye aive mangwanani ezuva rechitatu remwedzi wechinomwe.

43 Uye zvino, hatina kuziva kuti vabatwa naAndipusi kana kuti kwete, asi ndakati kuvanhu vangu: Tarisai, hatizive asi vamira kuti isu tigovavinga, kuti vagotibata mavatiteya;

44 Naizvozvo munotii imi, vanakomana vangu, mungaende kunorwa navo here?

45 Uye zvino ndinoti kwauri hama yangu inodiwa Moronai, handina kumbenge ndakaona

“kusatya kwakadaro, kwete, handina kumbozviona mukati memaNifai ose.

46 Nokuti sekudaidza kwandinovaita kuti vanakomana vangu (nokuti vose vakanga vari vadiiki chaizvo) zvekuti vakati kwandiri: Baba, tarisai Mwari vedu anesu, uye haambobvuma kuti tikundwe; naizvozvo ngatie ndei; hataida zvekuuraya hama dzedu dai vaitisiya; naizvozvo handei, pamwe vangakurire mauto aAndipusi.

47 Zvino havana kunge vakamborwa, asi vakanga vasingatye rufu; uye vaifunga zvizhinji “nezverusununguko rwemadzibaba avo pane kufunga nezveupenyu hwavo; hongu, vakanga vakadzidziswa^b naanamai vavo, kuti vakasakahadzika, Mwari vanovaponesa.

48 Uye vakadzokorora kwandiri mazwi aanamai vavo, vachiti: Hatikahadzike kuti vanamai vedu vaizviziva.

49 Uye zvakaitsa kuti ndakadzokera nezviuru zvangu zviviri kunorwisa maRamani avo vakanga vatitevera. Uye zvino tarisai, mauto aAndipusi akanga avabata, uye hondo yakaipa yakanga yatanga.

50 Mauto aAndipusi ari akanga akaneta, pamusana pekufamba rwendo rwurefu rwakadaro nenguva diki-diki kudai, vakanga vave pedyo pokuwira mumaoko emaRamani; uye dai ndakanga ndisina kudzokera nezviuru zviviri zvangu vanga dai vakawana zvavaida.

51 Nokuti Andipusi akanga apunzwa nemunondo neva-zhinji vevatungamiri vake, pamusana pekuneta kwavo, kwakakonzera nekukurumidza kwavakaita pakufora kwavo — naizvozvo vanhu vaAndipusi vavhiringidzwa nokuuraiwa kwevatungamiri vavo, vakatanga kukundwa nemaRamani.

52 Uye zvakaitika kuti maRamani akatora kusatya, vakatanga kuvatandanisa; uye kuvatandanisa kwaiita maRamani nesimba guru pakabva pauya Hiramani neshure kwavo nezviuru zvake zviviri, zvekuti mauro ose emaRamani akamira uye akatendeukira kuna Hiramani.

53 Zvino vanhu vaAndipusi pavakaona kuti maRamani atendeuka, vakaunganidza vanhu vavo ndokuuya zvakare neshure kwemaRamani.

54 Uye zvino zvakaitika kuti isu, vanhu vaNifai, vanhu vaAndipusi, neni nezviuru zvangu zviviri, takakomba maRamani, uye tikavauraya; hongu, zvekuti vakamanikidzwa kutipa zvombo zvavo zvehondo uye vakazvii-sawo ivo sevasungwa vehondo.

55 Uye zvino zvakaitika kuti pavakanga vati vatya ndoku-zvipira kwatiri, tarisai, ndakaverenga avo vakomana vakarwa vaineni, ndichitya kuti zvimwe vauraiwa vakawanda.

56 Asi tarisai, ndakafara zviku-ru, pakanga “pasina kana mweya mumwechete zvawo wavo wakanga wawira pasi; hongu, uye vakanga varwa sekunge

vaive nesimba raMwari; hongu, hakuna vanhu vati vambozivikanwa kurwa vaine simba rino-shamisa kudaro; nesimba guru vakawira pamusoro pemaRamani, zvekuti vakavatyisa; nechikonzero ichi maRamani akazvipira kwavari sevasungwa vehondo.

57 Uye sezvo takanga tisina nzvimbo yevasungwa vedu, kuti tivatarise kuti vasaonane nemauro emaRamani, naizvozvo takavatumira kunyika yaZarahemura, nechidimbu chevanhu vaAndipusi vakanga vasina kuuraiwa, takavati vaende navo; uye vakasara ndakavatora ndikavasanganisa nemajaya angu “echiAmoni, uye ndokubva taffora takadzokera kuguta reJuda.

CHITSAUKO 57

Hiramani anotaura kutorwa kwakaitwa Andipara nokutya uye mushure nekudzivirirwa kweKumeni — Majaya ake echiAmoni vanorwa pasina kutya; vose vano-kuvadzwa, asi hapana anouraiwa — Gidhi anotaura zvekuuraiwa nekutiza kwevasungwa vechiRamani. Zvingangove makore 63 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti ndakatambira tsamba kubva kuna Amoroni, mambo, achiti kana ndikamupa vasungwa vehondo avo vatakanga tatora akati iye aizopa guta reAndipara kwatiri.

2 Asi ndakatumira tsamba kuna mambo, ndichiti tine cho-

kwadi chekuti mauto edu akanga akakwana zvekuti tinogona kutora guta reAndipara nesimba; uye kupa vasungwa veguta iri tinofunga hazvina kungwara, nokutiwo isu tinopa vasungwa vedu chete kana tiri kudzorera.

3 Uye Amoroni akaramba tsamba yangu, nokuti akanga asingade kudzorera vasungwa; saka takatanga kugadzirira kuti tinorwisa guta reAndipara.

4 Asi vanhu veguta reAndipara vakasiya guta, uye vakatizira kune mamwe maguta avo, akanga ari avo, kuti vaadzivirire; uye saka guta reAndipara rakawira mumaoko edu.

5 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi maviri ane makore masere ekutonga kwe-madzishe.

6 Uye zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechimakumi maviri nemakore mapfumbamwe, takatambira zvekudya, nemamwe mauto, kubva kunyika yeZarahemura, uye nokubva mumatunhu akanga akatitenderedza, aisvika zviuru zvitanzhatu, kunze kwemakumi matanzhatu "evanakomana vemaAmoni vakanga vauya kuzobatana nehama dzavo, kaya kachikwata kangu kezviuru zviviri. Uye zvino tarisai, takabva tasimba, hongu, uye takanga tave nezvekudya zvakanwanda kwazvo zvatakanga tavigirwa.

7 Uye zvakaitika kuti takanga tave kuda kuti tirwisane nemauto akanga aiswa kuti achengete guta reKumeni.

8 Uye zvino tarisai, ndichakuratidza kuti takakurumidza kwazvo kuita zvataida; hongu, nemauto edu akasimba, kana kuti nechidimu chemauto edu aneimba, takakomba, usiku, guta reKumeni, kanguva kadiki-diki vasati vatambira zvekudya.

9 Uye zvakaitika kuti takagara takakomba guta iri kweusiku hwakanwanda; asi tairara takatsamira minondo yedu, uye takatarisa, kuti maRamani vanga uye usiku vakatiuraya, zviri zvavakaedza kazhinji; asi nguva dzavaizviedza ropa ravo raideuka.

10 Pava paye zvekudya zvavo zvakasvika, uye vakanga vave kuda kupinda muguta usiku. Uye isu, kunze kwekuve maRamani, takave maNifai; naizvozvo takavatora ivo nezvekudya zvavo.

11 Uye kana dai zvazvo maRamani akanga abvisirwa rutsigiro rwavo netsika iyi, vakanga vakazvipira kuchengetedza guta iri; naizvozvo takaona zvakanwanda kuti titore zvekudya zviya tizviendese kuJuda, uye vasungwa vedu tovaendesha kunyika yeZarahemura.

12 Uye zvakaitika kuti hakuna kupfuura mazuva akawanda maRamani asati arasikirwa neruvimbo rwekuti vachawana ruyamuro; naizvozvo vakatya vakaisa guta iri mumaoko edu; uye naizvozvo takakwanisa kuita zvataida zvekutora guta reKumeni.

13 Asi zvakaitika kuti vasu-

ngwa vedu vakanga vakawanda zvekuti, kana dai zvedu takanga takawanda zvinotyisa, taimanikidzwa kuti mauto edu ose aite basa rekuvachengeta, kana kutovauraya.

14 Nokuti tarisai, vaibuda vakawanda zvikuru, uye vorwisa nematombo, netsvimbo, nechose zvacho chavaikwanisa kuwana, zvekuti takatouraya vaisvika kana kupfuura zviuru zviviri mushure mekunge vatya vakazviita vasungwa vehondo.

15 Naizvozvo takaona kuti zvaifanira, kuti takafanira kuvauraya, kana kuti kuvatarisa munondo uri muruoko, kunosvika kunyika yeZarahemura; nekudya kwedu kwakanga kwangokwanirana nevanhu vedu, kana dai zvazvo takanga tabvutira maRamani kwavo.

16 Uye zvino, munguva yezvinhu zvakamanikidzana kudai, yaive nguva inokosha yekufunga nezvevasungwa vehondo ava; zvakadaro, takafunga kuti tivatumire kunyika yaZarahemura; naizvozvo takasarudza chikamu chevanhu vedu, uye ndokuvati vachengete vasungwa vachienda navo kunyika yeZarahemura.

17 Asi zvakaitika kuti mangwana acho vakadzoka. Uye zvino tarisai, hatina kuvabvunza nezvevasungwa; nokuti tarisai, maRamani akanga ave nesu, uye naizvozvo vakadzoka nenguva yakanaka yekuti tisa-wire mumaoko avo. Nokuti tarisai, Amaroni sekuvatsigira

akanga avatumira kumwe kudya nematico akawanda.

18 Uye zvakaitika kuti avo varume vatakatumira nevasungwa vakasvika nenguva yakanaka yekuvakanganisa, sezvo vakanga vave kuda kutikurira.

19 Asi tarisai, kachikwata kangu kezviuru zviviri nemakumi matanhatu vakarwa zvinotyisa; hongu, vakanga vakasimba pamberi pemaRamani, uye vakauraya avo vose vakaedza kuvarwisa.

20 Uye pakanga poda kuti vakasara vemaudo edu vakundwe nemaRamani, tarisai, vaye zviuru zviviri nemakumi matanhatu vakasimba vasingatye.

21 Hongu, uye vaiteerera uye vachiita zvose zvavaiudzwa nemazvo; hongu, uye kana maererano nokutenda kwavo vakazviitirwa; uye ndakarangerira mazwi avakanditaurira avakanga vadzidziswa “naanamai vavo.

22 Uye zvino tarisai, vaive ava vanakomana vangu, neavo varume vakanga vanzi vaperekedze vasungwa, ndivo vakaita kuti tigone kukurira zvikuru kudai; nokuti ndivo vakakurira maRamani; naizvozvo vakatandanisirwa shure kuguta reMandi.

23 Uye isu tikachengeta guta redu Kumeni, uye hatina kuparadzwa tose nehondo; zvakadaro, takarasikirwa zvikuru.

24 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge maRamani atiza, ipapo ndakabva ndati vose

vanhu vangu vakanga vakuva-dzwa vabviswe mukati mevaka-nga vafa, ndokuita kuti varapwe.

25 Uye zvakaitika kuti paive nemazana maviri, pane zviuru zvangu zviviri zvine makumi matanhatu vakanga vakomoka pamusana pekurasikirwa nero-pa; zvisinei, maererano nokuna-ka kwaMwari, takashamiswa zvikuru, uye tikafara kwazvo mauto ose edu, “hapana kana mumwechete wavo akanga afa; hongu, uye hakuna kana mu-mwechete wavo akanga asina kuwana maronda akawanda.

26 Uye zvino, kuchengetedzwa kwavo kwakashamiswa mauto edu ose, hongu, kuti ivo havana kufa asi kuine chiuru chehama dzedu vakauraiwa. Uye izvi ti-nozviisa “kusimba rinoshamisa raMwari, pamusana ^bperutendo rwavo rukuru mune izvo zvava-kanga vakadzidziswa kuti vate-nde—kuti kuna Mwari vano-tonga zvakanaka, uye ani zvake asingakahadzike, kuti vacha-chengetedzwa nesimba rake rinoshamisa.

27 Zvino urwu ndirwo rwaive rutendo rweava vandataura nezvavo; vana vadiki, uye pfungwa dzavo dzakasimba, uye vanogara vachiisa ruvimbo rwa-vo munaMwari nguva dzose.

28 Uye zvino zvakaitika kuti mushure mekunge tarapa vaka-nga vakuvara vedu, uye taviga vedu vakanga vafa nevakafa vemaRamani, avo vakanga va-kawanda, tarisai, takabunza Gidhi nezvevasungwa vavaka-

nga vatanga kuenda navo ku-nyika yeZarahemura.

29 Zvino Gidhi ndiye akanga ari mutungamiri mukuru we-chikwata chakanga chaiswa kuti chivatarise vachidzika ku-nyika iyi.

30 Uye zvino, aya ndiwo mazwi akataurwa naGidhi kwan-diri: Tarisai, takatangisa ku-dzika tichienda kunyika ye-Zarahemura nevasungwa vedu. Uye zvakaitika kuti takasangana nevasori vemauto edu, vakanga vatumwa kunotarisa musasa wemaRamani.

31 Uye vakadaidzira kwatiri, vachiti—Tarisai, mauto ema-Ramani ari kufora achienda kuguta reKumeni; uye tarisai, vachavarwisa, hongu, uye vo-paradza vanhu vedu.

32 Uye zvakaitika kuti vasu-ngwa vedu vakanzwa kudaidzi-ra kwavo, zvakaita kuti vasatye; uye vakabva vasimuka vakati-pandukira.

33 Uye zvakaitika kuti pamu-oro pekutipandukira kwavo takashandisa minondo yedu pa-vari. Uye zvakaitika kuti vaka-batana vakamhanyira pamino-ndo yedu, mukudaro vazhinji vavo vakauraiwa; uye vakasara vakarwisa vakatitiza.

34 Uye tarisai, pavakanga vati-za uye isu takatadza kuvabata, takakurumidza kufora tichiku-rumidza tichienda kuguta re-Kumeni; uye tarisai, takasvika nenguva yekuti tiyamure hama dzedu mukuchengetedza guta.

35 Uye tarisai, tabviswa zva-

kare mumaoko evavengi vedu. Uye rakaropafadzwa zita raMwari vedu; nokuti tarisai, ndiye atiponesa; hongu, ndiye atiitira chinhu chikuru ichi.

36 Zvino zvakaitika kuti ini, Hiramani, ndanzwa mazwi aya kubva kuna Gidhi, ndakazadzwa nokufara kukuru pamusana pekunaka kwaMwari mukutichengetedza, kuti tisafe tose; hongu, uye ndinovimba kuti mweya yeavo vakauraiwa “yapinda muzororo raMwari vavo.

CHITSAUKO 58

Hiramani, Gidhi naTeomuneri vanotora guta reMandi nenjere—MaRamani anobva—Vanakomana vevanhu vaAmoni vanochengetedzwa sezvo vachimira vakasimba mukurwira rusununguko nerute ndo rwavo. Zvingangove makore 63 kusvika ku62 Kristu asati azvarwa.

ZVINO tarisai, zvino zvakaitika kuti chechipiri chataida kuita kutora guta reMandi; asi tarisai, pakange pasina nzira yataita kuti tivakwezve kubva muguta nekushomeka kwatakanga takaita. Nokuti tarisai, vakayeuka zvatakanga tamboita; naizvozvo hataikwanisa “kuvakwezva kuti vabve mumisimboti yavo.

2 Uye vakanga vakawanda kupfuura mauto edu kure kure zvekuti hataimbozviita kuti tiende tinovatanga munzvimbo dzavo dzakasimba.

3 Hongu, uye takaona kuti

zvaifanira kuti tiise vanhu vedu kuti vachengetedze ayo mativi enyika atakanga tatora zvakare aive edu; naizvozvo zvakarati-dza kuti taifanira kumbomira, kuti zvimwe tingatambire zvimwe zvekudya kubva kunyika yeZarahemura nevamwe vekupamhidzira simba redu.

4 Uye zvakaitika kuti ndakatumira nhume kuna gavhuna wenyika yedu, kuti ndimuzivise nezvevanhu vedu. Uye zvakaitika kuti takamirira kuti tiwane zvekudya nekusimbiswa kubva kunyika yeZarahemura.

5 Asi tarisai, izvi hazvina zvizhinji zvazvakatiyamura; nokuti maRamani akanga achiwana simba guru zuva nezuva, nezvekudya zvakawanda; uye ndizvo zvakanga zvakaita zvinnhu zvedu panguva iyoyi.

6 Uye maRamani vaiuya vachitinetsa nguva nenguva, vachida kutiparadza nenjere; zvakadaro hataikwanisa kurwisana navo, pamusoro penzvimbo dzavo dzekuhwanda nenzvimbo dzavo dzakasimba.

7 Uye zvakaitika kuti takamirira muzvinhu zvakaoma kudai kwenguva yemwedzi mizhinji, kudakara tave kuita setichafa nekuda zvekudya.

8 Asi zvakaitika kuti takagashira zvekudya, zvakanga zvachengetedzwa nevarume vaisvika zviuru zviviri vakanga vauya kuzotiyamura; uye ndirwo ruyamuro rwose rwatakatambira, kuti tizvirwire nenyika yedu kuti tisawire mumaoko

evavengi vedu, hongu, kuti tirwisane nemuvengi akanga asingaverengeke.

9 Uye zvino chikonzero chekunyadzi swa kwedu uku kana chikonzero chavakaregerera kutitumira vamwe vanhu kuzotisimbisa, hatina kuziva; naizvozvo zvakatisuwisa uye zvikatizadzawo nekutya, kuti zvimwe nekumwe kutonga Mwari vangingotongera nyika yedu, zvinotibvisa panzvimbo nokubva taparadzwa zvachose.

10 Naizvozvo takaburitsa mweya yedu mumunamato kuna Mwari, kuti vatisimbise nekuti vatibvise mumaoko evavengi vedu, hongu, nokutipawo simba rekuti tirambe tiine maguta edu, neminda yedu, nezvinhu zvedu, zvekuriritira vanhu vedu.

11 Hongu, uye zvakaitika kuti Ishe Mwari vedu vakatishanyira vakatisimbisa kuti vanotiponesa; hongu, zvekuti vakataura runyararo kumweya yedu, uye vakatipa rutendo rukuru, vakatiita kuti tivimbe kuti vachatiponesa.

12 Uye takave nekusatya nemauto edu mashoma atakanga tatambira, ndokubva tava nokushinga kuti tikurire muvengi wedu, “nokuchengetedza nyika yedu, nezvinhu zvedu, nevakadzi vedu, nevana vedu, ^bnerusununguko rwedu.

13 Uye naizvozvo takaenda kunorwisa maRamani nesimba redu rose, vakanga vari muguta reMandi; uye tikadzika matende

edu munyasi merenje, raive pedyo neguta.

14 Uye zvakaitika kuti rave ramangwana, maRamani pava-kaona kuti takanga tiri kumuganhu munyasi merenje rakanga riri pedyo neguta, kuti vakatumira vasori vavo kwatiri kuti vaone kuti tiri vangani nokuti mauto edu akawanda zvakadii.

15 Uye zvakaitika kuti pavakawana kuti takanga tisina kusimba, maererano neuwanda hwedu, nokutya kuti tingangove pakati pavo neavo vanovatsigira kunze kwekunge vatouya kuzorwa nesu nekutiuraya, nokufungawo kuti vaikwanisa kutiparadza nyore-nyore nenzira yevanhu vavo vakanga vakawandisa, naizvozvo vakatanga kugadzirira kuti vauye vazorwa nesu.

16 Uye zvatakaona kuti vari kugadzirira kuti vazotirwisa, tarisai, ndakaita kuti Gidhi nevarume vashoma-shoma vaverere vapinde murenje, uye ndikaitawo kuti Teomuneri nevamwe varume vashoma-shoma vaverere vaende murenje.

17 Zvino Gidhi nevanhu vake vakaenda nechekurudyi uye vamwe vakaenda nechekuruboshwe; uye zvavakanga vahwanda kudaro, tarisai, ndakasara nevakanga vasara vemauto angu, munzvimbo iyoyo yatakanga tadzika matende pakutanga tikamirira nguva yekuuya kwemaRamani kuzotirwisa.

18 Uye zvakaitika kuti maRamani akauya kuzotirwisa nemauto avo akanga akawandisa.

Uye zvavakanga vauya vave kuda kutanga kutirwisa nemi-
nondo, ndakaita kuti vanhu
vangu, avo vakanga vaineni,
kuti vatizire murenje.

19 Uye zvakaitika kuti ma-
Ramani akatitevera achimhanya
zvikuru, nokuti vakanga vachida
chaizvo kuti vatibate vatiuraye;
naizvozvo vakatitevera murenje;
uye isu takapfuura nepakati
paGidhi naTeomuneri, zvekuti
maRamani haana kuvaona.

20 Uye zvakaitika kuti ma-
Ramani paakanga apfuura, kana
mauto paakanga apfuura, Gidhi
naTeomuneri vakasimuka kubva
munzvimbo dzavo dzekuhwa-
nda, uye vakabva vadzivirira
vasori vemaRamani kuti vasa-
dzokere kuguta.

21 Uye zvakaitika kuti vavadi-
mburira kudaro, vakamhanyira
kuguta vakanorwisa vatariri
vakanga vasiwa kuti vachenge-
te guta, zvekuti vakavaparadza
uye vakabva vatora guta.

22 Zvino izvi zvakaitwa nokuti
maRamani akanga arasikirwa
nemauto avo ose akwezverwa
kurenje, kunze kwevatariri
vashoma-shoma.

23 Uye zvakaitika kuti Gidhi
naTeomuneri nezvizvi vakanga
vatora nzvimbo dzavo dzaka-
simba. Uye zvakaitika kuti ta-
katora gwara redu, mushure
mekufamba zvikuru murenje ti-
kananga kunyika yeZarahemura.

24 Uye zvino maRamani vaka-
nga vachifora vakananga ku-
nyika yeZarahemura, vakatya
zvikuru, kuti zvimwe kune zano
rekuti vapinzwe mukupara-

dzwa; naizvozvo vakatanga ku-
dzokera shure kupinda murenje
zvakare, hongu, kana kudzo-
kera nenzira yavakambenge
vambouya nayo.

25 Uye tarisai, hwakanga hwa-
ve usiku uye vakadzika mate-
nde avo, nokuti mutungamiri
mukuru wemaRamani akanga
afunga kuti maNifai aneta ne-
kufamba kwavo; uye vachifu-
ngawo kuti vakanga vatanda-
nisa mauto avo ose naizvozvo
havana kuzombofunga nezve-
guta reMandi.

26 Zvino zvakaitika kuti hwa-
ve usiku, ndakaita kuti vanhu
vangu vasarare, asi kuti vafore
neimwe nzira vachienda ku-
nyika yaMandi.

27 Uye nenzira yekufora kwe-
du uku nguva dzeusiku, tarisai,
ave mangwana takanga tave
kure namaRamani, zvekuti ta-
kavatangira kusvika kuguta
reMandi.

28 Uye naizvozvo zvakaitika
kuti, nenjere idzi takatora guta re-
Mandi pasina ropa rakadeurwa.

29 Uye zvakaitika kuti paka-
svika mauto emaRamani pedyo
neguta, ndokuona kuti takanga
takagadzirira kusangana navo,
vakashamiswa zvikuru uye
vakapindwa nokutya kukuru,
zvekuti vakatizira murenje.

30 Hongu, uye zvakaitika kuti
mauto emaRamani akatiza mu-
nzvimbo ino yose yenyika. Asi
tarisai, vakatakura vakadzi vazhi-
nji nevana kubva munyikamo.

31 Uye “ayo maguta akanga
atorwa nemaRamani, ose pangu-
va ino ari mumaoko edu; uye

madzibaba edu nemadzimai edu nevana vedu vave kudzokera kumisha yavo, vose kunze kwe-avo vakatorwa sevasungwa, uye vakatakurwa nemaRamani.

32 Asi tarisai, mauto edu mashoma kuti agone kuchengetedza maguta akawanda zvakadai nezvinhu zvakawanda kudaro.

33 Asi tarisai, tinovimba naMwari vedu atiita kuti tikunde munyika idzodzo, zvekuti tikwanise kutora maguta iwayo nenyika idzodzo, zvakanga zviri zvedu.

34 Zvino hatizive chikonzero chiri kuita kuti hurumende isatipe vamwe vanhu vekutisimbisa; kana avo varume vakauya kwatiri havazive kuti sei tisina kutambira simba rakapfuura ipapa.

35 Tarisai, hatidi kutsutsu-mwa kana paine zviri kukutadzisai, sezvo makabvisa mauto muchiaisa kurutivi irworwo rwenyika.

36 Uye kana zvisirizvo, tarisai, kune *“kupesana muhurumende, zvekuti kana vakasatitumira vamwe vanhu kuti vazotipa ru-yamuro; nokuti tinoziva kune vanhu vazhinji kwazvo kupfu-ura avo vatakatumirwa.*

37 Asi tarisai, hazvina mhosva zvazvo—ndinovimba kuti Mwari *“vachatiponesa, kana dai zvazvo mauto edu asina kuwanda, hongu, uye vanotibvisa mumaoko evavengi vedu.*

38 Tarisai, iri igore rechimakumi maviri nemapfumbamwe, mukupera kwaro, uye tine

matunhu enyika yedu; uye ma-Ramani atizira kunyika yaNifai.

39 Uye avo vanakomana vevanhu vaAmoni, uye vandataura zvikuru nezvavo, vaneni muguta reMandi; uye Ishe vakavairiritira, hongu, uye vakavaita kuti vasapunzwe nemunondo, zvekuti hakuna kana *“mumwechete wavo akauraiwa.*

40 Asi tarisai, vakaitwa maronda akawanda; zvakadaro vakasimba *“murusununguko rwavakapiwa naMwari avo vakavasunungura; uye vakaoma mukurangerira Ishe Mwari vavo zuva nezuva; hongu, vano-cherechedza kuchengeta mirau yavo, nokutonga kwavo, nemirairo yavo nguva dzose; uye rutendo rwavo rwakasimba muhuporofita huri maererano nezvichauya.*

41 Uye zvino, mukoma wangu anodiwa, Moronai, Ishe Mwari vedu, avo vakatinunura uye vakatiita kuti tive takasununguka, vakuchengete uri pamberi pavo nguva dzose; hongu, uye vavade vanhu ava, kana kukuita kuti ubudirire mukutora zvose izvo zvatakatorerwa nemaRamani, zvakanga zviri zvinhu zvaiita tizviriritire. Uye zvino, tarisai, ndinopedzera pano tsamba yangu. Ndini Hiramani, mwanakomana waAruma.

CHITSAUKO 59

Moronai anokumbira Pahorani kuti asimbise mauto aHiramani—

MaRamani anatora guta reNifaiha—Moronai anoshatirirwa hurumende. Zvingangove makore 62 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakaitika mugore rechi-makumi matatu rekutongwa kwemaNifai nevatongi, mushure mekunge Moronai atambira uye ndokuverenga “tsamba ya-Hiramani, akafara zvikuru nemagariro akanaka, hongu, uye nokubudirira kukuru kwakanga kwaita Hiramani mukutora idzo nyika zvakare dzavakambenge vamborasikirwa nadzo.

2 Hongu, uye akazviita kuti zvizivikanwe nevanhu vake vose, munyika yose yakakomberedza kudivi kwaakanga iye ari, kuti naivowo vafare.

3 Uye zvakaitika kuti pakarepo akabva atumira “tsamba kuna ^bPahorani, achimukumbira kuti aite kuti vanhu vaungane pamwechete kuti vanosimbisa Hiramani, kana kuti mauto aHiramani, zvinoita kuti zvimutire nyore kuti achengetedze iro dunhu renyika raakakundiswa nezvishamiso kuti aritore zvakare.

4 Uye zvakaitika kuti Moronai zvaakanga atumira tsamba iyi kunyika yeZarahemura, akatanga kufunga zano rekuti atore zvakare izvo zvinhu nemaguta akanga asara akatorwa nema-Ramani.

5 Uye zvakaitika kuti zvakanga Moronai achigadzirira kuti aende kunorwisana nemaRamani, tarisai, vanhu vaNifaiha, vaka-

nga vaungana pamwechete kubva kuguta raMoronai nekuguta raRihai neguta raMoriandoni, vakarwiswa nemaRamani.

6 Hongu, kana avo vakanga vamanikidzwa kutiza kubva kunyika yeMandi, nemumatunhu akatenderedza, vakanga vauya vakazobatana nemaRamani mudivi rino renyika.

7 Uye sezvo vakanga vakawanda zvikuru, hongu, vaiwanda zuva nezuva, zvichibva kuna Amoroni vakauya vakanorwisana nevanhu veNifaiha, uye vakatanga kuvauraya zvakaipa kwazvo.

8 Uye mauto avo akanga akawanda zvekuti vakasara vevanhu veNifaiha vakati rutsoka ndibereke; uye vakauya uye vakasvikobatana nematico aMoronai.

9 Uye zvino sekufunga kwaMoronai kuti dai kwatumirwa vanhu kuguta raNifaiha, kuti vanhu vayamurwe kuchengetedza guta iri, uye nokuziva kuti zvaive nyore kudzivirira guta kuti risawire mumaoko ema-Ramani pane kuzoritora kwavari, akafunga kuti zvichave nyore kuti vachengetedze guta iri.

10 Naizvozvo akachengeta ose mauto ake kuti akwanise kuchengetedza nzvimbo dzose dzaakanga atora.

11 Uye zvino, Moronai zvaakawana kuti guta reNifaiha rakanga ratorwa akasuwa zvikuru, uye akatanga kukahadzika, pamusana peupi hwevanhu, kuti havangangowira mumaoko ehama dzavo.

12 Zvino izvi ndizvo zvakanga zviri vatungamiri vakuru vake. Vaikahadzika nokushamiswawo pamusana peupi hwevanhu, uye izvi zvichikonzerwa nokurirwa kwavo nemaRamani.

13 Uye zvakaitika kuti Moronai akashatirirwa hurumende, pamusana “pekushaya hanyin’ a kwavo nezvekusununguka kwenyika yavo.

CHITSAUKO 60

Moronai anonyunyuta kuna Pahorani nezvekushaya hanyin’ a kwehurumende mukuchengeta mauto—Ishe vanobvumira kuti vakarurama vauraiwe—MaNifai akafanira kushandisa simba ravo rose nezvose zvavanogona kuti vazviponese kuvavengi vavo—Moronai anoti acharwisa hurumende kana vakasapa mauto ake zvanoda. Zvingangove makore 62 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti akanyorera zvakare kuna gavhuna wenyika, akanga ari Pahorani, uye aya ndiwo mazwi aakanyora, achiti: Tarisai, ndinonangisa tsamba yangu kuna Pahorani, ari muguta reZarahemura, anove ndiye mutongi “mukuru uye ari gavhuna wenyika, uye nekune avo vakasarudzwa nevanhu kuti vatonge nokufambisa nyaya dzehondo ino.

2 Nokuti tarisai, ndine zvandinoda kutaura kwavari ndichivapa mhosva; nokuti tarisai, imi munoziva pachenyu kuti maka-

nzi muunganidze vanhu, uye movapa minondo, nezvipanga, nezvombo zvehondo zvose zvakasiyana-siyana, uye movatumira kuti vanorwisa maRamani, kwose kurutivi kwavanenge vauya munyika medu.

3 Uye zvino tarisai, ndinoti kwamuri ini pachangu, nevanhu vanguwo, naHiramaniwo nevanhu vake, takatambudzika zvikuru; hongu, kana kufanenzara, nyota, nokuneta, nemamwe matambudziko emarudzi akasiyana-siyana.

4 Asi tarisai, dai izvi kuri iko kutambudzika kwedu kwose tingadai tisingatsutsumwe kana kunyunyuta.

5 Asi tarisai, vanhu vedu vakauraiwa zvikuru; hongu, zviuru nezviuru zvapakunzwa nemunondo, zvingadai zvisina kuitika dai makanga makapa mawuto edu simba uye neruyamuro rwakakwana. Hongu, makatiregerera zvakaipa chaizvo.

6 Uye zvino tarisai, tinoda kuziva chikonzero chekutiregerera zvakakura kudai; hongu, tinoda kuziva chikonzero chekusafunga kwenyu.

7 Mungafunge here kugara pachigaro chenyu chekutonga murere mukusafunga, ivo vavengi venyu vachikudza basa rekuuraya rakakutenderedzai? Hongu, vachiponda zviuru nezviuru zvehama dzenyu—

8 Hongu, kana ivavo vakatarisira kwamuri kuti muvadzivirire, hongu, vakakuisai munzvimbo yokuti mungadai

makavayamura, hongu, mungadai makatumira mauto kwavari, kuti muvasimbise, uye makaponesa vazhinji kuti vasapunzwe nemunondo.

9 Asi tarisai, izvi hazvizizvo zvose—makavanyima zvekudya, zvekuti vazhinji vavo vakarwa vakabuda ropa kudakara kufa pamusana peshungu dzavo dzikuru dzavaive nadzo pamusoro pemagariro akanaka evanhu ava; hongu, izvi vakazviita ivo vave kuda “kufa nokuziya nenzara, pamusana pekuvaregerera kwenyu kunotyisa.

10 Uye zvino, hama dzangu dzinodiwa—nokuti munofanira kuve munodiwa; hongu, uye mungadai makashanda nesimba kupinda iri kuitira magariro akanaka nerusununguko zvevanhu ava; asi tarisai, makavaregerera zvekuti ropa rezvuru richauya pamusoro penyu kutsividza, hongu, nokuti Mwari vaiziva kuchema kwavo kwose, nokutambudzika kwavo kwose—

11 Tarisai, munofunga here kuti munogona kugara pazvigarozvenyu zveushe, nepamusana pekunaka kwaMwari musina chamuri kuita moponeswa zvenyu? Tarisai, kana zviri izvo zvamaifunga muri kufunga pasina.

12 “Munofunga here kuti, nenzira yekuti vazhinji vehama dzenyu vakauraiwa pamusana peupi hwavo? Ndinoti kwamu-

ri, kana zviri izvo zvamakafunga makafunga pasina; nokuti ndinoti kwamuri, kune vazhinji vakapunzwa nemunondo; uye tarisai zvinopisa imi mhosva;

13 Nokuti Ishe vanobvumira kuti “vakarurama vauraiwe kuti kuranga nekutonga kwake kuuye pamusoro pevakaipa; naitzvovvo hamufanire kufunga kuti vakanaka varasika nokuti vauraiwa; asi tarisai, vanopinda muzororo raIshe Mwari vavo.

14 Uye zvino tarisai, ndinoti kwamuri, ndirikutya zvikuru kuti kutonga kwaMwari kuchauya pamusoro pevanhu ava, pamusana penungo dzavo dzisingaite, hongu, kana nenungo dzehurumende yedu, nokushaya hanyn’a kukuru nehama dzavo, hongu, kune avo vakauraiwa.

15 Nokuti dai hwakanga husiri “huipi hwakatanga nevari kumusoro, tingadai takakunda vavengi vedu zvekuti vangadai vasina kuwana simba pamusoro pedu.

16 Hongu, dai pasina “hondo yakaitika pakati pedu; hongu, dai vakanga vasiri ^bvanhu vamambo ava, vakaita kuti kuparadzike ropa rakawanda pakati pedu; hongu, panguva iyoyo takanga tichirwisana pachedu, dai takanga tasanganisa simba redu sekuita kwataichimboita; hongu, dai pakanga pasina kuda simba nemvumo yekutonga iro raive nevanhu vamambo

9a Aruma 58:7.

12a Ruka 13:1–5.

13a Aruma 14:10–11;

D&Z 42:46–47.

15a Aruma 51:9, 13.

16a Aruma 51:16–19.

b Aruma 51:5, 8.

pamusoro pedu; dai vakanga vari pachokwadi nepfungwa dzerusununguko rwedu, vakabatana nesu, uye vakaenda kunorwisana nevavengi vedu, kunze kwekutora minondo yavo kubaya isu, zvakakonzera kudeuka kweropa kukuru pakati pedu; hongu, dai takanga tavaendera musimba ralshe, tingadai takaparadza vavengi vedu, nokuti zvingadai zvakaikwa, maererano nokuzadzikiswa kweshoko ravo.

17 Asi tarisai, zvino maRamani ave kutikurira achitora nyika yedu, uye vari kuponda vanhu vedu nemunondo, hongu, vakadzi vedu nevana vedu, nekuvatora kunovaita nhapwa, vachiita kuti vatambudzike zvakasiyanasiyana, uye zvose izvi zvichikonzerwa neuipi hukuru hunoitwa neavo vanoda simba nemvumo, hongu, kana ivo vanhu vamambo.

18 Ko ndinotaurirei zvakanyanza nezvenyaya iyi? Nokuti hatina chatinoziva kunze kwekuti imi pachenyu muri kutsvaka simba. Hatizive asi tinoona kuti imi muri vatengesi venyika yenyu.

19 Kana kuti makashaya hanyn'a nesu pamusana pekuti imi mugere pakati penyika yedu uye makakomberedzwa naizvozvo makadzivirirwa, kuti hamuite kuti zvekudya zvitumirwe kwatiri, nevarume vekuzosimbisa mauto edu?

20 Makanganwa here mirairo yaIshe Mwari venyu? Hongu,

makanganwa utapwa hwama-dzibaba edu? Makanganwa here nguva dzakawanda dzatakabviswa mumaoko evavengi vedu?

21 Kana kuti munofunga here kuti Ishe vachangotiponesa, tigere zvedu pazvigaroro zvedu zvekutonga uye tisingashandise zvaakatipa kuti tishandise?

22 Hongu, munogara musina chamuri kuita imi makakombwa nezviuru zveavo, hongu, uye makumi ezviuru, zvevagerewo chete vasina chavari kuita, kuine zviuru zvevari mukati memiganhu yenyika vari kurigwa nemunondo, hongu, vakakuvara uye vari kubuda ropa?

23 Munofunga kuti Mwari vanokutarisai vachiti hamuna mhosva imi mugere uye makatarisa zvinhu izvi? Tarisai ndinoti kwamuri, Kwete. Zvino ndinoti dai marangarira kuti Mwari vakati mudziyo "wemukati ndiwo unotanga kusukwa, uye ndipo pozosukwawo mudziyo wekunze.

24 Uye zvino, kunze kwekunze mapinduka pane zvamakaita, uye motanga kusimuka muchishanda, uye motumira zvekudya nevanhu kwatiri, nekuna Hiramaniwo, kuti atsigire ayo matunhu enyika aakatora zvakare, nekutiwo titore zvinhu zvakare zviriri mumatunhu iwaya, tarisai zvichave zvakafanira kuti timbomira kurwisana nemaRamani kudakara tatanga kusuka mudziyo wedu wemukati, hongu, kana musoro mukuru wehurumende yedu.

25 Uye kunze kwekunge mandipa zvandataura mutsamba yangu, uye mukauya kwandiri nokundiratidza pachena “mweya wechokwadi werusununguko, nokuedza kusimbisa neku-dzivirira mauto edu, nokuvapa zvekudya zvekuvariritira, tarisai tichasiya chikamu chevanhu vangu vakasununguka kuti vachengete divi rino renyika, uye ndovasiira simba nemaropafadzo aMwari pavari, kuti pashaye rimwe simba ringavarwise—

26 Uye izvi zvinoitika pamusana perutendo rwavo rwokuru, nokushivirira kwavo mukutambudzika kwavo—

27 Uye ndichauya kwamuri, uye kana paine mumwe pakati penyu anoda rusununguko, hongu, kana paine unyiri-nyiri hwerusununguko rwasara, tarisai tichamutsa kumukirana pakati penyu, kudakara avo vanoda kutora masimba nemvumo vachapera.

28 Hongu, tarisai handitye simba renyu kana mvumo yenyu, asi “Mwari vangu ndivo vandinotyia; uye zviri maererao nemirairo yavo zvinoita kuti nditore munondo wangu kuti ndirwire nyika yangu, uye kuda kwekuipa kwenyu kwakaita kuti tirasikirwe zvakadai.

29 Tarisai yave nguva, hongu, nguva yasvika zvino, kuti mukasamuka mukurwira nyika yenyu nevadiki venyu, “munondo wekuranga wuri kurembera wuri pamusoro penyu; hongu, uye wuchawira pamuri uye

wugokushanyirai kudakara kuparara kwenyu zvachose.

30 Tarisai, ndakamirira ruyamuro kubva kwamuri; uye, kunze kwekunge matiyamura, tarisai, ndinouya kwamuri, kana munyika yaZarahemura, uye ndokubayai nemunondo, zvekuti hamuzowana simba rekukanganisa kufambira mberi kwevanhu ava mukuda rusununguko.

31 Nokuti tarisai, Ishe havabvumire kuti mugare uye mugosimba mukuipa kwenyu kuti muparadze vanhu vake vakarurama.

32 Tarisai, munofunga here kuti Ishe vangaponese imi uye vagotonga maRamani, iko kuri kuita kwemadzibaba avo kwakakonzera ruvengo rwavo, hongu, uye rwakawanzwa neavo vakapanduka kubva kwatiri, iko kuipa kwenyu kuri kwekuda kwenyu kuita mbiri nezvinhu zvisina maturo zvenyika?

33 Munoziva kuti munotyora mitemo yaMwari, uye munoziiva kuti munoitsikirira pasi petsoka dzenyu. Kana avo vamakaita magavhuna enyu vaka-satendeuka muzvitema zvavo nezvitadzo zvavo, muchaenda kunorwisana navo.

34 Uye zvino tarisai, ini, Moronai, ndakatunhwa, maererao nechibvumirano chandakaita kuti ndichachengeta mirairo yaMwari vangu, naizvozvo ndinoti dai mabatirira kushoko raMwari, uye munditumire nekukurumidza zvekudya

zvenyu nevanhu venyu, nekuna Hiramaniwo.

35 Uye tarisai, kana mukasaita izvi ndiri kuuya kwamuri nokukurumidza; nokuti tarisai, Mwari havabvumire kuti tife nenzara; naizvozvo achatipa isu kudya kwenyu, kana dai zvichireva kushandisa munondo. Zvino onai kuti mazadzikisa shoko raMwari.

36 Tarisai, ndini Moronai, mutungamiri mukuru wemauto enyu. “Handitsvake simba, asi kurikoromora. Handitsvake kukudzwa nenyika, asi mbiri yaMwari vangu, nerusununguko nemagariro akanaka enyika yangu. Uye ndiko kupedza kwandinoita tsamba yangu.

CHITSAUKO 61

Pahorani anotaaurira Moronai nokumukira nechimurenga chekurwisa hurumende—Vanhu vaMambo vanotora Zarahemura ndokubatana nemaRamani—Pahorani anokumbira ruyamuro rwemauto kuti arwise vapanduki. Zvingangove makore 62 Kristu asati azvarwa.

TARISAI, zvino zvakaitika kuti Moronai achangobva mukutumira tsamba yake kuna gavhuna wenyika mukuru, akatambira tsamba yakabva kuna “Pahorani, gavhuna wenyika mukuru. Uye aya ndiwo mazwi aakatambira:

2 Ini Pahorani, ndinova ndini gavhuna wenyika ino, ndinotumira mazwi aya kuna Moronai, mutungamiri mukuru wemauto.

Tarisai, ndinoti kwauri Moronai, handifadzwe “nematambudziko ako akakura zvikuru, hongu, zvinosuwisa mweya wangu.

3 Asi tarisai, kune avo vanofadzwa nekutambudzika kwako, hongu, zvekuti vasvika mukundipandukira, nevanhu vangu “vakasununguka, hongu, uye avo vapanduka vakawandisa.

4 Uye ndevavo vanotsvaka kutora chigaro chekutonga kubva kwandiri vanove ndivo chikonzero chekuipa kukuru uku, nokuti vakashandisa kunyengedza kukuru, uye vakanyengedza mwoyo yevanhu vazhinji, chichave chikonzero chekurwadzisana pakati pedu; vakabata zvekudya zvedu, uye vakatyisidzira vanhu vedu vakasununguka kuti vatadze kuuya kwauri.

5 Uye tarisai, vakanditandani sa pamberi pavo, uye ndatizira kunyika yaGideoni, nevanhu vakawanda vandaikwanisa kuwana.

6 Uye tarisai, ndatumira shoko kurutivi rwuno rwose rwenyika; uye tarisai, vari kuuya kwatiri mazuva ose, nezvombo zvavo, vachirwira nyika yavo “nerusununguko rwavo, nekutsividza kutadzirwa kwedu.

7 Uye vauya kwatiri, zvekuti avo vakatimukira muchimurenga vakanyadziswa, hongu, zvekuti vave kutitya uye havachauya kuti vazotirwisa.

8 Vakatora nyika kana kuti guta reZarahemura; vakagadza mambo wekuvatonga, uye akanyorera mambo wemaRamani,

achibva abatana naye; muku-
batana uku abvuma kuchengeta
guta reZarahemura, kuchengeta
uku anofunga kuti kuchaita kuti
maRamani akunde matunhu
asara enyika, uye iye oitwa ma-
mbo wevanhu ava vari vaku-
ndwa vave pasi pemaRamani.

9 Uye zvino, mutsamba yako
wandipa mhosva, asi hazvina
mhosva; handina kushatirwa,
asi ndinofara nekukura kwe-
mwoyo wako. Ini Pahorani, ha-
nditsvake simba, kunze kwekuti
ndirambe ndiine chigaro changu
chekutonga kuti ndigogona
kuchengetedza zvinhu nekuzvi-
tonga kwevanhu vangu. Mweya
wangu unomira wakasimba mu-
kuzvitonga uko kwakaita kuti
Mwari atiite “vakasununguka.

10 Uye zvino, tarisai, tichara-
mba uipi kana dai zvichireva
kudeuka kweropa. Hataideura
ropa remaRamani dai vaigara
kunyika kwavo.

11 Hataideura ropa rehama
dzedu dai vasingatimukire mu-
chimurenga uye vachitirwisa
nemunondo.

12 Taizviisa mujoki reusungwa
isu pachedu dai zvainge zvichi-
diwa nekutonga kwakanaka
kwaMwari, kana dai aitiudza
kuti tidaro.

13 Asi tarisai haatiudze kuti
tizviise pasi pevavengi vedu, asi
kuti tiise “ruvimbo rwedu maari,
uye iye anotiponesa.

14 Naizvozvo, hama yangu
inodiwa, Moronai, ngatirambei
chakaipa, uye chose chakaipa

chatisingagone kuramba nemi-
romo yedu, hongu, chakafana-
na nechimurenga neupanduki,
“ngatizvirambei neminondo
yedu, kuti tirambe tiine rusu-
nunguko rwedu, kuti tigofara
mupundutso huru yechechi
yedu, nemune Mununuri wedu
mukuru naMwari wedu.

15 Naizvozvo, uya kwandiri
nokukurumidza nevashoma ve-
vanhu vako, uye usiye vamwe
vacho vari mumaoko aRihai na-
Teangumu; uvape simba reku-
tungamira hondo mudivi iroro
renyika, maererano “neMweya
waMwari, uri iwoyo mweya
werusununguko uri mavari.

16 Tarisai ndatumira zvekudya
zvishoma kwavari, kuti vasafe
nenzara kudakara iwe wauya
kwandiri.

17 Unganidza pamwechete
vose avo vaunokwanisa paku-
uya kwako kuno, uye tigoenda
nokukurumidza kunorwisa avo
vapanduki, musimba raMwari
vedu maererano nerutendo
rwuri matiri.

18 Uye tigitora guta reZarahe-
mura, kuti tigowana zvekudya
zvizhinji zvekutumira kuna
Rihai uye naTeangumu; hongu,
tichaenda kunovarwisa tiri mu-
simba raIshe, uye tobva tapedza
kutadza nekuipa kukuru uku.

19 Uye zvino, Moronai, ndino-
fara nokutambira tsamba yako,
nokuti ndakanganda ndichinetsika
nokuti tingaitai, kuti zvingave
zvakanaka here kuti tirwise
hama dzedu.

9a Joh. 8:31-36;
D&Z 88:86.

13a NKM Rutendo; Vimba.

14a Aruma 43:47.

15a II VaKori. 3:17.

NKM Mweya

Mutsvene.

20 Asi iwe wakati, kunze kwekunge vatendeuka Ishe akakudza kuti unovarwisa.

21 Ona kuti “wasimbisa Rihai naTeangumu muna Ishe; vaudze kuti vasatye, nokuti Mwari vachavaponesa, hongu, neavowo vakasimba mukuzvitonga kwavakaitwa naMwari kuti vave vakasununguka. Uye zvinno ndave kupedza tsamba yangu kuhama yangu inodiwa Moronai.

CHITSAUKO 62

Moronai anoenda kunoyamura Pahorani munyika yaGideoni— Vanhu vamambo vanoramba kurwira nyika yavo vanouraiwa— Pahorani naMoronai vanatora zvakare Nifaiha— MaRamani vazhinji vanobatana nevanhu vaAmoni— Teangumu anouraya Amoroni uye iye anouraiwawo— MaRamani anotandaniswa munyika, uye kwobva kwave nerunyararo— Hiramani anodzokera kuhushumiri uye achibva avaka Chechi. Zvingangove makore 62 kusvika ku57 Kristu asati azvarwa.

UYE zvinno zvakaitika kuti Moronai paakanga atambira tsamba iyi mwoyo wake wakashinga, uye akazadzwa nemufaro mukuru pamusoro perutendo rwaPahorani, kuti akanga asiri naiyewo “mutengesi werusununguko nenyika yake.

2 Asi akachemawo zvikuru pamusana pekuipa kweavo

vakanga vabvisa Pahorani pachigaro chake chekutonga, hongu, muchidimbu nepamusana peavo vakanga vapandukira nyika yavo naMwari vavowo.

3 Uye zvakaitika kuti Moronai akatora vanhu vashoma-shoma, maererano nezvaida Pahorani, uye ndokubva apa kuna Rihai naTeangumu ukuru hwekutarisa mauto ake akanga asara, uye ndokubva aenda parwendu rwake akananga kunyika yeGideoni.

4 Uye akasimudza “mureza^b werusununguko munzvimbo yose yaakapinda, uye akatora mauto aaikwanisa mukufamba kwake kwose achienda kunyika yeGideoni.

5 Uye zvakaitika kuti zviuru zvakauya kumureza wake, uye vakatora minondo yekuti varwire rusununguko rwavo, kuti vasaiswe muusungwa.

6 Uye naizvozvo, Moronai paakanga aunganidza vanhu vose vaaikwanisa kuwana mukufamba kwake kwose, akasvika kunyika yeGideoni; uye ndokubatanidza mauto ake neayo aPahorani vakabva vasimba zvikuru, kana kusimba kupfuura vanhu vaPakusi, uyo akanga ari “mambo weavo vapanduki vakanga vatandanisa avo vaida^b rusununguko munyika yeZarahemura uye vakatora nyika iyoyo.

7 Uye zvakaitika kuti Moronai naPahorani vakaenda nematicho avo kunyika yeZarahemura,

21a Zek. 10:12.

62 1a Aruma 60:18.

4a Aruma 46:12–13, 36.

NKM Mureza.

^b NKM Rusununguko.

6a Aruma 61:4–8.

^b Aruma 51:5–7.

uye vakanorwisa guta iri, uye vakasangana nevanhu vaPakusi, zvekuti vakauya kuzorwa.

8 Uye tarisai, Pakusi akauraiwa uye vanhu vake vakatorwa vakaitwa vasungwa, uye Pahorani akadzorerwa pachigaro chake chekutonga.

9 Uye vanhu vaPakusi vakatongwa, maererano nemutemo, neavo vanhu vamambo vakanga vatorwa vakakandwa mutirongo; uye vakatongerwa kufa "vakauraiwa maererano nemutemo; hongu, avo vanhu vaPakusi neavo vanhu vamambo, vose zvavo vairamba kutora zvombo kuti varwire nyika yavo, asi vachitoirwisa, vakauraiwa.

10 Uye zvakaonekwa kuti mutemo uyu wakafanira kuomeswa chaizvo kuti nyika isapinde mungozi; hongu, uye uyo aiwanikwa achirambidza vanhu rusununguko rwavo aiuraiwa nokukurumidza kwazvo maererano nemutemo.

11 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi matatu ekutongwa kwevanhu vaNifai nevatongi; Moronai naPahorani vadzorera runyararo munyika yaZarahemura, pakati pevanhu vavo, vauraya avo vose vakanga vasiri pachokwadi munyaya dzerusununguko.

12 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi matatu nerimwechete rekutongwa kwevanhu vaNifai nevatongi, Moronai nokukurumidza akaita kuti zvekudya zvitumirwe, nemaoto anokwana zviuru zvitanhatu

atumirwe kuna Hiramani, kunomuyamura mukuchengetedza divi iroro renyika.

13 Uye akaitawo kuti mauto anokwana zviuru zvitanhatu, vaine kudya kwakakwana, vatumirwe kumauto aRihai naTeangumu. Uye zvakaitika kuti izvi zvakaitwa kudzivirira nyika kumaRamani.

14 Uye zvakaitika kuti Moronai naPahorani, vasiya chikwata chevarume vakawanda munyika yeZarahemura, vakatora rwendo rwekuenda kunyika yaNifaiha vaine chikwata chevarume vakawanda kwazvo, vazvipira kuti vanotandanisa maRamani aive muguta umu.

15 Uye zvakaitika kuti zvavakanga vachifamba vakananga kunyika iyi, vakatora chikwata chikuru chevarume vechiRamani, vakauraya vazhinji vavo, uye vakatora zvekudya zvavo nezvombo zvavo zvehondo.

16 Uye zvakaitika kuti mushure mekuvatora kwavo, vakavaita kuti vaite chibvumirano chekuti havachazitora zvombo zvavo zvehondo vachirwisa maNifai zvakare.

17 Uye vaita chibvumirano ichi vakavatumira kunogara nevanhu vaAmoni, uye vakanga vari vaisvika zviuru zvina vakanga vasina kuuraiwa.

18 Uye zvakaitika kuti vavatumira kudai vakasimudzira kufamba kwavo vachienda kunyika yeNifaiha. Uye zvakaitika kuti zvavakanga vasvika muguta reNifaiha, vakadzika matende

avo mumarenje eNifaiha, ari pedyo neguta reNifaiha.

19 Zvino Moronai akanga achida kuti maRamani auye kuzorwisana naye, mumarenje; asi maRamani nokuziva ugamba hwavo nekuona kuwanda kwavakanga vakaita, naizvozvo havana kuda kubuda kuti vanovarwisa; naizvozvo havana kuuya kuzorwa musu iwoyo.

20 Uye hwave usiku, Moronai akaenda murima reusiku, akasvika pamusoro pechidziro kuti asore kuti maRamani nemauto avo vakanga vari rutivi rwupi.

21 Uye zvakaitika kuti vakanga vari kumabvazuva, nechepaipindwa napo; uye vose vakanga vakarara. Uye zvino Moronai akadzokera kumauto ake, akaita kuti vagadzire nokukurumidza tambo dzakasimba nemanera, kuti vagozvidzikisa kubva pamusoro pechidziro vachidzikira mukati mechidziro.

22 Uye zvakaitika kuti Moronai akaita kuti vanhu vake vaende vanokwira pamusoro pechidziro, uye vagozvidzikisa kuti vapinde nerutivi irworwo rweguta, hongu, nechekumadokero, kwakanga kusina maRamani nemauto avo.

23 Uye zvakaitika kuti vose vakadzikiswa vakapinda muguta neusiku, vachishandisa tambo dzavo dzakasimba nemanera avo; naizvozvo kuchiedza vose vakanga vave mukati mechidziro cheguta.

24 Uye zvino, maRamani paakamuka uye akaona mauto

aMoronai ave mukati mechidziro, vakatya zvikuru, zvekuti vakabva vatiza vakabuda nepokupinda napo.

25 Uye zvino Moronai paakawana kuti vave kumutiza, akaita kuti vanhu vake vavavinge, uye vakauraya vazhinji, uye akakomba vazhinjiwo, uye akavatora sevasungwa; uye vazhinji vavo vakatizira kunyika yaMoronai, yakange iri kumuganhu negungwa.

26 Ndiko kutora kwakaita Moronai naPahorani guta reNifaiha pasina kurasikirwa kana nemweya mumwechete; uye pakauraiwa maRamani akawanda.

27 Zvino zvakaitika kuti vazhinji vemaRamani vakanga vari vasungwa vaida kubatana “nevanhu vaAmoni uye kuti vavogve vanhu vakasununguka.

28 Uye zvakaitika kuti vose vaida, ivavo vakabvumirwa maererano nezvido zvavo.

29 Naizvo, vose vasungwa vechiRamani vakabatana nevanhu vaAmoni, uye vakatanga kushanda zvikuru, vachirima, nekukudza mbeu dzakasiyana-siyana, uye matanga emarudzi akasiyana-siyana; ndiko kuturwa kwakaitwa maNifai mutoro mukuru; hongu, zvekuti vakasunungurwa kubva kuvasungwa vose vechiRamani.

30 Zvino zvakaitika kuti Moronai, mushure mekunge atora guta reNifaiha, uye atora vasungwa vakawanda, zvakaita kuti mauto emaRamani ave mashoma kwazvo, uye awana maNifai

akanga akatorwa sevasungwa, zvakaita kuti mauto aMoronai asimbe zvikuru; naizvozvo Moronai akabva munyika yaNifaiha achienda kunyika yaRihai.

31 Uye zvakaitika kuti maRamani paakaona kuti Moronai ari kuvavinga, vakatya zvakare vakatiza mauto aMoronai.

32 Uye zvakaitika kuti Moronai nematico ake vakavatevera guta neguta, kudakara vasingana naRihai naTeangumu; uye maRamani akatiza Rihai naTeangumu, kana kunosvika kumuganhu negungwa, dakara vasvika kunyika yaMoronai.

33 Uye mauto emaRamani akanga aunganidzwa ose pamwechete, zvekuti vose vakange vari muchikwata chimwechete munyika yaMoronai. Zvino Amaroni, mambo wemaRamani, akange naiyewo ainavo.

34 Uye zvakaitika kuti Moronai naRihai naTeangumu vakaita misasa yavo nematico avo mumatunhu enyika yaMoronai, zvekuti maRamani akanga akomberedzwa nechekumuganhu werenje nechekumaodzanyemba, nekumuganhu werenje kumbvazuva.

35 Uye vakaita musasa kweusiku ihwohwo. Nokuti tarisai, maNifai naivowo maRamani vakanga vaneta pamusana pekureba kwewendo rwacho; naizvozvo hapana zano rava-kambofunga usiku, kunze kwaTeangumu; nokuti akanga akashatirirwa Amaroni zvikuru, zvekuti aifunga kuti Amaroni

naAmarikaya mukoma wake, ndivo vakanga “vakonzera kuti pave nehondo isingapere iyi pakati pavo nemaRamani, yakonzera kurwa kwakawanda nekudeurwa kwerope, hongu, nenzara huru.

36 Uye zvakaitika kuti Teangumu nekushatirwa kwake akaenda kumisasa yemaRamani, uye akazvidzikisa mukati mechidziro. Uye akaenda netambo, nzvimbo nenzvimbo, zvekuti akawana pakanga paina mambo; uye “akakanda pfumo kwaari, rikabva rapinda nepedyo nepamwoyo. Asi tarisai, mambo akamutsa vanhu vake asati afa, zvekuti vakatandanisa Teangumu vakamuuraya.

37 Zvino zvakaitika kuti Rihai naMoronai pavakaziva kuti Teangumu afa vakasuwa zvikuru; nokuti tarisai, aive murume akanga arwira nyika yake segamba pasina kutya, hongu, shamwari yechokwadi mukuzvitonga; uye akanga atambudzika zvinorwadza zvikuru. Asi tarisai, akanga afa, uye akanga aenda nenzira yenyika yose.

38 Zvino zvakaitika kuti Moronai akabva afumofora mangwana acho, akabva asvika nepaive nemaRamani, zvekuti akavauraya zvakaipa; uye vakavatandanisa munyika; uye ivo vakatiza, zvekuti havana kudzoka panguva iyoyo kuzorwisana nemaNifai.

39 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi matatu anegore rimwechete rekutongwa

kwevanhu vaNifai nevatongi; uye naizvozvo vakanga vaita hondo, nekudeuka kweropa, nenzara, nematambudziko, kwe-makore akati kuti.

40 Uye kwakanga kwave ne-kuponda, nokurwisana, neku-panduka, nokuipa kwose kwa-kasiyana-siyana pakati pevanhu vaNifai; zvisinei pamusana “pevakarurama, hongu, nenzira yeminamoto yevakarurama, va-kaponeswa.

41 Asi tarisai, nenzira yekure-besa kwehondo pakati pema-Nifai nemaRamani vazhinji vakanga vaoma, pamusana pekurebesa kwehondo; uye va-zhinji vakapfaviswa pamusana “pematambudziko, zvekuti va-kazvirereka pamberi paMwari, kana muudzamu hwekupfava.

42 Uye zvakaitika kuti mushu-re mekunge Moronai avakirira idzo nzvimbo dzaaiona kuti hadzina kusimba kunge maRa-mani auya, kudakara dzasimba zvakakwana, akadzokera ku-guta reZarahemura; naHirama-niwo akadzokera kunzvimbo yenhaka yake; uye makadzika nerunyararo zvakare mukati mevanhu vaNifai.

43 Uye Moronai akaisa simba rekutungamira mauto ake mu-maoko emwanakomana wake, zita rake ainzi Moronaiha; uye ndokubva iye anozorora ari kumba kwake kuti agare muru-nyararo mazuva akanga asara eupenyu hwake.

44 Uye Pahorani akadzokera pachigaro chake chekutonga; uye

Hiramani akasimudzira zvakare kuparidzira vanhu shoko ra-Mwari; nokuti pamusana peho-ndo dzakawanda nekunetsana zvakanga zvafanira kuti kuitwe chisungo chechechi zvakare.

45 Naizvozvo, Hiramani neha-ma dzake vakaenda, uye vaka-taura shoko raMwari nesimba guru zvekuti vazhinji “vakapwi-swa pamusoro pehuipi hwavo, zvakaita kuti vatendeuke mu-zvitema zvavo uye vakabhabha-tidzwa muna Ishe Mwari vavo.

46 Uye zvakaitika kuti vaka-misa zvakare chechi yaMwari munyika yose.

47 Hongu, zvisungo zvakaitwa maererano nemutemo. Uye va-tongi vavo, “nevatongi vavo vakuru vakasarudzwa.

48 Uye vanhu vaNifai vakata-nga “kubudirira munyika zva-kare, uye vakatanga kuwanda zvakare nekusimba zvikuru zvakare munyika. Uye vakata-nga kupfuma zvikuru.

49 Asi kana dai zvazvo vaka-nga vapfuma, kana kuve nesim-ba, kana kubudirira kwavo, havana kunge vakazvikudza nokudada nemaziso avo; havana kunge vachinonoka kurangarira Ishe Mwari vavo; asi vakazvire-reka zvikuru pamberi pake.

50 Hongu, vakarangarira zvi-nhu zvikuru zvavakanga vai-tirwa naIshe, kuti vakanga vavaponesa parufu, nemuma-joto, nemumatirongo, nemuma-tambudziko akasiyana-siyana, uye vakanga vavabvisa muma-oko evavengi vavo.

40a Aruma 45:15-16.

41a NKM Matambudziko.

45a D&Z 18:44.

47a Mosaya 29:39.

48a Aruma 50:20.

51 Uye vainamata kuna Ishe Mwari vavo nguva dzose, zvekuti Ishe vakavaropafadza, mayererano nezwi ravo, zvekuti vakasimba vakabudirira munyika.

52 Uye zvakaitika kuti zvose zvinhu izvi zvakaitwa. Uye Hiramani akafa, mugore rechimakumi matatu nemashanu rekutongwa kwemaNifai nevatongi.

CHITSAUKO 63

Shibhuroni anotora zvinyorwa zvinoera uye mushure zvozotorwa naHiramani—MaNifai mazhinji anofamba kuenda kunyika iri kuchamhembe—Hagoti anovaka ngarava, dzinofamba mugungwa rekumadokero—Moronaiha anokurira maRamani muhondo. Zvingangove makore 56 kusvika ku52 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechimakumi matatu nemakore matanhatu ekutongwa kwevanhu vaNifai nevatongi, kuti “Shibhuroni akatora izvo zvinhu ^bzvinoera zvakanza zvaiswa kuna Hiramani naAruma.

2 Uye akanga ari munhu akanka, uye aifamba akatwasanuka pamberi paMwari; uye aicherechedza kuita zvakanaka nguva dzose, kuchengeta mirau yaIshe Mwari vake; nemunin’ina wake ndizvo zvaakanga akaita.

3 Uye zvakaitika kuti Moronai akafawo. Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi matatu

nemakore matanhatu rekutonga kwevatongi.

4 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi matatu nemakore manomwe kwevatongi, kwaive neboka guru revarume, kana kusvika kuzviuru zvishanu zvine mazana mana, nevakadzi vavo nevana vavo, vakabva munyika yaZarahemura vachienda kunyika yaive “nechekuchamhembe.

5 Uye zvakaitika kuti Hagoti, semunhu akanga asingade kupfuurwa nechinhu, naizvozvo akaenda akanovaka ngarava huru kwazvo, pamuganhu wenyika yeMaguta, nechekunyika yeKuparadzwa, uye ndokuiisa mugungwa rechekumadokero, “nechepakamupata kakamanika kaienda munyika yekuchamhembe.

6 Uye tarisai, kune maNifai mazhinji akapindamo mungarava iyi uye vakaenda nezvekudya zvakanwanda, nevakadzi nevana vakawanda; uye vakatora gwara ravo vakananga kumadzanyemba. Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi matatu nemakore manomwe.

7 Uye mugore rechimakumi matatu nemakore masere, murume uyu akavaka dzimwe ngarava. Uye ngarava yekutanga yakadzokawo, uye vanhu vazhinji vakakwira mairi; naivowo vakatora zvekudya zvakanwanda, uye vakasimuka vakananga kunyika yekuchamhembe.

8 Uye zvakaitika kuti havana kuzombonzwikwa nezvavo

63 1a Aruma 38:1–2.
b Aruma 37:1–12.

NKM Mutsvene.
4a Aruma 22:31.

5a Aruma 22:32;
Eta 10:20.

zvakare. Uye tinofunga kuti vakanyura muudzamu hwegungwa. Uye vakaitika kuti imwe ngarava yakaendawo; kana yakasvika hatizive.

9 Uye vakaitika kuti mugore iri kune vanhu vazhinji vakaenda munyika “yekuchamhembe. Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi matatu nemakore masere.

10 Uye vakaitika kuti mugore rechimakumi matatu nemapfumbamwe ekutonga kwevatongi, Shibhuroni akafawo, uye Koriandoni akanga aenda nengarava kunyika yekuchamhembe, kutakurira zvekudya vanhu vakannga vaenda kunyika iyoyo.

11 Naizvozvo zvakanga zvanfanira kuti Shibhuroni achipa zviye zvinhu zvaiera, asati afa, kumwanakomana “waHiramani, ainzi Hiramani, achidaidzwa zita rababa vake.

12 Zvino tarisai, zvose “zvinyorwa izvo zvaive mumaoko aHiramani zvakanyorwa uye zvikatumirwa kuvana vevanhu munyika yose, kunze kweayo

matunhu akanga anzi naAruma^b hazviende.

13 Zvisinei, zvinhu izvi zvaiereswa, “zvichitambidzwa kuchizvarwa nechizvarwa; naizvozvo, mugore iri, zvakanga zvapiwa kuna Hiramani, Shibhuroni asati afa.

14 Uye vakaitika kuti mugore iri makaita vapanduki vakanga vaenda kuma Ramani; uye vakamutswa kuti vashatirirwe maNifai zvakare.

15 Uye zvakare mugore irori vakauya nematico akawanda kuhondo vachirwisana nevanhu “vaMoronaiha, kana kuti vachirwisana nematico aMoronaiha, mavakakundwa uye vakatandanisirwa kunyika dzavo, varasikirwa zvakaipa.

16 Uye ndikwo kupera kwakaita gore rechimakumi matatu nemapfumbamwe ekutongwa kwemaNifai nevatongi.

17 Uye ndiko kupera kwenyaya yaAruma, nemwanakomana wake Hiramani, naShibhuroniwo, akanga ari mwanakomana wake.

BHUKU RAHIRAMANI

Rungano rwemaNifai. Hondo dzavo nekupesana kwavo, noku-panduka kwavo. Uye huporofitawo hwevaporofita vatsvene vazhinji, Kristu asati auya, maererano nezvinyorwa zvaHiramani, aive mwana waHiramani, Uyewo maererano nezvinyorwa zvevanakomana vake, kana kusvika mukuuya kwaKristu. Uyewo vazhinji vemaRamani vanopinduka. Rungano rwekupinduka kwavo.

9a Hir. 3:11-12.

11a Ona musoro wenyaya kubhuku raHiramani.

12a Aruma 18:36.

b Aruma 37:27-32.

13a Aruma 37:4.

15a Aruma 62:43.

Rungano rwekururama kwemaRamani, nouipi noruvengo korwemaNifai, maererano nezvinyorwa zvaHiramani nezvevanakomana vake, kana kusvika mukuuya kwaKristu, rwunodaidzwa kuti bhuku raHiramani, nezvimwewo.

CHITSAUKO 1

Pahorani wechipiri anove mutongi mukuru uye obva apondwa na-Kishikumeni—Pakumenai anatora chigaro chekutonga—Korianduma anotungamira mauto ema-Ramani, anatora Zarahemura, uye anouraya Pakumenai—Moronaiha anokunda maRamani uye obva atora Zarahemura, uye Korianduma anouraiwa. Zvingangove makore 52 kusvika ku50 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino tarisai, zvakaitika mukutanga kwegore rechimakumi mana ekutongwa kwemaNifai nevatongi, pakatanga kuve nekuoma kwakanyanya pakati pevanhu vemaNifai.

2 Nokuti tarisai, “Pahorani akanga afa, aenda nenzira yenyika yose; naizvozvo pakatanga kuita nharo dzakaipa maererano nokuti ndiani angatore chigaro chekutonga pakati pevakoma nevanin’ina, vaive vanakomana vaPahorani.

3 Zvino aya ndiwo mazita avo vairwira chigaro chekutonga, vakaitawo kuti vanhu vapesane: Pahorani, Paanikai naPakumenai.

4 Zvino ava havazivo vana vose va Pahorani (nokuti aive nevakawanda), asi ava ndivo vairwira chigaro chekutonga; naizvozvo vakakonzero mapoka matatu pakati pevanhu.

5 Zvisinei, zvakaitika kuti Pahorani akasarudzwa “nezwi revanhu kuti aite mutongi mukuru nagavhuna wehurumende yevanhu vaNifai.

6 Uye zvakaitika kuti Pakumenai paakaona kuti atadza kuwana chigaro chekutonga, akabatana nezwi revanhu.

7 Asi tarisai, Paanikai, neboka revanhu vaidza kuti ave gavhuna wavo, akashatirwa zvikuru; naizvozvo, akanga ave kuda kuti akwezve vanhu ivavo kuti vapandukire hama dzavo.

8 Uye zvakaitika kuti paakanga ave kuda kuita izvi, tarisai, akabva atorwa, uye akatongwa maererano nezwi revanhu, akabva atongerwa kufa; nokuti akanga amutsa chimurenga uye ndokutsvaka kuparadza “rusununguko rwevanhu.

9 Zvino vanhu avo vaidza kuti aitwe gavhuna wavo pavakaona kuti atongerwa kufa, naizvozvo vakashatirwa, uye tarisai, vakatumira mumwe ainzi Kishikumeni, kana kuchigaro chekutonga chaPahorani, akasvikoponda Pahorani agere pachigaro chekutonga.

10 Uye akateverwa nevaranda vaPahorani; asi tarisai, Kishikumeni aimhanya zvekuti hakuna munhu aikwanisa kumubata.

11 Uye akaenda kune avo vakanga vamutuma, uye vose

vakaita chibvumirano, hongu, vachipika neMusiki wavo asingaperi, kuti hapana wavanotaurira kuti Kishikumeni aponda Pahorani.

12 Naizvozvo, Kishikumeni akanga asingazivikanwe muvanhu vaNifai, nokuti akanga akavanza uso hwake panguva yaakaponda Pahorani. Uye Kishikumeni neboka rake, vakanga vabvumirana naye, vakapinda mukati mevanhu, zvekuti vose hakuna akawanikwa; asi vose vakawanikwa vakatongerwa “kufa.

13 Uye zvino tarisai, Pakumenai akaitwa kuti ave mutongi mukuru nagavhuna pamusoro pavanhu, maererano nezwi revanhu, kuti atonge panzvimbo yemukoma wake Pahorani; uye zvainge zvirivakafanira kuti anzarwo. Uye zvose izvi zvakaitwa mugore rechimakumi mana rekutonga kwevatongi; uye rakange riine magumo.

14 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi mana nerimwechete revatongi, maRamani akanga aunganidza pamwechete mauto akawanda zvisingavereungeke, uye ndokuvapa minondo, nezvipanga neuta, nemiseve, nezvidzitiro zvemumisoro, nezvidzitiro zvepazvipfuva, nenhoo dzakasiyana-siyana dzemaru-dzi ose.

15 Uye vakauya zvakare kuti vaedze kurwa nemaNifai. Uye vaitungamirwa nemurume ainzi Korianduma; uye akanga

ari wechizvarwa chaZarahemura; uye akanga ari mupanduki akabva kumaNifai; uye aive rume hombe uye rine simba guru.

16 Naizvozvo, mambo wamaRamani, zita rake ainzi Tubharoti, aive mwanakomana wa “Amoroni, achifunga sezvo Korianduma, riri rume rine simba guru, aikwanisa kurwisana nemaNifai, nesimba nokuchenjera kwakewo, zvekuti nokumutumira kwake aifanira kukurira maNifai—

17 Naizvozvo akavamutsa kuti vashatirwe, uye akaunganidza mauto ake, uye akaisa Korianduma kuti ave mutungamiri wavo, uye akaita kuti vaende kunyika yeZarahemura kunorwa nemaNifai.

18 Uye zvakaitika kuti pamusana pekupesana nekuoma kwezvinhu muhurumende, vakanga vasina vatariri vakakwana munyika yeZarahemura; nokuti vaifunga kuti maRamani anotyika kupinda pakati penyika yavo kuti vazorwisa guta guru reZarahemura.

19 Asi zvakaitika kuti Korianduma akafamba ari pamberi pemauto ake akawanda, uye akasvika pavagari veguta, uye kufamba kwavo vaifamba vachikurumidza zvekuti maNifai akashaya nguva yekuunganidza mauto avo.

20 Naizvozvo Korianduma akasvikouraya vose vakanga vakachengeta paipindwa napo muguta, uye akafora nemauto

ake ose achipinda muguta, uye vakauraya vose vaiedza kuva-rwisa, zvekuti vakatora guta rose.

21 Uye zvakaitika kuti Pakumenai, akanga ari mutongi mukuru, akatiza Korianduma, kana kusvika kuchidziro cheguta. Uye zvakaitika kuti Korianduma akamubaira pachidziro, zvekuti akafa. Uye ndiko kupera kwakaita mazuva aPakumenai.

22 Uye zvino Korianduma zvaakaona kuti akanga atora guta reZarahemura, uye akaona kuti maNifai amutiza, uye vakauraiwa, uye vakatorwa, uye vakaiswa mutirongo, uye akaona kuti akanga atora nzvimbo yakasimba kupfuura dzimwe dzose munyika yose, mwoyo wake wakatora kusatya zvekuti akanga oda kuti achirwisa nyika yose.

23 Uye zvino haana kugara munyika yeZarahemura, asi akafora nemaoto akawanda, akanga kuguta reMaguta; nokuti akanga azvipira kuti aende anovhura nzira yake nemunondo, kuti atore matunhu eku-chamhembe kwenyika.

24 Uye, achifunga kuti simbaravo guru riri pakati penyika, naizvozvo akaenda, achivashaisa nguva yekuti vaungane pamwechete kunze kwezvikiwata zvidiki; uye netsika iyi vakavasvikira uye vakavatsikirira muvhu.

25 Asi tarisai, kufamba kwaKorianduma uku nepakati penyika kwakayamura Moronaiha zvikuru, kana dai zvazvo vaka-

nga vauraiwa vemaNifai vakanga vakawanda zvikuru.

26 Nokuti tarisai, Moronaiha aifunga kuti maRamani anotyakupinda pakati penyika, asi kuti vangangorwisa maguta ekunze ari kumiganhu sezvavaichiita; naizvozvo Moronaiha akanga aita kuti mauto avo akasimba achengete idzo nzvimbo dziri kumiganhu.

27 Asi tarisai, maRamani havana kutya sezvaaida iye, asi vakanga vauya pakati penyika, uye vakanga vatora guta remuzinda raive guta reZarahemura, uye vakanga vave kufora nemunzvimbo huru dzenyika, vachiraya vanhu zvakaipa, varume, vakadzi nevana, vachitora maguta akawanda nenzvimbo dzakasimba.

28 Asi Moronaiha zvaakaona izvi, pakarepo akatumira Rihai nemaoto nenzira yekudimbudzira kuti avadimbudzire vasati vasvika kunyika yeMaguta.

29 Uye ndizvo zvaakaita; uye akavadimbudzira vasati vasvika kunyika yeMaguta, uye akavarwisa, zvekuti vakatanga kudududza vachidzokera kunyika yeZarahemura.

30 Uye zvakaitika kuti Moronaiha akavagashira mukudududza kwavo, uye akavarwisa, zvekuti yakave hondo yakaita ropa rakanyanya; hongu, vazhinji vakauraiwa, uye mukati meavo vakauraiwa “Korianduma akawanikwa arimo.

31 Uye zvino, tarisai, maRamani akange asisakwanise kutizira

uku kana uko, kana kuchamhembe, kana kumaodzanyemba, kana kumabvazuva, kana kumadokero, nokuti vakanga vakombwa mativi ose nemaNifai.

32 Uye saka Korianduma akanga aisa maRamani pakati pemaNifai, zvekuti vakanga vave mumaoko emaNifai, uye iye pachake akauraiwa, uye maRamani akazviisa mumaoko emaNifai.

33 Uye zvakaitika kuti Moronaiha akatora guta reZarahe-mura zvakare, uye akaita kuti maRamani akanga atorwa sevungwa vabude munyika nerunyararo.

34 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi mana nerimwechete rekutonga kwevatongi.

CHITSAUKO 2

Hiramani, mwanakomana waHiramani, anove mutongi mukuru —Gadhiandoni anotungamira chikwata cha Kishikumeni—Muranda waHiramani anouraya Kishikumeni, uye chikwata chaGadhiandoni chinotizira murenje. Zvingangove makore 50 kusvika ku49 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mugore rechimakumi mana nemaviri rekutonga kwevatongi, mushure mekunge Moronaiha adzikazve runyararo pakati pemaNifai nemaRamani, tarisai pakanga pasina wekuisa pachigaro chekutonga; naizvozvo pakatanga kuve nekunetsana zvakare pa-

kuti pevanhu nezvekuti ndiani angaiswe pachigaro chekutonga.

2 Uye zvakaitika kuti Hiramani, akanga ari mwanakomana waHiramani, akaiswa kuti atore chigaro chekutonga, nezwi revanhu.

3 Asi tarisai, “Kishikumeni, akanga aponda Pahorani, akahwandira Hiramani kuti amuparadzewo; uye akanga akatsigirwa nechikwata chake chakanga cha-ita chibvumirano kuti hakuna anofanira kuziva utsinye hwake.

4 Nokuti kwaive nemumwe “Gadhiandoni akanga ari nyanzvi nemazwi akawanda, uye nekungwara kwake, kuti aite basa rakavandika iri, rekuponda nerokupamba; naizvozvo akave mutungamiri wechikwata chaKishikumeni.

5 Naizvozvo akavanyengedza, uye naKishikumeniwo, kuti vakamuisa muchigaro chekutonga aizoita kuti avo vari muchikwata chake vaiswe munzvimbo dzesimba nemvumo mukati mevvanhu; naizvozvo Kishikumeni akatsvaka kuparadza Hiramani.

6 Uye zvakaitika kuti zvaakanga achienda nechekuchigaro chekutonga kuti aparadze Hiramani, tarisai, mumwe wevaranda vaHiramani, akange ari panze usiku, uye aziva noku-zvivanza, ruzivo rweurongwa hwechikwata ichi kuti vaparadze Hiramani —

7 Uye zvakaitika kuti akasangana naKishikumeni, ndokubva amupa chiratidzo, naizvozvo Kishikumeni akamuita kuti

azive chinangwa chezvaaida, achimukumbira kuti amutungamirire kuchigaro chekutonga kuti aponde Hiramani.

8 Uye muranda waHiramani paakanga aziva zvakanga zviri mumwoyo maKishikumeni zvose, uye kuti chinangwa chake chaive chekuponda, nokutiwo ndicho chaive chinangwa cheavo vaive vechikwata chake, nokubvuta, nekuwana simba, (uye ichi ndicho chakange chiri chirongwawa chavo “muruvande, nerangano yavo) muranda waHiramani akati kuna Kishikumeni: Handei kuchigaro chekutonga.

9 Zvino izvi zvakafadza Kishikumeni zvikuru, nokuti akafunga kuti achaiita zvaakaronga; asi tarisai, muranda waHiramani, zvavakanga vachienda kuchigaro chekutonga, akabaya Kishikumeni nepamwoyo chapiro, akabva awira pasi asina kana kugomera. Uye ndokubva amhanya kunotaurira Hiramani zvose zvinhu zvaakanga aona uye anzwa, nezvaakanga aita.

10 Uye zvakaitika kuti Hiramani akatuma varindi kuti vanobata chikwata chemakororo nemhondi dzemuchivande, kuti vagouraiwa maererano nemutemo.

11 Asi tarisai, Gadhiandoni paakaona kuti Kishikumeni hana kunge adzoka akatya kuti zvimwe aparadzwa; naizvozvo akaita kuti chikwata chake chimutevere. Uye vakatiza vachibva munyika, nenzira yakavandika, vachienda murenje;

uye saka Hiramani paakatumba kuti vanotorwa hapana kwavakanga vachawanikwa.

12 Uye zvizhinji nezvaGadhiandoni uyu zvichataurwa nezvazvo mushure. Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi mana nemaviri rekutongwa kwevanhu vaNifai nevatongi.

13 Uye tarisai, mukupera kwebhuku rino muchaona kuti “Gadhiandoni uyu akave mupunzi, hongu, kupotsa ave anoparadza zvachose vanhu vaNifai.

14 Tarisai handizi kureva kupera kwebhuku raHiramani, asi ndiri kureva kupera kwebhuku raNifai, umo mandatora zvose zvandanyora.

CHITSAUKO 3

MaNifai mazhinji anotamira kunyika iri kuchamhembe—Vanovaaka dzimba dzosemende uye vachibva vachengeta zvinyorwa—Makumi ezviuru vanopinduka uye vachibhabhatidzwa—Shoko raMwari rinotungamira vanhu kuruponeso—Nifai mwanakomana waHiramani anotora chigaro chekutonga. Zvingangove makore 49 kusvika ku39 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mugore rechimakumi mana nematatu ekutonga kwevatongi, pakanga pasina kupesana pakati pevanhu vaNifai kunze kwekakuzvida kaive muchechi, kwakakonzera kuti vamwe vapanduke mukati mevanhu, nyaya idzi dziri dzakagadziriswa

mukupera kwegore rechimakore makumi mana nematatu.

2 Uye pakanga pasina kupešana kwevanhu mugore rechimakumi mana nemana; kana mugore rechimakumi mana nemashanu makanga musina kupesana kwakanyanya.

3 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi mana nematanhatu, hongu, kwakange kuine kupesana nekupanduka kwakanyanya; nokudaro kwakaita kuti vazhinji kwazvo vabve munyika yeZarahemura, uye vachienda kunyika “yekuchamhembe kunodya nhaka yenyika.

4 Uye vakafamba chinhabwe chikuru kwazvo, zvekuti vaka svika kwaive nemvura “yaka wanda nehova zhinji.

5 Hongu, uye kana naivo vakapararira kumativi ose enyika iyi, kumatunhu ose akanga asina kuitwa gwenga nekushaya miti, pamusana pevanhu vazhinji vakambogaramo kare.

6 Uye zvino hakuna dunhu renyika iyi rakanga riri gwenga, kunze kwekushaikwa kwemiti; asi nenzira “yekuparadza kukuru kwakanga kwaitwa nevanhu vakambogaramo munyika iyi yakanga yave kudaidzwa kunzi ^bgwenga.

7 Uye sezvo kwakanga kuine miti mishoma-shoma munyika umu, zvakadaro vanhu vakandako vakave nyanzvi huru dzekugadzira semende; saka vakavaka dzimba dzosemende, idzo dzavaigara.

8 Uye zvakaitika kuti vakawanda vakapararira, uye vakabva munyika yekumaodzanyemba vakaenda kunyika yekuchamhembe, vakapararira zvekuti vakatanga kuzadza pasi pose, kubvira kugungwa rekumaodzanyemba kusvika kugungwa rekuchamhembe, kubvira kugungwa “rekumadokero kusvika kugungwa rekumabvazuva.

9 Uye vanhu vakanga vari munyika yekuchamhembe vaigara mumatende, nemudzimba dzesemende, uye vaibvumira kose kamuti kanenge kamera kuti kakure, kuti nekufamba kwenguva vagozowana mapango ekuvakisa dzimba dzavo; hongu, maguta avo, netemberi dzavo, nemasinagogo avo, nenzvimbo dzekunamatira, nemarudzi akasiyana-siyana edzimba.

10 Uye zvakaitika kuti miti yakanga iri mishoma chaizvo kunyika yekuchamhembe, uye vaitotumira mapango akawanda “nengarava.

11 Uye ndiko kuyamura kwavakaita vanhu vaive mumatunhu ekuchamhembe kuti vakwanise kuvaka maguta akawanda, emapango nesemende.

12 Uye zvakaitika kuti kune “vanhu vazhinji vekwaAmoni vakanga vakazvarwa vari ma-Ramani, vakaendawo kunyika iyi.

13 Uye zvine kune zvinyorwa zvizhinji zvakachengetwa zvekafambiro kevanhu ava, zvachengetwa nevazhinji vevanhu

3 3a Aruma 63:4.
4a Mosaya 8:8;
Morm. 6:4.

6a Mosaya 21:25-27.
b Aruma 22:31.
8a Aruma 22:27, 32.

10a Aruma 63:5-8.
12a Aruma 27:21-26.

ava, uye zvinonyatsotsanangura uye zvakakura, maererano nevanhu ava.

14 Asi tarisai, kadimbu kadikidiki kemafambiro evanhu ava, hongu, rungungu rwemaRamani nerwemaNifai, nehondo dzavo, nekunetsana kwavo, nekupandukirana, nekuparidza kwavo, nehuporofita hwavo, nezvengarava dzavo, nekuvaka kwavo ngarava, nokuvaka kwavo “matemberi, nemasinagogo nezvimbo dzavo dzekunamati- ra, nekukurama kwavo, neuipi hwavo, uye kuponda kwavo, uye kupamba kwavo, uye kupaza kwavo, nemarudzi ose ekuipa neufeve, hazvikwane kunyorwa mubasa rino.

15 Asi tarisai, kune mabhuku akawanda nezvinyorwa zvaka- wanda zveamarudzi akasiyana siyana, uye zvachachengetwa kunyanya nemaNifai.

16 Uye “zvakagashidzwa ku- bva kuchizvarwa zvichienda kune chimwe chizvarwa nema- Nifai, kana zvavainge vawira mukutadza uye vachiponda, vachipazwa, uye vachivhimwa, uye vachitinhwa, uye vachiu- raiwa, uye vachipararira pamu- sororo penyika, uye vakasangana nemaRamani kudakara ^bvasi- sadaidzwe kuti maNifai, vave neuipi, uye vave kupenga, uye vave magandanga, hongu, kana kutove maRamani.

17 Uye zvino ndave kudzoke- ra zvakare kurungano rwangu;

naizvozvo, zvandataura zvaka- nga zvaitika mushure mekunge maita kupesana kukuru, nemhe- re-mhere; nehondo, nekupandu- ka, mukati mevanhu vaNifai.

18 Gore rechimakumi mana nematanhatu rekutonga kweva- tongi rakapera;

19 Uye zvakaitika kuti kwaka- nge kuchine kupesana kukuru mukati menyika, hongu, kana mugore rechimakumi mana ne- manomwe, uyewo nemugore rechimakumi mana nemasere.

20 Zvisinei Hiramani akagara pachigaro chekutonga nokuru- rama nekuenzanisa, hongu, aicherechedza kuchengeta zvi- sungo, nezvirango, nemirairo yaMwari; uye aiita izvo zvaka- naka mumaziso aMwari nguva dzose; uye aifamba nenzira dzababa vake, zvekuti akabu- dirira munyika.

21 Uye zvakaitika kuti akave nevanakomana vaviri. Akapa kumukuru zita rekuti ^aNifai, uye kumudiki, zita rekuti ^bRihai. Uye vakatanga kukura vari muna Ishe.

22 Uye zvakaitika kuti hondo nokupesana zvakatanga kupera, zvishomanani, pakati pevanhu vaNifai, mukupera kwegore rechimakumi mana nemasere rekutongwa kwemaNifai ne- vatongi.

23 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi mana nemapfu- mbamwe ekutonga kwevatongi, munyika makadzikwa runyararo

14a 2 Ni. 5:16;
Jak. 1:17;
3 Ni. 11:1.
16a 1 Ni. 5:16–19;

Aruma 37:4.
^b Aruma 45:12–14.
21a NKM Nifai,
Mwanakomana

waHiramani.
^b NKM Rihai, muNifai
aive Mushimiri.

rwunoyenderera, kwose kunze kwezwikwata zvemuruvande zvakaiswa negororo “Gadhia-ndoni munzvimbo dzakange dzigerwe dzenyika, panguva idzodzo dzakanga dzisingazivikanwe nevakuru vehurumende; saka havana kukwanisa kuzviparadza munyika.

24 Uye zvakaitika kuti mugore irori muchechi makave nokubudirira kukuru, zvekuti kwakave nezviuru zvakapinda chechi uye vakabhabhatidzwa mukutendeuka.

25 Uye chechi yakabudirira zvikuru zvekuti, kwakave nemaropafadzo mazhinji akadirwa vanhu, zvekuti kana vapirisita vepamusoro nevadzidzisi naivo vakashamiswa zvikuru.

26 Uye zvakaitika kuti basa raIshe rakabudirira zvekuti kwakabhabhatidzwa uye kubatidzwa muchechi yaMwari, mweya mizhinji, hongu, kana makumi ezviuru.

27 Saka tinoona kuti Ishe vane tsitsi kune vose vanoda, nemwoyo yavo yose, kudaidza zita ravo dzvene.

28 Hongu, saka tinoona kuti ^amusiwo wekudenga wakazururirwa ^bvose, kana kune avo vanotenda muzita raJesusu Kristu, anove mwanakomana waMwari.

29 Hongu, tinoona kuti ani zvake anoda anogona kubatirira ^apashoko raMwari, ^bbenyu uye rine simba, richapatsanura kunyengedza kwose nezvikachi-

kiro, nemisungo nezano rakaipa radhiabhorosi, nokutungamira munhu waKristu munzira yakamanikana “uye yakamanika inoyambuka ^agomba rekusuwa kusingaperi rakagadzirirwa kumedza vane uipi—

30 Uye zvichiisa mweya yavo, hongu, mweya yavo isingafe, kuruoko ^arwerudyi rwaMwari muumambo hwekudenga, kuti vagare pasi naAbrahamu, naIsaka, naJakobo, madzibaba edu matsvene ose, vasingazobuda zvakare.

31 Uye mugore iri kwakava nokupembera kwaienderera munyika yeZarahemura, nemumatunhu ose akatenderedza, kana nemunyika dzose dzaigirwa nemaNifai.

32 Uye zvakaitika kuti kwakave nerunyararo nokufara kukuru muchidimbu chakanga chasara chegore rechimakumi mana nemapfumbamwe; hongu, uye maigara muine runyararo nomufaro mukuru mugore rechimakumi mashanu ekutonga kwevatongi.

33 Uye mugore rechimakumi mashanu nerimwechete rekutonga kwevatongi kwaive nerunyararowo, kunze kwekudada kwakatanga kupinda muchechi—kwete muchechi yaMwari, asi mumwoyo yevanhu vaizviti ndevechечи yaMwari—

34 Uye vakazvikudza ^aneku-dada, kana nokunetsa hama dzavo. Zvino ichi chaive chinhu

23a Hir. 2:4.
28a 2 Ni. 31:9, 17.
b Mabasa 10:28;
VaR. 2:10–11.

29a NKM Shoko raMwari.
b VaH. 4:12;
D&Z 11:2.
c 2 Ni. 9:41; 33:9.

d 1 Ni. 15:28–30.
30a Mat. 25:33–34.
34a NKM Kudada.

chakaipa chaizvo, chakaita kuti vaye vanhu vakanga vakapfava vaone nhamo yekunetswa kukuru, uye vapinde mukati mekurwadziswa kukuru.

35 Zvisinei ^avaitsanya ^bnekunamata nguva nenguva, vakasimba uye zvishoma nezvishoma ^cmukuzvirereka kwavo, nokubata zvakasimba murutendo rwavo muna Kristu, mukuzadzwa kwemweya yavo nemufaro nokunyaradzwa, hongu, kana ^dnokuchenesa nokuita kuti mwoyo yavo ive ^emitsvene, ukwu kuitwa vatsvene pamusana ^fpekupa mwoyo yavo kuna Mwari.

36 Uye zvakaitika kuti gore rechimakumi mashanu nemaviri rakapera murunyararo nairowo, kunze kwekudada kukuru kwakanga kwapinda mumwoyo yevanhu; uye zvakanga zviripamusana ^apeupfumi hwavo ukuru nokubudirira kwavo munyika; uye zvaikura mavari zuva nezuva.

37 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi mashanu nematatu rekutonga kwevatongi, Hiramani akafa, uye mwana komana wake mukuru Nifai akatanga kutonga munzvimbo yake. Uye zvakaita kuti akatora chigaro chekutonga nekururama nekuenzanisa; hongu, aichengeta mirairo yaMwari, uye akafamba munzira dzababavake.

CHITSAUKO 4

Vapanduki vevanhu vaNifai vanobatana nemaRamani uye vobva vatora nyika yeZarahemura — MaNifai anokurirwa pamusana peuipi hwavo — Chechi inovwe diki, uye vanhu vanorenda semaRamani. Zvingangove makore 38 kusvika ku30 Kristu asati azwarwa.

UYE zvakaitika kuti mugore rechimakumi mashanu nemana kwakaita kuti vazhinji vasiye chechi, uye kwaivewo ^anekupešana mukati mevanhu, zvekuti kwakave nekudeuka kweroparakawanda.

2 Uye avo vakanga vapanduka vakauraiwa uye vakatandaniwa munyika, uye vakaenda kuna mambo wemaRamani.

3 Uye zvakaitika kuti vakaedza kufurira maRamani kuti varwisane nemaNifai; asi tarisai, maRamani aitya zvikuru, zvekuti havana kuteerera mazwi eavo vapanduki.

4 Asi zvakaitika kuti mugore rechimakumi mashanu nematanhatu rekutonga kwevatongi, kwaive ^anevapanduki vakabva kumaNifai vachienda kumaRamani; uye vakabudirira nevamwe vaya kupesvera kuti vashatirirwe maNifai; uye vakaunga, vapedza gore rose iroro, vachigadzirira hondo.

5 Uye mugore rechimakumi nemanomwe vakauya kuzorwa

35a NKM Kutsanya.
b NKM Munamoto.
c NKM Akazvinipisa.
d NKM Chakachena.

e NKM Kutsveneswa.
f II Mak. 30:8;
Mosaya 3:19.
36a NKM Upfumi.

4 1a 3 Ni. 11:29.
4a Hir. 5:17.

nemaNifai, uye vakatangisa basa rekuuraya; hongu, zvekuti mugore rechimakumi mashanu nemasere rekutonga kwevatongi vakabudirira mukutora nyika ye Zarahemura; hongu, nematunhuwo ose, kana nyika yaive pedyo nenyika yeMaguta.

6 Uye maNifai nema auto aMoronaiha akatandaniswa kana kusvika munyika yeMaguta.

7 Uye ikoko vakazvidzivirira kuti maRamani asasvike kwavari, kubvira kugungwa rekumadokero, kana kusvika kumabvazuva; zviriro zvaitorera muNifai zuva rimwechete kufamba, mumutsara wavakanga vavakirira uye vakaisa mauto avo kuti varwire nyika yavo yekuchamhembe.

8 Uye saka avo vapanduki vemaNifai, vachiyamurwa nema auto asingaverengeke emaRamani, vakanga vatora zvose zvaive zvemaNifai zvaive munyika yaive kumaodzanyemba. Uye zvose izvi zvakaitwa mugore rechimakumi mashanu nemasere nerepfumbamwe rekutonga kwevatongi.

9 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi matanhatu rekutonga kwevatongi, Moronaiha akakwanisa nema auto ake kutora matunhu mazhinji enyika; hongu, vakatora zvakare maguta mazhinji akanga awira mumako emaRamani.

10 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi matanhatu nerimwechete rekutonga kwevatongi

ngi vakakwanisa kutora zvakare kana chikamu chepakati chezvinhu zvavo zvose.

11 Zvino kurasikirwa kukuru uku kwemaNifai, nokuurayana kwakaipa kwaive pakati pavo, kungadai kusina kuitika dai kusiri kuipa kwavo noruvengo rwavo rwaive mukati mavo; hongu, uye zvaive pakati peavo vaizviti ndevechechi yaMwari.

12 Uye zvaive pamusana "pekudada kwemwoyo yavo, pamusana ^bpeupfumi hwavo hwakanyanya, hongu, zvaive pamusana peudzvanyiriri hwavo ^ckuvarombo, vachinyima kudya kwavo vane nzara, vachinyima nhumbi dzavo kune vasina kusimira, uye vachirova nembama matama ehama dzavo, vachiseka icho chinoera, vachiramba mweya wekuporofita newekuzururirwa, vachiponda, kupaza, kunyepa, kuba, kupomba, kumukirana mukurwa kukuru, uye kutizira munyika yaNifai, mukati memaRamani—

13 Uye pamusana peupi hwavo uhwu hukuru, uye "nokuzvitutumadza nesimba ravo, vaka-siwa musimba ravo; naizvozvo havana kubudirira, asi vakatambudzwa vakarohwa, uye vakatinhwa pamberi pemaRamani, kudakara vange vacharasikirwa nenyika dzavo dzose.

14 Asi tarisai, Moronaiha akaparidza zvinhu zvizhinji kuvanhu pamusana pekuipa kwavo, "naNifai naRihaiwo, vakanga vari vanakomana vaHiramani,

12a Obad. 1:3-4;
D&Z 101:42.

b I Tim. 6:17; 2 Ni. 9:42.
c D&Z 42:30-31.

13a NKM Kudada.
14a Hir. 3:21.

vakaparidza zvinhu zvizhinji kuvanhu, hongu, uye vakaporofita zvinhu zvizhinji kwavari maererano nekuipa kwavo, nezvichaitika kwavari kana vasina kutendeuka muzvitema zvavo.

15 Uye zvakaitika kuti vakatendeuka, uye mukutendeuka kwavaiita vakatanga kubudirira.

16 Nokuti Moronaiha paakao-na kuti vave kutendeuka akaedza kuvatungamira kunzvimbo nenzvimbo, uye kuguta neguta, kana kusvika vatora chikamu chepakati chepfuma yavo nechikamu chepakati chematunhu avo ose.

17 Uye ndikwo kupera kwakaita gore rechimakumi matanhatu nerimwechete rekutonga kwevatongi.

18 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi matanhatu nemaviri ekutonga kwevatongi, kuti Moronaiha akanga asisagone kuwana zvimwe zvinhu kumaRamani.

19 Naizvozvo vakabva varegera pfungwa dzavo dzekuti vatore matunhu akanga asara, nokuti maRamani akanga akawanda zvekuti zvakanga zvaoma kuti maNifai vavakurire; naizvozvo Moronaiha akaisa mauto ake ose mubasa rekuchengeta idzo nzvimbo dzaakanga atora.

20 Uye zvakaitika kuti, pamusana peuwandu hwemaRamani maNifai akapindwa nekutya kukuru, kuti vangangokurirwa,

uye vakatsikwa-tsikwa, uye vakauraiwa, uye vakaparadzwa.

21 Hongu, vakatanga kurangarira zviporofita zvaAruma, nemazwiwo aMosaya; uye vakaona kuti vakanga vakaomesa mitsipa, nokuti vakanga vazvirdza mirairo yaMwari;

22 Uye nokuti vakanga vapi-ndura uye vatsikirira pasi petso-ka dzavo “mitemo yaMosaya, kana kuti iyo yaakanzi naIshe ape kuvanhu; uye vakaona kuti mitemo yavo yakanga yaora, nokuti ivo vakange vave vanhu vave nehuipe, zvekuti vakanga vane huipe kunyange semaRamani.

23 Uye pamusana pekuipa kwavo, chechi yakange yatanga “kuderera; uye vakatanga kusatenda mweya wehuporofita nemumweya wezvazarurwa; uye kutonga kwaMwari kunovadongorera kumeso.

24 Uye vakaona kuti “havasina simba, sehama dzavo, maRamani, nokutiwo Mweya waIshe wakanga usisavachengetedze; hongu, wakanga wabva kwavari nokuti ^bMweya waIshe haugare mutemberi ^cdzisiri tsvene—

25 Naizvozvo Ishe vakarega kuvachengetedza nemasimba avo anoshamisa asina mumwe anawo, nokuti vakanga vawira mukati “mekusatenda nehuipe hwakaipa; uye vakaona kuti maRamani akanga akawanda zvikuru kupfuura ivo, uye

22a Aruma 1:1.

23a NKM Kurasika
Pachitendero.

24a Mosaya 1:13.

b NKM Mweya
Mutsvene.

c Mosaya 2:37;

Aruma 7:21; 34:36.
25a NKM Kusadaira.

kunze kwekunge ^bvanamatira kuna Ishe Mwari vavo vanofanira kufa zvisingadziviririke.

26 Nokuti tarisai, vakaona kuti simba remaRamani rakangoita sesimba ravo, kana kumunhu nemunhu. Uye ndiko kusaka vawira mukutadza kukuru uku; hongu, saka vakanga vasisina simba, pamusana pekutadza kwavo; mukati memakore ^ama-shomanani.

CHITSAUKO 5

Nifai naRihai vanoisa nguva yavo yose mukuparidza — Mazita avo anoita kuti vaite upenyu kuti hufanane nemadzitateguru avo — Kristu anonunura avo vanotendeuka — Nifai naRihai vanopindutsa vazhinji uye vanoiswa mutirongo, uye vanokomberedzwa nemoto — Gore rerima rinofugidza mazana matatu evanhu — Nyika inondendemera, uye izwi rinoudza vanhu kuti vatendeuke — Nifai naRihai vanotaura nengirozi, uye mhomho inokomberedzwa nemoto. Zvingangove makore 30 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mugore iro-ri, tarisai, ^aNifai akapa chigaro chekutonga kumurume ainzi Sizoramu.

2 Nokuti sezvo mitemo yavo nehurumende dzavo dzaiiswa ^anezwi revanhu, uye avo ^bvaisarudza zvakaipa vakanga vakawanda kupfuura avo vaisarudza zvakanaka, naizvozvo vakanga

voibvira kuparadzwa, nokuti mitemo yakanga yaipiswa.

3 Hongu, uye izvi hazvisizvo zvose; vakanga vari vanhu vakaomesa mitsipa, zvekuti vakanga vasisatongeke nemutemo kana nekururama, kunze kwekunge zvirira zvekuzviparadza.

4 Uye zvakaitika kuti Nifai akanga aneta pamusana pekutadza kwavo; uye akabva ^aaregera chigaro chekutonga, uye akazvipira kuti aparidze shoko raMwari mazuva ose eupenyu hwake, nemunin'ina wake Rihai naiyewo, mazuva ake ose;

5 Nokuti vairangarira mazwi akataurwa nababa wavo Hiramani kwavari. Uye aya ndiwo mazwi aakatura:

6 Tarisai, vanakomana vangu, ndinoda kuti murangarire kuchengeta mirairo yaMwari; uye ndinoda kuti mutaurire vanhu aya mazwi. Tarisai, ndakakupai mazita ^aevabereki vedu vekutanga vakabva kunyika yeJerusarema; izvi ndazviita kuti pamunofunga mazita enyu munobva mavafungawo; kana mavafunga munobva marangarira mabasa avo; uye kana marangarira mabasa avo munozoziva zviye zvinonzi, uye zvakanyorwawo, kuti vakanga ^bvakanaka.

7 Naizvozvo, vanakomana vangu, ndinoda kuti dai maita zvakanaka, kuti zvigonzi nezvenyu, nokunyorwawo, kana sekutaurwa nekunyorwa kwa-zvakaitwa nezvavo.

25b Jak. 6:5.

26a Aruma 46:8;
Hir. 12:3–4.

5 1a Hir. 3:37.

2a Mosaya 29:25–27.

b Aruma 10:19.

4a Aruma 4:15–20.

6a 1 Ni. 1:1, 5.

b 2 Ni. 33.

8 Uye zvino vanakomana vangu, tarisai ndine zvimwe zvandinoda kwamuri, zvandinoda zviriri izvi, kuti musaite zvinhu izvi kuti mugozozvikudza nazvo, asi kuti muite izvi zvinhu kuzvigadzirira “pfuma kudenga, hongu, yokusingaperi, uye isisingapume; hongu, kuti muwane chiye chipo ^bchinokosha cheupenyu hwokusingapere, uhwo hwatiine chikonzero chekufunga kuti hwakapiwa madzibaba edu.

9 Imi rangarirai, rangarirai, vanakomana vangu, “mazwi akataurwa namambo Benjamini kuvanhu vake; hongu, rangarirai hakuna imwe nzira kana zvimwe zvingaitwe kuti munhu aponeswe, chete ^bnekudzikinura kweropa raJesu Kristu, achauya; hongu, rangarirai kuti anouya “kuzonunura “nyika.

10 Uye rangariraiwo “mazwi akataurwa naAmureki kuna Ziziromu, muguta reAmonaiha; nokuti akati kwaari Ishe chokwadi vachauya kuzonunura vanhu vavo, asi kuti havazouya kuzovanunura vari muzvitema zvavo, asi kuzovanunura kubva muzvitema zvavo.

11 Uye ane simba raakapiwa naBaba rekuvanunura kubva muzvitema zvavo pamusana pekutendeuka; saka “akatumira ngirozi dzake kuti dzizotaura nyaya yezvinodiwa pakutendeuka, zvinounza simba reMunu-

nuri, mukuponeswa kwemweya yavo.

12 Uye zvino, vanakomana vangu, rangarirai, rangarirai kuti “padombo reMununuri wedu, anove ndiye Kristu, Mwanakomana waMwari, pamakafanira kuvakira ^bhwaro hwenyu; kuti kana dhiabhorosi otumira mhengo dzake huru, hongu, miseve yake muchinyamupupuri, hongu, kana chivhuramahwe chake “nedutu rine simba zvichakurovai, zvichashaya simba pamuri rekukukweverai muhanwa yekusuwa nenhamo isina magumo, pamusana pedombo pamakavakirwa, rinove hwaro hwakasimba, hwaro hwekuti kana vanhu vavaka hakuna kupunzika.

13 Uye zvakaite kuti aya ndiwo mazwi “akadzidziswa naHiramani kuvanakomana vake; hongu, akavadzidzisa zvinhu zvizhinji zvisina kunyorwa, nezvimwewo zvizhinji zvakanyorwa.

14 Uye vakarangerira mazwi ake; uye naizvozvo vakaenda, vachichengeta mirairo ya Mwari, kunodzidzisa shoko raMwari muvanhu vose vaNifai, kutangira kuguta reMaguta;

15 Uye kubva ipapo vakaenda kuguta raGidhi; uye kubva muguta raGidhi kuguta reMureki;

16 Kana kubva kune iri guta vachienda kune iro, dakara vaenda kuvanhu vose vaNifai

8a 3 Ni. 13:19–21.

b D&Z 14:7.

9a Mosaya 2:9.

b Mosaya 3:17–18.

NKM Dzikinura.

c NKM Akanunura.

d NKM Nyika—Vanhu vasingateerere mitemo.

10a Aruma 11:34.

11a Aruma 13:24–25.

12a Mat. 7:24–27;

D&Z 6:34; Mos. 7:53.

NKM Dombo renheyo; Ibwe.

b Isa. 28:16; Jak. 4:16.

c 3 Ni. 14:25, 27.

13a Mosaya 1:4.

vakanga vari munyika neche-kumaodzanyemba; uye kubva ikoko vachibva vapinda munyika yeZarahemura, mukati memaRamani.

17 Uye zvakaitika kuti vakaparidza nesimba guru, zvekuti vakavhiringidza vaye “vapanduki vakanga vabva kumaNifai, zvekuti vakauya vakareurura zvitema zvavo uye vakabhabhatidzwa mukutendeuka, uye vachibva vadzokera kumaNifai, nokukurumidza vachiedza kugadziridza zvinhu zvavakanga vakanganisa kwavari.

18 Uye zvakaitika kuti Nifai naRihai vakaparidzira maRamani nesimba nemvumo, nokuti vaive nesimba nemvumo zvavakanga vapiwa kuti “vataure, uye zvavaitaura vaizvipiwa—

19 Naizvozvo vaitaura zvai-shamisa maRamani zvikuru, “zvekuvapwisa, zvekuti kwakaita zviuru zvisere zvemaRamani vaive munyika yeZarahemura nemamwe matunhu vakabhabhatidzwa mukutendeuka, uye vakapwiswa pamusoro pekuipa kwetsika dzamadzibaba avo.

20 Uye zvakaitika kuti Nifai naRihai vakabva apa kuti vae-nde kunyika yaNifai.

21 Uye zvakaita kuti vakatorwa nemauto emaRamani uye ndokubva vakandwa mutirongo; hongu, “mutirongo iroro rakamboiswa Amoni nevamwe vake vatatwa nevaranda vaRimuhai.

22 Uye mushure mekunge

vakandwa mutirongo kwemazuva mazhinji vasina kudya, tarisai, vakaenda kutirongo kuti vanovatora vavauraye.

23 Uye zvakaitika kuti Nifai naRihai vakanga vakakombere-dzwa sekunge “nemoto, zvekuti vakatya kuti vangaise maoko avo pavari vakatsva. Zvakadaro, Nifai naRihai vakanga vasingatsve; uye vaive vakamira pakati pemoto uye vasingatsve.

24 Uye zvavakaona kuti vakakomberedzwa “neshongwe yemoto, uye kuti wakanga usingavapise, mwoyo yavo yakavamba kushinga.

25 Nokuti vakaona kuti maRamani aitya kuisa maoko avo pavari; kana kusvika pedyo navo vaitya, asi vakamira sevanhu vakaitwa zvimumumu nokushamiswa.

26 Uye zvakaitika kuti Nifai naRihai vakamira vakatanga kutaura kwavari, vachiti: Musatye nokuti tarisai, ndiMwari vari kukuratidzai chinhu chinoshamisa ichi, chiri kuratidzwa kwamuri kuti hamungaise maoko enyu patiri kuti mutiuraye.

27 Uye tarisai, pavakanga vataura mazwi aya, nyika yakandendemera zvinotyisa, uye nemadziro etirongo akazunguzuka kunge achakoromokera pasi; asi tarisai, haana kukoromoka. Uye tarisai, avo vakanga vari mutirongo vaive maRamani nemaNifai akapanduka.

28 Uye zvakaitika kuti vaka-

17a Hir. 4:4.

18a D&Z 100:5-8.

NKM Huporofita.

19a NKM Kupinduka;

Basa reKushumira.

21a Mosaya 7:6-7; 21:23.

23a Eks. 3:2.

24a Eks. 14:24;

1 Ni. 1:6;

D&Z 29:12;

Nh—JS 1:16.

putirwa negore “rerima, uye vakavingwa nokutya kwakaipa.

29 Uye zvakaitika kuti kwakauya “izwi raiita seriri pamusoro pegore, richiti: Tendeukai imi, tendeukai imi, uye mubva marega zvekuparadza varanda vangu avo vandakatumba kwa-muri kuti vakutaurirei mashoko akanaka.

30 Uye zvakaitika kuti pava-kanzwa izwi, uye vakaona kuti harizi izwi remabanana, rakanga risiri izwi reruzha rukuru, asi tarisai, rakanga riri izwi “rakanyarara rakafanira, sekunge kazevezeve, uye raipinda kusvika kumweya chaiwo —

31 Uye kana dai izwi iri rakanga rakapfava, tarisai nyika yakandendemera zvikuru, uye madziro etirongo akazunguzuka zvakare, kunge ave kuda kukoromokera pasi; uye tarisai gore rerima, rakanga ravafukidza, harina kubva —

32 Uye tarisai izwi rakadzoka zvakare, richiti: Tendeukai imi, tendeukai imi, nokuti umambo hwekudenga hwave pedyo; uye murege kutsvaka kuparadza varanda vangu. Uye zvakaitika kuti nyika yakandendemera zvakare, uye madziro akazunguzuka.

33 Uye kechitatu izwi rakauya zvakare, uye rikataura kwavari mazwi anoshamisa asingagone kutaurwa nemunhu; uye madziro akazunguzuka zvakare, uye nyika ikandendemera sekunge ichatsemuka nepakati.

34 Uye zvakaitika kuti ma-Ramani akatadza kutiza pamusana pegore rerima rakanga rakavafukidza; hongu, uye zvakare vakanga vasisagone kufamba nokuti vakanga vave kutya.

35 Zvino pakati pavo paive nemumwe akange akazvarwa ari mu Nifai, akambenge ari wechechi yaMwari asi akanga apanduka abva kwavari.

36 Uye zvakaitika kuti akate-ndeuka, uye tarisai, akaona nemukati megore rerima zviso zvaNifai naRihai; uye tarisai, akaona “zvichipenya zvikuru, kana sezviso zvengirozi. Uye akaona kuti vakanga vakatarisa kudenga; uye vakanga vachiita sevari kutaura kana kuti vari kusimudza mazwi avo kunge vari kutaura nemumwe wavaiona.

37 Uye zvakaitika kuti uyu murume akadaidzira kumhomo yevanhu, kuti vatendeuke uye vatarise. Uye tarisai, vakapiwa simba vakakwanisa kucheka vakatarisa; uye vakaona zviso zvaNifai naRihai.

38 Uye vakati kumurume uyu: Tarisai, zvose zvinhu izvi zvinorevei, uye ndiani wavari kutaura naye vanhu ava?

39 Zvino zita remurume uyu rainzi Aminadabi. Uye Aminadabi akati kwavari: Vari kutaura nengirozi dza Mwari.

40 Uye zvakaitika kuti ma-Ramani akati kwaari: “Chii chatingaite, kuti gore rerima iri ribviswe kutifukidza kwarakaita?

41 Uye Aminadabi akati kwavari: Makafanira “kutendeuka, uye mochemera kuizwi, kana kusvika mave ^bnerutendo muna Kristu, amakadzidziswa naAruma, naAmureki, naZiziro-mu; uye kana maita izvi, gore rerima richabviswa kuti risatifugidze.

42 Uye zvakaitika kuti vose vakatanga kuchema kunezwi riya rakanga randendemesa nyika; hongu, vakachema kudakara kana gore rerima raparara.

43 Uye zvakaitika kuti zvavakatarisa-tarisa, uye vakaona kuti gore rerima rakanga rapararira risisavafukidze, tarisai vakaona kuti vakanga “vakakombere-dzwa, hongu wose munhu, nemutswi wemoto.

44 Uye Nifai naRihai vaive pakati pavo; hongu, vakanga vakakomberedzwa; hongu, va-iita seviri pakati perimi remoto, asi wakanga usingavapise, hauna kana kupisa madziro etirongo; uye vakazadzwa “nemufaro uya wakapfuuridza uye uzere nekubwinya.

45 Uye tarisai, Mweya “Mutsvene waMwari wakauya kubva kudenga, uye ukapinda mumwoyo yavo, uye vakazadzwa kunge vazadzwa nemoto, uye vakakwanisa ^bkutaura ipapo mazwi anoshamisa.

46 Uye zvakaitika kuti kwakauya izwi kwavari, hongu, izwi rinotapira, raiita sekazeve-zeve, richiti:

47 “Runyararo, runyararo kwamuri, pamusana perutendo rwenyu mune Andinodisisa, akanga aripo kubvira pakutanga kwenyika.

48 Uye zvino, zvavakanzwa izvi vakatarisa mudenga kuti zvimwe vangaone kwaibva izwi; uye tarisai, vakawona “matenga achizuruka; uye ngirozi dzikadzika kubva kudenga uye dzikavaparidzira.

49 Uye paive nemweya yaisvika mazana matatu yakanzwa nekuona zvinhu izvi; uye vaku-dzwa kuti vaende uye varege kushamiswa, havafanire kukahadzika.

50 Uye zvakaitika kuti vakae-nda, uye vakanoparidzira vanhu, vachitaura kumatunhu ose akatenderedza zvinhu zvakavanga vanzwa nezvakavanga vaona, zvekuti vazhinji vema-Ramani vakapwiswa navo, pamusana pekukura kweumbowo hwavakanga vagashira.

51 Uye vose “vazhinji vakapwiswa vakakanda pasi zvombo zva-vo zvehondo, noruvengo rwavo netsika dzamadzibaba avo.

52 Uye zvakaitika kuti vakapa kumaNifai nyika yakanga iri yavo.

CHITSAUKO 6

MaRamani akarurama anoparidzira maNifai ane uipi—Vose vanhu ava vanobudirira munguva

41a NKM Rutendeuko.

^b NKM Rutendo.

43a 3 Ni. 17:24; 19:14.

44a NKM Rufaro.

45a 3 Ni. 9:20;

Eta 12:14.

^b NKM Zvipo

zveMweya.

47a NKM Runyararo.

48a 1 Ni. 1:8.

51a Aruma 31:5.

yerunyararo nekuguta—Rusifa, munyori wechitema, anoita kuti mwoyo yevakaipa nemakororo aGadhiondoni imuke mukuponda nemuutsinye—Makororo anatora hurumende yemaNifai. Zvingango-ve makore 29 kusvika ku23 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti pakapera gore rechimakumi matanhatu nemaviri rekutonga kwevatongi, zvose zvinhu izvi zvakanga zvaitika uye maRamani, chikamu chavo chikuru, chakanga chava vanhu vakarurama, zvekuti “kururama kwavo kwakapfuura kwemaNifai, pamusana pekusimba kwavo nekutsiga kwavo murutendo rwavo.

2 Nokuti tarisai, kwakange kuine vazhinji vemaNifai vakanga “vaoma uye vasingadzoke uye vaine uipi hwakanyanya, zvekuti vakaramba shoko raMwari nekuparidza kwose uye nekuporofita kwaiuya pakati pavo.

3 Zvakadaro, vanhu vechechi vakave nemufaro mukuru pamusana pekupinduka kwemaRamani, hongu, pamusana pechechi yaMwari, yakanga yaiswa mukati mavo. Uye “vakashamwaridzana, uye vakafara pamwechete, uye vakaita mufaro mukuru.

4 Uye zvakaitika kuti vazhinji vemaRamani vakauya kunyika yeZarahemura, uye vakataurira vanhu vaNifai tsika “yekute-ndeuka kwavo, uye vakava

kuridzira kuti vave nerutendo nokutendeuka.

5 Hongu, uye vazhinji vavo vakaparidza nesimba guru kwazvo nemvumo, kusvika vazhinji vavo vaburuka kusvika muudzamu hwekupfava, kuti vave vakapfava vateveri vaMwari neGwayana.

6 Uye zvakaitika kuti vazhinji vemaRamani vakaenda vakanopinda munyika yechechamhembe; uye kana Nifai naRihai vakaenda vakapindawo “munyika iri kuchamhembe, kunoparidzira vanhu. Uye ndikwo kupera kwakaita gore rechimakumi matanhatu nematatu.

7 Uye tarisai, munyika makanga muine runyararo, zvekuti maNifai aienda kudunhu ripi ravainge vachida, kana dai muri mukati memaNifai kana maRamani.

8 Uye zvakaitika kuti kana maRamani vaikwanisa kuenda kwose kwose zvakwo kwavainge vachida, kana dai pari pakati pemaRamani kana pemaNifai; uye saka vaifambidzana zvakasununguka, kunotenga uye kana kunotengesa, uye kuti vawane, maererano nezvavainge vachida.

9 Uye zvakaitika kuti vakapfuma zvikuru, vose maRamani nemaNifai; uye vakanga vaine goridhe yakawanda zvikuru, nesirivha, nemarudzi akasiyana-siyana ezvinokosha, kwose munyika yekumaodzanyemba nenyika yekuchamhembe.

10 Zvino nyika yekumaodzanyemba yainzi Rihai, uye nyika yekuchamhembe yainzi “Mureki, yakanga yakadaidzwa zita remwanakomana waZedekia; nokuti Ishe vakaisa Mureki munyika yekuchamhembe, uye Rihai kunyika yekumaodzanyemba.

11 Uye tarisai, makanga muine goridhe rakasiyana-siyana mose munyika idzi, nesirivha, nematombo anokosha emarudzi ose; uye kwaive nemhizha, dzaikwanisa kushanda simbi dzakasiyana-siyana, uye vaidzigadzira; uye saka vakapfuma.

12 Vakakohwa zvakawanda, kwose kuchamhembe nekumaodzanyemba; uye vakafambira mberi zvikuru, kwose kuchamhembe nekumaodzanyemba. Uye vakawanda uye vakasimba zvikuru munyika. Uye vakakudza matanga mazhinji, hongu, nemhuru zhinji dzekukodza.

13 Tarisai madzimai ayo aishanda zvakasimba uye achiruka, uye aiita machira akasiyana siyana, emachira akarukwa zvinoyevedza nemachira emarudzi akasiyana-siyana, kuti vapfekezde miviri yavo yakanga isina kusimira. Uye saka gore rechimakumi matanhatu nemana rakapfuura murunyararo.

14 Uye mugore rechimakumi matanhatu nemashanu vakanga vainewo rufaro nerunyararo, hongu, kuparidzirwa kwakawanda nehuporofita hwakawanda maererano neicho chakanga chichauya. Uye ndikwo kupfuura

kwakaita gore rechimakumi matanhatu nemashanu.

15 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi matanhatu nematanhatu rekutonga kwevatongi, tarisai, “Sizoramukapondwa nemunhu asina kuzivikanwa agere pachigaro chekutonga. Uye zvakaitika kuti mugore rimwechetero, mwanakomana wake, akanga aiswa nevanhu munzvimbo yake, naiyewo akapondwa. Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi matanhatu nematanhatu.

16 Uye mukutanga kwegore rechimakumi matanhatu nemanomwe vanhu vakatanga kukura muupi zvakare.

17 Nokuti tarisai, Ishe vakanga vavaropafadza kwenguva huru neupfumi hwenyika zvekuti havana kumbomutswa kuti vashatirwe, kana kuita hondo, kana mukudeura ropa; naizvozvo vakatanga kuisa mwoyo yavo paupfumi hwavo; hongu, vakatanga kutsvaka kupunduka kuti vagoiswa pamusoro pevamwe; naizvozvo vakatanga kuponda “muruvande, nekuba nokupamba, kuti vapunduke.

18 Uye zvino tarisai, idzo mhondi nevapambi chaive chikwata chakanga chatangiswa naKishikumeni “naGadhiandoni. Uye zvino zvakaitika kuti vakanga vakawanda, kana nemukati memaNifai, vechikwata chaGadhiandoni. Asi tarisai, vakanga vakanyanya kuwanda mune avo vemaRamani vakanga vakanya-

nya kuipa. Uye vainzi makororo nemhondi dzaGadhiandoni.

19 Uye vaive ivo vakaponda mutongi mukuru Sizoram, nemwanakomana wake, ari pachigaro chekutonga; uye tarisai, havana kuwanikwa.

20 Uye zvino zvakaitika kuti maRamani paakawona kuti mukati mavo maive nemakororo vakasuwa zvikuru; uye vakashandisa nzira dzose dza-vaikwanisa kuti vaaparadze vabve pamusoro penyika.

21 Asi tarisai, Satani akamutsa mwoyo yevazhinji vemaNifai, zvekuti vakabva vabatana nezivo zvikwata zve makororo, uye vakapinda muzvibvumirano zvavo nezvitsidzo zvavo, kuti vanozochengetedzana nokudzivirirana kana mumwe akapinda mumatambudziko akaita sei, kuti havafanire kutambudzwa pamusana peumhondi hwavo, nokupamba kwavo, nokuba kwavo.

22 Uye zvakaitika kuti vaive nezviratidzo zvavo, hongu, zviratidzo zvavo “zvemuruvande, nemazwi avo akange asingazivikanwe; uye zvaitirwa kuti vazive hama inenge yakapinda muchibvumirano, kuti kana dai hama yake ikaita zvakaipa sei haafanire kukuvadza nehama yake, kana neavo vari vechikwata chake, vakaitawo chibvumirano ichi.

23 Uye saka vaikwanisa kuponda, nokupamba, uye vabe, uye

vaite upombwe netsika dzose dzakaipa, dzisiri mumutemo wenyika yavo nemitemowo yaMwari vavo.

24 Uye ani zvake wechikwata chavo anotaurira nyika “nezvekuipa neruvengo rwavo nekutadza kwavo, anotongwa, kwete maererano nemitemo yenyika yavo, asi maererano nemitemo yeupi hwavo, yakanga yaitwa naGadhiandoni naKishikumeni.

25 Zvino tarisai, ndizvo zvi-
bvumirano “nezvitsidzo zve-
muruvande zvakanzi naAruma
achiudza mwanakomana wake
kuti hazvifanire kuenda munyika,
nokuti ingangove nzira ye-
kuunza vanhu mukuparadzwa.

26 Zvino tarisai, izvo zvitsidzo
nezvibvumirano “zvemuruvande
hazvina kuuya kuna Gadhi-
andoni zvichibva muzvinyorwa
zvakaipiwa kuna Hiramani; asi
tarisai, zvakaiswa mumwoyo
maGadhiandoni nemunhu^bmu-
mwecheteyo akafurira vabereki
vedu vekutanga kuti vadye
muchero wairambidzwa —

27 Hongu, uye munhu mumwe-
cheteyo akarangana “naKaini,
kuti kana akaponda munin’ina
wake Aberi hazvizozivikanwa
munyika. Uye akarangana na-
Kaini nevateveri vake kubvira
panguva iyoyo.

28 Uye zvakare ndiye uye mu-
nhu mumwechete iyeyu akaisa
mumwoyo yevanhu pfungwa
yekuti “vavake shongwe yakare-
ba zvekuti yaizosvika kudenga.

22a NKM Huranganwa
hwemuruvande.

24a NKM Akaipa.

25a Aruma 37:27–32.

26a Mos. 5:29, 49–52.

b 3 Ni. 6:28;

Mos. 4:6–12.

27a Mos. 5:18–33.

28a Gen. 11:1–4; Eta 1:3.

Uye aive munhu mumwechete iyeyo akatungamirira vanhu vakabva pashongwe iya vachiuya munyika ino; akaparadzira mabasa erima neekuipa pamusoro penyika yose, kudakara akwezvera vanhu kunoparadzwa ^bzvachose, nokugehena rekusingaperi.

29 Hongu, ndiye munhu mumwechete iyeyo akaisa mumwoyo “maGadhiandoni kuti arambe achiita mabasa erima, neekuponda muruvande; uye akavamba ainazvo kubvira pakutanga kwemunhu kusvika munguva ino.

30 Uye tarisai, ndiye uyu “munyori wezvitema zvose. Uye tarisai, anoita mabasa ake erima nokuponda muruvande, uye vanogashidzana zvavanorangana, nezvitsidzo zvavo, nezvibvumirano zvavo, nekuronga kwavo kweuipi hwakanyanya, kubva kuchizvarwa nechizvarwa namaererano nekubata kwaanoita mwoyo yevana vevanhu.

31 Uye zvino tarisai, akanga abata zvikuru mwoyo yemaNifai; hongu, zvekuti vakanga vave vanhu vaipa zvikuru; hongu, vazhinji vavo vakanga vasiya nzira yekururama, uye “vakatsika-tsika mirairo yaMwari netsoka dzavo, uye vakaenda nedzavo nzira, uye vakazviva-kira mifananidzo yegoridhe yavo nesirivha yavo.

32 Uye zvakaitika kuti kwose kutadza uku kwakauya kwavari mukati memakore “mashoma-

nani, zvekuti zvizhinji zvacho zvakaitika mugore rechimakumi matanhatu nemanomwe rekutongwa kwevanhu vaNifai nevatongi.

33 Uye vakakura nezvitadzo zvavo mugore rechimakumi matanhatu nemaserewo, vakarurama vakasuwa zvikuru nokuchema.

34 Uye saka tinoona kuti maNifai akatanga kuderera mukusatenda, uye vakakura mukuipa nezvitadzo, maRamani akatanga kukura muruzivo rwaMwari vavo zvikuru; hongu, vakatanga kuchengeta zvisungo zvake nemirau, nekufamba muchokwadi uye vakati twasa pamberi pake.

35 Uye saka tinoona kuti Mweya waIshe wakatanga “kubva kumaNifai, pamusana peuipi nekuoma kwemwoyo yavo.

36 Uye saka tinoona kuti Ishe wakatanga kudira Mweya wake kumaRamani, pamusana pekupfava kwavo nokuda kwavo kutenda mumazwi ake.

37 Uye zvakaitika kuti maRamani vakavhima chikwata chemakororo aGadhiandoni; uye vakaparidza shoko raMwari mukati mevakanyanya kuipa vavo, zvekuti chikwata chiye chemakororo chakaparadzwa zvachose mukati memaRamani.

38 Uye zvakaitika kuti kune rumwe rutivi, maNifai vakavavaka uye vakavatsigira, zvichitanga nekune vakanga vakanyanya kuipa vavo, kudakara vazara nenyika yose yemaNifai,

28b Eta 8:9, 15–25.

29a Hir. 2:4–13.

30a Aruma 5:39–42;

Moro. 7:12, 17;

Mos. 4:4.

31a 1 Ni. 19:7.

32a Aruma 46:8.

35a Mosaya 2:36;

D&Z 121:37.

uye vakafurira vazhinji vevakanga vari vakarurama kusvika vaburuka vave kutenda mabasa avo vave kutambira zvakapambwa, uye nokubatana navo mukuponda nemuzvikwata zve-muruvande.

39 Uye saka vakatora, vakawana kufambiswa kwehurumende, zvekuti vakatsikirira pasi petsoka dzavo, uye vakarova nekubvarura uye vakafukatira “varombo nevakapfava, nevateveri vaMwari vakazvirereka.

40 Uye tinoona kuti vakanga vave pakaipa, uye vave “kuibvira kuparadzwa kusingaperi.

41 Uye zvakaitika kuti ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi matanhatu nemasere reku-tongwa kwemaNifai nevatongi.

HUPOROFITA HWANIFAI, MWANAKOMANA WAHIRAMANI — Mwari vanotyisidzira maNifai kuti vachavashanyira mukushatirwa kwavo, vagovaparadza zvachose kunze kwekunge vatotendeuka pahupi hwavo. Mwari vanorova vanhu vaNifai nezvirwere; vanotendeuka uye vobva vapindukira kwavari. Samueri, muRamani, anoporofita kumaNifai.

*Zvichisanganisa zvitsauko
7 kusvika ku16.*

CHITSAUKO 7

Nifai anorambwa kuchamhembe uye achibva adzokera kuZaraha-

mura — Anonamata ari panharire yebindu rake uye achibva adaidza vanhu kuti vatendeuke kana kufa. Zvingangove makore 23 kusvika ku21 Kristu asati azoarwa.

TARISAI, zvino zvakaitika kuti mugore rechimakumi matanhatu nemapfumbamwe reku-tongwa kwemaNifai nevatongi, kuti Nifai, mwanakomana waHiramani, “akadzokera kunyika yeZarahemura achibva kunyika yekuchamhembe.

2 Nokuti akanga amboenda mukati mevanhu vakanga vari munyika yechekuchamhembe, uye akaparidza shoko raMwari kwavari, uye akaporofita zvinhu zvizhinji kwavari.

3 Uye vakaramba mashoko ake ose, zvekuti haana kuzokwanisa kugara pakati pavo, asi akadzokera zvakare kunyika yechizvarwa chake.

4 Uye achiona vanhu vari mukati mehugaro hwechakaipa hunotyisa, uye aye makororo aGadhiondi ari iwo ari muzvigaro zvekutonga — vakaba simba nemvumo yekutonga nyika; vasiya parutivi mirau ya Mwari, uye vasina chimwe chakanaka chavanoita pamberi pake; vasingaite zvakarurama kuvana vevanhu;

5 Vachitongera rufu vakarurama pamusana pekururama kwavo; vachiregera vane mhosva nevakaipa vachienda vasingarangwe pamusana pemari yavo; uye pamusoro paizvo-zvo vovabvumira kutungamira

hurumende, kuti vatonge vachita zvavanoda, kuti vapunduke, uye nokuwana mbiri “munyika, uye, pamusoro paizvozvo vagokwanisa kuita upombwe nyore-nyore, nokuba, nokuuraya, uye vachiita maererano nokuda kwavo—

6 Zvino kuipa kukuru uku kwakanga kwauya kumaNifai, muchinguva chemakore mashomanani; uye Nifai zvaakazviona, mwoyo wake wakafuta nekusuwa mukati mechipfuva chake; uye akakanuka mukuwadziwa kwemweya wake:

7 Ini zvangu, dai ndakanga ndakawana mazuva angu mumazuva ababa vangu Nifai vakatanga kubva munyika yeJerusarema, kuti ndaingenda kufara naye munyika yechipikirwa; iyoyo nguva vanhu vake vaive nyore kunyengetedza, vakasimba mukuchengeta mirairo yaMwari, uye vachinonoka kuiswa mukutadza; uye vaikurumidza kuteerera kumazwi aIshe—

8 Hongu, dai mazuva angu akanga ari mumazuva iwayo, zvino mweya wangu ungapadai wakawana mufaro mukururama kwehama dzangu.

9 Asi tarisai, ndakapiwa kuti ano ndiwo mazuva angu, nokuti mweya wangu uchazara nekusuwa pamusana pehutsinye hwehama dzangu.

10 Uye tarisai, zvino zvakaitika kuti pakanga pari panharire, yaive mubindu raNifai, raive munzira huru yaienda kumusika

mukuru, waive muguta reZarahemura; naizvozvo, Nifai akanga apfugama panharire yaive mubindu make, nharire iyi yaivewo pedyo nemusiwo webindu raibuda nekunzira huru.

11 Uye zvakaitika kuti paive nevamwe varume vakanga vachipfuura nepo uye vakaona Nifai achidira mweya wake kuna Mwari ari panharire; uye vakamhanya vakanotaurira vanhu zvavakanga vaona, uye vanhu vakauya pamwechete vari mhomho kuti vazoona kuti chii chikonzero chekuchemera kuipa kwevanhu zvakadaro.

12 Uye zvino, Nifai paakasimuka akaona mhomho yevanhu vakanga vaungana pamwechete.

13 Uye zvakaitika kuti akashama muromo wake akati kwavari: Tarisai, “ko maunganirei? Kuti ndikutaurirei nezvezvitadzo zvenyu?”

14 Hongu, pamusana pekuti ndakwira panharire pangu kuti ndidire mweya wangu kuna Mwari wangu, pamusana pekuswa kukuru kwemwoyo wangu, kwakonzera nezvitadzo zvenyu!

15 Uye nenzira yekuchema kwangu nokugununa maungana pamwechete, uye muchishamiswa; hongu, uye munofanira kushamiswa zvikuuru; hongu, makafanira kushamiswa nokuti makatorwa zvekuti dhi-abhorosi akabata mwoyo yenyu zvikuuru.

16 Hongu, makabvuma sei kuti mufurirwe neuyo ari kutsvaka

kurasa mweya yenyu mukusu-wa kusingaperi nenhamo isina magumo?

17 Imi tendeukai, tendeukai imi! “Ko munofirei? Dzokai imi, dzokai imi kuna Ishe Mwari venyu. Ko akuramwirei?

18 Pamusana pekuti maomesa mwoyo yenyu; hongu, hamuteerere kuzwi remufudzi “akanaka; hongu, ^bmakamuita kuti akushatirirwei.

19 Uye tarisai, kunze kwekuti “akuunganidzei, kana mukasatendeuka, tarisai, achakuparadzai kuti muve nyama yembwa nezvikara.

20 Imi, mungakanganwe sei Mwari wenyu muzuva iroro raakuponesai?

21 Asi tarisai, zvaive zvekuda kupunduka, kuti vagorumbidzwa nevanhu, hongu, uye kuti mungawane goridhe nesirivha. Uye maisa mwoyo yenyu paupfumi nezvinhu zvisina maturo “zvenyika ino, zvamunopondera, muchipaza, uye muchiba, nokupupura ^bnhema nezvemuvakidzani wenyu, nokuita kwose kutadza.

22 Uye nechikonzero ichi nhamo ichauya kwamuri kunze kwekunge matendeuka. Nokuti kana musina kutendeuka, tarisai, guta guru rino, nemamwe maguta ose akatenderedza, ari munyika yedu ino, achatorwa

zvekuti munenge musisina nzvimbo maari; nokuti tarisai, Ishe havape kwamuri “simba, sezvavanga vachiita kusvika zvino, kuti mugone kurwisana nevavengi venyu.

23 Nokuti tarisai, Ishe vanotaura achiti: Handizoratidza simba rangu kune vatadzi, kune uyu kupfuura uyo, kunze kwekune avo vanenge vatendeuka muzvitema zvavo, uye vagoteerera mazwi angu. Zvino naizvozvo, ndinoda kuti dai matarisa, hama dzangu, kuti zvichave “nani kumaRamani pane kwamuri kunze kwekunge matotendeuka.

24 Nokuti tarisai, vakarurama kupfuura imi, nokuti havana kutadzira ruzivo rwukuru rwuya rwamakatabira imi; naizvozvo Ishe vachavanzwira tsitsi; hongu, “vacharebesa muzuva avo uye vagopamhidzira mbeu yavo, kana dai imi muchinge ^bmaparadzwa zvachose kunze kwekunge matendeuka.

25 Hongu, nhamo kwamuri pamusana pekutadza kwenyu kwauya mukati menyu; uye imi makabva mabatana mazviri, hongu, kuchikwata “chemuruvande chiya chakaitwa na-Gadhiandoni!

26 Hongu, “nhamo ichauya kwamuri pamusana pekuzvida kuya kwamabvumira kuti kupinde mumwoyo yenyu, kwa-

17a Ezk. 18:23, 31–32.

18a Ezk. 34:12;

Joh. 10:14–16;

Aruma 5:38–41, 57–60.

NKM Mufudzi

Akanaka.

^b Jak. 1:8; Aruma

12:36–37.

19a 3 Ni. 10:4–7.

21a NKM Zvemunyika.

^b Eks. 20:16;

Mat. 15:19–20.

22a Mosaya 7:29.

23a Hir. 15:11–15.

24a Aruma 9:16;

D&Z 5:33.

^b Aruma 9:19.

25a Hir. 3:23.

26a Isa. 5:8–25.

kusimudzai pamusoro kupfura pane chakanaka pamusana^bpekupfuma kwenyu kukuru!

27 Hongu, nhamo kwamuri pamusana pekuipa kwenyu nekutadza kwenyu.

28 Uye kunze kwekunge matendeuka muchafa; hongu, kana nyika dzenyu muchadzitorerwa, uye muchaparadzwa kubviswa pamusoro penyika.

29 Tarisai zvino, handizi kuti zvinhu izvi zvichaitika, ini pachangu, nokuti handizirini “ndinoziva kuti zvinhu izvi ndezvechokwadi nokuti Ishe Mwari vakaita kuti ndizvize, naizvozvo ndinopupura kuti zvichave.

CHITSAUKO 8

Nhubu dzevatongi dzinotsvaka kufurira vanhu kuti vamukire Nifai — Abrahama, Mosesi, Zenosi, Zenoki, Eziasi, Isaya, Jeremia, Rihai naNifai vose vakapupura nezvaKristu — Nokufemerwa Nifai anotaura kupondwa kwemutongi mukuru. Zvingangove makore 23 kusvika ku21 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti Nifai ataura mazwi aya, tarisai, paive nevarume vakanga vari vatongi, vakanga vari vechikwata cheruvande chaGadhiandoni, uye vakashatirwa, uye vakachema vachimurwisa, vachiti kuvanhu: Sei musingabate munhu uyu muuye naye, kuti arangwe maererano nemhosva yaaita?

2 Sei muchiona murume uyu,

uye muchimunzwa achituka vanhu ava nemitemo yedu?

3 Nokuti tarisai, Nifai akanga ataura navo maererano nekuora kwakaita mutemo wavo; hongu, Nifai akataura zvinhu zvizhinji zvisingagone kunyorwa; uye hapana chaakataura chaipesana nemirairo yaMwari.

4 Uye vatongi avo vakamushatirirwa nokuti “aitaura kwavari zviri pachena maererano nema-basa avo emuruvande erima; zvakadaro, havana kukwanisa kuisa maoko avo paari, nokuti vaitya kuti vanhu vangachemere kuvarwisa.

5 Naizvozvo vakachemera kuvanhu, vachiti: Sei muchibvumira munhu uyu kuti atituke? Nokuti tarisai anopa vanhu vano vose mhosva, kana mukuparadzwa, hongu, uye nokutiwo maguta edu makuru aya tichaatorerwa, kuti tichashaya nzvimbo maari.

6 Uye zvino tinoziva kuti izvi hazviitike, nokuti tarisai, tine simba, uye maguta edu makuru, saka vavengi vedu havagone kutikurira.

7 Uye zvakaitika kuti ndiko kumutsa kwavakaita vanhu kuti vashatirirwe Nifai, uye ndoku-isa kupesana mukati mavo; nokuti kune vamwe vakachema vachiti: Muregei murume uyu ega, nokuti munhu akanaka, uye izvo zvinhu zvaari kutaura chokwadi zvichaitika kunze kwekunge tatendeuka.

8 Hongu, tarisai, kwose kuto-ngwa kuchauya patiri kwaapu-

pura kwatiri; nokuti tinoziva kuti apupura chaizvo kwatiri maererano nokutadza kwedu. Uye tarisai zvakawanda, uye “anoziva zvose zvinhu zvichatiwira sekuziva kwaanoita zvitadzo zvedu;

9 Hongu, uye tarisai, dai anga asiri muporofita haaipupura maererano nezvinhu izvozvo.

10 Uye zvakaitika kuti avo vanhu vaitsvaka kuparadza Nifai vakamanikidzwa pamusana pekutya kwavo, kuti vasaise maoko avo paari; saka akatanga zvakare kutaura kwavari, aona kuti kune vamwe vakanga vachimuda, zvekuti vamwe vacho vakabva vatya.

11 Naizvozvo akatunhwa kuti arambe achitaura zvakawanda kwavari achiti: Tarisai, hama dzangu, hamuna kuverenga here kuti Mwari vakapa simba kumunhu mumwechete, Mosesi, kuti arove mvura “dzeGungwa Dzvuku, dzikabva dzapatsanuka uko nekoko, zvekuti maIsraeri, avo vakanga vari madzibaba edu, vakayambuka nepakaoma, uye mvura ikadzokera pakare pamauto emaEgipita uye ikaamedza?

12 Uye zvino tarisai, kana Mwari vakapa murume uyu simba rakadaro, zvino sei muchiitirana nharo pachenyu, uye muchiti haana simba raakandipa rinoita kuti ndizive kuto-

ngwa kuchauya pamuri kunze kwekunge matendeuka?

13 Asi, tarisai, hamusi kuramba mazwi angu chete, asi muri kurambawo ose mazwi akataurwa namadzibaba edu, nema-zwiwo akataurwa nemurume uyu, Mosesi, uyo akanga akapiwa simba guru rakadai, hongu, mazwi aakatura maererano nezvekuuya kwaMesia.

14 Hongu, haana kutaura zvinyorwa zvinoti Mwanakomana waMwari achauya? Uye “kusimudza kwaakaita nyoka yedare murenje, kana iye achauya achasimudzwawo.

15 Uye vose vachatarisa pa-nyoka iyoyo “vachapona, kana naizvozvo vose vachatarisa kune Mwanakomana waMwari nerutendo, vaine mweya wakatyoka, vachava ^bvapenyu, kana kusvika kuupenyu huya hwokusingapere.

16 Uye zvino tarisai, Mosesi haana kungopupura nezvezvinhu izvi chete, asi “nevose maporofita vatsvene vakapupurawo, kubvira kumazuva ake kusvika kumazuva aAbrahama.

17 Hongu, uye tarisai, “Abrahama akaona nezvekuuya kwake, uye akazadzwa nomufaro uye akapembera.

18 Hongu, uye ndinoti kwamuri, hazvizizvo chete izvi zvazivikanwa naAbrahama, asi kwaive “nevazhinji Abrahama

8a Hir. 7:29.

11a Eks. 14:16; 1 Ni. 17:26;

Mosaya 7:19;

D&Z 8:2–3;

Mos. 1:25.

14a Num. 21:6–9;

2 Ni. 25:20;

Aruma 33:19–22.

NKM Jesu Kristu—

Marudzi kana

mucherechedzo

waKristu.

15a 1 Ni. 17:41;

Aruma 37:45–47;

3 Ni. 15:9.

^b Joh. 11:25.

16a Jak. 4:4–5; 7:11.

17a Gen. 22:8–14;

Joh. 8:56.

18a Aruma 13:19;

D&Z 84:6–16; 136:37.

asati aveko vakanga vakadai-dzwa ^bnehurongwa hwaMwari; hongu, kana negungano re-Mwanakomana wake; uye kuti zviratidzwe kuvanhu, zviuru nezviuru zve makore asati auya, kuti kana rununuro rwuchauya kwavari.

19 Uye zvino ndinoti makafanira kuziva, kuti kana kubvira mumazuva aAbrahama kwainge kuine vaporofita vazhinji vakapupura zvinhu izvi; hongu, tarisai, muporofita ^aZenosi akataura asingatye; zvakaita kuti auraiwe.

20 Uye tarisai, ^anaZenokiwo, naEziaswiwo, ^bIsayawo, ^cnaJeremia, (Jeremia ari iye muporofita mumwecheteyo akapupura nezve kuparadzwa ^akweJerusarema) uye zvino tinoziva kuti Jerusarema yakaparadzwa maererano nemazwi aJeremia. Ko zvino Mwanakomana waMwari anotadza nei kuuya maererano nechiporofita chake?

21 Uye zvino munoita nharo kuti ^aJerusarema hayina kuparadzwa? Mungati here ^bvanakomana vaZedekia havana kuurawa here, kusara ^ckwaMureki? Hongu, uye hamuone here kuti mbeu yaZedekia inesu, uye vakatandaniswa munyika yeJerusarema? Asi tarisai izvi hazvizizvo zvose—

22 Baba wedu Rihai akabviswa muJerusarema pamusana pekuti akapupura pamusoro pezvinhu izvi. Nifai naiyewo akapupura pamusoro pezvinhu izvi, uye kunge esewo madzibaba, edu akapupura, kana kusvika kunguva ino; hongu, vakapupura ^anezvekuuya kwaKristu, uye vakatarisira, uye vakafara muzuva rake richauya.

23 Uye tarisai, ndiye Mwari, uye ndiye anavo, uye akazviratidza kwavari, kuti vakanuturwa naye; uye vakapa kwaari mbiri, pamusana peicho chichauya.

24 Uye zvino, ndichiona kuti munozviziva zvinhu uye hamugone kuzviramba kunze kwekunge mave kunyepa, naizvozvo munaizvozvi matotadza, nokuti makaramba zvose zvinhu izvi, kana dai paine umbowo hwa-kawanda hwamakatabira; hongu, kana imi makagashira zvinhu ^azvose, zvinhu zvirikudenga, nezvinhu zvose zvirimunyika pasi, seumbowo kuti ndezvechokwadi.

25 Asi tarisai, imi makaramba chokwadi, uye ^amukapandukira Mwari venyu mutsvene; uye kana panguva ino, kunze kwekuti muzviisire ^bupfumi kude nga, uko kusina chinoora, uye uko kusina chakasviba chinga-

18b NKM Hupirisita hwaMerkizedeki.

19a Aruma 34:7.

20a 1 Ni. 19:10;

3 Ni. 10:15–16.

NKM Magwaro

Matsvene—Magwaro

Matsvene akarasika.

b Isa. 53.

c 1 Ni. 5:13; 7:14.

d Jer. 26:18;

1 Ni. 1:4.

21a 2 Ni. 6:8; Omu. 1:15.

b II Madz. 25:7;

Jer. 39:6; 52:10.

c Ezk. 17:22–23;

Hir. 6:10.

22a NKM Jesu Kristu—

Zviporofita

nezvekuvarwa uye

nerufu rwaJesu

Kristu.

24a Aruma 30:44;

Mos. 6:63.

25a Mosaya 2:36–38; 3:12.

b Hir. 5:8;

3 Ni. 13:19–21.

uyeko, muri kuzviunganidzira hashu muzuva rekutongwa.

26 Hongu, kana panguva ino muri kuibva, pamusana peku-ponda kwenyu “nokupomba kwenyu uye nehupi, kuparadzwa kusingaperi; hongu, uye kunze kwekunge matendeuka zvichauya nokukurumidza kwamuri.

27 Hongu, tarisai kana iye zvino zvatove pamisiwo yenyu; hongu, endai imi kuchigaro chekutonga, uye mutsvake; uye tarisai, mutongi wenyu apondwa, uye “arere muropa rake; uye apondwa ^bnemunin’ina wake, ari kutsvaka kugara kuchigaro chekutonga.

28 Uye tarisai, vose ndevechikwata chenyu chemuruvande, “chakaitwa naGadhiondoni neuyo akaipa anotsvaka kuparadza mweya yevanhu.

CHITSAUKO 9

Nhumwa dzinoona mutongi mukuru akafa pachigaro chekutonga — Dzinoiswa mutirongo uye dzozosunungurwa mushure — Nekufemerwa Nifai anoziva kuti Seandumu ndiye aponda — Nifai anobvumwa nevamwe semuporofita. Zvingangove makore 23 kusvika ku21 Kristu asati azvarwa.

TARISAI, zvino zvakaitika kuti Nifai ataura mazwi aya, vamwe vanhu vakanga vari mukati mavo vakamhanyira kuchigaro chekutonga; hongu, kana vano-

svika vashanu vakaenda, uye vakati pachavo, vachienda:

2 Tarisai, zvino tichaziva zvechokwadi kana murume uyu ari muporofita uye kana Mwari vamutuma kuti aporofite zvinhu zvinoshamisa kudai kwatiri. Tarisai, hatitende kuti akatumwa; hongu, hatitende kuti muporofita; zvisinei, kana chinhu ichi chaatura nezvemutongi mukuru chiri chechokwadi, kuti afa, saka tichatenda kuti mamwe mazwi aatura ndeechokwadi.

3 Uye zvakaitika kuti vakamhanya nesimba ravo rose, uye vakapinda kuchigaro chekutonga; uye tarisai, mutongi mukuru akanga awira pasi, uye “arere muropa rake.

4 Uye zvino tarisai, pavakaona izvi vakashamiswa zvikuru, zvekuti vakabva vawira pasi; noku-ti havana kunge vatenda mazwi akanga ataurwa naNifai mae-rerano nezvemutongi mukuru.

5 Asi zvino, pavakaona vakatenda, uye vakabatwa nokutya kuti kutongwa kwose kwakanga kwataurwa naNifai kungauye kuvanhu; naizvozvo vakadedera, uye vakawira pasi.

6 Zvino, pakarepo mutongi apondwa—iye abaiwa nemunin’ina wake akapfeka zvekuzvivanza, uye akatiza, uye varanda vakamhanya uye vakanotaurira vanhu, vachidaidzira kuponda pakati pavo;

7 Uye tarisai vanhu vakau-ngana pamwechete panzvimbo yechigaro chekutonga— uye

25c D&Z 10:20–23;
121:23–25.

26a NKM Kusanganana

kusina kururama.

27a Hir. 9:3, 15.

b Hir. 9:6, 26–38.

28a Hir. 6:26–30.

9 3a Hir. 8:27.

tarisai, vakashamiswa vachiona varume vaye vashanu vakanga vakawira pasi.

8 Uye zvino tarisai, vanhu havana chavaiziva nezve mhomo yevanhu vakanga vaungana pamwechete “kubindu raNifai; naizvozvo vakati pachavo: Ava varume ndivo vaponda mutongi, uye Mwari avarova kuti vatadze kutitiza.

9 Uye zvakaitika kuti vakavabata, uye vakavasunga uye vakavakanda mutirongo. Uye kwaive neshoko rakatumirwa kwose kuti mutongi akauraiwa, nokuti vapondi vakabatwa vakakandwa mutirongo.

10 Uye zvakaitika kuti mangwana acho vanhu vakaunganidzana pamwechete kuti vacheme “nokutsanya, pakuvigwa kwegamba mutongi mukuru akanga auraiwa.

11 Uye kana neavo vatongi vaive kubindu raNifai, uye vakanzwa mazwi ake, vakanga vakaunganawo parufu apa.

12 Uye zvakaitika kuti vakavhunya kuvanhu, vachiti: Ko varipiko vaya vashanu vatumwa kuzobvunza nezvemutongi mukuru kuti afa here? Uye vakapindura uye vakati: Nezve ava vashanu vamuri kuti matuma, hapana chatinoziva; asi pane vashanu vanove ndivo vapondi, vatakakanda mutirongo.

13 Uye zvakaita kuti vatongi vakati vanhu ava ngavauiswe; uye vakauiswa, uye tarisai, ndivo vaye vashanu vakanga vatumwa; uye tarisai vatongi

vakabvunza kwavari kuti vazive maererano nenyaya iyi, uye vakavataurira zvose zvavakanga vaita, vachiti:

14 Takamhanya tikauya panzvimbo yechigaro chekutonga, uye taona zvose zvinhu kana sekupupura kwakanga kwaita Nifai, takashamiswa zvekuti takawira pasi; uye patakanga tamuka, tarisai ndipo pavakabva vaticanda mutirongo.

15 Zvino, kana zviri zvekupondwa kwemurume uyu, hatizive azviita; uye izvi chete ndizvo zvatinoziva, takamhanya tikauya sezvamakanga muchida, uye tarisai akanga afa, sekutaura kwemazwi aNifai.

16 Uye zvino zvakaitika kuti vatongi vakataura nyaya kuvanhu, uye vakachema kurwisa Nifai, vachiti: Tarisai, tinoziva kuti iye Nifai uyu akanga akabvumirana nemumwe kuti vauraye mutongi uyu, uye kuti kana ozotitaurira isu, angangotipindutsira mukutenda kwake, kuti agozvisimudzira segamba, rakasarudzwa naMwari, uye arimuporofita.

17 Uye zvino tarisai, tichamuwana munhu uyu, uye achareurura mhosva yake uye oita kuti tizive isu chaiye akaponda mutongi uyu.

18 Uye zvakaitika kuti vashanu vaye vakasunungurwa musi wekuvigwa kwemutongi. Zvakadaro, vakatsiura vatongi pamusoro pemazwi avakanga vataura maererano naNifai, uye vakarwi-

sana navo mumwe nomumwe kudakara vavanyadzisa.

19 Zvakadaro, vakaita kuti Nifai atorwe asungwe uye aui-swe kumhomho yevanhu, uye vakatanga kumbvunza mi-bvunzo yakasiyana-siyana kuti zvimwe vanga muwane, kuti vagomupa mhosva yekufa—

20 Vachiti kwaari: Une mumwe wawakarangana naye; ndiani munhu aponda? Zvino titaurire, uye ubvume kutadza kwako; vachiti: Tarisai heino mari; uye tinokupa upenyu hwako kana ukatitaurira, uye bvuma chitenderano chawakaita naye.

21 Asi Nifai akati kwavari: Imi “zvirema, imi musina kudzingiswa mumwoyo, imi mapofu, uye imi vanhu^b makaomesa mitsipa, munoziva here kuti Ishe Mwari venyu vachakubvumirai kwenguva yakadii kuti mufambe naidzo nzira dzenyu idzi dzechitema?

22 Imi makafanira kutanga kuridza mhema “nokuchema, pamusana pekuparadzwa kukuru kwakakumirirai pane ino nguva, kunze kwekunge matendeuka.

23 Tarisai munoti ndakarangana nemumwe munhu kuti aponde Sizoramumu, mutongi wedu mukuru. Asi tarisai, ndinoti kwamuri, izvi zvakonzwerwa pamusana pekuti ndakapupura kwamuri kuti muzive maerera-no nechinhu ichi; hongu, kuti ugove umbowo kwamuri, kuti ndaiziva nezve uipi neruvingo rwuri mukati menyu.

24 Uye pamusana pekuti ndaita izvi, munoti ndarangana nemunhu kuti aite chinhu ichi; hongu, pamusana pekuti ndakakuratidzai chiratidzo ichi mandishatirirwa, uye mave kutsvaka kundiparadza.

25 Uye zvino tarisai, ndichakuratidzai chimwe chiratidzo, uye tigoona kuti muchinhu ichi muchatsvaka kundiparadza here.

26 Tarisai ndinoti kwamuri: Endai kumba kwaSeandumu, iye “munin’ina waSizoramumu, munoti kwaari—

27 Ko Nifai, anonyepera kuve muporofita, anoporofita kuipa kwakanyanya nezvevanhu ava, akabvumirana newe here, zvaita kuti uponde Sizoramumu, uyo mukoma wako?

28 Uye tarisai, achati kwamuri, Kwete.

29 Uye imi muchati kwaari: Wakaponda mukoma wako here?

30 Uye achamira achitya, uye achishaya chekutura. Uye tarisai, acharamba kwamuri; uye achaita sezvatomushamisa; zvakadaro, achaita kwamuri kuti haana mhosva.

31 Asi tarisai, imi muchamutarisisa, uye muchaona ropa panhumbi dzake.

32 Uye kana maona izvi, imi muchati: Ko ropa iri rabva kupi? Hatizive here kuti iri iropa remukoma wako?

33 Uye zvino achadedera, uye agobva apinduka kumeso, kana kuita seavingwa nerufu.

34 Uye zvino imi muchati: Pamusana pekutya uko nokupi-

21a Mabasa 7:51.
b НКМ Hupanduki.

22a Mosaya 7:24.
26a Hir. 8:27.

nduka kwaita uso hwako, tarisai tinoziva kuti une mhosva.

35 Uye zvino achabatwa nekutya kukuru; uye zvino achareurura kwamuri, uye asisarambe kuti akaita kuponda uku.

36 Uye zvino achati kwamuri, kuti ini Nifai, hapana chandinoziva nezvenyaya iyi kunze kwekuti yakapiwa kwandiri nesimba raMwari. Uye zvino muchaziva kuti ndiri murume akavimbika, nekuti ndakatumi-
rwa kwamuri naMwari.

37 Uye zvakaitika kuti vakanda vakanoita, kana sekutaurirwa kwavakanga vaitwa na Nifai. Uye tarisai, mazwi aakanga ataura aive echokwadi; nokuti maererano nemazwi akaramba; uye mayereranawo nemazwi akareurura.

38 Uye akaitwa kuti aratidze kuti iye ndiye mhondi, zvekuti vaye vashanu vakabva vasunungurwa, uye kana naNifaiwo.

39 Uye kwaive nevamwe vemaNifai vakatenda mazwi aNifai; uye kwaive nevamwewo, vakatenda pamusana peuchapupu hwevashanu vaye, nokuti vakanga vapinduka vari mutirongo.

40 Uye zvino kwaive nevamwe muvanhu, vaiti Nifai muporofita.

41 Uye kwaive nevamwe vaiti: Tarisai, ivo ndiMwari, nokuti kunze kwekunge vari mwari havaiziva zvinhu zvose izvi. Nokuti tarisai, vatiudza pfungwa dzemwoyo yedu, uye vatiudzawo zvinhu; uye vakatiudzawo munhu chaiye akaponda mutongi wedu mukuru.

CHITSAUKO 10

Ishe vanopa Nifai simba rekunama — Anopiwa simba rekusunga kana kusunungura pasi nekudenga — Anoudza vanhu kuti vatendeuke kana kufa — Mweya unomutakura kumhomho nemhomho. Zvingangove makore 21 kusvika ku20 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti pakave nekutsaukana pakati pevanhu, zvekuti vakapatsanurana ava nekuku avo nekoko uye vakaenda nzira dzakasiyana, vachisiya Nifai ega, amire pakati pavo.

2 Uye zvakaitika kuti Nifai akatora nzira yake akaenda kumba kwake, “achifungisisa pamusoro pezvinhu zvaakanga aratidzwa naIshe.

3 Uye zvakaitika kuti zvaakanga achifungisisa kudaro — akasuwa zvikuru pamusana pekuipa kwevanhu vaNifai, mabasa avo erima akavandika, nokuponda kwavo, nokupunza kwavo, nokutadza kwakasiyana-siyana — uye zvakaitika kuti zvaakanga achifungisisa kudaro mumwoyo make, tarisai, izwi rakauya kwaari richiti:

4 Wakaropafadzwa iwe Nifai, pamusoro pezvinhu zvawaita; nokuti ndaona matauriro awakaita shoko “usina kuneta, randakakupa kuti upe vanhu ava. Uye hauna kuvatya, uye hauna kutsvaka upenyu ^bhwako, asi wakatsvaka ^ckuda kwangu, nokuchengeta mirairo yangu.

5 Uye zvino, nokuti wakaita izvi usina kuneta, tarisai, ndichakuropafadza nariini; uye ndichakuita uve mukuru mukutaura nemuzviito, murutendo nemumabasa; hongu, kana zvinhu “zvoise zviitirwe iwe maererano ^bneshoko rako, nokuti ^chauzokumbira izvo zvisiri mukuda kwangu.

6 Tarisai, ndiwe Nifai, uye ndini Mwari. Tarisai, ndiri kuzvitaure kwauri pamberi pengirozi dzangu, kuti uchave nesimba kuvanhu ava, uye ucharova pasi “nenzara, nezvirwere, nekuparadza, maerera no nekuipa kwevanhu ava.

7 Tarisai, ndinopa kwauri simba, rekuti chose “chachusungwa panyika chichasungwa kudenga; uye chose chachusungurwa panyika chichasungurwa kudenga; uye saka uchave nesimba kuvanhu ava.

8 Uye saka ukati kutemberi iyi ngaitsemuke nepakati, zvichaitika.

9 Uye kana ukati “kugomo iri, koromoka uye uti sandara, zvichaitika.

10 Uye tarisai, kana ukati Mwari vacharova vanhu ava, zvichaitika.

11 Uye zvino tarisai, ndinokutuma, kuti uende unotaura kuvanhu ava, kuti Ishe Mwari vanova ndivo Samasimba anoti: Kunze kwekunge matendeuka mucharohwa, kana “kuparadzwa.

12 Uye tarisai, zvino zvakaitika

kuti Ishe pavakanga vataura mazwi aya kuna Nifai, akamira akasaenda kumba kwake, asi akadzokera kumhomho dzevanhu vakanga vakapararira pamusoro penyika, uye akatanga kuvaudza shoko ralshe rakanga rataurwa kwaari, nezvekuparadzwa kana vasina kutendeuka.

13 Zvino tarisai, kana dai zvaivo Nifai akaita chishamiso chikuru chekuvataurira nezve kufa kwemutongi mukuru, vakaomesa mwoyo yavo, uye vakasateerera kumazwi aIshe.

14 Naizvozvo Nifai akavaudza shoko ralshe, achiti: Kunze kwekunge matendeuka, Ishe vanodaro, mucharohwa kana kusvika mukuparadzwa.

15 Uye zvakaitika kuti Nifai zvaakanga avataurira shoko, tarisai, vakaramba vakaomesa mwoyo yavo uye vakaramba kuteerera mazwi ake; naizvozvo vakamutuka, uye vakatsvika kuti vamubate kuti vamukande mutirongo.

16 Asi tarisai, simba raMwari raive naye, uye vakatadza kumutora kuti vamukande mutirongo, nokuti akatorwa neMweya akabviswa pakati pavo.

17 Uye zvakaitika kuti ndokueda ari muMweya, kumhomho nemhomho, achitaura shoko raMwari, kusvika aritaura kwavari vose, kana kuritumira mukati mevanhu vose.

18 Uye zvakaitika kuti havana kuda kuteerera kumazwi ake;

5a 3 Ni. 18:20;
D&Z 88:63–65.
b Eno. 1:12.
c 2 Ni. 4:35;

D&Z 46:30.
6a Hir. 11:4–18.
7a Mat. 16:19.
NKM Kusungu.

9a Mat. 17:20;
Jak. 4:6;
Morm. 8:24; Eta 12:30.
11a Hir. 5:2.

uye kukatanga kuve nekupesana, zvekuti vakanga vaparadzana pachavo uye vakatanga kuurayana nemunondo.

19 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi manomwe nerimwechete rekutongwa kewanhu vaNifai nevatongi.

CHITSAUKO 11

Nifai anonyengetedza Ishe kuti vaise nzara kunze kwehondo—Vazhinji vanofa—Vanotendeuka, uye Nifai obva akumbira Ishe mvura—Nifai naRihai vanotambira zvakazarurwa zvizhinji—Makororo aGadhiandoni anozvimbisa munyika. Zvingangove makore 20 kusvika ku6 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mugore rechimakumi manomwe nemaviri rekutonga kwevatongi kupesana kwakawanda, zvekuti kwakaita hondo munyika yose mukati mevanhu vose vaNifai.

2 Uye chaive ichochi chikwata “chemuruvande chemakororo chaita mabasa ekuparadza aya neupi. Uye hondo iyi yakatora gore rose iroro; uye kana mugore rechimakumi manomwe nematatu yakanga iriko.

3 Uye zvakaitika kuti mugore iri Nifai akachema kunaIshe achiti:

4 Ishe, musabvumire kuti vanhu ava vaparadzwe nemunondo; asi Ishe, itai kuti kuve “nenzara munyika, kuvamutsa kuti varangarire Ishe Mwari vavo, uye

zvimwe vangatendeuke vakadzokera kwamuri.

5 Uye saka zvakaitwa, maererano nemazwi aNifai. Uye pakave nenzara huru munyika, muvanhu vose vaNifai. Uye saka mugore rechimakumi manomwe nemana nzara yakanderera, uye basa rekuparadza nemunondo rakamira asi rikarwadza nenzara.

6 Uye iri basa rekuparadza rakaendererawo mugore rechimakumi manomwe nemashanu. Nokuti nyika yakarohwa zvekuti yakaoma, uye ikasaita mbeu mumwaka wembeu; uye nyika yose yakanga yarohwa, kana kumaRamani nekumaNifai, zvekuti vakarohwa vakafa zviuru nezviuru munzvimbo dzakanga dzakanyanya kutadza.

7 Uye zvakaitika kuti vanhu vakaona kuti vakanga voda kupera nenzara, uye vakatanga “kurangarira Ishe Mwari vavo; uye vakatanga kurangarira mazwi aNifai.

8 Uye vanhu vakatanga kuchema kuvatongi vakuru vavo nekuvatungamiri vavo, kuti vati kuna Nifai: Tarisa, tinoziva kuti iwe uri munhu waMwari, uye naizvozvo chemera kuna Ishe Mwari vedu kuti abvise kwatiri nzara iyi, tichitya kuti “mazwi ose awakataura kwatiri maererano nokuparadzwa kwedu angazadzikiswe.

9 Uye zvakaitika kuti vatongi vakataura kuna Nifai, semazwi aidiwa kuti vataure. Uye zvakaitika kuti Nifai akaona kuti

vanhu vakanga vatendeuka uye vakazvirereka pachavo nenhumbi dzemasaga, akachema zvakare kuna Ishe, achiti:

10 Ishe, tarisai vanhu ava vari kutendeuka; uye vakatsvaira chiya chikwata chaGadhiandoni kuchibvisa mukati mavo zvekuti hakusisina, uye kana mazano emuruvande vakaaviga muvhu.

11 Zvino Ishe, pamusana pekuzvirereka kwavo mungabvise here kushatirwa kwenyu, uye regai kushatirwa kwenyu kunyaradzwe nekuparadza avo vanhu vane uipi avo vamakaparadza kare.

12 Ishe, mungabvise kushatirwa kwenyu here, hongu, kushatirwa kwenyu kunotyisa, uye muite kuti nzara iyi ipere munyika ino.

13 Ishe, mungateerere kwandiri here, uye itai kuti zviitike semazwi angu, uye mutumire “mvura pamusoro penyika, kuti iburitse michero yayo, nembeu dzavo mumwaka wembeu.

14 Ishe, makateerera kumazwi “angu zvandakati, Ngakuve nenzara, kuti nhamo yemunondo ipere; uye ndinoziva kuti munozviita, kana panguva ino, teererai kumazwi angu, nokuti makati: Kana vanhu ava vatendeuka ndinovaponesa.

15 Hongu Ishe, uye munoono kuti vatendeuka, pamusana penzara nezvinonetsa nokuparadzwa kwakauya kwavari.

16 Uye zvino Ishe, mungabvise

kushatirwa kwenyu here, uye muvaedze zvakare kuti havangakushandirei here? Uye kana zvakadaro Ishe, munogona kuvaropafadza maererano nemazwi enyu amakataura.

17 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi manomwe nematanhatu Ishe vakabvisa kushatirwa kwavo kuvanhu, uye vakaita kuti “mvura inaye panyika, zvekuti yakaburitsa michero yayo mumwaka wemichero yayo. Uye zvakaitika kuti yakaburitsa mbeu dzayo mumwaka wembeu dzayo.

18 Uye tarisai, vanhu vakafara uye vakarumbidza Mwari, uye pamusoro penyika pose pakazadzwa nokufara; uye vakaregera zvekutsvaka kuparadza Nifai, asi vakamukudza semuporofita “mukuru, uye semunhu waMwari, ane simba nemvumo zvaakapiwa naMwari.

19 Uye tarisai, Rihai, munin’ina wake, akanga asingasarire shure kwake kana “padiki muzvinhu zviri maererano nokurarama.

20 Uye saka zvakaitika kuti vanhu vaNifai vakatanga kubudirira zvakare munyika, uye vakatanga kuvaka matongo avo, uye vakatanga kuwanda nekupararira, kana kudakara vazadza pamusoro penyika, kwose kuchamhembe nekumaodzanyemba, kubvira kugungwa kumadokero kusvika kugungwa kumabvazuva.

21 Uye zvakaitika kuti gore

13a I Madz. 18:1, 41-46.

14a Hir. 11:4.

17a Deut. 11:13-17.

18a Hir. 10:5-11.

19a Hir. 5:36-44.

rechimakumi manomwe nema-tanhatu rakapera murunyararo. Uye gore rechimakumi manomwe nemakore manomwe rakatanga murunyararo; uye “chechi ikapararira kwose pamusoro penyika; uye vazhinji vevanhu, kwose kumaNifai nekumaRamani, vakanga vave vechechi; uye vakawana runyararo rwukuru kwazvo munyika; uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi manomwe nemanomwe.

22 Uye kana mugore rechimakumi manomwe nemasere makanga muine runyararo, kunze kwekupesana kushomanani pamusoro pezvimwe zvakange zvakanyorwa nemaporofita mudzidziso.

23 Uye mugore rechimakumi manomwe nemapfumbamwe kwakatanga kuve nekusagarisana. Asi zvakaitika kuti Nifai naRihai, nevazhinji vehama dzavo avo vaiziva zvinangwa zvedzidziso zvechokwadi, vari vaive “nezvakazururwa zvizhinji zuva nezuva, saka vakaparidzira vanhu, zvekuti vakawanisa kumisa kusagarisana mugore iroro.

24 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi masere rekutongwa kwevanhu vaNifai nevatongi, paive nevamwe vevapanduki kubva kumaNifai, vakanga vatove nemakore vakaenda kumaRamani, vatatora zita rekunzi maRamani, uye nevamwe vaive vechizvarwa chaicho chemaRamani, vari vaimutswa kuti vashatirwe neavo vakanga

vapanduka, naizvozvo vakatanga hondo nehama dzavo.

25 Uye vakaponda nokupamba; uye vobva vatizira kumakomo, nekurenje nenzvimbo dzakahwanda, vachihwanda zvekuti hawaiiwanikwa, zuva nezuva vachitambira vamwe vaiuya kwavari, zvakwaive nevapanduki vaienda kwavari.

26 Uye saka nenguva, hongu, kana mukanguva kemakore mashomanani, vakanga vave chikwata chikuru kwazvo chemakororo; uye vakatsvaka ose mazano emuruvande aGadhiani; saka vakave makororo aGadhiani.

27 Zvino tarisai, makororo aya akakonzera kuparadza kukuru, hongu, kana kuparadza kukuru mukati mevanhu vaNifai, nekuvanhuwo vemaRamani.

28 Uye zvakaitika kuti zvakanga zvafanira kuti basa rekuparadza iri richimiswa; naizvozvo vakatumira mauto ane varume vakasimba murenje nemumakomo kuti vanotsvaka chikwata chemakororo ichi, nokuchiparadza.

29 Asi tarisai, zvakaitika kuti mugore rimwechete iri vakatinhirwa shure kusvika mumatunhu avo. Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi masere rekutongwa kwevanhu vaNifai nevatongi.

30 Uye zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechimakumi masere nerimwechete vakaenda zvakare kunorwisana nechikwata chiye chemakororo, uye

vakaparadza vazhinji; kana ivowo vakawanikwa nokuparadzwa kukuruwo.

31 Uye vakamanikidzwa zvakare kubva murenje nemumakomo kudzokera kunyika kwavo, pamusana pekuwanda kwakanga kwakaita makororo aye akanga azere mumakomo nemumarenje.

32 Uye zvakaitika kuti ndikwo kupera kwakaita gore iri. Uye makororo akawanda uye akasimba, zvekuti haana kuita hanyin'a nematico ose emaNifai, uye kana emaRamaniwo; uye vakakonzera kuti vabatwe nokutya vanhu vose pamusoro penyika yose.

33 Hongu, nokuti vakafambira nhivi dzakawanda dzenyika, uye vakaita kuparadza kukuru kwavari; hongu, vakauraya vazhinji, uye vakatakura vazhinji sevasungwa vakaenda navo murenje, hongu, kunyanya vakadzi vavo nevana.

34 Zvino kuipa kukuru uku, kwakauya kuvanhu pamusana pekutadza kwavo, kwakavamutsa zvakare mukurangerira Ishe Mwari vavo.

35 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi masere nerimwechete rekutonga kwevatongi.

36 Uye mugore rechimakumi masere nemaviri vakatanga zvakare "kukanganwa Ishe Mwari vavo. Uye mugore rechimakumi masere nematatu vakatanga ku-

simba muzvitadzo. Uye mugore rechimakumi masere nemana havana kugadziridza nzira dzavo.

37 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi masere nemashanu vakaramba vachisimba mukudada kwavo, nemuzvitadzo zvavo; uye saka vakanga vachitoibvira kuti vaparadzwe.

38 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi masere nemashanu.

CHITSAUKO 12

Vanhu havana kutsiga uye zvirema uye vachikurumidza kuita zvakaipa—Ishe vanoranga vanhu vavo—Kusave chinhu kwevanhu kunenzaniswa nesimba raMwari—Muzuva rekutongwa, vanhu vachawana upenyu husingaperi kana kuparadzwa kusingaperi. Zvingangove makore 6 Kristu asati azvarwa.

UYE saka tinowana manyepo nokusatsiga kwemwoyo yevana vevanhu; hongu, tinoona kuti Ishe mukunaka kwavo kusingaverengeke vanoropafadza nekuita kuti avo vanoisa "ruvimbo rwavo mavari" vabudirire.

2 Hongu, uye tinoona panguva yacho chaiyo yaanopa budiriro kuvanhu vake, hongu, mukupamhidzirwa kweminda yavo, matanga avo, uye mugoridhe, nemusirivha, nemuzvinhu zvose zvinokosha zveumarudzi akasiyana-siyana zveumhizha; kuva-

36a Aruma 46:8.
12 1a Mpi. 36:7–8;
2 Ni. 22:2;

Mosaya 4:6.
NKM Vimba.
b II Mak. 26:5;

Mpi. 1:2–3.

pa upenyu hwavo, nekuvabvisa mumaoko evavengi vavo; kupfaviswa mwoyo yevavengi vavo kuti vasaite hondo navo; hongu, uye muchidimbu, kuita zvose zvinhu zve magariro akanaka evanhu vake; hongu, zvino ndiyo nguva “yavanoomesa mwoyo yavo, uye vachikanganwa Ishe Mwari vavo, uye ^bvotsikirira pasi petsoka dzavo Mutsvene — hongu, uye izvi zvichikonzerwa nokupfava, nekubudirira kwa-vo kukuru.

3 Uye saka tinoona kunze kwekunge Ishe “varanga vanhu vavo nematambudziko mazhinji, hongu, kunze kwekunge vavashanyira nerufu nezvinovatyisa, nenzara nezvirwere zvakasiyana-siyana, ^bhavavarangarire.

4 Hunzenza hwakadii, uye kushaya maturo kwakadii, uye kuipa kwakadii, nehudhiabhrosi, “nokukurumidza kuita zva-kaipa, nokunonoka kuita zva-kanaka, zvakaite vana vevanhu; hongu, vanokurumidza sei kuteerera kumazwi ewakaipa, nokuisa ^bmwoyo yavo pazvinhu zvisina maturo zvenyika!

5 Hongu, vanokurumidza sei kusimudzwa “murudado; hongu, vanokurumidza sei kuzuwa, uye vachiita zvikasiyana-siyana zviriviri zvitadzo; uye vanonoka zvakadii mukurangarira Ishe

Mwari vavo, hongu, nokutendeka nzeve mukuraira kwake, hongu, vanonoka sei ^bkufamba munzira dzeungwaru.

6 Tarisai, havadi kuti Ishe Mwari vavo, avo “vakavasika, ^bvavatonge; kana dai zvazvo vaine kunaka kukuru netsitsi kwavari, vanozvidza kuraira kwavo, uye havabvume kuti vave vanovaratidza pekufamba napo.

7 Kwakakura sei “kusave chinhu kwevana vevanhu; hongu, kana kusvika kuve seguruva renyika, havasvike.

8 Nokuti tarisai, guruva renyika rinoenda uko nekoko, richitsemuka nepakati, pakutaura kwa Mwari vedu mukuru vasingaperi.

9 Hongu, tarisai nezwi ravo zvikomo nemakomo anozunguzuka “nokundendemera.

10 Uye “nesimba rezwi ravo zvinokoromoka, uye zvoti kwasvata, hongu, kana kubva zvaita senhika.

11 Hongu, nesimba rezwi ravo nyika “yose inondendemera.

12 Hongu, nesimba rezwi ravo, hwaro hunozunguzika, kana kusvika pakati chaipo.

13 Hongu, uye kana vakati kunyika — ibva — inobva.

14 Hongu, kana akati “kunyika — ^bUchadzokera shure, kuti

2a NKM Kurasika
Pachitendero.

^b Aruma 5:53;
3 Ni. 28:35.

3a Mosaya 23:21;
D&Z 98:21; 101:8.

^b Amosi 4:6–11.

4a Eks. 32:8.

^b Mat. 15:19; VaH. 3:12.
5a Zir. 29:23.

NKM Kudada.

^b NKM Famba, Famba
naMwari.

6a Isa. 45:9; D&Z 58:30;
Mos. 7:32–33.

^b D&Z 60:4.

7a Isa. 40:15, 17;
Mosaya 4:19;

Mos. 1:10.

9a 3 Ni. 22:10.

10a 1 Ni. 17:46.

11a Morm. 5:23; Eta 4:9.

14a Josh. 10:12–14.

^b Isa. 38:7–8.

‘irebese zuva nenguva yakakura — zvinoitwa;

15 Uye saka, maererano nezwi ravo nyika inodzokera shure, uye zvinoratidzika kumunhu kuti zuva rimire; hongu, uye tarisai, ndizvozvo; nokuti chokwadi nyika ndiyo inofamba kwete zuva.

16 Uye tarisai, zvakare, vakati “kumvura dzeudzamu hwukuru — ^bOma — zvinoitika.

17 Tarisai, vakati kugomo iri — Simuka, uye “uuye uzowira pamusoro peguta iro, kuti ivigwe — tarisai, zvinoitika.

18 Uye tarisai, kana munhu “akaviga pfuma muvhu, uye Ishe vagozoti — ^bNgaitukwe, pamusana pekuipa kweuyo aiviga — tarisai, inotukwa.

19 Uye kana Ishe vakati — iwe iva wakatukwa, kuti hapana munhu achakuwana kubvira zvino kudakara nariini — tarisai, hapana munhu anokuwana kudakara nariini.

20 Uye tarisai, kana Ishe vakati kumunhu — Pamusana pezvitadzo zvako, uchave wakatukwa nariini — zvinoitika.

21 Uye kana Ishe vakati — Pamusana pezvitadzo zvako iwe uchabviswa pamberi pangu — vanoita kuti zvive saizvozvo.

22 Uye nhamo kune uyo wachataurira izvi, nokuti zvichave kune uyo anoita zvitadzo, uye haagone kuponeswa; naitvozvo, nechikonzero ichi, kuti

vanhu vaponeswe, kwakaiswa kutendeuka.

23 Naizvozvo, vakaropafadzwa avo vanotendeuka uye vachiterera izwi raIshe Mwari vavo; nokuti ava ndivo “vachaponeswa.

24 Uye dai Mwari vapa, mukuzara kwavo kukuru, kuti vanhu vaunzwe mukutendeuka nemabasa akanaka, kuti vadzororwe kunyasha “nyenasha, maererano nemabasa avo.

25 Uye ndinoti dai vanhu vose vaponeswa. Asi tinoverenga kuti muzuva guru rekupedzisira kune vamwe vacharasirwa kunze, hongu, vachabviswa pamberi paIshe.

26 Hongu, vachaiswa kunzvimbo yekusuwa kusingaperi, zvichizadzikisa mazwi anoti: Avo vakaita zvakanaka vachawana upenyu “husingaperi; uye avo vakaita zvakaipa ^bvacharaswa zvisingaperi. Uye ndizvo zvazviriri. Amen.

Chiporofita chaSamueri, muRamani, kumaNifai.

*Zvichisanganisa zvitsauko
13 kusvika ku15.*

CHITSAUKO 13

Samueri muRamani anoporofita kuparadzwa kwamaNifai kana vachinge vasina kutendeuka — Ivo neupfumi hwavo vanotukwa —

14c II Madz. 20:8–11.

16a Mat. 8:27.

^b Isa. 44:27; 51:10.

17a 3 Ni. 8:10.

18a Morm. 1:18; Eta 14:1.

^b Hir. 13:17.

23a NKM Ruponeso.

24a NKM Nyasha.

26a Mat. 25:46;

Joh. 5:28–29;

VaR. 6:13.

^b NKM Kuraswa.

Vanoramba nokutema vaporofita, vakakomberedzwa namadhimoni, vanotsvaka rufaro mukuita zvakaipa. Zvingangove makore 6 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mugore rechimakumi masere namatanhatu, maNifai akaramba ari mune zvakaipa, hongu, kuipa kukuru, “maRamani aichichengetedza mirairo yaMwari, mazerano nomutemo waMosesi.

2 Uye zvakaitika kuti mugore iri pakanga paina Samueri, muRamani, akauya munyika yeZarahemura, akatanga kuparidza kuvanhu. Zvakaitika kuti akaparidza, mazuva akawanda, nezvekutendeuka kuvanhu, vakamukanda kunze, akanga avakuda kudzokera kunyika kwake.

3 Asi tarisai, izwi raIshe rakauya kwaari, richiti anofanirwa kudzokera zvakare, kuti aporfite kuvanhu chero chinhu chinege chauya “mumwoyo make.

4 Zvakaitika kuti vakaramba kuti apinde muguta; naizvozvo akaenda akakwira pamusoro pamasvingo emo, akatambandza maoko ake akasheedzera nezwi rakakwira, akaporofita kuvanhu chero zvinhu izvo Ishe vakange vaisa mumwoyo make.

5 Akati kwavari: Tarisai, ini, Samueri muRamani, ndinotaura mazwi ayo Ishe avanoisa mumwoyo mangu; zvino tarisai aisa mumwoyo mangu kuti nditaure kuvanhu vano kuti

“munondo wekuranga wakarembedzwa pamusoro penyu; uye makore mazana mana haapfuure munondo wekuranga usati wawira pamusoro pevanhu vano.

6 Hongu, “kugaradzwa kukuru kwakamirira vanhu ava, zvechokwadi kuri kuuya kuvanhu ava, hakuna chingaponese vanhu ava kunze kwokutendeuka nokutenda munaIshe Jesu Kristu, avo vachauya zvechokwadi munyika, vachaona matambudziko akawanda vachaurairwa vanhu vake.

7 Uye tarisai, “ngirozi yaIshe yataura izvi kwandiri, ikaunza mashoko ^banofadza kumweya wangu. Zvino tarisai, ndakatumwa kwamuri kuti ndikutaurireiwo, kuti muvewo nemazwi anofadza; asi tarisai maramba kundigamuchira.

8 Naizvozvo, ndizvo zvinotaura Ishe: Nokuda kwokuoma kwemwoyo yevanhu vemaNifai, kunze kwokunge vatendeuka ndichatora shoko rangu kubva kwavari, uye “ndinobvisa Mweya wangu kubva kwavari, handizovachengeta, ndichatendeudza mwoyo yehama dzavo kuti dzivapandukire.

9 Mazana “mana emakore haapfuure ndisati ndaita kuti varwadziwe; hongu, ndichavashanyira nehondo, nenzara, nezvirwere.

10 Hongu, ndichavashanyira ndiri muhasha dzangu dzinotyisa, kuchazove naavo vechizva-

13 1a Hir. 15:4-5.
3a D&Z 100:5.
5a Aruma 60:29;
3 Ni. 2:19.

6a Aruma 45:10-14;
Hir. 15:17.
7a Aruma 13:26.
b Isa. 52:7.

8a Hir. 6:35.
9a Aruma 45:10-12.

ruwa “chechina avo vachararama, vemhandu dzenyu, kuti vaone kuparadzwa chose kwenyu; izvi zvechokwadi zvichauya kunze kwokunge matendeuka, ndizvo zvinotaura Ishe; avo vechizvavruwa chechina ndivo vachakuparadzai.

11 Asi mukatendeuka “mukadzoka kunaIshe Mwari venyu, handizoshatirwa, vanodaro Ishe; hongu, izvi ndizvo zvinotaura Ishe, vakakomborerwa avo vanotendeuka nokutarisa kwandiri, asi nhamo kwaari uyo asingatendeuke.

12 Hongu, “nhamo kuguta guru iri reZarahemura; nokuti tarisai, nokuda kweavo vatsvene raponeswa; hongu, nhamo kune guta iri, vanodaro Ishe, nokuti ndinoona kuti kune vakawanda, vanova ndivo chikamu chikuru chevanhu veguta rino, vachaomesa mwoyo yavo kwandiri, vanodaro Ishe.

13 Asi vakakomborerwa avo vachatendeuka, nokuti ivo ndichavaponesa. Asi tarisai, dai kwanga kusina vanhu vatsvene vari muguta guru rino, tarisai, ndaikonzera kuti “moto udzike kubva kudenga uriparadze.

14 Asi tarisai, kuda kwekuti mune vatsvene kwaita kuti risaparadzwe. Asi tarisai, nguva ichasvika, vanodaro Ishe, yekuti muchabvisa vatsvene kubva pakati penyu, ndipo pamuchazenge magadzirira kuparadzwa; hongu, nhamo ngaive kuguta

rino, nokuda kwekuipa nezvitema zviri mariri.

15 Hongu, uye nhamo kuguta reGidhioni nokuda kwehuipi nezvinyangadzo zviri mariri.

16 Hongu, uye nhamo kuguta ose ari akatenderedza nzvimbo ino nokuda kwehuipi nezvinyangadzo zviri maari.

17 Uye tarisai “kutukwa kuchauya panyika, vanodaro Ishe veHondo, nokuita kwavanhu vari panyika, hongu, nokuda kwokuipa kwavo nezvinonyadzisa zvavo.

18 Zvino zvichaitika, kuti vanodaro Ishe veHondo, ivo Mwari vedu vakuru vechokwadi, kuti uyo “achaviga upfumi muvhu haazouwanizve nokuda kwokutukwa kukuru kwenyika, kunze kwekunge ari munhu mutsvene ogohuviga kunaIshe.

19 Nokuti, vanodaro Ishe, ndichaita kuti vavige upfumi hwavo kwandiri; vanotukwa avo vasingavige upfumi hwavo kwandiri; nokuti hakuna vanoviga hwavo upfumi kwandiri kunze kwokunge vari vatsvene; uyo asingavige upfumi hwake kwandiri, akatukwa, neupfumi hwacho hapana achahuwana nokuda kwekutukwa kwenyika.

20 Zuva richauya ravachaviga upfumi hwavo, nokuti vakaisa mwoyo yavo paupfumi; zvino nokuti vaisa mwoyo yavo paupfumi hwavo, ndichaviga upfumi hwavo pavachatiza mhandu dzavo; nokuti havahuvige

10a 1 Ni. 12:12;
2 Ni. 26:9;
3 Ni. 27:32.
11a 3 Ni. 10:5-7.

12a 3 Ni. 8:8, 24; 9:3.
13a Gen. 19:24;
II Madz. 1:9-16;
3 Ni. 9:11.

17a Hir. 12:18.
18a Morm. 1:18;
Eta 14:1.

kwandiri, Ivo vachitukwa pamwechete neupfumi hwavo; pazuva iroro vacharangwa, vanodaro Ishe.

21 Tarisai imi, vanhu veguta guru rino, “teererai kumazwi angu; hongu, teererai kumazwi anotaurwa nalshe, nokuti tarisai, anoti makatukwa nemhaka yeupfumi hwenyu, upfumi hwenyu hwakatukwa nokuti makaisa mwoyo yenyu pahuri, mukasateerera mazwi euyo akahupa kwamuri.

22 Hamurangarire Ishe Mwari venyu muzvinhu izvo zvaakakukomborerai, asi munorangarira “upfumi hwenyu nguva dzose, asi kwete kutenda Ishe Mwari venyu akazvipa kwamuri; hongu, mwoyo yenyu haisi pedyo nalshe, asi inozvimba kusvika ^bmukuzvikudza, nokushamisira, nokuzvitutumadza kukuru, ^cruchiva, zvitadzo, ruvengo, kutambudza vamwe, umhondi, netsika dzose dze kuipa kwose.

23 Nokuda kwechikonzero ichi Ishe Mwari vaita kuti nyika iyi ive yakatukwa, pamwechete neupfumi hwenyu, izvi nenzira yezvitadzo zvenyu.

24 Hongu, nhamo kuvanhu ava, nokuda kwenguva ino yavsvika, ^amunodzinga maporofita, muchivaseka nekuvatsvinyira, nokuvakandira matombo, nokuvauraya, nokuvaitira zvakaipa zvose, sezvavaiita kare.

25 Zvino kana muchinge motaura, munoti: Dai takanga tiri mumazuva “amadzibaba edu akare, tingadai tisina kuuraya vaporofita; tingadai tisina kuvatema namatombo, nokuvarasira kunze.

26 Tarisai makaipa kuvadarika; sezvo Ishe vachirarama, kana “muporofita akauya kwamuri akakutaurirai mazwi alshe anopupura nezve zvivi zvenyu nokuipa kwenyu, ^bmunomushatirirwa, momuisa kunze moedza nzira dzose dzokumuparadza; munoti “muporofita wenhema, uye mutadzi, uye ndewadhiabhorosi, nokuti ^danopupura kuti zviito zvenyu zvakaipa.

27 Asi tarisai, kana munhu akauya kwamuri akati: Itai izvi, hazvina kuipa; zviitei hamuzombotambudzika, akati: Fambai mukuzvikudza kwomwoyo yenyu; Fambai mukuzvikudza kwamaziso enyu, multe zvose zvinoda mwoyo yenyu—kana munhu akauya kwamuri akataura izvi, munomugamuchira, moti “muporofita.

28 Hongu, munomusimudza, modyidzana naye; munomupawo imwe yegoridhe renyu, nesirivha yenyu, muchamushongedza nembatya dzinodhura; nokuti anotaura mazwi ^aanofadza kwamuri, anoti zvose zvakanaka, zvino hamuone chaika paari.

21a NKM Teerera.

22a Ruka 12:34.

NKM Upfumi;
Zvemunyika.

^b NKM Kudada.

^c NKM Chiva.

24a II Mak. 36:15–16;

1 Ni. 1:20.

25a Mabasa 7:51.

26a II Mak. 18:7;

Ruka 16:31.

^b Isa. 30:9–10.

^c Mat. 13:57.

^d VaG. 4:16.

27a Mika 2:11.

NKM Unyengeri
hwehupirisita.

28a II Tim. 4:3–4.

29 Imi chizvarwa chakashata chakasvipa; imi vanhu vakao-mesa mwoyo nemitsipa, munofunga kuti Ishe vachasvika rinhi vachikunzwirai tsitsi? Muchatambudzika kwenguva yakadini nokutungamirirwa navatungamiri “marema ^bakapofomara? Hongu, muchagara nguva yakadini ‘muchisarudza rima pane ^achiedza?

30 Tarisai, Ishe vakatokushatirirwai kare; tarisai, vatuka nyika ino nokuda kwokuipa kwenyu.

31 Zvino tarisai, nguva iri kuuya yavachatuka upfumi hwenyu, kuti huve ^ahunotsvedza, zvokuti hamukwanise kuhuchengeta mumaoko enyu; mumazuva eurombo hwenyu hamukwanise kuhuchengeta.

32 Mumazuva eurombo hwenyu muchachema kuna Ishe; muchachemera pasina, nokuti dambudziko renyu rinenge rauya kare matomirira kuparadzwa kwenyu; ndipo pamuchachema nokuhuta nezuya iroro, vanodaro Ishe veHondo. Ndipo pamuchachema, moti:

33 ^aDai ndakatendeuka, ndisina kuuraya maporofita, ^bnekuvate-ma namatombo, nokuvakanda kunze. Hongu, nezuya iroro muchati: Dai takarangarira Ishe Mwari vedu muzuva raakatipa upfumi hwedu, hungadai husina kuve hunotsvedza zvekuti taitadza kuhuchengeta; nokuti tarisai upfumi hwedu hwaenda kubva kwatiri.

34 Tarisai, tinoisa chinhu pano asi mangwana chinenge chaenda; tarisai minondo yedu inotorwa musi watinenge taitsvaga kuti tinorwa.

35 Hongu, tarisai taviga upfumi hwedu hukabva hwa-tsvedza, nokuda kwokutukwa kwenyika.

36 Dai takatendeuka zuva rakauya shoko raIshe kwatiri; nokuti tarisai nyika yakatukwa, zvinhu zvose zvavakutsvedza, hatikwanise kuzvichengeta.

37 Tarisai, takakomberedzwa namadhimoni, takatenderedzwa nengirozi dzake uyo anotsvaga kuparadza mweya yedu. Tarisai, zvitadzo zvedu zvikuru. Ishe, ko hamungabvisi here hashadzenyu kwatiri? Uku ndiko kuchave kutaura kwenyu mazuva iwayo.

38 Asi tarisai, ^amazuva enyu ekuedzwa apfuura; maramba ^bmuchiverengera zuva rokuponeswa kwenyu zvokuti, kudakara manonoka zvokusingaperi, kuparadzwa kwenyu; hongu, nokuti mazuva ose eupenyu hwenyu makaparadza muchitsvaka chamusingawane; uye munotsvaga ‘rufaro mukuita zvakaipa, zvinova zvisingabvumirane netsika yeutsvene huri mune Mutungamiri wedu mukuru Vokusingaperi.

39 Imi vanhu venyika, dai mateerera mazwi angu! Ndinonamata kuti hashadzaIshe

29a 2 Ni. 28:9.
b Mat. 15:14.
c Joh. 3:19.
d Jobo 24:13.

31a Morm. 1:17–18.
33a Morm. 2:10–15.
b Mat. 23:37.
38a Morm. 2:15.

b Aruma 34:33–34.
c Aruma 41:10–11.

dzibviswe kwamuri, kuti mutendeuke mugoponeswa.

CHITSAUKO 14

Samueri anoti kuchazove nechiedza usiku nenyenyedzi itsva pakuzovawira kwaKristu—Kristu anodzikinura vanhu kubva pakufa kwenyama nomweya—Zvimwe zvezvinhu zvairatidza kufa kwake zvaiva mazuva matatu erima, kutsemurwa kwamabwe, nekutibinuka kwezvinhu. Zvingangove makore 6 Kristu asati azvarwa.

ZVAKAITIKA kuti “Samueri muRamani, akaporofita zvinhu zvikuru zvakawanda zvisingakwanise kunyorwa.

2 Zvino tarisai, akati kwavari: Tarisai, ndinokupai chiratidzo; nokuti kuchauya makore mamwe mashanu, kwozouya Mwanakomana waMwari kuzodzikinura avo vose vachatenda muzita rake.

3 Zvino tarisai, izvi ndizvo zvandichakupai “sechiratidzo panguva yekuuya kwake; nokuti tarisai kuchave nechiedza chikuru kudenga, zvokuti usiku ihwohwo asati auya hakuite rima, zvekuti vanhu vachaona sekunge usiri usiku.

4 Naizvozvo, kuchave nezuva rimwe, nousiku nezuva, zvichaita kunge zuva rimwechete risina usiku; izvi zvichava sechiratidzo kwamuri; nokuti muchaziva nezvekubuda kwezuva

nokunyura kwaro zvakare; nokudaro vachaziva zvechokwadi kuti kuchava namazuva maviri nousiku; asi usiku hauzosviba; uhwu hwunenge huri usiku uhwo “asati azvarwa.

5 Zvino tarisai, “nyenyedzi itsva ichabuda, yerudzi rwamusati mamboona; ichiwo chichave chiratidzo kwamuri.

6 Tarisai izvi hazvisizvo zvose, kuchave nezviratidzo neminana yakawanda kudenga.

7 Zvichaitika kuti mose muchashamiswa, mugofunga, zvokuti “muchawira pasi.

8 Zvichaitika kuti avo vose “vachatenda kuMwanakomana waMwari ndivo vachava noupenyu husingaperi.

9 Zvino tarisai, izvi ndizvo Ishe vandiraira, nenzira yengirozi, kuti ndiuye ndikuudzei chinhu ichi; hongu, andituma kuti ndiporofite zvinhu izvi kwamuri, akati kwandiri: chema kune vanhu ava, uchiti tendukai mugadzire nzira yaIshe.

10 Zvino, nokuti ndiri muRamani, uye ndataura kwamuri mazwi ayo Ishe vandiraira, uye nokuti anga akuomerai, mandishatirirwa uye munotsvaga kundiparadza, uye “mandikanda kunze kubva pakati penyuu.

11 Uye muchanzwa mazwi angu, nokuti ndizvo zvandakwirira masvingo eguta rino, kuti munzwe muzive nezvekutonga kwaMwari uko kwakakumirirai nokuda kwokuipa kwenyu, uye

14 1a Hir. 13:2.

3a 3 Ni. 1:15.

4a NKM Jesu Kristu—
Zviporofita

nezvekuzvarwa uye
nerufu rwaJesu
Kristu.

5a Mat. 2:1-2;

3 Ni. 1:21.

7a 3 Ni. 1:16-17.

8a Joh. 3:16.

10a Hir. 13:2.

zvakare kuti mugoziva zvino-diwa kuti mutendeuke.

12 Uye kuti muzive kuuya kwaJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, “Baba vokudenga napasi, Musiki wezvinhu zvose kubvira kumavambo; uye kuti muzive nezvezviratidzo zvo-kuuya kwake kuti muve noku-tenda kuzita rake.

13 “Mukatenda kuzita rake muchatendeuka pazvivi zve-nyu zvose kuti nokudaro muve munowana ruregerero rwazvo ^bnokuda kwake.

14 Zvino tarisai, zvakare, chi-mwe chiratidzo chandinokupai, chiratidzo chokufa kwake.

15 Nokuti tarisai, zvechokwadi anofanira kufa kuti “ruponeso rwuwuye; anofanira kuti afe, kuti aunze ^bkumutswa kweva-kafa, kuti nokudaro vanhu va-gounzwa kunaIshe.

16 Hongu, tarisai, rufu urwu runounza kumutswa, uye “rwu-chinunura vanhu vose kubva murufu rwokutanga—kufa pa-mweya kuye; nokuti vanhu vose, nokuda ^bkwekupunzika kwaAdama ‘vakabviswa pambe-ri paIshe, vanoonekwa ^dsevaka-fa, muzvinhu zvenyika pamwe nezvinhu zvomweya.

17 Asi tarisai, kumutswa kwa-Kristu “kunonunura vanhu vose, hongu, kuchivaunzave kunaIshe.

18 Hongu, zvinoita kuti mute-ndeuke, kuti uyo wose anote-ndeuka iyeye haachazoraswi nokukandwa mumoto, asi uyo asingatendeuke acharaswa no-kukandwa mumoto; kwozouya zvakare kwavari kufa pamwe-ya, rufu rwechipiri, nokuti vaka-raswa zvakare muzvinhu zviri maererano noutsvene.

19 Naizvozvo tendeukai, tendeu-kai, nokuti mukuziva zvinhu izvi asi musingazviite mucha-zvipinza mukuraswa, moiswa mukufa kwechipiri.

20 Asi tarisai, sezvandataura kwamuri pamusoro pechimwe “chiratidzo, chiratidzo chorufu rwake, tarisai, nezuya iroro raachafa zuva ^brichadzima rigo-ramba kukupai chiedza charo, pamwechete nemwedzi nenyenyedzi; kunenge kusina chiedza pamusoro penyika ino, kubvira panguva yaachafa, kwamazu-va ‘matatu, kusvikira panguva iyo achamuka zvakare kubva muvafi.

21 Panguva iyoyo yaachafa kuchave “nemabhanan’ana, nemheni kwenguva yakareba, uye nyika ichandengendeka; mato-mbo ose ari panyika ino, ose ari pamusoro napasi penyika, amunoziva kuti parizvino akasimba, kana kuti chikamu chacho chiku-ru chakabatana, ^bachapwanywa;

22 Hongu, achatsemurwa

12a Mosaya 3:8;

3 Ni. 9:15;

Eta 4:7.

NKM Jesu Kristu.

13a Mabasa 16:30-31.

^b D&Z 19:16-20.

15a NKM Muponesi.

^b Aruma 42:23.

NKM Kumuka

Kuvakafa.

16a NKM Hurongwa

hweRununuro.

^b NKM Kupunzika kwaAdama naEva.

^c Aruma 42:6-9.

^d NKM Rufu,

rweMweya.

17a NKM Akanunura.

20a 3 Ni. 8:5-25.

^b Ruka 23:44.

^c Mosaya 3:10.

21a 3 Ni. 8:6.

^b 3 Ni. 10:9.

nepakati, akazove anogara aine mitswe, “ari muzvidimbu zvidimbu pasi rose, zvole pamusoro nepasi penyika.

23 Uye tarisai, kuchave nemhepo nedutu guru, uye kuchava namakomo mazinji achakoromoka, kuve senhika, kuchave nenzvimbo dzakawanda dziri pakati pemakomo dzichazove makomo, akareba zvikuru.

24 Nenzira zhinji dzichaparadzwa, “maguta akawanda achasara asina vanhu.

25 “Makuva akawanda achazarurwa, achaburitsa vakawanda vakafa; vatendi vakawanda vachaonekwa nevakawanda.

26 Zvino tarisai, uku ndiko kutaura kwakaitwa “nengirozi kwandiri; nokuti yakati kwandiri kuchava namabanan’ana nemheni kwenguva yakareba.

27 Uye yakati kwandiri apo pakunenge kuchiita mabanan’ana nemheni, nemhepo nedutu, zvinhu izvi zvinofanirwa kuitika, uye kuti “rima rinofanirwa kufukidza pasi rose kwamazuva matatu.

28 Uye ngirozi yakati kwandiri vanhu vakawanda vachaona zvakakura kupfuura izvi, kuti vave nokutenda kuti zviratidzo neminana “izvi zvinofanirwa kuitika pamusoro penyika ino kuti kusava nokusatenda pakati pavana vavanhu—

29 Uye kuti uyo wose achatenda

achaponeswa, uye kuti avo vose vacharamba kutenda “kutongwa kutsvene kuchauya pavari; uye kana vakaraswa inenge iri mhosva yavo.

30 Zvino rangarirai, rangarirai, hama dzangu, kuti uyo wose anofa, anozvikonzera kufa; uye uyo wose anoita zvakaipa, anozviitira pachake; nokuti tarisai, “makasununguka; Mune mvumo yekuita zvinhu zvenyu pachenyu; nokuti tarisai, Mwari vakakupai ^bruzivo vakakuitai vanhu vakasununguka.

31 Vakakupai kuti “muzive chakanaka nechakaipa, uye vakakupai kuti ^bmuzvisarudzire upenyu kana rufu; munokwanisa kuita zvakanaka ‘mugodzorerwa kune izvo zvakanaka, kana kuti izvo zvakanaka zvidzorerwe kwamuri; kana kuti munokwanisa kuita zvakaipa, mogodzorerwa izvo zvakaipa.

CHITSAUKO 15

Ishe vanoranga maNifai nokuti vanovada—MaRamani akapindutswa vakatakamara uye vakasimba mukutenda kwavo—Ishe vachava netsitsi kumaRamani mumazuva ekupedzisira. Zvingangove makore 6 Kristu asati azvarwa.

ZVINO, hama dzangu dzinodiwa, tarisai, ndinotaura kwamuri

22a 3 Ni. 8:18.
24a 3 Ni. 9:3–12.
25a Mat. 27:50–54;
3 Ni. 23:9–11.
26a Aruma 13:26.
27a 1 Ni. 19:10;

3 Ni. 8:3.
28a 1 Ni. 12:4–5.
29a NKM Kutonga,
Kwekupedzisira.
30a 2 Ni. 2:26–29;
Mos. 6:56.

NKM Kuzvisarudzira.
^b NKM Ruzivo.
31a Moro. 7:16.
^b 2 Ni. 2:28–29;
Aruma 3:26–27.
^c Aruma 41:3–5.

kuti kana mukasatendeuka dzi-mba dzenyu dzichasara “dzisina chinhu.

2 Kunze kwokunge matende-uka madzimai enyu achave ano-tongerwa kuchema kukuru pa-zuva iro vachayamwisa; nokuti muchaedza kutiza asi kunenge kusina kwokuhwanda; hongu, uye nhamo kune avo “vane vana vaduku, nokuti vacharemerwa votadza kutiza; naizvozvo va-chatsikirirwa pasi vachasiyiwa vachifa.

3 Hongu, nhamo kuvanhu ava vanonzi vanhu vaNifai kana vasina kutendeuka, kana vachinge vaona zviratidzo neminana izvi zvose kana zvichinge zvara-tidzwa kwavari; nokuti tarisai, vanhu vakasarudzwa vaIshe; vanhu vaNifai vakavada, “va-kavaranga; mumazuva ekuipa kwavo, vakavaranga nokuti vanovada.

4 Asi tarisai hama dzangu, maRamani akaavenga nokuti kuita kwavo kwakaipa nguva dzose, uku kuipa ^akwetsika dzamadzibaba avo. Asi tarisai, ruponeso rwakauya kwavari kuburikidza nokuparidza kwa-maNifai; nokuda kweizvi Ishe ^bvakapamhidzira mazuva avo.

5 Zvino ndinoti tarisai “vazhinji vavo vari munzira yebasa ravo, vanofamba zvakarurama pamberi paMwari, vanoedza kuchengetedza mirairo nemirau yavo nokutonga maererano ne-mitemo yaMosesi.

6 Hongu, ndinoti kwamuri, vazhinji vavo vari kuita zvinhu izvi, vari kuedza nesimba ravo rose kuti vaudze avo vakasara vehama dzavo kuti vazive chokwadi; naizvozvo vakawanda vanopamhidzirwa kwavari zuva nezuva.

7 Tarisai, munozviziva imi pachenyu, nokuti makazviona, sezvo vakawanda vavo vaka-unzwa pakuziva chokwadi, nokuziva kuipa nokurwadza kwetsika dzamadzibaba avo, vachitungamirirwa kutenda magwaro matsvene, kuporofita kwavaporofita vatsvene, izvo zvakanyorwa, zvinovaita kuti vavimbe naMwari, uye nokute-ndeuka, kutenda uku nokute-ndeuka kunounza “kushanduka kwomwoyo kwavari—

8 Naizvozvo vose vakawanda vakauya kuzvinhu izvi, munozviziva imi pachenyu kuti “vakatakamara uye vakasimba mukutenda, nomuzvinhu izvo zvakaita kuti vasunungurwe.

9 Uye zvakare munoziva kuti “vakaviga zvombo zvavo zve-hondo, vanotya kuzvitora noku-ti vanofunga kuti vangaerekana vaita chitema; hongu, munoona kuti vanotya kutadza—nokuti tarisai vanobvuma kuti vatsiki-rirwe nokuuraiwa nemhandu dzavo, vasingasimudzi minondo yavo kuvarwisa, nokuda kwo-rutendo rwavo muna Kristu.

10 Uye zvino, nokuda kwo-kusimba kwavo pakutenda

15 1a Mat. 23:37–38.

2a Mat. 24:19.

3a Zir. 3:12;

VaH. 12:5–11;

D&Z 95:1.

4a NKM Tsika.

b Aruma 9:16.

5a Hir. 13:1.

7a NKM Kupinduka.

8a Aruma 23:6; 27:27;

3 Ni. 6:14.

9a Aruma 24:17–19.

muzvinhu zvavanenge vachitenda, nokushinga kwavo apo vanenge vapiwa rujeko, tarisai, Ishe vachavakomborera nokupamhidzira mazuva avo asingarangarire kutadza kwavo—

11 Hongu, kana dai vakave vanoderera mukusatenda Ishe “vachapamhidzira mazuva avo, kudakara nguva iyo yakambotaurwa namadzibaba edu, nemuporofita ^bZenosi, navamwe maporofita vakawanda, maererano ‘nokudzorerwa kwehama dzedu, maRamani, zvakare kuruzivo rwechokwadi—

12 Hongu, ndinoti kwamuri, mumazuva ekupedzisira “vimbiso dzaIshe dzichasvitswa kuhama dzedu, maRamani; kana dai vari vanhu vachatambudzika zvikuru, vari vanhu ^bvachatinhwa pamusoro penyika vasina pavo, vachivhimwa, vachiurayiwa nokuparadzani-swa vachitizira kune dzimwe nyika, vasina pokuhwanda, Ishe vachava ‘netsitsi navo.

13 Izvi zvirira maererano nehuporofita, kuti “vachaunzwa zvakare paruzivo rwechokwadi, urwo rwuri ruzivo rwoMununuri wavo, ^bmufudzi wavo mukuru wechokwadi, vagoverengwa samakwai ake.

14 Naizvozvo ndinoti kwamuri, zvichave “nani kwavari pane kwamuri kana muchinge musina kutendeuka.

15 Nokuti tarisai, “dai mabasa

makuru akaratidzwa kwavari ayo akaratidzwa kwamuri, hongu, kune avo vaderera mukusatenda nokuda kwetsika namagariro amadzibaba avo, munozviona pachenyu kuti havaizomboderera zvakare mukusatenda.

16 Naizvozvo, vanodaro Ishe: Handichazovaparadzira zvachose, asi ndichaita kuti pazuva rangu rokuziva vachadzokera zvakare kwandiri, vanodaro Ishe.

17 Zvino tarisai, vanodaro Ishe, pamusoro pevanhu vamaNifai; kana vasina kutendeuka, nokucherechedza kuita kuda kwangu, “ndichavaparadza zvachose, vanodaro Ishe, nokuda kwokusatenda kwavo ivo vaona mabasa akawanda makuru andakaita pakati pavo: nokuti zvechokwadi sokururama kwaIshe zvinhu izvi zvichavepo, vanodaro Ishe.

CHITSAUKO 16

*MaNifai anotenda kuna Samu-
eri anobhabhatidzwa naNifai—Samu-
eri anotadzikwa nemiseve yavo
namatombo emaNifai asingatende-
uke—Vamwe vanoomesa mwoyo
yavo, vamwe vanoona ngirozi—
Vasingatendi vanoti hachizi chinhu
chine maturo chokuti vatende
muna Kristu nokuuya kwake mu-
Jerusarema. Zvingangove makore
6 kusvika ku1 Kristu asati azvarwa.*

11a Aruma 9:16.

^b Hir. 8:19.

^c 2 Ni. 30:5-8.

12a Eno. 1:12-13.

^b Morm. 5:15.

^c 1 Ni. 13:31;

2 Ni. 10:18-19;

Jak. 3:5-6.

13a 3 Ni. 16:12.

^b NKM Mufudzi

Akanaka.

14a Hir. 7:23.

15a Mat. 11:20-23.

17a Hir. 13:6-10.

ZVINO zvakaitika kuti kwaiva, nevakawanda vakanzwa mazwi aSamueri, muRamani, izvo akataura pachidziro cheguta. Vose vavo vakatenda mazwi ake, vakaenda vakanotsvaga Nifai; zvino vauya vamuona vakareurura zvivi zvavo kwaari vakasaramba vakada kuti vabhabhatidzwe munaIshe.

2 Asi vakawanda avo vasina kutenda mumazwi aSamueri vakamushatirirwa; vakamukandira matombo nemiseve pachidziro paakanga akamira; asi Mweya walshe wakanga unaye zvokuti havana kukwanisa kumutema namatombo kana kumupfura nemiseve yavo.

3 Zvino zvavakaona kuti vatadza kumutema, kwakava nevakawanda vakatenda kumazwi ake, mukudaro vakaenda kuna Nifai kuti vabhabhatidzwe naye.

4 Zvino tarisai, Nifai aibhabhatidza, achiporofita, nokuparidza, achichemera kutendeuka kwevanhu, achivaratidza zviratidzo neminana, achiita “zvishamiso pakati pavanhu, kuti vazive kuti Kristu ave ^bpedyo kuuya —

5 Achivataurira pamusoro pezvinhu zvakange zvave pedyo kuuya, kuti vazive nokurangarira panguva yazvichauya kuti zvakaziviswa kwavari kare, kuti vagotenda; naizvozvo vakawanda vakatenda kumazwi aSamueri vakaenda kunobhabhatidzwa, nokuti vaiuya nokutendeuka nokureurura zvivi zvavo.

6 Asi vazhinji vavo havana

kutenda kumazwi aSamueri; naizvozvo zvavakaona kuti vakanga vatadza kumutema namatombo nemiseve yavo, vachema kuvatungamiri vavo vachiti. Torai munhu uyu mumusunge nokuti ana dhiabhorosi; nokuda kwesimba radhiabhorosi riri maari tatadza kumutema namatombo nemiseve yedu; saka mutorei mumusunge munde naye.

7 Zvavaienda kuti vaise maoko avo paari, tarisai, akazvikanda pasi kubva pachidziro, akatiza kubva munyika yavo, akatizira kunyika yake, akatangisa kuparidza nokuporofita pakati pavanhu vake.

8 Zvino tarisai, haana kuzombonzwikwa nezvake pakati pamaNifai zvakare; uku ndiko kugara kwavanhu ava.

9 Uku ndiko kwaive kupera kwamakore makumi masere namatanhatu ekutongwa navatongi kwavanhu vaNifai.

10 Saka ndiko kumagumowo kwamakore makumi masere namanomwe ekutongwa navatongi, chikamu chakawanda chakaramba chiri mukuzvikudza nomukuuta zvakaipa, chikamu chiduku chikasara chichifamba zvakarurama, pamberi paMwari.

11 Izvi ndizvo zvaiitika zvakare mugore ramakumi masere namasere ekutongwa nevatongi.

12 Kwakave nokushanduka kushoma-shoma pamagariro aita vanhu, kunze kwekuti vanhu vakatangisa kuva vakaoma muukuuta zvakaipa, vachiita izvo

zvakaipa zvakawanda izvo zvaipikisa mirairo yaMwari, mugore ramakumi masere namapfumbamwe rokutonga kwevatongi.

13 Asi zvakaitika kuti mugore rechimakumi mapfumbamwe rokutonga kwevatongi, kwakave nezviratidzo “zvikuru zvakaipiwa vanhu, neminana; mazwi emaporofita ^bakatangisa kuzadzikiswa.

14 Uye “ngirozi dzakazviratidza kuvanhu, vanhu vakachenjera, dzikataura kwavari zvinhu zvinofadza nomufaro mukuru; mugore irori magwaro akatangisa kuzadzikiswa.

15 Kana dai zvakadaro, vanhu vakatanga kuomesa mwoyo yavo, vose kunze kweavo vaitenda vose vamaNifai uye namaRamani vakatangisa kuita zvesimba ravo, nouchenjeri ^ahwavo vachiti:

16 Zvimwe zvinhu vaiita zvo-kufembera, pakati pezvaka-wanda; asi tarisai, tinoziva kuti zvinhu izvi zvose zvikuru nemabasa anoshamisa hazvingaitike, izvo zviriri zvakataurwa.

17 Vakatanga kufunga nokutaura pakati pavo vachiti:

18 “Hazvina musoro kuti munhu uyu Kristu anzi achauya; kana zvakadaro, iye ari Mwanakomana waMwari, Baba vedenga napasi, sokutaurwa kwazvakaitwa, ko zvino sei asingazviratidzi kwatiri sekuzviratidza kwaachaita kune vanenge vari kuJerusarema?

19 Sei asingazviratidzi iye

pachake munyika ino nemunyika yeJerusarema?

20 Asi tarisai, tinoziva kuti “itsika yakaipa, yatakapiwa namadzibaba edu, kuita kuti titende kuzvinhu zvikuru zvinoshamisa zvichaitika, kwete pakati pedu, asi kune imwe nyika iri kure, nyika yatisingazive; saka vanoita kuti tigare tisingazive, nokuti hatikwanisi ^bkuona namaziso edu kuti ndezvechokwadi.

21 Vachaita, nokunyengedza namashiripiti ewakaipa, voita mashiripiti makuru ayo atisinganzwisise, ayo anotigarisa tiri pasi savaranda vamazwi avo, uye savaranda vavo, nokuti tinotarisa kwavari kuti vatidzidzise shoko; saka vachaita kuti tigare tisingazive kana tikateerera zvavanoreva, mazuva ose eupenyu hwedu.

22 Zvinhu zvakawanda zvakafungidzira mumwoyo yavo, zvaiva “zvisina maturo; vakakanganiswa zvikuru, nokuti Satani aivafurira kuti varambe vachiita zvakaipa; aienda kuri kwose achitaura makuhwa nokupesana munyika yose. Kuti aomese mwoyo yavanhu maererano nezvainge zvichauya.

23 Vasingatarise zviratidzo neminana izvo zvavaiona pakati pavanhu vaIshe, nezvishamiso zvakawanda zvavaiita, Satani akabata zvikuru mwoyo yavanhu pamusoro penyika yose.

24 Uku ndiko kuguma kwogore remakumi mapfumbamwe

13a 3 Ni. 1:4.
b Hir. 14:3-7.
14a Aruma 13:26.

15a Isa. 5:21.
18a Aruma 30:12-13.
20a NKM Tsika.

b Eta 12:5-6, 19.
22a NKM Chisina Maturo.

ekutongwa navatongi kwavanhva Nifai.

25 Uku ndiko kupera kwe-

bhuku raHiramani, maererano nezvinyorwa zvaHiramani navanakomana vake.

NIFAI WECHITATU BHUKU RANIFAI

MWANAKOMANA WANIFAI, UYO AKANGA ARI MWANAKOMANA WAHIRAMANI

Uye Hiramani akanga ari mwanakomana waHiramani, akanga ari mwanakomana waAruma, akanga ari mwanakomana waAruma, akanga ari chizvarwa chaNifai akanga ari mwanakomana waRihai, uyo akabva kuJerusarema mugore rokutanga rokutonga kwaZedekia; mambo weJuda.

CHITSAUKO 1

Nifai, mwanakomana waHiramani, anobva munyika iyi, mwanakomana wake Nifai anochengeta zvinyorwa — Kana dai zviratidzo nezvishamiso zvakawanda, vakaiipa vanoronga kuuraya vatsvene — Usiku hwekuzvarwa kwaKristu hunosvika — Chiratidzo chinopiwa, uye nyenyedzi itsva inobuda — Manyepo nokunyengedza kunowanda, makororo aGadhiandoni anouraya vakawanda. Ringangove gore 1 kusvika ku4 shure kwekunge Kristu azvarwa.

ZVINO zvakaitika kuti gore rechimakumi mapfumbamwe nerimwechete rapfuura pakanga pane makore mazana “matanhathu kubva panguva yakabva Rihai kuJerusarema; ndiro gore rakanga Rakoniasi

ari mutongi mukuru nagavhuna wenyika iyi.

2 Uye Nifai, mwanakomana waHiramani akabva munyika yeZarahemura, akaisa mumakoko emwanakomana wake “Nifai, akanga ari mwanakomana wake mukuru, ^bmahwendefa endarira, nezvinyorwa zvose zvakanga zvakanyorwa, nezvinyorwa zvakachengetwa zvaijera kubva panguva yakabva Rihai kuJerusarema.

3 Zvino akabva abuda munyika umu, “uko kwaakaenda, hakuna munhu anoziva; mwanakomana wake Nifai akachengeta zvinyorwa pachinzvimbo chake, hongu, zvinyorwa zvavanhu vake.

4 Uye zvakaitika kuti mukutanga kwegore ramakumi mapfumbamwe nemaviri, tarisai, zviporofita zvevaporofita zvakatanga kuzadzikiswa zvizere;

[3 NIFAI]

1 1a 2 Ni. 25:19.

2a NKM Nifai,

Mwanakomana
waNifai,
Mwanakomana

waHiramani.
^b Aruma 37:3–5.
3a 3 Ni. 2:9.

nokuti kwakatanga kuva nezviratidzo zvikuru nezvishamiso zvikuru zvakaonekwa pakati pavanhu.

5 Asi kwakanga kune vamwe vakatanga kuti nguva yakanga yapfuura kuti mazwi aya achizadzikiswa, ayo “akataurwa naSamueri muRamani.

6 Uye vakatangisa kufara kune kunyomba pamusoro pehama dzavo vachiti: Tarisai nguva yapfuura, mazwi aSamueri haasati azadzikiswa; naizvozvo, kutenda kwenyu nokufara kwenyu maererano nezvinhu izvi hakuna zvakwakayamura.

7 Uye zvakaaitika kuti makava nezhowe-zhowe munyika yose; vanhu vanotenda vakatanga kuva nokutya kuti zvimwe zvinhu zvakataurwa zvingangotadza kuitika.

8 Asi tarisai, vakatarisira zvikuru pazuva iroro nousiku hwaro, nezuva iroro iro raizova zuva iro rinenge risina usiku, kuti vagoziva kuti kutenda kwavo kwanga kusiri kwenhando.

9 Zvakaaitika kuti, kwakave nezuva rakaiswa parutivi neavo vakanga vasingatende, kuti avo vose vaitenda kutsika idzi vaifanirwa “kuuraiwa kunze kwokunge chiratidzo ichi chaitika, zvakataurwa naSamueri muporofita.

10 Zvino zvakaaitika kuti apo Nifai, mwanakomana waNifai, akaona kuipa kwavanhu vake,

mwoyo wake wakava unorwadzwa zvikuru.

11 Uye zvakaaitika kuti akaenda akandopfugama pasi, akachema zvikuru kuna Mwari vake akachemera vanhu vake, hongu, avo vakange vave kuda kuto-paradzwa nokuda kwetsika dzamadzibaba avo.

12 Uye zvakaaitika kuti akachema zvikuru kuna Ishe, zuva “rose; zvino tarisai, izwi raIshe rakauya kwaari richiti:

13 Simudza musoro wako uve munhu anofara; nokuti tarisai, nguva yasvika, uye usiku hwuno chiratidzo chichapiwa, “ramangwana ini ndichava panika, kuzoratidza nyika kuti ndinozadzikisa izvo zvose zvandakaita kuti ^bzvitaurewe nemirromo yevaporofita vangu vatsvene.

14 Tarisai, “ndinouya kune vangu, ^bkuzozadzikisa zvinhu zvose zvandakaita kuti zvizivikanwe kuvana vavanhu kubvira “kumavambo enyika, nokuzoita kuda “kwevose kwaBaba nokweMwanakomana—kwaBaba pamusana pangu, nokweMwanakomana pamusana penyama yangu. Uye tarisai nguva yasvika, usiku huno chiratidzo chichapiwa.

15 Uye zvakaaitika kuti mazwi akauya kuna Nifai akazadzikiswa, sokataurwa kwaakanga aitwa; nokuti tarisai, pakudoka kwezuya “hakuna kuita rima;

5a Hir. 14:2–4.

9a NKM Kuponderwa Chitendero.

12a Eno. 1:4; Aruma 5:46.

13a Ruka 2:10–11.

b NKM Jesu Kristu—
Zviporofita
nezvekuzvarwa uye
nerufu rwajesu
Kristu.

14a Joh. 1:11.

b Mat. 5:17–18.

c Aruma 42:26.

d D&Z 93:3–4.

15a Hir. 14:3.

vanhu vakatanga kushamiswa nokuti kwakanga kusina rima apo usiku hwakauya.

16 Uye kwakange kuine vakawanda, avo vakange vasina kutenda mazwi emaporofita, “vakapunzikira pasi vakaita sevakafa, nokuti vakanga vavakuziva kuti ^bhurongwa hukuru huya hwavakanga vagadzirira avo vose vakatenda mazwi emaporofita rakanga ratoraswa, nokuti chiratidzo chakanga chapiswa chakanga chatova pedyo.

17 Uye vakatanga kuziva kuti Mwanakomana waMwari akananga ava pedyo nokuzviratidza mukunaka, hongu, zve muchidimbu vanhu vose vakanga vari panyika kubva kumabvazuva nokumadokero, vose vari kumaodzanyemba nokuchamhembe vakashamiswa zvikuru vakawira pasi.

18 Nokuti vaiziva kuti maporofita vakanga vapupura kuzvihu izvi kwemakore akawanda, uye nechiratidzo chakanga chapiswa chakanga chasvika; vakatangisa kutya pamusana pokupipa kwavo nokusatenda kwavo.

19 Zvakaitika kuti hakuna kumboita rima pausiku ihwohwo hwose, asi kwakanga kwakachena semasikati. Uye zvakaitika kuti zuva rakabuda mangwanani zvakare sekuita kwaro kwemazuva ose; vakaziva kuti izuva iro Ishe “ravachaberekwa nokuda kwechiratidzo chakapiwa.

20 Uye zvakanga zvaitika, hongu, zvinhu zvose, nekakaita sei zvako, maererano nemashoko amaporofita.

21 Uye zvakaitikawo kuti “nyenyedzi itsva yakaonekwa, maererano neshoko.

22 Uye zvakaitika kuti kubvira panguva iyoyi kwakatangisa kuva namanyepo akataurwa pakati pavanhu, naSatani, kuti aomese mwoyo yavo, kuti vasave nokutenda muzviratidzo neminana zvavakanga vaona; kana dai pakange paine manyepo aya nokunyengedza, vanhu vazhinji vakatenda, vakatendeuka vakadzokera kuna Ishe.

23 Uye zvakaitika kuti Nifai akaenda mukati mavanhu, navamwe vakawanda, akabhabhatidza mukutendeuka, mukudaro pakava “nokuregererwa kwezvivi kukuru. Uye saka vanhu vakatanga kuva norunyararo zvakare munyika.

24 Uye pakanga pasisina kupesana, kunze kwevashoma vakatanga kuparidza, vachiedza kuratidza nemagwaro kuti zvakanga “zvisisakoshe kuchengegedza mutemo waMosesi. Zvino muchinhu ichi vakakanganisa, nenzira yekunge vasina kunzwisisa magwaro.

25 Asi zvakaitika kuti vakazove vakadzorwa, uye vakapwiswa pamusoro pekukanganisa kwavo, nokuti vakazoziviswa kuti mutemo wakanga usati “wazadzikiswa, nokuti unoto-

16a Hir. 14:7.

b 3 Ni. 1:9.

19a Ruka 2:1–7.

21a Mat. 2:1–2;

Hir. 14:5.

23a NKM Kuregererwa

kweZvitadzo.

24a Aruma 34:13.

25a Mat. 5:17–18.

fanirwa kuzadzikiswa mukamukira kose; hongu, shoko rakauya kwavari kuti zvakafanira kuzadzikiswa; hongu, kuti kana kai zvako hakafanire kupfuura kudakara zvose zvazadzikiswa; naizvozvo mugore irori vakasvika pakuziva kutadza kwavo uye ^bvakareurura kukanganisa kwavo.

26 Uye ndiko kupfuura kwakaita gore rechimakumi mapfumbamwe namaviri, richiunza zvinhu zvinofadza kuvanhu pamusana pezviratidzo izvo zvakanga zvaitika, maererano namazwi echiporofita chamaporofita vatsvene vose.

27 Uye zvakaitika kuti gore rechimakumi mapfumbamwe nematatu rakapfuurawo murunyararo, kunze kwemakororo aGadhiandoni, aigara mumakomo, akanga azere nyika yose; nokuti nzvimbo dzavo dzakange dzakasimba nenzvimbo dzavo dzakavanzika zvekuti vanhu havaikwanisa kuakurira; naizvozvo akauraya vanhu vakawanda zvikuru, akaponda vakawanda pakati pavanhu.

28 Uye zvakaitika kuti mugore ramakumi mapfumbamwe namana vakatanga kuwanda zvikuru, nokuti kwakava navanhu vakawanda vechiNifai vakatizira kwavari, zvakakonzerwa kusuwa kukuru kuvanhu vechiNifai vakasara vagere munzvimbo iyi.

29 Uye chakave chikonzero zvakare chokuswa kukuru pakati

pamaRamani; nokuti tarisai, vakava navana vakawanda avo vakakura vakava vanhu vakuru vanozviriritira, vakada kuve pachavo, uye vakatungamirirwa navamwe vamaZoramu, nokuda kwamanyepo namazwi avo anonyengedza, kuti vabatane namakororo aGadhiandoni.

30 Uye saka namaRamani akatambudzikawo zvikuru, vakatanga kudzikira pakutenda noutsvene hwavo, nokuda kwekuipa kwechizvarwa chakanga chichikura.

CHITSAUKO 2

Uipi noruvengo zvinowanda muvanhu — MaNifai nemaRamani vanobatana kuti vazvidziwirire kumakororo aGadhiandoni — MaRamani akapinduka anove vachena uye vobva vadaidzwa kuti maNifai. Zvingangove makore 5 kusvika ku16 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti ndiko kupfuura kwakaita gore rechimakumi mapfumbamwe nemashanuwo, uye vanhu vakatanga kukanganwa zviya zviratidzo neminana zvavakanga vanzwa, vakatanga kusashamiswa zvakananyanya nechiratidzo kana munana wabva kudenga, zvekuti vakatanga kuoma mumwoyo yavo, nekupofomara mupfungwa, uye vakatanga kusatenda zvose zvavakanga vanzwa nezvavakaona —

2 Vachifunga zvinhu zvisina maturo mumwoyo yavo, kuti zvakaunzwa nevanhu nesimba radhiabhorosi, kutora “noku-nyengedza mwoyo yevanhu; uye ndikwo kutora kwakaita Satani mwoyo yevanhu zvakare, zvekuti akavapofomadza maziso uye akavatungamirira mukudaira kuti dzidziso yaKristu ndeyeurema uye isina maturo.

3 Uye zvakaitika kuti vanhu vakatanga kusimba muupi noruvengo; uye vakasatenda kuti kuchaita zviratidzo kana minana zvichapiwa; uye Satani “akafamba-famba, achitora mwoyo yevanhu, achivaedza nokuita kuti vaite uipi hwakanyanya munyika.

4 Uye saka ndiko kupfuura kwakaita gore rechimakumi mapfumbamwe nematanhatu; uye rechimakumi mapfumbamwe nemanomwewo; uye kana rechimakumi mapfumbamwe nemasere; nairowo rechimakumi mapfumbamwe nemapfumbamwe;

5 Uye zvakare kwakanga kwaperawo zana remakore kubvira kumazuva “aMosaya, akanga ari mambo wevanhu vemaNifai.

6 Uye mazana matanhatu emakore ane makore mapfumbamwe akanga apfuura kubvira nguva yakabva Rihai kuJerusarema.

7 Uye kwakanga kwapfuura makore mapfumbamwe kubvira panguva yakapiwa chiratidzo, icho chakanga chataurwa

nezvacho nemaporofita, kuti Kristu achauya panyika.

8 Zvino maNifai akatanga kuverenga nguva kubvira panguva iyoyo pakapiwa chiratidzo, kana kubvira pakuuya kwaKristu; naizvozvo, makore mapfumbamwe akanga apfuura.

9 Uye Nifai, akanga ari baba waNifai, akanga akachengeta zvinyorwa, “haana kudzokera kunyika yeZarahemura, uye akanga asisawanikwe kupi zvakwo munyika yose.

10 Uye zvakaitika kuti vanhu vakaramba vari mukuipa, zvisinei nekuparidzirwa nekuporofitwa kwakanyanya kwakanga kwatumirwa mukati mavo; uye ndikwo kupfuura kwakaita gore rechigumiwo; uye kana rechigumi nerimwechete rakapfuurawo muupi.

11 Uye zvakaitika kuti mugore regumi nematatu kwakatanga kuve nehondo nekupesana munyika; nokuti makororo aGadhi-andoni akanga awanda zvikuru, uye akauraya vanhu vakawanda, uye akaparadza maguta mazhinji, uye akaparadzira rufu nokuponda kukuru munyika yose, zvekuti zvakaonekwa kuti zvinofanira kuti vose vanhu, vose maNifai nemaRamani, vakafanira kutora zvombo kuti vaarwise.

12 Naizvozvo, vose maRamani vakanga vapindukira kunaIshe vakabatana nehama dzavo, maNifai, uye vakamanikidzwa, nokuda kwekudzivirira upenyu

hwavo nehwe madzimai avo nevana vavo, kuti vatore zvombo varwise vava makororo aGadhiandoni, hongu, uye nokuti vachengetedze kodzero dzavo, dzechechi yavo nokunamata kwavo, “nerusununguko rwavo”^b nokuzvitonga kwavo.

13 Uye zvakaitika kuti gore iri rechigumi nematatu risati rapfuura maNifai vakanga vovhundutsirwa nokuparadzwa zvachose nehondo iyi, yakanga yatoipa chaizvo.

14 Uye zvakaitika kuti ayo maRamani akanga abatana nemaNifai akanga ave kuverengerwa kumaNifai;

15 Uye “kutukwa kwavo kwakabviswa pavari, uye ganda ravo rikave”^b jena seremaNifai;

16 Uye majaya avo nevanasikana vavo vakaita runako rwakachena zvikuru, uye vakaverengerwa kumaNifai, uye vakadaidzwa kunzi maNifai. Uye ndiko kupera kwakaita gore regumi nematatu.

17 Uye zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechigumi nemana, hondo yaive pakati pemakororo nevanhu vaNifai yakaenderera uye ikave inorwadza zvikuru; zvisinei, vanhu vaNifai vakawana simba kupfuura remakororo, zvekuti vakaatandanisa munyika mavo vakaatinhira kumakomo neku-nzvimbo dzao dzeruvande.

18 Uye ndiko kupera kwakaita gore regumi nemana. Uye mugore rechigumi nemashanu vakauya kuzorwisa vanhu

vaNifai; uye pamusana peupi hwevanhu vaNifai, nokupesana kwavo kwakawanda nokupanduka, makororo aGadhiandoni akavakurira kwazvo.

19 Uye ndikwo kupera kwakaita gore rechigumi nemashanu, uye saka vanhu vakanga vari mukati mekurwadziswa kwakanyanya; uye “munondo wekuparadzwa wakanga uchirembera pamusoro pavo, zvekuti vakanga vave pedyo pekubaiwa nawo, uye izvi zvichikonzerwa nekutadza kwavo.

CHITSAUKO 3

Gidhiyanihai, mutungamiri wemaGadhiandoni, anoti Rakoniasi nemaNifai vazvipire kwaari zvozenyika yavo—Rakoniasi anoisa Gidhigidhonai semutungamiri mukuru wemauto—MaNifai anoungana muZarahemura nemuMauga kuti vazvirwire. Zvingangove makore 16 kusvika ku18 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mugore rechigumi nematanhatu kubva mukuuya kwaKristu, Rakoniasi, gavhuna wenyika, akatambira tsamba yakabva kune mutungamiri nagavhuna wechikwata ichi chemakororo; uye aya ndiwo mazwi akanga akanyorwa, achiti:

2 Rakoniasi, unokudzwa uye gavhuna mukuru wenyika, tarisai, ndinonyora iyi tsamba kwauri, uye ndinokurumbidza zvikuru pamusoro pekuoma

12a NKM Kusununguka.
b NKM Rusununguko.

15a Aruma 17:15; 23:18.
b 2 Ni. 5:21; 30:6;

Jak. 3:8.
19a Aruma 60:29.

kwako, nokusimba kwevanhu vako, mukuchengetedza izvo zvamunofunga kuti ikodzera zvenyu nerusununguko rwenyu; hongu, munomira zvakanaka, sekunge makatsigirwa neruoko rwechimwari, mukurwira kuvzitonga kwenyu, nepfuma yenyu, nenyika yenyu, kana kuti icho chamunodaidza kudaro.

3 Uye zvinondiitisa tsitsi ini, iwe anokudzwa zvikuru Rakoniasi, kuti uremare zvakadaro uye uzvikudze kuti ufunge kuti ungarwisane nevanhu vakawanda zvakadai vasingatye vari pasi pangu, iye zvino panguva ino vamire nezvombo zvavo, uye vamire vachida zvikuru kuudzwa izwi rekuti—Endai kumaNifai muvaparadze.

4 Uye ini, nokuziva kwandinaita mweya wavo wekusakurirwa, zvandakaona vachirwa, uye nokuziva ruvengo rwavo rwusingaperi kwamuri pamusana pezvamakavatadzira zvakanaka, saka vakauya kuzokurwisai vanokushanyirai nokukuparadzai zvachose.

5 Naizvozvo ndanyora tsamba iyi, ndichinama neruoko rwangu pachangu, ndichinzwira magariro ako akanaka, pamusana pekusimba kwako mune zvaunovimba kuti zvitsvene, nemweya wako unokudzwa muhondo.

6 Naizvozvo ndinonyora kwauri, ndichikumbira kuti zvipire kune vanhu vangu ava, maguta enyu, nyika dzenyu, nezvinhu

zvenyu, pane kuti vakushanyirei nemunondo uye kuparadzwa kugouya kwamuri.

7 Kana kuti nemamwe mazwi, zvipirei kwatiri, uye batanai nesu uye mugojairana nemabasa edu “emuruvande, uye muve hama dzedu uye mugove sesu—kwete nhapwa dzedu, asi hama dzedu uye mugove vamwe vedu muzvinhu zvose zvedu.

8 Uye tarisai, “ndinopika kwauri kana mukaita izvi, nechitsidzo, hamuzoparadzwa; asi kana mukasaita izvi, ndinopika kwauri nechitsidzo, kuti mumwedzi wamangwana ndichaudza mauto angu kuti azokurwisai, uye havazosikiza kana kusiya, asi vachakuurayai, uye vacharegerera munondo pamuri kudakara musisipo.

9 Uye tarisai, ini ndini Gidhiyanihai; uye ndini gavhuna weboka “reruvande iri rinonzi raGadhiandoni; riiri boka rakanaka nemabasa aro ^bakanaka; uye ‘ndeepasichigare uye akagashidzwa kwatiri.

10 Uye ndinonyora iyi tsamba kwauri, Rakoniasi, uye ndinovimba kuti uchatipa nyika dzako nezvinhu zvenyu, pasina kuderurwa kweropa, kuti ava vanhu vangu vatore zvinovakodzera nehurumende, avo vakabuda kubva kwauri pamusana peuipi hwako mukuvatorera mvumo yavo nehurumende, uye kunze kwekunge waita izvi, ndichatsividza kutadzirwa kwavo. Ndini Gidhiyanihai.

3 7a Hir. 6:22–26.

8a Eta 8:13–14.

9a NKM Huranganwa

hwemuruvande.

b Aruma 30:53.

c Hir. 6:26–30;

Mos. 5:29, 49–52.

11 Uye zvino zvakaitika kuti Rakoniasi akashamiswa kwazvo paakatambira tsamba iyi, pamusana pekusatya kwaGidhiyanihai kuti ati anoda nyika yemaNifai, nokutyisidzira vanhu nokutsividza kutadzirwa kweavo vasina kumbotadzirwa, kunze kwekuti ivo vakanga “vazvitadzira nekupanduka vachienda kumakororo aye ane uipi neruvengo.

12 Zvino tarisai, Rakoniasi uyu, gavhuna wenyika, akanga ari munhu akarurama, uye asi-ngatye kana kutyisidzirwa nezvinodiwa “negororo; naizvo-zvo haana kuteerera tsamba yaGidhiyanihai, gavhuna wemakororo, asi akaita kuti vanhu vake vachemere simba kuna Ishe kuitira nguva ichauya makororo aya kuzovarwisa.

13 Hongu, akatumira shoko mukati mevanhu vose, kuti vaunganidze pamwechete madzimai avo, nevana vavo, matanga avo, nezvinhu zvavo, kunze kweminda yavo, panzvimbo imwechete.

14 Uye akaita kuti nzvimbo idzodzo dzivakirirwe kuti dzidzvirirwe, uye simba racho richibva rakura chaizvo. Uye akaita kuti mauto, ose emaNifai neemaRamani, kana kuti kune vose vaiverengerwa kumaNifai, vaitwe varindi vanotarisa zvose zvakavakomberedza, nokuvatarira nokuvadzvirira kumakororo siku nesikati.

15 Hongu, akati kwavari: Sezvo Ishe vari mupenyu, kunze

kwekunge matendeuka mukupipa kwenyu kwose, uye mugochema kuna Ishe, hakuna nzira yamungabviswe nayo mumao-ko emakororo aya aGadhia-ndoni.

16 Uye mazwi nekuporofita kwaRakoniasi zvaive zvikuru zvichishamisa zvekuti zvakanzera kutya muvanhu; uye vakaisa simba ravo mukuita zviri maererano nemazwi aRakoniasi.

17 Uye zvakaitika kuti Rakoniasi akaisa vatungamiri vakuru kumauto ose emaNifai, kuti vavutungamire panguva ichauya makororo kubva murenje kuzovarwisa.

18 Zvino mukurukuru pakati pevatungamiri vakuru vose uye mukuru wemauto ose emaNifai akagadzwa, uye zita rake raive “Gidhigidhonai.

19 Zvino yaive tsika mukati memaNifai ose kuisa semukuru mukuru wemauto avo, (kunze kwenguva dzavainge vari muchitema) munhu ainge aine mweya wekuzarurirwa nemweyawo “wechiporofita; naizvo-zvo, Gidhigidhonai uyu, aive muporofita mukuru mukati mavo, sezvakanza zvakaitawo mutongi mukuru.

20 Zvino vanhu vakati kuna Gidhigidhonai: Namata kuna Ishe, uye vatirege tiende kumakomo nemurenje, kuti tiwire pamusoro pemakororo uye tiaparadze munyika dzao iwo.

21 Asi Gidhigidhonai akati kwavari: Ishe “havadi; nokuti kana tikaenda kunovarwisa Ishe

^bvachatiisa mumaoko avo; nai-zvozvvo tichazvigadzirira tiri pakati penyika yedu, uye tichaunganidza mauto edu pamwechete, uye hativaendere, asi tinomira kusvika ivo vauya kuzotirwisa; naizvozvvo sezvo Ishe vari mupenyu, kana tikaita izvi vachavaisa mumaoko edu.

22 Uye zvakaitika kuti mugore rechigumi nemanomwe, mukupera kwegore, shoko raRakoniasira kanga raenda pauso hwose hwenyika, uye vakanga vatora mahachi avo, nengorovhani dzavo, nemombe dzavo, nematanga avo, nembeu dzavo, nezvinhu zvavo zvoze, uye vakafora vari zviuru nezviuru nemakumi ezviuru, kudakara vose vaenda kunzvimbo yakanga yanzi ndiyo yavanoungana pamwechete, kuti vazvidzvirire kuvavengi vavo.

23 Uye nyika yakanga yataurwa yaiva nyika yeZarahemura, nenyika yaive pakati penyika yeZarahemura nenyika yeMaguta, hongu, nokumutsetse waive pakati penyika yeMaguta nenyika yeKuparadzwa.

24 Uye kwaive nezviuru zvizhinji zvevanhu vainzi maNifai, vakaungana pamwechete munyika iyi. Zvino Rakoniasira akaita kuti vaungane pamwechete munyika yechekumaodzanyemba, pamusana pekutukwa kukuru kwaive “munyika yechekuchamhembe.

25 Uye vakazvivakirira kuzvidzvirira kuvavengi vavo; uye

vakagara munyika imwechete, uye vari boka rimwechete, uye vaitya mazwi akanga ataurwa naRakoniasira, zvekuti vakate ndeuka muzvitema zvavo zvoze; uye vakaisa minamoto yavo kuna Ishe Mwari vavo, kuti “vavaponese munguva ichauya vavengi vavo kuzovarwisa.

26 Uye vakanga vakasuwa zvikuru pamusana pevavengi vavo. Uye Gidhigidhonai akaita kuti vagadzire “zvombo zvehondo zvemarudzi ose, uye vaifanira kuve vakasimba nezvipfeko zvehondo, nenhowo, nezvimwe, vachitevedza zvavakanga varairwa naye.

CHITSAUKO 4

Mauto emaNifai anokurira makororo aGadhiandoni—Gidhiyanihai anouraiwa, uye anotora nzvimbo yake, Zemunaraya, anosungirirwa—MaNifai anorumbidza Ishe nokukunda kwavo. Zvingangove makore 19 kusvika ku22 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mukupera kwegore rechigumi nemasere mauto aye emakororo akanga agadzirira hondo, uye akatanga kudzika uye achikurumidza kubva muzvikomo, nemumakomo, nemurenje, nemunzvimbo dzao dzakasimba, nenzvimbo dzao dzemuruvande, uye akatanga kutora nyika, dzose dzai-ve kumaodzanyemba nedzaive kuchamhembe, uye akatanga

kutora matunhu ose akanga “asiywa nemaNifai, nemaguta akanga asiiwa ave matongo.

2 Asi tarisai, makanga musina mhuka dzesango kana dzenyama munzvimbo idzodzo dzakanga dzasiywa nemaNifai, uye makanga musina mhuka dze-kuti makororo abaye, kunze kwekunge aenda murenje.

3 Uye makororo haaikwanisa kurarama kunze kwekunge ari murenje, nokushaika kwekudya; nokuti maNifai akanga asiya nyika yavo yave gwenga, uye vakanga vaunganidza matanga avo nezvose zvavaive nazvo, uye zvakanga zviri pamwechete sechinhu chimwechete.

4 Naizvozvo, pakanga pasina mukana wekuti makororo apwanye agowana zvekudya, kunze kwekutouya pachena ozorwa nemaNifai; uye maNifai vakanga vave boka rimwechete, uye vari vakawanda zvikuru, uye vakazvirongedzera zvekudya, nemahachi nemombe, nezvipfuyo zvakasiyana zveмарудзи ose, kuti vagorarama kwemakore anokwana manomwe, munguva iyi vaivimba kuti vainge vakwanisa kuparadza makororo aya asisiri panyika; uye ndiko kupfuura kwakaita gore rechigumi nemasere.

5 Uye zvakaitika kuti mugore rechigumi nepfumbamwe Gidhiyanihai akaona kuti zvaitofanira kuti aende anorwisana nemaNifai, nokuti havana imwe nzira yavaipona nayo kunze kweku-paza nekuba nokuponda.

6 Uye vaitya kuti vapararire nenyika kuti varime mbeu, nokuti maNifai aigona kuvavinga akavauraya; naizvozvo Gidhiyanihai akapa murau kumauto ake kuti mugore iri vakafanira kuenda kunorwisa maNifai.

7 Uye zvakaitika kuti vakauya kuzorwa; uye makanga muri mumwedzi wechitanhatu; uye tarisai, zuva iroro ravakauya kuzorwa rakave guru raityisa; uye vakanga vakapfeka sekupfeka kunoita makororo; uye vakange vaine dehwe rehwei muchiuno, uye vakazvizora ropa, uye misoro yavo yakanga yakaguswa, uye vakanga vaine zvidzitiro zveummisoro; uye mauto aGidhiyanihai airatidzika zvinotyisa, pamusana pezvakavakanga vakapfeka, nepamusana pekuzvizora ropa.

8 Uye zvakaitika kuti mauto emaNifai, zvaakaona kusvika kwemauto aGidhiyanihai, akawira pasi ose, vakasimudzira kuchema kwavo kuna Ishe Mwari wavo, kuti avaponise uye avabvise mumaoko evavengi vavo.

9 Uye zvakaitika kuti mauto aGidhiyanihai paakaona izvi akatanga kudaidzira nezwi guru, pamusana pekufara kwavo, nokuti vakafunga kuti maNifai awira pasi pamusana pekutya kutyisa kwemauto avo.

10 Asi muchinhu ichi vakagumburwa, nokuti maNifai akanga asingavatye; asi “vaitya Mwari vavo uye vakamukumbira kuti avadzivirire; naizvozvo, mauto

aGidhiyanihai paakamhanyira kwavari vakanga vakagadzirira kusangana navo; hongu, musimba raIshe vakavagashira.

11 Uye hondo yakatanga mumwedzi uyu wechitanhatu; uye pakaita hondo yakaipa kwazvo yakarwiwa, hongu, pakaurayana pakabayanwa zvakaipa, zvekuti hakuna kumboonekwa kuuraiwa kwakadaro muvanhu vose vaRihai kubvira kubva kwaakaita kuJerusarema.

12 Uye zvisinei “nekutyisidzira nezvitsidzo zvakaitwa naGidhiyanihai, tarisai, maNifai vakavakurira, zvekuti vakavamba kudududza vachibva kwavari.

13 Uye zvakaitika kuti “Gidhigidhonai akati mauto ake avatandanise kudakara kumuganhu nerenje, uye nokuti havaifanira kuregerera kana mumwechete zvake anenge awira mumaoko avo mukutiza kwavo, uye saka vakavatevera vakavauraya, kusvika kumuganhu werenje, kusvika vazadzikisa murairo waGidhigidhonai.

14 Uye zvakaitika kuti Gidhiyanihai, akanga amira akarwa asingatye, akateverwa ave kutiza; uye sezvo akanga aneta nokurwa zvakanyanya akabatwa akauraiwa. Uye ndiko kupera kwakaita Gidhiyanihai gororo.

15 Uye zvakaitika kuti mauto emaNifai akadzokera zvakare kunzvimbo dzavo dzakadzivirirwa. Uye zvikaitika kuti gore rechigumi nemapfumbamwe rapkapfuura, uye makororo haana kuuya zvakare kuzorwa; kana

mugore rechimakumi maviri haana kuuya zvakare.

16 Uye mugore rechimakumi maviri nerimwechete haana kuuya kuzorwa, asi akauya nemativi ose akakomberedza vanhu vaNifai; nokuti aifunga kuti akavadimura vanhu vaNifai kusvika kuminda yavo, uye akavakomberedza kunhivi dzose, uye akavachengetedza vasingakwanisi kuenda kunze, aizovaita kuti vazvipire kwaari zviri izvo zvaaida.

17 Zvino vazvisarudzira pachezvavo akanga aisa mumwe mutungamiri, zita rake ainzi Zemunaraya; naizvozvo ndiye Zemunaraya akakonzera ati kukomberedzwa uku kutore nzvimbo.

18 Asi tarisai, izvi zvakanga zvakanakira maNifai; nokuti zvakanga zvakaoma kuti makororo aya akombe kwenguva refu ingazorwadza maNifai, nenzira yekudya kwakawanda kwavakanga vachengeta,

19 Uye nepamusana peku-shomeka kwezvokudya pakati pemakororo; nokuti tarisai, hapana chavaive nacho kunze kwenyama chete kuti apone, iri nyama yavaiwana murenje;

20 Uye zvakaitika kuti mhuka “dzesango dzakaita shoma murenje zvekuti makororo aya akada kupera kufa nenzara.

21 Uye maNifai vakaramba vachifora kunze siku nesikati, uye vachiwira pamusoro pemauto awo, uye vachiadimura zviuru nemakumi ezviuru.

22 Uye saka chakave chido chevanhu vaZemunaraya kuti vabve mukuronga kwavo, pamusana pekuparadzwa kukuru kwaiuya kwavari usiku nemasikati.

23 Uye zvakaitika kuti Zemunaraya akati vanhu vake vabve mukukomba kwavakanga vakaita, uye vaende kumusoro-soro kwenyika yekuchamhembe.

24 Uye zvino, Gidhigidhonai aziva zano ravo, uye achizivawo kusasimba kwavo pamusana pekushaya zvekudya, nokuuraiwa kwakaipa kwavakanga vaitwa, naizvozvo akatumira mauto ake munguva yeusiku, uye akavadimudzira mukudududza kwavo, uye akaisa mauto ake munzira mavaitiza namo.

25 Uye izvi vakazviita munguva yeusiku, uye vakafora kupfuurira makororo aya, zvekuti ave mangwana, makororo paakatanga kufora kwawo, akasanganikwa nawo nemauto emaNifai kwose mberi kwawo neshure kwawo.

26 Uye makororo akanga ari nechekumaodzanyemba akadimurirwawo nzvimbo dzawo dzekutizira. Uye zvole zvinhu izvi zvakaitwa nekutuma kwaGidhigidhonai.

27 Uye kwakaita vazhinji vavo zviuru zvakawanda vakazvipira sevasungwa kumaNifai, uye vamwe vavo vole vakauraiwa.

28 Uye mutungamiri wavo, Zemunaraya, akatorwa akasungirirwa mumuti, hongu, kana

pamusoro pawo kudakara afa. Uye pavakanga vamusungirira kudakara afa, vakatema muti ukawira pasi, uye vakachema nezwi guru, vachiti:

29 Ishe ngavachengetedze vanhu vavo vari mukururama nomuutsvene hwemwoyo, kuti vagoita kuti vawisirwe pasi avo vole vanotsvaka kuvauraya pamusana pesimba nezvikwata zvemuruvande, sekurigirwa kwaitwa murume uyu pasi.

30 Uye vakafara vakachema zvakare nezwi rimwechete, vachiti: “Mwari vaAbrahama, naMwari vaIsaka, naMwari vaJakobo, dzivirirai vanhu avo mukururama, kana vari ^bvandaidza zita raMwari vavo kuti vadzivirirwe.

31 Uye zvakaitika kuti vakatanga vole, semunhu mumwechete, kuimba, “nokurumbidza Mwari vavo nechinhu chikuru chaakanga avaitira, nokuvachengetedza kuti vasawire mumaoko evavengi vavo.

32 Hongu, vakachema: “Hosana kuna Mwari Vekumusoro-soro. Uye vakachema kuti: Ngaripafadzwe zita ralshe Mwari ^bSamasimba, Mwari Vekumusoro-soro.

33 Uye mwoyo yavo yakafuta nemufaro, zvekuti vakasvimha misodzi, pamusana pekunaka kukuru kwaMwari mukuvabvisa mumaoko evavengi vavo; uye vaiziva kuti izvi zvakanga zvakonzerwa nekutendeuka kwavo nokupfava kwavo kuti

30a Aruma 29:11.

^b Eta 4:15.

31a Aruma 26:8.

NKM Kupakutenda.

32a NKM Hosana.

^b 1 Ni. 1:14.

NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari.

vabviswe mukuparadzwa kusingaperi.

CHITSAUKO 5

MaNifai vanotendeuka vachibva uye vasiya zvitema zvavo—Morrmoni anonyora rungano rwevanhu vake uye achibva avataurira shoko risingapere—Israeri ichaunganidzwa kubva mukupararira kwayo kwenguva refu. Zvingangove makore 22 kusvika ku26 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino tarisai, kwakanga kusina kana mweya mumwechete zvawo kuvanhu vaNifai vose waikahadzika kana zvi-shomanani mazwi emaporofita vose vatsvene avakanga vataura; nokuti vaiziva kuti aifanira kuti azadzikiswe.

2 Uye vaiziva kuti zvaive zviri zvakafanira kuti Kristu ange akauya, pamusana pezviratidzo zvizhinji zvakanga zvapiwa, maererano nemazwi emaporofita; uye nepamusana pezvinhu zvakanga zvatoitika kare vaiziva kuti zvakafanira kuti zvose zvinhu zviitike maererano nezvo zvakataurwa.

3 Naizvozvo vakasiya zvitema zvavo zvose, noruvingo rwavo, neupombwe hwavo, uye vakashandira Mwari nokusimba kwose siku nesikati.

4 Uye zvino zvakaitika kuti vatora ose makororo sevasungwa, zvekuti hapana akapunyuka pane asina kuuraiwa, vakakanda vasungwa vavo mutirongo,

uye ndokuita kuti shoko raMwari riparidzwe kwavari; uye vose vakatendeuka muzvitema zvavo uye vakaita chibvumirano chekuti havachazopondazve “vakasunungurwa.

5 Asi vose avo vasina kupinda muchibvumirano, uye vairamba vaine pfungwa dzekuponda kwakavandika mumwoyo yavo, hongu, vose vaiwanikwa vachityisidzira hama dzavo vaipiwa mhosva uye vorangwa maererano nemutemo.

6 Uye ndiko kupedza zvose izvo zvikwata zvakaipa, zvakananzika, uye zvakashoreka izvo zvakakonzera kuti huipi hwakanyanyisa nekuponda kwakawanda kuitwe.

7 Uye ndiko kupera kwakaita gore “rechimakumi maviri nemaviri, kana nerechimakumi maviri nematatuwo, nerechimakumi maviri nemana, nerechimakumi maviri nemashanu; uye kwakanga kwapfuura makumi maviri emakore ane makore mashanu.

8 Uye kwaive nezvinhu zvizhinji zvakanga zvaitika zvainge, mumaziso evamwe, zviri zvinhu zvikuru uye zvinoshamisa; zvakadaro, hazvinganyorwe zvose mubhuku rino; hongu, bhuku rino haringakwane kana chikamu chimwe kubva “muzana chezvinhu zvakaitwa muvanhu vazhinji kudai muchinguva chemakumi maviri emakore ane mashanu.

9 Asi tarisai kune “zvinyorwa

zvine zvose zvefafambiro aiita vanhu ava; uye rungano rwupfupi asi rwuri rwechokwadi rwakapihwa naNifai.

10 Naizvozvo ndaita zvinyorwa zvangu zvezvinhu izvi maererano nezviri muzvinyorwa zvaNifai, zvakanyorwa pamahwendefa aidaidzwa kuti mahwendefa aNifai.

11 Uye tarisai, ndinoita zvinyorwa pamahwendefa andagadzira nemaoko angu.

12 Uye tarisai, ndinonzi ^aMormoni, ndichidaidzwa nezita ^brenyika inonzi Mormoni, munyika makaiswa chechi naAruma muvanhu, hongu, chechi yekutanga yakaitwa mukati mavo mushure mekutadza kwavo.

13 Tarisai, ndiri mudzidzi waJesu Kristu, Mwanakomana waMwari. Ndakadaidzwa naiye kuti ndizotaura shoko rake mukati mevanhu vake, kuti vawane upenyu husingaperi.

14 Uye zvakafanira kuti ini, maererano nekuda kwaMwari, kuti minamoto yeavo vakaenda kare, vakanga vari vatsvene, yakafanira kuzadzikiswa maererano nerutendo rwavo, kuti ndiite ^azvinyorwa zvezvinhu izvi zvakaitwa—

15 Hongu, zvinyorwa zvisho-manani zveizvo zvakaitika kubvira panguva yakabva Rihai kuJerusarema, kana zvichidzika kusvika panguva ino.

16 Naizvozvo ndiri kuita ru-

ngano rwangu kubva kungano dzakapiwa neavo vaive pamberi pangu, kusvika mukutanga kwenguva yangu;

17 Uye zvino ndinobva ndaita ^azvinyorwa zvezvinhu zvanda-kaona nemaziso angu.

18 Uye ndinoziva kuti zvinyorwa zvandinoita zvakana uye ndezvechokwadi; zvakadaro kune zvinhu zvizhinji zvekuti, maererano nemutauro wedu, hatigone ^akuzvinyora.

19 Uye zvino ndinopedza zva-ndiri kutaura, zviri nezvangu, uye ndoenda mberi nokutaura nezvezvinhu zvakaitika ndisati ndavepo.

20 Ndini Mormoni, uye wechizvarwa chaRihai chechokwadi. Ndine chikonzero chekurumbidza Mwari vangu neMuponesi wangu Jesu Kristu, nokuti akaburitsa madzibaba edu munyika yeJerusarema, (uye ^ahapana mumwe aizviziva kunze kwake iye neavo vaakabuda navo munyika) nekuti akandipa ini nevanzhu vangu ruzivo rwakawanda rwakaponesa mweya yedu.

21 Chokwadi akaropafadza ^aimba ^byaJakobo, uye akanzwira ^ctsitsi kumbeu yaJosefa.

22 Uye ^amukuchengeta kwavana vaRihai mirairo yavo vakaropafadza uye vakavapa kubudirira maererano neshoko ravo.

23 Hongu, uye chokwadi achau-
unza zvakare ^avakasara vembeu

12a Morm. 1:1–5.

b Mosaya 18:4;
Aruma 5:3.

14a Eno. 1:13–18;
D&Z 3:19–20.

17a Morm. 1:1.

18a Eta 12:25.

20a 1 Ni. 4:36.

21a NKM Israeri.
b Gen. 32:28.

c Deut. 33:13–17.

22a 2 Ni. 1:20.

23a Aruma 46:24.

yaJosefa ^bkuruzivo rwaIshe Mwari vavo.

24 Uye chokwadi sezvo Ishe vari mupenyu, “vachaunganidza kubva kumativi mana enyika vose vakasara vembeu yaJakobo, vakapararira mhiri kwose pamusoro penyika.

25 Uye sezvo vakabvumirana nempa yose yaJakobo, saka chibvumirano chavakabvumirana nempa yaJakobo chichazadzikiswa munguva yavo, “mukudzorera yose imba yaJakobo muruzivo rwechibvumirano chavakabvumirana navo.

26 Uye zvino ndipo “pavachaziva Mununuri wavo, anove ndiye Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari; uye ndipo pavachaunganidzwa kubva kumativi mana enyika vachienda kunyika dzavo, kwavakanga vabviswa; hongu, sezvo Ishe vachirarama ndizvo zvazvichaita. Amen.

CHITSAUKO 6

MaNifai vanobudirira—Kuzvida, hupfumi, norusarura zvinobva zvabuda—Chechi rinotsemurwa mukusawirirana pamusana pevabobva mariri—Satani anotungamira vanhu mukupanduka kuri pachena—Vaporofita vazhinji vanodaidzira kutendeuka vobva vauraiwa—Vapondi vavo vanorangana kutora hurumende. Zvingangove makore 26 kusvika ku30 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti vanhu vaNifai vakadzokera vose kunyika dzavo mugore rechimakumi maviri nematanhatu, wose munhu, nemhuri yake, matanga ake, mahachi ake nemombe dzake, nezvinhu zvose zvainge zviri zvavo.

2 Uye zvakaitika kuti vakanga vasina kupedza mbuva dzavodzose; naizvozvo vakatora zvose zvavakanga vasina kudya vakaenda nazvo, ose marudzi embeu dzavo, negoridhe ravo, nesirivha yavo, nezvinhu zvavo zvose zvinokosha, uye vakadzokera kunyika dzavo nezvinhu zvavo, kwose kuchamhembe nokumaodzanyemba, kwose kunyika yaive kuchamhembe neyaive kumaodzanyemba.

3 Uye vakapa avo vemakororo aya vakanga vaita chibvumirano kuti vanozochengetedza runyararo rwenyika, vachida kuramba vari maRamani, minda, maererano nekuwanda kwavo, kuti vawane, nokushanda kwavo, pekuzviriritira napo; uye ndiko kudzika kwavakaita runyararo munyika yose.

4 Uye vakatanga zvakare kubudirira nokukura; uye gore rechimakumi maviri nematanhatu nere makumi maviri nemanomwe akapfuura, uye nyika yakanga yakagadzikana; uye vakanga vaita mitemo yavo maererano nokuenzanisa noku-tonga kwakanaka.

5 Uye zvino makanga musina chimwe chinhu munyika yose

23b 2 Ni. 3:12.

24a NKM Israeri—
Kuunganidzwa

kwa Israeri.

25a 3 Ni. 16:5.

26a 2 Ni. 30:5–8;

3 Ni. 20:29–34.

chaikanganisa kuti vasarambe vachibudirira, kunze kwekunge vawira mukutadza.

6 Uye zvino akanga ari Gidhidhonai, nemutongi, Rakoniasi, uye neavo vakanga vaitwa vatumamiri, vakanga vadzika runyararo rwukuru urwu munyika.

7 Uye zvakaite kuti kwaive nemaguta mazhinji akavakwa patsva, uye kwaive nemaguta matsaru akagadziriswa.

8 Uye kwaive nemigwagwa mikuru yakagadzirwa, nenzira dzakaitwa, dzaibva nokuenda guta neguta, uye nyika nenyika, uye nzvimbo nenzvimbo.

9 Uye ndiko kupfuura kwakaita gore rechimakumi maviri nemasere, uye vanhu vaingove murunyararo.

10 Asi zvakaite kuti mugore rechimakumi maviri nemapfumbamwe kwakatanga kuitirana nharo muvanhu; uye vamwe vakazvikudza “nokudada pamusana pepfuma yavo yakawanda, hongu, kana kusvika pakunetsa vamwe zvikuru.

11 Nokuti munyika maive nevategesi vazhinji, nemagweta akawandawo, nemakurukota akawanda.

12 Uye vanhu vakatanga kuzivikanwa nezvavari, maererano “neupfumi hwavo nekuwana kwavo mukana wekudzidza; hongu, vamwe vakanga vasina kudzidza pamusana peurombo hwavo, uye vamwe vakagashira kudzidza kukuru pamusana pekupfuma kwavo.

13 Vamwe vakasimudzwa mukudada, uye vamwe vakanga vakapfava zvikuru; vamwe vaidzorera kutuka nekutuka, asi vamwe vaigashira kutukwa “neketsetwa nokutambudzwa kwose, uye havaipinduka ^bvachitukawo, asi vakanga vakapfava uye vakatyoka pamberi paMwari.

14 Uye saka munyika makave nekusaenzana kukuru, zvekuti chechi yakatanga kuparara; hongu, zvekuti mugore rechigumi nematatu chechi yakanga yaparara munyika yose kunze kwekumaRamani vakanga vapindukira kurutendo rwechokwadi; uye vakaramba kubva marwuri, nokuti vakanga vakatakamara, uye vakasimba, uye vasingazungunuke, vachida “nesimba ravo rose kuchengeta mirau yaIshe.

15 Zvino chikonzero chekutadza kwevanhu uku chaive ichi—Satani aive nesimba guru, raimutsa vanhu kuti vaite zvitadzo zveumarudzi ose, nokuvazadza nokudada, nokuvaedza kuti vatsvake simba nemvumo, nokutonga, neupfumi, nezvinhu zvisina maturo zvenyika.

16 Uye ndiko kunyengedza kwakaita Satani mwoyo yevanhu kuti vaite zvakaipa zvakasiyana-siyana; naizvozvo vakanga vamboita runyararo kwemakore mashoma chete.

17 Uye saka, mukutanga kwegore rechimakumi matatu—vanhu vachibvumirwa kwenguva

6 10a NKM Kudada.
12a I Tim. 6:17–19;
Hir. 4:12.

13a NKM Kupfuisa.
b Mat. 5:39;
4 Ni. 1:34;

D&Z 98:23–25.
14a NKM Hushingi.

huru kuti vatakurwe “muzviedzo zvadhiabhorosi achivaendesa kwose kwaainge achida kuti vaende—uye saka mukutanga kwaro, gore iri rechimakumi matatu, vakanga vari mukati mekutadza kunotyisa.

18 Zvino havana kunge vachita zvitema “vasingazive, nokuti vaiziva chido chaMwari maererano navo, nokuti chakanga chakadzidziswa kwavari; naizvozvo ^bvakapandukira Mwari nokuda.

19 Uye zvino zvaive mumazuva aRakoniasi, mwanakomana waRakoniasi, nokuti Rakoniasi akanga atora chigaro chababa vake uye akatonga vanhu mugore iroro.

20 Uye kwakatanga kuve nevanhu vakanga “vafemerwa kubva kudenga uye vakatumwa, vachimira mukati mevanhu munyika yose, vachiparidza nokupupura vasingatye nezvezvitema nezvitadzo zvevanhu, uye vachipupura maererano nerunuro rwuchaitwa naIshe kuvanhu vake, kana nemamwe mazwi, kumuka kuvakafa kwaKristu; uye vakapupura pasina kutya ^bnezverufu nekutambudzika kwake.

21 Zvino kwaive nevamwe vevanhu vakawanda vakashatirwa zvikuru pamusana peavo vaipupura zvinhu izvi; uye vakanga vakashatirwa vazhinji vavo vaive vatongi vakuru, neavo “vaive vapirisita vepamusoro

nemagweta; hongu, vose avo vaive magweta vakashatiriswa neavo vaipupura zvinhu izvi.

22 Zvino hakuna gweta kana mutongi kana mupirisita wepamusoro aive nesimba rokutongera munhu kufa kunze kwekunge kutongwa kwavo kwanyorwa nagavhuna wenyika.

23 Zvino kwaive nevazhinji veavo vaipupura pamusoro pezvinhu zvaKristu vaipupura vasina chavanotyia, vakatorwa uye vakauraiwa mukavere-vere nevatongi, zvekuti ruzivo rwekufa kwavo harwuna kusvika kuna gavhuna wenyika kudakara vatouraiwa kare.

24 Zvino tarisai, izvi zvakanga zvisiri maererano nemitemo yenyika, kuti ani zvake auraiwe kunze kwekunge vane simba ragavhuna wenyika—

25 Naizvozvo chichemo chakauya munyika yeZarahemura, kuna gavhuna wenyika, pamusoro pevatongi ava vakanga vatongera vaporofita vaIshe kufa, zvisiri mumutemo.

26 Zvino zvakaitika kuti vakatorwa vakaendwa navo pamberi pemitongi, kuti vatongwe nemhosva yavakanga vaita, maererano “nemutemo wakanga wapiwa nevanhu.

27 Zvino zvakaitika kuti vatongi ava vaive neshamwari zhinji nehama; uye vakasara, hongu, kana kunge ose magweta nevapirisita vepamusoro, vakaungana pamwechete, vakabatana

17a NKM Chiedzo.

18a Mosaya 3:11.

^b NKM Hupanduki.

20a NKM Kutunhwa;

Muporofita.

^b NKM Dzikinura;

Kuroverwa.

21a D&Z 121:36–37.

NKM Kurasika

Pachitendero.

26a Mosaya 29:25;

Aruma 1:14.

nehama dzevatongi avo vakanga vachitongwa maererano nemutemo.

28 Uye vakapinda “muchibvumirano pachavo, hongu, kana chibvumirano chiya chavakaita kare, chiri chibvumirano chakanga chaitwa ^bnadhiabhorosi, kuti vabatane mukurwisana nevakarurama vose.

29 Naizvozvo vakabatana vachirwisana nevanhu vaIshe, uye ndokupinda muchibvumirano chekuvaparadza, noku-bvisa avo vaive nemhosva yekuponda kuti vasarangwe, chiri chinhu chakange chave kuda kuitwa maererano nemutemo.

30 Uye vakashora mutemo nekodzero dzenyika yavo; uye vakarangana kuti vaparadze gavhuna wenyika, nekuti vaise “mambo anotonga nyika, kuti nyika ichirega kuve yakasununguka asi kuti ive pasi pemadzimambo.

CHITSAUKO 7

Mutongi mukuru anopondwa, hurumende inoparadzwa, uye vanhu vanokamurana mumarudzi avo — Jakobho, munhu asingade Kristu, anove mambo wechikwata chemuruvande — Nifai anoparidza kute ndeuka norutendo munaKristu — Ngirozi dzinomudzidzisa mazuva ose, uye anomutsa munin'ina wake kubva kuvakafa — Vazhinji vanotendeuka uye vachibva vabhabha-

tidzwa. Zvingangove makore 30 kusvika ku33 shure kwekunge Kristu azvarwa.

ZVINO tarisai, ndichakuratidzai kuti havana kuisa mambo wekutonga nyika; asi mugore irori, hongu, gore rechigumi nematatu, vakaparadza chigaro chekutonga, hongu, vakaponda mutongi mukuru wenyika.

2 Uye vanhu vakamukirana, uye vakaparadzana nemarudzi, wose munhu maererano nemhuri yake nehama dzake neshamwari; uye ndiko kuparadza kwavakaita hurumende yenyika.

3 Uye rwose rudzi rwakaisa ishe kana mutungamiri pamusoro pavo; uye saka vakave marudzi nevatungamiri vemarudzi.

4 Zvino tarisai, hakuna munhu pakati pavo akanga asina mhuri huru nehama dzakawanda neshamwari; naizvozvo marudzi avo akakura zvikuru.

5 Zvino zvose izvi zvakaitwa, uye kwakanga kusati kwave nehondo pakati pavo; uye kwose kuipa uku kwakauya kuvanhu pamusana pekuti “vaizvipira kusimba raSatani.

6 Uye zvisungo zvehurumende zvakaparadzwa, pamusana pechikwata “chemuruvande cheshamwari nehama dzeavo vaiponda maporofita.

7 Uye vakakonzera kupesana kukuru munyika, zvekuti vazhinji vevanhu vakanga vakarurama vakanga vada kuva vose vakaipa; hongu, makange mave

28a NKM Huranganwa hwemuruvande.
b Hir. 6:26-30.

30a I Sam. 8:5-7;
Aruma 51:5.
7 5a VaR. 6:13-16;

Aruma 10:25.
6a 2 Ni. 9:9.

nevakarurama vashoma pakati pavo.

8 Uye saka kwakange kusati kwapfuura makore matanhatu kubvira panguva vanhu vazhinji vakabva mukururama kwavo, sembwa inodzokera “kumarutsi ayo, kana kuti sedunzvi renguruve rinonoumburuka mumatope.

9 Zvino chikwata ichi chemuruvande, chakanga chaunza kutadza kukuru muvanhu, chakaunganidzana pamwechete, uye chakaisa pamusoro pachomurume wachaiti Jakobho;

10 Uye vakamudaidza kuti mambo wavo; naizvozvo akave mambo wechikwata chine uipi ichi; uye aive mumwe weavo vakataura zvikuru kwazvo kurwisa vaporofita vaipupura nezvaJesu.

11 Uye zvakaitika kuti vakanga vasina kusimba muuwandu semarudzi evanhu, vakanga vakabatana pamwechete kunze kwevatungamiri vavo vakaisa mitemo yavo, wose maererano nerudzi rwake; zvakadaro vaiva mhandu; kana dai zvazvo vakanga vasiri vanhu vakarurama, asi vakanga vakabatana muruvengo rweavo vakanga vaine chibvumirano chekuperadza hurumende.

12 Naizvozvo, Jakobho achiona kuti vavengi vavo vakanga vakawanda kupfuura ivo, iye samambo wechikwata ichi, naizvozvo akaudza vanhu vake kuti vatizire kumusoro-soro kwenyika yekuchamhembe, uye ikoko vagovaka “umambo hwa-

vo, kusvika vatorana nevanopanduka (nokuti aivanyepera kuti kuchapanduka vazhinji) uye vobva vave vakasimba zvakakwana zvekuti varwisane nemarudzi evanhu; uye ndizvo zvavakaita.

13 Uye vakafamba nokukuru-midza zvekuti hakuna chaikwanisa kuvakanganisa kudakara vave kure zvekusabatwa nevanhu. Uye ndikwo kupera kwakaita gore rechimakumi matatu; uye ndizvo zvakanga zvakaita zvinhu zvevanhu vaNifai.

14 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi matatu nerimwechete vakakamurana mumarudzi, wose munhu maererano nemhuri yake, hama neshamwari; zvakadaro vakanga vakabvumirana kuti ivo pachavo havafanire kuti varwisane; asi vakanga vasina kubatana kumitemo yavo, netsika yehurumende dzavo, nokuti dzaitwa maererano nepfungwa dzeavo vaive vakuru nevatungamiri vavo. Asi vakanga vakaisa mitemo yakaoma yekuti rudzi harwaibvumirwa kupinda kwevamwe, zvekuti zvakaita kuti munyika muve nerunyararo; zvakadaro, mwoyo yavo yakabva kuna Ishe Mwari vavo, vakatema maporofita nematombo vakavatandanisa pakati pavo.

15 Uye zvakaitika kuti “Nifai—ashanyirwa nengirozi nezwi raIshewo, naizvozvo aona ngirozi, uye aine umbowo hwekuona nemaziso ake, uye aine simba raakanga apiwa kuti

azive neufundisi hwaKristu, uye ari akaonawo kukurumidza kwavo kubva mukururama vachienda mukuipa kwavo neruvengo rwavo;

16 Naizvozvo, nokusuwisa pamusana pekuoma kwemwoyo yavo neupofu hwepfungwa dzavo—akaenda pakati pavo mugore rimwechete iroro, uye akatanga kupupura, asingatye, kutendeuka nokuregererwa kwezvitema mukutenda muna Ishe Jesu Kristu.

17 Uye akavadzidzisa zvinhu zvizhinji; uye zvose hazvinganyorwe, uye chidimu chazvo hachingakwane, naizvozvo hazvina kunyorwa mubhuku rino. Uye Nifai akadzidzisa “nesimba nemvumo huru.

18 Uye zvakaitika kuti vakamushatirirwa, pamusana pekuti aive nesimba kupfuura ravo, nokuti “hazvaitika kuti vasatende mazwi ake, nokuti rutendo rwake muna Ishe Jesu Kristu rwaive rwukuru zvekuti ngirozi dzaimudzidzisa mazuva ose.

19 Uye muzita raJesu aitandana vana dhiabhorosi nemweya “yetsvina; uye kana munin’ina wake akamumutsa kuvakafa, mushure mekunge atemwa nematombo akauraiwa nevanhu.

20 Uye vanhu vakazviona, uye vakapa umbowo hwazvo, uye vakamushatirirwa pamusoro pesimba rake; uye akaita zvimwe zvishamiso “zvizhinji zvakare, mumaziso evanhu, muzita raJesu.

21 Uye zvakaitika kuti gore rechimakumi matatu nerimwechete rakapfuura, uye pakanga paine vashoma vakanga vapindukira kuna Ishe; asi ivavo vakapinduka vakaratidza zvechokwadi kuvanhu kuti vakashanyirwa nesimba neMweya waMwari, waive muna Jesu Kristu, wawaitenda maari.

22 Uye vose vakabviswa vana dhiabhorosi mavari, uye vakarapwa zvirwere zvavo nekuramara kwavo, vakaratidza zvechokwadi kuvanhu kuti zvakaitwa neMweya waMwari, uye vakarapwa; uye vakaratidza zviratidzo naivowo uye vakaita zvishamiso muvanhu.

23 Ndiko kupfurawo kwakaita gore rechimakumi matatu nemaviri. Uye Nifai akachema kuvanhu mukutanga kwegore rechimakumi matatu nematatu; uye akaparidza kwavari kutendeuka nokuregererwa kwezvitema.

24 Zvino ndingade kuti dai marangarira zvakare, kuti hakuna vakatendeuka vásina “kubhabhatidzwa nemvura.

25 Naizvozvo, vakagadzwa naNifai, varume muhupirisita uhu, kuti avo vose vachauya kwavari vakafanira kunge vari vavakabhabhatidza nemvura, uye izvi umbowo neuchapupu kuna Mwari, nokuvanhu, kuti vakatendeuka vakawana “kuregererwa kwezvitadzo zvavo.

26 Uye kwakanga kuine vazhinji mukutanga kwegore iri

17a NKM Simba.

18a 2 Ni. 33:1; Aruma 4:19.

19a NKM Mweya—

Mweya yakaiapa.

20a 3 Ni. 8:1.

24a NKM Bhabhatidza.

25a D&Z 20:37.

NKM Kuregererwa
kweZvitadzo.

vakabhabhatidzwa mukutende-
uka; uye ndiko kupfuura kwa-
kaita chikamu chikuru chegore.

CHITSAUKO 8

Dutu, kundengendeka kwenyika, moto, chamupupuri, kushanduka kwekunze nechimbi-chimbi zvinotaura kuroverwa kwaKristu—Vanhu vazhinji vanoparadzwa—Rima rinofukidza nyika kwamazuva matatu—Avo vanosara vanochema nhamo yavo. Zvingangove makore 33 kusvika ku34 shure kwekunge Kristu azoarwa.

UYE zvakaitika kuti maererano nezvinyorwa zvedu, tinoziva kuti zvinyorwa zvedu ndezvechokwadi, nokuti tarisai, akanga ari munhu akarurama akachengeta zvinyorwa—nokuti zvechokwadi akaita “zvishamiso zvizhinji ^bmuzita ra-Jesu; uye hakuna munhu angaite zvishamiso muzita raJesusu kunze kwokunge akacheneswa kubva patsvina iri yose zvayo—

2 Uye zvino zvakaitika kuti, kana pakanga pasina kukanganisa kwakaitwa nomurume uyu pakuverenga nguva yedu, gore “rechimakumi matatu namatatu rakanga rapfuura;

3 Uye vanhu vakatanga kutarisa vane chivimbo chikuru kuti vaone chiratidzo chakanga chapiswa nomuporofita Samueri, muRamani, hongu, kunguva

yekuti kuchave “nerima kwe-mazuva matatu pasi pose.

4 Uye kwakatanga kuva noku-kahadzika kukuru nokupesana pakati pavanhu, kunyangwe hazvo “zviratidzo zvakawanda zvakanga zvapiwa.

5 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi matatu nemana, mumwedzi wokutanga, pazuva rechina romwedzi, kwakatanga dutu guru, rerudzi rwakanga rwusati rwamboonekwa munyika yose.

6 Uye kwakava nemhepo huru yaityisa zvikuru; kwakave “namabanan’ana akaipa, ^bzvakan-dengendetsa nyika yose ikaita kunge yakange yave kuda kutsemuka nepakati.

7 Uye kwakava nemheni dzaityisa zvikuru, dzerudzi rwakanga rwusati rwamboonekwa munyika yose.

8 Uye “guta reZarahemura rakabvira.

9 Uye guta reMoronai rikanyura pasi pegungwa, vagari vemo vakanyudzwa.

10 Uye nyika yaive neguta re-Moronaiha yakasimudzwa, zvekuti panzvimbo paive neguta iri pakave negomo guru.

11 Uye kwakave nekuparadzwa kukuru kwaityisa kudivi rokumaodzanyemba.

12 Asi tarisai, kwakave noku-paradzwa kukuru kwaityisa kupfuura ipapo nechekuchamhembe; nokuti tarisai, nyika

8 1a 3 Ni. 7:19–20;
Morm. 9:18–19.
b Mabasa 3:6;
Jak. 4:6.
2a 3 Ni. 2:8.

3a 1 Ni. 19:10;
Hir. 14:20, 27;
3 Ni. 10:9.
4a NKM Kuroverwa.
6a 1 Ni. 19:11;

Hir. 14:21.
b Mat. 27:45, 50–51.
8a 4 Ni. 1:7–8.

yose yakashandurwa, nokuda kwemhepo nechamupupuri, nemabhanan'ana nemheni, neku-ndengendeka kukuru kwepasi rose;

13 Uye “nzira huru dzakapadzwaw, nzira dzepasi dzikakannganiswa, uye nzvimbo dzakawanda dzakange dzakanaka dzikave nemakomba-makomba.

14 Uye maguta makuru aionekera “akanyudzwa, uye mazhinji akapiswa, uye mazhinji akandengendetswa kusvikira dzimba dzemo dzawira pasi, vagari vemo vakauraiwa, nzvimbo dzikasara dzisisina vanhu.

15 Uye paive nemamwe maguta akasara; asi kukuvara kwawo kwakanga kuri kukuru zvaka-pfuridza, uye maive nevakawanda maari vakauraiwa.

16 Uye kwaive nevamwe vakatakurwa nechamupupuri; kwavakaenda hakuna anoziva, vanongoziva chete kuti vakatakurwa.

17 Uye uku ndiko kunyangadzwa kwakaitwa pasi rose, nokuda kwemhepo huru, nemabhanan'ana, nemheni, noku-ndengendeka kwenyika.

18 Uye tarisai, “matombo akatsemurwa nepakati; akapwanywa, akazara pasi rose, zvokuti akazowanika akangopwanyika aine mitswe makatsemuka nemakoronga, pasi rose.

19 Uye zvakaitika kuti apo mabhanan'ana, nemheni, nedutu guru, nemhepo, nekunde-

ngendeka kwakamira—nokuti tarisai, zvakatora nguva inokwana maawa matatu; uye zvakanzi nevamwe nguva yacho yakange yakareba kupfuura ipapo; zvisinei, zvinhu zvikuru zvaityisa izvi zvose zvakaitika munguva yaida kukwana maawa “matatu—zvino tarisai, kwakave nerima panyika.

20 Uye zvakaitika kuti kwakave nerima guru rakafukidza nyika yose, rekuti vagari vemo vakanga vasina kufa “vainzwa kurema^bkwemhute;

21 Uye kwakanga kusingakwanise kuva nechiedza, nokuda kwerima, kana makanduru, kana marambi; kana kuva nemoto wakabatidzwa nehuni dzavo dzakanga dzakaoma zvakanakisisa, zvekuti kwakanga kusingambokwanisa kuva kana nechiedza zvacho;

22 Uye hakuna kana chiedza chakamboonekwa, kana moto, kana kuvaima, kana zuva, kana mwedzi, kana nyenyedzi, ndiko kusviba kwakange kwakaita rima rakange riri panyika.

23 Uye zvakaitika kuti kwakapera mazuva “matatu kusina chiedza chakaoneka; uye kwakave nokusuwa nokuchema nokuridza mhere kwakanga kusingamiri pakati pavanhu; hongu, kugunun'una kwavanhu kwakanga kuri kukuru, nokuda kwerima nokuparadzwa kwakanga kwavawira.

24 Uye mune imwe nzvimbo

13a Hir. 14:24;

3 Ni. 6:8.

14a 1 Ni. 12:4.

18a Hir. 14:21–22.

19a Ruka 23:44.

20a Eks. 10:21–22.

b 1 Ni. 12:5; 19:11.

23a 1 Ni. 19:10.

vakanzwikwa vachichema, vachiti: Dai takatendeuka zuva guru iri risati rasvika, hama dzedu dzingadai dzakaregererwa, uye vangadai vasina kupiswa muguta guru iro ^areZarahemura.

25 Uye mune imwe nzvimbo vakanzwikwa vachichema nokusuwa vachiti: Dai takatendeuka zuva guru rinotyisa iri risati rasvika, uye tisina kuuraya nekutema vaporofita nematombo, nokuvakanda kunze; vanamai vedu nevanasikana vedu vakana, nevana vedu vangadai varegererwa, vasina kufusirwa muguta iro reMoronaiha. Uku ndiko kuchema kunotyisa kukuru kwaiita vanhu.

CHITSAUKO 9

Murima, izwi raKristu rinotaura nezvekuparadzwa kwevanhu vazhinji nemaguta pamusana pekuipa kwavo—Anotaurawo nezveutsvene hwake, achibva adaidzira kuti mutemo waMosesi wazadzikiswa, uye ndokubva akoka vanhu kuti vauye kwaari vaponeswe. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti pane ^aizwi rakanzwikwa muvanhu vose vaigara munyika, pamusoro penyika ino yose, richichema:

2 Nhamo, nhamo, nedambudziko kuvanhu ava; ^anhamo kuvagari vose vari panyika kunze kwekunge vatendeuka; nokuti

dhiabhorosi ari ^bkuseka, uye ngirozi dzake dziri kupembera, pamusana pekuuruiwa kwevanakomana nevanasikana vakana kwevanhu vangu; uye zviri pamusana pekuipa nokutadza kwavo zvaita kuti vapunzike!

3 Tarisai, guta guru riya reZarahemura ndakaripisa nemo, nevagari varo vaivemo.

4 Uye tarisai, guta riye guru raMoronai ndakaita kuti rinyure muudzamu hwegungwa, nevagari vemo kuti vanyudzwe.

5 Uye tarisai, guta guru riya reMoronaiha ndakarifushira nevhu, nevagari vacho, kuti ndivige kuipa kwavo neruvengo rwavo pameso pangu, kuti ropa remaporofita nerevatendi risazouya kwandiri zvakare richivarwisa.

6 Uye tarisai, guta reGirgari ndakaita kuti rinyudzwe, uye vagari vacho kuti vavigwe muudzamu hwevhu;

7 Hongu, neguta reOnaiha nevagari varo, neguta raMokamu nevagari varo, neguta reJerusarema nevagari varo; uye ndikaita kuti muve ^anemvura, kuviga kuipa kwavo nokutadza kwavo pamberi pemeso angu, kuti ropa remaporofita nerevatendi risazouya kwandiri zvakare richivarwisa.

8 Uye tarisai, guta reGadhiandi, neguta reGadhiomuna, neguta raJakobho, neguta reGimugimuno, ose ndakaita kuti anyudzwe, ndikaita ^azvikomomo nenhika munzvimbo dzawo; uye vagari

24a Hir. 13:12.
9 1a 1 Ni. 19:11;
3 Ni. 11:10.

2a Mat. 11:20–21.
b Mos. 7:26.
7a Ezk. 26:19.

8a 1 Ni. 19:11.

vacho ndikavafushira muudzamu hwepasi, kuviga kuipa nokutadza kwavo kubva kumeso kwangu, kuti ropa remaporofita nerevatendi risauye zvakare kwandiri kuzovarwisa.

9 Uye tarisai, guta riya guru Jakobhugati, rakanga rigerwe nevanhu vamambo Jakobho, ndakariita kuti ritsve nemoto pamusana pezvitema zvavo neuipe hwavo, hwakanga hwakapfuura uipi hwepasi pose, pamusana pekuponda nezvikwata zvavo ^azvemuruvande; nokuti ndivo vakaparadza runyararo rwevanhu vangu nehurumende yenyika; naizvozvo ndakaita kuti vapiswe, kuti ^bndivaparadze pameso pangu, kuti ropa remaporofita nerevatendi risauye kwandiri zvakare kuzovarwisa.

10 Uye tarisai, guta raRamani, neguta raJoshi, neguta raGadi, neguta raKishikumeni, ndakaita kuti apiswe nemoto, nevai-gara maari, pamusana pekuipa kwavo mukutandanisa maporofita, nekutema nematombo avo vandakatuma kuzotaura kwavari pamusoro peuipe hwavo neruvengo rwavo.

11 Uye pamusana pekuti vakavakanda kunze, zvekuti mukati mavo makanga musisina akarurama, ndakatumira ^amoto kuti uvaparadze, kuti uipi hwavo nokutadza kwavo kuvigwe

pauso hwangu, kuti ropa remaporofita nerevatendi vandakatumira pakati pavo risacheme kwandiri ^brichibva pasi kuti rivarwise.

12 Uye ndakakonzera kuparara ^akwakawanda kukuru kuti kuuye munyika muno, nekuvanhu ava, pamusana peuipe hwavo noruvengo rwavo.

13 Imi mose ^amakaponeswa nokuti makanga makarurama kupfuura ivo, hamungachidzoka kwandiri zvino here, motendeuka pazvitadzo zvenyu, uye mopinduka, kuti ^bndikurapei?

14 Hongu, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, kana ^amukauya kwandiri muchawana upenyu ^bhwokusingaperi. Tarisai, ruoko rwangu ^crwetsitsi dzakatambanudzirwa kwamuri, uye wose uyo achauya, iyeye ndichamugashira; uye vakaropafadzwa avo vanouya kwandiri.

15 Tarisai, ndini Jesu Kristu Mwanakomana waMwari. ^aNdakasika matenga nepasi, nezvinhu zvose zvirimazviri. Ndaive naBaba kubvira pakutanga. ^bNdiri muna Baba, uye Baba vari mandiri; uye mandiri Baba vakarumbidza zita ravo.

16 Ndakauya kune vangu, uye vangu ^avakasandigashira. Uye magwaro anotaura nezvekuuya kwangu akazadzikiswa.

17 Uye vose avo vakandiga-

9a Hir. 6:17–18, 21.

b Mosaya 12:8.

11a II Madz. 1:9–16;

Hir. 13:13.

b Gen. 4:10.

12a 3 Ni. 8:8–10, 14.

13a 3 Ni. 10:12.

b Jer. 3:22;

3 Ni. 18:32.

14a 2 Ni. 26:24–28;

Aruma 5:33–36.

b Joh. 3:16.

c Aruma 19:36.

15a Joh. 1:1–3;

VaKoro. 1:16;

Hir. 14:12;

Eta 4:7;

D&Z 14:9.

b Joh. 17:20–22;

3 Ni. 11:27; 19:23, 29.

16a Joh. 1:11; D&Z 6:21.

shira, kwavari “ndakapa kuti vave vanakomana vaMwari; uye ndichadaro kana kune avo vachatenda muzita rangu, nokuti tarisai, mandiri ndimo munouya ^bnerununuro, uye mandiri ndimo munozadzikiswa ‘mitemo waMosesi.

18 Ini ndini “chiedza neupenyu hwenyika. Ndini ^bArfa naOmega, kutanga nokupedzisira.

19 Uye “hamuchazoita zveku-deura ropa kuti mupire kwandiri; hongu, mupiro yenyu nekupira kwenyu zvakapiswa zvicharegerwa, nokuti handichabvuma mipiro yenyu nemipiro yenyu yezvakapiswa.

20 Uye “muchapira kwandiri mwoyo wakatyoka nemweya wakapfava. Uye ani nani anouya kwandiri nemwoyo wakatyoka nemweya wakapfava, iyeye ^bndichamubhabhatidza nemoto neMweya Mutsvene, kana sema-Ramani, pamusana perutendo rwavo mandiri munguva dzavo dzekupinduka, vakabhabhatidzwa nemoto neMweya Mutsvene, uye ivo havana kuzviziva.

21 Tarisai, ndakauya munyika kuti ndiunze rununuro kunyika, kuti ndiponese nyika muzvitema.

22 Naizvozvo, wose “anotendeuka uye achiuya kwandiri ^bsemwana mudiki, iyeye ndichamugashira, nokuti vakadaro ndivo veumambo hwaMwari.

Tarisai, nokuti ivavo ndivo ‘vandakasiira upenyu hwangu pasi, uye ndikahutora zvakare; naizvozvo tendeukai, uye mu-uye kwandiri imi mativi mana enyika, uye muzoponeswa.

CHITSAUKO 10

Munyika mune runyararo kwe-chinhambo chakati kuti— Izwi ra-Kristu rinovimbisa kuunganidza vanhu vake sekuunganidza kunoita huku hukwana dzayo— Vazhinji vevanhu vakachengetedzwa. Zvingangove makore 34 kusvika ku35 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino tarisai, zvakaitika kuti vose vanhu vemunyika vakanzwa zvakataurwa izvi, uye vakazvipupura. Uye mushure mekutura uku munyika makava norunyararo kwechinguva chakati;

2 Nokuti vanhu vakashamiswa zvikuru kwazvo zvekuti vakamira kunyunyuta nekuuwura pamusana pekurasikirwa nehamadzavo dzakanga dzauraiwa; nokudaro munyika makava norunyararo kwechinguva chakati.

3 Uye zvakaitika kuti kwakauya izwi zvakare kuvanhu, uye vose vanhu vakarinzwa, uye vakazvipupura, richiti:

4 Imi vanhu vemaguta ^amakuru aya akaponzika, muri vechi-

17a Joh. 1:12.

NKM ; Vanakomana neVanasikana vaMwari.

^b NKM Akanunura.

^c 3 Ni. 12:19, 46–47; 15:2–9.

18a NKM Chiedza,

Chiedza chaKristu.

^b Zvaka. 1:8.

NKM Arfa naOmega.

19a Aruma 34:13.

20a 3 Ni. 12:19;

D&Z 20:37.

^b 2 Ni. 31:13–14.

22a NKM Rutendeuko.

^b Marko 10:15;

Mosaya 3:19;

3 Ni. 11:37–38.

^c Joh. 10:15–18.

10 4a 3 Ni. 8:14.

zvarwa chaJakobo, hongu, muri vemba yaIsraeri, kangani ndichikuvhumbamirai sekuvhumbamira kunoita huku hukwana dzayo, uye ^bndichikuriritirai.

5 Uye zvakare, “kangani ndichikuvhumbamirai sehuku inovhumbamira hukwana dzayo pasi pemapapiro ayo, hongu, imi vanhu vemba yaIsraeri, makapuzika; hongu, imi vanhu vemba yaIsraeri, imi mugere kuJerusarema, semi makapuzika; kangani kandingadai ndakakuvhumbamirai sehuku inovhumbamira hukwana dzayo, asi imi musingade.

6 Imi vemba yaIsraeri “vanda-kaponesa, ndokuvhumbirai kangani sehuku inovhumbamira hukwana dzayo pasi pemapapiro ayo, kuti mutendeuke uye ^bmutdzoke kwandiri “nemwoyo izere nechido.

7 Asi kana zvisiri izvo, imba yaIsraeri, nzvimbo dzenyu dzamugere dzichave matongo kudakara nguva yekuzadzikiswa “kwechibvumirano kune madzibaba enyu.

8 Uye zvino zvakaitika kuti mushure mekunge vanhu vanzwa mazwi aya, tarisai, vakatanga kuchema nokuwuura zvakare pamusoro pekurasikirwa kwavo nehama neshamwari.

9 Uye zvakaitika kuti ndiko kupfuura kwakaita mazuva matatu. Uye akanga ari mangwanani, uye ^arima rikabva pamusoro

penyika, uye nyika ikamira kundendemera, uye mabwe akamira kutsemuka, nekugomera kunotyisa wose kwakamira, neruzha rwose rwekutinhira rwakapfuura.

10 Uye nyika yakabatana zvakare, zvekuti yakamira; kudukura, nokuchema, uye kuhwihwidza kwevanhu vakanga vasiwa vari vapenyu kwakapera; uye kudukura kwavo kwakave mufaro, uye kunyunyuta kwavo kukave kurumbidza nekutenda Ishe Jesu Kristu, Mununuri wavo.

11 Uye ndipo pakasvika “kuzadzikiswa kwemagwaro matsvene akanga ataurwa nemaporofita.

12 Uye vakanga vari avo vanhu vakarurama “kupfuura vamwe vakaponeswa, uye ndivo vakagashira vaporofita vakasavatemba nematombo; uye ndivo vakanga vasina kudeura ropa revatendi, vasina kuuraiwa—

13 Uye vakaponeswa vakasanyudzwa nokufushirwa muvhu; uye havana kunyudzwa muudzamu hwegungwa; uye havana kupiswa nemoto, kana kuwirwa vakatswanywa vakafa; uye havana kutakurwa nechamupupuri; kana kukundwa neutsi nerima.

14 Uye zvino, uyo anoverenga, ngaanzwisise; uyo ane magwaro matsvene, “ngaanzvere, uye atarise aone kana rwose rufu nokuparadzwa uku nemoto,

4b 1 Ni. 17:3.
5a Mat. 23:37;
D&Z 43:24–25.
6a 3 Ni. 9:13.
b I Sam. 7:3; Hir. 13:11;

3 Ni. 24:7.
c Ezk. 36:26.
7a NKM Chibvumirano.
9a 3 Ni. 8:19.
11a Mabasa 3:18–20.

12a 2 Ni. 26:8; 3 Ni. 9:13.
14a NKM Magwaro matsvene—Kukosha kwemagwaro matsvene.

neutsi, nemhepo, nechamupupuri, ^bnekuzaruka kwepasi kuti kuvagashire, uye zvose zvinhu izvi hazvizi zvekuzadzika huporofita hwevaporofita vatsvene vazhinji.

15 Tarisai, ndinoti kwamuri, Hongu, vazhinji vakapupura nezvezvinhu izvi pakuuya kwaKristu, uye “vakauriwa pamusana pekuti vakapupura zvinhu izvi.

16 Hongu, muporofita “Zenosi akapupura pamusoro pezvinhu izvi, uye kana Zenoki akataura nezvezvinhu izvi, pamusana pekuti vakapupura kunyanya nezvedu, isu tiri vakasara vembeu yavo.

17 Tarisai, baba vedu Jakobo vakapupurawo pamusoro “pevakasara vembeu yaJosefa. Uye tarisai, hatizi isu here vakasara vembeu yaJosefa? Uye zvinhu izvi zvinopupura nezvedu, hazvina kunyorwa here pamahwendefa endarira ayo akauya nababa vedu Rihai vachibva Jerusarema?

18 Uye zvakaitika kuti mukopera kwegore rechimakumi matatu nemana, tarisai, ndichakuratidzai kuti vanhu vaNifai vakapona, neavo vakaidzawo kuti maRamani, vakanga vaponi, vakaratidzwa kudiwa kukuru, uye maropafadzo makuru akadirwa pamusoro pavo, zvekuti mushure mekunge Kristu “achangokwira kude nga akazviratidza zvechokwadi kwavari—

19 “Achiratidza muviri wake kwavari, nokuvadzidzisa; uye rungano rweushumiri hwake rwuchataurwa pano mushure. Naizvozvo kwenguva ino ndinomira kutaura kwangu.

Jesu Kristu akazviratidza kuvanhu vaNifai, pakuungana kwakange kwakaita vanhu pamwechete munyika yeMaguta, uye akavaparidzira; uye netsika iyi akazviratidza kwavari.

*Zvichisanganisa zvitsauko
11 kusvika ku26.*

CHITSAUKO 11

Baba vanopupura pamusoro poMwanakomana wavo Wavanoda—Kristu anozviratidza achitaura pamusoro pezverudzikinuro rwake—Vanhu vanobata mavanga emaronda mumaoko ake, mumakumbo, naparutivi pake—Vanochema vachiti Hosana—Anovaratidza nzira yokubhabhatidza nayo—Mweya wokukakavadzana ndewadhiabhrosi—Dzidziso yaKristu ndeye-kuti vanhu vanofanira kutenda nokubhabhatidzwa nokugamuchira Mweya Mutsvene. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti pakanga pane gungano guru rakanga raungana pamwechete, revanhu vaNifai, vakatenderedza temberi yakanga yakavakwa

14b 1 Ni. 19:11; 2 Ni. 26:5.
15a NKM Kuponderwa
Chitendero.

16a Hir. 8:19–20.
17a 2 Ni. 3:4–5;
Aruma 46:24;

3 Ni. 5:23–24.
18a Mabasa 1:9–11.
19a 3 Ni. 11:12–15.

munyika yeMaguta; vaishamiswa vachibvunzana, vachiratidzana kupinduka “kukuru kwakanga kwaita zvinhu.

2 Uye vakanga vachitaura nezvaJesu Kristu uyu, ane “chiratidzo chakanga chapiwa maererano nokufa kwake.

3 Uye zvakaitika kuti apo vaingunotaura pachavo, vakanzwa “izwi seraibva kudenga, vakakanda maziso avo uko nouko, nokuti havana kunzwisisa izwi ravakanga vanzwa; rakanga risiri izwi rine hasha, kana kuti rakakwirira; zvisinei, kana dai zvazvo kaive kazwi ^bkadiki kakabaya avo vakanzwa mukati, zvekuti hakuna nhengo yomuviri wavo isina kubvunda; hongu, rakava rinobaya kusvika pamweya chaipo, rikava rinoita kuti mwoyo yavo itsve.

4 Uye zvakaitika kuti vakanzwa izwi zvakare, vakatadza kunzwa zvaireva.

5 Uye zvakare kechitatu vakarinzwa izwi, vakazarura nzeve dzavo kuti varinzwe; maziso avo akatarisa kwaibva izwi iri; vakaramba vakatarisa kudenga, uko kwaibva izwi iri.

6 Uye tarisai, kechitatu vakanzwisisa zvairehwa nezwi iri; rikati kwavari:

7 Tarisai uyo Mwanakomana wangu ^aWandinoda, ^bmaari ndinofadzwa, maari ndinobwinyisa zita rangu — munzwei.

8 Uye zvakaitika kuti, zvavanzwa vakatarisa zvakare kudenga; uye tarisai, “vakaona Murume achiburuka kubva kudenga; akanga akapfeka nguwo chena; akauya pasi akamira pakati pavo; maziso egungano rose akatarisa kwaari, vakatya kuzarura miromo yavo, kana kutaura pachavo, havana kuziva kuti zvairevei, nokuti vaifunga kuti ingirozi yakanga yazviratidza kwavari.

9 Uye zvakaitika kuti akatambanudza ruoko rwake akatarura kuvanhu achiti:

10 Tarisai, ndini Jesu Kristu uyo maporofita vakapupura kuti achauya pano panyika.

11 Uye zvino tarisai, ndini “chiedza noupenyu hwenyika; ndakanwa kubva ^bmumukombe unovava uyo Baba vakandipa, ndikava ndinobwinyisa Baba “nokutora pandiri zvivi zvenyika, umo mandakaita ^akuda kwaBaba pazvinhu zvose kubva pakutanga.

12 Uye zvakaitika kuti apo Jesu akanga ataura mazwi aya gungano rose rakawira pasi; nokuti vakayeuka kuti zvakanza ^azvaporofitwa pakati pavo kuti Kristu achazviratidza kwavari shure kwokunge akwira kudenga.

13 Uye zvakaitika kuti Ishe vakataura kwavari achiti:

14 Simukai muuye kwandiri,

11 1a 3 Ni. 8:11–14.

2a Hir. 14:20–27.

3a Deut. 4:33–36;

Hir. 5:29–33.

b I Madz. 19:11–13;

D&Z 85:6.

7a Mat. 3:17; 17:5;

Nh—JS 1:17.

b 3 Ni. 9:15.

8a 1 Ni. 12:6; 2 Ni. 26:1.

11a NKM Chiedza,

Chiedza chaKristu.

b Mat. 26:39, 42.

c Joh. 1:29;

D&Z 19:18–19.

d Marko 14:36;

Joh. 6:38; D&Z 19:2.

12a Aruma 16:20.

kuti “muise maoko enyu murutivi rwangu, uye zvakare kuti ^bmunzwe mavanga ezvipikiri mumaoko nomumakumbo angu, kuti muzive kuti ndini Mwari vaIsraeri, ^cnaMwari ^dwenyika yose, uye ndakaurairwa zvivi zvenyika.

15 Uye zvakaitika kuti gungano rakaenda mberi, vakaisa maoko avo murutivi rwake, vakanzwa mavanga ezvipikiri mumaoko nomumakumbo ake; izvi vakazviita, vachienda mumwe nomumwe kusvikira vose vaenda, uye vakaona namaziso avo vakabata namaoko avo, vakaziva chokwadi vakapupura, kuti ^aakanga ari iye, akange akanyorwa namaporofita, kuti achauya.

16 Uye vose zvavakanga vaenda vakazvionera pachavo, vakachema vose nezwi rimwe chete, vachiti:

17 Hosana! Ngarikomborerwe zita raMwari vari Kumusoro-soro! Uye vakawira pasi pamakumbo aJesu, ^avakamunamata.

18 Uye zvakaitika kuti akataura ^anaNifai (nokuti Nifai akanga ari pakati pegungano) akamuraira kuti auye kwaari.

19 Uye Nifai akasimuka akaenda kwaari, akakotama pamberi paIshe akatsvoda tsoka dzavo.

20 Uye Ishe vakamuraira kuti asimuke. Uye akasimuka akamira pamberi pavo.

21 Uye Ishe vakati kwaari: Ndinokupa ^asimba rokuti ^buchabhabhatidza vanhu ava kana ndichinge ndakwira zvakare kudenga.

22 Uye zvakare Ishe vakadaidza ^avamwe, vakataura kwavari zvakangofanana; vakavapa simba rokubhabhatidza. Uye vakati kwavari: Ndiko kubhabhatidza kwamuchaita; ^bHapazova nokusawirirana pakati penyu.

23 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, uyo anotendeuka kubva muzvivi zvake kuburikidza ^anamashoko enyu, ova ^bnechido chokubhabhatidzwa muzita rangu, ivavo muchavabhabhatidza netsika iyi—Tarisai, muchienda ^cmonomira mumvura, uye muzita rangu muchavabhabhatidza.

24 Uye zvino tarisai, aya ndiwo mazwi amuchataura, muchivaidaidza nezita, muchiti:

25 ^aNemvumo yandakapihwa naJesu Kristu, ndinokubhabhatidza muzita ^braBaba, nereMwanakomana, nereMweya Mutsvene. Amen.

26 Uye zvino ^amovanyudza mumvura, mobuda zvakare kubva mumvura.

14a Joh. 20:27.

^b Ruka 24:36–39;

D&Z 129:2.

^c Isa. 45:3;

3 Ni. 15:5.

^d 1 Ni. 11:6.

15a NKM Jesu Kristu—

Kuwonekwa

kwaKristu mushure

mekufa.

17a NKM Kunamata.

18a 3 Ni. 1:2, 10.

21a NKM Simba.

^b NKM Bhabhatidza.

22a 1 Ni. 12:7; 3 Ni. 12:1.

^b 3 Ni. 18:34.

23a 3 Ni. 12:2.

^b NKM Bhabhatidza—

Kodzero

yerubhabhatidzo.

^c 3 Ni. 19:10–13.

25a Mosaya 18:13;

D&Z 20:73.

NKM Bhabhatidza—

Mvumo chaiyo.

^b NKM Mwari, Musoro

hwehuMwari.

26a NKM Bhabhatidza—

Rubhabhatidzo

nokunyudzwa.

27 Uye mutsika iyoyi mu-chabhabhatidza muzita rangu; nokuti tarisai, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, Baba, noMwanakomana noMweya Mutsvene “vamwechete; Ini ndiri muna-Baba, uye Baba vari mandiri, Baba pamwe neni tiri vamwechete.

28 Uye sokuraira kwandakuitai ndiko kubhabhatidza kwamuchaita. Uye hapachazove “nokusawirirana pakati penyu, sezvangazviripo kusvika zvino; hapafanire kuva nokusawirirana pakati penyu maererano nezvinangwa zvedzidziso dzangu, sezvanga zviripo.

29 Nokuti zvirokwazvo, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, uyo ane mweya “wokukakavadzana haasi wangu, asi ^bwadhiabhoro-si anova baba vokukakavadzana uye anonyukura mwoyo yavanhu nehasha, mumwe kune mumwe.

30 Tarisai, iyi haizi dzidziso yangu, kuti ndizadze mwoyo yavanhu nehasha, vachishatirisa, asi iyi ndiyo dzidziso yangu, kuti zvinhu izvi zvinofanira kubviswa.

31 Tarisai, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, ndichataura kwamuri “dzidziso yangu.

32 Uye iyi ndiyo “dzidziso yangu, inova dzidziso yandakapiwa naBaba; uye ^bndinopupurira Baba, uye Baba vanopupurira ini, “Mweya Mutsvene unopupurira Baba neni, ini ndinopupura kuti Baba vanoraira vanhu vose, kuri kwose, kuti vatenduke vatende mandiri.

33 Uye uyo zvake anotenda mandiri, “agobhabhatidzwa, ivavo ^bvachaponeswa; ivo ndivo “vachagara muumambo hwa-Mwari.

34 Uye uyo asingatendi mandiri, uye asingabhabhatidzwe, acharaswa.

35 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, iyi ndiyo dzidziso yangu, uye ndinotaura izvi kubva kuna Baba; uyo “anotenda mandiri anotendawo kuna Baba; kwaari Baba vachapupura nezvangu, nokuti vachamushanyira ^bnomoto “no-Mweya Mutsvene.

36 Uye, uku ndiko kupupurira kwandichaitwa naBaba, Mweya Mutsvene uchapupurira Baba, neni; nokuti Baba neni, noMweya Mutsvene tiri vamwechete.

37 Uye zvakare ndinoti kwamuri, munofanira kutendeuka, “muve semwana muduku, mubhabhatidzwa muzita rangu,

27a Joh. 17:20–22;
3 Ni. 28:10; Morm. 7:7;
D&Z 20:28.

28a I VaKori. 1:10;
VaE. 4:11–14;
D&Z 38:27.

29a II Tim. 2:23–24;
Mosaya 23:15.
NKM Gakava.
b DJS, VaE. 4:26;

Mosaya 2:32–33.
31a 2 Ni. 31:2–21.

32a NKM Dzidziso
yaKristu.

b I Joh. 5:7.
c 3 Ni. 28:11; Eta 5:4.

33a Marko 16:16.
NKM Bhabhatidza—
Zvinofanira.

b NKM Ruponeso.

c NKM Kubwinya
kweSeresityaro.
35a Eta 4:12.

b 3 Ni. 9:20; 12:2.
c NKM Mweya
Mutsvene.

37a Marko 10:15;
Ruka 18:17;
Mosaya 3:19;
3 Ni. 9:22.

nokuti hakuna imwe nzira yamungagamuchire nayo zvinhu izvi.

38 Uye zvakare ndinoti kwamuri, munofanira kutendeuka, mugobhabhatidzwa muzita rangu, muve semwana muduku, nokuti hakuna imwe nzira yamungawane nayo umambo hwaMwari.

39 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, iyi idzidziso yangu, uyo ^aanovaka pamusoro payo anovaka pamusoro pedombo rangu, ^bmasuwo egehena haana simba pamusoro pavo.

40 Uye uyo achataura zvakanwanda kana zvisvishoma pane izvi, achizviti ndezvedzidziso yangu, iyeye anobva kuzvivi, uye haana kuvakwa padombo rangu; asi anovaka pahwaro ^ahwejecha, uye masuwo egehena akashama kuti avagamuchire pachauya mvura zhinji nemhepo ichivarova.

41 Naizvozvo, endai kuvanhu ava, mutaure mazwi andataura, kumativi ose enyika.

CHITSAUKO 12

Jesu anodaidza nokuraira vaneGumi neVaviri—Anopa kumaNifai nhorooondo yakafanana neMharidzo yapagomo—Anotaura Mitemo yemaRopafadzo—Dzidziso dzake dzinotaura zviiri pamusoro pemitemo yaMosesi—Vanhu vanorai-

rwa kuva vatsvene saiye naBaba vatsvene—Enzanisa naMateo 5. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaaitika kuti apo Jesu akanga ataura mashoko aya kuna Nifai, nokuna avo vakanga vadaidzwa (zvino huwandu hweavo vakange vadaidzwa, nokugamuchira simba nemvumo yokubhabhatidza hwaiva ^agumi nevaviri) uye tarisai, akatambanudza ruoko rwake kugungano, akachema kwavari, achiti: ^bMakakomborerwa imi mukateerera mashoko evanegumi nevaviri ava ^cvandasarudza kubva pakati penyu kuti vakuparidzirei, nokuva varanda venyu; uye kwavari ndapa simba rokuti vakubhabhatidzei nemvura; shure kwekunge mabhabhatidzwa nemvura, tarisai, ini ndichakubhabhatidzai nomoto uye noMweya Mutsvene; naizvozvo makakomborerwa kana muchitenda mandiri nokubhabhatidzwa, shure kwekondiona mukandiziva kuti ndini ini.

2 Uye zvakare, vakakomborerwa zvizhinji avo ^avachatenda kumazwi enyu nokuti muchapupura kuti makandiona, uye kuti munoziva kuti ndini. Hongu, vakakomborerwa avo vachatenda mazwi enyu, ^bvachiuya vakazvininipisa kuzobhabhatidzwa, nokuti vachashanyirwa ^cnomoto noMweya Mutsvene,

39a Mat. 7:24–29;
Hir. 5:12.
NKM Ibwe.
b 3 Ni. 18:12–13.
40a 3 Ni. 14:24–27.

12 1a 3 Ni. 13:25.
b NKM Kuropafadzwa.
c NKM Akadaidzwa
naMwari.
2a D&Z 46:13–14.

NKM Daira.
b Eta 4:13–15.
c 3 Ni. 11:35; 19:13.

uye vachagamuchira kanganwiro yezvivi zvavo.

3 Hongu, vakakomborerwa “varombo pamweya ^bvanouya kwandiri, nokuti umambo hwo-kudenga ndohwavo.

4 Uye zvakare, vakakomborerwa avo vanochemba, nokuti vachanyaradzwa.

5 Uye vakakomborerwa “vanyoro, nokuti vachagara nhaka ^bnyenika.

6 Uye vakakomborerwa vane “nzara ^bnyenika ^cyokururama, nokuti vachagutswa noMweya Mutsvene.

7 Uye vakakomborerwa vane “tsitsi, nokuti vachanzwirwa tsitsi.

8 Uye vakakomborerwa vane mwoyo “yakachena nokuti ^bvachaona Mwari.

9 Uye vakakomborerwa “vayanansi nokuti vachanzi ^bvana vaMwari.

10 Uye vakakomborerwa vose avo “vanotambudzwa nokuda kwezita rangu, nokuti umambo hwokudenga ndohwavo.

11 Uye makakomborerwa imi, kana vanhu vachikutukai, vachikutambudzai vachitaura zvaka-ipa zvose dziri nhema nokuda kwangu.

12 Nokuti muchawana rufaro rwukuru kwazvo, mugofara zvakananyanya nokuti “mubairo

wenyu uchave mukuru kudenga; nokuti vakatambudza saizvozvi maporofita vakakutangirai.

13 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, ndinokupai kuti muve “munyu wenyika; asi kana munyu usisavavi, nyika ingarungwa neiko? Munyu uyu hauchabatsiri chinhu, asi kurasirwa kunze wotsikwa netsoka dzevanhu.

14 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, ndinokupai kuti muve chiedza chavanhu ava, Guta rakavakwa pamusoro pegomo haringavanzike.

15 Tarisai, vanhu vanotungidza “mwenje vouisa pasi pedengu here? Kwete, asi pachigadziko, kuti uvhenekere vose vari mumba.

16 Naizvozvo “chiedza chenyu ngachivhenekere pamberi pavanhu ava, kuti vaone mabasa enyu akanaka vogokudza Baba venyu vari kudenga.

17 Musafunge kuti ndauya kuzoparadza murairo kana vaporofita. Handina kuuya kuzoparadza asi kuzozadzikisa;

18 Nokuti, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, hakuna chimwechete kana kaduku-duku zvako kabviswa “pamutemo, asi kuti mandiri zvose zvazadzikiswa.

19 Uye tarisai, ndakupai mute-

3a D&Z 56:17–18.
NKM Akazvinipisa.
^b Mat. 11:28–30.
5a VaR. 12:16;
Mosaya 3:19.
NKM Akapfava.
^b NKM Pasi.
6a 2 Ni. 9:51;
Eno. 1:4.

^b Jer. 29:13.
^c Zir. 21:21.
7a NKM Anetsitsi.
8a NKM Chakachena.
^b D&Z 93:1.
9a NKM Muyanansi.
^b NKM Vanakomana
neVanasikana
vaMwari.

10a D&Z 122:5–9.
NKM Kupfuvisa.
12a Eta 12:4.
13a D&Z 101:39–40.
NKM Munyu.
15a Ruka 8:16.
16a 3 Ni. 18:24.
18a NKM Mutemo
waMosesi.

mo nomurairo waBaba vangu, kuti muchatenda mandiri, ne-kuti muchatendeuka pazvivi zvenyu, mouya kwandiri, no-mwoyo “wakatyoka nemweya wakazvirereka. Tarisai, mune mirairo pamberi penyu, uye ^bmutemo wazadzikiswa.

20 Naizvozvo uyai kwandiri mugoponeswa; nokuti zviro-kwazvo ndinoti kwamuri, kunze kwokunge machengeta mirairo yangu, iyo ndakurairai panguva ino, hamuna nzira yamungapi-nde nayo muumambo hwokudenga.

21 Makanzwa kuti zvakanzi nevekare; uye zvakare zvakan-nyorwa pamberi penyu, kuti “musauraya, nokuti uyo wose anouraya achave munjodzi yekutongwa.

22 Asi ndinoti kwamuri, uyo wose akatsamwira hama yake achave munjodzi yekutongwa naye. Uye uyo wose anoti ku-hama yake, Benzi, achave munjodzi yokutongwa nedare, uye uyo wose anoti: Zibenzi; achave munjodzi yegehena romoto.

23 Naizvozvo, kana muchinge mauya kwandiri, kana kuti mui-ne chido chokuuya kwandiri, muchirangarira kuti hama yenyu ine mhosva nemi—

24 Endai kuhama yenyu, ^amu-mbondoyanana nehama yenyu, mugozouya kwandiri nehu-

dzami hwemwoyo wenyu wose, ndinokutambirai.

25 Kurumidzai kuwirirana no-muvengi wenyu muchiri munzira naye, nokutya kuti dzimwe nguva akakubatai muchazoiswa mutirongo.

26 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, hamungato-ngobudimo, musati maripa senine rokupedzisira. Uye muchiri mutirongo kudaro mungaripe kana “senine zvaro? Zviro-kwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, Kwete.

27 Tarisai, zvakanorwa nevekare kuti, musaita “upombwe; 28 Asi ndinoti kwamuri, uyo anotarira mukadzi, “achimuchiva, watoita upombwe mu-mwoyo make.

29 Tarisai, ndinokupai murai-ro, kuti musabvumire zvinhu izvi kuti zvipinde “mumwoyo yenyu.

30 Nokuti zviri nani kuti murambe pachenyu zvinhu izvi, zvekuti musimudze “muchinjikwa wenyu, pane kuti mukandwe mugehena.

31 Zvakanyorwa, kuti anoramba mukadzi wake, ngaamupe rugwaro ^arwokurambana.

32 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: Uyo ^aanoramba mukadzi wake, kunze kwechikonzero ^bcheupombwe, anomuitisa ^cupombwe,

19a 3 Ni. 9:20.
NKM Mwoyo
Wakatyoka.
^b 3 Ni. 9:17.

21a Eks. 20:13;
Mosaya 13:21;
D&Z 42:18.

24a NKM Regerera.
26a Aruma 11:3.
27a 2 Ni. 9:36;
D&Z 59:6.
28a D&Z 42:23.
NKM Ruchiva.
29a Mabasa 8:22.

30a Mat. 10:38; 16:24;
Ruka 9:23.

31a NKM Kurambana.
32a Marko 10:11–12.

^b NKM Kusanganana
kusina kururama.
^c NKM Hupombwe.

uye achawana wakarambwa, anoita upombwe.

33 Uye zvakare zvakanyorwa; usapika zvenhema, asi itira Ishe zvawakamupikira “nemhiko;

34 Asi zvirokwasvo, zvirokwasvo, ndinoti kwamuri: “Musatongopika, kunyange nokudenga, nokuti ndicho chigaro choushe hwaMwari.

35 Kunyange nyenika nokuti ndicho chitsiko chetsoka dzavo.

36 Kana kupika nomusoro wenyu, nokuti hamugoni kushandura ruvhudzi rumwe kuti ruve rwutema kana rwuchena.

37 Asi shoko renyu rive: Hongu, hongu; Kwete, kwete, nokuti zvinotaurwa zvinopfuura izvozwi, zvinobva kuno wakaipa.

38 Uye tarisai, zvakanyorwa kuti “ziso neziso, zino nezino;

39 Asi ndinoti kwamuri: “Musatsiva kuipa, asi anokurova padama rorudyi, ^bmupezve rekuruboshwe;

40 Uye kana munhu achikumhan’arira, kuti akutorere bhatyi rako, umutendere nehanzu yokunze.

41 Uye anokumanikidza kufamba chinhambwe chimwe, enda naye zviviri.

42 “Ipa anokumbira kwauri, usafuratira uyo anoda kukweta kwauri.

43 Uye tarisai zvakanyorwa zvakare kunzi: Ude wokwako, uvenge muvengi wako;

44 Asi tarisai ini ndinoti kwamuri: Idai “vavengi venyu, mupafadze vanokutukai, muitire zvakana vanokuvengai, ^bmunamatire vanokutambudzai nekukushorai;

45 Kuti muve vana vaBaba venyu vari kudenga; nokuti vanoita kuti zuva rivhenekere vakaipa nevakanaka.

46 Naizvozvo zvinhu zvose zvakanga zvirivakare, zvaive pasi pomutemo, mandiri, zva-zadzikiswa zvose.

47 Zvinhu “zvakare zvaguma, uye zvinhu zvose zvava zvitsva.

48 Naizvozvo ndinoda kuti muve “vatsvene seni, kana saBaba venyu vari kudenga vanova vatsveve.

CHITSAUKO 13

Jesu anodzidzisa maNifai munamato waIshe—Vanofanira kuipa upfumi hwavo kudenga—VaneGumi neVaviri muushumiri hwavo vanorairwa kuti vasafunge zvezvinhu zvenyama—Enzanisa naMateo 6. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

ZVIROKWAZVO, zvirokwasvo, ndinoti dai “muchipa kuvarombo; asi chenjererai kuti musaita zvinhu izvi kuti muonekwe navanhu; nokuti mukadaro hamuna mubairo kuna Baba venyu vokudenga.

33a NKM Chitsidzo.

34a NKM Kusvibisa.

38a Zvaka. 24:20.

39a 3 Ni. 6:13;

4 Ni. 1:34;

D&Z 98:23–32.

^b NKM Mwoyo Murefu.

42a Jak. 2:17–19;

Mosaya 4:22–26.

44a Zir. 24:17;

Aruma 48:23.

^b Mabasa 7:59–60.

47a 3 Ni. 15:2, 7;

D&Z 22:1.

48a Mat. 5:48;

3 Ni. 27:27.

NKM Kukwana.

13 1a NKM Kupa zvipo.

2 Naizvozvo, kana mopa musaridze hwamanda yenyu, sezvinoita vanyengeri mumasinagogo nomunzira, kuti “vakudzwe nevanhu. Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, vane mubairo wavo.

3 Asi kana muchipa musaite kuti ruoko rwenyu rworuboshwe rwuzive chinoitwa noruko rwenyu rworudyi.

4 Kutu kupa kwenyu kuve muruvande; Baba venyu avo vanoona muruvande, ivavo vachakupai mubairo pachena.

5 Uye kana “muchinamata musava savanyengeri, nokuti vanofarira kunamata, vakamira mumasinagogo nepamharadzano dzenzira, kuti vaonekwe nevanhu. Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, vane mubairo wavo.

6 Asi iwe, kana uchinamata pinda mumba yako yomukati, kana wapfiga musuo wako, wonamata kuna Baba vako vari pakavanda, uye Baba vako vanoona pakavanda vachakupa mubairo pachena.

7 Asi kana muchinamata, musadzokerere zvisina maturo, samaJentairi, nokuti vanofunga kuti vachanzwika nokutaurisa kwavo.

8 Naizvozvo musafanana navo; nokuti Baba venyu “vanoziva zvamunoda musati mavakumbira.

9 Naizvozvo “mutsika iyi imi ^bnamatai: “Baba vedu muri kudenga, zita renyu ngarikudzwe.

10 Kuda kwenyu kuitwe panika sezvinoitwa kudenga.

11 Uye mutiregerere zvikwereti zvedu sekuregerera kwatinaita vane zvikwereti nesu.

12 Uye “musatitungamirire mukuedzwa, asi mutisunungure pane zvakaipa.

13 Nokuti umambo ndohwenyu, nemasimba; nokubwinya, nokusingaperi. Amenii.

14 Nokuti, kana “mukaregerera vanhu kukutadzirai kwavo, Baba venyu vekudenga vachakuregereraiwo;

15 Asi mukasaregerera vanhu kukutadzirai kwavo, Baba venyu havangakuregerereiwo kutadza kwenyu.

16 Zvakare, kana “muchitsanya regai kuva savanyengeri nechiso chakasuwa, nokuti vanoipisa zviso zvavo kuti vagoonekwa navanhu kuti vari kutsanya. Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, vane mubairo wavo.

17 Asi iwe, kana uchitsanya, zora musoro wako ugeze kumeso kwako;

18 Kutu urege kuonekwa navanhu kuti uri kutsanya, asi kuna naBaba vako, vari “pakavanda; uye Baba vako, vanoona pakavanda, vachakupa mubairo pachena.

2a D&Z 121:34-35.

5a NKM Munamoto.

8a D&Z 84:83.

9a Mat. 6:9-13.

b NKM Munamoto.

c NKM Mwari, Musoro hwehuMwari—Mwari Baba.

12a DJS, Mat. 6:14.

14a Mosaya 26:30-31;

D&Z 64:9.

NKM Regerera.

16a Isa. 58:5-7.

NKM Kutsanya.

18a D&Z 38:7.

19 Regai kuzviunganidzira pfuma panyika, padzinoparadzwa nezvipfukuto kana ngura, uye mbavha dzinopaza dzichiba;

20 Asi muzviunganidzire “pfuma kudenga, kusina zvipfukuto kana ngura zvinoparadza, uye kusina mbavha dzinopaza kana kuba.

21 Nokuti pane pfuma yako, nomwoyo wako uchavapowo.

22 “Mwenje womuviri iziso; kana, naizvozvo, ziso rako rakatarisa chinhu chimwechete, muviri wako wose uchazara nechiedza.

23 Asi kana ziso rako rakaipa, muviri wako wose uchazara nerima. Naizvozvo, kana chiedza chiri mauri riri rima, irima rakakura sei iroro!

24 Hapana munhu “angashandire vatenzi vaviri; nokuti achavenga mumwe oгода mumwe, kana kuti achavimbika kune mumwe ogozvidza mumwe. Hamugoni kushandira Mwari nePfuma.

25 Uye zvino zvakaitika kuti apo Jesu akanga ataura mazwi aya akatarisa kune vanegumi navaviri vaakanga asarudza, akati kwavari: Rangarirai mazwi andataura. Nokuti tarisai, ndimi vandasarudza kuti “mushumire kuvanhu ava. Naizvozvo ndinoti kwamuri, ^bmusafunge pamusana poupenyu hwenyu, chamuchadya, kana chamuchanwa; kana pamusoro pomuviri wenyu, zvamuchapfeka.

Upenyu haupfuuri zvokudya here, kana muviri haupfuuri zvokupfeka here?

26 Tarisai shiri dzedenga, nokuti hadzidyari, hadzikohwe kana kututira mumatura; asi Baba venyu vekudenga vanodzipa zvokudya. Imi hamusi nani chaizvo kwadziri here?

27 Ndianiko pamuri angawedzere kubiti imwechete yekureba kwake nokufunga chete?

28 Uye munofungireiko pamusana pezvokupfeka? Fungai maruva omusango kukura kwanoita; haashandi, haaruki;

29 Asi ini ndinoti kwamuri, kunyange Soromoni, nembiri yake yose, haana kunge akashongedzwa serimwe rawo.

30 Naizvozvo, kana Mwari vachipfekedza uswa hwesango kudai, huripo nhasi, mangwana huchikandwa muchoto, nezvo vachakupfekedzai, kana kute nda kwenyu kusiri kushoma.

31 Naizvozvo musafunge, mu-chiti: Tichadyei? kana, Tichanwei? kana, Tichapfekeiko?

32 Nokuti Baba venyu vekudenga vanoziva kuti izvozvi zvose munozvida.

33 Asi tangai kutsvaka “umambo hwaMwari nokururama kwavo, zvose izvozvi muchazvipamhidzirwa.

34 Naizvozvo musafunge pamusoro pezvamangwana, nokuti mangwana anozvifungira zvawo. Zuva rimwe nerimwe rinokwanirana nenhamo dzaro.

20a Hir. 5:8; 8:25.

22a D&Z 88:67.

24a I Sam. 7:3.

25a NKM Mushumiri.

b Aruma 31:37–38;

D&Z 84:79–85.

33a Ruka 12:31.

CHITSAUKO 14

Jesu anoraira: Musatonge; kumbirai kuna Mwari; chenjererai maporofita venhema—Anovimbisapuroneso kune avo vanoita kuda kwaBaba—Enzanisa naMateo 7. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti apo Jesu akanga ataura mazwi aya akatarira zvakare kugungano, akazarura muromo wake zvakare kwavari, achiti: Zvirokwazvo zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, “Musatonga, kuti murege kutongwawo.

2 “Nokuti kutonga kwamunotonga nakwo, muchatongwa nakwowo; nechiero chamunoera nacho, muchaerwa nachowo.

3 Uye unotarisiwei rubanzu rwuri muziso rehama yako, asi hauoni danda riri muziso rako?

4 Kana ungataura seiko nehama yako uchiti: Rega ndibvise rubanzu muziso rako—uye tarisai, muziso rako mune danda?

5 Iwe munyengeri, tanga wabvisa “danda riri muziso rako, ugoona zvakanaka kubvisa rubanzu rwuri muziso rehama yako.

6 Musapa imbwa zvinhu “zvitsvene, kana kukanda chuma chenyu kunguruve, nokuti dzinochitsika netsoka dzadzo, dzokutendeukirai dzokurumai.

7 “Kumbirai, muchapiwa; tsva-

kai, muchawana; gogodzai, muchazarurirwa.

8 Nokuti wose anokumbira, achagashira; uye anotsvaka, anowana; uyezve kune uyo anogugudza, anozarurirwa.

9 Kana kuti ndiani pamuri, anoti, kana mwanakomana wake akumbira chingwa, omupa ibwe?

10 Kana kuti akakumbira hove, angamupe nyoka?

11 Kana zvino imi makaipa, muchiziva kupa vana venyu zvipo zvakanaka, ko Baba venyu vari kudenga vachapa zvipo zvakanaka sei kune vanokumbira kwavari?

12 Naizvozvo, zvinhu zvose zvamunoda kuti vanhu vakuitirei, nemi “vaitireiwo, nokuti uyu ndiwo murairo namaporofita.

13 Pindai nesuwo “rakamanikana; nokuti suwo rakafara, nenzira ^byakapamhama, inoenda mukuparadzwa; uye kune vazhinji vanopinda namo;

14 Nokuti ^asuwo rakamanikana, nenzira ^byakamanika, inoenda kuupenyu, uye vanoiwana “vashoma.

15 Chenjererai maporofita “venhema, vanouya kwamuri nenguwo dzamakwai, asi mukati mapumhi anoparadza.

16 Muchavaziva nezvibereko zvavo. Vanhu vanotanha madzamingira paminzwa here kana maonde parukato here?

14 1a DJS, Mat. 7:1–2;

Joh. 7:24.

2a Morm. 8:19.

5a Joh. 8:3–11.

6a NKM Mutsvene.

7a 3 Ni. 27:29.

NKM Munamoto.

12a NKM Kunzwa Tsitsi.

13a Ruka 13:24;

3 Ni. 27:33.

b D&Z 132:25.

14a 2 Ni. 9:41; 31:9, 17–18;

D&Z 22:1–4.

b 1 Ni. 8:20.

c 1 Ni. 14:12.

15a Jer. 23:21–32;

2 Ni. 28:9, 12, 15.

17 Saizvozvo muti wose wakanaka unobereka zvbereko zvakanaka; asi muti wakaipa unobereka zvbereko zvakaipa.

18 Muti wakanaka haungabereki zvbereko zvakaipa, kana muti wakaipa haungabereki zvbereko zvakanaka.

19 Muti wose “usingabereki zvbereko zvakanaka unotemwa, wokandwa mumoto.

20 Nokudaro, “nezvbereko zvavo muchavaziva.

21 Havasi vose vanoti kwandiri, Ishe, Ishe, vachapinda mumambo hwokudenga; asi uyo anoita kuda kwaBaba vangu vari kudenga.

22 Vazhinji “vachati kwandiri nezuva iroro, Ishe, Ishe, hatina kuporofita muzita renyu here, nokudzanga mweya yakaipa muzita renyu, nokuita mabasa anoshamisa muzita renyu?

23 Uye zvino ndichavaudza pachena ndichiti: Handina “kutombokuzivai; ^bibvai kwandiri, imi vokuita zvisakarurama.

24 Naizvozvo, uyo anonzwa mashoko angu aya akaaita, ndinomufananidza nomurume akachenjera, akavaka imba yake “paruware—

25 Uye “mvura ikaturuka, mvura zhinji ikauya, mhupo ikavhuvhuta, ikarova imba iyi; ^bikasawa, nokuti yakanga yakavakirwa paruware.

26 Uyezve wose anonzwa mashoko angu aya akasaaita anga-

fananidzwe nomurume benzi, akavaka imba yake “pajecha—

27 Mvura ikaturuka, mvura zhinji ikauya, mhupo ikavhuvhuta, ikarova imba iyi; ikawa, kuwa kwayo kukava kukuru.

CHITSAUKO 15

Jesu anotaura kuti murairo waMosesi unozadzikiswa maari—MaNifai ndivo vamwe vemakwai aakataura nezvawo muJerusarema—Nokuda kwekusarurama, vanhu vaIshe muJerusarema havazivi nezve makwai aIsraeri akapararira. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti Jesu akati apedza kutaura uku akatarisa kugungano, akati kwavari: Tarisai, manzwa mashoko andadzidzisa ndisati ndakwira kuna Baba vangu; naizvozvo, uyo wose acharangarira kutaura kwangu uku “nokukuita, iyeye ^bndichamumutsa pazuva rokupedzisira.

2 Uye zvakaitika kuti apo Jesu akanga ataura mashoko iwaya akaona kuti pakati pavo pakange pane vamwe vaishamiswa, nokukahadzika kuti achaita sei “nomutemo waMosesi; nokuti havana kunge vanzwa kuti zvakare zvakanga zvapfuura, uye kuti zvinhu zvose zvakanga zvava zvitsva.

3 Uye akati kwavari; Musasha-

19a Mat. 3:10;
Aruma 5:36–41;
D&Z 97:7.

20a Ruka 6:43–45;
Moro. 7:5.

22a Aruma 5:17.

23a Mosaya 5:13;
26:24–27.

b Ruka 13:27.

24a NKM Ibwe.

25a Aruma 26:6; Hir. 5:12.

b Zir. 12:7.

26a 3 Ni. 11:40.

15 1a Jkb. 1:22.

b 1 Ni. 13:37;

D&Z 5:35.

2a NKM Mutemo
waMosesi.

miswa kuti ndataura kwamuri kuti zvinhu zvakare zvapfuura, uye kuti zvinhu zvose zvava zvitva.

4 Tarisai, ndinoti kwamuri "mutemo wakazadzikiswa uyo wakapiwa kuna Mosesi.

5 Tarisai, "ndini ndakapa murairo, ndini ndakabvumirana nevanhu vangu veIsraeri; nai-zvozvo, mutemo mandiri ^bwakazadzikiswa, nokuti ndakauya kuzozadzikisa mutemo; nai-zvozvo une magumo.

6 Tarisai, "handiparadze maporofita, nokuti avo vose vasati vazadzikiswa mandiri, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, vose vachazadzikiswa.

7 Uye nokuti ndati kwamuri zvinhu zvakare zvapfuura, handingaparadze izvo zvakataurwa pamusoro pezvinhu zvi-chauya.

8 Nokuti tarisai, "chibvumirano chandakaita nevanhu vangu hachisati chazadzikiswa chose; asi mutemo uyo wakapiwa kuna Mosesi une magumo mandiri.

9 Tarisai, ndiri "mutemo, ^bnechiedza. Tarisai kwandiri, mushingirire kusvikira kumagumo, "muchararama; nokuti kune uyo "achashingirira kusvika kumagumo ndichapa upenyu hwo-kusingaperi.

10 Tarisai, ndakakupai "mirairo;

naizvozvo chengetai mirairo yangu. Uye ndiwo murairo nemaporofita, nokuti zvechokwadi ^bvanopupura pamusana pangu.

11 Uye zvino zvakaitika kuti Jesu akati ataura mazwi aya, akati kune gumi nevaviri vaye vaakanga asarudza:

12 Muri vadzidzi vangu; uye muri chiedza kuvanhu ava, vakasara vechizvarwa chemba "yaJosefa.

13 Uye tarisai, iyi "inyika yenhaka yenyu; Baba vakaipa kwamuri.

14 Uye hakuna imwe nguva apo Baba vakandipa mirairo yokuti "nditaure izvi kuhama dzenyu muJerusarema.

15 Kana imwe nguva apo Baba vakandipa mirairo yokuti nditaure maererano "namamwe marudzi emba yaIsraeri, ayo akatungamirirwa naBaba kubva munyika iyoyo.

16 Izvi ndizvo zvandakarairwa chete naBaba, kuti nditaure kwavari:

17 Kuti ndine mamwe makwai asiri edanga rino; iwayo ndinofanira kuuya nawoo, achanzwa izwi rangu; uye richazova danga rimwechete, "nomufudzi mumwechete.

18 Uye zvino, nenzira yokuma mitsipa nokusatenda kwavo havana "kunuzwisisa shoko

4a Mosaya 13:27-31;

3 Ni. 9:17-20.

5a I VaKori. 10:1-4;

3 Ni. 11:14.

NKM Jehova.

b Aruma 34:13.

6a 3 Ni. 23:1-5.

8a 3 Ni. 5:24-26.

9a 2 Ni. 26:1.

b NKM Chiedza,

Chiedza chaKristu.

c Joh. 11:25; D&Z 84:44.

d NKM Tsungirira.

10a 3 Ni. 12:20.

b Mosaya 13:33.

12a NKM Josefa,

Mwanakomana

waJakobo.

13a 1 Ni. 18:22-23.

14a 3 Ni. 5:20.

15a 3 Ni. 16:1-4.

NKM Israeri—

Marudzi gumi

akarasika alIsraeri.

17a NKM Mufudzi

Akanaka.

18a D&Z 10:59.

rangu; naizvozvo ndakarairwa naBaba kuti ndisataure zvakare pamusana pechinhu ichi kwavari.

19 Asi zvirokwazvo, ndinoti kwamuri Baba vakandiraira ini, uye ndinokutaurirai, kuti makapatsanurwa kubva kwavari nokuda kwokusarurama kwavo; naizvozvo inzira yokusarurama kwavo inoita kuti vasakuzivei.

20 Uye zvirokwazvo, ndinoti kwamuri zvakare mamwe marudzi Baba vakapatsanura kubva kwavari; uye inzira yokusarurama kwavo kuti vasavazive.

21 Uye zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ndimi avo vandakataura ndichiti: Ndina “mamwe makwai asati ari edanga rino, iwo zvekare ndinofanira kuuya nawo, uye achanzwa izwi rangu, rikazova danga rimwechete, nomufudzi mumwechete.

22 Uye havana kundinzwisisa, nokuti vaifungidzira kuti ndaireva ^amaJentairi; nokuti havainzwisisa kuti maJentairi vaifanira ^bkudzorwa nokuparidza kwavo.

23 Uye havana kundinzwisisa kuti ndakati vachanzwa izwi rangu; havana kundinzwisisa zvakare zvandakati ^amaJentairi haafanire kuti nerimwe zuva vanzwe izwi rangu —nokuti handaifanira kuzviratidza kwavari kunze kwokunge zvaitwa neMweya ^bMutsvene.

24 Asi tarisai, mose manzwa

izwi ^arangu, mukandiona; uye muri makwai angu, makavengerwa pakati peavo ^bvandakapiwa naBaba.

CHITSAUKO 16

Jesu achashanyira mamwe makwai akarasika eIsraeri — Mumazuva ekupedzisira shoko richaenda kumaJentairi rozoenda kune vemba yaIsraeri — Vanhu vaIshe vachawirirana apo achauza zvakare Zioni. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri ndine ^amamwe makwai, asati ari enyika ino, kana enyika yeJerusarema, kana edzimwe nzvimbo dzenyika dzakatenderedza uko kwose ndaiparidza.

2 Nokuti avo vandiri kutaura ndeavo vasati vanzwa izwi rangu; kana ini kuzviratidza kwavari neimwe zvayo nguva handisati.

3 Asi ndakagamuchira murairo kubva kuna Baba kuti ndakafanira kuenda ^akwavari, uye kuti vachanzwa izwi rangu, uye vachazoverengerwa pamwe namakwai angu, kuti rive danga rimwechete nomufudzi mumwechete; naizvozvo ndinoenda kundozviratidza kwavari.

4 Uye ndinokurairai kuti munofanira kunyora ^azvinhu izvi

21a Joh. 10:14–16.

22a NKM Majentairi.

^b Mabasa 10:34–48.

23a Mat. 15:24.

^b 1 Ni. 10:11.

NKM Mweya

Mutsvene.

24a Aruma 5:38;

3 Ni. 16:1–5.

^b Joh. 6:37;

D&Z 27:14.

16 1a 3 Ni. 15:15.

NKM Israeri—

Marudzi gumi

akarasika aIsraeri.

3a 3 Ni. 17:4.

4a NKM Magwaro

matsvane.

shure kwokuenda kwangu, kuti kana zvichibvira vanhu vangu vekuJerusarema, avo vakandi-ona uye vaive neni muushumiri hwangu, havakumbiri Baba no-mwizita rangu, kuti vakuzivi-swei noMweya Mutsvene, uye nokuziva mamwe marudzi avasina kumboziva, kuti zvinhu izvi zvamuchanyora zvichache-ngetwa zvozoratidzwa ^bkuma-Jentairi, kuti nenzira yokuzara kwemaJentairi, vakasara vembeu yavo, yakapararira pamusoro penyika nenzira yokusatenda kwavo, kuti zvimwe vangau-nzwe, kana kuti vangaunzwe kuti ‘vazive ini, Mununuri wavo.

5 Uye ipapo ^andichavaunga-nidza kubva kumativi mana enyika; zvino ndichazadziki-sa ^bchibvumirano chakaitwa naBaba navanhu vose ‘vemba yaIsraeri.

6 Uye vakakomborerwa ^ama-Jentairi, nokuda kwokutenda kwavo mandiri, ^bnomuMweya Mutsvene nezveMweya Mutsvene, uyo unopupura kwavari pamusoro pangu naBaba.

7 Tarisai, nokuda kwokutenda kwavo mandiri, Baba vanodaro, zve nokuda kwokusatenda kwe-nyu, imba yaIsraeri, mumazuva ^aekupedzisira chokwadi chicha-uya kumaJentairi, kuti chokwadi chezvinhu izvi chichazivikanwa kwavari.

8 Asi nhamo, vanodaro Baba, kune vasingatendi vemaJentairi—kana dai vakauya pamusoro penyika ino, ^avakaparadzira vanhu vangu vemba yaIsraeri; uye vanhu vangu vanova vemba yaIsraeri ^bvakadzvingwa pakati pavo, vakatsikirirwa pasi petsoka dzavo.

9 Uye nokuda kwetsitsi dza-baba kumaJentairi, uye nokuto-nga kwaBaba kuvanhu vangu avo vemba yaIsraeri, zvirokwa-zvo, zvirokwazvo, ndinoti kwa-muri, shure kwezvinhu izvi zvose, ndaita kuti vanhu vangu vemba yaIsraeri varohwe, noku-rwadziswa, ^anokuuruiwa, noku-va vanobviswa mukati mavo, nokuti vave vanovengwa navo, nokuvaita chitukiso nokuvare-va pakati pavo—

10 Uye ndizvo zvandarairwa naBaba kuti ndikutaurirei: Pazu-va iro maJentairi vachatadzira vhangeri rangu, uye vachira-mba kuzara kwevhangeri rangu, uye ^avachasimuka no-kuzvikudza kwemwoyo yavo pamusoro pamarudzi ose, ne-pamusoro pevanhu vose vepa-si rose, uye vachazadzwa nokunyepa kwemarudzi ose, nokunyengedza, nokusanzwa, nenzira dzose dzokunyenge-dza, noumhondi, nehupirisita ^bhusakarurama, noupfambi, no-kutadza kwakavanzika; kana

4b 1 Ni. 10:14;

3 Ni. 21:6.

c Ezk. 20:42–44;

3 Ni. 20:13.

5a NKM Israeri—

Kuunganidzwa

kwa Israeri.

b 3 Ni. 5:24–26.

c 1 Ni. 22:9;

3 Ni. 21:26–29.

6a 1 Ni. 13:30–42;

2 Ni. 30:3.

b 2 Ni. 32:5;

3 Ni. 11:32, 35–36.

NKM Mweya

Mutsvene.

7a NKM Kudzororwa

pakare kweVhangeri.

8a 1 Ni. 13:14;

Morm. 5:9, 15.

b 3 Ni. 20:27–29.

9a Amosi 9:1–4.

10a Morm. 8:35–41.

b 2 Ni. 26:29.

vakaita zvinhu zvose izvi, vakaramba kukwana kweshoko rangu, tarisai, Baba vanotaura, ndichabvisa shoko rangu rize-re kwavari.

11 Uye “ndichazorangarira chibvumirano chandakaita nanvanhu vangu, imba yaIsraeri, ndichazounza shoko rangu mukati mavo.

12 Uye ndicharatidza kwauri, imba yaIsraeri, kuti maJentairi havazowana simba kupfuura iwe; asi ndicharangarira chibvumirano changu kwauri, imba yaIsraeri, uye uchazouya pakuziva “ruzivo rwekuzara kwevhangeri rangu.

13 Asi kana maJentairi vakate-ndeuka nokudzokera kwandiri, Baba vanoti, tarisai “vachazoverengerwa pamwe nevanhu vangu, vemba yaIsraeri.

14 Uye handizobvumira vanhu vangu, avo vemba yaIsraeri, kuti vaende pakati pavo, vachivatsikirira, Baba vanodaro.

15 Asi kana vasingadzokere kwandiri, nokuteerera kuzwi rangu, ndichabvumira; hongu, ndichabvumira vanhu vangu, imba yaIsraeri, kuti vaende pakati pavo, “vavatsikirire, vazove somunyu warunduka, usisina basa asi kuti ungoraswa kunze, nokutsikwa netsoka dzevanhu vangu, imba yaIsraeri.

16 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, izvi ndizvo zvandakarairwa naBaba—kuti

ndinofanira kupa kuvanhu ava nyika ino senhaka yavo.

17 Uye zvino “mazwi emuporofita Isaya achazadzikiswa, ayo anoti:

18 “Muchengeti ^bwenyu achasimudza izwi; neizwi pamwechete vachaimba, nokuti vachawirirana apo Ishe vachaunza zvakare Zioni.

19 Pindai mukufara, imbai pamwechete, imi nzvimbo dzakaparadzwa dzeJerusarema; nokuti Ishe vanonyaradza vanhu vavo, vanunura Jerusarema.

20 Ishe aisa ruoko rwake rwutsvene pachena mumaziso emarudzi ose; nekumagumo kwenyika kwose kwuchaona ruponeso rwaMwari.

CHITSAUKO 17

Jesu anotaurira vanhu kuti vafungisise pamusoro pamazwi ake nokunamata kuti vanzwisise—Anoporesa varwere vavo—Anonamatira vanhu, achishandisa mutauro usinganyoreki—Ngirozi dzinoparidzira uye moto unokomberedza vaduku vavo. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azoarwa.

TARISAI, zvino zvakaitika kuti apo Jesu akanga ataura mazwi aya akatarisa zvakare kugungano, ndokuti kwavari: Tarisai, “nguva yangu yasvika.

2 Ndinoona kuti makaneta,

11a 3 Ni. 21:1–11;

Morm. 5:20.

12a Hir. 15:12–13.

13a VaG. 3:7, 29;

1 Ni. 15:13–17;

2 Ni. 10:18; 3 Ni. 30:2;

Abr. 2:9–11.

15a Mika 5:8–15;

3 Ni. 20:16–19;

21:12–21;

D&Z 87:5.

17a 3 Ni. 20:11–12.

18a Ezk. 33:1–7.

NKM Murindiri.

b Isa. 52:8–10.

17 1a NEMAMWE MAZWI

kudzokera kunaBaba.

Ona ndima 4.

kuti "hamunzwise mazwi angu ose ayo andakarairwa naBaba kuti nditaure kwamuri panguva ino.

3 Naizvozvo, endai kudzimba dzenyu, "mufungisise pamusoro pezvinhu zvandataura, mukumbire Baba, muzita rangu, kuti muve munonzwisisa, ^bmugogadzirira pfungwa dzenyu ^czvamanwana, ndichauya kwamuri zvakare.

4 Asi iye zvino "ndinoenda kuna Baba, ^bnokunozviratidzawo kumarudzi eIsraeri ^cakarasika, nokuti havana kurasika kuna Baba, nokuti vanoziva kwavakavaendesa.

5 Uye zvakaitika kuti Jesu ataura kudaro, akatarisa zvakare kugungano, akaona vaine misodzi, vakaramba vakamutarisa kunge vachamukumbira kuti agare navo kwechinguvana.

6 Uye akati kwavari: Tarisai, ura hwangu huzere "netsitsi kwamuri.

7 Ko mune vanorwara here pakati penyu? Vaunzei kwandiri. Mune zvirema here, kana mapofu, kana vanokamhina, kana vakaremadzwa, kana vane maperemadzai, kana avo vakakonyara, kana vasinganzwi, kana avo vanorwadziwa nedzimwe nzira? Vaunzei kwandiri ndichavaporesa, nokuti ndine tsitsi nemi; ura hwangu huzere netsitsi.

8 Nokuti ndinoona kuti muri kuda kuti ndikuratidzei zvandakaita kuhama dzenyu kuJerusarema, nokuti ndinoona kuti "kutenda kwenyu ^bkwakakwana kuti ndikuporesei.

9 Uye zvakaitika kuti ataura kudaro, gungano rose, riri pamwechete, vakaenda nevarwere vavo vairwadziwa, nezvirema zvavo, namapofu avo, neavo vasingataure, neavo vose vairwadziwa zvakasiyana-siyana; vose "akavaporesa apo vaiunzwa kwaari.

10 Uye vose, vose vakange vaporeswa neavo vakange vakanaka, vakapfugama patsoka dzake, vakamunamata; uye avo vakakwanisa vegungano vakauya "vakatsvoda tsoka dzake, zvekuti vakashambidza tsoka dzake nemisodzi yavo.

11 Uye zvakaitika kuti akaraira kuti vana vavo "vaduku vaunzwe kwaari.

12 Saka vakaunza vana vavo vaduku vakavagadzika pasi vakamutenderedza, uye Jesu akamira pakati pavo; gungano rakapeura nzira kusvikira vose vaunzwa kwaari.

13 Uye zvakaitika kuti apo vose vakange vaunzwa kwaari, Jesu akamira pakati, akaraira gungano kuti "ripfugame pasi.

14 Uye zvakaitika kuti apo vakanga vapfugama pasi, Jesu akagomera nechemumwoyo,

2a Joh. 16:12;
D&Z 78:17-18.

3a NKM Fungisisa.
b D&Z 132:3.

c 3 Ni. 19:2.

4a 3 Ni. 18:39.

b 3 Ni. 16:1-3.

c NKM Israeri—
Marudzi gumi
akarasika aIsraeri.

6a NKM Kunzwa Tsitsi.

8a Ruka 18:42.

b 2 Ni. 27:23;

Eta 12:12.

9a Mosaya 3:5;
3 Ni. 26:15.

10a Ruka 7:38.

11a Mat. 19:13-14;

3 Ni. 26:14, 16.

13a Ruka 22:41;

Mabasa 20:36.

akati: Baba, ndiri “kutambudzi-ka pamusana pokuipa kwavanhu vemba yaIsraeri.

15 Uye ataura mazwi aya, iye wo pachake akapfugama pasi; tarisai akanamata kunaBaba, zvinhu zvaakanamatira hazvinganyorwe, avo vakanzwa vakapupura.

16 Uye mutsika iyoyi vanopupura vachiti: “Ziso harisati ramboona, kana nzeve haisati yambonzwa, zvinhu zvikuru zvinoshamisa zvatakaona nokunzwa Jesu achitaura kuna Baba;

17 Zve hakuna “rurimi rwungataure, zve hakuna munhu anga zvinyore, zve hakuna mwoyo yavanhu ingafunge zvinhu zvikuru zvinoshamisa zvatakaona tikanzwa Jesu achitaura; zve hapana munhu angazive rufaro rwakazadza mweya yedu panguva yatakanzwa achitinamatira kuna Baba.

18 Uye zvakaitika kuti apo Jesu akanga apedza kunamata kuna Baba; akasimuka; asi “rufaro rwevanhu rwakatura zvekuti havana kukwanisa kusimuka.

19 Uye zvakaitika kuti Jesu akataura kwavari, akavati vasimuke.

20 Uye vakasimuka kubva pasi, akati kwavari: Makakomborerwa imi nokuda kwokutenda kwenyu. Zvino tarisai, kufara kwangu kwazadzikiswa.

21 Uye apo akanga ataura mazwi aya, “akachema, gungano

rikazvipupura, zve akatora vana vaduku vavo, mumwe nomumwe, ^bakavakomborerwa, akanamata kuna Baba pamusana pavo.

22 Uye apo akanga aita izvi akachema zvakare;

23 Uye akataura kugungano, akati kwavari: Tarisai vaduku venyu.

24 Uye apo vakatarisa vakaisa maziso avo kudenga, vakaona matenga achizaruka, vakaona ngirozi dzichiburuka kubva kudenga dzichiita kunge dziri pakati pomoto; dzakauya “dzikakomberedza vaduku vose, vakakomberedzwa nomoto; ngirozi dzikaparidza kwavari.

25 Uye gungano rakaona nokunzwa rikapupura; zve vanoziva kuti kupupura kwavo ndekwechokwadi nokuti vose vakaona nokunzwa, munhu wose pachake; mukuverenga vaikwana zviru zviru namazana mashanu emweya; kusanganisa varume, vakadzi navana.

CHITSAUKO 18

Jesu anotangisa sakaramende mu-maNifai—Vanorairwa kunamata nguva dzose muzita rake—Avo vanodya nyama yake nokunwa ropa rake vasina kukodzera vanoraswa—Vadzidzi vanopiwa simba roku-pa Mweya Mutsvene. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

14a Mos. 7:41.

16a Isa. 64:4;
I VaKori. 2:9;

D&Z 76:10, 114–119.

17a II VaKori. 12:4.

18a NKM Rufaro.

21a Joh. 11:35.

b Marko 10:14–16.

24a Hir. 5:23–24, 43–45.

UYE zvakaitika kuti Jesu akatuma vadzidzi vake kuti vaunze “chingwa newaini kwaari.

2 Uye apo vakanga vaenda kunitora chingwa newaini, akaudza gungano kuti rigare pasi.

3 Uye zvino vadzidzi vauya “nechingwa newaini, akatora chingwa akachimedura akachikomborera; akapa vadzidzi akavaudza kuti vadye.

4 Uye vadya vaguta, akavara-ira kuti vape kugungano.

5 Uye gungano radya raguta, akati kuvadzidzi: Tarisai mumwechete wenyu achagadzwa, kwaari ndichapa simba rokuti “achazomedura chingwa noku-chikomborera achipa kuvanhu vechechi yangu, kune avo vose vachatenda nokubhabhatidzwa muzita rangu.

6 Uye izvi muchaona kuti mazviita nguva dzose, sokuita kwandaita, sokumedura kwandaita chingwa nokuchikomborera ndikachipa kwamuri.

7 Uye izvi muchazviita “mukurangarira muviri wangu, uyo wandaratidza kwamuri. Uye uchazove uchapupu kuna Baba kuti muchandirangarira nguva dzose. Uye mukandirangarira nguva dzose Mweya wangu uchazova nemi.

8 Uye zvakaitika kuti ataura mazwi aya, akatuma vadzidzi vake kuti vatore waini yaive mumukombe vanwe, uyewo kuti vape kugungano kuti rinwewo.

9 Uye zvakaitika kuti vakaita saizvozvo, vakainwa vakaguta; vakapa kugungano, rikanwa, rikagutawo.

10 Uye vadzidzi vaita izvi, Jesu akati kwavari: Makakombore-rwa imi nokuda kwechinhu ichi chamaita, nokuti uku kuzadzikisa mirairo yangu, uye izvi zvinopupura kuna Baba kuti munoda kuita zvandakurairai.

11 Uye izvi muchazviita kune avo vose vanenge vatendeuka nokubhabhatidzwa muzita rangu; muchazviita mukurangarira ropa rangu, iro randakudeurirai, kuti muzopupura kuna Baba kuti munondirangarira nguva dzose. Uye mukandirangarira nguva dzose Mweya wangu uchave nemi.

12 Uye ndinopa kwamuri murairo wokuti muchaita zvinhu izvi. Zve mukaita zvinhu izvi nguva dzose makakomborerwa, nokuti makavakwa “padombo rangu.

13 Asi avo vachaita zvakapfupidzwa kana zvisoma pane izvi ivavo havana kuvakwa padombo rangu, asi vakavakwa pahwaro hwejecha; kana mvura ichinge yoturuka, nzizi dzozara, mhengo yovhuvhuta, ichivarova, “vachapunzika, zve misuwo^b yokugehena yakagadzirira kuzaruka ivagamuchire.

14 Naizvozvo makakomborerwa kana mukachengeta mirairo yangu, iyo Baba vakandiraira kuti ndipe kwamuri.

18 1a Mat. 26:26-28.
3a NKM Sakaramende.
5a Moro. 4.

7a Moro. 4:3.
12a NKM Ibwe.
13a NKM Kurasi

Pachitendero.
b 3 Ni. 11:39.

15 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, munofanira kutarisa “nokunamata nguva dzose, kuti musave munoedzwa nadhiabhorosi, mugotungamirwa muusungwa naye.

16 Uye sekunamata kwandaita pakati penyū ndiko kunamata kwamuchaita muchechi yangu, mukati mevanhu vangu vanotendeuka nokubhabhatidzwa muzita rangu. Tarisai ndini “chiedza; ndakupai ^bmuenzaniso.

17 Uye zvakaitika kuti Jesu akati ataura mazwi aya kuvadzidzi vake, akatendeuka kugungano akati kwariri:

18 Tarisai, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, munofanira kutarisa nokunamata kuti musapinde mukuedzwa; nokuti “Satani anoda kukutorai, kuti agokusefai segorosi.

19 Naizvozvo munofanira kunamata nguva dzose kuna Baba muzita rangu;

20 Uyezve “chosezvacho chamuchakumbira Baba muzita rangu, chakarurama, muchitenda kuti muchagamuchira, tarisai chichapiwa kwamuri.

21 “Namatai mumhuri dzenyu kuna Baba, nguva dzose muzita rangu, kuti vakadzi venyu nevana venyu vakomborerwe.

22 Uye tarisai, muchagara muchisangana; uye hamuzora-

mbidza mumwe munhu kuuya pamunenge muri kana muchinge maungana pamwechete, asi vasiyei vauye kwamuri musavarambidze;

23 Asi “muchavanamatira, uye hamuvadzinge; kana vachiuya kwamuri nguva dzose muchavanamatira kuna Baba, muzita rangu.

24 Naizvozvo, simudzai “mwenje wenyu kuti uvhenekere nyika yose. Tarisai ndini ^bchiedza chamuchasimudza—izvo zvamaona ndichiita. Tarisai maona kuti ndanamata kuna Baba, mose mazviona.

25 Uye munoona kuti ndataura kuti “pasave nomumwe wenyu anoenda, asi ndataura kuti muuye kwandiri, kuti ^bmunzwe muone; ndizvo zvamuchaita kunyika; zve uyo wose anotyora murairo uyu anozvikonzera kuti atungamirirwe mukuedzwa.

26 Uye zvino zvakaitika kuti Jesu ataura mazwi aya, akadzosa zvakare maziso ake kuvadzidzi vaakanga asarudza, akati kwavari:

27 Tarisai, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, ndinopa kwamuri mumwe murairo, ndadaro ndinofanirwa kuenda kuna “Baba vangu kuti ndizadzikise ^bmimwe mirairo iyo yavakandipa.

15a Aruma 34:17–27.
NKM Munamato.

16a NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.
^b NKM Jesu Kristu—
Muyenzaniso
waJesu Kristu.

18a Ruka 22:31;

2 Ni. 2:17–18;
D&Z 10:22–27.

20a Mat. 21:22;
Hir. 10:5;
Moro. 7:26;
D&Z 88:63–65.

21a Aruma 34:21.

23a 3 Ni. 18:30.

24a Mat. 5:16.
^b Mosaya 16:9.

25a Aruma 5:33.
^b 3 Ni. 11:14–17.

27a NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari—
Mwari Baba.

^b 3 Ni. 16:1–3.

28 Uye zvino tarisai, uyu ndiwo murairo wandinopa kwamuri, kuti musaregere munhu wamunoziva kuti haana “kukodzera kuti ^badye nyama yangu nokunwa ropa rangu, kana muchinge mave kuvapa;

29 Nokuti uyo anodya nokunwa nyama “neropa rangu ^basingakodzeri anodya nokunwa kuraswa kwemweya wake; naizvozvo kana muchiziva kuti munhu wacho haakodzeri kudya nokunwa nyama neropa rangu muchamurambidza.

30 Zvisinei hazvo, “hamuzo-mudzanga kubva pakati penyu, asi muchamuparidzira uye muchamunamatira kuna Baba, muzita rangu; zve kana akatendeuka akabhabhatidzwa muzita rangu, ndipo pamuchamugamuchira, mozoparidza kwaari nezveropa rangu nemuviri wangu.

31 Asi kana akasatendeuka haazoverengwa pavanhu vangu, kuti asazoparadza vanhu vangu, nokuti tarisai ndinoziva hwai “dzangu, zve dzakaverengwa.

32 Zvisinei hazvo, hamuzo-mudzanga mumasinagogo enyu, kana nzvimbo dzenyu dzokunamatira; nokuti kune akadaro mucharamba muchiparidza; nokuti hamuzivi kuti vachadzoka nokutendeuka riini, vachiyua

kwandiri nechido chemwoyo chose, “ndigovaporesa; zve muchazova nzira yokuunza ruponeso kwavari.

33 Naizvozvo, chengetai zvinhu izvi zvandakutumai kuti “musaraswe; nokuti ane nhamo uyo anoraswa naBaba.

34 Uye ndinokupai mirairo iyi nokuda kwokusawirirana kwakanga kuri pakati penyu. Nokuti makakomborerwa imi kana “pasina kusawirirana pakati penyu.

35 Uye zvino ndinoenda kuna Baba, nokuti zvinofanira kuti ndiende kuna Baba “nepamusana penyu.

36 Uye zvakaitika kuti apo Jesu akapedza kutaura izvi, akabata “neruoko rwake ^bvadzidzi vakanga asarudza, mumwe nomumwe, kusvikira avabata vose, akataura kwavari zvaavabata.

37 Uye gungano harina kunzwa mazwi aakataura, naizvozvo havana kuzvinyora; asi vadzidzi vakanyora kuti akavapa “simba rokupa ^bMweya Mutsvene. Uye ndicharatidza kuti zvinyorwa izvi ndezvechokwadi.

38 Uye zvakaitika kuti shure kwekunge Jesu avabata vose, kwakauya “gore rikafukidza gungano zvekuti vakanga vasisakwanise kuona Jesu:

39 Uye apo vakanga vakafukidzwa kudaro akavasiya,

28a Morm. 9:29.

^b I VaKori. 11:27–30.

29a NKM Ropa; Sakaramende.

^b D&Z 46:4.

30a D&Z 46:3.

31a Joh. 10:14;

Aruma 5:38;

3 Ni. 15:24.

32a 3 Ni. 9:13–14;

D&Z 112:13.

33a NKM Kupomera.

34a 3 Ni. 11:28–30.

35a I Joh. 2:1;

2 Ni. 2:9;

Moro. 7:27–28;

D&Z 29:5.

36a NKM Maoko, Kugadzwa kwe.

^b 1 Ni. 12:7; 3 Ni. 19:4.

37a NKM Simba.

^b NKM Chipo

cheMweya Mutsvene.

38a Eks. 19:9, 16.

akakwira kudenga. Zve vadzidzi vakaona vakanyora pasi kuti akakwira zvakare kudenga.

CHITSAUKO 19

Vadzidzi vanegumi nevaviri vanoparidza kuvanhu nokunamatira Mweya Mutsvene—Vadzidzi vanobhabhatidzwa nokugamuchira Mweya Mutsvene nokushumira kwengirozi—Jesu anonamata nemazwi asingakwanise kunyorwa—Anopupura pamusoro pokutenda kukuru kwamaNifai. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti apo Jesu akanga akwira kudenga, gungano rakaparara, murume wose akatora mukadzi nevana vake akadzokera kumba kwake.

2 Uye zvakataurwa kuvanhu vose panguva iyoyo, kusati kwavsviba, kuti gungano rakanga raona Jesu, uye kuti akanga aparidza kwavari, uye kuti aizozviratidza kugungano mangwana.

3 Hongu, zve kunyange usiku hwose kwakange kuchitaurwa pamusana paJesu; mukudaro vakatumira shoko kuvanhu vakawanda, hongu, vakawanda zvikuru, vakasevenza zvikuru usiku ihwohwo, kuti vazovepo mangwana panzvimbo iye Jesu akanga achazozviratidza kugungano.

4 Uye zvakaitika kuti ave mangwana, gungano rakaungana pamwechete, tarisai, Nifai nemunin'ina wake uyo waakanga

amutsa mukufa, ainzi Timotio, uye nemwanakomana wake, ainzi Jonasi, uye naMatoni, naMatoniha, mukoma wake, naKumeni, naKumenionihai, naJeremia, naShemunoni, naJonasi, naZedekia, nalsaya—zvino aya ndiwo mazita evadzidzi vakange vasarudzwa naJesu—uye zvakaitika kuti vakaenda vakamira pakati pegungano.

5 Uye tarisai, gungano rakanga rakakura zvikuru zvekuti vakaita kuti vaparadzane muzvikamu gumi nezviviri.

6 Uye vanegumi nevaviri vadzidzisa gungano; zve tarisai, vakaita kuti gungano rifugame pamusoro penyika, vagonamata kuna Baba muzita raJesu.

7 Uye vadzidzi vakanamatawo kuna Baba muzita raJesu. Zve zvakaitika kuti vakasimuka vakaparidza kuvanhu.

8 Uye apo vakanga vaparidza mazwi mamwechetewo Jesu akanga ataura—pasina kusiyana nemazwi akataurwa naJesu—tarisai, vakapfugama zvakare vakanamata kuna Baba muzita raJesu.

9 Uye vakanamatira izvo vaidzisa zvikuru; uye vakanga vane chido chokuti “Mweya Mutsvene upiwe kwavari.

10 Uye apo vakange vanamata kudai vakaenda kwakatangira mvura, gungano rikavatevera.

11 Uye zvakaitika kuti Nifai akapinda “mumvura akabhabhatidzwa.

12 Uye akabuda mumvura akatangisa kubhabhatidza. Uye

akabhabhatidza avo vose vaka-
ngava vasarudzwa naJesu.

13 Uye zvakaitika kuti apo
vose vakange “vabhabhatidzwa
vabuda mumvura, Mweya
Mutsvene wakazuya pamusoro
pavo, vakazadzwa ^bneMweya
Mutsvene nemoto.

14 Zve tarisai, “vakakombere-
dzwa nezvairatidzika somoto;
zvakaburuka kubva kudenga,
gungano rakazviona izvi, vaka-
pupura; ngirozi dzakaburuka ku-
bva kudenga dzikavaparidzira.

15 Uye zvakaitika kuti apo ngi-
rozi dzichingunoparidza ku-
vadzidzi, tarisai, Jesu akauya
akamira pakati pavo akaparidza
kwavari.

16 Uye zvakaitika kuti akata-
ura kugungano, akaraira kuti
vapfugame pasi zvakare, uye-
wo kuti vadzidzi vake vapfu-
gamewo.

17 Uye zvakaitika kuti apo va-
kanga vapfugama vose, akaraira
vadzidzi vake kuti vanamate.

18 Zve tarisai, vakatangisa ku-
namata; vakanamata kuna Jesu,
vachimudaidza kuti Ishe na-
Mwari wavo.

19 Uye zvakaitika kuti Jesu
akabva pakati pavo, akaenda
kachinhambwe kubva pavari
akapfugama pasi, akati:

20 Baba, ndinokutendai kuti
mapa Mweya Mutsvene kune
avo vandakasarudzwa; kutenda
kwavo mandiri kwaita kuti
ndivasarudze kubva munyika.

21 Baba, ndinokukumbirai kuti
mupe Mweya Mutsvene kune
avo vose vachatenda kumazwi
avo.

22 Baba, mavapa Mweya Mu-
tsvене nokuti vanotenda ma-
ndiri; munoona kuti vanotenda
mandiri nokuti munovanzwa,
uye vanonamata kwandiri; uye
vanonamata kwandiri nokuti
ndinavo.

23 Uye zvino Baba, ndinona-
mata kwamuri pamusana pavo,
neavo vose vachatenda kuma-
zwi avo, kuti vatende mandiri,
kuti ndive mavari “semi, Baba,
muri mandiri, kuti tive ^bmu-
mwechete.

24 Uye zvakaitika kuti apo Jesu
akanga anamata seizvi kuna
Baba, akauya kune vadzidzi
vake, zve tarisai, vakaramba va-
chienderera mberi, vasingamire,
“kunamata kwaari; uye havana
kuwanza mazwi, nokuti zva-
kanga zvakapiwa kwavari kuti
^bvanonamatei, zve vakazadzwa
nechido.

25 Uye zvakaitika kuti Jesu
akavaropafadza apo vainamata
kwaari; uso hwake hwakanye-
mwerera kwavari, uye chiedza
“cheuso hwake chakavheneka
pavari, zvakare tarisai vakave
^bvachena seuso nenguwo dza-
Jesu; zve tarisai kuchena kwaka-
pfuura kuchena kwose, hongu,
tarisai hakuna chimwe chinhu
chakachena kudarika kuchena
uku pano pasi.

13a NKM Bhabhatidza.
b 3 Ni. 12:2; Morm. 7:10.
NKM Chipo
cheMweya Mutsvene.

14a Hir. 5:23–24, 43–45;

3 Ni. 17:24.
23a 3 Ni. 9:15.
b Joh. 17:21–23.
NKM Kubatana.

24a Mat. 6:7.

b D&Z 46:30.
25a Num. 6:23–27.
b NKM Kushandurwa—
Vanhu
vakashandurwa.

26 Uye Jesu akati kwavari: Rambai muchinamata; zvaka-daro havana kumira kunamata.

27 Uye akabva kwavari zvaka-re, akaenda chinhambwe chiduku kubva pavari akapfugama pasi; akanamata zvakare kuna Baba, achiti:

28 Baba, ndinokutendai kuti “matsvenesa avo vandakasaru-dza, nenzira yokutenda kwavo, zve ndinovanamatira, neavo vachatenda mazwi avo, kuti vave vanocheneswa mandiri, kuburikidza nokutenda kumazwi avo, sezvo vakacheneswa mandiri.

29 Baba, handinamatire nyika, asi avo vamakandipa “kubva munyika, nokuda kwokutenda kwavo, kuti vacheneswe mandiri, kuti ndizova mavari semi, Baba, muri mandiri, kuti tive mumwe, kuti ndizobwinya mavari.

30 Uye apo Jesu akanga ataura mazwi aya akauya zvakare kuvadzidzi vake; zve tarisai vaminamata zvikuru, vasingamire, iye; akavanyemwerera zvakare; zve tarisai vakanga “vachena, kana saJesu.

31 Uye zvakaitika kuti akaenda kachinhambwe zvakare akanamata kuna Baba;

32 Uye rurimi harungataure mazwi aakanamata, kana “kunyorwa nomunhu mazwi aakanamata.

33 Uye gungano rakanzwa rikapupura; mwoyo yavo yakazarurwa vakanzwisisa mumwoyo yavo mazwi aakanamata.

34 Zvisinei, mazwi ake akanga ari makuru anoshamisa ayo aakanamata zvekuti haakwani-swe kunyorwa, kana “kutaurwa nomunhu.

35 Uye zvakaitika kuti Jesu paakamira kunamata akauya zvakare kune vadzidzi vake, akati kwavari: “Kutenda kukuru kwakadai handisati ndambo-kuona pakati pemaJuda ose: Naizvozvo handaivaratidza zvishamiso zvikuru zvakadai, nokuda ^bkwokusatenda kwavo.

36 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, hakuna kunyange mumwe wavo akaona zvinhu zvikuru sezvamaona; kana kunzwa zvinhu zvikuru sezvamanzwa imi.

CHITSAUKO 20

Jesu anoita chishamiso pakuvapa chingwa newaini uye zvakare anopa sakaramende kuvanhu—Zvizvarwa zvaJakobo zvakasara zvichasvika pakuziva Ishe Mwari wavo vozogara mumaAmerica—Jesu muporofita saMosesi, zve ma-Nifai vana vavaporofita—Vamwe vevanhu vaIshe vachaungana ku-Jerusarema. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti akaraira gungano kuti rimire kunamata, uye nevadzidzi vake. Uye akavaraira kuti vasamire “kunamata mumwoyo yavo.

2 Uye akavaraira kuti vasimuke vamire namakumbo avo. Zve

28a Moro. 7:48;
D&Z 50:28–29;
88:74–75.
NKM Chakachena.
29a Joh. 17:6.

30a Mat. 17:2.
32a D&Z 76:116.
34a II VaKori. 12:4;
3 Ni. 17:17.
35a NKM Rutendo.

^b Mat. 13:58.
NKM Kusadaira.
20 1a 2 Ni. 32:9;
Mosaya 24:12.

vakasimuka vakamira nama-kumbo avo.

3 Uye zvakaitika kuti akamedura chingwa zvakare akachiropafadza, akapa kuvadzidzi kuti vadye.

4 Uye shure kwokunge vadya akavaraira kuti vamedure chingwa, vape kugungano.

5 Uye shure kwokunge vapa gungano akavapa zvakare waini kuti vanwe, akavaraira kuti vape kugungano.

6 Zvino, pakanga pasina “chingwa, kana waini, zvakanga zvaunzwa navadzidzi, kana negungano;

7 Asi zvechokwadi “akapa kwavari chingwa chokudya, uye newaini yokunwa.

8 Uye akati kwavari: Uyo “anodya chingwa ichi anodya muviri wangu pamweya wake; zve uyo anonwa waini iyi ari kunwa ropa rangu pamusoro pomweya wake; zve mweya wake hauzoiti nzara kana nyota, asi kuti uchazadzwa.

9 Zvino, gungano rose zvarakanga radya nokunwa, tarisai, vakazadzwa nomweya; vakachema nezwi rimwechete, vakapa mbiri kuna Jesu, uyo wavakaona nokunzwa.

10 Uye zvakaitika kuti apo vose vakanga vapa mbiri kuna Jesu, akati kwavari: Tarisai ndapedza murairo wandaka-

rairwa naBaba kuti ndiite kuvanhu, vanova vakasara vemba yaIsraeri.

11 Mucharangerira kuti ndakataura nemi, ndichiti kana “mazwi ^aalsaya ave kuzadzikiswa — tarisai akanyorwa, munawo pamberi penyu, naizvo-zvo anzverei —

12 Uye zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, kana achinge ava kuzadzikiswa ndipo pachave nekuzadzikiswa “kwechibvumirano icho Baba vakaita kuvanhu vavo, imba yaIsraeri.

13 Uye zvino “vakasara avo, ^bvachapararira kwose-kwose munyika, ^cvachaunganidzwa kubva kumabvazuva nokumadokero, nokuchamhembe nokumadzanyemba; zve vachazounzwa ^dmukuziva Ishe Mwari vavo, uyo akavanunura.

14 Uye Baba vakandiraira kuti ndinofanira kukupai “nyika ino, kuti ive nhaka yenyu.

15 Uye ndinoti kwamuri, kana maJentairi “vakasatendeuka shure kwamakomborero avachawana, shure kwokunge vaparadza vanhu vangu —

16 Ndipo imi, vakasara vemba yaJakobo, muchaenda mukati mavo; muchazova pakati pavo ivo vakawanda; muchazova pakati pavo seshumba iri pakati pemhuka dzesango, uye “seshu-

6a Mat. 14:19–21.

7a Joh. 6:9–14.

8a Joh. 6:50–58;

3 Ni. 18:7.

NKM Sakaramende.

11a 3 Ni. 16:17–20; 23:1–3.

b 2 Ni. 25:1–5;

Morm. 8:23.

12a 3 Ni. 15:7–8.

13a 3 Ni. 16:11–12; 21:2–7.

b NKM Israeri—

Kupararira kwa Israeri.

c NKM Israeri—

Kuunganidzwa kwa Israeri.

d 3 Ni. 16:4–5.

14a NKM Nyika yeChipikirwa.

15a 3 Ni. 16:10–14.

16a Morm. 5:24;

D&Z 19:27.

mba diki mukati mamatanga amakwai, iyo, kana ichinge iri mukati mawo ^binoatsikirira ichiabvanzura kuita zvidimbu zvidimbu, hapana angaanunure.

17 Ruoko rwako rwuchasimudzwa pavavengi vako, uye mhando dzako dzose dzicharaswa.

18 Uye “ndichanganidza vanhu vangu pamwechete somunhu anunganidza uswa pauriri.

19 Nokuti ndichaita vanhu vangu avo Baba vakaita navo chibvumirano, hongu, ndichaita “nyanga yako ive simbi, ndigoyita matsimba ako ave ndarira. Uye uchazodimbura-dimbura vanhu vazhinji; zve ndichaisa zvinhu zvavo kuna Ishe, nezvavanazvo kuna Ishe venyika yose. Zve tarisai, ndini ndinovziita.

20 Uye zvichaitika, Baba vanodaro, kuti “munondo wokuranga kwangu uchaturikwa pamusoro pavo zuva iroro; uye kunze kwokunge vatendeuka uchadonhedzerwa pamusoro pavo, Baba vanodaro, hongu, kunyange pamusoro pamarudzi ose emaJentairi.

21 Uye zvichaitika kuti ndichamisa “vanhu vangu, imba yaIsraeri.

22 Uye tarisai, vanhu ava ndichavaisa munyika ino, mukuzadzikisa “chibvumirano cha-

ndakaita nababa venyu Jakobo; richazova Jerusarema ^bIdzva. Zve masimba ekudenga achazova pakati pavanhu ava; hongu, kunyange “ini ndinenge ndiri pakati penyu.

23 Tarisai, ndini uyo aitaurwa naMosesi, achiti: Ishe Mwari venyu achakumutsirai “muporofita werudzi rwenyu, akaita seni; mumuteerere muzvinhu zvose zvaachataura kwamuri. Ichasvika nguva apo mweya yose isinganzwe muporofita uyu ichabviswa pakati pavanhu.

24 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, hongu, vaporofita “vose kubva panguva yaSamueri neavo vakazotevera, neavo vakawanda vakataura, vakapupura pamusana pangu.

25 Uye tarisai, muri vana vevaporofita; uye muri vema yaIsraeri; muri “vechibvumirano chakaitwa naBaba namadzibabanyu, vachiti kuna Abraham: Uye ^bmumbeu yako ndudzi dzose dzenyika dzichakomborerwa.

26 Baba vandimutsira kwamuri kutanga, vakandituma kuti ndikuropafadzei “mukubvisa mumwe nomumwe wenyu mukuipa kwake; izvi nokuda kwokuti muri vana vechibvumirano—

27 Uye mushure mekunge

16b Mika 5:8–9;
3 Ni. 16:14–15; 21:12.
18a Mika 4:12.
19a Mika 4:13.
20a 3 Ni. 29:4.
21a 3 Ni. 16:8–15.
22a Gen. 49:22–26;
D&Z 57:2–3.
b Isa. 2:2–5;

3 Ni. 21:23–24;
Eta 13:1–12;
D&Z 84:2–4.
NKM Jerusarema
Idzva.
c Isa. 59:20–21;
Mara. 3:1;
3 Ni. 24:1.
23a Deut. 18:15–19;

Mabasa 3:22–23;
1 Ni. 22:20–21.
24a Mabasa 3:24–26;
1 Ni. 10:5;
Jak. 7:11.
25a NKM Chibvumirano
chaAbraham.
b Gen. 12:1–3; 22:18.
26a Zir. 16:6.

maropafadzwa ndipo Baba vanozadzikisa chibvumirano icho vakaita naAbrahama, vachiti: “Mumbeu yako marudzi ose enyika acharopafadzwa—mukudurura Mweya Mutsvene nemandiri kumaJentairi, kuro-pafadzwa ^bkwamaJentairi uku kuchavaita kuti vave vanhu vane mukurumbira pamusoro pevamwe vose, vachiparadza vanhu vangu, imba yaIsraeri.

28 Uye vachazove ^aseshamhu kune vanhu venyika ino. Zvisinei, kana vachinge vagamuchira kuzara kwevhangeri rangu, kana zvino vakazomesa mwoyo yavo kwandiri ndichadzorera kuipa kwavo pamusoro pavo, Baba vanodaro.

29 Uye ^andicharangerira chibvumirano icho ndakaita nevanhu vangu; ndakabvumirana navo kuti ^bndichavaunganidza pamwechete munguva yangu, kuti ndichavapa zve ^cnyika yemadzibaba senhaka yavo, inova nyika ^dyeJerusarema, inova nyika yechipikirwa kwavari noku-singaperi, Baba vanodaro.

30 Uye zvichaitika kuti nguva ichasvika, apo kuzara kwevhangeri rangu kuchaparidzwa kwavari;

31 Uye ^avachatenda mandiri, kuti ndini Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, uye vachanamata kuna Baba muzita rangu.

32 Ndipo ^avachengeti vavo vachazosimudza mazwi avo, nezwi pamwechete vachaimba; nokuti vachawirirana.

33 Zvino Baba vachavaunganidza zvakare pamwechete, vovapa Jerusarema senyika yenhaka yavo.

34 Ndipo pavachapinda murufaro—^aVoimba pamwechete, imi nzvimbo dzisina maturo dzeJerusarema; nokuti Baba akanyaradza vanhu vake, akanunura Jerusarema.

35 Baba vaisa ruoko rwavo rwutsvene pachena mumaziso emarudzi ose; nemativi enyika dzose achaona ruponeso rwa-Baba; uye Baba neni tiri vamwechete.

36 Uye zvino zvakanyorwa zvichaitwa; ^aMukai, mukai zvakare, mupfeke simba renyu, Zioni; pfekai nguwo dzenyu dzakanaka, Jerusarema, guta dzvene, nokuti kubvira zvino hakuna kunyange mumwe zvake achauya kwauri asina kudzingiswa aine tsvina.

37 Zvizunze kubva muguruva; simuka, gara pasi, Jerusarema; zvisunungure patambo dziri muhuro mako, murandakadzi akasungwa weZioni.

38 Nokuti Ishe vanoti: Maka-zvitengesa pasina, zve muchazonunurwa pasina mari.

39 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, vanhu vangu

27a VaG. 3:8;
2 Ni. 29:14;
Abr. 2:9.

^b 3 Ni. 16:6–7.
28a 3 Ni. 16:8–9.

29a Isa. 44:21;
3 Ni. 16:11–12.

^b NKM Israeri—
Kuunganidzwa
kwa Israeri.

^c Amosi 9:14–15.

^d NKM Jerusarema.

31a 3 Ni. 5:21–26; 21:26–29.
32a Isa. 52:8;

3 Ni. 16:18–20.
NKM Murindiri.

34a Isa. 52:9.

36a Isa. 52:1–3;

D&Z 113:7–10.

NKM Zioni.

vachaziva zita rangu; hongu, nezuva iroro vachaziva kuti ndini iye ari kutaura.

40 Uye ndipo ivo pavachati: Makumbo ake akanaka “sei pamakomo euyo anonunza zvinhu zvakanaka kwavari, ^banoshambadza runyararo; anonunza nhau dzakanaka kune vakana-ka, idzo dzinoshambadza ru-poneso; anoti kuZioni: Mwari venyu vanotonga!

41 Zve ndipo pachabuda kuchema; “Endai imi, endai imi, budai kubva umo, musabate ^bchisina kuchena; ibvai maari; ivai ^cmakachena imi makatakura midziyo yaIshe.

42 Nokuti “hamuende muchikurumidza kana kuenda muchitiza; nokuti Ishe achaenda pamberi penyu, uye Mwari va-Israeli achatsigira shure kwenyu.

43 Tarisai, muranda wangu achaita zvakangwara; achakwidziridzwa nokuva anoiswa pamusoro-soro.

44 Vazhinji vakashamiswa nemi—chiso chake chakangananisika kupfuura chaani zvake munhu, chimiro chake chakanga chakapfuura vanakomana vevanhu—

45 Saka “achamwaya marudzi akawanda; madzimambo achavhara miromo yavo kwaari, nokuti izvo zvisina kunge zvakataurwa kwavari vachazviona; zve izvo zvavasina kunge vakanzwa vachazvifunga.

46 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, zvechokwadi zvinhu zvose izvi zvichauya, sokurairwa kwazvakaitwa kwandiri naBaba. Ndipo chibvumirano icho Baba vakabvumirana nevanhu vavo chichazadzikiswa; ndipo “Jerusarema ichagarwa nevanhu vangu, zvakare ichazova nyika yenhaka yavo.

CHITSAUKO 21

Israeri ichaungana pamwechete panouya Bhuku raMormoni—MaJentairi vanenge vave vanhu vakasununguka muAmerica—Vachaponeswa kana vakatenda nokuteerera; kana, kuti vacharaswa vagoparadzwa—Israeri ichavaka Jerusarema Idzva, uye marudzi akarasika achadzoka. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ndinokupai chiratidzo, kuti mugoziva “nguva yekuti zvinhu izvi zvave kuda kuitika—ndichaunganidza, kubva mukupararira kwavo kwenguva refu, vanhu vangu, imba ya-Israeli, ndichatangisa zvakare pakati pavo Zioni yangu;

2 Zve tarisai, ichi ndichochinhu chandichapa kwamuri sechiratidzo—nokuti zvirokwazvo ndinoti kwamuri kana zvinhu izvi zvandinotaura kwamuri, nevandinotaura kwamuri shure

40a Isa. 52:7;
Nah. 1:15;
Mosaya 15:13–18;
D&Z 128:19.
b Marko 13:10;

1 Ni. 13:37.
41a Isa. 52:11–15.
b NKM Chakachena
neChisina Kuchena.
c D&Z 133:5.

42a 3 Ni. 21:29.
45a Isa. 52:15.
46a Eta 13:5, 11.
21 1a NKM Mazuva
Ekupedzisira.

kwenguva ino nezvangu, uye nesimba reMweya Mutsvene uyo uchapiwa kwamuri naBaba; zvichaitwa kuti zvizivikanwe kumaJentairi kuti vave vanoziwa nezvevanhu ava vanova vakasara vemba yaJakobo, uye nezveava vanhu vangu vava-chaparadza;

3 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, kana zvinhu “izvi zvaziviswa kwavari naBaba, zvogouya nekunaBaba, kubva kwavari zvichiuya kwamuri;

4 Nokuti injere dzaBaba kuti vave vanogara munyika ino, uye vagoitwa vanhu “vakasununguka nesimba raBaba, kuti zvinhu izvi zviuye kubva kwavari zvichienda kune vakasara vembeu yenyu, kuti ^bchibvumirano chaBaba chizadzikiswe icho chavakabvumirana nevanhu vavo, imba yaIsraeri;

5 Naizvozvo, apo mabasa aya nemabasa ayo achaitwa nemi achabva “kumaJentairi, zvichiuya ^bkumbeu yenyu ichaderera mukusatenda nokuda kwezvitadzo;

6 Nokuti ndizvo zvaidiwa naBaba kuti zviuye kubva “kumaJentairi, kuti ave anoratidza simba rake kumaJentairi, chikonzero chiri chekuti maJentairi, akasaomesa mwoyo yavo, kuti vatendeuke nokuuya kwandiri nokubhabhatidzwa muzita ra-

ngu nokuziva chokwadi chezvinhu zvedzidziso yangu, kuti ^bvagoverengwa pane vanhu vangu, imba yaIsraeri;

7 Uye apo zvinhu izvi zvoitika kuti “mbeu yenyu yavakutanga kuziva zvinhu izvi—chichava chiratidzo kwavari kuti vave vanoziwa kuti basa raBaba ratotanga mukuzadzikisa chibvumirano icho vakaita nevanhu avo vari veimba yaIsraeri.

8 Zve apo zuva iroro richasvika, zvichaitika kuti madzima-mbo achavhara miromo yawo; nokuti izvo zvavakanga vasina kuudzwa vachazviona; uye izvo zvavakanga vasina kunzwa vachazvifunga.

9 Nokuti nezvava iroro, noku-da kwangu Baba vachashanda basa, richazova basa guru “rino-shamisa pakati pavo; zve pachazova pakati pavo avo vacharamba kuzvitenda, kunyangwe zvazvo vazviudzwa nemunhu.

10 Asi tarisai, upenyu hwemuranda wangu huchange huri muruoko rwangu; naizvozvo havazomukuvadza, kunyangwe zvavo “vachazomukanganisa pavo. Asi ndichamuporesa, nokuti ndichavaratidza kuti njere ^bdzangu ihuru kupinda udzvo-tsvo hwaSatani.

11 Naizvozvo zvichaitika kuti uyo wose acharamba kutenda mazwi gano, ini Jesu Kristu, ayo

3a Eta 4:17;
Nh—JS 1:34–36.

4a 1 Ni. 13:17–19;
D&Z 101:77–80.

b Morm. 5:20.

nkM Chibvumirano
chaAbraham.

5a 3 Ni. 26:8.

b 2 Ni. 30:4–5;
Morm. 5:15;

D&Z 3:18–19.

6a 1 Ni. 10:14; Jak. 5:54;

3 Ni. 16:4–7.

b VaG. 3:7, 29;

3 Ni. 16:13;

Abr. 2:9–11.

7a 3 Ni. 5:21–26.

9a Isa. 29:13;

Mabasa 13:41;

1 Ni. 22:8.

nkM Kudzororwa
pakare kweVhangeri.

10a D&Z 135:1–3.

b D&Z 10:43.

Baba vachaita kuti “iye aende kumaJentairi, vogomupa simba rekuti aaunze kumaJentairi, (zvichaitwa sekutaurwa kwa-zvakaitwa naMosesi) vachazova^bvanobviswa pakati pevanhu vangu vanova vechibvumirano.

12 Uye vanhu vangu vanova vakasara vechizvarwa chaJakobo vachave pakati pemaJentairi, hongu, pakati pavo^ashumba iri pakati pemhuka dzesango, shumba diki iri mukati mamatanga ehwai, iyo, inoti ikapfuura nepakati padzo^binodzitsikirira nokudzibvarura-bvarura, hapana angadzinunure.

13 Ruoko rwavo rwuchasimudzirwa vavengi vavo, uye mhandu dzavo dzose dzicharaswa.

14 Hongu, nhamo kumaJentairi kunze kwokunge^avatendeuka, nokuti zvichaitika muzuva iroro, Baba vanodaro, ndichakutorerai mabhiza enyu, uye ndichaparadza ngoro dzenyu;

15 Uye ndicharasa maguta enyika yenyu, ndogoputsa misimboti yenyu yose;

16 Uye ndichabvisa uroyi munyika menyu, uye hamuchazovi nevaferi.

17 Mifananidzo yenyu^aye-kuveza ndichabvisa zvakare, nezvivezwa zvenyu zvimire ndichazvibvisa pakati penyu, uye hamuchazonamate zvinhu zvamunogadzira nemaoko enyu;

18 Uye ndichabvisa masango

enyu pakati penyu, ndiwo muparadziro wandichaita maguta enyu.

19 Uye zvichaitika kuti “nhema dzose, nekunyengedza, noku-chiva, nokurwisana, hupirisita husakarurama, noupombwe, zvichabviswa.

20 Nokuti zvichaitika kuti, Baba vanoti, muzuva iroro avo vose vanoramba kutendeuka vakauya kuMwanakomana wangu Wandinoda, ndichavabvisa mukati mevanhu vangu, imba yaIsraeri;

21 Uye ndichatsiva nehasha dzangu pavari, kana semaJentairi, zvavasati vambonzwa.

22 Asi kana vakatendeuka vakateerera mazwi angu, vakasao-mesa mwoyo yavo, “ndichamisa chechi yangu mukati mavo, vogopinda muchibvumirano^bvogoverengerwa mukati mevakasara vezvizvarwa zvaJakobo, vandakapa nyika ino senhaka yavo;

23 Uye vachabatsira vanhu vangu, chizvarwa chaJakobo, pamwe nevose veimba yaIsraeri vachauya, kuti vavake guta, iro rinozodaidzwa kuti Jerusarema “Idzva.

24 Uye vozobatsira vanhu vangu kuti vazounganidzwa pamwechete, avo vakapararira pasi rose, muJerusarema Idzva.

25 Zve ndipo pachazodzika^asimba rokudenga richiuya

11a 2 Ni. 3:6-15;
Morm. 8:16, 25.
b D&Z 1:14.

12a Mika 5:8-15;
3 Ni. 20:16.

b 3 Ni. 16:13-15.

14a 2 Ni. 10:18; 33:9.

17a Eks. 20:3-4;
Mosaya 13:12-13;
D&Z 1:16.

NKM Kunamata
Zvifananidzo.

19a 3 Ni. 30:2.

22a NKM Mukuwo.

b 2 Ni. 10:18-19;
3 Ni. 16:13.

23a 3 Ni. 20:22;
Eta 13:1-12.

NKM Jerusarema
Idzva.

25a 1 Ni. 13:37.

mukati mavo; ^biniwo ndinenge ndiri pakati pavo.

26 Uye zvino ndiro zuva richatanga basa raBaba, apo shoko rino richaparidzwa mukati mechizvarwa chavanhu vano. Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, nezuva iroo basa raBaba ^arichatangwa mukati mevanhu vose vakapararira, hongu, kana marudzi aye ange ^bakarasika, ayo Baba vakatungamirira kubva muJerusarema.

27 Hongu, basa richatangisa pakati peavo vose ^avakapararira vevanhu vangu, naBaba kugadzira nzira yavanga uye nayo kwandiri, kuti vave vano-sheedzera kuna Baba muzita rangu.

28 Hongu, ndipo pachatangira basa racho, naBaba vari munyika dzose mukugadzira nzira yekuti vanhu vavo vave ^avanounganidzwa va uye kumusha kunyika yenhaka yavo.

29 Zve vachaenda vachibva mumarudzi ose; uye vachaenda ^avasingakurumidze, kana kutiza, nokuti ndichaenda mberi kwavo, Baba vanodaro, zve ndichatsigira shure kwavo.

CHITSAUKO 22

Mumazuva ekupedzisira, Zioni nematunhu ayo zvichamiswa, uye Israeri ichaunganidzwa netsitsi nerudo—Vachakunda—Enzanisa

naIsaya 54. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino izvo zvose zvakanyorwa zvichaitika: Imba, iwe ngo-mwa, iwe usina kubereka; pinda ^amukuimba, uchemese, iwe usina kumborwadziwa nenhumbu; nokuti vazhinji vana vemhandye kupfuura vemadzimai akaroorwa, vanodaro Ishe.

2 Kudza nzvimbo yetende yako, utambanudze machira epaunogara; usarega, asi urebese tambo dzako usimbise ^ambambo dzako;

3 Nokuti uchatyoka kuruoko rworudzi nokuruboshwe, uye vana vako vachatora ^amaJentairi vagoita kuti maguta akanga ava matongo agarwe nevanhu.

4 Usatya hako, nokuti hauchazonyari; kana kushaiswa chokuita; nokuti hauchazoiswa ^amukunyara; nokuti uchakangana kunyara kwokukura kwako, hauzorangariri kuzvidzwa kwokukura kwako; uye hauzofa wakarangarira kuzvidzwa kwohushirikadzi kwako.

5 Nokuti musiki wako, murume wako, Ishe veHondo ndiro zita rake; neMununuri wako, Mutsvene weIsraeri—Iye achanzi Mwari wenyika yose.

6 Nokuti Ishe akakudana somukadzi wakasiwa, akasuwa pamweya, somudzimai achiri muduku, pawakarambwa, vanodaro Mwari vako.

7 Ndakakusiya kwenguva

25b Isa. 2:2–4; 3 Ni. 24:1.

26a 1 Ni. 14:17;

3 Ni. 21:6–7.

^b NKM Israeri—
Marudzi gumi

akarasika aIsraeri.

27a 3 Ni. 16:4–5.

28a NKM Israeri—
Kuunganidzwa
kwa Israeri.

29a Isa. 52:12; 3 Ni. 20:42.

22 1a NKM Imba.

2a NKM Hoko.

3a NKM Majentairi.

4a 2 Ni. 6:7, 13.

duku, asi ndichakutora zve ne-tsitsi huru.

8 Muhasha shoma ndavanza chiso changu kwauri kwechinguvana, asi ndichakunzwira ^atsitsi dzisingaperi, vanodaro Ishe Mununuri vako.

9 Nokuti ^aidzi, ^bmvura dzaNoa kwandiri, nokuti sezvandakapika kuti mvura yaNoa haichazofukidzizve nyika, naizvozvo ndakapika kuti handichazokutsamwirai.

10 Nokuti ^amakomo achaenda nezvikomo zvichabviswa, asi nyasha dzangu ^bhadzingabvi pauri, kunyange chibvumirano cherunyararo rwangu hachibviswi, vanodaro Ishe vane tsitsi newe.

11 Haiwa iwe unotambudzika, unokandwa uku nekuku nedutu remhepo, usina kunyaradzwa! Tarisai, ndichaisa ^amabwe ako mavara akanaka, ndichateya nheyo dzako namabwe esafiri.

12 Uye ndichaita mafafitera ako namabwe anovaima, nama-suwo ako namabwe anopenya, nomiganhu yako yose namabwe akanaka.

13 Uye vana vako ^avose vachadzidziswa naIshe; rugare rwavana vako rwuchava rwukuru.

14 Uchasimbiswa ^amukururama; uchavakure nokudzvinyirirwa, nokuti hauzoty, uye kure nekutya nokuti hakuna chingasvika pedyo newe.

15 Tarisai, vachaungana zve-

chokwadi kuti vakurwise, zvisingabve kwandiri; ani nani anokuvamba achaparadzwa nokuda kwako.

16 Tarisai, ndini ndakasika mhizha inopfutidza moto wamazimbe, anouya nesimbi yebasara rake; ndakasika anorasa kuti aparadze.

17 Hakuna chombo chinoitirwa kuzokurwisa chingashande; uye rurimi rwose rwunotaura zvaikaipa nezvako mukutonga rwuchakundwa newe. Ndiyo nhaka yavaranda vaJehova, nokururama kwavo kunobva kwandiri, ndizvo vanodaro Ishe.

CHITSAUKO 23

Jesu anotsigira mazwi aIsaya—Anoraira vanhu kuti vanzvere maporofita—Mazwi aSamueri muRamani ari maererano noKumutswa kwavakafa anoiswa pazvinyorwa zvavo. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino, tarisai, ndinoti kwamuri, munofanira ^akunzvera zvinhu izvi. Hongu, murairo wandinokupai kuti munzvere zvinhu izvi nesimba; nokuti mashoko ^baIsaya makuru.

2 Nokuti zvechokwadi akataura achibata zvinhu izvi zvose maererano navanhu vangu avo vemba yaIsraeri; naizvozvo zvinofanira kuti ataure nokumajentairiwo.

8a NKM Anetsitsi.

9a Isa. 54:9.

b NKM Mafashamu muNguva dzaNoa.

10a Isa. 40:4.

b Mpi. 94:14;

D&Z 35:25.

11a Zvaka. 21:18–21.

13a Jer. 31:33–34.

14a NKM Akarurama.

23 1a NKM Magwaro matsvene.

b 2 Ni. 25:1–5;

Morm. 8:23.

NKM Isaya.

3 Uye zvinhu zvose zvaa-kataura zvakaitwa zve “zvi-chaitwa, kunyange semazwi aakataura.

4 Naizvozvo teerera kumazwi angu; nyorai zvinhu zvandakuudza; uye maererano nenguva nokuda kwaBaba zvichaenda kumaJentairi.

5 Uye uyo wose achagamuchira mazwi angu nokutendeuka akabhabhatidzwa, iyeye achaponeswa. Nzverai “vaporofita, nokuti vakawanda vanopupura pazvinhu izvi.

6 Uye zvakaitika kuti apo Jesu akanga ataura mazwi aya akati kwavari zvakare, shure kwokunge atsanangura magwaro ose ayo vakanga vagamuchira, akati kwavari: Tarisai, mamwe magwaro ndinoti imi munyore, amusina.

7 Uye zvakaitika kuti akati kuna Nifai: Unza kuno zvinyorwa izvo zvawakachengeta.

8 Uye apo Nifai akaunza zvinyorwa izvi, akazviisa pamberi pake, akaisa maziso ake pazviri akati:

9 Zvirokwazvo ndinoti kwauri, ndakaraira muranda wangu “Samueri, muRamani, kuti apupure kuvanhu ava, kuti pazuva iroo Baba vachaisa kubwinya kwezita ravo mandiri kuchave^b navatendi vakawanda avo^a vachamuka kubva muvakafa, vachaonekwa novakawanda, uye vachavaparidzira. Akati kwavari: Ko zvanga zvisina kudaro here?

10 Uye vadzidzi vake vakapindura vakati: Hongu, Ishe, Samueri akaporofita maererano namashoko enyu, uye ose akazadzikiswa.

11 Uye Jesu akati kwavari: Ko seiko musina kunyora zvinhu izvi, kuti vatendi vakawanda vakamutswa vakazviratidza kune vakawanda vakaparidza kwavari?

12 Uye zvakaitika kuti Nifai akayeuka kuti zvinhu izvi zvakanga zvisina kunyorwa.

13 Uye zvakaitika kuti Jesu akaraira kuti zvinyorwe; naizvozvo zvakanyorwa sokuraira kwaakanga aita.

14 Uye zvino zvakaitika kuti apo Jesu akanga “atsanangura magwaro aya kamwechete, avakanga vanyora, akavaraira kuti vadzidzise zvinhu izvo zvaa-kanga atsanangura kwavari.

CHITSAUKO 24

Mutumwa waIshe achagadzirira nzira yoKuuya Kwechipiri—Kristu achagara pakutonga—Israeri inorairwa kubvisa chegumi nemupiro—Bhuku rokurangarira rinochengetwa—Enzanisa naMaraki 3. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti akavaraira kuti vanyore mazwi ayo Baba vakanga vava kuna Maraki, ayo aaizotaura kwavari. Uye zvakaitika kuti shure kwokunge anyorwa pasi akaatsanangura.

3a 3 Ni. 20:11–12.
5a Ruka 24:25–27.
9a Hir. 14:25.

b Hir. 13:2.
c NKM Mutendi.
d Mat. 27:52–53.

NKM Kumuka
Kuvakafa.
14a Ruka 24:44–46.

Zve aya ndiwo mazwi aakataura kwavari, achiti: Ndizvo zvinotaura Baba kuna Maraki—Tarisai, ndichatuma “nhumwa yangu, iye achagadzira nzira pamberi pangu; uye Ishe vamunotsvaka vachaerekana asvika patemberi yake, kana mutumwa wechibvumirano, wamunoda; tarisai, achauya, vanodaro Ishe veHondo.

2 Asi ndiani “angamirire pazuva rokuuya kwake, uye ndiani angamira kana aonekwa? Nokuti wakafanana nomoto ^bwemunatsi, nesipo yemusuki.

3 Uye achagara somusuki nomuchenesi wesirivha; uchachenesa “vanakomana vaRevi, nokuvachenesa sesirivha negoridhe; kuti ^bvagopira kuna Ishe nokururama.

4 Zvino mupiro waJuda neJerusarema uchafadza Ishe, somumazuva akare, somumakore okutanganga-tanga.

5 Uye ndichaswedera kwamuri kuti nditonge; ndichava mupupuri anokurumidza pamusoro n’anga, napamusoro pemhombwe, napamusoro pavanopika nhema, napamusoro pavanodzvinzirira mushandi pamubairo wake, chirikadzi “nevasina baba, navanodzinga vatorwa, vasingandityi, vanodaro Ishe veHondo.

6 Nokuti ndini Ishe, zve handishanduki; naizvozvo imi

vanakomana vaJakobo hamuna kuparadzwa.

7 Kana kubva pamazuva emadzibaba enyu “makatsauka pazvisungo, uye hamuna kuzvichengeta. ^bDzokerai kwandiri neni ndichadzokera kwamuri, vanodaro Ishe veHondo. Asi munoti: Tichadzokera kupi?

8 Ko munhu angapambe Mwari here? Asi imi makandipamba. Asi munoti: Takakupambai pazvinhu zvipi? Pane “chegumi ^bnemipiro.

9 Makatukwa nokutuka, nokuti munondipamba, rudzi rwenyu rwose.

10 Uyai “nechegumi chose kudura, kuti mumba mangu muve nezvekudya, mundiedze naizvozvo, ndizvo zvinotaura Ishe weHondo, muone kana ndisingakuzarurirei mafafitera okudenga, ndikudururirei ^bmakomborero amuchashaya pokuaisa.

11 Uye ndichatukawo mudyi nokuda kwenyu, arege kuparadza michero yeminda yenyu; nemidzamviringa yenyu haingazozunzi zvibereko zvayo muminda nguva isati yasvika, vanodaro Ishe veHondo.

12 Uye marudzi ose achati muri vanhu vakaropafadzwa, nokuti muchava nyika inofadza, vanodaro Ishe veHondo.

13 Mashoko enyu anga ari makobvu kwandiri, vanodaro

24 1a D&Z 45:9.

2a 3 Ni. 25:1.

b Zek. 13:9;

D&Z 128:24.

NKM Pasi—Kusukwa

kwepasi pano;

Kuuya Kwechipiri

kwaJesu Kristu.

3a Deut. 10:8;

D&Z 84:31–34.

b D&Z 13:1.

5a Jkb. 1:27.

7a NKM Kurasika

Pachitendero.

b Hir. 13:11;

3 Ni. 10:6;

Moro. 9:22.

8a NKM Chegumi.

b NKM Mupiro.

10a D&Z 64:23; 119:1–7.

b NKM Kuropafadzwa.

Ishe. Asi munoti: Takataura zvipi kwamuri?

14 Imi makati: Hazvina maturo kushandira Mwari, takawaneiko zvatakachengeta mirairo yake nezvatakafamba tichiche ma pamberi paIshe veHondo?

15 Uye zvino tinoti anozvikudza ndivo vakafara, hongu, avo vanoita zvakaipa ndivo vagere; hongu, avo vanoedza Mwari ndivo vanosunungurwa.

16 Zvino avo vaitya Ishe “vaitaurirana nguva zhinji, uye Ishe vakateerera, vakanzwa; ^bbhuku rokurangarira rikanyorwa pamberi pake, richinyorerwa vanotyia Ishe, nevanofunga zita ravo.

17 Uye vachava vangu, vanodaro Ishe veHondo, muzuvairo “randichaunganidza zvisihongo zvinokosha zvangu; ndichavanzwira tsitsi, somunhu anonzwira tsitsi mwanakomana wake anomubatsira.

18 Zvino ndipo pamuchadzokera “nokunozivisa pakati kwowakarurama nowakaipa, kwounoshumira Mwari nousingamushumiri.

CHITSAUKO 25

PaKuuya Kwechipiri, vano-zvikudza nevakaipa vachapiswa sama-

shanga—Erija achadzoka zuva guru iri rinotyisa risati rasvika—Enzanisa naMaraki 4.

NOKUTI tarisai, zuva rinouya “richapisa semuchoto; uye vose ^bvanozviku-dza, hongu, navose vanoita zvakaipa, vachava samashanga; zve zuva rinouya richavapisa kupera, ndizvo zvinotaura Ishe weHondo, harizovasiira mudzi kana bazi.

2 Asi kunemi munotyia zita rangu, “Mwanakomana Wokururama achamuka aine simba rokurapa mumapapiro ake; zve muchaenda ^bmugokura ‘semhuru dziri mudanga.

3 Uye “muchatsikirira vakaipa pasi; nokuti vachava madota pasi petsoka dzenyu muzuva randichaita izvi, vanodaro Ishe veHondo.

4 Rangarirai mutemo waMose-si, muranda wangu, wandakamuraira “paHorebi kuvaIsraeri vose, nemirau yekutonga.

5 Tarisai, ndichakutumirai muporofita “Erija ^bzuva guru rinotyisa raIshe risati rasvika;

6 Uye iye ^auchadzorera mwoyo yamadzibaba kuvana, nemwoyo yevana kumadzibaba avo, kuti ndirege kuuya ndichirova nyika nomurango wakaipa.

16a Moro. 6:5.

b D&Z 85:9; Mos. 6:5.

NKM Bhuku
Rendangariro.

17a D&Z 101:3.

18a NKM Kuziva
kuburikioza
neMweya, Chipu che.

25 1a Isa. 24:6;

1 Ni. 22:15;

3 Ni. 24:2;

D&Z 29:9; 64:23–24;

133:64;

Nh—JS 1:37.

NKM Pasi—Kusukwa
kwepasi pano.

b 2 Ni. 20:33.

NKM Kudada.

2a Eta 9:22.

b D&Z 45:58.

c Amosi 6:4;

1 Ni. 22:24.

3a 3 Ni. 21:12.

4a Eks. 3:1–6.

5a II Madz. 2:1–2;

D&Z 2:1; 110:13–16;
128:17–18.

NKM Erija; Ruponeso
rweVakafa; Kusunga.

b NKM Kuuya

Kwechipiri kwaJesu
Kristu.

6a D&Z 2:2.

CHITSAUKO 26

*Jesu anotsanangura zvinhu zvose kubva kumavambo kusvika kumagumo—Vacheche navaduku vanotaura zvinhu zvinoshamisa izvo zvisinganyoreke—Avo vari muChechi yaKristu zvinhu zvose zvavainazvo ndezvavo vose. Zvingangove makore 34 shure kweku-
nge Kristu azvarwa.*

UYE zvakaitika kuti apo Jesu ataura zvinhu izvi akazvitsanangura kugungano; akavatsanangurira zvinhu zvose, zvikuru nezviduku.

2 Uye akati: Magwaro “aya, amanga musina, Baba vakandiraira kuti ndikupei; nokuti hwanga huri uchenjeri mavari kuti azopiwa kuzvizvarwa zvaitevera.

3 Uye akavatsanangurira zvinhu zvose, kunyange kubva pakutanga kusvikira panguva yaachauya “nokubwinya kwake—hongu, kunyange zvinhu zvose zvichauya pamusoro penyika, kunyange kusvika ^bzvinhu zvichanyungudutswa nokupisa kukuru, nyika ‘icha-petwa serukukwe, uye denga nenyika zvichapfuura.

4 Uye kunyange pazuva “guru rokupedzisira, apo vanhu vose,

marudzi ose, nenyika dzose nendimi ^bdzichamira pamberi paMwari, kuti vatongwe namabasa avo, kana dai akanaka kana akaipa—

5 Kana vakanaka, “vanomutswa kuvakafa muupenyu husingaperi; kana vakaipa, vanomutswa kuvakafa muupenyu hwedambudziko; somunhu ari panzira dzakaererana, mumwe kune rumwe ruoko mumwewo kune rumwe ruoko, maererano netsitsi, ^bnokururama, noutsvene huri munaKristu, akanga aripo nyika ‘isati yatangisa.

6 Uye zvino hazvinganyorwe mubhuku rino kunyange chikamu chimwechete “chezana pazvinhu zvakadzidziswa zvechokwadi naJesu kuvanhu.

7 Asi tarisai “mahwendefa aNifai ane zvinhu zvakawanda zvaakadzidzisa vanhu.

8 Uye zvinhu izvi zvandakanyora, zvinova zvishoma pane zvaakadzidzisa vanhu; ndakava ndinozvinyora nokuda kuti zvizounzwa zvakare kuvanhu, “kubva kumaJentairi, maerera-no nemazwi akataurwa naJesu.

9 Uye kana vachinge vagamuchira izvi, zvinova zvavanofanira kuwana pakutanga, kuyedza kutenda kwavo, kana zvichinge zvakadaro vakatenda

26 2a NEMAMWE MAZWI
Mara. zvitsauko 3 ne 4,
zvakatapwa muna
3 Ni. zvitsauko 24
ne 25.

3a NKM Jesu Kristu—
Kubwinya kwaJesu
Kristu.

b Amosi 9:13;
II Pet. 3:10, 12;

Morm. 9:2.
NKM Pasi—Kusukwa
kwepasi pano;
Nyika—Kuguma
kwenyika.

c Morm. 5:23.
4a Hir. 12:25; 3 Ni. 28:31.

b Mosaya 16:10-11.
NKM Kutonga,
Kwekupedzisira.

5a Dan. 12:2; Joh. 5:29.

b NKM Yenzaniso.

c Eta 3:14.

NKM Jesu Kristu—
Kurama kwaKristu
Asati Azvarwa
paNyama.

6a Joh. 21:25; 3 Ni. 5:8.

7a NKM Mahwendefa.

8a 3 Ni. 21:5-6.

zvinhu izvi zvino zvinhu “zviku-
kuru zvichaitwa kuti zvive
zvinoratidzwa kwavari.

10 Uye kana zvakadaro vaka-
satenda zvinhu izvi, zvino zvi-
nhu zviku- “hazvioratidzwa
kwavari, ivo vachibva varaswa.

11 Tarisai, ndanga ndava
kuda kuzvinyora, zvose zvanga
zvakanorwa pamahwendefa
aNifai, asi Ishe vakandirambi-
dza, vachiti: “Ndichayedza ku-
tenda kwevanhu vangu.

12 Naizvozvo ini Mormoni,
ndinonyora zvinhu zvandaka-
rairwa naIshe. Uye zvino ini
Mormoni, ndinogumisa kutaura
kwangu, ndoenderera mberi no-
kunyora zvinhu zvandakarairwa.

13 Naizvozvo, ndinoda kuti
muone kuti zvechokwadi Ishe
vakadzidzisa vanhu, kwenguva
yakaita samazuva matatu; shure
kwaizvozvo “akazviratidza kwa-
vari nguva nenguva, achime-
dura ^bchingwa nguva nenguva,
achichirofapadza, achivapa.

14 Uye zvakaitika kuti aka-
dzidzisa akaparidza “kuvana
vegungano iro rataurwa nezva-
ro, ^bakasunungura rurimi rwa-
vo, vakataura kumadzibaba avo
zvinhu zviku- zvinoshamisa,
zvinhu zviku- kupfuura zva-
akange azarurira vanhu; uye
akasunungura rurimi rwavo
kuti vataure.

15 Uye zvakaitika kuti shure
kwokunge akwira kudenga—

nguva yechipiri apo akanga
azviratidza kwavari, aenda kuna
Baba, shure kwokunge “aporesa
varwere vavo vose, vaikamhina,
akazarura maziso emapofu avo,
akabvisa kusanzwa pamatsi, uye
akaita kuporesa kwose kunoitwa
pakati pavo, akamutsa munhu
muvakafa, akaratidza simba rake
kwavari, akakwira kuna Baba—

16 Tarisai, zvakaitika kuti re-
mangwana gungano rakaunga-
na pamwechete, vose vakaona
nokunzwa vana ava; hongu,
kunyange “vacheche vakazarura
miromo yavo vakataura zvinhu
zvinoshamisa; uye zvinhu zva-
vakataura zvakarambidzwa kuti
pasazove nomunhu kana mu-
mwechete zvake angazvinyore.

17 Uye zvakaitika kuti “vadzi-
dzi avo Jesu akanga asarudza
kubva panguva iyoyo vakata-
ngisa ^bkubhabhatidza noku-
dzidzisa vakawanda vakauya
kwavari; avo vakawanda vaka-
bhabhatidzwa muzita raJesu
vose vakazadzwa noMweya
Mutsvene.

18 Uye vazhinji vavo vakaona
nokunzwa zvinhu zvisingata-
uriki, “zvisingakodzeri kuti
zvinyorwe.

19 Uye vakadzidzisa, noku-
paridzirana; vakave nezvinhu
“zvose ^bzvakananana pakati
pavo, wose munhu achiita zva-
karurama, umwe kune mumwe.

20 Uye zvakaitika kuti vakaita

9a Eta 4:4–10.

10a Aruma 12:9–11.

11a Eta 12:6.

13a Joh. 21:14.

^b 3 Ni. 20:3–9.

NKM Sakaramende.

14a 3 Ni. 17:11–12.

^b Aruma 32:23;

3 Ni. 26:16.

15a 3 Ni. 17:9.

NKM Kurapa;

Chishamiso.

16a Mat. 11:25.

17a 3 Ni. 19:4–13.

^b 4 Ni. 1:1.

18a 3 Ni. 26:11.

19a 4 Ni. 1:3.

^b NKM Gadza, Mutemo
weruGadzo.

zvinhu zvose sekurairwa kwa-
vakange waitwa naJesu.

21 Uye avo vakanga vabha-
bhatidzwa muzita raJesu vaka-
daidzwa kuti “chechi yaKristu.

CHITSAUKO 27

*Jesu anovaraira kuti vadaidze
Chechi muzita rake—Basa rake
nomupiro wake wokudzikinura
ndiro shoko rake—Vanhu vano-
rairwa kuti vatendeuke nokubha-
bhatidzwa kuti vagotsveneswa ne-
Mweya Mutsvene—Vakafanira
kuva saJesu. Zvingangove makore
34 kusvika ku35 shure kwekunge
Kristu azvarwa.*

UYE zvakaitika kuti vadzidzi va-
Jesu zvavaifamba vachiparidza
zvinhu zvavakanzwa nokuo-
na, vachibhabhatidza muzita
raJesu, zvakaitika kuti vadzidzi
vakaungana pamwechete “vaka-
batana mumunamato mukuru
^bnokutsanya.

2 Uye Jesu “akazviratidza zva-
kare kwavari, nokuti vainamata
kuna Baba muzita rake; Jesu
akauya akamira pakati pavo,
akati kwavari; Ko imi munoda
kut ndikupei chii?

3 Uye ivo vakati kwaari: Ishe,
tinoda kuti mutitaurire zita ra-
tingadaidze nayo chechi ino;
nokuti pane kupesana muva-
nhu pamusana penyaya iyoyi.

4 Uye Ishe akati kwavari: Zvi-
rokwazvo, zvirokwazvo, ndi-

noti kwamuri, sei vanhu vachi-
tsutsumwa nokuitirana nharo
pamusoro pechinhu ichi?

5 Ko havana here kuverenga
magwaro, anoti munofanira
kutakura “zita raKristu, rinova
zita rangu? Nokuti nezita irori
muchadaidzwa nezuva roku-
pedzisira;

6 Uye uyo wose achatora zita
rangu paari, “agoshinga kusvika
kumagumo, iyeye achaponeswa
musi wokugumisira.

7 Naizvozvo, zvose zvamucha-
ita, muchazviita muzita rangu;
naizvozvo muchadaidza chechi
muzita rangu; uye muchadaidza
Baba muzita rangu kuti varopa-
fadze chechi pamusana pangu.

8 Uye ko ingave “chechi ^byangu
sei kunze kwokuti ridaidzwe
nezita rangu? Nokuti chechi ika-
daidzwa nezita raMosesi ichechi
yaMosesi; kana kuti ikadaidzwa
nezita romunhu ichechi yomu-
nhu; asi ikadaidzwa nezita rangu
ichechi yangu, kana yakava-
kwa pamusoro peshoko rangu.

9 Zvirokwazvo ndinoti kwa-
muri, makavakwa pamusoro
pevhangeri rangu; naizvozvo
muchadaidza zvamunenge mu-
chidaidza, muzita rangu; nai-
zvozvo mukadaidza kuna Baba,
chechi iyi, kana iri muzita rangu
Baba vachakunzwai;

10 Zve kana zvirizvo kuti
chechi yakavakwa pamusoro
pevhangeri rangu Baba vacha-
ratidza mabasa avo mariri.

21a Mosaya 18:17.
NKM Chechi yaJesu
Kristu.

27 1a D&Z 29:6.
^b Aruma 6:6.
NKM Kutsanya.

2a 3 Ni. 26:13.
NKM Jesu Kristu—
Kuwonekwa
kwaKristu mushure
mekufa.

5a NKM Jesu Kristu—

Kutora Zita raJesu
Kristu paTiri.

6a 3 Ni. 15:9.

8a NKM Jesu Kristu—
Mukuru weChechi.

^b D&Z 115:4.

11 Asi kana isina kuvakwa pamusoro pevhangeri rangu, yakavakwa pamusoro pama-basa avanhu, kana kuti pamu-soro pemabasa adhiabhorosi, zvirokwazvo ndinoti kwamuri vane rufaro mumabasa avo kwenguvana, uye mukufamba kwenguva vanosvika kumagu-mo, “vanozotemwa vokandwa mumoto, mavasingakwanisi ku-buda.

12 Nokuti mabasa avo “anova-tervera, nokuti mabasa avo anoita kuti vatemwe; naizvozvo yeukai zvinhu zvandakutaurirai.

13 Tarisai ndakakupai “vha-ngeru rangu, zve iri ndiro shoko randakupai—kuti ndakauya panyika kuzoita ^bkuda kwaBaba vangu, nokuti Baba vangu va-kandituma.

14 Uye Baba vangu vakandi-tuma kuti “ndizoturikwa pamu-chinjikwa; kuti shure kwokunge ndaturikwa pamuchinjikwa, ^bndo-zounza vanhu vose kwa-ndiri, kuti sezvo ndakasimu-dzwa nomunhu kana munhu agosimudzwa naBaba, kuti ami-re pamberi pangu, kuti ‘vazo-tongwa namabasa avo; kuti anga akanaka here kana kuti anga akaipa—

15 Uye nokuda kwaizvozvo “ndakasimudzwa; naizvozvo, maererano nesimba raBaba

ndichakwevera vanhu vose kwandiri, kuti vazotongwa maererano nemabasa avo.

16 Uye zvichaitika, kuti avo vanenge “vatendeuka uye ^bobhabhatidzwa muzita rangu achazadzwa; uye kana ‘akashi-ngirira kusvika kumagumo, tarisai, ndichamuita munhu asina mhosva pamberi paBaba vangu pazuva randichamira ndichitonga nyika.

17 Uye uyo asingashingirire kusvika kumagumo, iyeye acha-temwa ogokandwa mumoto, umo maasingazodzoki zvakare, nokuda “kwokutonga kwaBaba.

18 Uye iri ndiro shoko ravaka-pa kuvana vevanhu. Uye noku-da kwaizvozvo vanozadzikisa mazwi ayo vakapa, uye havata-ure nhema, asi vanozadzikisa mazwi avo.

19 Uye “hakuna chinhu chine tsvina chingapinde muumambo hwake; naizvozvo hakuna chi-nopinda ^bmukuzorora kwake kunze kweavo ‘vashambidza nguwo dzavo neropa rangu, nokuda kwokutenda kwavo, nokutendeuka kubva pazvivi zvavo zvose, nokutendeseka kwavo kusvika kumagumo.

20 Zvino uyu ndiwo murairo: “Tendeukai, imi mativi ose enyika, muuye kwandiri ^bmu-gobhabhatidzwa muzita rangu,

11a Aruma 5:52.

12a Zvaka. 14:13;
D&Z 59:2.

13a D&Z 76:40–42.
NKM Vhangeri.
b Joh. 6:38–39.

14a 1 Ni. 11:32–33;
Mos. 7:55.

b Joh. 6:44; 2 Ni. 9:5;

D&Z 27:18.

c NKM Jesu Kristu—
Mutongi.

15a NKM Dzikinura.

16a NKM Rutendeuko.

b NKM Bhabhatidza.

c 1 Ni. 13:37.

NKM Tsungirira.

17a NKM Yenzaniso.

19a Aruma 11:37.

b D&Z 84:24.

NKM Zororo.

c Zvaka. 1:5; 7:14;
Aruma 5:21, 27;
13:11–13.

20a Eta 4:18.

b NKM Bhabhatidza—
Zvinofanira.

kuti mugoitwa kuti ‘mutsvene-swe nokutambira Mweya Mutsvene, kuti mugomira ^amusina kavara pamberi pangu nezuva rokupedzisira.

21 Zvirokwasvo, zvirokwasvo, ndinoti kwamuri, iri ndiro vhangeri rangu; uye munoziva zvinhu zvamunofanira kuita muchechi yangu; nokuti mabasa amakandiona ndichiita nemiwo munofanira kuaita; nokuti zvose zvakandiona ndichiiita nemiwo munofanira kuita:

22 Naizvozvo, mukaita zvinhu izvi makakomborerwa imi, nokuti muchasimudzwa pazuva rokupedzisira.

23 Nyorai zvinhu zvamaona nezvamanzwa, kunze kweizvo ^azvinorambidzwa.

24 Nyorai mabasa evanhu ava, ayo achava, kunyange ayo akanyorwa, pane zvakanga zviripo.

25 Nokuti tarisai, kubva pambhuku akanyorwa, neachanyorwa, vanhu ava ^avachatongwa, nokuti naiwaya mabhuku ^bmabasa avo achazivikanwa navanhu.

26 Uye tarisai, zvinhu zvose ^azvakanorwa naBaba; naizvozvo kubva kumabhuku achanyorwa nyika ichatongwa.

27 Uye zivai kuti ^amuchazova vatongi vevanhu ava, maerera-no nokutonga kwandichakupai, kunenge kwakarurama. Nai-

zvovvo, makafanira kuve vanhu ^bvakaita seiko? Zvirokwasvo ndinoti kwamuri, ^csezvanda-kaita ini.

28 Uye zvino ^andinoenda kunaBaba. Zve zvirokwasvo ndinoti kwamuri, chiri chose chinhu chamuchakumbira Baba muzita rangu vachakupai.

29 Naizvozvo ^akumbirai, muchagamuchira; gogodzai, muchazarurirwa; nokuti uyo anokumbira, achagamuchira; nouyo anogogodza, achazarurirwa.

30 Uye zvino, tarisai, rufaro rwangu rwukuru, zvekuzara, nokuda kwenyu, nechizvarwa chino; hongu, kunyange Baba vanofara, uye nengirozi dzose tsvene, nokuda kwenyu nechizvarwa chino; nokuti ^ahakuna akarasika.

31 Tarisai, ndinoda kuti munzwise; nokuti ndinoreva avo vapenyu ^azvino pachizvarwa ^bchino; hakuna mumwe wavo akarasika; mavari ndine ^crufaro ruzere.

32 Asi tarisai, zvinondisuwisa ini nokuti chizvarwa ^achekina kubva pane chino, nokuti vanotungamirwa muusungwa naye kana sezvakanga zvakaitwa mwanakomana wekuraswa; nokuti vachanditengesa nesirivha negoridhe, neicho ^bzvifukuto zvinopfukuta icho mbavha dzinopaza nokuba. Uye pazuva

20c NKM Kutsveneswa.
d D&Z 4:2.

23a 3 Ni. 26:16.

25a 2 Ni. 33:10–15;
Mazwi 1:11.

b 1 Ni. 15:32–33.

26a 3 Ni. 24:16.

NKM Bhuku reUpenyu.

27a 1 Ni. 12:9–10;

Morm. 3:19.

b NKM Jesu Kristu—

Muyenzaniso
waJesu Kristu.

c Mat. 5:48; 3 Ni. 12:48.

28a Joh. 20:17.

29a Mat. 7:7; 3 Ni. 14:7.

30a Joh. 17:12.

31a 3 Ni. 9:11–13; 10:12.

b 3 Ni. 28:23.

c NKM Rufaro.

32a 2 Ni. 26:9–10;

Aruma 45:10, 12.

b Mat. 6:19–21;

3 Ni. 13:19–21.

iroro ndichavashanyira, uye kunyange kuisa mabasa avo pamusoro pavo.

33 Uye zvakaitika kuti apo Jesu akanga apedza kutaura kwake akati kuvadzidzi vake: Pindai nepasuwo “rakamanikana; nokuti suwo rakamanikana, uye nzira yakamanika inoenda kupenyu, zve vashoma vachaiwana; asi suwo rakapamhama, nenzira yakapamhama inoenda kurufu, uye vakawanda vachafamba nayo, kusvika usiku hwauya, uhwo husina munhu angashande mahwuri.

CHITSAUKO 28

*Vapfumbamwe vevaneGumi neVaiviri vanokumbira uye vano-
vimbiswa nhaka muumambo
hwaKristu kana vachinge vafa—
MaNifai Vatatu vane chido vano-
piwa simba pamusoro porufu kuti
varambe vari panyika kusvikira
Jesu auya zvakare—Vanoshandu-
rwa nokuona zvinhu zvisinga-
tenderwi kutaurwa, zvino vari
kushumira pakati pavanhu. Zvi-
ngangove makore 34 kusvika ku35
shure kwekunge Kristu azvarwa.*

UYE zvakaitika kuti apo Jesu akanga ataura mazwi aya, akataura kuvadzidzi vake, mumwe nomumwe, achiti kwavari: Chiiko chamunoda kwandiri, shure kwokunge ndaenda kuna Baba?

2 Uye vose vakataura, kunze kwavatatu, vachiti: Tine chido chokuti kana tasvika pakukura kwomunhu, kuti hupirisita hwedu, uwo wamakatidaidzira, ugume, kuti tiuye nokukurumidza muumambo hwenyu.

3 Uye akati kwavari: Makakomborerwa imi nokuti munoda zvinhu izvi kubva kwandiri; naizvozvo, kana mave nemakore makumi manomwe nemaviri muchauya kwandiri munyika youmambo hwangu; uye neni muchawana “zororo.

4 Uye apo akange ataura kwavari, akatendeukira kuvatatu vaye, akati kwavari: Munoda kuti ndikuitirei, kana ndichinge ndaenda kuna Baba?

5 Uye vakarwadziwa mumwoyo yavo, nokuti vakatya kutaura kwaari chinhu chavaida.

6 Uye akati kwavari: Tarisai, “ndinoziva zvamunofunga, munoda chinhu icho ^bJohane, wandinoda, uyo akanga aneni muufundisi hwangu, ndisati ndaroverwa namaJuda, aida kwandiri.

7 Nokudaro, makakomborerwa zvakananyanya, nokuti ^ahamuchazoziva ^brufu; asi muchararama mogoona mabasa aBaba kuvana vevanhu, kusvikira zvinhu zvose zvazadzikiswa maererano nokuda kwaBaba, pandichauya muumambo hwangu ^cnemasimba okudenga.

8 Uye hamuchazombozivi

33a Mat. 7:13–14;
3 Ni. 14:13–14;
D&Z 22:1–4.

28 3a NKM Zororo.
6a Amosi 4:13;

Aruma 18:32.
^b Joh. 21:21–23;
D&Z 7:1–4.
7a 4 Ni. 1:14;
Morm. 8:10–11;

Eta 12:17.
^b NKM Vanhu
Vakapindurwa.
^c 3 Ni. 20:22.

kurwadza kworufu; asi pandichauya muumambo hwangu muchashandurwa nekubwaira kweziso kubva mukuve vanhu ^avanofa kuenda mukuve vanhu ^bvasingafe; ndipo pamuchakomborerwa muumambo hwaBaba vangu.

9 Uye zvakare, hamuzonzwi kurwadziwa apo munenge muchirarama munyama, kana kusuwa kunze kwokunge kuri kusuwira zvivi zvenyika; izvi zvose ndichazviita nokuda kwechinhu chamada kwandiri; nokuti mada kuti ^amuunze mweya yevanhu kwandiri, nyika ichararama.

10 Uye nokuda kwechikonzero ichi muchava nomufaro ^auzere; muchagara pasi munyika youmambo hwaBaba vangu; hongu, rufaro rwenyu rwuchave ruzeze, sekupiwa kwandakaitwa ini rufaro ruzeze naBaba; muchave seni, ini ndakaita saBaba; uye Baba Neni tiri ^bvamwechete;

11 Uye ^aMweya Mutsvene unopupura pamusana paBaba neni; Baba vanopa Mweya Mutsvene kuvana vevanhu, nokuda kwangu.

12 Uye zvakaitika kuti Jesu ataura mazwi aya, akabata mu-mwe nomumwe wavo nemunwe wake kunze kweavo vatatu vazizorarama, ndokubva aenda.

13 Uye tarisai, matenga akarurwa, ^avakapinda kudenga,

vakaona nokunzwa zvinhu zvisingataurike.

14 Uye ^avakarambidzwa kuti vazvitaure; uye havana kupiwa simba rokuti vataure zvinhu zvavakaona nekunzwa;

15 Uye kuti vakange vari mumiviri kana kuti kunze kwe-miviri, vakatadza kuziva; nokuti kwavari zvakaita sekunge ^akushandurwa kwavo, kuti vakashandurwa kubva pamuviri uno wenyama kuenda kumuviri usingafe, kuti vaone zvinhu zvaMwari.

16 Asi zvakaitika kuti vakazoparidza zvakare panyika, asi zvavo havana kuparidza pamusana pezvinhu zvavakanzwa nokuona, nokuda kwomutemo wvakapiwa kudenga.

17 Uye zvino, kana vaive vanofa kana vasingafi, kubvira pazuva rokushandurwa kwavo, handizivi;

18 Asi ndinoziva izvi, maererano nezvinyorwa izvo zvakapiwa—vakafamba panyika, vakaparidza kuvanhu vose, vachibatandiza avo vose muhechi vaitenda mune zvavaiparidza; vachivabhabhatidza, zve vose vakabhabhatidzwa vakagamuchira Mweya Mutsvene.

19 Uye vakaiswa mutirongo neavo vakanga vasiri vechechi. Uye ^amatorongo akatadza kuvachengeta, nokuti akatsemurwa nepakati.

8a 3 Ni. 28:36–40.

NKM Upenyu hwenyama.

^b NKM Asingafe.

9a VaF. 1:23–24;

D&Z 7:5–6.

10a D&Z 84:36–38.

^b Joh. 17:20–23.

11a 2 Ni. 31:17–21;

3 Ni. 11:32.

13a II VaKori. 12:2–4.

14a D&Z 76:114–116.

15a Mos. 1:11.

NKM Kushandurwa.

19a Mabasa 16:26;

Aruma 14:26–28.

20 Uye vakakandwa mumakomba; asi vakarova pasi neshoko raMwari zvokuti, “nesimba ravo vakaburitswa kubva muudzamu hwepasi; nokudaro havaiikwanisa kuchera makomba aigona kuvachengeta.

21 Uye katatu vakakandwa “muchoto vakasakuvara.

22 Uye kaviri vakakandwa “mugomba remhuka dzemusango; asi tarisai vakatamba nemhuka dzesango somwana ane hwayana iri kuyamwa, vakasakuvara.

23 Uye zvakaitika kuti ndiko kupinda kwavakaita mukati mavanhu vose vaNifai, vakaparidza “vhangeri raKristu kuvanhu vose panyika; vakauya kuna Ishe, vakabatanidzwa muhechi yaKristu, zve vanhu vechizvarwa ^bichocho vakakomborerwa, maererano neshoko raJesu.

24 Uye zvino ini, Mormoni, ndinombomira kutaura pamusoro pezvinhu izvi kwechinguva.

25 Tarisai, ndanga ndava kuda kunyora “mazita eavo vaisazoziva rufu, asi Ishe vandirambidza; naizvozvo handianyori, nokuti akavigwa kunyika.

26 Asi tarisai, ndakavaona, uye vakaparidza kwandiri.

27 Zve tarisai vachazove pakati pamaJentairi, maJentairi vakasavaziva.

28 Vachazova zve pakati pemaJuda, maJuda akasavaziva.

29 Uye zvichaitika kuti kana Ishe vaona muruzivo rwavo kuti nguva yacho yakwana vachaparidza kumarudzi ose “akapararira elsaeri, nekunyika dzose, marudzi, ndimi navanhu, uye vachaunza kubva mavari vakawanda kuna Jesu, kuti zvido zvavo zvigozadzikiswa, uye nokuda kwesimba rinopwisa raMwari riri mavari.

30 Uye vakaita “sengi-rozi dzaMwari, kana vakanamata kuna Baba muzita raJesu vanokwanisa kuzviratidza kune munhu wose wavada.

31 Naizvozvo, vachaita mabasa makuru anoshamisa, zuva “guru raanouya risati rasvika apo vanhu vose vachafanirwa kumira pamberi pechigaro cheutongi hwaKristu;

32 Hongu kunyange kumaJentairi vachaita basa “guru rinoshamisa, zuva rokutongwa risati rauya.

33 Uye kana manga muine zvinyorwa zvose zvinotaura nezve-mabasa anoshamisa aKristu, mungadai, maererano namazwi aKristu, muchiziva kuti zvechokwadi zvinhu izvi zvichauya.

34 Uye nhamo kune uyo “acharamba kuteerera kumazwi aJesu, nekune ^bavowo vaakasarudza akavatuma mukati mavo;

20a Morm. 8:24.

21a Dan. 3:22–27;

4 Ni. 1:32.

22a Dan. 6:16–23;

4 Ni. 1:33.

23a NKM Vhangeri.

b 3 Ni. 27:30–31.

25a 3 Ni. 19:4.

29a NKM Israeri—

Kupararira kwa

Israeri; Israeri—

Marudzi gumi

akarasika alsraeri.

30a NKM Ngirozi.

31a Hir. 12:25;

3 Ni. 26:4–5.

32a 2 Ni. 25:17.

34a Eta 4:8–12.

b NKM Muporofita.

nokuti uyo asingagamuchire mazwi aJesu nemazwi eavo vaakatuma haamugamuchire; naizvozvo haazovagamuchira nezuva rokupedzisira;

35 Uye zvingadai zvakave nani kwavari dai vanga vasina kuberekwa. Nokuti munofunga here kuti mungabvise kutonga kwaMwari vanenge vatadzirwa, avo “vatsikwa-tsikwa netsoka dzevanhu, kuti ruponeso ruuuye?

36 Zve zvino tarisai, ndichitaura pamusoro peavo vakasarudzwa naIshe, hongu, vatatu vakapinda kudenga, vandisingazive kuti vakacheneswa kubva mukuva vanofa kunova vasingafe—

37 Asi tarisai, kubvira kunyora, kwandakaita, ndakabvunza kuna Ishe, vakaita kuti ndione kuti panofanirwa kunge paine kushandurwa kwakaitwa miviri yavo, kana kuti vaizofanirwa kuziva rufu;

38 Naizvozvo, kuti vasazoziva rufu pakave “nokushandurwa kwemiviri yavo, kuti vasazorwadziwa kana kutambudzika kunze kwekunge kuri kwekuda kwezvivi zvenyika yose.

39 Zvino kushanduka uku hakuna kuenzana nokuchaitika musi wokupedzisira; asi pakave nokushanduka pavari, zvekuti Satani akatadza kuvakurira, kuti “asavaedza; ^bvakatveneswa munyama, zvokuti vakava ‘vatsvene, nokuti masimba enyika akatadza kuvabata.

40 Uye vaizogara vakadaro ku-

svika zuva rokutonga raKristu; zve pazuva iroro vaizogamuchira rushanduko rwukuru, nokuzogamuchirwa muumambo hwaBaba uye nokusazoenda kunze zvakare, asi kuzogara naMwari nokusingaperi kumatenga.

CHITSAUKO 29

Kuuya kweBhuku raMormoni chiratidzo chokuti Ishe vatangisa kuunganidza maIsraeri nokuzadzikisa chibvumirano chake—Avo vanoramba zvaachazarura mumazuva ekupedzisira nezwoipo zvake vachapiwa mhaka. Zvingangove makore 34 kusvika ku35 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino tarisai, ndinoti kwamuri kana Ishe vakaona zvakakodzera, muungwaru hwavo, kuti kutaura uku “kuchauya kumaJentairi maererano neshoko ravo, zvino munozoziva kuti ^bchibvumirano chaBaba chavakaita navana vaIsraeri maererano nokudzoserwa kwavo kunyika yamadzibaba avo, chave kutotanga kuzadzikiswa.

2 Uye muchazoziva kuti mazwi aIshe, ayo akataurwa navaporofita vatsvene, ose achazadzikiswa; uye hamuzoti Ishe “vanonoka kuuya kuvana vaIsraeri.

3 Uye hamufanire kufunga mumwoyo yenyu kuti mazwi akataurwa aya haana chaanoreva, nokuti tarisai, Ishe vacharangerira chibvumirano chavo

35a Hir. 12:2.

38a NKM Vanhu
Vakapindurwa.

39a NKM Chiedzo.

b NKM Kutsveneswa.

c NKM Hutsvene.

29 1a 2 Ni. 30:3–8.

b Morm. 5:14, 20.

2a Ruka 12:45–48.

chavakaita navanhu vavo vema yaIsraeri.

4 Uye mukange mave kuona zvakataurwa izvi zvave kuuya pakati penyū, hamuchafanira kuramba muchituka Ishe, nokuti ^amunondo ^bwokutonga kwavo wave muruoko rwavo rworudyi; uye tarisai, pazuva iroro, mukashora mabasa avo vachaita kuti rikupfuurei.

5 Ane ^anhamo ^banotuka mabasa aIshe; hongu, ane nhamo uyo ^cacharamba Kristu namabasa ake!

6 Hongu, ane ^anhamo acharamba zvinozarurwa naIshe, nouyo achati Ishe havachashandi nekuzururira, kana nehuropofita, kana ^bnezvipo, kana nendimi, kana nokurapa, kana kuti nesimba roMweya Mutsvene.

7 Hongu, ane nhamo uyo achati nezuva iroro, kuti awane ^aupfumi, kuti ^bhakuna chishamiso chingaitwa naJesusu Kristu; nokuti uyo anoita izvi achaita ^csomwanakomana wekuraswa, uyo asina kuitirwa tsitsi, maererano neshoko raKristu!

8 Hongu, hamuchafanira ^aku-shinyira, kana ^bkutuka, kana kuseka ^cmaJuda, kana nezvimwe zvezvizvarwa zvemba yaIsraeri; nokuti tarisai, Ishe vanorangarira chibvumirano chavo kwavari, uye vanoita kwavari sezvavakatsidza.

9 Naizvozvo musafunge kuti mungaite kuti ruoko rwaIshe rworudyi rwuende kuruboshwe, kuti vasatonge mukuzadzikisa chibvumirano chavakaita kuvana vaIsraeri.

CHITSAUKO 30

MaJentairi vamazuwa ekupedzisira vanotaurirwa kuti vatendeuke, nokuuya kuna Kristu, vazoverengerwa kune vema yaIsraeri. Zvingangove makore 34 kusvika ku35 shure kwekunge Kristu azvarwa.

TEERERAI, imi maJentairi, munzwe mazwi aJesusu Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu, ^aaakandiraira kuti nditaure pamusana penyū, nokuti, tarisai andiraira kuti ndinyore, ndichiti:

2 Tendeukai, imi ^amaJentairi mose, kubva munzira dzenyu dzakaipa; ^bmutendeuke kubva mukuita zvakaipa kwenyu, munhema dzenyu nomukunyengetedza, noupombwe hwenyu, nekutadza kwenyu kuri muchivande, nokunamata zvifanandizo kwenyu, noumhondi hwenyu, noufundisi husakarurama hwenyu, nokuchiva kwenyu, nekukakavadzana kwenyu, mu-bve mune kuipa kwenyu kwose nezvakaipa zvenyu zvose,

4a 3 Ni. 20:20.

^b NKM Yenzaniso.

5a 2 Ni. 28:15–16.

^b Morm. 8:17;

Eta 4:8–10.

^c Mat. 10:32–33.

6a Morm. 9:7–11, 15.

^b NKM Zvipo

zveMweya.

7a NKM Unyengeri

hwehupirisita.

^b 2 Ni. 28:4–6;

Morm. 9:15–26.

^c NKM Vanakomana

veKuraswa.

8a 1 Ni. 19:14.

^b 2 Ni. 29:4–5.

^c NKM maJuda.

30 1a 3 Ni. 5:12–13.

2a NKM MaJentairi.

^b NKM Rutendeuko.

muuye kwandiri, mubhabhatidzwe muzita rangu, kuti mukanganwirwe zivivi zvenyu,

muzadzwe neMweya Mutsvene, kuti muzoverengerwa kuvanhu vangu vanova vemba yaIsraeri.

NIFAI WECHINA BHUKU RANIFAI

ANOVE MWANAKOMANA WANIFAI—MUMWE WEVADZIDZI VAJESU KRISTU

Nhoroondo yavanhu vaNifai maererano nezvinyorwa zvake.

MaNifai nemaRamani vose vakatendeukira kuna Ishe—Vane zvinhu zvimwe chete vose, vanoshanda zvishamiso, vobudirira munyika—Kwapera makore mazana maviri, kupesana, kuipa, chechi dzenhema, kutambudzwa kwakatangisa—Kwapera makore mazana matatu, vose maNifai nemaRamani vakanga vaipa—Amaroni anoviga zvinyorwa zvinoera. Zvingangove makore 35 kusvika ku321 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti makore makumi matatu namana apfuura, uye negore remakumi matatu namashanu, tarisai vadzidzi vaJesu vakanga vatangisa chechi yaKristu munyika dzose dzakakomberedza. vose vakauya kwavari, vakatendeuka zvechokwadi kubva pazvivi zvavo, vakabhabhatidzwa muzita raJesu; uyewo vakagamuchira Mweya Mutsvene.

2 Uye zvakaitika kuti mugore

remakumi matatu namatanhatu, vanhu vose vakatendeukira kuna Ishe, pamusoro penyika yose, vose maNifai nemaRamani, pakasava nokupesana kana kukakavadzana pakati pavo, uye munhu wose akaita zvakanfanira kune mumwe.

3 Uye vakanga vakaenzana muzvinhu “zvose zvavaive nazvo; naizvozvo pakanga pasina vapfumi kana varombo, akasungwa neasina, asi vose vakasunungurwa, nokuva vagamuchiri vezvipi zvokudenga.

4 Uye zvakaitika kuti gore ramakumi matatu nemanomwe rakapfuurawo zvakare, runyararo rwakaramba rwuchienderera mberi munyika iyi.

5 Uye pakave namabasa makuru anoshamisa akaitwa navadzidzi vaJesu, mukudaro “vakaporesa varwere, vakamutsa vakafa, vakaita kuti vakaremara vafambe, namapofu kuti aone, nematsi kuti dzinzwe;

2c VaG. 3:27-29;
2 Ni. 10:18-19;
3 Ni. 16:10-13;
21:22-25;

Abr. 2:10.
[4 NIFAI]
1 3a Mabasa 4:32;
3 Ni. 26:19.

NKM Gadza, Mutemo
weruGadzo.
5a NKM Kurapa.

nezvimwewo ^bzvishamiso zvakasiyana vakazviita pakati pavana vevanhu; uye hakuna imwe nzira yavaiita nayo zvishamiso kunze kwemuzita raJesu.

6 Uye ndiko kupfuura kwakaita gore rechimakumi matatu nemasere, negore rechimakumi matatu nemapfumbamwe, negore ramakumi mana nerimwe, neremakumi mana nemairi, hongu, kunyange neremakumi mana nemapfumbamwe rakanga rapfuura, uye neremakumi mashanu nerimwe, neremakumi mashanu nemaviri; hongu, kunyange neremakumi mashanu nemapfumbamwe rakanga rapfuura.

7 Uye Ishe vakaita kuti vabudirire zvikuru munyika iyi; hongu, mukudaro vakavaka maguta zvakare umo makange mune maguta akanga apiswa.

8 Hongu, kunyange ^aguta guru reZarahemura vakaita kuti rivakwe zvakare.

9 Asi kwakanga kune maguta akawanda akanga ^aakanyura, pakabva paita mvura imomo; naizvozvo maguta aya haana kuzovakwa patsva zvakare.

10 Uye zvino, tarisai, zvakaitika kuti vanhu vaNifai vakasimba, vakawanda zvikuru nokukurumidza, vakava vanhu ^avakarurama vanofadza.

11 Uye vakaroorana, vakapiwa mukuroorana, vakakombore-

rwa sekuwanda kwezvivimbiso zvakavakanga vavimbiswa naIshe kuti achavaitira.

12 Uye havana kuzofamba ^amuzviito ^bzvemutemo waMosesi; asi vakafamba vachitevedza mirairo iyo vakagamuchira kubva kuna Ishe Mwari vavo, vachiramba vachinamata ^cno-kutsanya, nemukusangana pamwechete nguva dzose kuti vanamate nokunzwa shoko raIshe.

13 Uye zvakaitika kuti pakanga pasina kupesana pakati pevanhu, munyika yose; asi kwakave nezvishamiso zvikuru zvakaitwa pakati pevadzidzi vaJesu.

14 Uye zvakaitika kuti gore rechimakumi manomwe nerimwe rakapfuura, uye negore rechimakumi manomwe namaviri, hongu, zve muchidimbu kusvikira gore rechimakumi manomwe nemapfumbamwe rakapfuura; hongu, kunyange makore zana akanga apfuura, vadzidzi vaJesu, avo akanga asarudza, vose vakanga vaenda ^akuparadiso yaMwari, kunze kwaavo ^bvatatu vaifanira kusara; pakava navamwe ^cvadzidzi ^dvakagadzwa munzvimbo dzavo; vanhu vazhinji vechizvarwa ichochi vakanga vapfuura.

15 Uye zvakaitika kuti pakanga ^apasina kupesana munyika, nokuda kwerudo rwaMwari

5b Joh. 14:12.

NKM Chishamiso.

8a 3 Ni. 8:8.

9a 3 Ni. 9:4, 7.

10a Morm. 9:6.

12a 2 Ni. 25:30;

3 Ni. 15:2–8.

^b NKM Mutemo waMosesi.

^c Moro. 6:5;

D&Z 88:76–77.

14a NKM Paradiso.

^b 3 Ni. 28:3–9.

NKM Vanhu

Vakapindurwa.

^c NKM Mudzidzi.

^d NKM Gadza.

15a NKM Runyararo.

urwo rwakagara mumwoyo yavanhu.

16 Uye pakanga “pasina ruchiva, kana gakava, kana kumukirana, kana upombwe, kana nhema, kana kuponda, kana nzira ^bdzeruchiva dzipti zvadzo; zvechokwadi hakuna vamwe vanhu ‘vaifara kupfuura vanhu ava pavanhu vakasikwa noruoko rwaMwari.

17 Pakanga pasina makororo, kana mhondi, kana maRamani, kana mamwe madzinza zvawo; asi vakanga vari “muhumwe, vana vaKristu, nevagari venhaka yeumambo hwaMwari.

18 Uye vakakomborerwa sei! Nokuti Ishe vaivakomborera mukuita kwavo kwose; hongu, vakakomborerwa vakabudirira kusvikira makore zana negumi apfuura; chizvarwa chokutanga kubva pana Kristu chakanga chapfuura, uye pakanga pasina kupesana munyika yose.

19 Uye zvakaitika kuti Nifai, uyo akachengeta zvinyorwa izvi zvekupedzisira, (akazvichengeta “pamahwendefa aNifai) akafa, mwanakomana wake Amosi akazvichengeta pachinzvimbo chake; akazvichengeta pamahwendefa aNifai zvakare.

20 Uye akazvichengeta kwe-makore makumi masere nama-na, zvakadaro makange mune runyararo munyika umu, kunze kwechikamu chiduku chavanhu avo vakanga vapanduka kubva

muchechi vakatora zita remaRamani; naizvozvo makave nema-Ramani zvakare munyika iyi.

21 Uye zvakaitika kuti Amosi akafawo, (rakanga riri gore rezana namakumi mapfumbamwe namana kubva pakuuya kwakaita Kristu) mwanakomana wake Amosi akachengeta zvinyorwa pachinzvimbo chake; akazvichengetawo pamahwendefa aNifai; uyewo zvakanyorwa mubhuku raNifai, rinova bhuku rino.

22 Uye zvakaitika kuti makore mazana maviri akanga apfuura; chizvarwa chechipiri chakanga chapfuura kunze kwavashoma.

23 Uye zvino ini, Mormoni, ndinoda kuti muzive kuti vanhu vakanga vawanda, zvekuti vakanga vafararira nenyika yose, zve vakange vapfuma zvikuru, nokuda kwokubudirira kwavo munaKristu.

24 Uye zvino, mugore iri remazana maviri nerimwe vamwe vavo vakatangisa “kuzvikudza, sezvakaita kuzvishongedza nembatya dzinodaidza mari yakawanda, nezvuma zvinokosha zvemhando dzose, nezvinhu zvakanaka zvenyika.

25 Uye kubva panguva iyoyo vakanga vasisaise zvinhu zvavo “pamwechete.

26 Uye vakatangisa kupardzana muzvikwata, vakatangisa kuzvivakira “kereke dzavo kuti vawane ^bupfumi, vakatangisa

16a NKM Kubatana.
b NKM Ruchiva.
c Mosaya 2:41;
Aruma 50:23.
NKM Rufaro.

17a Joh. 17:21.
NKM Zioni.
19a NKM Mahwendefa.
24a NKM Kudada.
25a 4 Ni. 1:3.

26a 1 Ni. 22:23; 2 Ni. 28:3;
Morm. 8:32-38.
b D&Z 10:56.
NKM Unyengeri
hwehupirisita.

kuramba chechi yechokwadi raKristu.

27 Uye zvakaitika kuti gore ramazana maviri negumi rapfuura pakava nechechi dzakawanda munyika; hongu, pakave nechechi dzakawanda aiti anoziva Kristu, asi ivo “vairamba zvikamu zvakawanda zvevhangeri rake, mukudaro vakagamuchira zvinhu zvose zvakaipa, vakapa izvo zvinoera kune avo vakanga ^bvarambidzwa nokuda kwokusakodzera kwavo.

28 Uye “chechi iyi rakakura zvikuru nokuda kwokuipa kwaro, uye nokuda kwaSatani nesimba rake rakabata mwoyo yavo.

29 Uye zvakare, pakanga pane imwe chechi yairamba Kristu; uye “vaitambudza chechi yechokwadi vaKristu, nokuda kwokuzvininipisa nokutenda kwavo muna Kristu; uye vakavashora nokuda kwezvishamiso izvi zvaitwa pakati pavo.

30 Naizvozvo vakaratidza simba nemvumo pamusoro pevadzidzi vaJesus avo vaigara navo, vakavaisa “mutorongo; asi nokuda kwesimba raMwari, rakanga riri mavari, matirongo akatsemuka nepakati, vakaenda vachiita zvishamiso pakati pavo.

31 Kunyange zvakadaro hazvo, zvisinei nezvishamiso izvi, vanhu vakaomesa mwoyo yavo, vakatsvaka kuvauraya, kana

samaJuda kuJerusarema vakatsvaka kuuraya Jesu, maererano neshoko rake.

32 Uye vakavakanda “muzvoto ^bzvemoto, asi vakabuda vasina kukuvara.

33 Uye vakavakanda zvakare “mumakomba emhuka dzesango, asi vakatamba nemhuka somwana ari kutamba negwayana; vakabuda madziri, vasina kukuvadzwa.

34 Zvakadaro, vanhu vakaomesa mwoyo yavo, nokuti vaitungamirirwa namapirisita namaporofita vakawanda venhema kuti vavake chechi dzakawanda, nokuita kuipa kwose. Uye “vakarwisa vanhu vose vaJesus; asi vanhu vaJesus havana kurwisawo. Izvi zvakaita kuti vaderere mukusatenda vakave vanhu vakaipa, gore negore, kusvika makore mazana maviri namakumi matatu apfuura.

35 Uye zvakaitika kuti mugore irori, hongu, ramazana maviri namakumi matatu nerimwe, pakave nokupesana kukuru pakati pavanhu.

36 Uye zvakaitika kuti mugore iroro kwakamuka vanhu vainzi maNifai, vakanga vari vatendi vechokwadi muna Kristu; uye pakati pavo pakange pane vaidaidzwa kuti maRamani—maJakobho, maJosefa, namaZoramu;

37 Naizvozvo vatendi vechokwadi munaKristu, navanamati vechokwadi vaKristu, (pakati

27a NKM Kurasika
Pachitendero.

b 3 Ni. 18:28–29.

28a NKM Dhiabhorosi—

Chechi radhiabhorosi.

29a NKM Kupfuvisa.

30a 3 Ni. 28:19–20.

32a 3 Ni. 28:21.

b Dan. 3:26–27.

33a 3 Ni. 28:22.

34a 3 Ni. 12:39;

D&Z 98:23–27.

pavo pakanga pane vadzidzi “vatatu vaJesu vaifanira kugara) vaidaidzwa kuti maNifai, nemaJakobho, nemaJosefa, nemaZoramu.

38 Uye zvakaitika kuti avo vakaramba shoko vakadaidzwa kuti maRamani, nemaRemueri, nemaIshmaeri; uye havana kunge vaderera mukusatenda, asi “vakapanduka kubva pashoko raKristu vachida; vakadzidzisa vana vavo kuti vasatende, semadzibaba avo, kubvira pakutanga, vakadererawo.

39 Uye kwaiva kuda kwokutadza nokuipa kwamadzibaba avo, sezvazvakaita pakutanga. Uye “vakadzidziswa kuvenga vana vaMwari, sekudzidziswa kwakaitwa maRamani kuvenga vana vemaNifai kubvira kumavambo.

40 Uye zvakaitika kuti makore mazana maviri nemakumi mana nemana akanga apfuura, uye ndizvo zvakanga zvakaita nyaya dzevanhu. Uye chikamu chavanhu vakaipa vakawanda vakave nesimba, vakave vanhu vakawanda kupfuura vanhu vaMwari.

41 Uye vakaenderera mberi nokuzvivakira kereke dzavo, vachidzishongedza nezvinhu zvakasiyana-siyana zvinokosha. Zve makore mazana maviri namakumi mashanu akapfuura saizvozvo, namakore mazana maviri namakumi matanhatu akapfuurawo saizvozvo.

42 Uye zvakaitika kuti chikamu

chavanhu vakaipa chakatanga kuvaka mhiko “nezvikwata zve-muruvande zvaGadhiandoni.

43 Uye navanhuwo avo vaidaidzwa kuti vanhu vaNifai vakatangisa kuzvikudza mu-mwoyo yavo, nokuda kwoupfumi hwavo hwakapfuuridza, vakaita zvisina maturo sehama dzavo, maRamani.

44 Uye kubva panguva iyoyi vadzidzi vakatangisa kusuwa pamusana “pezvivi zvenyika.

45 Uye zvakaitika kuti apo makore mazana matatu akanga apfuura, vose vanhu vaNifai nemaRamani vakanga vaipa zvakapfuuridza pasina anonzi uyu ari nani.

46 Uye zvakaitika kuti makororo aGadhiandoni akapararira kunyika dzose dzapasi; zve hakuna umwe akanga achiri mutsvene kunze kwavadzidzi vaJesu. Goridhe nesirivha vakachengeta zvakawandisa, vakaita zvose zvavaigona.

47 Uye zvakaitika kuti shure kwemakore anokwana mazana matatu nemashanu apfuura, (vanhu vakaipa vakaramba vari muzvakaipa). Amosi akafa; munin’ina wake Amaroni, akachengeta zvinyorwa izvi pachinzvimbo chake.

48 Uye zvakaitika kuti apo makore mazana matatu ane makumi maviri akanga apfuura, Amaroni, akatunhwa neMweya Mutsvene, akaviga zvinyorwa izvo zvaiera—hongu, kunyange “zvinyorwa zvose zvinoera

37a 3 Ni. 28:6–7;

Morm. 8:10–11.

38a NKM Hupanduki.

39a Mosaya 10:17.

42a NKM Huranganwa hwemuruvande.

44a 3 Ni. 28:9.

48a Hir. 3:13, 15–16.

zvakapiwa kwaari kubva kuchi-zvarwa nechizvarwa, izvo zvaiera—kusvikira pamakore mazana matatu nemakumi maviri kubva pakuuya kwaKristu. 49 Zve akazviviga kuna Ishe,

kuti “zvizouya zvakare kune zvizvarwa zvemba yaJakobo, maererano nehuporofita nevimbiso dzaIshe. Uku ndiko kuguma kwezvinyorwa zva-Amaroni.

BHUKU RAMORMONI

CHITSAUKO 1

Amaroni anorairidza Mormoni pamusana pezvinyorwa zvinoera—Hondo inotangisa pakati pamaNifai namaRamani—MaNifai matatu anotorwa—Kuipa, kusatenda, kunyengedza, nouroyi zvakavapo. Zvingangove makore 321 kusvika ku326 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino ini “Mormoni, ndinoita ^bchinyorwa che-zvinhu zvandakaona nokunzwa, zve ndinozvidaidza kuti Bhuku raMormoni.

2 Uye panguva iyo “Amaroni ave kuzoviga zvinyorwa kuna Ishe, akauya kwandiri (Ini ndiine makore gumi ekuberekwa, uye ndakatanga ^bkudzidza zvakawanda setsika yokudzidza kwavanhu vekwedu) uye Amaroni akati kwandiri: Ndinoona kuti uri mwana akatsiga uye unokasika kuona zvinhu;

3 Naizvozvo, kana wava nama-kore makumi maviri namana

ndinoda kuti urangarire zvinhu izvo waona muvanhu ava; uye kana uchinge wasvika pamakore iwayo enda kunyika yeAndumu, kune gomo rinenge richinzi “Shimu, ipapo ndipo pandakaisa zvinyorwa zvose zvinoera zvaIshe zvinotaura pamusana pavanhu ava.

4 Uye tarisai, uchatora “mahwendefa aNifai pachako, zvinenge zvasara uchazvirega zviri panzvimbo pazviri; zve uchanyora pamahwendefa aNifai zvinhu zvose izvo waona pamusana pavanhu ava.

5 Uye ini Mormoni, sowedzina “raNifai (zita rababa vangu rainzi Mormoni) ndakarangarira zvinhu izvo Amaroni akandiraira.

6 Uye zvakaitika kuti ini, ndava namakore gumi nerimwechete, ndakatakurwa nababa vangu ndikaenda kunyika yakanga iri kuchamhembe, kunyika ye-Zarahemura.

7 Nyika yose yakanga yazadzwa nedzimba, navanhu

49a Eno. 1:13.

[MORMONI]

1 1a NKM Mormoni, Muporofita

wechiNifai.

b 3 Ni. 5:11–18.

2a 4 Ni. 1:47–49.

b Mosaya 1:3–5.

3a Eta 9:3.

4a Mazwi 1:1, 11.

NKM Mahwendefa.

5a 3 Ni. 5:12, 20.

vakanga vawanda, sejecha regungwa.

8 Uye zvakaitika kuti mugore iroro hondo yakatangisa pakati pemaNifai, avo vaisanganisa maNifai namaJakobho namaJosefa namaZoram; hondo iyi yakanga iri pakati pamaNifai namaRamani uye maRemueri nemaIshmaeri.

9 Zvino maRamani namaRemueri namaIshmaeri vaidaidzwa kuti maRamani, uye mapoka maviri aiva maNifai nemaRamani.

10 Uye zvakaitika kuti hondo yakatangisa pakati pavo mukati meZarahemura, mumvura dzeSidhoni.

11 Uye zvakaitika kuti maNifai akaunganidza varume vakawanda zvikuru, kana vakapfuura zviuru makumi matatu. Uye zvakaitika kuti vakarwa kakati wandei mugore iroro, apo maNifai akakurira maRamani vakauraya vazhinji vavo.

12 Uye zvakaitika kuti maRamani vakaregera chirongwa chavo, mukava norunyararo munyika; runyararo rwakavepo kwenguva inoita makore mana, kusina kudeuka kweropa.

13 Asi kuipa kwakanga kuripo munyika yose, zvekuti Ishe vakatora vadzidzi vavo “vanodiwa, mabasa ezvishamiso neekuporesa akamira nenzira yokuipa kwavanhu.

14 Uye kwakanga kusina “zvipo kubva kuna Ishe, Mweya

^bMutsvene hauna kuuya kana pana ani, nenzira yokuipa kwavo ‘nokusatenda.

15 Uye ini, ndava namakore gumi namashanu, somunhu akanga akatsiga, zvino ndakashanyirwa naIshe, ndikaraira ndikaziva kunaka kwaJesu.

16 Uye ndakada kuedza kuparidza kuvanhu ava, asi muromo wangu wakabatwa, ndikarambidzwa kuparidza kwavari; nokuti tarisai vakanga “vapandukira Mwari vavo vachida; uye vadzidzi vanodiwa vakanga ^bvabviswa munyika nenzira yokuipa kwavo.

17 Asi ndakaramba ndinavo, asi ndakarambidzwa kuparidza kwavari, nokuda kwekuoma kwemwoyo yavo; nekuoma kwemwoyo yavo nyika “yaktukwa nokuda kwavo.

18 Uye makororo aya aGadhiandoni, ayo akanga ari pakati pamaRamani, akanganisa nyika, zvekuti vagari vakatangisa kucherera “upfumi hwavo pasi; zvikatanga kutsvedza, nokuti Ishe vakanga vatuka nyika, kuti vasa-zozvibate kana kuzviwana zvakare.

19 Uye zvakaitika kuti pakava nounyengedzi hwemashiripiti, nouroyi, namapipi; simba radhiabhorosi rakanga rava panyika yose, kana kusvika mukuzadzikisa mazwi ose aAbhinadhai, uye naSamueri muRamani.

13a 3 Ni. 28:2, 12.

14a Moro. 10:8–18, 24.

b NKM Mweya
Mutsvene.

c NKM Kusadaira.

16a NKM Hupanduki.

b Morm. 8:10.

17a 2 Ni. 1:7; Aruma

45:10–14, 16.

18a Hir. 13:18–20;
Eta 14:1–2.

CHITSAUKO 2

Mormoni anotungamira mauto emaNifai—Ropa nekudeuka kweropa kwakatsvaira munyika—MaNifai anonyunyuta nokuchema nekusuwa kwevakaraswa—Zuvaravo renyasha rakapfuura—Mormoni anowana mahwendefa aNifai—Hondo dzinoenderera. Zvingangove makore 327 kusvika ku350 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mugore rakarero pakatangisa hondo pakati pemaNifai nemaRamani. Uye kana dai zvazvo ndaive mudiki, ndaive ndiine mumhu mukuru; naizvozvo vanhu vaNifai vakandiita kuti ndive mutungamiri wavo, kana kuti mutungamiri wemauto avo.

2 Naizvozvo zvakaitika kuti mugore rangu rechigumi nematanhatu ndakaenda ndakatingamira mauto emaNifai, tichinorwisa maRamani; naizvozvo makore mazana matatu ane makumi maviri nematanhatu akanga apfuura.

3 Uye zvakaitika kuti mugore rechimizana matatu ane makumi maviri ane makore manomwe maRamani akatinga nesimba rakapfuuridza, zvekuti vakavhundutsa mauto angu; naizvozvo havana kuda kurwa, uye vakatanga kutizira kunyika dzechekuchamhembe.

4 Uye zvakaitika kuti takasvika muguta reAngora, uye tikabva taritora guta iri, uye tikabva tagadzirira kuzvidzvirira kumaRamani. Uye zvikaitika kuti

takavakirira guta iri nesimba redu; asi zvisinei nekuti takanga takaita zvose izvi maRamani akauya akatitandanisa muguta iri.

5 Uye vakatitandanisawo munyika yaDavidi.

6 Uye takafora tikauya kunyika yaJoshua, yakanga iri kumuganhu wekumadokero nechekugungwa.

7 Uye zvakaitika kuti takauanganidza vanhu vedu nokukurumidza kwataikwanisa, kuti tivaise muboka rimwechete.

8 Asi tarisai, nyika yakanga yazara nemakororo nemaRamani; uye zvisinei zvazvo nekuti vanhu vangu vakanga vakatarisana nekuparadzwa kukuru, havana kutendeuka mukuita kwavo kwakaipa; saka kwakave neropa nekudeuka kweropa kwakapararira pamusoro penyika yose, kwose kurutivi rwemaNifai nekurutiviwo rwemaRamani; uye kukave neku-mukirana pamusoro penyika yose kwakakwana.

9 Uye zvino, maRamani vakanga vaina mambo, uye zita rake ainzi Aroni; uye akauya kuzotirwisa nematico aikwana makumi mana ezviuru ane zviuru zvina. Uye tarisai, ndakamurwisa nezviuru makumi mana ane zviuru zviviri. Uye zvakaitika kuti ndakamukurira nemauto angu zvekuti akatiza. Uye tarisai, zvose izvi zvakaitwa, uye mazana matatu ane makumi matatu emakore apfuura.

10 Uye zvakaitika kuti maNifai vakatanga kutendeuka mukutadza kwavo, vakatanga kuche-ma sezvakanga zvaporoftwa

naSamueri muporofita; nokuti tarisai, hakuna munhu aigona kuchengeta chainge chiri chake, pamusana pembavha, nemakororo, nemhondi, nezvemapipi, neuroyi zvaive munyika.

11 Saka kwakatanga kuve nekunyunyuta nekuchema munyika yose pamusana pezvinhu izvi, uye kunyanya mukati mevanhu vaNifai.

12 Uye zvakaitika kuti apo ini, Mormoni, ndakaona kunyunyuta kwavo nokuchema kwavo nokusuwa kwavo pamberi paIshe, mwoyo wangu wakatanga kufara mukati mangu, nokuziva tsitsi nemwoyo murefu waIshe, naizvozvo ndakafunga kuti achavanzwira tsitsi nokutiwo ivo vachave vanhu vakarurama zvakare.

13 Asi tarisai kufara kwangu uku kwakava kwenhando, nokuti ^akusuwa kwavo kwakanga kusiri kwekutendeuka, pamusana pekunaka kwaMwari; asi kwaive kusuwa ^bkwevakarawsa, pamusana pekuti Ishe havaivabvumira nguva dzose kuti vawane ^crufaro muchitema.

14 Uye havana kunge vauya kuna Jesu ^anemwoyo yakatyoka nemweya yakapfava, asi ^bvakatuka Mwari, uye vakati dai vafa. Zvakadaro vaitambura nemunondo kuzviriritira.

15 Uye zvakaitika kuti kusuwa kwangu kwakadzoka kwandiri zvakare, uye ndikaona kuti ^avakatenge vatopfura ^bzuva

^crenyasha, zvose mune zvenyama nezvemweya; nokuti ndakaona zviuru zvavo zvichirakashwa zvapandukira Mwari wazwo pachena, uye zvaunganidzwa semupfudze pamusoro penyika. Uye ndiko kupfuura kwakanga kwaita makore mazana matatu ane makumi mana nemana.

16 Uye zvakaitika kuti mugore remazana matatu nemakumi mana ane mashanu maNifai akatanga kutiza maRamani; uye vakateverwa kudakara vasvika kunyika yeJashoni, vasati vakwanisa kuvamisa mukutiza kwavo.

17 Uye zvino, guta reJashoni raive pedyo ^anedunhu rakanga Amaroni aisa zvinyorwa kuna Ishe, kuti zvisaparadzwe. Uye tarisai ndakanga ndaenda maererano nemazwi aAmaroni, ndikanotora mahwendefa aNifai, uye ndikaita zvinyorwa maererano nemazwi aAmaroni.

18 Uye pamahwendefa aNifai ini ndakanyora rungano rwakakwana rwekuipa noruvengo rwose; asi ^apamahwendefa aya ndakarega kunyora rungano rwuzere rwehuipi noruvengo rwavo, nokuti tarisai, chiratidzo chehuipi noruvengo hachina kumbobva mumaziso angu kubvira panguva yandakanga ndave kuziva nekuona nzira dzemunhu.

19 Uye nhamo ndeyangu pamusana pehuipi hwavo; nokuti mwoyo wangu wakazadzwa

2 13a II VaKori. 7:10;
Aruma 42:29.
b NKM Kuraswa.
c Aruma 41:10.

14a NKM Mwoyo
Wakatyoka.
b NKM Kutaura zvisina.
15a Hir. 13:38.

b NKM Nyasha.
c Jer. 8:20; D&Z 56:16.
17a Morm. 1:1–4.
18a NKM Mahwendefa.

nokusuwa pamusana peuipi hwavo, upenyu hwangu hwose; zvakadaro, ndinoziva kuti “ndichasimudzwa muzuva rekupe-dzisira.

20 Uye zvakaitika kuti mugore irori vanhu vaNifai vakatanga kuvhimwa nokutinhwa zvakare. Uye zvakaitika kuti takatandaniswa kudakara tasvika kuchamhembe kunyika yainzi Shemi.

21 Uye zvakaitika kuti takavakirira guta reShemi, uye tikaunganidza vanhu vedu vataikwanisa, kuti zvimwe tivadzivirire kubva mukuparadzwa.

22 Uye zvakaitika kuti mugore remazana matatu nemakumi mana ane makore matanhatu vakatanga kutivinga zvakare.

23 Uye zvakaitika kuti ndakataura kuvanhu vangu, uye ndikavakurudzira nesimba rangu guru, kuti vamire varege kutya maRamani uye “varwire vakadzi vavo, nevana vavo, nedzimba dzavo, nemi-sha yavo.

24 Uye mazwi angu anenge akavamutsa akavapa simba, zvekuti havana kuzotiza vaona maRamani, asi vakamira nokusatya vakavarwisa.

25 Uye zvakaitika kuti nema-uto aikwana zviuru makumi matatu takarwa nehondo yaive nemakumi mashanu ezviuru zvemauto. Uye zvakaitika kuti takamira nesimba zvekuti vakatitiza.

26 Uye zvakaitika kuti zvavakatiza takavatandanisa nemauto

edu, uye tikasangana navo zvakare, tikavakurira; zvakadaro simba raIshe rakanga risi nesu; hongu, takasiwa tega, zvekuti mweya walshe hauna kugara matiri; naizvozvo takashaya simba sehama dzedu.

27 Uye mwoyo wangu waku-suwa pamusana pedambudziko guru iri revanhu vangu, pamusana pekuipa kwavo neruvengo rwavo. Asi tarisai, takaenda kunorwisa maRamani nemakororo aGadhiandoni, kudakara tatora zvakare nzvimbo dzenhaka yedu.

28 Uye gore remazana matatu ane makumi mana ane makore mapfumbamwe rakanga rapfura. Uye mugore remazana matatu nemakumi mashanu takaita chibvumirano nemaRamani nemakororo aGadhiandoni, tikaita kuti nzvimbo dzenhaka yedu dzigovewe.

29 Uye maRamani akatipa nyika yekuchamhembe, hongu, kana “kamupata kakamanika kaipinda munyika yekumaodzanyemba. Uye tikapa maRamani yose nyika yekumaodza-nyemba.

CHITSAUKO 3

Mormoni anochemera kuti maNifai atendeuke—Vanowana kukurira kukuru nembiri nesimba ravo—Mormoni anoramba kuvatungamira, uye minamoto yake yaanovanamatira haina rutendo—Bhuku raMormoni rinokoka marudzi

aIsraeri ari gumi nemaviri kuti vatende vhangeri. Zvingangove makore 360 kusvika ku362 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti maRamani havana kuuya kuzorwa zvakare dakara mamwe makore gumi apfuura. Uye tarisai, ndakanga ndapa basa vanhu vangu, maNifai, mukugadzira minda yavo nezvombo zvavo kuitira nguva yehondo.

2 Uye zvakaitika kuti Ishe vakati kwandiri: Chema kuvanhu ava—Tendeukai imi, muuye kwandiri, uye mubhabhatidzwe, uye mugovaka zvakare chechi yangu, uye mugoponeswa.

3 Uye ndakachema kuvanhu ava, asi hazvina chazvakaita; uye havana kuona kuti vakanga vaponeswa nalshe, uye akavapa mukana wekuti vatendeuke. Uye tarisai vakaomesa mwoyo yavo kuna Ishe Mwari vavo.

4 Uye zvakaitika kuti mushure megore rechigumi iri, richiita, pamwechete, makore mazana matatu ane makumi matanhatu kubvira pakuuya kwaKristu, mambo wemaRamani akatumira tsamba kwandiri, yakaita kuti ndizive kuti vakanga vachigadzirira kuuya kuzorwa nesu zvakare.

5 Uye zvakaitika kuti ndakaita kuti vanhu vangu vaungane pamwechete munyika yeKuparadzwa, kuguta raive kumuganhu, nechekukamupata kakamanika kaienda kunyika yekumaodzanyemba.

6 Uye ikoko ndiko kwatakaisa mauto edu, kuti tigame mauto emaRamani, kuti vatadze kutora ipi zvayo yenyika dzedu; naizvozvo takavadzivirira nesimba redu rose.

7 Uye zvakaitika kuti mugore remazana matatu ane makumi matanhatu negore rimwechete maRamani vakauya kwatiri kuguta reKuparadzwa kuzoita hondo nesu; uye zvakaitika kuti mugore iroro takavakunda, zvekuti vakabva vadzokera kunyika kwavo zvakare.

8 Uye mugore remazana matatu ane makumi matanhatu nemakore maviri vakauya zvakare kuzorwa. Uye tikavakunda zvakare, uye tikaurya vakawanda vavo, uye vakafa vavo vakakandwa mugungwa.

9 Uye zvino, pamusana pechinhu chikuru ichi chakanga cha-itwa nevanhu vangu, maNifai, vakatanga “kuzvikudza nesimba ravo, uye vakatanga kupika pamberi pedenga kuti vachatsivida ropa rehama dzavo dzakanga dzauriwa nevavengi.

10 Uye vaipika nematanga, nechigaro cheumambo hwaMwari, kuti “vachaenda kunorwa nevavengi vavo, uye vago vabvisa pamusoro penyika.

11 Uye zvakaitika kuti ini, Mormoni, ndakaramba zvachose kubvira panguva iyi kuti ndive mukuru nemutungamiri wevanhu ava, pamusana peupi noruvengo rwavo.

12 Tarisai, ndakange ndavatumungamira, kana dai vakanga

vaine uipi ndakanga ndavatumungamira kazhinji kwazvo muhondo, uye ndichivada, maererano “nerudo rwaMwari rwaive mandiri, nemwoyo wangu wose; uye mweya wangu wakanga wadirwa mumuteuro kuna Mwari vangu muswere wose ndichinamatira ivo; zvakadaro, zvakanga ^bzvisina ruteendo, pamusana pekuoma kwe-mwoyo yavo.

13 Uye katatu ndichivabvisa mumaoko evavengi vavo, uye havana kutendeuka pazvitema zvavo.

14 Uye vapika nezvose “zvavairambidzwa kupika nazvo naIshe vedu neMuponesi Jesu Kristu, kuti vachaenda kuvavengi vavo kunorwa, uye vago-tsividza ropa rehama dzavo, tarisai izwi raIshe rakauya kwandiri, richiti:

15 “Kutsividza ndekwangu, uye ^bndichadzorera, uye pamusana pekuti vanhu ava havana kutendeuka mushure mekunge ndavabvisa, tarisai, vachabviswa pamusoro penyika.

16 Uye zvakaitika kuti ndakaramba zvachose kunorwisana nevavengi vangu; uye ndikaita sezvandakanga ndaudzwa naIshe; uye ndikamira semupupuri asina basa kuti ndiise pachena kunyika zvinhu zvandakanga ndaona ndikanzwa, maererano nokuiswa pachena kweMweya uyo wakanga wa-

pupura pamusana pezvinhu zvakanga zvichauya.

17 Naizvozvo ndinonyorera “kwamuri, maJentairi, nekwa-muriwo, imba yaIsraeri, kana basa rave kutanga, kuti munge mave pedyo nekugadzirira kudzokera kunyika yenhaka;

18 Hongu, tarisai, ndiri kunyorera kumativi ose enyika; hongu, kwamuri, marudzi alsraeri gumi nemaviri, “muchatongwa maererano nemabasa enyu muchitongwa negumi nevaviri vava vakasarudzwa naJesu kuti vave vadzidzi vake munyika yenyu yeJerusarema.

19 Uye ndinonyorera kune vakasara vevanhu ava, vachatongwawo “negumi nevaviri vakasarudzwa naJesu munyika ino; uye vachatongwa ivo nevamwe vaye gumi nevaviri vakasarudzwa naJesu munyika yeJerusarema.

20 Uye zvinhu izvi ndinozviratidzwa neMweya; naizvozvo ndinonyorera kwamuri mose. Uye nechikonzero ichi ndinokunyorera, kuti muzive mose kuti munofanirwa kumira mose pamberi pechigarro “chekutonga chaKristu, hongu, wose mweya wevanhu ^bvemhuri yaAdama; uye makafanira kuti mutongwe nemabasa enyu, kana akanaka kana kuipa;

21 Uye nokutiwo “mutende vhangeri raJesu Kristu, ramuchawana mukati menyu;

12a NKM Rudo.

b Morm. 5:2.

14a 3 Ni. 12:34–37.

15a NKM Kutsividza.

b D&Z 82:23.

17a 2 Ni. 30:3–8;

3 Ni. 29:1.

18a Mat. 19:28;

Ruka 22:29–30;

D&Z 29:12.

19a 1 Ni. 12:9–10.

20a NKM Kutonga,

Kwekupedzisira.

b D&Z 27:11.

21a D&Z 3:20.

nokutiwo ^bmaJuda, vanhu vechibvumirano chalshe, vachawana umwe ^cumbowo kunze kwake uyo avakaona uye vakanzwa, iye Jesu, avakauraya, aive iye ^dchaiye Kristu uye Mwari chaiye.

22 Uye ndinoda kuti ndinyengetedze ^emose mativi enyika kuti mutendeuke uye mugadzirire kumira pamberi pechigarro chekutonga chaKristu.

CHITSAUKO 4

Hondo nokuurayana kunoendere—Vakaipa vanoranga vakaipa—Kuipa kukuru kwakange kusati kwamboitika muIsraeri kwakavapo—Vakadzi navana vanoitwa mipiro kuzvifananidzo—MaRamani anotangisa kutsvaira maNifai pamberi pavo. Zvingangove makore 363 kusvika ku375 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mugore ramazana matatu namakumi matanhatu namatatu maNifai akaenda namauto avo kundorwisana nemaRamani, kunze kwenyika yeKuparadzwa.

2 Uye zvakaitika kuti mauto amaNifai akatinhwa akadzorerwa kunyika yeKuparadzwa zvakare. Uye apo vakanga vakaneta kudaro, mamwe mauto matsva emaRamani akauya akavarwisa; vakave nokurwa kunorwadza, mukudaro maRamani akakwanisa kutora guta

reKuparadzwa, vakauraya maNifai akawanda, vakatora vasungwa vakawanda.

3 Uye vakasara vakatiza vakandobatana navagari veguta reTeangumu. Zvino guta reTeangumu rakanga riri pakati pemuganhu wenyika rakatarisana negungwa; rakanga riri pedyo neguta reKuparadzwa.

4 Uye izvi zvakave ^epamusana pemauto emaNifai akaenda kunodenha maRamani; dai kusiri kudaro, maRamani haaimbowana simba kupfuura ivo.

5 Asi, tarisai, kutonga kwaMwari kunoita kuti wakaipa akundwe; zve vakaipa ^evanoranga nevakaipa; nokuti ndevakaipa vanokonzera mwoyo yavana vavanhu kuti vadeure ropa.

6 Uye zvakaitika kuti maRamani akagadzirira kundorwisa guta reTeangumu.

7 Uye zvakaitika kuti mugore remazana matatu namakumi matanhatu namana maRamani akauya kuzorwisa guta reTeangumu, kuti zvimwe vangatore guta reTeangumu zvakare.

8 Uye zvakaitika kuti vakatinhwa vakadzorerwa shure namaNifai. Apo maNifai akaona kuti akanga adzorera maRamani shure vakatanga kuzvikudza nesimba ravo; vakaenda voita zvavanoda, vakatora zvakare guta reKuparadzwa.

9 Uye zvino zvinhu zvose izvi zvakanga zvaitwa, uye wakanga kune zviuru nezviuru

21b NKM maJuda.
c 2 Ni. 25:18.
d 2 Ni. 26:12;

Mosaya 7:27.
22a Aruma 29:1.
4 4a Morm. 3:10.

5a D&Z 63:33.

zvakaauraiwa zvamativi ose kumaNifai nekumaRamani.

10 Uye zvakaitika kuti makore mazana matatu ane makumi matanhatu, nematanhatu akanga apfuura, maRamani akauya zvakare kumaNifai kuti vavarwise; asi maNifai haana kute ndeuka pazvinhu zvakaipa zvakanga vaita, asi vakaramba vachiita zvakaipa.

11 Uye rurimi harukwanise kutsanangura, kana kuti munhu anyore tsananguro yakakwana yezvakaitika zvinotyisa izvi zveropa nokuurayana pakati pavanhu, vose maNifai namaRamani; wose mwoyo wakao meswa, zvekuti vakafadzwa nokuramba vachideura ropa nguva dzose.

12 Uye kwakanga kusina kumboita “huipi hukuru hwakadai pakati pavana vose vaRihai, kana pakati pavana vose veIsraeri, maererano namazwi aIshe, sekwakanga kuri pakati pavanhu ava.

13 Uye zvakaitika kuti maRamani vakatora guta reKuparadzwa, nokuti “huwandu hwavo hwaidarika huwandu hwemaNifai.

14 Uye vakafamba zvakare vakananga kuguta reTeangumu, vakaburitsa vagari vemo, vakatora vasungwa vakawanda zvo se vakadzi nevana, vakavaita semupiro kunaana mwari vavo “vezvifananidzo.

15 Uye zvakaitika kuti mugore ramazana matatu namakumi

matanhatu anemanomwe, maNifai akatsamwa zvikuru kuti maRamani akanga apa sechibairo vakadzi vavo nevana vavo, vakava vanoenda kumaRamani nokutsamwa kukuru, zvekuti vakakurira maRamani, vakavaburitsa munyika vavo.

16 Uye maRamani havana kuya zvakare kuzorwisa maNifai kusvika mugore remazana matatu ane makumi manomwe nemashanu.

17 Uye mugore irori vakauya zvakare kuzorwisa maNifai nesimba ravo rose; zve havana kunge vakaverengwa nokuti vakanga vakawandisa.

18 Uye “kubva panguva iyoyi maNifai havana kuzowana simba kupfuura maRamani, asi vakatanga kutsvairwa sedova riri muzuva.

19 Uye zvakaitika kuti maRamani vakauya kuguta reKuparadzwa; kwakave nokurwisana kunorwadza munyika yeKuparadzwa, umo maNifai akakurirwa.

20 Uye vakatiza zvakare kubva kwavari, vakaenda kuguta rainzi Boazi; uko vakarwisa zvinotyisa maRamani, zvekuti maRamani haana kuvakurira kusvikira vadzoka zvakare kechipiri.

21 Uye apo vakanga vauya kechipiri, maNifai akatinhirwa kunze vakaurayiwa zvikuru, vakadzi nevana vavo vakapirwa zvekare kuzvifananidzo.

22 Uye zvakaitika kuti maNifai akatiza zvakare, vachitora

vanhu vose, mumaguta nomumisha.

23 Uye zvino ini Mormoni, ndichiona kuti maRamani akananga ava kuda kutora nyika, naizvozvo ndakaenda kugomo “reShimu, ndikatora zvinyorwa zvose izvo Amaroni akanga aviga kunaIshe.

CHITSAUKO 5

Mormoni anotungamira zvakare maNifai nemo auto avo mukurwa kwerope nekudeuka kwerope— Bhuku raMormoni richauya kuzopwisa yose Israeri kuti Jesu ndiye Kristu— Pamusana pekusatenda kwavo, maRamani achapararira uye Mweya ucharega kushanda navo— Vachatambira vhangeri kubva kumaJentairi mumazuva ekupedzisira. Zvingangove makore 375 kusvika ku384 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti ndakaenda mukati memaNifai, ndikatendeuka “pamhiko chandakanga ndaita kuti handichazovayamura; uye vakandipa zvakare kuti nditungamire mauto avo, nokuti vaitarisira kwandiri sekunge ndingakwanise kuvabvisa mumatambudziko avo.

2 Asi tarisai, ndakanga “ndisina ruvimbo, nokuti ndaiziva kutonga kwaIshe kwaiuya kwavari; nokuti havana kunge vatendeuka muzvitadzo zvavo, asi vaingotambudzikira upenyu hwavo vasingaidzire kuna Iye akavasika.

3 Uye zvakaitika kuti maRamani akativinga zvakare zvatakananga tatizira kuguta reJorodhani; asi tarisai, vakatinhirwa shure zvekuti havana kutora guta iri panguva iyoyo.

4 Uye zvakaitika kuti vakativinga zvakare, uye tikadzivirira guta iri. Uye kwakange kuine mamwe maguta akanga akachengetwa nemaNifai, kusimba kwavo kwakavatadzisa kuti vapipe mukati menyika, kuti vanoparadza vagari venyika yedu.

5 Asi zvakaitika kuti yose nzvimbo yataipfuura nemo, uye vanhu vemo vasina kuungana pamwechete, vakaparadzwa nemaRamani, uye misha yavo nemadhorobha avo, zve nemaguta zvakapiswa nemoto; saka mazana matatu emakore nemakumi manomwe ane mapfumbamwe akapfuura.

6 Uye zvakaitika kuti mugore remazana matatu nemakumi masere maRamani vakativinga zvakare kuzorwa, uye tikavarwisa pasina kutya takashinga; asi zvakashaya maturo, nokuti vakanga vakawanda zvekuti vaitoita zvekutsika maNifai netsoka.

7 Uye zvakaitika kuti takatiza zvakare, avo vakamhanya kupfuura maRamani vakapona, uye vakatadza kusiya maRamani vakarakashwa vakaparadzwa.

8 Uye zvino tarisai, ini Mormoni, handidi kuti ndimise mwoyo yevanhu nokuisa pamberi pavo ropa nokudeuka

kweroa kwakadaro kuipa se-zvakaiswa pamberi pemaziso angu; asi ini, nokuziva kuti zvinhu izvi zvakafanira chokwadi kuitwa kuti zvizivikanwe, neku-ti zvose zvinhu zvakanzwa “zvinofanira kuziviswa pachena pamatenga edzimba—

9 Uye nokutiwo ruzivo rwezvinhu izvi rwakafanira “kuuya kune vakasara vevanhu ava, nokumaJentairiwo, avo vakanzi naIshe vachaita kuti vanhu ava ^bvapararire, uye vanhu ava vasingazoverengwa sechinhu pakati pavo—naizvozvo ‘ndinonyora chidimbu chete, ndisingaedze kupa rungano rwuzere rwezvinhu zvandaona, pamusana pemurairo wandatambira, nokutiwo musanyanye kusuwa zvakananyanya pamusoro pekuipa kwevanhu ava.

10 Uye zvino tarisai, izvi ndiri kuzvitaure kumbeu yavo, nekuvaJentairiwo vane hany’a nemba yaIsraeri, vanoziva nekuona kunobva maropafadzo avo.

11 Nokuti ndinoziva kuti ivavo vanosuwira dambudziko remba yaIsraeri; hongu, kuti vanosuwira kuparadzwa kwevanhu ava; vanosuwa kuti vanhu ava havana kutendeuka zvekuti vangadai vakagumbatirwa mu-maoko aJesu.

12 Zvino zvinhu “izvi zvirikunyororwa ^bvakasara vema

yaJakobo; uye zvirikunyorwa netsika iyi, nokuti zvinozivikanwa naMwari kuti kuipa kwavo hakuiti kuti zvinhu zviende kwavari; uye ‘zvinovigwa kuna Ishe kuti zvigozouya nenguva yavo.

13 Uye uyu ndiwo murairo wandatambira; uye tarisai, zvichauya maererano nemurairo waIshe, kana azviona zvakanfana, muuchenjeri hwavo.

14 Uye tarisai, vachaenda kune avo “vemaJuda vasingatende; uye pamusana pekuda uku vachaenda—kuti ^bvanyengetedzwe kuti Jesu ndiye Kristu, Mwanakomana waMwari vepenyu; kuti Baba vaunze, kuburikidza nekune Wavanodisisa, chinangwa chavo chikuru chokusingapere, mukudzorera pakare maJuda, kana imba yose yaIsraeri, kunyika yenhaka yavo, yavakapiwa naIshe Mwari vavo, mukuzadzikiswa ‘kwechibvumirano chavo.

15 Uye kutiwo mbeu yevanhu “ava inyatsotenda zvizere vhangeri ravo, ^brichaenda kwavari richibva kumaJentairi; nokuti vanhu ava vachange ‘vakapararira, uye ^dvachave vatema, vane tsvina, uye vanhu vanosemesa, kupfuura chii zvacho chati chambove pakati pedu, hongu, kana chakambove pakati pema-Ramani, uye zvichikonzerwa

8a Ruka 12:2–3;

2 Ni. 27:11;
D&Z 1:3.

9a 4 Ni. 1:49.

b 3 Ni. 16:8.

c Morm. 1:1.

12a Eno. 1:16;
Hir. 15:11–13.

NKM Bhuku
raMormoni.

b D&Z 3:16–20.

c Morm. 8:4, 13–14;
Moro. 10:1–2.

14a 2 Ni. 29:13; 30:7–8.

NKM maJuda.
b 2 Ni. 25:16–17.

c 3 Ni. 29:1–3.

15a 3 Ni. 21:3–7, 24–26.

b 1 Ni. 13:20–29, 38;
Morm. 7:8–9.

c 1 Ni. 10:12–14;
3 Ni. 16:8.

d 2 Ni. 26:33.

nokusatenda kwavo nokunamata mifananidzo.

16 Nokuti tarisai, Mweya wa-Ishe wakatorega kare “kushanda nemadzibaba avo; uye havana Kristu naMwari munyika; uye vanopupurutswa nemhepo kunge ^bhundi.

17 Vakambenge vari vanhu vaifadza, uye vaina Kristu ^asemufudzi wavo; hongu, vakanga vachitungamirwa naMwari Baba.

18 Asi zvino, tarisai, vave “kutungamirwa naSatani, sekurutswa kunoitwa hundi nemhepo, uye kana sekukandwa kunoitwa ngarava nemasaisai, kana isina mutsigiso, kana kuti isina chimwe chinhu chekuifambisa; uye sezvainenge yakaita, ndizvo zvavanenge vakaita.

19 Uye tarisai, Ishe vakavachengetera maropafadzo avo, avangadai vakagashira munyika, kuitira “maJentairi vachatora nyika.

20 Asi tarisai, zvichaitika kuti vachatinhwa vakapararaniswa nemaJentairi, uye shure kwekunge vatinhwa nekupararaniswa nemaJentairi, tarisai, zvino Ishe ndipo “pavachangarira ^bchibvumirano chaakaita naAbrahama nekuimba yose yaIsraeri.

21 Uye Ishe vachangarirawo “minamato yevakarurama, yavakavaitira kwaari.

22 Uye zvino, imi maJentairi, mungamiskidzane sei nesimba

raMwari, kunze kwekuti mute-ndeuke mubve kunzira dzenyu dzakaipa?

23 Hamuzive here imi kuti muri mumaoko aMwari? Hamuzive here iye ane simba rose, uye “pakuraira kwake kukuru nyika ^bichapetwa serukukwe?

24 Naizvozvo, tendeukai imi, uye muzvirereke pamberi pake, nokuti angangouya akazokurangai — nokuti vakasara vembeu yaJakobo vangangofamba mukati menyu ^aseshumba, vakakubvarura bvarurai kuita zvidimbu, uye hapana anokuponesai.

CHITSAUKO 6

*MaNifai anoungana kunyika yeKumora mukurwa kwokupedzisi-
ra—Mormoni anoviga zvinyorwa
zvinoera muGomo reKumora—
MaRamani anokunda, rudzi rwa-
Nifai rwunoparadzwa—Mazana
ezviuru vanouraiwa nemunondo.
Zvingangove makore 385 shure
kwekunge Kristu azvarwa.*

UYE zvino ndinopedza zvinyorwa zvangu maererano “noku-paradzwa kwevanhu vangu, maNifai. Uye zvakaitika kuti takafora tichienda kumaRamani.

2 Uye ini, Mormoni, ndakanyora tsamba kuna mambo waMaRamani, ndichimukumbira kuti atibvumire kuti tiungandze pamwechete vanhu vedu

16a Gen. 6:3; Eta 2:15.

^b Mpi. 1:4.

17a NKM Mufudzi

Akanaka.

18a 2 Ni. 28:21.

19a 3 Ni. 20:27–28.

20a 3 Ni. 16:8–12.

^b NKM Chibvumirano
chaAbrahama.

21a Eno. 1:12–18;

Morm. 9:36–37.

23a Hir. 12:8–17.

^b 3 Ni. 26:3.

24a Mika 5:8;

3 Ni. 20:15–16.

6 1a 1 Ni. 12:19; Jar. 1:10;

Aruma 45:9–14;

Hir. 13:5–11.

“munyika yeKumora, pedyo negomo rainzi Kumora, kuti tigo-
rwa zvakare.

3 Uye zvakaitika kuti mambo wemaRamani akabvuma zva-
taida.

4 Uye zvakaitika kuti takafora tichienda kunyika yeKumora, tikamisa matende edu takate-
nderedza gomo reKumora; ra-
kanga riri munyika yemvura yakawanda, nzizi, nezvisipiti; zve apa ndipo patakatarisira kukunda maRamani.

5 Uye zvino makore mazana matatu namakumi masere na-
mana apfuura, takanga taunga-
nidza vanhu vedu vose vakanga vasara munyika yeKumora.

6 Uye zvakaitika kuti apo taka-
nga taunganidza vanhu vedu munyika yeKumora, tarisai ini Mormon, ndakatanga kukwe-
gura; uye ndichiziva kuti kwaiva kurwisa kwavanhu va-
ngu kwokupedzisira, somunhu akanga arairwa nalshe kuti ndisabvumire kuti zvinyorwa zvakanga zvapiwa isu nama-
dzibaba edu, izvo zvaiera, kuti zviwire mumaoko emaRamani (nokuti maRamani aizozvipa-
radza) naizvozvo ndakaita chinyorwa “ichi kubva kune mahwendefa aNifai, ^bndikazvi-
viga mugomo reKumora zvi-
nyorwa zvose zvakanga zvapi-
wa kwandiri noruoko rwaIshe, kunze kwezvinyorwa zvisihoma “izvi zvandakapa mwanakoma-
na wangu, ^dMoronai.

7 Uye zvakaitika kuti vanhu

vangu, nevakadzi vavo navana vavo, vakaona “mauto emaRa-
mani achifora achiuya kwavari; nokutya kukuru kworufu uko kunozadza zvipfuva zvakakai-
pa, vakamirira kuti vavagamu-
chire.

8 Uye zvakaitika kuti vakauya kuti vazotirwisa, zve mweya wose wakazadzwa nokutya nokuda kwokuwanda kwavo.

9 Uye zvakaitika kuti vakawira pavanhu vangu neminondo, nouta, nemiseve, namatemo, nezvombo zvose zvehondo.

10 Uye zvakaitika kuti vanhu vangu vakawisirwa pasi, hongu, kunyange zviuru zvangu gumi izvo zvakange zvineni, ini ndikawira pakati pavo ndaku-
vadzwa; vakapfuura nepanda-
kanga ndiri asi havana kundi-
pfuudza.

11 Uye apo vakanga vaenda vachiuraya vanhu vangu “vose kunze kwavanokwana makumi maviri navana, (pakati pavo pakanga pano mwanakomana wangu Moronai) uye isu taka-
nga tararama pavanhu vedu vakafa, takaona mangwana acho, apo maRamani akanga adzokera kumakamba avo, kubva pamusoro pegomo re-
Kumora, zviuru gumi zvevanhu vangu avo vakanga vaurayiwa vachitungamirirwa neni.

12 Uye zvakare takaona zviuru gumi zvevanhu vangu zvai-
tungamirwa nomwanakomana wangu Moronai.

13 Uye tarisai, zviuru gumi

2a Eta 9:3.

6a NKM Mahwendefa.

b Eta 15:11.

c Mazwi 1:2.

d Morm. 8:1.

7a 1 Ni. 12:15.

11a 1 Ni. 12:19–20;

Hir. 15:17.

zviye zvaGidhigidhona zva-kanga zvafa, iyewo ari pakati pavo.

14 Uye Rama akanga afa nava-nhu vake zviuru gumi; Girgari akanga afa nezviuru gumi zva-vanhu vake; zve Rimuha akanga afa nezviuru gumi zvevanhu vake; naJenemu akanga afa ne-zviuru gumi zvavanhu vake; naKumenaiha; naMoronaiha, naAndionumu, naShibhuro-mu, naShemi, naJoshi, vakanga vafa nezviuru gumi zvemu-mwe nomumwe wavo.

15 Uye zvakaitika kuti kwaka-nga kune vamwe gumi vakanga vafa nomunondo, nezviuru gumi zvavo pamunhu; hongu, kunyange “vose vanhu vangu, kunze kwavaye makumi maviri namana vakanga vaneni, nava-shoma vakanga vatizira kunyi-ka dziri kuchamhembe, neavo vashoma vakanga vaenda kuma-Ramani, vakange vafa; nyama yavo, mapfupa, neropa ravo zvakanga zvakangoti kata-kata nenyika, zvakasiiwa namaoko akavauraya kuti vamweuke vari panyika, kuti vadzokere kuvhu-ramai vavo.

16 Uye mweya wangu waka-rwadziwa zvikuru pamusana, pokuuraiwa kwavanhu vangu, ndikachema:

17 Imi makanaka, ko makago-bva sei munzira dzaIshel! Imi makanaka, ko makagoramba se-iko iye Jesu, akamira namaoko akatambanudzwa kuti akuga-muchirei!

18 Tarisai, dai musina kuita

izvi, mungadai musina kupu-nzika. Asi tarisai, makapunzika, uye ndinochemu pamusana po-kurasikirwa nemi.

19 Imi makanaka vanakomana navanasikana, imi vana baba navana mai, imi varume nama-dzimai, imi makanaka, ko zvino makapunzika wani!

20 Asi tarisai, maenda, uye kusuwa kwangu hakungaku-dzorei.

21 Uye zuva richasvika zvino kuti miviri yenyu inofa itore isingafe, kuti miviri ino iyi iri kuora “isaore; kuti ipapo muzo-mira pachigaro chokutonga chaKristu, kuti mugotongwa maererano nemabasa enyu; kuti kana muri vatsvene, ipapo muchakomborerwa pamweche-te nemadzibaba enyu ayo akae-nda pamberi penyu.

22 Dai makanga makatendeu-ka kuparadzwa kukuru uku kusati kwauya kwamuri. Asi tarisai, maenda, uye Baba, hongu, Baba Vokusingaperi voku-denga, vanoziwa zvamuri; uye vanoita kwamuri maererano “nekururama kwavo ^bnetsitsi.

CHITSAUKO 7

Mormoni anokoka maRamani emazuva okupedzisira kuti vate-nde muna Kristu, vagamuchire vhangeri rake, vagoponeswa — Avo vose vanotenda Bhaibheri vanozotenda Bhuku raMormoni. Zvingangove makore 385 shure kwekunge Kristu azvarwa.

15a Aruma 9:24.

21a I VaKori. 15:53–54.

22a NKM Yenzaniso.

b NKM Anetsitsi.

UYE zvino, tarisai, ndichataura kune zvimwe zvizvarwa zvavanhu ava izvo ^azvakasara; kana zvikaitika kuti Mwari vavape mazwi angu, kuti vagoziva nezvezvinhu zvamadzibaba avo; hongu, ndinotaura kwamuri, imi vechizvarwa cheimba ya-Israeleri; aya ndiwo mazwi andinotaura:

2 Zivai kuti muri ^aveimba ya-Israeleri.

3 Zivai kuti munofanira kuuya mutendeuke, kana kuti hamuzoponeswa.

4 Zivai kuti munofanira kuisa pasi zvombo zvenyu zvehondo, uye musazofara zvakare mukudeura ropa, musazozvitora zvakare, kunze kwokunge Mwari vakurairai.

5 Zivai kuti munofanira ^akuziva madzibaba enyu, mutendeuke kubva muzvivi zvenyu nokuipa kwenyu, uye ^bmutende muna Jesu Kristu, kuti ndiye Mwanakomana waMwari, uye kuti akauraiwa namaJuda, uye nesimba raBaba akamuka zvakare, nokudaro akawana ^ckukunda guva; uye maari kuruma kwerufu kuchamedzwa.

6 Uye anonunza ^akumutswa kwevakafa, kunoita kuti munhu agomutswa kuti amire pamberi pachigaro ^bchokutonga kwake.

7 Uye akaunza ^arununuro rwepasi, runoita kuti uyo anozonekwa ^basina mhosva pamberi pake nezuva rokutongwa ^cachazogara naMwari muumambo hwavo, kuti aimbe dzimbo dzisingaperi dzokumurumbidza ^dnavaimbi vokumusoro, kuna Baba, nokune Mwanakomana, nekune Mweya Mutsvene, zvinova Mwari ^emumwechete, ^fmukufara kusina magumo.

8 Nokudaro tendeukai, mu-bhabhatidzwe muzita rafesu, mugobatirira ^apavhangeri ra-Kristu, iro richaiswa pamberi penyu, kwete ^bmuchinyorwa chino chete asi muchinyorwa chichauya kumaJentairi ^ckubva kumaJuda, chiri icho chinyorwa chichabva kumaJentairi chichiuya ^dkwamuri.

9 Nokuti tarisai, ^aizvi zvakanyorwa kuitira kuti imi ^bmuzvitende; kana mukatenda izvozvo muchatenda izwiwo; uye kana muchinge matenda muchaziva zvakare nezvemadzibaba enyu, nemabasa anoshamisa zvikuru akaitwa nesimba ra-Mwari pakati pavo.

10 Uye muchaziva zve kuti muri zvizvarwa zvembeu ya-Jakobo; naizvozvo munoverengwa pamwechete navanhu vechibvumirano chokutanga; uye mukava munotenda muna-

7 1a Hir. 15:11–13.

2a Aruma 10:3.

5a 2 Ni. 3:12.

b NKM Daira; Rutendo.

c Isa. 25:8;

Mosaya 16:7–8.

6a NKM Kumuka

Kuvakafa.

b NKM Jesu Kristu—

Mutongi; Kutonga,
Kwekupedzisira.

7a NKM Akanunura.

b NKM Natsa.

c 1 Ni. 10:21;

D&Z 76:62; Mos. 6:57.

d Mosaya 2:28.

e D&Z 20:28.

NKM Mwari, Musoro

hwehuMwari.

f NKM Rufaro.

8a NKM Vhangeri.

b NKM Bhaibheri.

c 2 Ni. 29:4–13.

d 1 Ni. 13:38.

9a NKM Bhuku

raMormoni.

b 1 Ni. 13:38–41.

Kristu, mukabhabhatidzwa, ke-
kutanga nemvura, kwozouya
moto noMweya Mutsvene, mu-
chiteedza “mufananidzo woMu-
ponesi wedu, maererano neizvo
akatituma, zvichazova zvicha-
kunakirai nezuva rokutongwa.
Ameni.

CHITSAUKO 8

*MaRamani anotsvaka nokupara-
dza maNifai—Bhuku raMormoni
richauya kuburikidza nesimba ra-
Mwari—Matambudziko kune avo
vanoshatirwa nekukanganisa basa
raMwari—Zvinyorwa zveMaNifai
zvichauya muzuva iro rokuipa,
kuderera murutendo netsika, ne-
kurasika. Zvingangove makore 400
kusvika ku421 shure kwekunge
Kristu azvarwa.*

TARISAI ini ^aMoronai, ndinope-
dzisa ^bchinyorwa chababa van-
gu, Mormoni. Tarisai, ndine
zvinhu zvishoma zvekunyora,
izvo zvinhu zvandakarairwa
nababa vangu.

2 Uye zvino zvakaitika kuti
shure kwekurwa ^akukuru kuno-
tyisa paKumora, tarisai, maNi-
fai ayo akanga atizira akananga
kuchamhembe akavhimwa ^bne-
maRamani, kusvika vose zvavo
vaparadzwa.

3 Uye baba vangu vakaurayi-
wawo, ini ndakasara ^andega
kuti ndinyore zvinhu zvinopisa
tsitsi zvekuparadzwa kweva-

nhu vangu. Asi tarisai, va-
kaenda, uye ndinozadzikisa
mirairo yababa vangu. Kana
vachandiurayawo, handizive.

4 Naizvozvo ndichanyora zvi-
nyorwa ndigozvicherera pasi;
kana dai ndikazoenda zvinenge
zvisinei.

5 Tarisai, baba vangu vakaita
chinyorwa “ichi, vakanyora
zvinangwa zvazvo. Uye tarisai,
ndainyora dai ndanga ndiine
nzvimbo ^bpamahwendefa, asi
handina; kana dare handina,
nokuti ndiri ndoga. Baba vangu
vakauraiwa muhondo, nehama
dzangu dzose, zvino handina
shamwari kana kwokuenda;
uye kuti Ishe vachabvuma kuti
ini ndirarambe kwenguva yaka-
dii handizive.

6 Tarisai, makore ^amazana
mana apfuura kubvira kuuya
kwaIshe Muponesi vedu.

7 Uye tarisai, maRamani aka-
vhima vanhu vangu, maNifai,
guta neguta, nzvimbo nenzvi-
mbo, kusvikira kuisina; ^aku-
punzika kwavo kukuru; hongu,
kuparadzwa kukuru uye kuno-
shamisa kwakaitika kuvanhu
vangu, maNifai.

8 Uye tarisai, ruoko rwaIshe
rwakazviita. Uye tarisai zve,
maRamani ^apahondo pachawo;
nyika yose yangova neumhondi
nokudeuka kweropa; uye hapa-
na anoziva kupera kwehondo.

9 Uye zvino, tarisai, handicha-
taura zvimwe pamusana pavo,

10a 2 Ni. 31:5-9.

8 1a NKM Moronai,
Mwanakomana
waMormoni.

b NKM Mahwendefa.

2a Morm. 6:2-15.

b D&Z 3:18.

3a Moro. 9:22.

5a Morm. 2:17-18.

b Morm. 6:6.

6a Aruma 45:10.

7a 1 Ni. 12:2-3.

8a 1 Ni. 12:20-23.

nokuti hakuna mumwe akapona kunze kwamaRamani “nama-kororo avo vachiri kurarama panyika.

10 Uye hapana kana mumwe anoziva Mwari vechokwadi kunze “kwevadzidzi vajesu, avo vakagara munyika kusvikira pava nokuipa kukuru kuti Ishe havana kuzoita kuti ^bvarambe vari pakati pevanhu; uye kana kuti vachiri pano pasi hakuna munhu anoziva.

11 Asi tarisai, “baba vangu pamwe neni takavaona, uye vakaparidza kwatiri.

12 Uye ani zvake anogamuchira zvinyorwa izvi, asingazozvishora nokuda kwezvinhu zvakakanganiswa zviru mazviri, iyeye achaziva zvinhu “zviku kupfuura izvozwi. Tarisai, ndini Moronai; uye dai zvaibvira, nda-iiita kuti muzive zvinhu zvose.

13 Tarisai, ndinopedzisa kutaura maererano nevanhu ava. Ndiri mwanakomana waMormoni, baba vangu vakanga vari “chizvarwa chaNifai.

14 Uye ndini mumwecheteyo “akaviga zvinyorwa izvi kuna Ishe; mahwendefa aya haakoshi, nokuda kwomurairo waIshe. Nokuti zvechokwadi akati hakuna munhu anozova nawo kuti awane ^bupfumi; asi kuti zvinyorwa izvi zvinhu zvinokosha zviku, uye achazoviuza

pachena, iyeye Ishe achamukomborera.

15 Nokuti hakuna kana mumwe ane simba rokuzviunza pachiedza kunze kwokunge ari-pihwa naMwari; nokuti Mwari vanoda kuti zviitwe “neziso rakatarisa pakubwinya kwavo chete, kana magariro akanaka evanhu vaMwari avo vechipikirwa vakare vagara vapararira kubvira kare.

16 Uye akakomborerwa “uyo achaunza zvinhu izvi pachiedza; nokuti ^bzvichaunzwa kubva kurima kuuya muchiedza, maererano neshoko raMwari; hongu, zvichaunzwa kubva muvhu, uye zvichavhenekera mune rima, zvigozivikanwa nevanhu; uye zvichaita kuburikidza nesimba raMwari.

17 Uye kana pane “zvakananganiswa kukanganisa kwomunhu. Asi tarisai, hatizivi chakananganiswa; zvisinei Mwari vanoziva zvinhu zvose; naizvo-zvo, uyo ^banoshora, ngaave anogara akaziva kuti kuchave nenjodzi yemoto wegehena.

18 Uye uyo anoti: Ndiratidzei ini, kana kuti ucharohwa — muchenjere rei kuti angangoitisa vanhu izvo zvakarambidzwa naIshe.

19 Nokuti tarisai, uyo anokurumidza “kutonga naiye achakurumidza kutongwawo,

9a Morm. 2:8.

10a 3 Ni. 28:7;

Eta 12:17.

nkM Vadzidzi Vatatu vechiNifai.

^b Morm. 1:16.

11a 3 Ni. 28:24–26.

12a 3 Ni. 26:6–11.

13a 3 Ni. 5:20.

14a Moro. 10:1–2.

^b Nh—JS 1:46.

15a D&Z 4:5.

16a 2 Ni. 3:6–7, 11,

13–14.

^b Isa. 29:18; 2 Ni. 27:29.

17a Morm. 9:31, 33;

Eta 12:23–28.

^b 3 Ni. 29:5; Eta 4:8.

19a dJS, Mat. 7:1–2;

3 Ni. 14:1–2;

Moro. 7:14.

mubairo wake uchaenzanirana namabasa ake; naizvozvo, uyo anorova achazorohwawo, naIshe.

20 Tarisai zvinotaurwa nemagwaro—munhu haazorovi, kana kutonga; nokuti kutonga ndokwangu, Ishe vanodaro, nokutsva ndokwangu zvakare, uye ndicharipira ini.

21 Uye uyo achafema kutsamwa nokuita nharo nebasa raIshe, nokupikisa vanhu vechibvumirano vaIshe avo vemba yaIsraeri, uye achiti: Tichaparadza basa raIshe, uye Ishe havacharangarira chibvumirano chavakaita kune vemba yaIsraeri—iye ari munjodzi yokute-mwa nokukandwa mumoto.

22 Nokuti ^achinangwa chaIshe chokusingaperi chichaenderera mberi, kusvikira zvivimbiso zvavo zvose zvazadzikiswa.

23 Nzverai huporofita ^ahwa-Isaya. Tarisai, handikwanise kuzvinyora. Hongu, tarisai ndinoti kwamuri, vatendi vakatungamira mberi kwangu, avo vakambogara munyika ino, ^bvachachema, hongu, kunyange kubva muguruva vachachema kuna Ishe; uye Ishe vachirarama vacharangarira chibvumirano chavakaita navo.

24 Uye vanoziva ^aminamoto yavo, kuti vakanga vachinamaitira hama dzavo. Uye vanoziva

kutenda kwavo, nokuti muzitaravo vaisimudza ^bmakomo; nomuzita ravo vaiita kuti nyika indengendeke; zve nesimba reshoko ravo vaiita kuti ^cmatorongoro akoromoke; hongu, kunyange moto muzhinji hawai-vapisa, kana mhuka dzesango, kunyange nyoka dzine uturu hadzaivakwanisa nenzira yesimba reshoko ravo.

25 Uye tarisai, ^aminamoto yavo yakanga yakamirira iye kuti Ishe vagobvumira kuti zvinhu izvi zviuye.

26 Uye hakuna anofanira kuti hazviuye, nokuti zvechokwadi zvichauya, nokuti Ishe vakazvita-ura; nokuti ^akubva pasi zvichauya, noruoko rwaIshe, hakuna achazvirambidza; uye zvichauya pazuva iro richanzi ^bzvishamiso zvabviswa; zvichauya kunyange munhu achataura ^ckubva mukufa.

27 Uye zvichauya pazuva iro ^aropa revatendi richachema kuna Ishe, nokuda ^bkwezvikwata zvemuruvande nemabasa erima.

28 Hongu, zvichauya pazuva iro simba raMwari richarambwa, ^achechi dzichasvibiswa nokusimudzira kuzvikudza mumwoyo yavo; hongu, kunyange pazuva iro vatungamiri vechechi nevadzidzisi vachasimuka mukuzvikudza mumwoyo yavo,

22a D&Z 3:3.

23a 3 Ni. 20:11; 23:1.

^b Isa. 29:4;

2 Ni. 3:19–20; 26:16.

24a Eno. 1:12–18;

Morm. 9:36;

D&Z 10:46.

^b Jak. 4:6; Hir. 10:9.

^c Aruma 14:27–29.

25a Morm. 5:21.

26a Isa. 29:4; 2 Ni. 33:13.

^b Morm. 9:15–26;

Moro. 7:27–29, 33–37.

^c 2 Ni. 26:15–16;

Morm. 9:30;

Moro. 10:27.

27a Eta 8:22–24;

D&Z 87:6–7.

^b NKM Huranganwa hwemuruvande.

28a II Tim. 3:1–7;

1 Ni. 14:9–10;

2 Ni. 28:3–32;

D&Z 33:4.

kunyange nokuchiva vechechi avo.

29 Hongu, zvichauya pazuva iro “kuchanzwika nezvemoto, ^bnemadutu emhepo, nokunhuhwa kwemoto munyika dzevamwe;

30 Uye kuchanzwikawo “hondo, runyerekupe rwehondo, nokundengendeka kwenzvimbo dzakasiyana-siyana.

31 Hongu, zvichauya pazuva iro kuchave nokusvibiswa kukuru kwenyika; kuchave nokupondana, nokupamba, nokunyepa, nokunyengedza, nopombwe nokumwe kutadza kwose kwakaipisisa; apo kuchave nevazhinji vachati, Ita izvi, kana ita izvo, hazvina “mhosva, nokuti Ishe ^bvachazvitunha pazuva rokupedzisira. Asi vane nhamo ivavo, nokuti vari ^cmugomba remarwadzo nokusungwa muzvakaipa.

32 Hongu, zvichauya pazuva iro panenge pane kereke dzinenge dzavakwa idzo dzichati: Uyai kwandiri, nokuda kwemari yenyu zvivi zvenyu zvicharegererwa.

33 Imi vanhu vakaipisisa nevanhu vasinganzwisise, ko makavakirei chechi kuti mugowana “upfumi? Ko sei ^bmakashandura mazwi matsvene aMwari, kuti muunze ^ckuraswa pamweya yenyu? Tarisai, tarisai pane zvakazarurwa zvaMwari;

nokuti tarisai, nguva ichasvika pazuva iroro apo zvinhu zvose izvi pazvichazadzikiswa.

34 Tarisai, Ishe vakandiratidza zvinhu zvikuru zvinoshamisa maererano nezvo zviri pedyo kuuya, pazuva iro zvinhu zvose izvi zvichauya kwamuri,

35 Tarisai, ndinotaura kwamuri semuripo, asi hamupo. Asi tarisai, Jesu Kristu akuratidzai kwandiri, uye ndinoziva kuita kwenyu.

36 Uye ndinoziva kuti “munofamba mukuzvikudza kwe-mwoyo yenyu; hakuna mumwe kunze kwevashoma avo ^bvasingazvisimudzire pakuzvikudza mumwoyo yavo, mukupfeka nguwo dzakanaka ^cchaizvo, nomukuchiva, nokunetsana, nokushora, nokuvengana nokumwe kuipa kwose; uye chechi dzenyu, hongu, ose zvawo, asvibiswa pamusana pekuzvikudza kwemwoyo yenyu.

37 Nokuti tarisai, munoda “mari, nezvamuinazvo, nenguwo dzenyu dzakanaka, nokushongedza makereke enyu, kupfura kuda kwamunoita varombo nevanoshaya, varwere nevanotambudzika.

38 Imi tsvina, imi vanyengedzi, imi vadzidzisi, munozvitengesana nokuda kwezvinoora, seiko masvibisa chechi tsvene yaMwari? Seiko “muchinyara kutakura

29a Joere 2:28–32;
2 Ni. 27:2–3.

b 1 Ni. 19:11;
D&Z 45:39–42.

30a Mat. 24:6;
1 Ni. 14:15–17.

31a 2 Ni. 28:21–22.

b 2 Ni. 28:8.

c Aruma 41:11.

33a NKM Unyengeri
hwehupirisita.

b 1 Ni. 13:26–29.

c NKM Kuraswa.

36a NKM Famba, Famba

naMwari.

b Jak. 2:13.

c Aruma 5:53.

37a 2 Ni. 28:9–16.

38a VaR. 1:16; II Tim. 1:8;

1 Ni. 8:25–28;

Aruma 46:21.

zita raKristu? Seiko musingafunge kuti kufara kusingapere kukuru pane ^bkusuwa kusina magumo—nokuda ‘kukudzwa kwenyika?

39 Seiko muchizvishongedza nezvisina upenyu, asi muchibvumira kuti vane nzara, nevashaya, nevasina kupfeka, nevanorwara nevakaremara vapfuure nepamuri, musingavatarise?

40 Hongu, sei muchivaka kuipa kwenyu “kwemuchivande kuti muwane, muchiita kuti shirikadzi dzicheme kuna Ishe, uye nenherera kuti dzicheme pamberi paIshe, uye zvakare neropa remadzibaba avo nevarume vavo kuti richeme kuna Ishe kubva pasi, kuti vakutsividzei?

41 Tarisai, munondo wokutsividza wakarembera pamusoro penyu; uye nguva iri pedyo kusvika “yokutsividza ropa revatendi pamusoro penyu, nokuti haachada kunzwa kuchema kwavo.

CHITSAUKO 9

Moronai anoshevedza vasingatendi muna Kristu kuti vatendeuke—Anotaura pamusana paMwari vezvishamiso, vanozarurira nokudurura zvipo nezviratidzo kune avo vakatendeseka—Zvishamiso zvinomira nokusatenda—Zviratidzo zvinotevera avo vanotenda—

Vanhu vanokurudzirwa kuti vave noungewaru uye vachengete mirairo. Zvingangove makore 401 kusvika ku421 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino, ndinotaura zve maererano neavo vasingatendi muna Kristu.

2 Tarisai, muchatenda here pazuva renyu rekurangwa—tarisai, apo Ishe pavachauya, hongu, kunyangwe pazuva “guru iro ^bnyika ichapetwa serukukwe, zvinhu zvose ‘zvichanyungudika nokupisa kukuru, hongu, pazuva iroro guru ramuchauzwa kuzomira pamberi peGwayana raMwari—zvino muchati here hakuna Mwari?

3 Zvino muchazoenderera mberi muchiramba Kristu here, kana kuti mungaone Gwayana raMwari? Munofunga kuti muchagara naye here muchiziva mhosva yenyu? Munofunga here kuti mungafarire kugara noMunhu mutsvene iyeyo, iyo mweya yenyu ichiziva mhosva yenyu yekuti maigarotyora mitemo yake?

4 Tarisai, ndinoti kwamuri muchazova munosuwa zvikuru kuti mugare naMwari vatsvене avo vakarurama, muchiziva kusviba kwenyu pamberi pavo, mungatoda kuti mugare nemweya “yakaraswa ^bmugehena.

5 Nokuti tarisai, pamuchauzwa kuti muone “kusasimira

38b Mosaya 3:25.

c 1 Ni. 13:9.

40a nKM Huranganwa hwemuruvande.

41a 1 Ni. 22:14.

9 2a Mara. 4:5;

3 Ni. 28:31.

b Morm. 5:23;

D&Z 63:20–21.

nKM Nyika—

Kuguma kwenyika.

c Amosi 9:13; 3 Ni. 26:3.

4a nKM Kuraswa.

b nKM Gehena.

5a 2 Ni. 9:14.

kwenyu pamberi paMwari, uye zvakare noukuru hwaMwari, noutsvene hwaJesu Kristu, zvi-chamutsa rimi remoto risinga-dzimurike pamuri.

6 Zvino imi “musingatendi, ^btendeukirai kuna Ishe; chemai zvikuru kuna Baba muzita raJesu, kuti zvimwe mungaonekwe musina kana vara, ‘maka-chena, makarurama, masha-mbidzwa neropa “reGwayana, nezuya guru iroto rokupe-dzisira.

7 Uye zvakare ndinotaura kwamuri imi “munoramba zva-kazarurwa zvaMwari, muchiti zvakapera, uye muchiti hapana zvakazarurwa, kana huporofita, kana zvipo, kana kuporesa, kana kutaura nendimi, ^bnokududzirwa kwendimi.

8 Tarisai ndinoti kwamuri, uyo anoramba zvinhu izvi haazive “vhangeri raKristu; hongu, haana kuverenga magwaro; kana zvakadaro, ^bhaanzwisisi.

9 Nokuti hativerenge here kuti Mwari ndivo “vamwechetevo nezuro, nhasi, nokusingaperi, uye mavari hamuna kana kaku-shanduka kana mumvuri weku-shanduka?

10 Uye zvino, kana muchifungidzira pachenyu mwari anoshanduka, anova asiri munhu anoramba ari zvaari, zvino

mazvifungidzira mwari asiri Mwari wezvishamiso.

11 Asi tarisai, ndichakurati-dzai Mwari vezvishamiso, kana Mwari vaAbrahamana, naMwari vaIsaka, naMwari vaJakobo; uye anova ndivo “Mwari vamwechete ivavo vakasika denga nyenika, nezvinhu zvose zviri mazviri.

12 Tarisai, vakasika Adama, nenzira “yaAdama kukauya ^bkupunzika kwevanhu. Nokuda kwekupunzika kwevanhu kwakauya Jesu Kristu, Baba neMwanakomana; uye nokuda kwaJesu Kristu kwakauya ‘rununuro rwavanhu.

13 Uye nokuda kwerununuro rwavanhu, urwoo rwakauya naJesu Kristu, vanounzwa zvakare pamberi paIshe; hongu, iyi ndiyo nzira yokuti vanhu vose varegererwe, nokuti rufu rwa-Kristu rwounzwa “kumutswa kwevakafa, kunounzwa rununuro kubva ^bmuhope dzisingaperi, munhu wose achamutswa kubva pakurara ikoku nesimba raMwari hwamanda paicharira; vachabuda, vose vaduku nava-kuru, vose vachamira pamberi pechigaro chavo chokutonga, vadzikinurwa nokusunungurwa kubva ‘mungetani dzokusingaperi dzerufu, rwunova rufu rwenyama.

6a NKM Kusadaira.

b Ezk. 18:23, 32;

D&Z 98:47.

c NKM Chakachena.

d NKM Gwayana raMwari.

7a 3 Ni. 29:6–7.

b I VaKori. 12:7–10;

Mis. yeCh. 1:7.

8a NKM Vhangeri.

b Mat. 22:29.

9a VaH. 13:8;

1 Ni. 10:18–19;

Aruma 7:20;

Moro. 8:18;

D&Z 20:12.

11a Gen. 1:1;

Mosaya 4:2;

D&Z 76:20–24.

NKM Jesu Kristu.

12a Mosaya 3:26.

b NKM Kupunzika

kwaAdama naEva.

c NKM Akanunura.

13a Hir. 14:15–18.

b D&Z 43:18.

c D&Z 138:16.

14 Uye kwozouya “kutonga kweUyo Mutsvene pavari; kwozouya nguva yokuti uyo ane ^btsvina acharamba aine tsvina; uyo mutsvene acharamba ari mutsvene; uyo anofara acharamba achifara; uye uyo akasuwa acharamba akasuwa.

15 Uye zvino, imi mose mazvifungira mwari uyo “asingakwanise kuita zvishamiso, ndinokubvunzai imi, zvinhu zvose izvi zvati zvaitika here, zvandataura nezvazvo? Magumo ati asvika here? Tarisai ndinoti kwamuri, Kwete; uye Mwari havana kurega kuva Mwari vezvishamiso.

16 Tarisai, hazvishamise here mumaziso medu zvinhu zvakaitwa naMwari? Hongu, ko ndiani anokwanisa kunzwisisa “mabasa aMwari anoshamisa?

17 Ndiani ahati changa chisiri chishamiso kuti “neizwi ravo denga nyenika zvakavepo; uye nesimba rezwi ravo munhu ^bakasi kwa kubva ‘paguruva renyika; uye nesimba reshoko ravo zvishamiso zvakaitwa?

18 Uye ndiani ahati Jesu Kristu haana kuita “zvishamiso zvikuru zvakawanda? Uye kwakave kune zvishamiso zvakawanda zvakaitwa namaoko evaapositori.

19 Uye kana kwaive “nezvishamiso zvakaitwa ipapo, ko zvino sei Mwari varega kuva Mwari vezvishamiso asi ivo vari Munhu asingashanduki? Uye tarisai, ndinoti kwamuri havashanduke kwete; kana zvakadaro varega kuva Mwari; asi havana kurega kuva Mwari, uye ndiMwari vezvishamiso.

20 Uye chikonzero chaakaregerera kuita “zvishamiso mukati mevana vavanhu ndechokuti vanoderera mukusatenda, vachibva munzira kwayo, uye havazive Mwari vavanofanirwa ^bkuvimba naye.

21 Tarisai, ndinoti kwamuri uyo wose anotenda muna Kristu, asina kupokana, “chose chaachakumbira kuna Baba muzita raKristu chichapiwa kwaari; vimbiso iyi iri kune vose, kusvika kumagumo enyika.

22 Nokuti tarisai, izvi ndizvo zvikataurwa naJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, kuvadzidzi vake avo vasisafe, hongu, uye zvakare kuvadzidzi vake vose, zvichinzwikwa negungano: “Endai munyika dzose, muparidze vhangeri kune zvisikwa zvose;

23 Uye uyo anotenda akabhabhatidzwa achaponeswa, asi uyo asingatendi “acharaswa.

14a NKM Kutonga,
Kwekapedzisira.
b Aruma 7:21;
D&Z 88:35.

15a Moro. 7:35–37;
D&Z 35:8.
NKM Chishamiso.

16a Mpi. 40:5;
D&Z 76:114;

Mos. 1:3–5.
17a Jak. 4:9.
b NKM Sika.
c Gen. 2:7;
Mosaya 2:25.

18a Joh. 6:14.
19a D&Z 63:7–10.
20a Vat. 6:11–13;
Eta 12:12–18;

Moro. 7:35–37.
b NKM Vimba.
21a Mat. 21:22;
3 Ni. 18:20.
22a Marko 16:15–16.
NKM Basa
reKushumira.
23a NKM Kuraswa.

24 Uye “zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda—muzita rangu vachaburitsa ana ^bdhibhorosi; vachataura nendimi itsva; vachasimudza nyoka; zve vakanwa zvinhu zvinouraya hazvizovakuvadzi; vachaisa ‘maoko pamusoro pevanorwara vachipona.

25 Uye uyo wose aчатenda muzita rangu, asingapokane, “ndichazadzisa mazwi angu ose kwaari, kana kusvika kumagumo enyika.

26 Uye zvino, tarisai, ndiani angapikisane namabasa aIshe? “Ndiani angarambe mashoko ake? Ndiani achamukira simba guru raIshe? Ndiani achashora mabasa aIshe? Ndiani achashora vana vaKristu? Tarisai, imi mose munova ^bvashori mabasa aIshe, muchashamiswa mukafa.

27 Zvino musashore, musashamiswe, asi teerera kumazwi aIshe, mukumbire Baba muzita raJesu zvinhu zvose zvamunenge muchida. Musakahadzike, asi ivai munotenda, mutangise semumazuva akare, “muuye kuna Ishe ^bnemwoyo yenyu yose, ‘mushandire ruponeso rwenyu nokutya nokudedera pamberi pavo.

28 Ivai “makachenjera muma-

zuva enyu ekuedzwa; zvbivisei tsvina yose; musakumbire, kuti muzozviparadza ^bnhafu yenyu, asi kumbirai makashinga, kuti musakurirwe nezviedzo zvose, kuti muve munoshandira Mwari ‘vapenyu vechokwadi.

29 Muone kuti hamuna kubhabhatidzwa “musingakodzeri; muone kuti hamutore sakaramende yaKristu ^bmusingakodzeri; asi onai kuti munoitava zvinhu ‘mukukodzera, muchiva munozviita muzita raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu; kana mukaita izvi, mukashingirira kusvika kumagumo, hamuzomborasirwa kunze.

30 Tarisai, ndinotaura kwamuri ndichiita kunge ndiri “kutaura ndiri kuvakafa, nokuti ndinoziva kuti muchava nemazwi angu.

31 Musandishore nokuda “kwokusarurama kwangu, kana baba vangu, nokuda kwokusarurama kwavo, kana avo vakanyora shure kwavo; asi kuti tendai kuna Mwari kuti vakakuratidzai kusarurama kwedu, kuti muve munodzidza uchenjeri hwakapfuura zvatange takaita.

32 Uye zvino, tarisai, tanyora chinyorwa ichi maererano noruzivo rwedu, nemavara atinoshedza kuti mavara “matsva echiEgipita, atakatambidzwa

24a Marko 16:17–18.
NKM Chiratidzo.
b Mabasa 16:16–18.
c NKM Kuropafadza vanowara.
25a NKM Zvakazarurwa; Uchapupu.
26a 3 Ni. 29:4–7.
b Zir. 13:13.
27a Moro. 10:30–32.

b Josh. 22:5;
D&Z 64:22, 34.
NKM Mwoyo.
c VaF. 2:12.
28a Jak. 6:12.
b NKM Ruchiva.
c Aruma 5:13.
29a NKM Bhabhatidza—
Kodzero
yerubhabhatidzo.

b I VaKori. 11:27–30;
3 Ni. 18:28–32.
c NKM Anechiremera.
30a Morm. 8:26;
Moro. 10:27.
31a Morm. 8:17;
Eta 12:22–28, 35.
32a 1 Ni. 1:2;
Mosaya 1:4.

nekushandura, maererano nomutauro wedu.

33 Uye dai mahwendefa edu akange ari mahombe zvakakodzera tingadai takanyora muchiHeberu; asi chiHeberu chakapindurwa zvakare nesu; dai takakwanisa kunyora muchiHeberu, tarisai, mungadai musina kuwana chakakangani-swa muzvinyorwa zvedu.

34 Asi Ishe vanoziva zvinhu zvatanyora, uye kuti hakuna vamwe vanhu vanoziva mutauro wedu, zve nekuti hakuna vamwe vanoziva mutauro wedu, nokudaro agadzira “nzira dzekududzirwa kwazvo.

35 Uye zvinhu izvi zvakanyo-

rwa kuti tibvise pambatya dzedu ropa rehama dzedu, vaderera “mukusatenda.

36 Uye tarisai, zvinhu izvi “zvatakada maererano nezvehama dzedu, hongu, nezvekudzorerwa kwavo mukuziva Kristu, zviru maererano neminamoto yavatendi vose avo vakagara munyika ino.

37 Uye Ishe Jesu Kristu ngaave anoita kuti minamoto yavo ive inopindurwa maererano nokutenda kwavo; uye Mwari Baba ngavarangarire chibvumirano icho chavakaita neveimba ya-Israeli; vave vanovakomborera nokusingaperi, nokutenda nezita raJesu Kristu. Amen.

BHUKU RAETA

Zvinyorwa zvemaJaredhi, zvakatorwa pamahwendefa makumi maviri nemana akawanikwa nevanhu vaRimuhai mumazuva amambo Mosaya.

CHITSAUKO 1

Moronai anopfupikisa zvinyorwa zvaEta—Nhorohondo yekuberekwa kwaEta inoitwa—Mutauro wemaJaredhi hauvhiringidzwe paShongwe yeBaberi—Ishe vanovavimbisa kuvatungamirira kunyika yakanaka nekuvaita rudzi rwukuru.

UYE zvino ini “Moronai, ndinoda kuti ndipe rungano

rweavo vagari vepasi chigare vakaparadzwa ^bneruoko rwa-Ishe kubva pamusoro penyika iyi yekuchamhembe.

2 Uye ini ndinotora rungano rwangu kubva pamahwendefa “makumi maviri ane mana akawanikwa nevanhu vaRimuhai, anonzi Bhuku raEta.

3 Uye sezvandinofungidzira kuti chidimu chekutanga chezvinyorwa izvi, chinotaura

34a Mosaya 8:13–18;

Eta 3:23, 28;

D&Z 17:1.

35a 2 Ni. 26:15.

36a Morm. 8:24–26;

D&Z 10:46–49.

[ETA]

1 1a NKM Moronai,

Mwanakomana

waMormoni.

^b Morm. 5:23;

D&Z 87:6–7.

2a Aruma 37:21;

Eta 15:33.

pamusoro pekusikwa kwenyika, naAdamawo, nenhoroonidwo yekubva panguva iyoyo kana kusvika kunguva yepa “shongwe huru, nechose chinhu chakaitika kuvana vevanhu kubvira panguva iyoyo, chiri kumaJuda—
4 Naizvozvo handinyore zvinhu zvakaitika kubvira muma-zuva “aAdama kusvika nguva iyoyo; asi zviripamahwendefa; uye ani zvake anozviwana, iye-ye achawana simba rekuwana rungano rwose rwuzere.

5 Asi tarisai, handizi kupa rungano rwose, asi chidimu cherungano ndicho chandiri kupa, kubvira panguva yepa-shongwe kusvika panguva yavakaparadzwa.

6 Uye muneizvozvi ndimo mandichapa rungano. Uyo akanyora zvinyorwa izvi “ndiEta, uye akanga ari chizvarwa chaKoriando.

7 Koriando aive mwanakomana waMoroni.

8 Uye Moroni aive mwanakomana waEtemu.

9 Uye Etemu aive mwanakomana waAhaha.

10 Uye Ahaha aive mwanakomana waSeti.

11 Uye Seti aive mwanakomana waShibhuroni.

12 Uye Shibhuroni aive mwanakomana waKomu.

13 Uye Komu aive mwanakomana waKoriandumu.

14 Uye Koriandumu aiva mwanakomana waAmunigadha.

15 Uye Amunigadha aive mwanakomana waAroni.

16 Uye Aroni aive wechizvarwa chaHetu, aive mwanakomana waHaritomu.

17 Uye Haritomu aive mwanakomana waRibhi.

18 Uye Ribhi aive mwanakomana waKishi.

19 Uye Kishi aive mwanakomana waKoromu.

20 Uye Koromu aive mwanakomana waRevhi.

21 Uye Revhi aive mwanakomana waKimu.

22 Uye Kimu aive mwanakomana waMoriandoni.

23 Uye Moriandoni aive wechizvarwa chaRipurakishi.

24 Uye Ripurakishi aive mwanakomana waShezi.

25 Uye Shezi aive mwanakomana waHetu.

26 Uye Hetu aive mwanakomana waKomu.

27 Uye Komu aive, mwanakomana waKoriandumu.

28 Uye Koriandumu aiva mwanakomana waEma.

29 Uye Ema aive mwanakomana waOma.

30 Uye Oma aive mwanakomana waShuru.

31 Uye Shuru aive mwanakomana waKibhu.

32 Uye Kibhu aive mwanakomana waOraiha, aive mwanakomana waJaredhi;

33 Ari “Jaredhi uya akauya nemukoma wake nemhuri dzavo, nevamwe vaive nemhuri

3a Omu. 1:22;
Mosaya 28:17;
Hir. 6:28.

4a NEMAMWE MAZWI

zvichisanganisira
nguva imwecheteyo
saGenesi zvisauko
1–10.

6a Eta 12:2; 15:34.
33a NKM Jaredhi.

dzavowo, vachibva pashongwe huru, panguva Ishe ^byavakavhiringa mutauro wevanhu, uye vakapika mukushatirwa kuti vachaparadzirwa ‘pamusoro penyika yose; uye maererano neshoko raIshe vanhu vakapararira.

34 Uye “mukoma waJaredhi ari munhu mukuru ane muviri mukuru uye ari murume akanga adiwa kwazvo naIshe, Jaredhi, mukoma wake, akati kwaari; Chemera kuna Ishe, kuti asativhiringe kuti titadze kunzwa mazwi edu.

35 Uye zvakaitika kuti mukoma waJaredhi akachema kuna Ishe, uye Ishe vakanzwira tsitsi Jaredhi; naizvozvo havana kuvhiringidza mutauro waJaredhi; uye Jaredhi nemukoma wake havana kuvhiringwa.

36 Zvino Jaredhi akati kumukoma wake: Chema zvakare kuna Ishe, uye zvimwe vangabvise hashu dzavo kune shamwari dzedu, kuti vasavhiringe mutauro wavo.

37 Uye zvakaitika kuti mukoma waJaredhi akachema kuna Ishe, uye Ishe vakave netsitsi kushamwari dzavo nemhuri dzavowo, zvekuti havana kuvhiringidzwa.

38 Uye zvakaitika kuti Jaredhi akataura zvakare kumukoma wake, achiti: Enda unobvunza Ishe kuti vachatibvisa munyika here, uye kana vachitibvisa

munyika, chema kwavari kuti tinoenda kupi. Uye ndiani anoziva kuti Ishe vanotitakura vakanotiisa munyika “yakanaka zvikuru kukunda dzimwe dzose? Uye kana zvakadaro, ngativei nerutendo muna Ishe, kuti tigoitambira senhaka yedu.

39 Uye zvakaitika kuti mukoma waJaredhi akachema kuna Ishe maererano neizvo zvakanga zvataurwa nemuromo waJaredhi.

40 Uye zvakaitika, kuti Ishe vakanzwa mukoma waJaredhi, uye vakamunzwira tsitsi, uye vakati kwaari:

41 Enda unounganidza pamwechete matanga ako, dzose hadzi nehono, dzendudzi dzose; nembeu yemuvhu yemarudzi ose; “nemhuri dzako; naJaredhi munin’ina wako nemhuri yake; ^bneshamwari dzakowo nemhuri dzavo, neshamwari dzaJaredhi nemhuri dzavo.

42 Uye kana waita izvi “uchienda uri pamberi pavo modzika kunhika yechekuchamhembe. Uye ikoko ndichasangana newe, uye ndichaenda ndiri ^bmberi kwenyu kunyika ‘yakanaka kupfuura dzose nyika dzepasi.

43 Uye ikoko ndichakuropafadza nembeu yako, uye wondikudzira mbeu yako, nembeu yemunin’ina wako, neavo vachienda newe, rudzi rwukuru. Uye hakuna rumwe rwuchakura kupfuura rudzi rwandichakudza

33b Gen. 11:6-9.
c Mosaya 28:17.
34a NKM Jaredhi,
Mukoma wa.

38a NKM Nyika
yeChipikirwa.
41a Eta 6:20.
b Eta 6:16.

42a 1 Ni. 2:1-2;
Abr. 2:3.
b D&Z 84:88.
c 1 Ni. 13:30.

kwandiri nembeu yako, pamusoro penyika pose. Uye ndizvo zvandichaita kwauri pamusana pekuti wachema kwandiri kwenguva refu iyi.

CHITSAUKO 2

MaJaredhi anogadzirira rwendo rwekuenda kunyika yechipikirwa—Inyika yakanaka zvekuti wose munhu arimo akafanira kushandira Kristu kana kubviswamo—Ishe vanotaura nemukoma waJaredhi kwemaawa anokwana matatu—MaJaredhi vanovaka magwa—Ishe vanobvunza mukoma waJaredhi kuti ataure kuti magwa achaiswa mwenje sei.

UYE zvakaitika kuti Jaredhi nemukoma wake, nemhuri dzavo, neshamwari dzaJaredhi nedzemukoma wake nemhuri dzavo, vakaenda munhika yaive nechekuchamhembe, (uye zita renhika iyi yainzi “Nimirodi, ichinge ichidaidzwa nezita renyanzvi iya yekuvhima) nematanga avo avakanga vaunganidza, hono nehadzi, dzendudzi dzose.

2 Uye vakateyawo ugombe uye vakabata shiri dzemumhepo; uye vakagadzirawo igwa, mavakabatawo hove dzemumvura.

3 Uye vakatakurawo chimwe chinonzi dhezereti, kana izwi iri radudzirwa, rinoreva nyuchi; uye saka vakatakura mikuze

nyenyuchi, nezvimwe zvose zvaiye pamusoro penyika, mbeu dzemarudzi ose.

4 Uye zvakaitika kuti pavakasvika munhika yeNimirodi Ishe vakadzika vakazotaura nemukoma waJaredhi; uye vakanga ari “mugore, uye mukoma waJaredhi haana kuvaona.

5 Uye zvakaitika kuti Ishe vakavaudza kuti vaende murenje, hongu, kudivi kusina kumbenge kwakasvikwa nemunhu. Uye zvakaitika kuti Ishe vakaenda mberi kwavo, uye vakataura navo vamire mukati “megore, uye vachivaudza pekufamba napo.

6 Uye zvakaitika kuti vakafamba murenje, uye vakavaka magwa, avaiyambukisa nawo hova zhinji kwazvo, vari vairatidzwa nguva dzose zvekuita neruoko rwaIshe.

7 Uye Ishe havana kubvuma kuti vamire varimhiri kwegungwa murenje, asi vakada kuti vauye kudakara kusvika “munyika yechipikirwa, yakanga yakanaka kupfuura dzimwe nyika dzose, yakanga yakachengeterwa vakarurama naIshe Mwari.

8 Uye vakanga vapika mukushatirwa kwavo kune mukoma waJaredhi, kuti ani zvake anotora nyika iyi yechipikirwa, kubvira nguva iyoyo uye nariini, akafanira “kuvashandira ivo, Mwari vechokwadi vega, kana kuti ^bvairotsvairwa kana

2 1a Gen. 10:8.
4a Num. 11:25;
D&Z 34:7-9;
Nh—JS 1:68.

5a Eks. 13:21-22.
7a 1 Ni. 4:14.
NKM Nyika
yeChipikirwa.

8a Eta 13:2.
b Jar. 1:3, 10;
Aruma 37:28;
Eta 9:20.

kushatirwa kwavo kuzere kwa-
uya pavari.

9 Uye zvino, tinogona kuwana
mirau yaMwari nezvenyika ino,
kuti inyika yechipikirwa; uye
rudzi rwupi zvarwo rwuchai-
tora rwakafanira kushandira
Mwari, kana vakasadaro, vano-
kukurwa kana hasha dzavo
dzizere dzauya pavari vaibva
mukuipa.

10 Nokuti tarisai, iyi inyika
yakanaka kupfuura dzose dzi-
mwe nyika; nokudaro wose
achaiwana anofanira kushandira
Mwari kana asina anokukurwa;
nokuti murau usingaperi wa-
Mwari. Uye hazviitike dakara
“kuzara kwekuipa pakati pevana
venyika iyi, kuti ^bvakukurwe.

11 Uye izvi zviru kuuya kwa-
muri ^amaJentairi, kuti muzive
mirau yaMwari—kuti mute-
ndeuke, uye musaenderere
mukuipa kwenyu kudakara
kuzara kusvike, kuti musazvi-
unzire hasha dzaMwari dzizere
pamuri sezvinoita vagari ve-
nyika ino kusvika zvino.

12 Tarisai, ino inyika yakana-
ka, uye rudzi rwupi zvarwo
rwuchaitora rwuchagara ^azva-
kasununguka pasina usungwa,
neutapwa, uye vasiri kune
mamwe marudzi ose ari pasi
pedenga, kana vari ^bvanosha-
ndira Mwari venyika, ari iye
Jesu Kristu, uyo akaratidzwa
nezvinhu zvatakanyora.

13 Uye zvino ndinoenda mberi
nezvinyorwa zvangu; nokuti

tarisai, zvakaitika kuti Ishe
akaenda naJaredhi nehama
dzake kugungwa guru riya ri-
noganhura matunhu. Uye pava-
kasvika kugungwa vakadzika
matende avo; uye vakadaidza
nzvimbo iyi kuti Moriangu; uye
vakagara mumatende, uye
vakagara mumatende mujinga
megungwa kwemakore mana.

14 Uye zvakaitika kuti muku-
pera kwemakore mana Ishe
vakauya zvakare kumukoma
waJaredhi, uye vakamira mugore
vakataura kwaari. Uye kwe-
nguva inokwana maawa matatu
Ishe, vakataura nemukoma wa-
Jaredhi, uye ^avakamutsiura pa-
musana pekusarangarira kwake
^bkudaidza zita raIshe.

15 Uye mukoma waJaredhi
akatendeuka pachitadzo chaa-
kanga aita, uye akadaidza zita
raIshe achiitira hama dzake
dzaakanga ainadzo. Uye Ishe
vakati kwaari: Ndichakurege-
rera iwe nehama dzako zvitema
zvavo; asi musazotadza zvaka-
re, nokuti mucharangerira kuti
^aMweya wangu haungagare
nguva dzose ^buchishanda neva-
nhu; nokudaro, kana mukaita
zvitema kudakara maibva na-
zvo zvakazara, muchabviswa
pamberipaIshe. Uye ndidzo pfungwa
dzangu pamusoro penyika
yandichakupai kuti ive nhaka
yenyu, nokuti ichave nyika ^aya-
kanaka kupfuura nyika dzose.

16 Uye Ishe vakati: Enda ku-
basa uye unovaka, sekuvaka

10a 2 Ni. 28:16.

^b 1 Ni. 17:37–38.

11a 2 Ni. 28:32.

12a NKM Rusununguko.

^b Isa. 60:12.

14a NKM Kuranga.

^b NKM Munamoto.

15a Eta 15:19.

^b Gen. 6:3;

2 Ni. 26:11;

Morm. 5:16.

^c Eta 9:20.

kwawakamboita magwa. Uye zvakaitika kuti mukoma wajaredhi akashanda, nehama dzake, uye vakavaka magwa netsika yavakamboavaka nayo, maererano “nokurairwa kwavaiitwa naIshe. Uye akanga ari madiki, uye akanga akareruka mumvura, kana kutoita kureruka sehu-ku iri mumvura.

17 Uye akavakwa netsika yakaita kuti abatanidzwe “zvakasimba chaizvo, kuti agone kubata mvura kunge mudziyo; nepasi pawo pakanga pakasimbawo sepasi pedhishi; nenhivi dzakanga dzakabatana sedzedhishi; uye kwekupedzisira kwacho kwakanga kwakavezwa; uye pamusoro pachopakanga pakabatanidzwa zvakasimba sedhishi; uye urefu hwachohwaive urefu hwemuti; uye gonhi racho, kana razarirwa, raivhara zvakasimba kunge dhishi.

18 Uye zvakaitika kuti mukoma wajaredhi akachema kuna Ishe, achiti: Ishe, ndaita basa ramakati ndiite, uye ndaita magwa sezvamakati ndiaite.

19 Uye tarisai, Ishe, maari hamuna mwenje; ko tingafambe sei? Uye zvakare tichafa, nokuti tiri mukati hatikwanise kufema, kunze kwemweya urimo; saka tichafa.

20 Uye Ishe vakati kumukoma wajaredhi; Tarisai, uchaboora buri pamusoro, nepasi; uye kana mave kuda mweya munodziura buri mobva mawana mweya. Uye kana zvikaita kuti

mapinda mumvura, tarisai, munodziura buri kuti musauraiwa nekunyura mumvura.

21 Uye zvakaitika kuti mukoma wajaredhi akaita saizvozvo, maererano nezvaakanga audzwa naIshe.

22 Uye akachema zvakare kuna Ishe achiti: Imi Ishe, tarisai ndaita sekundituma kwenyu; uye ndagadzira ngarava dzevanhu vangu, uye tarisai hamuna mwenje madziri. Tarisai, imi Ishe, munobvuma here kuti tiyambuke gungwa iri murima?

23 Uye Ishe vakati kune mukoma wajaredhi: Chii chaunoda kuti ndiite kuti mumagwa mako muve nemwenje? Nokuti tarisai, haugone kuita mafafitera, nokuti anopwanywa akaita zvidimu-zvidimu; haufanire kuisa moto, nokuti hamuzi kuzoenda nemwenje wemoto.

24 Nokuti tarisai, muchaita sejeka-wacheka pakati pegungwa; nokuti masaisai anenge makomo achakurovai. Zvakadaro, ndichakunyururai zvakare kubva muudzame hwegungwa; nokuti “mhhepo yakaenda ichitobva mumuromo mangu, uye^b mvura nokuzara kwehova ndini ndakazvituma.

25 Uye tarisai, ndinokugadzirira kuti ukwanisane nezvinhu izvi; nokuti hamungambokwanisa kuyambuka zigungwa iri kunze kwekunge ndatokugadzirirai kuti mukunde masaisai egungwa, nemhepo yakatoenda kare, nokuzara kwehova kuchaya. Naizvozvo chii chaunoda

kuti ndikugadzirire kuti uve nemwenje kana mamedzwa muudzame hwegungwa?

CHITSAUKO 3

Mukoma waJaredhi anoona munwe waIshe zvavanobata matombo gumi nematanhatu—Kristu anoratidza muviri wake wemweya kumukoma waJaredhi—Avo vane ruzivo rwakakwana havagone kuchengetwa vari kunze kwechidzikatidzo—Zvidudziriso zvinopirwa kuitira kuburitsa pachena zvinyorwa zve-maJaredhi.

UYE zvakaitika kuti mukoma waJaredhi, (zvino magwa akanga agadzirwa akanga ave masere) akaenda mugomo, ravaidaidza kuti Sheremu, pamusana pekureba kwaro, ndokubva anamanura pabwe matombo aikwana gumi nematanhatu; uye akange akachena achiringirira, uye achioneka sekunge zviriringiro uye akaatakura ari mumaoko ake ndokuenda pamusoro pegomo, uye ndokuchema zvakare kuna Ishe, achiti:

2 Ishe, imi mataura kuti takafanira kukomberedzwa nemvura yakazara. Zvino tarisai, imi Ishe, uye musashatirirwe muranda wenyu pamusana pekusasimba kwake pamberi penyuru; nokuti tinoziva kuti imi muri mutsvene uye munogara kumatenga, nokuti hatisi chinhu pamberi penyuru; pamusana

“pekuponzika ^btsika yokugara kwedu yave yekutadza nguva dzose; zvakadaro, imi Ishe, makatipa murau wekuti tidaidze kwamuri, kuti kubva kwamuri titambire zviri maererano nezvatinoda.

3 Tarisai Ishe, imi makatirova pamusana pekuipa kwedu, uye mukatitinha, uye kwemakore ose akawanda aya atanga tiri murenje; zvakadaro, manga muchitinzwira “tsitsi. Ishe, imi nditarisei netsitsi, uye mubvise kushatirwa kwenyu kuvanhu venyu ava, uye musabvumire kuti vayambuke udzamu hwakashatirwa uhwu vari murima; asi tarisai zvinhu izvi zvandanyungudutsa kubva mubwe.

4 Uye ndinoziva, imi Ishe, kuti mune “simba rose, uye munogona kuita zvole zvamunoda zvinopundutsa munhu; saka batai matombo aya, imi Ishe, nemunwe wenyu, muagadzire kuti apenye murima; uye achatvhenekera kana tiri mungarava dzatagadzira, kuti tiwane mwenje patichayambuka gungwa.

5 Tarisai Ishe, imi munogona kuzviita izvi. Tinoziva kuti munogona kuratidza simba guru, “rinoita sediki mukusanzwisisa kwevanhu.

6 Uye zvakaitika kuti mukoma waJaredhi ataura mazwi aya, tarisai, “Ishe vakatambanudza ruoko rwavo uye vakabata matombo aya rimwe nerimwe nemunwe wavo. Uye ^bchidzikatidzo

3 2a NKM Kuponzika
kwaAdama naEva.
b Mosaya 3:19.

3a Eta 1:34-43.
4a NKM Simba.
5a Isa. 55:8-9;

1 Ni. 16:29.
6a NKM Jesu Kristu.
b Eta 12:19, 21.

chakabviswa kumaziso emu-koma waJaredhi, uye akaona munwe waIshe; uye wakanga wakaita semunwe wemunhu, wenyama neropa; uye mukoma waJaredhi akawira pasi pamberi paIshe, nokuti akanga arohwa nekutya.

7 Uye Ishe vakaona kuti mukoma waJaredhi akanga awira pasi; uye Ishe vakati kwaari: Simuka, ko wapunzikirei?

8 Uye iye akati kunaIshe: Ndaona munwe waIshe, uye ndikabva ndatya kuti zvimwe angangondirova; nokuti handina kunge ndichiziva kuti Ishe vane nyama neropa.

9 Uye Ishe vakati kwaari: Pamusana perutendo rwako waona kuti ndinotora pandiri “nyama neropa; uye hakuna munhu ati auya kwandiri ane rutendo rwukuru serwaunarwo; nokuti dai pakanga pasina izvozvo hawaikwanisa kuona munwe wangu. Wakaona zvakapfuura izvi here?

10 Uye akapindura achiti: Kwe-te; Ishe, zviratidzei kwandiri.

11 Uye Ishe vakati kwaari: Uchatenda here mazwi andichataura?

12 Uye akapindura: Hongu, Ishe, ndinoziva kuti munotaura chokwadi, nokuti imi muri Mwari vechokwadi, uye “hamun-ganyepe.

13 Uye paakanga ataura mazwi aya, tarisai, Ishe “vakazviratidza kwaari, uye akati: ^bPamusana pekuti unoziva zvinhu izvi wanunurwa mukupunzika; naizvozvo wadzorwa pamberi pangu; naizvozvo ‘ndinozvira-tidza kwaari.

14 Tarisai, ini ndini iyeye akanga akagadzirirwa kubvira pakutanga kwenyika kuti “ndinunure vanhu vangu. Tarisai, ndini Jesu Kristu. Ndini ^bBaba neMwanakomana. Mandiri marudzi ose evanhu achawana ‘upenyu, uye husingapere, kana avo vachatenda muzita rangu; uye vachave ^dvanakomana vangu nevanasikana vangu.

15 Uye handisati ndambozvira-tidza kumunhu wandakasika, nokuti hakuna munhu ati “ambotenda mandiri sekutenda kwawaita. Waona here kuti wakasikwa ^bnomufananidzo wangu? Hongu, vose vanhu vakasikwa pakutanga nemufananidzo wangu.

16 Tarisai, muviri uyu, wawakatarisa iye zvino, muviri “wemweya wangu; uye vanhu ndakavasika nemufananidzo wemuviri wemweya wangu; uye kana zvandiri kuzviratidza kwaari ndiri mumweya ndichazviratidza kuvanhu vangu ndiri munyama.

9a NKM Nyama; Jesu Kristu; Upenyu hwenyama.

12a VaH. 6:18.

13a D&Z 67:10-11.

^b Eno. 1:6-8.

^c NKM Jesu Kristu—Kurama kwaKristu

Asati Azvarwa paNyama.

14a NKM Akanunura; Mununuri.

^b Mosaya 15:1-4.

^c Mosaya 16:9.

^d NKM Vanakomana neVanasikana

vaMwari.

15a NKM Daira.

^b Gen. 1:26-27;

Mosaya 7:27;

D&Z 20:17-18.

16a NKM Mweya.

17 Uye zvino, uye ini, Moronai, ndati handikwanise kuita rungano ruzere rwezvinhu izvi zvakanorwa, naizvozvo zvakanwana kwandiri kuti nditi Jesu akazviratidza kumurume uyu mumweya, kana netsika zve nokufanana kwemuviri mumwecheteyo "sewaakaridza iye kumaNifai.

18 Uye akamudzidzisa kana sekudzidzisa kwaakaita maNifai; uye zvole izvi, zviri zvekuti murume uyu azive kuti ndiMwari, pamusana pemabasa makuru aakanga aratidzwa naIshe.

19 Uye pamusana peruzivo rwemurume uyu haagona kuti asatarise mukati "mechidzikatidzo; uye akaona munwe waJesu, uyu waakati aona, akapuzika nekutya; nokuti akaziva kuti munwe waIshe; uye akabva ave asisina rutendo, nokuti akaziva, pasina kukahadzika.

20 Nokudaro, aine ruzivo rwakanwana urwu rwaMwari, "haaikwaniswa kuti arambidzwe ari kunze kwechidzikatidzo; naizvozvo akaona Jesu; uye akamudzidzisa.

21 Uye zvakaikaitika kuti Ishe vakati kumukoma waJaredhi: Tarisai, usazobvumira kuti zvinhu izvi zvawaona nezvawanza kuti zviende munyika, kudakara "nguva yasvika yekuti ndirumbidze muviri wangu munyama; nokudaro, uchakoshesa zvinhu zvawaona

nezvawanza, uye usina munhu waunozviratidza.

22 Uye tarisai, kana wauya kwandiri, uchazvinyora uye wozvinama, kuti pashaye angazvidudzire; nokuti uchazvinyora nechirudzi chavasingagone kuverenga.

23 Uye tarisai, matombo "muviri aya ndinokupa, uye uchaa namira pamwechete nezvinhu zvauchanyora.

24 Nokuti tarisai, chirudzi chauchanyora ndakachivhiringa; nokudaro ndichaita kuti munguva yangu matombo aya aratidze kumaziso evanhu zvinhu izvi zvauchanyora.

25 Uye Ishe pavakanga vataura mazwi aya, vakaratidza mukoma waJaredhi vanhu "vole vakambenge vagere munyika, neavo vole vakanga vachizouya; uye havana kuvavanza kumaziso ake, kana kusvika kumagumo kwenyika.

26 Nokuti vakambenge vati kwaari, "kana ^bakatenda kwavari vaikwanisa kuzomuratidza zvinhu ^czvole — zvakananira kuratidzwa kwaari; naizvozvo Ishe havaimurambidza kuona kana chimwe chinhu, nokuti aiziva kuti Ishe vaikwanisa kumuratidza zvinhu zvole.

27 Uye Ishe vakati kwaari: Nyora zvinhu izvi "uzvina; uye ndichazviratidza munguva yangu ini kuvana vevanhu.

28 Uye zvakaikaitika kuti Ishe vakamuudza kuti anamire

17a 3 Ni. 11:8-10.
19a NKM Chidzitiro.
20a Eta 12:19-21.
21a Eta 4:1.

23a NKM Urimi
neTumimi.
25a Mos. 1:8.
26a Eta 3:11-13.

^b NKM Daira.
^c Eta 4:4.
27a 2 Ni. 27:6-8.

“matombo maviri aakanga atambira, arege kuaratidza, kudakara Ishe vaaratidza kuvana vevanhu.

CHITSAUKO 4

Moronai anoudzwa kuti aname zvinyorwa zvemukoma waJaredhi—Hazvizoiswa pachena kudakara vanhu vave nerutendo rwunenge rwemukoma waJaredhi—Kristu anoudza vanhu kuti vatende mazwi ake neayo evadzidzi vake—Vanhu vanoudzwa kuti vatendeuke, vatende vhangeri, uye vaponeswe.

UYE Ishe vakaudza mukoma waJaredhi kuti aburuke kubva mugomo nepamberi paIshe, uye “anonyora zvinhu zvaakanga aona; uye zvikarambidzwa kuti zviuye kuvana vevanhu ^bkudakara mushure mekunge aturikwa pamuchinjikwa; nechikonzero ichi zvakachengetwa namambo Mosaya, kuti zvisa-uye munyika kudakara Kristu azviratidza pachake kuvanhu vake.

2 Uye mushure mekunge Kristu zvechokwadi azviratidza iye pachake kuvanhu vake akataura kuti zvichiburitswa pachena.

3 Uye zvino, mushure maizvozvo, vose vaderera mukusatenda; uye hakuna vamwe kunze kwemaRamani, uye vakaramba vhangeri raKristu;

naizvozvo ndataurirwa kuti “ndizvivige zvakare muvhu.

4 Tarisai, ndanyora pamahwende aya zvinhu chaizvo zva-kaonekwa nemukoma waJaredhi; uye hakuna zvimwe zvinhu zvingave zvikuru pane zvinhu zvakaratiidzwa kupfuura izvo zvakaratiidzwa kumukoma waJaredhi.

5 Nokudaro Ishe vandiudza kuti ndizvinyore; uye ini ndazvinyora. Uye vandiudza kuti “ndizviname; uye vandiudzawo kuti ndiname nedudziro yacho; nokudaro ndanamira ^bnezvidudziriso, maererano nemurairo waIshe.

6 Nokuti Ishe vakati kwandiri: Hazvizoenda kumaJentairi kudakara zuva ravanenge vate-ndeuka kubva muzvitadzo zvavo, uye vave vakachena pamberi paIshe.

7 Uye muzuva iroto vachashandisa rutendo mandiri, vanodaro Ishe, kana sezvakaita mukoma waJaredhi, kuti vagoitwa kuti vave “vatsvene mandiri, zvino ndipo pandinozovaratidza zvinhu zvakaonekwa nemukoma waJaredhi, kana nekuvapfunzunurira zvose zvazakarurwa zvangu, anodaro Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, ^bBaba wematenga newenyika, nezvinhu zvose zvirimo.

8 Uye uyo “anorwisana neshoko raIshe, iyeye ngaave akatukwa; uye uyo ^bacharamba

28a D&Z 17:1.

4 1a Eta 12:24.

NKM Magwaro matsvene.

^b Eta 3:21.

3a Morm. 8:14.

5a Eta 5:1.

^b D&Z 17:1; Nh—JS 1:52.

NKM Urimi

neTumimi.

7a NKM Kutsveneswa.

^b Mosaya 3:8.

8a 3 Ni. 29:5–6;

Morm. 8:17.

^b 2 Ni. 27:14; 28:29–30.

zvinhu izvi, iyeye ngaatukwe; nokuti kwavari ^chandiratidze zvinhu zvikuru, anodaro Jesu Kristu; nokuti ndini ndiri kutaura.

9 Uye nekutaura kwangu matenga anozaruka uye ^aachipfigwa; uye nezwi rangu ^bnyika ichadedera; uye ndikataura vagari vemo vachafa, sekunge nemoto.

10 Uye uyo asingatende mazwi angu haatende vadzidzi vangu; uye kana zvikave zvekuti handitaure, tongai imi; nokuti muchaziva kuti ndini ndiri kutaura, muzuva ^arekupedzisira.

11 Asi uyo ^aanotenda zvinhu zvandataura izvi, iyeye ndichamushanyira nezviratidzo zveMweya wangu, uye achaziva agozvichengeta. Nokuti pamusana peMweya wangu ^bachaziva kuti zvinhu izvi ^cndezechokwadi; nokuti unoita kuti vanhu vaite zvakanaka.

12 Uye chose chinoita kuti vanhu vaite zvakanaka ndeche kwangu; nokuti ^akunaka kunobva pasina kumwe kunze kwekwandiri. Ndini wakare anotungamira vanhu kune zvakanaka zvose; uyo ^basingatende mazwi angu haangatende ini—kuti ndini; uye asingatende ini haangatende Baba vakandituma. Nokuti tarisai, ndini Baba, ndini

^cchiedza, ^aneupenyu, nechokwadi chenyika.

13 ^aUyai kwandiri, imi majentairi, uye ndikuratidzei zvinhu zvikuru, ruzivo rwakavigwa pamusana pekusatenda.

14 Uyai kwandiri, imi vema yaIsraeri, uye ^azvicharatidzwa kwamuri kuti kune zvikuru zvakadzi zvamakachengeterwa naBaba, kubvira pakutanga kwenyika; uye hazvisati zvauya kwamuri, pamusana pekusatenda.

15 Tarisai, kana matsemura icho chidzikatidzo chekusatenda chinoita kuti murambe muri mukusatenda kwenyu nokuipa kwenyu, noukukutu hwe-mwoyo, neupofu hwepfungwa, ndipo pachati zvinhu zvikuru zvinoshamisa zvanga ^azvakavigwa kubvira mukutanga kwenyika—hongu, pamuchadaidza Baba muzita rangu, nemwoyo wakatyoka nemweya wakapfava, ndipo pamuchazoziva kuti Baba vakayeuka chibvumirano chavakaita kumadzibaba enyu, imba yaIsraeri.

16 Uye ipapo ndipo pachati ^azvazururwa zvangu zvandakaita kuti zvinyorwe nemuranda wangu Johane kuti zvichipetenurwa mumaziso evanhu vose. Yeukai, kana moona zvinhu izvi, muchaziva kuti nguva

8c Aruma 12:10–11;
3 Ni. 26:9–10.

9a I Madz. 8:35;
D&Z 77:8.

b Hir. 12:8–18;
Morm. 5:23.

10a 2 Ni. 33:10–15.

11a D&Z 5:16.

b NKM Uchapupu.

c Eta 5:3–4;
Moro. 10:4–5.

12a Aruma 5:40;
Moro. 7:16–17.

b 3 Ni. 28:34.

c NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.

d Joh. 8:12;

Aruma 38:9.

13a 3 Ni. 12:2–3.

14a D&Z 121:26–29.

15a 2 Ni. 27:10.

16a Zvaka. 1:1;

1 Ni. 14:18–27.

yave pedyo yekuti zvichiburitswa kwose.

17 Naizvozvo, “apo muchagashira zvinyorwa izvi munobva maziva kuti basa raBaba ratanga pamusoro penyika yose.

18 Naizvozvo, “tendeukai imi muri mumativi ose enyika, uye muuye kwandiri, uye mutende muvhangeri rangu, uye ^bmubhabhatidzwe muzita rangu; nokuti uyo achatenda uye akabhabhatidzwa achapona; asi uyo asingatende acharaiswa; uye ^czviratidzo zvichatevera avo vanotenda muzita rangu.

19 Uye akaropafadzwa uyo anowanikwa aine “rutendo muzita rangu muzuva rekupedzisira, nokuti achasimudzwa kunogara muumambo hwaakagadzirirwa ^bkubvira mukutanga kwenyika. Uye tarisai ndini ndazviture. Amen.

CHITSAUKO 5

Vapupuri vatatu nebasa pacharo zvichamira seuchapupu hwechokwadi cheBhuku raMormoni.

UYE zvino ini Moronai, ndanyora mazwi andakaudzwa, maererano nendangariro yangu; uye ndakakutaurirai zvinhu

“zvandakanama; naizvozvo musazvibate, nokuda kwokuti muzvidudzire; nokuti chinhu ichocho muri kuchirambidzwa, kunze kwekunge kana pava paye zvafanira kuna Mwari.

2 Uye tarisai, mungangopundutswa mukaratidza mahwendefa aya kune “avo vachayamura kuburitsa basa iri.

3 Uye “kuvatatu vacharatidzwa nesimba raMwari; nokudaro ^bvachaziva zvirokwazvo kuti zvinhu izvi ‘ndezvechokwadi.

4 Uye mumiro “yevapupuri vatatu zvinhu izvi zvichataurwa; uye uchapupu hwevatatu, nebaso rino, umo mucharatidzwa simba raMwari neshokoravo, iro rinoti Baba neMwanakomana, neMweya Mutsvene vanopupura—uye zvose izvi zvichamira seuchapupu hucharovera nyika musi wekupedzisira.

5 Uye kana zvikadaro kuti vanotendeuka uye “vakauya kuna Baba muzita raJesu, vachagashirwa muumambo hwaMwari.

6 Uye zvino, kana ndisina simba rezvinhu izvi, tongai; nokuti muchaziva kuti ndine simba pamuchandiona, uye tichamira pamberi paMwari musi wekupedzisira. Amen.

17a 3 Ni. 21:1–9, 28.

18a 3 Ni. 27:20;

Moro. 7:34.

^b Joh. 3:3–5.

NKM Bhabhatidza—
Zvinofanira.

^c NKM Zvipo
zveMweya.

19a Mosaya 2:41;

D&Z 6:13.

NKM Jesu Kristu—

Kutora Zita raJesu
Kristu paTiri.

^b 2 Ni. 9:18.

5 1a 2 Ni. 27:7–8, 21;

Eta 4:4–7.

2a 2 Ni. 27:12–14;

D&Z 5:9–15.

3a 2 Ni. 11:3; 27:12.

^b D&Z 5:25.

^c Eta 4:11.

4a Ona musoro wenyaya

wechikamu 17

cheD&Z uye ndima
1–3; Onazve

Huchapupu

hweVapupuri Vatatu
huri mumapeji

emavambo muBhuku
raMormoni.

5a Morm. 9:27;

Moro. 10:30–32.

CHITSAUKO 6

Magwa emajaredhi anofambiswa nemhepo kuenda kunyika yechipikirwa— Vanhu vanorumbidza Ishe nokunaka kwavo— Oraiha anoitwa mambo wavo— Jaredhi nemukoma wake vanofa.

UYE zvino ini Moronai, ndinoenderera nokupa zvinyorwa zvaJaredhi nemukoma wake.

2 Nokuti zvakaitika kuti Ishe vakanga vagadzira “matombo akakwira mugomo nemukoma waJaredhi, mukoma waJaredhi akaburuka mugomo, uye akaisa matombo aya mungarava dzakanga dzagadzirwa, rimwechete nhivi nenhivi; uye tarisai, akapa chiedza mungarava.

3 Uye saka Ishe vakaita kuti matombo apenye murima, kuti avhenekere varume, vakadzi, nevana, kuti vasayambuke mvura dzegungwa guru murima.

4 Uye zvakaitika kuti zvavakanga vagadzirira zvose zvekudya zvakasiyana-siyana, kuti vagozozviriritira vave mumvura, nezvekudya zvezvipfuyo zvavo, nezvemhuka kana mombe kana huku kana shiri ipi zvayo yavakatakura— uye zvakaitika kuti pavakanga vaita zvose zvinhu izvi vakapinda mumagwa kana kuti ngarava dzavo, uye ndokubva vapinda mugungwa, vachizviisa kuna Ishe Mwari vavo.

5 Uye zvakaitika kuti Ishe Mwari vakaita kuti kuuye

mhepo yedutu ine “hasha mu mvura, yakananga kunyika yechipikirwa; uye saka vakandwa uko nokoko mumasaisai egungwa nemhepo.

6 Uye zvakaitika kuti kazhinji vaifusirwa muudzamu hwegungwa, pamusoro pemasaisai ainge makomo aivanyudza, nedutu raikonzerwa nemhepo yaityisa.

7 Uye zvakaitika kuti pavainge vafushirwa pasi pemvura hakuna mvura yaivakuvadza, nokuti ngarava dzavo dzainge “dzakasimba sedhishi, uye dzakanga dzakasimba ^bsengarava yaNoa; naizvozvo vaiti kana vakomberedzwa nemvura vachema kuna Ishe wavo, uye iye ovaburitsa ovaisa pamusoro pemvura zvakare.

8 Uye zvakaitika kuti mhepo haina kumborega kuvhuvhuta nechekunyika yechipikirwa nguva yose yavaive mugungwa; uye saka vakanga vachifambiswa nemhepo.

9 Uye “vaiimba vachirumbidza Ishe; hongu, mukoma waJaredhi aiimba kurumbidza kwake kuna Ishe, uye ^baitenda nokurumbidza Ishe muswere wose wezuva; uye kana hwave usiku, vaisamira kurumbidza Ishe.

10 Uye ndikokufambiswa kwavakaitwa; uye hakuna chikara chemugungwa chaigona kuvatyora, hakuna kana jekawacheka raigona kuvakanganisa; uye vaine neruvheneko nguva dzose,

6 2a Eta 3:3–6.
5a Eta 2:24–25.
7a Eta 2:17.

^b Gen. 6:14;
Mos. 7:43.
9a NKM Imba.

^b I Mak. 16:7–9;
Aruma 37:37;
D&Z 46:32.

kana dai vaive pasi pemvura uye kana pamusoro pemvura.

11 Uye ndiko kufambiswa kwavakaitwa, mazuva mazana matatu ane makumi mana nemazuva mana vari mumvura.

12 Uye vakasvika munyika yechipikirwa. Uye pavakanga vatsika pavhu renyika yechipikirwa vakakotama pamusoro penyika, uye vakazvirereka pamberi paIshe, uye vakachema misodzi yerufaro pamberi paIshe, pamusoro pekuwanda kwetsitsi dzavo kwavari.

13 Uye zvakaitika kuti vakaeenda pamusoro penyika, uye vakatanga kurima ivhu.

14 Uye Jaredhi akaita vanakomana vana; uye vainzi Jakomu, naGiriga, uye Maha, naOraiha.

15 Uye nemukoma waJaredhi akaberekawo vanakomana nevanasikana.

16 Uye “shamwari dzaJaredhi nemukoma wake vaikwana mweya yaisvika makumi maviri nemiviri; uye vakaitawo vanasikana nevanakomana vasati vauya kunyika yechipikirwa; naizvozvo vakatanga kuwanda.

17 Uye vakadzidziswa “kufamba vakazvirereka pamberi paIshe; uye ^bvaidzidziswa kubva kumusoro.

18 Uye zvakaitika kuti vakatanga kupararira nenyika, nokuwanda nekurima minda; uye vakasimba munyika.

19 Uye mukoma waJaredhi akatanga kukwegura, uye akona kuti akange ave pedyo

nokuenda kuguva; nokudaro akati kuna Jaredhi: Ngatiunganidze vanhu vedu kuti tivaverenge, kuti tigoziva kwavari kuti vanoda kuti tivaitirei tisati taenda kumakuva edu.

20 Uye naizvozvo vanhu vakungandzwa pamwechete. Zvino uwandu hwevanakomana nevanasikana vemukoma waJaredhi hwaive mweya makumi maviri anemiviri; uye uwandu hwevanakomana nevanasikana vaJaredhi, hwaive gumi nevaviri, iye aive nevanakomana vana.

21 Uye zvakaitika kuti vakaverenga vanhu ava; uye mushure mekunge vavaverenga, vakavakumbira zvinhu zvavaida kuti vavaitire vasati vaenda pasi kumakuva avo.

22 Uye zvakaitika kuti vanhu vakavakumbira kuti mumwe wevanakomana vavo “agadzwe kuti ave mambo pamusoro pavo.

23 Uye zvino tarisai, izvi zvinhu zvaisuwisa kwavari. Uye mukoma waJaredhi akati kwavari: Chokwadi chinhu ichi “chinokapinza muutapwa.

24 Asi Jaredhi akati kumukoma wake; Vabvumire vave namambo. Uye naizvozvo akati kwavari: Sarudzai imi pakati pevanakomana vedu mambo, kana wamunenge mada.

25 Uye zvakaitika kuti vakasarudza dangwe remukoma waJaredhi; uye zita rake ainzi Pagagi. Uye zvakaitika kuti akaramba kuti ave mambo wavo. Uye vanhu vakada kuti baba

16a Eta 1:41.

17a NKM Famba, Famba naMwari.

^b NKM Zvakazarurwa.

22a NKM Zodza.

23a I Sam. 8:10–18;

Mosaya 29:16–23.

vake vamutunhe, asi baba vake vakaramba; uye akavaudza kuti havafanire kutunha munhu kuti ave mambo wavo.

26 Uye zvakaitika kuti vakasarudza vose vanin'ina vaPaga-gi, uye vakaramba.

27 Uye zvakaitika kuti kana vana vaJaredhi vakaramba, kana vose kunze kwemumwechete; uye Oraiha akazodzwa kuti ave mambo wevanhu.

28 Uye akatanga kutonga, uye vanhu vakatanga kubudirira; uye vakapfuma zvikuru.

29 Uye zvakaitika kuti Jaredhi akafa, nemukoma wakowo.

30 Uye zvakaitika kuti Oraiha aifamba akazvirereka pamberi paIshe, uye akarangarira zvinhu zvikuru zvakaitirwa baba vake naIshe, uye akadzidzisawo vanhu vake kuti Ishe vakanga vaitira madzibaba avo zvinhu zvikuru sei.

CHITSAUKO 7

Oraiha anotonga mukururama— Pakati pekubvutirana masimba nekunetsana, kunomiswa umambo hunokukwikwidzana hwaShuru naKoho— Vaporofita vanotuka huipi hwevanhu nekunamata zvoifananidzo kwevanhu, avo vanobva vatendeuka.

UYE zvakaitika kuti Oraiha akatonga nyika mukururama mazuva ake ose, mazuva ake akanga akawanda zvikuru.

2 Uye akabereka vanakomana nevanasikana; hongu, akabereka

makumi matatu nemumwechete, pakati pavo paive nevakomana makumi maviri nevatatu.

3 Uye zvakaitika kuti akaberekawo Kibhu atokwegura. Uye zvakaitika kuti Kibhu akatonga munzvimbo yake; uye Kibhu akabereka Koriho.

4 Uye Koriho paakanga ave nemakumi matatu emakore ane makore maviri, akapandukira baba vake, akaenda kunogara kunyika yeNehoi; uye akabereka vanakomana nevanasikana, uye vakanga vakanakisa zvikuru; nokudaro Koriho akakwezvera vanhu vazhinji kwaari.

5 Uye zvaakanga aunganidza mauto pamwechete akauya kunyika yaMoroni kwaigara mambo, uye ndokubva amutura senhapwa, zvakaita kuti "chirevo chemukoma waJaredhi chekuti vachaiswa muutapwa, chizadzikiswe.

6 Zvino nyika yaMoroni, maigara mambo, yaive pedyo nenyika yaidaidzwa kuti Kuparadzwa namaNifai.

7 Uye zvakaitika kuti Kibhu akagara muutapwa, nevanhu vake vari pasi paKoriho mwana komana wake, kudakara akwegura zvikuru; zvakadaro Kibhu akabereka Shuru muhara hwa hwake, achiri muutapwa.

8 Uye zvakaitika kuti Shuru akashatirirwa mukoma wake; uye Shuru akaita simba, uye akave mukuru nesimba rechirume; uye akanga ari mukuru kana mukutonga.

9 Nokudaro, akauya kuchikomo

chainzi Efraimi, akanyungudu-tsa simbi muchikomo umu, akapfura minondo akaipa kune avo vaakanga akwezva; uye mushure mekunge avapa minondo akadzokera kuguta reNehoi; uye ndokurwisa mukoma wake Koriho, iri iyo nzira yaakatora nayo umambo achibva ahudzorerera kuna baba vake Kibhu.

10 Uye zvino pamusoro pechinhu chakanga chaitwa naShuru, baba vake vakapa iye umambo; saka akatanga kutonga munzvimbo yababa vake.

11 Uye zvakaitika kuti akatonga mukururama; uye akaparadzira umambo hwake pamusoro penyika yose, nokuti vanhu vakanga vawanda zvikuru.

12 Uye zvakaitika kuti Shuru akabereka vana vakawanda vakomana nevasikana.

13 Uye Koriho akatendeuka kubva kuzvitema zvake zvaakanga aita; nokudaro Shuru akamupa simba muumambo hwake.

14 Uye zvakaitika kuti Koriho akanga aine vanakomana nevasikana vazhinji. Uye pakati pevanakomana vaKoriho paive nemumwe ainzi Noa.

15 Uye zvakaitika kuti Noa akapandukira Shuru, mambo, nababa vakewo Koriho, uye ndokubva akwezva mukoma wake Koho, nehama dzake dzose nevakawanda vevanhu.

16 Uye ndokubva arwisa Shuru, mambo, ndokutora nyika yenhaka yavo yekutanga; uye akave mambo kuchidumu che-nyika ichocho.

17 Uye zvakaitika kuti aka-

rwisa Shuru zvakare, mambo; uye akatora Shuru, mambo, akamutakura senhapwa akaenda naye kuMoroni.

18 Uye zvakaitika kuti paakanga ave kuda kumuuraya, vana vaShuru vakanyangira vakapinda mumba maNoa usiku vakamuuraya, uye vakatyora gonhi retirongo vakaburitsa baba wavo, uye vakamuisa pachigaro chake muumambo hwake.

19 Nokudaro, mwana waNoa akavaka umambo hwake munzvimbo yake; zvakadaro havana kuzowana simba zvakare pamusoro pamambo Shuru, uye vanhu vaive pasi pamambo Shuru vakafambira mberi zvikuru uye vabudira zvikuru.

20 Uye nyika yakanga yakagovaniswa; uye maive neumambo huviri, umambo hwaShuru neumambo hwaKoho, mwanakomana waNoa.

21 Uye Koho, mwanakomana waNoa, akaita kuti vanhu vake varwise Shuru, mukumurwisa uku Shuru akavakunda akauraya Koho.

22 Uye zvino Koho aive nemwanakomana ainzi Nimirodi; uye Nimirodi akapa nyika youmambo hwaKoho kuna Shuru, uye akadiwa mumaziso aShuru; nokudaro Shuru akamuitira zvinhu zvakanaka zvizhinji, uye akaita zvaanoda munyika youmambo hwaShuru.

23 Uye munguva yekutonga kwaShuru kwakauya vaporofita mukati mevanhu, vaitumwa kubva kuna Ishe, vachiporofita kuti uipi nekunamata zvfana-

midzo kwevanhu kwave kuunza kutukwa kwenyika, uye vachaparadzwa kana vasina kute-ndeuka.

24 Uye zvakaitika kuti vanhu vakatunga vaporofita, uye vachivaseka. Uye zvakaitika kuti mambo Shuru akaisa murau unopa vose waituka vaporofita mhosva.

25 Uye akaisa mutemo munyika yose, waipa simba kuva-
porofita kuti vaende kwose kwavaida; nenzira yekudaro vanhu vakauya mukutendeuka.

26 Uye pamusana pekuti vanhu vakatendeuka muzvitema zvavo nekunamata zvifanandzo Ishe vakavaregerera, uye vakatanga kubudirira zvakare munyika. Uye zvakaita kuti Shuru akabereka vanakomana nevanasikana mukukwegura kwake.

27 Uye kwakange kuisina hondo mumazuva aShuru; uye akarangarira zvinhu zvikuru zvakaitirwa madzibaba ake naIshe mukuvayambutsa “mhiri kwamakungwa nokuvasvitsa kunyika yechipikirwa; nokudaro akatonga nekururama mazuva ake ose.

CHITSAUKO 8

*Mune kunetsana nekupesana pamusoro peumambo—Akishi anoita chikwata chemuruvande chine chitsidzo chekukuraya mambo—Zvikwata zveumuruvande ndezvadhia-
bhorosi uye zvinokonzera kuparadzwa kwemarudzi—Ma-*

*Jentairi emazuva ano vanoyambi-
rwa nezvezvikiwata zveumuruvande
zvinotsvaka kutora rusununguko
rwenyika dzose, marudzi, nenyika.*

UYE zvakaitika kuti akabereka Oma, uye Oma akatonga munzvimbo yake. Uye Oma akabereka Jaredhi; uye Jaredhi akabereka vanakomana nevanasikana.

2 Uye Jaredhi akapandukira baba vake, akauya kuzogara munyika yaHetu. Uye zvakaitika kuti akanyengedza vanhu vazhinji, pamusana pemazwi ake anonyengedza, kudakara awana chikamu cheumambo.

3 Uye awana chikamu cheumambo akarwisa baba vake, uye akatakura baba vake muutapwa, uye akavaita kuti vashande muutapwa.

4 Uye zvino, mumazuva ekutonga kwaOma akanga ari muutapwa chikamu chemazuva ake. Uye zvakaitika kuti akabereka vanakomana nevanasikana pakati pavo paive naEsromi naKorianduma;

5 Uye vakashatirwa zvikuru nekuita kwemukoma wavo Jaredhi, zvekuti vakaunganidza mauto vakarwisa Jaredhi. Uye zvakaitika kuti vakamurwisa usiku.

6 Uye zvakaitika kuti pavakanga vauraya mauto aJaredhi vakanga vave kuda kumuuraya iyewo; uye akavakumbira kuti vasamuuraye, uye akati aizopa umambo kuna baba vake. Uye zvakaitika kuti vakamupa upe-nyu hwake.

7 Uye zvino Jaredhi akasuwa zvikuru pamusana pekurasiki-
rwa neumambo, nokuti akanga
aisa mwoyo wake paumambo
nembiri yenyika.

8 Zvino mwanasikana waJare-
dhi semunhu akanga akache-
njera zvikuru, uye achiona
kusuwa kwababa vake, akafu-
nga zano rekuti agogona kudzo-
rera umambo kuna baba vake.

9 Zvino mwanasikana waJare-
dhi akanga akanakiswa zvikuru.
Uye zvakaitika kuti akataura
nababa vake, uye akati kwavari:
Sei baba vangu vakasuwa zva-
kadai? Havana kuverenga here
zvinyorwa zvakauya namadzi-
baba edu kubva mhiri kwema-
kungwa? Tarisai, hamuna ru-
ngano here nezvevekare ivavo,
zvekuti vaiwana umambo neku-
ronga “muruvande zvaivaitisa
mbiri?

10 Uye zvino, naizvozvo
baba vangu ngavadaidze Aki-
shi, mwanakomana waKimuno;
uye tarisai, ini ndakanakisa,
uye “ndichatamba pamberi
pake, uye ndichamufadza, zve-
kuti anozoda kuti ndive muka-
dzi wake; nokudaro kana
akukumbirai kuti ndive muka-
dzi wake, zvino imi muchati:
Ndinomupa kwauri kana wau-
ya nemusoro wababa vangu,
mambo.

11 Uye zvino Oma aive sha-
mwari yaAkishi; nokudaro,
Jaredhi paakadaidza Akishi,
mwanasikana waJaredhi aka-
tamba pamberi pake zvekuti

akamufadza, zvekuti akamu-
kumbira kuti ave mukadzi wake.
Uye zvakaitika kuti akati kuna
Jaredhi: Mupe kwandiri ave
mukadzi wangu.

12 Uye Jaredhi akati kwaari:
Ndichamupa kwauri, kana uka-
uya kwandiri nemusoro wababa
vangu, mambo.

13 Uye zvakaitika kuti Akishi
akaunganidza mumba ma-
Jaredhi vanhu vake vose, akati
kwavari: mungapike kwandiri
here kuti muchavimbika kwa-
ndiri muchinhu chandiri kuda
kwamuri?

14 Uye zvakaitika kuti vose
“vakapika kwaari, naMwari
vari kudenga, nematengawo,
nairo ivhuwo, nemisoro yavo,
kuti uyo anenge abva muruya-
muro rwaidiwa naAkishi ano-
dimurwa musoro; uye kana
uyo anozotaura chinhu chipi
zvacho chavanenge vaudzwa
naAkishi, iyeye anorasikirwa
neupenyu hwake.

15 Uye zvakaitika kuti ndikwo
kubvumirana kwavakaita na-
Akishi. Uye Akishi akavaitisa
“mhiko zvaitiswa vakare vai-
nge vachitsvagawo masimba,
zvakange zvakagashidzanwa
kubvira kuna ^bKaini, akanga
ari mhondi kubvira pakutanga.

16 Uye zvachachengetwa nesim-
ba radhiabhorosi kuti zvigoi-
tiswa vanhu izvi zvitsidzo,
kuti vagare vari murima, kuya-
mura avo vaitsvaka simba kuti
vawane simba, nokuponda, no-
kupwanya, nokunyepa, nokuita

8 9a 3 Ni. 6:28;
Hir. 6:26–30;
Mos. 5:51–52.

10a Marko 6:22–28.
14a NKM Kutaura zvisina.
15a NKM Chitsidzo.

^b Gen. 4:7–8;
Mos. 5:28–30.

zvakaipa zvakasiyana-siyana neupombwe.

17 Uye aive mwanasikana wa-Jaredhi akazviisa mumwoyo make kuti atsvake zvinhu izvi zvakare; uye Jaredhi akazviisa mumwoyo maAkishi; nokudaro, Akishi akazviita kuhama dzake neshamwari, achivavimbisa zvinhu zvakana kuti vaite chinhu chose chainge avakumbira.

18 Uye zvakaitika kuti vakavamba “chikwata chemuruvande, kana zvaitwa nevekare; chikwata ichi chinova chakashoreka nekuipa kupfuura zvose, mumaziso aMwari;

19 Nokuti Mwari havashande muzvikwata zvemuruvande, havadi kana kuti munhu adeure ropa, uye muzvinhu zvose akazvirambidza, kubvira pakutanga kwemunhu.

20 Uye zvino ini, Moronai, handinyore maitirwo ezvitsidzo zvavo nezvikwata zvavo, nokuti ndakaziviswa kuti zviri mukati mevanhu vose, uye zviri kuma-Ramani.

21 Uye vakakonzera “kuparadzwa kwevanhu ava vandiri kutaura nezvavo zvino, zvakare nokuparadzwa kwevanhu va-Nifai.

22 Uye rudzi rwose zvarwo rwuchatsigira zvikwata izvi muruvande, kuti vawane simba nokuwana, kudakara zvapararira nerudzi, tarisai, vachaparadzwa; nokuti Ishe havazobvumira kuti “ropa revatendi vavo, richadeurwa navo, rigare

richichema kwavari kubva pasi kuti ^bvatsividze uye ivo vasingavatsividze.

23 Nokudaro, imi maJentairi, kuda kwaMwari kuti zvinhu izvi zviratidzwe kwamuri, kuti ipapo mugotendeuka muzvitema zvenyu, uye musabvumire kuti zvikwata zveumhondi izvi zvive pamusoro penyu, zvakaitirwa kutora simba nekuwana “upfumi—uye nebasa, hongu, kana nebasa rekuparadzwa richauya pamuri, hongu, kana munondo wekuranga kwaMwari Vokusingaperi vachawira pamuri, zvinoita kuti mukurirwe nokuparadzwa kana mukabvumira kuti zvinhu izvi zvivepo.

24 Nokudaro, Ishe vakakutaurirai, kana mave kuona zvinhu izvi zvichiuya pakati penyu kuti muchamuka kuti muone kuti muri muzvinhu zvakaipa, pamusana pechikwata chemuruvande chinenge chave mukati menyu; kana kuti nhamo kwachiri, pamusoro peropa reavo vakauraiwa; nokuti vanochema kubva muguruva kuti vatsividze pachiri, nepane avo vakachiita.

25 Nokuti zvinoitika kuti uyo wose anovaka chikwata ichi ari kutsvaka kupunza “rusununguko rwenyika dzose, marudzi, nenyika; uye zvinoita kuti kuve nekuparadzwa kwevanhu vose, nokuti chakavakwa nadhiahborosi, anova ndiye baba we-nhema dzose; kana uye iyeye

18a NKM Huranganwa hwemuruvande.
21a Hir. 6:28.

22a Morm. 8:27, 40–41.
b NKM Kutsividza.
23a 1 Ni. 22:22–23;

Mos. 6:15.
25a NKM Kusununguka.

munyepi mumwecheteyo ^bakanyengedza vabereki vedu vekutanga, hongu, kana iyeye munyepi mumwecheteyo akakonzera kuti munhu aponde kubvira pakutanga; akaomesa mwoyo yevanhu kuti vaponde vaporofita, uye vakavatemala nemabwe, nekuvatandanisira kunze kubvira pakutanga.

26 Nokudaro, ini Moronai, ndataurirwa kuti ndinyore zvinhu izvi kuti kuipa kubviswe, nokuti kuchasvika nguva yekuti Satani ^aachashaya simba mwoyo yevana yevanhu, asi kuti ^bvakurudzirwe kuita zvakanakanguva dzose, kuti vagouya kutsime rekururama kwose uye vagoponeswa.

CHITSAUKO 9

Umambo hunobva kune uyu huchienda kune uyo nenhaka, kunyengedza, nekuponda — Ema akaona Mwanakomana weKururama — Maporofita vazhinji vanodaidzira rutendeuko — Nzara nenyoka dzine uturu zvinonetsa vanhu.

UYE zvino ini Moronai, ndinoenda mberi nezvinyorwa zvangu. Nokudaro, tarisai, zvakaitika kuti pamusana pezvikwata ^azvemuruvande zvaAkishi neshamwari dzake, tarisai, vakapunza umambo hwaOma.

2 Zvakadaro, Ishe vakanzwira Oma tsitsi, nekuvanakomana nekuvanasikana vake

vakanga vasingatsvake kuparadzwa kwake.

3 Uye Ishe vakayambira Oma kuhope kuti akafanira kubuda munyika; nokudaro Oma akabuda munyika nemhuri yake, uye akafamba kwemazuva mazhinji, uye akasvika uye ndokupfuura nepachikomo chainzi ^aShimu, uye ndokuuya nepanzvimbo ^bapo pakaparadzirwa maNifai, uye kubva apa ndokubva ananga kumbavazuva, uye ndokubva asvika panzvimbo yainzi Abhuromu, nechekugungwa, uye ipapo ndokubva adzika tende yake, nevanakomana vake nevanasikana vake, nembera yake yose, kunze kweya Jaredhi nemhuri yake.

4 Uye zvakaitika kuti Jaredhi akazodzwa kuti ave mambo wevanhu, neruoko rweuipi; uye akapa Akishi mwanasikana wake kuti ave mukadzi wake.

5 Uye zvakaitika kuti Akishi akatsvaka upenyu hwavatezvara vake; uye akakumbira avo vaakanga aaitisa zvitsidzo zvevekare vepasichigare, uye vakadimura musoro wavatezvara vake, zvavakanga vagere pachigaro chavo chekutonga, vachiteerera kuvanhu vavo.

6 Nokuti utsinye hwechikwata chekavere-vere ichi hwakanga hwapararira zvekuti hwakavsvibisa mwoyo yevanhu vose; saka Jaredhi akapondwa ari pachigaro chake chekutonga, uye

25b Gen. 3:1–13;
2 Ni. 9:9;
Mosaya 16:3;
Mos. 4:5–19.

26a 1 Ni. 22:26.
b 2 Ni. 33:4;
Moro. 7:12–17.
9 1a Eta 8:13–17.

3a Morm. 1:3; 4:23.
b Morm. 6:1–15.

Akishi akatonga munzvimbo yake.

7 Uye zvakaitika kuti Akishi akatanga kuitira mwanakomana wake shanje, nokudaro akamupfigira mutirongo, uye akamuchengeta achimupa kudya kushomanani kana kumunyima kusvika afa.

8 Uye zvino munin'ina weuya akafa, (uye zita rake rainzi Nimra) akashatirirwa baba vake pamusana peicho chakanga chaitwa nababa vake kumukoma wake.

9 Uye zvakaitika kuti Nimra akaunganidza varume vashomanani, ndokubva atiza munyika, uye ndokuuya ndokuzogara naOma.

10 Uye zvakaitika kuti Akishi akabereka vamwe vana, uye vakatora mwoyo yevanhu, kana dai zvazvo vakanga vakatsidza kwaari kuita zvole zvakaipa maererano nezvaanenge achida.

11 Zvino vanhu vaAkishi vaida upfumi, kana saAkishi aida simba; nokudaro, vana vaAkishi vakavapa mari, zvakaita kuti vakwezvere vanhu vazhinji kwavari.

12 Uye pakatanga kuve nehondo pakati pevana vaAkishi uye naiye Akishi, yakatora makore mazhinji, hongu, kusvikira pakuda kuparadza vanhu vose vemunyika, hongu, kana vose, kusara kwemakumi matatu emweya, uye vakatiza neveimba yaOma.

13 Nokudaro, Oma akadzore-

rwa zvakare kunyika yake yenhaka.

14 Uye zvakaitika kuti Oma akatanga kukwegura; zvakudaro, mukukwegura kwake akabereka Ema; uye akazodza Ema kuti ave mambo atonge munzvimbo yake.

15 Uye mushure mekunge azodza Ema kuti ave mambo akaona runyararo munyika kwemakore maviri, uye ndokubva afa, ari akanga ararama kwemazuva akawanda zvikuru, akanga azere nokusuwa. Uye zvakaitika kuti Ema akatonga munzvimbo make, uye akatevedza tsoka dzababa vake.

16 Uye Ishe vakatanga kubvisa kutukwa kwenyika iyi, uye imba yaEma ikabudirira zvikuru pasi pekutonga kwaEma; uye muchinguva chemakore makumi matanhatu anemaviri vakanga vasimba zvikuru, zvekuti vakabva vapfuma zvikuru—

17 Vaine michero yakasiyana-siyana, nezvirimwa, nesirika, nemachira akanaka samare, negoridhe, nesirivha, nezvinhu zvinokosha;

18 Uyewo mombe dzakasiyana-siyana, madhonza, mhau, nehwei, nenguruve, nembudzi, nemamwe marudzi emhuka dzaive dzekudya kumunhu.

19 Uyewo vakanga vaine "mahachi, nemadhongi, uye kwaive nenzou, nemakureromu nemakumomu; zvole zvakanga zvii-ne basa kumunhu, kunyanya kunzou nemakureromu nemakumomu.

20 Uye saka Ishe vakadira maropafadzo avo munyika iyi, yakanga “yakanaka kupfuura dzimwe dzose nyika; uye vakataura kuti wose anenge aine nzvimbo akafanira kuiita ya-Ishe, kana kuti ^bvaizoparadzwa kana vaibva mukuipa; nokuti pane vakadaro, Ishe vanoti; Ndichadira kushatirwa kwangu kwose kuzere.

21 Uye Ema akatonga nokururama mazuva ake ose, uye akabereka vanakomana nevanasikana vazhinji; uye akabereka Koriandumu, uye akazodza Koriandumu kuti atonge munzvimbo yake.

22 Uye mushure mekuzodza Koriandumu kuti atonge munzvimbo make akagara makore mana, uye akaona runyararo munyika; hongu, uye akatoo-nawo “Mwanakomana Wekururama, uye akafara nokukudza muzuva rake, uye akafa murunyararo.

23 Uye zvakaitika kuti Koriandumu akafamba mutsoka dzababa vake, uye akavaka maguta makuru mazhinji, uye akadzidzisa icho chakanga chakanakira vanhu vake muzuva ake ose. Uye zvakaitika kuti haana kumboita vana kudakara akwegura zvikuru.

24 Uye zvakaitika kuti mukadzi wake akafa, ave nemakore zana nemaviri. Uye zvakaitika kuti Koriandumu akatora mudzimai, mukukwegura kwake, murandakadzi mudiki, uye akabereka vanakomana neva-

nasikana; nokudaro akararama kudakara ave nezana remakore rine makumi mana nemakore maviri.

25 Uye zvakaitika kuti akabereka Komu, uye Komu akatonga munzvimbo yake; uye akatonga kwemakumi mana emakore ane makore mapfumbamwe, uye akabereka Heti; uye iyewo akabereka vanakomana nevanasikana.

26 Uye vanhu vakanga vapararira zvakare kwose pamusoro penyika, uye kukatanga zvakare kuve neuipi hukuru pamusoro penyika, uye Heti akatanga kugashira urongwa hwekave-re-vere hwakare, kuti aparadze baba vake.

27 Uye zvakaitika kuti akabvisa baba vake pachigaro cheumambo, nokuti akavauraya nemunondo wake; uye akatonga munzvimbo yavo.

28 Uye kwakauya maporofita munyika zvakare, vachichema rutendeuko kwavari—kuti vagadzire nzira yaIshe, kana kuti kuchauya kutukwa pamusoro penyika; hongu, kana kuve nenzara huru, ichavaparadza kana vasina kutendeuka.

29 Asi vanhu havana kutenda mazwi emaporofita, asi vakavatangandira kunze; uye vamwe vavo vakavakanda mumakomba uye vakavasiya kuti vafe. Uye zvakaitika kuti vaiita zvose zvinhu izvi maererano nezvaitaurwa namambo, Heti.

30 Uye zvakaitika kuti pakatanga kuve nekufa kukuru

munyika, uye vagari vakatanga kuparadzwa nokukurumidza kwazvo pamusana pekufa uku, nokuti pakanga pasina mvura yekunaya pamusoro penyika.

31 Uye kukauya nyoka dzine huturu pamusorowo penyika, uye dzikauraya vanhu vazhinji. Uye zvakaitika kuti zvipfuyo zvavo zvakatanga kutiza nyoka idzi, zvakananga kunyika yekumaodzanyemba, yaidaidzwa nemaNifai kuti ^aZarahemura.

32 Uye zvakaitika kuti kune zvizhinji zvakafira munzira; zvakadaro, kune zvimwe zvakatizira munyika yekumaodza-nyemba.

33 Uye zvakaitika kuti Ishe vakaita kuti ^{nyoka dzichirega kuramba dzichizvitandanisa, asi kuti dzidzivire nzira kuti vanhu vasapfuure, kuti ani zvake anenge aedza kupfuura auraiwe nenyoka.}

34 Uye zvakaitika kuti vanhu vakatevedza gwara rezvipfuwo, uye vachidya mitumbi yeizvo zvakanga zvafira munzira, kudakara vazvidya zvole. Zvino vanhu zvavakaona kuti vave kuzofa vakatanga ^{“kutendeuka mukutadza kwavo uye vachichema kuna Ishe.}

35 Uye zvakaitika kuti pava-kanga ^{“vazvininipisa pamberi paIshe zvakakwana akatumira mvura pamusoro penyika; uye vanhu vakatanga kupona zvakare, uye kukatanga kuve nemichero munyika dzekuchamhembe, nemunyika dzose dzakakomberedza. Uye Ishe}

vakaraidza simba ravo kwavari mukuvachengetedza munzara.

CHITSAUKO 10

Mambo uyu anotsiva uyo—Vamwe vemadzimambo vakarurama; vamwe vane uipi—Kana kuine kururama, vanhu vanoropafadzwa uye vachibva waitwa kuti vabudirire naIshe.

UYE zvakaitika kuti Shezi, uyo akanga ari wechizvarwa cha-Heti—nokuti Heti akanga afa munzara, nemba yake yose kusara kwaShezi—nokudaro, Shezi akatanga zvakare kusimbisa vanhu vakanga varendeswa.

2 Uye zvakaitika kuti Shezi akarangarira kuparadzwa kwamadzibaba ake, uye akavaka umambo hwakarurama; nokuti akarangarira zvakanga zvaitwawo nalshe mukuunza Jaredhi nemukoma wake mukuyambuka ^{“mhiri kwegungwa; uye akafamba munzira dzalshe; uye akabereka vanakomana nevanasikana.}

3 Uye mwanakomana wake mukuru, zita rake ainzi Shezi, akamupandukira; zvakadaro, Shezi akauraiwa neruoko rwegororo, pamusana peupfumi hwake hwakanyanyisa, zvakaita kuti baba vake vawane runyararo zvakare.

4 Uye zvakaitika kuti baba vake vakavaka maguta akawanda pamusoro penyika, uye vanhu vakatanga zvakare

31a Omu. 1:13.
33a Num. 21:6–9.

34a Aruma 34:34;
D&Z 101:8.

35a D&Z 5:24.
10 2a Eta 6:1–12.

kupararira pamusora penyika yose. Uye Shezi akararama kusvika akwegura zvikuru; uye akabereka Ripurakishi. Uye akafa, uye Ripurakishi akatonga munzvimbo yake.

5 Uye zvakaitika kuti Ripurakishi haana kuita izvo zvainge zvakanaka mumaziso alshe, nokuti aive nevakadzi vazhinji “nepfambi, uye akaisa pama-pfudzi evanhu izvo zvairema kutakura; hongu, akavateresa nemitero inorema; nemitero iyi akavaka mazimba makuru.

6 Uye akazvigadzirira chigaro chekutonga chakatambura kunaka; uye akavaka matirongo akawanda, uye uyo wose airamba kutera, aimukanda mutirongo; uye uyo ainge asingakwanise kutera aikandwa mutirongo; uye aiita kuti vachokore nebasa kuti vazviriritire; uye uyo airamba kuita basa aiita kuti auraiwe.

7 Nokudaro akakwanisa kuita basa rose raaida, hongu, kana goridhe yake aiita kuti ibikwe mutirongo; nemabasa ose ehumhizha akanga achiyevedza aiita kuti ashandwe mutirongo. Uye zvakaitika kuti akarwadzisa vanhu neupombwe nokuipa kwake.

8 Uye paakanga atonga kwemakore makumi mana nemaviri vanhu vakamuka vakamupandukira; uye kukatanga kuve nehondo zvakare munyika, zvekuti Ripurakishi akauraiwa, uye zvizvarwa zvake zvikatandaniswa munyika.

9 Uye zvakaitika kuti mushure memakore mazhinji, Moriandoni, (iye ari chizvarwa chaRipurakishi) akaunganidza pamwechete mauto evanhu vakanga vakatandaniswa munyika, uye akaenda akanorwisa vanhu; uye akawana simba mumaguta mazhinji; uye hondo ikarwadza zvikuru, uye ikarwiwa kwemakore mazhinji; uye akawana simba munyika yose, uye akazviita mambo wenyika yose.

10 Uye mushure mekunge azvigadza umambo akarerutsa mutoro wevanhu, zvakaita kuti vanhu vamutarise zvakanaka, uye vakamuzodza kuti ave mambo wavo.

11 Uye akaita zvakarurama kune vanhu, asi kwete kuzvii-tira iye pamusoro peupombwe hwake; nokudaro akabviswa pamberi palshe.

12 Uye zvakaitika kuti Moriandoni akavaka maguta akawanda, uye vanhu vakapfuma zvikuru pasi pekutonga kwake, kwose muzvivakwa, nemugoridhe nesirivha, nemukurima, nemumatanga, nezvimwe zvakanga vadzorerwa.

13 Uye Moriandoni akararama kudakara akwegura zvikuru, uye ndokubva abereka Kimu; uye Kimu akatonga munzvimbo yababa vake; uye akatonga kwemakore masere, uye baba vake ndokubva vafa. Uye zvakaitika kuti Kimu haana kutonga nokururama, nokudaro haana kudiwa nalshe.

14 Uye mukoma wake akamuka akamupandukira, naizvo-zvo akamuisa muutapwa; uye akagara muutapwa mazuva ake ose; uye akabereka vanasikana nevanakomana ari muutapwa, uye mukukwegura kwake akabereka Revhi; uye akabva afa.

15 Uye zvakaitika kuti Revhi akashanda ari muutapwa mushure mekufa kwababa vake, kwemakumi mana emakore ane makore maviri. Uye akaita hondo namambo wenyika, naizvo-zvo akawana umambo.

16 Uye mushure mekunge atora umambo akaita izvo zvakanaka zvakanaka mumaziso aIshe; uye vanhu vakabudirira munyika; uye iye akagara kudakara akwegura zvakanakawo, uye akabereka vanakomana nevanasikana; uye akaberekawo Koromu, uyo waakazodza kuti ave mambo munzvimbo yake.

17 Uye zvakaitika kuti Koromu akaita izvo zvaive zvakanaka mumaziso aIshe mazuva ake ose; uye akabereka vanakomana nevanasikana vakawanda; uye mushure mekunge aona mazuva akawanda chaizvo, akafa, sezvinoita pasi pose; uye Kishi akatonga munzvimbo make.

18 Uye zvakaitika kuti naKishi akafawo, uye Ribhi akatonga munzvimbo make.

19 Uye zvakaitika kuti Ribhi akaitawo icho chaive chakanaka mumaziso aIshe. Uye mazuva aRibhi nyoka dziye dzine "uturu dzakaparadzwa.

Nokudaro vakaenda kunyika yaive kumaodzanyemba, kunovhimira vanhu venyika zvekudya, nokuti nyika iyi yakange izere mhuka dzesango. Uye Ribhi pachakewo akave muvhimi mukuru.

20 Uye vakavaka guta guru nekwakange kwakamika kwenyika, panzvimbo yaiganhurwa nyika negungwa.

21 Uye vakachengetedza nyika yekumaodzanyemba serenje, kuti vawane mhuka. Uye pamusoro penyika yose yekuchamhembe yakange izere nevanhu vaigaramo.

22 Uye vaive vanhu vaishanda zvikuru, uye vaitenga vachitengesa uye vachitambidzana kuti vawane.

23 Uye vaishanda nematare akasiyana-siyana, uye vaiita goridhe, nesirivha, "nesimbi, nendarira nesimbi dzose dzakasiyana-siyana; uye vaizviche-ra muvhu; nokudaro vaiburitsa mirwi mikuru kwazvo yevhu kuti vawane simbi yegoridhe, uye yesirivha, uye yemhangura. Uye vaiita zvinhu zvakasiyana-siyana zvinoyevedza.

24 Uye vaive nesirika, nemachira akarukwa zvakanaka semare; uye vaigadzira machira akasiyana-siyana, kuti vawane chekufukidza kusasimira kwavo.

25 Uye vaiita zvinhu zvakasiyana-siyana zvekurima ivhu nazvo, zvose zvekurimisa nezvekudyarisa, zvekukohwesa nezvekusakurisa, uye kana nezvekupurisa.

26 Uye vakaitawo zvinhu zvakasiyana-siyana zvavaishanda nazvo zvipfuwo zvavo.

27 Uye vaiita zvombo zvehondo zvakasiyana-siyana. Uye vaiita zvinhu zvinoshamisa zvinoratidza umhizha.

28 Uye hakuna kunge kuine vanhu vakanga vakaropafadzwa kupfuura ava, kana vainge vakabudirira kuvapfuura neruoko rwaishe. Uye vakanga vari munyika yakanga yakanaka kupfuura dzimwe nyika dzose, nokuti Ishe vakanga vazviture.

29 Uye zvakaitika kuti Ribhi akararama kwemakore mazhinji, uye akabereka vanakomana nevanasikana; uye akaberekawo Haritomu.

30 Uye zvakaitika kuti Haritomu akatonga munzvimbo yababa vake. Uye Haritomu atonga kwemakumi maviri emakore nemana, tarisai, akatorerwa umambo. Uye akagara makore mazhinji ari muutapwa, hongu, kana mazuva ekupedzisira ose eupenyu hwake.

31 Uye akabereka Heti, uye Heti akagara muutapwa mazuva ake ose. Uye Heti akabereka Aroni, uye Aroni akagara muutapwa mazuva ake ose; uye iye akabereka Amunigadha, uye naAmunigadha akagarawo muutapwa mazuva ake ose; uye akabereka Koriandumu, uye Koriandumu akagara muutapwa mazuva ake ose; uye akabereka Komu.

32 Uye zvakaitika kuti Komu akakwezva chikamu cheuma-

mbo. Uye akatonga chikamu cheumambo uhwu kwemakumi mana emakore anemaviri; uye akanorwisana namambo, Amugidhi, uye vakarwa kwemakore mazhinji, munguva iyi Komu akakunda Amugidhi, uye akabva atora umambo hwose.

33 Uye mumazuva aKomu munyika makatanga kuve nemakororo; uye akashandisa urongwa hwakare, uye akaitisa “mhiko netsika yepasi chigare uye akatsvaka kuparadza umambo.

34 Zvino Komu akaarwisa zvikuru; zvakadaro, haana kuvakunda.

CHITSAUKO 11

Hondo, kupandukirana, zve nehupi zvinokura muupenyu hwemaJaredhi— Vaporofita vanofembera kuparadzwa zvachose kwemaJaredhi kunze kwokunge vatendeuka— Vanhu vanoramba mazwi emaporofita.

UYE kwakauryawo mumazuva aKomu vaporofita vazhinji, uye vakaporofita kuparadzwa kwerudzi rwukuru urwu kunze kwekunge vatotendeuka, uye vadzokera kuna Ishe, uye vosiya kuponda nehupi hwavo.

2 Uye zvakaitika kuti vaporofita vakarambwa nevanhu, uye vakatizira kuna Komu kuti vadzivirirwe, nokuti vanhu vai-tsvaka kuvaparadza.

3 Uye vakaporofita kuna Komu zvinhu zvizhinji; uye

akaropafadzwa mumazuva aka-
nga asara eupenyu hwake.

4 Uye akararama akakwegura
zvakanakawo, uye akabereka
Shibhuromu; uye Shibhuromu
akatonga munzvimbo make.
Uye mukoma waShibhuromu
akamupandukira, uye mukata-
nga kuve nehondo huru kwa-
zvo munyika yose.

5 Uye zvakaitika kuti mukoma
waShibhuromu akaita kuti vose
vaporofita vaiporofita nezveku-
paradzwa kwevanhu vauraiwe.

6 Uye kwakave nedambudzi-
ko guru munyika yose, nokuti
vakanga vapupura kuti kutu-
kwa kukuru kuchauya munyika,
nekuvanhuwo, nokuparadzwa
kukuru pakati pavo, kusati
kwamboonekwa pamusoro pe-
nyika, uye mapfupa avo achaita
“semirwi yevhu pamusoro pe-
nyika kunze kwekunge vate-
ndeuka kubva muupi hwavo.

7 Uye havana kuteerera shoko
raIshe, pamusana pezvikwata
zvavo zvakaipa; nokudaro,
kwakatanga kuve nehondo
nekupesana munyika yose, ne-
nzara nezvirwere, zvekuti kwa-
kave nokuparadzwa kukuru,
zvisina kumbenge zvakaone-
kwa pamusoro penyika; uye
zvose izvi zvakaitika mumazuva
aShibhuromu.

8 Uye vanhu vakatendeuka
mukuipa kwavo; uye zvekuti
nokutendeuka kwavaiita Ishe
vaivanzwira “tsitsi.

9 Uye zvakaitika kuti Shi-
bhuromu akauraiwa, uye Seti

akaiswa muutapwa uye akagara
muutapwa mazuva ake ose.

10 Uye zvakaita kuti Ahaha,
mwanakomana wake, akatora
umambo; uye akatonga vanhu
mazuva ake ose. Uye akaita
zvakaipa zvakasiyana-siyana
mumazuva ake, zvakaita kuti
kuve nekudeuka kweroza zhi-
nji; uye mazuva ake aive
mashoma.

11 Uye Etemu, sechizvarwa
chaAhaha, akatora umambo;
uye naiyewo akaita izvo zvakai-
pa mumazuva ake.

12 Uye zvakaitika kuti muma-
zuva aEtemu kwakauya vapo-
rofiti, vakawanda, uye vakapo-
rofiti vanhu zvakare; hongu,
vakaporofita kuti Ishe vacha-
vaparadza zvachose kubva
pamusoro penyika kunze kwe-
kunge vatendeuka mukutadza
kwavo.

13 Uye zvakaitika kuti vanhu
vakaomesa mwoyo yavo, uye
vakaramba “kuteerera kumazwi
avo; uye maporofita vakachema
vakabva vabva mukati me-
vanhu.

14 Uye zvakaitika kuti Etemu
akatonga neuipi mazuva ake
ose; uye akabereka Moroni.
Uye zvakaitika kuti Moroni
akatonga munzvimbo yake; uye
Moroni akaita izvo zvakanga
zvakaipa pamberi palshe.

15 Uye zvakaitika kuti paka-
muka “kupanduka pakati peva-
nhu, pamusana pechikwata
chiye chemuruvande chakaiti-
rwa kuwana nekutora simba;

uye kukabuda murume mukuru mukutadza pakati pavo, uye akarwisa Moroni, uye akapunza chikamu cheumambo; uye akachengeta chikamu cheumambo ichi kwemakore mazhinji.

16 Uye zvakaitika kuti Moroni akamubvisa, uye akatora umambo zvakare.

17 Uye zvakaitika kuti kwakaita mumwe murume anotyisa zvakare; uye akanga ari wechizvarwa chemukoma waJaredhi.

18 Uye zvakaitika kuti akabvisa Moroni uye ndokutora umambo; nokudaro, Moroni akagara muutapwa mazuva ose akanga asara eupenyu hwake; uye akabereka Koriando.

19 Uye zvakaitika kuti Koriando akagara muutapwa mazuva ake ose.

20 Uye mumazuva aKoriando kwakauyawa vaporofita vazhinji, uye vakaporofita zvinhu zvikuru zvinoshamisa, uye vakachema rutendeuko kuvanhu, uye kunze kwekunge vatendeka Ishe Mwari ^avanovatongera kuparadzwa zvachose.

21 Uye kuti Ishe Mwari vanozotumira kana kuunza ^avamwe vanhu kuzatora nyika, nesimba rake, netsika yavakaunza nayo madzibaba avo.

22 Uye vakaramba ose mazwi evaporofita, pamusana pezvikwata zvavo zvekavere-vere uye neupi hwavo hwakanyanya.

23 Uye zvakaitika kuti

Koriando akabereka ^aEta, uye ndokubva afa, ari akanga agara muutapwa upenyu hwake hwose.

CHITSAUKO 12

Muporofita Eta anokurudzira vanhu kuti vatende muna Mwari—Moronai anotaura zwishamiso nezvinoshamisa zvinoitwa nerutendo—Rutendo rwakaita kuti mukoma waJaredhi aone Kristu—Ishe vanopa vanhu kushaya simba kuti vazvirereke—Mukoma waJaredhi akasimudza Gomo Zerini nerutendo—Rutendo, ruvimbo, nerudo rwakadzama ndizvo zvinodiwa muruponeso—Moronai akaona Jesu vakatarisana.

UYE zvakaitika kuti mazuva aEta aive mumazuva aKorianduma; uye ^aKorianduma aive mambo wenyika yose.

2 Uye ^aEta aive muporofita waIshe; nokudaro Eta akauya mumazuva aKorianduma, uye akatanga kuporofita kuvanhu, nokuti haaikwaniswa ^bkurambidzwa pamusana peMweya waIshe wakanga uri maari.

3 Nokuti ^aaichema kubvira mangwanani, kana kusvika mukunyura kwezuva, achikurudzira vanhu kuti vatende kuna Mwari mukutendeka nokuti ^bvangazoparadzwa, achiti kwavari ^cnerutendo zvose zvinhu zvinozadzikiswa—

4 Nokudaro, ani zvake

20a NKM Kutonga.

21a Eta 13:20–21.

23a Eta 1:6; 15:33–34.

12 1a Eta 13:13–31.

2a NKM Eta.

b Jer. 20:9;

Eno. 1:26;

Aruma 43:1.

3a D&Z 112:5.

b Eta 11:12, 20–22.

c NKM Rutendo.

anotenda kuna Mwari anogona kuve nechokwadi “netarisiro yenyika iri nani, hongu, kana nzvimbo kurudyi rwaMwari, iri tariro inouya nerutendo, uchive ^bmusimbotti kumweya yevanhu, zvinovaita kuti vave nechokwadi uye vasimbe, vakawanza mabasa ^cakanaka nguva dzose, vachitungamirirwa ^dmukurumbidza Mwari.

5 Uye zvakaikita kuti Eta akaporofita zvinhu zvikuru nezvinoshamisa kuvanhu, zvavasina kutenda, nokuti vakanga vasingazvione.

6 Uye zvino ini Moronai, ndinotaura maererano nezvinhu izvi; ndingaraidze kunyika kuti “rutendo zvinhu ^bzvinotarirwa uye ^czvisingaonekwe; nokudaro musaite nharo nokuti hamuzi kuzviona, nokuti hamuwane umbowo kudakara rutendo rwenyu ^drwaedzwa.

7 Nokuti rwaive rutendo rwaikaita kuti Kristu azviratidze kumadzibaba edu, mushure mekunge amuka muvafi; uye haana kuzviratidza kwavari kudakara vave nerutendo maari, nokudaro, zvinoreva kuti vamwe vaive nerutendo maari, nokuti haana kuzviratidza kunyika.

8 Asi pamusana perutendo rwevanhu akazviratidza kunyi-

ka, uye akarumbidza zita raBaba, uye akagadzira nzira kuti vamwe vagove vadyi vechipo chekudenga, kuti vatarisire zvasvasati vaona.

9 Nokudaro, nemiwo makafanira kuve netariro, uye mugove vadyi vechipo, kana mukangoita rutendo chete.

10 Tarisai rwaive rutendo rwaikaita kuti vekare “vadaidzwe muhurongwa hutsvene hwaMwari.

11 Nokudaro, nerutendo mutemo waMosesi wakapiwa. Asi muchipo cheMwanakomana wavo Mwari vakagadzira imwe nzira “yakanyanya kunaka; uye rutendo rwaikaita kuti zvizadzikiswe.

12 Nokuti kana pasina “rutendo muvana vevanhu Mwari havagone kuita ^bchishamiso mukati mavo; nokudaro, havana kuzviratidza kudakara vave nerutendo.

13 Tarisai, rwaive rutendo rwaAruma naAmureki rwaikaita kuti “tirongo rikoromokere pasi.

14 Tarisai, rwaive rutendo rwaNifai naRihai rwakauyisa “kushanduka kwemaRamani, zvekuti vakabhabhatidzwa nemoto neMweya ^bMutsvene.

15 Tarisai, rwaive rutendo “rwaAmoni nehama dzake

4a NKM Tariro.
b VaH. 6:19.
c I VaKori. 15:58.
d 3 Ni. 12:16.
6a VaH. 11:1.
b VaR. 8:24–25.
c Aruma 32:21.
d 3 Ni. 26:11;

D&Z 105:19; 121:7–8.
10a Aruma 13:3–4.
NKM Akadaidzwa naMwari.
11a I VaKori. 12:31.
12a 2 Ni. 27:23;
Mosaya 8:18;
Moro. 7:37;

D&Z 35:8–11.
b Mat. 13:58;
Morm. 9:20.
13a Aruma 14:26–29.
14a Hir. 5:50–52.
b Hir. 5:45;
3 Ni. 9:20.
15a Aruma 17:29–39.

^brwakaunza chishamiso chikuru kumaRamani.

16 Hongu, kana avo vose vakaita “zvishamiso vakazviita ^bnerutendo, kana avo vakanga varipo Kristu asati auya neavowo vakauya shure kwake.

17 Uye rutendo rwakaita kuti vadzidzi vatatu vavimbiswe kuti ^ahavazofa; uye havana kuvimbiswa izvi kudakara vave neruvimbo.

18 Uye hakuna kana panguva ipi zvayo akamboita zvishamiso asina kutanga aratidza rutendo; nokudaro vakatanga vatenda muMwanakomana waMwari.

19 Uye kwaive nevashinji vai-ve nerutendo rwakasimba zviku-ru, kana Kristu ^aasati auya, vasina kuchengetwa vari kunze ^bkwechidzikatidzo, asi zvirokwazvo vakaona nemaziso avo zvinhu zvavakanga vaona neziso rerutendo, uye vakafara.

20 Uye tarisai, taona muzvinyorwa zvino kuti mumwe wavo mukoma waJaredhi; nokuti rutendo rwake rwaive rwukuru muna Mwari, zvekuti Mwari pavakaisa ^amunwe wavo havana kuuvanza kuti usaonekwe nemukoma waJaredhi, pamusana peshoko ravakanga vataura kwaari, shoko iri riri raakanga awana nerutendo.

21 Uye mushure mekunge mukoma waJaredhi aona munwe

washe, pamusoro “pekuvimbis-
swa kwakanga kwaitwa muko-
ma waJaredhi pamusana peru-
tendo, Ishe havana kuzogona
kumuvanzira kana chimwe chi-
nhu; nokudaro vakamuratidza
zvinhu zvose, nokuti akanga
asisagone kuchengetwa ari
kunze ^bkwechidzikatidzo.

22 Uye rutendo rwakaita kuti madzibaba angu “vavimbiswe kuti zvinhu izvi zvichauya kuhama dzavo nekumaJentairi; naizvozvo Ishe vanditudza ini, hongu, kunyange Jesu Kristu.

23 Uye ndakati kwavari: Ishe maJentairi achaseka zvinhu izvi, pamusana “pekusasimba kwedu mukunyora; nokuti Ishe makatiita vakuru mukutaura mazwi nerutendo, asi hamuna kutiita ^bvakuru mukunyora; nokuti makaita vanhu vose kuti vagone kutaura chaizvo, nekuda kweMweya Mutsvene uyo wamakavapa;

24 Uye makatiita kuti tinyore zvishoma-shoma, pamusana pekuipa kwemaoko edu. Tarisai, hamuna kutiita vakuru “muku-
kunyora sezvamakaita mukoma waJaredhi, nokuti makamuita kuti zvinhu zvaakanyora zviku-
kure kana sekuita zvamakaita, kuita kuti vanhu vazviverenge.

25 Makaitawo kuti mazwi edu ave nesimba uye ari makuru, kana tisingagone kuanyora;

15^b NEMAMWE MAZWI sekutaurwa kwazvakaitwa munaAruma, zvitsauko 17–26.

16^a NKM Chishamiso. ^b VaH. 11:7–40.

17^a 3 Ni. 28:7;

Morm. 8:10–12.

19^a 2 Ni. 11:1–4;

Jak. 4:4–5;

Jar. 1:11;

Aruma 25:15–16.

^b Eta 3:6.

NKM Chidzitiro.

20^a Eta 3:4.

21^a Eta 3:25–26.

^b Eta 3:20;

D&Z 67:10–13.

22^a Eno. 1:13.

23^a Morm. 8:17; 9:33.

^b 2 Ni. 33:1.

24^a NKM Mutauro.

nokudaro, kana tave kunyora tinobva taona kusasimba kwe-du, uye tonetsekana nekuronga mazwi edu; uye ndinotyia kuti majentairi “achaseka mazwi edu.

26 Uye zvino pandakange ndataura izvi, Ishe vakataura kwandiri, vachiti: Zvirema “zvino-seka, asi vachachema; uye nyasha dzangu dzakakwana kune vanyoro, kuti havazoita zvinhu pamusana pekusasimba kwenyu;

27 Uye kana vanhu vakauya kwandiri ndichavaratidza “kusasimba kwavo. ^bNdinopa kuvanhu kushaya simba kuti vave vakapfava; uye ^cnyasha dzangu dzinokwana kuvanhu vose ^dvanzvininipisa pamberi pangu, nokuti kana vakazvirereka pamberi pangu, uye vaine rutendo mandiri, zvino ndichaita kuti ^ezvisina simba zvive nesimba kwavari.

28 Tarisai, ndicharatidza kumajentairi kusasimba kwavo, uye ndicharatidza kwavari kuti ^arutendo, ruvimbo nerudo rwakadzama zvinounza kwandiri—chisipiti chekururama kwose.

29 Uye ini Moronai, ndanzwa mazwi aya, ndakanyaradzwa, uye ndikati: Imi Ishe, kuda kwenyu kwakarurama ngakuitwe, nokuti ndinoziva kuti munoshanda muvana vevanhu maererano nerutendo rwavo;

30 Nokuti mukoma waJaredhi akati kugomo Zerini, “Ibva—uye rikabva. Uye dai akanga asina rutendo ringadai risina kubva; nokudaro munoshanda kana vanhu vave nerutendo.

31 Nokuti ndiko kuzviratidza kwamakaita kuvadzidzi venyu; nokuti pavakanga vave ^anerutendo, uye vachitaura nemuzita renyu, imi makabva mazviratidza kwavari nesimba guru.

32 Uye ndinoyeukawo kuti makati makagadzirira munhu imba, hongu, kana pakati ^apezvimbo-makuru aBaba venyu, umo munoita kuti munhu ave ^bnetariro yakanyanya kunaka; nokudaro munhu anofanira kutarisira, kana kuti haangazogashira nhaka munzvimbo yamakagadzira.

33 Uye zvakare, ndakarangarira kuti makati ^amakada nyika, kana kusvika pakupa upenyu hwenyu kuti mufire nyika, kuti mungahutore zvakare kuti mugogadzirira nzvimbo vana vevanhu.

34 Uye zvino ndave kuziva kuti ^arudo urwu rwamuinarwo kuvana vevanhu rudo rwakadzama; nokudaro, kunze kwekunge vanhu vave nerudo rwakadzama havagone kugara nzvimbo iya yamakavagadzirira muzimba guru raBaba venyu.

35 Nokudaro, ndinoziva nech-

25a I VaKori. 2:14.

26a VaG. 6:7.

27a Jak. 4:7.

^b Eks. 4:11;

I VaKori. 1:27.

^c NKM Nyasha.

^d Ruka 18:10–14;

D&Z 1:28.

NKM Akazvininipisa.

^e Ruka 9:46–48;

II VaKori. 12:9.

28a I VaKori. 13:1–13;

Moro. 7:39–47.

30a Mat. 17:20; Jak. 4:6;

Hir. 10:6, 9.

NKM Simba.

31a NKM Rutendo.

32a Joh. 14:2; Eno. 1:27;

D&Z 72:4; 98:18.

^b NKM Tariro.

33a Joh. 3:16–17.

34a Moro. 7:47.

NKM Rudo

Rwakadzama; Rudo.

nhu ichi chamataura, kuti kana maJentairi asina rudo rwakadzama, pamusoro pekusasimba kwedu, kuti muchavaratidza, uye movatorera ^achipo chavo, hongu, kana icho chavakanga vatogashira, uye mopa avo vazhawana zvakananyanya.

36 Uye zvakaikita kuti ndakanamata kuna Ishe kuti vanzwire maJentairi ^anyasha, kuti vave nerudo rwakadzama.

37 Uye zvakaikita kuti Ishe vakati kwandiri: Kana vasina rudo rwakadzama hazvinei kwauri, iwe une rutendo; nokudaro, nhumbi dzako ^adzichacheneswa. Uye pamusana pekuti waona ^bkusasimba kwako uchasingbiswa, kana kusvika mukugara munzvimbo iyo yandakagadzira muzimba guru raBaba vangu.

38 Uye zvino ini Moronai, ndinooneka maJentairi, hongu, nekuhama dzanguwo dzandinoda, kudakara tasangana pamberi pechigaro ^achekutonga chaKristu, apo pachaziva vose vanhu kuti ^bnhumbi dzangu hadzina kusvibiswa neropa renyu.

39 Uye zvino ndipo pamuchaziva kuti ^andakaona Jesu, nekuti akataura neni ^btakatarisana, nokuti akanditaurira nokupfava kuri pachena, sekutaura kunoita munhu kune mumwe nemururimi rwangu, maererano nezvinhu izvi;

40 Uye ndakanyora mashomanani chete, pamusana pekutadza kunyora kwangu.

41 Uye zvino, ndinokukurudzirai kuti ^amutsvake iye Jesu uyu akanyorwa nezvake neva-profita nevaapositori, kuti nyasha dzaMwari Baba, naiyewo Ishe Jesu Kristu, neMweya Mutsvene, ^bunopupura nezvavo, ungave uye uogara mamuri nariini. Amenii.

CHITSAUKO 13

Eta anotaura nezveJerusarema Idzva ichavakwa muAmerica nembeu yaJosefa—Anoporofita, anokandwa kunze, anonyora rungano rwemaJaredhi, uye ndokutaura kuparadzwa kuchaitwa maJaredhi—Hondo inopisa munyika yose.

UYE zvino ini Moronai, ndinenda mberi kuti ndipedze zvinyorwa zvangu pamusoro pekuparadzwa kwevanhu vandanga ndichinyora nezvavo.

2 Nokuti tarisai, vakaramba ose mazwi aEta; nokuti zvirokwazvo akavaudza nezvezvinhu zvose, kubvira pakutanga kwemunhu; nokuti mushure mekunge mvura ^adzapera pamusoro penyika iyi yakave nyika yakanaka kupfuura dzimwe nyika dzose, nyika yakasarudzwa naIshe; nokudaro Ishe

35a Mat. 25:14–30.

NKM Chipu; Tarenta.

36a NKM Nyasha.

37a D&Z 38:42; 88:74–75; 135:4–5.

^b Eta 12:27.

38a NKM Jesu Kristu—

Mutongi.

^b Jak. 1:19.

39a NKM Jesu Kristu—

Kuwonekwa

kwaKristu mushure

mekufa.

^b Gen. 32:30;

Eks. 33:11.

41a D&Z 88:63; 101:38.

^b 3 Ni. 11:32.

13 2a Gen. 7:11–24; 8:3.

vakada kuti vose vanhu vachagara munyika umu vanofanira ^bkumushandira;

3 Uye nokuti yaive nzvimbo yeJerusarema ^aIdzva, ^brichauya richabva kudenga, uye iri nzvimbo tsvene yaIshe.

4 Tarisai, Eta akaona mazuva aKristu, uye akataura nezveJerusarema ^aIdzva munyika muno.

5 Uye akataurawo nezvembayaIsraeri, ^aneJerusarema kwai-zobva ^bRihai—mushure mekunge raparadzwa raizovakwa zvakare, guta ^cdzvene kuna Ishe; nokudaro, haraizove Jerusarema idzva nokuti rakanga ririko munguva yakare; asi richavakwa zvakare, uye rove guta dzvene raIshe; uye richavakwa kumba kwaIsraeri—

6 Uye kuti Jerusarema ^aIdzva richavakwa munyika ino, kune vakasara vembeu ^byaJosefa, zviri zvinhu zvagara zviine ^cchiratidzo.

7 Uye Josefa akaunza baba vake kunyika ^ayeEgipita, kana izvozvo akafirako; naizvozvo Ishe vakaunza vakasara vembeu yaJosefa kubva munyika yeJerusarema, kuti vave netsitsi kumbeu yaJosefa kuti ^bvasafe,

kana zvavakaitira baba vaJosefa tsitsi zvekuti vasafe.

8 Nokudaro, vakasara vemba yaJosefa vachavakwa ^amunyika ino; uye ichave nyika yenhaka yavo; uye ivo vachavaka guta dzvene kuna Ishe, seJerusarema rakare; uye ^bhavachazovhiringidzwa zvakare, kudakara kuguma kwauya pachapfuura nyika.

9 Uye kuchave nedenga ^aidzva nenyika itsva; uye zvichangoita sezvakare chete zvakare zvinenge zvapakfuura, uye zvose zvinhu zvinenge zvave zvitsva.

10 Uye zvino kwobva kwauya Jerusarema Idzva; uye vakaropafadzwa avo vanogara mariri, nokuti ndivo ivavo vane nhumbi ^adzakachena pamusana peropa reGwayana; uye ndivo ivavo vanoverengerwa mune vakasara vembeu yaJosefa, vakanga vari vemba yaIsraeri.

11 Uye ipapo pobva pauryawo Jerusarema rekare; uye vagari vemo, vakaropafadzwa, nokuti vakagezwa muropa reGwayana; uye ndivo vaye vakanga vakapararira uye ^avakaunganidzwa kubva kumativi mana enyika, nekubva kunyika ^bdzekucha-

2b Eta 2:8.

3a 3 Ni. 20:22; 21:23–24.

NKM Jerusarema
Idzva.

b Zvaka. 3:12; 21:2.

4a NKM Zioni.

5a NKM Jerusarema.

b 1 Ni. 1:18–20.

c Zvaka. 21:10;

3 Ni. 20:29–36.

6a D&Z 42:9; 45:66–67;
84:2–5;

Mis. yeCh. 1:10.

b NKM Josefa,
Mwanakomana
waJakobo.

c Aruma 46:24.

NKM Zvemuchere-
chedzo.

7a Gen. 46:2–7; 47:6.

b 2 Ni. 3:5.

8a NKM Nyika
yeChipikirwa.
b Moro. 10:31.

9a II Pet. 3:10–13;

Zvaka. 21:1;

3 Ni. 26:3;

D&Z 101:23–25.

10a Zvaka. 7:14;

1 Ni. 12:10–11;

Aruma 5:27.

11a NKM Israeri—
Kuunganidzwa
kwa Israeri.

b D&Z 133:26–35.

mhembe, uye vari vadyi veku-zadzikiswa kwechibvumirano icho chakaitwa naMwari nababa vavo ‘Abrahama.

12 Uye kana zvinhu izvi zvouya, zvinozadzikisa gwaro rinoti, ndivo vakanga vari “vekutanga, vachave vekupedzisira; uye ndivo vakanga vari vekupedzisira, vachave vekutanga.

13 Uye ndange ndave kuda kunyora zvimwe, asi ndiri kurambidzwa; asi zviporofita zvaEta zvaive zvikuru zvinoshamisa; asi vakanga vasingamuverenge sechinhu, uye vakamukanda kunze; uye aihwanda mubako redombo masikati, uye aienda achitarisa zvinhu zvaida kuuya kuvanhu.

14 Uye zvaakanga agere mubako iri akanyora zvakanga zvasara muzvinyorwa zvino, achitarisa kuparadzwa kwaiuya pavanhu, neusiku.

15 Uye zvakaitika kuti mugore rakarero raakanga akandwa kunze kubva muvanhu kwakutanga kuve nehondo huru pakati pevanhu, nokuti kune vazhinji vakamuka, vakanga vari vanhu vaityisa, vaitsvaka kuparadza Korianduma nezvikwata zvavo zvekavere-verere zveupi, izvo zvambotaurwa nezvazvo.

16 Uye zvino Korianduma, adzidza, pachake, muzvinhu zvose zvehondo neudzvotsvo hwise hwemunyika, nokudaro akavarwiswa avo vaida kumuparadza.

17 Asi haana kutendeuka, kana vanakomana vake vakanga vanakasisa kana vanasikana vake; kana vanakomana nevanasikana vakanakisisa vaKoho; kana vanakomana nevanasikana vakanakisisa vaKoriho; uye muchidimbu, hakuna mwanakomana kana mwanasikana pamusoro penyika yose akatendeuka muzvitema zvavo.

18 Nokudaro, zvakaitika kuti mugore rekutanga rakagara Eta mubako, kune vanhu vazhinji vakauraiwa nemunondo wezvkwata zviye “zvemuruvande, vairwisa Korianduma kuti zvimwe vangatore umambo.

19 Uye zvakaitika kuti vanakomana vaKorianduma vakarwa zvikuru uye vakarasa ropa rakawanda.

20 Uye mugore rechipiri shoko raIshe rakauya kuna Eta, kuti aende anoporofita kuna “Korianduma kuti, kana akatendeuka, nemba yake yose, Ishe vaizomupa umambo hwake nokuponesa vanhu —

21 Nokuti angangoparadzwa, nemhuri yake yose kunze kwake iye pachake. Uye ahangorarama chete kuti aone kuzadzikiswa kwezviporofita zvakanga zvakataurwa maererano “nevamwe vanhu vaitambira nyika senhaka yavo; uye Korianduma akafanira kugashira kuvigwa navo; uye wose mweya uchaparadzwa kunze ^bkwaKorianduma.

11c NKM Chibvumirano chaAbrahama.

12a Marko 10:31;
1 Ni. 13:42; Jak. 5:63;

D&Z 90:9.

18a Eta 8:9–26.

20a Eta 12:1–2.

21a Omu. 1:19–21;

Eta 11:21.

^b Eta 15:29–32.

22 Uye zvakaitika kuti Korianduma haana kutendeuka, kana imba yake, kana vanhu; uye hondo hadzina kupera; uye vakatsvaka kuuraya Eta, asi akatiza akanohwanda zvakare mubako.

23 Uye zvakaitika kuti kwakamuka Sharedhi, naiyewo akarwisa Korianduma; uye akamukunda, zvekuti mugore rechitatu akamuvisa muutapwa.

24 Uye vana vaKorianduma, mugore rechina, vakakunda Sharedhi, uye vakatora umambo zvakare vakahupa baba wavo.

25 Zvino kwakatanga kuve nehondo pamusoro penyika yose, wose munhu nechikwata chake achirwira icho chainge chichidiwa naye.

26 Uye kwaive nemakororo, uye muchidimbu, kwakaita hwose uipi pamusoro penyika.

27 Uye zvakaitika kuti Korianduma akashatirirwa Sharedhi zvikuru, uye akaenda nemauto ake kunomurwisa; uye vakasangana vose vaine hashu dzakanyanzira, uye vakasangana munhika yeGirgari; uye hondo yacho ikarwadza zvikuru.

28 Uye zvakaitika kuti Sharedhi akamurwisa kwemazuva matatu. Uye zvakaitika kuti Korianduma akamukurira, uye akamutandanisa kudakara asvika kumarenje eHeshironi.

29 Uye zvakaitika kuti Sharedhi akamurwisa zvakare ave mumarenje; uye tarisai, akakurira Korianduma, uye ndoku-

mutinhira zvakare kunhika yeGirgari.

30 Uye Korianduma akarwisa zvakare Sharedhi munhika yeGirgari, maakakunda Sharedhi akabva amuuraya.

31 Uye Sharedhi akakuvadza Korianduma pachidya, zvekuti haana kuenda kuhondo zvakare kwemakore maviri, munguva iyoyo yose vanhu pamusoro penyika vakanga vachideura ropa, uye pakanga pasina aivarambidza.

CHITSAUKO 14

Zvitadzo zvevanhu zvinoita kuti nyika itukwe—Korianduma anoita hondo naGireadi, naRibhi, naShizi—Ropa nekudeuka kwaro kunozadza nyika.

UYE zvino kwakatanga kuve “nekutukwa kwenyika kukuru pamusana pekutadza kwevanhu, zvekuti munhu aiti akaisa chinhu chake kana munondo wake panzvimbo yawo, kana panzvimbo paaiwuchengetera, tarisai, mangwana acho, haairwana, ndiko kukura kwekutukwa kwakanga kuri munyika.

2 Nokudaro wose munhu akatobatisa icho chaive chake, nemaoko ake, uye haaimbochikumbidza kana iye kukumbira; uye wose murume aigara chipakatiro chemunondo wake chiri muruoko rwake rwerudyi mukudzivirira zvinhu zvake neupenyu hwake nehwevaka-dzi vake nevana.

3 Uye zvino, mushure memakore maviri, uye mushure mekufa kwaSharedhi, tarisai, kwakamuka munin'ina waSharedhi uye akarwisana naKorianduma, maakakundwa naKorianduma uye akamutandanisa kusvika kurenje raAkishi.

4 Uye zvakaitika kuti munin'ina waSharedhi akamurwisa ari murenje raAkishi, uye hondo ikarwadza zvikuru, uye zviuru zvizhinji zvikapuzwa nemunondo.

5 Uye zvakaitika kuti Korianduma akakomba renje; uye munin'ina waSharedhi akaenda usiku achibuda murenje, uye akauraya chimwe chidimu chemauto aKorianduma, uye vakanga vakararadza.

6 Uye ndokubva auya kunyika yeMoroni, uye ndokuzviisa pachigaro chekutonga chaKorianduma.

7 Uye zvakaitika kuti Korianduma akagara nemauto ake murenje kwemakore maviri, munguva iyoyi akatambira kusimbiswa kukuru kumauto ake.

8 Zvino munin'ina waSharedhi, ainzi Gireadi, naiyewo akagashira kusimbiswa kukuru kwemauto ake, pamusana pezvikwata zvemuruvande.

9 Uye zvakaitika kuti mupirisita wake wepamusoro akamuponda agere pachigaro chake chekutonga.

10 Uye zvakaitika kuti mumwe wechikwata chemuruvande akamuponda mune mumwe mupata wakavanzika, uye ndokubva atora umambo; uye zita rake rainzi Ribhi; uye Ribhi aive

rume hombe, kupfuura vose vamwe varume pakati pevanhu vose.

11 Uye zvakaitika kuti mugore rekutanga raRibhi Korianduma akauya kunyika yeMoroni, uye akasvikorwisa Ribhi.

12 Uye zvakaitika kuti akarwa naRibhi, mukudaro Ribhi akarova ruoko rwake zvekuti akabva akuvara; zvakadaro, mauto aKorianduma akaramba achiennda kuna Ribhi, zvekuti akatizira kumuganhu wegungwa.

13 Uye zvakaitika kuti Korianduma akamutevera; uye Ribhi akamurwisa ave pedyo negungwa.

14 Uye zvakaitika kuti Ribhi akakurira mauto aKorianduma zvekuti vakatizira zvakare kurenje reAkishi.

15 Uye zvakaitika kuti Ribhi akamutevera kudakara vasvika kumarenje eAgoshi. Uye Korianduma akanga atora vanhu vose zvaaitiza Ribhi kudivi renyika iroto raaitiza naro.

16 Uye paakanga asvika kumarenje eAgoshi akarwisa Ribhi, uye akamubaya kudakara afa; zvakadaro, munin'ina waRibhi akauya kuzorwisa Korianduma munzvimbo memukoma wake, uye kurwa kukarwadza zvikuru, mukudaro Korianduma akatiza zvakare mauto emunin'ina waRibhi.

17 Zvino zita remunin'ina waRibhi rainzi Shizi. Uye zvakaitika kuti Shizi akatevera Korianduma, uye akaparadza maguta mazhinji, uye akauraya vakadzi zvose nevana, uye akapisa maguta acho.

18 Uye kwakave nokutya Shizi munyika yose; hongu, kwakabuda chichemo munyika yose—ndiani angagona kurwisa mauto aShizi? Tarisai, anokukura nevhu rose pamberi pake!

19 Uye zvakaitika kuti vanhu vakatanga kufamba pamwechete semauto, kwose munyika yose.

20 Uye vakanga vakapatsanurana; vamwe vavo vakatizira kumauto aShizi, uye vamwe vakatizira kumauto aKorianduma.

21 Uye hondo yakanga yakura zvekuti yakatora nguva huru, zvekuti kudeuka kwerope nekuparadzwa, pamusoro penyika yose zvekuti nyika yose yakanga yakati kata-kata “nemitumbi yevakafa.

22 Uye hondo iyi yaikurumidzwa zvekuti hakuna vakasara kuti vavige vainge vafa, asi vaifamba kubva mukudeura ropa vachienda kunodeura ropa, vachisiya zvitunha zvose zvevakadzi, varume nezvevana zvakangoti kata-kata pamusoro penyika, pazvaisiwa zviri kuti zvizove nyama “yehonye.

23 Uye kunhuwa kwacho kwakavepo pamusoro penyika, kana pamusoro penyika yose; nokudaro vanhu waitambudzika siku nesikati nekunhuwa kwacho.

24 Zvakadaro, Shizi haana kumira kutevera Korianduma; nokuti akanga atsidza kuti anotsividza ropa remukoma wake pana Korianduma akanga amuuraya, uye neshoko raShe

rakauya kuna Eta richiti Korianduma haauraiwe nemunondo.

25 Uye saka tinoona kuti Ishe vakanga vavashanyira nehasha dzavo dzose, uye nehuipi hwavo neutsinye hwavo hwakanga hwazurura nzira yekuparadzwa kwavo kusingapere.

26 Uye zvakaitika kuti Shizi akatevera Korianduma kumbvazuva, kana kusvika kumiganhu negungwa, uye ikoko akarwisana naShizi kwemazuva matatu.

27 Uye mauto aShizi akauraiwa zvakaipa zvekuti akatanga kutya, uye akatanga kutiza mauto aKorianduma; uye vakatizira kunyika yaKoriho, uye vakakukura vanhu vaive munzira mavo, vose avo vairamba kubatana navo.

28 Uye vakadzika matende avo munhika yeKoriho; uye Korianduma akadzika matende ake munhika yeShuri. Zvino nhika yeShuri yaive pedyo nechikomo cheKomuno; nokudaro, Korianduma akaunganidza mauto ake pachikomo cheKomuno, uye ndokuridza hwamanda achiridzira mauto aShizi achivakoka kuti vazorwa.

29 Uye zvakaitika kuti vakauya, asi vakatinhwa zvakare; uye vakauya kechipiri, uye vakatinhwa zvakare kechipiri. Uye zvakaitika kuti vakauya zvakare kechitatu, uye hondo ikabva yarwadza zvikuru.

30 Uye zvakaitika kuti Shizi akabaya Korianduma akamuita maronda mazhinji kwazvo aka-

dzika; uye Korianduma, uye akarasikirwa neropa rake, akarukutika uye akabva atakurwa seafa.

31 Zvino kurasikirwa nevarume, vakadzi nevana kumativi ose kwakanga kwakakura zvekuti Shizi akaudza vanhu vake kuti vasatandanise mauto aKorianduma; nokudaro, vakadzokera kumusasa wavo.

CHITSAUKO 15

Zviuru zvezviuru zvemaJaredhi zvinouraiwa muhondo—Shizi naKorianduma vanounganidza vanhu vose kuti vanourayana nekurwa—Mweya walshe unoregera kushanda navo—Rudzi rwemaJaredhi rwunoparadzwa zvachose—Korianduma chete ndiye anosara.

UYE zvakaitika kuti Korianduma paakanga apora maronda ake, akatanga kuyeuka “mazwi akanga ataurwa kwaari naEta.

2 Akaona kuti kwakange kwatove nevanhu vake vakanga vauraiwa nemunondo vangatoda kusvika mamirioni maviri, uye akatanga kusuwa mumwoyo make; hongu, kwakanga kwauraiwa zviuru zvezviuru zviviri zvmagamba evarume, nevakadzi vavo nevana vavo.

3 Akatanga kutendeuka kuzvitema zvaakanga aita; akatanga kurangarira mazwi akanga ataurwa nemiromo yemaporofita vose, uye akaona kuti kusvika nguva iyoyo akanga azadziki-swa, mune zvose; uye mweya

wake wakachema ukaramba kunyaradzwa.

4 Uye zvakaitika kuti akanyora tsamba kuna Shizi, achimukumbira kuti asauraye vanhu, uye iye aizorega umambo pamusana peupenyu hwevanhu.

5 Uye zvakaitika kuti Shizi paakatambira tsamba yake akanyorawo tsamba kuna Korianduma, akati kana iye akazvipira kuti iye amuuraye nemunondo wake, aizopa vanhu upenyu hwavo.

6 Uye zvakaitika kuti vanhu havana kutendeuka kuzvitadzo zvavo; uye vanhu vaKorianduma vakamutswa kuita hashanevanhu vaShizi; uye vanhu vaShizi vakamutswa kuita hashanevanhu vaKorianduma; nokudaro, vanhu vaShizi vakarwisa vanhu vaKorianduma.

7 Uye Korianduma paakaona kuti ave kuda kukurirwa akatiza vanhu vaShizi.

8 Uye zvakaitika kuti akauya kurwizi rweRipuriangumu, zvinoreva, zvadudzirwa rwukuru, kana kuti rwukuru kupfuura ose; nokudaro, pavakasvika pamvura idzi vakadzika matende avo; uye Shizi akadzikawo matende ake pedyo navo; uye naizvozvo mangwana acho vakauya kuzorwa.

9 Uye zvakaitika kuti vakarwa hondo yakarwadza kwazvo, iyo yakaita kuti Korianduma akuvadzwe zvakare, akakomoka zvakare nepamusana pekurasikirwa neropa.

10 Uye zvakaitika kuti mauto

aKorianduma akadzvinyirira zvikuru pamauto aShizi zvekuti vakavakunda, zvekuti vakaita kuti vavatize; uye vakatiza nechekumaodzanyemba, uye ndokubva vadzika mate nde avo munzvimbo yainzi Ogati.

11 Uye zvakaitika kuti mauto aKorianduma akadzika mate nde avo pachikomo chainzi Rama; uye ndicho chikomo chimwechetecho “makavigwa zvinyorwa nababa vangu Mormoni kuna Ishe, zvakanga zviriv zvaiera.

12 Uye zvakaitika kuti vakau nganidza vanhu vose pamwechete vakanga vasina kuuraiwa pamusoro penyika yose, kunze kwaEta.

13 Uye zvakaitika kuti Eta akaona kuita kwose kwevanhu; uye akaona kuti vanhu vaida Korianduma vakaungana pamwechete nemauto aKorianduma; uye vanhu vakanga vachida Shizi vakaungana pamwechete nemauto aShizi.

14 Nokudaro, kwemakore mana vakanga vachiunganidza vanhu pamwechete, kuti vatore vose vaive pamusoro penyika, uye kuti vangango wana simba rose raigona kuwanikwa.

15 Uye zvakaitika kuti pavakanga vaunganidzwa vose, munhu nemunhu kumauto aida, nevakadzi vavo nevana vavo—vose varume nevakadzi nevana vachipiwa zvombo zvehondo, vaine nhowo, “nezvidzitiro zvepazvipfuva, nezvidzitiro

zvemumisoro, uye vakapfekezwa zvehondo—vakaenderana vakarwisana; uye muswere wose zuva iroro, pasina akakundwa.

16 Uye zvakaitika kuti hwave usiku vakanga vaneta, uye vakabva vaenda kumisasa yavo; uye zvavakanga vaenda kumisasa yavo vakawuura uye vakanunyuta pamusana pekurasikirwa nevanhu vavo vakanga vauraiwa; uye vakachema zvikuru nokunyunyuta, zvekuti zvakazara mumhepo.

17 Uye zvakaitika kuti ave mangwana vakaenda zvakare kunorwa, uye rakave zuva rakatyisa zvikuru; zvakadaro, hakuna akakundwa, uye hwave usiku zvakare vakazadza mhepo nokuchema kwavo, nokuwuura kwavo, nokurungaira kwavo, pamusoro pekurasika kweavo vevanhu vavo vakanga vauraiwa.

18 Uye zvakaitika kuti Korianduma akanyora tsamba zvakare kuna Shizi, achimukumbira kuti asauye zvekare kuzorwa, asi kuti atore umambo arege kuparadza upenyu hwevanhu.

19 Asi tarisai, Mweya waIshe wakanga usisashande navo, uye “Satani akange ave nesimba mumwoyo yevanhu; nokuti vakanga vazvipira mukuoma kwemwoyo yavo, neupofu hwepfungwa dzavo kuti vave vanoparadzwa; nokudaro vakaenda zvakare kunorwa.

20 Uye zvakaitika kuti vakarwa muswere wose zuva iroro,

uye hwave usiku vakarara vakatsamhira minondo yavo.

21 Uye mangwana acho vakarwa kudakara kusvika usiku.

22 Uye hwave usiku vakange “vadhakwa nehasha, sezvinoita munhu adhakwa newaini; uye vakarara vakatsamhira minondo yavo zvakare.

23 Uye ramangwana vakarwa zvakare; uye pakauya usiku vose vakanga vafa kusara kwe-makumi mashanu nevaviri vevanhu vaKorianduma, nemakumi matanhatu nevapfumbamwe vevanhu vaShizi.

24 Uye zvakaitika kuti vakarara vakatsamhira minondo yavo usiku ihwohwo, uye ramangwana vakarwa zvakare, uye vakanetsana nesimba ravo neminondo yavo nenhoo dzavo, muswere wose zuva iroro.

25 Uye hwave usiku pakanga pasara makumi matatu nevaviri kuvanhu vaShizi, uye kuvanhu vaKorianduma kwakanga kwasara makumi maviri nevanhu vanomwe.

26 Uye zvakaitika kuti vakadya uye vakarara, uye vakagadzirira kufa ramangwana. Uye vakanga vari mazirume mahombe uye magamba makuru anesimba.

27 Uye zvakaitika kuti vakarwa kwenguva yaikwana maawa matatu, uye vakakomoka nokurasikirwa neropa.

28 Uye zvakaitika kuti vanhu vaKorianduma pavakanga vave nesimba rekuti vaikwanisa ku-

famba, vakanga vave kuda kuti vatize neupenyu hwavo; asi tarisai, Shizi akamuka, nevanhu vakewo, akatsidza mukushati-rwa kwake kuti achatouraya Korianduma kana kuti iye aizofa nemunondo.

29 Nokudaro, akavatevera, uye ramangwana racho akavabata; uye vakarwa zvakare neminondo. Uye zvakaitika kuti “vose pavakange vapunzwa nemunondo, kusara kwaKorianduma naShizi, tarisai Shizi akakomoka pamusana pekurasikirwa neropa.

30 Uye zvakaitika kuti Korianduma paakanga azendama munondo wake, achizorora zvishomanani, akadimbura musoro waShizi.

31 Uye zvakaitika kuti paakanga adimbura musoro waShizi, Shizi akaita seave kumuka ndokubva awira pakare; uye mushure mekuedza kuti awane mweya, akafa.

32 Uye zvakaitika kuti “Korianduma akawira pasi, uye akaita seasiri mupenyu.

33 Uye Ishe vakataura kuna Eta, vakati kwaari: Enda. Uye akaenda, uye akaona kuti mazwi alshe ose akanga azadzikiswa; uye akabva apedzisa “zvinyorwa zvake; (uye chidimu chezana handina kuchinyora) uye akazviviga netsika yazvakawanikwa zviri nevanhu vaRimukai.

34 Zvino mazwi ekupedzisira akanyorwa “naEta ndeaya: Kana

22a Moro. 9:23.

29a Eta 13:20-21.

32a Omu. 1:20-22.

33a Mosaya 8:9;

Aruma 37:21-31;

Eta 1:1-5.

34a Eta 12:2.

zvimwe Ishe vanoda kuti ndishandurwe, kana kuti ndinzwe chido chaIshe munyama, hazvi-

na mhosva, kana zviriro zvekuti ndaponeswa muumambo hwa-Mwari. Amenii.

BHUKU RAMORONAI

CHITSAUKO 1

Moronai anonyora kubatsira ma-Ramani—MaNifai ayo asingarambe Kristu anourayiwa. Zvingangove makore 401 kusvika ku421 shure kwekunge Kristu azvarwa.

ZVINO ini “Moronai, ndapedza kupfupikisa zvinyorwa zvevanhu vaJaredhi, ndakafunga kuti handifanire kunge ndichanyora zvimwe; asi handisati ndafa; handiite kuti ma-Ramani andizive nokuti vanga ndiuraye.

2 Nokuti tarisai, “hondo dzavo pachavo dzinotyisa zvikuru; uye nokuda kworuvengo rwavo ^bvayiuraya chero muNifai asingarambe Kristu.

3 Uye ini Moronai, “handingarambe Kristu; nokudaro, handizivi kwandinokwanisa kuti ndichengetedze upenyu hwangu.

4 Nokudaro, ndinonyora zvimwe zvinhu zvishoma, zvisingawirirane neizvo zvandanga ndichifunga; nokuti ndanga ndafunga kuti ndisanyore; asi ndinonyora zvimwe zvinhu

zvishoma, kuti zvimwe zvingave zvinobatsira kuhama dzangu, maRamani, nerimwe zuva riri mberi, maererano nokuda kwaIshe.

CHITSAUKO 2

Jesu akapa vadzidzi vanegumi nevaviri vechiNifai simba rokupa chipo choMweya Mutsvene. Zvingangove makore 401 kusvika ku421 shure kwekunge Kristu azvarwa.

MAZWI aKristu, ayo aakataura “kuvadzidzi vake, vanegumi nevaviri vaakasaruza, apo aiisa maoko pamusoro pavo—

2 Zve akavadaidza nemazita, achiti: Muchadaidza kuna Baba muzita rangu, mumunamato mukuru; shure kwekunge maita izvi muchave “nesimba kuti kune uyo wamunenge maisa ^bmaoko pamusoro, ‘muchamupa Mweya Mutsvene; uye muzita rangu muchaupa, nokuti ndiko kuita kwavaapositori vangu.

3 Zvino Kristu akataura mazwi

[MORONAI]

1 1a NKM Moronai,
Mwanakomana
waMormoni.
2a 1 Ni. 12:20–23.

b Aruma 45:14.
3a Mat. 10:32–33;
3 Ni. 29:5.
2 1a 3 Ni. 13:25.
2a 3 Ni. 18:37.

b NKM Simba.
c NKM Maoko,
Kugadzwa kwe.

aya kwavari panguva yokuzviratidza kwake kwokutanga; zve gungano harina kuzvinzwa, asi vadzidzi vakazvinzwa; kuna vose “vavakaisa maoko, Mweya Mutsvene wakauya pavari.

CHITSAUKO 3

Magosa anogadza vapirisita nevadzidzisi nokuwaisa maoko pamusoro. Zvingangove makore 401 kusvika ku421 shure kwekunge Kristu azvarwa.

NZIRA iyo vadzidzi, vakadaidzwa kuve “magosa echechi, ^byavaigadzwa nayo vapirisita nevadzidzisi—

2 Shure kwokunge vanamata kuna Baba muzita raKristu, vakaisa maoko pamusoro pavo, vakati:

3 Muzita raJesu Kristu ndinokugadza kuti uve mufundisi (kana ari mudzidzisi, ndinokugadza kuti uve mudzidzisi) kuti uparidze kutendeuka “nokuregererwa kwezvivi kuburikidza naJesu Kristu, nokushingirira mukutenda muzita rake kusvika kumagumo. Amen.

4 Uye netsika iyi “vakagadza vapirisita nevadzidzisi, maerano ^bnezvipo nokudaidzwa naMwari kwevanhu; uye vakavagadza kuburikidza nesimba

roMweya Mutsvene, wakanga uri mavari.

CHITSAUKO 4

Kunamatira kunoita magosa nevapirisita chingwa chechirairo kunotsanangurwa. Zvingangove makore 401 kusvika ku421 shure kwekunge Kristu azvarwa.

“NZIRA ^byemagosa nevapirisita vavo pakupa nyama neropa raKristu muchechi; “vaipa maerano nemurairo waKristu; nokudaro tinoziva kuti nzira iyi ndeye chokwadi; uye gosa kana mupirisita ndiye aipa—

2 Uye vaipfugama vose nechechi, vachinamata kuna Baba muzita raKristu, vachiti:

3 Mwari Baba Vokusingaperi, tinokukumbirai muzita reMwanakomana wenyu, Jesu Kristu, kuti muropafadze nekutsvenesa “chingwa ichi kumweya yeavo vose vanochidya; kuti vagochidya ^bmukurangarira muviri weMwanakomana wenyu, uye vapupure kwamuri, Mwari Baba Vokusingaperi, kuti vanoda kutora pavari “zita reMwanakomana wenyu, nokumurangarira nguva dzose, nokuchengeta mirairo yake iyo yaakavapa, kuti vave “neMweya wake nguva dzose. Amen.

3a Mabasa 19:6.

3 1a Aruma 6:1.

NKM Gosa.

^b NKM Gadza.

3a NKM Kuregererwa kweZvitadzo.

4a D&Z 18:32; 20:60.

^b NKM Chipo.

^c 1 Ni. 13:37;

Moro. 6:9.

4 1a 3 Ni. 18:1-7.

^b NKM Gosa.

^c D&Z 20:76-77.

3a NKM Sakaramende.

^b Ruka 22:19;

I VaKori. 11:23-24;

3 Ni. 18:7.

^c NKM Jesu Kristu—
Kutora Zita raJesu
Kristu paTiri.

^d NKM Mweya
Mutsvene.

CHITSAUKO 5

Nzira yokunamatira nayo chirairo chewaini. Zvingangove makore 401 kusvika ku421 shure kweku-nge Kristu azvarwa.

“NZIRA yokunamatira nayo waini — Tarisai, vaitora mukombe, voti:

2 Mwari Baba Vokusingaperi, tinokukumbirai, muzita reMwanakomana wenyu, Jesu Kristu, kuti muropafadze nekutsvenesa “waini iyi kumweya yeavo vose vanoinwa, kuti vave vanozviita ^bmukurangarira ropa reMwanakomana wenyu, iro rakadeurirwa; kuti vagopupura kwamuri, Mwari Baba Vokusingaperi, kuti vagomurangarira nguva dzose, kuti vave neMweya wake. Amenii.

CHITSAUKO 6

Vanhu vatendeuka vanobhabhatidzwa nokufambirwa — Nhengo dzesangano dzinotendeuka dzinoregererwa — Misangano inotungamirirwa nesimba roMweya Mutsvene. Zvingangove makore 401 kusvika ku421 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino ndinotaura maererano “norubhabhatidzo. Tarisai, magosa, vapirisita, nevadzidzisi

vakabhabhatidzwa; havaibhabhatidzwa kunze kwokunge vaunza michero yakafanira yairatidza kuti ^bvakakodzera.

2 Havaigamuchira munhu murubhabhatidzo kunze kwokunge auya nemwoyo “wakatyoka nomweya wakapfava, vachipupura kuchechi kuti vatendeuka zvechokwadi pazvivi zvavo zvose.

3 Uye hakuna kana mumwe akagamuchira rubhabhatidzo kunze kwokunge “vatakura pavari zita raKristu, akashinga kumushandira kusvika kumagumo.

4 Uye shure kwokunge vagamuchirwa parubhabhatidzo, vakava vanotunhwa “nokucheneswa nesimba roMweya Mutsvene, vakaverengerwa mukati mevanhu vechechi yaKristu; ^bmazita avo akatorwa, kuti zvimwe vangarangarirwa noku-gutswa neshoko rakanaka raMwari, kuti vachengetwe munzira kwayo, vachigara “vakavimba nomunamato nguva dzose, ^dvachivimba chete nema-basa akanaka aKristu, akava “munyori nomupedzisi woku-tenda kwavo.

5 Uye “chechi ^byaigara ichisangana pamwechete, kuti “vatsanye nokunamata, nokukurukurirana maererano nezvema-gariro akanaka emweya yavo.

5 1a 3 Ni. 18:8–11;
D&Z 20:78–79.

2a D&Z 27:2–4.
NKM Sakaramende.
b Ruka 22:19–20;
I VaKori. 11:25.

6 1a NKM Bhabhatidza.
b NKM Anechiremera.

2a NKM Mwoyo
Wakatyoka.

3a NKM Jesu Kristu—
Kutora Zita raJesu
Kristu paTiri.

4a NKM Chakachena.
b D&Z 20:82.
c Aruma 34:39;

3 Ni. 18:15–18.

d 2 Ni. 31:19; D&Z 3:20.
e VaH. 12:2.

5a NKM Chechi yaJesu
Kristu.
b 3 Ni. 18:22; 4 Ni. 1:12;
D&Z 88:76.
c NKM Kutsanya.

6 Uye vaigara vachisangana pamwechete kuti vadye chingwa newaini, mukurangarira Ishe Jesu.

7 Uye vakanga vakaoma vachitarisira kuti ^ahapana ari kutadza pakati pavo; avo vai-zoonekwa vachitadza, vapupuri ^bvatawa vechechi vaivapa mhosva pamberi ^cpemagosa, kana vasina kutendeuka, vasina ^dku-reurura, mazita avo ^eaibviswa, uye havaizoverengerwa pakati pevanhu vaKristu.

8 Asi ^apose apo vaitendeuka nokutsvaga kukanganwirwa, nomwoyo wose, ^bvairegererwa.

9 Uye misangano yavo ^ayaitungamirirwa nechechi sekushanda kweMweya, uye nesimba roMweya ^bMutsvene; sokutungamirwa kwavaiitwa neMweya Mutsvene kuparidza, kana kukurudzira, kana kunamata, nokukumbira vakazvininipisa, kana kuimba, zvakadaro zva-iitwa.

CHITSAUKO 7

Kukokwa kunopihwa kwekupinda muzororo raIshe—Namatai nomwoyo wose—Mweya waKristu unoita kuti vanhu vazive chakanaka nechakaipa—Satani anonyengedza vanhu kuti varambe Kristu vaita zvakaipa—Vaporofita vanotaura kuuya kwaKristu—Kuburikidza

nokutenda, zvishamiso zvinoitwa uye ngirozi dzinoparidza—Vanhu vanofanira kutarisira upenyu hwokusingaperi vachibva vagara murudo rwakadzama. Zvingangove makore 401 kusvika ku421 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino ini Moronai, ndinonyora mazwi mashoma ababa vangu Mormoni, avakataura pamusoro ^apokutenda, tariro, norudo rwakadzama; nokuti nokuita uku vakataura kuvanhu, vachivadzidzisa musinagogo yavakanga vavaka senzvimbo yokunamatira.

2 Uye zvino ini Mormoni, ndinotaura kwamuri, hama dzangu dzinodiwa; kunova kuburikidza nenyasha dzaMwari Baba, na-Ishe vedu Jesu Kristu, nokuda kwavo kutsvene, nokuda kwechipo ^achokundidaidza kwavo, kuti ndatenderwa kuti nditaure kwamuri panguva ino.

3 Nokudaro, ndinotaura kwamuri imi muri muchechi, imi muri vateveri vorunyararo vaKristu, kuti mune tariro yakakwana inoita kuti mupinde ^amuzororo raIshe, kubvira panguva ino kusvikira muchazorora naye kudenga.

4 Zve zvino hama dzangu, ndinotaura zvinhu izvi pamusoro penyu nokuda ^akwekufamba kwenyu murunyararo nevana vevanhu.

7a D&Z 20:54.

b D&Z 42:80–81.

NKM Mupupuri.

c Aruma 6:1.

NKM Gosa.

d NKM Reurura, Reururo.

e Eks. 32:33; D&Z 20:83.

NKM Kubviswa
Hunhengo.

8a Mosaya 26:30–31.

b NKM Regerera.

9a D&Z 20:45; 46:2.

b NKM Mweya Mutsvene.

7 1a I VaKori. 13:1–13;

Eta 12:3–22, 27–37;
Moro. 8:14; 10:20–23.

2a NKM Akadaidzwa
naMwari.

3a NKM Zororo.

4a I Joh. 2:6;

D&Z 19:23.

5 Nokuti ndinorangarira shoko raMwari rinoti nemabasa avo “muchavaziva; nokuti kana mabasa avo akanaka, ivo vakanakawo.

6 Nokuti tarisai, Mwari vakati munhu kana achinge “akaipa haangaite chakanaka; nokuti kana akapa chipo, kana ^bkunamata kuna Mwari, kunze kwokunge azviita nomwoyo wose hazvina zvazvinomupa.

7 Nokuti tarisai, hazvivengerwe kwaari pautsvene.

8 Nokuti tarisai, kana munhu achinge “akaipa achipa chipo, anoita ^bachigunun’una; naizvozvo zvinoverengerwa kwaari seasina kupa chipo; naizvozvo anoverengwa seakaipa pamberi paMwari.

9 Uye saizvozvo zvinoverengerwa sezvakaipa kumunhu, kana achinge anamata asingaite nechido “chaicho chemwoyo; hongu, hazvina chazvinomupa, nokuti Mwari havagamuchiri zvakadaro.

10 Nokudaro, munhu uyo akaipa haangaite icho chakanaka; kana kuti angape chipo chakanaka.

11 Nokuti tarisai, “tsime rinovava haringape mvura inonaka; kana kuti tsime rakanaka robuda mvura inovava; nokudaro, munhu kana ari muranda

wadhiabhorosi haangateveri Kristu; uye kana ^bachitevera Kristu haangave muranda wadhiabhorosi.

12 Nokudaro, zvinhu zvose “zvakanaka zvinobva kuna Mwari; icho ^bchakaipa chinobva kuna dhiabhorosi; nokuti dhiabhorosi imhandu kuna Mwari, anomurwisa nguva dzose, achikoka nokukwezvera “kuchitadzo, nokuita izvo zvakaipa nguva dzose.

13 Asi tarisai, izvo zvose zvaMwari zvinokoka “nokukwezvera kuzvinhu zvakanaka nguva dzose; nokudaro, izvo zvose zvinokoka nokukwezvera kuita zvakanaka, nokuda Mwari, nokumushandira, ^bzvinofemerwa naMwari.

14 Nokudaro, yambirwai, hama dzangu dzinodiwa, kuti musatonge izvo “zvakaipa muchiti ndezvaMwari, kana kuti izvo zvinenge zvakanaka zvaMwari muchiti ndezvadhiabhorosi.

15 Nokuti tarisai, hama dzangu, zvakapiwa kwamuri kuti “mutonge, kuti muzive zvakanaka kubva kunezvakaipa; uye nzira yokutonga nayo iri pachena, kuti muzive noruzivo rwakakwana, sechiedza chezuva kubva murima rousiku.

16 Nokuti tarisai, “Mweya

5a 3 Ni. 14:15-20.

6a Mat. 7:15-18.

b Aruma 34:28.

NKM Munamato.

8a Zir. 15:8.

b D&Z 64:34.

9a Jkb. 1:6-7; 5:16;

Moro. 10:4.

11a Jkb. 3:11-12.

b Mat. 6:24;

2 Ni. 31:10-13;

D&Z 56:2.

12a Jkb. 1:17; 1 Joh. 4:1-2;

Eta 4:12.

b Aruma 5:39-42.

c Hir. 6:30.

NKM Chitadzo.

13a 2 Ni. 33:4;

Eta 8:26.

b NKM Kutunhwa.

14a Isa. 5:20;

2 Ni. 15:20.

15a NKM Kuziva

kuburikioza

neMweya, Chipo che.

16a NKM Hana; Chiedza,

Chiedza chaKristu.

waKristu unopiwa kumunhu wose, kuti ^bazive zvakanaka nezvakaipa; nokudaro ndinokuratidzai, nzira yokutonga nayo; nokuti icho chose chinokoka kuita zvakanaka, nokunyengetedza kuti mutende muna Kristu, chinotumirwa nesimba nechipo chaKristu; nokudaro munozoziva neruzivo rwuzere kuti ndechaMwari.

17 Asi icho chose chinonyengetedza munhu kuita “zvakaipa, nokusatenda munaKristu, nokumuramba, nokusashandira Mwari, zvino munobva maziva zvakakwana kuti ndechadhia-bhorosi; nokuti ndiko kushanda kwadhia-bhorosi, nokuti hapana waanoti aite zvakanaka, kwete, kana mumwe zvake; kunyange ngirozi dzake; kunyange avo vanozvipa kwaari.

18 Uye zvino, hama dzangu, ndichiona kuti mava kuziva chiedza icho mungatonge nacho, icho chiri “chiedza chaKristu, onai kuti hamukanganise kutonga; nokuti ^bnokutonga kumwe chete ikoko kwamuchatonga muchazovawo munotonga.

19 Nokudaro, ndinokukumbirai, hama, kuti mutsvake nesimba “chiedza chaKristu kuti muzive zvakanaka nezvakaipa; uye kana mukabatirira pachinhu chose chakanaka, musinga-

chituke, muchazova chokwadi ^bmwana waKristu.

20 Uye zvino, hama dzangu, zvingaitika sei kuti mungabatirira pazvinhu zvose zvakanaka?

21 Uye zvino ndinouya pakutenda kuya, uko ndakati ndichaitaura nezvako; ndinokuudzai nzira iyo ingaite kuti muve munobatirira pazvinhu zvose zvakanaka.

22 Nokuti tarisai, Mwari “vachiziva zvinhu zvose, kubva kusingaperi kusvika kusingaperi tarisai, akatumira ^bngirozi kuti dziparidze kuvana vevanhu, kuti dzizivise pamusana pokuuya kwaKristu; uye muna Kristu munouya zvinhu zvose zvakanaka.

23 Uye Mwari vakataura zvakare kuvaporofita, nomuromo wake, kuti Kristu achauya.

24 Uye zvino tarisai, kwakave nenzira dzakawanda dzaakararatidza nadzo zvinhu kuvana vevanhu, zvakanga zvakanaka; zvinhu zvose zvakanaka zvinobva kuna Kristu; sekuti vanhu vakanga “vapunzika, uye haku-na chinhu chakanaka chingabve kwavari.

25 Nokudaro, nokushumira “kwengirozi, uye nemazwi ose ayo aibuda mumuromo waMwari, vanhu vakatangisa kushandisa rutendo muna Kristu; saka nokutenda, vakabatirira

16b Gen. 3:5;
2 Ni. 2:5, 18, 26;
Mosaya 16:3;
Aruma 29:5;
Hir. 14:31.

17a NKM Chitadzo.

18a Mosaya 16:9;
D&Z 50:24; 88:7-13.

NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.

b DJS, Mat. 7:1-2;
Ruka 6:37;
Joh. 7:24.

19a D&Z 84:45-46.

b Mosaya 15:10-12; 27:25.
NKM Vanakomana

neVanasikana
vaMwari.

22a NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari.
b Mos. 5:58.

NKM Ngirozi.

24a 2 Ni. 2:5.
25a Aruma 12:28-30.

pazvinhu zvose zvakanaka; ku-svikira kuuya kwaKristu.

26 Uye shure kwekuuya kwake vanhu vakaponeswa nokutenda muzita rake; nokutenda, vakave vanakomana vaMwari. Uye sekurarama kwaKristu akataura mazwi aya kumadzibaba edu, achiti: “Chiri chose chinhu chamunokumbira kuna Baba muzita rangu, chiri chakanaka, mukutenda nokutenda kuti muchagashira, tarisai, muchachii-tirwa.

27 Nokudaro, hama dzangu dzinodiwa, “zvishamiso zvakamira here nokuti Kristu akakwira kudenga, akagara kuruoko rworudyi rwaMwari, kuti ave ^banokumbira kuna Baba kuti tsi-tsi dziitwe kune vana vevanhu?

28 Nokuti akagutsa magumo emitemo, uye anatora avo vose vanokutenda maari; avo vose vanotenda maari ^avachanamaitira kuzvinhu zvakanaka; nokudaro ^banomiririra vana vevanhu; uye anogara nokusingaperi kumatenga.

29 Uye nokuti akaita izvi, hama dzangu dzinodiwa, zvishamiso zvakamira here? Tarisai ndinoti kwamuri, Kwete; kana ngirozi hadzina kumira kuparidza kuvana vevanhu.

30 Nokuti tarisai, dziri pasi pake, kuti dziparidze maererano neshoko rokuraira kwake, dzichizviratidza kune avo vanokutenda kwakasimba nepfu-

ngwa dzakasimba mune zvose zveumwari.

31 Uye chinhanho chohupirisa hwavo ndechokudaidza vanhu kuti vatendeuke, nokuzadzikisa nokuita basa rechibvumirano chaBaba, icho chavakaita kuvana vevanhu, kuti vagadzire nzira pakati pevana vevanhu, nokutaura mazwi aKristu kune midziyo yakasarudzwa yaIshe, kuti vagopupura pamusana pake.

32 Uye nokuita izvozvo, Ishe Mwari vakagadzira nzira yokuti vanhu vawane ^akutenda muna Kristu, kuti Mweya Mutsvene uwane nzvimbo mumwoyo yavo, maererano nesimba ravo; netsika iyoyi Baba vanounza, zvibvumirano zvavakaita nevana vevanhu.

33 Uye zvino Kristu akati: “Kana mune kutenda mandiri muchava nesimba rokuita chiri chose ^bchakanaka mandiri.

34 Uye zvino iye akati: “Tendeukai imi mativi ose enyika, muuye kwandiri, mugobhabhatidzwa muzita rangu, muve nokutenda mandiri, kuti muve munoponeswa.

35 Uye zvino, hama dzangu dzinodiwa, kana zviri izvo kuti zvinhu izvi ndezvechokwadi zvandataura kwamuri, uye Mwari vachakuratidzai, ^anesimba nokubwinya kukuru ^bpazuva iroko rokupedzisira, kuti ndezvechokwadi, kana zviri

26a 3 Ni. 18:20.

NKM Munamoto.

27a NKM Chishamiso.

^b Isa. 53:12;

Mosaya 14:12.

28a VaR. 12:9; D&Z 98:11.

^b I Joh. 2:1;

2 Ni. 2:9.

NKM Mumiririri.

32a NKM Rutendo.

33a Mat. 17:20.

^b D&Z 88:64–65.

34a 3 Ni. 27:20; Eta 4:18.

35a 2 Ni. 33:11.

^b D&Z 35:8.

zvechokwadi zvino zuva rezvishamiso ramira here?

36 Kana kuti ngirozi dzakamira kuzviratidza kuvana vevanhu here? Kana kuti “vakabvisa here simba roMweya Mutsvene kwavari? Kana kuti vachazviita here, iyo nguva ichipfuura, kana kuti nyika ichimira, kana kuti pasara munhu mumwechete panyika achaponeswa?

37 Tarisai ndinoti kwamuri, Kwete; nokuti kutenda kunoita kuti “zvishamiso zvionekwe; uye nokutenda ngirozi dzinozviratidza nokuparidza kuvanhu; nokudaro, kana zvinhu izvi zvikamira nhamo kuvana vevanhu, nokuti zvakadaro nenzira ^byokusatenda, saka zvose zvinoshaika.

38 Nokuti hakuna munhu angaponeswa, maererano nemazwi aKristu, kunze kwokunge vane kutenda muzita rake; nokudaro, kana zvinhu izvi zvamira, naizvozvo kutendawo kwamira; munhu achazomira zvinorwadza, nokuti zvinozoratidzika sokunge kwakanga kusina rununuro rwakaitwa.

39 Asi tarisai, hama dzangu dzinodiwa, ndinotonga zvinhu zvakanaka zvenyu, nokuti ndinotonga kuti mune kutenda muna Kristu nokuda kwokunyarara kwenyu; nokuti kana musina kutenda maari hamuna

“kukodzere kuzoverengerwa kuvanhu vechechi yake.

40 Uye zvakare zvino, hama dzangu dzinodiwa, ndinotaura kwamuri pamusana “petariro. Ko zvino mungawane sei kute-nda, kunze kwokunge mune tariro?

41 Uye ko zvino “munotaraisira chii? Tarisai ndinoti kwamuri muchawana ^btariro kuburikidza norudzikinuro rwaKristu nesimba rokumutswa kwake, kuti mugomutswa ^ckuupenyu hwo-kusingaperi, izvi nokuda kwokutenda maari maererano nechivimbiso.

42 Nokudaro, kana munhu ane “kutenda ^banofanira kuve netariro; nokuti kana pasina kute-nda hapangave netariro.

43 Uye zvakare, tarisai ndinoti kwamuri haangave nokutenda netariro, kunze kwokunge ^aakazvinipisa ane mwoyo munyoro.

44 Kana zvakadaro, “kutenda kwake netariro yake hapana, nokuti hakuna anogamuchirwa naMwari, kunze kwevanozvinipisa nevane mwoyo minyoro; uye kana munhu achizvinipisa ane mwoyo munyoro, ^bachitaura nesimba roMweya Mutsvene kuti Jesu ndiKristu, anofanirwa kuva norudo rwakadzama; nokuti kana asina rudo rwakadzama haana chaari;

36a Moro. 10:4-5, 7, 19.

37a Mat. 13:58;
Morm. 9:20;
Eta 12:12-18.

b Moro. 10:19-24.

39a NKM Anechiremera.

40a Eta 12:4.
NKM Tariro.

41a D&Z 138:14.

b Tito 1:2; Jak. 4:4;
Aruma 25:16;
Moro. 9:25.

c NKM Upenyu
Hwokusingaperi.

42a NKM Rutendo.
b Moro. 10:20.

43a NKM Akapfava.

44a Aruma 7:24;
Eta 12:28-34.

b Ruka 12:8-9.
NKM Reurura,
Reururo; Uchapupu.

nokudaro anofanirwa kuva norudo rwakadzama.

45 Uye ^arudo rwakadzama rwune mwoyo murefu, rwune mwoyo munyoro, ^bharwuchive, harwuzvikudzi, harwuzvitsvake zvarwo, harwuzi nyore kutsamwisa, harwufunge zvakaipa, harwufarire zvakaipa asi rwunofarira chokwadi, rwunotakura zvose, nokutenda zvinhu zvose, rwune tariro pazvinhu zvose, rwunotsungirira zvinhu zvose.

46 Nokudaro, hama dzangu dzinodiwa, kana musina rudo rwakadzama, hamuna chamuri, nokuti rudo rwakadzama harwukundikane. Nokudaro garai murudo rwakadzama, chinova ndichochinhu chikuru pane zvose, nokuti zvinhu zvose zvinofanira kukundikana—

47 Asi ^arudo rwakadzama ndirwo ^brudo rwutsvene rwaKristu, uye rwunogara nokusingaperi; uyo anozoonekwa anarwo pazuva rokupedzisira, zvichazova zvakanaka kwaari.

48 Nokudaro, hama dzangu dzinodiwa, ^anamatai kuna Baba nesimba rose romwoyo, kuti muzadzwe norudo urwu, urwo rwaakapa kune avo vose ^bvateveri vechokwadi voMwanakomana wavo, Jesu Kristu; kuti muzova vanakomana vaMwari; kuti kana ava kuzviratidza

^atichazova saiye, nokuti tichamuona sezvaari; kuti tive neta-riro iyi; kuti tigoitwa ^avatsvene saiye mutsvene. Amen.

CHITSAUKO 8

Kubhabhatidzwa kwevana vaduku chinhu chakaipa chinonyadzisa— Vaduku vapenyu muna Kristu nokuda kwoRudzikinuro— Kutenda, kutendeuka, kuzvininipisa nomwoyo munyoro, kugamuchira Mweya Mutsvene, nokushingirira kusvika kumagumo kunosvitsa kuruponeso. Zvingangove makore 401 kusvika ku421 shure kwekunge Kristu azvarwa.

Tsamba ^ayababa vangu Mormoni, yakanyorerwa kwandiri, Moronai; yakanyorerwa kwandiri shure kwokunge ndadaidzwa kuushumiri. Pamusoro paizvovo vakanyora kwandiri vachiti:

2 Mwanakomana wangu wandinodisira, Moronai, ndinofara zvikuru kuti Ishe vako Jesu Kristu akufunga zvikuru, akakudaidza murushumiro rwake, nekubasa dzvene.

3 Ndinogara ndichikufunga zvikuru muminamoto yangu, kunamata nguva dzose kuna Mwari Baba muzita roMwana wavo Mutsvene, Jesu, kuti iye, kuburikidza ^anokunaka kwavo ^bnenyasha zvisingaverengeke,

45a I VaKori. 13:1–13.

b NKM Chiva.

47a 2 Ni. 26:30.

NKM Rudo

Rwakadzama.

b Josh. 22:5.

NKM Rudo.

48a NKM Munamoto.

b NKM Jesu Kristu—

Muyenzaniso

waJesu Kristu;

Anoteerera.

c I Joh. 3:1–3;

3 Ni. 27:27.

d 3 Ni. 19:28–29.

NKM Chakachena.

8 1a Mazwi 1:1.

3a Mosaya 4:11.

b NKM Nyasha.

vakuchengete kuburikidza nekushinga mukutenda muzita ravo kudakara kusvika kwokupedzisira.

4 Uye zvino, mwanakomana wangu, ndinotaura kwauri pamusana pezvinhu zvinondisuwisa zvikuru; zvinondisuwisa nokuti mune “kupesana pakati penyu.

5 Nokuti, kana zvandakanzwa zviri chokwadi, pakanga pane nokupesana pakati penyu pamusana pekubhabhatidzwa kwevana vaduku venyu.

6 Uye zvino, mwanakomana wangu, ndinoda kuti ushande nesimba, kuti uku kukanganisa kukuru kuve kunobviswa pakati penyu; nokuti, nokuda kwai-zvozvo ndanyora tsamba iyi.

7 Nokuti pandakangonzwa zvinhu izvi nezvake ndakabvunza kuna Ishe pamusoro pezvizi. Uye “shoko raIshe rakauya kwandiri nesimba roMweya Mutsvene, richiti:

8 Teerera! kumazwi aKristu, Mununuri wenyu, Ishe venyu naMwari venyu. Tarisai, ndakauya panyika kwete kuzodaidza vatsvene asi vatadzi kuti vate ndeuke; “vasingarware havadi murapi, asi avo vanorwara; nokudaro, ^bvana vaduku ‘vakachena, nokuti havakwanise kuita ^dchitadzo; nokudaro kutukwa ^ekwaAdama kunobviswa

pavari mandiri, zvekuti hakuna simba pamusoro pavo; mutemo ^fwokudzingiswa unobviswa nemandiri.

9 Uye ndiyo nzira yandakaratidzwa nayo shoko raMwari noMweya Mutsvene; nokudaro, mwanakomana wangu wandinodisira, ndinoziva kuti kutuka pamberi paMwari, kuti mubhabhatidze vana vaduku.

10 Tarisai ndinoti kwamuri ichi ndichochinhu chamuchadzidzisa — kutendeuka nokubhabhatidza kune avo “vanoziva nokukwanisa kuita zvivi; hongu, dzidzisa vabereki kuti izvo vanofanirwa kutendeuka nokubhabhatidzwa, nokuzvininipisa ^bsevana vavo vaduku, uye vose vachazoponeswa nevana vaduku vavo.

11 Uye “vana vavo vaduku havana chikonzero chekutendeuka kana kubhabhatidzwa. Tarisai, kubhabhatidzwa kuri mukutendeuka kusvika pakuzadzikisa mirairo inopa ^bkuregererwa kwezvivi.

12 Asi “vana vaduku vapenyu muna Kristu, kubvira kumavambo enyika; kana zvisina kudaro, Mwari ndiMwari vane rusaruro, uye zvakare ndiMwari vanoshanduka; uye ^bvanotsaura vanhu; nokuti kune vana vadiki vangani vakafa vasina kubhabhatidzwa!

4a 3 Ni. 11:22, 28; 18:34.

7a NKM Shoko raMwari.

8a Marko 2:17.

^b Marko 10:13–16.

^c Mosaya 3:16;

D&Z 74:7.

^d NKM Chitadzo.

^e 2 Ni. 2:25–27.

NKM Kupunzika kwaAdama naEva.

^f Gen. 17:10–11.

NKM Kudzingiswa.

10a NKM Kudavira.

^b NKM Vana;

Akazvininipisa.

11a NKM Bhabhatidza—

Kodzero yerubhabhatidzo; Vana.

^b NKM Kuregererwa kweZvitadzo.

12a D&Z 29:46–47; 93:38.

^b VaE. 6:9; 2 Ni. 26:33;

D&Z 38:16.

13 Nokudaro, kana vana vaduku vasingaponeswe vasina kubhabhatidzwa, ava vanofanira kunge vakaenda kugehena risingaperi.

14 Tarisai ndinoti kwamuri, uyo anofunga kuti vana vaduku vanofanira kubhabhatidzwa ari mukuvava kwenduru nokusungwa kwokuipa; nokuti haana ^arutendo, tariro, kana rudo rwakadzama; nokudaro, anofanirwa kudimurwa achiri kufunga, anofanira kuenda kugehena.

15 Nokuti kungave kufunga kwakaipa kuti Mwari vanga-ponese mwana mumwechete nokuti akabhabhatidzwa, uye mumwe ofanira kufa nokuti haana kubhabhatidzwa.

16 Vane nhamo avo vanoda kusvibisa nzira yaIshe nokuita uku, nokuti vachafa kunze kwokunge vatendeuka. Tarisai, ndinotaura nesimba, ndine ^amvumo kubva kuna Mwari; handitye kuti munhu angandiitei; nokuti ^brudo rwuzere ^crunobvisa kutya kwose.

17 Uye ndakazadzwa ^anerudo rwakadzama, rwunova rudo rwusingaperi; nokudaro, vana vose vakafanana kwandiri; nokudaro, ndinoda ^bvana vaduku norudo rwuzere; uye vose vakafanana uye vatori veruponeso.

18 Nokuti ndinoziva kuti Mwari havasi Mwari vane rusarura kana vanoshanduka; asi munhu ^aasingashanduki kubva kusingaperi ^bkose kusvika kusingaperi.

19 ^aVana vaduku havangate-ndeuke, nokudaro, chinhu cha-kaipisisa kurambidza tsitsi tsvene dzaMwari kwavari, nokuti vose vapenyu mavari nokuda ^bkwetsitsi dzavo.

20 Uyo anoti vana vaduku vanofanira kubhabhatidzwa anoramba tsitsi dzaKristu, nokuzvidza ^arudzikinuro rwake nesimba rorununuro rwake.

21 Vane nhamo ivavo, nokuti vari munjodzi yerufu, ^agehena, nokurwadziwa ^bkusingaperi. Ndinotaura izvi ndisingatye; Mwari vandiraira. Teerera kwavari mungwarire, kana kuti vachamira vachitongesana nemi pachigaro ^cchokutonga cha-Kristu.

22 Nokuti tarisai vana vose vaduku ^avapenyu muna Kristu, uyezve ivo ndivo vasina ^bmutemo. Nokuti simba ^crorununuro rwunouya kuna vose vasina mutemo; nokudaro, uyo asina kurambwa, kana kuti uyo asiri pakuraswa, haangatendeuke; uye kuna ivavo kubhabhatidzwa hakurevi chinhu —

14a I VaKori. 13:1–13;
Eta 12:6;
Moro. 7:25–28;
10:20–23.

16a NKM Mvumo.
b NKM Rudo.
c I Joh. 4:18.

17a NKM Rudo
Rwakadzama.
b Mosaya 3:16–19.

18a Aruma 7:20;
Morm. 9:9.
NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari.

b Moro. 7:22.
19a Ruka 18:15–17.
b NKM Anetsitsi.

20a NKM Dzikinura;
Hurongwa
hweRununuro.

21a NKM Gehena.
b Jak. 6:10; Mosaya 28:3;
D&Z 19:10–12.

c NKM Jesu Kristu—
Mutongi.

22a NKM Ruponeso—
Ruponeso rwevana.
b Mabasa 17:30;
D&Z 76:71–72.
c NKM Akanunura.

23 Asi kunova kutuka pamberi paMwari, kurambidza tsitsi dzaKristu, nesimba roMweya Mutsvene wavo, nokuisa ruvimbo mumabasa “akafa.

24 Tarisai, mwanakomana wangu, chinhu ichi hachina kufanira kudaro, nokuti “kutendeuka ndekweavo vakaraswa neavo vane mitemo yavakatyora.

25 Uye zviwereko zvokutanga “zvekutendeuka^b rubhabhatidzo; kubhabhatidzwa kunouya nokutenda mukuzadzikisa mirairo; kuzadzikisa mirairo kunounza^c kuregererwa zvivi;

26 Uye kuregererwa kwezvivi kunounza “kuzvininipisa, nomwoyo munyoro; nenzira yokuzvininipisa nomwoyo munyoro kunouya kushanyirwa noMweya^b Mutsvene, uyo^c Munyaradzi anozadza^d netariro^e norudo rwakakwana, urwo rudo rwunoshinga^f nesimba^g akumunamato wakasimba, kusvika kumagumo, apo^h vatendi vose vachagara naMwari.

27 Tarisai, mwanakomana wangu, ndichanyora kwauri zvakare ndikasaenda kunorwisana nemaRamani. Tarisai, “kuzvikudza kwerudzi rwuno, kana kuti vanhu vemaNifai, kwave ndikwo kuparadzwa kwavo kunze kwokunge vatendeuka.

28 Vanamatirei, mwanakoma-

na wangu, kuti kutendeuka kuuye kwavari. Asi tarisai, ndinotya kuti zvimwe Mweya wakarega “zvekushanda navo; muchikamu chino chenyika vari kutsvaka kuramba zvose zvesimba nemvumo yaMwari; uye vari^b kuramba Mweya Mutsvene.

29 Uye shure kwekuramba ruzivo rwukuru urwu, mwanakomana wangu, vanofanira kufa nekuchimbidza, mukuza-dzikisa huporofita uhwo hwa-kataurwa nevaporofofito, zvakare nemazwi oMuponesi wedu pachake.

30 Chisara, mwanakomana wangu, kusvikira ndazonyora kwauri, kana ndazosangana newe zvakare. Amenii.

Tsamba yechipiri yaMormoni kune mwanakomana wake Moronai.

Zvichisanganisa chitsauko 9.

CHITSAUKO 9

Vose maNifai nemaRamani vakashata uye vadzikira — Vanorwadzisana nokuurayana — Mormoni anonamata kuti nyasha nokunaka kuve pana Moronai nokusingaperi. Zvingangove makore 401 kusvika

23a D&Z 22:2.

24a NKM Rutendeuko.

25a NKM Bhabhatidza—

Kodzero

yerubhabhatidzo.

^b Mos. 6:58-60.

^c D&Z 76:52.

NKM Kuregererwa

kweZvitadzo.

26a NKM Akapfava.

^b NKM Mweya

Mutsvene.

^c NKM Munyaradzi.

^d NKM Tariro.

^e I Pet. 1:22;

1 Ni. 11:22-25.

^f NKM Hushingi.

^g NKM Munamato.

^h NKM Mutendi.

27a D&Z 38:39.

NKM Kudada.

28a Morm. 5:16.

^b Aruma 39:6.

NKM Chitadzo

Chisingaregererwe.

ku421 shure kwekunge Kristu azvarwa.

MWANAKOMANA wangu wandinodisisa, ndinonyora zvakare kwauri, kuti uzive kuti ndichiri mupenyu; asi ndinonyora nezvezvinhu zvinosuwisa.

2 Nokuti tarisai, ndarwa hondo yakaomarara namaRamani, asi hatina kuvakurira; uye Arikea ndusi akaurayiwa nomunondo, pamwe-chete naRuramu naEmuroni; hongu, uye tarasikirwa nevakawanda vevarume vedu vanogona zvehondo.

3 Uye zvino tarisai, mwanakomana wangu, ndinotyia kuti zvimwe maRamani achaparadza vanhu ava; nokuti havatenduke, Satani anovakonzera kuti vapopotedzane pachavo.

4 Tarisai, ndiri kushanda navo nguva dzose; uye ndikataura mazwi aMwari ^azvakasimba vanodedera vonditsamwira; ndikasataura zvakasimba vanomesa mwoyo yavo; nokudaro, ndinotyia kuti Mweya waIshe pamwe warega ^bkushanda navo.

5 Nokuti vanoshatirwa zvokuti ndinoona sekunge vasingatye rufu; uye havasisina rudo, mumwe kune mumwe; vanonzwa ^anyota yeropa nokutsividza nguva dzose.

6 Uye zvino, mwanakomana wangu wandinoda, kunyange zvavo vakaoma mwoyo, tinofanirwa kushanda ^anesimba; nokuti tikarega ^bkushanda,

tichatongwa nemutongo wekurangwa; nokuti tine basa rekuita tichiri mutabnakeri yevhu, rekuti tikunde mhandu yezvinhu zvose zvitsvene, tizorodze mweya yedu munyika yaMwari.

7 Zvino ndinonyora zvishoma nezvekutambudzika kwevanhu ava. Nokuti maererano noruzivo rwandakagamuchira kubva kuna Amrone, tarisai, maRamani ane vasungwa vakawanda, avo vavakatora kubva panharira yeSheriza; uye pakange pane varume, vakadzi, navana.

8 Uye varume namadzibaba evakadzi nevana avo vavauraya; vanovadyisa nyama dzevarume vavo, vana vachidyiswa nyama dzemadzibaba avo; pasina mvura, kusara kweshoma, yavanovapa.

9 Kunyange zvavo vaine chitema chikuru ichi ivo maRamani, hachipfuure chevanhu vedu veMoriandumu. Nokuti tarisai, vanasikana vakawanda vemaRamani vakatorwa sevasungwa; shure kwokuvatorera icho chakanga chakakoshesesa kupfuura zvimwe zvose, chinova ^akusapomba ^bnoumhandara —

10 Uye shure kwokunge vadai, vakavauraya nenzira yakaipisisa zvikuru, vachirwadzisa miviri yavo kusvikira vafa; shure kwokunge vaita izvi, vanodya nyama yavo kunge mhuka dzesango, nokuda kwekuoma kwe-mwoyo yavo; vanozviita noku-da kuratidza kushinga kwavo.

9 4a 2 Ni. 1:26–27;
D&Z 121:41–43.
b D&Z 1:33.
5a Morm. 4:11–12.

6a NKM Hushingi.
b Jak. 1:19; Eno. 1:20.
NKM Basa.
9a NKM Hunhu.

b NKM Hunhu
Wakanaka.

11 Mwanakomana wangu wandinodisa, ko vanhu vakadai, vasina rujeke—

12 (Uye makore mashoma apfuura, vakanga vari vanhu vaive nerujeke vaifadza)

13 Asi mwanakomana wangu, vanhu vakadai, vanowana mufaro mune zvinhu zvakaipa kudai—

14 Tingatarisire sei kuti Mwari “vanozorega kutitonga?

15 Tarisai, mwoyo wangu unochema: Nhamo kune vanhu ava. Tongai, Mwari, muvige zvivi zvavo, nokuipa kwavo, neruvengo kubva pamberi pechiso chenyu!

16 Uyezve, mwanakomana wangu, pane ^ashirikadzi dzakawanda navanasikana vadzo vanoramba vari muSheriza; nezvekudya zvisina kutorwa namaRamani, tarisai, zvatakurwa namauto aZenefai, akavasiya vachitsvaka kwose-kwose zvokudya; madzimai mazhinji achembera anokomoka achifira munzira.

17 Uye mauto angu haana kusimba; uyezve mauto amaRamani ari pakati pangu neSheriza; avo vose vakatizira kumauto ^aAroni vakawira munjodzi nokuda kwouipi hwavo.

18 Kuipa kwevanhu vangu! Havana gwara kana tsitsi. Tarisai, ini ndiri murumewo zvangu, ndingoriwo nesimba remunhu chete, uye handichakwanisa kumanikidza vanhu kuti vateedze mirairo yangu.

19 Uye vava nesimba guru rokurasika; vakaita sevapondi, vasingasii mumwe, kunyange vakuru kana vaduku; vanofadzwa muzvinhu zvose kunze kweizvo zvakanaka; kutambudzika kwevakadzi navana vedu pamusoro pechiso chenyika kunopfuura zvose; hongu, rurimi harungatauri, kana kunyorwa hazvinganyorwe.

20 Uye zvino, mwanakomana wangu, handichagara pano zvakare pane zviitiko zvakaipa kudai. Tarisai, unoziva kuipa kwevanhu ava; unoziva kuti havana zvinangwa, kana pfungwa dzezvakare; kuipa kwavo ^akunopfuura kwemaRamani.

21 Tarisai, mwanakomana wangu, handingavarumbidze kuna Mwari nokuti vanga ndirange.

22 Asi tarisai, mwanakomana wangu, ndinokuisa kuna Mwari, ndinovimba muna Kristu kuti uchaponeswa; ndinonamata kuna Mwari kuti ^avachengeedze upenyu hwako, kuti uone kudzoka kwavanhu vavo kwavari, kana kuparadzwa kwavo zvachose; nokuti ndinoziva kuti vanofanira kufa kunze kwokunge ^bvatendeuka noku-dzokera kwaari.

23 Uye kana vakafa vanenge vafanana nemaJaredhi, pamusana pokuoma kwemwoyo yavo, ^anokutsvaga ropa nokuda ^bkutsividza.

24 Zve kana vakafa, tinoziva kuti hama dzedu dzakawanda

14a Aruma 10:23.

16a NKM Shirikadzi.

17a Morm. 2:9.

20a Hir. 6:34–35.

22a Morm. 8:3.

^b Mara. 3:7; Hir. 13:11;

3 Ni. 10:6; 24:7.

23a Morm. 4:11–12.

^b Eta 15:15–31.

“dzakatizira kumaRamani, uye zvakare vakawanda vachatizira kwavari; nokudaro, nyora zvisihoma; kana uchinge wasiiwa ini ndikafa ndikasazokuona; asi ndinovimba kuti ndichakukona munguva pfupi; nokuti ndine zvinyorwa zvinoera izvo ndakafanira ^bkupa kwauri.

25 Mwanakomana wangu, vimbika muna Kristu; izvo zvinhu zvandanyora zvisakurwadze, kuti zvidzamare zvikusvitse kurufu; asi Kristu akusimudzire, “kutambudzika kwake nerufu, nokuzviratidza muviri wake kumadzibaba edu, netsitsi dzake nomwoyo wake murefu, netariro yokubwinya kwake yeupe nyu ^bhwokusingaperi, zvizorore ‘mupfungwa dzako nokusingaperi.

26 Uye nyasha dzaMwari Baba, chigaro chavo chiri kumusoro kumatenga, naIshe vedu Jesu Kristu, anogara kuruoko ^arwerudyi rwesimba ravo, kusvikira zvinhu zvose zvave pasi pavo, zvive, nokugara newe nokusingaperi. Amenii.

CHITSAUKO 10

Uchapupu hweBhuku raMormoni hunouya nesimba roMweya Mutsvene—Zvipo zvoMweya zvinopiwa kune vanotenda—Zvipo

zvoMweya zvinofambidzana noku-tenda—Mazwi aMoronai anotaure achibva muguruva—Uyai kuna Kristu, muitwe vakarurama maari, nokuita kuti mweya yenyu ive mitsvene. Zvingangove makore 401 kusvika ku421 shure kwekunge Kristu azvarwa.

ZVINO ini Moronai, ndinonyora zvimwe zvandinoona sezvakana; zve ndinonyora kuhama dzangu; ^amaRamani; ndinoita kuti vazive kuti makore anopfura mazana mana nemakumi maviri apfuura kubvira chiratidzo chokuuya kwaKristu chakapiwa.

2 Uye ^andinonama zvinyorwa izvi, shure kwekutaura mazwi mashoma maererano nokukurudzira kwamuri.

3 Tarisai, ndinokukurudzirai kuti kana muchinge maverenga zvinhu izvi, kana huri uchenjeri munaMwari kuti muzviverenge, kuti murangarire kuti Ishe vakaita tsitsi dzakaita sei kuvana vevanhu, kubvira kusika kwakaita Adama kusvikira panguva iyo muchagamuchira zvinhu izvi, uye ^amugozvifungisisa ^bmumwoyo yenyu.

4 Uye pamuchange magamuchira zvinhu izvi, ndinokukurudzirai kuti ^amubvunze Mwari Baba Vokusingaperi, muzita raKristu, kana zvinhu izvi ^bzvisiri

24a Aruma 45:14.

^b Morm. 6:6.

25a NKM Dzikinura.

^b NKM Upenyu

Hwokusingaperi.

^c NKM Pfungwa.

26a Ruka 22:69;

Mabasa 7:55–56;

Mosaya 5:9;

Aruma 28:12.

10 1a D&Z 10:48.

2a Morm. 8:4, 13–14.

NKM Magwaro matsvene—Magwaro matsvene akaporofitwa kuti

achauya.

3a Deut. 11:18–19.

NKM Fungisisa.

^b Deut. 6:6–7.

4a NKM Munamato.

^b 1 Ni. 13:39; 14:30;

Mosaya 1:6;

Eta 4:10–11; 5:3.

zvechokwadi; kana muchinge makumbira nomwoyo ^cwose, nechido ^dchaicho, mune ^ekute-nda muna Kristu, ^fachakuburitsirai ^gchokwadi chazvo, nesimba roMweya Mutsvene.

5 Uye nesimba roMweya Mutsvene ^amuchaziva ^bchokwadi chezvinhu zvose.

6 Zve chinhu chose chakanaka chakarurama uye chiripachokwadi; nokudaro, chakanaka hachingarambe Kristu, asi chinotenda kuti ndiye.

7 Uye munozoziva kuti ndiye; nesimba roMweya Mutsvene; nokudaro ndinokukurudzirai kuti musarambe simba raMwari; nokuti anoshanda nesimba, ^amaererano nokute-nda kwevana vevanhu, zvimwechete nhasi, mangwana, nokusingaperi.

8 Uye zvakare, ndinokukurudzirai, hama dzangu, kuti musarambe ^azvipo zvaMwari, nokuti zvakawanda; zve zvinobva kuna Mwari vamwechete. Uye kune nzira ^bdzakasiana dzinopiwa nadzo zvipo izvi; asi ndiMwari vamwechete vanoshanda madziri dzose; zvinopiwa nezviratidzo zveMweya waMwari kuvanhu, kuti zviwedzerwe kwavari.

9 Nokuti tarisai, ^akune mumwe anopihwa noMweya waMwari,

kuti ^bagodzidzisa shoko rourwaru.

10 Uye kune mumwe, kuti adzidzise shoko roruzivo noMweya mumwecheteyo.

11 Uye kune mumwe, ^akute-nda kukuru; kune mumwe, zvipo ^bzvokuporesa noMweya mumwecheteyo;

12 Uye zvakare, kune mumwe, kuti ashande ^azvishamiso zvikuru;

13 Uye zvakare, kune mumwe, kuti aporofite pamusana pezvinhu zvose;

14 Uye zvakare, kune mumwe, kuona ngirozi nokuparidza kwomweya;

15 Uye zvakare, kune mumwe, marudzi ose endimi.

16 Uye zvakare, kune mumwe, kududzira kwemitauro yakasiyana ^ayendimi dzose.

17 Uye zvose zvipo izvi zvinouya noMweya waKristu; zvinouya kune mumwe nemumwe, maererano nokuda kwake.

18 Uye ndinokukurudzirai, hama dzangu dzinodiwa, kuti murangarire kuti chipo ^achose chakanaka chinobva kuna Kristu.

19 Uye ndinokukurudzirai, hama dzangu dzinodiwa, kuti murangarire kuti ndiye ^amumwecheteyo zuro, nanhasi, nokusingaperi, uye kuti zvipo zvose izvi zvandataura, izvo

4c NKM Anovimbika.

d Jkb. 1:5-7;

Moro. 7:9.

e NKM Rutendo.

f NKM Zvakazarurwa.

g NKM Chokwadi.

5a D&Z 35:19.

NKM Kuziva

kuburikioza

neMweya, Chipochi; Uchapupu.

b Joh. 8:32.

7a 1 Ni. 10:17-19.

8a NKM Zvipo zveMweya.

b D&Z 46:15.

9a I VaKori. 12:8-11;

D&Z 46:8-29.

b D&Z 88:77-79, 118.

11a NKM Rutendo.

b NKM Kurapa.

12a NKM Chishamiso.

16a NKM Ndimi, Chipochi.

18a Jkb. 1:17.

19a VaH. 13:8.

zvomweya, hazvizobviswi, kana nyika ichimire, chete ^bnokusatenda kwevana vevanhu.

20 Nokudaro, kunofanirwa kuye “nokutenda; uye kana pane kutenda panofanirwa kunge pane tariro; kana pane tariro panofanirwa kunge pane rudo rwakadzama zvakare.

21 Uye kunze kwokunge une “rudo rwakadzama hakuna imwe nzira yaungaponeswa nayo muumambo hwaMwari; kana kuti haungaponeswe muumambo hwaMwari usina kutenda; kana kuponeswa usina tariro.

22 Uye kana musina tariro munenge makarasa mwoyo; kurasira mwoyo kunouya nokuda kwezvitadzo.

23 Uye Kristu akati zvechokwadi kumadzibaba edu; “kana mune kutenda munokwanisa kuita zvinhu zvose zvinofadza kwandiri.

24 Uye zvino ndinotaura kumagumo enyika — kuti kana zuva rasvika kuti simba nezvipo zvaMwari hazvichazoitika pakati penyu, zvinozoitika “pamusana ^bpokusatenda kwenyu.

25 Uye vane nhamo vana vevanhu kana zvikadaro; nokuti panenge “pasina kana mumwechete achaita zvakanaka pakati penyu, kunyange mumwe zvakke. Nokuti kana pane mumwe pakati penyu anoita zvakanaka,

achashanda nesimba nezvipo zvaMwari.

26 Uye vane nhamo avo vachaita zvinhu izvi zvibve, nokuti “vachafira ^bmuzvivi zvavo, havazoponiswi muumambo hwaMwari; ndinozvita maererano nemazwi aKristu; uye handinyepi kwete.

27 Uye ndinokukurudzirai kuti murangarire zvinhu izvi; kuti nguva ichasvika nokukurumidza apo muchaziva kuti handinyepi, nokuti muchandiona pachigaro chekutonga chaMwari; Ishe Mwari vachati kwamuri: Handina kutaura here “mazwi angu kwamuri, ayo akanyorwa nemurume uyu, ^bachichema somunhu akafa, hongu, kunyange somunhu ari kutaura kubva “muguruva?

28 Ndinotaura zvinhu izvi kwamuri mukuzadzikisa huporofita. Uye tarisai, zvichabuda kubva mumuromo waMwari vasingaperi; shoko ravo “richashinyira kubva kuzvizvarwa kuenda kuzvizvarwa.

29 Uye Mwari vachakurudzai, kuti zvandakanyora ndezvechokwadi.

30 Uye zvakare ndinokukurudzirai kuti “muuye kuna Kristu, muve munobatirira kune zvipo zvose zvakanaka, ^bmusabate zvipo zvakaipa, kana zvinhu zvine tsvina.

19b Moro. 7:37.

20a Eta 12:3–37.

21a I VaKori. 13:1–13;

Moro. 7:1, 42–48.

NKM Rudo

Rwakadzama.

23a Moro. 7:33.

24a Moro. 7:37.

^b NKM Kusadaira.

25a DJS, Mpi. 14:1–7;

VaR. 3:10–12.

26a Ezk. 18:26–27;

1 Ni. 15:32–33;

Mosaya 15:26.

^b Joh. 8:21.

27a 2 Ni. 33:10–11.

^b 2 Ni. 3:19–20; 27:13;

33:13;

Morm. 9:30.

^c Isa. 29:4.

28a 2 Ni. 29:2.

30a 1 Ni. 6:4; Morm. 9:27;

Eta 5:5.

^b Aruma 5:57.

31 Uye “mukai, musimuke kubva muguruva, Jerusarema; hongu, upfeke hanzu dzako dzakanaka, mwanasikana ^bweZioni; ^csimbisa ^dmbambo dzako uye pamhidzira miganhuru yako nokusingaperi, kuti ^eurege kuzokanganiswa, kuti zvivimbiso zvaBaba Vokusingaperi zvaakaita kwauri, imba yaIsraeri, zvigozadzikiswa.

32 Hongu, “uyai kuna Kristu, ^bmunatswe maari, uye rambai kusarurama kwose; asi mukaramba kusarurama kwose, ^cmoda Mwari nekugwinya kwenyu kwose, nepfungwa dzenyu dzose, nesimba renyu rose nokudaro nyasha dzavo dzinokwanirana nemi, kuti nenyasha dzavo mugova vakakwana muna Kristu, kana ^dnenyasha dzaMwari makakwana muna Kristu, hamuna nzira yamu-

ngagoni kuramba nayo simba raMwari.

33 Uye zvakare, kana makana-ka nenyasha dzaMwari muna Kristu, musingarambe simba rake, naizvozvo munoitwa kuti muve “vatsvene muna Kristu nenyasha dzaMwari, kuburikidza nokudeurwa ^bkweropa raKristu, riri muchibvumirano chaBaba chokuti ^cmuregererwe zvitema zvenyu, kuti mugova ^dvatsvene, vasina kavara.

34 Uye zvino kwamuri mose, ndinokuwonekai. Ndichaenda muchinguvana ^akundozorora ^bmuparadiso raMwari, kudzamarara ^cmweya wangu nomuviri ^dzvazosanganiswa zvakare, ndichizounzwa nokukunda ^enomumhepo, kuzosangana nemi pamberi pechigaro ^fchinofadza ^gchaJehova vakuru, ^hMutongi Vokusingaperi wavose vapenyu novakafa. Amen.

31a Isa. 52:1-2.

b NKM Zioni.

c Isa. 54:2.

d NKM Hoko.

e Eta 13:8.

32a Mat. 11:28;

2 Ni. 26:33; Jak. 1:7;

Omu. 1:26.

b Mat. 5:48; 3 Ni. 12:48.

NKM Kukwana.

c D&Z 4:2; 59:5-6.

d 2 Ni. 25:23.

33a NKM Kutsveneswa.

b NKM Dzikinura.

c NKM Kuregererwa kweZvitadzo.

d NKM Hutsvene.

34a NKM Zororo.

b NKM Paradiso.

c NKM Mweya.

d NKM Kumuka Kuvakafa.

e I VaT. 4:17.

f Jak. 6:13.

g NKM Jehova.

h NKM Jesu Kristu—Mutongi.

MAGUMO